# КIЫЩОКЪУЭ АЛИМ

ТХЫГЪЭХЭР
ТОМИХЫМ
ЩЫЗЭХУЭХЬЭСАУЭ

**IV
ТОМ**

# ЩЫIНЭХУЖЬЫКЪУЭ НАЛ КЪУТА КХЪУЖЬЫФЭ

*Романхэр*

НАЛШЫК
«ЭЛЬБРУС»
2006

УДК 894.611.12.2
ББК 84 (2р-каба)
К378

Р е д к о л л е г и е:

**Бицу А. М., Гъут I. М., КхъуэIуфэ Хь. Хь.,
Тхьэгъэзит Ю. М., ЩоджэнцIыкIу Н. I.**

ISBN 5-7680-2066-7

© «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ, 2006

# ЩЫIНЭХУЖЬЫIКЪУЭ

*Япэ псалъащхьэ*

## 1. БЕКЪАН, МЫСОСТ СЫМЭ

Колхоз жэмыр ягуэшынущ, жаIэу жылэм зэхахати, псори къызэрыIэтащ. Мэшыкъуэдэсхэр мычэму зытегузэвыхьыр фронтыр арат – нэмыцэр къоблагъэ, жаIэу махуэ къэс ягъэхъыбарт, фронтыр Харьков къыфIэкIа къудей пэтрэ. АтIэ жэм зимыIэм жэм иратыныр сытым къыхаха? Колхоз мылъкур утеувэу узыхуейм епт хъурэ? Е фронтыр къутэжауэ армырауэ пIэрэ ари къызыхахыр? Дунейр хьэрийкурийщи, я нэхъ губзыгъэми и акъылым зыри къитIасэркъым. Iугъуэмэ къыпщIихьэмэ, дауи, мафIэм зыгуэр ес.

Мысост еплъ – зэгупсысын хуэзащ. Колхоз жэмыр щагуэшкIэ, рекордисткэу район псор зэрыпагэу щыта жэмыр сэ къыслъыса дауэ хъуну, жиIэу и пIэм изэгъэжыртэкъым. Колхозыр зэрыколхозу я нэIэ а жэмым тетт, зыхуагъэфэщэну жэмышыр ямыщIэу. Швицкэ породэщ, жаIэу адыгэшым нэхърэ нэхъ хуэсакът, IускIи ягъашхэрт. Иджы плъагъурэ, хэт ар зылъысынур?

Дидан Бекъанрэ Къэзэнокъуэ Апчарэрэ зэакъылэгъущ икIи зэгурыIуащ, хэт сыт хуэдэ жэм иратынуми. Апчарэ жэм фермэм тетщ, жэм нэхъыфIыр ещIэ. Бекъан уанащ Iэу къуажэм дэсауэ иджыблагъэ тхьэмадэу ягъэуващ, Iуэхум хищIыкIышхуэ щыIэкъым, къуажэ комсомол секретарыр Апчарэщи, абы жиIэм йодаIуэ. ИтIани– уэ жыпIа, сэ жысIа – рекордисткэр Мысост лъысыну ягъэхъыбар.

Хэт ухуэзами япэ и жьэ къыжьэдэхур зыщ: «Зэхэпха, ликвидацэ бескоровных къежьащ. Абы къикIыр пщIэрэ? Жэм зимыIэр ирагъэсыкI». Ар зи тхьэкIумэ ицырхъэм и щхьэр щIихьауэ йожьэжри зэхихам къыщIегъу: «Ей, зэгуэр кулакхэр здагъэкIуам жэмыншэ илъэпкъ къамыгъанэу ягъэкIуэнущ. Къызыхахыр пщIэрэ? Нэмыцэм уащтэ хъумэ, Гитлер ди къулейсызыгъэ ирамыгъэлъагъуну аращ».

Зэхэзыхым и щхьэфэцым зеIэт.

Фызыжьхэр къэгузэвауэ Хьэбибэ деж къос:

– Пэжу пIэрэ жаIэр? Джэш тхуэдз, – жаIэу. Хьэбибэ зрегъэ-щIэгъуэкI. –

Ар джэшым къикIрэ, алыхьым и нэфI зыщыхуэн. Си хъыджэбз Апчарэ фермэм тетщи, фыкIуи феупщI. И пэжыпIэр зыщIэр аращ, – жеIэри.

– Ана, сыт хьэдэгъуэдахэ жыпIэр – пхъур зи пхъур уэращ. «Ликвидацэ бескоровнэ» жиIэу зэхэпхакъэ?

– Алыхь, зы «ликвидаци» зэхэзмыха. Жэм зимыIэм жэм иратынущ, жиIати, «атIэ, хъарзынэкъэ» жысIащ.

Хьэбибэ жиIар алыхьым жиIам хуэдэу фызыжьхэм я фIэщ хъурт, итIани я гур загъэртэкъым.

– ГуIэгъуэжьти, сытым и жэм тыгъуэ?

Хьэбибэ ищIэр къажреIэ:

– Зи жэм тыгъуэр фымыщIэмэ, сэ фэзгъэщIэнщ. Фыкъэда-Iуэ мыдэ: жэм зимы Iэм жэм зырыз иратынущ, къэпш гъэшри – сытри уи хьэлэлщ. Нэмыцэм къакIуэмэ, яIэрумыгъыхьэу дыдейхэр къэкIуэжыху къуатар хъумэ. КъывгурыIуа?

Фызыжьхэр мэгупсысэ: дапщэрэ зауэ къэхъеями, игъащIэм цIыхум я мылъку хок Iуадэ: хэт шы трах, хэт и уанэр Iах, хэти и Iэщыр хелъхьэ. Зауэм былым цIыхум къариту псэ зыIутым илъэгъуакъым.

Езы Хьэбибэ дыдэ и фIэщ хъуакъым, «накIуэ фермэм, жэм къуатынущ», жиIэу лIы къэкIуэху. «Си нысэм ипхъу Данэ цIыкIур сиIатэмэ, здэсшэнтэкъэ иджы, хэт ищIэрэ, жэмым шкIэ щIэсмэ, сабий цIыкIур щыгуфIык Iынт», – жиIэу Хьэбибэ пыIэ-жыртэкъым.

Данэ цIыкIу илъэситI хъуа къудейт. НэщIэпк Iэ цIыкIущ. И нысэ Иринэ Федоровнэ Хьэбибэ зэреджэр Аринэщ. Иринэ къа-лэм дэсщ, школым фельдшеру щолажьэ. И анэр еджакIуэ цIыкIухэм махуэ псом яхэтыху, Данэ цIыкIу гуащэм еIэзэу мэджэгу – уIэгъэр яхуепхэ, мастэ яхе Iу.

Пощтзехьэ Сентрал уэрамым дэту Хьэбибэ къыхуэзащи, и дзэлыфэ етI, и шыдзэ гъуэжь хъуар уигъэлъагъуу.

– БжесIатэкъэ, Хьэбибэ, бэкхъ щIы – жэм къуатынущ жысIэ-ри. Дэнэ иджы жэмыр здэпхьынур? Ухуеймэ, иджы пхуэ-сщIынщ бэкхъ. СогъэпцI, жэщым сщI ауэ нэху къезмыгъэкIмэ. Куэд къыпIысхын уи мыгугъэ. Аркъэ птулъкIэ, соответствующэ закускэ щI ыгъуу. Ухуэмеймэ, узэрегуакIуэщ. Ауэ уи жэмыр хэкIуэдэнщ, щIымахуэр къызэрысу.

Хьэбибэ зэгупсысыр жэмыр зыщIигъэувэнур аратэкъым. Бэкхъыр зыгуэр хъунщ. Жэм къызатым «Хьэблашэ» фIэсщынщ, – жиIэу абы триубыдат. Колхозыр щызэхыхьэм жэм Iахам «Хьэблашэт» зэреджэр. Абы лъандэрэ мащIэ дэкIа, итIани Хьэбибэ и гум къинауэ ноби щыгъупщакъым а жэмыжь цIыкIур. Фермэм яхуа иужькIи Хьэбибэ и жэмым Iус хуихьурэ кIуэрти, «а тIу, а зи уз кIуэдын, си жэмыжь тIэкIум хуэсакъ», – жиIэу фермэм тетым елъэIурт.

Мыдрейри къешхыдэрт:

– ЛIо, уи жэмыр мо къомым къахэжыжын уи гугъэ? Ахэр зэрыхъуу ууейри хъунщ. Едгъэшхын диIэщ, умыгузавэ. Жэм Iусыр уи джэдым егъэшхи, нэхъыф Iщ,– жиIэу.

И щыпэлъхуэу жэмыр щылъхуари Хьэбибэ и гум къокI ыж. Гъэр гъейти, цIыхур Iисраф хъурт, шхын щхьэкIэ лIэуэ. Хьэбибэ и щхьэгъусэ Темыркъан мыгъуэри псэути, зэлI зэфызыр гъуэрыгъуэу щыст, жэмыр лъхуэрэ шкIэр щ IыIэм исым, жаIэу гузавэу. АрщхьэкIэ алыхьым узэрелъэ Iунуи хъуащ. Жэмым шкIэ хъарзынэ къилъхуащ. Пщэдджыжьым шкI э бу макъым Албиян къигъэушащ. ЩIалэ цIыкIур къызэф IэтI ысхьэмэ, и пащхьэм шкIэ фэкъу цIыкIу итщ. ЕрагъпсэрагъкIэ шкIэр къызэфI эувэм аргуэру мэджэлэж, и лъакъуэр къыщIэмыувэу, и щхьэ къудейр къыхуэIэтыркъым.

Албияни гуфI эщауэ и жейбащхъуэр щхьэщокIри зимыхуапэу шкI э псыф цIыкIум IэплIэ хуещI . Темыркъанрэ Хьэбибэрэ жэм лъхуам йолIалIэ, Iус хуагъэхуабэ, шкIэбз цIыкIур жэм тхуэхъунщ, жаI эу я гуфIэгъуэщ, ар къазэремыхъулIэнур ямыщIэу.

ЩIымахуэр икIрэ гъатхэр къэсмэ – шхын щхьэкIэ лIэр нэхъыбэж мэхъу. Шыпсыранэу къэкIыр паупщIри ягъавэри яшх. Темыркъани шкIэ цIыкIур ф Iимыгъэжу хъуакъым. Жэмым, и шк Iэр щимылъагъужым, шэр иубыдащи закърigъэшыркъым. Хьэбибэ едэхащIэми, къурIэныбзэ къибжми – зи къиутIыпщыркъым. Бекъан щызэхихым, къажриIащ «шкIафэр зэгуэвдэж, хукхъуэ изу фкъу, итI анэ жэмым илъагъуу вгъэув» жиIэри. Хьэблашэ къагъапцIэри и шэр къиутIыпщыжащ.

Ахэр и гум къэкIыжу Хьэбибэ здэщысым военнэ уэрэд макъ зэхихри занщIэу къэуIэбжьащ, зыхуихьынур имыщIэу. Тобэ ярэби. Албиян зыхэт нацдивизэр зауэм яшэу арагъэнщ, жиI эри занщIэу уэрамымкIэ жащ. IэлъэщI къудей зытрилъхьэну и гум къэкIыжакъым, абы хуэдизкIэ гузэвати.

«А Албиян, а лъэпкъым я къупщхьэ закъуэ, сэлами-чэлами къыдумыхыжу уежьэ мыгъуэрэ», – жиIэу Хьэбибэ и лъэр щIэщIэрт.

Абрикос гъуэгумкIэ дзэ къыдэкIуейрт, зы ротэм ротэ и ужь иту, сабэр къаI этырт. Я уэрэдым щIым щIэлъхэр къигъэтэджыжын хуэдэт. Красноармеецхэм Хьэбибэ яIурыплъыхьт, и щI алэ закъуэр яхэт и гугъэу. АрщхьэкIэ а къомыр пхузэгъэлъагъун.

Хьэбибэ и гуапэ хъуащ, красноармеецхэр IэкIуэлъак Iуэу хуэпати. IэщэкIи къызыхуэт щыIэу къыщIэкIынтэкъым, езыхэр нэжэгужэщ. Тхьэм гъащIэ къарит.

Дзэ къыдэкIуейр зэрымынацдивизэр нэрылъагъут. Иджыблагъэ Мэшыкъуэ военнэ училищэ къыдагъэуват, эвакуировать ящIауэ. Иджыпстут ар Хьэбибэ и гум къыщыкIыжар. Красно-

армеецхэр «жьгъымпI-жьгъымпI-жьгъымпI» жиIэу зэдокIуэ, я лъакъуэр лэныстэм хуэдэу зэгуокI-зэгуохьэ. Я пщэдыкъыр пщIэнтIэпсым къыхэкIа шыгъум хужь ищIащ, итIани гъэмахуэ хуабэр зыхамыщIэххэ хуэдэу макIуэ, я уэрэдри дахэщ:

*Не забудь про маскировку,*
*Окопаться не забудь.*
*Проявляй в бою сноровку,*
*Ко всему готовым будь.*

Хьэбибэ уэрэдыр къыгуры Iуэртэкъым, итIани и нэпсыр къыщIихуу и гум щIыхьэрт. «А зи анэ тхьэ еуа, хэт мыгъуэ сэлам гуапэ зэфхыжыр – фи анэ-адэ хьэмэ фи къуэпхъу-шыпхъухэр ара? Тхьэм фи гъуэгу дахэ ищI, фи уэрэдыр зэрыдахэм хуэдэу», – жиIэу Хьэбибэ и нэпсыр илъэщI ырт.

Я куэбжэм Iуту Хьэбибэ дзэр здэкIуэмкIэ плъэрт. Зауэр Россием и кум къыфI эмыкIа пэтрэ, и лыгъэм мыбы къыщыкI удзыр елыпщI. Загъэвоеннэу къуажэм отряд мащIи къыдыхьэрэт? АдэкIэ-мыдэкIэ къыдэж-дэлъадэ защIынт, къуажэ щIыбагъыр зэхатIыхьырти, дэкIыжырт. Мыхэр военнэ дыдэщ, жиIэрт игукIэ Хьэбибэ, фочи пулемети яIэщ.

*Маскировкэр пщымыгъупщэу*
*Окоп тIыныр уэ нэгъэс.*
*УIухьакъэ зауэм – кIэщIкIэ*
*Бийм удыныр ялъыгъэс.*

Албиян зэ зыхижыIыкIат «Iэщэр къыдомэщIэкI, лIитIым зы фочщ яIэр», – жиIэу. АтIэ мыр нацдивизэкъым, Албиян зыхэтри мыракъым, жиIэу Хьэбибэ и гур зэгъэж хуэдэ хъуащ.

Красноармеецхэр школышхуэмкIэ кIуащ. ГъэщIэгъуэнтэкъэ – къуажэм хьэ дэмытыж хуэдэт. «Хьэф» жиIэу зы хьэ бэнакъым. ЩIалэ цIыкIуу дэсыр къызэрыдэхауэ дзэм и ужь иувауэ макIуэ, уэрэдыр дыжаIэу, сабэри къаIэту.

Хьэбибэ якIэлъыплъщ-якIэлъыплъри кIуэну здежьам кIуащ. Фермэр бэзэрым хуэдэт. Диданхэ я тхьэмадэу плъагъуми, къызэщIэплъауэ, пщIэнтIэпсыр къехуэхырт. Жылэр пхузэгурыIуэн. Щхьэж и щхьэ Iуэху зрехуэ. Зым шкIэ зыщIэс жэм, жи, адрейри хоплъыхь, нэхъ пшэрыIуэ къылъысмэ фIэфIу. ЗэфIонэ, зокIуж.

ТIу-щым зы жэм зэпаубыдырт. Зым зы бжьакъуэр иIыгъыу, адрейм адрей бжьакъуэр иIыгъыу, ещанэм жэмым и пщэр ипхъуэтауэ зэрызекъуи яхэтт.

– УтIыпщ!

– Уэри утIыпщ! СогъэпцI, уэстым!

– Мы жэмыр сэ колхозым хэслъхьа жэмым и щылъхущ. Фи

фIэщ мыхъумэ, ПIытIу феупщI, зоотехникщ. ЕщIэ. Аращ къыщIыхэсхар. Тхьэм щхьа, фыкIэрыкI, – жиIэу жэмым и пщэр зыIыгъыр мэлъаIуэ.

АрщхьэкIэ дэнэ! ЗэгурыIуэркъым.

Мэуэ жызыIи щыIэщ:

– ФымыпIейтей, гъуэгу мыгъуэ ежьа. Нэмыцэр къэблагъэмэ, нэхъ жэмыфIхэри ятынущ. Иджы ятыр нэхъ узыхуэмейр ара мыгъуэщ. ЛIо а къыхэпхар зищIысыр? Шэкъым, лыкъым… Щымыхъужми нэхъ пшэрыIуэ жыпIэркъэ.

– ЛIо нэхъ пшэр зэрыпщIынур? Гитлер хьэдэIус хуэпщIыну?

– Плъагъурэ абы жиIэр? Уу! Жьындууфэжь. Езы Гитлер хьэдэIусыншэу Советскэ властыр щIилъхьэну мэпIэщIеиж.

Мысост зэщэр нэгъуэщIщ. Гуур къысIэрыхьэтэмэ, жиIэу къеущыхь. Къуажэм жэмыр дэз хъумэ, гуум хуэмеину Iэмал иIэ. Си жэмым гуур дэгъэкIуей, жиIэу хэт къакIуэми, Мысост жиIэнур хьэзырыпсщ: «Къащтэ тумэн. Ари советскэ ахъшэу мыхъуу – германскэу, Гитлер и сурэтыр зытетым хуэдэу. Къызумытрэ, уи жэмыр бгъэуэ къэнащ». Жэм кIэмпIрафэ иджыпсту къеIыпх нэхърэ, гуур зыIэрыбгъэхьэмэ, дауи, нэхъ фейдэщ.

Мысост ар и гум илъу здэщытым, Бекъан къэпсалъэу зэхихащ.

– КъызжефIакъым жывмыIэж, мэшыкъуэдэс, – жиIэрт Бекъан утыкум къиуvауэ, – нобэ жэм зимыIэм жэм идот. Бескоровнэр ликвидировать дощI. КъывгурыIуа? Ауэ «пщэдей дауэ дыхъуну пIэрэ» жыфIэрэ фыкъызэупщIмэ, уэлэхьи, сымыщIэ. Дунейр уэфI хъумэ, ди насыпщ, борэн къэхъурэ ди унащхьэ тричрэ – алыхь унафэщ. Ди колхоз выгум и шэрхъитIыр щIэхурэ гуфэ тIэкIур къытхуэнэнкIи мэхъу, пщIэну щыткъым. Нобэ жэмыр щIэттыр гузэвэгъуэм къыхыдох. Фхудогуэш, тхуэфхъумэну дыфщогугъри. Езы жэмыр дэнэ къэна, къыщIэхъуэри.

Мысост здэщытым щыту псалъэр къызэпиудащ:

– КъыщIэхъуэн щхьа гуу ухуейщ. Дэнэ гуу къыздитхынур? Нобэ гуур зыми пIихынукъым. Къэпш мыхъумэ, букI мыхъумэ, уи щхьэфэ ебудэкIын. Хэт пхуигъэшхэн уи гугъэ?

ПIытIу зоотехник мыфэмыцу щыт пэтми, зыхимыщIыкI щымыIэу зищIырт:

– Жэм уиIэмэ, гууи бгъуэтынщ.

Дыхьэшх макъ къэIуащ. Апчарэ плъыжь къэхъуащ. КIурацэрэ абырэ стIолым бгъэдэст, протокол ятхыу. Апчарэ фIэфIтэкъым рекордисткэ жэмыр и анэм къызэрыратыр. ЦIыхум жаIэнур пщIэркъым: и пхъур фермэм тетти, нэхъ жэмыфI дыдэр и анэм иритащ, жаIэнщи гукъанэ ящIынщ.

КIурацэт ревкомиссэм ящыщу щысри – ауи зригъэпсалъэртэкъым:

– Сыт, на, жыпIэр? Къыуатыпэ уи гугъэ? Пхъумэну аракъэ къущIатыр? АтIэ жэм нэхъыфIыр уэ умыхъумэм, хэт зэбгъэ-

хъумэнур? КъеIых адэ, куэд жумыIэу.

КIурацэ къэзымыщIыху жылэм дэстэкъым. Гушы Iэрейуэ, нэжэгужэу, цIыхубз гуакIуэт, лъагъугъуафIэт. Абы жиIэм Апчарэ пхутекIынутэкъым.

КIурацэ и л Iыр колхозым къыхэкI ри чырбыш заводым теувауэ щытащ. Формовщикыу лажьэрт, и унэри абы ихьа щхьэк Iэ, КIурацэ колхозым къыхэк Iын идакъым. Сэ рабочэ класс сыхъуащ, накIуэ заводым, жиIэ щхьэкI э, дэнэт. КIурацэ идакъым. Гъэмахуэм колхозым щылажьэрт, щIымахуэм заводым щищIэни игъуэтырт.

– Уэ урабочэ къудеймэ, сэ рабочэ классми, мэкъумэшыщIэ классми – тIуми сахэтщ,– жиIэу гушыIэрт.

– Хьэуэ, уэ класситIым ухэту аракъым – къуажэми дэкIауэ къалэми нэмысам ухуэдэщ, – жиIэрти илIми идэртэкъым.

Бекъану плъагъур Мысост къигъэгубжьат:

– Хэт и гуу узезыхьэр? Нобэ дытеувауэ жэм дгуэшмэ, бей дыхъуарэ ди Iэпэм дагъэ къыпыткIуу аракъым щIэдгуэшыр. Нэмыцэр къыттеуэрэ ди Iэщыр зэрапхъуэмэ, жыдоIэри аращ. КъыбгурыIуа? Нэ уи Iэщ, плъагъуркъэ, адэкIэ-мыдэкIэ къра-хуурэ ди дежкIэ Iэщыр къаху. Дэри унафэ къытхуащIмэ, ди Iэщыр етхужьэнущ – эвакуацэ дымыщIу къэдгъэнэнкъым, Каспий тенджызым итхуу тхуами...

– АтIэ щхьэ умыхурэ?

– Тхуркъым, унафэ ящIакъыми.

– Догуэ, утеувэу жэм бгуэшыну унафэ ящIа? – жиI эри аргуэру Мысост зыкърисащ.

Абы имыщIэу уи гугъэт хъыбару зекIуэр. Жэм гуэшынымкIэ Iэтащхьэхэр зэакъылэгъутэкъым. Дывгъэгуэш жэм нэхъ дызы-хуэмейр – мэкъумылэр псоми яхурикъунукъым, жызыI э щыIэ щхьэкIэ, ар зымыдэри мащIэ хъуртэкъым.

– ПщIантIэм дэт Iэщыр нэмыцэм I амыхын фи гугъэ? Япэ Iахынур аращ, зыгуэр къызэрыхашэу, – жаIэрти нэхъри щI а-къузэрт.

Мысост ар ищIэрти аращ Бекъаныр щIигъэгузавэр. АбыкIэ колхоз Iэтащхьэр нэхъ IумпIафIэ ищIын и гугъэт. Колхоз Iэщыр зэхагуэшэж, жи Iэрэ Мысост ОборонэмкIэ комитетым кI уэрэ хъыбар яригъащIэм, пщIэну щыткъым абы кърикIуэнур. Зыхуэ-запхъэм хуэзэмэ, Дидан Бекъан и пыIэкур къраудынкIи мэхъу. Рекордисткэр къылъымысмэ, Мысост къэхэшэн тIэу еплъын-къым.

– Абы уи щхьэ щIигъэузыр сыт? КъодэIуэн щыIэ?– жиIэри Бекъан нэхъри къэгубжьащ, унафэ щыIэрэ щымыIэрэ и гугъу имыщIу.

– УмыщIэ ущIэупщIи хъунукъэ, зиунагъуэрэ? Зыгуэрым и щхьэ уз хъуми сэракъым зи щхьэ узынур. Дунейр мамыркъым, нобэ «гуэш» жаIами, пщэдей «къытефхыж» жа Iэу уи пщампIэр

яубыдынкIи мэхъу.

– Уэлэхьи, пэжым абы жиIэр. – Пощтзехьэ Сентрали Мысост и лъэныкъуэ хъуащ. – ФIы пщIэуэ уи гугъэжурэ Iей щыпщIэ къохъу... – Сентрал и жьэм къыжьэдэхуам хущIегъуэжащ. Абы къыфIигъэкIатэмэ, пощтзехьэм пенсионерхэр къызэригъапцIэр игу къагъэкIыжынкIэ хъунут. Куэд щIакъым, Сентрал суд Iуэху къылъыкъуэкIынкIэ хъунут, и лъэпкъыр зэхэлъадэу дэIэпыкъуэгъу хуэмыхъуатэм.

Сентралхэ я лъэпкъыр унагъуищ фIэкIи хъуркъым, ауэ псори зэрыIыгъщ, зэкъуэтщ. Адыгэунэ Мысост и лъэпкъэгъухэм хуэдэкъым. Адыгэунэу жылэм дэсыр унагъуэ пщыкIубл мэхъу, ауэ унагъуитI зэакъылэгъуу бгъуэтынукъым. Къэуэжами, зыр зым дэIэпыкъунукъым.

Зэкъуэш къомыр зэакъылэгъуу щытатэми! Мысост хахынт зыщIыпIи, къулыкъу гуэр къылъысат. Мысост зыщIыпIэ хахыным абы хуэдизкIэ щIокъури и диным икIыным нэсащ. АрщхьэкIэ зи къылъагъэс мыгъуэркъым. НэгъуэщI хах. Хахри сыт хуэдэ? Мысост и кIэпкъым дэIуауэ кърихьэкIынщ, лIыфI хахыркъым. Колхоз председатель ирехъу е сельсовет ирехъу – зи и цIэ ираIуэркъым. Сельпом трагьэувэми идэнут. И насыпым къыдэкIуэркъым. А псори къызыхэкIыр сыт? Адыгэунэхэ зэкъуэткъыми аращ. Зым Iэпыхур зым къиищтэжу лъэпкъыр щытатэмэ, къуажэм пашэу яIэнур Мысостт. ФымыпIащIэ, мэшыкъуэдэс. Мысост зы зэманыгъуэ иIэнщ. Абы шэч лъэпкъ къытевмыхьэ...

Жэм бгуэшыну унафэ къыпхуащIа, жиIэу Мысост щыщIэупщIэм, абы и жэуап Бекъан къыщIримытар щыгъупщауэ аракъым. Пэжыр жыпIэмэ, абы хуэдэ унафэ къыхуащIу зыми къитхакъым. Ауэ иджыблагъэ Сосмакъ ТIалибкIэ зэджэу мэкъумэшыр зи IэмыщIэ илъыр, къэкIуауэ Бекъан къыхуэзат. ЛIитIыр лъэныкъуэкIэ зэрешэкIри зэпсэлъащ.

– Дунейр зэхэзэрыхьащи, гузэвэгъуэщ, – жиIэрт ТIалиб, – убэлэрыгъыну Iэмал зимыIэщ. Жэщым угъуэлъыжамэ, уэр-уэру укъэтэджынрэ укъагъэушынрэ пщIэркъым. НэгъуэщIым ущыгугъ нэхърэ уи акъыл къызэрихьым хуэдэу щIэ. Нэмыцэр Дон къызэпрыкIынкIэ шынагъуэщ. Уи унэм мафIэ къыщIэна иужь псыкъуий къыщIэптIыжын щы Iэкъым. Зулкъэрней сымэ я Iэ ди дей къэмысынкIи мэхъу. – ТIалиб и макъым нэхъ щэху зригъэщIащ: – Псы къытщIэуа иужь ди Iуэхур шыпхэ хъункIи мэхъу. Сыт и пхэм псы нэмысамэ, есыкIэ ищIэркъым, жаIэрэ? Абы хуэдэу дыкъыщIэвмыгъэкI. Девгъэгупсыс. Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, жэм зимыIэм жэм етын хуейщ. Iэщ бжыгъэр нэхъ мащIэ хъунщ, мэкъумылэри нэхъ зэгъэзэхуа хъунщ. Адыгэр я пIэм пхуикIынукъым. ИкIыуи дэнэ кIуэн – бзэкъым, IэщIагъэкъым. Iэщыр эвакуировать фщIы, жаIэрэ – къэнар едгъэжьэнщ. Абыи къагъэзэжыну ущыгугъ хъунукъым. Хэт

ишхми, зыгуэрым ишхынущ. Зышхынур нэмыцэр аракъыми, а зыр фIыщ. Нэмыцэр ирахужмэ, Iэщ дэнэ къитхыжыну? – жыIэт. Нобэ дгуэшыр аращ дызыщыгугъ хъунур. И Iыхьэ щанэ нэхъ мыхъуми дгъуэтыжынщ. Дэри эвакуацэм дыпсэууэ дыкъи-кIыжмэ, яжетIэнщ жылэм: маржэ, колхоз Iэщ зыхъумэфа! Къэфху фи жэмыр. Колхозыр зэфIыдогъэувэж! Пэжкъэ сэ жысIэр?

Уэллахьи, псалъэ узыншэ жыпIам. Тхьэм уи акъыл хигъа-хъуэ, – жиIэри Бекъани еувэлIащ. – Быдэ и анэ гьыркъым. Мылъкум быдапIэ къахуэгъуэтын хуейщ. КъызгурыIуащ, ТIалиб, жыпIар. Зи слъэкI къэзгъэнэнкъым.

Бекъанрэ ТIалибрэ я Iэр зэрубыдыжащ.

Сосмакъыр абы хуэдэу зэпсэлъар Бекъан и закъуэкъым. Колхоз куэдым кIуащ. Председатель Iэджэми а унафэр къабыл ящIри занщIэу жэм ягуэшу хуежьат. Бекъани зрилъэфыхьакъым. ХьэщIэр иригъэжьэжри и Iуэху и ужь ихьащ. Пэжщ, нобэ къызэхуэса къомыр къызэхуишэсыну и гугъакъым. АтIэ сыт епщIэн, жэм ягуэш жаIэу щызэхахым, зратынури зрамытынури къэкIуащ. Уеблэмэ хадапщIэ губгъуэм кIуари, мэкъуауэ щыIэхэри щхьэхьу къэсащ. Нэхъыбэр къэзышари Мысостщ.

– Уа, Мысост фцIыхужыркъэ фэ? Абы и пэр зыхимыIу, алыхь, сымыщIэ щыIэу, –жиIэри ХьэбибиIуэ ихьэпIэм деж щыту къэпсэлъащ. Хьэбибэ Бекъан къыщхьэщыжу аратэкъым, езыр къызэрык Iуар яригъащIэу арат. – Унафэ егъэщI закъуэ. Ныжэбэ инэрал хъуауэ къэтэджыжынуми сщIэркъым. Тхьэм инэралынри къылъигъэс. И фызыр инэрал фыз хъуауэ хэт имылъагъунрэт!

– Ей, бэлшэвич анэ! Уэри уэ! – Мысости Хьэбибэ иджыпсту фIэкIа имылъэгъуа хуэдэ зищIырт. – Сэ пащIэ стеткъым – инэрал фызхэм я пашэр уэрмырам. Гуэгуш джэдыкIи утегъэтIысхьэ – къипшынущ бэлшэвич...

– Пэжщ, уи фызым сыхуэдэкъым: лъхуэмэ, къилъхур ныкъуэдыкъуэщ.

Хьэбибэ ар жиIэри щIегъуэжащ. Мысост ипхъу Тамарэ хъыджэбз дахэ цIыкIу мыгъуэщ, ауэ жьэн узым и фэр ирех. Сабийм сыт мыгъуэ и лажьэ? Апчарэ и ныбжьэгъу цIыкIущи махуэ къэс къокIуэ. Тхьэм гъащIэ кърит. Зэрыфагъуэ цIыкIуу лъагъугъуафIэ дыдэщ, щIалэхэр армэм ямышэу щытатэмэ, абыи насып гуэр игъуэтынт, дэ жэм нобэ зэрыдгъуэтам хуэдэу.

Хьэбибэ и макъыр Бекъан зэхихащ.

– А-а! Укъэсаи уэри, уи шыкIэ мафIэ егъэуауэ. УкъэмыкIуэн си гугъэри уи жэмыр нэгъуэщIым ест пэтащ. ЛIо, кхъуейжьапхъэ ухуэмейуэ ара укъыщIэгувар?

– Алыхь, си дэлъху, кхъуейжьапхъэ зэращIри тщыгъупщэжамэ. Шатэ зытепхын уимыIэу кхъуейжьапхъэ дэнэ къипхын?

Хьэбибэрэ Бекъанрэ зэпсэлъэху, Джэрдж ПIытIу жэмыжь

сырыху цIыкIу, бжьакъуэ закъуэ фIэкI темыту, къиубыдащ пенсионеркэу фызыжь Хъадижэт иритыну. Жэмым и лъабжьэр фIигъэнауэ къыхуэкIуэркъым, щIэтIысыкIмэ, и быдзыр щIым нэсырт, шэ къыпыткIуу.

– Мэ, убыд, Хъадижэт. Уи пенсыр уфIэмащIэти жэмри къуа-тащ. Согъэпц I, уемыхъулIам. – ПIыт Iу жэмым и пщэм теуIуати сабэр къыдрихуеящ, упщIэжь яутхыпщI хуэдэ, – шэуэ къыщIэ-кIым жьибл игъэнщIынщ. Уэ узыжьэ закъуэщ. А зыри дзыгъуэ гъуэмбым хуэдэщ, пхуэгъэнщIынукъым. Еуэ, ху! Шатэ тех, тхъу гъэвэж, кхъуей щIы – и хъер улъагъу.

Фызыжьыр гуфIэщауэ и лъакъуэр теувэжыртэкъым, къытелъэдэнщи къэфэнщ жыпIэнт. Жэмым и бжьакъуэ закъуэр къыIэщIыхьа иужь зыгуэр жиIэну цIыхум закъыхуигъэзат, арщхьэкIэ жиIэну хъуэхъури щыгъуэщэжат.

– А тIу, хэт мыгъуэ мыр зи фIыщIэр?

Мысост фызыжьым къыщIэгубжьащ:

– Хэт и фIыщIэми къуатамэ – зэгъэзэгъ. ЛIо, Сталиным къуита уи гугъэ? Щыгугъ!

Хъадижэт фызыжь тхьэкIумэ жьажьэти, Мысост жиIар зэхимыхауэ, Сталиным и узыншагъэкIэ псалъэ жиIэнур Сентрал гуэрым къызэпиудащ:

– Гитлер фIыщIэ хуэщI. Зауэ къыдимыщIэкIатэмэ, си Iуэхут уэ жэм нэ щыхуэу уагъэлъагъутэмэ, – жиIэри.

Сентрал щыкIат, сыт жиIэми къыщIэкIуэу есат, зэрыжьэрэIурэри псоми ящIэрт, сыт къибжми хъымпIар зыми ищI ыртэкъым. Ауэ иджыпсту къыщIэк Iуакъым. Апчарэ мафIэм хуэдэу къызэщIэнауэ, занщIэу зридзынщи ифыщIынщ жыпIэу, шакъалъэр къипхъуатэри къыщылъэтащ.

– Зэхэфха абы жиIар? Уи псэр Iэбжьанэк Iэ хэсхыни. Ара узыхуейр, пьяницэжь. Сыту уи жьэм къекIуэу жыпIа! Нобэ фIэкI пIалъэ имыIэу нэзгъэсынщ сэ ар здынэсын хуейм. Хэт фIыщIэр зейр? Зэхегъэхыт жылэм а жыпIар. Чэф уимыIэу пIэрэ уэ? Аркъэ къыздипхри дымыщIэ уи гугъэ? Пенс зратыр къызэрыбгъапцIэри дощIэ…

Сентрал къэгузэващ.

– Уа, гушыIэ жыхуаIэр пщIэркъэ! Согъэпц I, тк Iуэпс сIухуам. Тегъэувэж шакъалъэр, шакъэм уи Iэр еуцIэпI, – жиIэщ Сентрали фызыжьым дежкIэ зыкъигъэзащ: – Ху жысIакъэ уи жэмыр. И къэшыгъуэ хъуащ, плъагъуркъэ? Ху адэ! Уи пенсри пщэдей ныпхуэсхьынщ. Зегъэхь.

Хъадижэт жэм къезытам емыхъуэхъуауэ IукIыжыфынутэкъым.

– А зи уз кIуэдын, а къурмэн сызыхуащIын. Сэ хъуэхъу сщIэркъым. Жэмыр нобэ къыдэзытам тхьэр фIыкIэ къехъуэхъу, и гъащIэри и насыпри тхьэм кIыхь ищI. Нобэ хуэдэ махуэм «мы жэмыр тхуэхъумэ, Хъадижэт» жиIэу дзыхь къысхуэзыщIар

бийм я гущIыIу, ялыхь, игъэувэ. Алыхьым сыкъелъагъу – сыуву бий схуэукIынукъым. Си къару илъыжккъым. ИтIани си псэр пытыху мы жэмым и цыпэ хэзмыгъэхун, – жиIэри Хъадижэт жэм бжьакъуэр и Iыгъыу Iуэ ихьэпIэмкIэ игъэзащ.

– Шэуэ пшхыри уи хьэлэлщ, Хъадижэт. Жьыщхьэмахуэ ухъу! – жиIащ КIураци, фызыжьым и псалъэр и гум щIыхьауэ.

Бекъани арэзы хъуат:

– Маркс тхылъу итха къомымкIэ тхьэ со Iуэ, Хъадижэт газет зэремыджэу газет еджэм нэхърэ нэхъыбэ къыгурымыIуэм, – жиIэри.

Мысост IейкIи фIык Iи зы псалъэ жиIакъым, Бекъан и тхьэ IуэкIэр игу иримыхьауэ арами пщIэнутэкъым.

– Къекъут Хьэбибэ и жэмым! – жиIэри Бекъан зоотехникым еджащ.

– Шэ пэгунми?

– Шэ пэгуным, уэлэхьи!

Ар щызэхихым, Мысост и кIуэцIыкIыщIэм зигъэзащ. НэкIэ ешх жыпIэнт ар зыуэ еплът Хьэбиби. Мысост и нэгум щIэт хуэдэт Хьэбибэ илI дунейм ехыжар – Темыркъан. Джэдгын зи жагъуэм и Iупэм къытокIэ жыхуаIэм хуэдэт Темыркъан Мысост и дежкIэ. Темыркъан «советскэр дамэкIэ къэзыхьам» ящыщу жылэм къалъытэрт, Мысост фIэкIа къэмынэу. Колхозыр щызэхыхьэм Темыркъан хилъхьар зы жэмыжь цIыкIу закъуэт. Иджы абы и фызым къылъысам еплъ. Догуэ, а жэмыр мыуасэу пIэрэ? Бекъан и мылъхукъуэр Апчарэ пылъщ, къишэн и гугъэу. АтIэ колхоз мылъкум хэIэбэу уасэ итыну абы хуэдиз лъэкIыныгъэ Бекъан къезытар хэт?

ПIытIу бэкхъым щIыхьэри жэмышхуэ, пшэр хъужауэ, и фэр дафэм хуэдэу, и цыр зэщIэлыдэу къыщIишащ. И шхуэлыр ину, быдз тхьэмбылыфэр къэчэным хуэдэу шэр къапыткIуу. Фадэ зэрыт фэндщ жыпIэнт.

– ШкIэр дэнэ щыIэ? – жиIэри Хьэбибэ щIэупщIащ. Мысост хуэшэчакъым:

– Къуаргъым нэ хуащIати «набдзи!» жиIэрт, жи. Плъагъуркъэ, мыбыи фIэмащIэщ къратар.

Мысост къызэтричт и бампIэр къыжиIэну, арщхьэкIэ зыкъомкIи и дзэ шырт: къэзгъэгубжьмэ, гуур къызамытыххэнкIэ хъунщ, жиIэу. ГъумэтIымэну и гур къезауэ пэтми зишыIащ. ЖиIэну къыдрихьея къомыр иригухыжащ. Уеблэмэ нэжэгужафэ тIэкIуи зытригъэуащ. ИтIани хуэмышэчу къыжьэдэхуащ:

– УасэфIщ, зи! – жиIэри.

– Хэт и уасэ. СогъэпцI, мышвицкэ породэм, – жиIэри зоотехникым къыхиIуащ.

– Си Хьэблашэ мыгъуэм ещхьщ, – жиIэри Хьэбибэ гуфIащ, а зи гугъу ищI жэмым зык Iи емыщхь пэтрэ. Дауи ещхьын, ХьэблашэкIэ зэджэ жэмыр Iэхъуэм къилъагъумэ, «уа, мы уи

жэмыр уанэ жэмщ, ушэсу шыгъажэ урикIуэну уасэ иIэжкъым» жиIэу, ауан ищIырт, жэмыр лъакъуэ псыгъуэт, и ныбэри щIишэжауэ.

Хэт сыт жиIами, Хьэбибэ жэм гъуэзэджэ къылъысати и Iупэр зэтежырт...

## 2. ЗЭДЭЛЪХУЗЭШЫПХЪУ, Я АНЭ ХЬЭБИБЭ

Илъэс пщыкIух сохъу. Иджыри къэс сIуэтэжыну зыри слъэгъуакъым. Сыти слъагъун? Тхьэм ещIэ, ауэрэ жьы сыхъуни сымыхъуни, жиIэу Апчарэ тхылъым еджэ хуэдэу щыс щхьэкIэ, зэгупсысыр нэгъуэщIт.

Хъыджэбзым и щхьэр къиIэтрэ щхьэгъубжэмкIэ дэплъмэ, къурш джабэхэр елъагъу. Къуршыщхьэр пшэм щIахъумащ.

Тобэ ирехъу, уафэми зауэ щекIуэкI хъунщ. ЩIыIэмрэ хуабэмрэ зозауэ. Хуабэр и щIагъым щIэту, щIыIэр и щхьэм иту зэрызокъуэ. Хуабэр зылъэIэсыр щхъуантIэ мэхъу, щIыIэр здэщыIэм уэс телъщ. Май махуэ дыгъэр нэхъри гуащIэ хъуху къуршыщхьэ уэсыр нэхъ мэлыд, я дунейр дахэ хъуа хуэдэу.

Апрель-мэлыжьыхьыр икIащ. Уэлбанэ махуиблу, мэкъу Iэмбатибл зыхуагъэтIылъыр блэкIа щхьэкIэ, Iэщым яшхын ямыIэу къэнащ. УдзыщIэр къэкIыным иджыри Iэджэ иIэщ, нэгъабэрей удзыр гъужри фащ, IэфI щIэтыжкъым, щIэмытыжми Iэщым ягъуэтащэрэт, гъури щэщэжащ. Фермэм тет былымыр бгы джабэм кIэрытщ, зэм дыгъэмыхъуэмкIэ яху, зэм дыгъапIэмкIэ яхуж.

Илъэс пщыкIух ухъуамэ, уи шэгъуэ хъуащ, жиIэри Апчарэ аргуэру и ныбжьыр здынэсар и гум къэкIыжащ, жэм, мэкъу сытхэм тегупсысыкIри.

– Нанэ, илъэс пщыкIух ущыхъуам джэгу ухыхьат? – жиIэри Апчарэ и анэм дежкIэ къеплъэкIащ.

Хьэбибэ игъэщIэгъуащ:

– Джэгу ухыхьат, жыпIа? Уэ уи ныбжьым сыщынэсам, алыхь, сэ лIы сыдэкIуауэ щытам. Фэ сыфхуэдэт сэ сытми? Фэ «школ, образованэ, студент» жывоIэри фызыхэмыт щыIэкъым. Дэ ди зэманым «хъыджэбзыр пыIэкIэ уеуэрэ хуимыудамэ, лIы епт хъунущ», жаIэу щытащ. Илъэс пщыкIух хъуа-мыхъуа, жиIэу хэтыт абы еплъыр. И Iэпкълъэпкъым зиукъуэдиямэ, и фэ къихьамэ, зэфIэкIащ. Гуащэ игъэджэгуу щыс хъыджэбз цIыкIу мыгъуэр япхъуатэрти яхьырт. Илъэс пщыкIуплI фIэкI мыхъуу лIы ирата дапщэ ухуей? Ауэ пэжщ, дахэри мыдахэри яшэрт. Уасэ итыну мылъку зимыIэм мыдахэр къишэрт, зырызыххэ фIэкIа хъыджэбз къыдэнэжа щымыIэу. Лъакъуэ къуаншэри, хъыджэбз назэри – псори дэкIуэрт.

– ФIэмыфIуи?

– ФIэфI-фIэмыфI щыIэ, на? Дахэмэ, и уасэр инщ, Iеймэ,

уасэншэщ.

– Уэр щхьа уасэшхуэ Iаха ди адэ мыгъуэм?

Апчарэ тыншу ищIэрт, Хьэбибэ и дэкIуэкIэу зэрыдэкIуар, щIэупщIащ, и анэм ар игу къэкIыжмэ и гуапэ зэрыхъур ищIэрти. Хьэбибэ дапщэрэ иIуэтэжми уасэу щIатар щыгъупщэну Iэмал закъуи иIэтэкъым.

Темыркъан мыгъуэр, тхьэм и хьэдрыхэ нэху ищI, щIалэ къабзэт, бзэи тхылъи ищIэрт, уеблэмэ Къэбэрдейм я тет Хьэтэжыкъуэм деж прошенэ итхыфырт. А лъэхъэнэм тхылъ зыщIэу, зырызыххэ мыхъумэ, бгъуэтынутэкъым.

Хьэбибэ дэлъхуу щы иIэт. Нэхъыжьыр езы хъаныкъуэ генералым къыщIыхурт. Темыркъан къакIуэщ зэшищым я унэми, стIолым наган кIэрахъуэ къытрилъхьащ: «Фи шыпхъур мо пэшым щIэсщ. Си кIэрахъуэр фи пащхьэм илъщ. Фи шыпхъур къызэфтрэ – си кIэрахъуэр нэхъыжьым ейщ», – жиIэри.

– КIэрахъуэ закъуи? – жиIэри Апчарэ игъэщIэгъуащ.

– ЛIо, уфIэмащIэ? Нартыхукъым, танэкъым. КIэрахъуэр шы, уанэш зэтелъым нэхърэ нэхъ лъапIэт...

Апчарэ аргуэру тхылъым еплъу тIысыжащ. Зауэр яухыпэми институт къимыухауэ дэмыкIуэну Апчарэ и гум ириубыдащ. ЛIо, школ фIэкIа къыумыухыу удэкIуэкIэ – IэщIагъэкъым, сыткъым. Апчарэ илъагъуркъэ и анэм бэлыхьлажьэу телъыр. Жэщ и Iэкъым, махуэ иIэкъым. Гъэмахуэ ирехъу, щIымахуэ ирехъу – зы бостеижь закъуэщ иIэр. КъыпэщIэхуэIамэ и пхъум е и къуэм хуегъэтIыгъуэ. «Си фэр кхъузанэм хуэдэщ – схуэшэчыжыркъым, – жиIэу мащIэрэ тхьэусыхэрэ. – Алыхьым сигъэунэхуну арами сщIэркъым – си кIэтIий си вакъэпсу дунейм сытетщ. Насыпыр дэпым хуэдэу си IэмыщIэ къриль хьатэмэ, зы Iэм исхыу, зы Iэм ислъхьэу схьами жьэгум нэсхьэсын мыгъуэт». Арат и тхьэусыхафэр зэрыхъу тIэкIури.

Темыркъан дунейм щехыжам Албиян Мэзкуу щеджэрт. Хъыбарыр зэрынэсу икIэщIыпIэкIэ къэсыжат тхьэмыщкIэр. Къуажэр зэрыкъуажэу къызэхуэсат жэнэзым.

Къызэхуэмысуи хъурэт – къуажэм щIэуэ къыдэхъуэр Темыркъант зи акъылым къихьыр – школ япэ дыдэ къыщызэIуахам къызэIузыхар Темыркъант, ККОВ жыпIэми, детсад, клуб, хьэмэм жыпIэми – псоми я ужь итыр арат.

И адэр щIалъхьа иужь Албиян еджэныр хыфIидзэну мурад ищIащ. И анэмрэ и шыпхъумрэ къащхьэщытын щымыIэу къигъэнэн и гум идэртэкъым. Ар къыщищIэм, Апчарэ закъригъэцIыхуащ:

– Сыт уи еджэныр щIыхыфIэбдзэр? Дылъашэкъым, дыIэшэкъым, ди щхьэ тхуэмыгъэпсэужын уи гугъэ? Еджэ адэ. Дэр щхьэкIэ умыгузавэ. Ухуеймэ, уэри дыбдэIэпыкъунщ.

Албиян еуэри ежьэжащ, и еджэныр щимыгьэту.

ЗэрыжиIа дыдэм хуэдэу Апчарэ и дэлъхум дэIэпыкъуу

хуежьащ. Ашык цIыкIум дэз ищIырт кхъужьIэрысэри пощткIэ Мэзкуу иригъэхьырт. Албиян посылкэр къыIэрыхьэрэ ашыкыр зэтриудым, дэлъыр фауэ къыщIэкIырт.

АрщхьэкIэ кхъужьыр фауэ ишхыртэкъым. Ар ибзыщIауэ, «сыту кхъужь IэфIт, ярэби» жиIэу, письмо хуитхмэ, арат ирит-хэр, подаркэ гуэркIи къигъэгугъэрт.

Апчарэ нэхъри егугъурт. Чыржын игъажьэрти ари посылкэу иутIыпщырт. Чыржынри Мэзкуу нэсыху, кхъужьым хуэдэ къабзэу, пшхы хъунутэкъым – гъуатэрт, гъурти – мывэ хъурейм ещхьу къащти хэт ухуейми еуэ.

Аргуэру Албиян письмо итхмэ и шыпхъум щытхъурт, чыр-жын IэфI уогъажьэ, жиIэрти икIи ешхыдэрт, посылкэ сытхэм зебгъэлIалIэурэ уи урок къыбогъанэ, ди анэми Iэпыдзлъэпыдз ухуэхъуу къыщIэкIынкъым жиIэу.

Езы Апчари письмо щитхкIэ, письмоулъэм езым фIыуэ илъагъу удз гъэгъахэм щыщ дилъхьэрт, «уи щIыналъэ къыщыкIа удзым хуэдэу мэ IэфI къызыпих щыIэкъым» жиIэу. Зэгуэр уеблэ-мэ ахъшэ сомитху дилъхьауэ щытащ.

Апчарэ щеджэ школым, «фIыуэ уоджэ» жаIэри , саугъэту сэндалитI кърататат. ЦIыхухъу сэндалт ари и анэми езыми хуэ-мыхъуу къаIэщIэнат. Щымыхъужым, зыгуэрым иращэри, ахъшэ къыщ IэкIам щыщ сомитхур и дэлъхум хуигъэхьащ, адрейм и анэм щитIэгъэн вакъитI къыщIэкIащ. Хьэбибэт унэр зезыхьэр – махуэм тIэу псыхьэ кIуэрт, щхьэл кIуэн хуеймэ, ари зи фэ дэкIыр и анэрт. Апчарэ зыми еIусэу Хьэбибэ идэртэкъым. «Уэ уи Iуэ-хур тхылъщ, еджэ, тхэ. Уи дэлъхур щI эныгъэ амбару Мэзкуу щоджэри зыхуей зригъэщIэфынущ. Уэри щIэныгъэр щаIуэ хьэмым тет, зыхыумыгъэн. Албиян къэсыжмэ игъэщIэгъуэнщ, си шыпхъум ищIэ къомыр дауэ зригъэщIэфа жиIэнщи», – арат Хьэбибэ жиIэр.

Апчарэ пщыхьэщхьэ къэс жэщыбг хъухукIэ щыст, и урокхэр игъэзащIэу. Уэздыгъэ зыбгъэдэсым и уэнжакъри сытым ещхь? Чырбыш заводым я уэнжакъыжьу фIэкIа пщIэнкъым, и хъуреягъкIэ тхылъымпIэ ныкъуэс к Iэрыгъэпщlауэ. Нэху щыху щысами а пщэдджыжьым Апчарэ и школ кIуэн къэнэнутэкъым. Псом япэ нэкIуплъ хъужауэ, къибыргъукIыу, лъагъугъуафIэу и ныбжьэгъухэм къахыхьэрт.

Зы щ Iалэ гуэрым «Боевая Апчара» жиIати, псори, хъы-джэбзыр ялъагъумэ, зэрыгъэкIийрт, «Боевая Апчарэ къэсащ» жаIэу. Зэчэнджэщын хуеймэ: «Боевая Апчарэ сыту пIэрэ жиIэ-нур?» жаIэрт. Зы сыхьэт къыкIэрыхуакъэ, еджакIуи егъэджак Iуи гузавэрт, «Боевая Апчарэ сымаджэ мыхъуауэ пIэрэ?» жаIэу.

Апчарэрэ Азизэрэ зы партэм дэст. Азизэ къуэщхьэ хъыджэбз цIык Iут, Iэдэб дыдэу, укIытэхыу, итIани а тIур зэныбжьэгъут. Азизэ адыгэбзи къуэщхьэбзи тыншу ищIэрт. Хъыджэбз

цIыкIуитIри щхьэц фIыщIэти, а тIур партэм къыдэплъмэ, зэщхь щыIэтэкъым цей фIыщIэм илъ хьэзыр Iупэхуит Iым фIэкIа. Партащхьэм зыкъуагъапщкIуэурэ ауан щащI щыIэт, доскам зипIытI-зихузу щIалэ гуэр кIэрыту ялъэгъуамэ. ЕгъэджакIуэм гу къалъитэмэ, къыпыгуфIыкIыу тIури щыст.

Школ псор кIэкIэ зезыхьэу хэт яхэтар жыпIэмэ, Аслъэныкъуэт. Апчарэ щхьэкIэ абы уэрэд зэхилъхьауэ, «Яблочко» жыхуаIэ уэрэдым и макъым псалъэр щIэлъу жиIэрт:

*Эх, чарочка –*
*Вино красное.*
*Апчарочка*
*Огнеопасная.*

Аслъэныкъуэ а уэрэдым щхьэкIэ «тху» хуагъэуvауэ щытащ, урысыбзэкIэ дахэу икIи щыуагъэншэу зэхилъхьати. Абы щхьэкIи къэмынэу, щIалэм еджэныр щигъэтри, шофер курс кIуащ. А уэрэдыр жаIэу зэхихмэ, Апчарэ зихъунщIэ хуэдэу зищIырт, арщхьэкIэ зэрыфIэфI дыдэр ящIэрти псоми жаIэрт.

Нэхъ зихъунщIэху нэхъыбэрэ жаIэрт. Куэд дэмыкIыу уэрэд жызыIэжын щIали къэмынэу псори дзэм яшащ. Нэхъ къахэжаныкIар зэуэ зэщIакъуа иужь, адрейхэр зырыз-тIурытIурэ къыхащыпык Iырт (Апчари и нэпсым къызэпижыхьт, щIалэ цIыкIу защIэ фIэк Iа къэмынауэ илъагъумэ). Иджы «Чарочки» «Апчарочки» жызыIэн бгъуэтынутэкъым.

Куэд щIакъым, езы Апчари повесткэ къыхуагъэхьри комсомолым и райкомым яшащ. Секретару абы тетыр Чокэт, зыкъримыгъащIэу Апчарэ къыпылъ гуэрт. Апчарэ кIуэн и гугъакъым, зыкъысхуигъэзэну арагъэнщ, жиIэри. АрщхьэкIэ етIуанэрейуэ повесткэ къыщыкIуэм, тридзэри районым кIуащ. Километриблыр жыжьэ?

Чокэ тIэкIу зигъэщIагъуэ хуэдэу фэ ириплъащ, арщхьэкIэ абы зыщIигъэщIагъуэри гурыIуэгъуэт – адрейхэм гу зылъримыгъэтэну арат.

ФIыуэ сыплъагъумэ, къуршым къелъэ, жиIэу Апчарэ жиIамэ, Чокэ тIэу еплъынтэкъым, занщIэу къелъэнт, иукIыну щытми. Ар ещIэ езы Апчари, Чокэ дежкIэ нэбгъузкIэ плъэмэ, мащIэу щогуфIыкI, зэрощIэ.

Пщыхьэщхьэм Апчарэ я унэ къызэрысыжу занщIэу къехьэкI-нехьэкI щымыIэу и анэм жриIащ:

– ЩIэныгъэ амбари, щIэныгъэ хьэми – псори къахуэнэжащ. Къэзджынур къэзджащ.

– ГуIэгъуэжь мыгъуэти. ЛIы удокIуэ! – жиIэри Хьэбибэ и куафитIым еуэжащ.

– Хэт илI? Плъагъуркъэ абы жиIэр? ЩIалэгъуалэ фIэк Iа темыту жэм фермэ ящ I. Сэри абы сытрагъэувэ.

– Заведышуи?

– Заведышщ. КъэпщIащ.

– Уэ Iей, уэ заведыш ухъун? Сыту бда?

– Бдэн жаIэу къызэупщIами хъунти. Зауэр Iэмалыншэщ, уи щхьэцыр уи IэкIэ пыуигъэупщIыжынмэ, алыхь. Уи фIэщи уэ.

Хьэбибэ абы къыфIигъэкIакъым. КъыфIигъэкIи хъурэ? Апчарэ и закъуэ фермэм ягъакIуэркъым. Адрей хъыджэбз цIыкIу къомри аращ. Я тхылъыр ягъэтIылъри пэгуныр къащтэ, жэм шхуэл игъащIэм емыIуса пэтрэ. Дауэ ахэр жэмыш зэрыхъунур? Жэми зэрахьэфрэ абыхэм. Гууншэу жэм псэф ящIыну жаIэ. Ари хъыджэбз IэщIагъэ? АтIэ аращ, зауэм къыптрилъхьэмэ, умыщIэн щыIэ.

Апчарэ фIэIуэхуххэкъым:

– Фермэм дыщеджэнущ. Тхылъхэр здыдохь. Ди закъуэ дытесын уи гугъэ. Ди учителхэри нокIуэмэ, тхьэ. Классым ущIэс нэхърэ, удзыпцIэ дахэм ухэсу уеджэмэ нэхъыфIкъэ. ДэнэкIи плъэ – удзыр гъэгъащ, дунейр дахэщ... Аслъэныкъуэ дзэм ямышамэ, сыту гуфIэнт. Си Iуэхут абы лъапэрисэу къимыжыхьтэмэ...

– А щIалэ пащIэ къэмыкIри яша?

– ЛIо пащIэ зребгъэщIынур? Фоч бгъэуэфмэ, зэфIэкIащ. Аслъэныкъуэ уэрэд зэхилъхьэфырт. Сэр щхьэкIэ зэхилъхьар пщIэрэ?

Хьэбибэ и щхьэр къиIэтащ. Уэрэд цIыхум хуаусмэ, ауэ сытми хуаусрэ? Е лIыгъэ зэрихьащ – лъэпкъым набдзэ яхуэхъуащ, къуэдым яхузэфIэмыкI хузэфIэкIащ. Ар уэрэдым халъхьэ. Е сэ сщIэрэ – лIыгъэншэу къыщIэкIащи ауан ящI, щодыхьэшх. Апчарэ лIыгъэ зэрызэримыхьар нэрылъагъущ, лIыгъэщIапIи ихуакъым. АтIэ зы Iей гуэр къылъыкъуэкIауэ арагъэнщ уэрэд щIыхуаусар. Я быным зэхащIыхьыр я адэ-анэм къыщащIэр псоми ящIа иужьщ.

– Сыт, на, жыпIэр? Сыт уэрэд?

– Зи уэрэдыр къэпщIэнкъэ – къэдаIуэ...

Апчарэ иувыкIри, клубыжьым и сценэм ит хуэдэу зыкъыфIэщIыжауэ усэм къеджащ. Хьэбибэ зиущэхуауэ едаIуэрт, усэр зищIысыр тэмэм дыдэу къыгурымыIуэми:

*Си бийр хэзгуауэ къэзгъэзэжмэ,*
*СывгъэщI, си къуэшхэ, ислъэмей.*
*И нитI Апчарэ сыщIэвгъаплъи,*
*НэгъуэщI гуфIэгъуи сыхуэмей.*

– Сыту фIыт – лIыгъэ Iуэхуи напэтехыгъи хэлъкъым, – жиIэри Хьэбибэ и гур зэгъэжащ.

– Дауэ къыпщыхъурэ?

Апчарэ щхьэкIэ ятха усэр Хьэбибэ къызэрыгурымыIуэнур ищIэрт, итIани усэ зэрыхуатха къудейр арат езым и напщIэ телъыр.

Хьэбибэ ауэ сытми Iэ ищIащ:

– Выгу шэрхъым дагъэ щумыхуэм кIыргъыурэ абы хуэдэ уэрэд къикIыргъыу кIуэнущ... – жиIэри фIэмыIуэхуу ежьэжащ. Уэрэдыр игу иримыхьа хуэдэу зищIа щхьэкIэ, хуабжьу и гум щIыхьащ, щIалэм хуэгузэващ. Абы егупсысурэ джэдэщымкIи кIуэри джэдыкIищ абгъуэм кърихащ, пхъэ тIэкIуи икъутэри жьэгум илъ мафIэр зэщIигъэстыжащ. Абы и ужь итыху, зэи и пхъур и гум ихуакъым:

– Уа, щIалэ цIыкIуу укъалъхуамэ, дауэ ухъунут? Жьым тесу псым йопыдж жыхуаIэр уэращ жебгъэIэнт.

Апчарэ стIолым деж тIысыжауэ матхэ, и анэм жиIэр зэхимыхзищIауэ.

Хьэбиби щигъэтыркъым:

– ЩIалэм я пы Iэ къомыр зэхэбгъэзэрыхьынти, щхьэж и пыIэр къыхуэмыгъуэтыжурэ зэбгъэзэуэнт уэ слъагъум. «И нитI Апчарэ сыщIэвгъаплъи» жи. ЛIо ущIэплъэкIи ущIэмыплъэкIи – шейтIан щIэс хуэдэщ. Ар нэхъыфI? Мес уи дэлъхур, а си Албиян, а зи анэжь мыгъуэр къурмэн зыхуэхъун, а сызрашэкIыжын, нацдивизэм хэтщ, нобэ кIуэни, пщэдей кIуэни зауэм. Ялыхь, уанэ махуэ трегъалъхьэ си дэлъхум. Чокэрэ Албиянрэ зэхуэбгъадэ хъурэ? Чокэ лъакъуэрыгъажэ шущ. Аращ иджы сымылъагъужари. Куэдщ и лъакъуэрыгъажэр ди дежкIэ къызэригъэжар.

Апчарэ тхэн щегъэтри зэщIодэIукI.

– СыщIалэщ, жи абыикI. Нэкъым, набдзэкъым! Шу мыхъум, Iэхъуи мыхъум – сыт зэрыхъунур? КъыдэкIуэн хъыджэбзи дэнэ къипхын? Догуэ, уи дэлъхум идэну пIэрэ абы хуэдэ малъхъэ? Чокэ и ныбжьэгъухэм яхуэдэу щытамэ, нацдивизэм ящтэнт. Псори ящтэри Чокэ къагъэнащ. Iэщэ зыхуэмыфащэм фызи хуэфащэкъым. Ар сыту уи щхьэм къимытIасэрэ...

– Быбэ, хэт уэ зи гугъу пщIыр? – Апчарэ и анэм зэреджэр «Быбэт». – Дунейр зауэщи зэроукI. Хэт иджы фыз къишэну и ужь итыр?

Хьэбибэ къызэрыкIати игу илъыр жимыIауэ и жьэр увыIэнутэкъым. И пхъум жиIар и тхьэкIумэм иримыгъэхьэу хъущIэрт:

– Лъакъуэрыгъажэ шу! Аракъэ и пэри и кIэри! Алыхь, къэбгъуэтам! Фызышэр къакIуэмэ, къызэрыкIуэнур фитон хьэмэ лъакъуэрыгъажэм тесу къэкIуэну? Куэд щIащ сэ абы гу зэрылъыстэрэ. Сысекретарщ жиIэу лъагапIэм тесщи, къеплъыхмэ, район псом къахоплъэ, и нэ къыфIэнэ илъагъумэ, къыдихьэхыну и мурадщ. И ныбжьэгъухэм пIатIронташыр ящIэпхащ, езыр къэрэндащ жыпу уэрамым дэтщ. Уи дэлъху Албиян,

ялыхь, уи нэIэ къытегъэт, и фызри и сабий дыщэ цIыкIури къи-гъэнэнурэ фронтым кIуэнущ. Чокэ физ хуэфащэу щытатэмэ, абыи щитIэгъэн военнэ щыгъын ягъуэтынт...

Апчарэ абы адэкIэ хуэмышэчыжу къызэтричащ:

– Чокэ наццивизэм къамыдауэ ара уи гугъэр? Албиян хуэдэ къабзэу ящтэнут, и пэжыпIэм ухуейуэ щытмэ. Район псом пыIэ зыщхьэрыгъ гуэр исын хуейти, Чокэ къагъэнащ. Комсомол пашэу, секретару...

И пхъум и псалъэр и анэм къызэпиудащ:

– АтIэ,секретарым, и секретарыпIэ иресыж. ЛIо лъакъуэрыгъажэкIэ къыщIижыхьыр?...

– Ди къуажэ къызэрыкIуэр ара уигу темыхуэр? И адэ-анэр къуажэм дэсщ, на!

Хьэбиби къызэщIэплъати щигъэтыжыфыртэкъым:

– Уи дэкIуэгъуэ хъуакъым, тIысэ. УемыпIэщIэкI.

– Уэ уи дэкIуэгъуэ хъуат? Илъэс пщыкIух фIэкI умыхъуу удэкIуэсаи!..

Хьэбибэ бэлагъ иIыгъыр IэщIэхури мафIэм пэрыхуащ. Апчари щIегъуэжа щхьэкIэ къыупсэлъар къыпхуэубыдыжын? Шабзэшэр иутIыпщати, и анэм и гущхьэ дыдэм техуащ. Зэанэзэпхъум псалъэ гуауэ зэжраIэ.

Япэ къэгумэщIар Апчарэщ. ЖимыIэн зэрыжиIам щхьэкIэ и гур къызэфIэнауэ къыщолъэтри, и анэм и щIыбагъымкIэ къыщыту IэплIэ хуещI, и нэпситIыр къелъэлъэхыу и Iупэр зыхуэзэм хуэзэу ба хуещI. И анэм зы псалъэ къыхудэшеижыркъым. Хьэбибэ зыкъызэкъуихрэ къеуэмэ, Апчарэ зыхищIэнтэкъым, арщхьэкIэ модрейр, и гум щIыхьэщауэ, зыкъримыгъащIэу магъ. Абы и нэпс шыугъэр Апчарэ и Iупэм лъэIэсащ.

– Къысхуэгъэгъу, Быбэ, кхъыIэ, къысхуэгъэгъу. Сыделэщ сэ. Сымыделэмэ, бжесIэрэт. СылIэжыху уэ укъэзгъанэу зы щIыпIи сыкIуэнкъым, тхьэ.

Хьэбиби укIытэжа хуэдэу, псалъэ жимыIэу, и пхъур Iуегъэ-кIуэт. Апчарэ мафIэм пэропхъуэри мафIэм ис бэлагъыр къыпэрехыж. Iугъуэри бахъэри унэм щIэз мэхъу.

СтIол зыбгъэдэсам деж макIуэри Апчарэ мэтIысыж къыпыгъыкIыу. Хьэбибэ зыри жимыIэу, Iугъуэ къызыпих пхъэ дзакIэхэр зэхуихьэсыжурэ, шыуан щIагъым хуэзэу мафIэр зэщIегъэст. ТIури тIэкIу удэIужа иужь, Хьэбибэ япэ къопсалъэ:

– Алыхь, сыарэзымэ, си хъыджэбз, дэкIуэ. Сэр щхьэкIэ къыщIэбгъэнэн щыIэкъым. УдэкIуэну мурад пщIамэ – узэрегуакIуэщ, тIысэ. Уи анэр арэзы жаIэу къоупщIмэ, «арэзыщ» жыIэ. Зи сыппэрыуэркъым. Адэ уиIэххэкъыми хэхащ, Темыркъан мыгъуэр псэужатэм...– Хьэбибэ аргуэру къыщиудащ. – Уи адэ мыгъуэм ар зэхихатэми... ЛIы дэкIуэныр уи деж къыщыщIадзэркъым, уи дежи щаухыжынукъым. Сэри схуэхьыжыркъым. Уи щхьэ узым сыхэгъэкI. «Илъэс пщыкIух фIэкI умыхъуу

удэкIуэсаи» жыпIащ. Ар дауэ уи жьэм къекIуа? Уи анэ укъэзылъхуам абы хуэдэ псалъэ гуауэ жепIэныр... ЛIо, сэ Азизэ сыхъуа уи гугъэ? Сэри солъагъу. Фэ фотIысри джэш фодз, дэнэкIэ дашэну пIэрэ, жыво Iэри. Фыздашэну лъэныкъуэр сэ вжесIэным, алыхь. Джэш сымыдзуи сэ вжесIэнщ: уэ Чопра-къыщхьэ, Азизэ чырбыш заводым, КIурацэ и къуэ закъуэр алыхьым къихьыж. Уасэ сыт жаIэу гузэвэгъуэ зыри хэтыну-къым. Сэр щхьэкIэ афицар кIэрахъуэ уасэу ятащ. Данизэт щхьэкIэ зи мыхъуми Iахащ нартыху. Фэ уасэншэуи фашащэрэт.

ПщIэншэу къыпIэрыхьэр кIуэдыжыгъуафIэу мэкIуэдыж. Аракъэ иджырей щIалэхэр фыз къэшэрейуэ щIыщытыр. Хьэм бацэ ихъуэжыхукIэ фыз къашэ. Илъэсым тIэу «удэкIуэсаи» жи. Темыркъан мыгъуэм хуэдэ нобэрей щIалэхэр? И лъэгум къыщIэхуа ятIэм и уасэкъым. Темыркъан хэти дэкIуэнт. Уи Чокэ хуэдэт ар сытми? Хэкум пыIэ зезыхьэу исар мэзауэри мэзым щIэтщ, губгъуэм итщ, ятIэ мыгъуэр яутэ. Уи Чокэ алэрыбгъум тету кабинетым щIэтщ. Догуэ, уи дэлъхум идэн уи гугъэ? Абы нэгъуэщIым уритынуми пщIэркъыми. Албиян Iейм уритынкъым, дауи. Напэ иIэу уасэ зымыт гуэрым уритынщ.

И анэм жиIэм едаIуэурэ Апчарэ удэIужащ.

– Уасэ къеIыпхкIэ бей ухъун, умыхъун, алыхь, форэ тхъурэкIэ ушхэн хуэдэу.

– Уи фоуи уи тхъуи сыхуеиххэкъым. Шыбжий сумыгъэшх закъуэ. Нысэ къыщыпшэм уасэ ептакъым, уи пхъур щепткIэ сыт жыпIэу уасэ къеIыпхыну?

Апчарэ и гур къызэрыгъуэтыжащи и анэр хегъэзыхь, къэгубжьу бэлагъымкIэ къеуэн и гугъами Хьэбибэ зишыIащ, ауэ жиIэн имыщIэу мырамысэр зэIиудри и пхъум жиIам къыпищащ:

– Си нысэр матушкIэщ. Абы зыдумыщI. Рассейм я мыхабзэ сэ къезгъэжьэн? Уасэ Iамых дэнэ къэна, япхъу яшэмэ, телъхьэ хуащI – приданэ, жаIэри. Хъыджэбз я куэдыжьщ, узыхуейр шэ. Си нысэм щхьэкIэ уасэ жаIэми естынут. Зи абы хуэдэ нысэ алыхьым къуззэритын...

Зэанэзэпхъум заущэхужащ. Зым и гум къэкIам адрейм гу лъитэрт.

Албиян, и анэм еупщIи-еуси хэмыту, къишащ урыс хъыджэбз цIыкIу, щхьэц сырыхуу, нащхъуэу, къэрабгъэу икIи пэтIинэу, къишэри «мыращ, ди анэ, уи нысэр – и цIэр Иринэ Федоровнэщ» жиIэри ежьэжащ.

ХьэгъуэлIыгъуи сыти щыIакъым. Албиян ахъшэу иIэр куэдт? ЛинейкэкIэ къэзышам иритын хурикъуа къудейщ. Линейки къищтэнтэкъым нысащIэр и гъусэу лъэсу къуажэм къэкIуэжын мыукIытатэмэ. Абы ищIыIужкIи езы нысэм хьэкъущыкъу дэзу пхъуантэшхуитI къыздишати, зы лIым къыхуэмыIэту хьэлъэт.

Хьэбибэ абы хуэдэ Iуэху и пщIыхьэпIэми къыхэхуэртэкъым. Къытехьащи, уафэм сабэ дрипхъеинущ. Мэзкуу хъыджэбзым еплъмэ и фэр зокIуэкI. И гъунэгъуи и благъи – зым псалъэ яжри-Iакъым, нысэ къысхуашаш, жиIэу. ИтIани ар пхуэбзыщIынт? Пщэдджыжьым Iэхъуэм жэмыр дихуами е щхьэлым кIуами, зыгуэр къыхуэзэу къемыупщIыну Iэмал иIэтэкъым:

– Уа, пэжу пIэрэ, нысэ къэпшауэ зэхэсхащи? Албиян Мэзкуу кърищри фыз къиишауэ аращ хъыбарыр, – жиIэу.

Хьэбибэ ар зэхимыхзищIырти нэгъуэщIым тепсэлъыхьырт. КъеупщIам къыIэщIэкIрэ къежьэжамэ, аргуэру, шокъу жиIэу, нэгъуэщIым хуэзэрт.

– Фи хьэгъуэлIыгъуэр зэфIэкIа? Джэгу фщIамэ, Iэгуауэ макъ сыту зэхэдмыхарэ?

Хьэбибэ и щхьэр здихьынур ищIэртэкъым. Унэм укъыщIэмыкIыу ущIэс защIэу дунейр пхуэхьын? Уэрамым удыхьэм, кIуапIи жапIи къуатыркъым. Езы и нысэри къуажэм къыдэнакъым, къалэм кIуэжауэ дэсщ, фэтэр къащтауэ. Езы Хьэбиби зи шэгъуэ хъуа и пхъум бгъэдэсу къуажэм къыдэнащ.

Иджы ар псоми ящыгъупщэжащ.

Хьэбибэ зэзэмызэ зэгуэпамэ мэгъумэтIымэ:

– Куэдым, алыхь, ятIэ зэрызутар. Сужэгъуащ псори. Си нысэм деж сыкIуэу къалэм щхьэ сыдэмысрэ. Сабийм убгъэдэсу ущысыныр аракъэ фызыжь IэщIагъэ хъужыр?

Хьэбибэ и фIэщ къригъэкIмэ еуэу кIуэнкIи хъунт, ауэ Иринэ зы пэш закъуэ фIэкI къыхуамыгъанэу и фэтэр тIэкIур фIаубыдри, Одессэ къикIыу къагъэIэпхъуа унагъуэ гуэр щIагъэтIысхьащ.

Езы Иринэ и дежкIэ нэхъыфIт, къэнэжа пэш закъуэри яритрэ езыр къуажэм къэкIуэжамэ, арщхьэкIэ къалэм укъыдэкIмэ лэжьапIэ тIэкIури пфIэкIуэдауэ лъытэ. Сыт ищIысри кIуэ пэтми нэхъ лъапIэ мэхъу. Езы Иринэ Албиян аттестаткIэ къылъыс и улахуэр Хьэбибэ иратыну ягурыIуащи, лэжьапIэр къигъанэмэ – ахъшэншэу къонэ.

ЖэщкIэ Хьэбибэ гъуэлъыжмэ, жейм емызэгъыу куэдрэ хэлът, нэмэзыбзэу ищIэр къибжырт, алыхьым елъэIуу: «Ялыхьу гуащIэмрэ гущIэгъумрэ зиIэ, цIыхур зэлъэIуу зыми емылъэIуж, сынолъэIу, си нысэ закъуэм фызабэ джанэ щомыгъэтIэгъэну, си щIалэр псэууэ къысхуэпхьыжыну. Ялыхь, си щIалэм сэ сызэрыхуэарэзым хуэдэу уэри хуэарэзы. Сэ бэлыхьу сшэчым си нысэр щыхъумэ. Сызэрыфызабэу сыл Iэжыху сыкъэгъани, си быным уи нэIэ къытегъэт. ГуащIэрэ гущIэгъурэ зиIэ, сыкъыболъагъу, къыстеплъхьэр си хьэлъэу сопсэу. Бэлыхь мащIи сшэчакъым, си фэр изыхар къулейсызыгъэрщ, сыбгъэунэхуну арами сщIэркъым – лъапэ дунейр си дэгъэзеигъуэщ, зы махуэ «уэху» жысIакъым... Ялыхь, си быныр хуумыгъазэ сэ сызы-

хуэзам...»

Хьэбибэ шэч къытрихьэртэкъым и псалъэр алыхьым деж зэрынэсым. «Къыстеплъхьэр си хьэлъэу» жиIэ щхьэкIэ къыдэIэпыкъуу и гугъэт. КъыдэIэпыкъуу щымытамэ, Албиян зыхэта мафIэм къыхэкIрэт? Бомбэр уэм хуэдэу къелъэлъэхыу, Дон къызэпрысыкIащ. Иджы мес, алыхьым и шыкурщ, къигъэзэжащи, нацдивизэм хэтщ командиру. Насыпкъэ ар? Тхьэмахуэ дэкIыркъым, я унэ къэкIуэжурэ, и бынхэр имылъагъуу. Шууэ къэкIуэжмэ, и хъыджэбз цIыкIур шым трегъэтIысхьэри къре-шэкI. ХакIуэ къарэшхуэми сабийр сыту щымышынэрэ? АтIэ, ар алыхьыр аракъэ зи фIыщIэр? Зэзэмызи Албиян къуажэмкIэ къегъазэ, и анэмрэ и шыпхъумрэ илъагъуну. Тхьэм гъащIэ кърит, и нэщIэбжьэ тхьэм димыгъэлъагъукIэ.

Езы Албияни фIыщIэ зыхуищ Iынур ищIэркъым, насыпу щыIэр къеуэлIа къыфIощIыж, зыхэтым яхэзэгъащи хъарзынэщ. Зыхуейр къемыхъулIэу зэрыщытар щыгъупщэжащ.

Институтым щIэтIысхьа къудейуэ и адэр лIэри къимыгъэзэжу хъуакъым.

ЕтIуанэ курсыр къимыухыу институтыр зэхуащIыжри лэжьапIэ лъыхъуэн хуей хъуащ.

ЕрагъпсэрагъкIэ фэтэр тIэкIу зеригъэпэщри, иджы дыунэнщ, щыжиIэ дыдэм, дзэм яшащ, и унэми сытми гу щимыхуэу.

Дзэм щыIэныр зэфIэкIри къэкIуэжа нэужь куэдрэ дэсакъым – зауэр къежьэри аргуэру военнэ хъужащ. Фронт здэкIуари я нэхъ гугъу дыдэу къыщIэкIащ. Дон Iуфэ дунейкъутэжу щызэрыукIт, нэмыцэм Ростов яубыдын я хьисэпу. Ар бжьыхьэу 1941 гъэр арат. Албиян псым итхьэлэным тIэкIут къэнэжар. Къелащ. Куэдыщэ дыди дэмыкIыу ираджэри унафэ къыхуащIащ: укъызыхэкIа лъэпкъым нацдивизэ зэхашэри укIуэжу абы ухыхьэн хуейщ, жаIэри.

Езы Албиян кIуэжыну хьэзырыпст. Куэдрэ зримылъэфыхьу къытридзэри къэкIуэжащ, къыздикIари къыздихуари ямыщIэу.

Иринэ къигуфIам щIэ щIэттэкъым. Албиян и взводыр колхоз бригадэм хуащIа пщыIэм тест, губгъуэм ису. Къалэм километриблкIэ пэжыжьэт, итIани, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, Албиян я унэ къэкIуэжырт. Иринэрэ Данэ цIыкIурэ щхьэгъубжэм IутIысхьэрти щыст, шы къарэ шу къакIуэу ялъагъуху. Албиян и шым зэреджэр Казбект. Я унэ къыщIыхьэжакъэ – Данэ цIыкIу зыгуэр къримытыну Iэмал иIэтэкъым, кIэнфет е компот имыгъуэтамэ, пхъэщхьэмыщхьэ къыхуихьырт. Езы сабий цIыкIур шы къарэм есати, сытегъэтIысхьэ, жиIэу тепыIэжыртэкъым. Шы къарэ фэкъу лъакъуэхури Iэсэт, дахэт, и цыр цIуурт. Миномет командирым шы иIэн хуейтэкъым, лейтенанту щыт пэтми. ИтIани езы Албиян, шы къом къахуауэ щилъагъум,

кIуэри езыр зыхуей дыдэр къыхихащ, полк псоми къыхахырти. Езыри губгъуэм ису и взводыр игъасэрти, шуми лъэсми къэзы-лъагъу щыIэтэкъым. Щыхуейм деж шэсырти, унэмкIэ зригъэхьт.

Шым хуей щыхъур а зы закъуэр аратэкъым. УэтIпсытI хъумэ, бригадэ унэм и хъуреягъкIэ вагъэти, упхыкIыну Iэмал закъуи иIэтэкъым. Шхын е нэгъуэщI щхьэкIэ зыщIыпIэ укIуэнумэ, шууэ фIэкIа лъэбакъуэ пхуэчынутэкъым. Красноармеец-хэм нэхъыбэр гуэншэрыкъ е кIэрэхъ, ящыгъри щIагъуэтэ-къым – джэдыгу пIаргъ. Машинэ сыт жыпIэнущи, дивизэ зэхуашэс къудейм машинэ дэнэ кърахын. Машинэри зыгуэрт – взводыр е хуэпакъым, е Iэщэ къудей кърататакъым. Лъэпкъ зыры-зыххэу зэхэдзащи тIу зэгурыIуэу бгъуэтынукъым, командэ птымэ, дахэ-дахэу къагурыIуэми зыгуэрти.

Казбек ямыIамэ, взводыр гугъу ехьынут, езы Албияни я унэ кIуэжыфыну щытатэкъым. Езы штаб дыдэм укIуэн хуеймэ, узэрыкIуэнур дауэт? ХакIуэ къарэр муращ сытри зи фIыщIэр.

Албиян къэкIуэжмэ, Иринэ лъэк Iкъигъанэртэкъым, и лIым зауэри дзэри щыгъупщэу зигъэпсэхуащэрэт, жиIэу и ужь итт, унэр зэлъыIухауэ, шхын сытхэри хьэзыру къурыригъэхьэлIэжырт. АрщхьэкIэ дуней тыншыгъуэр къыплъысами зауэ зэрыщыIэр, куэд-мащIэ дэкIами, абы кIуэн зэрыхуейр хэт щыгъупщэнт? Я нэхъыфI дыдэу плъагъу цIыхубзым убгъэдэсми, ар уигу икIыну Iэмал зимыIэт.

Иринэ нэжэгужэу зыкъыпфIигъэщI щхьэкIэ, абыи и нэгум ущIэплъэмэ, зэрыгузавэм гу лъыптэрт.

Дапщэщ дыдашыну пIэрэ, жиIэу аратэкъым Албиян зэгупсысыр. Фронтым зэ щыIати, ар зищIысыр ещIэ. И взводыр егъасэ, миномет игъащIэм ямылъэгъуар ядж, пхъэм миномет къыхащIыкIауэ. Iэмалыншэр гугъукъэ. ПхъащIэ гуэр яхэмытамэ, зыри хъунутэкъым. ПхъащIэр IэкIуэлъакIуэу къыщIэкIащ, Албиян ирита эскизым еплъурэ ищIри фIыцIэуи илэжащ, миномет дыдэм зыкIи къыгуэкIыркъым. Губгъуэм иту колхозхэт къахуэзэми, иджыри къэс зым и гум къэкIкъым минометыр пхъэм къыхащIыкIауэ.

– Куэдщ, зауэми и гугъу умыщI. ТIэкIу дигу зэхуэIэфIу дыщIэвгъэс, – жиIэрт Иринэ.

Албиян хуэшэчынт?

Зэгуэр Албиян гуфIэу къэкIуэжащ.

– Матчасть къуата? – жиIэри Иринэ дыхьэшхащ, Албиян зыщIэхъуэпсыр ищIэрти.

– Матчастри зыгуэр хъунщ, – жиIэрт Албиян, – мис, Верховнэ Советым грамотэ къызататащ! Ди взводым япэ наградэ кърататащ. Еплъыт.

Албиян папкэ плъыжьыр зэтрихри грамотэр иригъэлъэгъуащ.

– Еплъ! Итым еджэт: «За успехи в боевой и политической подготовке…» Абы къикIыр пщIэрэ? Си взводыр нэхъыфIым ящыщу аращ…

– Взводым и командирым хуэдэу.

– Ари хэлъщ. Взводыр щыфIкIэ, командирри Iейкъым.

ТIури дыхьэшхащ.

– Сынохъуэхъу, – жиIэри Иринэ занщIэу и нэпсым къызэпижыхьащ.

Данэ цIыкIуи, жинт плъыжьыр щилъагъум, и Iэ цIыкIур къишиящ.

– Нт Iэ, фронтым и кIуэгъуэр къэсащ.

– Приказ щыIэ? – жиIэри Иринэ и лъакъуит Iыр щIэхуным тIэкIут къэнэжар, абы хуэдизкIэ къэщтати.

– Приказ щыIэкъым, ауэ грамотэ щыIэщ.

– ЛIо грамотэ щыIэкIэ?..

– Приказ щыIэ дыдэуи щIы, – жиIащ Албиян и фIэщу, – взводым и командирым ар къыщыжраIэнур сытым и деж? ЗыщIапхъэ псоми ящIа иужьщ. Грамотэм итщ «За успехи в боевой и политической подготовке» жиIэу. КIэщIу жыпIэмэ, итогым дынэсауэ аращ. Итогым дынэсамэ, дзэ гъэсэныр духауэ аракъэ къикIыр? Ар духамэ, мыбы деж дыщIыдэсын лъэпкъ щыIэжкъым, фронтым кIуэн хуейщ.

Албиян жиIэм уемыувэлIэну Iэмал иIэтэкъым, итIани Иринэ идакъым:

– Щыгъэт адэ, нэхъ фытрагъэгушхуэн щхьэкIэ грамотэ къыватынкIи мэхъу. Грамотэмрэ приказымрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ, – жиIэри.

Албиян и фызым едэуэну хуеиххэтэкъым. Иринэ щыуапэми щреуэ.

– Мы зымкIэ дызэгурыгъаIуэ, – жиIащ Албиян, – иджыпсту зи гугъу тщIам утепсэлъыхьу уи жьэм псалъэ къыжьэдумыгъэкI. Укомандир фызщ, военнэ щэхур уи дежкIи щэхущ. Плъэгъуакъэ плакат «Болтун – находка для шпиона» жиIэу?

А жэщым жейм езэгъар Данэ цIыкIущ. Албиян и нитIыр зэтепIауэ хэлът, ДонIуфэ щилъэгъуа зауэр кином хуэдэу и нэгум щIэкIыжу. Уафэри щIылъэри пхузэхэмыгъэкIыу, псыри къэкъуалъэ хуэдэт. Пшэплъым ещхьу бэракъыр Iугъуэм щIахъумэу, гъущIыр зэрышхыу, къызэрыгъачэу, зэныкъуэкъуу, къызэрыгъэплъу гъуэзыр къапихырт. Сэлэтхэм я шырыкъум лъыпсыр из хъуауэ здэкIуэм, лъыкъуалэр шырыкъу лъапщэм къыдрихуейуэ къажыхьырт. Iугъуэм къыхэжар напIэзыпIэм хэлъэдэжрэ, къаукIами сытми умыщIэу, бзэхыу. Псым есу зэпрыкIыну зи хьисэп красноармеец уIэгъэ хъуахэр, нэмыцэр автоматрэ пулеметкIэ къеуэурэ, псым щIрагъэлъафэу. Албиян и нэгум щIэтт банапцIэ тIэкIуу псы нэпкъым тетыр; псы Iуфэм сызэрынэсу а банэ тIэкIум сыхэпщхьэнщи, хэт ищIэрэ, шэ къыстемыхуэм,

псэууэ сыкъелынкIэ хъунщ, жи Iэу лъэкI къимыгъанэу еIэрт. Иджы зы лъэбакъуэ хуэдиз т IэкIу ск Iужыфащэрэт, щыжи Iэ дыдэм Албиян псы Iуфэр къыIэщIыхьащ...

Ростовыр бийм яIэщIыхьэри иужькIэ а къалэм нэмыцэр дахужын щхьэк Iэ хэк Iуэдари мащI эт? Албиян къызэрыфIэщIымкIэ, наццивизэр фронтым яшэмэ, къаплъи-къэдаIуэ, Ростов и гъунэгъуу щызэуэнщ.

Иринэ зиущэхуа щхьэкIэ жейртэкъым. Абы и «кинор» нэгъуэщI т. Абы и нэгум щIэтыр Албиян и дэшыкIэу зэрыдашынур арат. Япэм щыдашам щэ егъэжьэгъуэ ирагъэжьэжауэ щытащ, ирашажьэм къигъэзэжурэ, ирашажьэм къигъэзэжурэ.

Щхьэнтэ щIагъым и щхьэр щIиIуауэ Иринэ хуэм цIыкIуу гъырт.

Пщэдджыжьым Иринэ тIэкIу хилъэфа къудейуэ, Албиян къэтэджри къуажэм кIуащ, и анэмрэ и шыпхъумрэ илъагъужыну. Зэанэзэпхъум дыгъуасэ гукъанэ къыхуащ Iати, Албиян зэрыкIуэжар хъарзынэ хъуащ.

– А си псэр зышхын, а сызрашэкI ыжын, – жиIэри Хьэбибэ къэгуфIащ, и къуэр къэкIуэжауэ щилъагъум. IэплIэшхуи кърищэкIауэ ба хуищIырт, Албиян и шыпхъум сэлам къудей ирыримыгъэхыу, – алыхьыр арэзы къыпхухъу сэ сызэрыпхуэарэзым хуэдэу. Сыту фIыуэ укъэкIуэжа... Пщэдджыжь дыгъэр армырауэ пIэрэ укъэзышэжар? Лъэбакъуэу къэпчам хуэдиз гъащ Iэ тхьэм къуит. Сыт хуэдэ укъызыхэкIари? Фи дежк Iэ укъикIа хьэмэ полъкум укъикIа? Данэ цIык Iуи сыт хуэдэ? Хэт имылъагъунрэт а пцIащхъуэ цIыкIур... а си дуней нэху цIыкIур.

И анэм и IэплIэм къикIыу, и шыпхъум дежкIэ зыщигъазэм, Апчарэ къыщиудри и дэлъхум зридзащ. Сэлам зэрырихынур щыгъупщэжауэ, зыкIэриукIауэ магъ, и .дэлъхум и пщэпкъыр иубыдауэ.

– Сыт фыщIэгъыр. Щывгъэт. Хэт нобэ щIэфлъхьэр?...

– ЕупщI уи шыпхъум, – жиIэри Хьэбибэ нэхъ къэгумэщIащ. И пхъум екIужмэ зэрыфIэф Iыр и макъымкI э къапщI эрт. – Уи шыпхъум л Iы дэкIуэну мурад ищIащ. Къыдэнэжын и гугъэу мэгузавэ. Дыгъуасэ абы къызжиIар зэхэпхатэми!.. Уэ, жи, илъэс пщыкIух фIэкI умыхъуу удэкIуэсащ. Сэри сыдэгъэкIуасэ, жиIэри къызэщащ. Мутай Чокэ къеуэсащ унэми псэуп Iэ къыдитыжыркъым. Обкомым яшати – хэзэгъакъым, наццивизэр къеджати – военнэ щыгъын хуэхъун ягъуэтакъым. Дунейм теткъым ар зэрыхъун, Апчарэ лIы хуэхъумэ хуэхъуащ...

– СыдэкIуэ мыгъуэркъым. Щхьэ сыбгъэбампIэрэ? – жиIэри Апчарэ къыщиудауэ унэм щIэлъэтри шыгъуэгу хадэм илъэдащ.

Албиян кIэлъыжэнут и шыпхъум, ауэ Хьэбибэ идакъым.

– Ягъэ кIынкъым, хъыджэбзыр гъымэ и нэр нэхъ дахэ мэхъу, – жиI эри.– Сыту хъарзынэу нобэ укърихьэлIат уэри. Апчарэ

фермэм макIуэ. Заведыш ящIащ. КъалэкIыхьым окопэ къитIу мазитI щыIати, сыгузэвакъым, езым хуэдэт псори. Фермэм макIуэри – согузавэ. И щхьэ закъуэ и лъакъуитIщ. И щхьэ къихьэр ищIэнущ.

Апчарэ дэкIуэн зэримурадыр и дэлъхум и фIэщ хъурт. Зэгуэр къэкIуэжауэ и шыпхъур мафIэу къызэщIэнауэ къыхуэзат, сыту пIэрэ хъыджэбзым къыщыщIар, жыуигъэIэу. Зэдэлъхузэшыпхъум я закъуэу унэм къыщIэна иужь, Апчарэ джэш Iэбжьыб къипхъуатэри пхъуантащхьэм трилъхьащ, «сыздашэну лъэныкъуэр бжесIэн?» жиIэри. Жылэм джэшыдзу дэсым я нэхъыфIщ жыпIэнт, абы жиIэм уедаIуэм.

Албиян и шыпхъум бгъэдыхьауэ джэшым йоплъ. Модрейми и нэр тенауэ джэшхэр, дэтхэнэр дауэ щылъми, фIамыщI закъуэ хэлъым нэхъ и гъунэгъум, нартыху хьэдзэри зэрыхъуам – псоми мыхьэнэ зырыз яIэщи йоплъ.

– Мис унэ сыздашэнур. Плъагъурэ? Мыр сэращ...

– Уэлэхьи, уоджэгум уэ.

– Сыджэгуркъым, тхьэ, си фIэщщ.

– Укомсомолкэщ, джэш уодз...

– Зэт. Ди анэм джэшкIэ къещIэ псори. Сэ къасщIэ щхьэ мыхъурэ? УкъыщымыкIуэжым ди анэм джэш идзри жиIауэ щытащ, «къаплъи къэдаIуэ, Албиян къэмыкIуэжмэ» жиIэри...

Аращ иджыпсту Албиян и гум къэкIыжар. И шыпхъур, дауи, зыхуеяр и псэлъыхъум и гугъу ищIмэ фIэфIу арагъэнт, джэш идз нэпцI зищIу. Арыншэми езым ищIэжыртэкъэ здашэну лъэныкъуэр? Чопракъыщхьэщ Мутай Чокэ и унэр зыдэтыр. Иджы къытехьэри шыгъуэгу хадэм илъэдауэ магъри итщ.

– Епсалъэ уи шыпхъум, – жиIэу Хьэбибэ и къуэм елъэIурт, – и щхьэм итыр къыпхуэщIэнукъым. Шхуэ пщIэхэслъхьэу шхуэмылакIэр субыдыжын – пэрыIэбапIэ иIэкъым. Зэ фронтым сокIуэ, жиIэри кърихьэжьауэ щытащ, зэ ПВО курс сокIуэ, жиIэри дигъэгузэващ. ПВО курс жыхуаIэри хэт ищIэрэ?

– ЩыIэщ абы хуэдэ курси, аэростат сытхэр я Iэмэпсымэу.

– Тэмэм. Сэри зэхэсхащ. Хъыджэбз цIыкIухэм абы хуэдэ зыгуэр яхьу жьы къепщэри, ерэстату плъагъур яхуэмыубыду зэридзэурэ яIэщIиудри зы хъыджэбз цIыкIу зэрыкIэрыщIауэ иIэтри – бгъуэтым къащтэ. Иджы мес уолъагъу: фермэм сокIуэ, жиIэри иукъуэдиящ.

Албиян и шыпхъур здэкIуа хадэмкIэ кIуащ. Апчарэ псы Iуфэм Iуту хадапхэ дыдэмкIэ щыIэщ, псыIэрышэм и макъым едаIуэ хуэдэу. Псы цIыкIур гъэмахуэм къуэм дэзу къажэрт, Чопракъ къыхэжу. ЩIымахуэ хъуакъэ – нэхъыбэм мэгъуж. ПсыIэрышэр иджы къожэх, нэри пэри ихьу, жыг хадэ щIагъ защIэкIэ.

– Апчарэ! – жиIэу Албиян джа щхьэкIэ – дэнэ, зэхихакъым.

Мы сэ сызыхэт Iуэхум елъытауэ зэанэзэпхъур зыхэтыр

кIэнджэгу хуэдэщ, жиIэу арат Албиян зэгупсысыр. Езы Мутаевым сыту къыгурымыIуэрэ нобэ хуэдэ махуэм абы ухэт зэрымыхъур? Албиян и шыпхъум гъунэгъуу бгъэдыхьащ.

– СыкъыщIэкIуар пщIэрэ, си шыпхъу? – жи Iэри Албиян щыбгъэдыхьэм, модрейм занщIэу зыкъридзащ. Апчарэ и нитIыр абы хуэдизкIэ къилыдыкIырти, Албиян ар щилъагъум, Хьэбибэ жиIар и гум къэкIыжащ: «Хъыджэбзыр гъымэ, и нэр нэхъ дахэ мэхъу» жиIэу.

– Сыт?

– Матчасть къыдат. КъыбгурыIуа?

– Ари зыгуэр хъунщ. Алыхьым и хьэтыркI э, игъащIэкIэ зыгуэр къысхуэпщIэххэну щытмэ, сыздэшэ, Албиян. Сыздэшэ фронтым, – жиIэу и дэлъхум и Iэр Апчарэ икъузырт.

– Сыт жыпIэр зищIысыр?

– Сыхэгъэхьэ уи взводым. Сэбэп сыхъунщ.

– Ди анэм и закъуэ къэбгъанэуи?..

Апчарэ и нэпсым аргуэру къызэпижыхьащ.

– Зэхэпхрэ сэ жысIэр? Миномет къыдатащ, миномет дыдэ. Сэ пхъэм къыхащIык Iауэ зы сиIэщ. Уэ военнэ кружок ибогъаджэ. Ухуеймэ узот, сэбэп фхуэхъунщ. Дэ иджы дыхуеижкъыми, щхьэхуэщ.

– Миномет, жыпIа? – Апчарэ иджыпстущ и дэлъхум жиIам щегупсысар. ИгъащIэк Iэ миномет жыхуаIэр зэригъэщIэну хуэмеиххэми, и дэлъхум и фэеплъу ихъумэнкъэ. – Зи, абы нэхъ дызыхуей сыт IэмэпсымэщыIэ. КхъыIэ, зыми иумыт, дэр фIэкIа. Тхьэмахуэм тIэу зэхуос кружокыр, фочыр, сурэтым деплъурэ, зыдогъащIэ...

– НтIэ, дызэгурыIуащ. Къыпхуэсшэнщ минометыр.

– Чокэ сыкъигъэгугъат фоч къызитынуи, си Iэкъым, жиIэри къыдитакъым.

«Аргуэру Чокэр къыхеIу», – жиIэу Албиян и гум къэкIащ.

Хьэбибэ бжэIупэм Iуту плъэри, зэдэлъхузэшыпхъур хъарзынэу зэпсалъэу щилъагъум, и гур нэхъ тIысыжауэ и Iуэху и ужь ихьэжащ.

Куэд дэмыкIыу Хьэбибэ и гур аргуэру къызэфIэнащ:

– А си Албиян, а си дуней нэху, нобэ хуэдэу уи адэжь и унэ укъихьэжауэ услъагъужыну пIэрэ? – жиIэри, арщхьэкIэ Албиянрэ Апчарэрэ къэкIуэжу я Iэуэлъауэ макъ щызэхихым, гъыным пригъэчащ, жьэгу пащхьэм деж т Iысащ мафIэр зэщIигъэсту: си нэпсыр Iугъуэм къыщIихуа я гугъэнщ, жыхуиIэу.

МафIэр къызэщIэлыдащ. Шэ игъэпщтыну шыуаным иту фI идзар пыIэ хужьышхуэ хуэдэу къыдэк Iуейрт.

## 3. ПАРАД. ДЗЭР МАФIЭГУМ ЙОТIЫСХЬЭ

Нацдивизэр зэрыдашынури цIыхум дэнэ къыщащIа, ар ягъэщэхуу, зым зы псалъи жрамыIа пэтрэ? Хэкур зэрыхэкуу къэукхъуащ, жыпIэнт. Тэрч адрыщI щыпсэуи Чопракъыщхьэ дэсри шууэ, выгуу щхьэхьу Налшык станцым къызэрохь, лъэслъэбыкъыр нэхъыбэу.

Станцыр заборкIэ къэщIыхьащи, и хъуреягъкIэ цIыхур къеувэкIауэ зэхэтщ. Эшелоныр здэщытым и гъунэгъуу Iуагъэхьэр военнэрщ е къулыкъущIэшхуэхэр аращ. Станц пщIантIэ цIыкIум удэплъэмэ, цIыхур Iувщ, машинэу, шыгуу, шыуэ, Iэщэфащэу, Iэмэпсымэу дэтри куэдщ. Ашыкхэр зэтегъэуvауэ дэтщ.

Хьэбибэрэ Апчарэрэ Данэ цIыкIу я гъусэу къакIуэри увыпIэфI къагъуэтащ, – заборым зы пхъэбгъу къыкIэрыудауэ гъуанэщи, ухуеймэ, дэпщыпIэ хъарзынэ и Iэщ. Данэ цIыкIу мызэмытIэу дэпщурэ пщIантIэ кIуэцIым дыхьауэ къаубыдыжащ.

Минометчикхэм ягури яшри вагоным ирашэну я чэзум пэплъэрт. Албиян заборым къекIуалIэурэ Iэджэрэ къэлъэIуащ:

– Фыщымыт мыбдеж. Сабийр гугъу ивогъэхь, фэри гугъу фохь, – жиIэу.

АрщхьэкIэ – дэнэт.

Албиян мэхъущIэ жиIэу зыми и жагъуэ хъуртэкъым. И анэри, и фызри, и шыпхъури, Данэ цIыкIу зэрагъусэу, заборым Iутт, дзэр мафIэгум зэритIысхьэм еплъу. Албиян гъунэгъуу къекIуалIэмэ, «уи анэр къызэрыпхуэарэзыуэ алыхьри къыпхуэарэзы ухъу», «уи щхьэм хуэсакъыж, тIысэ», «узэрынэсу письмо къэптхынщ» жиIэу арат къытрагъазэу-нытрагъазэу щыми жаIэр.

«Эмкэ» гуэрхэр къэсри станц пщIантIэ кIуэцIым дыхьащ. Iэтащхьэхэр къэсауэ арат. Я нэхъыбэр Апчарэ ицIыхурт. Зыр Къул Зулкъэрнейт, республикэм и унафэщIт, лIы сырыхуфэ, военнэ щыгъынкIэ хуэпауэ, и фэкIэ урысым ещхьу. И гъусэр Бахъуэр арат, НКВД-м щылажьэу, ещанэри дивизэм я командир КубанцевкIэ зэджэр арат. Кубанцевыр цIыхум и курыкупсэм итт, Iуэхуу екIуэкIыр абы къыдокIуэкI жыпIэну. Зэ зыр, зэ нэгъуэщI къыбгъэдэлъадэурэ честь кърат, къоупщI, зыхуейр зэхаха иужь, IуокIыжри унафэр ягъэзащIэ.

Красноармеецхэм Iэ дэхьеигъуэ яIэтэкъым, зыкъом зэуэ зэдоIэри машинэшхуэм илъыр зэрилъу платформэм тралъхьэ. Гури шыри аращ. Иныкъуэм шыр яхуэмыкIуэм, едэхащIэурэ вагоным иралъафэ. Старшинахэм, зэрыгъэкIийурэ, я макъыр икIащ.

Апчарэ а къомым еплъмэ, егъэщIагъуэ. Иджыблагъэ парад щащIам, военнэхэр нэгъуэщIу къыфIэщIат хъыджэбзым. Командирхэри красноармеецхэри парадым хэтахэр арауэ пщIэжынкъым.

Парадыр Апчарэ и гум икIыжынкъым. Май махуэу дунейм

и дахэгъуэ дыдэу, жыгхэр къэгъэгъа къудейт. ДэнэкIэ уплъэми удзыпцIэу, уафэр къабзэу, къалэм дэт унэхэми хужьыбзэу сэху текIауэ, паркым ит парашют къелъапIэ лъагэри жыгым къахэпIиикIыу псори дыгъэ нурым хэджэгухьырт.

Жыжьэу уплъэмэ, къуршыр къалэм къеувэкIауэ къеплъ хуэдэт, затхьэщIауэ, къабзэлъабзэу зэщIэупсауэ, я пыIэ хужьхэр дэгъэкIуэтеяуэ. Нэхъ укъехмэ – мэзыр щхъуабзэщ, бгы лъапэр жыг хадэ защIэщи зэщIэгъэгъащ. Жыгым санаторэхэр къыхощ. Япэм а санаторэ дахэхэм цIыхум зыщагъэпсэхуу щытамэ, иджы госпиталь ящIащи, уIэгъэ хъуахэр абы щагъэхъуж, нэхъ зыкъэзыужьхэр хадэм итщ, пхъэ лъакъуэ хъужауэ.

ЛIэуэ щIалъхьэжаи къахокI.

Парад щащIа махуэми, нобэ хуэдэу, цIыхуу къекIуэлIам щIэщIэттэкъым. Псоми я щыгъын нэхъ дахэр зыщатIэгъауэ, хъыджэбзхэм нысащIэм хуэдэу зыкърахыу, щIалэжь цIыкIухэр зэрызехьэу, лIыжьхэр башышхуэ хъужауэ – псори парадым еплъыну къэкIуат, я благъэ, я дэлъху, я къуэш дивизэм хэт-хэмыт жаIэу зыри еплъакъым.

Апчарэ шызакъуэгу цIыкIум ису фермэм къехри пщэдджыжьым жьыуэ я унэ къыIулъэдат, и анэр здишэу къалэм кIуэн и мураду. АрщхьэкIэ Хьэбибэ абы пэплъэу пхущысынт, Данизэт гъусэ ищIри лъэсу парадым кIуат.

Гъуэгум здытетым Апчарэ зиплъыхьырт, и анэр къилъагъун и гугъэу. Псори къалэмкIэ кIуэрт, къалэм къик Iыж зырызыххэ фIэкIа щыIэтэкъым. Къущхьэ фызхэр жэщым гъуэгу зэрытетар нэрылъагъут – ешаелIауэ кIуэрт, я сабий цIыкIухэри я гъусэу. ЩIалэ цIыкIухэр шыд шут, гъуэмылэр яIыгъыу. Пхъэ лъакъуэ гуэр хуэзати, Апчарэ «щхьэ къизмыгъэтIысхьэрэ?» жиIэрт, итIани и анэм хуэзэмэ, «икIыж» жыпIэу дауэ ибгъэкIыжын?

Апчарэ тIэкIу къыкIэрыхуауэ къэкIуат. Дом СоветкIэ еджэу унэ ныкъуэщIышхуэм и пащхьэм деж шыгъажэри, чы еуэнри, нэщанэ еуэнри – псори щекIуэкIырт. Ар яухмэ, парад ящIыну арат. Апчарэ псори фIэгъэщIэгъуэнт.

ЦIыхурIув щхьэкIэ, Апчарэ и шызакъуэгум иувэжауэ псори тыншу илъагъурт. Лъэсхэр, дауи, къехъуапсэрт.

Дыдейхэм ящыщ гуэр сыхуэзащэрэт, жиIэу Апчарэ здэщытым, и тхьэкIумэм къыцырхъащ:

– Аппа! – жиIэу сабий макъ цIыкIу.

КъызэплъэкIмэ, – Данэ цIыкIущ, абы фIэкI АпэкIэ къеджэ щыIэкъым.

Иринэ хъыджэбз цIыкIур иIыгъыу къакIуэу щилъагъум, Апчарэ шызакъуэгум къелъэри и нысэм IэплIэ хуищIащ. Данэ цIыкIуи зыкъридзщ, Апчарэ и пщэм зыкъришэкIри ба къыхуищIащ. Щыми, шызакъуэгум, дэкIуейри иувауэ заплъыхьырт.

Данэ цIыкIу псом нэхърэ нэхъ дэзыхьэхар Апчарэ и шы

джэдууфэр арат. Шагъдий фIища щхьэкIэ, шы увыIар арат. Шыр зэфIэту жейрт, жэщ псом гъуэгу тетати, и пащхьэм илъ мэкъу тIэкIури ишхыртэкъым. Албиян шым тригъэтIысхьэу есати, Данэ цIыкIу «шагъдийм» тетIысхьэн и гугъэу и Iэ цIыкIуитIыр ишийрт, и анэмрэ Апчарэрэ игъэдыхьэшхыу.

– Албиян плъэгъуакъэ? – жиIэри Апчарэ нэхъапэ щIэупщIащ.

– Минометчикщ Албиян. Джигитовкэм хэтынукъым.

Апчари Ирини зыхуейр Албиян шы жэрым тесу утыкум къилъадэрэ сэшхуэ жанкIэ чыр пигъэлъэлъу, нэщанэ еуэми ятекIуэу цIыхур Iэгу ирагъауэу ялъагъуну арат. ИгъащIэми адыгэм хабзэу яхэлъщ щууей ягъасэу. АрщхьэкIэ – неIэмал. Утыкум хуит уамыщIауэ укъилъадэ хъунукъым. Джигитовкэр ямыухыпэу эскадронхэр зэрызехьэ хъуащ, парадым зэрыхэтынум зыхуагъэхьэзыру. Командирхэм щхьэж и увыпIэ къагъуэтыжу, я подразделенэхэр зэрыщытыпхъэу ягъэуву, командэ ятырт. Шы щагъэджэгум утыкум къихьар нэхъ шуууей дыдэхэр built аращ, пщIащхъуэм хуэдэу къилъадэрти, нэр темыпыIэу уанэгум къилъэтыкIырт, «щIым лъакъуэкIэ еIусаи, емыIусаи» жыпIэу, аргуэру уанэгум итIысхьэжырт, е шыр жэрыжэм зэрытету шы ныбэгумкIэ щIэпщырти, аргуэру шэсыжырт. Я благъэ, я лъэпкъэгъу е я цIыхугъэ ялъэгъуамэ, и цIэр жаIэу цIыхухэр зэрыгъэкIийрт, ялъагъур ягъэщIагъуэрт.

Иринэрэ Апчарэрэ я нэр къыихуу плъэрт.

Грузовик машинэ къакIуэрт, зенитнэ установкэ иту – пулеметиплI зэгуэту. Псоми ар я щыпэлъагъути, зищIысыр зыщIэр зырызыххэт. Зы лIыжь гуэрым, упщIэ пыIэшхуэ хъужауэ, пулемет зэгуэтыр щилъагъум, и пыIэ тхьэкIэр дригъэджэрэзеящ, нэхъыфIу илъагъун папщIэ. Абы къыбгъэдэт лIыжьыр, нэхъ хищIыкIыу къыщIэкIынти къэпсэлъащ:

– Ерпланым мыхьыр езыгъэхьынур аращ. Шэр къилъэлъу уафэм теубыди, вагъуэр къещэщэхынщ. Ерплан жыхуаIэр балиипкъым ещхьущ къызэрелъэлъэхынур.

– Догуэ, танкым пэмылъэщыну пIэрэ? Ди къуэш и зы лъакъуэ пымытыжу къэкIуэжащи, нэмыцэр танккIэ къыттекIуэу жеIэ.

– Танкым танк пагъэув, шум – шу, лъэсым – лъэс. Аращ хабзэр.

Топауэ полкри парадым хэтакъым, топ зэрамыIэм къыхэкIкIэ. ТопиплI къудейт яIэри, ар полк хъу хуэдэу утыкум къибгъэхьэмэ, цIыхур дыхьэшхынщ, жаIэри ядакъым.

Иринэрэ Апчарэрэ зэрыгъэгуфIащ:

– Албиян! Албиян! Плъагъурэ? – жаIэри.

Иринэ и хъыджэбз цIыкIур къиIэтри и дамэм тригъэтIысхьащ:

– Мес, уи дадэ. Еплъ! АбыкIэкъым уздэплъэнур? МобыкIэ плъэ!

Данэ цIыкIу и адэр аратэкъым илъагъур, гъуэгум шывей хуабэ телъым бзу цIыкIухэр ежати, арат сабийм фIэгъэщIэгъуэныр.

– Албиян! – жиIэри Апчарэ и макъ къызэрихькIэ джащ, и IэлъэщI тIэкIур игъэдалъэу.

Албиян зэхихщ ари къеплъэкIащ, къыпыгуфIыкIыу, къицIыхужщ къеджари, псоми Iэ къахуищIащ.

Уэрамыщхьэм деж духовой оркестр щытщи, марш щIимычэу йоуэ. Унищу зэтет унэшхуэу плIанэпэм деж тетым балконышхуэ иIэщ. Шыхэр Iэлщи оркестрым щыблэкIкIэ, бгъукIэ зыщIрагъэхыну хуожьэ, шым тесхэм яшхэр ерагъкIэ яIыгъщ. Музыкэ игъащIэм зэхэзымыха шыр убыдыгъуейкъэ.

Балконышхуэм тетщ дивизэм я командирыр, республикэм и унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри я гъусэу. Апчарэрэ Иринэрэ я щхьэ мыгъуагъэ хуахьыжат, Албиян «ди батарее», «ди минометчикхэр» жиIэу и напщIэ телъар щалъагъум. Абы хуэдэ батареет сымылъагъужар, жиIэрт игукIэ Апчарэ, гуитI къудей, уэнжакъым ещхьу самовар зырыз – зыр нэхъ иныIуэу, адрейр мыхьэнэншэ дыдэу бжьамиитI ярыту щилъэгъуам. Красноармеец плIыщI хуэдизи лъэсу гум и ужь иту кIуэрт. Арат батареекIэ зэджэри, я командирхэр шууэ, япэ иту блэкIырт. Албияни абы яхэтт. Езы командирхэм цIыхум къалъагъумэ я гуапащэу зэрыщымытым гу лъыптэрт, къулейсызыфэ ятетт.

Ар къагурыIуэу къыщIэкIынт балконышхуэм тетхэми, абы гу лъызымытэр Хьэбибэу къыщIэкIынт. И къуэр щилъагъум, и нэпсым къызэпижыхьри Албиян фIэкIа абы илъэгъуа щыIэкъым.

Музыкэр щызэхихым, и гур къызэфIэнэпащ. ИгъащIэми абы хуэдэт Хьэбибэ, музыкэ, уэрэд зэхихмэ, и гум щIыхьэрт. Духовой оркестрыр марш щеуэкIэ, Хьэбибэ къэуIэбжьырт. Абы и гугъэщ, музыкэкIэ наццивизэр зауэм Iуашэурэ, мо шуудзэм я джатэр кърапхъуэтауэ нэмыцэр зэхаупщIэтэну. КъыхуэмыщIэр зыт – Албиян и красноармеецхэр лъэсу дауэ зэрыкIуэнур? Шум лъэсыр дэхъурэ?

– Сыту куэдыщи хъурэ, ярэби, – жиIэу Данизэти егъэщIагъуэ, –кIэи пэи иIэкъым. КъокIуэри къокIуэ. КъокIуэри къокIуэ. Дэни къраха абы хуэдиз щIалэ? Псори зэщIакъуа мыгъуэу жаIэрти!

– Зауэр ныбэнэщIщ, си псэ тIэкIу. Зауэ мыгъуэр пхуэгъэнщIын! – жиIэу Хьэбиби дзэм яхэплъэрт.

Парадыр зэфIэкIщ, цIыхур зэбгрыкIыжри щхьэж и къарум къызэрихькIэ тхьэлъэIу тIэкIуи ящIащ. Ауэрэ куэдыщэ дыдэ дэмыкIыу, аргуэру хэкур къызэрыIэтащ. Мы зэм псори къыздэ-

кIуар Налшыккъым, сыту жыпIэмэ КъалэкIыхьым нэсыху станц къэс полк зырыз щитIысхьэрт. ИтIани хэт и къуэш е и дэлъху дэнэ щитIысхьэми псоми тыншу ящIэрти, здэкIуапхъэм кIуащ.

Пэжу, нацдивизэр абы хуэдэу псынщIэу дашын я гугъакъым. Фронтыр махуэ къэс нэхъ гъунэгъу къэхъурт. Ростов адэкIэ дунейкъутэжу зауэр щекIуэкIырт, хъыбару къэIум уедаIуэмэ, уи щхьэфэцым зиIэтырт. Эвакуацэуи къакIуэм щIэ щIэттэкъым. Арауэ къыщIэкIынт нацдивизэр щIепIэщIэкIыр.

Парадым дахэ дыдэу хэта красноармеецхэр, командирхэр нобэ пщIэнтIэпсыр къайхуэхыу зэрызохьэ, зэрогъэкIий. Хъуани зэхыбох.

Платформэр, вагоныр паровозым Iуелъэф, из хъуамэ, нэщI къыIуилъафэмэ, аргуэру из е тез ящI. Машинэм, шыгум я зэхуа-кум ашыкхэр дагъэувэ, къэпхэр дакуэ. Езыхэм я гъуэмылэр, я хьэпшып тIэкIур красноармеецхэм щхьэхуэу ягъэтIылъ.

Дивизэм дзэпщу яIэ Кубанцевым япэрей зауэшхуэ лъандэрэ зыкIэримыха и лъэджажэр мэзу, псынщIэу къекIухьри. Командирым и ныбжьыр илъэс щэ ныкъуэм нэсами аращ, итIани жьыфэ тетщ. И къулыкъум зэрыхэхъуэшхуи щымыIэу куэд щIауэ дзэм хэтщ. Кавалерист бэлыхьу щыт пэтми, щIэныгъэшхуэ иIэу къыщIэкIынкъым, ауэ лъэрызехьэщ, и Iуэхуми фIыуэ хещIыкI. Е джанэм хэлъ орден колодкэхэм къагъэлъагъуэ лIыгъэ зэрыхэлъри, зауэм лIы хуэдэу зэрыщызэуари. Военнэ округыр куэдрэ егупсысащ, нацдивизэм хэт командиру дгъэувын – дивизэр зэхэзышэ лъэпкъым ящыщ хьэмэ хэт дгъуэтми зыгуэр дгъакIуэмэ хъуну, жаIэу. Хэт ягъакIуэми, дивизэр армэ псом хэмыгъуащэу зыгъэзэуэн гуэр хуейт. Iэджэми я цIэ ираIуащ. Дивизэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэхашащи, е адыгэ командир, е къущхьэ командир гъэувын хуейщ, жиIэу зыукъуэдияи щыIащ. АрщхьэкIэ хъун хуэдэ гуэр ягъуэтакъым.

Анатолий Федорович Кубанцевыр а лъэхъэнэм ирихьэлIэу Налшык дэт госпиталь гуэрым уIэгъэ хъуауэ щIэлът. Военнэ округым и штабым Къулым къыхуиIуэхуащ, Кубанцевыр зригъэцIыхуу, ар дивизэм и командиру ягъэувым идэнрэ имыдэнрэ яжриIэну. Къул Зулкъэрней полковникым деж кIуащ, епсэлъащ, бгъэдэсащ. Иужьым штабым я деж телеграммэ иригъэхьащ: Кубанцевыр командиру ягъэувыну оборонэмкIэ комитетыр лъаIуэу.

Къулыр щIепIэщIэкIари мыращ.

ОборонэмкIэ комитетыр зэныкъуэкъурт: нацдивизэ зэхэтшэн хьэмэ зэхэдмышэн, жаIэу. Зэхэтшэнщ жызыIэу зи псалъэ яхутемыкIыр езы Къулыр арат. Абы политикэшхуэ хилъагъуэрт, сыту жыпIэмэ нацдивизэ лъэпкъым я мылъкукIэ зэхашэмэ, советскэ цIыху лъэпкъ псори зэрызэкъуэтыр къегъэлъа-

гъуэ. Нэмыцэр тхэмэ ятхыр арат: советскэ къэралым ухэуэмэ, лъэпкъ зэмызэгъ защIэу зэхэтщи, зэбгрыжыжынщ, жаIэу. Шэшэн-мышкъышхэми, къалмыкъхэми дзэ зэхашэрт. Абыхэм къакIэрыхуну Къулым фIэфIтэкъым.

Нацдивизэ зэхэпшэну зымыди щыIэт. Абыхэм щIамыдэр: зауэр адыгэ зауэкъым е шэшэн-мышкъыш зауэкъым. Къэрал псом я зэхуэдэ зауэщ. Зы лъэпкъ закъуи щыIэкъым зауэм хэмыт. Псори мэзауэ, адэ щIыналъэр я зэхуэдэ адэ щIыналъэщи. Конституцэм итщ: лъэпкъ къэс щхьэж и щIыналъэр ихъумэжу аракъым, атIэ псом я къару зыуэ, ялъэкIыр ящIэу, зэакъылэгъуу бийм поуври зэтракъутэ, жиIэу. Дэ партымрэ правителъствэмрэ ди пщэ къыдалъхьэр гъэзэщIа зэрыхъуным и ужь дивгъэт, дзэ зэхэшэныр генералхэм къахуэвгъани, жиIэу къэувари мащIэкъым.

Зэныкъуэкъум Къул Зулкъэрней ятекIуащ.

Нацдивизэ зэхашэну щызэгурыIуэм, аргуэру зы вопрос къэхъеящ:

– Сыт хуэдэ дивизэ зэхуэтшэсынур – шуудзэ хьэмэ лъэсыдзэ? – жаIэу. АбыкIи псори зэакъылэгъутэкъым. Иныкъуэр дауэрт: шуудзэщ зэхэтшэн хуейр, адыгэр игъащIэм шууейщ, жаIэу. Суворов, Кутузов сымэ я дзэм адыгэ эскадронхэр хэту зэрыщытари я гум къагъэкIыж. ИсториекIэ жыжьэ уIэбэмэ, абы хуэдэ куэд бгъуэтынут, сыту жыпIэмэ Къэбэрдейр илъэс щиплI и пэкIэ Россием хыхьауэ щытащ. Шуудзэр зымыдэми жаIэн ягъуэтырт: иджырей зауэм шум щахузэфIэкIышхуэ щыIэкъым, танкымрэ авиацэмрэ куэдщи шур Iисраф хэхъухьынущ, абы нэхърэ, щымыхъунукIэ, лъэс дивизэ зэхэдвгъашэ, жаIэу.

ЛъэныкъуитIыр зэгурыIуэн хьисэпкIэ Зулкъэрней игъакIуэри Кубанцевыр къригъэшащ заседанэм, госпиталь зыщIэлъым къыщIригъэшри. Полковникыр, дауи, кавалерием и телъхьэт. Шуудзэм я чэзури икIакъым, фронтым румын кавалерие жыпIэми, Венгрым я дзэ жыпIэми, шуудзэ дапщэ ухуей. Абыхэм ебутIыпщ хъуркъэ шуудзэр, жиIэри Кубанцевыр къэуващ. Нацдивизэм и унафэр абдеж къащтащ.

Дзэр зэхашауэ, еуэу ягъасэу зэхэту, Кубанцеври хъужри Iэнат Iэ Iуувэжащ. ДыщэкIыу щыIар къалъыхъуэжри Къулым унафэ ищIащ: икIэщIыпIэкIэ полковникым и Iэщэ-фащэр хуагъэхьэзырыну, ялъэкI къамыгъанэу сэшхуэр, къамэр, бгырыпхыр, уанэр ягъэщIэрэщIэну. Дидан Бекъант уанэр зи Iэдакъэ щIэкIын хуейри, абы ищIа уанэм хуэдэ узэриIэн. Еплъым игъэщIагъуэу уанэ бэлыхь ищIри езы Къулым иригъэлъагъужащ. Дивизэр дивизэ хъун щхьэкIэ куэд хуейт. ОборонэмкIэ комитетым лъэкI къыигъэнакъым. ЩIалэгъуалэ зэхуашэсар иджыри гъэсэн хуейт, арщхьэкIэ фронтыр къэкъутати, дзэр абы фIэкIа бгъэгувэ хъунутэкъым. Езы Къулми нацдивизэм яригъэшхыныр гъуэтыгъуей хъуат, шыIус къудейри имыгъуэту

гугъу ехьырти дзэр дашмэ идэрт.

Кубанцевымрэ Къулымрэ эшелоныр хьэзыр хъуарэ мыхъуа-рэ зэхагъэкIыху, политотделым трагъэувa Хуламбаев Солтан унафэ ищIащ, пIалъэ имыIэу грузовик ягъэуву трибунэ ящIыну. Эшелоныр емыжьэ щ IыкIэ митинг тIэкIу егъэкIуэкI ын хуейт. Вагонхэм, платформэхэм трагъэувэнур трагъэуват, «гъуэгу махуэ» жыпIэу эшелоныр ебгъэжьэн фIэкIа къэмынэжауэ.

Зулкъэрнейрэ командирымрэ мы махуитI екIуэк Iам плIэ къэпсэлъэгъуэ къэпсэлъат, ноби къэмыпсалъэу дауэ хъунт. ЦIыхуу къызэхуэсам зыгуэр яжумыIэу ядэнт. Эшелоным ит Iысхьэнур итIысхьа иужь, станц пщ IантI э кIуэцI ым дэхуэр къыдагъэхьащи, ц Iыхур иувыкIауэ щытщ, гъущI гъуэгум бгъурыту.

Хьэбибэ иджыпстущ и гум къыщыкIыжар: Темыркъан мыгъуэм и шырыкъуитI и карзинкэм илът, и къуэм иритыну къыздихьауэ. А шырыкъуит Iыр шырыкъу угъурлыуэ къилъы-тат, сыту жыпIэмэ Темыркъан ар лъыгъыу дэнэ кIуами лажьи хъати имыIэу къэкIуэжа мыгъуэт. Езыми «шырыкъу угъурлыуэ къыщIэкIащ» жиIэрт. АтIэ, Албиян лъретIагъэ а шырыкъуитIыр. Лъэдакъэ лъагэщ жумыIэмэ, дэбгъуэн щыIэкъым, щI эрыпсщ жыпIэнщ , шырыкъу лъапщэр мэлыдри. Албиян зылъитIагъэм, сантиметритху и кIыхьагъым хэхъуэнущ.

Албияни зэрыщIыкIу лъандэрэ а шырыкъуитIыр блыным фIэлъауэ ещIэжыр. Хьэбибэ зэзэмызэ илъэщIырти, аргуэру блыным фIидзэжырт. Зэгуэр Албиян щитIэгъати, дыхьэшхри зылъихыжащ, ц Iыхубз туфлъэ лъыптI эгъа хуэдэт, лъапэкIэ ущIихуэнут. Хьэбибэ шырыкъуитIыр и къуэм иритащ:

– А си псэр зи къурмэн, мы шырыкъуитIыр уи адэм къыщIэ-нащ. И фэеплъу нэхъ мыхъуми зехьэ, – жиIэу.

Албиян Iихын идэртэкъым:

– Къэгъанэ, ди анэ. Сэ сиIэщ шырыкъу.

– КъеIых, и жагъуэ умыщIу, – жиIэри Ирини елъэI уа и ужь, Албиян шырыкъуитIыр Iихри и красноармеец гуэрым иритащ, «гъэтIылъ» жиIэри. ПщIэну щыткъым абы ухуей щыхъунур.

Станц пщIантIэм командиру дэта къомым ящыщ зым псоми гу лъатат. И лъакъуэ лъэныкъуэр пхауэ, езыми баш зыщIигъа-къуэу, итIани, мыр сыту лъэрызехьэ, лIы псыншIэ, жыуигъэIэу зэ адэкIэ жэуэ, зэми къигъэзэжу, и унафэр кIэщIу, гурыIуэгъуэу, псынщIэуи ягъэзащIэу командирыр яхэтт. Ар полкым и коман-дир къуэдзэт, и унэцIэр Локотошщ. Госпиталым щIэлъати, диви-зэ зэхашауэ щызэхихым, лъаIуэри къагъэкIуащ. УIэгъэ хъуа и лъакъуэр мыхъужыпауэ госпиталым къафIыщIэкIат.

Капитан Локотош дежкIэ Албиян плъэри гушыI э хуэдэу къыжьэдэхуащ:

– Плъагъурэ, ди анэ. Мор зы шырыкъу закъуэм ирокъу. Уэ шырыкъуитI сэ къызэптащ.

Албиян и гушыIэкIэр Ирини игу ирихьакъым. Капитан щIакъуэм и гугъу имыщIын щхьэкIэ, Апчарэ тепсэлъыхьу хуежьащ: фронтым кIуэсэну и мымураду си фIэщ хъуркъым, жиIэу. «Боевая Апчара» жаIэу школым къыдеджэхэм ауэ сытми жаIа фи гугъэ. Ахэр зэпсэлъэху хъыджэбз цIыкIур бзэхащ, зыми имылъагъуу.

Абдеж дыдэм зыгуэрым и макъ зэхахащ:

– Хэт и хъыджэбз цIыкIу ди гъусэу фронтым нэкIуэнур? – жиIэу.

ЗэплъэкIхэмэ, капитан Локотош Данэ цIыкIу иIыгъыу къабгъэдыхьащ. – Фыфей? Фубыд. Зыгуэр къыжьэхэуэнкIэ мэхъу. Шым бгъэдэту къэзубыдыжащ.

– Уа, дакъикъитху пхущысыркъым мыр. Тхьэр арэзы къыпхухъу, – жиIэри Иринэ и сабийр къыIихыжащ.

Локотош IуигъэзыкIыж пэтрэ, Албиян къигъэувыIащ:

– Товарищ капитан. ЗэгъэцIыху си Iыхьлыхэр. Мыр ди анэрщ. Мыр ди унэгуащэрщ. Мори си шыпхъущ. ЗэгъэцIыху. Си шыпхъур хъыджэбз зи шэгъуэщ. Пэжу жыпIэмэ, къылъыхъу гуэри щыIэщ.

Апчарэ плъыжьыбзэ къэхъуащ:

– Щыгъэт, кхъыIэ. Алыхь, зы псэ зыIут къыслъымыхъу! Сыт жыпIэ делагъэр? – жиIэри.

– ЗэвгъэцIыху фэри: капитан Локотош. Куэд щIакъым госпиталым къызэрыщIэкIыжрэ.

– А си щIалэ цIыкIу, – жиIэри Хьэбибэ нэмэзыбзэ къибж хуэдэу къригъэжьащ, – алыхьым и нэфI къыпщыхуэ. Гъуэгуу щыIэм я нэхъ дахэм тхьэм утригъэувэ. Нобэ фыузыншэу фызэрыдэкIым хуэдэ къабзэу, фыкъэкIуэжауэ тхьэм дигъэлъагъу. А зи анэ тхьэ еуа мыгъуэ. Уилъ пщIэкIащ. Тхьэм абы нэхъ гуауэщхьэуэ ухуимыгъазэкIэ. Уи анэр дэнэ щыIэ, ди щIалэ цIыкIу?

– Ленинград.

– Ленинград жыпIа, тIыкIуэ? А зи гугъу пщIы къалэр нэмыцэм къаувыхьауэ жаIэ мыгъуэри. Уи анэ мыгъуэр абы нэс дауэ кIуэфа?

Локотош зыгуэр къеджэри IукIыжын хуей хъуащ, Хьэбибэ зыщIэупщIам и жэуапым нэмысу.

– Къысхуэвгъэгъу, къызоджэ, – жиIэри Локотош ещIэкъуауэу псынщIэу зыIуригъэхащ. Честь зыгуэрым щриткIэ, капитаным и башыр зы Iэм IэщIихти, адрей IэмкIэ иубыдырт, аргуэру зыщIигъакъуэу здэкIуэнум кIуэрт.

Трибунэр хьэзыр хъуащ.

ЦIыхуу къызэхуэсам трибунэр яфIэIуэхутэкъым. Щхьэж и благъэ, и дэлъху, и къуэш къигъуэтыжауэ епсалъэу щытт.

Красноармеецхэр вагонхэм къикIиикIыу, Iэ ящIу къоплъэ. Зенитчикхэр вагоныщхьэм тест, зэзэмызэ уафэм дэплъейуэ. ПулеметиплIу зэгуэтыр и ужь дыдэ ит платформэм тетщ.

Абдежым къыздикIари къыздихуари умыщIэу Мутаев Чокэ къэсащ. Ар псом япэ къэзылъэгъуар Апчарэт. Чокэ куэд щIат къызэрыкIуэрэ, ауэ Хьэбибэ щышынэрти, къабгъэдыхьэн ирикуртэкъым.

ИкIэм икIэжым, Албиян зыкъыхуигъэзащ:

Мэ Чопракъ ауз къыщызгъуэта щтауч, дыуэм хуэдэу зехьэ, ди псы Iуфэр уигу къигъэкIыжу, – жиIэри.

– Мывэр си гуфIакIэ дэлъу. Ара?– Албиян щтауч мывэр къыIихри къыпыгуфIыкIащ.

– Арауи щIы. Ухуеймэ Гитлер и щхьэм уреуэмэ, къелынкъым.

Щтаучым и закъуэтэкъым Чокэ къигъэхьэзырар. Щтаучым зэреуэн гъущI тIэкIуи иIыгъыу къыщIэкIащ.

– Ари сыт зищIысыр?

– Псори узыхуейщ, – жиIэри фитиль хужьи и жыпым кърилъэфащ.

– Щтауч себгъэуэнущ уэ слъагъум.

– ПщIэну щыткъым абы ущыхуеинур. Сеныч щумыгъуэт уихуэмэ е мафIэ щIэбгъанэ мыхъунумэ, мыбы нэхъыф I щыIэкъым. Уэшхи къегъэшх, уэси къегъэс – къыщIэнэнущ. ЖьапщэмИ нэхъыфIыжщ.

Чокэрэ Албиянрэ зэрыIушащ.

– Берычэт бесын. Уэлэхьи, сымыгъэкI уэдын, си къуэшыжь.

– Хьэбибэ, Иринэ, Апчарэ щхьэкIэ умыгузавэ. Си нэIэ ятезгъэтынщ. Сэ сыпсэууэ абы лей къалъызгъэсынкъым. Сыт диIэми, унэкIи, шхынкIи, щыгъынкIи – псомкIи дыздэгуэшэнщ. Письмо хуэстхынщ жыпIэрэ къысхуэптхмэ – уи зы письмо къакIуэмэ, тIу нэстхыжынщ. Тхьэм ещIэ къэхъунур. Си натIэ илъри сщIэркъым. Сэри къызэджэу дзэм сашэнуми хэт ищIэрэ? Сашэми, сызэрымыгузавэр уощIэ. Аращ сызыхуей дыдэр. Ауэ мы-зэкIэ сыкъагъэнащ. Сыту сынохъуапсэ уи гугъэрэ? Упсэууэ укъэкIуэжамэ, абы нэхъ гуфIэгъуи дэнэ щыIэ...

МафIэгум бахъэ зыщIешэ. МафIэгузехуэхэми хьэзыру я щхьэр щхьэгъубжэм къыдагъэжауэ къоплъэ, дапщэщ дежьэну пIэрэ, жаIэу.

– Узыншэу, си къуэш.

– Гъуэгу махуэ, сыхьэтым я нэхъыфIым...

Чокэрэ Албиянрэ IэплIэ зэхуащIыху, трибунэм деж цIыхур щызэхуэсащ. Сигнальщикыр сигнал еуащ. Локотош рупор къищтауэ цIыхур трибунэм къекIуэлIэну лъаIуэрт.

ЦIыхур зэрызекъуэу трибунэмкIэ къеIащ. Хьэбибэ сыми здахьу яхьырт. Ерагъыу грузовикым жьыхамыгуэу къызэ-

теувыIахэщ.

Митингым щIадзащ. КъызэIузыхар Къул Зулкъэрнейщ. И псалъэм кIыхь зригъэщIакъым. Сыт щхьэкIи зебгъэщIын, дивизэм и зэхэшэкIэ хъуар зымыщIэ ини ц IыкIуи хэкум зыри искъым. Къуажэ къэс, колхоз къэс мащ Iэрэ зэхуэса, дивизэм и гугъу ящIу, зыхуэныкъуэр, зыхуэчэмыр зэхуахьэсу. Зыгуэрхэр къэпсэлъэнти, иIэ маржэ, иджы дызыхуейр къызэхэфлъхьэ: щIакIуэ зи Iэм – щIакIуэ, мэлыфэ зиIэм – мэлыфэ, къамэ, бгырыпх, уанэ, шхуэ, нахъутэ, хьэзыр, шырыкъу, лъэпэд, къамышы, лъэрыгъ, пыIэ, сэшхуэ – зи сыт уиIэми къэгъэтIылъ. ИкIи къагъэтIылъырт. ЯмыIэр къагъуэтырт, къамыгъуэтым – етIысылIэрти ядырт, ящIырт. Езыхэр хуэныкъуэ щхьэкIэ къагъанэрэт. Гуэдз зиIэм и гуэдзыр къишэрт, мэл зиIэри арат – лы къаритырт, тхъу, дагъэ, кхъуей – зи къатена щыIэкъым, жаIэр къатащ.

Арат Зулкъэрней иджыпсту зи гугъу ищIри, партымрэ правительствэмрэ я цIэкIэ Къулыр цIыхум ехъуэхъурт:

– Ди къарум къихь къэдгъэнакъым, – жиIэрт Зулкъэрней, – ди щIалэхэм зыхуей ягъуэтын щхьэкIэ, ди дивизэр хуэщ Iауэ фронтым кIуэн папщIэ. Дэ иджыри куэдым дыхуэныкъуэу щытыну къыщ IэкIынщ. Ауэ дивизэм и щIыхуэ къыттенауэ тлъытэркъыми абы дрогушхуэ. ДгъэпщкIуу къыткъуэна щыIэкъым. Фэ нэхърэ нэхъ тфIэлъапIэщ, жытIэу едмыта къэна? МазитхукIэ зы щIакхъуэ Iыхьэр ядэдгуэшу, зы шыуаным ишхыкI бынунэм хуэдэу ди шхын Iыхьэ зэхэлъу дыздэпсэуащ, дивизэр дгъэпIыщIакъым, дгъэмэжэлIакъым, щыгъын хуэдгъэныкъуакъым. Ди гуфIакIэм дэсым хуэдэу дгъэхуэбащ. Дгъэхуэбамэ, дгъэхуэбар ди бынщ, бийм пэуву дыкъахъумэнкIэ дызыщыгугъ ди щIалэхэр ращ.

Нэмыцэ фашистхэр мэпIэцIеиж Москва яубыдыну я хьисэпу. НтIэ, ди гуфIакIэ дэсу тпIа ди дивизэр нобэ зауэм Iуохьэ. Ди гущхьэм и гъунэгъу дыдэу тIыгъа ди зауэлIхэм ящремыгъупщэ ди бэуэкIэр, ди гум и къеуэкIэр. Бийм зевдзауэ фыщезауэм деж ар фигу къэвгъэкIыж, – Къулым эшелоным ис командирхэм, красноармеецхэм я дежкIэ зигъэзащ, и псалъэр абыхэм зэхахмэ нэхъ къищтэну. – Ди къуэшышхуэу фIыуэ тлъагъухэ! Ди гум фыкъыщIитхъыу фыдогъажьэ, сыту жыпIэмэ фыздэкIуэр хьэгъуэлIыгъуэкъым. Зауэм фыдогъакIуэ. Бийм федгъэзэуэну. ЛIыгъэ зефхьэну дыфщогугъ! Ди напэ къэфтхьэщIыну дыфщогугъ! Бийм фытекIуэну, хэвгуэну дыфщогугъ! Нобэ дыхъуахъуэм, ди хъуэхъур зыщ – фытекIуэну, фытекIуэну, фытекIуэну дывохъуэхъу.

Нобэ хуэдэу махуэ дахэуи щрет дыщызэхуэзэжыну махуэри. Ди къалэн дгъэзэщIауэ, ди напэр къабзэу, лIы хуэдэлIу дызэхуэгуфIэу дызэхуэзэну сохъуахъуэ! Ди текIуэныгъэм и саулыкъукIэ – ура! ди Хэкум папщIэ – ура, Сталиным и цIэкIэ –

ура!

Iэгуауэм иджыри щигъэтыжатэкъым, Апчарэ псом нэхърэ нэхъ ину ура щыжиIэм занщIэу Чокэ къыбгъэдэхутащ.

Апчарэ къеплъэк Iыу къилъэгъуа щхьэкIэ, и Iэгу еуэныр щигъэтыртэкъым, Къулым дежкIэ плъэурэ ура жиIэрт.

– Хуламбаев Солтан уи деж сыкъигъэкIуащ, – жиIэри Чокэ мащIэу къеIусащ Апчарэ и Iэблэм. – ЩIалэгъуалэм я цIэкIэ псалъэ тIущ жыIэ. Иджыпсту псалъэ къуатынущ. КъыбгурыIуа?

– Сыт жыпIэр зищIысыр? Сэ сщIэрэ абы жыпIэн хуейр. Си гугъу умыщI, кхъыIэ.

Чокэ IукIыжыну и мурадыххэкъым:

– Райкомым ди унафэу къэлъытэ. Батальоннэ комиссарри къолъэIу. Хуламбаевыр. ИIэт. НакIуэ. ПсалъитI пхужымыIэуи! Уи дэлъхур ибогъажьэ. Абы жепIэр псоми яжеIэ. Заседанэ тщIыху хъарзынэу укъопсалъэри.

А тIури иджыри куэдрэ зэпсэлъэну къыщIэкIынт, Хьэбибэ мыхъуамэ.

– ЛIо, нысащIэ мышынэр мэл щхьэ фIэбзам щошынэ, жыхуаIэм ухуэдэ. Махуэ еным сэ къызжепIэн уогъуэт, иджы жыпIэн умыгъуэту ара? Жылэр зауэм макIуэ. Къэзыгъэзэжынур пщIэрэ? Уи псэр къэпсэлъэн хуейщ, уи гур дэнэ къэна. КIуэ, къыщыпхуагъэфащэкIэ... – жиIэри анэр къыхуилъащ.

– КIуэ, кIуэ. Трибунэм унэсыху зыгуэр къэбгупсысынщ, – жиIэу Ирини тригъэгушхуэрт.

Апчарэ и Iэр Чокэ иубыдри трибунэмкIэ ишащ. АдэкIэ зэрыхъуари зэрыщIари ищIэжыркъым – занщIэу трибунэм къытехутащ. Плъэмэ – езы Къул Зулкъэрней къыбгъурытщ. Дауэ къыщIидзами, сыт жиIами Апчарэ ищIэжыркъым, жейм хэту пщIыхьэпIэ илъагъу хуэдэт.

Гужьея хуэдэу, иджыпсту дыдэ и анэм, и нысэм ябгъэдэту здэщытамкIэ плъащ, арщхьэкIэ ахэр щытыжу илъэгъуакъым, Хьэбибэ сыми трибунэм нэхъ гъунэгъуу къекIуэлIат, Апчарэ жиIэр нэхъыфIу зэхахын папщIэ.

Къул Зулкъэрней жыжьэ къипсэлъыкI хуэдэу и макъыр Апчарэ зэхихащ:

– ЩIалэгъуалэм я цIэкIэ фермэм тет Къэзэнокъуэ Апчарэ псалъэ идот! – жиIэу.

Апчарэ здэщытым щыту плъэмэ – IэлъэщI защIэщ нэхъыбэу илъагъур. ЦIыхубз къомым пилоткэ е упщIэ пыIэ ящхьэрыгъыу цIыхухъу зырызыххэ фIэкIа яхилъагъукIыртэкъым. Апчарэ къыхущIэмыдзэу тIэкIурэ щытащ. ЦIыхур щым хъуат, хъыджэбз цIыкIур зэрыукIытэ, жаIэу.

– Ди зауэлI, ди дэлъхуфIхэ! – жиIэри Апчарэ и нэIущхьитIыр цIыплъ къэхъуауэ къыщIидзащ. Чокэ «нып цIыкIу» уи нэкIущхьэм къаIэт, жиIэу дыхьэшхырт абы щхьэкIэ. – Си дэлъхушхуэ Албиян! – Апчарэ и макъым нэхъ зиIэт хъуащ. – Нобэ федгъажьэ

нэхърэ фыкъэкIуэжу дыкъыфпежьауэ щытамэ сыту ди насыпышхуэт. Иджыпсту зызоплъыхьри слъагъур IэлъэщIыщхьэ защIэщ. Сабиищхьэри абы хуэдэу. ПыIэ зыщхьэрыгъыр зырызыххэщ. ПыIэ зезыхьэфыр зауэм щыIэщ. Фронтым кIуар фи закъуэкъым. Ауэ фэр фIэкIа фронтым нэгъуэщI мыкIуэжу махуэ дыхуэзэну сохъуахъуэ! ФIыуэ зэрылъагъуитI, зэдэлъхузэшыпхъуитI зэкIэрамычу дыщыпсэуну махуэр къэсыну сохъуахъуэ! Нобэ ди гум фыкъыщIитхъыу фыдогъажьэ. Гуауэ мыухыжыр ди гум къинауэ дыкъонэ.

Флъагъурэ, нобэрей махуэр зэрыдахащэ! Дунейм и щыгъын нэхъ дахэ дыдэр зыщит Iэгъащ. Ди хъыджэбзхэми, нысащIэм хуэдэу, зыкърах! Флъагъурэ, къуршхэр иувыкIауэ щытщ. Мис дэри! Фи анэхэр, фи шыпхъухэр, фи нысащIэхэр – дэращ родинэ хъужыр! Бийм дыщыфхъумэ, къэвмыгъакIуэу фиувыкIи фыщыт мо къуршхэм жьыбгъэ къамыгъакIуэу зэрыщытыфым хуэдэу. Дызэревмыгъапхъуэ нэмыцэм, Iисраф девмыгъэщI. Фэращ дызыщыгугъыр. Фэращ къытщхьэщыжыну диIэр. Зэхэфхрэ, Албиян? Зэхэпхрэ, си дэлъхушхуэ? – жиIэу Апчарэ и гур къызэфIэнащ...

КъедаIуэ къомым къахэгуоукIыу Хьэбибэ и макъри къэIуащ:

– Зэхех, си хъыджэбз! Зэхех... жыIэ иджыри! – жиIэу.

И анэм и макъ щызэхихым, Апчарэ и псалъэр IэщIэхуащ. АрщхьэкIэ, жиIэну зыхуеяр жиIати жэрыгъэ защIэкIэ, Iэгуауэшхуэ цIыхухэр къыхуеуэу, Апчарэ трибунэм къехыжри Хьэбибэ сымэ здэщытым деж, къызэщIэплъауэ, и нэкIущхьитIыр дэпым хуэдэу, къэувыжащ.

– ЖысIэнур сщIэркъым жыпIати! Уи жьэ цIыкIум къихьыр сэ сщIэркъэ, – жиIэри Хьэбибэ и пхъум и дамэм теуIуащ. Псом я ужь къэпсэлъар Кубанцевыр арат. Абы жиIэн хуейр нэхъ къэгъуэтыгъуейт. Полковникым къыгурыIуэрт дивизэ хьэзыр мыхъуар, Iэщэ-фащэкIи нэгъэса мыхъуар фронтым щашэкIэ ар гузэвэгъуэм къызэрыхэкIыр. Дауи, ар Iэмалыншагъэм къыщыхахкIэ, а цIыху зэхэт къомыр сыткIэ къэбгъэгугъэ хъуну? Гъавэм цIыхубз фащэри дэкIуэу хэкум я дивизэм ирамыта къагъэнакъым. Дивизэм фи напэ къитхьэщIынщ, нэмыцэм текIуауэ къигъэзэжынщ, жыпIэу къэбгъэгугъэныр и жьэм къекIуэркъым. Кубанцевыр дапщэрэ хуэза дивизэ зэхаша къудейр зауэм Iуашамэ, махуэ зыбгъупщIкIэ а дивизэм щыщ къэмынэу хэкIуадэу! Я номер е я ныпыр къанэми нэгъуэщI къэмынэу. Дэ ар къытщыщIынкъым жыпIэу дауэ пхужыIэн? Мо къызэхуэса къомыр зыхуейр, зыщ Iэхъуэпсыр, къызэрыпщыгугъри аращ – бийр зэтедгъэщэхэнщи Берлин дынэсынщ жыуагъэIэну.

Дивизэм и командирым и псалъэр къригъэжьащ макъ псыгъуэ цIыкIукIэ. Фыз макъым тIэкIу ещхьти хуэбгъэфэщэнутэкъым, Iэ ижьыр абы хуэдизу игъэдалъэрти, и псалъэр зэбгрепхъ жыпIэнт.

– Фэ фи фэ дэкIар историем щыгъупщэнкъым. Абы и хъыбарыр дыщэпскIэ ятхауэ флъагъунщ. Нобэ фэ евгъэжьэ нацдивизэм хэт зауэлIхэм я лъэкI къамыгъанэу, я псэ емыблэжу фэ къахуэфщIар зэрагъэпэжыным и ужь итынщ. ЩIэгъэкъуэн фыкъытхуэхъу, нобэ къэс ди щIэгъэкъуэну фызэрыщытам хуэдэу. Бийр хэдгъащIэурэ и къарур едгъэухынщ, и дыгъужьыгъуэ къызэрыкIам итхуэжынщи идукIыхьынщ. Фыкъытпэплъэ, къэдгъэзэжынщ. Ди текIуэныгъэм папщIэ – ура!.

Аргуэру урамрэ Iэгуауэмрэ фызхэм я гъы- зэщыджэ макъыр къыхыхьэжауэ зэрызехьэшхуэ къэхъеящ. Горнистым и сигналри къэIуащ.

МафIэгури псчэ хуэдэу хъуащ бахъэм щIигъэнауэ, эшелоныр ежьащ. МафIэгу уэнжакъым мафIэ хъуаскIэр къилъэлъырти асыхьэту ункIыфIыжырт. Станцым тета къомыр зэрызехьэрт, мафIэгум кIэлъыжэ хуэдэу.

Нацдивизэр дашащ. Хэт ищIэрэ куэд мыщIэу нобэ дэкIа къомым я письмор мафIэгу уэнжакъым къилъэлъ мафIэ хъуаскIэу Iэрамэ-Iэрамэу къаутIыпщу плъагъунщ. Абыи хэт игъэгуфIэнщ, хэти игъагъынщ.

## 4. ЩЫНЭХУЖЬЫКЪУЭ

Ауз удзыпцIэшхуэм Щынэхужьыкъуэт игъащIэми зэреджэр, ауэ иджы хуэдэу зэи и дуней дахэу щытагъэнкъым. КIэпхын хужь цIыкIухэр яIупхауэ, я Iэлъэщl тIэкIури хужьу хъыджэбз плIыщI фермэм тесщи, уэрэдрэ хъыджэбз макъ цIурэ фIэкIа зэхэпхыркъым. Къущхьэхъу кIуэри къэкIуэжри ЩынэхужьыкъуэкIэ дыхьэурэ, а хъыджэбз къомым яхэмыплъауэ блэк Iыну Iэмал зимыIэщ. Япэм фIамыщауэ щытами, иджы а къуэм «Щынэхужьыкъуэ» фIащынт.

Фермэм тетыр Апчарэт. Районым комсомол пашэу, хъупIэ штабми тету Мутаев Чокэ мащIэрэ къак Iуэрэ, зэ зыгуэр зэм нэгъуэщI гуэр и щхьэусыгъуэу.

ЩIалэгъуалэ фермэм и гугъу ящIу Хьэбибэ зэхих хъуурэ щытакъым. Иджы и пхъум сыт илъэныкъуэкIи чэнджэщэгъу хуохъу, Iэщ и пIалъэ ещIэ, гъэш зехьэкIэ сыткIи и пхъум и акъыл здынэмысым негъэс. И анэм сыт жиIэми Апчарэ йодаIуэ. ПIытIу зыгуэркIэ уеупщIакъэ – учебникыр иIыгъыххэщи, тхылъым щIедзэ. Хьэбибэ имыщIэ гуэркIэ уеупщIмэ, джэш едзри зэрыхъун хуейр къыбжеIэ. Иныкъуэм и Iэпэр ипщурэ абыи зыгуэр кърех. Хьэбибэ и Iэпщэм къыщыщIэдзауэ и дамэпкъым нэс, е и дамэпкъым къыщыщIидзэрэ и Iэпщэм нэс ипщами, жэуапыншэу укъигъанэркъым, абы жиIари ПIытIу жиIам нэхърэ нэхъ пэж хъуауи уолъагъу.

– Къаплъи-къэдаIуэ, мы гъэм выми шыми яху Iумыхыжу гъавэр бэв мыхъумэ, жиIати, мес, зэрыжиIа дыдэу гъавэр бэв

хъуащи, цIыхур ежа пэтми, яхуIухыжыркъым. Гъавэм и закъуэ – фермэм зы жэм теткъым мылъхуауэ, Иджыри жэм лъхуэныр зэфIэкIакъым.

Жэщым угъуэлъыжакъэ, жейм сыхелъафэ щыжыпIэ дыдэм зыгуэр къос: «накIуэ псынщIэу, жэмыр мылъхуэфу малIэ» е «шкIэ мылъхуэс къалъхуащи етщIэнур тщIэркъым» жаIэнщи. Къыщылъэти финарыр пIыгъыу жэм лъхуэщым жэ. Апчарэ фIэкIа зыми ищIэнукъым, жэмыр фIэгъэж, лыр мыкIуэдын щхьэкIэ, жиIэу. ШкIэм и унафэ зыщIын хуейри аращ.

ШкIэ цIыкIур къалъхуагъащIэу кIэзызрэ къэмытэджыфу щылъу, жэм быдзым щIэфыну лъэмыIэсу, къызэфIэувэм джэлэжрэ хьэуазэм хэхуэу дапщэрэ ухуэзэрэ. ШкIэм щIыIэ хыхьэрэ сымаджэ щыхъуи щыIэщ, абдеж зыхуей хуэмызэмэ – упыкIащ. ЩIэ фIэпщыным унэмысу шкIэр малIэ. ПIытIущи, къыпхуищIэнум ущыгугъ хъуххэнукъым.

Мутаев Чоки зы директивэм директивэ къык Iэлъык Iуэу къетх: «Iэщым къащIэхъуэм зы хэвмыгъэкIуэдыкI», «Фронтыр лы хуейщ, фыхуэсакъ», «Сэлэтыр мэжалIэмэ, зэуэфынукъым», «Жэмыр умыгъашхэм, шэ къуитрэ» жиIэу.

Щхьэ дапщэ ппытын хуей, дэтхэнэ мыхъумыщIагъэм папщIи уи щхьэ хэплъхьэнумэ? Зы щхьэ закъуэ пфIэтщи, уи щхьэц къудей бжьыну ухущIыхьэркъым.

Я жей ирикъуу жэмыш хъыджэбзхэр щыжеяр ящыгъупщэжащ. Дыгъуасэ жэмышыр жэм къишу здыщIэсым щхьэукъуэри джэлащ. Ар къэтэджыжыху шкIэми шэуэ жэмым щIэтыр къыщIифыкIащ. Нэхущым деж хъыджэбзхэр, сэлэтхэм хуэдэ къабзэу, къыщолъэтри жэщ хъухук Iэ етIысэхыгъуэ яIэкъым. ДакъикъищкIэ захуапэри пэгуныр яIыгъыу Iуэм макIуэ. КъыкIэрыхуакъэ – къуэды тралъхьэ, псыхьэ кIуэуэ псы пэгунитI къихьыну. Псыхьэ кIуапIэри сыт хуэдэ? Мывэ дэкIуеипIэу лъэбакъуэ щищкIэ уехыу укъыдэкIуеижын хуейщ.

Дыгъуасэ Чокэ аргуэру директивэ къитхащ – «Мэкъуэуэным зыхуэвгъэхьэзыр, нэхъ мэкъуауэфIхэр къыхэфщыпык Iи вгъакIуэ» – жиIэу. «Нэхъ мэкъуауэфIхэр!». Дэнэ ари къыздипхынур? ДаIим жиIэу зыгуэр къатхыху «нэхъыфIыр» жаIэри къатх. Дэнэ къикIыну абы хуэдиз «нэхъыфI»? КъалэкIыхьым ягъэкIуауэ щыIэщ.

Заем жыпIэми – аращ. Подпискэр зэфIэкIакъым. КIэ евмытым, узыр фэттынщ, жаIэри къатх. Псом ящIыIужкIэ, «удз хущхъуэ зэхуэвмыхьэсынкIэ Iэмал иIэкъым» жаIэри тхылъ къатхащ. Ар уфIэмащIэ – «Красный чопрак» зыфIащыну танк колоннэ районым къэтщэхуну унафэ щыIэщи ахъшэр икIэщIыпIэкIэ къыхэфх, – жаIэу ари къаIуэхуащ.

Апчарэ и щхьэр здихьынур ищIэжыркъым. Шызакъуэгум исуздэкIуэм Iурехри мэжейр, здэкIуэри здэжэри имыщIэжу. Албиян и гъусэу фронтым кIуатэмэ, тIощIкIэ нэхъыфIт. Зи-

гъэпщкIуу щхьэ мыкIуарэ? Брезент щIагъым щIэпщхьэрэ иужькIэ Албиян щIэплъэмэ и шыпхъур щIэсу илъагъуу, сыкъихужынт сытми? И гуапэ дыдэ хъунт, тхьэ, фронтым щыпщIэн умыгъуэтын уи гугъэ? Газетым уеджэмэ, фронтым цIыхубз мащIэ щыIэ сытми! Апчарэ фронтым кIуауэ щытатэмэ, дэнэу пIэрэт иджьшсту здэщыIэнур? Албиян письмо къитхащ: «Бдзэжьей къэдубыдурэ уха догъавэри дошх» жиIэу. Бдзэжьей къыщаубыдкIэ, дауи, псы Iуфэ Iусщ. Догуэ, ар мы-Дону уи гугъэ? Донщ, дауи. НтIэ, сеуэу Дон сыкIуэн? Кубанцевыр нэлейкIэ къызэплъат щедгъажьэ махуэм, «дэгъуэу укъэпсэлъащ» жиIэри къысщытхъуащ. Ди анэ мыгъуэр аращ здэсхьын сымыщIэр. Иринэ къакIуэу ди анэм бгъэдэс щхьэ мыхъурэ? Езыри Данэ цIыкIу фIэкIа зыми хуейкъым. Иринэ и фэтэр тIэкIур жыпIэнущи – зи пIызыхын дапщэ ухуей. Одессэ къикIыу эвакуацэ къэкIуам гъунапкъэ и Iэкъым. Хьэбибэ и нэм Данэ цIыкIу щIэлъми къыщIихынукъым. Нанэ нэмэз щищIкIэ а тIур зэуэ дыхьэшхэнщи. Данэ цIыкIу бгъэдотIысхьэри нэмэзлыкъым тесу, Быбэ зэрызищIым ещхьу зещI. Хьэбибэ сэджэм кIуэуэ и щхьэр нэмэзлыкъым зэрытрилъхьэу, Данэ и адэм зригъэщхьу нанэ тотIысхьэри шу хъуауэ тесщ...

Абыхэм егупсысурэ Апчарэ жейм lурех. Шагъдийр хуэмхуэмурэ гъуэгум темыкIыу макIуэ... Шагъдий есэжащ. Япэм трактор бригадэм алащэм псы кърашэу тетащ. Абы шыгухуу иIам шым и фэр ирихырт. Псышэ кIуэмэ, махуэ псом къуажэ гъунэм деж щыт унэжь цIыкIу хэщIыхьа гуэрым ирихулIэрти, езыр унэм щIыхьэрт, шыр бжэIупэм Iумэхыхьу. ИужькIэ шыгухум чэфыжьыр иIэу къыщIэкIыжырти, чнутIыр кърихулэкIыу ирихужьэрт. Гъуэгу иIэтэкъым, вагъэ иIэтэкъым, и занщIэр и гъуэгуу гур ихурт, бошкIэр дрихуейуэ, псыри хьэлэчу дриутхейуэ. Ауэ, пэжщ, иужьым хамутыр пщIэхахрэ уаутIыпщамэ, ухуейм, удзыпцIэм зыхэгъэукIурие, къэтэджыж, пщэдей пщIондэ хъуакIуэ. Иджы Шагъдий зезыхуэр цIыхубз гумащIэщ, къоуэркъым, къыпщосхь, мес, иджыпстуи ешауэ щхьэукъуащ. И щхьэр лъэныкъуэкIэ егъэщIауэ, чнутIри елъэф. Жэщ иIэкъым, махуэ иIэкъым – абы хуэдэщ. Къуажэм икIи фермэм кIуэ, фермэм икIи къуажэм кIуэ. Езыри сыту зэ емышрэ.

Апчарэ здэкIуэм тету, щхьэукъуа е мыщхьэукъуа, и Iэмыщ Iэм Совинформбюром и сводкэр иту газет илъщ, и гум къэкIыр хузэхэмыхыу мэгупсысэ. И нэгум щIэмыт щыIэкъым: полковникыр, и дэлъхур, бдзэжьей къэзубыди я гъусэу, брезент гуэрхэр зралъафэ, газетым еджи яхэтщ. АтIэ езы Апчарэ щхьэ жэмыш хъыджэбзхэм газет яхуемыджэрэ? Фронтым къыщыхъуар егъэщIэн хуейкъэ? Дыгъуасэ хъыджэбз цIыкIу гуэр къеупщIащ, «напряженнэ зауэ» жыхуаIэр сыт» жиIэри. Мынапряженнэу зауэ щыIэ сытми. Езы Апчари Чокэ еупщIати гурыIуэгъуэу къыжриIэфакъым.

Нобэрей газетми итыр аращи – уэ къащIэ Iуэхур зыIутыр. Богучар къалэ деж зауэр щокIуэкI. Хъыджэбзхэм ар яжеIи, «Богучар къалэр дэнэ здэщыIэр? Километр дапщэ дэлъ?» жаIэу къоупщIынщ. Картэ диIами аратэкъэ. Школым зы щIалэ цIыкIу «Богучар сыкъикIащ» жиIэу щIэсат, абы деупщIамэ хъарзынэ-тэкъэ, арщхьа ари дэнэ къипхыжын?

Шагъдий и лъэ макъым еда Iуэт: «ар – аращ», «ар – аращ», «ар – аращ» жиIэ хуэдэщ. Апчарэ жейм хелъэфапэ. Шым гу лъетэ жьыбгъэ щIыIэ къыкъуэуащи. Дунейр щIыIэбжь мэхъу. Къуршым и щIыбагъым пшэ фIыцIэ гуэрэнхэр къыдеху. Шыгухур сыту мып IащIэрэ. Шыр езыр-езыру нэхъ псынщIэу кIуэ хъуащ.

Жьыбгъэм IэщIипхъуэтащ Апчарэ иIыгъ газетыр, и щхьэцри зэхилъэхъащ, уэшх ткIуэпс зырызхэри къызэпхидз хъуащ, Апчарэ къызэщыууэ вожэр иукъуэдия щхьэкIэ, шым зыкIи зыхищIакъым. Ар япэрей шыгухур аратэмэ, уи жьафэр щIитхъат, шхуэIумкIэ уи дзэр Iуиудат.

Пшэр къуэм къыщхьэщехуэ, кIуэ пэтми нэхъ кIыфI мэхъу, уэсыщхьэ къуршхэр щIихъумащи, плъагъуæжыркъым. ЩIыIэ хъуащ. Уафэр къалмыкъ шей зэрыт шыуаным ещхьщ – пшэр зэрызохьэ, хужьри фIыцIэри зэхэту, шейм шэ хакIауэ зэхэмызэрыхьа хуэдэщ. Пшэм гъуабжафи хэтщ, ходжэрэзыхь, уафэм уигъэшынэу зызэщIеуфIыцIэ. Апчарэ къэуIэбжьащ, вожэр еутхыпщI. Шыр арыншэми макIуэ, лъэкI къимыгъанэу. Гъуэгур дэгъэзеигъуэу щытатэмэ, хьэмкIэу жэнт.

Уэшхым къиублащ. ТкIуэпсыр пIащэщ. ЗыхыбощIэ. ЩIакIуэ фIыцIэ ин къытрапIа хуэдэщ. Зыри плъагъужыркъым. Абдежым зыкъызэкъуихри уэ къехыу хуежьащ. Апчарэ къэгузэвауэ зеплъыхь, дэнэ дыкIуэну, жиIэу. Уэм ухэкIуэдэнкIи мэхъу. Гъуэгум пэмыжыжьащэу кхъужьей гуэр щытщ, жьыбгъэм яфыщIауэ. И шым еуэщ-еуэри а жыг щIагъым щIэлъэдащ. Уэ къехым жыгым тхьэмпэу пытыр пегъэщэщ. Иджыри здынэсым нэмыс а жыг тхьэмпэ цIынэ цIыкIухэр шым и щIыбым къытолъалъэ. Къуажэм дэт жыгхэр тхьэмпэ зэрыхъурэ куэд щIа щхьэкIэ, Щынэхужьыкъуэ дэт жыгхэр иджы дыдэщ гъагъэу щыхуежьар.

Бгы джабэхэр хужьыбзэ хъуащ. Дэнэ лъэныкъуэкIи уэшхыпсыр гъуахъуэу къох. Чопракъи, асыхьэту къиуащи, къуэм дэзэгъэжыркъым.

Абдежым Апчарэ и гум къэкIыжащ шкIэщыр къуэ куум зэрыдэтыр. Чокэ мызэ-мытIэу къегиящ: «шкIэщыр е къуэм дэфх, е шкIэм есыкIэ евгъащIэ» жиIэу. Абы ищIэрт япэу уэшхышхуэ къызэрешхыу шкIэр Iисраф зэрыхъунур.

ПIытIу щIыбышэжьыр аракъэ шкIэщыр къуэм дезыгъэщIыхьар. Пэум деж дэтмэ, нэхъ хуабэ-хуабэу шкIэр тыншынщ –

аращ жэуапу къыпахар. И Iэр тедзауэ бланк егуэшри къекIухь, «Iэщ лIар фэр-фэру списать фщIы» жеIэри. Ар Iэщ зехьэкIэ хъун. КъокIуэри шы зытесым къемыпсыхыу и дзэлыфэ етI: «Ей, хэт сызылъысар сэ. СогъэпцI, табличкэ севгъэщIи сывгуэш, армырмэ фэ къомым сэ зыр сыфхуримыкъун» – жиIэу. Хьэбыр-шыбыр. Япэм зым къилъагъу хъуртэкъым, иджы езым фIэкIа цIыхубз зэплъ хъун щымыIэ и гугъэжщ.

Колхозым зоотехник хъарзынэ яIэти, дзэм яшащ. Колхоз Iэтащхьэр ПIытIу тхылъ иIыгъыу хуэзати, еупщIащ:

– Узаочник? Учебник щхьэ пIыгъ? – жиIэри.

– Iэу. Ещанэ курсым сыхэси... – жеIэри модреймипщIыжьыр еупс.

Председателыр абы хуэдизкIэ къэгуфIати, къуэ къыхуалъхуащ жыпIэнт.

– Iэу, дыбгъэунаи. ЗэрыжыпIэмкIэ, уэ практикэм ухуэныкъуэщ, сэ зоотехник сыхуэныкъуэщ. Ара?

– Аращ.

Ар и зоотехник хъукIэу ПIытIу зоотехник хъуащ. Учебни-кым ит псалъэ зырыз къыхиубыдыкIынщи нэмэзыбзэм хуэдэу къибжынщ, зыгуэр хищIыкI хуэдэу цIыхум закъыфIигъэщIын щхьэкIэ.

Сыт жиIэу Апчарэ хуэзэну Чокэ?

А зэр арауэ къыщIэкIынт Апчарэ и удын Шагъдий щызыхищIар. Шыгухур чнутIымкIэ зэпихулэкIыу шым еуащ. Уеблэмэ езы шыр къызэплъэкIащ, къызэреуар и фIэщ мыхъуу. «Мы уае махуэм дауэ гъуэгу утехьэн, уэр бгъэувыIэххэркъэ» жиIэ хуэдэт шым. Апчарэ аргуэру чнутIымкIэ еуащ.

Шызакъуэгум уэр къытелъалъэрт, шыри иригъэтхауэрт. Апчарэ зытес щIакIуэр къыщIилъэфри зытриубгъуащ. Шагъдий и щхьэр егъэсыс, и кIэр егъэкIэрахъуэ, еутхыпщI, уэшхуэ къытехуэху. Апчарэ и мурадым шэч къытрихьэу къызэплъэкIыну хуежьэмэ, хъыджэбзыр еуэрт шыми игъэлъейрт, чнутIым уэм нэхърэ нэхь игъэузырт.

Бгыр зэщIэгъуахъуэу псы уэрыр адэкIэ-мыдэкIэ кърикIыхырт, мывэ инхэр къыщрилъэсэхкIэ къуршыр къигъэпсалъэрт.

Асыхьэтуи пшэр къызыкъуихуа бгыщхьэмкIэ дыгъэр къыщепс хъужащ, тIэкIу-тIэкIуурэ пшэр зэкIэщIихурт, уафэ щхъуантIэр нэхъ ин хъурт. Уэми пичащи уэшхри кIащхъэ мэхъу. Уэр гъуэгум тезу телъщи мэщхъыщхъ, мэлъалъэ, шыр фIалъэкIэ хэувэмэ, шэрхъыр хэлъадэмэ. Хьэуар абы хуэдизкIэ къабзэ хъуащи, бгыр нэхъ гъунэгъуу къэкIуэта хуэдэщ. Бгы джабэм псы лъагъуэ дапщэ къехми тыншу уолъагъу. Къуршыщхьэм телъ уэсыр щхъуантIафэ хъуащи уафэ щхъуантIэмрэ абырэ зэхолъадэ, зэхогъуащэ.

ИщхъэрэкIэ укъеплъыхмэ, пшэм я щыгум укъоплъэри

уафэхъуэпскIыр и лъабжьэм къыщыхэлыдыкIыу къыпфIощI. Къуажэм дэсхэм иджы уафэр ятогъуагъуэ. Хадэр Iисраф имы-щIащэрэт. Сыт жиIэну пIэрэ Хьэбибэ – жыгыр уэм икъутэмэ, бэв хъунщ, жиIэжынкъым.

ИпщэкIэ уплъэмэ, жьэгъум щIэту бэкхъ хужь кIыхьитI уолъагъу, зы унэ цIыкIу я пащхьэм иту. Ар фермэр аращ. Шагъдий, фермэр къыщилъагъум, кIуэру кIуэ хъуащ, и тхьэкIумитIыр тригъэхуауэ. АлейкIэ «шагъдий» жаIэрэ, и цIэм езыр хуэфэщэжын хуейкъэ. Уигу зэрыгъум дыгъу ирокIуэ, жиIэу Хьэбибэ и псэлъафэт. Жыжьэу плъэмэ, жэмышхэр зэрызохьэ, зыгуэр къызэрыхъуар белджылыуэ. Хэт псы Iуфэм Iуту къежыхь, нэхъыбэр шкIэщым деж щызэрызохьэ, зэрогъэкIий, арщхьэкIэ жаIэр Апчарэ зэхищIыкIыркъым. ШкIэ псыфхэр яIыгъыу унэмкIэ мажэ. Апчарэ хуэмышэчыжу шызакъуэгум елъэри фермэмкIэ щIэпхъуащ.

– Къэхъуа мыгъуэр сыт? Къэхъуар сыт, зо?! – жиIэу Апчарэ мажэ.

УщIэмыупщIэми къэхъуар нэрылъагъукъэ.

Азизэ тхьэмыщкIэр и бгым къэс псы мылым хэтщи шкIэ кърихьэхыр къеубыдри псы Iуфэм Iутым кърет. Бэкхъым жэм къамышар щIэтщи зэщIобууэ, я шкIэм бэлыхьлажьэ къазэрыщыщIар псэкIэ къащIауэ. ЩIыIэ пIыщIа шкIащIэ цIыкIухэр зэщIогъуагэ.

Апчарэ къэсыжауэ хъыджэбзхэм щалъагъум, я гур къызэрыгъуэтыжат, арщхьэкIэ абы жиIэм уедаIуэу ущыт хъунутэкъым. Азизэ дэIэпыкъуну Апчарэ псым хэпкIащ. Азизэ, шкIащIэ цIыкIу иIыгъыу здэщытым, цIантхъуэри шкIэри езыри псым ирихьэжьащ. Азизэ ерагъыу къыхэпщыжрэ плъэмэ, шкIащIэр къыдэуей еухыжу псым ехь, Чопракъыпс хихьэным зы тIэкIущ иIэжыр.

– Азизэ, шкIэ къарэр ехь! ШкIэ къарэр! – жаIэу хъыджэбзхэр зэрогъэкIий.

Апчари щIэпхъуауэ мажэ.

Азизэ занщIэу псым хэлъэщ, абы и кум псыр тIууэ зэгуигъэкIыу хэлъ мывэшхуэм щIыбагъкIэ зригъэщIу уври шкIэр къиубыдащ. Ауэ псыр куущи къыхэкIыжыфыркъым. Хъыджэбзыр псым хэдиихьащ, и Iэпкълъэпкъыр къыдэмыбзыжу. ИтIани шкIащIэр псым къыхиIэтыкIауэ иIыгъщ, езым и щхьэц фIыщIэм уэ хэзу хэлъщ. Псыр и жьэм жьэдоуэ.

Апчарэ щIокIие:

– ШкIэр утIыпщ. Иретхьэлэ. Уэ зумыгъэтхьэлэ закъуэ!

Азизэ ар зэхихрэ?

Апчарэ ерагъыу псым хыхьэри шкIащIэр къыIихри ныджэм къытрилъхьащ, Иджы езы Азизэ псым къыхэхын хуейщ. Зы напIэзыпIэм хъыджэбзыр псым ирихьэжьауэ ехь, и щхьэц фIыцIэр псы тхъурымбэ защIэ хъуауэ. Хъыджэбзхэр зэрогъэкIий

я макъым къызэрихькIэ.

– Азизэ етхьэлэ!

– Азизэ! Еууей!

Апчарэ ищIэрт уэшхыпсыр зыдэт къуэм къызэригъэшыр. Щхьэхьу щIопхъуэри псым ихь хъыджэбзым и пэ къолъадэ. Езы Азизи ундэрэщхъуащ, къыхэкIын хуэдэу зищI щхьэкIэ, ищIэр ищIэжыркъым. СыкIуэдащ, ситхьэлащ, жиIэу и нэр щыункIыфI дыдэм, Апчарэ епхъуэри къыхиубыдыкIащ.

– Упсэу, си шыпхъу дахэ! Упсэу си дуней нэху! ЖыIэ зыгуэр, си псэр зышхын, – жиIэурэ Апчарэ едэхащIэрт псы Iуфэм деж Азизэ игъэтIылъауэ. Хъыджэбзхэри зэщIэгъуагэу къэсащ. Апчарэ школым щыщIэсым медицинскэ кружок яIэм искусственнэ дыхание зэращIыр щыригъэщIат. Иджы ар сэбэп къыхуэхъуащ.

Азизэ зыкъищIэжыртэкъым. И нэр зэзэмызэ къызэтрих щхьэкIэ, зы псалъи жиIэртэкъым. Къуршри, псыри – псори хузэхэмыхыу зэщыщ хъуат. Зэ и нэм нэху тIэкIу илъагъумэ, аргуэру кIыфI хъужырт.

– Азизэ! ЗумыгъалIэ. Азизэ! – жиIэу Апчарэ лъэгуажьэмыщхьэкIэ щытщ уэм хэту – искусственнэ дыхание ещI, Азизэ и Iит Iыр зэм ищхьэмкIэ ихьу, зэм бгъурилъхьэжу е и бгъэм трикъузэу.

Модрейхэри къыдоIэпыкъу, Азизэ и щыгъыным псыр къыщIакъузыкI.

– Азизэ! Уи нэр къызэтехыт, дахэ. ТIэкIу къаплъэ! Азизэ...

Апчарэ и тхьэкIумэр триубыдэрт Азизэ и бгъэми едаIуэрт. И гур мащIэу къоуэ. Арат езыри зыхуейр, и гур къыщеуэкIэ псэущ, жиIэу. ТIэкIу дэкIри Азизэ щэху дыдэу зыгуэр жиIащ, жимыIагъэнкIи хъунт, ауэ и Iупэр мащIэу пIэжьэжьати псэлъа я гугъащ. Хъыджэбзхэр къэгуфIащ, Азизэ япхъуатэри унэмкIэ яхьащ, пIэ хуабэм ягъэгъуэлъыну.

Унэм шкIэр щIэзу щIэлът, шхыIэн, упщIэ, бэлъто сытхэр ятепIауэ. Унэ лъэгум имыхуэр гъуэлъыпIэм илът. ШкIэхэр уи гум щIыхьэу буурт, шэ хуабэ ди анэм къыщIэтфыкIатэмэ, жаIэ хуэдэ. ШкIащIэ къарэ закъуэу Азизэ зытекIуадэ пэтар щылът, псэуми мыпсэуми умыщIэу.

Азизи абы хуэдэт – лIа жыуигъэIэу, хьэдэ пэлъытэт. Ерагъыу щыгъын псыфыр щалъэфри, Апчарэ и пхъуантэм къыдаха щыгъын гъущэ щатIэгъащ. Ягъэгъуэлъу щIауфа иужькIэ таблеткэ гуэрхэри иратащ, арщхьэкIэ, сыт ямыщIэми, Азизэ таблеткэр хуегъэлъэтэхакъым.

Хъыджэбз цIыкIуитI къыбгъэдинэщ Азизи, езы Апчарэ шкIэщымкIэ жащ. Бэкхъым здэжэм гу лъитэжащ и Шагъдийр зэрыщIимытIыкIам. Шыр, и щIыбыр дыгъэм иригъэууэ, щытт епэзэзэхыу. Чопракъыпс дунейр икъутэжырт къиуауэ, мывэшхуэ япэм хуэмыгъэхъейуэ щытар иджы зэриудэкIыу, псы щIагъым щIэлъу ехьыр. Мывэм и зэудэкI макъым щIыр догыз.

ШкIэщым псыр щIэуат, хъыджэбзхэм шкIэ закъуэ къэнэжар къыщыхахым. Зыт IэкIу дыдэт псым щI имыгъанэу шкIэщым щыщу къэнэжар. Иджы шк Iэр, сымаджэ мыхъун щхьэкIэ, загъэнщIу шэ хуабэ егъэфэн хуейт. Жэмышхэм шкIэр псым къыхахыху ящIэн хуеяр ящIэрт, иджы ешаелIауэ зэхэтт, Апчарэ сыт жиIэну пIэрэ жа Iэу.

Апчарэ къэдзыхауэ зыкъуигъэщIэнутэкъым:

– Щхьэ фыкъегъыхыу фызэхэт? Фи нэпсыр тIэкIу зэвгъэзахуэ, иужькIи фыхуей хъунуми фщIэркъым.

– Уэ щхьэ угърэ? Уэри уогъ!

– Сэ сыгъыуи? Ар сыту Iейуэ жыпIат! Алыхь, сымыгъ икIи. Си нэпсыр жьым къыщIихуащи аращ, куэдщ, дыгъами дыгъащ. ШкIэр къызэрелыным и ужь дивгъэт. ПIытIу ущыгугъкIэ мыхьэнэ иIэкъым. Къэк Iуэни къэмыкIуэни. Къэк Iуапэми, къыпыпхын щыIэкъым. Жэмым шэ къыщ Iэфшыр шкI эм иревгъэф. Евгъафэ загъэнщIу...

– Планыр-щэ?

– КъикIыр сэ си Iуэхущ. СыкIуэнщ штабми яжесI энщ. Хуеймэ сытреху! Шк Iэр къегъэлын хуейщ.

Жэмхэр зэрыгъэбуурт. Унэм и хъуреягъкI э къеувэкIа я шк Iэхэр ираджэрт. Я шхуэлым шэр щI эзу щIэтти, я быдзыпэм къыпыткIурт. Жэмышхэм я пэгуныр къащтэри жэм къашын яублащ, пэгуныр къагъэпсалъэу.

Ауэрэ Азизэ и Iуэхур нэхъ Iей хъурт. Хъыджэбзым мафIэ къыщIэна хуэдэт, лыгъейр щхьэщихыу. Унэр хуабэ зыщIар аращ жыпIэнт.

«Пщэдей пщIондэ нэхъыфI мыхъумэ, сымаджэщым едгъэшэнщ», – жиIэри Апчарэ абы триубыдащ. Нэху ща щхьэк Iэ нэхъыфI хъуакъым. Азизэ Iуэщхъуу хъуащ, укъищIэртэкъым, бауэкIэщIт.

Абдеж дыдэм ПIытIу кърихьэл Iащ. Шууэ къакIуэу жэмышхэм къалъагъури зэрыгъэгуфIащ. Ар къыумыщIыхуну Iэмал иIэ? Абы ещхь шу нэгъуэщI Чопракъ ауз дэскъым. ЩIыбышэщ, къэбышхуэ и джабэ щIагъым щIилъхьауэ и щIыбым илъу ихь хуэдэщ. Япэм жэмышхэр нэкIи еплъу щытакъым а лIым, иджы, щалъагъум, пежьащ. Зоотехникым зигъэщIагъуэрт. ЗэрыщIыбышэм щхьэк Iэ армэм ямышэу къэнати, укIытэжыртэкъым, щIалэ зыкъизыхым зыхуигъэдэжырт, зэрыщIыбышэр щыгъупщэжауэ. Сэ схуэдэл I Щынэхужьыкъуэ дэс, жиIэ хуэдэт.

Хъыджэбз дахэ къомыр зэрызехьэу къыпежьауэ щилъагъум, ПIытIу нэхъри зыкъыфIэщIыжащ. КъагурыIуа хуэдэщ алыхьым и шыкуркIэ, жиIэри, и пыIэр и натIэм тригъэтIысхьащ. Псори къызэрохь, хэту пIэрэ сызылъагъэсар? Псоми езым къахихыр, дауи, Апчарэт. Ар Чокэ дежк Iэ еплъэкI щхьэкIэ, Чокэ нобэ дашыни, пщэдей дашыни.

Хъыджэбзхэм Апчари яхэтт.

– Фронтовой привет! Псоми зы сэламыжьыфI фызох.

– Хъыджэбзхэм гушыIэ яхэззэгъэнутэкъым.

– ИгъащIэм укъэкIуакъым, тхьэ, нобэ хуэдэу. Сыту Iейуэ дыпхуей! – жиIэри Апчарэ къэпсэлъащ.– Аптечкэ къыздэпхьа?

– КъэхъуаIа? Сэр щхьэкIэ фызэзэуауэ къыщIэмыкI? Хэту пIэрэ текIуар? Сызылъысар къызжефIэт, – ПIытIу шым къемыпсыхыу жиIэнур жиIэрэ ежьэжу и хабзэжьт. Шым къепсыхмэ, ерагъмыгъуейкIэ шэсыжыф къудейт. Адрейхэр «сархъ» жиIэу лъэрыгъым иувэрэ шэсмэ, ПIытIу бэджым ещхьу, шым дэпщеижырт. – Апчарэ, уэра хъунщ къысхуейр, ара?

– Къыпхуейр сэракъым, укъэмывэ, Азизэщ...

– Азизэ, жыпIа?.. Уэлэхьи, ар мыхъуну. Си дежкIэ лъэпкъ псори си зэхуэдэщ, ауэ нэгъуэщIым я бзэ схузэгъэщIэнукъым. Азизэ къэпшэн щхьэкIэ къуэщхьэбзэ зэбгъэщIэн хуейщ. Сабий къалъхумэ, дауэ хъуну? Абы щхьэ фемыгупсысрэ? И анэм къуэщхьэбзэкIэ епсалъэу, и адэм адыгэбзэкIэ епсалъэу, школ кIуа иужь урысыбзэ защIыжу... Ей, ар хъунукъым.

– Ей, уэ урысыбзэ зэгъащIэ, судым уратмэ, сэбэп къыпхуэхъунщ. Уи дзэлыфэ птIыуэ щхьэ укъавэрэ: дыдэпхьэхын уи мыгугъэ. Тлъэгъуащ уэ пхуэдэ. Къепсых, Азизэ сымаджэ лъэрымыхьщ.

ПIытIу ежьэжын и гугъа щхьэкIэ – дэнэ! Унэм щIэмыхьэу хъуну къыщIэкIынкъым.

– Сымаджэ лъэрымыхьщ, жыпIа?

– Псым нықъуэтхьэлэу къыхэтхыжащ.

Къэхъуар хъыджэбзхэм къаIуэтэжащ.

ПIытIу унэм щIыхьэмэ, унэ лъэгум изу шкIэр илъщ, кIуапIи жапIи имыIэу. Ар щилъагъум, и дыхьэшхын къэкIуат. Азизэ хьэдэм хуэдэу пIэм илъщ, и нитIыр зэтепIауэ. Хъыджэбзым и натIэм теIэбати, ПIытIу къэщташ:

– ИкIэщIыпIэкIэ дохутырым фшэ, – жиIэри.

ПIытIу нэгъуэщI узэрыщыгугъын дунейм теттэкъым. Арат абы хищIыкIыр.

Апчарэ зоотехникым зыгуэр къыпихмэ, фIэфIт:

– ШкIэм мастэ хэIу, зимыхъуми...

АрщхьэкIэ зоотехникым шприци ампули иIэ дунейм теттэкъым. ПIытIу Апчарэ лъэныкъуэкIэ Iуишри хуабжьу игъэщэхуу письмоушхуэ гуэр къритащ, пэшот плъыжь тегъэуауэ.

– Уэр фIэкIа мыр зытезычыну лъэкIыныгъэ зиIэ щыIэкъым. КъыбгурыIуа? Мэ бланк зыбжани, псэхэлIэ хъуа Iэщыр списать щIы.

Абы фIэкI хэмылъу ПIытIу шэсыжри бгъуэтым къащтэ – ежьэжащ.

## 5. УДЗ ХУЩХЪУЭ

Абы хуэдизу игъэщэхуу зоотехникым Апчарэ кърита пакетым итар директивэщIэт, «БотаникэмкIэ езыгъаджэхэр къэвгъэсэбэпурэ удз хущхъуэ зэхуэфхьэс» жиIэу арт. Апчарэ удз хущхъуэм зыри хищIыкIыртэкъым, ауэ и нысэ Иринэ медтехникум къиухащи абы хещIыкI, жиIэри Иринэ зыхуигъэзэну мурад ищIащ. Тимуровскэ командэр школым щызэхуашэсыну ягурыIуэри езы Апчарэ тридзэри Налшык кIуащ. Зэрынэсуи и нысэр къигъуэтри хъарзынэу гурыIуащ Данэ цIыкIу Хьэбибэ къыхуигъанэу, Иринэ тимуровскэ командэм ящIыгъуу удз щыпэ кIуэну.

Хьэбибэ ар зэрызэхихыу, и дуней гуфIэгъуэу, куэбжэм деж увауэ щытт, Данэ цIыкIу дапщэщ къэсыну пIэрэ, жиIэу. Иринэрэ и сабиймрэ къакIуэу щилъагъум, урысыбзэри адыгэбзэри зэхитхъуэ-зэхипщэу хуежьащ.

– А си пцIащхъуэ цIыкIу, а си внушкэ цIыкIу. Къажэ мыдэ скорэ. Нанэ абнимай къыхуэщI, – жиIэу.

Хьэбибэ урысыбзэр къемэщIэкIырт, армыхъумэ куэд жиIэнут.

– А ту-ту-ту, внушкэ хорошо, а лю-лю-лю, Даночкэ большой, си нэм и нэху.

Ирини къэпIащIэу къокIуэ. Данэ цIык Iу пэнцIывкIэ щIехуэ жыпIэну, и Iэ цIыкIуитI ыр иIэтауэ къожэ. И анэшхуэр, жи Iэр къыгурыIуапэу щымытми, фIыуэ елъагъу. Зэгуэри анэм еупщIат: «Мамэ, бабушкэм жиIэр къыбгурымыIуэу щхьэ псалъэрэ?» – жиIэри. «Бабушкэр зэрыпсалъэр урысыбзэкъыми аращ», – жиIат и анэми, сабийр игъэгупсысащ.

Хьэбибэрэ Иринэрэ я гур тIысыху зэпсэлъэн я мураду зэбгъэдэтIысхьащ. Хьэбибэ урысыбзэу ищIэм хуэдиз и нысэми адыгэбзэу ищIэрти – зи щIыхуэ къатенакъым. Щхьэж ищIэр жиIащ, псалъэр яхуримыкъумэ, Iэпэтэрмэш защIу. Ари къемэщIэкI мэ, я Iэ-я щхьэр зыгуэру ящIу.

А тIур зэпсалъэу щысыху, Дани пщIантIэм дэлъэдауэ джэдджьей кърехуэкI. Джалэу-къэтэджыжу джэджьей цIыкIухэр къиубыдын и гугъэу къежыхь. Джэдкъуртым ар идэнт? ЗанщIэу зыкъигъазэри сабийм къеуIуащ. Хьэбибэ ар щилъагъум, чы къищтэри щIэпхъуащ, джэдкъуртыр Iуихужри хъыджэбз цIыкIур унэмкIэ ишащ, шатэ щIэгъэпщтхьа кърityну. Дыгъуасэ шэ щигъэпщтам чэщей бжэмышхым иришэкIщ шатэри игъэгъущащ.

Албиян абы хуэдэ шатэ фIэфIIейуэ щытати, Дани хуигъэтIылъащ. Хьэбибэ жэм иIэ хъуащи махуэ псом ищIэн егъуэт, шатэ трех, кхъуей хех, гъатхэр къэблагъэмэ, къундэпсо игъэувыну чеишхуэ къигъэхьэзыращ.

Пщэдджыжьым Данэ къэушатэкъым, щIалэ цIыкIу къомым

я уэрэд макъ щызэхихам. Удз хущхъуэ къащыпыну тимуровскэ командэр къежьауэ арат. Школым и директор Василий Захаро-вич, гукъыдэмыжу хэлъ пэтрэ, къэтэджри командэр Иринэ деж къиишащ.

*Уафи щIылъи ирехъу е тенджызи, –*
*Бийм дытеплъэм удын дэ етхынщ...*

А уэрэдыр цIыкIухэм езыгъэщIар езы Василий Захарович ищIэртэкъым, къуажэм дэт пехотнэ училищэм щIэсхэр армырамэ.

*Зауэр къэхъумэ, пщэдей дыхьэзырщ...*

ЦIыкIухэм къазэрыфIэщIымкIэ, ахэр удзыхьэтэкъым здэкIуэр, зауэм кIуэ хуэдэт. ИкIи абы нэхъ яхуэфащэр Албиян командиру яIамэ арат. ЩынэхужьыкъуэщыкIуэкIэ зышэнур Хьэбибэ и урыс нысэр арати, яфIэфI дыдэтэкъым. ИтIани хэт ищIэрэ, Иринэ Албиян хуэдэу командэ итыфынкIи мэхъу.

Василий Захарович куэд щIауэ къуажэм дэст, япэ дыдэ школ къыщызэIуаха лъандэрэ. Щынэхужьыкъуэ и хъыбар цIыкIухэр езыгъэдэIуар арат. ЩIалэ цIыкIухэм къазэрыфIэщIымкIэ, а къуэр щхъуантIагъэ защIэщ, удзыпцIэм дэнэкIэ уплъэми щынэ хужь защIэ хэзу хэту. Зи узыхуей дыдэр къэубыд. Щынэхэр зэи сымаджэ хъуркъым, удз хущхъуэ защIэщ хъупIэм итри. Иджы абыхэм яшх удз хущхъуэм щыщ фронтым ирамыгъашэу хъунукъым – уIэгъэ хъуам, ар хущхъуэу ирахьэлIэн хуейщ. Щынэ хужьхэри зрикъун удз къагъэнэнщ, псори къурачынкъым.

Василий Захарович зэрыжиIам хуэдэу, псоми я бгырыпхым крушкIэ зырызыххэ кIэрыщIащ. Удз къыщащыпынур Апчарэ и фермэм дежщ, шэджагъуашхэ фермэм, техьэнщи шэ крушкIэ зырыз къратынущ. А крушкIэхэм я пIэкIэ пIат Ironташ зырыз е гранатэ зырыз здащтамэ, нэхъ ещхь хъунут. УимыIэр гугъукъэ. Мыр я япэ ежьэгъуэу йожьэ, иужькIэ гранатэ ягъуэтынкIэ мэхъу.

Школым и директорыр гуфIэу ядэкIуэн мыгъуэт, и гур узырти тIэкIу икIумэ, къоувыIэри щытщ. Хьэбибэхэ я куэбжэм къызэрысу мыт Iысу хъуакъым. Щынэхужьыкъуэ куэд щIауэ кIуэжатэкъым. Абы тIэкIу къыщыпкIухьыныр куэд и уасэти.

ЩIалэ цIык Iухэр къэкIуауэ Иринэ къыщищIэм, хьэзыру я унэм къыщIэк Iащ. Хьэбибэ абы и гъусэщ.

– Мыращ Щынэхужьыкъуэ фызышэнур, тIысэ. ЖиIэм федаIуэ, фымыкъуейщIей, – жиIэри Василий Захарович школымкIэ игъэзэжащ, тимуровецхэр ежьэным пэмыплъэу. Iуэху блэкI иIэ хъунт.

ЦIыхубз сырыхуфэу ИринэкIэ зэджэр щIалэ цIыкIухэм ягу ирихьатэкъым, ней-нейурэ еплъырт, мыр командир тхуэхъун, жаIэу. ЦIыхубз нащхъуэ пэтIинэр Мэзкуу къикIауэ къыщащIэм,

нэхъ я гуапэ хъуащ, столицэм и гъунэгъуу псэууэ къыщIэкIынщ, жаIэу. Уеблэмэ зыгуэрым зыпхыжиIыкIащ: «Ворошиловым къи-гъэкIуащ», – жиIэри. ПэжынкIи хъунущ, езы Василий Захарович къишащи.

Иринэ сабийм яхэтурэ есати, сабийм я пIалъэ ищIэрт. ТIурытIурэ зэбгъурыту игъэуври военнэ уэрэдыр жаIэу ежьащ.

Къуажэм хьэуэ дэсыр къызэщIэващ, сабий уэрэд макъ щызэхахым. ЩIалэ цIыкIу дыдэу Iэджи уэрамым къыдэлъэдащ, тимуровецхэм къехъуапсэу, я гугъэт ахэр зауэм к Iуэуэ.

Хьэбибэ я куэбжэм деж щыту куэдрэ кIэлъыплъащ Иринэ. Япэм и нысэм бэлыхьу тригъэлъар и гум къэкIыжауэ хущIегъуэжат. «Сыту цIыхуфIу къыщIэкIа, ярэби, сытуи хуэмыфащэ есха», – жиIэрт игукIэ. Хьэбибэ и закъуэт? Апчари игъэшынэрт и нысэр, адыгэ хабзэ щымыIэм я гугъу ищIурэ. Иринэ дэнэ щищIэнт – жиIэр и фIэщ хъурт. Апчарэ зэрыжиIэмкIэ, зэанэзэпхъум я нысэр ягу иримыхьмэ, дахужу нэгъуэщI кърагъэшэным тIэу еплъынукъым. Абы жиIэр щIыжиIэри гурыIуэгъуэт – Хьэбибэ и нысэр игу ирихьыртэкъыми арат.

Зэгуэр Хьэбибэрэ я гъунэгъу фыз Данизэтрэ зэпсалъэу Апчарэ зэхихат, тIуми я лIы дэкIуэкIэ хъуар я гум къагъэкIыжу зэрыгъэдыхьэшхырт:

– Уа, мы зыр къызгурыгъаIуэт, – жиIэрт Хьэбибэ, джэш идзу здэщысым. – Урыс хъыджэбзхэм я Iупэр нэхъ махкэу пIэрэ – си къуэм адыгэ щхьэ къимышарэ? Нобэ сымаджэ сыхъурэ сыгъуэлъым, дауэ сыгурыIуэну си нысэм: псы жысIэрэ селъэIумэ, жэхапхъэ къуиту? Езым ди бзэ ищIэркъым, сэ езым и бзэ сщIэркъым...

– Алыхьыр си бийщ, бзэмыIу нысэ си унэ къыщIэзгъэхьэмэ, – жиIэу Данизэти къызэрыкIат. – Си Чокэ мыгъуэ, ин хъуа хуэдэу щытми, иджыри щIалэщ, делэщ. Къишэн хуейр абы ищIэрэ? Сэ къезгъашэр къишэнщ. Албияни ар къуищIэ мыгъуэрэт, Темыркъан тхьэмыщкIэр псэужатэм? БутIыпщащ уи къуэр, Хьэбибэ, бутIыпщащ...

Темыркъан и цIэр зэрызэхихыу, Хьэбибэ джэш дзыныр щыгъупщэжащ.

– Псалъэ узыншэщ жыпIэр, Данизэт. Темыркъан и ахърэт нэху ухъу, мызэ-мытIэу жиIэрт: уи быным яхуэсакъ, уи быныр бутIыпщынщи къомыдэIуэж хъунщ, уи псалъэ шывей Iэтэм ещхьу ебакъуэрэ ежьэжу. Ыхьы, абы жи Iам дыхуэзакъэ? Ари блэкIа Iуэхущ иджы. Мес сабий цIыкIу яIэщи – жэнэтбзу цIык Iущ. Тхьэм къигъэхъу. Уи Чоки хъарзынэщ. Район псом я пащхьэм итщ. ЦIыху къыхэкIащ.

Ар зэхиха иужь Апчарэ и щхьэм къихьащ и нысэр игъэщтэну. Зэгуэр зыхуигъазэщ Ирини хабзэ щымы Iэр къигупсысри иригъэдэIуащ, и нэгу щIэкIа хуэдэу тхьэлъанэ ищIу.

Зыгуэрым фыз къишат, жи. И анэм деж къишэри къыжриIащ: «Мис, ди анэ, уи нысэр, уи жьэгу пащхьэр зэптын хуейр

мыращ» – жиIэри.

И анэри еплъщ-еплъри и нысэр хъун хуэдэу къыфIэщIакъым. И къуэр ежьэри зыщIыпIэ к Iуауэ, и анэр колхоз председателым елъэIуащ: «Мыращ, моращ, щхьэл сымыкIуэу хъунукъым, гу зэщIэщIа къызэт». Гур къакIуэмэ и нысэм и хьэпшыпыр ирилъхьэри и щIыIум езыри тригъэт Iысхьэжащ. Къалэм нэсри, мафIэгум билети къыхуищэхуащ:

– Иджы итIысхьэ маф Iэгум. Унэ фиIэу къыщIэкIынщи, фи унэ зегъэхьыж. «Щхьэ укъэкIуэжа» жаIэрэ уи адэ-анэр къоупщIмэ, «я Iугъуэм си нэр ирифырти къэзгъэзэжащ» жыпIэнщ, жиIэри и нысэр иригъэжьэжащ.

Иринэ щIэупщIащ:

– «Я Iугъуэм си нэр ирифырти» жыхуиIэр сыт? – жиIэри.

– Ягу иримыхьауэ аращ.

Апчарэ и нысэм еплъри, къэгузэвауэ щилъагъум, нэхъри къыщIигъуну хьэзырт.

– Уэ билет къудей къыпхуамыщэхуми хъунущ. Унэчыхьыншэщ.

– Сыт щхьэкIэ?

– Зи щхьэкIэр аращ. Молэм фи нэчыхь итхакъым. ИкIи итхынукъым. Уэ учыристанщ, Албиян муслъымэнщ. Нэчыхь птхы хъунукъым.

Иринэ ар щыгъупщэнт. Япэ зэрыхуэзэу и лIым жриIэжащ. Албиян абы хуэдизкIэ къэгубжьати и шыпхъум ещхьэфэуэным тIэк Iут къэнэжар. И анэр зэрыщысу игъэшынащ:

– Иджыри апхуэдэ зыгуэр жыпIэнщи, уи щхьэр супсынщ, – жиIэри. – КъэкIухь щхьэбалыджэу. Хъыджэбзым и щхьэр яупсмэ, абы къикIыр Апчарэ ищIэрт. ЦIыхухъур лIыгъэншэу къалъытамэ, япхырти лъэмыкIыу и пащIэр яупсырт, щхьэбалыджэ уащIмэ, абы хуэдэ гуэрт къикIыр.

Апчарэ, «къысхуэгъэгъу» жиIэу, и нысэм елъэIужа щхьэкIэ, нобэ къыздэсым адыгэ хабзэм щошынэ...

Тимуровецхэр, я уэрэдыр щIамыгъачэу, ипщэкIэ дэкIуейрт, абы якIэлъыплъу Хьэбиби плъэрт, Iэджэм егупсысу.

Иджыри щытынут, Данэ къэушу и гъы макъ къэмыIуам. Хьэбибэ псынщIэу къигъэзэжри унэм щIэлъэдэжащ, дыгъуасэ игъэхьэзыра шатэ щIэгъэпщтхьар хъыджэбз ц IыкIум иритыну.

Ирини и гъуэгум тету къуршымкIэ макIуэ, Чопракъ ауз дыхьауэ. ЦIыкIухэр емышын щхьэкIэ зыми кърригъэжыхьыркъым.

– Ди нэгу зедгъэужьыну аракъым къуршым дыщIэкIуэр, – жиIэрт Иринэ, щIалэ цIыкIухэм къуейщIей зырыз къахэкIмэ, – уIэгъэ хъуауэ мащIэ къытпэплъэрэ, дапщэщ къытлъэIэсыну хущхъуэр, жаIэу? Къэвжыхьмэ, фешынщи, удзи вгъуэтынкъым, – жиIэрт.

Гъуэгур тIу иращIыкIа иужь етIысэхахэщ, тIэкIу загъэ-

псэхуну. Удз къагъуэтын хуейхэр зыхуэдэр яригъэщIэну къы-щIидзащ, тхылъым ит сурэтхэр къаригъэлъагъуурэ. СурэтымкIэ узыхуей удзыр къэгъуэтыгъуейт.

Сабийм ягу ирихьат удз гъэгъауэ уэзджынэ цIыкIу куэд зым нэхърэ адрейр нэхъ цIыкIуу къызыпылэлыр. Ищхьэм итыр гъэгъауэ и щIагъым щIэтыр щхъуантIабзэу зэрыщытт. Удзым къыпыкIам уеплъмэ, жьэжьей цIыкIум ещхьт, зыгуэрым зэгуиуда хуэдэу.

Иринэ къаригъэлъэгъуа къэнтIопIыр удз хущхъуэм ящыщу хэт и гугъэнт? Къуажэм дэнэ деж куэншыбыжь ирадзми къэнтIопI къыщокI. Абы пыт уэзджынэ щIыхуфэр гъэгъэным нэмысауэ къыпыпчу бгъэпщрэ уи натIэм уреуэм, фоч уам хуэдэщ. Джэдхъурсанэри аращ. Куэншыб идзыпIэм къыщокI. Удз зэмылIэужьыгъуэхэр Иринэ къарегъэлъагъу:

– Iэщ хъупIэм къыщокI, – жиIэу.

Удзхэм фIыуэ хищIыкIыу Иринэ гу щылъатэм, щIалэ цIыкIухэр нэхъ нэлейкIэ абы еплъ хъуащ.

Гъуэгум уздытетым зэ зыр зыщIыпIэкIэ жэрэ удз къихьу, зэ адрейм нэгъуэщI удз къифыщIурэ, мычэму цIыкIухэр зыгуэрым щIэупщIэрт, удз хущхъуэ фIэкIа къэмыкIыж я гугъэу, мащIэ-мащIэурэ гу лъамытэххэу Щынэхужьыкъуэ дэт Апчарэ и фермэм нэблэгъащ.

Абдежым зыми ягу къэмыкIа ялъэгъуащ. Къуршым къыщхьэпрыкIыу кхъухьлъатэ къакIуэрт. Тимуровецхэр дэплъейуэ зэхэуващ. «Военнэщ» жиIэри къызыгурыIуэ гуэр къэпсэлъащ. Летчикхэм загъасэу ара хъунщ, жызыIаи къахэкIащ, сыту жыпIэмэ къуршыщхьэм кхъухьлъатэ къыщIэкIуэн щыIэтэкъым. И дамэм дамыгъэ сыт тету плъагъуртэкъым, лъагэу лъатэрти.

Асыхьэту уэгум тхьэрыкъуэ хужь из хъуа хуэдэт. Е удз гъэгъа хужь зыгуэрым дрипхъея – пщIэну щыткъым. Кхъухьлъатэм и ужьым данэ гуэлмэдын хужь къинащ жыпIэнт. Ауэрэ гуэлмэдыныр зэпкърылъэлъа хуэдэу къыпфIощI. Точкэ хужь къомыр зелъатэуи уолъагъу.

– Листовкэ! – жиIэри Иринэ псом япэ гу лъитащ. – Хэт ар зытрипхъэри? ДэнэкIи къуршщ. ХъупIэм Iэщыхъуэ фIэкIа зыри щыIэкъым.

ЩIалэ цIыкIухэр зэрыгъэгуфIауэ зэрызохьэ. Долъей, къолъых, листовкэхэр зэхуахьэс. ТхылъымпIэ къелъэлъэхыр жьым зэрихьэу къохуэх, аргуэру жьым епхъуэтэж. Иринэ якIэлъыджэ щхьэкIэ къамыгъанэу, цIыкIу къомым, джабэм кIэрылъэдауэ, къажыхь. Удз хущхъуэ къыщыкIыр летчикхэм дагъэлъагъуу аращ, си къуэш, тхылъ къыщIрадзыхыр, жиIэри щIалэ цIыкIу къэщIэрей гуэр къэпсэлъащ.

Иринэ зы листовкэ къиштэрэ еджэмэ, и лъакъуэр щIоху, къэуIэбжьащи. Тхылъ къарапхъыххэр фашист листовкэу къыщIокI.

– Письмо къытхуагъэхьащ, – жиIэу етхуанэ классым щIэс Нащхъуэ мэкIий.

– Хэт и письмо, къызэхуэфхьэс псори мыдэ! Зэхэфхрэ? Зи листовкэ къэзымыхьыр здэсшэнукъым Щынэхужьыкъуэ. ИрекIуэж я унэ! Фашист листовкэщ ар! КъывгурыIуа? – жиIэу Иринэ гузавэу къежыхь.

– МафIэ дывгъэщIи дывгъэгъэс, – жиIэри Нащхъуэ къэгуфIащ. – Сеныч хэт иIэ?

Абдежым сеныч зи жып къизыхыр тутын ефэу арати, зыIыгъми къуитынутэкъым. Тутын ефэр езым ящ Iэжыртэкъэ, сеныч зыIыгъри къаумысащ, зыгуэрым и пыIэ тхьэкIэм дэлът.

Листовкэ къомыр зэхуахьэсырт. ЩIалэ цIыкIухэм урысыбзэр щIагъуащэу ящIэртэкъыми, абы итыр къызыгурыIуэ яхэмыту арат. Ауэ фашист дамыгъэ зэрытетыр ялъагъурт. Иринэ къыгурыIуат, иэмыцэ генералу Руфф жыхуаIэ гуэрым итхырт: «Харьков къэтщтащ, иджы КавказымкIэ дгъэзауэ докIуэ, маржэ хъун, нэмыцэм я дзэм фыкъыпэмыув, факъыдэIэпыкъу, дэ Кавказым ис лъэпкъ цIыкIухэр хуит фытщIыжу, журтымрэ Россиемрэ факъыIэщIэтхыну аращ ди мурадыр» жиIэу. Тхылъым итыр сабийм яжесIэнщ, жиIэу Иринэ и ужь итакъым.

Ауэрэ кхъухьлъатэр кIуэдыжащ.

Нащхъуэ мафIэ зэщIигъэнар жьыбгъэм нэхъри ин ищIат. ЩIалэ цIыкIуитI бгыщхьэм нэс дэкIат, листовкэм кIэлъыжэурэ. А тIур къэсыжауэ, я нитIыр къихуу ялъэгъуар жаIэжырт. Абы парашютисту тIу уафэм къехауэ арат яфIэтелъыджэр. Е парашютым хьэлъэ гуэр кIэрыщIауэ арат, е зыгуэр къеха – сытми парашют ялъэгъуат. Иринэ ар щызэхихым, и псэр хэкIащ. ЦIыкIу къомым къащымыщI Iа щIыкIэ я унэ сшэжмэ мынэхъыфIу пIэрэ, жиIэрт. АрщхьэкIэ къуажэм нэхърэ Апчарэ и фермэр куэдкIэ нэхъ гъунэгъут. Фермэм хъыджэбз мащIи тес.

ЩIалэ цIыкIухэм къажыхьыжыртэкъым. Зауэшхуэ екIуэкIым и мэ къащIихьауэ, зэрыIыгъыу икIи нэхъ даIуэ хъуауэ Иринэ бгъэдэмыкIыу кIуэрт.

Мо цIыкIу къомыр къэсауэ Апчарэ щилъагъум, Iейуэ къэгуфIащ, дзэ къэкIуатэмэ зэрыгуфIэным хуэдэу. И нысэм IэплIэшхуэ къыхуищIри щэхуу къыжри Iащ:

– ХьэщIитI сиIэщ. ПарашюткIэ уафэм къехащ. Хэтми сщIэркъым, сеупщ Iын сошынэ.

НетIэ цIыкIухэм жаIар Иринэ и гум къэкIыжри нэхъри шынащ.

Тимуровецхэр къыщыкIуэм Апчари илъэгъуащ. Мо парашютиститIми ялъэгъуати щIэупщIащ:

– Хэт мо къакIуэр? – жаIэри.

Апчарэ: «удз хущхъуэ зэхуахьэсыну щIалэ цIыкIухэр къо-

кIуэ» щыжиIэм, модрей тIуми зыри жаIэжакъым. УнэмкIэ щIыхьэри загъэукIурийри занщIэу жейм Iурихащ, ешаелIауэ къыщIэкIынти.

Дывгъашхэ жаIэуи я жьэ къыжьэдэкIакъым.

– Сэ си мурадри?– жиIэрт щэхуу Апчарэ. – Штабым щIалэ цIыкIуитI згъэжэнщи, Чокэ хъыбар езгъэщIэнщ. КърекIуи, я документым иреплъ. Уэ щIалитI къэгъани, адрейр Iуш.

– Псори дызэгъусэмэ, нэхъыфIкъэ? Куэд дыхъумэ, ди гугъу ящIынкъым,– жиIэу Иринэ кIэзызырт.

– Хьэуэ. Уэ кIуэ удзыхьэ. Чокэ къэсрэ зауэр яублэмэ, зэрыхъунур пщIэркъым.

Иринэ арэзы хъуащ:

– Хъунщ. Къасрэ Нащхъуэрэ къыпхузогъанэ. ЩIалэфI цIык Iухэщ. Сэбэп хъунщ.

Адрей цIыкIу къомыр Иринэ иришэжьэжри удзыхьэ ишащ, фермэм тришри. А махуэм абы я нэгу щIэкIыну щытым ущIэмыупщIэ.

## 6. ЗЫПЭМЫПЛЪА ХЬЭЩIЭ

Апчарэ и «будильник» сыхьэтыр зэрыкъутэрэ куэд щIащ, арщхьэкIэ махуэр здынэсар тэмэму къещIэ, Щынэхужьыкъуэ къэзыувыхьа бгыщхьэм еплъмэ. Нэхъ сэмэгурабгъу дыдэмкIэ щытыр зэщхьыр дыщэ пыIэщ. Абы дыгъэр къыщхьэщыхьэмэ, пщэдджыжьыр сыхьэтитху хъуащи, уи пэгуныр къащти жэм къэшын къэублэ. Абы къыкIэлъыкIуэр «Мэмэтщ». Дыгъэр абы и къуапитIым я нэхъ лъахъшэм хуэзанщIэ хъуа– шэр шэ заводым и шэгъуэ хъуащи, зумыгъэгувэ. ЕтIуанэрей къуапэмкIэ къэкIуа– военнэ кружокыр зэхуашэс, я еджэгъуэ къэсащ. Хъыджэбзхэр тIурытIурэ зэбгъурыту тафэм къытохьэ.

Къэблэ Iуащхьэм дыгъэр къэIэгъуэм, жэмыр фермэм хужын хуейщ, – махуэ шэджагъуэ хъуащ. Абдежым Хьэбиби и нэмэзлыкъыр еубгъури тоувэ нэмэз ищIу, Дани ар илъагъумэ, макIуэри бгъэдоувэ. Дыгъэр «нэужьыдзэ» и зы дзэу нэхъ къахэпIиикIым хуэзанщIэ хъумэ– пщыхьэщхьэщ, Iэщыр егъэзыжа зэрыхъуным и ужь ит.

Хъыджэбз цIыкIухэм затхьэщI, я щхьэцыр яжь, загъэщIэращIэ. Пшынауэ цIыкIум и пшынэри къиштэу щызэригъэшхи къохъу, махуэм я нэгу щIэкIар яIуэтэж.

Штабым Апчарэ лIыкIуэу щIалэ цIыкIуитI щигъакIуэм, плъэри и гум ириубыдащ: дыгъэр къэблэм къыщхьэщыувэным иджыри тIэкIу къэнэжат. Iэпыдзлъэпыдз хуэдэу щIалэ цIыкIуитIи къигъэнати а тIум Апчарэ ину епсалъэрт, и закъуэу зэрыщымытыр и «хьэщIитIым» яригъэщIэн и мураду.

ЩIалэ цIыкIуитIри Iущт, жепIэр бетэмалу къагурыIуэрт, IэпщIэлъапщIэт, уеблэмэ хьэжыгъэ яухуэнщIыфырт.

Жыжьэу уплъэмэ, джабэм кIэрызу Иринэ и командэр плъагъурт. Мэкъу Iэнэ зыщтэ хъыджэбзхэри жыжьэтэкъым. Удз щхъуант Iэм я бостей хужьхэр къыхэщырт. ЩIалэ цI ыкIухэр, зрапхъауэ, мэкъупIэм итхэт, Иринэ къыдекIуэкIыу.

«ХьэщIитIри» мэжей, зыкIи зыкъыуагъащIэркъым. Апчарэ яхуосакъ. Зэм ягъэбыдэу, зэм Iуахыжу блыным дэплъыпIэ тIэкIу иIэщи, Апчарэ щэху цIыкIуу, закъримыгъащIэу абыкIэ доплъ. Хъыджэбзхэр а гъуанэ тIэкIумкIэ къыдэплъурэ, Азизэ къепсалъэу щытащ, шхыныр хьэзыр хъуакъэ, жаIэу. Азизэ мызэмытIэу а дэплъыпIэм зыгуэр Iуикуэу щытащ, цIыху зэран къыхуэмыхъун щхьэкIэ. Иджы плъагъурэ – сэбэп мэхъу.

ДэплъыпIэмкIэ Апчарэ дэплъмэ, лIитIри хъыджэбз гъуэлъыпIэм зрагъэук Iурияуэ мэжей, унэ лъэгум илъ шкIащIэхэр буми къэмыушу. Штабым имыгъэкIуаIамэ мынэхъыфIу пIэрэт? Хэт ищIэрэ, а тIур гурыщхъуэ зэрыпщIауэ къыщIэмыкIыжмэ, укIытэгъуэ уихуэнщ. Апчарэ здэкIуэну и гугъа ПВО курсым щеджэнкIи мэхъу. ИтIани Апчарэ и гум къэкIыжащ: щыгъуэлъым тIуми я щхьэнтэ щIагъым кIэрахъуэ зырыз щIалъхьащ. ПIэщхьагъымкIэ былымыфэм къыхэщIыкIа ранец щылъщ. ПщыIэм къыщытехьам зыр Апчарэ къелъэIуащ: «Хъыджэбз, псы сегъафэт», – жиIэри.

Шыуаныр къавэу хуежьащ. ЩIалэ цIыкIуитIым пхъэ якъутэ. Пэшым щIэлъ шкIэ къарэр мэбури, къимыгъэушащэрэт.

ДжабэмкIэ уплъэмэ, къэгъэшыпIэ задэхэм деж адэкIэмыдэкIэ иригъэщIу машинэ къох. Ар Чокэщ. Штабым и начальникыу Мутаевыр щагъэувам, а машинэр обкомым я гаражым щIэтым щыщу кърататащ, и къулыкъу зэрыдэкIуеяр къырагъэлъагъужын щхьэкIэ.

ЛIитI жеяр къызэщыуащ. Къыщылъэтрэ плъэмэ – мэгужьей, «Хъыджэбз» жызыIам щхьэгъубжэмкIэ зрет. Джабэм къех машинэм лIитху зэрисыр, дауи, елъагъу, ауэ а тхур здэкIуэр ищIэу къыщIэкIынкъым.

Апчарэ щIалэ цIыкIухэр пщэфIапIэм щIихуэри стIол щIагъым щIигуащ. Езым пэгун къищтэщ, лэпс къавэм щыщ из ищIри иувыкIыжащ, унэм къыщIыхьэм ятрикIэну хьэзырыпсу. Машинэ Iэуэлъауэр гъунэгъу дыдэ мэхъу, бжэми кIэрахъуэ лъэдакъэкIэ зыгуэр къоуIу.

Хъуанэ макъи, «уи анэр…» жиIэу, къэIуащ.

Пэгун пщтырым Апчарэ и Iэр ес. АвтоматкIэ бжэм шэр къытрагъэлъалъэ. Блынджабэм ятIэр къыкIэролъэлъ, бжэри гъуанэпщIанэ мэхъу. Унэм Iугъуэмэ къыщIехьэ.

«ХьэщIитIым» яфIэIуэхужкъым пщэфIапIэм щIэсхэр. Машинэр фермэмкIэ къакIуэу щалъагъум, тIури псымкIэ жэуэ щIэпхъуащ. Къуэм зыгуэр щагъэпщкIуа хъунт, радиостанц сыт хуэдэ.

АрщхьэкIэ хъуакъым. А тIум я гъуэгур къызэпиупщIу Чокэ и машинэр кIуэрт, машинэм исыр кIэрахъуэрэ щакIуэ фочрэкIэ къауэу. Езы тIури мауэ, машинэм исхэм ар зыуи къащыхъур-тэкъым, сыту жыпIэмэ машинэм абы хуэдизкIэ дрехуейри, абы исым уснайпер дыдэми пхутегъэхуэнукъым. Зы дакъикъэ закъуэм парашютиститIым я пащхьэ Чокэ къихутащ.

ЛIитIым ящыщ зым псы Iуфэм нэсыным лъэбакъуэ зыбгъупщIт къыхуэнэжар. ЩакIуэ фочыр зэраузэдыр кхъуэ пIащэ къызэраукI шэм хуэдэти, къызэрытехуэу щхьэпридзри и джабэ лъэныкъуэр гуихауэ псым хэхуэри, бгъуэтым – къащтэ. Зыгуэри кIэлъыжат, хьэдэр псым къыхихыну, лъэщIыхьакъым. Хьэдэр къыдридзеймэ, асыхьэту хэкIуэдэжурэ ирихьэхырт.

ЕтIуанэрей парашютистыр псэууэ къаIэщIыхьащ. – «Апчарэ!» – жиIэри зыгуэр къэджащ. Ар Чокэт, и макъымкIэ къищIащ. Лэпс пэгун иIыгъыр шыуаным хикIэжри Апчарэ бжэр Iуихащ. Чокэ и нэкIур лъы защIэти, Апчарэ къэуIэбжьащ, арщхьэкIэ шэ къытехуатэкъым. Машинэм щыдридзеям нэпкъпэпкъкIэ ириудэкIри триудауэ арат. И нэ лъэныкъуэр къигъаплъэ хъуртэкъым, лъыкъуалэр къежэхырти. Фоч щыбгъауэкIэ буфIыцIын хуей нэр арт къигъаплъэ мыхъур. Фочу ягъэуэнури ягъэуащ, хэт уеуэжын.

Апчарэ медицинскэ кружокым зэрыхэтар иджыри игъэгъуэ-щакъым, уIэгъэр IэкIуэлъакIуэу игъэкъабзэри ипхащ. Чокэ кином къызэрагъэлъагъуэм ещхь хъуащ – и щхьэр пхауэ. Пэжыр жыпIэмэ, нобэ лIыгъэ зэрихьащ, парашютиститIым ятекIуащ. Ар Апчарэ зэрилъэгъуар Чокэ и гуапэщ. АтIэ и жагъуэ хъуар сыт жыIэт – парашютиститIым ящыщ зыуэ «хъачэбыз» жызыIар Азизэ и Iыхьлы хуэдэу къыфIэщIащ.

Мы щIыналъэм щалъхуа-щапIар Гитлер и лъэныкъуэ хъуауэ дауэ къэкIуэжынкIэ хъуа, жиIэу зэгуэудырт. И фэр IэбжьанэкIэ тепх хъункъэ абы? Апчарэ и гум къэкIыжащ Хьэбибэ куэдрэ жиIэу щыта хъыбар гуэр. Зи лъэпкъ епцIыжам и фэр IэбжьанэкIэ трахыу щытауэ. Мыри аращ – цырыцу яфыщIым хуэдэщ.

Къаубыдам лIы мышынэу закъыфIегъэщI, уеблэмэ къыпогуфIыкI. Нобэ къэмысми, пщэдей къэсынщ сэ сыкъэзыгъэкIуари, итIанэ фи фэр якъунщ, жиIэ хуэдэт. И гъусэу иджыпсту шэ техуэу псым хэкIуэдам и гугъу лъэпкъ ищIыххэртэкъым.

– Уи анэм быдзышэу узэригъэфар уз пхухъу, бамэжь, – жиIэри Апчарэ япэ къилъащ, сеуэу мыр щхьэ сымыукIрэ, жиIэу. ЕуэнкIи хъунт, пэгуным иса и Iэр мыузу щытамэ.

– Сыщыуащ, бетэмал, уэрат япэ стхьэлэн хуеяр, – жиIэу къыщригъажьэм, Чокэ кIуэцIыпкIэри ириудащ. Модрейри ныбапхъэкIэ къипщыхьу къытехуащ.

Чокэ епхъуэри къызэфIигъэувэжащ.

– Уи унэцIэр?

Плену къаубыдам, къыхудэмышеижу зыкъомрэ щыта нэужь, ерагъыу къыжьэдэкIащ:

– Къазыхъуэ Мухъутар,– жиIэри.

– Е напэ зимыIэ! – къызэщIэплъащ Апчарэ. – Къазыхъуэхэ япхъущ Азизэ, ди пщафIэр. Сымаджэу сымаджэщым едгъэшащ. – Апчарэ и гум техуэнутэкъым Азизэ апхуэдэ дэлъху иIэу. Мо напэншэм Азизэ и шыпхъууи? Ар абы и фIэщ зыщIын дунейм теткъым, пцIы еупс.

Чокэ йоупщI:

– Фи къуажэр Бетугъуэн?

– Бетугъуэнщ.

Къазыхъуэм ищIэу щытауэ къыщIокI а фермэм Къазийхэ я хъыджэбз цIыкIу зэрытесыр. Зэунэкъуэщу а тIур щымытми, диверсантым и гугъащ, «сыуидэлъхущ», жиIэу хъыджэбзыр къигъэпцIэну. Азизэ, ар и фIэщ хъумэ игъэхьэщIэнщ, зыхуей къахуищIэнщ. Фермэм утесу, пщIэну уи пщэ къыдалъхьар пщIэ хъунущ. АрщхьэкIэ я Iуэхур къикIакъым. Щы хъурти, ещанэр кхъухьлъатэм къыщелъэм, и парашют кIапсэр кхъухьлъатэм зэпиудри листовкэ иIыгъари къилъэлъащ, езыри мывэм техуэри зэрыхъун хъуащ. Модрей тIум къащыщIари уолъагъу.

Къазыхъуэм и мурадыр хихыжакъым. Нэмыцэр къызэрысу кърагъэутIыпщыжынущ. Ахэр къэсыху яукIынкъэ жыпIэнущи, щIаукIын лъэпкъ кIэрылъу щыткъым. ЗызыгъэлIыхъулIыбжьу щыс Чоки къигъэпцIэнкIи мэхъу, зыгуэрхэр къыдэIэпыкъу закъуэм.

– Азизэ и Iыхьлыуэ сэ сымыцIыху, алыхь, щымыIэ. Школым япэ класс лъандэрэ дызэщIыгъущ, – жиIэу Апчарэ и гур тIысы-жыртэкъым, – а хъыджэбзым зыкIи уриблагъэкъым, бгъэулъи-ину аращ узыхуейр...

– Бгъэулъиину, жи. Пэжщ, нобэкIэ согъэулъий. Ауэ пщэдей езым игъэулъиинур сэращ. Ягъэ кIынкъым, гужьгъэжь фхузиIэкъым...

– Хьэм и напэр зи напэ! – жиIэри Чокэ допрос ищIыну и ужь ихьащ, и пащхьэ исым и псэр и IэмыщIэ зэрилъыр иригъащIэу. Хуеймэ, къуршым иридзыхынщи ирigъэукIынщ, хуеймэ, хабзэм иритынщ. – Зы псалъэ пщIыуэ жыпIэнщи – уисыкIащ. ДыбукIын уи гугъэу кIэрахъуэкIэ укъытхэуащи а зыр ирикъунщ, пхэнжу уфIэдгъэжын щхьэкIэ… КъыжыIэ пщIэуэ хъуар! Хэт укъэзыгъэкIуар? Дэнэ укъикIа?

Къазыхъуэм зэрызищIыр пщIэнутэкъым. Е Чокэрэ Апчарэрэ абы хуэдэу къафIэщIрэт? Зэм лъэгуажьэмыщхьэу увырти, къуршым захуигъэзауэ нэмэз ещI жыпIэну, щхьэщэ яхуищIырт, зэми усэ гуэрхэр езым итхарэ имытхарэ умыщIэу къибжырт. Апчарэ щхьэкIэ «си шыпхъу щыуа» жиIэрт.

– Уи жьэм псы жьэдэгъэжыхь, «си шыпхъу» жыпIэным и

пэкIэ, – къыщылъэтащ модрейри. – «Си шыпхъу», жи. Хьэр аращ уи шыпхъур. Сэ си дэлъхур зауэм щыIэщ. Ухуэзатэмэ, алыхь, укъытригъэбэгэнтэм...

ЩIалэ ц IыкIуитI Апчарэ и Iэпыдзлъэпыдзу къэнауэ щытар Иринэ деж ягъэжащ, удзыхьэ кIуар къашэжу шэджагъуашхэ ирагъэщ Iыну. Апчарэ гу лъитат Иринэ пщыIэм къытехьэжын щIэмыпIащ Iэм – шынэу аращ, къэхъуакъэщ Iар зэфIэкIа и мыгугъэу. «Фыкъэк Iуэж» жаIэу щызэхахым, удз хущхъуэ къизычхэр мэжэлI ати, зэрызехьэу къежьэжащ, Ирини яхэту. ПщыIэм теса щIалэ цIыкIуитIым я нэгу щIэкIар жамыIэжу яхуэшэчынт, уеблэмэ «зауэшхуэ» зэрыщыIами пIатIрон къащыпар и щыхьэтлыкът. Зыр яукIащ, зыр плену къаубыдащ, жаIэу ягъэщIагъуэрт.

Плену къаубыдам и къекIуэкIыкIар мыращ.

Зауэм и пэ къихуэу Къазыхъуэ Мухъутар дзэм яшащ. Бобруйск щыIэу снайпер курс ягъакIуэри, ар къиуха иужь, фоч къратащ оптическэ приспособление иIэу. Дивизэ зыхэтым я газетми усэ е корреспонденцие итхыурэ зэзэмызэ и унэцIэр къытехуэрт. Ауэрэ полкым агитатору ягъэувыным тIэк Iу къэнэжауэ, зы цIыхубз гуэрым кIэлъыкIуэу хуежьащ. ЦIыхубзыр дохутырт, штабым къулыкъу щызыщIэ гуэрым и фызт. Щхьэусыгъуэ ищIырти, Къазыхъуэр зыпылъ цIыхубзым кIэлъыкIуэу хуежьащ. Газетым и редакторыр къеджамэ, псори къигъанэрти кIуэрт, а цIыхубзыр дивизэм я тылым щилъагъунути, Iэмал имыгъуэтмэ, Къазыхъуэ Мухъутар и фочыр къиштэрти, ежьэрт: сыкIуэнщи нэмыцэм сещэнщ, жиIэу. АрщхьэкIэ щакIуэ кIуэ нэпцI зищIырти, зигъэпщк Iуауэ фызыр здэщыIэм кIуэрт. Абы щыхьэулея иужь, санбатым сымыкIуэу хъунукъым, жиIэрти къигъэзэжырт.

Нэмэзыбзэр куэдрэ жыпIэ щхьэк Iэ зэIыхьэркъым, жиI эу и псэлъафэт. Ауэ и нэмэзыбзэр зэ къызэIыхьащ. Снайперым зэрызигъэпщкIур къащIащ. Мухъутарыр судым ират пэтащ, зауэм къыIукIащ, жаIэри. АрщхьэкIэ абыи къелащ.

«Емынэм къелар хъумбылейм ехьыж» жыхуа Iэм хуэдэу, нэмыцэ сигарэм текIуэдэжыным тIэкIущ къэнэжари.

Нэмыцэм я окопэр нэпкъым тетурэ екIуэкIырт. Ди окопэр лъэгум щыIэт. Ди телефон кIапсэм езым я телефон кIапсэ къыпащIэурэ нэмыцэр къыткIэщIэдэIухьырти, ди тхьэусыхафэ зэхахащ: тутын жыхуаIэр махуитI мэхъури тлъэгъуакъым, жаIэу.

Ди телефонист гуэрыр и ныбжьэгъум елъэIуат:

– Ей, алыхьым хьэтыр иIэм, тутын къысхуегъэхь, си гум цы къытекIащ.

ЕтIуанэрей махуэм нэмыцэ сэлэт лъагапIэм къытетIысхьащ, сигарэ изу зэрылъ коробкэ иIыгъыу. Коробкэр иIэтауэ сэлэтыр къэгуо:

– Ей, урыс, куэдщ узэрызэуар. КъакIуэ, тутын уезгъэфэнщ.

– Еуи къеудых, – жаIэри, Мухъутар снайперти, унафэ хуа-щIащ.

– Зи ар гугъукъым. Абы хуэдэу мащIэ къезгъэпсыха! Догуэ, тутын дигъэлъагъур къеIытхамэ, мынэхъыфIу пIэрэ? Сывгъа-кIуэ. Зыгуэр хъужмэ сэри нэмыцэри – тIури зэрыхь-бэздыхьу... Зэ уэгъуэщ.

Взводым и командирыр щIалэ дыдэт, училищэр къиуха къудейуэ, тутын щхьэкIи лIэрт, красноармеец щытхэри къэ-лъэIуащ:

– ГъакIуэ. Ягъэ кIынкъым. ИужькIэ дахэуэнщи я сигарэр къащIэдгъэныжынщ. Тутыныжь зырыз дефамэ арат.

– ГъакIуэ, лейтенант.

Лейтенантыр Iэнкун хъуащ. Иужьым:

– КIуэ, зэрыхъуу хъунщ, – жиIэри щIалэр хуит ищIащ. Къазыхъуэр окопэм ипщри нэмыцэм я дежкIэ кIуэуэ ежьащ. Псоми ар яфIэгъэщIэгъуэну кIэлъыплъырт. Сигарэ коробкэ зы Iыгъ нэмыцэ сэлэтым и автоматыр игъэтIылъауэ къокIуэ. ОкопитI зэпэщытым я зэхуакум деж Къазыхъуэмрэ нэмыцэмрэ щызэхуозэ. Нэмыцэм урысыбзэ тIэкIу ищIэу къыщIокI. Сигарэ зырыз щIагъанэ. Къазыхъуэр сигарэми япэ ефэу йофэ. ТIэкIурэ щысауэ Къазыхъуэр занщIэу IэщIэуэщ нэмыцэ сэлэтми сигарэ коробкэр къыIэщIиудащ. И къарум къызэрихькIэ къажэу къокIуэж, нэмыцэми, щтауэ, я дежкIэ игъэзэжащ. Зы фочи ямыгъэуэу хъарзынэу зэфIэкIащ. Къазыхъуэм къихьа сигарэр ягуэшри ирикъуху псори ефахэщ, зэрыгъэдыхьэшхыу.

Жэщ хъури Къазыхъуэ Мухъутарыр ягъэтIысащ, арщхьэкIэ махуищ дэкIри къаутIыпщыжащ:

– Иджыри зыгуэр къыплъыкъуэкIым, къыджепIакъым жумыIэж, – жаIэри.

КъыжраIэнуми нэсакъым. Зэгуэр, пабжьэм хэлъу, нэмыцэ окопэм пэмыжыжьэу тIу хъууэ щылът. И гъусэр IукIауэ къи-гъэзэжыху, и пыIэр псыф ищIри и куэм трилъхьащ, ар зытелъым деж фочкIэ еуэри езым зиуIэжащ, си гъусэм къигъэзэжмэ, сыIуилъэфыжынщ, жыхуиIэу. Абдежым зауэ къэхъеящ. И гъусэм лагъым къытехуэри и пIэм къикIакъым. Къазыхъуэм и закъуэпцIий губгъуэм къинащ. Лъыуэ щIэтыр щIокI, и уIэгъэр дахэ-дахэу хуэмыпхэу. Ди окопэмкIэ къэпщ щхьэкIэ – хъур-къым, и къару хурикъуркъым. Куэд дэкIа, мащIэ дэкIа, и нитIыр къызэтрихмэ – къыщхьэщытыр нэмыцэщ.

А махуэм «бзэгу» къаубыдыну я хьисэпу нэмыцэр атакэ къэкIуати зыхуей дыдэр япэщIэхуащ – Къазыхъуэр зэрыуIэгъэ хьэлъэу яхьащ.

АдэкIэ уIэгъэр ягъэхъужщ, къыпкърыупщIыхьщ, школ гуэрми ягъакIуэри мазищкIэ ирагъэджащ, ягъэсащ. Ар зэфIэкIри

заданэ къратащ: парашютклэ уеддзыхынщи Кавказым щыпсэу лъэпкъ цIыкIухэм яхыхьи, партизану къуршым ихьэжмэ яфI зэрыхэмылъыр ягурыгъаIуэ, нэмыцэр лъэпкъ цIыкIухэм къащхьэщож, жаIэри.

Арат Къазыхъуэм и Iуэхур къызэрекIуэкIар, арщхьэкIэ абы и Iыхьэ пщIанэ къажриIакъым. Нобэ-пщэдей нэмыцэр къэсынщи, итIанэ псоми си пыIэжьыр яхуэгъэтIысащ, жиIэу арат зыщыгугъыр. Дон адэкIэ зауэшхуэ зэрыщекIуэкIыр ищIэрт. Чокэ дапщэрэ еупщIми Къазыхъуэм жиIэр зыт: «Фронтым сыщыIащ, уIэгъэ сыхъуауэ губгъуэм силъу нэмыцэм плену саубыдащ. Зыкъом дэкIауэ фи щIыналъэ утшэжынщи парашюткIэ елъи фи цIыхур къызэрытхущытыр зэгъащIэ, жаIэу къыщысжаIэм, сегупсысри схуэшэчакъым сыкъэмыкIуэжын», – арат жиIэм и кIэри и пэри.

– Уэ нэхъ щхьэ къыпхуагъэфэща лъагъунлъагъу укъашэжыну, тхьэгъэпцIыжь! – жиIэри Апчарэ аргуэру къилъащ.

Чокэ дежкIи гуры Iуэгъуэт пленым пщIы фIэкIа зэрыжимыIэр. Шэч хэлъкъым, ар ауэ сытми къызэрымыкIуэжам. Мыр зы гупщи, гурыIуэгъуэщ, ауэ нэгъуэщI гупи щыIэн хуейщ. Гуп зыбжанэ хъумэ, радио Iэмэпсымэ ямыIэнк Iэ Iэмал зимыIэщ.

Чокэ зыкъомрэ пкърыупщIыхьа щхьэкIэ, пленым къыпиха щIагъуэ щыIэкъым, пленыр къобзэджэкI, хьэпшып гугъу ищIынуи и хьисэпкъым.

Удзыхьэ щыIа щIалэ цIыкIухэри къосыж, Иринэ я пашэу. Удз IэплIэшхуэхэр зэхэщыпыкIауэ къахь. Фермэм къэблэ-гъэжауэ къэхъуну псор къэхъуащ. Иринэ удз зэхищыпыкIыу зэлIэлIар зыми щымыщу, тимуровец цIыкIухэр я удзыр хыфIадзэри, щIопхъуэ зэрыгъэкIийуэ.

Апчарэ деж къэнауэ щыта щIалэ цIыкIуитIыр аращ псори къызыпкърыкIар. А тIуми удз хущхъуэ къагъуэтын я мураду адэкIэ-мыдэкIэ жэрт. ЯмыщIэххэу, Чопракъ псыхъуэм жыг лъабжьэжь гуэрым деж щыпэщащэу Iэщэ гъэтIылъыпIэ къагъуэтащ.

ЩIалэ цIыкIуитIыр, кIэрахъуэ зырыз яIыгъыу, модрей къомым къахэлъэдэжащ:

– Ура! Флъагъурэ дэ тIыгъыр?

Удз хущхъуэ къэзыхьыр удз хущхъуэ хуеижт? Я удз IэплIэр хыфIапхъэри – мак Iуэ-мэлъей. Зы напIэзыпIэм щIалэ цIыкIу къомым хэт кIэрахъуэ иIыгъыу, хэт гранатэр игъэдалъэу фермэмкIэ зэрехьэжьауэ макIуэ. Ирини и щхьэфэцыр къэтэджауэ гъыным хуэдэщ.

Чокэ къапежьэщ а цIыкIухэми къащIэкIиящ:

– ВгъэтIылъ иджыпсту фи Iэщэр! Дэнэ ар къыздифхар?

– Мо жыгыжьым и лъабжьэм. ПIатIрон ашыки щIэтщ.

– Бомби!

– НэгъуэщI ашык фIыцIэшхуи!
– Тхылъ зэкIуэцIыпхаи щIэлъщ.
– ГъущI кIапси!
Пленым и тIасхъэр къыщIэщащ. Куэд дэмыкIыу жыг лъабжьэм и щIагъым щIалъхьа илъэпкъыр Чокэ къыщIихащ. Ашык фIыцIэ жыхуаIар радиостанцу къыщIэкIащ, тхылъ зи гугъу ящIар листовкэт. Иджы сыт щхьэкIэ уеупщIыжын пленым, псори къыщIэщащ. Мыбы хуэдиз Iэмэпсымэ къыщратакIэ, ар цIыкIуфэкIутэкъым. НэгъуэщI гупхэми япыщIащ. НтIэ, а псори Чокэ хузэхэгъэкIыну къыщIэкIынкъым. Абы и Iэмал зыщIэм Iуэхур ехьэлIэн хуейщ.
Чокэ къыпэщIэхуа къомри ирилъхьэщ, езы пленри машинэм иригъэтIысхьэри НалшыккIэ иукъуэдиящ, Бахъуэм деж кIуэуэ иритыну. Аращ шпион Iуэхум кIэ езытынур.
Гъуэгум здытетым, Чокэ и гум къэкIыжащ наццивизэм хагъэхьэн дзыхь къызэрыхуамыщIар. Иджы еплъ. Чокэ лIыгъэ зезыхьам ящыщ хъуащ. Си Iуэхущ иджы Бахъуэм:
– Афэрым, Мутаев Чокэ! – жимыIэм.

*ЕтIуанэ псалъащхьэ*

## 1. БАХЪУЭР, КЪУЛЫР, СОСМАКЪЫР

– Лашын! Лашын, зо! Дэнэ кIуа, фермэм тесыжкъэ? – жиIэу Бекъан хакIуэ пцIэгъуэплъым къемыпсыхыу бжэIупэм Iутщ, фермэм техьауэ.
Зытес Щэулэхъур тепыIэркъым. И жьэ тхьэмбылыфэм бахъэр къыдеху. Бекъан Апчарэ и цIэмкIэ еджэжыркъым, Апчарэ шпион къиубыдащ жаIэу цIэрыIуэ зэрыхъу лъандэрэ Лашын фIищащ. Хъыбарыр иджыри яIуэтэж, тэтэрхэр къэкIуауэ ясыр Iахырт, жи. Зы тэтэр пелуан гуэрым баз зэпихьауэ ебэнри ЛашынкIэ еджэу нысащIэ текIуати, зэрызэгурыIуар арауэ ясыр Iыхыным абдеж щыпрагъэчауэ жаIэж. Пелуаныр цIыхубзым дридзейри къыщехуэхыжым лIым и ныбэм хуэзэу и Iэпхъуамбэшхуэр щIигъэувэри зэгуиудауэ арат я гум имыкIыжыр.
Апчари Чопракъ аузыр къихъумауэ хэкум хъыбарыр щызекIуэрт. ЗэрыжаIэмкIэ, нэмыцэ шпион гуп Чопракъыпс и къыщIэжыпIэ дыдэм деж гын хакIутэу псым ефэр лIэуэ ящIыну я гугъати, Апчарэ нэмыцэм я мурадыр къызэпиудащ.
Бекъан жэмышхэр зыщIэс унэм Апчарэ щIэс и гугъэу пэплъэрт, арщхьэкIэ Апчарэ шкIэщым къыщIэкIауэ къэпсэ-

лъащ:

– Къеблагъэ, тхьэмадэ. Укъысхуей? Тхьэ, дыфщыгъупщэжамэ псоми! БостеикIэ защIэу плIыщI дохъу, пыIэ зыщхьэрыгъ тхэмыту. Схуэшэчыжыркъым, тхьэ, зыгуэр ди пIэкIэ къэвгъакIуэ.

Бекъан зытес шым зигъэджэрэзырт.

– Хъарзынэу абы и гугъу щыпщIын нобэ уихуэнущ. ИIэ, щIэщIэ модэ уи Шагъдийр. ДымыкIуэу хъунукъым, – жиIэри Бекъан и щIопщыр штабымкIэ ишияц.

– Дэнэ?

– «Дэнэ» жаIэу щI эупщIэрэ? Ит Iани «Лашын» жыIэ уэ. Ди зэманым щхьэгъубжэм щIопщыкъук Iэ зы къеуIуа – къыщылъэти уи шым уанэ телъхьэ. Шыр бом къыщIумыш щIыкIэ, шэси къоджар здэжэм уэри жэ. Пхъэру уашэрэ – упхъэрщ, хъыджэбз къэпхьыну уашэрэ – хъарзынэщ. «Дэнэ дыздэкIуэнур?» жыпIэу ущIэупщIа – си Iуэхущ уи щхьэгъубжэ къеуIужIамэ. Хуэмыхум ухабжащи – къыпхуэнэн щыIэкъым. Уэ «дэнэ?» жоIэри укъызоупщI. Аращ «цIыхубзым и щхьэцыр кIыхь щхьэкIэ, и акъылыр кIэщIщ» щIыжаIэр. Уи жагъуэ умыщI, тIысэ, щхьэ къызэгийрэ жыпIэу. СыгушыIэу жызоIэ. Уи шкIэхэр къэбэдзэуэжащ. ЛIыгъэ пхэлъщ, си хъыджэбз, тхьэм насып къуит. Уэ сыпщогугъри аращ сыкъыщIэмыкIуэр. ПIытIу куэд щIа къызэрымыкIуэрэ?

Бланк куэду къыдитри ежьэжащ.

– Сыт мыгъуэр пщIэн? Дэнэ къитхын зоотехник? ИIэт! ЩIэщIэт Шагъдийр.

– Хэт абы хуэдизу дэ къытхуейр?

– Ди Iэтащхьэр. Штабым фыкъэс, жаIэри къаIуэхуащ.

Апчарэ фIэгъэщIэгъуэнт Бекъан и къуэм жиIам зэрытемыкIыр. Къоджэр нэхъыжьщ жаIэ щхьэкIэ, и къуэм и адэр кIэлъыкIуэу куэдрэ плъагъунукъым. Чокэ Бекъан и мылъхукъуэщи, армырауэ пIэрэ?

Шагъдий щIэщIауэ хьэзырыпст. Торбэр и щхьэм къыфIэлъэфи зэфIэкIащ. Бекъан зытес хакIуэм нэгъуэщIыш щилъагъум къафэу, ихъу-илъу зищIащ, и кIэ данафэр игъэджэрэзу, и лъэр темыпыIэу.

Гъуэгум здытетым шитIыр зэбгъурыту пхуэкIуэнт, хакIуэр Шагъдий едзэкъэну и тхьэкIумэр трешащIэ. Бекъан и шым къыжьэдекъуэ. Ари хуэсакъыпэу, зэрыщысхьым гу лъыптэу. Дадэм игъащIэми шы фIыуэ елъагъу.

– Езы Чокэ щхьэ къэмыкIуэрэ? Маршынэ иIэщ, –жиIэри Апчарэ щIэупщIащ, дадэр игъэунэхуну.

– Хэт и Чокэзи гугъу пщIыр? А пэшын бэвыр къызэджауэ сыкIуэ уи гугъэ? Абы жиIащ жысIэу, лъэмбытI счынукъым. Уэ къоджэмэ – узэрегуакIуэщ. Абы жиIэм уэ уемыдаIуэу хъунукъым. Зыуэ – штабым тетыр аращ, етIуанэу – районым и

кIуэцIкIэ фи комсомол пашэщ. Абы и закъуэ?..

Бекъан къыфIигъэкIакъым. Ауэ и гум илъыр Апчарэ псэкIэ ищIэрт. «Абы и закъуэ?» жиIэмэ, адэкIэ къыпищэнур тIуми ящIэж. Дадэр къыпыгуф IыкIыу нэбгъузк Iэ хъыджэбзым хуеплъэкIащ.

– Езы Чокэ и щхьэм и къуэдзэщ. ДирективитI зэуэ къысхуегъэхь: зым штабым и начальник жиIэу Iэ тредзэ, адрейм райкомым и секретару и Iэ телъщ. И къулыкъур тIу хъуми и Iэр зыщ.

– Уэ-щэ? Догуэ, шпионхэр къыщыбубыдам дауэ къызэрыбубыдар – узавфермэу хьэмэ укомсоргыу?

– Ар абы хуэдэ сытми?

– Уэлэхьи, хуэдэ къабзэм.

– Сэ ещанэу къулыкъу сиIэщ. Военнэ кружок изогъаджэ. Сыкомандиру къэзубыдащ. Уа, ди еджэкIэр плъэгъуамэ, умэхынт удыхьэшхыурэ. Сэ сыт си командир?

– Уэлэхьи, командиритI уи кIэпкъым думыIумэ уэ! Шпион къэбубыдауэ щызэхихым уи анэм дауэ зищIа уи гугъэ? И шыкIэм мафIэ егъэуауэ си деж къэсащ гиякIуэ. Сэ укъызэмышхыдэ, уи пхъур фермэм тезыгъэувар сэракъым, жызоIэри, дэнэ? Чокэ зи къуэр уэракъэ, жи. ЖеIи къегъэутIыпщыж. Хъыджэбзхэр парашютистым езауэу хэт илъэгъуа? Догуэ, цIыхухъу ди хэкум къимынэжауэ ара? ЦIыхухъум и лъакъуэр зэпаудми, и нэ дыдэр кърахуми – цIыхухъущ, ягъэ кIынукъым. Хъыджэбзым и Iэпкълъэпкъ пщыкIутIым щыщ къыхуэтмэ, хэт абы къыхуейр?

Уи анэм жиIэм уемыдаIуэ. ИгъащIэми ращ: адэ-анэм я бынир тIощIкIэ нэхъыфIу ялъагъу, быным я адэ-анэр зэралъагъум нэхърэ. Анэм и лъагъуныгъэр псым хуэдэу кIыхьщ, быным и лъагъуныгъэр лъэмыжым хуэдэу кIэщIщ, жызыIам ауэ жиIакъым. Сытми, лIыгъэ зепхьащ, си хъыджэбз. Нэгъэсауэ у-Лашынщ. Жылэ псом и цIэкIэ сынохъуэхъу. Къэбубыдар хэтми пщIэрэ? Дыгъужьым хуэдэщ. ДызэхиIущIат къуажэр.

– Дыгъужьми сэ сщIэрэ – ди щIыпIэм щыщу, жаIэ.

– Щыщ дэнэ къэна, зэрылъэпкъыу соцIыху: и къуэшхэри, я адэри, – жиIэри Бекъан и пащIэкIитIыр ирилъэщIэкIащ, хъыбар кIыхь зэрыжиIэнум гу лъыуигъатэу. – ЗэшиплI хъурт. Уэ къэбубыдар еплIанэрщ. Я адэри лъэрызехьэт, аузым дэсыр игъэшынэу. Езы старшынэ дыдэр абы якIэлъыкIуэу щытакIэ, тхьэ соIуэ. Зэкъуэшхэр щакIуэу къуршым итт. Я адэм уанэ зэщIэлъ и къуэхэм яхузигъэщIа уи гугъэкъэ? Уанэри и гум щрихьым, я дамыгъэр си бжэм трызигъэдзащ. IэщкIэ къулейт, яIэр зыхуэдизыр ямыщIэжу. Iэхъуэм мобы хуэдиз жыхуа Iар я фIэщ хъурт. ФызиплI иIати, къуэ зырыз къыхуалъхуащ. Япэ къишар куэдрэ исакъым. И къуэр къигъанэри иригъэкIыжащ, щхьэл иIэти, иритащ. НэгъуэщI къишэри – ари ращ. Къуэ къызэрилъхуу иригъэкIыжри абыи щхьэл хуищIащ. Ещанэри, еплIанэри!

Фызым къуэ къыхуалъху, езым щхьэл яхуещI. Ауэ зыгуэр къишэну и ужь итурэ колхоз Iуэхур къэхъеящ. Зэшищыр щтэри Тыркум кIуэжащ. Iэхъуэшыхъуэ къащтэу я хабзамэ, езыхэр лIыщIэу ежьэжащ. Уэ къэбубыдар... ХьэIуцыдз жыIэ. НтIэ, плъагъурэ адэкIэ зэрыхъур: нэхъыщIэ дыдэр арати, еджакIуэ Мэзкуу кIуащ. КъехъулIакъым, укулак лъэпкъщ, жаIэри къыщIадзыжащ. Къигъэзэжри тхылъым зритащ. Зыгуэр къыдэIэпыкъуа – сытми, дзэм яшауэ щыIэу зауэр къэхъеящ...

– Ди къуэшхэ, ди шыпхъухэ, жаIэ щхьэкIэ, псори зэкъуэшзэшыпхъукъым...

– «Псори» жыпIа? Зэдэлъхузэшыпхъу хъуным куэд хуейщ. Псы икIыгъуэм нэсыху псоми тхьэ яIуэ зэрыIыгъыну. Псым икIакъэ – нэхъыбэм сэлам зэрахыжын я гум къэкIыжыркъым. Аращ игъащIэми – хьэм псы есыкIэ ищIэрэ имыщIэрэ псым хэмыхьауэ пщIэнукъым. Фэ анкетэ фогуэш, фи псэукIар ифтхэ, жывоIэри. АнкетэкIэ цIыхум и гум илъыр къэпщIэн? МыIэрысэ дыдэр къащтэ: и кIуэцIым хьэпIацIэ исрэ имысрэ уеплъкIэ къыпхуэщIэркъым. ХьэпIацIэ зэрыс мыIэрысэр зэрымысым яхэлъмэ езыри мэф, къыбгъэдэлъри егъэф. Абы ухуэмейрэ – тIэкIу дэкIыху етIысылIи зэхэдз.

Апчарэ и тхьэкIумэр тегъэхуауэ еда Iуэ щхьэкIэ, къыгурыIуэртэкъым Бекъан и фIэщу жиIэрэ гушыIэрэ. Бекъан и псалъэм къыпещэ:

– Жыгри аращ. Зэ гъэсыси хьэпIацIэ зэуар къыпощэщ. Къэщыпи, Iух, къыпхуищIэн щыIэкъым. ХьэпIацIэ зэмыуа къыщыпыхуи щыIэщ. ЩIым техуамэ, ар бгъэтIылъ хъунукъым – фынущ. Уэ уцIыкIуащ а лъэхъэнэм, Апчарэ, пщIэжынукъым. Жыгыр зы гъэсысыкIэкIэ ягъэсысырти пыти-пыси къапынатэкъым...

– Хэт зыгъэсысар?

– Ар зыгъэсысари иужькIэ езыхэри ягъэсысыжащ. Къазыхъуэхэ я унагъуэм щыщ къагъэнакъым. Я щхьэлхэр къэна щхьэкIэ – немыхьэнэ? Иджы плъагъурэ – къызащIар есщIэжынщ – жиIэри Мухъутар къигъэзэжащ... НэIиб хъуа и гугъат.

– Хэт НэIибыр?

– ЩыIащ абы хуэдэ гуэри, ижь-ижьыжу, тыркухэр къыщыдэныкъуэкъуу щыщыта лъэхъэнэм. И лъэпкъым епцIыжауэ НэIибкIэ зэджэр кърым тэтэрхэм пэшэгъу яхуэхъуат. Упсауэ чыпэ къэпитI шым трилъхьэри ежьащ, жи, гъэшыпIэ къэс зы чыпэ хиIуурэ, дзэр зэрыкIуэну гъуэгур къигъэлъагъуэурэ здэкIуапхъэм нэс кIуащ, дзэри жэщ защIэкIэ абы кIэлъыкIуэу. Тэтэрыдзэр адыгэм я щIыбагъым къыдыхьэри, узэуэнум, къеблагъэ. Зэрыук Iащ, лъэныкъуитI ри хьэлэч зэрыгъэхъуу. Тэтэрхэр нэхъыбэти, адыгэм къатекIуащ. Абдеж къыщыщIэдзауэ адыгэм гъэ къэс ясыр ятын хуей хъуащ. Мори аращ, нэмыцэ къишэну и мурадащ, НэIибым тэтэр къызэришам хуэдэу.

Мобы чыпэ хисамэ, мыбы радиокӀэ къишэну арат. Аращ къэбу-быдар зыхуэдэр. УмыпӀащӀэ, си хъыджэбз, уэри уэрэд пхузэ-халъхьэнщ. Зи нэфӀ къыпщыхуар цӀыхум ящыгъупщэнукъым.

Бекъан шхуэмылакӀэр и Ӏэпхъуамбэм дэлъу чысэр кърихащ, тутын ишыхьыну. Газет зэкӀуэцӀылъым тӀэкӀу къытритхъри тутын тӀэкӀу тригъэщхьащ, ӀупэкӀэ тхылъымпӀэр псыф ищӀри тригъэпщӀэжащ. Чысэр и жыпым ирилъхьэжри щтауч кърихащ. Жыр тӀэкӀумкӀэ щтаучым куэдрэ еуӀуащ, фитилыр хущӀэмынэурэ. МафӀэхъуэпскӀ къыпих щхьэкӀэ, жьыбгъэм игъэункӀыфӀыжырт. Щэулэхъуи зэран хъурт. Шыр хуиту иутӀыпщати, Шагъдийм къедзакъэрт.

Апчарэ кнутӀымкӀэ хакӀуэм и пэм еуащ.

– Уемыуэт хакӀуэм! – жиӀэри Бекъан идакъым.

– Трихынущ си шым и фэр.

Бекъан абы хуэдизкӀэ щысхьырт ишми, махуэ къэс хакӀуэм цыуэ тетыр ебж жыпӀэнт. Дэни къриха абы хуэдэш. Апчарэ куэд щӀауэ илъагъужакъым Щэулэхъу хуэдэ хакӀуэ колхозышым яхэту. ШыфӀу щыӀа илъэпкъыр нацдивизэм иратауэ жаӀэрт.

Апчарэ дэнэ щищӀэнт дадэм адыгэшыр ихъумэну и пщэ къызэрыдалъхьар. Бекъан уанэ ирагъэщӀу аркъудейтэкъым, адыгэшыр умыгъэкӀуэд, жаӀэри унафэ ткӀий езы Къул Зулкъэрней къыхуищӀат. Абы и гугъу езы Бекъан ищӀыным нэсатэкъым.

Дауэ ищӀми, Бекъан и тутыныр щӀигъэнащ. Ӏугъуэ къызыпих фитиль иӀыгъыр игъэункӀыфӀыжри щтауч сытхэр и жыпым ирилъхьэжащ. ТӀэу-щэ тутыным екъури и псалъэ зэпыуам къыпищащ:

– Анкетри зыгуэрщ. ЦӀыхур зыхуэдэр къащӀэн щхьэкӀэ, нэхъ зэплъу щытар сыт? Пащтыхьым и зэманым сыту щыта, жаӀэн-ти – зэфӀэкӀащ. ЛӀы хуэдэлӀу щыта – еудых, зыми щымыщу щыта – убыд, тӀысэ, вытӀощыщӀэр, выгур шэ узыхуейм. Мыр-зэкъан жаӀэу зы уэркъыжь цӀыкӀу дэсащ ди къуажэ. Уэ пщӀэжынукъым ар. Дунейм хищӀыкӀ щыӀэтэкъым, жьыр дэнэкӀэ къепщэрэ – жыӀэ, ищӀэртэкъым. Езым хуэдэ уэркъым ауан къащӀырт, зыхрамыгъэхыу. Бэлшэвычхэр мэзым щызэхуэсу зэхихри мэзымкӀэ зитащ. Дунейм зыщӀэкъу щыӀэтэкъым, пащтыхь техун Ӏуэхуи хуейтэкъым. И уэркъэгъухэм яхузэгуэпу ара къудейт. НтӀэ, бэлшэвычым властыр щаубыдым, уэри гугъу ехьам уащыщщ, жаӀэри хуэфэщэн къулыкъу кърατащ.

Апчарэрэ Бекъанрэ штабым нэблэгъащ. Штабым деж бэзэрым хуэдэу цӀыхур щызэхэтт, выгуи, шыгуи, автомобили, уанэ зытелъ шыи, шыди – псори зэхэтт, зыпэплъэр умыщӀэу. ЦӀыхуу кърихьэлӀа къомыр гуп-гупурэ хэт щысщ, хэти щыту мэуэршэр. Псоми яхуэмыухыр, дауи, зауэр аращ. Ӏэщыхъуэу къуршым щыӀэм зауэм хащӀыкӀ щӀагъуи щыӀэкъым, радио

жыпIэнущи – зиIэр зырызыххэщ. Дыгъужьыр куэд хъуащ, жиIэу абы тегузэвыхьи щыIэщ. Ростоврэ Ставрополь лъэныкъуэкIэ кърахуу къагъэIэпхъуа Iэщым тепсэлъыхьи дапщэ ухуей.

Мырзэкъан зи гугъу ищIар щыгъупщэжауэ, Бекъан а къызэхуэса къомым яхэплъэрт, иджыри адыгэш къызитын хуейуэ къызэзымыта яхэту пIэрэ, жиIэу. Тхьэмахуэ псокIэ Бекъан колхоз зыбжанэ къызэхикIухьащ, адыгэшу игъуэтыр зэхуихусу. Псори зэуIу ищIмэ, нэхъ хъума хъун и гугъэт – унафэу къыхуащIари арат.

КъеIыхыгъуей хъуар Щэулэхъут. Абы хуэдэ хакIуэ къуатынт – и хъыбар зымыщIэ хэкум зылI искъым. Андемыркъан и Жэманшэрыкъым хуэдэт.

Адыгэшым и пIалъэ Бекъан имыщIэмэ, хэт ищIэн. ЗэрыжаIэмкIэ, хьэрыпышым къытекIащ адыгэшыр. Хьэрыпышым и хъыбар къызэрежьэрэ илъэс минрэ щитIрэ мэхъу. Адыгэшыр ижь-ижьыжкIэ къогъуэгурыкIуэ, и хъыбар уеблэмэ нарт хъыбарым хэтщ. А тIум дэтхэнэр япэ дунейм къытехьауэ пIэрэ – жыпIэм – зэхэгъэкIыгъуафIэкъым. Адыгэшыр япэ къежьауэ къыщIэкIынущ. Езым хуэдэу дахэ, IэкIуэлъакIуэ уигъэлъыхъуэнщ. Аращ адыгэши щIыфIащар.

Щэулэхъу нэгъэсауэ адыгэшщ. Махуэ псом укъемыпсыхыу кIуэ – ешынкъым, къафэурэ кIуэнщ. Шыбз гуартэм хэту а шыр Бекъан иIыгъ щхьэкIэ, езым фIэкI а абы уанэ трилъхьэ хъунукъым. Дадэр тIысрэ шым и дахагъэм еплъу щыщыс щыIэт. Уеблэмэ и фIэщ хъуркъым а хакIуэ дахэр и IэмыщIэ къихуауэ.

ИщхъэрэкIэ уплъэмэ, машинэ къыдокIуей. Iэтащхьэм пщIэ хуэзыщIу еса лIыжьхэр къэтэджащ, башыр зыщIагъакъуэурэ. Баш хаIурэ «фи пашэр мыращ» жаIамэ, башым едаIуэу арат ахэр зыщIапIыкIар. Адыгэ хабзэм щхьэкIэ езыхэм загъэлIэнут.

Гъуэгур «Эмкам» машинэм дежкIэ тынштэкъым – бахъэр къреху, самоварым ещхьу. Къызэхуэса къомым я нэр машинэм исым тенауэ йоплъ.

Щэулэхъу и щыпэлъагъут машинэри еуэри шы фIэдзапIэм зыкъыкIэриудри щIэпхъуауэ къежыхь. ЩIалэ цIыкIу зыбжани хакIуэр къаубыдыжын я хьисэпу щIопхъуэ, зэрызехьэу, я аркъэнхэр къагъэхьэзыр.

ЩхъуантIэу ла пщы Iэм и щIыхьэпIэ дыдэм деж машинэр къыщоувыIэ. Абы къокIлIы сырыхуфэ, военнэ щыгъынкIэ хуэпауэ, и ныбжьыр зы илъэс тIощIырыпщIым фIэмыкIауэ. И фэкIэ лIы бжьыфIэщ, нэжэгужэщ. Военнэщ жыпIэну дамыгъэ и щыгъыным хэлъкъым. Кителыр сталинкэкIэ зэджэм хуэдэщ.

И зыщIыкIэмкIэ, цIыхухэр зэрыхуэгузавэмкIэ, штабым и начальник Чокэ щIыхь зэрыхуищIымкIэ къэкIуар зэры-Къул Зулкъэрнейр IупщIт, цIыхур зыпэплъэр арат нышэдибэ лъан-

дэрэ.

Къулыр псоми ябгъэдыхьэурэ сэлам ярех, я Iэр екъуз, я узыншагъэм, я Iуэхухэм щIоупщIэ. Бекъан и чэзур къэса и ужь и Iэ иубыдар имыутIыпщыжу иIыгъът:

– Дауэ ущыт, тхьэмадэ?

Бекъан жиIэн игъуэтынтэкъэ:

– Дэгъуэу сыщытщ, си къуэш. Тхьэр фIыкIэ къыпщIэупщIэ. Си узыншагъэкIи алыхьым уэзрелъэIунщ. Сыту фIыуэ укъэкIуа, ярэби. Пшэ адрыщIым дыщызэхуэзащ. Тхьэм ди Iуэхуи мыбы нэхъ лъахъшэ имыщIкIэ.

– Тхьэм жи Iэ.

– Тхьэм лъапэ махуэ къэпхьауэ къыщIигъэкI.

Къулым иужькIэ машинэм къикIар и фащэкIэ военнэ дыдэт. Дамыгъэ сытхэри и пщампIэм, и Iэгъуапэм тету. Ар хэкум чекисту исхэм я пашэу Бахъуэк Iэ зэджэр арат, къэзымыщIыху щымыIэу.

Ещанэуи машинэм зы къикIащ – лIы лъахъшэ хэщIыхьауэ, лIы фIыцIэ Iув гуэрт, щхьэшхуэ хъужауэ. Псори зы инкубаторым къриша хуэдэ, я щыгъынкIэ щыри зэщхьт, ауэ ещанэм и джанэр хуэкIыхьт, и гъуэншэдж жыпыр и шырыкъу лъапщэм нэсырт. И пыIэр щхьэрихати – фэкъут, щхьэ джабитIым фIэкI цы зытет щымыIэу. Ар Сосмакъ ТIалибт, хэкум мэкъумэшыр зи IэмыщIэ илъыр.

Апчарэ Бахъуэр къэкIуауэ щилъагъум, къыщиуду дыхьэшх пэтащ. Хъыджэбзым и гум къэкIыжащ зэгуэрым Бахъуэ и пIэ иригъэувэжауэ зэрыщытар.

Зэгуэр школым экзамен яту Бахъуэр ямыщIэххэу къэкIуащ. Ар хэтми еджакIуэ цIыкIухэм дэнэ щащIэнт. Апчарэ зыщIэс классым къыщIыхьэри Бахъуэр егъэджакIуэм бгъэдэтIысхьащ. Николаев жыхуаIэ къалэм эвакуацэкIэ къикIауэ урыс щIалэ цIыкIу гуэрым экзамен историемкIэ иту щыст.

ЗанщIэу Бахъуэм къыхиIуащ:

– Утинэ движенэр дапщэщ щыщыIар? – жиIэри.

ЩIалэ цIыкIум жиIэныр имыщIэу гужьеящ. Мэгупсысэ, гузавэу и нэр егъэупIэрапIэ, егъэджакIуэм йоплъ, плъыжь мэхъу, хужь мэхъу. ЕгъэджакIуэри щым хъуауэ щысщ, и еджакIуэм щхьэкIэ гузавэу. ЩIалэ цIыкIум и щхьэр фIэхуащ, жиIэныр имыщIэу.

Бахъуэр къыщеуд.

– Зегъэхь, уэ пщIэ щыIэкъым, – жеIэри. Командэ ита хуэдэщ.

Абдежым Апчарэ хуэмышэчу къыщолъэт, щIалэ цIыкIур фIэгуэныхь хъуауэ:

– Товарищ командир, щIалэ лажьэ зимыIэр щыбгъэуащ: – утинэ движенэ лъэпкъ щыIакъым, – жеIэри Бахъуэм и нитIыр къричыным хуэдэу йоплъ.

Бахъуэми хъыджэбз цIыкIур егъэщIагъуэ, тIэкIу къодыхьэшхри щIоупщIэ.

– Дауэ зэрыщцымыIар? Гусистскэ движенэ щыщыIакIэ, утинэ движенэ щхьэ щымыIэу? – жеIэри.

– ЩыIакъым, тхьэ! ЩыIакъым! ЩыIамэ, тхылъым итынтэкъэ!

Апчарэ иджыри къэс ищIэркъым а махуэм гусистскэ движенэм щхьэкIэ щыуэу Бахъуэм утиное движенэ жиIами.

Иджыпсту ар игу къэкIыжати аращ и дыхьэшхын къыщIэкIуар.

Езы Бахъуэми Апчарэ къилъагъури занщIэу къыбгъэдыхьащ, сэлам кърихыу и Iэр къыщиубыдым, гу лъитащ Бахъуэм и Iэм Iэпхъуамбит I зэрыхуэчэмыр.

– Уэра шпион къэзыубыдар? – жиIэри Бахъуэр къеупщIащ. – ЗанщIэу къэсщIащ узэрыарар. ПщIэжрэ, экзаменым щыгъуэ фи школым сынэкIуауэ щытати. Учитель дыдэм жиIэнур имыщIэу щысащ, уэ зыр аращ мышынэу къахэкIар. УхъыджэбзыфIщ, лIыгъэ пхэлъщ. Орден къуедгъэтынщ. Зэхэпха: Лашынщ иджы къызэроджэр.

Парашютистым и къэубыдыкIэ хъуам Бахъуэр зэрыщцыгъуазэр белджылыт. Апчарэ бгъэдэта иужь, лIыжьхэм яхыхьащ. Хэти бгъэдэгъэхьэ, къыхуэзэр и цIыхугъэу къыщIэкIырт. Мыр къэзымыцIыху хэкум зылI ису пIэрэ жыпIэнт.

Бахъуэмрэ Сосмакъымрэ псоми къацIыхуу щытми, Къул Зулкъэрней и цIэ ираIуэу зэхиха мыхъумэ, и щхьэ зылъэгъуа куэд щыIэтэкъым. Езыр куэд щIакъым республикэм и унафIэщIхэм ящыщ зэрыхъурэ. Партым и районнэ комитетым секретару тетащ, иджы районхэр псори къызэхикIухьыну хунэсакъым, колхозхэр дэнэ къэна. ЗыщIыпIэ кIуэми, и закъуэ кIуэну дзыхь ищIыртэкъым, чэнджэщэгъу гуэр имыIэу.

Сосмакъыр щIигъусэри арагъэнт. ТIалиб куэд щIауэ и IэнатIэм Iутщ, мэкъумэшыщIэ пашэ жригъэIэу. Езыр лIы хэщIыхьащ, Iуэху зехьэкIэ ещIэ. Ар и мыгъусэу Къулым лъэбакъуэ пхуичынукъым. Езыми Къулым и гъусэу цIыхум къалъагъумэ, и жагъуэкъым.

Зулкъэрней цIыху Iэдэбщ, щIэныгъэ иIэщ, губзыгъэщ, цIыхум пщIэ къыхуащI, ауэ Iуэху къыжьэхэуэмэ, зэрыхъунзэрыщIэн хуейр занщIэу жиIэн ирикуркъым, зыгуэрхэм емычэнджэщауэ. Сосмакъыр аракъым – занщIэу зэпкъреудри йожьэж, тегушхуауэ Iуэхум хэтщ. Абы хуэдэу Сосмакъыр зэрыщытыр Къулым и гуапэ дыдэ хъуркъым. «Мыр щхьэ мыупщIэрэ» щыжиIэ къохъу, абы къыхэкIыу езы Къулыр Iэмал имыIэу щымытмэ, Сосмакъым и чэнджэщ ирихьэлIэркъым. Бахъуэр жыпIэнущи, абы и Iуэхур щхьэхуэщ, и псэлъафэ дыдэщ – «дзыхь хуэпщI хъунукъым», «абы дэтщIэр дощIэж» жиIэу. Ар зэхихмэ, Къулым дежкIэ ирокъу. Езы Бахъуэр Къулым

и кабинетым къыщIыхьэм, адрейхэр здэтIысым деж тIысыркъым – кабинетым къыпыт пэшым щIохьэ, и унэ щIыхьэжа хуэдэуи, Къулри абыкIэ ireджэ. Аращ щэху жыIэпIэу яIэр.

Езы Къулми и гугъэщ ар нэхъ къезэгъыу. Илъэс нэхъыбэ хъуакъым районым щылажьэу щыщытар, Лъэслъэбыкъыу къуажэхэр къызэхикIухьу щытамэ, иджы машинэм исщ, хъумакIуэ гуэрхэри иIэжу.

И адэри псэущ. И къуэм къулыкъушхуэ и пщэ къыдэхуауэ щызэхихым, къеущиящ:

– Ей, си щIалэ, си щIалэ, зыщумыгъэгъупщэ: «Хэт Iущ, жаIэу щыщIэупщIэм, упщIэр Iущщ» жаIащ. ЩIыху уащыхэткIэ, узыхэтым еупщI – ущыуэнкъым, – жиIэри.

И адэм зэрыжиIа дыдэуи Къулым ещI, зэупщIынухэр и гъусэу къэрешэкI.

## 2. ПСЫ ИКIЫПIЭ

Iэщыхъуэм я совещанэр къызэIузыхар Чокэщ. ТIэкIу зэры Iэнкуныр IупщIт. Къулыр зэрыщысым щхьэкIэ укIытэу къыщIэкIынт. Зи пащхьэ ит Iэщыхъуэхэм щIалэр жагъуэу къалъагъуртэкъым – зэф IэгъэкI иIэщ, жаIэу. Е Чокэ нэхъ щIэукIытэр Апчарэ? Хъыджэбзу кърихьэлIахэр зы гуп зэрыгъэхъуауэ пщыIэ джабэм кIэрысщ, Апчарэ абы яхэту. Чокэ жиIэм я тхьэкIумэ тегъэхуауэ къодаIуэ. Абы къемыдаIуэр хэт жыпIэмэ – Бекъанщ. ЩIалэ цIыкIуу хакIуэр къэзыубыдыжын зи гугъэм дадэр якIэлъоплъ. Щэулэхъур хуиту губгъуэм итмэ, аркъэнкIэ къэубыдыжыгъуафIэу къыпхуэубыдыжын?

Къул Зулкъэрней штабым шэнт закъуэ яIэм тесу жиIэну и мурадым йогупсыс. Iэщыхъуэхэм яхоплъэри и нэхъыбитIыр щIалэ цIыкIущ е лIыжьщ – нацдивизэм зэщIикъуащ щIалэу къахэжэпхъыкIар. Къулым и гур зыгуэркIэ гъурт, щIэгъур къы-хуэмыщIэу. Иджыблагъэ мызэ-мытIэу цIыхум я пащхьэ къиувэурэ къэпсэлъащ, жиIэр я фIэщ мыхъуу, ауэ фронтым и пэжыпIэм езы дыдэр дахэдахэу щыгъуазэтэкъым – хъыбару къыIэрыхьэр щызэтемыхуэ куэдрэ къохъу. Зулкъэрней и гум къэкIыжащ зэгуэр хъупIэм къэкIуауэ лекцэ къыщеджауэ зэры-щытари. Абы щыгъуэ езыри щIалэ дыдэт.

Район парт активым зэгуэр къащыхэпсэлъыхьам хуэдэ хъуат. ЦIыхур гузавэу, хъыбар гурымыхь гуэрхэр екIуэкIырт – нобэпщэдей зауэ къэхъунущ, жаIэу зэрыгъэгузавэу къыщищIэм, Къулыр къэуври къажриIащ:

– Фи фIэщ фымыщIа хъыбар мыфэмыцыр. Германием зауэ къыдищIылIэу Германием я пролетариатым идэрэ?

ЕтIуанэрей махуэм зауэ къэхъуащ.

Иджыри мес – Iэщыхъуэр зэхэсщ, сыт къыджиIэу ди гур дахэ къищIыну пIэрэ жа Iэри. Я гур дахэ зэрыпщIын хъыбар Къулым ищIэу щытамэ, аратэкъэ. Нэмыцэм фронтыр Харьков деж щызэпатхъащи, махуэ къэс нэхъ гъунэгъу къохъу. Ар мо упщIэ пыIэ къомым яжепIэмэ, нэхъри гужьеинщи, ящIэныр ямыщIэжу я лэжьыгъэр Iэпэдэгъэлэл хъунщ.

Къулыр, Бахъуэр, Сосмакъыр – щыри къыщIэкIуар ара сытми? ЦIыхур трагъэгушхуэну аращ, нэмыцэ листовкэ сытхэм итыр зэрыпцIы гъущэр къыгурагъэIуэну я къалэнщ, цIыхур нэхъ егугъуу лэжьэн папщIэ. Арыншэми махуэ къэс Iэщыхъуэм я Iуэхум къыхохъуэ – эвакуировать ящIу Iэщу къахур нэхъыбэж мэхъу, здахьынур ямыщIэу. ХъупIэ дэнэ къэна, псы къудейр яхурикъуркъым. Арат иджыпсту Къул Зулкъэрней зыгъэгупсысэр.

Чокэм и псалъэм кIыхь зримыгъэщIу, Iэщыхъуэр нэхъ къэзыгъэгузавэм я гугъу ищIащ, Къулым Iуэхур зыIутыр гуригъаIуэмэ ифIэфIу. Бекъан и къуэм и нитIыр тенауэ щысщ, «зыкъегъэцIыху, си щIалэ, Къулым» жиIэ хуэдэу. Чоки ар къыгуроIуэ:

– Шыгу къудей дгъуэтыркъым. МазитIмэхъу Iэщым шыгъу зэраIумыхуэрэ. Жэмым шыгъу имышхмэ, псы пхуефэркъым, псы емыфэмэ, шэ къыщIэкIыркъым. Ар зы. ЕтIуанэу, лыуэ мащIэ кIуэдрэ, зэрытшыун шыгъу дымыгъуэтурэ? ПсэхэлIэ мыхъун щхьэк Iэ, Iэщыр фIэдгъэжыжмэ, и лыр тшэжыху мэкIуэд. Дэри тшхы хъуркъым, армэм дежкIи мыхьэнэ иIэкъым. Эвакуировать ящIа Iэщми зэпымыууэ къыхохъуэ – ари шыгъуншэщ, дадэгуэшэн хуей мэхъу.

Бекъан и къуэм и псалъэм къыдэуащ:

– Дадэгуашэ къудей! ХъупIэр лъабжьэкIэ ирахащ, удз итыжкъым. Псы ирафыни щыIэкъым. Хьеуаным уеплъмэ, уи гур ящIогъу. Абы я закъуэ? ЦIыхури аращ – е ахъшэкъым, е бохъшэкъым. ДиIэ тIэкIур еттурэ зыри къытхуэнэжакъым.

– Зэ умыпIащIэт, ди адэ, сэ жысIэну тIэкIур сыгъэухыт.

– ЛIо, сэ нэхърэ унэхъ Iущ? Плъагъуркъэ абы жиIэр! ХьэщIэ къэкIуам дымыщIэ дагъэщIэну къэкIуащи гукъеуэр яжетIэн хуейщ...

– ЗанщIэу прениеми унэмыс, тхьэмадэ, – жиIэри Къулри къэпсэлъащ.

– Кхъуей тщIыми, тхьэ, шыгъу хэтлъхьэн димыIэ,– жиIэри Апчари и гукъеуэр жиIащ.

Чокэ и макъым нэхъ щэху зригъэщIащ:

– Щынэ сэкIыныр – ар дахэ-дахэу тхузэфIэкIрэ? – Чокэ хъыджэбзхэм яIуплъэн укIытэрт, езы хъыджэбзхэми я щхьэр егъэзыхащ, пщыIэм щIэт рацием едаIуэ хуэдэу. – Абыи и чэзур фIэкIмэ, мэлым цык Iи лыкIи уащыгугъ хъунукъым. Абы кIэ-

лъыплъын зоотехник диIэу щытамэ зыгуэрт. ПIытIу хуэдэ ухуеиххэкъым. ЩIалэ цIыкIухэм я пщэ дэтлъхьат щынэ сэкIынри Iисраф ящI, щынэу зэтелIам бжыгъэ иIэкъым.

– Хъыджэбзхэм щхьэ иумыгъэщIрэ? – жиIэри Бахъуэм щысыр игъэдыхьэшхащ, Чокэ фIэк I къэмынэу.

Хъыджэбзхэм зэхамыха хуэдэ защIащ.

Бахъуэр нэхъри къыщхьэщилъэфащ:

– Мэлыхъуэм дзапэфIанэкIэ къыпагъэщхъуу щыташ зи гугъу ищIыр, – жиIэри.

Бекъан къилъащ:

– Уэ уэзгъэщIащэрэт абы хуэдэу. Л Iо, хъыджэбзым ящIэн ямыгъуэту щыс? Мэл сэк Iыныр хъыджэбз Iуэху? Сыту умыукIытэрэ?

– Семинар щхьэ фымыщIрэ? – жиIэри Къулыр Сосмакъым дежкIэ плъащ. – Наркоматым щылажьэ зоотехникыр кърекIуи семинар ирещI. ЩIалэ цIыкIуи хъыджэбз цIыкIуи евгъаджэ, ямыщIэр евгъащIэ.

– Зыми къыджиIакъым, – жи Iэри Сосмакъым химыщIыкIIа хуэдэу зищIащ.

– Абы къыкIэлъыкIуэу, – Чокэ и псалъэм зригъэукъуэдийрт, – цыщым и Iуэхур дауэ щыт? Цы зыщын дгъуэтыркъым. Тимуровскэ командэм цы щыныр я пщэ дэплъхьэкIэ хъурэ? Хъуркъым. Мэлыр дахэ-дахэу зыхуэмыпхым сыт къыпхуищIэн. Мэл ерагъыу къаубыдам закъыIэщIеудри йожьэж, модрей цIыкIу къомым ар къэрахуэкIри губгъуэм итщ. Цы щащкIэ хьэлэчу мэлыр яуIэ, цыр лъы защIэ хъужауэ. Зэращын лэнысти диIэ? Хъыджэбзхэм я лэныстэр къеIытха щхьэкIэ – ари хъуркъым.

Мэкъу еуэныр, силосованиер зэрынэхъыфI щыIэкъым. Удзу итыр алыхьым къузэритынщ. МэкъупIэр хъарзынэщ. Иджыри тхьэмахуэ дэкIмэ, мэкъур гъужынущ, зы жэщ щIыIэ къатехъуэнщи. Мы гъэм мэкъуу куэд гъэхьэзырын хуейщ, Iэщ эвакуировать ящIами яхурикъун хуэдэу.

Чокэ и гукъеуэм кIэ иIэкъым. Зыр иухым нэгъуэщI ым и щхьэфэм йоIэбэ. Зытепсэлъыхь илъэпкъыр Сосмакъым етх, иджыпсту фIэкIа зэхимыха хуэдэ. ИтIани Сосмакъыр зэгупсысыр аракъым. Чокэ зытегузэвыхьыр сытым щыщ – Iуэхур ара сытми? Iэщыр ехухыжауэ эвакуировать щIыным хуэгъэхьэзырын хуейщ – аращ Iуэхуу щыIэм я нэхъыщхьэр. Каспий тенджызым зэпрахуамэ, Iэщыр лъэныкъуэегъэз и чэзум умыщIмэ, нэмыцэм яIэрыхьэнущ. Абы и гугъу Сосмакъым ищIмэ, къыхуадэркъым. Зыгуэр къэхъужыкъуэми, япэ зи пщампIэ яубыдынури Сосмакъыр аращ.

Къулыр къэпсэлъэну къэуващ. ЯпэщIыкIэ укъищу ялъэщIа и шырыкъу лъапщитIым еплъащ, жиIэнур абы тетха хуэдэ. ИтIанэ пшэ Iэтэм къыщIэплъ къуршхэм еплъащ – дунейр

кIагъэпшагъэ хъурт. Щэулэхъур къезыхуэкIа щIалэ цIыкIухэри, хакIуэр къаубыдауэ, загъэлIыхъулIыбжьу къэкIуэжырт.

– Ди совещанэр ауэ сытми совещанэкъым, – жиIащ Зулкъэрней, и псалъэм зригъэIэтым фIэфIу, – оперативнэщ! Абы къикIыр сыт? Унафэу къащтэр икIэщIыпIэкIэ ягъэзащIэ. Фронтым хуэдэщ ди Iуэхури. Фронтым щIэгъэкъуэн дыхуэхъун хуейщ. Псом хуэмыдэжу иджы. Нобэ зауэм и гуащIэгъуэ дыдэщ. «Дгъуэтыркъым», «дыхуэныкъуэщ» жыпIэкIэ зэфIэкIынукъым. УимыIэрэ – къэгъуэт, умыгъуэтрэ – лъыхъуэ, ухуэныкъуэ – хуэиз зыщI. Цыщ бгъэкIуэн уимыIэрэ – къэгъуэт, шыгъу щымыIэрэ – къэгъуэт, зоотехник къомэщIэкIрэ – щIалэ цIыкIухэр гъасэ. Аращ фронтым зэращIыр. Япэм военнэ училищэм илъэсищкIэ ущеджэн хуейт командир ухъун щхьэкIэ, иджы мазих ущеджэмэ – зэфIэкIащ, укомандирщи дзэр зауэм Iушэ. Чокэ къэувауэ мэтхьэусыхэ: «Цы зыщцын сиIэкъым, шыгъу дгъуэтыркъым, мэкъу еуэн ди Iэкъым» жеIэри. «ЩIалэ цIыкIухэм цы ебгъэщцмэ, мэлыр яуIэ, щынэ ебгъэсэкIмэ, нэхъыбэр ягъалIэ, мэкъуауэ бгъакIуэми – аращ», Ахэр щIалэ цIыкIу сытми? Хэт и ныбжьми зауэм илъэс тхурытху къыщIигъуащ. НтIэ, щIалэ цIыкIуу щытари щIалэ цIыкIужкъым. Мутаев, хэт узыхуэтхьэусыхэр? Райкомым урисекретарь? Урисекретарщ. Комсомолу мин дапщэ уиIэ? Гъэлажьэ! Штабым начальникыу тетыр хэт? Уэращ! Iэщыхъуэу мыбы щыIэр зи IэмыщIэ илъыр хэт? Уэращ! А къомым дэтхэнэ зыми Iуэху и пщэ дэлъхьэ, гъэлажьэ. КъомыдаIуэрэ – къыджеIэ мыдэ. Я пщэгурыгъыр зэрыдудынщ. Нобэ зауэм и гуащIэгъуэ махуэщ. Щхьэж и IэнатIэ ирихьэлIэну и къалэнщ. Мес Дидан Бекъан! IэнатIэ дапщэ а зы лIым ирихьэкIрэ? Колхозым тедгъэуващ, уанащIэу артель зэрехьэ, абы ищIыIужкIэ адыгэшыр ихъумэну и пщэ дэтлъхьащ. Мо Апчарэ флъагъуркъэ? Мес, радиопалаткэм деж щысщ...

Я щыпэлъагъу хуэдэ псори Апчарэ дежкIэ еплъэкIащ, хъыджэбзыр ягъэукIытэу.

– Диверсант къэубыд, жиIэу хэт абы унафэ хуэзыщIар? Зыми хуищIакъым. НтIэ, шына? Хъыджэбз цIыкIу пэтрэ, IэщэкIэ хуэщIауэ щыта парашютистым ящцышынакъым...

– Лэпс пщтырыр пэгункIэ къыщIигъалъэри япэмыувам, нахуэу согъэпцI, – жиIэри Бахъуэм къыхиIуащ, псори игъэдыхьэшхыу.

Езы Къулри дыхьэшхащ:

– Иджыри къэс лэпсыр ирафу щыта фIэкIа Iэщэ хъуну хэт и гугъэнт. Диверсантхэр лэпс пщтыркIэ ибгъэкIуэту, я Iэщэ къатепх щыхъукIэ, дэрбзэр лэныстэкIэ цы пщы щхьэ мыхъурэ? Мо лIыжьым къулыкъуищ и пщэм щыдалъхьакIэ, щIалэ цIыкIухэм цы щыкIэ, мэкъу еуэкIэ, мэл сэкIыкIэ ебгъащIэ щхьэ мыхъурэ? Ну, шыгъу щымыIэмэ, абы и Iуэхур щхьэхуэщ. ЩымыIэр дэнэ къипхын? Шыгъум дэ Iэмал къыхуэдгъуэтынщ,

адрей зи гугъу фщIа илъэпкъыр зэфIэзыгъэкIын хуейр фэращ... Iэмал гуэр зимыIэ щыIэкъым.

Къулыр фронтым нэсащ.

ХакIуэр къэзыубыдыжу шы фIэдзапIэм езыпхыжа щIалэ цIыкIухэри бауэбапщэу къэсыжхэри къэтIысыжащ. Нэхъыжьхэм я тхьэкIумэр трагъэхуащ, фронтым и пэжыпIэр къыджиIэнущ, жаIэу.

– ...Зауэм и гуащIэгъуэ дыдэщи лъыпсыр ягъажэ, – жиIэрт Къулым, и макъым нэхъ кIащхъэ зригъэщIауэ, езыри мэгупсысэ жиIэныр дахэ-дахэу къыхуэмыгъуэту. – Ди къэралыр гъэунэхупIэ ихуащ. Псы икIыпIэ шынагъуэ дыIухьащ. Е псы къиуа нэри пэри зыхьым дикIынщ, е псым дихьынщ – аращ ди Iуэхур зыIутыр. А псы къиуам зэпрымыкIыфу хэкIуэдауэ къэрал мащIэ щыIэ: Франциер, Польшэр, Югославиер, Чехословакиер, нэгъуэщIхэри. Ауэ дунейр псы хъуами, ди къэралыр, советскэ лъэпкъыу щыIэр псым зэпрыкIынущ. ДызэпрыкI дэнэ къэна, псым ирихьэжьауэ ихь къэралхэм дэIэпыкъуэгъу дахуэхъунущ. Ди пси ди къаруи деблэжынукъым икIи деблэжыркъым. Мес, фэри фощIэ – дызэхыхьэри … нацдивизэ зэхэтшэу фронтым дгъэкIуар иджы зауэм Iутщ. Комсомол организацэм щыщу минитIрэ щитхурэ а дивизэм хыхьащ. Фи Чопракъ районым и закъуэ дивизэм щхьэкIэ зэхуихьэсащ щIакIуэу щэрэ пщIейрэ, джэдыгуу щитI, хъыджэбзхэм я IэкIэ ящIащ валенкэу щитху, лъэпэд мин...

– ЛIыжьхэм-щэ? – жиIэри Бекъан щIэупщIащ.

– ЛIыжьхэми пщIэ къатенакъым. ЛIыжьхэм я Iэдакъэм щIэкIащ шы IэмэпсымэилъэпкъырIуанэ, шхуэ, щIопщ сытхэр, джэдыгу защIэу минитI. ЩIыхум я нэгу игъащIэм щIэмыкIауэ зауэр йокIуэкI. Зауэм дгъэкIуар шыщхьэмыгъазэу зауэм Iутщ, мыдэкIэ къэнар псэемыблэжу мэлажьэ. АтIэ абы хуэдэу зэкъуэт къэралым къыпэлъэщын щыIэ? ЩыIэкъым. Псы икIыпIэ гугъу дыхуэзами дикIынщ, фи нэр здэплъэ псы Iуфэ ди Iэр лъэIэсынщ...

Къулым Дон адэкIэ щекIуэкI зауэм и гугъу ищIырт, танкыу, кхъухьлъатэу, топу абы ирахьэлIахэр кърибжэкIыу. Зауэм жэщи махуи щыгъэтыпIэ иIэкъым, лIар щыщIалъхьэн щIыпIэ тIэкIу имыгъуэтыжу...

– Гитлер и мурадщ Сталин и пащIэр игъэлыгъуэну. АрщхьэкIэ Гитлер хуэдэ куэд Сталиным иригъэсыкIащ, – Къулым и макъым зригъэIэтырт. – Iэ лъэныкъуэмкIэ Гитлер и пщэр Сталиным щиубыдыкIынщи, адрей Iэ лъэныкъуэмкIэ сэшхуэ гъэплъакIэ Гитлер и пащIэ тIэкIу къытенэжар иупсауэ флъагъунщ. Цы лыгъуам и мэ къащIимыхьэмэ, си Iуэхущ итIанэ Гитлер и IупэфIэгъухэми...

ЩIалэ цIыкIухэр зэрыгъэдыхьэшхащ. А цIыкIухэм я нэгум щIэтт Сталин пхъуэрэ Гитлеру плъагъур къиубыдауэ и пащIэр

зэригъэлыгъуэр. «Цы сырымэ къыпщIихьэу уимыгъапсчэм, си Iуэхущ» жаIэу. Бекъани, и пIэ имызагъэу псалъэу здэщытым, Къулым и псалъэр къызэпиудащ:

– Догуэ, псы икIыпIэ, жыбоIэ. Дауэ абы икIа зэрыхъунур? Зыри умыIыгъмэ, псым икIыгъуей – зыхэдзи ес. Езы псым ныджэм утридзэнщ. Ауэ ди пщэм къыдалъхьа хьэлъэр уи пщэм дэлъу псым хыхьэт, ущIэмытIысыкIыну пIэрэ? Дауэ иджы дызэрыхъунур? – Ди пщэ дэлъыр зэрыдэлъу псым дыхыхьэну хьэмэ, ди пщэм дэлъыр хыф Iэддзэу, дэ дыкъела зэрыхъунум и ужь дитыну?

– Уа, зи гугъу пщIы хьэлъэр сыт, тхьэмадэ? – жиIэри Бахъуэр здэщытым къэгуоуащ, лIыжьыр къигъэшынэн и гугъэу.

– Ди пщэ дэлъ хьэлъэри? Ди къулыкъуу цIыхум дзыхь къытхуащIу къытхуагъэфэщаращ. Ар хыф Iэбдзэ хъурэ, уи пщэ къыдэзылъхьам димыхыжу? Лъэпкъышхуэм щIышхуэ яIыгъщ, лъэпкъ цIыкIум хуэфэщэн щ Iы яIыгъщ. ЩIыр псоми язэхуэмыдэми, лIыгъэр я зэхуэдэщ – къащтэ узыхуейм хуэдиз. Джылахъстэней лъэныкъуэмкIэ лIыжьхэр щызэхуэсауэ и хъыбар радиокIэ седэIуащ: «Ди шым дышэсу нобэ зауэм дыкIуэну дыхьэзырыпсщ» жаIэу. АтIэ хъарзынэкъэ! ЛIыгъэр Iыхьэ мыгуэшщ, лIыжь, щIалэ щыIэкъым. Сэри сыхьэзыркIэ, тхьэ соIуэ, сышэсу сежьэну. Ауэ псори дышэсрэ дежьэжмэ, армэр зыгъэшхэнур хэт? Мо мылъку къомыр зыхъумэнур хэт? Шыуэ, мэлу, Iэщу мы хъуп Iэм итыр зыхуэдизыр зым ищIэркъым. Мелуан хъурэ, тIу хъурэ? А къомыр къызыхуэнэнур хэт? Мис аращ ди пщэ дэлъ хьэлъэр. Ар губгъуэм къибнэу дэнэ уздэкIуэнур? Псыми дауэ уикIыну?..

– Уэлэхьи, уэ зыгуэру уикIынтэм. Уэ пхуэдэу сиIащэрэт адрейхэр, – жиIэрт ТIалиб, дадэр нэхъ къигъэгубжьыну, – адыгэшыр уи пщэ къыдалъхьащи хъарзынэу йос. Индыл шууэ икIыу щытащ.

Абы и псалъэри Бахъуэм зэпиудащ:

– Псым унэмысу уи кIэр умыIэт, жаIэу сыту зэхыумыхарэ уэ? Нэмыцэр Дон къэблэгъакъым, уэ псым зыхэбдзэжынущ.

– А зы псалъэжьыр пщIэмэ, ари Iейкъым. Уи кIэр ущыхуей дыдэм Iэт, си къуэш. Сэ нэгъуэщI псалъэжьи сощIэ: быдэ и анэр гъыркъым, жиIэу. Нэмыцэр Дон къызэпрыкIмэ, куэдрэ мыбы и къэсыныр?.. Уи гъунэгъум и унэм мафIэ щIэнамэ, уи унэм мафIэр къэсынкъэ?..

– Хэт и унэ мафIэ зыщIэнар?

– ЩIэмынамэ, Ростовскэ областым къэрахуу яIэщыр ди деж къахурэт? Ставрополь ди гъунэгъущ, абы и къэрахур, дэ ди Iэщ щхьэ дыхуэмыгузавэрэ? – ПэжкIэ, соIуэ, Бекъан, си гум укъишхыдыкIащ, – жиIэу ТIалиби къызэщIэплъащ.

– Зэхэтхащ а жыфIэр. Щывгъэт, – жиIэри Къулыр къахуилъащ, – унафэ тщIащ итIанэ. Аргуэру шэч къытефхьэжа? Уэ

уащымыщу пIэрэ ОборонэмкIэ комитетым? ЗэрыжыпIа дыдэу къэтщтакъэ унафэр. АтIэ абы къытегъэзэж иIэ? Дисциплинэ жы-хуаIэр фымыщIэу ара? ФымыщIэмэ, фэдгъэщIэнщ, фымыдэмэ, фэдгъэдэнщ, – аракъэ армэм зэрыжаIэр? Дэри нобэ дыармэщ. Дисциплинэ тхэмылъыну Iэмал иIэкъым. Ари ткIийуэ! Армыр-мэ, и пщэ къыдэхуа къалэныр хыфIидзэурэ щIэпхъуэжын ухуэ-зэнкIэ мэхъу, жэм ягуэшыну унафэ зыщIу ежьэжам хуэдэу...

– IэпцIанэ-лъэпцIанэм псым нэхъ псынщIэу зэпрысыкIынкъэ? – жиIэри Къулым Бахъуэр къыдэщIащ, Бахъуэм дежкIэ еплъэкIыурэ.

Ар щызэхихым, Апчари къэуIэбжьащ. Иджыпстут зи директивэ игъэзэщIар абы къыщищIар. Спискэм сельсоветыр хэплъауэ щытащ, жэмыр щагуэшым, «жэм зимыIэм жэм идот» жаIэу.

– ПсынщIагъэкIэ фочышэм уIэщIэкIыу дэнэ укIуэн? – жиIэри Бахъуэм зиплъыхьащ, дауэ къащыхъурэ жысIар, жыхуиIэу.

Къулым и псалъэр иухатэкъым:

– Дидан Бекъан тэмэму жиIащ, ди къулыкъур ди пщэ къыдэзылъхьар цIыхур аращи, къыдэзылъхьам димыхыжауэ дэтхыж хъунукъым, жиIэри. НтIэ гурыIуэгъуэкъэ ар, Сосмакъ?..

– ДывмыгъэпIащIэу дызэвгъэчэнджэщ, – Сосмакъ ТIалиб зыми псалъэ къримытауэ къэтэджащ, и джанэр и щIыбагъымкIэ адакъэкIэм ещхьу щызэхуилъэфэсри, ирикъутэкIыу щIидзащ: – Къалэн ди пщэ къыдалъхьар, жыдоIэри псалъэ дахэ цIыхум зэхыдогъэхыр. Iэщу хъупIэм итыр мелуаным щIегъу. Дыдейри дыдымейри зэхэтщ. Иджы дыдымей щыIэжкъым. А къомыр уи пщэ дэлъхьи псым хыхьэт – ущIэтIысыкIынкъэ? Псы дэнэ къэна, щIым уиIыгъынкъым. Сэри сывоупщI: дэнэ тхьыну а Iэщ къомыр, пщэдей нэмыцэр Дон къызэпрыкIмэ? Дэнэ, жыфIэт? Псалъэм щхьэкIэ, «эвакуировать фщIы» жаIэ. Дауэ? Дэнэ здэтхунури? Абы и унафэр иджы щIауэ щытын хуейкъэ? СывоупщI, кхъыIэ, алыхьым и хьэтыркIэ, къызжефIэ: дэнэ Iэ-щыр здэтхунур?

– КъыджаIэнщ, и чэзу нэсмэ! – Бахъуэри къэгубжьащ...

– КъыбжамыIэмэ-щэ?

– КъыджаIэнщ.

– Дапщэщ? Ди Iэщыр къуажэм дэт фермэм тету щытамэ зыгуэрт. Iух бжэри ху! Мы бгыщхьэм итыр ебгъэхыжын щхьэкIэ тхьэмахуэ нэхъыбэ гъуэгу утемыту хъунукъым.

– Аргуэру къытригъэзэжащ, – жиIэри Къулри къызэщIэплъащ. – Унафэ къытхуамыщIауэ Iэщыр ебгъажьэ зэрымыхъунур къыбжаIакъэ? И чэзур къэсмэ, Мэзкуу абы и унафэри ищIынщ...

– Мэзкуу дыщыгъупщэмэ, дауэ хъуну? Мэзкуу дэ тхуэдэу иIэр мащIэ? Ущыгъупщэни мэхъу!

– Сталиным щыгъупщэуи?! – жиIэри Бахъуэр кIиящ, абыкIэ къедэуэн зэрыщымыIэр ищIэу.

– Дэ дащыгъупщэн хуэдэу дымыхьэнэншэ гуэркъым, – Зулкъэрней и псалъэр зэпишу жиIэрт, –дунейм дызэрыщыщ щымыIэу къуэгъэнапIэ дыкъуэсакъым. Сталинкъым Кавказыр зыщыгъупщэр. Дащыгъупщи хъурэ ди хэкум къэрал мылъкуу илъыр илъу. Iэщу, цыуэ, тхъууэ, шыуэ, мэкъуу диIэм нэмыщI, эвакуировать мыбы къащIауэ мылъку мащIэ щыIэ? Танкымрэ кхъухьлъатэмрэ уазэрыхуейм хуэдэ къабзэу, абыи ухуейщ. Шы къудейуэ мыбы итыр буденновскэ армипл Iым яхурикъунщ. Iэщым и бжыгъэр мо Сосмакъ ТIалиб еупщI – ищIэркъым. Араи къыщIэкIынщ, жэмыр вгуэш, жиIэу унафэ щIищIар. Еплъыт нобэ Iэщыр ехухи – цIыхур щтэнщи, я къалэни сыти хыфIадзауэ, «щхьэж и унэ бжэн лъакъуэ» жаIэнщ. Абы щхьэ фемыгупсысрэ?

Къулым жиIам псори еувэлIащ жыпIэнт, арщхьэкIэ уанащIэ Бекъан идакъым:

– АтIэ бомбэр къыттелъалъэу Iэщыр етхухыжмэ, нэхъыфIу пIэрэ?

– Бомбэ къыттелъалъэу, жыпIа? Дэнэ къикIа бомбэ? – Бахъуэри и пIэм имызэгъэжу утыкум къолъадэ, и нэм Iугъуэр къыщIихыу. – Нэмыцэм я кхъухьлъатэ мыбы къэсуи?

– Къэмыса уи гугъэ? – Апчари и гум ирихьакъым Бахъуэм зэрызищIыр.

– Къэсащ. Къэса щхьэкIэ бомбардировочнэ авиацэм щыщкъым къэсар! КъыбгурыIуа? – жиIэри Бахъуэм Апчарэр щIригъэгъуэжащ.

– А зи гугъу пщIы бомбардировочнэр къэса иужь, уэлэхьи, си Iуэхум уэ эвакуировать пхуэщIым, – жиIэри Сосмакъыр Бекъан къыдэщIащ.

Езы Бекъани игъэкIуэтыгъуафIэу пхуигъэкIуэтын уи гугъэт, и псалъэм къыпищащ:

– Iэщыр мыбы къыщахум тхьэмахуитI гъуэгу тетащ. Псом япэ шыр къахуащ, кIэлъыкIуэу – Iэбгъэр. Абы я ужьым итар мэл псэфымрэ жэм лъхуамрэщ. ПланкIэ къахуащ, мафIэгур сыхьэт бжыгъэкIэ зэрызэблэкIым ещхьу. Армыруи хъурэ. Гъуэгур аузым докI – зэвщ. ДэхыпIэ иIэкъым. Иджы унафэ ящI, «Iэщыр икIэщIыпIэкIэ ефхух» жаIэри. Дауэ зэретхухынур? Псори зэуэ етхужьэну? Шыри, жэмри, выри, шкIэри, мэлри, щынэри зэхэту? Алыхьыр си тхьэрыIуэщ, зэхамыпIытIэм, лIар гъуэгум пхутемыхыжу. Догуэ Сталиным ищIэу пIэрэ ар? Ар абы къыжиIэху щхьэ дыпэплъэн хуей?

– ИщIэни хуейкъым! – жиIэри Чоки и адэм и лъэныкъуэу зэрыщытыр яригъэщIащ.

Къулыр щхьэ Iэнкуну щыт, жиIэу Бекъан абы иризэгуэпырт.

– Иджы листовкэ къезыпхъыхым бомбэ къримыпхъыхыну ара фи гугъэр? Шыр зы бомбэ фIэкI хуейкъым. Зэрехьэжьэнщи,

плъэкIмэ, къэубыдыж. Аркъэнищэ едз – зыц пхуещIэнкъым. Ухуеймэ бгым щхьэщыхуа иужь, я къупщхьэр къэщыпыж. Мэлыр щахукIэ, дэджэхъу пашэу ажэ япэ ирагъэувэ. Ажэм гъуэгу и пIалъэ ещIэр. ЩIыхури аращ: пашэм гъуэгу и пIалъэ ищIэмэ, фIэфIщ...

Бекъан и щIагъыбзэр псоми къагурыIуащ. Езы Къул дыдэми гу лъимытэу къэнэнт. Арщхьэк Iэ Зулкъэрней хьэкъыу и фIэщ хъурт и чэзум ирихьэлIэу директивэ къазэрыIэрыхьэнур. Арыншауи дауэ хъун! Iэщым и закъуэ мыбы къахур. Завод дапщэм я оборудованэр къашэрэ? А къомым я унафэ ящIын Москваи щыгъупщэуи? Псори зыгуэрщ: молибдену, вольфраму комбинатым дэлъыр узыхуэмеину Iэмал зимыIэщ. Iэщыр ебгъэхын къыщIыбодзэ. ЩIыхум сыт жаIэну? Цы ящу пхущыIэрэ, мэкъу пхупаупщIрэ, фермэм тес хъыджэбзхэр пхутесыжрэ. Лэжьыгъэ псоми пичакъэ итIанэ. Iуэхуи дэлъи къэнэжрэ? Колхоз мылъкури зэхадыгъуэжыркъэ? Iэщи пхуаIыгъыжын? ЗэфIэкIащ псори! ТIыси щыс, нэмыцэр къэсу узэрипхъуэху.

Сосмакъымрэ Диданымрэ жаIэми зыгуэр хэлъщ.

Къулым «нэхъыфIыр дэрауэ пIэрэ» жиIэу гупсысэрт. Сосмакъыр бгъэпсалъэрэ уедаIуэмэ – абы жиIэри зыкъомкIэ пэжщ, Бахъуэм уедэIуэжакъэ – ари къабыл умыщIу хъунукъым – нэмыцэр Дон адэкIэ жыжьэ щыIэщ. Къэсыни къэмысыни. Къэмыблагъэу уIэрпхъуэру утыкум укъилъадэмэ, уи пыIэкур къраудынщ, цIыхур игъащтэри ямыщIэн яригъэщIащ, жаIэнщи.

Нэмыцэр мыбы къэсыну зи фIэщ пхуэмыщIыну дапщэ щыIэ. Иныкъуэм я гугъэщ нацдивизэм нэмыцэр къагъэувыIэну.

Бекъан зытегузэвыхьри гурыIуэгъуэщ. ЦIыхум ди пщэ къыдалъхьа хьэлъэр тхъумэн хуейщ. Бийр гъунэгъу къэхъурэ цIыхур зэрыдэхмэ, щхьэ зэрыдэхрэ, жиIэу хэт жиIэн? Ауэ зэрыгъащтэрэ зэрехьэжьауэ дэкIрэ нэмыцэри къэмысмэ, зи щхьэ хэзылъхьапхъэм хилъхьэнщ. Абдежым нэхъ къуаншэу къалъытэнур къэщIэгъуейкъым. Окопэу мащIэ къатIакъым, бийр къэс хъужыкъуэм, жаIэу. Тхьэ имыIуамэ, зы щIыпIэ къыщагъэувыIэнкъэ?

Iэщыр егъэхын хуейщ, жаIэ. Егъэхи фермэм тегъэувэ, ебгъэшхынур сыт? Мэкъу тIэкIу ягъэхьэзырар егъэшхи, щIымахуэм кIэфий епщэу щыс. Ара? Едмыгъэхыу, нэхъри нэхъ лъагэу тIэт щхьэ мыхъурэ? Нэмыцэр къэсмэ, партизанхэм Iэщыр яхъумэу къырым исынщ.

Сосмакъым жиIэр къапщтэрэ Iэщыр нобэ епхужьэмэ, къикIыр сыт? Нэмыцэр къыттемыкIуэну Iэмал имыIэу къокI. Бийм ди щIыналъэр иубыдыну къокI, ди дзэр къракъухьыну къокI. Мис мыращ къэхъунур, жиIэу нобэ хэт утыкум къиувэн?

– Мы къэвгъэхъеяр зыми щыщкъым, – жиIэри Къулым къыщIидзэжащ, и макъыр нэгъуэщI зыгуэр зэрыхъуам гу лъитэжауэ. – Нобэ зи ужь дитын хуейр щхьэжIэнатIэ зыIутыр

аращ, ар сыт зищIысыр жыIэт: фронтым лы нэхъыбэ, цы нэ-хъыбэ, гъэш нэхъыбэ ета зэрыхъунырщ. Нэмыцэр Дон къызэ-прыкIынукъым. Нэхъ тэмэму жытIэнщи – къызэпрагъэкIын-къым. КъызэпрыкIыпэуи дывгъэщI – Дон мыдэкIэ укъэIэбэм, оборонительнэ линие (Армавир деж жиIэнути, щэхур нахуэ сощI, жиIэу тегузэвыхьыжри нэгъуэщIу иригъэкIуэкIащ) Iэджэ-ми къахуэзэнущ. Дэ зи ужь дитыну ди боршыр – мэкъу дызрикъун пыдвгъэупщI, силоскIи фымыбэлэрыгъ, Iэщыр кIэрыхуншэу гъатхэ тедгъэхьэн папщIэ. Дыдейм и мызакъуэу, Iэщ эвакуировать къащIами яхурикъун хуэдэу. Хьилагъэ зезыхьэ колхоз председатель щыIэщ – я Iэщым и ныкъуэр военторгым иращэ. Iэщ гъэшхэну къахуэнэнур нэхъ мащIэ ящIмэ щIымахуэм тыншын я гугъэу, Iэщым ирисондэджэри дапщэ ухуей! Ахэр зыхуэзапхъэ хуэдгъэзэнщ. Армэм лыр езытын хуейр дэращи, мыгувэу разнарядкэр къыфIэрыхьэнщ. Мэл мин щитI хуэдиз нобэ еттыну дагурыIуащ.

Сосмакъыр здэщысым и щхьэр егъэкIэрахъуэ. Ар Къулым щилъагъум, и гум къэкIащ: «ТIалиб си акъылэгъу хуэдэщ», ар-щхьэкIэ Сосмакъыр зэгупсысыр аратэкъым: «Думыгъэунэхъу, Зулкъэрней. Iэщыр егъэха зэрыхъуным и ужь дивгъэт» жиIэу арат.

Къулыр нэхъ тегушхуауэ псалъэрт: Iэщ мылIар списать яригъэщIыну бланк зыгуэш зоотехникхэр фIейм хилъхьэрт, зызыгъэпщкIуу я унэ кIуэсэж жэмыш хъыджэбзхэр ягъэшынэну трикъузэрт. Продовольственнэ карточкэ зыщэр, колхоз зэхэзы-дыгъуэр судым икIэщIыпIэкIэ иратыну яжриIэрт. Абы ищIыIу-кIэ, жэм зимыIэм жэм идот, жиIэу япэ езыхьэжьар къэгъуэтауэ хуэфащэ егъэгъуэта зэрыхъунум тригъэчыныхьырт. И макъыр къызэрыкIауэ щIэгубжьэжу и Iэр игъэдалъэу:

– ХъумакIуэу ежьэжа илъэпкъыр зэхуэфшэси мэкъум вгъакIуэ. Удзыр хъуакъым, жызыIэу зизылъэфыхьым хуэвмыдэ. «Хъуа-мыхъуами, сынокIуэ» жыхуаIэм хуэдэу, хъуа-мыхъуами, мэкъу феуэнщ. Аргъынэу илъри фымыгъэф, Iэмбатэ фщIы...

Къулым и псалъэр зэпымыууэ хъуну къыщIэкIынтэкъыми зэпыуащ. ПщыIэ щхъуантIэм радист щIэсар къыщIэкIащ, тхы-лъымпIэ лист иIыгъыу. Бахъуэр нэхъ гъунэгъуу щытти радио-граммэр абы хуишиящ. Модрейри тхылъымпIэм еплъмэ – тетхащ «срочно» жиIэу. Радиограммэм итт: «Хъыбар гузэвэгъуэ къэсащи икIэщIыпIэкIэ къэкIуэж, унафэ къэдмыщтэу хъуну-къым» жиIэу. Зи Iэ щIэлъыр обкомым и секретарыр арат.

Бахъуэм радиограммэр Къулым ирита щхьэкIэ, модрейр еджэркъым, зыгуэрым запискэ мыхьэнэншэ къитха къы-фIощIри.

Бахъуэр бгъэдохьэ:

– Радиограммэщ уэстар,– жеIэри.

Къулым занщIэу и фэр пыкIащ: «Iэщыр евгъэх» жиIэу директивэ къэмысауэ пIэрэ, жиIэри.

Псоми къагурыIуат Къулым хъыбар гузэвэгъуэ къызэрыIэщIыхьар, арщхьэкIэ щIэупщIэну зыми ирикуакъым. Иракуами, Зулкъэрней сыт къыбжиIэнт, езы дыдэм имыщIэмэ. Хъыбару обкомым къаIэрыхьар «нацдивизэр зауэм Iухьащ» жиIэу зэрыарар ищIэу щытамэ, яжриIэнти зэфIэкIат. Иджы совещанэр Сосмакъым нигъэсыну и пщэ дилъхьэу езыр емыжьэжу хъуакъым. Бахъуэр гъусэ ищIри Къулыр и машинэм ит Iысхьэжащ, Iэ убыдыж сытхэм хэмыту. Гъуэгур егъэзыхыгъуэти, машинэр кIуэгъуафIэу кIуэрт.

## 3. НЭМ ВАГЪУЭ ЕГЪЭЛЪАГЪУ

Апчарэ зэрыгуфIэнур Чокэ и нэгум щIэтти, и лъакъуэр темыпыIэжу кIуэ дэнэ къэна, жэрыгъэ защIэкIэ жэн хуэдэт. Езыр зыгъэгуфIэ щыщымыIэкIэ, Апчарэ ирегуфIэ. Нацдивизэм къызэрыхадзыжар иджыри къэс щыгъупщакъыми, и гум къоуэ. Абы и закъуэ? Гуауэщхьэуэ нэхъ жумыIэмэ, къолъэлъэхыж – Бахъуэм и закъуэ урикъуни, къыкIэрыхъыжьащи, кIуапIи жапIи къритыркъым.

«Адэм и губжь къуэм хуахьыркъым» жаIа щхьэкIэ, Чокэ и адэм кIэрылъар мычэму кърaудэкI, и адэм и фэ кърaплъри.

Чокэ и адэр щизэманыгъуэм Iэджэм хэтащ. Япэрей зауэшхуэр къэмыхъу щIыкIэ, Налшык акционернэ обществэ щызэхыхьауэ щытащ «Кабардино-лес» жаIэу. Абы хыхьам я мурадт пхъэуэ паупщIыр пхъэбгъуу зэгуахыурэ ящэну. Бжей мэз жыпIэнущи, гъунэжт. КъалэкIыхьым кърашурэ гъущI гъуэгур хъарзынэу Налшык къашэ.

Чокэ и адэр приказчикыу обществэм Iууват. Мэз пызыупщIыну лIыщIэр къэзыщтэнур арати, аванс хуэдэу ахъшэфIи иратат. ЛIыщIэу къищта къомри зэрыгъэгуфIауэ мэзым кIуащ пхъэ еуэну, я гъуэмылэ сытхэр здашэри. Еуэ ирагъэшхыу мэзым щIэува къудейуэ, унафэ приказчикым къыхуащIащ: «Мэз пыупщIыныр щывгъэти, лIыщIэу къэпщтахэри IугъэкIыж», – жаIэри. Ар дауэ? Зи дауэр аращ: акционернэ обществэр нэхъ фейдэ зыхэлъ Iуэхум и ужь ихьащ – пащтыхьым и армэм лы, мэкъу, гъавэ ирищэну. Чокэ и адэм ахъшэу игуэшар къатри-хыжын хуей хъуа щхьэкIэ зритам къуитыжрэ? Кърaтыжакъым, Iуэхур судым ирита пэтми. ИкIэм икIэжым, обществэм я ахъшэ пшхащ, жаIэри, езы приказчикыу плъагъур ягъэпшынащ. «ПсыхэкIуадэу хэкIуэдар сэракъэ» жиIэри, приказчикым ар гужьгъэжьу и гум къинащ.

Пащтыхьыр трахуащ, жаIэу щызэхихым, Чокэ и адэр

акционернэ обществэр хабзэм иритащ, арщхьэкIэ зыри къикIа-къым, уэчыл къищтам иритари хэкIуэда фIэкIа. Ауэрэ Октябрь-скэ революцэр къэхъуащ. АтIэ хабзэкIэ къэзмыхьар IэщэкIэ къэсхьынкъэ, жиIэри Чокэ и адэм дзэ иугъуеящ. И отрядыр и гъусэу Налшык дэлъэда щхьэкIэ, обществэм щыщ игъуэты-жакъым.

Щымыхъужым, Чокэ и адэр шэрихьэтыдзэм ягухьащ. Зауэ сыту хузэфIэкI щIагъуэ щыIэтэкъым, нэхъыбэу зи ужь итар – партизанхэм гъуэмылэ яхуишэу арат. Советскэ властыр ува иужькIэ, уэри гугъу ехьам уащыщщ, жаIэри приказчикыу щытар къуажэ советым трагъэувэ.

АрщхьэкIэ къулыкъумкIэ и гур зэгъакъым. КъылъысарфIэмащIэти, нэхъыфI лъыхъуэурэ зыбжанэрэ ныкъуэкъуащ. Ауэрэ жагъуэгъу игъуэтри, нэхъ къулыкъуфI къылъамыгъэса дэнэ къэна, и пыIэкур къраудри хьэпсым щIадзащ, «акционернэ обществэм я пэшэгъуу ущыта пэтрэ, узыхуейр сыт» жаIэри. Данизэт фызабэу къанэри и сабийр ипIу зыкъомрэ щысащ, Дидан Бекъан ишэжыху. Диданым, сабий иIэтэкъыми, щIалэ цIыкIур гуфIэу къуэ ищIащ. Уанащ Iэм и гукъеуэр зыт – Чокэ, школым кIуэуэ къыщиублэм, Бекъан и унэцIэр иримыгъэтхыу и адэм и унэцIэмкIэ зригъэтхащ – Диданым и пIэкIэ Мутай жиIэу.

«И адэм кIэрылъыр и къуэм ираудэкIыркъым» жаIэ пэтми, Чокэ куэд и фэм дагъэкIащ, и адэр «враг народа» жаIэу ягъэтIысати, абы и фэр къраплъурэ. Уеблэмэ институтми къыщIадзыжауэ щытащ, нэгъуэщI кIэрылъ щымыIэу. Къэралым зыгуэр къыщыхъухукIэ, Чоки зыгуэр къыщымыщIыну Iэмал иIэтэкъым.

Халхин-гол деж зауэ къэхъейри – Чокэ зэхэзехуэн ящI, уедгъэджэнукъым, жаIэри. Ерагъыу къызэтенат. Западнэ Украинэм и Iуэхур къыщыхъейм, аргуэру Чокэ и пщампIэр яубыд. КъеIэ-неIэми, щеджэ институтыр къафIиухащ. Обкомым гу къылъатат, Чокэ адыгэбзи, къущхьэбзи, урысыбзи ещIэ, жаIэри – лекторуи яшэ. Абы ирихьэлIэу Хэку зауэшхуэр къэхьейри лекторыныр къэкъутэжащ – Чокэу плъагъур и IэнатIэм IуагъэкI. Нэмыцэр Москва и гъунэгъу щыхъум, обкомым къыщIагъэкIыпэри райком комсомолым ягъакIуэ.

Наццивизэр щызэхашэм, Чокэ дзэм хыхьэну мурад ещI, арщхьэкIэ – дэнэ? Нэмыцэм Харьковрэ Ростоврэ яубыдыну къащытеуэм, Чокэу плъагъур обкомым ираджэри къыжраIащ Къущхьэхъу штабым и начальникыу мыкIуэну Iэмал имыIэу. «Иджы дэнэ сагъэкIуэн, зыгуэр къэхъужыкъуэ хъумэ, – жиIэу Чокэ и щхьэ хуэпсэлъэжырт. – Къуршым ущхьэпрахун?»

Бахъуэр зэгуэр Чокэ къеещащ: «УщIалэ Iейтэкъым уэ, уи адэм и фэ къуамыплъу щытамэ», – жиIэри. Бекъаныр арами пщIэнукъым. Бекъани кIэрылъым урикъуни. Уеблэмэ Чоки

Бекъан дыдэ деж кIуэн щIижагъуэр аращ.

«А зи анэр къурмэн зыхуэхъун, езым и нэм ущIэхуами укъыщIихынукъым, щхьэ тIэкIу гу лъыумытэрэ?» – жиIэурэ и анэр магъ. Чокэ и гур мащIэ и куэда бгъэдыхьэркъым, модрейми лъэкI къигъанэркъым, и мылъхукъуэм хуэгумащIэщи, имыщIэн щыIэкъым. А тIуми хэт зи нэIэ къытетыр? Бахъуэр аращ, зыц къащIигъэкIуэнукъым.

Бахъуэр зэпытрэ зэкIэсу ирекIуэ. Аращ абы и къулыкъур. Къулыр щхьэ къыхуэлъэ? Чокэ щыгъупщэжыркъым Зулкъэрней къызэрыхуилъар, «нэхъ сэбэп ущыхъунум удогъакIуэ» жиIэу. Ар бюрор арат. Къулым и псалъэр къызыхихым Чокэ гу лъитат: Чокэ райком комсомолым къытебгъэкIын щхьэкIэ, пленум зэхуэпшэсын хуейщ. КъыщIытебгъэкIри жумыIэу хъурэ? Къущхьэхъум бгъакIуэмэ, бжьыхьэ пщIондэ е шху хъунщ, е шэуэ къэнэжынщ.

Чокэ и пщIыхьэпI и къыхэхуэртэкъым и мурадыр къыщIемыхъулIэр Апчарэ и зэрану. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Чокэ унафэ къыхуащIам ипкъ иткIэ, отряд самооборонэ дэнэ щыIэми: фермэ, завод, колхоз, школ – псоми яхуитхащ тхылъ, икIэщIыпIэкIэ «рукопашный бой» жыхуаIэмкIэ IэкIуэлъакIуэ замыщIыну Iэмал имыIэу.

Чокэ и Iэ телъу апхуэдэ тхылъ Апчари къыIэрыхьат. Еджакъеджа щхьэкIэ къыгурыIуакъым. «Рукопашный бой» жыхуаIэр аращ иджы сымылъагъуужар жиIэри, хъыджэбзхэми яхэупщIыхьащ, арщхьэкIэ хэзыщIыкI хэмытмэ, дэнэ къипхын. Я хъыджэбз пщафIэ Азизэ тхылъыр щилъагъум идакъым: мыр цIыхубз IэщIагъэкъым, жиIэри. «МыщIыхубз IэщIагъэмэ, Чокэ къитхрэт, плъагъуркъэ, и Iэ телъщ», – жиIэри Апчари къилъащ.

ПIытIу къакIуэмэ, абыи деупщIынщ жыпIэнти, зоотехник кIуэцIрыхуныр ущыхуейм деж къакIуэрэ? КъакIуэми бланк къует, «Iэщыр лIэмэ, списать фщIы» же Iэри. Директивэм итщ «икIэщIыпIэкIэ» жиIэу.

– Уа, гурыIуэгъуэкъэ мыбы итыр? – жиIэри Азизэ къэпсэлъащ, – «рукопашный бой» жиIэмэ, IэштIымкIэ еуи къиуд, жиIэу аракъэ? – Азизэ къыбгъэдэт жэмышым зытришэщIат, еуэн хуэдэ зищIри, модрейм зыIуригъэхащ. Жэмыш IэштIымыр зищIысыр хэти ещIэ.

Хъыджэбзхэр зэрыгъэхьэкъувыкъурт:

– Ей, ПIытIу дывгъэубэрэжь.

– Алыхь, пIэжьажьэу къизмыудым.

– ЩIыбышэр захуэ хъужынуми пщIэрэ? – жаIэу.

Псори нэжэгужэ къэхъуат. Апчари унафэ ищIащ:

– Азизэ, директивэр уэ къыщыбгурыIуакIэ, махуэ къэс занятэри ебгъэкIуэкIынщ, – жиIэри.

Азизэ мобы жиIам щхьэпрыкI хъурэ? Алыхьым къыптрилъхьэм, фошыгъу шей уефэнщ, жыхуаIэр арати, зиущэхужащ.

Пщэдджыжь къэс, жэмыр къызэрашу, хъыджэбзхэр тIуры-тIурэ зэбгъурыту къызэрыдэшырт. IэштIымкIэ зэзауэу къызэра-ублэу, хэт и щхьэмажьэ якъутэ, хэти и мет кърач, хэт и бостей зэфIатхъ. ПIытIу кIуэцIрыхунри къакIуэркъым. «Рукопашнэм-кIэ» тхылъ щымыIэу пIэрэ, жаIэу хъыджэбзхэр я библиотекэм хэплъащ. Абдежщ Апчарэ и гум къыщыкIыжар Лермонтовым и поэмэу «Купец Калашниковым и уэрэд» жыхуиIэр. Апчарэ тхылъым етIысылIащ.

Азизи хъыджэбзхэр тIурытIу лъэныкъуэкIэ Iуишурэ зэуэкIэ ятригъащIэрт, командэ итынур езым къигупсысауэ.

– ЗыкъызэщIэвгъаплъэ! – жиIэмэ, гурыIуэгъуэкъэ: узэуэнумэ, къеблагъэ, узэуэр зэрибудыным зыхуэгъэхьэзыр.

– Нэм вагъуэ егъэлъагъу! – жиIамэ, умыбэлэрыгъ, узэуэнур нэщхъ защIэкIэ гъэшынэ, кIэзызу-кIэкуакуэу, и псэр хэпх къыфIэгъэщI.

– Ижьырабгъур, уэ! – жиIэу командэ итмэ, ижьырабгъумкIэ щытхэр сэмэгурабгъум щытхэм «къуах» жиIэу йоуэ.

– Сэмэгурабгъур, уэ! – жиIэмэ, сэмэгурабгъумкIэ щыт хъыджэбзхэр ижьырабгъумкIэ щытхэм йоуэ, зэрызокъуэ, зэрогъэкIий.

Хъыджэбзхэм нэхъапэ щIыкIэ ауэ сытми зэдэджэгу хуэдэу зэзауэ нэпцI защIырт. Ауэрэ я фIэщ къызэригъэкIырт, зэзэуапэу къаублэрти, щызэрыфыщIи къэхъурт, я пщампIэр зэрыубыдауэ зылъэкIыр, мыхьыр иригъэхьу, зауэрт.

Апчари занятэр и гум ирихьыжауэ, хъыджэбзхэм яхэлъадэрти, «алыхь, зэуэкIэ сэ фэзмыгъэлъагъумэ» жиIэу, и ныбжьэгъухэм яхэлъэщыхьырт. Азизэ хъыджэбз тыкъыр цIыкIути, ираудмэ, къыщылъэтыжырти, къызэщIэплъауэ зауэрт.

Пщэдджыжь къэсыху щIалэгъуалэ фермэм хэт блэкIми фIэгъэщIэгъуэну къаплъэрт, «уа, джэгукIэ зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ» жыхуаIэм хуэмыдэу пIэрэ Апчарэ и джэгукIэр?» жаIэу. Жэмышхэри есэжауэ, зэмызауэмэ, я Iэпэлъапэр шхэуэ, пщэдджыжь къэс утыкум къихьэрти, я кIий макъыр къуэм дэз хъурт. Гъы макъ щызэхэпхи дапщэ ухуей.

Азизэ программэ зэхилъхьэри Апчарэ иритащ. Командэу итынур и акъылым къызэритIасэм хуэдэу итхат: «зыкъызэщIэ-вгъаплъэ», «нэм вагъуэ егъэлъагъу», «ижьырабгъур, уэ!» – псо-ри хъарзынэу Апчарэ къилъытащ.

Лермонтовым и поэмэм щыщу усэ гуэрхэри программэм хагъэуват:

*ТекIуэм фIыщIэшхуэ къыхуещIыр пащтыхьым,*
*ТемыкIуэм гущIэгъур къыхуещIыр алыхьым.*

Хъыджэбз фермэм тесхэм я джэгукIэм и хъыбарыр къуажэ-

ми нэмысу къэнэнт. Бекъан къакIуэу зэригъэлъагъуну и мурад щхьэкIэ, хущIыхьэпIэ лъэпкъ игъуэтыртэкъым. Ауэ Бахъуэр, а хъыбарыр и тхьэкIумэм зэрицырхъэу, къэсащ. И машинэр жыжьэу къигъэувыIэри лъэсу пщыIэм техьащ.

А махуэм занятэр езыгъэкIуэкIыр Апчарэт. Хъыджэбзхэр тIурытIурэ удж къэуджын хуэдэу къыдэкIырт. «ЗыкъызэщIэвгъаплъэ!» жыхуаIэ командэр Апчарэ ита щхьэкIэ, хъыджэбзхэм заужьыртэкъым – зралъэфыхьырт. Зи мет е зи щхьэ мажьэ кIуэдар удзым хэпэщэщыхьу хэст.

– ПIэстхъэныр щывгъэт, тIысэ! – жиIэу Апчарэ шхыдэрт, хъыджэбз напэм IэбжьанапIэ иIэу илъагъуху. Лъыкъуалэ къызэжэхи щыIэт.

Бахъуэр жыжьэу къэувыIауэ къакIэлъоплъ, хъыджэбзхэр IэштIымкIэ зэзэуэныр къызыхахар къыхуэмыщIэу. ЦIыхубзхэр зэзэуэнумэ, Iэщэу яIэр я бзэр аращ, псалъэ защIэкIэ лIым я нэхъ ябгэм и щхьэр щIрагъэхьэн дэнэ къэна, къэралитI зэрагъэзэуэфынущ. ПсэлъэнкIэ абыхэм хэт ящIыхьэн? Бабыщыр есыкIэкIэ ягъасэрэ, абы хуэдэ къабзэщ.

МащIэ-мащIэурэ хъыджэбзхэр къызэщIэплъауэ зэзэуэну я нэр къож. ИжьырабгъумкIэ щытхэм я Iэщхьэлъащхьэр дэгъэджэрэзеяуэ уэн къудейщи, «ижьырабгъур, уэ!» зэрыжаIэу «къух», жиIэу удын зыхищIэу ирахынущ. АрщхьэкIэ командэ итыным нэмысу, Бахъуэр къаплъэу щыту Апчарэ елъагъу. Военнэр къэкIуауэ щилъагъум, уставым зэрит дыдэм хуэдэу Апчарэ командэ ет:

– Смирнэ! Товарищ командир, отрядым военнэ занятэ идогъэкIуэкI.

– Ерэхъу. ЕвгъэкIуэкI, – жиIа щхьэкIэ Бахъуэр къыщиуду дыхьэшхынущи ерагъыу зиIыгъыф къудейщ. «Ижьырабгъур, уэ!», «сэмэгурабгъур, уэ!» жыхуаIэ командэхэр щызэхихым, хуэмышэчу къыщиудри дыхьэшхащ.

Апчари гъыну и нэпсым къызэпижыхьащ. Хъыджэбзхэм ар щалъагъум, я щхьэм мыгъуагъэ хуахьыжу Iэнкун хъуахэт. Командир дыдэ къыщыкIуакIэ, «рукопашный бой» жыхуаIэр дигъэщIэнщ, жаIэу гугъа щхьэкIэ, дэнэт! Бахъуэм и ныбэр иIыгъыу мэдыхьэшх. Азизэ и гум къэкIыжат, Апчарэ «уа, тIысэ, IэштIымкIэ ууэфу зыбгъасэм, пщIэну щыткъым, сэбэп къыщы-пхуэхъун куэд щыIэу къыщIэкIынщ» зэрыжиIар. Азизи абыкIэ арэзыт:

– Псалъэм папщIэ, уахь. Еуи и дзэр Iууд. Къищыпыжыху, щIэпхъуи IэщIэкI. Е нэмыцэ сэлэтым зыкъуепщыт... – жиIэу.

Хъыджэбзхэр мащIэрэ зэдэуа абы щхьэкIэ? Иджы Бахъуэм еплъу зэхэтщ, ящIэнур ямыщIэу, сыту пIэрэ мыбы къыджиIэнур, жаIэу. Ауан къищIын хьэмэ къащытхъун.

Бахъуэм и дыхьэшхыныр иухщ, бэлътоку хужьышхуэкIэ и нэпсыр щIилъэщIыкIри Апчарэ къеупщIащ:

– Сыт иджыпсту зи ужь фитар? – жиIэри.
– Iэ ижьымкIэ удын ехыкIэ зэдгъащIэрт...
– Iэ сэмэгумкIэ-щэ?
– Iэ сэмэгури аращ – зэдгъэщIащ.

Бахъуэм хъыджэбзхэр фIэгуэныхь хъужауэ дыхьэшхыжыртэкъым. Модрейхэми я бостей, я щхьэц сытхэр зэрагъэзэхуэжырт, зэм Бахъуэм дежкIэ, зэми Апчарэ дежкIэ нэбгъузкIэ еплъэкIыу. Апчарэ Лермонтовым и тхылъым еджэ хуэдэу зищIырт.

– «Сэмэгурабгъур, уэ!», «ижьырабгъур, уэ!» – сытуи командэ хъарзынэхэри къэвгупсыса! – жиIэу Бахъуэм ауан ещI. – Жыжьэу сыкъэуври мащIэрэ сывэмыплъаи! «Бым» жиIэу IэштIымкIэ фызым лIыр иреудри си Iуэхущ ар IумпIафIэ мыхъум. Аракъэ?

– Ара дыдэщ, тхьэ. ЛIо, уи лIым и щхьэцыр къыипч иэхърэ нэхъыфIкъэ ар? Арыншами, зи щхьэц иту къэнэжар мащIэ хъуащ, – жиIэри Апчарэ Бахъуэм и щхьэр зэрыфэкъум гу лъригъэтэжащ.

– СогъэпцI, мыпэжым. Си фызым си щхьэм цы къринэжа? Уа, пэжыр жыIэт: сыт иджыпсту зи ужь фитар?

– Плъэгъуакъэ? Рукопашный бой зэдгъэщIащ.
– Си фIэщу сывоупщI сэ.
– Дэри ди фI эщу жыдоIэ.
– Хэт ар фэзыгъэщIар?
– Дэр-дэру зыдогъэщIэж.
– Физкультурэ?
– Хэт и физкультурэ. Военнэ занятэщ.
– Инструкцэ фиIэ?

– Райкомым я унафэ диIэщ, – жиIэри Лермонтовым и тхылъым дэлъ письмор Апчарэ къыдихри Бахъуэм хуишиящ. Бахъуэм ар къыIихри еджащ. Директивэм итыр «щIалэгъуалэр рукопашный бойкIэ гъэсэн хуейщ» жиIэу арат. Абы щхьэкIэ сыт жыпIэнт?

Бахъуэр письмом еджэу къаритыжа нэужь, къажриIащ хъыджэбзхэм директивэр къазэрыгурымыIуар. Абы къыщымыувыIэу рукопашный бойкIэ зэджэр къаругъэлъагъуэщ, штурмовая полоса къахуигъуэтри абы тегъэувэн хуей пыпхэ сытхэри зыхуэдэр къажриIащ. Ар зэфIэкIа иужь дахэм хуэдэу хъыджэбзхэм къеущиящ, уеблэмэ псалъэ гуапи къажриIащ, военрук къахуигъэкIуэнуи къигъэгугъащ. Арати ари ежьэжащ.

Илъэгъуар Бахъуэм имыIуэтэжу хуэшэчынт? ОборонэмкIэ комитетыр зэхуэсауэ ирихьэлIати, иIуэтэжащ. Зэхэзыхым и ныбэр иIыгъыу дыхьэшхырт. А махуэм къадыхьэшхам хуэдиз, тобэ ирехъу, зауэр къызэрыхъей лъандэрэ къадыхьэшхакъым. Мис аращ Чокэ зэран къыхуэхъуар: директивэ тэмэм зэбгребгъэха щхьэкIэ, и гъэзэщIэкIэ хъунур къагурыбгъэIуакъым,

жаIэри и пыIэкур къраудащ. ИкIи аращ Чокэ Къущхьэхъу ягъэкIуэныр къызыхэкIар, и пэжыпIэм ухуеймэ.

Нобэ Чокэ нэжэгужэщ, фронтым къратыкIа хъыбарыр мыщIагъуэми. ГуфIэгъуэ закъуэу абы иIэр Апчарэщ. Хъыджэбзым хуэзэрэ псалъитI-щы жриIэмэ, и насыпышхуэщ. Чокэ махуэ къэс фермэм кIуэмэ, щхьэ укIуэрэ, жиIэу зыми къыпиубыд хъунукъым, ауэ езыр кIуэркъым, хъыджэбзым къиужэгъункIэ мэшынэри. Нобэ Апчарэ зыгъэгуфIэн хъыбар ихьу макIуэ.

– Уи пщIыхьэпIэр нэрылъагъу хъуакъэ? – жиIэнщи, Чокэ къыщIидзэнщ,– уи дэлъхум деж уокIуэ.

Апчарэ иджыблагъэ пщIыхьэпIэу илъэгъуат фронтым кърашыжри и дэлъху Албиян уIэгъэ хъуауэ фермэм къашэжауэ. Албиян «шэ крушкIэ» жеIэри мэлъаIуэ. Апчарэ шэуэ махуэм къашар заводым ткIуэпс къэмынэу иригъэшащи мэгузавэ. Абдежым къыздикIари къыздихуари умыщIэу Къулыр кърохьэлIэ:

– Жэмым я нэхъыфIыр уи унэ пхуауэ, «шэ» жыпIэу, щхьэ улъаIуэрэ?– жиIэу.

Апчарэ гъыуэ къэушащ. Аращ «уи пщIыхьэпIэр нэрылъагъу хъуакъэ» жиIэу Чокэ щIыжиIэнур.

Апчарэ зэрыгуфIэнури нэрылъагъущ. МащIэрэ фронтым кIуэну хуежьат хъыджэбзыр – къехъулIакъым. Зэм «уи анэр хэт къыхуэбгъэнэну» жаIэм, зэми езы Чокэ зэран хуэхъуурэ къехъулIакъым. Подаркэ къомыр ишэрэ къигъэззэжмэ, ягъэ кIынкъым, жиIэу Чокэ тегушхуат. Иджыблагъэ обкомыр къеупщIат: «Фронтым подаркэ ишэну хэт нэхъ бгъакIуэ хъуну уиIэ?» – жаIэри. Езы Чоки занщIэу яжриIащ: «Къэзэнокъуэ Апчарэ», – жиIэри Псори арэзы хъуащ. Иджы, тхьэм ещIэ, Хьэбибэ идэн, имыдэн.

Чокэ лъэкIамэ, машинэр игъэлъэтэнт, апхуэдизкIэ мэпIащIэри.

## 4. ГЪУЭГУАНЭ ЩЫТЕХЬЭМ

Апчарэ щежьэну махуэр къэсащ. Хьэбибэ и пщIантIэр бэзэрым хуэдэт. Нащдивизэм зи къуэ, зи дэлъху е зи къуэш хэмыт щIагъуэ щыIэтэкъыми, псоми письморэ посылкэрэ къахьырт, «тхуетыж» жаIэу. Хэт сыт къихьми Апчарэ къыIихырт. Письмохэр и портфелым дилъхьэрт, ашык цIыкIухэр, хъуржын сытхэр Iэтэу зэтрилъхьэрт. Письмо зымытхыфхэм жаIэр и блокнотым иритхэрт. Хэт къелъэIуми къызэрелъэIур зыт – Iэмал иIэм къэгъуэти схуетыж, жиIэу. Езы Апчарэ псори къигъэгугъэрт мыщхьэхыу къигъуэтыну. Дивизэ здэкIуэр пара-дым хэтым хуэдэу блэкIынщ жыпIэнт, абы къызэрыфIэщIымкIэ, уеблэмэ езыр трибунэм тету къахэплъэу.

Посылкэ, письмо сытхэр къэзыхьахэр ягъазэу дэкIыжыртэкъым – жыг жьауэм щIэтIысхьэрти, уэршэру щыст. Хэт сыт зэхихами утыкум кърилъхьэрт, щхьэж и щхьэм къихьа къимыгъанэу. Хъыбару зекIуэм щIэ щIэттэкъым, нэхъыбэр шыпсэм хуэдэт, уи фIэщ хъуну Iэмал имыIэу. ЩIалэ цIыкIухэр арат хъыбарым емыдаIуэри – садым илъэдауэ зэрызехьэт, мыIэрысэ, кхъужь сытхэр къащыпу. Хьэбибэ, яшхмэ, я хьэлэлщ, нэмыцэм жыгыр къафыщI нэхърэ нэхъыф Iщ, жиIэу сабийм япэрымыуэу хъыбар яIуатэм едаIуэу щыст.

– Уа, пэжу пIэрэ нэмыцэм Чопракъ гын халъхьэу псым ефэр ягъэлIэну зэхэсхащи? – жиIэри Хьэбибэ цIыхухъухэм еупщIащ.

Жыг щIагъым щIэс фызхэм заущэхуащ. Тобэ Iистофрилэхь, кIуэдыкIейуэ цI ыхур ягъэкIуэдынущ, ялыхь, ди нэгу щI умыгъэкI, жаI эу псори гузавэрт. ЦIыху зэрагъэмэх машинэхэм я хъыбар зыкъом лъандэрэ зэхахати, ари я фIэщ хъурт.

Чопракъ гын халъхьэну зи фIэщ мыхъун щыIэт. Нэхъыбэм ща Iуэжырт кхъухьлъатэм зы гын ашык къыхидзэм псори ныбапхъэкI э зепщыпщэу къигъэнэну. Псыр уэрщи, занщIэу ирихьэхынщи, жэбзэжынщ, жызыIи щыIэт.

Апчарэ и анэм хуидакъым:

– Ари дэнэ къипхат – нэмыцэр Чопракъ къагъэкI уэн уи гугъэ? Жьыбгъэм уанэ тралъхьами, тхьэ, я лъакъуэр зэпамыудым. Нацдивизэр ауэ сытми кIуа уи гугъэ? Тхьэ, Албиян и минометхэмкIэ яхэуэмэ, хьэдэлъэмыжу мыхьыр иримыгъэхьмэ... – жиIэри.

СентралкIэ зэджэ почтальоным и дзэлыфэ итIащ, Апчарэ жиIар фIэауану, и нэ закъуэ исыр щIиукъуанцIэу. НитIкIэ плъэм илъагъум хуэдитI Сентрал зы нэ закъуэкIэ елъагъу, жа Iамэ, илъагъур и фейдэ зыхэлъыр арат. Махуэ къэс чэф иIэу уэрамым дэтт. Ирифыр дэнэ кърихрэ жыIэт. Пенсие зыхуихьым я ахъшэм къыкIэреуд, фызабэ тхылъ зымыщIэр къигъапцIэурэ. Иджыблагъэ фызабитIым зауэм хэк Iуэда я къуэхэм папщIэ пенсие т IэкIу къахуихьащ: зым сом пщыкI уплI, зым сомибл. Зауэм хэк Iуэда щIалитIыр зэгъунэгъуу щытащ, зы махуэм т Iури къаукIащ. Сомибл фIэкIа зылъымыса анэр военкоматым кIуэри щIэупщIащ: «Си къуэм и гъащIэр сомиблу, ди гъунэгъу фызым и къуэр сом пщык IуплIу совет властым щхьэ къилъыта, си къуэм и псэр нэхъ пуд щхьэ хъуа?» – жи Iэри. Къапщытэри Сентрал и хьилагъэр къыщIагъэщащ. Сентрал ефэ-ешхэ кIуэмэ, жьэгъу щIэсу лъакъуэ закъуэкIэ еш жыхуаIэр имыщIэу щытт, зы бжьэ итмэ, бжьитI езым зылъигъэсу. Абы ахъшэ ебгъэгуэш хъурэт?

Апчарэ нэ закъуэмкIэ къеплъри и псалъэр къызэпиудащ:

– Украинэмрэ Белорусымрэ сыту къулейсызу къыщI экIа, ярэби, Албиян хуэдэу зылI къахэкIакъым, – жиIэри.

– Ей, абы я псым гын хамылъхьауэ пIэрэ? – жиIэри зыгуэр

щIэупщIащ.

Апчарэу плъагъур почтальоным зэгуигъэпащ.

– Албиян япэмылъэщми, Сталин къигъэкIуэн уи гугъэ?

Апчарэ къыдэщIын Iэджи щыIэт. Псым гын халъхьэну хъыбарыр зыгъэIуар Сентралт. Хьэбибэ щэхуу ар къыжриIати, гузавэри псы зэрыпкIэ хъун къимыгъанэу псы зэфэн къихьат. Сентрал езыр газет емыджэми, еджэм яхуегуэш, къуажэ Советым хъыбар щекIуэкIыр зэхех, телефоным бгъэдэсщ, жаIэри къивыр зи фIэщ хъур мащIэ?!

Езы Сентрали и жьэр хуэубыдакъым:

– ЗэрыжыпIэмкIэ, Гитлер Сталиным къелъэIури Украинэр, Белорусыр, Молдавыр Iихащ – ара къызэрыбгурыIуэ мыгъуэри? Уи гугъэм, уэлэхьи, Щэбэт и гугъэр!

Апчарэ къикIуэтыну и мурадкъым:

– АтIэ нэмыцэр къыттеуэну щыпщIакIэ укIуэу Сталиным щхьэ жумыIарэ? Хьэмэ дэ абыкIэ дыбгъэшынэну, дыбгъэгужьеину ара узыхуейр?

Апчарэ жиIар Бахъуэм жиIэу Дзэлыкъуэ щызэхихат. Сентрал къэгузэвэжауэ Iэнкуну и нэ закъуэр игъэупIэрапIэрт, жиIэнур имыщIэу. Сентрал абы щIыфIащар нэгъуэщIтэкъым: и закъуэу телефоным бгъэдэувэрти и къур игъэджэрэзурэ кIийрт «ало, къащтэ мыдэ сентралыр, сентрал дыдэр къызэт» жиIэу.

Ар Джэрыджэ ТIытIу и гум къэкIыжри и ныбжьэгъур щIригъэгъуэжащ:

– Уа, телефонкIэ умыпсалъэу пIэрэ уэ? – жиIэри. Псори зэщIэдыхьэшхащ. А дакъикъэм пщIантIэм къыдэлъэдащ Бекъанрэ Мысострэ. Щысхэр къэтэджащ, дыхьэшхынми прагъэчри.

Мысост япэ зыкъригъэщащ:

– ЛIо, фи хьэм бажэ къиубыда хуэдэ, щхьэ фыдыхьэшхрэ? ТIэкIуи щхьэ фымыукIытэрэ? ЦIыхум, я щхьэм бжьэ еуа хуэдэ, здэкIуэныр ящIэркъым. Дунейр лъыпсым ехь. ЦIыхум я фэ дэкIыр флъагъуркъэ? – жиIэу.

– Шыд пэтрэ илъэсым зэ мэфтрей, Мысост, –жиIэри ПIытIу къыхиIуащ.

– Ягъэ кIынкъым. Иредыхьэшх. ЦIыхур мыдыхьэшхыу, я пэ лъы ивэжауэ щытмэ, нэхъыфI? – Бекъан жиIэри, тэджар игъэтIысыжмэ фIэигъуэу, езыри етIысэхащ. – Мо ашык цIыкIу къомым узыгъэдыхьэшхын дэлъащэрэт. Зауэм Iутхэр сытым игъэдыхьэшхын?

– Аракъэ сэри зи гугъу сщIыр! – жиIэри Мысост гъумэтIымащ.

– НтIэ, си хъыджэбз, уи дэлъхум деж уокIуэ, – жиIэу Бекъан Апчарэ дежкIэ еплъэкIащ, – гъуэгу махуэ, тIысэ. Сыхьэтым я нэхъыфIым тхьэм ухуишэ. Обкомым укъацIыху. УкъамыцIыхууи хъурэ? Диверсант къэбубыдащ. Уэр щхьэкIэ дэри

допагэ. Уэлэхьи, пэжым. КъыпщIэупщIэIамэ, «Апчарэ – Лашыни ди къуажэ хъыджэбзщ, ди пхъум хуэдэу долъагъу», жытIэу аракIэ, тхьэ соIуэ, яжетIэр. Фронтым унэсмэ, зыщумыгъэгъупщэу уанэм щIэупщIэт. Сыт хуэдэу пIэрэ ди уанэр? Зи уанэ къута хэтмэ, къатхыну яжеIэ, яхуедгъэхьынщ... Пщыгъупщэнкъэ?

– Посылкэм дэлъу яхуегъэхь! – жиIэри Хьэбибэ щысыр игъэдыхьэшхащ.

– Ари босын, ди шыпхъу. Догуэ, дымыкIуа уи гугъэ, уанэр евгъэша, жытIэу. ВагониплI подаркэ защIэу идогъашэ – полъкуиплIым я зырыз. Абы ищIыIужкIэ уанэри ебгъэшэну, жаIэри ядакъым. – Бекъан нэщхъыфIэу Хьэбибэ дежкIэ еплъэкIащ.

– ВагониплIыр ашык зырыз яхуэхъуну пIэрэ, си дэлъху?

– Къелыжу ари. Къелыжу. УIэгъэ хъуауэ госпиталым яшам и Iыхьэри кIуэдынкъым, – жиIащ.

Апчарэ письмо къратар зэхищыпыкIыу щыст. Ашыкыр самэшхуэу зэтелът.

– Я командирым ухуэзэм, Апчарэ! Зэхэпхрэ сэ жысIэр? И уанэм еплъ. Къызыхуэт щымыIэу адыгэ уанэфIщ ар, – жиIэри Бекъан Апчарэ зыхуигъэзащ, – ди щIалэм къишэмэ, жысIэри хузэщIэслъхьати... Тхьэм ещIэ абы къыщишэнур. Къишапэу щытми, уанэ сыту ищIын? Машинэ цIыкIум ису къежыхь. Абы уанэ щыхуэтщIын махуи тхьэм дыхуигъазэ.

– Тхьэм жиIэ, Бекъан. Уанэ угъурлы тхьэм уигъэщI, уэ укъызэрыхуа мыгъуэу щытауанэм хуэмыдэу, – жиIэри Хьэбиби Бекъан щыгъупщэжауэ щытар и гум къигъэкIыжащ.

Бекъан гуфIэгъуи гузэвэгъуи хуэзащ. Зэрыкъуажэу ноби ящIэ Бекъан къыщыщIауэ щытар. Къуажэм уанащIэу дэст колхозыр щызэхыхьэ лъэхъэнэм, уанэм къыщIэупщIэри кIуэ пэтми нэхъ мащIэ хъурт. Зэгуэр Бекъан уанэ езыгъэщIам я лъэпкъ дамыгъэр уанащIэм и бжэм къытращIэрт, уанэмкIэ арэзы зэрыхъуам и щыхьэтлыкъыу. Колхоз председатель, бригадир сытхэр арат уанэм хуейуэ къэнар, итIани Бекъан и IэщIагъэр игъэтIылъыртэкъым.

Зэгуэр, жэщ никъуэм, Бекъан жейуэ здыхэлъым къагъэтэджыжащ. Унэм къыщIэкIмэ – бжэIупэм лIиплI Iутщ, военнэ защIэу. Етхуанэм шыр иIыгъщ. ХьэщIэу къэкIуахэр НКВД отряду къыщIэкIащ. «Феблагъэ!» – «Хьэуэ, деблэгъэнукъым, уанэ къыдэт. Шууитхум етхуанэм и уанэр къутащ, дэ абрэдж къыдохуэкIри къуршым дитщ». Бекъан зи уанэ къута шум еплъмэ – лIы зэрамыщIэжу, гъэшха гуэрщ. Ар зышэчын уанэ дэнэ къипхын? Бекъан зэщIилъхьа къудейуэ уанэ щIэрыпс иIэти, яритащ. Шу къэкIуар кIуэжащ. Хэт ищIэнт, уанэ яритар къутэну? Отрядым абрэджыр ирахужьауэ щаху дыдэм уанэр зэщIэхури шым

тесар къехуэхащ. Абы ф IэкI хэмылъу Бекъанри ягъэтIысащ, уанэ мыфэмыц къыщIыдэптар абрэджым уакъыдэщIу аращ, жа Iэри. Илъэсий къытракъуэри «досудани, Къасбулэт» – ирагъэсыкIащ.

Къигъэзэжа иужь Бекъан уанащIэу тIысыжакъым, колхоз шыхъуэу ягъэуври адыгэш игъэхъуу ежьэжат. Езым шым пищ Iын Iэщ дунейм теттэкъым, адыгэш жыпI эмэ, къыпхуимыщIэн щымыIэу.

Нацдивизэр щызэхуашэсым щыгъуэ, Бекъан и I эщIагъэм иужь имыхьэжу хъуакъым, уанэ куэд хуейти. Уеблэм ОборонэмкIэ комитетым яшэри унафэ къыхуащIащ уанащIэу зыхуейм хуэдиз зэхуишэсу артель зэригъэпэщыну. Уанэ минитхум нэс щIыгъуафIэ? А къомыр къызыхащIыкIыну фэри, пхъэри, сытри пэрыхьэту къратащ. Езы Къулыр мызэ -мытIэу къакIуэурэ Бекъан къеупщI ащ «сыт ухуэныкъуэ, дауэ екIуэк Iрэ Iуэхур?» жи Iэу. ИгъащIэм къэзымыцIыхум къацIыхуащ, Бекъану плъагъур цIэрыIуэ хъуащ. Дивизэм дзэпщу яIам уанэ гъуэзэджэ хузэщIилъхьащ, зылъагъум игъэщIагъуэу.

Бекъан и гум темыхуэр сытыт, жыIэт. Бахъуэр аращ. Вредителу къыщIимыдзыжыну пIэрэ, жиIэурэ мащIэрэ къэкIуа. Уанащ Iэм гурыщхъуэ къызэрыхуищI ыр ищI э пэтми, зыкI и зыхигъэгъуэзакъым.

Бекъан уанэ Iуэхур щигъэтыртэкъым:

– Сэлам гуапи схуепхыжынщ Антон. КъыбгурыIуа, л Iы ахъырзэманщ. Шы и п Iалъэ ещIэ. Уанэ хуэсщIар тIимыхыу бэлыхь дыхигъэтакъэ. Мы уанэр музейм щ Iэфлъхьэ, жиI эрт. Пэжу, кIуапIэ зимыIэж уанэт. Уанэ угъурлыуэ тхьэм къыщIигъэкI.

– ЛIо Апчарэ уанэм хищIыкIыр? Хъыджэбзхэр IэштIымкIэ зауэу егъасэ, – жиI эри ПIытIу и нитI ыр къихуу зиплъыхьащ, «дауэ къыфщыхъуа си псалъэр» жиIэ хуэдэу.

– Зыдгъасэмэ, уэ пхуэдэ гуэрщ зыщI эдгъасэр! – Апчарэ упэрыIэбэ хъунутэкъым. – Плъагъурэ, напэ зимы Iэм жиIэр?

– Куэдщ, фи псалъэ мышыу дедэIуэну аракъым мыбдеж дыщI ыщысыр, – Хьэбибэ и нэщхъ зэщIэукI ауэ ПIытIу дежкIэ плъащ, – нэмыцэр къос, жаIэри жылэр мэгузавэ. Дыгъужьыр мыщэм пэлъэщатэм, ичэтхъэнт...

– Дыгъуж псори зэхуэдэ? Мыщэм пэлъэщыни щыIэщ. Россием и ныкъуэр пызычам лIо хууигугъэр? – жиIэри Мысост и макъым зригъэIэт хуэдэу зищIащ. Зыбжанэ лъандэрэ Мысост нэмэзлыкъым тесрей хъуащ, радиом жиIэри зэхех, динщIэкъу хъуа къафIигъэщIыну. – Россиер ин щхьэкIэ къаруушхуэ хэлъ-къым. Францыр интэкъэ? Гитлер зэIурилъхьаи! Дэри ар къыди-мыщ Iэн уи гугъэ?

– Iиблис зытумыгъакIуэт, Мысост. Россиемрэ Францымрэ зэхуэдэ? – жи Iэри Бекъан къэпсэлъащ, Россиер

инрэ цIыкIурэ фIыуэ зэрищIэр яригъэщ Iэну. – Ей, си къуэш, Россием и фэм Iэджи дэкIащ. Хагуэфакъым…

Куэбжэр кIыгъыу къыIуехри молэр пщIантIэм къыдохьэ. Уеплъмэ, фагъуэщ, и блэгущIэм зэкIуэцIышыхьа гуэр щIэлъщ. Тхьэм ещIэ ар зыхуригъэхьынур – молэм бын иIэкъым, зы сохъустэ закъуэ иIэу щытащ жэщкIэ иригъаджэуи, арагъэнщ зыхуэгумащIэр. Молэм и гугъат а сохъустэр молэ хъуну, арщхьэкIэ къехъулIакъым – имыщIэххэу дзэм яшащ. Иджы шэ къытемыхуэну дыуэ итхащ, посылкэм хэлъу иригъэхьыну.

Молэри иджы радио йодаIуэ приемникым бгъэдэсу. Уеблэмэ нэмыцэм я листовкэхэр къещып. Дин зыIыгъынум ирeIыгъ – зэран дыхуэхъунукъым, жаIэу зэхихащи, щыгуфIыкIми зыгуэрти. Мэжджыт зэхуащIыжа къомыр къызэIуахыжмэ, молэр куэд хъунщи, си къигъэхъуапIэр кIащхъэ ящIынщ, жиIэу абы нэхъ тогузэвыхь.

Адрей молэхэр щрагъэсыкIа лъэхъэнэм мыр дауэ къелами зымыщIэ щIагъуэ щыIэтэкъым. Мыр местэншэу, дыуэ итхыу, хьэпэщыпхэ ищIу къуажэм дэсти, и гугъу къащIакъым. Адрейхэр зэщIакъуэри ягъэкIуэдащ. Мэжджыт псори нэщI хъуа щхьэкIэ, зыщIыпIи Iуувэн идакъым, лIар щIилъхьэмэ, абы къыпэкIуэ тIэкIумкIэ псэурт.

Ауэрэ молэ ягъэкIуэдар ящыгъупщэжащ. Мо зым и закъуэ къэнащи, яхузэрыгъэгъуэтыркъым. Нэчыхь тхуэтх жаIэмэ, етх, ауэ къуажэ Советым я справкэ къамыхьмэ, итхын идэркъым. Хьэдэ щIэлъхьэн жып Iэнущи – къыпэрыуэн щыIэкъым. Хьэдэм хэти гугъу зыдригъэхьын? Аращи, нэгъуэщI къуажэхэм къикIыурэ молэр яшэ. Къратыр фIэмащIэмэ, зыщигъэгуси къохъу, здэкIуэ къуажэр нэхъ жыжьэху, пщIэуэ къаIихыр нэхъыбэщ.

Нэмыцэр къакIуэмэ, дауэ хъуну? Молэр куэд хъунщи, я Iыхьэр зэпыуда хъунщ.

Молэм къихьар Апчарэ иритри лъэныкъуэегъэз зищIащ, псалъэ жимыIэу.

Мысост сымэ зытепсэлъыхьам и гугъу аргуэру къагъэхъеижащ.

– Нацдивизэ, нацдивизэ, жывоIэри фи напщIэм телъщ, Нацдивизэм танкыр кърэутIыпщ иджы, дауэ хъуну? – жеIэри Мысост щигъэтыркъым. – СогъэпцI нахуэу, уи шыкIэм мафIэр къыпылъэлъу укъамыгъалъэм.

– Зыщумыгъэгъупщэт, Мысост, – Бекъан арэзыкъым абыкIэ, – танк жыхуэпIэр шум къыщIыхьэрэ? Танкыр мэз е псышхуэ хуэзэм – зэфIэкIащ, здэкIуэн щыIэкъым. Шум и Iуэхур щхьэхуэщ – мэзми, бгыми, псыми – къэзыгъэувыIэн щыIэкъым. Нацдивизэри аращ. Танкым топкIэ еуэнщ...

– Ерпланми топкIэ уеуэну? – жиIэу Мысост зыми жьэ иритыркъым. – Къуалэбзум жыг гъуанэм ис хьэпщхупщыр

къызэрырихыр пщІэрэ? Абы хуэдэ къабзэу дзыгъуэ гъуанэ ди-хьа къимыгъанэу къищыпын уи гугъэ? Ерпланыр шум къащхьэщыхьауэ алыхьым уимыгъэлъагъукІэ.

Мысост и бынхэр сымаджэщ, и къуэм ящыщ дзэм яшакъым, зыхуэгузавэ щІагъуэ щыІэкъым.

Зэдауэм я псалъэм молэм кІэ иритыну хэтащ:

– Алыхьым ещІэ, пщІэну щыткъым, – жиІэри.

Ар Апчарэ идэнт? Къызэтричащ:

– Сталиным ещІэ, зыщІэ ухуеймэ! – жиІэри.– Дэ танк димыІэ фи гугъэ? Ерплан димыІэ фи гугъэ? ДиІэщ икІи куэдщ. Узыр я кІапцІэм исщ нэмыцэм, ди деж къагъакІуэм. Кумбу дэ къэттІар къыщІэттІар сыт фи гугъэ? Кумб зытІар ди закъуэ сытми? Ростов дежи, Ставрополь дежи ятІащ. Си Іуэхущ абы танк къащхьэпрыкІым!

– Плъагъурэ, военнэ секретыр къыщІегъэщ! ЛІо, шпион тхэтми пщІэркъыми! – жиІэри Сентрал Апчарэу плъагъур щІригъэгъуэжащ.

– Ар секрет сытми? Укъеплъыхым, уолъагъу. Ерпланым исым имылъагъуу пІэрэ ар? Ялъагъу дэнэ къэна, сурэт трахри картІящІ. Армырмэ, Арыстоф нэс къакІуэрэт? – жиІэри Бекъан Апчарэ къыщхьэщыжащ.

– Нэмыцэр къеплъых къудей! Ди гум илъри къищІэну и хьисэпщ. – Мысост дэуэнущи, и дзэлыфэ машхэ.– Къэралыгъуэ дапщэ зэІуридзар? И тІасхъэ къимыщІэфу щытамэ, а къомым япэлъэщынт? Зыхуэзэр хегуэ. Игурэ и псэрэ зэрымыІыгъыу зыкъыдипщытакъым. Россиер хигуэмэ, хэт ар къэзыгъэтэджыжынур? Лъэпкъ цІыкІухэр ара? Нэмыцэр къащІэгуауэм, согъэпщІ, зэбгрымыжым, щыщ умылъагъужу. Лъэпкъ цІыкІухэр лъэпкъышхуэ гуэрым и Іэмыщ Іэ имылъыну Іэмал иІэкъым.

– Уа, хъуну пІэрэ абы жиІэр! – Хьэбибэ аргуэру и псалъэ къыхилъхьащ. – Адыгэр тутын зэрылъ чысэ хъуауэ пІэрэ, зэІэпахыу? ЛІо, дылъэпкъ цІыкІумэ? «Дзыгъуибгъу зэдеІэм кІадащхьэ трач» жаІэу зэхэпхакъэ?

Куэбжэр аргуэру кІыгъыу зэхахащ. ПщІантІэм къыдыхьар Хъадижэтт. Сентрал ар щилъагъум, лъэныкъуэ зригъэзащ, фызыжьым зримыгъэлъагъуну. Куэд щІакъым къылъыс пенсием сомих – зы птулъкІэ уасэ – чэму зэрыритрэ.

Хъадижэт жэм къызэрырат лъандэрэ и фэр къихьэжащ, нэхъ лъэрызехьи хъуащ. Жэмыр ихъумэу жэщкІэ бэкхъым щІэлъщ.

Апчарэ фызыжьым пежьауэ и Іэблэр иІыгъыурэ къишэрт.

Хъадижэт уеупщІын сыту и ужь уихьэ хъунукъым, тхьэкІумэ жьажьэщи. Уэ жыпІэр зэхихыркъыми, езыр мычэму мэпсалъэ. И жьэр зэтримыпІэм, псалъэр къыжьэдолъэлъ, къэп гъуанэм нартыху къилъэлъ хуэдэ.

– Зауэм укІуэ мыгъуэу зэхэсхаи, си хъыджэбз, – жиІэри

Хъадижэт къригъэжьащ. – Тобэ ярэби, хъыджэбз цIыкIу зауэм кIуэуи хэт зэхиха? ЦIыхухъу дыдэми зауэм мыкIуэф дапщэ ухуей! А дыдыд мыгъуэ! Зауэр ныбэ нэщIщ – зыхуэзэр зы Iурегъэлъадэ. Си щIалэ цIыкIу мыгъуэри, а къурмэн сызыхуэхъун, а джэбыну сызрашэкIын, зыIуригъэлъэдащи, ноби согузасэ, ныжэби согузасэ. Ялыхьу дызикъурмэн, нэмыцэу мыбы хуэдиз нэщ Iэбжьэ дэзыгъэлъагъур гъэунэхъу, дэ мафIэ лыгъэ къыдэзыдзар маф Iэм егъэс. Сыт мыгъуэр ди лажьэт, я унэ дыкIуакъым, я щIыналъэ дихьакъым... А си хъыджэбз, а зи уз кIуэдын, жэм хъарзынэ къызэфтащ. Абы шэуэ къыщIэкIкъомыр сэ схуэшхын? Кхъуей сощI… Ар кхъуей сытми – тхъуцIынэщ. Кхъуеищхьэ цIыкIуищ къэсхьащи, зи уз кIуэдын, зыгуэрым ет. Си Мусэ мыгъуэр псэужатэм... А тIу, си Мусэ ещхь ухуэзэмэ ет, Хъадижэт къыпхуигъэхьащ, жыIи.

Апчарэ фызыжьым къихьар къыI ихри посылкэ къомым яхилъхьащ.

Бекъан фызыжьым и тхьэкIумэм икIиящ:

– Сыт хуэдэ жэмыр? – жиIэри.

– Ар жэм сытми – хыв жэмщ. Шатэ защIэщ и шэр.

– Апчарэ тхьэ хуелъэIу. Аращ къыхэзыхар! Умыбэлэрыгъ, сохраннэ распискэр сейфым дэлъщ.

Фызыжьым дежкIэ «сохраннэ распискэри» «сейф» жыхуэпIэри зыми щыщкъым. Аргуэру къытрегъэзэж:

– Хыв жэмщ. Шатэ защIэщ и шэр. Алыхьым фIы къыфхуищIэ. Си пенсыр къызэзытыр фэ фхуэдэу щытами...

Машинэ макъ къо Iу. Чокэ къэсащ, Апчарэ ишэну. Псори къыщылъэтащ. Хьэбибэ къэуIэбжьауэ и пхъум дежкIэ жащ, игъэкIуэн щIегъуэжа хуэдэу. Апчарэ унэм щIолъадэ зихуэпэну. ЦIыхухъухэм посылкэр зэбграх машинэм иралъхьэну. Куэбжэр Iуахри машинэр пщI антIэм къыдагъэхьащ. Фызхэри куэбжэм Iуз хъуащ.

НапIэзыпIэм посылкэр машинэм изу иралъхьащ. Ашыкхэм, хъуржынхэм, къэп цIыкIухэм къэрэндащкIэ тетхат зратынум и цIэ, и унэцIэр. Апчарэ учебникхэр зыдилъхьэу щыта и портфелым письмор дэгуауэ дэлът, дэмыхуар щхьэхуэу зэкIуэцIыпхауэ. Куэдрэ зримылъэфыхьу Апчарэ машинэм ит Iысхьащ.

Фызхэр зэщIэгъуэгащ:

– ...Ухуэзэмэ, Iэмал имыI эу жеIэж...

– Уи шыпхъур къолъэIуащ...

– Къитхыну жеIэ, къитхыну...

– Мусэ мыгъуэм ещхь ухуэзэм...

Псом я макъри машинэм и макъым хэкIуэдащ. Апчари и нэпсыр хуэубыдакъым – къеплъэкIыурэ и нэм щIэIуэтыхьырт.

Хьэбибэ жи Iэр зэхимыхми, Апчарэ ищ Iэрт и анэм и псэлъафэр:

– Албиян жеӀэж: уи анэр зэрыпхуэарэзым хуэдэу алыхьри пхуэарэзы ухъу. Си дуней нэху закъуэм джэбын сыхухъу. ЗэрыкӀуа гъуэгур нэхъ кӀыхьми, къызэрыкӀуэж гъуэгур нэхъ кӀэщӀ хъуауэ тхьэм дигъэлъагъу...

Апчарэ сабэм уигъэлъагъуркъым, машинэр псынщӀэу макӀуэ. Хьэбибэ, и Ӏэ гъуритӀыр и ныбащхьэм телъу, и нэпситӀыр къолъэлъэх.

Апчарэ бгъурысыр Бекъанщ. Абыи, тхьэм ещӀэ, и гур къызэфӀэнащ. Чокэ, Бекъан, Апчарэ – щыри обкомым нэсын хуейщ. Фронтым кӀуэну делегацэр мафӀэгукӀэ ныжэбэ емыжьэну Ӏэмал иӀэкъым.

## 5. КЪУЛЫМ УНАФЭ ЕЩӀ

Нацдивизэм парад щащӀа махуэм унафэщӀхэр зытета унэм деж машинэр къыщыувыӀащ. А унэм и балконым тету Албиян къэпсэлъауэ зэрыщытар Апчарэ игу къэкӀыжащ. Унэшхуэр щыуэ зэтетт, плӀанэпэм тету. Абы нэхърэ нэхъ дахи нэхъ ини къалэм дэттэкъым, итӀани пэгъунэгъу дыдэу зы унэ лъэбышэ цӀыкӀуи щытт.

Кхъуэщынышхьэ унэжь цӀыкӀур Мысост и шыпхъум и унэт. Фызыжьыр апхуэдизкӀэ къиинти, сыт хуамыщӀами, сыткӀэ къамыгъэгугъами, и унэм щӀэкӀыу иригъэкъутэн идакъым. Унэшхуэмрэ унэжь цӀыкӀу хьэдыгъуэдахэмрэ зэныкъуэкъуэгъу хуэдэт.

Чокэ и ужьым иту Апчарэ унэм щӀыхьауэ, телефон зытет стӀол цӀыкӀум милиционер бгъэдэту щилъагъум, «шпион къыщӀигъэхьэркъым» жиӀэу и гум къэкӀащ, кӀэлындор кӀыхьышхуэм алэрыбгъушхуэ и кӀыхьагъым хуэфӀу илъти, ар игъэщӀэгъуащ, ауэ нэхъ гъэщӀэгъуэнтэкъэ: Чокэ а бжэ къомыр фӀызэхэмыгъуащэу здэкӀуэнум щхьэхьу кӀуэрт. А алэрыбгъури, тобэ ярэби, дауэ зэӀуаща? ЛъакъуэкӀи яутэ. Чокэ алэрыбгъум зэуэ ирожэри, игъащӀэм алэрыбгъум тету къекӀухь жыпӀэнмэ.

Бжэ фӀыцӀэшхуэ гуэрым деж Чокэ къыщыувыӀэри, бауэбапщэу тӀэкӀу щытащ. Бжэм еӀунщӀри Апчарэ япэ щӀигъэхьащ. Хъыджэбзым и ужь Бекъани итт. Апчарэ сымэ пэшышхуэ гуэрым къыщӀэхутащи, здэкӀуэнур ящӀэркъым. СтӀол ин гуэрым цӀыхубз дахэ цӀыкӀуи бгъэдэст. Абы и стӀолым нэгъуэщӀ стӀол цӀыкӀуи, телефон фӀыцӀэ тезу тету, къыбгъэдэтыжт.

– ФыщӀыхьэ! – жиӀэри цӀыхубзым аргуэру зы бжэ фӀыцӀэшхуэ Ӏуихащ. Бжэ фӀыцӀэжьыр бжэ тӀуащӀэт – щыри иригъэлъэтэхащ.

Апчарэ зыщӀыхьа унэр нэхъ инт. Шухьэ стӀолтепхъуэшхуэ зытепхъуа стӀолышхуэм бгъэдэзу цӀыхухъу бгъэдэст. Тобэ ирехъу, Щынэхужьыкъуэ щагъэхъу щынэхэм щыщу зы

тIощIырыпщI техуэнщ а стIолым жиIэу, Апчарэ игъэщIагъуэрт стIолым и инагъыр. Абы бгъэдэс къомри къэтэджмэ, я Iэ убыдын хуейуэ пIэрэ, жиIэу тIэкIуи къэгузэващ. АрщхьэкIэ, алыхьым и шыкуркIэ, зыми зыкъигъэхъеякъым, уеблэмэ Къулым фIэкIа хэт къыщIыхьами зылъэгъуа яхэттэкъым.

Бекъан Апчарэ и Iэр иубыдри и гъунэгъуу игъэтIысащ. Чокэ нэхъ я пэIэщIэу етIысэхащ. Мо щыс къомым жаIэм тIэкIу едэIуа нэужь, Апчарэ фIэхьэлэмэт хъуащ, Къущхьэхъу нэкIуауэ щыжаIауэ щытар арат аргуэру зи гугъу ящIыр. Мо лIы къызэщIэплъа къомыр, хьэмэмым къыщIэкIа къудейщ жыпIэну, цIыплъ хъужауэ зэдауэрт. Я псалъэм кIыхь зрамыгъэщIми къэгубжьахэу зэхэст. Апчарэ зы псалъэ димыгъэхуу сыт жаIэми и гум ириубыдэрт. Сосмакъ ТIалиб Дзэлыкъуэ щыжиIа дыдэр мыбдежи щыжиIэрт. ЛIы фэкъум и щхьэм бахъэ къыщхьэщихырт. ТIалиб и Iэпхъуамбищыр и бгырыпхым диIурт, и джанэкIэр и щIыбагъымкIэ, адакъэкIэм ещхьу, щызэхуилъэфэсырт. Бекъани Къущхьэхъу щызэхэтауэ щыта совещанэр ноби екIуэкI къыфIэщIырт.

– КъызжефIакъым жывмыIэж, – жиIэу Сосмакъ ТIалиб къыщылъэтауэ яхуэтIысыжыртэкъым, – фи парт билетым хуэдэщ си парт билетри! Мэкъумэш Iуэхур си пщэ къыдэфлъхьащи, си щхьэ Iуэхукъым зи ужь ситыр. Шыуэ Къущхьэхъу итыр къиднэну Iэмал иIэкъым. Элитэр дымыхъумэрэ – адыгэшыр кIуэдащ. Мес, Диданыр мыбы деж щысщ. ФеупщI. Былымыр хъупIэм къинэми, янэр игъэлыгъуэж, зыгуэр хъунщ. Шыр бгым къедгъэхын хуейщ. Шым фронтыр хуейщ, танкым, машинэм зэрыхуей дыдэм хуэдэу. Нобэ «уанэ телъыну шы минитху» жаIэу къаIуэхункIэ мэхъу. Шыр эвакуировать зэрытщIыным и планыр диIэщ. Былымри аращ. Дэнэ псы щрагъэфэнуми, щагъэшхэнуми, къыщашынуми – псоми дегупсысащ. Планыр нобэ къэвмыщтэрэ – си Iуэху хызохри сожьэж...

Къулым зыри жиIэртэкъым. Адрейхэм жаIэм едаIуэурэ щысщ, сурэт гуэрхэр ещIри. Бахъуэм хуэшэчакъым ТIалиб жиIар. Бахъуэм и Iуэху зыхимылъхьэ дунейм теттэкъым. Езым и Iуэхум нэгъуэщI тепсэлъыхь хъуркъым, си IэнатIэр щэху защIэу зэхэлъщ, жеIэри.

– ГурыIуэгъуэщ, товарищ Сосмакъ, уи Iуэхур хыбохыжри уожьэж, – Бахъуэм Сосмакъыр ауан ищIу хуежьащ, – псым унэмыс щIыкIэ, уи гъуэншэджыр щыбох. Ара?..

– Дауэ зэрынэмысыр? – жиIэри Бекъан къыщылъэтри и пащIитIым Iэпхъуамбэр дилъащ, «си гугъу къэвмыщIу сывгъэпсалъэ» жиIэ хуэдэу. – Дынэса дэнэ къэна, ди гъуэншэджыр псыф хъуащ, товарищ Бахъуэ. Догуэ, шы бгъэрыщIэм ущIыхуейр къызжеIэт. ПщIэуэ къыщIыкIар. ПщIэркъым. Сэ

сощIэ. Шы бгъэрыщIэ ущIыхуейр уанэр пимыгъэщэтыну аращ, дэкIыгъуэ задэ ущыдэкIым деж. ЛIо ущIэдыхьэшхыр?..

– Жьы ухъури делэ ухъужа си гугъэщ, Бекъан, – жиIэри Бахъуэр лIыжьым къещащ. – Догуэ, уи артелыр ара уи гугъэ мыбдеж зэхэсыр?

– Уэлэхьи, сэрмыра делэ хъуар, си къуэш, – жиIэри Бекъанри нэхъ тэмакъкIэщI хъуащ. Чокэ къеплъэкIащ, дадэр къигъэувыIэну, арщхьэкIэ дэнэ! – Мэлыщхьэ ягуэшмэ, мэл тхьэкIумэ къыплъагъэсу щытакъым. Мэл тхьэкIумэ ятмэ, зратыр нэхъыжьым жаIэм нэхъыщIэр ирагъэдаIуэу аращ. Шы бгъэрыщIэ уимыIэмэ, дэк IыпIэм удэкI хъуркъым. Дэ нобэ дэкIыпIэ задэм драхулIауэ дыдокI. Уанэгум тыншу уимысмэ, шым укъехуэхынкIэ мэхъу. Дэ ауэ сытми дышу къудейкъым – Сталиным дришущ, шым дыкъещэтэх хъунукъым...

Къулыр куэдрэ едэIуащ дадэм, хуэмышэчуи Бекъан и псалъэр зэпиудащ:

– Уа, тхьэмадэ, къысхуэгъэгъу. Псалъэм кIэщI зумыгъэщIу хъуркъым. Iуэху куэдыIуэ ди пщэ дэлъщ. Уи псалъэр пэж жыпIэмэ – хэбдзыну зы хэлъкъым. Шым тесыфымрэ темысыфымрэ нобэ щызэхэкI махуэщ жыпIащи, сэри соувалIэ. Ауэ дымыщIэр сыт, жыIэт! Гъуэгу дызытехьэн хуейр къытхуэщIэркъым, Бекъан. Пшагъуэ гуэрэнщ дунейр. Шы бгъэрыщIэ жыбоIэ, езы шы дыдэм и унафэ пщIын хуейщ...

Бахъуэри лIыжьым къыхуилъащ:

– Уэри уи щIалэгъуэм щхьэр щакъутэм тхьэкIумэр къыплъагъэсу щытамэ, унафэщIым жаIэм уедаIуэу ущысынт. Уи акъыл къимытIасэ Iэджи щыIэщ...

– Уэ псори щыпщIэкIэ дэ дыщIыщIэсыр тхьэр игъэпщI зыщIэм, – жиIэри Сосмакъыр къэбырсеящ, – зэхэтхащ: нэмыцэр Дон адэкIэ щыIэщ. Мыбы къэсыни къэмысыни. Догуэ, щхьэ къывгурымыIуэрэ мы зыр: нэмыцэр Дон къызэпрыкI хъужыкъуэмэ, Iэщыр бгым къедгъэхыжыху, дзэр мыбы къэсынущ...

– Зэхэфха? Мис аращ лIы гужьея жыхуаIэр, – жиIэри Бахъуэм сабэр уафэм дрипхъейуэ хуежьащ. – Уэ пхуэдэ къэрабгъэ димыIамэ, бийм ди дзэр нэхъ текIуэгъуафIэу текIуэнт. Уэ пхуэдэр аращ дыкъэзылъахъэр! Плъагъурэ абы жиIэр? Краснэ Армэр щыIэжкъым – маржэ, фи щхьэ зэрыфхъумэным и ужь фит. Ара?

Апчарэ занщIэу къэуIэбжьащ, фронтым сыкIуэу къэзгъэзэжыху, нэмыцэр къэсмэ, дыунэхъуакъэ, жиIэри. Хьэбибэ и закъуэ къанэмэ, дауэ хъуну, эвакуацэ кIуэфын?

Апчарэ гузавэу Чокэ дежкIэ еплъэкIащ. Чоки къыгурыIуащ Апчарэ и гум илъыр. Уеблэмэ щIалэр Iэнкун хъуащ. Чокэ щIегъуэжат, Апчарэ фронтым зэригъакIуэм щхьэкIэ. Арщхьэ-кIэ – неIэмал! Iэмал закъуи иIэжкъым. Чокэ

Бахъуэр илъагъу хъуртэкъым: итIани Бахъуэм жиIар пэжу къыщIэкIмэ, нэхъ фIэфIт.

Дунейр гузэвэгъуэ зэрыхъуар нэрылъагъут.

Апчарэ и тхьэкIумэр тригъэхуауэ да Iуэрт, зэхихыр зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу. СтIолым бгъэдэсхэр зэмызэгъыу, зэныкъуэкъуу хэт и гугъэнт? Праздник къэхъумэ, ахэр, кърум ещхьу, зэкIэлъхьэужьу сценэм къихьэрти, щхьэж и къулыкъум хуэфащэ тIысыпIэ яубыдырт, нэщхъыфIэу, Iэдэб-Iэдэбу, загъэщэныфIэу зэщыгуфIыкIыу. Иджы ахэр зэрофыщI. Апчарэ и гугъэт комитетым ОборонэмкIэ хэтхэр лIы губзыгъэу, Iущ защIэу, уеблэмэ езы Сталин дыдэ телефон къеуэрэ къызэчэнджэщ яхэту. Мо телефон къомыр стIолым щIытетыр армырауэ хэт и фIэщ хъунт.

Сосмакъ ТIалиб къызэрыкIат:

– Сэ схъумэжыну зи ужь ситыр си щхьэкъым. Адрейхэр зэрыхъуу сэри сыхъунщ. Зи ужь ситыр ди мылъкур аращ. ПсыхэкIуадэ хъууэ сыхуейкъым. Зыгуэр къэхъужыкъуэ хъумэ, хэт япэ зи пщампIэ яубыдынур? Уэра хьэмэ сэра? Зи пщампIэ яубыдынур сэращ. Зыубыдынум уэ уахэтынущ. Уэ уи Iуэхум зыми зыри хищIыкIыркъым... щэхущ!

Бахъуэри къызэщIэплъауэ къыщолъэт:

– Ара?..

ЛIитIыр зызэрадзауэ зозауэ, жыпIэну къэгубжьащи, тэмакъкIэщI хъуащ.

– ФытIыс тIури. ФытIыс! – жиIэри Къулыр къэтэджащ. – Сосмакъым и планыр къэдвгъащтэ. Iэщыр эвакуировать тщIынщ. Фыарэзыкъэ абыкIэ? Ауэ мы зымкIэ дызэгурывгъаIуэ: Iэщыр эвакуировать а планым тету тщIы щхьэкIэ, абы къыщыщIэддзэ хъуну махуэр нобэ фэри фщIэркъым, сэри сщIэркъым. Ар фронтым елъытащ. Фи Iэщым и унафэ икIэщIыпIэкIэ фщIы жаIэу къыджаIэрэ – хъыбар фэдгъэщIэнщи, евгъажьэ. АпщIондэху хэт сыт ищIэну къыпэщылъми гурывгъаIуэ, планым щыгъуазэ фщIы.

Щымыхъужми Сосмакъым ари идэнущ. Ухэныпэ нэхърэ лъэпхъуамбыщIэ.

Бекъан и гур зэгъакъым. Иджыпсту унафэ къащтэри зэбгрокIыж. А унафэр зыгъэзэщIэнум я деж сытым деж щынэсынур? Iэ пIэтрэ уежьэжк Iэ зэфIэкIыну?

– Мы зыр сэри къызгурывгъаIуэ, – жиIэри Бекъан и пащIитIыр аргуэру ирикъуэкIащ, – псалъэм папщIэ, евгъажьэ Iэщыр, жыфIэри унафэ къытхуэфщIащ. Дауэ а унафэр фермэм я деж нэгъэса зэрыхъунур? Зыгуэр сымаджэ хъумэ, дызэлъэмы Iэсурэ сымаджэр щыхъуж къохъу, е мыхъужыххэу...

– Сыт щхьэкIэ, штабым рацие фиIэкъэ? – жиIэри Къулыр Чокэ дежкIэ еплъэкIащ.

– Уэлэхьи, диIэм. Хъарзынэуи мэлажьэм.

– АтIэ сыт узытегузэвыхьыр?

Чокэ къэпсэлъащ и адэм пэрыуэу:

– РацэкIи сыткIи уалъэмыIэсу шы хакIуапщ Iэ Iэджи щыIэщи, ара хъунщ ди адэм зи гугъу ищIыр. Шу бгъакIуэми, щумыгъуэт Iэджэщ. Шы фермэхэр къуршыщхьэм итщ нэхъыбэр. Штабым тесщ шу гупи къэдгъэсэбэпынщ.

– Диверсант къэзубыдахэри? Ирикъунукъэ ар?

– Зыхуримыкъун зырызи къахэкIынщ.

– МафIэ фщIы – сигнал хуэдэу, – жиIэри Сосмакъыр къахэгуоукIащ, – аращ адыгэм ящIэу щытар. Мо Iуащхьэ къомыр щIащIари сыт фи гугъэ? Дзэ къащытеуэм деж мафIэкIэ зы жылэм адрей жылэм хъыбар иригъащIэу щытащ. Бгыщхьэм мафIэ щащIакъэ – Iэщыр егъажьэ! ГурыIуэгъуэкъэ ар?

– Фермэм тетхэм яжефIэ Сосмакъым деж къакIуэу щтауч Iахыну! – жиIэри Бахъуэм ауан къищIащ. – Дунейр мотор защIэщ. Мор, Iугъуэ сигнал жеIэри, къоув!

– Бэяу уэри! ГушыIэныр ух! – Къулым Чокэ дежкIэ зыкъигъэзащ: – Iэщыр щебгъэжьэнум и пIалъэр сэ бжесIэнщ. Си Iизыныншэу зыгуэр пщIэнщи, къызжепIакъым жумыIэж... Хъыбар уэзгъэщIа – икIэщIыпIэкIэ ферми, пщыIи, шыбз хакIуапщIи – зы къэбгъэнэнкъым зыдынумыгъэс.

– ГурыIуэгъуэщ.

Бекъан и къуэм игу щIэгъуащ. «ГурыIуэгъуэщ» жиIа щхьэкIэ, иджыпстуи еупщI – Чокэ ищIэркъым унафэр псом я деж нэгъэса зэрыхъунур. Шы хакIуапщIэ къудейм урикъуни – къаущыхьри къуршым итщ. Махуэм здитам нэху къыщекIыркъым. Дадэр аргуэру къыщхьэщилъэфынут, ауэ, зэпытрэ зэкIэсу укIуэ адэ, жиIэри зиущэхужащ. Ярэби, къэкIуэпэну пIэрэ атIэ нэмыцэр? Губгъуэм илъ мылъкур дауэ хъуну? Езы Къул дыдэм имыщIэххэу нэмыцэр къэсмэ, хъыбар яригъэщIэну хущIыхьэну пIэрэ? Чоки щIалэщ, делэщ – и щхьэ химылъхьащэрэт, жиIэу Бекъан гузавэрт. Адыгэшри дауэ хъуну? БгъэкIуэдмэ – укIуэдащ, жаIэри абы и хъумэныр Бекъан и пщэ къыдалъхьащ. Адыгэшым и унафэр си акъыл къызэрихьщ жиIэри, Бекъан щэтащ.

– ЕтIуанэрей Iуэхугъуэм и ужь дохьэ. Хэт доклад зыщIыр? – жиIэри Къулыр щIэупщIащ.

– Сэращ, – жиIэри зы лIы къуэгъу къамылыфэ, фIэмыIуэхуфIэмыIуэхуу, къэтэджащ.

– Хьэталий! КIэщI зегъэщI. СамооборонэмкIэ отряду щыIэр куэд щхьэкIэ, мыхьэнэшхуэ иIэкъым, – жиIэри Къулыр и пащхьэм илъ справкэм еджэу тIысыжащ.

Чорэхэ Хьэталий жиIэр зэпишу псалъэрт. Апчарэ зэхихат «фронтым кIуэ делегацэм я пашэр Чорэ Хьэталийщ» жаIэу, абы и цIэр щызэхихым, Чокэ дежкIэ еплъэкIащ: мыра зи гугъу къысхуэпщIар, жиIэ хуэдэу. Модрейм и щхьэ

къыхуищIащ: «тэмэм». Хьэталий зи гугъу ищI Iуэхум зэрыхищIыкIыр бел-джылыт, ауэ зым и цIи IейкIэ ириIуэртэкъым. КъэхъуакъэщIахэр кърébжэкI. Апчарэ зыхэт отрядыр зыхуэдэр и гум къэкIыжащи, Хьэталий жиIэр и фIэщ хъужыркъым.

Апчарэ и гум къишхыдыкIыу Бахъуэр щIэупщIащ:

– IэштIым зэуэкIэ отрядхэм ящIэрэ? – жиIэри.

Апчарэ плъыжь къэхъуащ.

– Си псалъэм укъыдэмыуэт! – жиIэри Хьэталий зихъунщIащ.

– Дауэ уи псалъэм узэрыдэуэнур – птхам уоджэ, – жиIэри зыгуэр Бахъуэм къыдэщIащ.

– Сэ сщIэр жызоIэ!

Къулыр, еджэн иухауэ къыщIэкIынти, псоми закъыхуигъазэу щIэупщIащ:

– Справкэм псори феджа? – жиIэри.

Зыкъом зэщIэгурымащ, жаIэр дахэ-дахэу къыбгурымыIуэу.

– Феджамэ, хъарзынэщ. Модэ Апчарэ девгъэупщIи, дымыщIэ дэзыгъэщIэнур аращ. Зимыхъуми диверсант къиубыдащ, – жиIэри Къулыр хъыджэбзым къыщыгуфIыкIащ.

– ДевгъэдаIуэ, уэлэхьи!

Псори Апчарэ дежкIэ къеплъэкIащ.

– ИIэт, Апчарэ. Дауэ фи отрядыр зэрывгъасэр? Хэт фызыгъасэр? IэштIымым и Iуэхури сыт хуэдэ?

Апчарэ псэлъэжыфыртэкъым. УкIытат.

Сосмакъым хъыджэбзым и гур дахэ ищIырт:

– Умышынэ. УщIэукIытэни щыIэкъым, уэ пхуэдэу щыташэрэт псори.

– Доджэгум, алыхь, – жиIэри Апчарэ къыжьэдэхуащ.

– Военнэ занятэм и пIэкIэ джэгу фщIыуи? – жиIэу Къулым къыгурыIуакъым.

– Аракъым сэ зи гугъу сщIыр. Куэд щIауэ джэгу хэт илъагъужа? Зэ фочиплI къыдатат, фоч зырызу группиплIым етта къудейуэ, къэсри фочыр ттрахыжащ, фочкIэ фэ фщIэн щыIэкъым, жаIэри. Сэри райкомым сыкIуэри Чокэ фочитI къызиташ. ГупитI зытщIри аргуэру фочыр зэдгъащIэу дытIысащ. Аргуэру, фэ фоч къыват хъунукъым, жаIэри, ттрахыжащ. Дзыхь къыщытхуэвмыщIкIэ, ди Iуэху къэдмыгъанэмэ, нэхъыфIщ, жаIэри хъыджэбзхэм загъэгусэри ежьэжащ.

– Абы ещхьыркъабзэщ ди заводри, – жиIэри зы лIышхуэ гуэрым Апчарэ и псалъэм къыпищащ, – цех къэс кружок зырыз зэхуэтшэсати, Бахъуэм зыгуэр къигъакIуэри къуацэкIэ къытхэуащ, мыбы Iэщэ иумыт, мобы дзыхь хуумыщI, жиIэурэ и нэхъыбэр хигъэкIыжащ. Фоч диIари военкоматым тIихыжри ауэ дыкъэнащ.

– Уи минометыр уиIэжкъэ? – жиIэри Сосмакъыр Апчарэ къеупщIащ.

– ТIу диIэт, си дэлъхум къысхуигъэнауэ. Иджы зы отрядым ирашри адрей отрядым яшэ. Си дэлъхум и фэеплъщ жысIати, сагъэлъагъужыххэркъым, – жиIэри Апчарэ етIысэхыжащ.

Апчарэ и ужькIэ Iэджи къэпсэлъащ. Iуэхур Хьэталий зэрыжиIам хуэдэу къыщIэкIакъым. СамооборонэмкIэ отряд куэд зэхуашэса щхьэкIэ, уазэрыщыгугъ хъунур щIагъуэтэкъым. СпискэкIэ отряд гуэрым хэмыт гъуэтыгъуейт, ауэ ящIэ щымыIэмэ, зырикIщ. Iэщэр яхурикъуркъым, дахэ-дахэу зыгъэсэн жыпIэнущи – дэнэ къыипхын, Iэщэм хэзыщIыкI илъэпкъыр дзэм яшащ. Абы ищIыIужкIэ, Бахъуэм «дзыхь зыхуимыщIыр» пщIэну щыткъым.

Бахъуэри къэмыпсалъэу къэнэнт? Зи щхьэфэ имыIэба къыигъэнакъым. Апчарэ сымэ диверсант къаубыдауэ зэрыщытари щыгъупщакъым. Уеблэмэ абы и гугъу удихьэхыу дахэу зэхэлъхьауэ ищIащ, ярэби, Апчарэ орден нобэ къратыну пIэрэ, жыуигъэIэу. Псалъэ пэтми хуэмыгъэныщкIур сытыт? Фысакъ, жиIэу арат. Езыр жэщи махуи етIысэх имыIэу тIасхъэщIэх, бзэгузехьэ къиубыду губгъуэм иту арат. И Iуэхум дэбгъуэн дунейм зы темыту. Самооборонэм я гугъу ищIмэ, абы хэтым яхуэсакъын хуейуэ, Iэщэ зыхуэбгъэфащэ мыхъунум ирамытыну, дзэм дезертиру къикIуэсыкIыжу къэкIуэжар къаубыдыну арат нэхъ зытригъэчыныхьыр. Нэмыцэм кърапхъых листовкэхэм я хъыбари щыгъупщакъым.

– ПащIэгъэлыгъуэ джэгу хэлъкъым, – жиIэрт Бахъуэм, – бийр «хуитыныгъэ», «дин», «щIы» – сыт жаIэурэ къызэригъэпцIэным и ужь итщ. АтIэ хэт Iэщэ зэптынур? Гурыщхъуэ зыхуэпщIыр аракъым. Догуэ, нэмыцэр зэ къэсащэрэт, жаIэу зыщагъэпщкIуауэ зыри дурэшплIэрэшым дэмысу фи гугъэ? Ар щхьэгъэпцIэжщ. Самооборонэу зэхуэтшэсым дыкъэзыгъэпэжынур зигурэ зи щхьэрэ зэтелъыр аращ.

– Iэщэ етын хуейкъэ? – жиIэри Чорэр щIэупщIащ.

– Iэщэр езым къагъуэтыжынщ.

– Дауэ?

Бахъуэр гупсысэу щытурэ, Къулыр къэтэджащ. Унафэ къащтэн хуейр и щхьэм къихьауэ. А унафэр зигу иримыхьыни щыIэуи къыщIэкIынт. СамооборонэмкIэ отряд зэхуашэсам и гъэсэныр Бахъуэм и пщэ дэлъхьэн хуейщ, коммунистхэри комсомолхэри къанэ щымыIэу отрядым хэгъэхьауэ. Нэмыцэр къакIуэрэ – псори партизану къуршым ихьэжынщи, Iэщри сытри яхъумэнщ, эвакуировать и чэзум деж яхуэмыщIмэ. Белоруссием и мэзхэм партизан район щыIэу жаIэ. Ди къуршхэм партизан ауз щыIэ щхьэ мыхъурэ? Танк жыпIэнущи, къуршым езэгъынукъым, авиацэри аращ. Чопракъ ауз дэтIысхьи дэс – крепость хьэзырщ.

– ЦIыхур зыхуэдэр зэбгъэщIэн щхьэкIэ Iэджи щыIэщ, –

жиIэри Бахъуэм и псалъэм зригъэукъуэдийуэ хуежьащ, – псалъэм папщIэ, тревогэ нэпцI пщIы щхьэ мыхъурэ?

Ар щIыжиIэр Къулым къыгурыIуэрти Бахъуэр щIегъуэжа хуэдэу и макъым нэхъ кIащхъэ зищIат. Нэхъ кIащхъэ мыхъууи хъунт? Иджыблагъэ жэщыбгым Бахъуэм телефон защIэкIэ партактивыр зэхуишэсат: нэмыцэр къэсащ, икIэщI ыпIэк Iэ фи гъуэмылэри Iэщэри фIыгъыу си деж фыкъакIуэ жиIэурэ. Сыхьэт ныкъуэ дэмык Iыу Бахъуэм и кабинетым щIэзу цIыхур къэсат, гужьеяуэ. УмыгужьеипIи иIэт – фронтыр къутэжауэ хъыбар зэхахырт. Зыми къыгурыIуэртэкъым къызэхуэсам къахьа гъуэмылэр къыIахыурэ щIызэхуахьэсыр. Езы Бахъуэр телефонкIэ зэпсалъэр умыщIэу псалъэрт, блокнотым зыгуэрхэри иритхэу. Алыхьым ещIэ, телефонкIэ псалъэ нэпцI зищIу партизанхэр игъэунэхуну якIэлъыплърэт. Псори къызэхуэса иужь, Бахъуэр къахыхьащ, тIурытIу игъэуври спискэм къеджащ. Ар зэфIэкIа иужь бжэр Iуихри, партизанхэр плъэмэ – я гъуэмылэр стIолым хьэзыру телъщ. Мырамысэ е пIастэ бзыгъэ къэзыхьами, лы гъэва е кхъуей сыти ирехъу, псори нэрылъагъущ. ХьэщIэ куэд къэкIуауэ ирегъэблагъэ жыпIэнт, цырибон птулъкIэ зыбжани стIолым къытехутати. Партизанхэр къэгуфIэжауэ стIолым бгъэдэтIысхьэри уефэнумэ, къеблагъэ. Бахъуэм ар и жагъуэ дыдэу зэрыщымытыр псоми ящIэрт. Зы бжьи бжьитIи ефа иужь, зызыгъэгусэну зи гугъахэми я гур фIы къэхъуащ. Нэжэгужэ къэхъуати зэщIэгъуагэу къызэхэна я бынунэм телефонкIэ епсалъэурэ ягъэгуфIэжащ. Нэху щыхукIэ ефэщ, ефэхэри партизанхэр щхьэж и унэ бжэн лъакъуэу зэбгрыкIыжащ.

Тревогэ нэпцIым и гугъу Бахъуэм ауэ сытми къигъэхъеякъым. Къулым ар Iуэху ищIри Бахъуэр кърикъухьати, иджы нэхъ стриIэтыкIыну пIэрэ, жиIэу арат, Къулыр къекIужмэ и гуапэу.

Бахъуэм и ужькIэ Iэджи псэлъащ. Хэт сыт жиIэми Къулыр едаIуэу зыкъомрэ щысащ, итIанэ хуэмышэчыжу, зыри имыгъэпсалъэу, и гум къэкIа предложенэр утыкум кърилъхьащ.

– СамооборонэмкIэ отрядхэр гъэсэныр Бахъуэм и пщэм дэзылъхьэну арэзым фи Iэр фIэт, – жиIэу Къулым щыжиIэм, Сосмакъыр, и IитIри иIэту, гуфIат. Езы Бахъуэм ар зыхуихьынур имыщIэу зиплъыхьащ, псоми Iэ яIэтауэ щилъагъум, сыт жиIэжынт – зиущэхужащ. Бахъуэм къыдэщIу Къулым жиIащ:

– IэщэкIэ фыкъытщымыгугъ. ДиIэкъым Iэщэ. Нащдивизэм Iэщэу иIэнум и ныкъуэр аращ еттыфар. Iэщэ диIэу дгъэпщкIуакъым. Дгъуэт илъэпкъ къэдмыгъанэу еттащ. Япэми вжесIащ, иджыри вжызоIэ: «диIэкъым», «дгъуэтыркъым» жыфIэкIэ зэфIэкIынукъым. ФимыIэкъэ – къэвгъуэт. ЗиIэм къеIыфх. Хэт зиIэр, жыIэт? Диверсантхэм яIэщ. Диверсантхэм къатефх! Ахэр дурэшплIэрэшым дэсу къуршым исщ. ФыкIуэ, фезауэ, къатефх. ЩакIуэ хъужауэ хьэкIэкхъуэкIэр зэтраукIэ. Iисраф ящI. Нобэ щакIуэу мэзым щIэтщ, пщэдей ахэр зэщэнур уэращ, сэращ.

Уи нэ къеIэм и псэ еIэ! Ди нэм къеIэну къыдэщэм и мурадыр къо-мыгъэхъулIэу и псэр хэуд... Аращ абы и унафэр! Делегацэм папщIэ.

– Делегацэм хэту хъуар хьэзырщ. Зэхуэпшэсащ, – жиIэри Чорэм занщIэу къыпищащ.

– НтIэ, делегацэмрэ комитетым хэтхэмрэ фыкъани, адрейхэр тутын фефэ...

Совещанэм къашахэр къэтэджри бжэм еIащ, шэнт зытесахэр ираудэкIыу. Щхьэгъубжэри Iуахри, жьы къабзэ унэм къыщIэуащ. Апчари Хьэталий къыбгъэдыхьэри:

– Уэра Апчарэ хъужыр? Зэхэсхащ уи хъыбар. Сыту фIыт, ярэби, сыту фIыт, – жиIэри нэжэгужэу къепсэлъащ.

Совещанэр щекIуэкIа залым щIэсам и нэхъыбитIыр щIэкIащ, зыбгъупщI нэхъыбэ къэмынэу, ахэри къэтэджати, Къулым аргуэру игъэтIысыжащ, езыр емытIысэхыу щытт.

– Делегацэри дгъэгувэ хъунукъым. Езыхэри Iэдэхьеигъуэ игъэхуэн хуейщ, гъуэгуанэ утехьэн щхьэкIэ куэд хуейщ, – жиIэу Къулыр псоми къапкърыплъыхьырт. – Сыт яжетIэр фронтым кIуэхэм? Нобэ зауэм Iухьэ нацдивизэр сыткIэ къэдгъэгугъэрэ икIи тедгъэгушхуэрэ? ЯжефIэ ди щIалэхэм, ди бынхэм: дэ дыкъызэрикIуэтын щыIэкъым. Фронтым дрищIэгъэкъуэнщ. Ди щIалэхэм подаркэ яхуедгъашэ къудейкъым. Сэламу щыIэм я нэхъ гуапэ ядох, сыхьэтым я нэхъыфIым хуэзэну дохъуэхъу. Езыхэр щхьэмыгъазэу зауэм Iурехьэ, бийр хагъащIэу, бийр лъэгущIэтын ящIауэ тлъагъумэ, нэгъуэщI насып дыхуейкъым. Оборонэм и фонду гъавэу тонн мин Iэджэ зэхуэтхьэсащ. Лы, цы, гъэш жыпIэнущи – аращ. «Краснэ Чопракъ» колхозым билету ахъшэ сом мин тIощIрэ щырэ и уасэ къащэхуащ. Танк колоннэ къызэрытщэхун ахъшэ зэхудохьэс. Окопэ къэтIыныр зэфIэдгъэкIри нэгъуэщI Iуэху Iэджэм и ужь дихьэжащ. Хъыджэбзхэр тракторым тетIысхьауэ мавэ, самооборонэм и отрядхэр зэхэтшащ...

Псом ящIыIужкIэ вагониплI посылкэ защIэу яхудогъашэ. Посылкэ къэс е джэд, е лы гъэгъуа, фадэ, консерв – абы дэлъ псори къыпхуэщIэн. Кондитерхэм пыченэ, кIэнфет, хьэлывэ – зи дамылъхьа къагъэнакъым. ЩIалэ цIыкIу дыдэхэми далъхьэн къагъуэтащ – удз хущхъуэ. Яхуэвгуэш а къомри вгъэгуфIэ.

Къулым и псалъэр тIэкIу зэрызэпигъэууэ Бахъуэм къыпищащ:

– Щхьэхуещэ Iэджи щыIэщ, зыгуэр къыхэдудащэрэт, жаIэу я Iэпэлъапэр шхэуэ, Iэбжьанэф Iейуэ. Куэд щIакъым, къэдубыдащ зы, судым еттынущ. Карточкэ къэдыгъуакIэ щIакхъуэ къылъымыс къы Iихыу къэдубыдащ. Абы и закъуэ – колхоз председатель гуэр Мэзкуу дэт военторгым гурыIуат мэлыр уаситIкIэ ирищэрэ зы уасэр езым и жып ирилъхьэу. Нобэ къызжаIа къудейщ. Чопракъыщхьэ аргуэру диверсант къы-

щаубыдащ. Иджыри сщIэркъым и унэцIэр. Нэмыцэ диверсионнэ школым мазищкIэ щеджащ. Молибден-вольфрам комбинатыр икъутэну и хьисэпащ. Сосмакъыр нобэ кьысхуилъащ, цIыху зэхэгъэж уощI, жиIэри. УмыщIу хъурэ? Апхуэдэ зы диверсант къыпхыхьэм, и бэлыхьым ухэкIрэ? Быдэ и анэ гъыркъым. ЯжефIэж мис ари...

– ЯжетIэнщ. Псори яжетIэнщ, – жиIэрт Чорэм, Бахъуэм жиIэр Хьэталий лейуэ къилъытэ пэтми.

Сосмакъ ТIалиб екIи фIыкIи зы псалъэ жиIакъым. Ар зэгупсысыр нэгъуэщIт. Сыту Iуэхушхуэ и пщэм къыдэхуа Къул Зулкъэрней, нобэ хуэдэ махуэм хэкум урапэшэныр сыту гугъу. Псори уэ къыпщогугъ, вытIощыщIэр зыIыгъыр уэращ. Уэ уздэкIуэмкIэ псори кIуэнущ – укъру пашэщ. Ущыуэну Iэмал зимыIэщ. Ей БетIал, БетIал! Нобэт уэ ущыпэшэн хуеяр. Уи Iэпщацагъэри, уи акъылри, уи хахуагъэри, уи ябгагъэри – псори къабыл ящIынт. Уэрат цIыхур зэдэIуэнур! Уэ зыдэпшэм шэч къытрамыхьэу хэти кIуэнт. Хэт и фIэщ хъун уэ убийуэ, Лениным и Iуэхум уепцIыжауэ, Сталин уи хьэщIам ебгъэшха ерыскъым уелъэпэуауэ? ТIалибрэ БетIалрэ куэдрэ зэдэлэжьат икIи ицIыхурт.

– ЖыпIэнуIа? – жиIэри Къулыр Сосмакъым къыщеупщIым, ТIалиб занщIэу къэскIащ, жиIэныр имыщIэу и нитIыр игъэупIэрапIэу къэнат.

– ГурыIуэгъуэщ. ХъарзынэкIэ, тхьэ со Iуэ, псори...

Къулыр къахэплъащ делегацэм.

– АтIэ гъуэгу махуэ!

Псори къэтэджащ, я Iэ зэрыубыдыжыну. Апчарэ и нэпсыр къызэпижыхьащи, и щхьэр ирегъэзых гу зылъримыгъатэу. ДакъикъитI-щы дэкIри, делегацэр унэм къыщIэкIри кIэлындор кIыхьым къытехутащ. Мутай Чокэ псом япэ иту алэрыбгъу кIыхьым ирижэрт. Апчарэ абы зыкъыкIэримыгъэхуу кIуэрт.

*Ещанэ псалъащхьэ*

## 1. ПОДАРКЭР ФРОНТЫМ ЯШЭ

МафIэгур щIихьауэ макIуэ, жэщщи, дунейр хьэ къарэм хуэдэщ.

Апчарэ и жеин къокIуэ, арщхьэкIэ и нэгум щIэкIар щыгъупщэркъым. Станцым апхуэдиз къакIуэу Апчарэ ирагъэжьэжыну хэт и гугъэнт. Нащдивизэр ирагъэжьэж жыпIэнт. Фронтым делегацэ зэрыкIуэри дэнэ къыщащIа? А къомыр хэт сыткIэ къелъэIуами Апчарэ и гум ириубыдащ.

Мис, ашыкхэр Iэтэу зэтелъщ. Вагоныр щыщIиупскIэкIэ,

мэуфафэ. Чокэ къаIихыурэ зэтрилъхьащ. Ирини сэбэп хъуащ. Данэ цIыкIу ашыкыщхьэм тетIысхьауэ, сэри папэ деж сокIуэ, жиIэу гуфIэу тест. Подаркэ къомыр зратар хъыджэбз цIыкIур ара хуэдэт.

«Иринэ къызитар дэнэ схьа?» – жиIэри Апчарэ жейм щыхилъафэ дыдэм и гум къэкIыжащ, Бибэ къызита ашыкри ари зэгъусэу згъэтIылъа? Дэнэ кIуэн, къэзгъуэтыжынщ. Данэ цIыкIу и лъапэр, и Iэр къэрэндащкIэ къитхъыхьауэ, и сурэт и адэм хуегъэхь. Еплъ, дадэ, ин сыхъуащ, жиIэу. И лъакъуэ цIыкIур Iушэу къитхъыхьащ.

Чоки гъыным нэсат, дыщригъэжьэжым. Щэхуу Апчарэ лъэныкъуэкIэ Iуишати, хъыджэбзым и гугъащ ба къыхуищIыну – ирикуакъым, зыгуэр къибжу щытащ, жиIэр къыбгурымыIуэу. «Зыхуэсакъыж, фронтщ уздэкIуэр», – жиIэрт, Апчарэ имыщIэ хуэдэ. Ба къыхуищIауэ щытами псэ зыIутым къилъагъунутэкъым – светомаскировкэщи, зы уэздыгъэ блэркъым. Апчарэ вагоным щитIысхьэм щIалэр гумащIэ зэрыхъуам гу лъимытэу къэнакъым. УцIыхухъуу, ар Iуэху хъунт, емыкIукъэ...

Iузизи мафIэгум къыкIэрыху пэтащ. Дакъикъэ закъуэт къэнэжар. Сыт мыгъуэ ари зезыхуэр? Лъэщыджэшхуэщи – нобэ пщэдейщ. Хьэталий здишэну фIэфIыххэтэкъым, гъуэгум щылъхуэмэ, жеIэри мэгузавэ. Фызгъалъхуэ дэнэ къыздипхынур? Апчарэщи, зыц хищIыкIыркъым.

МафIэгу шэрхъхэр щытеуIуэкIэ рельсыр къегъэпсалъэ, «ари пэжщ», «ари пэжщ», «ари пэжщ» жаIэу. Iугъуэмэ къыпщIехьэ, мывэ фIамыщIым къыхих сабэр уи пэм кърихьэмэ, укърегъэпс. Вагоныбжэр Iуах щхьэкIэ, зыри плъагъуркъым – кIыфIщ. Шэрхъхэр емышу тоуIуэ. Дэнэ мафIэгум дыздишэр, жиIэу аракъым Апчарэ зэгупсысыр. Унэм къигъэнахэр аращ и гум имыкIыр. Иринэрэ Хьэбибэрэ зэхуэзэмэ, дауэ зэгурыIуэну иджы, я тэрмэшу щытар Апчарэти – яIэжкъым, Иринэ къуажэм къыдэтIысхьэжрэ Хьэбибэ бгъэдэсмэ, нэхъыфIт. Щынэхужыкъуэ къыдинахэри дауэ хъуну? Си пIэкIэ укъызогъанэ, жиIэу Iуэху псори Азизэ къыхуигъэна щхьэкIэ, Азизэ шкIэ щыс къигъэтэджынукъым – щабэщ, къедэIуэну пIэрэ хъыджэбзхэр? Еууей мыгъуэ, Азизэ зэуэ гузэвати, парашютист хьэбыршыбырыжьым «си шыпхъу» щыжиIам. Хъыджэбзым дэлъхуу иIэр кърибжэкIырт. Къазыхъуэхэ я лъэпкъым МухъутаркIэ зэджэ хэттэкъым – я унэцIэр зэтехуэу ара къудейт.

МафIэгу шэрхъхэр мычэму тоуIуэри гъуэгу узэрытетыр пщагъэгъупщэркъым. ЕдаIуэт! Абы жиIэр къыбгуроIуэ: «Апчарэ», «Апчарэ». Вагоныр щIеупскIэ гущэм хуэдэу. МафIэгур лъэмыжым телъадэмэ, и макъыр нэгъуэщI мэхъу – къру лъэтам и дамитIым я макъым ещхьу – «хр-хр-хр, хр-хр-хр», жиIэу. Лъэмыжым зэпрыжа иужь, шэрхъ къомыр аргуэрыжьщи, рельсым тхьэ хуаIуэ «ды-те-кIуэнщ», «ды-те-кIуэнщ» жаIэу.

Апчарэ абы едаIуэмэ, и гум къэкIыр «Ал-би-ян», «Ал-би-ян» жиIэу аращ. Иныкъуэми Апчарэ, жейм щыхилъафэкIэ, шэрхъхэм «фрон-тыр – мес», «фрон-тыр – мес» жаIэу къыфIощI.

Уа-а! Иджыпсту фIэкIа хэт и гум къэкIыжа? Сохраннэ распискэ къомыр Бекъан иримытыжу Апчарэ и деж къэнащ. Пхъуантэ цIыкIуу комсомол документхэмрэ абырэ зыдилъхьар кIуэдмэ, дауэ хъуну? ПIытIу кърита бланкхэри а пхъуантэм дэлъщ.

Станц гуэрым мафIэгур тохьэ. Тобэ ирехъу – Прохладнэр аращ. Уэздыгъэ фагъуэ цIыкIу куэд зэщIоцIууэ. Тэмэм. Прохладнэр аращ. И мэ къудеймкIэ къецIыхуж. МащIэрэ Апчарэ мыбы къэкIуа, мащIэри теса, кумб къатIу. Баракыр я пщыIэу. ПщэдджыжькIэ псы щIыIэмылкIэ затхьэщIу.

Яшхри сытыт жыIэт – щIакхъуэрэ псырэ. Шэджагъуэм деж хьэнтхъупс, ари упщIыIужауэ. ИтIани зым и тхьэусыхафэ зэхахакъым. Ари хъунщ, Бахъуэр щхьэ и диным икIрэ, «фронтыр мыбы къэсмэ» жыпIэу зэхихмэ? Фронтыр мыбы къэмысыну щытамэ, а кумб къомыр къыщIатIар сыт?

Паровозыр гъуэхъуэну хуежьати, къехъулIакъым – «фф!» – жиIэри зэфIэкIащ. И макъыр икIауэ къыщIэкIынщ, тхьэмыщкIэ. Е «доходной» жыхуаIэм хуэдэ. Ростов къикIыу эвакуировать ящIа щIалэ цIыкIу гуэрым жиIэу а псалъэр Апчарэ зэхихати, фIэдыхьэшхэнт.

А щIалэ цIыкIур Iущ цIыкIут. Албиян къитхат «рыбец жыхуаIэ бдзэжьейр дгъавэурэ бдзэжьей лэпс дофэ» жиIэу. Апчарэ гупсысэрт, дэтхэнэпсыр арауэ пIэрэ рыбец зыхэсыр, жиIэу. ЩIалэ цIыкIум еупщIати, занщIэу къыжьэдэхуащ: «Псыр тенджызым щыхэхуэу – псы мышыумрэ псы шыугъэмрэ щызэхэлъадэм дежщ рыбец зыхэсыр», – жиIэри. Тэмэму зыхуэзэри аращ – Доныпс Азов тенджызым щыхэхуэм дежщ Албиян здэщыIэр. Апчарэ ар Чокэ жриIати, къыщытхъуащ: сыту укъэщIэрей, жиIэри.

Сыту фIыт, Хьэталий и пIэкIэ Чокэ я гъусамэ.

Хьэталии цIыху Iейуэ къыщIэкIынкъым. ИтIани!

– Догуэ, гъуэмылэкIэ фымыбэлэрыгъауэ пIэрэ? – жиIэри къазэрыхуэзэу аращ Хьэталий зыщIэупщIар.

Апчарэ плъыжь къэхъуат укIытэри, и хъуржын Хьэбибэ кърита хьэлъэ пэтрэ.

– Зы махуэ гъуэгурэ махуибл гъуэмылэрэ, жаIэу зэхэфхакъэ?

МафIэгур зэрежьэм хуэдэу Хьэталий шхэн къыщIидзащ – джэди бжьыныху шыпси – псори иIэт. Иджы пырхъыжу мэжей. Апчари Iурех. Зы напIэзыпIэу жэщыр къолыд, дунейкъутэжу зыгуэр къоуэ, къочэ. Апчарэ иреудэкI, зыри зэхимыхыу дэгу мэхъу, и тхьэкIумэм бжьэхуц ирикуа хуэдэу, вагоныр щIеупскIэ, Iузизи гужьеяуэ мэкъугъ. Аргуэру бомбэр къоуэ. Ашык Iэтэу зэтелъыр къолъэлъэх. Хьэталий жейбащхъуэу и макъ

зэхыбох, «фи пIэ фис, зывмыгъэхъей» жиIэу. Езым техьэгъуэ къытехьауэ мэкIэзыз.

МафIэгур къэувыIауэ гу щылъитэм, Апчарэ къыщылъэтри вагоным къелъащ. Кхъухьлъатэхэм, гъуахъуэу, уи тхьэк Iумэ-I упсыр ирач. Вагон гуэрхэми мафIэ къыщIэнауэ цIыхур зэры-зохьэ. Эшелону дзэ зэрысхэр нэр темыпыIэу блож. Платформэм танки, топи, цIыхуи тезщ. Апчарэ щтэри занщIэу щIым зыхи-дзащ. И щхьэр къиI этрэ да Iуэмэ:

– Апчарэ! Дэнэ укIуа, гъуэгу мыгъуэ ежьэн? – жиIэу Хьэталий мэшхыдэ. – Къэгъазэ, жысIакъэ!

АдэкIэ уплъэмэ – красноармеецхэр ежауэ мафIэм ис вагоныр рельсым традз, мафIэм шлангкIэ псы траутхэ, пшахъуэ хапхъэ.

Апчарэ вагоным йопщхьэж. Хьэталий къэгубжьауэ мэшхыдэ. Абы и шхыдэныр куэдрэ иухыну къыщIэк Iынтэкъым, Iузизэ и гурым макъ къэмыIуатэмэ. Фыз лъэщыджэм нэмэзыбзэ къибжырт, малъхуэри дегъэунэхъу, жиIэу Хьэталий мэгузавэ:

– Апчарэ, еупщI абы. Къэхъуар сыт? УкъыбгъэдэмыкIыу бгъэдэс, бжесIакъэ? ЛI о сэ фхуэсщI эн фи гугъэр?

Iузизэ зыкъищIэжащ:

– Ягъэ кIынкъым, Хьэталий. Умыгузавэ, си псэ тIэкIу. Ягъэ кIынкъым. Сыгужьеяти, къурIэныбзэу сщIэр жысIащ. Къэхъуа щыIэкъым.

МафIэгур аргуэру ежьэжащ. Апчарэ и гугъэт кхъухьлъатэр щышынагъуэр станцым ущытетым деж къудейуэ.

Уи тхьэкIумэIупсыр Iуичу гудокыр къыщыIум, паровозыр зэрахъуэжам Апчарэ гу лъитащ. МафIэгур куэдкIэ нэхъ псынщIэу кIуэ хъуащ.

Апчарэ и жеин къэкIуэжыртэкъым. Жэщыр нэхущым нэсащ, уафэ лъащIэр плъагъу хъуащ, зыкъызэщIетхъ – пшэкI эплъ къещI, дунейри нэхъ щIыIэтыIэщ. Жыжьэу уплъэмэ, жыг баринэ инхэр щхьэукъуэу итщ. Аргуэру шэрхъ къомыр зэщIопсалъэ. Абы едаIуэурэ Апчарэ мэжей...

Куэд дэкIа, мащIэ дэкIа, Апчарэ къызэщоу. Прохладнэм куэдрэ щызэхихыу щыта командэр зэхех:

– Подъем! – жиIэу. Ар Хьэталийщ. Езыр вагоным икIащ, цIыхубзхэм заригъэхуэпэн щхьэкIэ. Апчарэ къэушыпащ. Хьэталий зыгуэр Iумыхуэу хуэшыIэн – мэжьэгъуашхэ. ХьэщIапIэ укIуэрэ – шхэи кIуэ. Сыту жыпIэмэ, уздэкIуэ бысымым уигъэхьэщIэнрэ уимыгъэхьэщIэнрэ пщIэркъым. УигъэхьэщIэми, тIэу ушхэмэ, нэхъыф Iщ, зэи умышхэ нэхърэ, жиIэу аращ Хьэталий игъащIэм зытрищIыхьыр.

– Дыкъэса? – жиIэри Апчарэ Хьэталий еупщIащ.

– ДыкъэсакIэ дыкъэсат. КъытпежьаIауэ слъагъуркъым. Мыр дауэ?

Апчарэ зиплъыхьмэ – станци сыти илъагъуркъым. Губгъуэ

нэщIщ, зы уни иткъым. ГъущI гъуэгум пэмыжыжьэу ашыкы-шхуэхэр пыпхъуэм ещхьу зэтелъщ, брезенткIэ, жыг къудамэкIэ щIэхъумауэ. Къэрэгъул зырызи уолъагъу. Дэнэ щыIэ наци-визэр? Зауэм Iумыту сиIэ. Iузизэ мэгузавэ. ИлI комиссарыр къыпежьэн и гугъати – бгъуэтым, къащтэ.

– Фронтым дыкъэсащ, – жиIэри Хьэталий и щIыбагъ къэгъэзауэ къэпсэлъащ.

Апчарэ и фIэщ хъуркъым. Мыра фронт хъужри? Гъуэгу дыкъызэрыкIуар нэхъ фронтым, алыхь. Кином уеплъмэ, фронтым топауэ защIэщ, танкхэр зожэ. Мыр фронт хъун? Гъэмахуэ пщэдджыжь дахэщ. УэфIщ, дунейр мамырщ. Жыжьэу уплъэмэ, къуажэ цIыкIу гуэри уолъагъу, къэзакъ къутыру къыщIэкIынщ. Жьыбгъэ щIыIэтыIэ тIэкIу къопщэ. Хэт и фIэщ хъун иджыпсту Дон адэкIэ зауэшхуэ щекIуэкIыу? Къэралым и насып зэхэкIыпIэр Доныпс Iуфэщ, мыбдеж бзу макъ щызэхыбох.

Хьэталий, жыжьэ IукIын дзыхь имыщIу, вагоным деж къикIукI-никIукIыу Iутщ.

Ашык пыпхъуэ къомым къакъуэкIри военнэ гуэрхэр къакIуэу къалъагъу. Ахэр ару къыщIэкIынт делегацэм къапежьэн хуеяр. ПIащIэ-тхъытхъыу къокIуэ. Япэ иту къакIуэм и Iэгъуапэм вагъуэ плъыжь цIыкIу тещIыхьащ. Апхуэдэ зи Iэщхьэм тедар зэрыкомиссарыр Апчарэ ещIэри ахэр военнэ дыдэу къилъытэркъым.

– Уа, фыкъеблагъэ, ярэби. Фыкъеблагъэ. Фронтым лъагъунлъагъу фыкъэкIуащ, – жиIэу япэ итым Хьэталий IэплIэ къыхуищIащ, и Iэр къиубыдащ, – дауэ фыкъэса, тхьэм жиIэм? Сэлам къывихакъэ?

– Къыдиха жыхуэпIэр сыт! – Фриц и сэламым Iузизэ «игъалъхуэ» пэтащ жиIэнути, Хьэталий щIегъуэжри, – «игъэгужьея» уи гугъэкъэ! – жиIащ. – Дауэ фыщыт фэ езыр?

– Фыкъеблагъэ, си шыпхъу, – жиIэу Хуламбай Солтан цIыхубзхэм я дежкIэ кIуащ, Хьэталий зыщ IэупщIар зэхимыхзищIри, – фыузыншэу фыкъэсащи, хъарзынэщ. ХьэщIэр хьэзыр щхьэкIэ, бысымыр хьэзыр жыхуаIэр аращ: фыкъыздэкIуар фронтщ, зыгуэр тхузэфIэмыкIмэ, къытхуэвгъэгъу...

– Спишем за счет войны, – жиIэри Апчарэ и дэлъхум и псэлъафэу щытар къыжьэдэлъэтащ.

– Тэмэм. Иджыпсту щыщIэдзауэ. Дыфпежьэну ди гугъати, къыдэхъулIакъым.

Апчарэ къицIыхужащ Хуламбаевыр. Арат зи унафэкIэ Апчарэ къэпсэлъар, нацдивизэр щрагъэжьа махуэм. Езы Солтани къицIыхужа хъунт хъыджэбзри, къыхуэнэщхъыфIэу къеплъащ. Хуламбаевым нэгъуэщI щIали и гъусэт, военнэрэ мывоеннэрэ къыпхуэмыщIэу. Сталиным и зыхуэпэкIэм ещхьу хуэпауэ.

– Бештоу Якъуб. Юристщ. ЗэвгъэцIыху! – жиIэри Хуламбайм щIалэр яригъэцIыхуащ.

Я Iэр зэрыубыдащ.

Солтан гушыIэрт:

– Юрист къудейкъым. Военнэ юристщ. Военнэ звание къратыну дыхуэлъэIуащи, абы поплъэ.

– А-а... Районым прокурору ущылэжьащ. СощIэж, нэгъуджэ фIыщIэшхуэ пIулъу щытащ, – жиIащ Хьэталий.

– НэгъуджэмкIэ къэпцIыхужащ, – жиIэу Солтан дыхьэшхырт, – дауэ щытми и Iуэхур къикIыркъым. Къулыкъуншэуи къэнащ. Военнэ званиер къэмысурэ и пIэм иувэну лIыр къэсащи, езыр, Хъуашэ и Iэтэу, лей хъуащ.

– Нэгъуджи къулыкъуи уимыIэм – зэIыхьащ.

– Ягъэ кIынкъым. Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэрэ? – жиIэри Солтан и гушыIэк Iэм темыкIыу Хьэталий зыкъыхуигъэзащ: – Фэ дауэ фыщыт?

– Зэрыплъагъущ. Фыкъытпежьэн ди гугъэу дыфпэплъати, къыдэхъулIакъым, – жиIэу Хьэталий зегъэш, щIыIэм игъэпIыщIарэ гузэвэгъуэм игъэкIэзызрэ умыщIэу.

Махуэр хуабэ зэрыхъунур нэрылъагъут.

– Хэт къыфпежьэнур? Псори ежьащ.

– Дауэ зэрежьэр?

– Ежьащ. Нобэ махуэ ещанэ мэхъу. Нэхъыбэр здэкIуэным нэсащ, – жиIэрт Солтан, нэхъ нэщхъей къэхъуауэ, – дэ демыжьамэ, дыщIемыжьар фэращ – дыфпоплъэ. Къывжа Iакъэ?

– Куэд дэмыкIыу зауэм Iуохьэ жаIати, дыкъэпIэщIащ, ауэ фыщыIухьэ махуэр къыджаIакъым...

Iузизэ, абы жаIэр щызэхихым, и лъакъуитIыр щIэхуу джалэ пэтащ. И пщIыхьэпIэр нахуэ хъуауэ къыщIэкIащ. Дотийуэ фызыр къызыхуэкIуам мэлыкуэ ин иIыгъыу къыпежьауэ пщIыхьэпIэу щилъагъум, ищIэн хуеящ фIы къызэрыримыхьэлIэнур. «ФымэжэлI амэ, мыр фи Iыхьэщ» жиI э хуэдэт Дотий.

– Лы пщIыхьэпIэу плъагъуныр фIыкъым, – жиIат Апчарэ, ар щызэхихым. ПщIыхьэпIэ къэщIэнымкIэ Iэзэр Хьэбибэт.

Солтанрэ Хьэталийрэ зэры Iушри, цIыхубзхэм Якъуб къабгъэдэнащ.

– Уи щхьэгъусэм ищIэрэт укъызэрыкIуэнур? – жиIэри Якъуб щIэупщIащ.

Iузизэ къыхудэшеижыртэкъым:

– ИщIэ къудейт...

– Умыгузавэ. Тхьэм жиIар хъунщ...

– Алыхь, зэрыхъуну хъуам, – жиIэу Апчари и щхьэ хуэпсэлъэжырт. Дауэ хъуну иджы? Быбэрэ Иринэрэ сыт напэ иIэу яI уплъэжыну. Псоми ящIэртэкъэ подаркэ хъушэ къашэу делегацэ къызэрыкIуэр. Хэт къакIуэми ящIэртэкъэ? Къулыр телефонкIэ штабым емыпсэлъа уи гугъэ? «Тхьэм жи Iар хъунщ» жыпIэкIэ зэфIэкIрэ?

Хьэталийрэ батальоннэ комиссарымрэ куэдрэ зэ Iущэща-

къым. Апчарэ а тIум якIэлъыплъырт, я гум илъу цIыхубзхэм щабзыщIыр къищIэну. ТIури зэрыгъэгузэвэжауэ Iэнкун хъуат, нэжэгужафэ зытрагъауэ щхьэкIэ. Пхъуантащхьэм тезу шхын къытралъхьам Хьэталий щеплъым и пэр къыпыхуащ: джэд гъэжьар, лэкъумыр, джэдыкIэр – темылъ щыIэтэкъым, Хьэталий а къомыр къигъанэу ежьэныр и гум имыдэу шхыным хэуэри зы джэдыкуэ къыгуиудри ар ишхыурэ еплъырт, блэгъуаплъэ блэгъу йоплъэ жыпIэну. ЦIыхубзхэр щытт, «фытIыс» жаIэн хуейрэ хуэмейрэ ямыщIэу.

Хьэталий Iуэхур зыIутыр къаригъэщIащ:

– АтIэ фыкъэдаIуэ мыдэ делегацэм хэтыр. Дыкъызэрысу Апчарэ игъэщIэгъуащ «мыр сытми фронт» жиIэри. Ар щIыжиIар гурыIуэгъуэщ. Iэуэлъауэншэщи аращ. ЩIэIэуэлъауэншэр зэбгъэщIэну ухуей – зауэшхуэр Дон адэкIэ щокIуэкI, мыбы къэсакъым. Дивизэ дыкъызыхуэкIуар зауэм Iухьэну ежьащ. Аращ, Дотий жыпIэми, Албияну Апчарэ и дэлъху жыпIэми, зыри къыщIытпемыжьар.

– Политотделым и начальникыу Хъуламбайм жиIэр сыт? Дэ тIур иджыпсту штабым докIуэ...

– Сэри сынэкIуэнущ, тхьэ! – жиIэри Апчарэ къеупщIаикъеусаи щымыIэу къыхиIуащ.

– Iузизэ къэбгъанэуи?!

– Ягъэ кIынкъым. НрекIуэ. Сэ тIэкIу зызгъэпсэхунщ, – жиIэри Iузизэ къэгумэщIащ, зэран зэрымыхъунур къаригъащIэу. – Здэфшэ Апчарэ.

– Здэтшэн къыдэхьэлъэкIыу аракъым, – жиIэу Хьэталий зрилъэфыхьу щытти, Солтан:

– НрекIуэ. ЛIо, куэдрэ дыгувэнукъым, – жиIэри Апчарэ къыдэщIащ, – сыхьэт, сыхьэтрэ ныкъуэрэ нэхъыбэ дыкъэтынукъым, Якъуб мыбы къэдгъэнэнщи, подаркэм и унафэ ищIынщ. Дивизэм и командирым зыхуэдгъэзэнщи, къыджиIэр зэхэфхынкъэ. Iузизэ и щхьэгъусэм дыхуэзэмэ, ари къыздэтшэнщ.

Ашык пыпхъуэ зэхэтхэм я щIыбагъымкIэ зы «эмкэ» зэхэцIэла гуэр дэтти абы итIысхьэри Хьэталий сымэ ежьащ. Дунейр сабэ защIэт, машинэр, кумб хуэзэрэ къэувыIэху, сабэм щIигъанэрт, зы умылъагъужу. Апчарэ, си дэлъхур зыхэт полкыр жыжьэ, жиIэу щIэупщIэну и нэ къикIырт.

– Зауэм фыщыIухьэм и хъыбар щхьэ дывмыгъэщIарэ? – жиIэри Хьэталий зэгуэпат.

– Хъуакъым. ФыкъакIуэ, жытIэу ныщытIуэхуа дыдэм ирихьэлIэу шифровкэ къэсащ икIэщIыпIэкIэ зауэм дыIумыхьэну Iэмал имыIэу. Фэ гъуэгум фыкъыщытехьэм, дэри гъуэгуанэ дежьащ. Фэ мафIэгукIэ фыкъэкIуащ. Дэ дышущ... Фэ километр щих къэфкIуащ, дэ километрищэрэ щэ ныкъуэрэ...

– Дэ бомбэ къытхадзащ, фэ къыфхадзакъым, – жиIэри

Хьэталий пищащ.

– Бомбэ нэхъ жумыIэмэ, дэри ди Iыхьэр къытлъос. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, мыбы фыщымыгувэм нэхъыфIщ, Хьэталий. ПщIэну щыткъым...

– Сыт, на, жыпIэр? Алыхь, подаркэ къомыр дымытауэ, лъэмбыт I дымычын,– жиIэри Апчарэ и псалъи къахилъхьащ, шоферым зэрыбгъэдэсу зыкъигъазэри.

Модрей тIум зыри жаIакъым. Апчарэ сабэм пхыплъу плъэ щхьэкIэ зыри илъагъуртэкъым. Къэзакъ къутыр къудейм тесIауи плъагъуртэкъым.

– Алыхьыр си щыхьэтщ, – аргуэру Апчарэ къеплъэкIащ, – дыкIуэжми дыдагъэхьэжмэ, письморэ подаркэу къыдатар дымыгуэшу. Си дэлъхур сымылъэгъуауэ дауи сыкIуэжын?..

– Умык Iуэжым, укъэнэнщ, укъэнапэу...

– Ар сыт щхьэкIэ?

– Зи щхьэкIэр бжесIакъэ! Пщэдей зауэм дыIуохьэ...

* * *

Комдивыр темыпыIэжу хьэщIэм къапэплъэрт, и машинэр бжэIупэм деж щиху щIагъым щ Iэту. Шоферыр машинэм ису мэщхьэукъуэ. Штабым щIэсIауэ плъагъуркъым. Адрес тетари тетыжккъым. Машинэ къакIуэу щилъагъум, адъютантыр жэри комдивым хъыбар иригъэщIащ. Полковникыр нэрыплъэ пщIэхэлъу, сэшхуэр кIэрыщI ауэ, и кIэрахъуэ сыт хуэдэкIи хуэщIауэ унэм къыщIэкIащ.

ЗанщIэу и жьэм къыжьэдэкIа псалъэм уигъэгуфIэну I эмал иIэтэкъым. Полковникым и щхьэр игъэсысащ:

– Сыту и мычэзууэ, сыту и мычэзууэ фыкъэкI уа. Махуищ къудей нэхъ мыхъуми япэ зыкъивгъэхуамэ аратэкъэ. АтIэ сыт пщIэн, фыкъеблагъэ, хьэщIэ лъапIэ. Уа! Мы къэкIуари плъагъурэ! Къэпсэлъауэ щыта хъыджэбзри къэкIуащ. Догуэт, догуэт... КъэсщIэжащ: Апчарэ!

Чори къэпсэлъащ:

– Тэмэм. Къэзэнокъуэ Апчарэ, – жиI эри.– ЛIыгъи зэрихьа уи гугъэкъэ? ДиверсантитI къиубыдащ.

– Уи фIэщу жыпIэрэ?

– ЖызоIэ, уэлэхьи.

– Дэ парашютиститI тлъэгъуати, махуитIкIэ къетхуэкIащ. Ерагъыу эскадронитIым къаубыдащ. Фынеблагъэ. ФынакIуэ, фынэщIыхьэ. Сыту и мычэзууэ, сыту и мычэзууэ фыкъэкI уа!

– ДызэрызэгурыIуауэ дыкъэкIуащ, – жиIащ Хьэталий, зигъэкъуэншэну и мымураду. – ФыкъакIуэ щыжыфIа махуэм хуэзэу дыкъэкIуащ.

Класс щеджэу щыта пэшышхуэ гуэрым щIыхьахэщ. Партэ-

хэр плIанэпэм дэзу дэгъэуват. Доскам фIэдзауэ картэшхуэ гуэри фIэлът. Штабым я документхэр гъущI ашык инхэм дэлъу ягъэувыжат. Учителыр зыбгъэдэсу щыта стIол цIыкIум картэр триубгъуэри полковникыр къэуващ. Абы жиIэнум псори едэIуэну тIысхэрт.

– Пэжщ. ФыкъакIуэ щыжытIа махуэм хуэзэу фыкъэкIуащ, – жиIэри полковникым и псалъэм къыщIидзащ, – уэ жыпIар алыхьым жимыIамэ, абы хуэдэу мэхъу. Нобэ алыхь хъужыр зауэр аращ. ФытIыс псори. Iуэхур зыIутым щыгъуазэ фыхъущIынщи, итIанэ фэри къывгурыIуэнщ.

Мис Ростов. КъекIуэлIапIэу иIэр дэнэ лъэныкъуэкIи быдапIэ защIэщ. Къезэгъырабгъу иIэкъым. – Фронтым къыщыхъуам и гугъу ищIу, – ди генералхэм я гугъат, абыхэм нэмыцэм я пIалъэ ящIэ, Гитлер РостовкIэ къекIуэлIэну. Нэмыцэр кхъуэпIащэм ещхьщ – и занщIэр и гъуэгуу йоIэ. РостовкIэ къеIауэ щытатэм, и джабэр щIаудынут. АрщхьэкIэ, плъагъуркъэ, щIымахуэм и нэпкъпэпкъыр щызэхакъутамкIэ мыкIуэу, Ростовыр жыжьэу къикIухьурэ Доныпс и къэгъэшып IэмкIэ иукъуэдиящ, Миллеровэ триубыдауэ. ЗыщIэкъур сыт жыIэт: Цимлянскэ станицэр къищтэу Дон зэпрыкIыну аращ. Зы колоннэ СталинградкIэ макIуэ, зы колоннэ Кавказ кIуэну я хьисэпщ. Ростов щхьэкIэ Кавказым и куэбжэ жаIами, куэбжэ сыт дэмыхьэу Кавказым иунэтIыну щIокъу. Дэ унафэ къытхуащIащ: икIэщIыпIэкIэ Дон дыIутIысхьэу нэмыцэр къызэпрыдмыгъэкIыу тIыгъыну. Ди дивизэр еплIанэ шу корпусым хэтщ, корпусыр щэ ныкъуэрэ зырэ армэм хэтыжщ. КIэщIу жыпIэмэ, армэр зэрыармэу зи ужь итыр бийр псым хидзэу иригъэтхьэлэну аращ.

Апчарэ полковникым и нэгум щIэплъати, гу лъитащ комдивыр зэрешам. Лъэрызехьэу зыкъыпфIигъэщI щхьэкIэ, къару щIагъуэ къыхуэнэжатэкъым. Дауэ текIуэгъуафIэу бийм зэрытекIуэну мыгъуэр, дахэ-дахэу Iэщэ-фащэу лъысыпхъэр имыIэу? Абы ищIыIужкIэ шуудзэр танкым пэувын хуейщ.

Комдивым жиIэнум кIэщI зригъэщIащ:

– Начподив, сигу къэгъэкIыжыт: хэт Къэзэнокъуэу дэ диIэр? – жиIэри.

– Лейтенант Къэзэнокъуэр, минометчикщ.

– Тэмэм! Ара атIэ уи дэлъхур?

Апчарэ и нэкIущхьитIыр плъыжь хъуащ.

– Аращ.

– И дэлъхур и шыпхъум къыкIэрыхуакъым. Iэщэ къишэну арт складым згъэкIуари зы боекомплектым и пIэкIэ боекомплектитI къишащ. Еууей, сэ си гуапэт, зэдэлъхузэшыпхъур зэрылъэгъуатэм, – жиIэри комдивыр щэтащ.

Апчарэ къыщиуду гъыну ерагъпсэрагъкIэ зызэтриIыгъэрт. Ар Солтан къилъагъури хъыджэбзым и гур нэхъыфI ищIыну жиIащ:

– ЗэрылъагъункIи хъунущ. ПщIэну щыткъым. Подаркэ вагониплI къашащи, ямыгуэшауэ ягъэзэжын ядэркъым. Письмори тевэву къашащ.

Комдивым ткIиифэ къытеуащ:

– Сэ фыкъызэдаIуэмэ, ягъэзэжмэ нэхъыфIу къызолъытэ. Зэрылъагъу хъуну зы Iэмал иIэкъым. Зауэм Iутыр къыIупшын, подаркэ ептын щхьэкIэ? Военнэ трибуналым уратыркъэ! Хьэуэ, хьэуэ. Хъуну зы Iэмал иIэкъым. Езыхэм ягуэшамэ, дауи, нэхъыфIт, ауэ, не Iэмал, иужькIэ дэ яхуэдгуэшыжынщ.

Апчарэ и нэпситIыр хуэмыубыдыжу и нэкIущхьитIым къежэхырт. Дауэ хъуну иджы – Хьэбибэ схужеIэж си щIалэм жиIэу къелъэIуащ: «Уи анэр къызэрыпхуэарэзым хуэдэу алыхь талэри къыпхуэарэзы ухъу», – жиIэри. Данэ цIыкIу и сурэтри ихьыжу дауэ, дауэ кIуэжыну. Письмо къомри дэнэ ихьыну? Зы машинэ гуэри къамыгъуэтуи? Зы махуэ закъуэм зэфIигъэкIынт псори.

Хуламбаевыр Апчарэ и гум къишхыдыкIащ:

– Хъуну щытмэ, моуэ дывгъэщI: дызыхуэмейуэ Iэмал имыIэм щыщу «эмкэм» ихуэр ислъхьэнщи, сынежьэнщ. Политотделым ди хьэпшыпу къанэм иужькIэ дыкъыкIэлъык Iуэми мэхъу. Ди грузовикыр хьэщIэхэм еттынщи, подаркэр гуэшыныр зы махуэ-махуитIкIэ зэфIэкIынкъэ. ЦIыхум зыщагъэпсэхум деж ирегуэш. ЗылъэмыIэс къыхэкIмэ, дэ яхуэдгуэшыжынщ, къыдэхуэр складым щIэтлъхьэнщи, зэфIэкIащ, – жиIэри.

– Уи хьэпшып къомыр-щэ?

– Си хьэпшыпыр, дауэ тщIыми, зэ ешэжьэгъуэу тхуэшэнукъым: тIэу-щэ къыкIэлъыкIуэн хуейщ. Сэ сыхущIэмыхьэмэ, зыгуэр къыкIэлъыкIуэнщ, дыздэкIуэм дынэса и ужькIэ.

Комдивым и нэщхъыр зэхиукIащ, и IупитIыр зэтрикъузэу пэпщащ, Солтан жиIар, дауи, и гум ирихьакъым. Нэмыцэр нобэ ныжэбэ мы щIыпIэ дыдэм къыщыхутэнкIэ мэхъу. ИтIанэ лIо пщIэнур? Подаркэр нэмыцэм яIэрыхьэмэ нэхъыфIщ, политотделым и хьэпшыпыр яIэщIыхьэ нэхърэ. Ар гурыIуэгъуэщ, нэгъуэщI зыгуэру Iуэхум уеплъмэ: подаркэ яхуэбгуэшмэ, зауэм Iухьэм я гур нэхъ къэжанынщ, езыхэри гуфIэнщ, тегушхуэнщ. Комдивым зыри жимыIэу Хьэталий еплъащ, Солтан жиIам егупсысри пэрымыуэу триубыдащ:

– Дауэ уставым зэритыр: командирым и унафэ нэхъ пэж дыдэр дэтхэнэр ара? ЗанщIэу къищтэрэ занщIэу игъэзэщIэныр аращ. УзэрегуакIуэу щIы. Зэран сыпхуэхъуркъым, – жиIэри.

Асыхьэту комдивым псоми я Iэр иубыдыжри и «эмкэ» зэмыфэгъуу зэхэцIэлам итIысхьэжри, макIуэ-мэлъей, ежьэжащ, дзэр здэкIуа лъэныкъуэмкIэ иунэтIауэ. Абыхэм икIэщ IыпIэкIэ ялъэщIыхьэжын хуейт.

Солтан жиIам зэрыхуэпIэщIар езым ищIэжу уиIэ. Зи гугъу ищIа грузовик къудейр ягъуэтакъым, здэкIуам къимыгъэзэжауэ

къыщIэкIащ. Ауэ щыхъум мэуэ зэгурыIуащ: Хьэталийрэ Апчарэрэ станцым ягъэзэжри загъэпсэху. АпщIондэху Якъуб политотделым я машинэр къегъуэтыжри къегъакIуэ. Хуламбайр дивизэр здэкIуам нос, Iуэхур зыIутыр зрегъащIэри къегъэзэж. Дауэ хъуми, пщэдей аргуэру зэхуэзэнущ...

## 2. АПЧАРЭ АДЭКIЭ МАКIУЭ

Дунейр зэрызехьэ хъуащ. Апчарэ и гугъат военнэм зыгуэр жаIакъэ – занщIэу ягъэзащIэу. Иджы еплъыт: комиссарым унафэ ищIащ, машинэ къахуу подаркэр иралъхьэну – зыми зыри ищIэу плъагъуркъым. Якъуб и пщэм къыдалъхьа щхьэкIэ зыри хузэфIэк Iыркъым – мэкIий-мэгуори къежыхь, къихъуэ щымыIэу.

Аращ Солтан и унафэм пэуи кIэуи иIэр. Ар зэрымывоеннэ дыдэр нэрылъагъукъэ? Тэмэм, парт лэжьакIуэу зэрыщытам текIакъым. Солтан райкомым секретару щытетым ц Iыхубз гъыуэ и нэм илъагъу хъууэ щытакъым, имыгъагъын щхьэк Iэ сытри яхуищIэрт. Езы цIыхубзхэми ар ящIэрти, зыгуэр щхьэкIэ къелъэIуну кIуэмэ, занщI эу гъы нэпцI защIырт. Ноби аращ, Апчарэ и нэпс къежэхыр щилъагъум, си машинэр узот жиIэри ежьэжащ. Къарита щхьэкIэ дэнэ къыздипхынур, езым кIэбгъу зищIри, макIуэ-мэлъей. Редакцэм я машинэр жыпIэнущи, типографиер итщ – хъунукъым.

Делегацэр станцым къэсыжащ. Iузизэ тхьэмыщк Iэр куэд щIауэ къапоплъэ.

– Нэхъапэ щIык Iэ дывгъашхэ, – жиIэри Хьэталий занщIэу етIысэхащ.

Iузизэ занщIэу къэгуфIащ, щIэгуфIэн щыIэ и гугъэу. Аркъэ птулъкIи къытригъэуващ. И щхьэгъусэр бдзэжьеящэ кIуэмэ здихьу щыта стэкан цIык Iухэри къыдихащ. Иджыри Дотий ар илъэгъуамэ я псэукIэу щытар и гум къэкIыжын и гугъэщ.

– Фахуэза псоми? Сыт «ди комиссарым» и унафэр? – жиIэри Iузизэ щIэупщIащ. «Ди комиссар» жыхуи Iэр, дауи, и щхьэгъусэр арат.

– Щхьэж и унэ бжэн лъакъуэ, жиIащ. Сыт мыгъуэ жиIэн? Дунейр хьэрийкурийщ, – жиIэри Хьэталий и щхьэр иригъэзыхауэ и нэгум щI игъаплъэртэкъым.

– Апхуэдэ дыдэу жиIа? – Iузизэ стэкан цIыкIухэр IэщIэхури икъутэ пэтащ.

Дауэ Iузизи и лIыр имылъагъуу зэрыкIуэжынур? Куэд щIауэ «бын дгъуэтащэрэт» жаIэу т Iуми я нэ къикIыу щытат – Iузизэ зи уэндэгъу хъуртэкъым, иджы мес – лъэщыджэшхуэщ, къуэ къилъхуну жаIэ. Зэрыуэндэгъур и лIым иригъэлъагъуу игъэгуфIэну арат Iузизэ къыщIэкIуар. ЩIалэ цIыкIур лъэпкъым

дежкIэ къупщхьэщ.

Хьэталий аркъэр къищта щхьэкIэ, ефэн лъэкIакъым – ехыркъым. Станц нэщIым дауэ уи закъуэ узэрытесынур. Комдивым вгъэзэж жиIэу, ауэ сытми жиIа? Iуэхур зэрышынагъуэр Солтан имыщIэнкIи мэхъу. БыдапIэ къомым къамыгъэувыIа нэмыцэр шуудзэм къыхуэгъэувыIэн? Дгъэзэжын хуейщ. НэгъуэщI Iэмал иIэкъым. Нобэ дежьэжмэ, нэхъыфIщ, пщэдей… хэт ищIэрэ пщэдей зэрыхъунур?..

Станцым утесу нэмыцэр къэсмэ… Машини мафIэгуи уимыIэу. ЛъакъуэрыгъажэкIэ уежьэжыну? Лъакъуэрыгъажэ къудей бгъуэтынукъым. Дон нэс километр дапщэ дэлъу пIэрэ?..

– Апчарэ, Дон жыжьэ?

– Километр пщыкIутху-тIощI дэлъщ.

– ТанккIэ зы сыхьэт гъуэгу.

Iузизэ и жьэм жьэдэлъар къыжьэдэху пэтащ. Сыту пIэрэ Хьэталий ар зытрижыIыхьар? КъызэплъэкIрэ станцымкIэ плъэмэ – паровозыжь цIыкIуу бауэ-бапщэу къэзыжыхьу тетари плъагъужыркъым. Щым хъуащ.

– ФыкъэдаIуэ мыдэ, – жиIэри Хьэталий аркъэм тIэкIу еIубащ, – си унафэр мыращ: сэ делегацэм пашэу сывиIэщ, фыкъызэмыдэIуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Нобэ дожьэжри докIуэж. Топышэ зытелъ станцым дытескIэ мыхьэнэ иIэкъым. Подаркэр фшэ жаIати, къэтшащ. Комдивым зыхуэдгъазэри жетIащ къызэрытшари. Тлъагъуну ди нэт, ди псэт, дымылъэгъуамэ, зи зэраныр дэракъым.

– Зауэм и зэранщ, – жиIэри Апчарэ къыхиIуащ.

– Аращ, уэлэхьи. Зауэм и зэранщ.

– НэгъуэщI зыгуэруи уеплъ мэхъу, – жиIэу езы Хьэталий аргуэру щIегъуэжаифэ къытеуат, – Солтан и хьэпшыпыр къигъанэу щежьакIэ, къимыгъэзэжыну Iэмал иIэкъым. Къигъэзэжауи дощI. ЛIо Солтан Iуэхум хищIыкIыр? Езым жиIэр аращ и фIэщ хъур.

– Мыбдеж дыщысу, псалъэм щхьэкIэ, нэмыцэр къос– дэнэ дыкIуэну, фыз лъэщыджэр ди гъусэу? МафIэгу щымыIэжмэ, машинэ уимыIэмэ, даубыдыркъэ плену? Хэт уелъэIукIэ и машинэм фыз лъэщыджэр иригъэтIысхьэн уи гугъэ?

Апчарэ и гум къэкIыжащ уздэкIуэр джэгукъым, фронтщ, махуэл умыщIу къэсыж, жиIэу Чокэ зэрыжиIар. ИкIи пэжу къыщIэкIынщ.

– ДыкIуэжынщ щыжыпIэкIэ, дыкIуэжынщ. Сыт пщIэн? – жиIэри Апчарэ япэ зыкъригъэщри делегацэм я пашэм жиIэм еувэлIащ.

– Уэ-щэ, Iузизэ?

– Сэ сыт мыгъуэ. Жыг тхьэмпэм сыхуэдэщ – жьы къепщэм, сызэрехьэ, къемыпщэм, сыщылъщ. ГуфIэгъуэм и жьыбгъэ къытщIихун си гугъати – дэнэ, уолъагъу. ДыкIуэжмэ, дыздэкIуэжыр ди унэщ. – Iузизэ адэкIэ хужымыIэжу къыщиуду гъынути,

стэканым епхъуэри еIубащ, аркъэ иту имыщIэу. ЕIубри и нэпсыр къыщIихуащ.

Абдежым делегацэм ямыщIэххэу насыпышхуэ къеуэлIащ – къэсащ машинэр. Тонищ зэрыхуэ грузовикыр Бахъсэн полкым къикIри къэкIуащ. Хуламбай сымэ тхьэм ещIэ ар къащыпэ-щIэхуар. Машинэр къэувыIауэ щилъагъум, Апчарэ гуфIэщати, къытелъадэу къэфэн хуэдэт. Албиян дыдэ хуэзами, тобэ ирехъу, нэхъыбэу гуфIэну къыщIэкIынтэкъым, сыту жыпIэмэ шоферыр я къуажэ щIалэу къыщIэкIащ.

Езы шоферри кабинэм занщIэу къилъэтащ. Апчарэ, сыкъалъагъу сыт жиIэу мыукIытэжу, щIалэм IэплIэ хуищIащ. Ар къуажэр арауэ щытамэ, жыжьэу бгъэдыхьэнутэкъым.

– Аслъэныкъуэ! Дэнэ укъикIа?

– Эх, Чарочкэ, вино красное... – жиIэри шоферми и гум къэкIыжащ Апчарэ хузэхилъхьауэ щытар, – сакъыхуэмыкIуэу бэлыхь езмыгъэшэчаи! Уи деж сыкъагъакIуэу сщIатэми? НыбафэкIэ сыкъэпщынт. МащIи къызэшхыда?

– Ы-хьы! Зэныбжьэгъухэр зэхуэза си гугъэщ, – жиIэри Хьэталии и гур къызэрыгъуэтыжащ, машинэр къызэрыкIуам щыгуфIыкIыу.

А тIур зэныбжьэгъу къудейт! Аслъэныкъуэрэ Апчарэрэ зэдеджэу щытащ. Аслъэныкъуэ хъыджэбзым дихьэхауэ усэ хузэхилъхьэрт. Хэт и фIэщ хъунт а тIур фронтым щызэхуэзэну. Апчарэ псом нэхъапэ зыщIэупщIар и дэлъхур аращ. Аслъэныкъуи Iэджэм щIэупщIэнут.

– Уи нэкIэ плъэгъуа си дэлъхур хьэмэ ауэ жыпIэрэ? – жиIэу Апчарэ и гур загъэртэкъым.

– Мис. Мыр плъагъурэ? – жиIэри Аслъэныкъуэ и лъакъуэ лъэныкъуэр иригъэувыкIащ. ЩIалэм щыгъ къатыритIыр Апчарэ къимыщIыхужу хъурэт. И адэр щыпартизанам ар щыгъыу партизанащ, иджы Хьэбибэ «шырыкъу угъурлыщ, ар зыщыгъам лажьи хъати имыIэу и унэ къихьэжащ» жиIэри залымыгъэкIэ и къуэм зыщригъэтIэгъауэ щытащ.

– Зэфхъуэжа?

Есхъуэжын сиIа уи гугъэ? Езым къызитащ, къеIысхын сымыдэу. Мыпхуэдэ шырыкъу схуэфащэ сытми. ГуэншэрыкъитI слъыгъыу илъэгъуати, кавалерием ди напэ тыбох, жиIэри, согъэпцI, идам! Шоферым дежкIэ гуэншэрыкъри мэхъу. ЛIо, сэ командирхэм честь естыркъым, сыткъым. Рулым сыбгъэдэсщ. ЩытIагъи сегъэплъ, пхуэхъурэ пхуэмыхъурэ, жиIэри, лъыстIэгъат. СхуэфIыпсу къыщIэкIащ.

– Хъарзынэмэ, тхьэ, угъурлы ухъу. Украсноармеецу командир шырыкъу пщыгъыныр Iейкъым.

– Ар ялъагъумэ, командир звани къызатынумэ пщIэрэ, – жиIэри Аслъэныкъуэ лъэдакъэкIэ теуащ. Апчарэ честь ирит

хуэдэу зищІри. – Уа, ди ансамблыр сыт хуэдэ?

– Хэт и ансамбль, на! Хъыджэбз фІэкІа зы щІалэ къуажэм къыдэна уи гугъэ? ПІытІу и закъуэщ. Ари щІыбышэ мыгъуэщ. ЩІалэ цІыкІухэм зыгуэр къахэжэпхъыкІмэ жыдо Іэри, дыщысщ.

ЩІалэмрэ хъыджэбзымрэ зэрызэпсалъэм Іузизэ ехъуапсэу еплъырт.

– Уи дэлъхумрэ сэрэ артскладым дыкІуа уи гугъэкъэ, миномет сыт къеІытхыну. Албиян зыуэ къэгубжьати! Уэлэхьи, щІалэ ахъырзэманым. Минометыр фшэ, лагъыму диІэр мащІэщи, зы боекомплект нэхъыбэкІэ фыкъытщымыгугъыу, щыжаІэм, Албияну плъагъур къызэщІэнащ. Лагъым уимыІэм, минометыр ди щхьэм едудэкІын, жиІэри. Къыдатащ!..

– КомплектитІ

– Дэнэ щыпщІэрэ?

– Комдивым къыджи Іащ.

– Уи дэлъхур зэбгъэлъагъуну ухуей?

– Ауэ сытми сыхуей!

Апчарэ и пщэ къыдалъхьа къомым и гугъу имыщІу къэнэнт. Вагоным илъадэри и анэм къыхуигъэхьауэ Аслъэныкъуэ хуигъэтІыгъуэ посылкэмрэ письмомрэ къипхъуэтащ. Аслъэныкъуэ и анэ КІурацэ зымыщІыху къуажэм щІагъуэ дэстэкъым. Апчари а цІыхубзыр и ныбжьэгъуушхуэт. КІурацэ пащІэ цІырхъ тІэкІу тетти, къуажэм зэ ІущІэ къыщыхъурэ цІыхубзхэр яшэмэ, председателым КІурацэ псалъэ иритырт:

– ЛІыуэ пащІэ зытет цІыхубзыр догъэпсалъэ, – жиІэу. Езы КІураци, и пащІэр ирикъуэкІ хуэдэу зищІырти, утыкум къихьэрт.

Аслъэныкъуэ и адэм псэлъэн сыткІэ къыпхуищІэн щыІэтэкъым, лІы Іэдэбт, жиІэ щІагъуэ щымыІэу. Дунейм ехыжащ и мычэзууэ. Чырбыш заводым тест, зэгуэр мотор къашати, зэщІэбгъэнэн щхьэкІэ куэдрэ и ужь итын хуейт, ручкэр бгъэкІэрахъуэурэ. Аслъэныкъуэ и адэр еувалІэри игъэкІэрахъуэу хуежьащ: дакъикъэ пщыкІутху е тІощІ игъэкІэрэхъуа – занщІэу къытехуэри п Іэм имыкІыу лІащ, и гур зэгуэудри.

Аслъэныкъуэ и адэм ещхь хъуакъым. И анэм хэлъ хьэлу хъуар зыхилъхьащ – нэжэгужэщ, хьэлэлщ.

Апчари и Іуэху зыІут иригъащІэм фІэфІти, зытемыпсэлъыхьа щыІэкъым. ЩІалэгъуалэ фермэм трагъэуващ, райкомым я бюром члену хэтщ, уеблэмэ военнэ кружок яІэщи, я пашэр аращ. ІэштІымкІэ зэуэкІэ хъыджэбзхэм яригъэщІэну зэрыхуежьам и гугъу ищ Іати, Аслъэныкъуэ дыхьэшхащ.

– Албиян минометитІ къытхуигъэнащи, зы къуажэм ирашу нэгъуэщІ къуажэм яшэ...

– Пхъэ минометри?! – жиІэу Аслъэныкъуэ аргуэру къыщеуд.

А тІур зэпсэлъэху, грузовикым тевэу ашык цІыкІу къомыр

Iэтэм хуэдэу иралъхьащ. Хьэталий хэплъыхьурэ посылкэ нэхъыфIхэр ирыригъэлъхьащ. Хэт сыт иратмэ фIэфIми, я цIэ, я унэцIэ тритхащ. Апчари хэплъыхьри я нэхъыфI дыдэм щыщ Аслъэныкъуэ къыхуихьащ, и анэм къыхуигъэхьам нэмыщIкIэ. ТIуми мэлылымэ, джэдылымэ, кхъуеимэ къыдихырт, тIэкIу бгъэсысмэ, «шкIур-шкIур» жиIэрт, фадэ зэрыдэлъым гу лъып-тэу. Аслъэныкъуэ и посылкэр зэтриуду ашыкым илъым еплъынути, щIегъуэжри и гугъу ищIыжакъым: сыт щIэпIа-щIэнур, псоми я посылкэр яIэрыхьа иужь, езым къылъысар зыхуэдэр зэригъэщIэнщ.

– Догъэзэж мыгъуэ. Хэт имылъагъунрэт мо подаркэ къомыр дгуэшауэ цIыхур къыдэхъуэхъуу шхыныр яшхыу. КхъыIэ, Аслъэныкъуэ, зыщумыгъэгъупщэу яжеIэ, яхуэдгуэшмэ ди нэу, ди псэу зэрыщытар, сыту ди гум къыщIитхъыу дыкIуэж уи гугъэ.

– УмыкIуэжи, зэфIэкIакъэ.

– Дауэ?

– НакIуэ си гъусэу. Ди полъкум усшэнщи, яхуэгуэш. Куэдрэ ущагъэтын уи гугъэ? УзэрагъэплъэкIынкъым. Подаркэр джэдым щыкъун къиищып хуэдэу напIэзыпIэм зэбгращыпыкIынщи, зэфIэкIакъэ! Пэжу жызоIэ сэ! УакъыкIэрыхуну ушынэрэ – къэрэгъулыр ямыхъуэжу укъэзгъэсыжынщ.

– Уа, хъуну пIэрэ а уэ жыпIэр?

– Си машинэр щIэрыпсщ – текъузэ закъуэ.

Хъыджэбзымрэ щIалэмрэ жаIэр щызэхихым, Хьэталий зэгуэпащ.

– Догуэ, уи щхьэ закъуэ уи лъакъуитIу ущыт уи гугъэ. Укъызэрысшам хуэдэ къабзэу усшэжыну си борщщ, хъыджэбз. Уи анэм сыт жепIэнур? Е укъэзыгъэкIуа унафэщIхэм яжепIэнур сыт? Уи дэлъхур зэбгъэлъагъуну аращ узыхуейр. ГурыIуэгъуэщ. Iузизэ и лIыр комиссарщ, ари аращ зыхуейр! Уэ абы нэхърэ унэхъыфI?

– Тхьэ соIуэ, ныщхьэбэ къэзгъэзэжынкIэ. Фэ нобэ фежьэжрэ сытми? – жиIэу лъаIуэрт Аслъэныкъуэ. – Гъуэгур тыншу соцIыху. ТIэу кIуэгъуэ сыкIуащ...

Iузизи къэгумэщIащ, сэр щхьэкIэ хъыджэбзыр ямыгъакIуэу къагъанэ, жиIэри.

– ИрекIуэ, кхъыIэ. Комиссарым хуэзэнкIэ мэхъу. Зимыхъуми, ди хъыбар жриIэмэ, щыхущIыхьэ, хэт ищIэрэ, къэкIуэнщ.

– Фэ фызищIысыр сщIатэми! Фэри фыкъэзгъэкIуэнтэкъым, сэри лъэмбыт I къэсчынтэкъым, – жиIэу Хьэталий къэгубжьыпащ, – дивизэр зауэм Iухьащ – дэнэ фыздэкIуэнур! Ар щхьэ къывгурымыIуэрэ, нэгъуэщI къывгурымыIуэми?

Аслъэныкъуэ сыт жиIэжынт? Зиущэхужащ, шхэни имыдэу. Хьэталий и гур зэгъат. Машинэри, ихуэр иралъхьауэ, хьэзырыпсщ. Ашык цIыкIу Iэтэр кIапсэкIэ зэтрапхэ, щыщ къимыхун

хуэдэу. Апчарэ зыкъретIэ:

– Дауэ хъуми, сыкIуэнущ, тхьэ! – жеIэри.

Хьэталий ишхыр къыIурыхуащ:

– НтIэ, къызжиIакъым жумыIэж. Мис, Iузизэ си щыхьэтщ. Сызэрынэсыжу уи анэм жесIэжынщ. Уи анэм и закъуэкъым зыжесIэнур...

– ЛIо, си щхьэ сыхуитыжкъэ? Полъкум хъыджэбз хэмыту ара уи гугъэр? Адрейхэр зэрыхъуу сэри сыхъунщ. Iуэхуншэу сыщысынкъым. Аслъэныкъуэ, цIыхубз хэт дивизэм?

Аслъэныкъуэ зрелъэфыхь. Зримылъэфыхьуи хъурэ – красноармеецщ. Абы елъытауэ Хьэталий командирым хуэдэщ, уемыдэIуэнкIэ Iэмал иIэкъым. ИтIани дивизэм цIыхубз зэрыхэтыр щIибзыщIын щыIэкъым.

– ЩымыхъукIэ, сыт пщIэн! Дэ дызэрызэхэтыр пщIэрэ: командирым жиIакъэ – зэфIэкIащ. Сэри вжесIакъэ: Апчарэ нышхьэбэ къэсшэжынщ, жысIэу. ПцIы хэлъкъым.

– Дауэ зэрыхэмылъыр, си къуэш?

– Уи фIэщ мыхъурэ – дызэгурыIуащ.

ХьэталиикI тIэкIу щIегъуэж хуэдэу хъуащ. Хуламбайм къигъэзэжыху дыпэплъэн хуейуэ къыщIэкIынщ. Ар нобэ къэсын, пщэдей къэсын – пщIэну щыткъым. Ауэ щыхъукIэ, Апчарэ кIуэмэ мынэхъыфIу пIэрэ, жиIэу. Пщэдей пщIондэ къигъэзэжмэ, ари босын.

– АтIэ, мыдэ къэдаIуэ, ефрейтор, – жиIащ Хьэталий, – уэри увоеннэщ. Уи псалъэ бгъэпэжын хуейщ. Догуэ, пщэдей къэбгъэсыжыну псалъэ къызэптрэ? Зыгуэр зэран...

– Хьэуэ, зэран-мэран лъэпкъ хэмылъу. КъыбгурыIуа?

– КъызгурыIуащ.

Апчарэ, абы фIэкIа дакъикъэ закъуи зимыIэжьэу, занщIэу Аслъэныкъуэ и кабинэм къихутащ. Абы фIэкIа хэмылъу ашык Iэтэ зэрылъ машинэр ежьэри сабэм щIигъэнэжащ.

## 3. АСЛЪЭНЫКЪУЭ И УЭРЭД

Аслъэныкъуэ гуфIэщауэ и щхьэр уназэрт. Апчарэ щыхуэза дакъикъэм къыщыщIэдзауэ и жьэр хузэтемыпIэу псалъэрт, гушыIэрт, и псалъэр зы дакъикъэкIэ зэпигъэумэ, Апчарэ гъуэбжэгъуэщу кIуэдыжын хуэдэу. ПщIыхьэпIэ къудейуэ а хъыджэбзыр илъэгъуамэ, и дуней насыпу, еш жыхуаIэр имыщIэу уэрэд жиIэнут, иджы пщIыхьэпIэу мыхъуу, апхуэдизу зыхуэгуфIэ хъыджэбзыр къыбгъэдэсщ, уи IэфракIэр къэпIэтмэ, Апчарэ уемыIусэну Iэмал иIэкъым. Езы Апчари мэгуфIэри и нэм щIы илъагъужыркъым.

Аслъэныкъуэ хъыджэбзым еIусэфыркъым, электричествэ

хэлъ хуэдэщ – и бостейм мащIэу ецырхъмэ, ари куэди.

*Эх, Чарочка,*
*Вино красное.*
*Апчарочка*
*Огнеопасная! –*

жиIэу Аслъэныкъуэ зэхилъхьауэ щыта уэрэдыр и гум къокIыжри, а уэрэдыр зэпишу жеIэри хъыджэбзыр егъэдыхьэшх.

*К Аслъэныкъуэ попадешь,*
*От объятий не уйдешь, –*

жиIэу а тIэкIур Апчарэ зэхримыгъэхыу игукIэ жиIэу къыпещэ.

– Догуэ, си маршынэм уисыну уи пщIыхьэпIэм къыхэхуат – пэжыр жыIэт, – жиIэу Аслъэныкъуэ щIоупщIэ.

Апчарэ мэдыхьэшх, дунейм гузэвэгъуэ тетуи темытуи ищIэжыркъым, здэкIуэри фронту пщIэнукъым, махуэр къабзэщ, хуабэщ – июль мазэщ.

Жыжьэу уплъэми уафэр бзыгъэщ, уэшхкIэ ятхьэщIа къудей хуэдэщ, уафэ лъащIэм бжьыгъэ тIэкIу хуэдэу къищIами, дэнэкIи плъэ – щхъуантIэщ. ГъущI гъуэгу станцхэм Iугъуэ фIыцIэ ящхьэщыту плъагъумэ, ар зищIысыр Апчарэ дэнэ щищIэнт?

– Дауэ къыхэхуэнт – иджыри тIэкIу дэкIыжатэм, Хьэталий дришажьэри дежьэжат. Нэмыцэр Дон къэсащ, жеIэри, тхьэ, и диным икIам а лIыр. Уа, пэжу пIэрэ ар?

Аслъэныкъуэ нэмыцэм я гугъу ищIыну хуеиххэкъым. Я унагъуэбжэр хуаущIыж. Анэм, школым, къуажэм я хъыбар зэхэпхмэ, абы фIэкIа узыхуей щыIэ. Аслъэныкъуэ машинэр псынщIащэу игъакIуэртэкъым, гъуэгум нэхъыбэIуэрэ тетмэ, нэхъ фIэфIт. Школым щеджэм щыгъуэ щIалэр Апчарэ пылъу щытащи, иджы псори гум къокIыж.

Гъуэгум машинэу тетыр нэхъыбэ хъуащи, сабэм дунейр уигъэлъагъуркъым. Апчарэ кабинэ щхьэгъубжэр къиIэтыну хуежьати – дэнэ, абджым и пIэкIэ фанер пхъэбгъущ хэлъыр. Къыпхудэжеину Iэмал иIэкъым.

– Дэнэ щыпщIэн нэмыцэр къыздэсар? Уэгум итщи, бомбэ къредзых, гъуэгум дыщызэригъакIуэркъым. Нэмыцэр си хьэм ишх. Сыт хуэдэ, ди анэр?

– Посылкэ къыпхузигъэхьащ. Заводым тесым, тхьэ. Узыншэщ. Уэ нэхъ гукъеяуэ иIэкъым. Сызэрынэсыжу згъэгуфIэнщ, шоферу хъарзынэу машинэм исщ, жысIэнщи. Окопэм минометкIэ укъиукIыу уис нэхърэ нэхъыфIкъэ ар?.. Дауи, окопэм уисыныр нэхъ шынагъуэщ. ПщIэжрэ дыщеджэм: ямыдэурэ залымыгъэкIэ шофер курсым сафIэкIуауэ щытащ. Абы щхьэкIи си школ кIуэн къэзгъэнакъым. Школми мыдрисэми щеджэу

щытам сахуэдэт. Уэ школым япэ дыдэ укъыщыкIуари сощIэж...

– А-а! Ар сигу къэкIыжмэ, соукIытэ, тхьэ.

– Сыт щхьэкIэ? Хуэзэр жыпIакIэ, соIуэ. Сыкъэбгъэгугъакъэ – къызэт.

А тIум зи гугъу ящIыр мырат. Апчарэ школым и кIуэгъуэ щыхъуа гъэм егъэджакIуэр я унэ къэкIуат, хъыджэбз цIыкIур итхыну. Апчарэ еджэну фIэфIтэкъым, егъэджакIуэ цIыхубзым сумкэ плъыжь щIэрыпсу иIыгът, церп цIыкIу ищIауи, Апчарэ и нитIыр абы тенат. ЕгъэджакIуэм абы гу щылъитэм:

– Школым унакIуэмэ, хъыджэбз дахэ цIыкIу, мы сумкэр уэ уэстынщ, – жиIэри къигъэгугъэ хуэдэу ищIащ.

Апчарэ еджэгъуэр къыщыса махуэм школым яшэри классым хагъэтIысхьащ, япэ партэм дэсу. ЕгъэджакIуэм урокым къыщIидза къудейуэ, Апчарэ стIолым телъ сумкэ плъыжьыр къиштэри къеджьэжащ.

– Дэнэ укIуэрэ, тIысэ, урокыр дымыухыу? – жиIэри езыгъаджэм къигъэувыIащ.

– Сэ седжэну сыкъэкIуакъым, сумкэм щхьэкIэ сыкъэкIуащ, – жиIэри Апчарэ пичащ.

Ар школ псом куэдрэ ягъэхъыбаращ. ЕгъэджакIуэхэр зи урок зымыгъэзэщIа цIыкIухэм ешхыдэрт, «уэ уеджэну укъэкIуа, хьэмэ сумкэм щхьэкIэ укъэкIуа?» жаIэу.

– Пэжыр жысIэнщи, сэри сыхущIегъуэжащ – школыр къэзухамэ, нэхъыфIт.

– Сыту?

– Сэ сщIэрэ, сэри командиру сыхэтынкIэ хъунт, командиру слъагъур сэ си ныбжьщ. Уи дэлъхури сэ нэхърэ нэхъыжькъым...

– Дапщэщ мыгъуэ тлъагъуну ар.

– Умыгузавэ. Ари плъагъунщ. Чокэ сыт хуэдэ – Мутай, хьэмэ Дидан и унэцIэр – дауэ зригъэтхрэ?

– ЛIо, Чокэ! Къущхьэхъу щыIэщ, штабым и начальникыу. Хъыджэбз дивизэм я пашэщ.

– Уэлэхьи, ехъулIам ар. Райкомым зэрысекретарь?

– Секретарщ.

– КъулыкъуитI иIэщ. ЗылI ишхын фIэкI имышхыу лIитI я къалэн зэфIегъэкI. Зыхуейр къохъулIэ.

– Сыт нэгъуэщI къехъулIар?

Аслъэныкъуэ зыгуэр жиIэнути, машинэр кумбым иуэри, Апчарэ и щхьэр ириудэкIащ.

– Ы-ы, гъуэгу къуейщI ей мыгъуэ.

Апчарэ и щхьэцыр зэрегъэзэхуэж.

– Сыт нэгъуэщIу къехъулIар, зо!

– КъехъулIари? Уэращ. Фызэрышэну аракъэ? СощIэ сэ псори. Ауэ умыпIащIэ, зауэр зэ дыгъэух.

– ЛIо, яухмэ?

– Деплъынщ.

– Сытыт?

– Фронтым щыIам я Iыхьэ къалъысыжын хуейщ, щымыIар лъэныкъуэегъэз щIауэ.

– Фронтым щыIам, жи, мыр фронт сытми? Зы Iэуэлъауи зэхэпхыркъым. Алыхь, мыбы ущIэшынэн щыIэу сымылъагъу. ХадапщIэ дыкIуэ хуэдэщ, машинэм дису. Плъагъурэ – сыту гуэдзыфIыщэ мор.

Радиаторым ит псыр къэващи, бахъэр къыдрехуей. ТкIуэпс цIыкIухэр абджым къытреутхэри гъуэгур уимыгъэлъагъужу сабэм иуащ. Аслъэныкъуэ машинэр къигъэувыIэрэ пробкэр къриIуэнтIыкIмэ – псывэр къыдреутхейри щIалэр псыф къещI. Аслъэныкъуэ хъыданыжькIэ абджыр елъэщI, Апчарэ здэщыс лъэныкъуэмкIэ нэхъ егугъуу. Абдеж вакIуэ бзу цIыкIум и уэрэд макъ къоIу.

Апчарэ и гум къэкIыжащ бзу цIыкIум и уэрэду ар къыжезыIауэ щытар: дауи, Хьэбибэщ. ВакIуэ бзу цIыкIур удзым къыхолъэтри уафэм дэкIуей хуэдэу зещI: сэ уафэм сыдокIуей, алыхьым деж сокIуэ, витIкIэ сыкъигъэгугъащ. ВитIыр къэсхунщи, щIыр звэнщ, щIыр щабэ сщIымэ, удз цIыкIухэр къэкIыгъуафIэу къэкIынщ.

Бзур дэкIуейурэ-дэкIуейурэ занщIэу къохуэхыж: сыт къэхъуар? ВытIощыщIэр къысщыгъупщащ, бетэмал, жеIэри удз къызыхэлъэтыкIам хотIысхьэжри зыкъомрэ хэсщ. Зигъэпсэхуа и ужь, аргуэру къыхолъэтыкI...

Ярэби, сэри згъэззэжмэ мынэхъыфIу пIэрэ, си витIыр – Хьэталийрэ Iузизэрэ – станцым тесу къэзгъэнащ, – жиIэу Апчарэ и гур загъэркъым,

– ЗэфIэкIащ! – жеIэри Аслъэныкъуэ кабинэм къотIысхьэж, абджыр илъэщIауэ, радиаторми псы ирикIауэ, «Эх, Чарочкэ, вино красное...» Апчарэ абы занщIэу къыпещэ: «К Аслануко попадешь и домой не попадешь».

ТIури мэдыхьэшх, арщхьэкIэ занщIэу нэщхъей къохъуж, дунейм зызэщIиуфIыщIауэ ялъагъури. Уафэгъуагъуэ уэшх къешхыну пIэрэ?

– Къуажэхэми псэ зыIут зэрыдэмыс.

Аслъэныкъуэ зыри жиIакъым. Станицэм дэкIрэ гъуэгушхуэм техьэм – машинэу тетым гъунэ иIэкъым. Дзэри аращ. ЦIыхури машинэри, гури, танкри – сытри зэрыхьу фронтым макIуэ. Дзэр гъуэгунапщIэм тетщ.

– Ей, зы посылкэ къыдэт! – жаIэу красноармеецхэр къогуо, Аслъэныкъуэ и машинэр пощт машинэ я гугъэу.

Красноармеецхэм яхуэхьыр я хьэлъэт, я щIыбыр, сытхъу трищIам хуэдэу, пщIэнтIэпсым къыхихуа шыгъум хужь ящIат.

Пулемет, миномет зэпкърахар яхьырт. Танк зэракъутэ фочри лIит Iым яIыгъыу, пулемет лентI зэрылъ коробкэхэр, псы пэ-гунитI хуэдэу хьэлъэщи я Iэр иригъэшащ. А псом ищIыIужкIэ противогаз, гранатэ, псылъэ жыпIэми – мащIэ япщIэхэлъ.

Апчарэ а къомым еплъмэ, игу ящIогъу. ЛъэкIыну щытатэм, иувыкIынти, а къомым посылкэ зырызыххэ яхуигуэшынт.

ИпэмкIэ уплъэмэ – дунейр кIагъэпшагъэщ.

– Уэшх къешхынущ.

Аслъэныкъуэ и пIэм изэгъэжыркъым:

– Ар уэшхкъым. Фрицым я IэщIагъэщ...

Апчарэ къыгурыIуакъым шоферым жиIэр. Модрейм зиущэхуауэ и щхьэр кабинэм къригъэжурэ доплъей. Шоферхэм я хабзэт гъусэ яIэмэ, машинэ щIыIум трагъэтIысхьэу, кхъухьлъатэ къакIуэу ялъагъум, машинэм къытеуIуэн щхьэкIэ. АрщхьэкIэ ашык къомым я щIыIум Апчарэ тесыфрэ, тесыфыпэнуми тригъэтIысхьэнукъым.

– Сыт фриц IэщIагъэр?

– Бомбить ящI. Плъагъуркъэ – щIыдагъэ зэрытым мафIэ щIэнащи, дунейр Iугъуэ хъуащ.

Асыхьэту Апчари ириудэкIащ, бомбэ уэ макъ и тхьэкIумэIупсыр Iуичу зэхихащ, гъунэгъу дыдэу. Апчарэ къащтэри Аслъэныкъуэ дежкIэ зидзати, щIалэм псынщIэу машинэр къыигъэувыIэри бжэр Iуиудащ. Сабэмрэ Iугъуэмрэ зэхихьэжащи, уафэр уигъэлъагъуркъым. Кхъухьлъатэм и макъымкIэ ар «зэрырамэр» къищIащ. ТIасхъэщIэхыр къэсащи, иджыпсту си Iуэхущ бомбардировщикхэр къимышэм.

– ДыпIащIэмэ, нэхъыфIщ...

– Дэнэ къикIа, на, мыпхуэдиз сабэ?

– Нацдивизэм къагъэхъей. Плъагъуркъэ машинэмрэ гумрэ гъуэгум тетщ. Шур гуэдзым зыхапхъауэ макIуэ. Уэгум иту шур къэзыхъумэн кхъухьлъатэ диIэкъыми аращ. Армырмэ, бомбэ къыпхэзыдзэм сыт епщIэн. «Рамэм» иджыпсту къишэнщ, плъагъункъэ.

Аслъэныкъуэ мычэму зеплъыхь. Абы нэхъеи сабэм гъуэгур уигъэлъагъурэ. Пшагъуэ гуэрэнщ. УмыщIэххэу зыгуэрым ужьэхэуэнкIэ мэхъу. Аслъэныкъуэ и гушыIэм пичащ, зыгуэр къыщымыщIу хъыджэбзыр станцым сшэжащэрэт, жиIэу мэгузавэ.

Гъуэгум тетхэри зэрызехьэ мэхъу. Шыгухухэм я шы увыIар ягъэущ, гу уфэрэкIа ухуозэ. Шу къомым гъуэгум пэIэщIэу заIыгъщ. Апчарэ фронт жыхуаIэр къыгурыIуэ хуэдэ хъуащ, арщхьэкIэ кином къызэригъэлъагъуэм хуэдэ хъун щхьэкIэ куэд чэмщ. УIэгъэхэр къашэу машинэ Iэджэм уахуозэ. Фронтыр благъэщ, дауи. Iэщу эвакуировать ящI къомым гъуэгур яубыдауэ кIуапIи жапIи къущамыт щыIэщ. Фызи сабии, хэт гум ису, хэт лъэсу здэкIуэр умыщIэу макIуэ. Выгум щIэщIа выхэм я Iупсыр,

шейт IанIупсым ещхьу, къаIурож.

Зауэм и мэ къащIехьэ.

Шоссе гъуэгушхуэ гуэрым техьауэ Аслъэныкъуэ шу илъэгъуати щIэупщIащ: «Бахъсэн полкым фащымыщу пIэрэ?» – жиIэри. Бахъсэн полкыр ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ траIуэнтIыкIауэ къыщIэкIати, Аслъэныкъуэ нэгъуэщI гъуэгу цIыкIум техьащ. Хэт ищIэрэ – махуэ шэджагъуэщи, полкым загъэпсэхуу уахуэзэнкIи мэхъу.

Гур зэрыгъум дыгъур ирокIуэ, жыхуаIэм хуэдэ хъуащ. «Рамэм» хъыбар зригъэщIа бомбардировочнэ авиацэр къэсауэ Апчарэ къилъэгъуащ. БэуапIэ имыгъуэту кабинэм и щхьэр къригъэжауэ къыщеплъэкIым, кхъухълъатэ Iэуэлъауэ зэхихащ, арщхьэкIэ фIэIуэхуакъым, и дэлъхум зэрыхуэзэнум егупсы-сырти. Иринэ кърита посылкэр жыжьэ щыIэтэкъым, хьэзы-рыпст – зэрыхуэзэу иритын хуэдэу. Данэ цIыкIу къриta сурэтри сумкэм дэлъщ. А си дэлъхужь мыгъуэ... Аслъэныкъуи сыту хуэму кIуэрэ...

Абдеж зэрызехьэшхуэ елъагъу. Гъуэгум тет къомыр зэбгрож. Шур гуэдзым холъадэ, лъэсми, щ Iихьауэ, лъэныкъуэ зрегъэз.

– Сыту пIэрэ къэхъуар?

– ХьэдэIус хъуащэрэт ар, – жиIэу Аслъэныкъуэ кабинэм къиплъмэ – нэмыцэ бомбардировщикхэм кърум ещхьу зэкIэлъхьэужь защI. Машинэр занщIэу къигъэувыIати, ашыкхэр къызэтещахэ пэтащ.

Апчарэ и сумкэр зрикъузылIащ, трахын хуэдэ.

Аслъэныкъуэ зеплъыхь: дэнэ къуэдгъэувэну машинэр? Ашык самэ илъу къалъагъумэ, фIагъэкIынкъым – къеуэнщ. НэгъуэщI гъэувыпIэ щимылъагъум, Аслъэныкъуэ и машинэр гуэдзым хигъэлъэдащ. Бомбэр къауэурэ дунейкъутэж хъуащ. Хъыджэбзым и Iэр иубыдри жэрыгъэкIэ иришэжьауэ Аслъэныкъуэ гуэдзым и IувыпIэмкIэ мажэ. Гынымэри, Iугъуэри, сабэри зэхыхьэжащи, уигъэбауэркъым.

Апчарэрэ Аслъэныкъуэрэ гуэдзым зыхаубгъуэ. ВакIуэ бзу цIыкIум и макъыр къэIуу зэхыбох бомбэ уэныр щызэпыум деж.

Машинэр имыкъутауэ пIэрэ, жиIэу Апчарэ и щхьэр къиIэтати, Аслъэныкъуэ къэIэбэри хъыджэбзыр хигуэжащ. А напIэзыпIэм бомбэр къауэу хуежьащ, гуэдз щхьэмыжыр пигъэлъэлъу. ЯтIэ шыкъырхэр Апчарэ къытелъалъэрт.

– ЛаIилэхьэ Iилалэхь, – жиIэу Апчарэ гузэвауэ щыжиIэм, Аслъэныкъуэ ауан къищIащ:

– Комсомолкэщ, итIани нэмэзыбзэ къебж – плъагъурэ, – жиIэри.

Дунейкъутэж пэтми, Апчарэ щылъыфыртэкъым. Посылкэ къом мыгъуэр псыхэкIуадэ мэхъу, жиIэу зытегузэвыхьыр арат. Колхозу, заводу, къулыкъущIапIэу ар къезыгъэшам сыту я жагъуэ хъуну, ерагъкIэ зэхуахьэсар кIуэдмэ. Апчарэ къыщы-

лъэтри машинэмкIэ жэну еIащ, арщхьэкIэ Аслъэныкъуэ игъакIуэрэт – кIэлъыпхъуэри и щыгъыныр щич пэтащ.

– Упсэуну ухуейкъэ? – жиIэри щIалэр къэгубжьащ. Кхъухьлъатэр гъуахъуэу къащхьэщытщ, къауфэрэзыхьри. Апчарэ дэплъейри къилъэгъуащ кхъухьлъатэм бомбэр къыкIэрыщэщу. ЗанщIэу щIым зыхиIубэри зиущэхуащ, къыттехуэну пIэрэ, жиIэу.

Гуэдзымэ къыпщIихьэу гуэдзри сытри уафэм дрехуей – бомбэм щIыфэр ирах. Ауэрэ къутырымкIэ кхъухьлъатэхэм нэхъ зрат, нэхъ зыхуей къагъуэтауэ къыщIэкIынщ. Дунейр сабэщи, гъуэгум тетари тесари плъагъуну Iэмал зимыIэщ. Арауэ къы-щIэкIынщ посылкэ къомыр зэрылъ машинэм зыри къыщы-мыщIауэ гуэдзым къыхэпIиикIыу щIыхэтыр.

Апчарэ къызэфIэуващ, кхъухьлъатэхэр ящхьэщыкIыжати. Абдеж къыщиудри хъыджэбзыр дыхьэшхыу хуежьащ. Аслъэныкъуэ къэуIэбжьащ, зыгуэр къыщымыщIауэ пIэрэ, жиIэу.

– Ара бомбежкэ жыхуаIэри? Гр-гр много, къикIи щыIэкъым, – жиIэу Апчарэ и нэгу щIэкIар фIэауанщ.

– УмыпIащIэ, тIысэ. Абы къикIынур иджыри пщIэну щыткъым, – жиIэу Аслъэныкъуэ зосэбэуэж.

Сабэр тIысыж хуэдэу щыхъум, Апчарэ машинэ гуэр мафIэм ису илъэгъуащ. Абы бгъэдэтхэм плащ-накидкэкIэ мафIэр ягъэункIыфIыну и ужь итт. Гуэдзыр къифыщIауэ зыгуэр мафIэ бзийм еуэрт.

КъутырымкIэ шы щыщ макъ къыщоIу, Iугъуэ фIыщIэ къыдрихуейуэ уолъагъу. Бгъэныщхьэ унэжь цIыкIухэр мафIэм ес. Апчарэ хущIегъуэжащ «гр-гр много, къикI щыIэкъым» зэрыжиIам. Машинэр къела мыгъуэти, аращ гуфIэу ари щIыжиIар.

МафIэр яхуэмыгъэункIыфIурэ машинэр къауэри бгъэдэтахэр щтауэ зэбгрыжащ. Я насыпти, къащыщIа щыIэтэкъым. Иджы мафIэм упэлъэщми, мыхьэнэ иIэж, машинэр хэкIуэдащ.

Апчарэрэ Аслъэныкъуэрэ машинэм щитIысхьэжым, зи машинэ хэкIуэда щIалитIыр къелъэIуащ, «дыздэфшэ» жаIэри. Бахъсэн полкым щыщу къыщIэкIати, тIури ирагъэтIысхьэри къутырымкIэ яунэтIащ. ЩIалитIыр дэплъейрт, аргуэру кхъухьлъатэ къыттеуэм, жаIэу.

Апчарэ и гур Хьэталий зытес станцым жащ. Дауэ щыту пIэрэ Хьэталийрэ Iузизэрэ? Емыжьэжауэ узиIэ а тIур. Нышэдибэ дунейр къабзэ дахэт, иджы еплъ, Iугъуэмрэ сабэмрэ уафэр уагъэлъагъужыркъым. Мыпхуэдиз кхъухьлъатэ станцым теуамэ, тобэ ирехъу, Iузизэ гужьеинщи, и мычэзууэ лъхуэнщ.

Машинащхьэм тес щIалитIыр кабинэм IэштIымиплIкIэ къытеуэу хуежьащ.

– Сыт къэхъуар? – жиIэри Аслъэныкъуэ машинэр къигъэувыIащ.

Машинэм тес щIалитIым зыри жамыIэу къелъэри гуэдзым хэлъэдащ. Кхъухьлъатэ макъ къэIурти, къэхъуар гурыIуэгъуэт – аргуэру кхъухьлъатэ зыкъом къокIуэ, Аслъэныкъуэ и машинэр сэхураным хихуэри аргуэру хъыджэбзым и Iэр иIыгъыу зыгъэпщкIупIэ лъыхъуэу щIэпхъуащ. АрщхьэкIэ губгъуэм дэнэ укIуэн. Сэхураным хэт машинэм, унэ цIыкIу къаф IэщIу, фриц-хэр къемыуэнкIи мэхъу, итIани машинэм и гъунэгъуу ущы-тыныр шынагъуэщ.

Бомбардировщикхэм лъахъшабзэу къауфэрэзыхьырт, зэуэну нэхъ яфIэф Iыр къалъыхъуэу. Къутырым тетт зы топи, кхъухь-лъатэм еуэ щхьэкIэ и топышэр зэм лъахъшэу, зэм лъагэу уэгум къыщыуэрт. Къухьлъатэхэм бомбэр кърапхъых, пулеметыр къытрагъэлъалъэ. Фриц щыкIар зыщышынэн лъэпкъ хуэзэр-къым. Гъунэгъу дыдэу бомбэр къоуэ. Аслъэныкъуэ кхъухь-лъатэхэм йоплъ и нэр тенауэ. Бомбэ къакIэрылъэлъу илъэгъуа-къэ – къыщолъэтри кхъухьлъатэхэр къыздикI лъэныкъуэмкIэ мажэ е лъэныкъуэкIэ зыIурегъэх, бомбэр къыщыуэну щIыпIэм Iужу. Абы и Iэмалыр зыщIэ езым фIэкI щыIэу къыщIэкIы-нукъым. Сыту жыпIэмэ абы и Iуэху зэрыт устави щыIэкъым. «Бомбэм дыкъыдофэ» жиIэу езы Аслъэныкъуэ и щхьэ фIэ-ауанщ. А къэфэкIэр Апчари иригъэщIэну и хьисэпщ.

Апчарэ «бомбэм къыдэфэн» лъэкIыркъым. И макъ зэхиха-къэ – щIым зыхиIубэнщи, щылъынщ, зимыгъэхъейуэ. Аслъэныкъуэ бомбэм якIэлъоплъ. ИкIуэтыну хуейуэ къыфIэщI-мэ, къегъазэри жэрыгъэкIэ мажэ. ДэнэкIэ кIуэми, Апчарэ зыдимышэу зыщIыпIи кIуэркъым.

Зы кхъухьлъатэ гуэр посылкэ зэрылъ машинэм зыкъытри-шащIэу Апчарэ къилъэгъуащ. АрщхьэкIэ, алыхьым ещIэ, щIегъуэжа е сыт – бомбэ къримыдзыхыу щхьэщыкIри ежьэжащ. Бомбэу иIар иухагъэнкIи хъунт. Апчарэ дэнэ щищIэнт фрицым бомбэр имыухауэ? Ауэ ар щыгугъэм Iуэхур щыщыIэтэкъым. Фрицым машинэр зэрымашинэри илъэгъуащ, абы бгъэдэтитIри зэрыбгъэдэту, кхъухьлъатэм нэхъ лъагэ зищIри къигъэшыжу хуежьащ, машинэм бгъэдэтым къеуэн и хьисэпу.

– ПсынщIэу! – жиIэри Аслъэныкъуэ щIэпхъуэну хъы-джэбзым иIэм епхъуащ, арщхьэкIэ Апчарэ щIым щIэпщхьэным хуэдэу шынауэ и щхьэр къыхуэIэтыркъым. Аслъэныкъуэ еIа щхьэкIэ, модрейм зигъэхъеину зы къару иIэтэкъым. А напIэ-зыпIэм щыблэ уэкIэу бомбэ къауэри Апчарэ и нэр къыщхьэ-рипхъуащ. Къуршым къехуэхауэ Апчарэ узижагъуэр и махуэу къуэ куу гуэрым дэхуэ хуэдэу къыфIэщIащ. Дэгу хъуащи, и тхьэкIумитIым зыри зэхахыжыркъым. Хьэуэ, тIысэ, бомбэм сакъыдэфэу сесакъым, къыстехуэу сиукIами сыкъэтэджыфыну-къым. Сыщылъынщ дунейр къутэжыху, жиIэу аращ Апчарэ

игукIэ жиIэр. ДэнэкIэ жауэ пIэрэ Аслъэныкъуэ? НакIуэ, жиIэу аргуэру срилъэфэжьэн и гугъэ?

Аслъэныкъуэ бзэхащ. Апчарэ чэф и Iэм хуэдэу къызэфIэтIысхьащ. Кхъухьлъатэхэр ящхьэщыкIыжащи, дунейр Iэуэлъауэншэщ. ГъуэгумкIэ уплъэм, абыи машинэр, гур, цIыхур тезу тету макIуэ. Апчарэ къызэфIэувэн и гугъати, хъуакъым – и лъакъуитIыр къыдэбзыркъым.

– Аслъэныкъуэ! Дэнэ укIуа, си дуней нэху? – жиIэри Апчарэ джа щхьэкIэ зыми зыри жиIэу зэхихыркъым. – Аслъэныкъуэ!

Апчарэ хьэлъакъуиплIу машинэр здэщытымкIэ мэпщ. Плъэмэ – и пащхьэм шырыкъу лъэныкъуэ итщ, лъэдий къупщхьэр плъыжьыфэу къищу. ЛъэкIэн цIыкIур хуэм къыполэл. Гъунэгъуу щытIауэ зыри плъагъуркъым.

– Аслъэныкъуэ! – жиIэри Апчарэ гъуэгыу щIым зыхидзащ, и закъуэпцIийуэ губгъуэм къинащи, ищIэнур ищIэркъым. Нобэ зи макъ зэхиха вакIуэ бзу цIыкIум и уэрэдыр аргуэру къоIу. ВитI къыихун и гугъэщ а бзуми, щIыр ивэу удз къигъэкIыну.

## 4. КАПИТАН ЛОКОТОШ

Зи машинэ мафIэм иса щIалитIыр сэхураным хэсати къыхэкIыжащ, кхъухьлъатэхэр ящхьэщыкIа иужь. Апчарэ а тIум я гъусэу лъыхъуащ Аслъэныкъуэ щыщ сыт къэнауэ пIэрэ, жаIэу. Зыри ягъуэтакъым.

Апчарэ делэ хъуам хуэдэт. Лъакъуэ къупщхьэ къызэрыпIиикI шырыкъур и кIасинкIэм кIуэцIишыхьауэ ищIэнур имыщIэу щхьэзэ хъуат. Дэнэ и щхьэ здихьынур: къигъэзэжу станцым иунэтIу Хьэталий сымэ здэщыIэм кIуэн хьэмэ полкым лъыхъуэн?

ЩIалитIым языр шоферт. Абы машинэр зэщIигъэнэху, адрей щIалэр щIэупщIэри къищIащ, нацдивизэм щыщ полк гуэрым я обозыр къутырым тету.

ЩIалитIым зэрыжаIэмкIэ, къутырым тет обозым щыщ гуэрым уеупщIмэ къыбжаIэнщ, Бахъсэн полкым и къэгъуэтыкIэ хъунур. Дэнэ фыхуейми дывгъакIуэ, жиIэри Апчарэ къегъыхыу машинэм итIысхьащ. И тхьэкIумэр зэрыдэгут, и щхьэр уназэрт, и къэжьыни къакIуэрт. Хьэбибэ, си къуэм схуетыж, жиIэу кърита посылкэм и пIэкIэ иджы и куэщIым илъыр Аслъэныкъуэ и шырыкъу лъэныкъуэу лъакъуэ къупщхьэ къызэрыпIиикIыр арат. Я гъусэ щIалитIым языр машинэм и теувапIэм тетти, къутырым щыдыхьэм, хэт хуэзэми еупщIырт, «Iэтащхьэр дауэ къэдгъуэта хъуну пIэрэ?» жиIэу. Куэдрэ мыщхьэрыуэу, «мес» комдивыр жаIэри щIакъуэ гуэрым Iэпэ хуишиящ.

Машинэр къагъэувыIащ.

«Iэтащхьэ» жыхуаIа командирым зылI гуэр игъалъэрт, уи машинэр щхьэ фрицым хьэбэсабэ егбгъэщIа, жиIэу. Полк псор

зыщыгугъ гъуэмылэр а машинэм илъти, иджы яшхын ямыIэу къызэхэнати, арат командирым и гум темыхуэр.

Командир къэгубжьам и пащIэ-жьакIэ фIыцIэр зэщIэкIэжат, итIани а лIыр Апчарэ къищIыхужати, нэхъ гъунэгъу зыхуищIащ, гу къылъитэмэ фIэфIу. Модрейри, хъыджэбзыр къыщилъагъум, занщIэу нэщхъыфIэ къэхъужащ. Зэшхыдэу зыбгъэдэт лIыр къигъанэри, ещIэкъуауэу Апчарэ дежкIэ къеIащ:

– Апчарэ! Дэнэ укъикIа? Уафэм укъеха?

Апчарэ къыщыщIа псор жриIэным и пIэкIэ зыхуэмыубыду къэгъащ.

А командирыр арат капитан Локотош хъужыр – Албиян и ныбжьэгъушхуэщ. И дэлъхур здэщыIэр абы имыщIэмэ, хэт ищIэн.

– ЛIо къэхъуар? Щыгъэт, умыгъ, дахэ. Хэт и машинэ мыр? Шоферри дэнэ кIуа?

Кавалерийскэ фурашкIэ зыщхьэрыгъ щIалэм Апчарэ иIыгъ шырыкъум Iэпэ хуишияц.

Капитаным а шырыкъур Апчарэ къыIэщIихри еплъащ, къеплъащ, иужьым къэхъуар къыгурыIуауэ шырыкъур щIалэм иритащ.

– ЩIэтIэ! – жиIэри. – Хэт и унэц Iэр?

ЩIалитIым ящIэртэкъым.

– Аслъэныкъуэ. Вэрокъуэ Аслъэныкъуэщ, – жиIэри ерагъыу Апчарэ зэщыджэу къыжиIащ. – Ди къуажэ щIалэ мыгъуэщ.

Хъыджэбзым и кIасинкIэр къратыжри щIалитIым шырыкъу лъэныкъуэр Iуахащ. Апчарэ и кIасинкIэм лъы защIэ хъуауэ еплъырт, мыр си зэранщ, «псынщIэу» жиIэу къыщыщылъэтам зизмылъэфыхьатэм, къелыну къыщIэкIынт, жиIэу. «Бомбэм къыдэфэм» зэран сыхуэхъуащ, къэтэджатэмэ, щIалэр зэпкърызыуда бомбэм езы Апчари иукIынкIэ хъунт.

– Си дэлъхур дэнэ щыIэу пIэрэ? – жиIэри Апчарэ мыудэIужу капитаным еплъащ. «Товарищ капитан» жи Iэнути, къезэгърэ къемызэгърэ дахэ-дахэу ищIэртэкъым. Налшык станцым тету япэ дыдэ щилъэгъуам щыгъуэ капитаныр зэрыщIакъуэм нобэ хуэдэу хэпщIыкIыртэкъым.

– ФытIыс. Гугъу уехьащ уэ слъагъури,– Локотош башыр зыщ Iигъакъуэурэ «Начальная школа» жиIэу зытет унэмкIэ игъэзащ, шхыдэу зыбгъэдэта щIалэр и пIэм къинауэ. – Уи закъуэкъым, дэри щIэщхъу гуауэ къытщыщIащ. Гъуэмылэ зэрылъа машинэр зэпкъриудащ. Мес зи зэраныр! Машинэр гъуэгум къытринэри езыр гуэдзым хэлъэдащ, къеуэ, фриц, жиIэри. Ди цIыхум нобэ махуитI мэхъури зы яIухуакъым.

– Сэ посылкэ къыфхуэсшэрт... – жиIэри Апчарэ и ашык къомыр зэрылъ машинэмкIэ плъащ. – Шхыни ярылъщ...

– Гъуэмыли?! – жиIэри зэхихари фIэщ мыхъуу командирыр еупщ Iащ: – Гъуэмылэ къытхуэпшауи?! НтIэ, щхьэ жумыIарэ

иджыри къэс? – Локотош старшинам дежкIэ зигъазэри кIиящ: – Зэхэпха? Гъуэмылэ къытхуашащ. Старшина! Яхуэшэ иджыпсту! Псоми яжеIэ «Апчарэ къытхуишащ» жыIи. КъыбгурыIуа? Яхуэгуэш...

Старшинари къэгуфIэжащ. Ашык зыкъом машинэм кърахри къутырым тесым къыхуагъэнащ. Зы ашык зэтраудмэ – нэкулъ, мэлыл гъэгъуа, щIакхъуэ гъэгъуа, лэкъум – дэмылъ щыIэкъым. Аргуэру зэтраудмэ – мыIэрысэ, кхъужь гъэгъуа, шагъыр, консерв сытхэр... Ашыкым дэлъыр къэпщIэну ухуей – утхыпщI.

– Зэтепчыным и пэкIэ утхыпщI, жыIэ, аращ яжепIэнур. КъыбгурыIуа? Зегъэхь!

– Ари хъунщ иджы. Дэнэ тхьыну хъыджэбзыр? Посылкэр здашэм уогъакIуэри къигъэзэжу станцым къэкIуэжыфынукъым. Полкыр къыпэплъэу щыскъым, гъуэгум тетщ, уащылъэ-щIыхьэнури пщIэну щыткъым. Жэщ кIыфIым Албияни дэнэ къыщигъуэтын?

Iуэхур зыIутыр Локотош ибзыщIакъым.

– Узэрыхуейуэ щIы, – жиIэри тIысыжащ, – сэ укъызэдаIуэмэ, укъанэмэ, нэхъыфIщ. Иджыпсту машинэ уэсту станцым уезгъэшэжыфынукъым, ауэ нэху щымэ – плъагъункъэ. Зыгуэр къытпэщIэхуэнкIэ мэхъу.

Апчарэ ищIэнур къыхуэщIэртэкъым. И дэлъхур илъагъумэ, арат зыхуейр. АрщхьэкIэ нобэ и нэгу щIэкIа бомбежкэми игъэгупсысэрт. Станцым и чэзум нэмысыжмэ, делегацэри ежьэжынкIэ мэхъу. ИтIанэ губгъуэм къинакъэ?

– Тхьэ, сымыщIэ, дауэ нэхъыфI?

– ЗэрынэхъыфIу сэ сщIынщ.

Ашык къомыр зэрылъ машинэр зэщIэгъэнауэ хьэзырыпст, командэм къыпэплъэу. Шоферым старшинар бгъэдэсу къаплъэрт.

– Зевгъэхь! – жиIэри Локотош и унафэр арат.

Ашык Iэтэ зэрылъ машинэр щежьэм, Апчарэ къэгузэващ, посылкэр къащымыщIIауэ нашэсыну пIэрэ, жиIэу. Машинэр жэщ кIыфIым хэкIуэдэжа къудейуэ и гум къэкIыжащ Данэ цIыкIу кърита сурэтыр и сумкэм дэлъу къызэрынар.

– Письмо тIэкIу мыгъуэри къысщыгъупщащ!

Локотош а письмом еплъри:

– Ягъэ кIынкъым. Пщэдей зыгуэрым еттынщи здедгъэхьынщ. Иджы дэри дывгъашхэ. Гъуэмылэ къытхуэзышар уэращ, удгъэхьэщIэну ди борщщ. Плъагъурэ зэрыхъуар – хьэщIэм бысымыр егъэхьэщIэ! Дэри зыгуэр къэдгупсысынщ. ФытIыс! – жиIащ.

Локотош ешат. Обозыр полкым къыкIэримыгъэхуу игъакIуэрт, машинэхэр япэ имыщцын щхьэкIэ, къэувыIэурэ заIэжьэрт. Нэхулъэ къищIыху къутырым зыщагъэпсэхумэ, пщэдджыжь нэхущым гум якIуар зы сыхьэткIэ якIунущ.

– Мор плъагъурэ, товарищ капитан? – жиIэри ашыкыр зэтезыуда щIалэр уафэ лъащIэу плъыжь къэлыдамкIэ плъащ, – Цимлянскэ станицэр аращ. МафIэм ес...

Шхэным щIадзащ. Бжьэ зырыз Апчарэ и узыншагъэм и саулыкъукIэ ефащ. Апчарэ яхуэшхэртэкъым икIи яхуефэртэкъым, зэгупсысри и дэлъхур арат.

Локотош абы гу лъимытэу къэнэнт!

– Умыгузавэ, Апчарэ. Уи дэлъхум уи хъыбар зэрызэхихыу къэсынщ.

– Сыкъигъуэтын уи гугъэ?

– Дауэ укъимыгъуэту? Гъуэгур зыщ. Дэнэ укIуэн?

Iэнэм къыттралъхьэр занщIэу тебзэхыкIырт, мэжалIэ лIахэм замыгъэнщIу «хъыф-сыф» жаIэу къапэщIэхуэр яшхырт. Шоферри фадэ ефэрт, милицэ ухуэзэнукъым, сыткъым.

Я ныбэ из хъуа иужь, зыщIэупщIэну щыIэм щIэупщIэу хуежьащ.

Апчарэ ищIэр жиIэрт. И фермэм и хъыбар яхуищIащ. Псыдзэ къащIэуауэ зэрыщытар, тимуровецу удз хущхъуэ зэхуэзыхьэсхэм, парашютист къаубыдам, Чокэ лIыгъэ зэрызэрихьам, езы цIыхубзми хузэфIэк Iа тIэкIур – зытемыпсэлъыхьа къэнакъым.

ЩIалэ ешахэр шха иужь жейм Iурихыну ерагъпсэрагъкIэ зэфIэст.

– Бекъан къыфхуиIуэхуащ: уанэ фыхуеймэ, и хъыбар сывгъащIэ, жиIэри.

Локотош и щхьэр игъэсысащ:

– Уанэ сыту тщIын? Шыр гуузу хокIуадэ. Ухуэзэмэ, тхужеIэж «уанэр зыгуэр хъунщ, адыгэшыр умыгъэкIуэду пхъумэфмэ, нэхъыфIщ» жыIи.

– Адыгэшыр ихъумэну и пщэ далъхьащи езыри мэгузавэм, тхьэ. Адыгэшу хъуар зы фермэ ищ Iауэ и нэIэ тригъэтщ. Сыт хуэдэ хакIуэ тес уи гугъэ – ЩэулэхъукIэ еджэу! Жэщк Iэ шэщым щIэлъщ, ядыгъумэ жеIэри.

– Уи анэр сыт хуэдэ?

– Хьэбибэ щыс хъунщ, дапщэщ къэк Iуэжыну пIэрэ си пхъур, жиIэу. Жэщи махуи хуэмыухыр сыт? И къуэ закъуэр аращ. Тесщ нэмэзлыкъым, тхьэ хуолъэIури.

Апчарэ уэршэру здэщысым, шырыкъу лъэныкъуэ иIыгъар и нэгум щIэтщ. Уа, делэ сыхъуу пIэрэ, жиIэу зэми къок Iэзыз. Нышэдибэ сыту дуней дахэт, ярэби, сыту нэщIэбжьэшхуи махуэм хуэза. Дэни плъэ – кIыфIщ, Локотош зыгуэр къыхуимыщIэмэ, Апчарэ зыщыгугъын щымыIэу губгъуэм къинащ. Насып иIэти а лIым хуэзащ, армыхъумэ дэнэ кIуэнт мы жэщыбгым. Зимыхъуми адыгэщ, и нэIэ къытетынщ. Апчарэ гумащIэ къэхъуауэ адыгэбзэкIэ псалъэмэ фIэфIт.

– Сэлам гуапэ къывэзымыхарэ тхьэм фхуемылъэIуарэ, тхьэ, къуажэм псэ зыIут дэмыс, – жиIэри Апчарэ адыгэбзэ къабзэ

зыкъищIри Локотош еплъащ.

Капитаным зыри жиIакъым. Ауэ адыгэбзэ зэримыщIэмк Iи зиумысыжын фIэфIакъым. Абы хъыджэбзым гу лъитэри щIэупщIащ:

– По-кабардински не знаешь? – жиIэри.

– Хьэ губзыгъэм сыхуэдэщ, – жиIэри къыпыгуфIыкIащ капитаныр, – псори къызгуроIуэ, ауэ сыпсэлъэфыркъым. Сыбэнэфынущ «хьэу-хьэу» жиIэу.

Апчарэ дыхьэшхакъым, и гум щIыхьауэ. Ар дауэ, уадыгэу адыгэбзэ умыщIэу? И цIыхугъэ псори и гум къигъэкIыжащи, зы яхэткъым и анэм и бзэ зымыщIэ.

– Упсэлъэн пфIэмыфIу ара?

– Хьэуэ. СщIэр псалъэ закъуэщ – лIакъуэлIэш.

Капитаным псэкIэ къищIащ ар хъыджэбзым и жагъуэ зэрыхъуар. «Адыгэщ» жаIэри нацдивизэм къагъэкIуащ, госпиталым къыщIашыжри. Пэжыр жыпIэмэ, езыр къафIыщIэкIащ, и уIэгъэр хъужыху пэмыплъэу. Танкист пэтрэ, кавалерием хыхьащ. Танк полкым ягъэкIуатэм, дауи, батальон къратынт, иджы полкым и командирым и къуэдзэщ. Интендант къулыкъур, и гум иримыхьми, ирелъэфэкI.

Локотош куэд къимыгъэщIами куэд и нэгу щIэкIат, и дуней тетыкIам и гугъу ищIмэ, жиIэн куэд щыIэт, ауэ сытым утепсэлъыхьын?

Я командирым хъыбар жиIэну гу щылъатэм, шофер сытхэр нэхъ гъунэгъуу къепщылIауэ къызэрещхьэукъуэхым хуэдэу къэдаIуэрт. Псоми яфIэгъэщIэгъуэнт Локотош адыгэбзэр щIимыщIэр.

Локотош и адэр къэзымыцIыху щIагъуэ хэкум имысу лIы цIэрыIуэу щытащ. «Уей-уей Даур» жезыгъэIар арат. Советскэ властыр ува иужь, Москва ягъэкIуауэ дэсащ, Къэбэрдейм я лIыкIуэу. А лъэхъэнэм гъей къэхъури цIыхур Iисраф щыхъум, Лениным деж нэсри гъавэкIэ елъэIуати, къимыгъэщIэхъуу жылапхъэу хэкур зрикъун къаритауэ щытащ. А жылэр мыхъуатэмэ, Къэбэрдейм я щIым трасэн ямыIэу къэнат. Абдеж Даурыр цIэрыIуэ хъуащ, Лениным деж нэсыфащ, хэкур къызэтригъэнащ, жаIэу. Сосрыкъуэ мафIэ къихьу щIыIэм исыр къызэрызэтригъэнам хуэдэу къалъытат.

ЛIы цIэрыIуэ хъуам зыгуэр къемыфыгъуэу къэнэнт? Хэкур дыкъищэхужащ, ди напэ къитхьэщIащ, жаIэу цIыхум къыхужаIэм, зи мыгуапэ гуэрхэри щыIэу къыщIэкIынти, еуэри Даурыр ираудыхащ.

Даурым и фыз Дадунэр Москва къыдэнащ, бзэи тхылъи имыщIэу, щIалэ цIыкIуитIым ябгъэдэсу. Сабий цIыкIуитIым языр капитан Локотош жыхуаIэр арат.

Дадунэ Москва къибгъынэу я хэку къэкIуэжынути шынащ, сэри зыгуэр къызащIэм, жиIэри. Налшык къикIыу Москва зэзэ-

мызэ къакIуэIамэ, телефонкIэ бзаджэ къыжезыIэ къахэкIырт.

Фызабэм къыдэIэпыкъуни щыIэти, и фэтэрыр хуахъуэжри Дадунэ Ленинград дагъэтIысхьащ. Езыри щыс хъунутэкъыми, «Кавказ» жыхуаIэ рестораным щылажьэу щIэуващ, адыгэ шхынкIэ IэкIуэлъакIуэт.

Дадунэ сымаджэрилэт, къилэжь щIагъуэ щыIэтэкъым. Уи сабийр шхын щхьэкIэ умыгъалIэу детдомым ет, жаIэ щхьэкIэ, и гум пык Iыртэкъым. ЩIалэ цIыкIур япэу зыхуэза мафIэгум ису гъуэгу здытетым, Бобруйск станцым деж милицэм щаубыдащ. Зи хъыбар зэхихыу щыта детдомым къыщIэхутати, къеупщ Iащ «ухэт?» жаIэри. Езы цIыкIуми «сылIакъуэлIэшщ» жиIэрт. ЛIакъуэлIэш жыхуаIэр езым тэмэм дыдэу ищIэртэкъым. «Фи адэр лIакъуэлIэшу, зи щIыхуэ телъ щымыIэу щытащ, фэри фыкъэхъумэ, лIакъуэлIэшыфIу дунейм фытет» жиIэурэ и бын цIыкIуитIыр я анэм иущийрти аращ, «сылIакъуэлIэшщ» жиIэу щIалэ цIыкIум щIыжиIар.

Детдомым щылажьэхэри куэдрэ къеупщIакъым. Псори арат къызэреджэр: Локотош, жаIэу.

Урысхэм «лIакъуэлIэшыр» яхужыIэртэкъыми, «Локотош» ящIащ, щIалэ цIыкIум и цIэр ара я гугъэу. Спискэм зэритри арат, «Локотош Локотошев» жиIэу. Езы цIыкIури абы есэжащ. Детдомым щIэс щIалэ цIыкIухэм дзы зимыIэ куэд бгъуэтынутэкъым. «Певун», «скоморох», «гулливер», «тамада» жаIэу Iэджэм езыхэм зыфIащыжати, а къомым Локотошыр зыкIи къахэщынутэкъым...

Детдомым балигъ щыхъуа иужь, Локотош военнэ училищэм щIыхьэн хуей хъуащ. «Иджы уи адэм и цIэри иумыгъэтхыу хъурэ?» – къеупщIати, щIалэм и адэм и цIэр ищIэжыртэкъым. Щымыхъужым «Клементьевич» жаIэри ятхащ Ворошиловым и цIэкIэ.

– Абы лъандэрэ уи анэр умылъэгъуауи? – жиIэри Апчарэ игъэщIэгъуащ капитаным и къекIуэкIыкIар. Сэри Локотош хуэдэ къабзэу зы щIыпIэкIэ сыхэзэрыхьрэ сыхэкIуадэмэ, абы ещхьыркъабзэ сыхъуну пIэрэ, жиIэу къэуIэбжьащ. Фронтыр зэрыхъур хэт зэригъэзэхуэн. Мыбы ущыIэурэ адэкIэ хэкур эвакуацэ ежьэмэ, Хьэбибэ дэнэ кIуэн, Апчарэ и мыгъусэу зиIэтыфыну хэт и фIэщ хъун. Сэри дэхуэха сыхъумэ, жиIэри Апчарэ сумкэм дэIэбэри и комсомол билетыр дэлъу щилъагъум и гур зэгъэжащ.

– Зэ слъэгъуащ. Ерагъыу къэзгъуэтыжа уи гугъэкъэ? ИтIани къызэрысIуплъэу сыкъицIыхужащ. СыцIыкIуу сежьати, лIы сыхъуауэ къэзгъэзэжащ. Уи натIэмкIэ укъэсцIыхужащ жиIэрт, ди адэм и натIэмрэ си натIэмрэ зэщхьу арат. Тхьэм ещIэ, иджы ди анэр Ленинград къыдэна хьэмэ звакуацэм кIуа.

– Уэ уи адэ мыгъуэр дауэ дунейм ехыжа хъуа? – жиIэри Локотош къеупщIащ, си адэр 1927 гъэм дунейм ехыжащ, жиIэу

анкетэм иритхамэ, апхуэдэу къеупщI хабзэти.

– Си адэр узым илIыкIащ, – жиIащ Апчарэ, – нобэ хуэдэу сощIэж, сымаджэу жыг жьауэм щIэлъу щыщытар. ЩIэупщIакIуэ къакIуэр куэдти ди анэр шхыдэрт. Ар ди адэм зэхихмэ, къелъэIурт «я гугъу умыщI, къакIуэмэ, къызыхуэкIуэр сэращ. ЦIыху къыпкIэлъыкIуэмэ, дунейм утетщ, къыпкIэлъымыкIуэжрэ – ущыIэжкъым» жиIэу.

Ауэ жиIэ щхьэкIэ къакIуэм къахьыр хъыбар мыфэмыцт.

Зэм партизаныжь хьэпсым ирадзауэ жаIэрт, зэм зы лIы цIэрыIуэ гуэрым и цIэ жаIэрти и Iуэхур шыпхэ хъуауэ ягъэхъыбарырт. Ди адэр и закъуэ здыхэлъым и щхьэ хужиIэжу зыгуэрхэр къибжырт. Зэгуэр седэIуати, шыпсэт жиIэр.

– Вындым еупщIащ, жи, «уа вынд, уи шырыр щхьэ пшхыжрэ?» жиIэри.

Вындыр къэпсэлъащ:

– Вындым хуэдэу фIыцIэщ, – жиIэри.

Арат шыпсэм и пэри и кIэри.

Ди адэр щыщIалъхьэм къуажэм егъэджакIуэуи еджакIуэуи дэсри къэкIуауэ щыташ. Район псоми куэдIей къикIат…

Гъэмахуэ жэщыр кIэщIти, нэхулъэ къищIыным куэд къэнэжатэкъым. Военнэхэр щIакIуэм телъу щылъти Iурихащ. Жейм емызэгъ зырызхэр къэдаIуэрт. Нэмыцэ кхъухьлъатэхэм я макъ къэIуати, псори къэпIейтеящ. Ежьэн хуейт. Локотош командэ итащ:

– Машинэм фитIысхьэ! – жиIэри.

Псори къыщылъэтащ.

– Апчарэ, уэ машинэм итIысхьи тIэкIу жей. Щыхуейм деж укъэзгъэушынщ. Фронт хабзэр пщIэрэ: нобэ пшхы хъунур пщэдей сшхынщ, жыпIэу къыумыгъанэ, нобэ ужей хъунумэ, пщэдей сыжеинщ, жыпIэу ущымыгугъ.

– Алыхь, нобэ тхуэшхыр тшхамэ-тIэ.

– Аращ хабзэри. Фарэ щIэдмыгъанэу дыкIуэнущи, хуэм дыдэущ дызэрыкIуэнур. Жей!

– Алыхь, сэ сымыжеифыну. Си гур мэуз, Iузизэ сымэ станцым къытезнащи, сыкъагъанэрэ ежьэжмэ, дауэ сыхъуну?

– Нэху щымэ, зэрыхъур плъагъункъэ. Дэнэ кIуэн уи делегацэри?

Машинэхэр хуэмурэ гъуэгум техьэрт.

## 5. НЭХУ ЩЫМЭ, ЗЭРЫХЪУР ПЛЪАГЪУНЩ

Зауэм псори зэхигъэзэрыхьащ. Дыгъуасэ-вэсмахуэ лъандэрэ илъэс псо дэкIа хуэдэщ. Нэху зэрыщу дунейр нэгъуэщI зыгуэр хъуащи, къэхъуари къэщIари пхузэхэхыжыркъым. Нэхъапэ щIыкIэ уIэгъэ хъуар гуп-гупурэ къызэрыхьт, сымаджэ хьэлъэр

тевэву гум илъу яшэрт, санитаркэхэр ябгъэдэсу. Госпиталь Iэпхъуэхэм я машинэм хьэпшыпым и щIыIум дохутырхэр тесу зыблрагъэхьырт.

УIэгъэ къомым я ужьыр лажьи-хъати зимыIэм кIэщIу къахурт, здэкIуэри здэжэри ямыщIэу. Военнэри мывоеннэри зэхэтхъуауэ.

Локотош машинэр къигъэувыIэри щIэупщIат, хэту пIэрэ мыпхуэдэу щхьэхьу къакIуэр, жиIэри. Армэ ебгъуанэр арауэ къыщIокI.

– А къомым авиацэр къатеуэмэ, Iисраф защIэ хъуакъэ, жиIэу Апчарэ гузавэрт. Гур зэрыгъум дыгъур ирокIуэ, жыхуаIэр арати, асыхьэту кхъухьлъатэ макъ къэIуу Апчарэ зэхихащ. «Рамэ» къутэкIейуэ къутэныр арауэ пIэрэ?

Япэ иту кIуэ машинэхэр къызэтеувыIэу хуежьащ. Гъуэгу зытетым шывей куэд телъщи, тобэ ирехъу, куэд дэмыкIыу кавалерием далъэщIыхьэжынщ, жиIэу Апчарэ мэгуфIэ. Уафэм дэплъеймэ – нэмыцэр къыщысынур тхьэм ещIэ. Гузэвэгъуэщ.

Локотош зауэр къызэраублэрэ зауэм хэтщ, итIани дунейм къыщыхъур къыгурыIуэн лъэкIыркъым. Ебгъуанэ армэр къракъухьащи къок Iуэт, щэ ныкъуэрэ зырэ армэу нацдивизэр зыхэтыр фронтым Iуохьэ. Армит Iри зэхэзэрыхьащи, адэкIэ кIуэри мыдэкIэ къакIуэри пхузэхэгъэкIыркъым. Ар дауэ?

Абдеж кавалериер къакIуэу къалъагъу. Дыдейхэм дахуэзэжамэ, дунейр зыгуэр хъунщ, жиIэу Локотош и гур къызэрогъуэтыж. Машинэ колоннэм я пэм къилъадэри псори къигъэувыIащ, шур зылъэщIигъэхьэмэ фIэфIу. Гъуэгу гъунэм деж здэщытым, шу къомым я пэ къиту зы машинэ зэщIэщIэла цIыкIу къажэрти, ар комдивым и машинэр зэрыарар къищIэжащ. Локотош и башыр къигъанэри комдивым пежьащ, сыкъилъагъумэ, унафэ къысхуищIыну пIэрэ, жиIэу. Езы Кубанцевым баш иIыгът.

Локотош къыхуэщIэртэкъым комдивым здиунэтIар. Жылэр здэк IуэмкIэ мыр щхьэ къикIыжынкIэ хъурэ, жиIэу абык Iэ еупщIынут, арщхьэк Iэ абы щIэупщIэныр и къулыкъум къезэгъыртэкъым. Кубанцевым шэхум хуэдэу и фэр пыкIат, и тэмакъри икIауэ, жиIэр дахэ-дахэу къыбгурыIуэртэкъым.

Комдивым и машинэр къигъэувыIащ, капитаныр къыщилъагъум:

– Капитан, мыдэ къакIуэт... Iуэхур зыIутым зыгуэр хэпщIыкIрэ?

– Зыри хэсщIыкIыркъым.

– ЗэрыхыумыщIыкIыр нэрылъагъущ,– жиIащ полковникым. – Гузэвэгъуэ ухэткъым. ХыумыщIыкIмэ, сэ хозгъэщIыкIынкъэ... Нэмыцэр Дон къызэпрык Iащ. Мартыновкэ деж Салыпс Iуфэ фыIутIысхьи нэмыцэм фыкъыпэув, жаIэри унафэ къытхуащIащ. Уи транспортыр абыкIэ нэгъакIуэ. Уэ мо къуты-

рым укъытенэнщ. Красноармеецу бгъуэтым хуэдиз гъусэ щIыи, мо гъуэгум шлагбаум тегъэувэ. КъыбгурыIуа? Псэ зыIут блэ-бгъэкIынкъым а щхьэхьу кIуэ къомым ящыщ. Бгъуэту хъуар зэхуэпшэсурэ отряд зэбгъэпэщар Мартыновкэ нэгъакIуэ. Абы ящIэн сэ къахуэзгъуэтынщ. Картэ уиIэ?

– СиIэщ.

Кубанцевыр щежьэжым, Локотош елъэIуащ:

– СыноупщIынут, хъунумэ,– жиIэри.

Полковникыр къызэплъэкIри иджыпстущ капитаным и башым гу щылъитар:

– ЛIо, уэри ущIакъуэ?

– Зэрыплъагъущ.

– КъыбгурымыIуа щыIэ?

– Хуламбайр дэнэ къыщыдгъуэта хъуну пIэрэ?

– А-а, Хуламбай си лажьэ! Ныжэбэ ежьащ, и хьэпшып къигъэнар къишэжыну...

Локотош ар шэуэ къытехуащ. Полковникыр, Iыхь-сыхь жиIэу щэIуурэ, машинэм итIысхьэжри ежьэжащ. Машинэм щхьэукъуэу дивизэм и комиссарымрэ артиллериер зи IэмыщIэ илъ командирымрэ ист.

– НэгъуэщI узыпэплъэн щыIэкъым. БжесIам и ужь ит! – жиIэри Кубанцевым и машинэбжэр къридзылIэжащ.

– Хъунщ!

Апчарэ мэжейри дунейм къыщыхъуам зыщ хищIыкIыркъым. Локотош и картэр къыдихауэ йоплъ: МартыновкэкIэ зэджэ райцентрыр къигъуэтащи, къэбгъэззэжын хуейуэ къыщIокI, Хьэталийрэ Iузизэрэ зытес станцымкIэ букъуэдияуэ. АрщхьэкIэ капитаным отряд щхьэхуэ зэхуишэсу гъуэгум теувэн хуейщи, Апчарэ дэIэпыкъуа зэрыхъуныр къыхуэщIэркъым.

Куэдрэ зримылъэфыхьу Локотош зы лIы тIощI хуэдиз къыхибжыкIри Мартыновкэ лъэныкъуэкIэ иутIыпщащ.

Апчарэ къызэщыуат, красноармеецхэм гъуэгубгъум деж кумб къатIу щыхуежьам. Уа, шлагбаум гъуэгум трагъэувэу нэмыцэр къагъэувыIэн я мыхьисэпу пIэрэ, жиIэу Апчарэ игъэщIагъуэрт. Машинэ къомри дэнэ кIуа? Гъуэгум и гъунитIым зырызу шыплIэ пулеметитIи ягъэув. Сыту пIэрэ Локотош и мурадыр, жиIэу щIэупщIэну Апчарэ машинэм къепщыхащ.

– Фронтым ущIэкIуэн щыIэ, езы фронтыр ди деж къокIуэ! – жиIэри Локотош дыхьэшх нэпцI зищIащ. – Умыгузавэ, си шыпхъу. Чорэ укъигъанэу ежьэжынкъым. Зыгуэру уалъэдгъэIэсынщ...

Локотош жиIэр Апчарэ и фIэщ дауэ хъунт, езы Локотош дыдэ жиIэр и фIэщ хъужыркъым.

Гъуэгум кърикIуэр мащIэт. Шызакъуэгу гуэр уIэгъэ куэд исү къахуэзати, къагъэувыIащ. Шы щIэщIам тхъурымбэр

къыкIэроху, увыIащи. Шыгухур зэрысонэр и псэлъэкIэмкIэ къыбощIэ. И Iэ лъэныкъуэр пхащи, Iэ лъэныкъуэмкIэ вожэр иIыгъщ.

Сержант шыгухум зехъунщIэ:

– ПIокIему остановиль? Госп IитIал догонаем! – жиIэу мэшхыдэ. – Дохутыр сыт хуэдэхэр машинэкIэ мак Iуэ. Дапщэщ абы дащыщIыхъэнур? Думыгъэгувэ, капитан. Первозвановкэ нобэ дынэмысыну Iэмал иIэкъым.

Первозвановкэ жаIэу Апчарэ щызэхихым занщIэу къэуIэбжьащ, срагъусэу щхьэ сымыкIуэрэ, жиIэу. АрщхьэкIэ шы увыIар щилъагъум, и гугъэр хихыжащ.

Къак Iуэр шлагбаумым деж къэувыIэрт. Командир Iэджи яхэтт. Военнэ щыгъын зыщымыгъ хуэзами ягъакIуэртэкъым, и тхылъым емыплъауэ. «Окруженец» къахэкIынкIи хъунут. Красноармеец зырызыххэ ф IэкIа яхэттэкъым, ауэ зэхэувауэ зэхэтыр куэд хъурт. Зэмылъэпкъэгъу защIэщ жыпIэнт, я псэлъэкIэм уедаIуэм. Интернациональнэ отряд зэзгъэпэщынщ, жиIэу арат Локотош зытриухуар.

Гъуэгум ирик Iуэ псори къэбгъэувыIэкIэ зэф IэкIрэ – бгъэшхэни хуейкъэ. Езыхэр хьэргъэшыргъэ зэрогъэхъу:

– ЛIо, шхын щхьэкIэ дывгъэл Iэну? ДыщывмыгъакIуэкIэ, дывгъашхэ. Махуищ мэхъури ерыскъы тIухуакъым, – жаIэу.

А къомым ебгъэшхын дэнэ къипхын. Локотош л IитI игъэкIуащ къутырым пшхы хъун гуэр къагъуэтыну. Хъарзынэу кумбым ису кхъуэ шыр цIыкI у къагъуэтри къахьащ. МащIэрэ кхъуэр кумбым исат, псыи шхыни имы Iэу. Иджы автоматкIэ еуэри яукIащи, бгъавэмэ, лэпс хъарзынэ хъунущ. Кхъуэ шырыр зэIахри шыуаным иралъхьауэ ягъавэ. МэжалIэ л Iэ къомыр иувыкIауэ, лыр дапщэщ вэуэ къытIухуэну пIэрэ, жаIэу щытщ.

Абдеж сонэ сержанту нетIэ хьэмкIэшыгукIэ IукIар пIащIэтхъытхъыу къэсыжащ, шы увыIар ерагъпсэрагъыу къоIэ, езыри мычэму зоплъэкI, къырахужьауэ къаху, жыпIэну.

Ар щилъагъум Локотош къэгузэващ, ярэби, Хуламбайхэ Солтан зыгуэр къыщымыщIауэ узиIэ, жиIэри.

– Пхъэ нэхъыбэIуэ щIэфлъхьэ. Дыгувэ хъунукъым! – жиIэу капитаным игъэпIащIэрт лы зыгъавэр.

Апчарэ къутырымкIэ кIуащ. Хэт и пщIантIи дыхьэ – нэщIщ. Зэзэмызэ хьэжь дурэшым къыдэпщмэ, къобэныххэркъым, зеджалэу къакIухьыф къудейщ.

Псыкъуий гуэр илъэгъуати, псы тIэкIу сефэнщ, жиIэу Апчарэ к Iуащ. ПщIантIэм псэ зы Iут дэту плъагъуркъым, ауэ пэгун щытыр псыфщ, иджыблагъэ псы зыгуэрым къызэрырихар белджылыуэ.

Бжэр кIыгърэ Апчарэ къызэплъэкIмэ – къэзакъ цIыхубз фаф Iэ гуэр унэм къыщIэкIащ, и нэщхъыр зэхэукIауэ, и нэм Iугъуэ къыщIихыу. Фызыр къапхъуэри Апчарэ иIыгъ пэгуныр

IэщIиудащ. ХьэмаскIэ цIыкIу гуэри къыкъуэжри Апчарэ къе-бэну къэуващ. АрщхьэкIэ хьэкхъуафэ щытым псы иту щи-лъагъум, псы ефэу увыжащ, ней-нейуэ цIыхубзитIым къеплъу.

Къэзакъ фызыр къилъащ:

– Дэнэ укъикIа, пщIантIэр уи адэм ей хуэдэ мыбы удэты-ну? – жиIэри.

«Мыр сыту фыз ябгэ, тобэ ярэби, псы къудей уригъэфэну-къым, – жиIэу Апчарэ къэгузэвэжауэ, жиIэнур имыщIэу щытт. – Сызэрыадыгэр арауэ пIэрэ псы сыщIримыгъафэр?» – Апчарэ и гъын къэкIуащ.

– Мыбыхэм урагъусэ? – жиIэри фыз гъумыр уэрам гъуэгум тет къомым я дежкIэ плъащ.

– Срагъусэщ.

Абы адэкIэ хуэмышэчыжу Апчарэ къигъазэри машинэр здэщытымкIэ къиунэтIыжащ, и Iур нэхъри гъущIауэ. Зэгуэ-пыщати, къыхудэшеижыртэкъым. Къэзакъ фызри зэщыджэу къыкIэлъыджащ:

– Хъунщ. Зумыгъэгусэу къэгъази ефэ, – жиIэри.

«...Алыхь, уэ делэм уи пси сыхуэмей» жиIэу Апчарэ и гум къэкIащ.

– КъакIуэ. Мис къизгъэхъуащ.

Къэзакъ фызым псы пэгун псыкъуиймкъ рихауэ къегъыхыу щыту щилъагъум, Апчарэ къигъэзэжащ.

– Ефэ, тIысэ. КрушкIэ ухуеймэ, иджыпсту...

– Сыхуейкъым крушкIи.

Псыр шыугъэу икIи дыджу Апчарэ къыфIэщIащ. Чопра-къыпс хуэдэ сытми? Нарзаныпс дыдэ фермэм пэмыжыжьэу къыщыщIож. Абы щыщу зы Iубыгъуэ закъуэ мыгъуэр нэ-хъыфIти мыбы нэхъри. ИтIани псы зэфэр щIыIэт, дзэм дыхьэу.

– Дэнэ мыгъуэ фыздэкIуэр? – жиIэу фызыр гъынанэу Апчарэ къеплъырт, и нэпс къежэхыр имылъэщIу. – Хэт къыт-щхъэщыжыну иджы? Нэмыцэм ди фэр ирихыни. Дэнэ деж фыкъыщыувыIэнур? Къэралым гъунэ имыIэ фи гугъэ? Фи лъабжьэ фIэгъэнапIэ щигъуэтынур дэнэ? Дон дыдэ фхуэIыгъа-къым. Кавказым нэс зевгъэхьыну?

– Ар ди лажьэ уи гугъэ?

– НтIэ, сэра? Фэращ къикIуэтри, фи лажьэщ. «Колхоз пщIан-тIэм дызэхэту гупсысэшхуэ дыхэтщ...» жыфIэу уэрэд хъарзынэ зэхэфлъхьати, ари щхьэ фщыгъупща? Нэмыцэм дывогъэубыд – дыкъытезыхыжынур хэт? Цырыцу дафыщIа иужь дакъы-тефхыжкIи сыт и фейдэж?

Къэзакъ фызыр гуузу гъырти, Апчарэ фIэгуэныхь хъуащ:

– Умыгъ, кхъыIэ, умыгъ...

– Си хъыджэбзыр уэ пхуэдэт. И адэр зауэм хэкIуэдауэ къаIуэхуати, схуэмыубыду дэжри фронтым кIуащ, си адэм илъ

згъэгъунукъым, жиIэри, си щхьэ закъуэ-си лъакъуитIу сыкъэ-накъэ. Мес нэмыцэри, Дон къызэпрык Iащ…

Апчарэ къызэплъэкIмэ – къэзакъ фызыр щысщ, и щхьэр къыф Iэхуауэ. Хьэжь цIыкIури и гъусэщ.

Апчарэ къызыхыхьэжари хьэргъэшыргъэ зэрыгъэхъуауэ бжьэцым хуэдэу зэрызохьэ, зэрогъэкIий. Локотош гъуэгум теувауэ къакIуэр къигъакIуэркъым, фыкъикIуэтыну права къывэзыт приказыр сывгъэлъагъу, жиIэу. ЯмыIэмэ, сыт уагъэ-лъагъун? Зодауэ, зэхуолъ, зопщэфыIэ. ЦIыху ешаелIа къомыр ныбэ нэщI защIэщи, занщIэу къызэщIолыбэ, мафIэр къаIуры-лъэлъу. Локотош пулемет игъэува щхьэкIэ зыри хуэгъэшынэр-къым, модрей къомым яIыгъ Iэщэр нэхъыбэжщ.

Зы политрук гуэрым зыкърисащ:

– Уэ ухэт езыр? Хэт мыбдеж утезыгъэувар? Уи тхылъыр дыгъэлъагъу нэхъапэ щIыкIэ, – жиIэри.

Локотоши приказ зэримыIыгъыу и макъым къихь къигъа-нэртэкъым:

– Си унафэр фымыдэрэ – къызжиIакъым жывмыIэж: ныбапхъэкIэ зыхэвдзэнщ… Пулеметыр ауэ згъэува фи гугъэ?

Зэзэуэным къэнэжар тIэкIути, Локотош нэхъ тэмакъкIыхь зищIащ:

– АтIэ зэпытрэ-зэкIэсу фыкIуэ. Зевгъэхь! Нэмыцэм фи цыр ящынщ.

Политрукри зыхуейр арати ежьэжащ, и отрядыр ириша-жьэри.

Сыхьэт ныкъуэ дэкIа-дэмыкIа, фочауэ макъ къэIуу зэхыбох, пулеметри мэлъалъэ, уеблэмэ топи мауэ. Тобэ ирехъу, полит-рукыр нэмыцэм яхуэзащи, йозауэ. Фоч уэ макъыр зы дакъи-къитху хуэдизкIэ нэхъ къэмыIуу увыIэжащ. ИкIэщIыпIэкIэ лъэныкъуэегъэз замыщIмэ, политрукым къыщыщIар Локотош къыщыщIынкIэ шынагъуэти – заIэтри макIуэ-мэлъей. Кхъуэл ныкъуэвэр лы Iыхьэ зырызу япхъуатэри лэпсымкIи мафIэр ягъэункIыфIыжащ.

Апчарэ машинэм дэпщеижрэ зиплъыхьмэ – къэзакъ фызым и щхьэр къыфIэхуауэ зэрыщысам хуэдэ дыдэу щысщ. «Фи лъабжьэ фIэгъэнапIэ щигъуэтынур дэнэ?.. Кавказым нэс зевгъэ-хьыжыну?» жиIэу къызэрегияр Апчарэ и гум къинат.

Грузовикым цIыхуу къитIысхьам хуэдизи машинэжьым дауэ ишэфрэ – моторыр къызэтреч жыпIэу мэву. Локотош нэрыплъэр зыIуидзауэ, зауэм и макъ къыщыIу лъэныкъуэмкIэ маплъэ. Апчари гузавэу уафэм доплъей.

– Хуэмызауэ узиIэ ари! – жиIэри, Локотош и нэрыплъэр зыIуихыжащ. – Чорэ, Хьэталий сымэ щыщ бгъуэтмэ, си Iуэхущ иджы…

– Уей! ЯпэщIэхуа мыгъуэу пIэрэ? – жиIэри Апчарэ къэу-Iэбжьащ.

– ЯпэщIэхуэн хуейкъым. Сэ нэхъ сыщIэгузавэр Хуламбай Солтанщ. Нобэ хуэдэ махуэм уи закъуэу гъуэгу утехьэ хъурэ? Къэпым къищэща нартыхуу къуаргъым уащыпынщ. Разведчик мащIэм къаущыхь уи гугъэ – уапхъуэтэнщи, уамылъэфу къанэрэ?..

– Сэ дауэ мыгъуэ сыхъуну, нтIэ?

– Уэри? – жиIэри Локотош брезент кIапэр къиIэтри шэнтым ещхь гуэр къригъэлъэгъуащ. – Мыр зищIысырпщIэрэ? – жиIэри.

– Сыт?

– Аращ коммутаторкIэ зэджэр. Телефонистка утщIынщ. КъыбгурыIуа?

– Алыхь, сэ абы зыщ хэзмыщIыкI.

– УмыщIэрэ – уэдгъэщIэнщ, умыдэрэ – уэдгъэдэнщ. Аракъэ военнэм ди псэлъафэр, – жиIэри Локотош нэжэгужафэ зытригъэуащ.

Апчарэ егупсысри телефонисткэу ущытыныр мыIейуэ къилъытащ. ДэнэкIэ кIуэ телефонри уи коммутаторым къыпы-щIауэ щытмэ, си дэлъхум телефонкIэ сепсалъэ хъуну къыщIэ-кIынщ, жиIэу. «Дауэ ущыт, си дэлъхушхуэ?» жиIэу Апчарэ щIэупщIэмэ, «нэмыцэм мыхьыр изогъэхь, си шыпхъу» жиIэу Албиян и шыпхъум и гур дахэ къыхуищIу. «Зауэм пичмэ, къа-кIуи, Данэ цIыкIу и письмор уэстыжынщ». «СынакIуэ хъурэ – телефонкIэ къысхуеджэ». «Укъеджэ хъунукъым – сурэту щIащ...» – ар и гум илъу Апчарэ щхьэукъуати, занщIэу машинэр кумбым йоуэри, грузовикым иса къомыр йощэщэх. Красно-армеецхэр къеIэ-неIэурэ грузовикыжьыр ерагъпсэрагъыу кумбым кърагъэкIыж.

– Уа, жьэкIэ узэрыплъэр? – жиIэри Локотош шоферым щIэ-кIия щхьэкIэ – немыхьэнэ! Шоферым жэщищ-махуищ мэхъури и нэбдзыпэ зэтрилъхьакъым. ЩIалэм и щхьэр кабинэм кърибгъэ-жауэ плъэ щхьэкIэ, зыри илъагъуркъым. Рессорэр зэпиуда-къыми, хъарзынэщ.

Апчарэ и жейр теужащи, си дэлъхум дапщэщ сыхуэзэну, жиIэу и нэ къокI. СымыкIуэжу сыкъызэрынар къищIэмэ, сыт жиIэну пIэрэ, жиIэу мэгузавэ. «Ди анэм и закъуэу къэбгъэна?» Абы и закъуэ сытми! Иринэрэ Данэ цIыкIурэ ябгъэдэсщ – ар мащIэ. Жэм хъарзынэ яIэщи, шэр къелыжынущ. Нартыхуу хадэм итыр щIымахуэр икIыху яхурикъунщ. Чокэ-щэ! Уи дэлъхур плъагъунщ, жиIэри делегацэм сахригъэтхами, зэры-хъуар уолъагъу! Хэт мыгъуэм и лажьэ. Тхьэм фIыщIэ къыхуищI Локотош. Ар мыхъуатэм, губгъуэм сыкъинэпат.

Сэнтх гуэрым машинэр щытехьэм, Апчарэ плъэмэ, адэкIэ-мыдэкIэ шур къуэм дэзу макIуэ. Я шыр увыIащи, я щхьэр яхьыжыф къудейщ. Апчарэ зеплъыхь, си дэлъхур слъагъуну пIэрэ, жиIэу. Локотош и цIыхугъэ куэд яхуозэ:

– Феуэ, маржэ, феуэ!

Лейтенант гуэри къэгушыIащ:

– Уи Iуэху Iейкъым, капитан. Дэнэ къипха хъыджэбз дахэр? – жиIэу. – Митингым къыщыпсэлъар армырауэ пIэрэ?

– КъэпщIащ.

– Дэнэ къикIыу?

– Посылкэ къыпIэрыхьакъэ?

– КъытIэрыхьащ, уэлэхьи! А посылкэр мыхъуатэмэ, ди жьафэр ущIауэ дыкъэнатэкъэ...

– Мыращ къэзышар.

Зы щIалэ дыдэ гуэри къэгуфIащ:

– Апчарэщ ар. Албиян и шыпхъур!..

Иджы хъыджэбзыр Iэджэми къацIыхужауэ къыщогуфIыкI, Iэ къыхуащI. Езы хъыджэбзри къэгуфIэжащ.

– Си дэлъхур зылъэгъуа фхэт?

– Япэ итым яхэтщ.

АдэкIэ гъуэгур егъэзыхыгъуэти, машинэр нэхъ псынщIэу кIуэ хъуащ. Апчарэ и нитIыр къихуу плъэ щхьэкIэ, и дэлъхур илъагъуртэкъым. Я щIыбагъымкIэ машинэ макъ къоIу. Ар комдивым и «эмкэ» зэхэцIэлар аращ. Грузовикым къелъагъури гъуэгум дох, комдивыр блигъэкIыну. Антон Федорович, баш иIыгъыу машинэм исуздэкIуэм, къаплъэу хъыджэбзыр къыщилъагъум, къэувыIащ:

– Дэнэ къикIа а тхьэрыкъуэ пщэхур?

Капитаныр машинэм къелъэнурэ уставым къызэригъэлъагъуэм ипкъ иткIэ рапорт иритынути, комдивым идакъым.

– Посылкэр игуэшыну къэкIуати, зэрык Iуэжын имыIэу къэнащ. Сэри Хуламбайм сыщыгугъат, здишэжын си гугъэу, – жиIэри Локотош здэщысым щысу къэгуззэващ.

– Хуламбайм и гъусамэ нэхъеижт. Хуламбайр хуэза уи гугъэкъэ?

– Дауэ хъунт?

– ЯпэщIэхуащ нэмыцэм.

– Псэууи?

– ЗиукIыжыну пэтащ – къехъулIакъым.

– Иджы-щэ?

– Сэ сщIэрэ? Нэмыцэр дэ къыдэчэнджэщ уи гугъэ? Апчари Солтан и гъусатэмэ, плъагъурэт къыщыщ Iынур?

– Дапщэщ щапэщIэхуар?

– ИджыпстущкъыщызжаIар. Мо лъэс къомыр зэхуэзышэсар уэра?

– Сэращ. Интернациональнэ командэщ. Ди щIыбагъым дэтмэ, сэбэп хъунщ...

– Нэмыцэр къыщыкъуэкIынур пщIэну щыткъым. Уи щIыбагъ дыдэм къихуэнк Iи мэхъу. Хъыджэбзми унафэ гуэр хуэщI. Iэнат Iэ иIэн хуейщ. ИужькIэ сэри сигу къэгъэкIыж.

– Ерэхъу.

– Делегацэр дауэ хъуа? – жиIэри Апчари щIэупщIащ, и гъын къэкIуауэ.

– Щхьэхьу кIуэжащ. КъащыщIа щыIэкъым. Нэмыцэм япэщIэхуэным къэнэжар зытIэкIут…

Полковникыр ежьэжащ.

– Ди посылкэ къом мыгъуэр бийм япэщIэхуауэ къыщIокI, – жиIэу Апчарэ къызэщиуду гъыным хуэдэт.

Зыми зыри жимыIэу зыкъомрэ кIуащ. Иджыри зауэм Iумыхьа пэтрэ, политотделым тета лIыр хэкIуэдащ. Хэт и фIэщ хъунт ар апхуэдэу хъуну?

Къутыр гуэрым нэмысыпэу Локотош дидзыхри къуажэм пэIэщIэу щыт фермэмкIэ иунэтIащ. Арат абы увыIэпIэу къыхуагъэлъэгъуар. Фермэр фейцей дыдэ ящIат, тепх хъуну къагъэна щымыIэу. Уеблэмэ зы щхьэгъубжэ е зы бжэ къыханатэкъым. Зы Iэщ закъуи теттэкъым. Силос ягъэхьэзырар икъухьати, фIэIурымэ къыхихыу фырт.

Капитаным зиплъыхьщ-зыкъиплъыхьри кладовкэу щыта унэжь цIыкIум машинэр ирихулIащ. Кладовкэм бжэ тIэкIу хэлът, щхьэгъубжэ закъуэм пхъэбгъу IуукIауэ.

Полк япэ итым оборонэр СалкIэ зэджэ псым и Iуфэм деж щаубыдыну я унафэт.

*ЕплIанэ псалъащхьэ*

## 1. ЗЭДЭЛЪХУЗЭШЫПХЪУР ЗЭХУОЗЭ

МахуищкIэ щIимычауэ зауэр екIуэкIауэ занщIэу щым хъуащ. ЕплIанэ махуэм нэху зэрыщу аргуэру топауэм къиублэн я гугъа щхьэкIэ, зы кIакхъуи щIачакъым е зы танкым и макъи къэIуакъым. Махуищым икIуэцIкIэ нэмыцэ атакибл зэпаудам цIыхууи Iэщэ-фащэуи мащIэ хэкIуэдат! Нацдивизэм яхэщIари мащIэтэкъым.

Апчарэ мызэ-мытIэу хуежьат и дэлъхур къигъуэтынуи, Локотош игъэкIуакъым. Iэ дэхьеигъуэ къудей ихуакъым. Апчарэ телефон IэмэпсымэрзригъэщIауэ, еуэ иригъэшхыу телефонисткэ гъуэзэджэ хъуащ. Хэт хуейми йопсалъэ, и дэлъху закъуэр здэщыIэ батареем телефон кIуэркъыми, и гум къыщIетхъ.

– Зауэр кIащхъэ хъумэ, уи дэлъхум ухуэзгъэзэнщ, – жиIэри Локотош къигъэгугъащи, мис кIащхъэ хъуащ. Минометчикхэм я гъунэгъупсу иптап артиллеристхэм я топыр ягъэувати, занщIэу телефон иратащ.

Локотош телефон къеуащ, иптап артиллеристхэр къызэтыт, жиIэри. Абы жиIэр Апчарэ тыншу зэхех:

– Еянэ! Уэра ар? Уи гъунэгъур къеджэт! Къэзэнокъуэр жыIэ.

Командир взводщ. Зыгуэр гъажэ. Тэмэм, Албиянщ и цIэр.

Апчарэ и гур къолъэт. «Ярэби, мыпщIыхьэпIэу пIэрэ мыр?» – жиIэу зэхихар и фIэщи хъуркъым, гуфIэщауэ и нэр къыщхьэрипхъуащи. Куэд дэмыкIыу и дэлъхум и макъи зэхихати, къищIэжыххакъым. Албиян и макъыр икIат.

– Лейтенант Къэзэнокъуэр нодаIуэ!

– Капитан Локотошщ ар. Сэлам, си къуэш. Дауэ защIрэ нэмыцэм?

– Заущэхуащ. Тхьэм ещIэ я гугъэр.

– Ди дежкIи мамырщ. УкъэдаIуэрэ – Iуэху гуэркIэ сыпхуейщ. Парашютисткэ къэдубыдащ. КъыбгурыIуа? ДеупщIати – уи шыпхъуу жеIэ. Иджы пцIырэ пэжрэ зэхэдгъэкIын щхьэкIэ укъакIуэу зумыгъэлъагъуу хъуркъым...

– Хэт и парашютисткэ? Дэнэ къикIа? – жиIэу Албиян къэгузэващ. Апчари къэуIэбжьауэ трубкэм икIие пэтащ, арщхьэкIэ капитаным щышынэри ерагъыу зызэтриIыгъащ.

– Хэт и парашютисткэ, жи? КъакIуи плъагъунщ. ИIэ, зумы-гъэгувэ...

– СынокIуэ...

Минометчикхэр здэщысыр жыжьэ дыдэтэкъым, ауэ нэмыцэм укъамылъагъун щхьэкIэ ныбапхъэкIэ зыкъомрэ укъэпщын хуейт, сыхьэт дэмыкIыу Албиян къэсащ. Локотош ар къакIуэу щилъагъум пежьащ, шыгъу зыщIэлъу щыта кладовкэм къыщIэкIри. ДэнэкIи шыгъумэ къыщIихырти, езыри яшыуа хуэдэт.

Лейтенантым честь къритри:

– Товарищ капитан, уи унафэм ипкъ иткIэ... – жиIэу рапорт къыщритым, модрейм зэпиудащ:

– Хъунщ, хъунщ. Дауэ фыкъела дыгъуасэ? – жиIэри.

– Боекомплекту щы идгъэсыкIащ. Лагъымыр къыдомэщIэкI.

– Ныфхуедгъэшэнщ. Куэд фхэщIа?

– Щы уIэгъэ хъуащ. Ещанэр уIэгъэ хьэлъэщ – дзажэналъищ хиудащ. Минометым и командирт. ЩIалэ хъарзынэ мыгъуэр лIэнкъэнэнщ... Дэнэ щыIэ зи гугъу пщIа парашютисткэр?

– Зэ умыпIащIэ. НакIуэ тIэкIу дедзэкъэнщ.

ТIури кладовкэм щIыхьащ. Унэр кIыфIти, Iэнэр бжэщхьэIум узэребакъуэу щытт. Iэнэ хъужыр ашыкыжь гуэру арат. Нэкулъ, аркъэ птулъкIэ, консерв, щIакхъуэ фIыцIэ – зи ерыскъы узыхуейщ. Ашыкым стэкан цIыкIуищи тету щилъагъум, Албиян игъэщIэгъуащ: парашютисткэр арауэ пIэрэ ещанэр, жиIэу. Капитаным зыгуэр зэрибзыщIыр белджылыт.

– ТIыс. Уэри узэрымэжалIэр сощIэ. Ныжэбэ жэщым кухняр нагъэкIуакъым. Ызэрежьэу къоуэри къакъутэ, аргуэру незгъажьэмэ – ари къакъутэ пэтащ. Нэхущыра ар ныщысар? Сэри си IэфракIэ къэзгъэшакъым.

Локотош тIысри, стэкан цIыкIуищми ныкъуэ-ныкъуэ иригъэхъуа иужь, телефон трубкэр къищташ:

– Парашютисткэм къеджэт мыдэ!

Албиян ар зыхуихьыным егупсысу щысыху и шыпхъур унэм къыщIэлъэдащ. Апчарэ лIитI щысым ящыщу и дэлъхур дэтхэнэр арами занщIэу къыхуэцIыхуакъым. Езы Албиян дыди арат – и шыпхъур зэхэзещхъуэн ищIащ, пилоткэ, военнэ фащэ щыгъыу зэи илъэгъуатэкъыми.

– Си дэлъху Албиян! – жиIэри Апчарэ Iэнэм щыблэкIым псори кърикъухь пэтащ.

Зэдэлъхузэшыпхъур зэхуэзащи, зэпкъроупщIыхь.

– Мыр дэнэ укъикIа?

– Албиян!

– Мыбы щыпщIэри сыт?

– Телефонисткэщ. Уафэм къехащ.

– Мыра парашютисткэ жыхуэпIар?

– Iэу, ар уфIэпарашютисткэкъэ? – жиIэри зэдэлъхузэшыпхъум я Iэр Локотош иубыдащ. – Куэдщ, фытIыс. Фыщызэпсэлъэни фихуэнщ. Фадэр изгъэхъуащ. Къафщти зырыз дэдвгъэдз! АдэкIэ зыгуэр хъунщ.

Албиянрэ Апчарэрэ я жьафэр зэтехьэжыртэкъым, гуфIэщати. Бжьэ зырызи, нэхъыби дадзыхауэ я гур жан къэхъуат. Апчарэ и гур къызэфIэнащи, и дыхьэшхри и гъынри зэхэтщ. Албиян зыщIэмыупщIи щы Iэ! Локотош а тIум зэран яхуэхъуртэкъым, стэканыр нэщI хъумэ, ирегъахъуэри щысщ. Апчарэ жиIэну зыхуейр куэдыщэщи, псоми я щхьэфэ йоIэбэ. Посылкэ къомыр зэрызэхуахьэсари, гъуэгум къыщыкIуэм къэхъуакъэщIари, къуажэм хъыбару щызекIуэри – псори пхужыIэн. Абы ищIыIужкIэ иджыпсту игу къэкIыжат:

– Ан -а! Сохраннэ запискэ къомыр си сумкэм илъу къэнащ. КIуэдмэ, зэIыхьакъэ? – жиIэри.

– Сыт сохраннэ запискэ?

– Жэмыр дгуэшакъэ, сохраннэ запискэ къеIытхыурэ! Дгуэшыпэу дгуэшакъым. Нэмыцэр къакIуэмэ, дыдейхэм яхъумэну ар къудейщ. Нэмыцэр дахужмэ, къыдатыжыну депсэлъащ псоми...

– Нэмыцэм трахмэ, сыт къуатыжын?

– Птрах хъурэ? Иумыт.

– КъоупщIтэми? Данке шон, уи жэмыр, хуит сыпщIмэ, дэсхунут, жиIэу къолъэIун уи гугъэ? Жэм куэд вгуэша?

– Щэрэ тIощIрэ. ИужькIэ дгъуэтыжыр дгъуэтыжащ. Сыт пщIэн. Фермэм къытебнэмэ, нэмыцэм яшхынщ. Нт Iэ, дэнэ тхьын?

– Зэрыжып IэмкIэ, оккупацэм Iуэхур тевухуащ?

Апчарэ жиIэнур имыщIэу Iэнкун хъуащ:

– Тедухуакъым икIи... КъакIуэ хъужыкъуэмэ, жыдоIэри аращ. Къулым идэххэртэкъым жэмыр дгуэшу. АрщхьэкIэ Сосмакъ ТIалиб дигъэгуэшащ. Къулым: Iэщыр къуршым и

гъунэгъуу Iыгъын хуейщ, партизанхэр къырым итынущи, я нэIэ къатетын хуэдэу, жиIэу. Партым хэти комсомоли зыкъэмынэу псори партизаным хатхащ. Уеблэмэ нэхъыбэрэ казармэм щIэсщ, махуэкIэ загъасэ...

– Iэщыр эвакуировать ящIакъым. Ар зыгуэру хъунщ. ЦIыхур-щэ? Iисраф защIэ хъункъэ? – жиIэри Локотош къэгузэващ.

Албиян капитаным и гум къэкIа дыдэр къэкIащи, Иринэрэ Данэ цIыкIурэ эвакуацэм мыкIуэу къыдэнэн я хьисэпу пIэрэ, жиIэу щIэупщIэнут. Абы Апчари гу лъитат:

– Ди анэм идэрэ? И закъуэпцIийуэ къыпхудэнэрэ? Иринэ аттестатымкIэ ахъшэ къыIихыну военкоматым щыкIуэкIэ командирхэм я фызхэм IуощIэ. Езыр-езыру фызхэр зэгурыIуащ хэт дэнэ лъэныкъуэкIэ игъэзэнуми. Данэ цIыкIуи и анэм къыкIэрыкIыркъым. Иринэ очырэм щытыху, хъыджэбз цIыкIум псори егъэдыхьэшх. «Зауэм сыкIуэнурэ фашист сукIынущ», жи. «А си бзу цIыкIу, уэ укъаукIынкъэ?» жаIэмэ, «си папэ абы щы-Iэщи, сакъригъэукIрэ?» жи.

Данэ цIыкIу и письмор Апчарэ сумкэм къыдихри и дэлъхум иритыжащ.

Зи Iыхьлы, зи адэ-анэм щIэмыгупсыс гъуэтыгъуейт. Дон дежи нэмыцэр къыщагъэувыIэфакъым. Ростову Кавказым и куэбжэ жыхуаIэу щытар яубыдащи, мес – Кавказ куэбжэр зэIуха хъуащ. Нацдивизэмкъыпэщытыртанкдивизэщмотопехотэр дэщIыгъужу. Шы къомыр сэбэп хъуххэркъым. Ирагъэшхын дэнэ къэна, псы къудей ягъуэтыркъым. Авиацэр къосри шыр къызэралъагъуу бомбэр кърапхъых. Нобэ ди оборонэр нэмыцэм къызэпатхъмэ – зэфIэкIащ. Кавказым нэс бийр къэзыгъэувыIэн щыIэкъым.

– Уа, мы губгъуэм дивмыгъэсу, окопэ дэ тщIа къомым дыкIуэу щхьэ дивмыгъэтIысхьэрэ? Хьэулейуэ къэттIа абы хуэдиз кумб? Тхьэ, фи фIэщ зэрыхъун – зы топ, топитI диIэ къудеймэ, зы танк шэрхъ зыщIэт зэпрымыкIыфын а ровыжь сэ сщIэм, – жиIэри Апчарэ военнэ Iуэхум зэрыхищIыкIым гу лъаригъэтащ.

Локотош дыхьэшхащ.

– Дон уфIэров цIыкIу? КъызэпрыкIакъэ. Мы зы топ, уэлэхьи, абы Iутари, – жиIэри Албиян идакъым. – Россей псори зэхатIыхьа щхьэкIэ сыт и мыхьэнэ, Iэщэ уимыIэмэ. Миномет къудей ирикъуу диIэкъым. ЦIыхур йокуэдэкI, Iэщэм дрикъуркъыми. Кумбым уитIысхьэкIэ упэлъэщрэ...

Абдеж красноармеец гуэр гужьеяуэ къыщIолъадэ:

– Товарищ капитан, нэмыцэ! Мотоциклым исщ.

Мотоцикл макъи къоIу.

Локотош пистолетыр кърепхъуэтри унэм къыщIолъэт. Абы и ужьым иту Албиян къыщылъэтати, къызэплъэкIри и шыпхъур

щилъагъум, унэм къыщIэмыкIыну къыжриIащ.

Фермэм хуэм дыдэу мотоцикл гуэр къытехьэрт, нэмыцитI тесу, коляскэм ис нэмыцэ офицерыр картэ планшеткэм илъым еплъырт, адрейм Iэнкуну зеплъыхь, дымыщхьэрыуауэ пIэрэ, жиIэ хуэдэ. Фермэм тесIауэ ялъагъуу къыщIэкIынкъым, псоми загъэпщкIуащи.

Красноармеецым и фочыр мотоциклыр зыхум триубыдауэ къуэгъэнапIэм къуэтщ, Албиян гранатэр къигъэхьэзыращ.

Силос гъэт IылъыпIэм деж щагъэпщкIуауэ щыт машинэр нэмыцэм къыщалъагъум, къэувыIащ. АдэкIэ плъэмэ – ди красноармеецхэу уIэгъэ хъуахэм ящыщу зы гуп къакIуэу ялъагъу. Нэмыцэм кIэщIу ягъэзэжыну хуожьэ. АрщхьэкIэ бгъэзэжын папщIэ, къэбгъэшын хуейкъэ. Мотоциклым къыщигъэшым, Локотош пистолеткIэ еуащ. Мотоциклыр зыхур занщIэу и щхьэм епхъуэри къехуэх пэтащ. Люлькэм ис нэмыцэр и автоматым щепхъуэм, Албиян гранатыр идзри мотоциклыр щхьэпридзыным тIэкIут къэнэжар. Красноармеецым и фочышэри мотоциклыр зыхум техуащ...

КъуэгъэнапIэм къуэта Локотош сымэ къыкъуэлъэтри нэмыцэ ундэрэщхъуам зрадзри и Iэщэр къы IэщIаудщ, и мотоциклри ягъэункIыфIри и Iэри япхащ. Ар къыщалъагъум, цIыху зыбжани къызэхуэсащ.

Апчарэ, Iэщэ сиIа мыгъуэтэми, жиIэу, и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжырт. Локотошрэ Албиянрэ шэ зытехуа нэмыцэ мотоциклистым, ямыгъэлIэну, и уIэгъэр хуапхэнут. АрщхьэкIэ дэнэ – и пщэ гурыгъыр зэрыудащи, и псэр хэти-хэмыти, и щхьэр фIолэл, кIапсэ цIыкIукIэ пыщI а хуэдэ.

Локотош мэгуфIэ, «бзэгу» къыт IэщIыхьащ, жеIэри. Апчарэ и гум къэкIыжащ дыгъуэпшыхь комдивым совещанэ ищIу зытепсэлъыхьар. Совещанэр телефон защIэкIэ зэфIэкIащ, псори я пIэм исy хэт сыт жиIэми телефонкIэ жиIэрт. Апхуэдэ совещанэ хэти илъэгъуа?

Комдивым зы командирым е и цIэ, е и званэ иримыIуэу, номер защIэкI э зэфIигъэкIащ. «Товарищ первэ», «товарищ третэ» – арат зэреджэр, жаIэри щIагъыбзэкIэ жаIэрт, итIани Апчарэ къыгурыIуащ зи гугъу ящIыр. Комдивыр зыхуей щыIэтэкъым, «бзэгу» къаубыдыну фIэк Iа.

«Къыдэзауэр тщIэркъым. Бийм утекIуэн щхьэкIэ, зыхуэдэр зэбгъэщIэн хуейщ: танкыр дапщэ хъурэ, мотопехотэри аращ».

«Товарищ третэкIэ» зэджэр къыщиудащ, «бийм к унэц Iэм демыупщIу идогъэсыкI» жиIэри.

Комдивым ар идакъым, «деупщ Iмэ, нэхъыфIщ, и тIасхъэ тщIэмэ, IэмалкIэ нэхъ Iэзэ ухъуркъэ», жиIэу. Комдивым «бзэгу» къэзыубыдыр къигъэгугъащ орденкIэ.

Иджы мес. «Бзэгуу» зыхуеяр алыхьым къаритащ. Албиян къратыну пIэрэ орден? НэмыцитIри псэууэ щытамэ, Локотошрэ

Албиянрэ я зырыз къалъысынкIэ хъунт. Красноармеецырщэ? Ари хэтащ нэмыцэр къыщаубыдым. Алыхьым ещIэ, щыми зы орден къратын, жиIэу Апчарэ зэрыхъунур ищIэртэкъым.

– Пхэт мыбы и уIэгъэр, – жиIэри Албиян и шыпхъум дежкIэ къеплъэкIащ.

Нэмыцэ офицерыр лIы фIыцIэ къуэгъут, Кавказым къыщалъхуа жыпIэну. Гранат къутахуэ и нэIум техуауэ хэлъти, лъыкъуалэр лIым къежэхырт, и дамэтелъыр лъы защIэ хъуауэ и пщампIэм лъыр дэлъадэрт. Нэмыцэм и уIэгъэр Апчарэ ипхэхукIэ, Локотоши телефонкIэ «бзэгу» къаубыдам и хъыбар зыщIапхъэм яригъэщIащ. Ар зэрызэфIэкIыу капитаныр Iэбэри стэкан цIык Iухэм аргуэру ярыз ищIащ.

– ИIэт къыдэхъулIам и саулыкъукIэ, – жиIэу Локотош сабийм хуэдэу гуфIэрт. – Иджыпсту къэсынурэ яшэнущ. ИщIэ хуэдэт «бзэгу» дызэрыхуейр. Хьэбыршыбыр. Апчарэ, иIэт, дахэ, нэмыцэбзэ зыкъэщIыт. Оценкэр сэ пхуэзгъэувынщ.

Апчарэ и нэр нэмыцэм тенат. «И фэкIэ цIыхум хуэдэ цIыхущ, итIани цIыхум хьэзаб мащIэ трагъэлъ. Ярэби, мыра фашист жыхуаIэу цIыху зыукIыр, унэр зыгъэсыр, сабийми цIыхубзми гущIэгъу яхуэзымыщIыр? ИтIани еплъ, Локотош бжьэ къыхури-гъэхъуащ. Сэри сымымэхъашэу абы и уIэгъэр дауэ хуэспха? Си IитIкIэ а емынэунэ хъуным щхьэ сеIуса къудей?» – арат хъы-джэбзыр зэгупсысыр.

– ЗыкъэпщIыну нэмыцэбзэ?

– Дэнэ къикIа нэмыцэбзэ? Алыхь, игъащIэм «уд» фIэкIа зы симыIа.

Локотош гушыIэрт. Апчарэ хигъэзыхьа щхьэкIэ, езым нэмыцэбзэр нэмыцэр иригъэджэжын хуэдэу ищIэрт. Плену къаубыдам и планшеткэм дэлъа картэр къыдихауэ еплъырт. Ростовскэ областыр арат картэм къигъэлъагъуэр. Къалэу итым къанэ щымыIэу къэрэндащ щIыхукIэ жор тегъэуват. Уеблэмэ къутыр цIыкIуу нобэ зытесми жор щIыху тетт. Танк дивизэм я штабыр епIэщIэкIат, дауи, къутырым жор щIыху щытрагъэувам, сыту жыпIэмэ къутырыр иджыри яубыдатэкъым. Офицерыр щызыгъэуари арат.

Нэмыцэм и щхьэр къыфIэхуат. И жьафэри зэтекъузауэ щыст. И нэIу пхам лъы къижыр увыIатэкъым. Апчарэ, абы еплъмэ, нэхъри и щхьэм хузэгуэпыжырт, сеIэу мыбы и уIэгъэр щхьэ къэзмычэтхъэжрэ, жиIэу. Нэмыцэри мэгузавэ, къыспкърыупщIыхьа и ужь срагъэсыкIыну къыщIэкIынщ, жиIэу.

– Уа, мыдэ мыхэр здынэсар? – жиIэри Локотоши къэуIэбжьащ.

Жор щIыху тещIыхьат нэгъуэщI къалэ куэдми, Ростов мыдэкIэ укъэIэбэмэ. А къалэхэр нэмыцэм яIэщIыхьауэ радиом къитатэкъым иджыри. Ростов, Батайск, Сальск, Тихорецк –

псори жор щIыху защIэщ. Дон адэкIэ уIэбэрэ: Цимлянская, Морозовская, Калач жыпIэми аращ.

Локотош зэхихащ мы щIыпIэм щызауэр венгру зэрыщытыр. Сыту пIэрэ нэмыцэм венгр мыбы нэхъ къыщIагъэкIуар? Къалмыкъыр кърагъэщтэну ара? Венгрхэмрэ къалмыкъхэмрэ сыткIэ зэпыщIа? ИжькIэ уIэбэмэ, урыс пащтыхь Алексей Михайлович и лъэхъэнэм къалмыкъхэм я лIыкIуэ Тибет нэс кърагъэкIри къагъэкIуауэ щытащ, иджы къалмыкъхэр зэрыс щIыналъэр нэщIти, дывгъэубыд, жаIэу лъаIуэу, урыс пащтыхьым хуит ищIати, къалмыкъхэр илъэситхукIэ гъуэгу тетащ, а щIыналъэр яубыдын папщIэ. Гитлер зэгупсысар аракъым, дауи. АтIэ? Адэ ижь-ижьыжу гункIэ зэджэ цIыху лъэпкъ Тибет лъэныкъуэмкIэ къикIри, «шылэ гъуэгум» тетурэ, Европэм нэс къэкIуауэ щытащ. КъэкIуа иужьи ямыгъэзэжу къызыхыхьа цIыху лъэпкъым яхэшыпсыхьыжащ. Гунхэр зыхэшыпсыхьыжа лъэпкъхэм ящыщ зыщ венгрхэри. Къалмыкъыр къыздикIа Тибетым къикIащ гунхэри, жиIэри Гитлер венгрыдзэр къалмыкъым къариутIыпщащ. Къалмыкъхэр я диным икIыу нэгъуэщI дину советскэ цIыху лъэпкъхэр зэзыпх къуэшыгъэр къабыл зэращIар Гитлер зыуи къридзакъым.

АбыхэмкIэ нэмыцэ къепэзэзэхым уеупщI щхьэкIэ мыхьэнэ иIэтэкъым. Абы хищIыкIи щыIэу къыщIэкIынтэкъым. Локотош исторэ Iуэху къыхимыгъэщу щIэупщIащ:

– Дэтхэнэ частыт уздэкIуэр? – жиIэри.

Нэмыцэм зипIытI-зихузу гу щылъитэм, Локотош аргуэру щIэупщIащ:

– ЖыIэт, ди деж укъакIуэм уи гуапэу укъэкIуа хьэмэ ущыуэу укъэкIуа? Фи картэм соплъри псори тэмэмщ. УщыуэнуIэмал иIэкъым. Ара?

Нэмыцэр щыуауэ зиумысыжыну Iэмал зимыIэт, арщхьэкIэ я картэм тетыр мытэмэму жиIэн и щхьэ трилъхьэртэкъым.

– Сэ сыздэкIуэр сэ сощIэж: урыстэкъым икIи нэмыцэтэкъым.

– Венгрхэм я дежт. Ара? – жиIэри Локотош нэмыцэм и нэгум щIэплъащ. Модрейми зигъэпагэу и щхьэр еIэт.

– ВжесIэнукъым. Военнэ тайнэщ.

– Ар щэху сытми! 44 танк дивизэм е 168 мотобригадэм сыщIэупщIатэмэ арат щэхур. Абы я гугъу щыпщIыни уихуэнщ. АтIэ урысым я дежи нэмыцэм я дежи умыкIуэмэ, дэнэ уздэкIуэнур – венгрхэм я деж? НэгъуэщI щыIэкъым: е ди дей укъэкIуэнщ, е алыхьым и пащхьэ уихьэжынщ – нэгъуэщI кIуапIижапIи щыIэкъым.

Плену къаубыдам и планшеткэм зэрыбкIэ тхауэ тхылъымпIэ гуэри дэлъу Локотош къилъэгъуащ. Ар листовкэт, урысыбзэрэ нэмыцэбзэрэкIэ тедзауэ. Апхуэдэ Iэджэ кхъухьлъатэхэм кър-

пхъыкIыр, Iэщэр хыфIэвдзи плену зыкъэфт, жаIэу. Листовкэм итщ, фыкъыщыкIуэкIэ лошкIэ къыздэфщтэ жиIэуи, зи мыра-мысэрэ шхурэ уагъэшхынщ жыпIэнщ.

Мы зэм листовкэм итыр нэгъуэщIт. Нэмыцэ генералхэр гузавэрт Кавказым ис лъэпкъхэр партизану къуршым ихьэжмэ, бэлыхь мащIэ дыхагъэтынкъым, жаIэу. Листовкэр зытеухуар арат. УрысыбзэкIэ ятхар зыхуатхыр Кавказым щыпсэухэр арат: дыпартизанщ, сыт жыфIэу фымыделэ, дэ дынакIуэмэ, дынытщIэкIуэр нэгъуэщIкъым – большевикымрэ журтымрэ факъыIэщIэдгъэкIыну аращ, фи мылъкуи фи дини и гугъу тщIынукъым, щIы фызытесри фыфеижщ, жиIэу. НэмыцэбзэкIэ тхар зыхуатхыр езым я сэлэтхэр арат: фыхуэсакъ, Кавказым ис лъэпкъ цIыкIу къомыр щтэуэ къуршым имылъэдэжын щхьэкIэ тIэкIу ятефIэтыкI, лей зевмыхьэ. Арыншэмэ, сентябрым и 25-м ирихьэлIэу ди дзэр Баку дыхьэрэ, абы иужькIэ Индием нэсу японыдзэм IущIэнукъым, жиIэу.

– Баку щынэсыну махуэр план ящIащ, – жиIэри листовкэр Апчарэ къезытам иритыжащ.

– Индием щынэсынури ящIэ, – жиIэри Албияни нэмыцэм дежкIэ еплъэкIащ.

Локотош пленым йоупщI:

– Военнэ щэхукъым зи гугъу сщIынур – жыIэт пэжыр: фи гугъэ фыкъыттекIуэну?

Албиян къызэрилъытэмкIэ, нэмыцэм ущIеупщIыххэни щыIэкъым. Листовкэм итыр гурыIуэгъуэкъэ. Дэнэ дапщэщ нэсын хуейми, цIыху зэмылъэпкъэгъухэм дауэ яхущытын хуейми – псори ядщ-ябзри планыр зэбграгъэхащ.

Нэмыцэ офицерым куэдрэ зрилъэфыхьакъым, занщIэу зыкъызэкъуихри:

– ДыфтекIуэ-дыфтемыкIуэми, зауэ щыхъукIэ зыгуэр текIуэн хуейщ, зэуэкIэ фэдгъэщIэнщ, – жиIащ.

Локотошу плъагъур занщIэу къыщылъэтащ, мафIэу къызэщIэнауэ. Зэхихар и фIэщ мыхъуу аргуэру еупщIащ:

– Дауэ жыпIа?

Нэмыцэри къэгузэвэжат:

– ДыфтекIуэ-дыфтемыкIуэми зэуэкIэ фэдгъэлъагъунщ. Офицер пленым жиIар Локотош урысыбзэкIэ зэридзэкIащ, модрейхэми къагурыIуа пэтрэ.

– Мо зи тхьэкIумэ гуэлэлыр ара зэуэкIэ дэзыгъэщIэнур?! Зи анэр... – жиIэу Албиян зыгуэр къыпищэнути, и шыпхъур щилъагъум, щигъэтыжащ.

– Куэдщ, тIысыж уэри, Албиян. Мы къытпэщIэхуар зыгуэрщ. Гупсысэ зиIэщ. Хуигъахъуэт зы бжьэ. Зимыхъуми учителщ, дэ ученикыущ дыкъызэрибжыр, – жиIэри Локотоши Iэнэм бгъэдэтIысхьэжащ.

Телефоныр къеуащ. Апчарэ трубкэр къиштэри занщIэу

капитаным иритащ:

– Уэращ зыхуейр.

Трубкэм къибыргъукIыр комдивым и макът. Хъыбарыр абы деж нэсати, ари гуфIэрт. «Первэр» къэпсалъэрт:

– Бдзэжьей пащIэкIапсэ къэбубыда? Афэрым, ярэби, нтIэ, къекъу мыдэкIэ. Сэри сыпкърыупщIыхьынщ. НэмыцэбзэкIэ уIэкIуэлъакIуэу зэхэсхащ, уэри къакIуэ. Си машинэр нызогъакIуэ. ЕтIуанэрей нэмыцэр псэу? ТIу диIамэ, нэхъыфIыжт. ЛIамэ лIащ – зэпыту укIуэ. Къекъу мыдэ псэум. Орденым и унафэр тIэкIу дэкIмэ, тщIынщ.

Нэмыцэри къэпIейтеящ, сыту пIэрэ зи ужь итыр: саукIыну ара, саукIмэ, дэтхэнэр арауэ пIэрэ сызукIынур, жиIэу. И нитIыр къиху гъуэрыгъуэу псоми йоплъ.

Локотош трубкэр трилъхьэжащ. Мы зэуэкIэ дэзыгъэщIэну зи хьисэпым дауэу пIэрэ дызэрыригъэджэнур, жиIэу щIэмыупщIэу хуэшэчынутэкъым. Нэмыцэм ар ауэ сытми жиIакъым, дауи, зэхихащ зыгуэрым жиIэу. Ауэ хъумэ, Гитлер и офицерхэм ди зэуэкIэр зыуи къалъытэркъым. Локотош а псалъэм кIэ иритыну арат щIэмыпIащIэр.

– НтIэ, зэуэкIэ Iэмал дыбгъэщIэну укъэкIуа? – жиIэри капитаныр щIэупщIащ.

Нэмыцэ офицерым и нитIыр ашыкым телъ шхыным тенауэ и Iупсыр къыIурыжырт, фIыншэ щIилъхьэным нэсауэ.

– Щхьэ зыри жумыIэрэ! Дэтхэнэ операцэр ара зэпкърытхмэ, нэхъ пфIэфIыр? – жиIэрт Локотош и гур къезауэу. Зауэр къыщаубла махуэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым капитаныр фронтым Iутщи, дэнэ сыт къыщыхъуами ещIэ. Нэмыцэхэр япэ къыттеуати, ди дзэм заужьыху Iэджи къытщыщIащ, дыкъимыкIуэту хъуакъым. ИтIани нэмыцэр зыщыгугъа «зауэ кIэщIыр» дэнэ щыIэ? Ар дэнэ къэна, Москва деж я джабэр щыщIаудакъэ! Дэ къыттекIуэн дзэ щыIэкъым жаIэу я щхьэ щытхъужу щыта дзэр губгъуэм къыщракъухьакъэ?

– Дэтхэнэ операцэр ара зэпкърытхынур, зо? – жиIэри Локотош аргуэру щIэупщIащ.

– Керченскэр, – жиIэри нэмыцэм и жьэм къыжьэдэхуащ. – Урыс дзэпщу Суворов бжыгъэкIэ мыхъуу, лIыгъэкIэ текIуэ, жиIэу щытащ. Абы жиIам дэращ тетыр. Кърым, Керчь и деж фи дзэр щынэхъыбащ IэджэкIэ, арщхьэкIэ текIуар фэракъым. Дэ дынэхъ мащIэми, бжыгъэкIэ мыхъуу, лIыгъэкIэ дыфтекIуащ.

Локотош, къэгубжьыщати, уеуэу букIами лъы ткIуэпс къыщIэкIынтэкъым. Керчь къыщыхъуар капитаным тыншу ищIэрт. Нэмыцэм жиIар Албиян сыми перевод къахуищIакъым.

– ЗэпсэлъапIэ дихуэнщ иджыри. Мо къытпэплъэм деж дыкIуэнщ, дыгувэу ядэнкъым, – жиIэри капитаным и псалъэм кIэщI зригъэщIащ.

Абдеж дыдэм ирихьэлIэуи комдивым и машинэ зэхэцIэлар къэсащ. Пленыр зышэну къэкIуар Якъубт. Нэмыцэр къэзубыдар

ара хуэдэ, Якъуб зигъэбэлыхьт. Зимыгъэбэлыхьуи хъунт, и фащэр щIэрыпсщ, званэри къратащи, и пщампIэм зы шпали хэлъщ. Пистолетыр и ныбэм деж телъщ, нэмыцэм я щIыкIэу. Эмблемэ лъэпкъ и пщампIэм хилъхьакъыми, и званэр зищIысыр къыпхуэщIэнукъым: командир, е политработник, е военюрист? ЗанщIэу капитан званэр къратауэ пIэрэ жиIэу Апчарэ зэрыжиIэнур ищIэркъым.

– Уэри мыбы ущыIэ? – жиIэри Якъуб нэжэгужэу Апчарэ дежкIэ къеплъэкIащ. – Уи гъусахэр нэмыцэм япэщIэхуэ пэтащ.

– Сынохъуэхъу. Тхьэм уи доверыр нэхъ лъагэ ищI, – жиIэри Апчарэ щIалэм и Iэр иубыдащ.

– А-а. Уаушэ.

Локотошрэ Албиянрэ къэтэджауэ щытти, тIури къехъуэхъуащ. А тIум, дауи, ящIэрт Якъуб зэрымыкапитаныр. Военюрист ещанэ рангыу – арат абы и званэр. Езы Якъуб «товарищ капитан» жиIэу зыгуэр къепсэлъамэ, «сыкапитанкъым» жиIэу и псалъэм къыхигъахъуэртэкъым.

– ЕгъэджакIуэм укъыкIэлъыкIуа? – жиIэри капитаныр еупщIащ.

– Хэт и егъэджакIуэ?

– ЕгъэджакIуэщ уи пащхьэм исыр. Фезгъэджэну сыкъэкIуащ, жи. Фыкъыдэзауэркъым дахэ-дахэу, лIыгъэ зэхэкIыпIэ дивгъахуэркъым, фэ фокIуэт, дэ фи ужьыр тхуурэ девгъэшащ – аращ къыдиудэкIыр? УфIэмащIэ?

– Сталиным и приказым щымыгъуазэу пIэрэ? – жиIэри Якъуби щIэупщIащ, и нэщхьыр зэхиукIауэ.

– Приказ щэхуу къыщIэкIынщ… Дауэ щыгъуэзэн…

– Апхуэдэу щэху дыдэкъым. ЩыгъуэзэнкIи мэхъу. Зэхэфхакъэ – и номерыр 227? ИIэ девгъажьэ, комдивыр къытпоплъэ. Си машинэм дихуэнущ псори. Уэри унэкIуэн хуейщ.

– Зи дыхьэзырыпсщ.

Бешто Якъубрэ Локотошрэ нэмыцэ офицерыр къагъэтэджри щIашащ. ЗэдэлъхузэшыпхъуитIым я закъуэ унэм къыщIэнащ. Иджы дызыхуейм хуэдизрэ дызэбгъэдэсынкъэ, жаIэу етIысэха къудейуэ, зыгуэр къакIуэу и Iэуэлъауэ зэхахащ.

– Дэнэ къыщызгъуэта хъуну Налшык къикIа хъыджэбзыр? – жиIэу зы цIыхухъу макъ гуэр щIэупщIэрт.

Апчарэ къыгуры Iуат зи гугъу ящIри, япэ зыкъригъэщри унэм къыщIэкIащ:

– Сэрауэ пIэрэ узылъыхъур? – жиIэри.

– Ахьай уэра. ИIэт, къызжеIэт, дауэ си фызыр нэмыцэм яIурыбдзэну и ужь узэритар?

Албияни унэм къыщIэкIмэ – полкым и комиссар Къуэшрокъуэ Дотий бжэIупэм Iутщ.

– Тэмэм, товарищ комиссар. Си шыпхъум лIыгъэ зэрихьэн и гугъати, къехъулIакъым. УмыщIыхумэ, зэгъэц Iыху.

– ЖыIэт: дэнэ пхьа Iузизэ?

Дотий и ныбжькIэ лIыкут, и натIэ, и жьафэ сытхэр зэлъат, и нэгу куэд зэрыщIэкIар уигъащIэу. Езыр лIы къуэгъу нащхъуэт, нэпкъпэпкъышхуэт, фэкIэ адыгэм сыткIэ ещхь жыпIэну. Апчарэ къызэрыфIэщIамкIэ, Дотий лIы ябгэт, и фащэ сытхэмкIэ комиссару къызэрыпщIэн кIэрылъ щымыIэми. И щыгъыныр красноармеец щыгъынт. И пщампIэм шпалитI хэлът, и джанэ Iэщхьэми вагъуэ плъыжь тедат.

Щыри зэрыцIыхуа и ужь унэм щIыхьащ уэршэрыну, хъыджэбзым ищIэу хъуар жрагъэIэну.

## 2. КЪУЭШРОКЪУЭ ДОТИЙ КОМИССАРЩ

Зыкъомрэ щыса иужь Албиян мыкIуэжу хъуакъым, и шыпхъум бгъэдэсынкIэ зимыгъэнщIа пэтми. УмыкIуэж, жиIэу Дотий жиIакъым, езыр Iэджэм щIэупщIэн и хьисэпти.

Апчарэ и дэлъхур иригъэжьэжри, комиссарым деж къигъэзэжауэ псори зэрыхъуари зэрыщIари жиIэну хьэзырыпст. Iузизэ и кIуэжыкIэ хъуам и пэжыпIэр Дотий ищIэрти, ари зригъэщIэну и нэ къикIырт.

Iуэхур зэрыхъуар мырат: Чорэ Хьэталийрэ Iузизэрэ станцым тест, Апчарэ къэк Iуэжмэ, жаIэу. Абдежым машинэ зыкъом къэсщ, пIащ Iэ-тхъытхъыу къапэщI эхуэр машинэм из ящIри хьэпшыпу къахуэмыIэтыр взорвать ящIыну хуежьащ. Хьэталий ар щилъагъум, къэгужьеящ. Лейтенант гуэрым гурыIуащ, посылкэ зытIощIырыпщI ириту Армавир нэс нигъэсыну. АрщхьэкIэ Апчарэ щымыIэр дэнэ къипхыжынт? Зауэм и Iэуэлъауэр дакъикъэ къэс нэхъ гъунэгъу къохъу, зыпIэжьэну Iэмал зимыIэщ. Хьэталий къижыхь-нижыхьу станцым тетащ, гъунэгъуу топышэ къауэу хъухукIэ, иужьым Iузизэр машинэм иригъэтIысхьэри, макIуэ-мэлъей. АрмавиркIэ яунэтIащ.

Солтан и кIуэдыкIари Дотий ищIэрт. И хьэпшыпу къигъэнар къызэщIикъуэри Хуламбайр къежьэжащ, дивизэм къалъэщIыхьэжыну. Гъуэгум къыздэкIуэм къэзакъ цIыхубз гуэр къыхуэзащ. Солтан къыщилъагъум, цIыхубзыр гъуэгыу къелъэI уу хуежьащ, сыздэфшэ, сыздэкIуэ станцыр жыжьэкъым, километритхущ зэрыхъур, жиIэу.

ЦIыхубзым и хьэтыр Солтан илъэгъуащ. Машинэм къригъэтIысхьэрэ къежьэжмэ, къокIуэри къокIуэ, къокIуэри къокIуэ, километритху жыхуиIар километр тIощIым фIэкIащ.

Станц зи гугъу ящIам дыноблагъэ щыжаIэ дыдэм, шоферым и машинэр къигъэувыIащ.

– Нэмыцэ!

Плъэмэ, станцым къикIыу сэлэт изу ису бронетранспортер къокIуэ, и джабэм жор хужь тетщи, шэч хэлъкъым зэрынэ-

мыцэм.

Шоферым къиIуантIэщ рулри, машинэр кIэнауэм дэлъэдащ. ЦIыхубзыр гъыуэ хуежьащ. Шоферым и бжэр къыIуидзри гуэдзым хэлъэдауэ и занщIэр и гъуэгуу мажэ. Бронетранспортерыр пулеметкIэ кIэлъыуа щхьэкIэ, техуаи-темыхуаи. Шоферыр яIэщIэкIауэ къыщIэк Iащ. Политотделым и начальникым сыт къыщцыщIами абы дэнэ къыщищIэнт, машинэм ису гъуэгум къытринащ.

– Аращ, дахэ, зэрыхъуар, – жиIэу Дотий нэщхъей къэхъуащ, – ди политотделым тетар нэмыцэм япэщIэхуащ, нэмыцэм я офицерыр дэ къытпэщIэхуащ. Къэзылъэфри зылъэфыжри пщIэнукъым жыхуаIэр аращ.

Комиссарым и гушыIэкIэр Апчарэ игу ирихьакъым.

Дотийрэ Апчарэрэ зэпсалъэу щысыху, Локотоши и Iуэху зэфIэкIри къигъэзэжащ.

– Пша?

– Сшащ, уэлэхьи.

– Псэлъэрейуэ къыщIэкIа нэмыцэр?

– Ар зыхуэсшам лIар ягъэпсэлъэф, – жиIэри Локотош здэщысам деж тIысыжащ.

– Дэри зи щхьэфэ димыIэба къэна? Апчарэ тхьэмыщкIэм мащIэ игъэва уи гугъэ? Бэлыхьлажьэу и фэ дэкIам ущIэмыупщIэ, – жиIэу Дотий хъыджэбзыр фIэгуэныхьт.

– ИтIани къелащ – плъагъуркъэ?

– КъелыкIафIэу ари! ИмыщIэххэу фронтым и курыкупсэм хэхуащ. Хэт и гугъэнт апхуэдэу хъуну? Ягъэ кIынкъым, мызэкIэ кърензэ. Дунейр нэхъ зэIубз хъумэ, едгъэшэжынщ, – жиIэри Дотий хъыджэбзым и гур дахэ хуищIащ.

– Аращ сэри си гугъэр. Ди полкым хэстхащ. Псори къыхуэдгъуэтащ, бостеикIэ закъуэ згъуэтыркъым, – жиIэрт Локотоши, хъыджэбзыр щIримыгъэгъуэжын щхьэкIэ.

– Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэрэ?

– ПэжкIэ соIуэ. Аслъэныкъуэ тхьэмыщкIэр пыIэ хуеиж? ХэкIуэдащ псыхэкIуадэу. А щIалэм илъ тщIэжауэ къэлъытэ. Мес къытедгъэбэгакъэ зы нэмыцэ...

Дотий идакъым:

– Ей, ди цIыхуу к Iуэда къомым ялъ тщIэжыным иджыри куэд хуейщ, – жиIэри. – Нэмыцэу ди щIым къихьа илъэпкъыр дукIами, дилъ тщIэжауэ къэплъытэ хъунукъым.

Комиссарым ар щIыжиIэ щыIэт. Зауэм Iисраф хэхъухьа цIыху къомым нэмыщIыжкIэ, зауэм къиублэным и пэм къихуэу ягъэт Iысу дэхуэха лъэпкъри зи пэм кърихуар нэмыцэр арауэ Дотий къилъытэрт . А лъэхъэнэм езыр НКВД-м хэту щытащ, щIэ жыхуаIэр ищIэу. Сыт Iуэху а къулыкъущIапIэм щекIуэкIми, къабыл имыщI къыхэмыкIыу лэжьащ, «кIуэи Дидан Бекъан вгъэтIыс» жаIэху. УанащIэ Iэзэр ицIыхурт, пылъIауэ зи гугъэн

щыIэтэкъым. Бекъан бий хъуауэ къалъытэмэ, хэт итIанэ узы-щыгугъ хъуну къэнэжар, жиIэри Дотий гупсысащ. УанащIэм къыщхьэщыжу Дотий и начальникым псалъэ зытIу жриIати, абы фIэкI хэмылъу зыхэтам къыхадзри хьэщIэщ гуэрым трагъэуващ. НКВД-м щылажьэм я нэм укъыщIэуэу куэдрэ ущыт зэрымыхъунур ищIэрти, Дотий еуэри Донбасс кIуащ.

Иджы а лъэхъэнэм Iумпэм къэзыщIахэм я нейкIэ «зы лIыгъэ гуэр зезмыхьауэ згъэзэжынкъым» жиIэу и гум ириубыдащ. Сэ гурыщхъуэ къысхуэзыщIыжам ягу илъар сэ зэрысхуэмыфащэр езгъэщIэнщ, жиIэми заригъэщIэжын щхьэкIэ ищIэнури дахэ-дахэу ищIэртэкъым. КъыщыщIа псори зи деж щилъагъур нэмыцэр аращи, къикIуэтынукъым, лъэкI къимыгъанэу зэуэнущ, зауэм хэкIуэда псоми ялъ ищIэжын хуэдэу.

Iузизэ къызэрыкIуэнури Дотий зэхихат, арщхьэкIэ а махуэм ирихьэлIэу приказ къэкIуат, фронтым дивизэр Iухьэн хуейуэ. Езы Дотий къанэрэ и фызым IущIэми къыхуадэнут, арщхьэкIэ, «си полкыр здэкIуэм сэри сыкIуэн хуейщ» жиIэри, станцым кIуэн идакъым.

ЩIимыдар сыт жыIэт? Аргуэру зыгуэр къыскIэралъхьэмэ, жиIэри, и дзэр шащ. Абы ищIыIужкIэ – езыр зэуэну мэпIэщIеиж. Полкыр зауэм щыIухьэм комиссарыр и фызым деж кIуащ жаIэу цIыхум зэхахмэ, хьэдэгъуэдахэкъэ.

– Нэмыцэм къыджиIар пщIэрэ? – жиIэри Локотош иджыри щIызэгуэпыр къригъэжьащ. – ЗэуэкIэ фщIэркъыми, фэдгъэ-щIэнущ, жи. Иджыри къэс зэуэкIэ дымыщIамэ, дапщэщ щы-зэдгъэщIэнур? ЗэуэкIэ умыщIэм, уилъ дауи пщIэжа хъуну?

– Сталиным и приказым уеджакъэ?

– Седжащ.

– Абы итщ псори. Приказым сыкъыщемыджа зы эскадрон къэзгъэнакъым. Иджыпстуи сыкъыздикIыжыр аращ. «Дыкъи-мыкIуэтын» жаIэри тхьэ яIуэ. Апчарэ и дэлъху Албиян мыбдеж щысащ: «Нэмыцэр куэд хъуми, дэ лагъыму диIэр нэхъыбэжщ», – жиIащ. Адрейхэр абы хуэдэщ – зыкърагъэукIынущ. Къэрабгъэ яхэткъым. Си фIэщ хъуащ хьэкъкIэ гвардейскэ дивизэ дызэры-хъунур. Ди газетым и редакторым жесIащ, орден ущIэупщIэмэ, ятх бланкым хуэдэ щымысхьу куэдыIуэ тхутридзэну. Бланкыр къыдомэщIэкI – мащIэ дгъэлъэгъуа уи гугъэ орден кърaтыну. ЛIыгъэ зезыхьэр нэхъыбэжщ.

Комиссарым жиIэм Локотош тегупсысыкIауэ къыщIэкIынт:

– Ярэби, зы тхьэмахуэкIэ тхузэте Iыгъэну пIэрэ нэмыцэр? – жиIэу щIэупщIати.

Къуэшрокъуэм игъэщIэгъуащ.

– Приказ щыIэщ...

– Дызыхуэныкъуэ мыгъуэр приказу щытатэми?.. Ди дзэр къыщIикIуэтыр приказ № 227 иджыри къэс къызэрыдэмыкIар

ара уи гугъэ? Танкым шур щIраутIыпщари сыт – джатэкIэ танкыр пхуэупщIэтэну? Мо нетIэ сша нэмыцэм жиIэр зэхэпхакъым: танк полк къокIуэри нэху зэрыщу мыхьыр фагъэхьынщ, фымыпIащIэ. Танкым и закъуэ: топышхуи, миномет ини къралъэфалIэ. Дэ япэдгъэувынур сыт? Албиян хъарзынэу жиIащ, «лагъыму диIэр нэхъыбэжщ» жиIэри. Нэмыцэм жыр джанэ щыгъщ, лагъымкIэ уапэлъэщрэ, бгым джэдыкIэкIэ уеуэ хуэдэщ. Нэмыцэм танкыр я куэдщ, дэ къыдэкуэдэкIыр сыт жыIэт – лIыгъэ закъуэрщ. Ди лIыгъэм танк къыщIагъужатэми! Зи джабэ щIаудыр плъагъунт. Авиацэ жыIэт. Дэнэ щыIэ?

– Ари а приказым итщ.

– Приказым ит нэхърэ уэгум итащэрэт. Нэмыцэр мес – Армавир нэсащ.

– Окопэ къомыр-щэ.

– Окопэ, окопэ. ЛIо, окопэкIэ зэфIэкIрэ. Ростови и хъуреягъкIэ къатIыхьат. Зыри къикIакъым. Дон уфIэокопэтэкъэ. Щхьэ къызэпрыкIа? Приказ закъуэм мыхьэнэ иIэкъым. Танкым танк пэувын хуейщ, пехотэм – пехотэ, авиацэм – авиацэ. Дэ дыкавалериещи я кавалериер къащтэ мыдэ. Нэмыцэм Iэщэу яIэм хуэдиз дэри къыдэти, дыкъикIуэта – тхы итIанэ приказ дапщэ ухуей-ми... Iэщэ уиIэмэщ, приказми къару щигъуэтынур. «...Уафэ щхъуантIи, е ди щIылъи, е тенджызи...» жытIэу уэрэд мащIэрэ жытIа? Тенджызым тетым я хъыбар хэт ищIэрэ, ауэ уэгум итымрэ щIылъэм тетымрэ ди Iуэху щIагъуэкъым...

Дотий зыри жимыIэу, капитаным жи Iэм емыувалIэ пэтми, едэIуащ. Локотош, кадровэ командирщи, нэмыцэ пленым жиIар шэуэ къытехуащ. «Сталиныр и фIэщ хъужыркъым» жаIэу зэгуэр езым къыхужаIауэ щытар и гум къэкIыжащ, арщхьэкIэ и жьэм къыжьэдэкIар аратэкъым:

– А уэрэдри тэмэмт. Дэри ди гугъащ, а зэрыжыпIэ дыдэм хуэдэу, танкым – танкыр пэуву, пехотэм – пехотэр, кавалерием – кавалериер, зы къэралым зы къэрал пэуву дызэуэну. Хъуакъым. Ди уэрэдым зэрыхэтым хуэдэу французхэр, полякхэр, инджылызхэр щхьэ мызэуарэ? Зэуакъым. Я къарур къаймэщIэкIа е зэгурымыIуа – дэ губгъуэм дыкъранэри ежьэжащ. Гитлер зырызурэ Европэм къэралу исыр зэщIикъуащ, Iэщэу яIэри зрилъэфалIэри дэ къыдиутIыпщащ. Псалъэм папщIэ, дэ къыттекIуэу щIы – хэт абы къыпэрыуэжыну къанэр? Дэр фIэкIа Гитлер пэщIэувэфын къэрал щыIэкъым. Гитлер дыхигуэмэ, дуней хъурейр иубыдауэ лъытэ. Аращ Сталиным приказ щIитхар. ДыкъаукIыху, ди пIэм дитын хуейщ...

– Аращ сэри жысIэр. Дыздитым дивмыгъэкI, къэдгъэувыIэн хуейщ нэмыцэри, къэдвгъэгъэувыIэ...

А зэныкъуэкъуитIыр нэхъ зэкIужыгъуафIэу зэкIужынщ, жиIэри, Апчарэ зыми емыупщIу щIэжри и посылкэхэм ящыщу

ашыкитI къихьащ. Еуэщ-еIэри зэтриудри шагъыр абдж къыди-хати, стэкан цIыкIухэм иригъэхъуащ, шхыни къытрилъхьащ.

АрщхьэкIэ дэнэ – шхынми фадэми зыри еIусэркъым. Дотий къызэщIэплъауэ тутын йофэ, Iугъуэм игъэмэхыу. Псчэныр щегъэтри кърегъэжьэж:

– Хуэмыза лIыфIщ. Бгым адэкIэ къыщыхъур плъагъун щхьэкIэ, бгым и щыгум уитын хуейщ. Армыркъэ – плъагъунукъым дэтхэнэ джабэм мэкъу щыпаупщIми Iэщ щагъэхъуми. Сталиныр бгым и щыгум итщи, псори елъагъу. НэхъыфIыр зыщIэр аращ. Ар хьэкъкIэ си фIэщ мэхъу. Нэмыцэ къэралым дэрэ зызэддзатэми – согъэпц I, хэдмыгуэтэм. Гитлер псоми зэуэ заридза – заридзакъым, зырызурэ хигуащ. Иужьым къару игъуэтауэ къыщIэкIынти, «пшэрыхь сыхуейщ» жиIэри нэхъ къэрал пIащэу Францымрэ Англымрэ заридзащ. Къэрал цIыкIуфэкIу къомыр едгъэшхмэ, зигъэнщIынщи, тIысыжынщ, жаIэу гугъа щхьэк Iэ, зыщыгугъам Iуэхур къыщыщIэкIакъым. Къэрал зыIурыгъэлъэдэныр Гитлер IэфI къыIурыхъуащи, къэувыI эжыфыркъым. Нэхъ пшэру, нэхъ ину, жи! Шыгъу зышхар псы йофэж. Лы куэдыщэ ишхащи, шагъыр тефыхьыжыну аращ зыхуейр.– Дотий Iэбэри стэкан цIыкIур къиищтэри еIубащ, и псалъэр нэхъ гурыIуэгъуэ хъун щхьэкIэ.– Дэ нэхъ къэралышхуэ щыIэкъым. Уэри уощIэ. Гитлер дызыIуридзэфыну Iэмал зимыIэщ. И къурмакъейм дытенэнурэ илIык Iынущ...

– Брест къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым аращ дэри жытIэр. Зыгуэр сыту и тэмакъ темынэрэ?..

– Дауэ темынэу? Дзэ къыIунэжа. Iудудакъэ? Москва дежщэ? ДыкъигъапцIэу къыттемыуатэми! Аратэкъым, си къуэш, абы къыщыщIынур,– Дотий шхыным хэIэбащ.

– ДыкъигъапцIэри, жыпIакъэ? Ат Iэ къэгъэпцI эгъуафIэу дунейм утет хъурэ? «Провокацэм фыхуэсакъ», «провоцировать фащI» жаIэурэ ди нэр щхьэ къыщапхъуа? Нэмыцэр топкIэ къауэм – ей, я гугъу фымыщI, провокацэщ ар. Нэмыцэм я кхъухьлъатэ къыттеуэм – ей, провокацэщ, фемыуэ, жаIэурэ ди Iэщэр ди нэр къижу хэкIуэдащ. Иужьым Iэщи сыти димыIэжу, сыт тщIэнт, дыкъыщIигъэIащ...

Апчарэ и гум къэкIыжащ Бекъан «хьэлъэ птемылъмэ, псым икIыгъуафIэу уикIынщ» зэрыжиIэу щытар.

– ДыкъыщIигъэIэрэт, ди Iэщэр ди Iэжамэ? Топхэр зытеубыдэн хуейм теубыдауэ дыщысакъэ? Командэ закъуэ къатамэ, абы ф IэкI дыхуейт. Алыхьыр нахуэу согъэпц I, я кIэтI ий умылъагъужу хьэдэ лъэмыж дымыщIтэм.

– Феуа мыгъуэщэрэт.

– Деуа мыгъуэщэрэт. Сеуэнуи си мурадакъэ? Идакъым ди комиссарым, «судым уеттынщ» жиIэри. Пэжщ, Сталиным хуэдэу псори слъагъуу бгым и щыгум ситакъым. Ауэ нэмыцэм

я мурадыр къэтщІауэ дыщыст, тщІэнур дамыгъащІэу. Зы сыхьэт закъуэкІэ япэ зыкъидгъэщатэми...

Дотий едаІуэщ-едаІуэри имыщІэххэу и жьэм къыжьэдэхуащ:

– Сталиныр уи фІэщ хъужыркъым, – жиІэри.

Локотош шынакъым.

– Сталиныр си фІэщ мэхъу. Зыщумыгъэгъупщэ. Ауэ сэ слъагъуу щытар Сталиным илъэгъуакъым. КъыжраІэм трищІыхьу щытащ. ЗэрыжепІэми куэд елъытащ. Гитлер дыкъигъэпцІащ, жыбоІэ...

Локотош къызэрыкІыпащ:

– Дауэ дыкъызэригъэпцІар? Къалащхьэу дуней псор къыпщыгугъыу зыкъебгъэгъапцІэ хъурэ? Хъунукъым. Прави уиІэкъым. УкъигъэпцІамэ, сыт къихьар? Кхъухьлъатэ защІэу минрэ щитхурэ аэродромым тету хьэбэсабэ хъуащ, танкыу зы минкъым зэхакъутари, топ жып Іэнущи – аращ. Абы и закъуэ – красноармеецрэ командиру дапщэ Іэщэншэу къанэу Іисраф хъуар? А къомыр къэгъэсэбэпа хъутэмэ, нобэ дыздэщытым деж дыщытрэт? Мис арат Гитлер и тэмакъым къупщхьэу тенэнур. Зауэми, тхьэ имыІуамэ, зэгуэр кІэ игъуэтынкъэ. Псэууэ къанэм ялъагъунщ: къэгъэпцІэгъуафІэу дыкъезыгъэгъэпцІам хуэфащэ ягъуэтынщ. Езы генералхэм зэрыщытар ятхыжынщ...

– Зэрыщыта дыдэу ари.

– Зэрыщыта дыдэу ятхыжынукъым...

– Сыт щхьэкІэ?

– Зи щхьэкІэр аращ. Щыуам зыумысыжыгъуафІэу зиумысыжрэ? НэгъуэщІ игъэкъуаншэу хуежьэнщ, плъагъункъэ.

– Сэ слъагъунукъым.

– Сыт щхьэкІэ? ДытекІуэну уи фІэщ хъуркъэ?

– Мэхъу. Ауэ слъагъунукъым.

– ИтІанэ сэри зыри къызгурыІуэркъым: дэнэ деж укъэувами жыбоІэ: бийм дытекІуэнущ, бийр лъэгущІэт тщІынущ, бийм и бгъэгум диувэнущ, жоІэри, иджы дытекІуауэ умылъагъуну аращ жыпІэр.

Сэ зауэм сыхэкІуэдэнущ, – жиІэри Дотий кІэщІу пичащ, зыхуихьыр къыпхуэмыщІэу.

– Ар сыт жыІэкІэу жып Іэрэ, комиссарым ар жаІэу хабзэкъым. Упсалъэмэ, зы жыпІэу, уи гум илъыр нэгъуэщІу, ар дауэ? ЦІыхур тебгъэгушхуэу бгъэззэуэну уи борщщ, итІани «сыхэкІуэдэнущ» жыбоІэ.

Дотий жиІэр и фІэщу зэрыжиІар Локотош къищІати, нэхъ бэяужащ.

– СызэрыхэкІуэдэнур хьэкъкІэ сощІэ, – жиІэрт Дотий, и макъыр нэхъ кІащхъэ хъуауэ, – сызыхуеиххэри аращ! Сыту, жыІэт? Зэгуэр сыхэкІуэдауэ къэслъытэжат. ЕтІуанэу сыкъалъхужам хуэдэу псэууэ сыкъелати, си гум изубыдащ: си гъащІэ сэ схуахъумар хэслъхьэху сымызауэм, зы лІыгъэ бэлыхь зес-

хьэхукIэ, жысIэри. Аращ, фыкъаукIами, фыкъимыкIуэт, жиIэу зэрыт Сталиным и приказым гурэ псэкIэ сфIэкъабылу сы-щIеувалIэри. Дунейм сэ сыщ Iэгузавэр зыщ: япэ къаукIым сахэмыхуащэрэт, жысIэу. Бийм щыщу зыбгъупщIизгъэсыкIауэ сыкъаукIмэ, аращ сызыхуейр. УIэгъэ сыхъуауэ сылIэнуи сыхуейкъым. Моуэ бийм зездзауэ, схуэукIыр сукIыу, езыр слъагъуу, сэри сыкъилъагъуу мыхьыр зэрыдгъэхьу зэуапIэм сыIуту сыкъаукIмэ, абы нэхъ насып си дунейкIи си ахърэткIи сыхуейкъым...

– Уа, мыр сыт комиссар? – жиIэу Локотош зэригъэщIэгъуэнур ищIэртэкъым.

– Иджыпсту етIуанэрей эскадроным сыкIуэнурэ приказым сакъыхуеджэнущ. ЯжесIэнур пщIэрэ? КъаукIами, имыкIуэтыну зигурэ зи щхьэрэ зэтелъыр фыкъызбгъэдэувэ, жысIэнущ. Къахэмык Iын уи гугъэ къызбгъэдэувэн?

– Комиссарыр здэкIуэм псори кIуэнщ. Абы шэч лъэпкъ къытесхьэркъым. Ауэ къебгъэукIын мыгъуэщ. УлIэнми лIыгъэ хэлъщ, жаIэ, узэуэнми зэуэкIэм Iэмал иIэщ. Ууврэ зыкъебгъэукIкIэ сыт и мыхьэнэ.

Апчарэ комиссарым еплъырт и нэр тенауэ. Иджыпстущ абы къыщыгурыIуар Iузизэ зэрылъэщыджэу и щхьэ къихьу къыщIэкIуар. Фыз тхьэмыщкIэм ищIэрт и лIым и гум илъри къэкIуащ игъэгуфIэну, мис къызэплъ, къуэ къыпхуэслъхунущи, лъэпкъым къупщхьэ яхуэхъунщ, уэри уи щхьэ пхъумэфмэ, уи щIалэм и насыпышхуэщ, жиIэ хуэдэу.

– Сэ зауэм сыщыIухьэкIэ дауэ сыкъела хъуну пIэрэ, жысIэу аракъым сызэщэнур. Сэ сыхрекIуади, уэ ятекIуам ящыщ тхьэм уищI. Сыкъелащэрэт жызымыIэу зауэр аращ, си къуэш, текIуэнур...

– Уешащи аращ, комиссар...

– Узэуэныр зэрымытыншри сэри къэсщIащ, – жиIэри Апчари и псалъэ къыхиIуащ.

– Еша къудейуэ ара? Фадэм къыхихынкIи мэхъу, мес Iубыгъуэ закъуэ Iухуащи, плъыжьыбзэ хъуащ.

Комиссарым и гум илъар жиIати, и псалъэм кIэщI иригъэщIмэ, фIэфIт:

– Къэгъанэ ари, капитан. ИIэ, ди хъыджэбз хьэщIэм и узыншагъэкIэ бжьэ зырыз къэдвгъэIэт.

Капитаныр хьэзырыххэщ.

– Апчарэ, уи саулыкъукIэ!

Дотий хъуэхъу жиIащ:

– Тхьэм гъащIэ къуит, Апчарэ. Уи нэгу щIэкIын хуеяр зауэм цIыху зэрыхэкIуадэр аратэкъым. ГуфIэгъуэм укъыхуалъхуауэ тхьэм къыщIигъэкI. Ди текIуэныгъэри уи нэ дахитIымкIэ улъагъу, си шыпхъу. ТкIуэпс къизмынэу софэ...

Комиссарыр, Локотошрэ Апчарэрэ я Iэр къиубыдыжри,

здэкIуэну жыхуиIа эскадронымкIэ кIуащ.

## 3. ЗАУЭМ И БЗЭ

Нэмыцэм я атакэр кIащхъэ хъуащ, мащIэ-мащIэурэ пичыжыпэри, щым хъужыпа щхьэкIэ, цIыхум зыгъэпсэхупIэ яIэкъым. Мычэму окопэ къатI, топышэрэ фочымрэ къыIуашэ, цIыхум яшхын жаIэри мэгузавэ. УIэгъэ хъуауэ окопэм илъхэр щIыбагъымкIэ яша зэрыхъуным и ужь итщ. Танк къакIуэмэ, жаIэу, танкхэр адэкIэ-мыдэкIэ ягъэуври умылъагъуу ягъэпщкIу. А псом ищIыIужкIэ псыкъуий къамытIу хъурэ. Шым псы яIухуакъым махуищ мэхъури. Шыр дэнэ къэна, цIыхум ирафын ягъуэтыркъым. Псыкъуий къагъуэтмэ, хьэбыршыбыр изщи, нэхъапэ щIыкIэ къигъэкъэбзыкIын хуейщ. Псым Iэщ лIа хадзащи, мэ къызыхихи щыIэщ. Красноармеец бел цIыкIукIэ псыкъуий къэптIыныр мастэкIэ псынэ къэптIэщI хуэдэщ.

А къомым хэт тепсэлъыхьми Апчарэ зэхех, телефону щыIэр коммутаторым къыпыщIащи. ЦIыхур зэрыпсалъэр нэхъыбэу щIагъыбзэщ.

Локотош зыщIэупщIэр «папиросщ». Адрейр зыхуейр «коробкэщ», ещанэр мэлъаIуэ «пыжьбанэ» къэвгъакIуэ жеIэри.

Абы къикIыр ищIэртэкъым, и телефонист нэхъыжьу Адэмокъуэм къыгуригъэIуэху.

Коробкэ жыхуаIэр танкт, пыжьбанэр – броневикщ, папирос жиIэмэ, топышэ къикIыу арат. Е, псалъэм папщIэ, комдивым жеIэ: жылапхъэу нормитI тефсэ. Абы къикIыр сыт? Топышэу, фочышэу, лагъыму боекомплектитI вгъэс, жиIэу аращ. Мэуэ щыжаIи къохъу: Катя «фIыцIагъэ» жеIэри мэлъаIуэ, жиIэу. Ар зэхэзыхми жеIэр «фIыцIагъэр тхыт». «Катюшэр» зытеубыдэн хуей координатыр аращ абы зи гугъу ящIыр. Апчарэ ар фIэгъэщIэгъуэну йодаIуэ, къыгурымыIуэмэ, и гъусэм йоупщI.

Капитаным зэрыжиIам хуэдэщ, узэуэным Iэмал иIэщ. Iэмалрэ хьилэкIэ уIэзэмэ, ари куэд и уасэщ. Апчарэ мычэму имыщIэ къещIэри зэрытелефонисткэм щогуфIыкIыж. Аращ «зауэм и бзэ» жыхуиIэри.

Зы жэщым нэхърэ къыкIэлъыкIуэ жэщыр нэхъ шынагъуэж хъууэрэ йокIуэкI. Нэмыцэм я пулемет къэлъэлъакъэ – дыдейри аращ, я топ къэуакъэ – ди топри йоуэж, зы хьэрэкIытIэ драдзеякъэ – дыдейхэми драдзей. Псом я нэхъ Iейр сыт жыIэт – «методическэ огонь» жыхуаIэр аращ. Абы уигъэжейркъым. ДакъикъитхукIэ зы топышэ къоуэ, цIыхур ямыгъэжейурэ гугъу ирагъэхьын щхьэкIэ. Моуэ жейм сыхелъафэ щыжыпIэ дыдэм, «ду» жиIэу къэуэнщи, укъигъэскIэнщ. Аргуэру дакъикъитху дэкIмэ, зы напIэзыпIэкIэ къэмыгувэу аргуэру

къэуэнщ.

Окопэм исхэр жэщкIэщ щышхэр. Походнэ кухнэр кIыфI дыдэ мыхъуауэ окопэмкIэ кIуэ хъуркъым. Къалъагъумэ, топкIэ къоуэри – зэфIэкIащ, кашэр уафэм дрепхъей. Къызэралъагъури дауэ – хьэрэкIытIэ яутIыпщри дунейр нэху ещI. Дыгъуэпшыхь ди кухнитI къакъуташи, Локотош ищIэнур ищIэркъым. Ежьащ кухня лъыхъуэну. Къигъуэтыни къимыгъуэтыни.

Нышэдибэ нэхущым нэмыцэр атакэ къежьэн я гугъауэ загъэхьэзырат. Дапщэ хъуа иджы сыхьэтыр?

Апчарэ Щынэхужьыкъуэ щыщыIэм тэмэму къищIэрт зэманыр здынэсар, къуршым еплъырти. Мыбы дэнэкIи плъэ – губгъуэ защIэщ, бгы жыхуэпIэр щыIэххэкъым. Iуащхьэ джафэкIэ Локотош зэджэр Iуащхъэ хуэдэ Iуащхьэми зыгуэрти. ТIэкIунитIэ къыхэпIиикI къудейщ, ауэ тактическэкIэ мыхьэнэшхуэ и Iэу жаIэ. Пэжыр пэжщ – Iуащхьэр джафэ жыпIэмэ, джафэщ. Мо губгъуэшхуэм шы щыбгъэхъуну уасэ и Iэжкъым, ауэ иджы уиш мыбы итыну ухуейкъым, удз дэнэ къэна, псы къудей ягъуэтыркъым. Шыр гугъу зэрехьыр Бекъан илъэгъуамэ, фIэгуэныхь хъунти, гъынт. Кхъухьлъатэм иукIыр куэд мыгъуэти...

Дыгъэр къыщIэкIа къудейщи, къыдэкIуеин дзыхь имыщIу и пIэм ит хуэдэщ, аращ Апчари зэманыр здынэсар къыщIыхуэмыщIэр. Адэмокъуэм сыхьэт иIэу щытамэ, зыгуэрти.

Сыхьэт зиIи щыIэу къыщ IэкIынт.

Зы напIэзыпIэу, къыздикIари къыздихуари умыщIэу, дунейкъутэж къэхъуащ, щIыр зэщIэзджызджэу. Iугъуэри сабэри зэхыхьэжауэ, жыг баринэм ещхьу, дрихуейрт, а жыг щхьэкIэри адакъэкIэу зыкъишэжырти, жьыр къыздепщэ лъэныкъуэр уигъэлъагъурт. Iугъуэр зэмыфэгъут, абы еплъмэ, Локотош къищIэрт топышэр зыхуэдэр: термитнэрэ фугаснэрэ. Комиссарыр здэкIуа лъэныкъуэмкIэ Iугъуэ защIэщи, зыри плъагъужыркъым. Дотий мыгъуэ къемыхъулIауэ узиIэ и «мурадыр». Коммутаторым иджыпсту бгъэдэсыр Адэмокъуэр аращи, Апчарэ зигъэпсэхуми хъунущ. Телефон кIапсэр зэпиудмэ, зэпищIэжыну кIуэнур Адэмокъуэрщ, етIуанэ аппаратым къыбгъэдэнэнур Апчарэщ.

Уэгум кхъухьлъатэ макъ къыщоIу. Бомбардировщикхэр лъахъшабзэу къокIуэ, зыщышынэн щыIэкъым. Япэ итым лъэныкъуабэ зищIри и дамэ щIагъым бомбэр къыщIэлъэлъащ, птулъкIэ фIыцIэм ещхьу. Я пашэм зэрищIа дыдэу адрейхэми защI. Зы хьэ и лъакъуэр щиIэтам хьищэм я лъакъуэ щаIэт, жыхуаIэм хуэдэу. Бомбардировщикхэм хъурейуэ къауфэрэзыхьыр, ди окопэм ящхьэщымыкIыу. Iугъуэ фIыцIэм уафэ лъащIэр щIигъэнащ. Адэмокъуэр къэгузэващ, штепселыр гъуанэ цIык Iум ириIу щхьэкIэ зыри зэхихыркъым. Линиер зыщIыпIэ щызэпыудащ. Апхуэдиз топышэрэ бомбэрэ къыщыуэкIэ зэпи-

мыудуи къэнэн.

– ТIыс иджы. Сэ сымыкIуэу хъунукъым, – жиIэри Адэмокъуэр Апчарэ къеджащ.

Адэмокъуэр щIалэжтэкъым, и ныбжьыр хэкIуэтат. Налшык къалэ пощтым щылажьэу къыщIашри дзэм хагъэхьат. И хьэлкIэ «цIыхубз хьэл гуэрхэри хэлъщ» жыпIэнт. ЩIэн хуейр езым ищIэнущ, Апчарэ иримыгъэщIэн щхьэкIэ. АпхуэдизкIэ и нэ Iэ хъыджэбзым тригъэтщи, Апчарэ щызэгуигъэпи къохъу. Иджыпстуи аращ – хъыджэбзыр къигъанэри езыр ежьащ.

Апчарэ япэ зи макъ зэхихар «Пятэращ».

– Танкхэр къыттеуащ. Танкым я ужьым автоматчикхэр итщ. Танкыр щы мэхъу, – жиIэрт «Пятэм».

«Первэм» жеIэ:

– Уи гъунэгъум дэIэпыкъу. Ар нэхъ къыхагъэзыхь, уэ нэхърэ.

– Дауэ сыдэ Iэпыкъун – уи щхьэр къэпIэтыну Iэмал зимыIэщ.

– Уэ укъыщалъхуам сыщIэгуфIар пщIэрэ? ЛIы хуэдэлI къыхэкIынущ, жысIэри аращ. КъыбгурыIуа? Абы щыгъуэ цIэ пфIэзмыщами, нобэ пфIэсщынущ. ПфIэсщыну цIэр зыхуэдэр пщIэрэ? Нобэ лIыгъэ зепхьэм елъытащ. Уи муслъымэныцIэр пхуэсхъуэжынщ, умыгузавэ. Виктор пфIэсщынщ. Виктор жиIэмэ, текIуа жиIэу аращ. ТекIуэ бийм. Е Владислав пфIэсщын? ЩIыхьыр зи IэмыщIэ илъ, жиIэу. УкъимыкIуэт, си къуэш, укъимыкIуэт...

Апчарэ «Первэм» артиллеристхэм я телефоныр кърет. Комдивым и макъыр нэгъуэщI мэхъу.

– Афэрым. ТанкитI зэхэфкъутащ. Си гур вгъэзэгъащ. Сывохъуэхъу: тхьэм хывигъэгъахъуэ. Сызэрыфщыгугъауэ фыкъыщIэкIащ. Фи гъунэгъур дауэ щыт – и пIэм ис? Фыхуэсакъ. Нобэ гуащIэнущ, «Пятэм» танк теуащи, фэри фымыбэлэрыгъ – къыфтеуэнщ... – жиIэу комдивым топауэм я гур дахэ ещI.

– Дыбэлэрыгъынтэкъым. «Папирос» къыдомэщIэкI... Ди зы «сигарэр» исыкIыпащ.

Апчарэ къыгурыIуащ абы зи гугъу ищIыр – зы топ къакъутауэ аращ.

Зауэр нэхъри нэхъ гуащIэж мэхъу. Топышэр полкым я щIыбагъым къыщыуэ хъуащ. Адэмокъуэм къитIа кIэнауэ куум Апчарэ итIысхьауэ исщ. Кхъухьлъатэри ящхьэщыкIыркъым: иныкъуэм ягъэззэжмэ, нэгъуэщIхэр къос. Бомбэ зытрадзэнур дэни щалъагъурэ – псори Iугъуэ защIэ хъуащ, пшагъуэ фIыцIэм ещхьу.

Комдивым и макъыр къэIуу Апчарэ аргуэру зэхех. Анатолий Федорович зыгуэрым хуохъущIэ.

– Уэрэд жыпIэу щытакъэ: «Маскировкэр пщымыгъупщэу окопэ тIыныр уэ нэгъэс», – жыпIэу. АтIэ аращ, окопэр куу щIы. ЩIым зыхъумэр къехъумэж. ЩIэпщхьэ щIы щIагъым. Жырым нэхърэ щIыр нэхъ быдэщ. Уи гъунэгъум шы дыдэм окопэ къа-

хуитIри иригъэуващ. КъыбгурыIуа? СощIэ сэри! Умыбэлэрыгъ.

Аращи, комдивым увыIэгъуэ иIэкъым. Зэ зым, зэ адрейм йопсалъэ. Хэт сыт жриIэнуми ещIэ. Зым дэIэпыкъуну къегъэгугъэ, адрейм йошхыдэ, ещанэм и гур дахэ хуищIурэ трегъэгушхуэ. «Сывиадэ хуэдэщ, си напэр тевмых» – аращ хэт епсалъэми и псалъэр зэриухыр. Псоми къафIощI комдивыр гъунэгъу дыдэу къащхьэщыту, гузэвэгъуэ къалъысмэ, къадэIэпыкъуну. Комдивым зэуап Iэ псом и нэIэ тету, къыщыхъу и лъэпкъыр и нитIкIэ илъагъу хуэдэщ.

Анатолий Федорович и макъыр зэхихмэ, Апчари и гур нэхъ къызэрогъуэтыж.

Асыхьэту «Четвертэм» и макъ къэIуащ, псынщIэу «Первэр» жиIэри. Гузэвэгъуэ зэрихуар белджылыт. Комдивым зыгуэрым епсалъэрти, и псалъэр зэпимыуду хъуакъым:

– «Четвертэр» къолъаIуэ. Узот.

«Четвертэ» хъужыр Дотийт. Абыи танкищрэ автоматчикыу зы ротэрэ къытеуат. Комиссарыр зыщIэлъэIур «катюшэр» автоматчикхэм къахигъэуэну арат. Бийм и квадратыр къыжриIащ. Дакъикъэ тIощI дэкIмэ дыхуеижынукъым – автоматчикхэр ди окопэм къэсынущ, жи Iэу комиссарым комдивыр игъэпIащIэрт. Комиссарыр Апчарэ и нэгум щIэт хуэдэт – лIы къуэгъум красноармеец щыгъын щыгъыу, и бгырыпхыр щIэкъуза пэт, и ныбэ иуэжам къолэлэхыр. Комдивыр мэхъущ Iэ: «Уэ абы щхьэ ущыI э? КъаукIыху зэуэнхэр зэхэпшэу уахэт?»

«Приказыр-щэ? Фаук Iами фыкъимыкIуэт, жаIащи, ди п Iэм дитынущ».

– Ит, ит. «Катюшэр» ялъэIэсынщ...

Дакъикъипщ Iи дэкIа хъунтэкъым, «катюшэу» машиних къигъэсауэ Апчарэ щилъэгъуам. Къызэрысуи брезентыр тралъэфри, аппаратыр Дотий зи гугъу ищIа квадратым траубыдэри, хьэIуцыдзым ещхьу машинэхэр зэщIэкъугъащ. Апчарэ ищIэрт «катюшэр» здэщытым деж гъунэгъуу ущыт зэрымыхъунур. Нэмыцэм гу къызэрылъатэм хуэдэу ахэр здэщыта щ IыпIэм къеуэнущ, езы «катюшэхэри» зэрытам куэдрэ имыту, зэуэнум еуа иужь ежьэжынущ.

Машинэхэри зэбгъурытт, жыжьэу уеплъмэ, выгуу мэкъугум ещхьыркъабзэт, брезентыр ятелъмэ. Ятемылъмэ, унащхьэ рейкэ зытралъхьам хуэдэщ жыпIэнт. Лагъым фIыцIэ кIыхь абы телъхэм я пхэм мафIэр къилыдыкIыу телъэтыкIырти, Iугъуэ фIыцIэр ялъэфу зытраубыдам кIуэрт. Окопэм Апчарэ и щхьэр къригъэжауэ маплъэ. Машинихри брезенткIэ щIахъумэжауэ щежьэж дыдэм, Дотий и макъ къэIуащ.

«Артиллеристхэ, берычэт бесын! Хьэкъурт хъун хуэдэу фымыгъэлыгъуамэ, согъэпцI! Хуэзакъэ нэмыцэр?..» – жиIэу.

«Катюшэм» я шэр гуащIэт, термитнэ мафIэр зылъэIэсар къелынутэкъым. Ар зылъагъур делэ щыхъу щыIэт. Иджыпсту

ар щеуэм автоматчик къомыр хэкIуэда дэнэ къэна, зы танки мафIэм исауэ къыщIэкIащ. Дотий зыщIэхъуэпс дыдэр къехъулIауэ къыщIэкIынщ, жиIэри Апчарэ игукIэ жиIащ. Бийм и «щIыхуэ» комиссарым къытехуагъэнкIи мэхъу, и гъащIэ хилъхьэми арэзы техъухьын хуэдэу.

«Катюшэ» къомыр здэщыта дыдэм топышэр къытелъалъэу хуежьащ, арщхьэкIэ машинэхэр бгъуэтым къащтэ – ежъэжахэщ.

Адэмокъуэри ешаелIауэ къэсыжащ. А лIым и нэкIэ илъэгъуат зауэм и гуащIэгъуэр. Линиер щызэпыудам лъыхъуэурэ лIыр жыжьэ кIуат. Уеблэмэ минометчикхэм я окопэм «щыхьэщIащ». Албиян хуэзати, и шыпхъум къыщIэмыупщIэу къэнэнт. Адэмокъуэм жиIар жиIэжырт:

– Зи умыгузавэ, си шынэхъыщIэ. Си нэIэ тезгъэтщ. Линиер зэпыудмэ, згъакIуэркъым. Сэ сокIуэ, езыр аппаратым къыбгъэдызонэри. Коммутаторым бгъэдрес, нэгъуэщI сыхуейкъым. Ар куэдыщэщ хъыджэбзым дежкIэ.

Апчарэ ар и гум ирихьакъым:

– ЛIо, нтIэ, сыщI умыгъакIуэр? Линиер сэ схузэпыщIэркъэ. СощIэр ар зэращIыр. Школым физикэ дыщеджакъэ, – жиIэри зигъэгусэ хуэдэуи зищIащ.

Адэмокъуэм щIимыгъакIуэр нэгъуэщIт:

– Линиер зэпыщIэжыныр гугъукъым. Абы и къэгъуэтыныр аращ гугъур, си шыпхъушхуэ. ЗэпылъитI я гур зэпыудамэ, я зэпыщIэжыныр зэрыгугъум хуэдэщ. КъыбгурыIуа?..

Минометчикхэм уIэгъэр я куэдт. Батареем и командирыр Адэмокъуэм илъагъуу санэскадроным яшащ, уIэгъэ хъуауэ. Абы и пIэ иувар Албиянщ. А хъыбарыр Апчарэ и гуапэ мыхъуа дэнэ къэна, нэхъри гузэващ, си дэлъхури уIэгъэ хъумэ, жиIэу. Апчарэ пщIыхьэпIэу илъэгъуат и дэлъхур уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ, бинткIэ уIэгъэр хуипхэу.

– Гугъуми ирегугъу. Къэзгъуэтынщ, – жиIэу Апчарэ зэрыжиIам тетт.

Адэмокъуэр етIысэхащ. Коммутаторым теIэбэри хъыджэбзым и псалъэм къыпидзащ:

– Мы аппаратыр военнэ уи гугъэ? Локотош совхоз гуэрым къагъэнауэ къигъуэтати, къищтащ. Мыбы хуэдэ коммутатор зиIи щыIэкъым зы полки. Полевой телефонкIэ зэджэр нэгъуэщIщ. Мыр, тобэ ирехъу, совхозым и директорым деж щIэту щытагъэнщ. Полевой телефоныр нэхъ зэгъэщIэгъуафIэщ. Мыбы бгъэдэси, уи дежкIэ нэхъыфIщ. По-пластунскэ жыхуаIэм хуэдэу упщыфрэ уэ сытми?..

– Ар сыт зищIысыр. Шындырхъуом ещхьуи?

Адэмокъуэм и мурадт хъыджэбзым и щхьэр иудэгунуи, иригъэдаIуэрт:

– Ей, си шыпхъу, зэгъэщIэгъуейщ. Дзэм хэтым мазэ псокIэ яхузэмыгъащIэу йолIалIэ. Узепщыпщэ закъуэкIэ зэфIэкIрэ. Зэм

шындырхъуом хуэдэу, зэми блэм зебгъэщхьу, зэм танэ лъеикIэу улъейуэ. Аращ по-планстунскэ жыхуаIэр.

– Танэ дэлъеикIэри хэту, жыпIа? НтIэ, сэра уи гугъэ танэ лъеикIэ зымыщIэр?

Адэмокъуэм нэхъ щIегъэхуабжьэ.

– Уэ уамыгъэлъагъумэ, уэр-уэру пхузэгъэщIэну lэмал иIэкъым. КъыбгурыIуа?

– Сэ къызгурыIуар пщIэрэ – иджы топышэм телефон кIапсэр зэпиудым, кIуэнур сэращ.

– Уи дэлъхум идэрэ? Идэнукъым. Сэ псалъэ естащ Албиян: уи шыпхъум щхьэкIэ умыгузавэ. Иджы езыр батареем и командирщи, телефонкIэ епсалъэ, – жиIэу Адэмокъуэм зи зыхигъэзагъэртэкъым.

– Си дэлъхум по-пластунскэ жыхуиIэм хуэдэу къипщыпщыхьыфу пIэрэ?

Абдеж аргуэру кхъухьлъатэ макъ къэIуащ. Плъэмэ, уафэ лъащIэм точкэ фIыщIэ цIыкIу куэд щIэту уолъагъу. Точкэ цIыкIухэр ин мэхъу, нэхъ лъахъши защI. Кърум ещхьу зэкIэлъхьэужьу къокIуэ.

– НитIысхьэ кумбым, – жиIэри Адэмокъуэм унафэ ищIащ.

Арыншэми Апчари есэжат, бомбардировщик къэсмэ, кумбым ипщхьэу.

Коммутаторри къызэщIэвууащ. Дотий и макъ аргуэру зэхэпхырт. Комиссарыр лъаIуэрт, Iуащхьэ джафэм и щIыбагъым щызэхуосри «катюшэр» къахэвгъауэ, жиIэу. Абы нэмыщIкI и минометчикхэм унафэ яхуищIырт лагъымым щымысхьу мо нэмыцэ къому атакэ къежьэну зи хьисэпым къахэуэну.

– Шэч хэлъкъым, – жиIэрт Дотий – Iуащхьэ джафэр яубыдын я мурадщ. Бомбардировщикхэр къытщхьэщытщи, зыкъыдагъэIэтыркъым. ЗэрытщхьэщыкIыу атакэ къэкIуэнущи, феуэ, я мурадыр къевмыгъэхъулIэ. Зивмылъэфыхь куэдрэ!

Бомбардировщикхэр уэгум иту «катюшэр» утыкум къихьэ хъунутэкъым.

Бомбэм щIыр ягъэхъей. Апчарэ зиущэхуауэ кумбым исщ. Албиян и минометхэри мауэ, арщхьэкIэ абыхэм я уэ макъыр бомбэм зэхыуагъэхыркъым. Минометчикхэм я минометыр кууэ окопэм итщи, щIамыгъачэу мауэ, Iуащхьэ джафэм и пщэдыкъым дэуэу. Нэмыцэхэр зыщыгугъар: авиацэр уэгум итыху, ди жагъуэгъум зиущэхуауэ окопэм исынщи, нэхъ гъунэгъуу къепщылIэн жаIэу я мурадати, къайхъулIакъым.

Апчарэ къыжраIэжат Чопракъ аузым къикIа бронебойщик щIалитIым Iэмалу къагупсысам и хъыбар. ЩIалитIым гъуджэ тIэкIу къагъуэтауэ я окопэм и щIыбымкIэ гъуджэр трагъэуват, абы уиплъэмэ, бийр къакIуэрэ къэмыкIуэрэ плъагъуу. Езы тIур окопэм  ису къыдэплъеймэ – псори ялъагъу. Бронетранспортер

е танк къалъэгъуа – йоувыкIри йоуэ. «Чопракъдэсхэр IэмалкIэ Iэзэщ» жиIэри Апчарэ дыхьэшхат, ар щызэхихым. Посылкэ къомыр щызэхуахьэсым ящIатэмэ, гъуджи далъхьэнтэкъэ.

Бомбардировщикхэр уэгум зэрикIыжу нэмыцэр атакэ къежьащ. Пщыхьэщхьэ хъуати, а зэр арауэ къыщIэкIынт нобэ атакэ къызэрыкIуэнур. Дотий здэщыIэ щIыпIэр арат нэмыцэр нэхъ зытефыщIыхьыр. Сыт ямыщIэми, «лIэну мурад зыщIар» яхуигъэкIуэтыртэкъым. Езы Дотий къылъысу нэмыцэ зыбгъупщI автоматкIэ зэтриукIауэ къыщIэкIынущ.

Дыдейхэми яхэкIуэдык Iар мащIэтэкъым. Пшапэр зэрызэхэуэу лъэныкъуитIми зауэр щагъэтыжащ. ЗэуапIэ лъэныкъуэмкIэ къикIыурэ уIэгъэ хъуа къомыр зэкIэлъхьэужьу къежьауэ къокIуэ. Я щыгъын тIэкIур зэхэфыщIауэ, езыхэри лъы защIэу уIэгъэ хьэлъэ хъуахэр зэрылъ гум и ужь иту санэскадроныр здэщыIэмкIэ яунэтIащ.

УIэгъэ хъуа щIалэ къомыр щилъагъум, Апчарэ и нэпсыр хуэмубыдыжу къыщIэжащ. Дыгъуасэ епщIанэ классым щеджэу щытахэм еплъ къащыщIам: хэт и Iэр хужькIэ пхауэ адрейIэм телъщи, сабий быдзафэ зэрахьым хуэдэу хуэсакъыпэу ехьыр. Модрейм зигъэшащ дуней хьэзабыр и щIыбым илъым хуэдэуи, лъэбакъуэу ичыр и псэм зыхещIэ. Нэхъ лъэрызехьитIым мыкIуэжыфу гъуэгум къытенам и блыпкъ зырызыр яубыдауэ, лъэпэрапэ мыгъуэмэ, гуIэжу къокIуэ. ЩIалэ цIыкIу дыдэ и лъакъуэ лъэныкъуэр елъэф, баш зыщIигъакъуэурэ. Абы хуэдэ щIалэ къэфэну къытехьамэ, къыдэфэн хъыджэбз къыдэмыкIмэ, укIытэжауэ щIалэхэм я щIыбагъым къыдэувэжу щытащ. И лъакъуэр зэрыпха бинтри къэтIэтащи, елъэф. ИтIани, къэгумэщIауэ, зы псалъи къажьэдэкIыркъым икIи щэIуркъым. ЛIыгъэ мыгъуэм зрагъэхь. ЛIыгъэ яхэмылъамэ, танкым пэуву къагъэувыIэфрэт.

Нэху щыри Локотош нэмыцэ мотоциклыр ищIыжри тетIысхьэжауэ илъэгъуащ. Шоферымрэ езымрэ махуэ псокIэ елIэлIати, ящIыжыфащи, капитаныр мэгуфIэ. Локотош, шы къарэ тес хуэдэ, мотоциклыр зэ губгъуэмкIэ еху, зэми къегъэзэжри Апчарэ зригъэлъагъуу блож. Хъыджэбзми ар фIэгъэщIэгъуэну и нитIыр тенащ.

– Дауэ къыпщыхъурэ? – жеIэри Локотош Апчарэ йоупщI, хъыджэбзым зыгуэр хищIыкI хуэдэ.

– Хъарзынэщ, тхьэ.

– Уехъуэпса?

– НтIэ.

– Уехъуэпсамэ, узот. Аракъэ хабзэр?

– Ауэ жысIащ, армыхъумэ сыткIэ сыхуей.

– СыткIэ, жыпIа? Адэмокъуэм фэрэ фызыхуей дыдэщ. Зи, фи коммутаторыр, фи Iэмэпсымэр ифлъхьэнщи, макIуэ-мэлъей.

Аргуэру зы мотоцикл уиIэныр Iей сытми? Сэ зэзэмызэ сыхуей хъумэ, сытетIысхьэнщ. Гъуэгу дытехьэрэ – фыфейщи, фис.

Адэмокъуэр зыхуеиххэр аращ. Локотош нэхърэ нэхъ Iейуэ мотоциклкIэ IэкIуэлъакIуэкъым. Машинэр зэрызэрихуэфыр къаригъэлъагъуну тетIысхьэри мотоциклыр къызэщIигъэплъауэ адэкIэ жащ, мыдэкIэ жащ. Фермэр хъурейуэ къижыхьри къигъэзэжащ.

Локотош и гуапэт мотоциклым хэзыщIыкIым зэрыритыр.

– Хъарзынэ хъунущ. Апчарэ коммутаторыр иIыгъыу люлькэм исынщ, езы Адэмокъуэр мотоциклым тесынщ. Зи, алыхьым узэрелъэIунщ.

Капитаным и гур зэгъауэ тетIысхьэщ мотоциклми, полкым я НП-м кIуащ.

Адэмокъуэмрэ Апчарэрэ къэнащи, капитаныр здэкIуэмкIэ маплъэ.

– Мотоцикл зехуэкIэ дэнэ щызэбгъэщIа? – жиIэри Апчарэ щIэупщIащ.

– ЛIо, Локотош и закъуэ уи гугъэ механизацэм хэзыщIыкIыр? – жиIэри модрейри къыпыгуфIыкIащ. – Зауэм и пэм МТС-м сыщылажьэу щытащ.

Адэмокъуэр зэрыцIыкIу лъандэрэ IэпщIэлъапщIэт. Зыми зыри къримыгъэлъагъу щхьэкIэ, езым псоми гу лъитэрт. Нэм илъагъур Iэм ещIэж жыхуаIэм хуэдэти, теплъакъэ – зэфIэкIат. ЩIалэ цIыкIуу пхъэ автомобиль, шэрхъищ щIэту, ищIри жылэм ягъэщIагъуэу Iуащхьэм къежэхауэ щытащ. Уеблэмэ а авто-мобилым ису хьэгъуэлIыгъуэм кIуат, арщхьэкIэ чэф зиIэ щIалэ къомыр къежэри фIакъутащ.

Япэ дыдэ къуажэм кино къыщыкIуам киномеханикым кIэрыхъыжьащ, кино гъэлъэгъуэкIэ сыгъащIэ, жиIэри. Киномеханикыр зыхуейр апхуэдэ гуэрт. Езыр хъыджэбзым япылъу тIысыжырт, щIалэ цIыкIум киноаппаратыр къыхуигъанэрти.

МТС зэрагъэпэщу илъагъури – машинэм дихьэхащ, и диным икIыным хуэдэу. Дзэм яшати – связист хъуащ, телефонми хъарзынэу хищIыкIырти.

КъыкIэлъыкIуэ махуэри нэхъ гуащIэжу къыщIэкIащ. Нэмыцэр хэ къэкIуэгъуэ атакэ къэкIуат. Зауэр зы дакъикъэ закъуэкIэ увыIакъым. «Iуащхьэ джафэ» жаIэу арат псоми яхуэмыгъэныщкIур. Iуащхьэ жыхуаIэри Мэшыкъуэ Iуащхьэ хуэдиз мэхъу жыпIэнщ. Бомбэмрэ топышэмрэ зэрыщытам нэхърэ нэхъ цIыкIу ящIащ. «Катюшэ» машинихым абы иращIам урикъунти. Нэмыцэр зэщэри арат – Iуащхьэр яубыдыну, арщхьэкIэ иратыртэкъым. Атакитхур дыдейхэм зэпаудащ, нэмыцэм мыхьыр ирагъэхьу. Ауэрэ атакэ ехани къежьащ... Дыдейхэм я къарур къомэщIэкIри Iуащхьэр фIаубыдынкIэ шынагъуэ хъуащ...

Пщыхьэщхьэ хъуауэ командирхэр зэхуэзауэ зочэнджэщ,

пщэдей зэрызэуэну планым йогупсыс, топсэлъыхь. Дотий жиIэр мыращ: танк къутауэ губгъуэм къинам телефонист игъэ-тIысхьауэ ди артиллерием я мафIэр корректировать егъэщIын хуейщ. А танкыр нэмыцэм Iуамылъэфыжын щхьэкIэ, броне-бойщик гъэтIысауэ ебгъэхъумэ мэхъу, тягач къакIуэр икъутэн хуэдэу. Комиссарым зэрыжиIа дыдэм хуэдэу, кIыфI зэрыхъуу нэрыплъэ, танк зэракъутэ гранатэ яIэу, телефони ялъэфри красноармеец гуп нэмыцэ танк къутам итIысхьэну ягъэкIуащ.

Танкыр зыплъыхьыпIэ хъарзынэ хъуащ, укъиплъмэ, нэмыцэм я оборонэр тыншу плъагъуу. Машинэ къекIуалIэми, танк е топ къращалIэми – зи умылъагъу щыIэкъым. Къалъэгъуар телефонкIэ штабым къыжраIэри, мыдэкIэ абы и унафэр кIэщIу ящI. Топ, миномет сытхэр хьэзырыпсщи, феуэ жыхуаIэм йоуэри зэхагъэщащэ. «Катюшэ» машинэхэри зыхуеиххэр аращи, узэуэнум, къеблагъэ. Нэмыцэм кIуапIи жапIи ямыгъуэту къа-жыхь, гужьеяуэ. «Iуащхьэ джафэр» зыIэщIэдмыгъэхьэмэ, псэупIэ къыдатынукъым, жаIэу абы тращIыхьауэ нэмыцэм аргуэру загъэхьэзыр. ИтIани мыхьыр ирагъэхь, «Iуащхьэ джафэр» я нэм бжэгъуу къыщIэуэ хъуащи, увыIэркъым.

Пщыхьэщхьэ хъуауэ нэмыцэм гу лъаташ бэлыхьлажьэр къызэрыкIыр танк къутауэ губгъуэм итыр зэрыарар. НтIэ? Танкыр къыIулъэфын хуейщ. Ди бронебойщикхэри зэщэр аратэкъэ. Танк къакIуэу щалъагъум, еуэри якъутащ. Ди артиллеристхэми унафэ хуащIат танкым къекIуэлIапIэ имыIэу мафIэкIэ къаухъуреихьыну. Нэмыцэм къагурыIуащ танкыр къыIуплъэф зэрымыхъунур. Къэнэжыр сыт? Танкыр гъэсын хуейщ, жаIэри къеуэу къыщIадзэри я танкыр зэхакъутэжащ, термит топышэкIэ мафIи къыщIагъэнащ.

Красноармеец танкым исахэри хэкIуэдащ.

Комиссарым езым и IэкIэ листовкэ «молния» жыхуаIэр къыдигъэкIащ, «еджи уи ныбжьэгъум ет» жиIэу тетхауэ. ЩIалитI танкым исам зым и унэцIэр Къурмэнт, адрейм и унэцIэр ящIэртэкъым, и цIэм фIэкIа – Алий. Листовкэр зы эскадроным ирахым, адрей эскадроным яхьурэ псори еджащ, щIалитI хэкIуэдам я цIэри я унэцIэри мащIэ-мащIэурэ псоми къащIэжащ.

ИкIэм икIэжым, нэмыцэм, къарууэ яIэр зэхалъхьэри, «Iуащхьэ джафэр» яубыдащ. Иджы ар къатумыхыжрэ, пщэдей щыщIэдзауэ нэмыцэр Iуащхьэм тесынущ.

Арат нэхъыбэу командирхэр зэгупсысыр.

## 4. ЖЭЩ НУР

МафIэу танкхэм, машинэхэм ящIэнар ункIыфIыжатэкъым,

уIэгъэ хъуахэри щIыбагъ лъэныкъуэмкIэ кIуэн щагъэтатэкъым, командирхэр, политработникхэр «Iуащхьэ джафэм» нэмыцэр техужа зэрыхъуным тепсэлъыхьу щызэхуэсам. Жыжьэу уплъэмэ – мафIэм ис унэхэм Iугъуэ фIыцIэр ящхьэщытт, нэмыцэ артиллеристхэм я топыр нэхъ зытеубыдапхъэм гу лъаригъатэу. Губгъуэм уихьамэ, лъымэ къыпщIихьэрт, гын Iугъуэмэри абы хэтыжу. Штабым къикIауэ командирхэри къэкIуат, «Iуащхьэ джафэр» нэмыцэм яубыда зэрыхъуар я гум темыхуэу. А лъагапIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр псоми ящIэрт. «Катюшэ» къудейр къащтэт. Абы я залпыр зытебубыдэныр дауэ къэ-плъагъуну? Нэмыцэм Iуащхьэр, дауи, къагъэсэбэпынщ – дэнэ дей топ щытми, миномет щытми – псори ялъагъунущ.

Е Iуащхьэр къытехыжын, е мы щIыпIэм IукIын – арат Iуэхур зыIутыр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ нэмыцэм уи щхьэ къуагъэIэтыну къым, окопэм исыр шхын щхьэкIэ лIами, зы кухня бгъэдыхьэ хъунукъым. АтIэ абы и Iэмалыр дауэ?

Дивизэм я штабым къикIам: нэхущ зэрыхъуу бийр къе-щхьэукъуэхыу щыщысым деж датевгъауи Iуащхьэм тесыр едвгъэудых, жаIэрт. Абы фIэбгъэкIрэ – нэмыцэм окопэ куу къатIа иужь пэлъэщыгъуей хъунщ е упэлъэщыххэнкъым. Топу диIэмкIэ зэуэ деуэм, дэ къэттIа окопэр аращ мысыхьэткIэ ахэр зэрысри, зэдгъэпщэнур дощIэж.

НэгъуэщIу жызыIи щыIэт. Псалъэм папщIэкIэ, зы гупыфI зэхуэтшэсрэ, жэщыр кIыфI щIыкIэ, нэмыцэм я щIыбагъым дыкъыдыхьэрэ нэхущым деж дакъикъэ бжыгъэкIэ лъэны-къуитIкIэ атакэ дыкIуэ щхьэ мыхъурэ. Ар, хъуну жыпIэмэ, хъунут, ауэ нэмыцэм я щIыбагъым дауэ дыхьа хъуну? Гу къылъатэмэ – хэкIуэдащ. ХэмыкIуэдапэуи щIы – зыгуэр къэ-хъуж хъужыкъуэмэ, дауэ ядэIэпыкъуа хъуну, е атакэ кIуэмэ, здаунэтIын хуейр дауэ ебгъэщIэну, телефон, радио ямыIэмэ. Ди артиллерие дыдэм и мафIэр абы ятехуэнкIи хъунущ. Губгъуэ нэщIым зы жыг иткъым, угъуащэу уздэмыкIуэн укIуэмэ, зэIы-хьакъэ, узыхуэзэнур пщIэрэ?

Псом жаIэнур жаригъэIэри, Дотий къэпсэлъащ:

– Пэжщ, нэмыцэм я щIыбагъ къыдыхьэн хуей гупыр хэкIуэ-дэнкIэ шынагъуэщ. Ар къызгуроIуэ. Ауэ фегупсысыт мы зым: нэхущым деж атакэ дыкIуэмэ, тхаук IыкIынур тIукIэ-щыкIэ нэхъыбэщ. Сэ фыкъызэдаIуэмэ – нэмыцэм я щIыбагъ къыды-хьэныр къыхызох, – комиссарым жиIэнур имыуха пэтми, и псалъэр зэпигъэури щысхэм я нэгум иплъащ, фымыгузавэ, зыгуэр кIуэн хуеймэ, фэракъым кIуэнур, жиIэ хуэдэ. И псалъэми кIэщIзригъэщIащ: – Нэмыцэм я щIыбагъым къыдыхьэну гупыр зышэнури сощIэ, – жиIэри.

– Хэт? – жаIэри зыжьэу зыкъом щIэупщIащ, абы псори зэрытегузэвыхьыр пщIэуэ.

Дотий тIэкIу зиIэжьэри:

– Сэ. Аращ зышэнур. ДыщIызэдэуэни щыIэкъым. Дыгувэну Iэмал зимыIэщ. Уставым дауэ зэрыжиIэр: зауэм деж я нэхъ унафэ тэмэмыр сыт? ЗанщIэу къащтэрэ занщIэу ягъэзэщIэжыр аращ. НтIэ, дывмыгъэгувэ, жэщыр кIэщIщ, Iуэхуу къытпэщылъыр кIыхьщ. Сэ зэрыжысIэу зэ девгъэплъи, мыхъурэ – фэ зэрыжыфIэуи тщIынщ.

Комиссарым жиIам занщIэу еувэлIакъым. Командирхэм я гуапэ хъуакъым. Полкым и командир Муталиевым идэххэнутэкъым, штабым къикIа оперативникыр комиссарым къыдэмыщIатэм. Майор Муталиев жыхуаIэр нэгъуэщI щIыпIэ щыIэу зы щIэщхъу гуэр къыIэщIэхъуэри мыбы къагъэкIуати, комиссарым и гум къыхуэк Iащ, ярэби, гурыщхъуэ къысхуимыщIу пIэрэ, жиIэу. Ар абы и гум къэмыкIыу хъун – мы полкым майорыр къызэрыкIуэрэ комиссарыр эскадронхэм къахэкIыркъым, мычэму цIыхум яхэтщ. Полкым я плъапIэм «дауэ фыщыт?» жиIэу зэ къытехьакъым. Уеблэмэ полкым и командирым зыгуэрым къыжриIащ: комиссарыр Сталиным и приказым къеджэ къудейкъым, къеджа иужь присягэм хуэдэу красноармеец псоми Iэ трамыдзэу идэркъым. Абы ищIыIужкIэ распискэ къаIех, «сыкъаукIами, лъэбакъуэкIэ сыкъикIуэтынкъым» жиIэу иту.

Командирымрэ комиссарымрэ я псэр зы чысэм илъу зэролъагъу, жиIэу зыми жиIэртэкъым. Абы псоми гу лъатэрт, ауэ Дотий и гум хьэрэм лъэпкъ ильтэкъым. Майорми къыгурыIуэрт иджыпсту угувэ зэрымыхъунури, жаIам еувэлIащ. Атакэ кIуэнухэр я кIуэкIэр зэгъэкIуа зэрыхъунум егупсысын хуейщ, артиллеристхэм, минометчикхэм унафэ яхуумыщIуи хъурэ. МафIэ къыщызэIухын, щыщагъэтыжынур мыхъуу, дакъикъэ бжыгъэкIэ я къалэныр ятегуэшэн хуейщ. Абы нэмыщIыжк Iэ, Дотий ишэну гупыр зэхуашэсын хуейщ, ари хэщыпыхьауэ къыхэхауэ. Сигнализацэ жыпIэми аращ.

Майорым хэт сыт ищIэн хуейми командирхэм ягуригъэIуащ. «Жэщ симфонием и дирижёрынур сэращ» жиIэри зигъэткIиящ. Зыгуэр щыуэмэ, зэрыхуимыгъэгъунур ягуригъэIуащ.

– «Оркестрым» хэтхэм щыщ къахэпIэнкIыкIым, и пэр щIым щысхуэнщ. Фымыбэлэрыгъ. Дызэрымылъагъуу дызэуэнущи, сигналым фыхуэсакъ. ХьэрэкIытIэ плъыжь, хьэрэкIытIэ удзыфэ, е зы плъыжьрэ удзыфитIрэ, е зы удзыфэрэ плъыжьитIрэ, е тIурытI – плъыжьрэ щIыхурэ – аращ сигналу диIэнури, дэтхэнэ зым и мыхьэнэр фэр дэнэ къэна, фи цIыхухэм гупсэхуу евгъащIэ. А сигналхэр пшынэ Iэпэм хуэдэу щытын хуейщ, узытеIэбэм и макъыр щхьэхуэу. Армыркъэ – «жэщ нур» зыфIэтща операцэр «жэщ кIыфI» хъуауэ нэху дыкъекIынущ.

ФыкъэтIыс мыдэ. Мис сигналу диIэнур: артбатареемрэ миномет батареемрэ: хьэрэкIытIэ щIыхуитI флъэгъуа – мафIэр

къызэIувохри квадрат фызэуэнум фоуэ. ХьэрэкIытIэу плъыжьитI флъэгъуа – мафIэр нэмыцэ оборонэм и кууупIэм фохьри нэмыцэр Iуащхьэм къевмыгъэкIуалIэу фIыгъщ. АпщIондэху нэмыцэм и щIыбагъым къыдыхьа ди гупыр атакэ къожьэри Iуащхьэм йобгъэрыкIуэ. Iуащхьэр яубыдакъэ – зы хьэрэкIытIэ щIыху драдзейри дэри итIанэ докIуэ, Iуащхьэм нэмыцэ къедмыгъэкIуалIэу тIыгъщ, ди къару нэхъыщхьэр къэсыху. Иджы сыхьэтрэ дакъикъэ бжыгъэрэкIэ...

Албиян комиссарым и гъунэгъуу щысти, щэху цIыкIуу еIущэщащ:

– Локотош щхьэ здумышэрэ? КартэкIэ Iэзэщ. Жэщ кIыфIым уигъэгъуэщэнкъым.

Дотий, абыи егупсысауэ къыщIэкIынти, идакъым:

– Дэгъуэт, нэмыцэбзи хъарзынэу ещIэр. Ауэ, неIэмал, и лъакъуэр уIэгъэщи, къипщыхьыфынукъым. Дэ нэхъыбэу ныбапхъэкIэ дыпщын хуейщ.

Майорым диктант ярегъэтх жыпIэнт, командирхэм сигналыр, сыхьэт бжыгъэр къытригъазэ-нытригъазэу яригъэтхырти. Албиян аргуэру комиссарым еIущэщащ:

– Сэри топографиемкIэ «тху» къэсхьу щытащ,– жиIэри.

Дотий лейтенантыр зыхуейр къыгурыIуати, къыпыгуфIыкIри и дамэм теIэбащ:

– Ухуейкъым, лейтенант. Уи шыпхъу цIыкIум уи нэIэ тегъэти нэхъыфIщ. Чарочкэ – Апчарочкэ... сыту хъыджэбз гуакIуэ. Дапщэри телефон трубкэр къащтэ – «узот», «зэфIэкIащ» жиIэу и макъ цIыкIур зэхэпхыныр куэд и уаси. Умыгузавэ, картэр сэри бзаджэу сщIэркъым.

Майорым, яригъэтхам кърагъэджэжурэ, къазэрыгурыIуар зэригъащIэрт.

Жэщыр кIыфIти, командирхэм ятхам дахэ-дахэу къеджэфыртэкъым. Загъэщхъауэ, хьэрфышхуэкIэ ятха пэтми, плъагъуртэкъым.

Дотий хэт здишэнуми я унэцIэр езым кърибжэкIащ. Командирхэм яйхэри ямытхыу хъуакъым. Майорым псоми пIалъэ яритащ, абы зы дакъикъэ закъуэкIэ къыкIэрымыхуу зи гугъу ящIа илъэпкъыр Iэщэ-фащэкIэ зэгъэпэщауэ къэкIуэну. Гупыр зы цIыху плIыщI хуэдиз хъурт. Зауэ екIуэкIар гуащIэти, эскадронхэм цIыхуу къахуэнар мащIэ дыдэт. А цIыху плIыщIыр къэгъуэтыгъуафIэу къагъуэтакъым.

Оперативщик къахэсар ик IэщIыпIэкIэ штабым кIуэжащ, зэрызэгурыIуар комдивым жриIэну. Командирхэри зэбгрыкIыжати, Муталиевым Дотий зыкъыхуигъэзащ:

– Уэ, комиссарыр, уи пIэ щхьэ уимысрэ? Ди щIакхъуэ Iыхьэр тIэщIэбудыну щхьэ и ужь уит? Командирхэм нэхърэ уэ унэхъ хахуэ хуэдэ, щхьэ япэ укъищрэ? Я гуапэ хъуа уи гугъэ ар? Ахэр нэхъ къэрабгъэу, уэ нэхъ лIыгъэ пхэлъу ара? Отряд пшэуэ

нэмыцэм я щIыбагъым удыхьэну уэ къыплъысыркъым. Уи IэщIагъэни хуейкъым. Щыхум зэхахыу бжесIэнутэкъыми аращ, армыхъумэ ар сигу къызэрыкIрэ мащIэ щIакъым. Ар зы!..

– ЕтIуанэу...

– ЕтIуанэу. Уэ укомиссарщ. Нэмыцэм комиссарым иращIэр уощIэ...

– УапэщIэхуэмэ…

– Ар пщIэрэ зэрыхъунур?

– Си псэр хэту сапэщIэхуэнукъым. Зы шэ си щхьэм хуэзгъэтIылъащ. Абы нэмыщIыж мыри, – Дотий и жыпым «лимонкэ» жыхуаIэ гранат цIыкIум хуэдэу зы кърихри кърищъэлъэгъуащ. – Шэр сщыгъупщэрэ згъэс хъумэ, мыбы сыщогугъ. Тхьэгъу цIыкIур къипчынщи, уи тхьэкIумэм сыхьэт уедаIуэ хуэдэ Iулъхьи, зэфIэкIащ...

– Уэлэхьи, комиссар, уи диным уикIам уэ слъагъур. УзэрегуакIуэщ. КIуэ. Дэри тлъэкI къэдгъэнэнкъым, мыбыкIэ нэкIуэну отрядым сахэту сэри сынэкIуэнщ. Iуащхьэ щыгур ди зэхуэзапIэщ. Дауэ уеплърэ – командирымрэ комиссарымрэ нэмыцэм яIыгъ Iуащхьэм щызэхуэзэну зэгуроIуэ...

– Къащтэ уи Iэр.

Эскадронхэм къикIын хуея красноармеецхэр къакIуэу щIадзащ щырыщ-плIырыплIурэ. «Адрейхэри къэсыху зывгъэпсэху» жаIати, псоми удзым зыхадзащ. Асыхьэтуи жейм Iурих къахэкIырт, ешати. Дотий зэпиплъыхьырт, къагъэкIуар зыщIэлъэIуар арауэ пIэрэ, жиIэу. Езы красноармеецхэми комиссарыр фIыуэ къацIыхурт. Иджыри ягъэхъыбарыжыр дыгъуасэ Дотий зы взвод зэуапIэм къыIукIыу зэрыригъэзэжар. Пэжу, взводым щыщу къэнэжар зыбгъупщIи хъунутэкъым. «Вгъэзэж!» жиIэу комиссарыр щащIэкIием, зы щIалэ къэгъащ, «товарищ комиссар, немец на курган лысый бросает такой большой бомб – жить невозможно», жиIэу. Комиссарыр нэхъри щIэкIиящ, «дэ дылIэну аращ мыбы дыкъыщIэкIуар, псэупIэ дылъыхъуэу аракъым. Сталиным и приказым феджакъэ: «фыкъаукIами фыкъикIуэтынкъым. Вгъазэ!» – жиIэри.

ЩIалэ зыбгъупщIым уIэгъэ хъуауэ зы къахьу арати, а уIэгъэр зым иратри адрейхэм ягъэзэжащ, комиссарыр я гъусэу. Ари нэмыцэр къазэрыхэуэу. Абы лъандэрэ цIыхум я фIэщ хъуртэкъым Дотий дыуэ пщIэхэмылъу. «НтIэ, е шэ, е топышэ къутахуэ сыту къытемыхуэрэ» жаIэу, зэдауэрт.

АпщIондэху оперативщикыр штабым нэсыжа хъунти, комдивыр телефон къеуащ. Полковникым майорыр егъалъэ, къешхыдэу: «Комиссарым и щIыбагъым зыкъуэвгъэпщкIуауэ ара? Къуэшрокъуэм и пщэ щхьэ дэфлъхьа нэхъ Iуэху шынагъуэр?» – жиIэу. Езы майорми жиIэнур ищIэркъым. «ЛIо

епщIэнур – езыр тфIокIуэ. Командирым ди щIакхъуэ Iыхьэр тIэщIеуд!» – арат Iуэхур зыIутри.

МащIэ-мащIэурэ комдивым и къытехьэр текIыжащ. Ар абы и хабзэ дыдэт. Къэгубжьамэ, сабэ дрипхъейрт, батэкъутэр игъэшу: «ЦIыхур Iисраф ебгъэщIыну ара узэщэр? ЩIым щхьэ ущIэмыхьэрэ. КъегъэтI окопэр кууэ. КъыумыгъэтIрэ – си IэкIэ уи псэр хэсхынщ, кIэрахъуэр уи натIэгум изубыдэнщи. Нобэ узукIынщ. Пщэдей нэс фIэкIа узгъэпсэункъым. Комиссар, еуи укIыт мыр», – жиIэнти, абыкIэ иухырт. И губжьыр щхьэщыкIыжакъэ – нэгъуэщI зыгуэр хъужащ жыпIэнт. Апхуэдизу зэшхыдам бгъэдыхьэрти, и дамэ щIагъым щIигъэувэрт. И макъым щэху зригъэщIыжырти, дахэ жриIэжырт: «Зумыгъэгусэ абы щхьэкIэ. Сэ сызыхуэгузавэр фэращ. Делэ кIуэдыкIэу фыхэкIуэдэну сыхуейкъым. Дапщэрэ вжесIэрэ: щIым, зыхъумэр къехъумэж, жысIэу. Окопэ къэтI, нэхъ кууху нэхъыфIщ. Нобэ уэ сыптекIиякъэ, уэри ятек Iиеж уи Iумэтым итхэм. Сэ бжесIам хуэдэу тIу, щы яжеIэ, гъэшынэ, дакъикъэ закъуэ къыдэхуакъэ – окопэр нэхъ куу егъэщI. Быдэ и анэ гъыркъым, жиIащ пасэрейм. Зывгъэбыдэ, фи лъабжьэр щIым евгъэубыд».

Нэмыцэм я щIыбагъым къыдыхьэну гупыр къызэхуэсауэ Дотий яхэтIысхьащ хэт сыт и къалэнми гупсэхуу ягуригъэIуэну. ЗдэкIуэнур зэрышынагъуэри ибзыщIыну и мурадтэкъым:

– Жэщыр кIыфIщ, хьэ къарэм хуэдэу. Шынагъуэщ, – жиIэрт комиссарым. – Псоми къэдмыгъэзэжынкIи мэхъу. Къэхъунур хэт ищIэрэ. Дыгъужьым и жьэм дыжьэдэпщхьэ хуэдэщ. Зигурэ зи щхьэрэ зэтемылъ фхэт – жыфIэ. Иджыпсту жыфIэ – зыдэтшэнкъым. Зы къэрабгъэ къытхэкIмэ, псори дигъэунэхъункIэ мэхъу. ЖыфIэт: хэт игъэзэжмэ нэхъ къищтэрэ?

Зыми зыри жиIакъым. Псоми заущэхуат. Къэрабгъэ къызэрыхэмыкIынур езы комиссарми ищIэрт, алейуэ хэщыпыхьа! Зи цIэ ириIуа защIэщ къэкIуари. Дотий абы яхэту мащIэрэ зэуа. Хэт сыт хузэфIэкIынуми ещIэ.

– Хэт гукIэ ищIэрэ Пушкин адыгэм щхьэкIэ «Кавказский пленник» поэмэм хэту итхар? – жиIэри Дотий къыздрихар умыщIэу щIэупщIащ, модрейхэри куэдрэ гугъу иримыгъэхьу езыр къеджэжащ:

*Черкес оружием обвешен,*
*Он им гордится, им утешен,*
*На нем броня, пищаль, колчан,*
*Кубанский лук, кинжал, аркан.*
*И шашка – верная подруга*
*Его трудов, его досуга.*
*Ничто его не тяготит,*
*Ничто не брякнет, пеший, конный*

*Все тот же он, все тот же вид,*
*Непобедимый, непреклонный…*

– ЗэдзэкIын хуей?

– Хьэуэ. ГурыIуэгъуэщ.

– НтIэ, жиIэфакъэ ар жызыIам? Аращ Пушкин адыгэр къызэрыщыхъуу щытар. Дэри ткIэрылъщ Iэщэ, ди адэжьхэм ижь ижьыжкIэ якIэрылъам нэхърэ мынэхъ мащIэу. Ауэ плъагъурэ поэтым зэрыжиIар: «Ничто его не тяготит, ничто не брякнет...» Дэри дывгъэщI апхуэдэу, зы Iэуэлъауэ лъэпкъ дымыщIын щхьэкIэ. Сэ фызоцIыхур псори. Си деж фыкъэкIуамэ, сыныфщIэупщIати, фыкъагъэкIуащ. Сэ фыкъызэупщIмэ, дэтхэнэ зыри къызолъытэ «непобедимэу, непреклоннэу»... НтIэ, тIысэ, сызэрыфщыгугъыу фыкъыщIэкI...

КъызэщIэтаджэри псори дэлъеящ, къелъыхащ, – зыми Iэуэлъауэ ищIыртэкъым. Тутын ефэхэр тутын зырызи ефэжри ежьахэщ. Куэд дэмыкIыу, жэщ кIыфIым зэIуригъэлъэдам хуэдэу, псори бзэхащ. Гуэдз губгъуэшхуэм зэзэмызэ хьэрэкIытIэ гуэр къыхэлъэтырти дунейр къигъэнэхурт. Абдеж псоми загъэщхъырти, нэхъ хуэм защIырт, Дотий фIэкIа къэмынэу. Комиссарым, нэху хъумэ, зиплъыхьырт, гъуэгур и гум ириубыдэу. Пулеметхэри зэ адэкIэ, зэ мыдэкIэ къыщыпIэнкIырт. ЦIыху Iэуэлъауи къыщыIу къэхъурт.

Псори зэкIэлъхьэужьу зым и лъэужьым зыр иувэу кIуэрт, зы псалъэ закъуи жамыIэу. Иныкъуэми къэувыIэрти, зэщIэдэIукIырт, уафэ лъащIэм щIэплъэу. Нэмыцэм нэхъ пэгъунэгъу дыхъуащ, жаIэу щыхуагъэфащэм, псоми хьэлъакъуиплI защIащ. Апхуэдэу кIуэгъуейт, ауэ хъунутэкъым. ХьэлъакъуиплIыр щагъэтри ныбафэкIэ пщыуи хуежьащ. Нэмыцэм яубыда Iуащхьэ джафэр жыжьэу къакIухьын хуейт. Дотий къэувыIэрти, щылът, цIыхум я бауэбапщэр тIысыжыху. Езыри зэщIэдэIукIырт, къызэфIэувэрэ гуэдзым ящхьэпрыплъмэ, нэмыцэ машинэ сытхэр къызэранэкIауэ илъагъурт.

Умысакъыну Iэмал иIэт? УмыщIэххэу уахуэзэнкIэ мэхъу. Уахуэзэ хъумэ, дэнэкIэ ужэн? Нэмыцэр адэкIэ-мыдэкIэ гуэдзым хэсщ, я топ, минометхэри къыхопIиикI. Иныкъуэм дежи Дотий разведчик ипэкIэ егъакIуэри егъаплъэ. Армырмэ, автоматчикхэм уахуэзэмэ, е пулемет здэщыт урихьэлIэмэ, зэфIэкIащ. Шынагъуэ щымыIэу къищIэмэ, мэпщ е лъэныкъуэкIэ дадзых, нэмыцэ здэщысым гу лъатамэ.

ТIэкIу-тIэкIуурэ Дотий и гупыр нэмыцэ оборонэм кууэ хыхьащи, псоми зыкъаIэтыжауэ хуэмурэ макIуэ. Уафэ лъащIэм ущIэплъмэ, «Iуащхьэ джафэр» ижьырабгъумкIэ къызэранэкIауэ уолъагъу. Гуэдз щхьэмыжым ухуэмысакъмэ, хьэцэпэцэ уи пэм ирихьэмэ, уигъэпсчэнщ. Ари узыхуэмей Iуэхущ.

Псалъэмакъ гуэр къэIуащ. Хэту пIэрэ ар? Нэмыцэ макъ

хьэмэ венгр макъ? Бзэ зыщIэ дэнэ къипхын, бгъуэтыпэми сыт и мыхьэнэ. Нэмыцэри венгрри – тIури зыщ. Гу къыплъатэмэ, уисыкIащ. Нэхущвагъуэр зэ къыщIэкIащэрэт, абыкIэ къапщIэ хъунут уздэкIуэну лъэныкъуэр. Псалъэмакъыр нэхъ IупщI хъуащ. Бел Iэуэлъауэ макъи зэхыбох. Окопэ къатIыр, жиIэу Дотий и гум къэкIащ. КъэувыIэри дакъикъэ зыбгъупщI щытащ. Гу Iэуэлъауи къэIуащ, тхьэм ещIэ гур къыщIэкIуар. Походнэ кухнэу пIэрэ? Хьэуэ, псы кърагъахъуэ, котелокхэр ятхьэщI, псы иракIут. Сэлэтхэр зэрызехьэу псы къэзыша гур здэщытымкIэ мажэ, зэдогушыIэ, зэрызохьэ, зэрогъэкIий. Красноармеецхэри псы хуэлIащ. Уеблэмэ езы Дотий и тэмакъри гъущэ хъуащ.

Псы къэзышар адэкIэ кIуащ.

Дотий и гупри ежьэжащи, макIуэ. Гуэдзым зыгуэр къыхэпIиикIыу щилъагъум, и пIэм ижыхьащ. Сыту пIэрэ ар? Жэщыр кIыфIщи, зищIысыр къыпхуэщIэркъым, нэмыцэм хьэрэкIытIэ ягъэнэхухукIэ зиIэжьащ. Уафэр нэху къэхъури къищIащ – къыхуэмыщIар хыуэ зэгуэт миномету зэрыщытыр. Нэмыцэм ар яхъумэрт, дэ «катюшэр» зэрытхъумэм хуэдэ къабзэу. Сэлэтхэр, жэщыр уэмти, псы зытраутхэурэ зэдэджэгурт. Зауэм Iуту пщIэнутэкъым. Иреджэгу, иреджэгу, къэнэжар куэдкъым, жиIэрт Дотий, абы еплъмэ.

АдэкIэ укIуэ пэтми нэмыцэхэр нэхъ бэлэрыгъауэ зэхэтт, мыхэр зыщышынэ щыIэ, жыпIэу. Гуп-гупурэ сэлэтхэм къаджэдыхь. Машинэ макъ, гу Iэуэлъауэ, бронетранспортер макъ къоIу. Дотий нэхъ псынщIэ зищIащ. Гу нэхъ къыплъамытэу къэнэнщ, езым уащыщу къафIэщIынкIи хъунущ. Езы нэмыцэхэри тхьэм ещIэ зи ужь итыр, жей щыIэкъым. Дотий плъэмэ, «Iуащхьэ джафэр» ерагъпсэрагъыущ зэрилъагъур, жыжьащи укIуэ хъунукъым. Хьэуазэ пыпхъуэм ещхьу гуэдзым къыхощ. Зэзэмызи къуэкIыпIэмкIэ маплъэ, нэху щыным куэд къэнэжауэ пIэрэ, жиIэу. Нэмыцэхэми, хэт ищIэрэ, нэху щымэ, аргуэру атакэр къаублэн.

Иджы IуащхьэмкIэ гъэзэжауэ нэхъ гъунэгъу зыхуэщIын хуейщ. УекIуэлIапи хъунукъым, ди артиллеристхэм я мафIэр къыптещэщэнкIи хъунущи. Нэмыцэхэм щхьэ замыгъэпсэхурэ? Я Iэщэр къралъэфалIэ, нэху мыщ щIыкIэ, жаIэу мэпIащIэмэтхъытхъ. Гуэдзыр Iувщи, плъагъуркъым, итIани Iэуэлъауэ къэIумкIэ къыбощIэ. Дзэ нэхъыби кърашалIэ.

Красноармеецхэм, япэм гузавэу шынами, иджы я гур къызэрыгъуэтыжауэ ягъэщIагъуэрт нэмыцэхэм я оборонэм и курыкупсэм иту къызэракIухьыр. КъызэщIэплъахэти, гъуэгур зыхащIатэкъым. Зэ дынэсыжу ди нэгу щIэкIар тIуэтэжащэрэт, жаIэу арат нэхъ зыщIэхъуэпсыр.

Хуэмурэ заущэхуурэ гуэдзым къыпхрыкIырт, «Iуащхьэ

джафэр» ямыгъэкIуэду. Iуащхьэри нэхъ Iэпхъуа хуэдэт, гъунэгъу хъуртэкъыми. УемыужьэрэкIмэ, и чэзум унэмысынкIи шынагъуэщ.

Нэмыцэхэр я топхэм е я миномете хэм бгъэдэсу къалъагъумэ, яхуэмызэн хуэдэу дадзыхырти, жыжьэу къакIухьырт. Красноармеецхэм я Iэпэлъапэхэр шхэрт, гранатэ щхьэ яхэдмыдзэрэ, жаIэрт. Си Iуэхут ахэр уэршэру зэхэсмэ. Я щхьэ щIахьауэ щIэпхъуэмэ, дэнэу пIэрэт здэжэнур? Къэрэгъул къэгуоуащ. Псори къэскIауэ къэувыIащи, щытщ. Дотий къыгурыIуащ къэрэгъулыр зыхуейр: «ЛъэныкъуэкIэ зыIуевгъэх» жиIэу арат.

Банэ пIураулъэф, жиIэри комиссарым дидзыхащ, къэрэгъулыр къимыгъэбырсеин щхьэкIэ. Тхьэм ещIэ абы ихъумэр – техникэщIэ къаIэщIыхьамэ, арагъэнщ.

Iуащхьэ щыгум хьэрэкIытIэ къыщынэхуащ. Дотий плъати, «зы километру къыщIэкIынщ къэнэжар» жиIэри абы триухуащ. Иджыри тIэкIу якIужмэ, увыIэпIэ гуэр къагъуэту загъэпщкIун хуейщ.

Нэхъ гъунэгъуу Iуащхьэм екIуэл Iэху, топышэм кърауда кумбыр нэхъыбэ хъурт. Гуэдзыр хисыкIати, Iугъуэмэ иджыри къэс къахихырт. Гуэдзым чэф зиIэ тракторист тракторкIэ хэлъадэри зэхивыхьащ жыпIэнт. Иджы гуэдзыр нэхъ щыIувыпIэ гуэр хуэзатэмэ, зыхагъэпщкIуэнт. Нэмыцэхэм я топ, пулемет сытхэр гъунэгъу тIэкIуу уолъагъу. АдэкIэ уплъэмэ, танк сытхэр, я топхэр ди дежкIэ гъэзауэ зэхэтщ. Санитарнэ машинэ гуэр къыщыблэжым, Дотий къыжьэхэуэ пэтащ. Ауэ нэмыцэхэм я гугъэнт красноармеецхэр я щIыбагъкIэ къекIуэкIауэ я пщэдыкъым къыдэсу – езым ящыщ къафIэщIри машинэм зыблригъэхащ. Зи къэпIэнкI макъ зэхах пулеметыр жыжьащэтэкъым. ХьэрэкIытIэ къызэщIэлыдэм, пулеметри мауэ.

Сыхьэтыр здынэсыну пIалъэм къэнэжар куэдыжтэкъым. Нэхулъи къищIащ. Абдежым зыкъызэкъуахри топхэр къауэу хуежьащ. Топышэр Iуащхьэм къытолъалъэ. ЗанщIэу псори Iугъуэ мэхъу. Термит лагъымхэри къызэщIэлыдащи, Iуащхьэр къегъэнэху. «Катюшэ» жиIэри Дотий и гум къэкIащ, щIым мафIэ щIэна хуэдэу щилъагъум. Топышэхэри къауэрт, щIыр игъэгурыму, игъэзджызджу. Окопэ къэзымытIауэ Iуащхьэм теса нэмыцэхэр зэхэзежэ хъуащ. Нэмыцэм я топышэри Дотий сымэ здэщысым ящхьэпрылъэтурэ здэкIуэнум кIуэрт. МафIэм ис нэмыцэ щыIэу къыщIэкIынт, гын Iугъуэм жьэрымэ хэту къащIихьэрти.

Гуэдзми мафIэ къыщIэнауэ мафIэ бзийм псори къегъэнэху, лыгъэр мыбыкIи къэкIуэну шынагъуэщ. Жэщыр нэху хъуащ. «Iуащхьэ джафэм» тесар зэрызохьэ, я щхьэр здахьын ямыщIэу, зым зыр и ужь иту къызэрехьэхыу щыхуежьэ дыдэм, топ къэуэныр пичащ. Арат комиссарыр зыпэплъари, и отрядыр къиIэтри, «Ура!» жаIэу Iуащхьэм еIащ. МыдэкIэ уплъэмэ, Iуа-

щхьэм тесхэм ядэIэпыкъуну мажэ жыпIэнут. Iуащхьэм тесхэр къызэплъэкIмэ, къэхъуар къахуэщIэркъым – я щIыбагъым жагъуэгъур къихутэнкIэ щхьэ хъуа? Окопэ зэрысамкIэ ягъэзэ-жауэ мажэ, арщхьэкIэ красноармеецхэм я автоматышэр ято-лъалъэ Комиссарыр Iуащхьэм зэрынэсу хьэрэкIытIэ щIыху дригъэуеящ.

Зэрызэгуры Iуати, топауэм аргуэру къиублэжащ. АрщхьэкIэ иджы топышэр Iуащхьэм и хъуреягъкIэ къыщоуэ, мафIэ къалэкIэ къиухъуреихьу.

Муталиевым и гугъат Iуащхьэм нэмыцэ къытемынэжауэ. И отрядыр къызэщI иIэтэри, ари атакэ ежьащ, Дотий дэ Iэпыкъун и хьисэпу. Нэмыцэр лъэныкъуитIым дэубыда хъуауэ, ялъэкI къамыгъанэу зашхыхьыж. Комиссарым гу лъитащ майорыр пасэIуэу къызэрежьам, арщхьэкIэ удэIэпыкъуну Iэмал зимыIэт. Дауэ хъуми, Iуэхур здынэсынум нэгъэсын хуейт, нэху мыщ щIыкIэ. Нэмыцэм укъалъагъу зэрыхъуу къыптемыгушхуэу къэнэнукъым, Iуащхьэ зыубыдыр зэрымащIэ тIэкIум гу лъатэнщи.

Майорри п IэщIэну къыщI экI ынтэкъым, «комиссарым и щIыбагъым зыщывгъэпщкIуауэ ара?» жи Iэу къемыщатэмэ. А псалъэр шэуэ къытехуати, майорыр и пIэм изэгъэжыртэкъым. Комдивыр къыхуэхъущIа къудейкъым. ТанкиплIи къаритащ, фи мурад нэхъ къывэхъулIа хъунщ, жиIэри.

ТанкиплIыр япэ иту майорыр ежьат, и ротэр иришажьэри. Танкымрэ пехотэмрэ къыщалъагъум, нэмыцэм я маф Iэр абы къраутIыпщауэ дунейкъутэжщ. Езы Муталиевым сигналыр зэхигъэгъуэщауэ ищ Iэнур ищIэжыркъым. Iуащхьэ лъапэм нэсауэ майорыр, топышэ къутахуэ къытехуэри, джэлащ. И нэр къыщхьэрипхъуауэ зимыщIэжу гуэдзым къыхэнащи, комиссарым сыткIэ сэбэп хуэхъун.

«Iуащхьэ джафэм» и щыгур ди зэIущIапIэщ, жаIати, я зэхуэзэкIэр зэрагугъам хуэдэу къыщIэк Iакъым. Комиссарым и отрядым щыщу Iыхьэ щанэр е уIэгъэщ, е къаук Iащ. Майорым иришэжьахэми куэд хэкIуэдыкIащ. ИтIани я мурадыр къехъулIащ – нэмыцэр Iуащхьэм трахуащи, псэууэ къэнар мэгуф Iэ. Я текIуэныгъэр «Iуащхьэ джафэм» хуэдиз ф IэкIа мыхъу пэтми, текIуэныгъэщ. Лъы умыгъажэуи утек Iуэн?

## 5. НЭМЫЦЭМ Я САУГЪЭТ

Дыгъэр къыщцыщIэкIам гуэдзым щIэна мафIэр ункIыфIыжатэкъым. Дотий губгъуэм итт, къаукIауэ адэкIэ-мыдэкIэ щылъыр къигъуэтыжрэ я гуфIакIэ жыпым илъ тхылъхэр зэхуихьэсыжу. «Похоронкэ» мащIэ нобэ иригъэхьыну мыгъуэкъым абы. А письмори ялъэIэсащэрэт, нэмыцэр Кавказым нэмыс щIыкIэ.

Нэмыцэм я дзэр Армавир нэблэгъауэ жаIэ. Дэ Саль псы Iуфэ дыIутщ, димыкIуэтын ди хьисэпу.

Топышэм къриуда кумбым деж хьэдэ гуэр хэIубауэ щылъщ. Дотий хуэм цIыкIуу, лIар къэушын хуэдэ, къызэригъэдзэкIмэ – къицIыхужащ. Хьэдэм и щхьэцыр лъы защIэщ, и жьэми къыжьэдэжа лъыр пцIэжащ, и нэр зэтепIакъыми, къоплъ хуэдэу къыпфIощI. Ар полкым я комсоргыу езы Дотий игъэувауэ щытар арат. ЩIалэ дыдэт комсоргри, зыхэтым нэхъ къахэщынщ, жиIэри, и планшеткэр иритауэ щытащ. ЩIалэ лъагъугъуафIэ цIыкIур псоми фIы дыдэу къалъагъурт, гушыIэрейт, нэжэгужэу цIыхум яхэтти.

ЩIалэм и жыпым иIэбэмэ, комсомол билетрэ бжьыгъэ телъу сурэт цIыкIурэ кърех. Сурэтым хъыджэбз цIыкIу, и щхьэцыр телъэщIауэ, и нэ цIыкIуитIри къихуу итщ; абы и анэр арауэ къыщIэкIынщ, фыз къамылыфэ и нэщхъыр зэхэукIауэ уолъагъу. Хэт ищIэрэ, арагъэнщ нобэ «похоронкэ» зыхуатхынур, жиIэри Дотий и гум къэкIащ. Хьэдэр Iуригъэхри комиссарыр адэкIэ кIуащ. Зи сурэт слъэгъуа фызыр сымыцIыхуу пIэрэ, жиIэу гупсысэурэ здэкIуэм, хьэдэу зыхуэзэр нэхъыбэж хъуащ. Зыгуэрым и гуфIакIэ жыпыр къыгуишу щилъагъум, иIэбэри блокнот Iув цIыкIу кърихащ, къэрэндащ цIэкIуи дэлъыжу. Зэтрихмэ – усэ защIэщ итыр. Еджэну хуежьа щхьэкIэ – дэнэ, сытыбзэкIэ тхами къыпхуэщIэнукъым.

Здэсхьынщи, полкым абы къеджэфын къэзгъуэтынщ, жиIэри, блокнотыр и сумкэм ирилъхьащ. Абы фIэкIа хьэдэм и жыпым зыри ярылътэкъым. Поэт щIалэр хэтми ямыщIэу хэкIуэдакъэ иджы, жиIэу Дотий и гум къыщIитхъырт.

Кхъухьлъатэ макъ къэIури, Дотий окопэмкIэ къеIащ. Красноармеецхэм окопэхэр нэхъ куу ящIырт. Уэгум итыр «РамэкIэ» зэджэм ящыщу зы кхъухьлъатэ закъуэт. АрщхьэкIэ ухуэбэлэрыгъ хъунукъым – абы бомбардировщикхэр къыкIэ-лъыкIуэнущи, окопэм «джыназ мащэ» ищIыхьын хуейщ. «Джыназ мащэкIэ» зэджэр псоми ящIэ хъуащ. Окопэ лъэгум щIыр щIатIыкIырт, хьэдэ щыщIалъхьэкIэ зэрыщIатIыкIым хуэдэу. ЩIатIыкIыр лъагэ ящIыртэкъым, сэрор къакIуэмэ, лIар къимыгъэтэджыфын щхьэкIэ. Арат иджыри. Окопэ лъащIэр ущIэхуэн къудейуэ ящIырт, зы бомби топыши къыплъэмыIэсын хуэдэу.

Нэмыцэ кхъухьлъатэр мылъагэу къокIуэ, зыщышынэн

---

* «Сэ сыкомиссарщ, сызыхэта дзэм листовкэ сошэ, ди шухэр къасшэу плену зезгъэтыну. Сызыхуэзэр фыкъыздэIэпыкъуну сыволъэIу».

** «Мыбы деж тщымыгъупщэжын батальоннэ комиссару Хуламбай Солтан и хьэдэр щIэлъщ. Абы и цIэр зехьэ, Iуащхьэ».

зенитнэ топ хуэзэркъыми. Разведчикым зы бомбэ-бомбитI щиIыгъи щыIэщи, хуэсакъын хуейщ. Нэмыцэм уеплъмэ – закъытрешащIэ. Абдеж IупщIу зэхыбох бомбэм ещхь гуэр фийуэ.

Псоми загъэщхъащ е окопэм зрадзащи зэщIодэIукI, дапщэщ къэуэну, жаIэу. Бомбэ къафIэщIар къехуэхри щIым техуащ, къауэркъым. НтIэ, кIасэу къауэ бомбэм хуэдэу пIэрэ?

Зыхуэмышэч гуэрым и макъ зэхах:

– Уэлэхьи, мыбомбэ!

– Убгъэдэмыхьэ! – жиIэри Дотий нэрыплъэр зыIуидзащи, маплъэ. ЩIым къыхопIиикI пхъэбгъуитI. Ар сыт гъэщIэгъуэн? «Рамэми» игъэзэжащ.

Дотий нэгъуэщI имыгъакIуэу езыр окопэм къикIрэ кIуэмэ – нэмыцэм къридзыхар бэнщ. Хьэдэ зыдалъхьэ бэнщ, телефон кIапсэкIэ зэтепхауэ. Бэным и щхьэр, къыщехуэхым триудауэ, пэмыжыжьэу щылъщ. Пхъэбгъум тетхащ «слепой полет комиссара» жиIэу. Ари сыт жиIэу комиссарым зыхуихьынур ищIэртэкъым. Дотий и закъуэу бэным бгъэдэту щалъагъум, нэгъуэщI зыкъоми къэсащ.

Бэным дэлът хьэдэ, и лъакъуэри и щхьэри и кIуэцIым кIуэжауэ. Бэным дэлъым бгы къытеуэу щIипIытIащ жыпIэнт, абы хуэдизу зэщигуати. И нитI мыгъуэри къихуат. Пхъэбгъу джабэри лъы защIэу, езы хьэдэри лъым хэлъти, «псэууэ далъхьащ» жиIэри Дотий къэгумэщIащ. Хьэдэм и кIуэцIым кIуа щхьэм къытраIэтыкIрэ еплъмэ – еууей мыгъуэ – Солтанщ. Хуламбай Солтан! Хьэдэр зыдэлъ бэным листовкэри дэлъщ.

Дотий и гум къэкIыжащ Солтан игъэзэжу и хьэпшыпым кIэлъыкIуауэ зэрыщытар. Посылкэ къомри къыздишэн и гугъащ. Уэри накIуэ, уи фызыр къыппэплъэу станцым тесщ, жиIэу къелъэIуат. Ар кIуэнуи къыщIэкIынт, асыхьэту дивизэм и комиссарым хуэзэу хуит зыкъригъэщIауэ щытатэмэ. Арщхьэ-кIэ игъуэтатэкъыми, къэмынэжу хъуакъым. Уэ сыножьэу сыщытын сыхущIыхьэнукъым, жиIэри Хуламбайр ежьэри кIуащ. Иджы мес и къэкIуэжыкIэу къызэрыкIуэжар.

Сыту гуузу хэкIуэда, ярэби! Листовкэ къомым хэплъэмэ – Дотий Iэрытхыу письмо гуэри къегъуэт.

Письмор урысыбзэ мыфэмыцкIэ тхат: «я комиссар везот свои част листовка чтоб приводить кавалеристов немецки плен. Прошу оказываит мне всяшеска содейства...»*

– Е зи унагъуэбжэр хуэзыщIыжын! Мыбы ятхарелъ! – жаIэу къызэтричырт абы еджэр.

Дотий унафэ ищIащ хьэдэр щIалъхьэну.

– «Iуащхьэ джафэм» и щыгу дыдэу, нэхъ лъагапIэм деж къыщцыфтIмащэр. КъывгурыIуа? Нэхъ и лъагапIэ дыдэм деж щыщIэтлъхьэнщ, Iуащхьэм «Солтан» фIэщауэ ди къуэшыр цIыхум ящымыгъупщэу я гум къинэн хуэдэу. ЩIыхьу хуэфащэ

къэдгъэнэнкъым, – жиIэу арат Дотий унафэ зэрищIар.

Бэным и щхьэу щыта пхъэбгъум хьэрф дахэ дыдэкIэ тратхащ: «Здесь покоится прах незабвенного батальонного комиссара Солтана Хуламбаева. Носи его имя, курган»** жиIэу.

Хьэдэр щIалъхьэри Дотий псори зэхуишэсри къагуригъэIуащ нэмыцэр зэрымыбэяунур. Iуащхьэр яубыдыжыну аргуэру къызэреIэнур белджылыт. «Дэри еттыжыну Iэмал зимыIэщ. НтIэ, дыкъаукIами, дыкъикIуэтынкъым... Сталин зэрыжиIам хуэдэ къабзэу дызэуэнщ». Листовкэхэм ящыщ гуэр Дотий къищтэри, абыи къеджащ. Листовкэм итт: «...зыри къызытемыкIуэн ди дзэр куэд дэмыкIыу Iуащхьэмахуэ дэкIынурэ ди ныпыр трагъэувэнущ. Зи нэ къаплъэм елъагъу ди текIуэныгъэр къызэрыблэгъар, зыхевгъэп IытIэну фи мымурадмэ, плену зыкъэфт, фымыгувэу ари. Зыкъыдэфтрэ – псэууэ фыкъэнэнщ». ИщIагъ дыдэм деж скобкэм дэту ятхат «комиссархэмрэ журтхэмрэ фымыпIейтей. Абы я лъэпкъ плену къатщтэркъым» жиIэу.

– Ептыныр гугъукъым. Гугъур къытепхыжынырщ, – жиIэрт Дотий, – мы Iуащхьэ къудейм феплъ. МащIэ текIуэда. Иджыри къытетхыжын хуейм гъунэ иIэкъым. Ауэ фымыгузавэ! Благъуэм зыIуригъэлъэдэнур зыIуригъэлъадэмэ, земыпщыпщэжыфу къонэ. Абы хуэдэ къабзэ хъунущ фашистхэри. Мис итIанэ дытезэрыгуэнщи, и фэр IэбжьанэкIэ тетхынщ. Ар ди нэм илъагъуху лъы мащIэ къытщIэкIынкъым. Дапщэ дгъэжауи ирехъу, зы Iуащхьэм зы Iуащхьэр къыкIэлъыкIуэу, зы къуажэм зы къуажэр къыкIэлъыкIуэу къыжьэдэттхъыжынщ. Зы лъэбакъуэ закъуэкIэ фыкъикIуэтынкъым жиIакъэ Сталиным? Ди лъабжьэр фIэгъэнауэ ди пIэм дитынщ. ЩIыр дыдейщ, дыкъызытехъукIащ. А щIым дипIащ, сыкъэвмыгъанэ, жеIэри и нэпсыр къехуэхыу магъ. Зы къэзакъ физ гуэр къыдэупщIат, дэнэ дей фыкъыщыувыIэнур, щIым гъунэ имыIэу щыткъым, жиIэри. Мы щIым тесыр ирекъэзакъ, дэ ди щIыр зыхъумэр къэзакъщ – тIуми ди щIыр ди зэхуэдэщ, советскэщ. Дэри дыаращ, фыкъимыкIуэт, си къуэш цIыкIухэ...

– Комсомол псалъэ узот, комиссар, си щIыбагъ бийр тезгъэ-плъэнкъым, – жиIэри щIалэ дыдэ цIыкIу гуэр къэпсэлъащ, и пащIи и жьакIи къэмыкIауэ. Куэд лъандэрэ зэрымыжеяр плъагъуу, и нэ дахитI мыгъуэр плъыжьыбзэ хъуами къилы-дыкIырт, псывэ щIакIа хуэдэ. ЩIалэр зауэм Iуту Дотий илъэ-гъуат. Минометчикти, и бэкъум минометыр дигъэуврауэ лагъымыр идзырти, здытехуэм еплъырт. Зэуам темыхуэмэ, зэрыфIэфIу иригъапщэрт.

Яхэпсэлъыхьа иужь, куэдрэ сыкъэмыту къэзгъэзэжынщ, жиIэри Дотий полкым я плъапIэм кIуащ, Iуащхьэм тесхэр къигъанэри. Бэным дэлъа листовкэм щыщи, письмо мыфэмыщри Дотий здихьащ дивизэм и комиссарым иригъэлъагъуну. ТелефонкIэ нэхъ мыхъуми епсэлъэн хуейщ. Солтан и хьэдэр

зыдэлъа бэныр Дотий и гум щIыхьат. Сэ нэмыцэу сIэщIэкIуэдар алыхьым къузэритынщ, жиIэу абы хуэдизкIэ щыгуфIыкIырти, комиссарыр нобэ зэрылIыкIын уIэгъэ къытехуэми, солIэ жиIэу гузэвэнукъым.

Полкым я плъапIэр нэгъабэрей хьэуазэ пыпхъуэжьыр арат. Хьэуазэм и кур кърахауэ зызыплъыхьыр абы абгъуэм хуэдэу ист, нэрыплъэ иIыгъыу. Нобэ зи чэзууэ пыпхъуэм тесыр Якъубу къыщIэкIащ.

Муталиевыр уIэгъэ хъуа иужькIэ полкым и командиру ягъэувар Локотошт. Пыпхъуэ джабэм деж хьэ тIысыпIэ тIэкIу ищIауэ, Апчари щыст и коммутаторым бгъэдэсу. Хъыджэбзым бостеикIэ гуэри къыхуагъуэтат, и пыIэм вагъуэ цIыкIуи хэст. Пилоткэм и щIагъым и щхьэц фIыцIэшхуэр, щIакIуэм хуэдэу, и дамащхьэм къытеуэу къыщIощ.

Ахэр зэримылъагъурэ махуитIи-щыи зэрыхъуар, итIани къэхъуакъэщIар куэдт.

– Минометчикхэм иджы телефон яIэ хъуащ, – жиIэри арат Апчарэ гуфIэгъуэу иIэр. КъуэшрокъуэрзыщыгуфIыкIын щIагъуэ щыIэтэкъым.

– Уэ, къеблагъэ, си пыIэ плъыжьу комиссар, – жиIэри Локотош ещIэкъуауэу Дотий къыпежьащ, башыр имыгъэтIылъу. – ПыIэ плъыжь, щIыжысIэр пщIэрэ? Шыпсэ гуэр щыIэщ, хъыджэбз цIыкIу пыIэ плъыжь зэрыщхьэрыгъыу дыгъужьым зэIуригъэлъэдауэ. Ар псэууэ щакIуэм къригъэлащ. Уэри дыгъужьым и жьэм ужьэдэпщхьэри псэууэ укъыжьэдэкIыжащ. Уеблэмэ и дзэри хуIубуду...

– Дотий щакIуэ къыдэIэпыкъуакъым, – жиIэри Апчари къэгуфIащ.

– Жэщти аращ.

Псалъэмакъ щызэхихым, Якъуби пыпхъуэм зыкъригъэщэтэхащ. МысыхьэткIэ абы и къулыкъур нэрыплъэ иIыгъыу ар къудейт. Езы Якъуби абы арэзы техъухьауэ пыпхъуэм тест, зиплъыхьу. Нэхъ жыжьэ умыгъакIуэ закъуэ, ар идэнущ. Дотий хуэдэу дыгъужьым и жьэм жьэдэхуэну и гум жыжьэу къэкIыххэ-нукъым. Уеблэмэ Дотий апхуэдиз лIыгъэм щIыщIэкъур къыхуэ-щIэркъым.

«Дызэдзэкъэн гуэр» жиIэу Локотош унафэ зэрищIам Дотий гу лъитакъым. Апчарэ посылкэ ашыкитI къиихьри, ар зэтриудыху, комиссарым къажриIащ Солтан и бэным и хъыбар. Зыри шхыным еIэбакъым. Апчари и нэпсыр хуэмыубыду гъырт. И нэгум щIэт хуэдэт а лIыр. Абы гущIэгъушхуэу цIыхум яхуищIым хуэдиз зыхэлъ гъуэтыгъуейт. Иджыри, тобэ ирехъу, гущIэгъу иIэу зэрыщытыр арагъэнщ зытекIуэдар. А цIыхубз мыгъуэр къыхуэмызатэмэ, псэууэ къэкIуэжынкIэ хъунт.

Пыпхъуэ жьауэм псори щIэтIысхьащ.

– ТекIуэныгъэм щыщу ткIуэпс закъуэ къытIухуащ. Ар

уафэгъуагъуэ уэшх хъуну, – жиIэри Локотош хъуэхъуащ стэкан цIыкIур къищтэри. Къэнэжауэ яIэри а птулъкIэ закъуэр арат, ари Локотош игъэтIыгъуэу щIиIыгъар тхьэм ещIэ.

Ефа иужь япэ къэпсэлъар Якъубщ:

– Институт къэзухащ. Сыюристщ...

ЩIалэр аргуэру и щIэныгъэм тепсэлъыхьыжу щызэхихым, Апчарэ и гум ирихьакъым:

– ДощIэр. Куэдщ, – жиIэу.

– ИтIани къызгурыIуэркъым мыр: нэмыцэм ди цIыху плену яIэщIыхьэмэ, апхуэдизу щхьэ къыхуэлъэ? Сэ «пленыр къашэ» жаIэу сыщагъэкIуам, тIэу-щэ си тхьэкIумэр яIуэнтIакIэ, соIуэ: и зыц хэбгъэкIуэдыкIынщи, къыджиIакъым жумыIэ, жаIэурэ. ЛегковойкIэ тшащ. ПкърыупщIыхьа иужь а машинэм исуармэм и штабым яшащ. Иджыри Iейуэ псэууэ къыщIэкIынкъым. Мо ди Солтан къращIам еплъ. Псэууэ бэным даIулIэри уафэм кърадзыхащ. Хьэм иращIэнкъым абы къращIар. Догуэ, плен хъу ди цIыхур хьэм пащIу щхьэ щыт? Ар хабзэ?

– Хабзэщ.

– Сыт щхьэкIэ?

– Зи щхьэкIэр куэд мэхъу, – жиIэри Дотий абы и жэуапыр зэрымыжыIэгъуафIэр къаригъэщIащ.

– Зы нэхъ мыхъуми къыджеIэ.

– Япэрей «зи щхьэкIэр» мыращ: мы зауэр къэралитI зэзауэу аракъым. Октябрьскэ революцэм фашизмэр къезауэу аращ. Коммунистхэмрэ фашистхэмрэ зызэраупсеящ, историем и бжьыпэм щхьэкIэ. Ди идеологиер текIуэрэ – ди насыпщ, фашист идеологием лъэгущIэтын дищIрэ – дисыкIащ, лъэпкъыу щыIэр хэунэхъухьынщ, ини цIык Iуи...

– Лъэпкъхэр инрэ цIыкIуу бгуэш хъурэ? – жиIэри куэд лъандэрэ Локотош зэгупсысыр къыжиIащ, – лъэпкъышхуэ, лъэпкъ мащIэ, жыпIэми зыгуэрщ. Генералхэр ягуэшрэ: генералышхуэ генерал цIыкIу, жаIэу. Генералыр генералщи зэфIэ-кIащ. Военнэ званиещ. ЛIыр лIышхуэ хьэмэ лIы цIыкIу, жаIэу абы тращIыхьыркъым.

– Содэ.

– Народ жиIэмэ, ари званиещ, – жиIэу Локотош и псалъэм зригъэукъуэдийрт, – а званиер уиIэмэ, екIуу зехьэ, умыгъэпуд. ПхузэфIэкIрэ, адрей лъэпкъ узыхэтым ухэту щIэ, закъыкIэрумыгъэху. Зи звание, зи доверие дэкIуей офицерыр нэхъ лIыгъэ зиIэр аращи, лIыгъэр насып мыгуэшщ, зыхыумыгъэн...

Якъуб ар идакъым:

– ЗэрыжыпIэмкIэ, лъэпкъ зэхэгъэж пщIы мэхъу: мор лъэпкъкIэ комсостав нэхъыщIэщ, модрейр курытщ, ещанэр – нэхъыжьщ, еплIанэр – генерал защIэщ, жыпIэу. Аращ жыпIам къикIыр.

Локотош Якъуб зыкъыхуигъэзащ:

– Аракъым, юрист. КъыбгурыIуэркъым. Народым звание къезытыр хэт? Езым зретыж. Псори зэхуэдэщ. Зауэм Iутми зэхуэдэщ, щылажьэм дежи зэхуэдэщ. ИтIани зауэм Iут псор зэхуэдэу зауэрэ? Iэмал имыIэу зы къэрабгъэ, къэрабгъитI къахэкIыркъэ? УмыщIэу уIэгъэ нэпцI зызыщI ухуозэ, пабжьэм хэсу атакэ кIуэн имыдэу. Ар текIуэну хуей? Хуейкъым. Мыбы деж щыс комиссарым зы махуэ сэ седэуащ, зауэм хэкIуэдэну щIеIэр къысхуэмыщIэу. Иджы сыкIэлъоплъри – Дотий жиIар пэжщ. Зауэм щыIухьэм деж сыкъаукIми сыкъреукI, схуэукIыр сыукIыху сызэуэнщ, жиIэу зи гум илъым утемышыныхь – зэуэнущ, мыхьыр иригъэхьу. Дауэ сыкъела хъуну пIэрэ, жиIэу къеплъэкIым, ущымыгугъ куэд къыпхуизэуфыну.

– Содэ. Аракъым сэ зи гугъу сщIыр, – жиIэри Якъуб аркъэм еIубащ. Стэкан цIыкIур тригъэувэжри комиссарыр къещхьэукъуэхыным нэсауэ гу лъитащ. – Ар зыуэ къэлъытэ. ЕтIуанэр сыт?

– ЕтIуанэри? Гаагскэ конференцым я конвенцием ди къэралым Iэ тридзакъым. А конвенцием итщ, дэтхэнэ къэралым щыщу плен хъум дауэ хущытын хуейми. Гитлер: «советскэ цIыхуу плен хъуар хабзэншэм хуэдэщ, къащхьэщыжын щыIэкъым», жи...

Дотий и псалъэр зэпеуд:

– НтIэ, щхьэ Iэ трамыдзарэ? – жеIэри Апчарэ жаIэр фIэгъэщIэгъуэну щIоупщIэ.

– Эх, Чарочкэ – Апчарочкэ, адыгэм дауэ жиIат? Сыщыджэлэнур сщIатэмэ, щхьэнтэ згъэтIылъынт. Хэт и гугъэнт ди цIыхур плен хъуну? – жиIэри комиссарыр хъыджэбзым нэщхъыфIэу къеплъащ.

– Плен къыщамыщтэ зауэ щыIэкъым, – жиIэри комиссарым къыдэщIу Локотоши къэпсэлъащ. – Лъэхъэнэ гуэр щыIащ: «Узипленкъым уэ, узихьэщIэ лъапIэщ» жиIэу уэрэдым хэту. А лъэхъэнэр блэкIащ. Конвенцием Iэ трамыдзауэ закъыфIэщIыжауэ арагъэнщ щIытрамыдзар. Иджы мес комиссарым къращIар гуузщ. Бийр къыптекIуэху, нэхъ гущIэгъуншэ мэхъу. Плену мащIэ яIэщIыхьа. Дауэ хъуну иджы а къомыр? Я фэр Iэбжьанэк Iэ трахми, ар щхьэ тефхрэ, жиIэу къащхьэщыжын щыIэкъым. Хабзэншэ жыхуаIэр аращ, сыт епщIэми мэхъу.

– Нэмыцэ сэлэтхэр къызыхэкIар рабочэщ е мэкъумэшыщIэр аращ. Офицерхэр зиусхьэнхэм я бынщи абы и Iуэхур щхьэхуэщ. Дэ тхуэдэм къалъхуа сэлэтхэм абы хуэдиз залымыгъэ щхьэ къытлъызэрахьэрэ? – жиIэу Апчари зыгуэр къригъэжьати, Якъуб зэпиудащ:

– Хэт и сэлэт? КIэпIейкIэщ ар. Фрагъэджащ, пэжу: нэмыцэ сэлэтхэр класскIэ ди Iыхьлым хуэдэщ, къыдэзэуэну хуейкъым, хэбгъэзыхьмэ, загъазэу я зиусхьэнхэм яхэуэжынущ. Абы къинэ-

# НАЛ КЪУТА

мыщIу, Германием я рабочэ классыр ди къэралым къыдэщIы-нущ, жаIэу. Ара? НтIэ, мо сэлэтхэм загъазэу я зиусхьэн офицер-хэр щхьэ ямыукIыжрэ? КъокIуэри къокIуэ... Узыщымыгугъын ущыгугъ хъунукъым, хьэ делэ хьэлывэ щогугъ, жыхуаIэм хуэдэу.

– Псалъэжьыр сэри къызощтэ,– жиIэри Дотий къыпидзыжащ, –уэ уюристщ, институт къэбухащ. – Комиссарыр «институт» псалъэм трикъуззэу псэлъащ, Якъуб и гуапэ ищ Iын хуэдэу. – Ауэ мы зыр зыщумыгъэгъупщэ, ущымыуэн папщIэ: нэмыцэ фашистхэм зауэ къыдащIылIэным и пэ къыихуэу я рабочэ движенэр хьэбэсабэ ящIри кIэ иратащ. Рабочэм пашэу яIахэр ирагъэсыкIащ, тутнакъэщым щIадзащ. Иджы фашистхэр ди щIыналъэм итхуу, езым я щIыналъэми дынэсрэ я рабочэ классыр зэфIэдгъэувэжыну апхуэдэ къалэн ди пщэм къыдэхуащ. Гугъу жыпIэмэ, гугъущ. Уи Iэдакъэм лъыпсыр къыпыжу зэуэн хуей жыпIэмэ, хуейщ. Аращ сэ дауэ сыкъела хъуну щIыжызмыIэр. Уи щхьэ хъума зэрыхъунум уегупсысу узауэмэ, къэбзэунур кIэпIейкIэщ. СыкъаукI рэ– нэгъуэщI псэууэ къелынщ. Сэ сыкомиссарщ, япэм чекисту сыщытащ. Псэууэ нэмыцэм саIэщIыхьэрэ – кIапсэ лэрыгъу фIэкIа сызыщыгугъын мэхь-мэхь. НтIэ, узауэу укъаукIыным нэхърэ нэхъ насып сыхуей. УлIэнми лIыгъэ хэлъщ, жиIащ пасэрейм. Сталиным «Зы лъэбакъуэкIэ фыкъи-

мыкIуэт» жиIащи, сыкъимыкIуэтурэ сыкъреукI...

Коммутаторыр къэвыуати, Апчарэ къыщылъэтри трубкэр къищтащ.

Телефон къеуэр Албиянт. И дэлъхум деж батареем телефон зэрашэ лъандэрэ Апчарэ ищIэн щимыгъуэткIэ, Албиян телефонкIэ епсалъэрт. «Дауэ ущыт?» жиIэу еупщIрэ, и дэлъхур нэхъыбэIуэрэ къепсалъэмэ, дагъэ къыщихуат. Модрейм и псалъэр кIэщIт: «Аргуэру уэра ар?» – жиIэрти. ИтIанэ езы Апчарэ и гум къигъэкIыжырт и анэр, Иринэ, Данэ цIыкIу сымэ. «Сабий цIыкIум къигъэхьа сурэтыр умыгъэкIуэдауэ пIэрэ?» – жиIэу щыщIэупщIи къэхъурт.

Иджыпсту Албиян зыхуейр капитаныр арат.

Локотош трубкэр къищтащ.

Комиссарри къыпэджэжащ:

– Зы сыхьэт нэхъ мыхъуми сымыжеину Iэмал зимыIэщ. Си нэр схузэтехыркъым, – жиIэри.

Дотий пыпхъуэ щIагъым деж зигъэукIурийри занщIэу Iурихащ.

Якъуби и плъапIэм дэпщеижащ. Ар зэрыс абгъуэм уисыныр тыншт, зэран къыпхуэхъу щымыIэуи угупсысэ хъурт. Комиссарым жиIам уимыгъэгупсысэнуи Iэмал иIэтэкъым.

АрщхьэкIэ Якъуб и гупсысэр Апчарэ, пыпхъуэм къыдэмыкIуейуэ къаджэри, къызэпиудащ:

– Ей, юрист, зэхэпхрэ? Телефоныр къоджэ, – жиIэри.

Якъуб ныбапхъэкIэ пыпхъуэм зыкъригъэщэтэхри трубкэр къипхъуэтащ. Телефон къеуэр прокурору Якъуб къыхуагъэфэщауэ щыта къулыкъум тетыр арат. А прокурорыр Якъуб екъуэншэкIа хуэдэу къыфIэщIыжырти, лэжьыгъэ гуэр Якъуб къызэрыхуигъуэтыным и ужь итт. Ноби арат: IуэхутхьэбзэкIэ къыщыгугъырти, ириджащ, «икIэщIыпIэкIэ къэс си деж» жиIэри.

– КъэхъуаIа? – жиIэри Локотош щIэупщIащ.

– Къэрабгъэ гуэрым суд тетщIыхьынущ...

Апчарэ ар зэхихауэ егупсысырт: дауэ къэрабгъэм суд зэрытепщIыхьынур? Къыкъыр зэрыкъыкъым щхьэкIэ суд тращIыхьрэ? Е, псалъэм папщIэ, Джэрдж ПIытIу щIыбышэщ, жаIэу судым ирата? Зоотехникыу ягъэлажьэри мэлажьэ.

Нэрыплъэ иIыгъыр Локотош иритыжри, Якъуб ежьэжащ. Комиссарым зыгуэр жриIэну и гум къэкIати, Дотий IэфI дыдэу жейуэ щылът. Ирикуу хэт къыигъэушынт ар, зауэм къыигъэушмэ, къыигъэушащ.

*Япэ псалъащхьэ*

## 1. НАЛ КЪУТА

Гъэмахуэ шылэр икIри хуабэр нэхъ кIащхъэ хъуат, август

мазэр къихьагъащIэу. Нартыхур, мэзым хуэдэу, хадэм итт, жьыбгъэ тIэкIу къыкъуэумэ, нартыху бзий инхэр зэрихуэу. Жыгым къапыкIари абы хуэдизу куэдщи, къекъутэ – жыг къудамэр щIым щылъщ, пытыр зэрыпыту. Къуажэм дэсыр губгъуэм итщ, гуэдзыр Iуахыжри. Iэщу Къущхьэхъу щыIэр къехыжмэ, гуэдзыпкъэм итынущи, псори мэпIащIэ.

ЛIыжь зырыз унэ хъумэ хуэдэу, сабийхэм якIэлъыплъыну къыдэнати, нобэ мэжджытым кIуат молэм и уазым едэIуэну. Хьэбиби къуажэм къыдэнэрэт, Хьэблашэ мыхъуатэмэ, жэм шэ пэгуныр зехьэн хуейщ, IускIэ ухуэбэлэрыгъыну Iэмал иIэкъым – шэм кIэричынущ. Махуэм тIэу къэшын хуейщ. Ей, абы хуэдэ жэм уигъэлъыхъуэнщ!

Нышэдибэ радиом зэрыжиIамкIэ, фронтыр Тихорецк адэкIэ щыIэщ, мыбы къэсыни къэмысыни. ЩIалэ цIыкIухэри зэрызехьэу уэрамым дэтщ, пхъэ сэшхуэ яIыгъыу зэзауэ хуэдэу мэджэгу. А махуэм къуажэр къэзыгъэбырсеяр а щIалэ цIыкIухэри аракъэ.

– УIэгъэ защIэу дзэ!

– Фронтым къигъэзэжауэ къокIуэ!

– Ди дзэр къауIащ!

– Фронтыр къэкIуэтащ!

Ар жаIэу цIыкIухэр зэрызохьэ.

– Хэт и фронт, сытыдзэ къауIар?

– Мес. Къэсащ, я уIэгъэр япхауэ...

Мэжджытым щIэсхэри къыщIэжащ, молэм жиIэнур жрамыгъэIэу. Хьэбиби, бэкхъым щIэтати, къэгузэвауэ уэрамымкIэ къажэрт:

– Ей! ФыкъэувыIэт зэ, жьым есу псым епыдж! Хэт и уIэгъэ зи гугъу фщIыр? – жиIэу.

АрщхьэкIэ щIалэ цIыкIухэр къыпхуэувыIэн. Хьэгъапхъэ цIыкIухэр зэрыгъэкIийуэ абрикос гъуэгумкIэ мажэ. Къуажэри къызэщIэIэтащ, я унэ щIэмызэгъэжу.

– ФынакIуэт. Сыт мыгъуэу пIэрэ къэхъуар? Абрикос гъуэгумкIэ псори макIуэ! – жаIэу зым зыр игъэгужьеяуэ зэрызохьэ.

Псыхуабэ къалэм и гъуэгур арат абрикос гъуэгукIэ зэджэр. Темыркъан тхьэмыщкIэм а гъуэгум и гъунитIым ирикIуэу абрикос жыг хисати, абы лъандэрэ а гъуэгум арат зэреджэр. Жыгым пыта абрикосыр пымытыжми, гъуэгурыкIуэр жыг жьауэм щIэсу загъэпсэхуу куэдрэ плъагъурт. Иджы щIалэ цIыкIухэр жыгым дэпщеяуэ плъэрт я нэр къихуу.

Гъуэгу гъунэм деж бгъэнышхьэ унэжь тIэкIуи тетт. Ари Темыркъан мыгъуэр пенсым ягъэкIуа иужь, пщIэншэу ахъшэ къеIысхынукъым, жиIэри езым ищIауэ щытащ. Абдеж дыдэм колхозым щIы къаIихри хъарбыз хади ищIат, гъуэгурыкIуэм хъарбыз яригъэшхыну. Темыркъани дунейм зэрехыжрэ мащIи щIа, иджы унэжь цIыкIум зэреджэр «Темыркъан и хьэщIэщщ».

Хъарбыз хадэм щыщ щыIэжкъым.

Хьэбибэ, шэ пэгуныр зэриIыгъыу, уэрамым къыдэлъэдащи, Данизэтхэ я деж мажэ:

– Ей, пехьэбжьэ, жи! ПсынщIэу, Данизэт. Фызышэр къэсащ.

– Сыт, на-а, жыпIэр! Хэт и пехьэбжьэ. Нобэрей дунейкъутэжым фызышэ щыIэ. ПыIэ зыщхьэрыгъ жылэм дэмысыжмэ, шу гъусэ къудей дэнэ къик Iын? – жи Iэу Данизэти зыхуихьынур ищIэркъым.

– Фронтыр къэкъутащ. ЖысIатэкъэ ар? Нацдивизэр щхьэж и унэ бжэнлъакъуэщ. IэнэщIу дауэ дапежьэн, на? Пехьэбжьэ тIыгъын хуейщ. Фадэ диIами, батырыбжьэт яхуэфащэр. Гъуэмылэ уиIэмэ, ари босын – къащтэ. Сэ шэ пэгун сохь. Сэ хуэзмыщIэжми, Бекъан алыхьым къыхуищIэж – жэм къызитам хуэдэ уигъэлъыхъуэнщ.

ТхьэмыщкIэ мыхьэзыр щыIэ, жыхуаIэм хуэдэти, Данизэти къежьащ.

Жыжьэу уплъэмэ – абрикос гъуэгум цIыхур тезщ. Лъэсу къакIуэ къомым я нэхъыбэр уIэгъэщ. Нарцанэрэ ЕсэнтIыгурэ госпиталу дэт къомым уIэгъэу щIэлъар къызэрехьэжьауэ зи лъакъуэ къыщIэувэр щхьэхьу къокIуэ. Гъуэгуанэ хьэлъэм лъэрымыхь мащIи къытена...

ЯмыщIэххэу фронтыр Армавир деж нэмыцэм къыщызэпатхъати, окопэ къагъэхьэзырауэ щытар ди дзэм яубыдыпIэ имыхуэу къызэрыIухащ. Абдежым ирихьэлIэу госпиталхэри эвакуировать ящIу и ужь итт, нэхъ уIэгъэ лъэрымыхьхэр мафIэгукIэ дашри нэхъ лъэрызехьэхэр, зэрыплъагъуущи, мес къокIуэр.

Хьэбибэ шэ пэгун зэриIыгъыу абы хуэдизу псынщIэу макIуэри Данизэт лъэщIыхьэххэркъым. Дауи мыкIуэнрэ – Албиянрэ Апчарэрэ иджыпсту яхуэзэн и гугъэщ. ТIум языхэзым хуэмызэми, я хъыбар зыщIэ хуэзэнкъэ.

УIэгъэ хъуауэ къакIуэм я лъакъуэр къалъэф жыпIэнщ. Тобэ Iистофрилэхь, дуней хьэзабыр мыбы я натIэ щхьэ хъуа, жиIэу Хьэбибэ и гур мэуз. Баш зыIыгъым иIыгъщ, зымыIыгъри ещIэ-къуауэу, уIэгъэр зэрыпха хъыданыр хьэлэчу сабэм иуауэ елъэф. КилометрищэкъэзыкIуа цIыхур ешаелIащи, бауэбапщэщ.

– А зи анэ мыгъуэ тхьэр еуа, – жиIэри уIэгъэ къомыр щилъагъум, Хьэбибэ и щхьэфэцым зиIэтащ. Гъуэгу гъунэм къеувэкIауэ цIыхубзу зэхэтым щIэ щIэттэкъым. Хэт нэмэзыбзэ къебж, хэти къогъых. ЛIыжь къоми, я башыр зыщIагъэкъуауэ, гъуэгум тетым яхоплъэ, дыдей яхэту пIэрэ, жаIэу.

Гъуэгум лъэсыр лъэсщ, гур гущ, шур шущи, я псэр дзапэкIэ яхьыр жыхуаIэм хуэдэу гуузщ. Машинэ зырыз къакIуэу плъагъумэ, шэрхъыр гуфэм щихъуэу, цIыхури хьэпшыпри изщ.

УIэгъэу зи лъакъуэ къыщIэувэм и насыпу къалъытэ –

нэмыцэм япэщIэмыхуэу къаIэщIэкIащи. Я бинти я щыгъыни сабэм иуащ, пщIэнтIэпсри къапоху. МахуитIкIэ абы хуэдиз бэлыхь птелъу гъэмахуэ хуабэм ухэту гъуэгу утетыныр сыт хуэдэ? Пхъэ лъакъуэкIэ къикIухьу емысахэм я блэгущIэр хьэлэчу трихащи, ари къуийм и щIыIу гуэрэф жыхуаIэм хуэдэщ. Зи Iэ къутауэ шхэпсым хэлъым и Iэ къутар сабий цIыкIу ихь хуэдэу и IэплIэм илъу макIуэ. Зи щхьэ пхам лъыкъуалэр бинтым къыщIэжурэ и пщампIэм дэлъадэ щхьэкIэ, фIэмыIуэхуу и гъусэм и дамэр иIыгъыу йолъэкъуауэ. Къаруи псэруи къызы-хуэмынам и блыпкъыр яIыгъщ, е гу кIуэм бгъурытщи, къызэры-темынэным и ужь итщ. Нэмыцэр танкрэ машинэрэкIэ къакIуэ пэтрэ къалъэщIыхьэркъым.

– Мо шым еплъыт. Ар шы хъужын? – жиIэрт а къакIуэ къомым нацдивизэм ящыщ яхэту зи гугъэм.

Жыг жьауэм щIэту фыз къэкIуа къомым я кIарзинкIэ, матэкъуаншэ, пэгун сытхэр ирагъэувыкIащ. Лэкъум, хьэлу, мыIэрысэ, кхъужь, пхъэгулъ – зыгуэр зэрымылъ щыIэкъым. Шэ е шху ярыту кхъуэщын, пэгун яIыгъщ. ЩIалэ цIыкIухэм шейныч яIыгъыу мычэму псы къахь. Зи къекIуалIи, уигу ирихьрэ – къеIых.

Данизэт нобэ хуэдэу урысыбзэкIэ Iэзэу зыми и гугъатэкъым.

– Ей, син, бери – кушай! Бери – кушай! – жиIэу чыржынрэ кхъуейрэ яхуеший.

Данизэт и урысыбзэр адрейхэми къабыл ящIауэ:

– Бери, син, бери – кушай! – жаIэу зэхэтт.

Фыз псоми бзэкIэ ятекIуэр Хьэбибэти, ар аргуэру IупщI къэхъуащ:

– Ей, товарищ, мой сын... Албиян, минометный командир... видаль?..– жиIэу яхэупщIыхьырти. Фызыжьыр зыхуейр модрейхэми къагурыIуэрт:

– Ищи, ищи, может и есть здесь...

ЦIыхур нэхъ мащIэ хъуртэкъым. Военнэри мывоеннэри зэхыхьэжауэ Минвод лъэныкъуэкIэ псори къэукхъуауэ къакIуэ хуэдэт. Машинэ, гу сытхэм дохутыри санитарки ису къакIуэрт. Нэхъ гущIэгъу зиIэхэр къэувыIэрти, зи уIэгъэ пхэн хуейм хуапхэрт.

– Уи фэр гъущIми, мыбы хуэдиз бэлыхь дауэ пхуэшэчын мыгъуэ? – жиIэу Данизэт къогъых защIэ, и къуэ закъуэр а къомым зэрыхэмытыр ищIэ пэтми. Чокэ, зыкъом щIауэ дэкIащи, нобэ къыздэсым къуршым итщ, тхьэм ещIэ здэщыIэр. Чокэ и закъуэ? Бекъан зы хъыбар иIэкъым. Зэадэзэкъуэм Iэщыр эвакуировать ящIыну унафэ хуащIащ, жаIэу зэхихами, и пэжыпIэр Данизэт ищIэркъым.

ЩIалэ цIыкIухэри ешрэ! Псыхъуэм нэс жэурэ псы къахь, гъуэгурыкIуэ къомым я псыхуэлIэ ирагъэкIын я хьисэпу. Асы-

хьэту цIыкIухэри шейныч, кхъуэщын Iэлъэныкъуэ яIыгъар ягъэуври, жыгым допщейхэр, зы хьэлэмэт гуэр къалъэгъуауэ. Иныкъуэри зэрызехьэу а къакIуэу ялъэгъуам пежьауэ мажэ:

– Нацдивизэр къэсыжащ! – жаIэу.

– Ди дзэр мес!

– КуэдIей мэхъур!

– Шуудзэ, шуудзэ...

ЩIалэ цIыкIухэр здэжэмкIэ Хьэбиби плъэмэ – шу отряд къакIуэу елъагъу.

– Налыр къутащ, – жиIэу Хьэбибэ и гум къэкIащ, илъагъур зыхуихьынур имыщIэу. ИгъащIэм хабзэщ, нал гъуэгум телъу къагъуэтмэ, фIым щыщщ, жаIэу, гъущIыпэр я унэ къахьрэ бжэщхьэIум траIулIэу. Нацдивизэр дагъэкIа и ужь куэдым я бжэщхьэIум нал траIулIат, ди щIалэхэр тхьэм фIыкIэ къытхуихьыж, жаIэу. Хьэбиби налыжь гуэр къихьри триIулIащ.

Плъэт иджы, – къутакъэ налыр. Нал къутахуэ мащIи Сал губгъуэ къина?

Шу къакIуэр лъэсхэм нэхърэ нэхъ хуэмыжу къакIуэрт. Яшхэр абы хуэдизкIэ увыIати, къахуэмыкIуэу шхуэмылакIэкIэ къалъэфырт, шым тесари къепсыхауэ. Хьэбибэ, къэуIэбжьащи, и IэлъэщIыр зытрелъэф, ищIэр имыщIэжу. Машинэ е гу ирехъу – шу тIэкIум обоз зи цIэ яIэкъым. Апчари яхэт, яхэмыт? Шым я ныбэр иуэжауэ джэдум ещхь хъуащ, тхъурымбэр ятегъуэжауэ, я щхьэр къахьыф къудейщ.

Шум хэт нэхъ ещхь жыIэт? Якъуб закъуэщ. Абы шы зэблихъун иIэу зыми ищIэртэкъым.

Шу гуп къакIуэм я ужьым лъэс зыкъоми итт, я шы лIам телъа уанэр я щIыб илъу. Уанэ уиIэм, шыи бгъуэтынщ, жыхуаIэм хуэдэу.

Колоннэр хуэмурэ гъунэгъу къэхъурт. Отрядыр нэхъыби хъурт, арщхьэкIэ Якъуб зыкъомыр я унэ иутIыпщыжащ, махуэ зырыз пIальэу яритри. Абы ищIыIужкIи къеупщIи сыти щымыIэу нартыхум зыхигъэпщкIуауэ кIуэсэжаи къахэкIащ.

Мэшыкъуэдэсхэр шум яхэплъэрт я нэр къихуу. Куэд дэмыкIыу Мэшыкъуэм ящыщу зы щIалэ яхэту къалъэгъуащ.

– Ермэн! Мес Ермэн яхэтщ! – жаIэу зэрыжылэу зэрыгъэкIийрт.

Абдежым ирихьэлIэу, губгъуэм итахэми нацдивизэр къэсыжащ, жаIэу щызэхахым хьэмым тетари, мэкъум щыIари, огородым итари зэрызехьэу къэсат, я лэжьыгъэр къагъанэри. Абыи гъуэмылэ къахьат.

Якъуб къишэжа тIэкIум фIэкIа щамылъагъум, псори къэнэщхъеящ. Нацдивизэ щыжаIэм, ирагъэжьауэ щыта шу къомыр къэсыжа я гугъат.

Мэшыкъуэ фызхэр гъуэгум тезу теувати, Якъуб къэмыувыIэу къэнэнт. Балэхэ Ермэн къаувыхьауэ пкъроупщIыхь, ар-

щхьэкIэ дивизэ псом къащыщIар а щIалэм дэнэ щищIэн, езыр музыкауэм яхэту дзэм и щIыбагъым дэтащ. ИтIани узэупщI хъунур а зыр арати, Хьэбибэ щIалэм бгъэдэуващ. Апчарэ и хъыбар ищIэу къыщIэкIынщи, псори яфIэгъэщIэгъуэну йода Iуэ.

Ермэн зэрыжиIэмкIэ, дзэр Псыхуабэ къыдэкIри куэд къамыкIуу шыгу защIэу гуищ-гуиплI хуэдиз сабий изу къахуэзащ. Детдом гуэр эвакуацэ кIуэуэ къыщIэкIынт. Авиацэм зыщахъумэу шухэр нартыхум бгъурыту къакIуэрт. Пэжыр жыпIэмэ, Якъуб гъуэгу и пIалъэ ищIэу къыщIэкIат. Машинэ къадежьауэ щытар гъуэгум къытенамэ, къыщIытенар бензиныр яухати аращ. Ари мафIэ ирадзри ягъэсащ, бийм IэщIэмыхьэн папщIэ. ИтIани топищ яIар ягъэкIуэдакъым, уеблэмэ топыши яIэщ. Жэщипл I-махуиплIкIэ къэмыувыIэу къэкIуащ, етIысэхыгъуэ ямыIэу. «Дешащ-делIащ» жызыIэ къахэкIмэ, «дынэсыжмэ, зывгъэпсэхужынщ» жиIэ фIэкIа, къэувыIэ лъэпкъ Якъуб идакъым.

Тамбукъан гуэлым къэсауэ нэмыцэ авиацэр къатеуати, шухэр нартыхум хэлъэдащ. Сабий къомыр зэрыс гухэр гъуэгум къытенащ, тхьэм ещIэ, фызхэм я гугъа сабийхэм я гугъу къащIынкъым, жаIэу. АрщхьэкIэ дэнэ – нэмыцэр «сабий, балигъ» жаIэу еплърэ, бомбэр къытрапхъэу хуежьащ. Гын Iугъуэри сабэри зэхыхьэжауэ зыри плъагъужыркъым. Шыгухухэр гужьеяуэ шыр хьэмкIэу яхуурэ яIэщIэкIын я гугъами, къехъулIакъым. Шы дэнэ къэна, хамут къудей умыгъуэтыжу хьэбэсабэ хъуащ. Зы гур гуэлым хэлъадэри хэнауэ къелащ. ШитI щIэщIари псым етхьэлэ...

Ар щилъагъум, Апчарэ и пIэм изэгъэнт. ЖэрыгъэкIэ жэурэ сабий къомым яхэлъэдащ. Детдомыр эвакуировать зыщI фызхэри иукIауэ гъуэгум телъщ. Зы псэууэ къелащи, ари и акъылым икIащ. Сабий къомри хьэлэч зэтехъуащи, уIэгъэ хъуари, гужьеяуэ гъыри, иукIыпари къыпхуэщIэркъым.

Нэмыцэм ящIэнур ящIэри ягъэззэжащ.

Шухэри я шым къепсыхауэ Апчарэ дэIэпыкъурт. Гуэлым хэна гур къыхалъэфыж, Iэпслъэпсым илъэхъа шыр къыщIатIыкIри ягъэувыж. УIэгъэ хъуа цIыкIухэм я уIэгъэр Апчарэ яхуепхэ. Сабий хьэдэ цIыкIухэр зэхуахьэсурэ щхьэхуэу ягъэтIылъ. Отрядыр имыгъэгувэу, я гъуэгум хагъэщIын щхьэкIэ, Якъуб щIалитI Апчарэ къыхуигъанэри адрейр иришэжьэжащ. Нэмыцэхэми аргуэру къагъазэу къахэуэнкIи шынагъуэт. Якъуб и отрядым щыщ зыбжани уIэгъэ хъуащ, зы топи икъутащ.

Грузовик гуэр къакIуэу къагъэувыIащ, губгъуэм къина сабийр ирагъэтIысхьэну. Машинэр зейм ар щамыдэм, Якъуб кIэрахъуэ къиха яжьэхиубыдэри хуэмыхъуу иригъэдащ. А машинэм ису Апчарэ сабийхэр Налшык ишэри кIуащ, детдом гуэр абы щыIэмэ, къулейсыз хъуа цIыкIухэр яриту отрядым

къигъэзэжын и мураду. Арат Апчарэ и хъыбару Балэ Ермэн жиIар.

Адэк Iэ Апчарэ и Iуэху зэрыхъуар Ермэн дэнэ щищIэнт.

Апчарэ Налшык нэсауэ детдом лъыхъуэу уэрамым дэтт. Детдоми дэнэ къипхын, къулыкъущIапIэу щыIэр пIащIэтхъытхъыу эвакуацэм макIуэ. Нэмыцэр абы хуэдэу псынщIэу къэсын я гугъауэ къыщIэкIынтэкъыми, цIыхур Iэрпхъуэр хъуат. Армавир деж оборонительнэ линие щащIар нэмыцэм зэпытхъыгъуафIэу зэпатхъынкъым, жызыIэу щытари щIегъуэжауэ къыщIэкIынт.

Апчарэ, дэнэкIэ кIуэми, жэуап къезытын игъуэтыртэкъым. Налшык дэта детдомхэри эвакуацэ кIуэрт, я хьэпшыпыр зэщIакъуауэ.

ИщIэнур имыщIэу Апчарэ наркомпросым щIэлъэдащ. Наркомым и кабинетым щыщIэлъадэм, наркомыр щIэту илъэгъуащ, портфель иIыгъым тхылъымпIэ сытхэр ирикуэу. И фэкIэ наркомыр лIы гъэшха нэкIуплъ гуэрт, карточкэкIэ псэууэ зэрыщымытым гу лъыптэу. Апчарэ къыщилъагъум, къызэрыхуэгузавэ щымыIэу къыпежьащ:

– Сынаркомами, сынаркомыжкъым, тIысэ. Адрейхэм сахуэдэ къабзэу эвакуацэ сок Iуэ. ИкIэщIыпIэкIэ зегъэхь – ди детдомыр нобэ докI. Iэмал иIэмэ, къэгъуэти, уи сабийр ет, – жиIэри.

Апчари гужьеящ, сабийхэр магъ, здихьынур ищIэркъым. Абдеж къыздикIари къыздихуари имыщIэу Хьэталий къыхуозэ:

– Чарочка – Апчарочка! Уэра ар?

Апчарэ къызэплъэкIмэ, Хьэталий уэншэку гуэрым изу хьэпшыпыр ирикуауэ шумэдан фIыцIэшхуэри иIыгъыу елъагъу.

– Хьэталий! Сыту фIыщэ мыгъуэу укъэзгъуэта! – жиIэри Апчари къэгуфIащ. – Дунейм хьэтыр щыIэжыххэмэ, къыздэIэпыкъу. Мо сабий къомыр здэсхьынур къызжеIэ.

– Сабий, жыпIа? Зэ умыпIащIэт...

Апчарэ и гугъат Хьэталий къешхыдэну, фронтым дыщыкIуам зыбгъэкIуэдри дыплъыхъуэу губгъуэм дыкъибнауэ щытащ, жиIэу. АрщхьэкIэ Хьэталий ар и пщIыхьэпIэми къыхэхуэр-тэкъым. Абы лъандэрэ мащIи щIа, мащIи къэхъуа.

Хьэталий Iэджэми щIэупщIэнут. АрщхьэкIэ хущIыхьэрэ? Псори я щхьэ зэрыдахынум и ужь итщ. Наццивизэ ирехъу, Якъуб и отряд ирехъу – зыми и хъыбар налшыкдэсхэм ящIэртэкъым. Псори Орджоникидзе къалэ кIуэну аращ зыщIэкъур. Хьэталии аращ – и уни сыти къигъанэри къежьащ, Осетием я дежкIэ иунэтIауэ. Абы къыщцыувыIэми идэнут, фронтым ягъэкIуэнкIи хъунущ...

Эвакуацэм кIуэну зызыгъэхьэзыра детдомыр къагъуэтащ. Зы грузовик закъуэ яIэти, къытевэу хьэпшыпыр илът, абы и

щIыIум сабий цIыкIухэр тезу тест. Воспитательницэхэм я шумэ-даныр здахьынур ямыщIэу къажыхьырт.

Апчарэ сабий къишар шилъагъум, директорыр къэгубжьащ, ауэ жыжьэу зригъэпсэлъэн имыдэу:

– Иджыпсту щхьэпылъэ сыфщI, зы сабий къыфIысхынкъым. Зы сабий закъуэ.

– КъеIыпхын дэнэ къэна, си къуэш,– жиIэрт Хьэталий зигъэтэмакъкIыхьу, егъэджакIуэм диктант еджакIуэ цIыкIухэм щаригъэтхкIэ псалъэр зэрызэпашым хуэдэу зэпишу. – «Си сабийкъым» жыхуэпIэр сыт? Уи сабийр къэзылъхуам хуэдэкъэ ахэр къэзылъхуар? КъыIыумыхмэ – военнэ трибунал щыIэщ...

Директорыр къэгузэващ. Машинэм тес цIыкIухэм нэхъ лъэрызехьэу яхэтыр кърригъэхри мо сабий ешаелIа цIыкIуу къыхуашар тригъэтIысхьащ. Документ сытхэми ущIэупщIэныр зыми щыщтэкъым, спискэ къудей яIэтэкъым.

Сабийхэр детдомым ярита иужь, Апчарэ зы дакъикъи зимыIэжьэу Иринэ деж жащ.

Иринэ и гъунэгъуу егъэджакIуэ лIыжь гуэри хуэзати, къыжриIащ: эвакуацэ кIуэну зи хьисэп командир фыз къомым яхэту Иринэ махуитIкIэ военкоматым я пщIантIэм дэсати, я гугъэр хахыжауэ вокзалым кIуащ, жиIэри. Военкоматым транспорт ямыIэр дэнэ кърахын. Иринэ хьэпшыпу иIэр шумэданитIым дигъэхуащ, дэмыхуэр и IэплIэм илъщ – сыт ищIэн. Езы егъэджакIуэри вокзалым махуитIкIэ тесри, мафIэгум имытIысхьэфу къигъэзэжащи, щысщ, зэрыхъу хъунщ, жиIэу.

Вокзалым нэс ужэнри жыжьэ. УэрамыкIэм дежщ. ЕгъэджакIуэри Iэджэми щIэупщIэну Апчарэ иригъэблагъэ щхьэкIэ – дэнэ, Апчарэ, мэжалIэ лIэми, унэм щIыхьэн имыдэу ежьэжащ.

Нацдивизэр щыдэкIынум щыгъуэ парад ящIауэ республикэм и Iэтащхьэхэр зи балкон тета унэшхуэм деж цIыхухэр щызэрызехьэрт. МафIэ ящIауэ унэм къыщIах архивыр ягъэсырт, папкэхэр зэрыпапкэу хадзэурэ. Сосмакъ ТIалиб архив зыгъэсым яхэту илъэгъуа щхьэкIэ Апчарэ бгъэдыхьакъым. Унэ щIыхьэпIэм деж машинэшхуэхэр щытт, хьэпшыпыр изу. «Эмкэ» машинэм и щхьэм фикус жыг зэрыт чей тегъэуващ. Шы зыбжани уанэ ятелъу щытти, Апчарэ и гум къэкIащ, Якъуб мыбы къэсауэ пIэрэ, жиIэу. АрщхьэкIэ Апчарэ къэмыувыIэу зыблригъэхащ.

Вокзалыр хьэрийкурийт, бгъэдыхьэпIэ къудей имыIэу. Абдежым цIыхуу щызэхэтыр Iупшын щхьэкIэ мафIэгу дапщэ ухуей? Зы махуэкъым, махуитIкъым а къомыр мафIэгум пэплъэу зэрызэхэтрэ. МахуэкIэ хуабэIейщи, жыг щIагъыр зылъысам и насыпу къелъытэ.

Мыбдеж щымыIэ щыIэ? Одессэ, Николаев, Киев, Днепропетровск, Ростов, Ленинград, Москва – дэнэ къали къикIыу нэгъабэ эвакуацэ къэкIуар иджы зэрыдэкIыжынум и ужь итщ.

А къомым ищIыIужкIэ налшыкдэсхэу мащIэ хъурэ мафIэгум пэплъэр. Перроным тетхэр зоныкъуэкъу.

Апчарэ зеплъыхь, адэкIэ-мыдэкIэ мажэ, сабий зи гъусэ фыз илъагъумэ, бгъэдолъадэ. МафIэгу гуэр, вагонхэр зэхэкъутауэ, зэхэцIэлауэ, нэхъыбэм я щхьэгъубжэр хэмылъыжу къытелъэдащи, псори абы итIысхьэну йоIэ, зэрогъэкIий, зэрызохьэ. Сабийхэр магъ, фызхэри аращ. ЦIыхухъухэм я макъыр икIащи, заущэхуауэ Iэпщацагъэк Iэ мафIэгум итIысхьэну я пщампIэр зэрыубыдащ.

– Апа! Тетя Апа! – жиIэу сабий макъ цIу цIыкIу Апчарэ и тхьэкIумэм къиицырхъащ. Апчарэ къызэплъэкIмэ – Иринэ жыг щIагъым щIэсщ щхьэукъуэу, шумэданитIри и щIэгъэкъуэнщ. Данэ цIыкIу джэгуу и щхьэ трегъэужри щысщ, сабэм хэсу.

Апчарэ занщIэу зытриубгъуащ, жейуэ щыс и нысэр игъэгужьейуэ. Иринэ къызэщыуащи, цIыхубзитIым я нэпсыр къежэхыу IэплIэ, ба зэхуащI. ТIури магъ, мэдыхьэшх. Иринэ зыкъищIэжа щхьэкIэ жиIэнур ищIэркъым.

– Дэнэ укъикIа? МыпщIыхьэпIэу пIэрэ мыр? – жиIэу Иринэ и нэм щIоIуэтыхь.

– Ди нэгу щIэкIыр пщIыхьэпIэу щыта мыгъуэтэми! Абы нэхъ насып дыхуейт!

– Фронтым укъикIа? Сыт хъыбар?..

– УмыпIащIэ, псори бжесIэнщ.

Апчарэ пхъуэри сабий цIыкIур къиубыдауэ IэплIэ, ба хуещI.

– Хэт и гугъэнт фыслъагъужыну? Хэт и гугъэнт... Дауэ сыкъелами сщIэркъым.

– Албиян сыт и хъыбар?

Апчарэ зэхимых хуэдэу зищIауэ сабийм доджэгу, Ирини псэкIэ къищIащ, къыхуэщхьэкIуэн и гугъэуи щIоупщIэ:

– Албиян сыт и хъыбар? Щхьэ жумыIэрэ?

– Сыт Албиян? Хъарзынэщ... УIэгъэ хъуащ. Госпиталым щIэлъщ.

Иринэ и нэм нэпсыр щIэз хъуауэ дунейр зэрыдунейуэ псым щIигъанэ хуэдэу къыфIощI.

– Си псэм ищIат. ПщIыхьэпIэ Iей слъэгъуат...

– Адрейхэм къащыщIар пщIэмэ, Албиян къыщыщIар зырикIщ. УIэгъэ зэрыхъуу госпиталым яшащ. УIэгъэ мащIэ госпиталым нэмысу танкым зэхапIытIа? Комдивым сыкъигъэгугъащ: «Албиян зэрыхъужу си деж къэсшэнщи, дызэгъусэнщ», – жиIэри. Комдивым и Iэр субыдыжащ. Дивизэм север лъэныкъуэмкIэ иунэтIащ. СталинградкIэ кIуауэ жаIэр. Дэ мыбыкIэ къэдгъэзащ. ТлъэкIыу къэдгъэза уи гугъэ? Нэмыцэм дыкъахуащ. Ди анэр сыт хуэдэ? Псэу?

– Дэсщ къуажэм. Эвакуацэ кIуэн идакъым.

– Си фIэщ мэхъу. Ди адэм и мащэр къигъанэу ар хьэблэм пхудэкIрэ?

МафIэгу фейцейр платформэм къырахулIэ. Хэту пIэрэ иджы абы ирагъэтIысхьэнур? ЦIыхур аргуэру къызэщIэвауэ зэрызо-къуэ. Иджыри аращ – лъэщыр токIуэ. Иринэрэ Апчарэрэ тIу зэрыгъэхъуащи, нэхъ тегушхуауэ мафIэгумкIэ йоIэ. Зым Данэ цIыкIу иIыгъщ, адрейм шумэданитIыр ехь.

Вокзалым и бжи и щхьэгъубжи ягъэбыдауэ пропуск зимыIэр перронымкIэ ягъакIуэркъым. ЦIыхур аргуэру зэфIэнащи, тэмакъкIэщI защIэщ. Къэрэгъулу ягъэува красноармеецхэр къэгубжьащи, я жьэм къихь къагъанэркъым.

– Пропуск зимыIэ мафIэгум ирагъэтIысхьэнукъым. Къывгуры Iуа? Пропуск зимыIэр... – жиIэу Бахъуэр утыкум къиувати, Апчарэ занщIэу къиц Iыхужащ.

Военнэ фащэ зэрысщыгъым зыгуэр къикIын хуейщ, жиIэ пэлъытэу Апчарэ, пропуск имыIэми, цIыхум япхыкIырт. ИкIи арат – пилоткэ щхьэрыгъыр къэзылъэгъуам гъуэгу къритырт. Апчарэ и ужьым кIэщIу Ирини итт. Апчарэ сымэ бжэм нэсауэ къыщIэкIынтэкъым, цIыху зэрызекъуэр, заборыр ирауду, перронымкIэ кIуэуэ щыхуежьам. МафIэгуу къахуам узижэ-гъуэныр иутIысхьэ жыхуаIэм хуэдэт. Зверинец гуэр эвакуи-ровать ящIу, хьэкIэкхъуэкIэ къомыр зэрыс гъущI клеткэхэр платформэм тезу тетт, вагонхэми ярытыр абы хуэдэ клеткэт. Къаплъэн мэжалIэ лIэхэр зыIурыбзаерт, къугъырт. Хьэталий уэншэкумрэ шумэданымрэ иIыгъыу зы клеткэ гуэрым те-тIысхьати, къаплъэныр къыдэпIэстхъыкIри и пхэр хьэлэчу къиуIащ. Хьэталий зытеса клеткэм къелъэтэхыу вагон щIагъым щIэмыпщхьэу хъуакъым, и гъуэншэдж тIэкIур ихъуэжу и уIэгъэри ипхэн щхьэкIэ. Къаплъэным и лъэбжьаниплIым яуIар сэшхуэкIэ плIэ къеуэу яуIа хуэдэт – кусиплI хъууэ. Абы къыщы-щIам зыри иридыхьэшхакъым.

МафIэгум итIысхьэ хъур итIысхьащ. Зыгуэр къэмыхъу щIыкIэ мафIэгур едгъажьэмэ, нэхъыфIщ, жаIэри ягъэгувакъым. ХьэкIэкхъуэкIэ къомым уахэсу ущысын е ущытын жыхуэпIэри шынагъуэт, итIани уздэтIыс е уздэув хъун къагъэнакъым. Станцым къытенари нэхъыбэжт. Узыщыгугъ хъуну къэнари зы паровозт, «кукушкэ» жыхуаIэм хуэдэу. Абы зы платформэ закъуэ пыщIащи, алыхьым ещIэ зыхуагъэтIыгъуэр. Красно-армеецхэм зыгуэрым и хьэпшып яхьри а платформэм тралъ-хьащ. Красноармеецхэм я гъусэт сабий зыщIэс фызхэр. Парово-зым и машинистым и гъусэу ису Бахъуэри къалъэгъуащ. Платформэм техуэр тетIысхьа иужь, «кукушкэр» къэкъугъащ, фыкъэдаIуэ, жиIэ хуэдэ. Паровоз щхьэгъубжэм Бахъуэр къыIу-увауэ и макъым къызэрихькIэ урысыбзэкIэ къокIий:

– Граждане, внимание! Граждане, внимание! Поездов больше не будет. Станция Прохладная занята немцами. Эва-куироваться только на Беслан! Граждане, внимание...

Паровозыр, занщIэу зричри, ежьэжащ. Станцым къытенам

я щхьэ здахьынури яшIэнури ямыщIэу къонэ. Апчари Ирини а зэрызехьэ къомым яхэту станцым къытенащ.

## 2. БИЙР КЪЭБЛЭГЪАУЭ

Бахъуэм жиIар я фIэщ мыхъуу станцым къытенар тетт, мафIэгу къэкIуэн я гугъэу. Жэщым нэху щыху цIыхур зэхэтащ. Иджыри зэхэту щытынкIэ хъунт, пщэдджыжьым нэмыцэ кхъухьлъатэхэр къакIуэу ямылъэгъуатэмэ. Псыхуабэ лъэныкъуэмкIэ къикIыу бомбардировщикхэр къакIуэрт Налшык къалэр зэхакъутэну.

Бомбардировщикхэр щалъагъум, станцым теса къомыр зэбгрыжу хуежьащ, адэкIэ уэрам, пщIантIэ кIуэцI сыт хуэдэхэм дэлъадэу. Псоми ящ Iэрт япэ бомбэр вокзалым къызэрылъысынур. Дауэ иджы зэрыхъунур?

Кхъухьлъатэхэр гъунэгъубзэ къэхъуащи, я гъугъу макъыр нэхъ ин мэхъу.

Иринэ хъыджэбз цIыкIур зрикъузылIауэ мажэ. И сабийм тегузэвыхьу зигъэщхъащ, уафэм къехуэхыр къылъэмыIэсын и гугъэ хуэдэ. Апчарэ, шумэданитIыр иIыгъщи, и нысэм лъэщIыхьэркъым. Кхъухьлъатэм я ву макъым щхьэгъубжэхэр егъэзджыздж. Долинск лъэныкъуэкIэ зенитнэ топхэр щыIэу къыщIэкIынщи, доуей. Гъунэгъубзэу бомбэ къехуэхыу Иринэ гу щылъитэм, унэжь цIыкIу здынэсам, подвал иIэу илъагъури, занщIэу зыщ Iидзащ. Бжэр гъэбыдауэ къыщыщIэкIым, IэштIымкIэ теуIуэу кIийрт:

– КъыIух! КъыIух! – жиIэу.

– Хэт ар?

– Сэращ, Иринэщ, къыIух, Яков Борисович. ДимыукI щIыкIэ къыIух.

Аргуэру бомбэ къыщехуэх дыдэм, подвалыбжэр къыIуахри Иринэ сымэ щIыхьащ. Данэ цIыкIу гужьеижауэ ундэрэщхъуат. Подвалым ашыки, коробки, къэпи, кIарзинкIи – зи щIэмылъ щыIэтэкъым. Абджу плъагъуми гъунэ иIэкъым. Хущхъуэ зэмылIэужьыгъуэ Iэджэм я мэ къыпщIехьэ. Иджыпстущ Иринэ и гум къыщыкIыжар: подвалым къытет унэр аптекэщ. Яков Борисович аптекару игъащIэми мэлажьэ, къэзымыцIыху къалэм дэмысу. ЗэрыжаIэмкIэ, аптекэр къызэIузыхар езы Яков Бори-совичщ.

– ФыкъыщIыхьэ, фытIыс, тIысыпIэ вгъуэт закъуэмэ, – жи-Iэурэ Яков Борисович бжэр иригулIыжри игъэбыдэжащ. – Мы дунейкъутэжым фызезыхьэри сыт? Фи пIэ щхьэ фимысрэ? Пщэдей къэсауэ плъагъунщ нэмыцэри. Сыту сыделэ мыгъуэт сэри, сыту лIы делэу сыкъыщIэкIа. Эвакуацэм сыкIуэ хъуну сыкъэнащ. Си гум пыкIакъым

аптекэр хыфIэздзэн. Хэт иджы аптекэр зыхуэсхъумар? Нэмыцэр къос. Сыту делэ дыдэу сыкъыщIэкIа, сыту делэ...

– Нэмыцэр къэкIуэн уи гугъэ?

– «Уи гугъэ», жи! Си гугъэ къудей! – Яков Борисович пхъуэри ашыкым телъ газетыр къищтэри зэкIуэцIихащ. – Мис, еплъ. Совинформбюром къет: «...Зауэр Кущевкэ деж щокIуэкI», – жиIэу. Кущевкэр дэнэ, Налшыкыр дэнэ?

Газетым Апчарэ еплъащ. Августым и 7-м къыдэкIауэ арат. Псалъащхьэу итхэм уеплъмэ, дыгъуасэ къыдэкIауэ къыпхуэщIэнтэкъым. «Гъавэр к Iэрыху имыIэу къефхьэлI эж», «зауэр щекIуэкIым деж хьэрычэт Iуэхум зэрыхалъхьэ», «передвижной мастерской дапщэщ къыщыдатынур?», «бжьыхьэм вэн хуейр гъатхэм явэну унафэ ящIащ», «мэкъур нэхъ псынщIэу пывупщI», «силос гъэтIылъыным егугъуркъым» – абы хуэдэ защIэщ газетым псалъащхьэу итыр. Бийр къызэрысам и гугъу ищIыххэркъыми, Яков Борисович къэгубжьащ:

– Хэт газетым къигъапцIэр? Хэт? Сэ схуэдэ делэр аращ къигъапцIэр. Дэ зыгуэр ди нэм елъагъу. Iэщ ягъэхъуу къырым итым сыт ялъагъур? Нэмыцэр къэсами къэмысами ящIэркъым. Дауэ хъуну иджы, нэмыцэр нобэ къалэм къыдыхьэмэ?

– Зауэ щыхъукIэ зыгуэри... – Апчарэ жиIэнур лIыжьым жыжьэу идакъым:

– Ди щIыналъэм зауэ щы Iэт ар щатхам! Сыт жыпIэр зищIысыр? «Зауэр Кущевкэ деж щокIуэкI...» Аракъэ итыр? НтIэ, зы пщIы пэгун нэхърэ зы пэж ткIуэпс закъуэр нэхъыфIкъэ нобэ хуэдэ махуэм? Сымыделэмэ, сэри сыщысрэт: Кущевкэ къикIыу Налшык къэсыху зыгуэр хъунщ, жысIэу. Нэмыцэр мыбы къэсыну Iэмал зимыIэщ, жиIэу дапщэ уэрамым дэта? Хэт жиIэри... («Сымыжурт делэмэ», – жиIэнут Яков Борисович, егупсысыжри, сымыадыгэ делэмэ, си фIэщ щхьэ сщIа? – жиIащ.

Апчарэ «сымыадыгэ делэмэ» жызы Iам еплъри хуэгузэващ:

– Уи щхьэ хъума зэрыхъунум уегупсысмэ, уи дежкIэ нэхъыфIщ, алыхь, уазэрыпэщIэхуэу япэ зи щхьэ палъэнур уэрамэ.

– СощIэ сэри, сапэщ Iэхуэмэ – зэфIэкIащ. Уэ щхьэ укъэна? Военнэм уащыщщ, узыщыгугъыр сыт? – жиIэри Яков Борисовичи Апчарэ къеупщIащ.

– Сыкъэнэн уи гугъэ?

Апчарэ къыгурыIуэрт къанэ зэрымыхъунур. Зое Космодемьянскэм хуэдэ къабзэу и щхьэр палъэну зэрышынагъуэр ищIэрт. Нобэ фIэкI пIалъэ имыIэу, Якъуб дэнэ кIуами къигъуэтынщи, отрядыр здэкIуэм Апчари кIуэнщ. Узауэу укъаукIмэ, дыщэм хуэдэщ, щхьэпылъэ уащ I нэхърэ. Мыхъужыххэмэ, Иринэ гъусэ ищIынщи, къуршым адэкIэ кIуэнщ.

Бомбежкэр иухащ. Апчарэрэ Иринэрэ лIыжьым и закъуэ подвалым къыщIанэри къежьэжащ. Яков Борисович цIыхубзи-

тIым я ужь иту уэрамым къыдэплъащ, къалэр хьэбэсабэу бомбэм зэтригъэщэща и гугъэу, аршхьэкIэ унэжь цIыкIу къомыр зэрыщытауэ щытт. Унэ зэгуэт зырыз плъагъур я щхьэр иуауэ е кхъуэщын телъым щыщ зыкъом хикъутыкIауэ. Уэрамым абдж къутахуэр дэзт. Ауэ вокзалымкIэ уплъэмэ – станцым сабэр щхьэщытт. Дыгъуасэ цIыхур зэрызехьэу здыIута вокзалыр зэхэкъутат. Ари зыкъутар ди саперхэр арауэ къыщIэк Iащ.

– Япэрей зауэшхуэм ирихьэлIэу ящIа вокзалыр ет Iуанэрей зауэшхуэм ихьыжащ, – жиIэри Яков Борисович уэрамым къыдыхьащ.

Иринэ зыщIэса унэми бомбэ техуауэ къыщI экIащ. Абыи и закъуэ. Жыжьэу уплъэмэ, Мэшыкъуэ къуажэми Iугъуэ ф IыцIэр щхьэщытщ. Ар щилъагъум, Апчарэ къэгузэващ: ди анэм зыгуэр къыщымыщIауэ узиIэ, жиIэу.

– НакIуэ Мэшыкъуэ. Унэ ныкъуэкъутэм ущIыхьэ хъурэ? Къауэрэ ущIиубыдэмэ, сыт пщIэжын? Плъагъурэ, ди анэр иукIами тщIэркъым, накIуэ. ДиукIмэ, псори зэуэ диукIынщ, – жиIэри Апчарэ иукъуэдиящ.

Иринэ сыт жиIэн. Данэ цIыкIу жеяуэ и IэплIэм илъщи, и Iэблэр пихыу мэуз. Апчарэ иIыгъ шумэданитIри псынщIэкъым. ЦIыхубзитIри зэкIэлъхьэужьу ежьащ.

Къалэм уикIыу МэшыкъуэкIэ укIуэмэ, къуажэр уи нэгу щIэт защIэщ. Апчарэ плъэмэ – унэу илъагъум дэтхэнэр хэт йеми, бынунэр дапщэ хъуми, хъыджэбз зиIэри зимыIэри – псори къыбжиIэнщ. Унэ хужь цIыкIухэр жыг Iувым хэтщ. Зы унэ гуэрым мафIэ къыщIэнауэ есыр – хэтхэ я унэу пIэрэ? Мысостхэ я гъунэгъущ. Дидан Бекъан и унэр армырауэ тхьэ пIуэн? Апчарэ, къэгузэващи, нэхъ псынщIэу макIуэ. ЦIыхубзитIри къызэщIэплъащ. Апчарэ Iугъуэ фIыцIэм йоплъ, щиху жыг инхэм дахэ-дахэу уагъэлъагъуркъым.

– Апчарэ, нэхъ хуэму кIуэ, сешащи, къару лъэпкъ сиIэжкъым, – жиIэу Иринэ мэлъаIуэ.

– Мы Iуащхьэм дынэгъэси, зыдгъэпсэхунщ. Iуащхьэм удэкIуеймэ, зи унэ мафIэм исыр плъагъунущ.

КъалэмкIэ къаунэтIауэ аргуэру нэмыцэ кхъухьлъатэхэр къакIуэу уолъагъу. Ахэр апхуэдизкIэ лъахъшэу къокIуэри я джабэм тет жор фIыцIэшхуэр IупщIу уолъагъу. Иринэ, кхъухь-лъатэхэр щилъагъум, занщIэу зыхидзащ, и сабийм зытри-убгъуауэ.

– Умышынэ. Дыкъалъагъу уи гугъэ? Сальскэ губгъуэ щыс-лъэгъуащ абы хуэдэ куэд. ХъымпIаруи къиздзэркъым, тхьэ, – жиIэу Апчарэ и нысэм и гур дахэ хуищIырт, езыр зэрыгузавэр уимыгъэщIэн и гугъэу.

КъуажэмкIэ къиIукIыу бомбэ къауэм и макъ къэIуащ. Плъэмэ – Мэшыкъуэм кхъухьлъатэ ящхьэщытщ, къауфэрэзыхьу. Хуэзатэкъэ иджы а цIыхубзитIыр, къуажэм къыдэхутауэ щы-

татэмэ.

Къуажэм укъикIыу къалэм бэзэр гъуэгу ц IыкIумкIэ укIуэмэ, зы сыхьэтт узэрытетыр, Апчарэ матэкъуаншэкIэ бжьын е джэдыщIэ цIыкIу бэзэрым ихьу дапщэрэ кIуа? Нобэ цIыхубзитIыр, тобэ ирехъу, сыхьэтитIкIэ тетагъэнщ гъуэгум. Бэзэр гъуэгукIэ зэджэр гъуэгу гузэвэгъуэу къыщIэкIащ. Апчарэ сыми ешащи, я лъакъуэр щIэкIыжыркъым.

Бжьэпэм къэсыжу я унэр къыщилъагъум, Апчарэ гуфIэщауэ и гур къызэфIэнащ. Хэт и гугъэнт хъыджэбзым и унэ къигъэзэжу илъагъужыну. Сальскэ губгъуэм щитым, пщIыхьэпIэ илъагъумэ, илъагъур я унэр арат, иджы мес, еплъ – лажьи хъати имыIэу жыг Iувым къыхощ.

Хьэбибэ пщIантIэм дэмысу къыщIэкIащ. Бекъан жыпIэнущи, ари къырым итщ. Кхъухьлъатэхэр къыщылъатэм, Данизэт, и закъуэу унэм къыщIэнэн шынэри, Хьэбибэ деж къэжащ. Уи ажал къэмысамэ аракъэ, жыхуаIэм хуэдэу, Данизэт Хьэбибэ деж къэсаи къэмысаи – я чы-бжэгъу унэм бомбэ техуэри щыщ къэнакъым. КъэнаIами, мафIэ щIэнащи, ес.

Хьэбибэ, гузэвакIуэ и гъунэгъум деж кIуати, къигъэзэжауэ и нысэмрэ и пхъумрэ щилъагъум, и гур къызэрыгъуэтыжауэ и дуней гуфIэгъуэщ. Данэ цIыкIу, и анэшхуэр щилъагъум, занщIэу зридзащ.

– Ялыхь, фIыщIэр зейр уэращ, си пхъур къысхуэпхьыжащи, сыту фIыт, ярэби... – жиIэу Хьэбибэ икIи магъ, икIи мэгуфIэ.

И пхъур къызэрыкIуэжам хуэдэу зауэм щыIэ и къуэри къэкIуэжатэмэ, абы нэхъ насып щыIэт! Хьэбибэ нобэ тхьэлъэIу ищIыжынщ, джэд иукIынщи, лэкъуми игъэжьэнщ. Езы Хьэбиби къелыкIафIэу къелакъэ – къуажэм унагъуэ щIагъуэ щыбгъуэтын гуауэ гуэр зимыIэ? Кхъухьлъатэхэр къатеуэным и пэ къихуэу молэм жэмыхьэтым дэс лIыжьхэр зэхуишэсащ:

– Нэмэзыбзэ жытIэу мэжджытым дыщIэсмэ, бомбэ къыттехуэнукъым, – жиIэри.

АрщхьэкIэ дэнэ – лIыжьхэм я нэмэзыбзэр алыхьым зэхимыхарэ е нэгъуэщI, мэжджытым бомбэ къытехуэри, блын зэхигъэщэщам и щIагъым хьэдэ плIыщI къыщIахыжащи, жылэм я хьэдагъэщ. Езы молэ дыдэм и щхьэр пымытыжу къагъуэтыжащи, зыхуахьынур ящIэркъым. Джэрдж ПIытIу тхьэ еIуэ молэм и щхьэр мухьэрэбымкIэ илъэтыкIри алыхьталэм и пащхьэ ихьэжауэ, и нэгу щIэкIар иIуэтэжу. Ар зи фIэщ хъуи яхэтт.

– Молэм и щхьэ хилъхьамэ, Гитлер и щхьэри хилъхьэнщ. ФымыпIащIэ, – жиIэрт Хьэбибэ и фIэщу.– Хейм илъ хамэм ещIэж, жаIакъэ. Дилъ дэ тхуэмыщIэжми, дилъ зыщIэжыни щыIэнщ.

– Уэ дэнэ ущыIат а дакъикъэм?

– Дэнэ сыщыIэн? Си унэ сыщIэсыжащ, нэмэзлыкъым

сытесу. И фэр шэхум хуэдэу пыкIауэ Данизэт къыщIэлъэдащ, «накIуэ, Хьэбибэ, докIуэд, ди лъахэ мыгъуэр ирахыр...» жиIэу. Дэнэ уздэкIуэнур? Алыхьым иухар иухащи, дэни кIуэ – уфIэкIынукъым. Бомбэ къыптехуэну иухамэ, къыптехуэнщ...

– Догуэ, мэжджытым техуа бомбэр алыхьыр ара тезыгъэхуар? – жиIэри Апчарэ щIэупщIащ.

Хьэбибэ имыщIэххэу и жьэм къыжьэдэхуащ:

– НтIэ, сэра? – жиIэри.

– Уэрмырамэ, алыхьыр арагъэнщ, дауи...

Хьэбибэ къэгубжьащ:

– Сыт, на, жыпIэр? Сыту умышынэрэ? Алыхьым укъиужэгъужащ уэ. Уи анэр IэщIыб пщIыуэ уежьэжрэт, алыхьым IэщIыб укъимыщIатэм. КIэбгъу зыпщIри къуажэм удэкIакъэ, анэ сыхуеижкъым, жыпIэри! Шэ къатемыхуэн щхьэкIэ, къэпыжь ягъэтIылъым сыхуэдэу къэплъытащ... – Хьэбибэ и псалъэр и гум щIыхьэжри къэгъуэгащ.

Езы Апчари къэгузэвэжащ, си анэм и жагъуэ щхьэ сщIа, жиIэу. БгъэдыхьэуIэплIэшхуэ хуищIынути, и анэм идакъым:

– Щхьэ къэбгъэзэжа? IукI адэ! КIуэ сэ нэхърэ нэхъыфIу къэплъытам я деж. Дэнэ укIуэми, щхьэ укIуэрэ, бжесIэнкъым. Зегъэхь.

– Быбэ, сыт жыпIэр? Быбэ... – Апчари къыщиудауэ магъ.

Иринэ зэанэзэпхъум зэжраIар къыгурыIуакъым, итIани тIури гъыуэ щилъагъум, хуэмышэчу езыри къэгъащ. Данэ цIыкIу псори щIэгъыр къыхуэмыщIэу къыщиудын къудейуэ къеплъырт.

– Алыхьым и шыкурщ, узэрывоеннэнур арати, зэфIэкIащ, – жиIэу Хьэбибэ и гъыныр пичащ, и макъми нэхъ зригъэукъуэдиящ, – нацдивизэми къагъэзэжащ. Дэнэ укIуэн иджы?

– Иринэ дэрэ дыкъыдэнэну Iэмал зимыIэщ. Эвакуацэ дыкIуэнущ.

– Хэт и евакуацэ? – Хьэбибэ къызэрыкIати, урысыбзэ зищIащ.

– Нэмыцэм дапэщIэхуэ хъунукъым.

– Дэнэ-тIэ уздэкIуэнур? Хэт и щIыналъэ фэ къыфпэплъэр? Свой земла отдавай, чужой земла убегай? Ара узэрызэуэнур? Ты свой земла не защитил, тебе на чужой земла только могила есть. КъыбгурыIуа?

–Ди щIыр бийм езытыр сэра? Уи гуапэ хъуну, си щхьэр палъэуэ плъагъумэ? Комсомолым сыхэтщ, фронтым сыщыIащ. СапэщIэхуэмэ, япэ зи щхьэ палъэнур сэ схуэдэщ. Дэнэ сыздэкIуэну уи гугъэр? Партизану къуршым итым я деж сыкIуэнущ.

– Уэ укIапсэмолщ. Ара? Сэ сыхэт? ЖыIэт: сэ сыхэт? ЛIо сэ форэ тхъукIэ сагъэшхэну ара? Сыхэт сэ? ЖысIакъэ! Сызыхэтыр умыщIэмэ, сэ бжесIэнщ. Сэ бэлшэвичым я бэлшэвичыж Темыр-

къан срищхьэгъусэщ. Къуэ си Iэщи – кIамунистщ, пхъу сиIэщи – кIапсэмолщ. Уэ укъэзылъхужа уи анэр сэращ. Колхоз зэхэзышам яхэтари сэракъэ? Сэ... – Хьэбибэ зыхуэмыубыдыжу аргуэру къыщиудауэ магъ, итIани и псалъэр щIигъачэркъым. – КIапсэлэрыгъу уи щхьэ зэрыпалъэнум ущошынэ, а кIапсэлэрыгъур сэ си IэкIэ си пщэм фIэслъхьэжынщ. Шэнтщхьэгуэм сытету ф Iэслъхьэжынщи, жылэм яжесIэнщ: си ужьыр махуэ фхухъу! Къуажэм гуауэу дэлъыр сэ дэсхауэ тхьэм къыщIигъэкI, жысIэнщи. Бий зыукIыну щIэкъур къуэгъэнапIэ лъыхъуэркъым, макIуэри къегъуэт. Узэуэнумэ, дэнэ дежи зэуапIэщ... Укъаубыдыху щхьэ ущыс упэплъэу? КIуэи иуд бийр! Ушынэрэ – уи гъусэу сэри сынэкIуэнщ. Езы бийр уи унэ къокIуэ. Еуи укI – гуэныхь къыптехуэркъым. УиукIыну къэкIуати, букIащ. Аращ Якъуб къиишэжа отрядым яжесIари. Нэмыцэм и псэр хэфхыну фыхуей? «Дыхуейщ». НтIэ, мыбы нэс щхьэ фыкъэжа? Нэмыцэр фи лъэдакъэм къытеувэу къожэ, фэри фыкъожэ. Нэмыцэр къыволъэIу «сывукI» жеIэри, фэ ар фымыукIыу фыкъызэрохь. Советскэ властыр къэзыхьыжа фи адэр арат сытми зэрызауэу щытар? Фи адэхэр бийм кърахужьэу щытакъым. Фи адэхэм бийр ирахужьэрэ хагъащIэу щытащ. Армырмэ, зы власть якъутэу нэгъуэщI власть яхуэгъэуврэт! Абы власть ягъэувар фэ фхъумэну къыфщыгугъати, мес фи зэуэкIэр... Къэбжыхьу губгъуэм уиткIэ, бийм текIуа ухъун? Якъуб и гупым зылI къахэкIакъым «ущоуэ, ди анэ» – жиIэу къыспэувыну. ЯжесIэм къедаIуэу зэхэтащ, я щхьэр къыфIэхуауэ. Иужьым Щынэхужьыкъуэк Iэ ягъэзащ. К Iуамэ, жыжьэкъым здэкIуар – къэгъуэтыгъуэфI эжьщ. ЯжесIар зэрыпэжыр къагурыIуати, Iэджэми си Iэ къаубыдыжащ...

Хьэбибэ жи Iа къомыр Иринэ дэнэ щищIэнт, ауэ псэк Iэ къищI ащ абы купщIэшхуэ зыкIуэцIылъ псалъэ зэрыжиIар. Езыми псалъэм и пэри и кIэри имыщ Iэу къыхиI уащ:

– Нанэ, Албиян уIэгъэ хъуауэ госпиталым щIэлъщ, – жиIэри...

Апчарэ и гуапэ хъуакъым и нысэм къызэкъуихыу ар зэрыжиI ар. Апчарэ и гугъат тIэкIу-т IэкIуурэ а хъыбарым и анэр хуигъэхьэзырыну. Ирини ар къыгурыIуэжащ, арщхьэкIэ сыт пщIэжын – зэрыхъун хъуащ.

Хьэбибэ ищ Iэу къыщI экI ащ:

– КъызжаIащ. СощIэ мыгъуэ. Лъы ткIуэпсу си къуэм щIэкIам хуэдиз илъэс бжыгъэ гъащIэу тхьэм кърит. Сэ сызэрыхуэарэзым хуэдэу си къуэм алыхьри къыхуэарэзы ирехъу. Албиян, командир сыхъуащэрэт, жиIэу аракъым зыщIэхъуэпсар. Си къуэр хьилмы натI эщи щIэныгъэлI хъунущ, жиIэу Темыркъан мыгъуэр гуфIэрт. Къалэмт Албиян дежкIэ нэхъ шэрыуэр. Iэщэ IэщIалъхьэмэ, ари къигъэшэрыуащ. КъуэфI зиIэр щIыналъэшхуэщ, жаIэ. Си къуэм сыхуэарэзыщ, си напщIэщ, си псэщ, си нэщ. Алыхьым бэIутIэIуншэу къысхуихьыж. Сэри нобэ

Темыркъан мыгъуэм сыхуэзэжмэ, напэ хужькIэщ сызэрыхуэзэжынур...

Нышэдибэ Iэхъуэм дагъэкIа Хьэблаши къигъэзэжыртэкъыми, абыи уримыгузавэу хъурэт.

Къуажэ Iэхъуэу увари хэт жыпIэркъэ? Адыгэунэ Мысостщ. И гуэным гъавэ из пэтрэ Iэхъуэу уващ. Сыт щхьэкIэ? Нэмыцэр къакIуэ хъумэ, Iэхъуэр сытым щыщ? Мысост нэхъ къулыкъуфI хуагъэфэща щхьэкIэ идакъым. Сельсоветым теувэ жаIати, зригъэщIэгъуэкIащ, игъащIэм абы щIэхъуэпсу щыта пэтми. Дунейр зэIубзкъым, пщIэну щыткъым зэрыхъунур – аращ щIимыдар.

Былым Iэхъуэшэр чырбыш заводым деж щыхъуакIуэрти, бомбэ къахэхуэри жэм зыбгъупщI иукIащ. УIэгъэ хъуахэр фIагъэжыжри акт ящIащ, сохраннэ распискэм пэувын хуэдэу. Армырмэ, хъунукъым.

Хьэбибэ Iэхъуэм кIуэну хущIыхьакъым, Данизэт и унэр хьэбэсабэ хъуати, фызыр гуIэжу гъыуэ дауэ къигъэнэнт.

– Псэумэ, къэкIуэжынщ жэмыр. ИукIамэ, алыхь унафэщ,– жиIэри Хьэбибэ пичащ.

– Ари алыхьым и зэран?

– Догуэ, си Iупэм щхьэ утес уэ? – жиIэри Хьэбибэ аргуэру и пхъум хуилъащ! – Алыхьым и Iизынынщэу зы щхьэц налъэ закъуэ уи щхьэцым къызэрыхэмыхунур щхьэ умыщIэрэ? Бэлыхьу дызыхэтри дигъэунэхуну аращ алыхьталэм къыщIыттрилъхьари.

– Ди гум идвгъэубыдэ, – жиIэу Апчарэ и нэкIущхьитIыр плъыжь къэхъуащ, зыгуэр и гум къызэрыкIар уигъащIэу, – Хьэблашэ лажьэ имыIэу къигъэзэжмэ, Албияни къигъэзэжынщ. Хъун, Иринэ? Уэ-щэ, Бибэ?

– Куэдщ адэ. Жэмыр къыумыхужын щхьэкIэ, къыумыгупсысын щыIэкъым, – жиIэри Хьэбибэ идакъым.

– ЛIо, сыщхьэх уи гугъэ? Дывгъэгъэунэху, зэрытетIуауэ къыщIэкIынуми пщIэрэ? Хъун?

Иринэ зыри жиIэртэкъым. Iэхъуэшэм бомбэ щыхэхуакIэ, Хьэблаши, тхьэм ещIэ, иукIа? ИмыукIамэ, бууэ куэбжэм Iутынтэкъэ?

– ТетIуэрэ?

– Алыхьым къихьыжынщ Албияни, – жиIэри Хьэбиби арэзы хъуащ.

Ар жиIа къудеиуэ Хьэблашэ куэбжэм деж къэсыжауэ и бу макъ къэIуащ. Апчарэ унэм щIэльэтри жэмым пежьащ. Хьэблашэ жэм Iэсэт. Апчарэ жэмым хъыбарыфI къихьу къэкIуэжа хуэдэу, и пщэр иубыдауэ жэмыпэм ба хуищIурэ Iэ дилъэрт. Хьэблашэ бэкхъымкIэ еIащ, нартыху бзий къыпэплъэу зэрыщылъыр ищIэу.

– Къаплъи къэдаIуэ Албиян къэкIуэжауэ дымылъагъумэ, –

жиIащ Хьэбибэ и фIэщыпэу, благъуаплъэм и жыIэкIэм зыди-щIу. – Алыхьу-тэхьэлам къихъумэнщ икIи къихьыжынщ.

– Тхьэм жиIэ!

Хьэбибэ пэгуныр къищтэри жэмыр къишыну кIуащ. ЦIыхубзитIым къамылъагъуу гу щылъитэм, езы Хьэбиби жэмым Iэ дилъащ хуэарэзыуэ.

Пщыхьэщхьэм псори зэгъэжауэ унэм щIэст уэршэру. Апчарэ Хуламбайм и гугъу къигъэхъеящ.

– Аракъэ дэри къыдащIэнур? Узижагъуэм къыхуихуэ Солтан и махуэр, – жиIэри Апчарэ и псалъэр иухащ.

И пхъум ар зытрижыIыхьыр Хьэбибэ къыгурыIуащ.

– ЛIо, хьэIуцыдзым дахэс уи гугъэ? ДэркIэ къэхэшэн щыIэу сщIэркъым сэ. СыкIэпсэмолщ, жыбоIэ. Уи кIэпсэмолыщхьи – моракъэ! «Ура» жыпIэу уахэтащ. «Ура» жызымыIэ щыIэ? Ушукъым, улъэскъым, жыхуаIэу. Уэ нэхърэ нэхъ зызыгъэбэлыхьа дапщэ ухуей? Фронтым подаркэ пшащ. Ар пэжщ. Подаркэ тIэкIури нэпшэсауэ щытамэ, зыгуэрт, губгъуэм ибдзэри къэбгъэзэжащ. Нэмыцэм зэхэзехуэн ущIащIын пкIэрылъкъым, тIысэ. Балигъи ухъуакъым уэ! Уэ пхуэдэр зэщIакъуэрэ яукIмэ, жылэм цIыхубз къыдэнэжынкъым. Къыдэмынэжрэ? Псори здэкIуэм уэри укIуэнщ. Уэ сыткIэ унэхъыфIадрей къомым нэхърэ? – Хьэбибэ ар жиIэ щхьэкIэ, и пхъум хуэдэ щымыIэу и гугъэт. ИтIани Апчарэ зыкъыфIэмыщIыжын щхьэкIэ ауэ жиIэрт.

– Шпион къэзубыдакъэ?

Хьэбибэ ар идакъым:

– Хэт и шпиуэн? Уэра ар къэзыубыдар сытми? Чокэщ къэзыубыдар! Мес, нобэ щIалэр къуршым итщ, Iэщыр здихунур имыщIэу. Сэри къуршым сихьэжынущ, жыбоIэ. Къуршым абрэдж мащIэ ис уи гугъэ? Бекъан сригъэдэIуащ абрэдж хъыбар. БгъуэнщIагъ къэс щIэсщ, жи, лы ягъажьэри. Лы я мащIэ сытми! Iэщу хъупIэм итыр ихуэркъым. Къэубыд узыхуейри укI. Къуажэми цIыхухъу къыдэнэжа? Джэрдж ПIытIу фIэкIа номыр зимыIэм еплъ – ари дэкIри ежьэжащ. Дэнэ кIуа жыIэт? ЗэрыщIыбышэр щыгъупщэжауэ, КъалэкIыхьым кIуэурэ жэм къеху, ещэж. Iэщ мащIэ къащхьэщыт щымыIэу къэна уи гугъэ? ПIытIу махуэм тIэу макIуэ. Хэт мэзауэри фронтым щыIэщ, хэт сонд-дэджэру ежьэжащ.

– Эвакуировать яхуэмыщIа Iэщыр арагъэнщ, – жиIэри Апчарэ и гум къэкIыжащ Къущхьэхъу щекIуэкIа совещанэр.

– Iэщым и нэхъыбитIыр къырым иту жаIэ.

– Бекъан шыр дауэ ищIауэ пIэрэ?

Апчарэ игъэщIагъуэрт и анэм имыщIэ зэрыщымыIэр. Езы Апчарэ коммутатору фронтым щыщыIам псоми щыгъуазэу зэрыщыта дыдэм хуэдэу, Хьэбиби дунейм къыщыхъум

щыгъуазэт. ФызитI зэхуэзамэ, тIум ящIэри жамыIауэ лъэбакъуэ ячыртэкъым. Иджы, зэрыжаIэмкIэ, Къул Зулкъэрней и унафэкIэ цIыхухъу нэхъ лъэрызехьэ илъэпкъыр Чопракъыщхьэ ягъэ-кIуащ, къуршыр пхакъутыкIыу гъуэгу ящIын я хьисэпу. Я мурадыр къехъулIэмэ, Iэщу къэнар бгым щхьэпрахунурэ Сонэм яхунущ. Чоки абы щыIэу къыщIэкIынущ.

– Бекъан и хъыбар зыщIэ щыIэ! ШейтIаным и чэнджэщэгъущ Бекъан, и гум илъыр дзыхь къыпхуищIу къыбжиIэнукъым. Ущымыгугъ, – жиIэри Хьэбибэ къыфIигъэкIакъым.

ИкIи арат. Зэзакъуэ дадэм хуэзат Хьэбиби, Бекъан уафэм сабэр дрипхъейрт, къэгубжьауэ: тхьэр игъэпцI, тщIэмэ тщIэнур. Зым шыр дэхуей, жи, зым къефхух, жи. Шыр къетхуэкIыурэ дымыгъэувыIам, тхьэ соIуэ. Иджы зыми седэIуэнукъым, сэ зэрысфIэфIу сщIынущ.

Бахъуэм и гугъат щолэхъу хакIуэр трихынуи, иритакъым. БгъуэнщIагъым шыр щIигъапщкIуэри, кIуэдауэ солъыхъуэ, жиIэри IэщIэкIащ.

Хьэбибэ сымэ мыжейуэ куэдрэ пIэм хэлъащ. Псоми жаIэн ягъуэтырт.

Апчарэ, зыкъомрэ и анэм епсэлъа иужь, урысыбзэ зищIыжри нэхъыбэжрэ Ирини хъыбар иригъэдэIуащ. Албияни нэгъуэщI командири – зи щхьэфэ имыIэба къигъэнакъым.

Нэхущым деж щхьэгъубжэIупIэм зыгуэр къытеуIуащ. Хьэбибэ, къэуIэбжьащи, зиущэхуауэ пIэм хэлъщ: а а дыунэхъури дыкъэсэхыжащ – къэсыну жыхуаIар къэсащ… Сымыфыз делэмэ, Апчарэрэ Иринэрэ щхьэ евакуацэм сымыгъэкIуарэ, жиIэу. Ирини щхьэгъубжэм зыгуэр къызэреуIур зэхиха щхьэкIэ, зыкъигъэхъеин шынэрт. ШхыIэн щIагъым зыщIиуфэри и хъыджэбз цIыкIум зытриубгъуащ. Щхьэгъубжэм аргуэру къыщеуIум, Апчарэ занщIэу къыщылъэтащ, фронтым щыщыIар и гум къэкIыжри. Щхьэгъубжэм бгъэдэлъадэмэ, зыгуэрым и макъ къоIу: «ФылIа, зыгуэр фыщIэскъэ мыбы?» – жиIэу.

– Хэт ар?

– Апчарэ! КъыIух! Сэращ – Бекъан.

Хьэбиби къэтэджащ:

– Сыт, на-а, нэхущым укъэзыхьар? Ди псэр хэпхаи! Нобэ хуэдэ махуэм апхуэдэу цIыху бгъэгузавэ хъун. Алыхь, гу къытхуэмынэжа! – жиIэурэ Хьэбибэ зихуэпащ.

Иринэ, апхуэдизу шынэщати, ар Бекъануи и фIэщ хъужыр-тэкъым.

– СыкъэкIуамэ, уэракъым сызыхуейр. Уэ ужейми содэ. Сэ сыкъызыхуэкIуар Апчарэщ! Апчарэ, къэхъейт зэ! ПсынщIэу!

Апчарэ зихуэпа хьэзырт. Бекъан шууэ шы Iэдэжи иIыгъыу щилъагъум, къэгуфIащ, партизану йожьэжри сэри сыздишэну аращ, жиIэри. Iэдэжу иIыгъри ауэ сытми шыт – щолэхъут.

– Сэра укъыщIэкIуар?

– Уэращ, уэлэхьи!

– Иринэ-щэ? Ари нэкIуэнущ партизаным…

– Партизаныр иужькIэщ. Шэс мыдэ шым.

– Дэнэ, на-а, дыздэкIуэнур?

– «Дэнэ», жи! Фронтым ущыIащ. Шууей ухъуа си гугъати! «Дэнэ дыздэкIуэнур?» – Бекъан, гъумэтIымэурэ шым къепсыхри, хъыджэбзым нэхъ гъунэгъу зыкъыхуищIащ. ХакIуэм и нитIыр къилыдыкIыу хъыджэбзым къеплъырт. Бекъан и пащIитIыр ирикъуэкIащ: «Уи анэм жумы Iэ, къыбгурыIуа? Дэ тIум дыздищэхущ. Шыбз гуартэр Сонэм тхун хуейщ. Нэмыцэр Бахъсэн къэсащ. ЗытIэжьэну Iэмал зимыIэщ. Дакъикъэ пщыкIутхукIэ хьэзыр ухъун? ЖыIэт?».

– Сыхъунщ.

– Афэрым! Арат сызэрыпщыгугъри! Унафэ зыщIар езы Къулыр аращ. КъыбгурыIуа? Шыр зыдэтхунум нэдгъэсынщи, иужькIэ партизаным дахыхьэжынщ, Къуршыр къызэпытчынщи, Чопракъ ауз дыкъыдыхьэжынщ. Чоки абы щыIэщ…

– Чоки?

– НтIэ. ИIэ псынщIэу.

Хьэбиби бжэщхьэIум къытеуващ:

– Къеблагъэ, Бекъан! Догуэ, дадэр унэидзыхьэ укъэмыкIуауэ пIэрэ? УкъэкIуауи щIы – пщэдджыжь хьэщIэ куэдрэ щыскъым, жаIэ – къыщIыхьэ.

– Тхьэм фIыкIэ дригъэблагъэ. СыхьэщIэну сыкъэкIуакъым, ди шыпхъу, Iуэху сиIэщ.

– Алыхь, уэ пхуэдэлI си пхъум IуэхукIэ къыхуей хъуамэ, Апчари батырыбжьэ хуэфащэмэ.

– Батырыбжьэ, жыпIакъэ! Апчарэ батырыбжьэ зэрыхуэфащэрэ куэд щIакIэ, соIуэ. Мышынэу фронтым кIуащ. Ар уфIэмащIэ? Iэджэм къуршым адэкIэ зрагъэхьащ, фронтымкIэ ямыгъазэу.

Хьэбибэрэ Бекъанрэ зэпсэлъэху Апчарэ зигъэхьэзырауэ унэм къыщIэжащ:

– Дэнэ? – жиIэри Хьэбибэ къыпэуващ. – Ана-а, унэидзыхьэ укъэкIуауэ къыщIокIри. Дэнэ мыр здэпшэр?

– Сэ сшэрэ? Езыр нокIуэ.

– НэкIуасэуи? Алыхь, лъэмбытI уэзмыгъэчын! – жиIэри Хьэбибэ и пхъум и Iэр иубыдащ.

Iуэхур зэIыхьэнкIэ хъунут. Хьэбибэ зытеувам пхутекIыну Iэмал зимыIэт. Бекъани мэпIащIэри ищIэнур имыщIэу къэгузэващ. Шыбз гуартэр къуажэбгъум деж щохъуакIуэ. Нэмыцэр жыпIэнущи, Бахъсэн Iуфэ къэсащ, километр тIощI хъуми аращ.

Бекъан дахэкIэ къригъэжьащ:

–УмыкIий, ди шыпхъу. – Дадэр нэхъ гъунэгъуу къыбгъэ-

дыхьэнути, шитI иIыгъыр фызым къыхуелъэфалIэртэкъым.
– Мыдэ къэдаIуэ. Сэ псори къыбгурызгъэIуэнщ: Апчарэ и анэр уэращ. Къэплъхуащ. Уи бынщ, Iей къыщыщIу уи гуапэ хъунукъым. Сэри аращ. Уэри уощIэ. Апчарэ тхъумэну тIуми ди борщщ къэзылъхуа Темыркъан и хьэтыркIэ. Ди нысэ хъурэ, тхьэм лъапэ махуэ ди унэ кърихьауэ къыщIигъэкI. Ар жысIэ щхьэкIи унэ диIэж? Ари ягъэ кIынкъым. Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэркъым – унэ нэхъыфIыж яхуэсщIынщ, тхьэм жиIэмэ. Налыр къутэ щхьэкIэ, шум и гъуэгу зэпигъэуркъым. Ди мурадым тхьэм дылъигъэIэс. НэгъакIуэ, Хьэбибэ, уи пхъур си гъусэу.

– Къэбгъуэтамэ, алыхь, шыхъуэ хъарзынэ...

– Шыхъуэ сыхуейми згъуэтырт. Аракъым Iуэхур здэщыIэр. Апчарэ си гъусэмэ, нэхъыфIщ. Фронтыр къэкъутащ. Нэмыцэшыр бахъсэныпс ирагъафэ. Апчарэ си гъусэу Сонэм нэгъакIуэ. Абы къылъымысын къылъызгъэсынкъым. Си щхьэр хэслъхьами, зыхуэмызапхъэ хуэзэнкъым. Мыбы къанэмэ, хэт ищIэрэ, пщIэну щыткъым зэрыхъунур. Нэмыцэр къэс хъужыкъуэмэ, хъыджэбзыр лъагъугъуафIэ цIыкIущ... Шыр зэрынэдгъэсу къэдгъэзэжынущ.

– Си закъуэ мыгъуэу губгъуэм сыкъивнэуи?..

– Дауэ уи закъуэ? Данизэт гъунэгъубзэщ. Унэр къутами, гуэщыр унэ сщIыжащ. Зи закъуэ ухуеймэ, аращ зи закъуэр. Уэ уи нысэр къыббгъэдэсщ. Мо хъыджэбз цIыкIури аращ – хъарзынэу зэштегъэущ. Сэ «Апчарэ гъуэгум Iэпыдзлъэпыдз къыщысхуэхъун» жысIэу аращ. Шы езгъэгъэхъун уи гугъэ? Зыц езгъэщIэнукъым. Сэри сыщIалэжкъым, си ныбжь нэсащ – гъусэ симыIэу гъуэгуанэ жыжьэ дауэ сытехьэн? СынолъэIу, ди шыпхъу, нэгъакIуэ.

Хьэбибэ идащ.

Апчарэ зы напIэзыпIэу уанэгум итIысхьащ, цIыхубз тесыкIэу и лъакъуитIри шы сэмэгурабгъумкIэ щыIэу. Хьэпшып зэкIуэцIыпхауэ иIыгъым и дэлъхум и гъуэншэдж гуэри зэрыхэлъыр Хьэбибэ ищIэртэкъым.

Иринэ ехъуапсэрт Апчарэ. Дадэри нэщхъыфIэ къэхъуащ. Иринэ жагъуэу илъагъуртэкъым уанэщIыр, уеблэмэ нэ лейкIэ еплъырт. Сыт щхьэкIэ жыIэт? Албиян урыс фыз къишэу къыщыкIуэжам и анэм и жагъуэIей хъуауэ иринэщхъейрт. ХьэгъуэлIыгъуэ сыти ящIакъым. Унагъуэр зыгъэунагъуэр игъащIэми нысэр аращ. Дауэ иджы зэрыхъунур? Иринэ унэгуащэ хъурэ, бзэ ищIэркъым, хабзэ ищIэркъым. Хьэдагъэ дыдэ здэпшэнущи, хъунукъым. Ар и гум щIыхьауэ Хьэбибэ щэхуу щыгъ къэхъурт. Зэгуэр абы гу лъитэри, Бекъани Хьэбибэ деж къэкIуащ:

– Умыделэ, ди шыпхъу, – жиIэрт дадэм, Хьэбибэ и гур дахэ ищIыну, – уи нысэм хуэдэ нысэ алыхьым къузэритын. Си къуэм

абы хуэдэ къишауэ щытатэм, си пыIэжьыр щэ дэздзеинт. КъыбгурыIуа? Догуэ, москвичкэ жыхуаIэр пщIэрэ уэ? Мэзкуу цIыхубз жыхуаIэр? Уи жьыщхьэ москвичкэ уи нысэн жыхуэпIэр куэд и уасэщ. Уи гум щхьэ къыумыгъэкIрэ Темыркъан мыгъуэр бэлыхь хагъэту зэрыщытар? Уи нысэм и гъунэгъур хэтми пщIэрэ? Пэжкъэ? Догуэ, Сталин, Калинин, Ворошилов, Буденнэ сымэ ящыщ гуэр уи нысэм имыгъунэгъуу тхьэ пIуэн? Молотовым и благъэу къыщIэкIмэ-щэ! Мэзкуу дэсхэри дэ тхуэдэ къабзэщ, си шыпхъу, я бжьыхьэкIапэ зэпыту мэпсэу. Зым и джэдыр и гъунэгъум и пщIантIэм дохьэ. Иджы зыгуэрым уи жагъуэ ещIыр, псалъэм щхьэкIэ. Иринэ и тхьэкIумэм игъэцырхъэ – абы фIэкI ухуейкъым. Уи нысэм телеграм итынщ: мыращ, моращ, си гуащцэм хуэмыфащэ къыщощI, лей къылъос, жиIэу. Телеграмым и жэуапыр къосри зи Iэ щIэлъыр ялъагъумэ, уи жагъуэгъум и пыIэр хыфIедзэри, сыкъэплъэгъуакъым, услъагъужакъым. Езы дыдэр къакIуэу, «Къытхуэгъэгъу, Хьэбибэ», – жаIэу къолъэIункIи мэхъу... Ей, уи нысэм уасэ иIэкъым...

Бекъанрэ Апчарэрэ еуэкIыпIэм еуэкIыху, Хьэбибэрэ Иринэрэ я куэбжэм Iутащ.

## 3. КЪУРШЫМ Я ГУФIЭГЪУЭ

Къуршыщхьэм уэсым ткIун щыщигъэтатэкъым, гъэмахуэ хуабэр икIатэкъыми. Бахъсэныпсыр зэрыуэру иджыри, нэри пэри ехьыр, жыхуаIэм хуэдэу, къиуауэ къежэхырт. Псым апхуэдизкIэ и къару къикIати, Днепри, Дони, Кубани яхузэфIэмыкIар хузэфIэкIащ – бийр къимыгъакIуэу къигъэувыIащ. Лъэмыж телъар къутати, нэмыцэм псым къыхыхьэн дзыхь ящIакъым.

Мэшыкъуэ къуажэр зы тхьэмахуэ мэхъури мамырщ. Жэмыхьэт лIыжьхэр Мысост елъэIуат, молэуэ тхуэув, жаIэуи, идакъым, Мысост фIэкIа къурIэныбзэ зыщIэ къуажэм дэмысыж пэтрэ. Молэуэ яIам и щхьэр ямыгъуэтыжу щIалъхьащ.

– Былым бгъэхъунри молэуэ ущытынри тIури зыщ. Ауэ щыхъукIэ Iэхъуэу хъупIэм ситым, нэхъыфIщ, – жиIэри аращ жэуапу къаритар. Мысост бомбэм иукIам я хьэдэр игъэпскIыну и ужь итынт.

Щымыхъужым, Сентрал емылъэIуу хъуакъым.

Къуажэм я мыпсэукIа я псэукIэт. ЛIыжьхэр мэджытым щызэхуэсауэ зэгурыIуащ щхьэлтет ягъэуву щхьэл закъуэр яутIыпщыну. Арат абыхэми яхузэфIэкIынури, ящIащ. «ХьэжыпщIэр хэт еттыну, щхьэлыр колхозым ейщ» щыжаIэм, бомбэм къулейсыз ищIам хуагъэфэщат. Щхьэлтет ягъэува щхьэкIэ, лIыжь псори щхьэлым уэршэру тес зэпытт. ТIэкIутIэкIуурэ къуажэ унафэр щхьэлым щащIу хуежьащ – щхьэл

совет хуэдэу дадэхэр зэхэст.

Хьэбибэ и шыгъуэгу хадэм артиллеристу – зенитчикхэр итт, я топхэр ягъэуври жыг щIагъри окопэ защIэу зэхатIыхьауэ. Абы ищIыIужкIэ жыгхэр хьэлэчу яухъуэнщIащ, топым зэран къахуохъу, жаIэри. Хьэбибэ зыри жиIакъым: жыгыр къанэм, къудами ищIынщ.

Данэ цIыкIу артиллеристхэр занщIэу къихьэхуащ, сыт ищIэми къыхуадэ. Зы топым къыбгъэдэкIым, адрей топым йожалIэ – красноармеецхэр егъэдыхьэшх, ядоджэгу, зыгуэрым зыпищIыжуи жеIэр:

– Дэнэ укIуэрэ, Мухьэмэд?

– Зауэм сокIуэ, Шэридэт.

– Сыт мыгъуэ щыпщIэнур?

– Зы-тIу сыукIынкъэ, Шэридэт.

– Уэ укъаукIмэ, дауэ мыгъуэ хъуну?

– ЛIо сэ сыкъаукIыну есщIар?

Данэ и фIэщыпсу ар щыжиIэкIэ, псори мэдыхьэшх. Абы нэмыщIыжу сабийм уэрэд жеIэ. Зыгуэр къеупщIат: «Уи адэр дэнэ щыIэ?» – жиIэуи, «Гитлерыр иукIыну кIуащ», – жиIэри аращ жэуапу яритар.

Хьэбиби хъарзынэу артиллеристхэм ягурыIуащ. Фызым нартыху шыуанышхуэ игъавэрти красноармеецхэм яхуихьырт. ЩIалэхэм нартыхущхьэ зырыз яIыгъыу щашхкIэ, Хьэбибэ жыг къуагъым къуэту еплъырт, и нэр теплъызэмэ, Албиян артиллеристхэм яхэс хуэдэу къыфIэщIырт. Хэт ищIэрэ, Хьэбибэ и къуэри хамэ фыз гуэрым игъашхэу къыщIэкIынщ. Красноармеецхэм фызыр зэгупсысыр дэнэ щащIэнт, щыту щалъагъукIэ:

– КъэтIыс, нанэ,– жаIэу ирагъэблагъэрт.

АрщхьэкIэ Хьэбибэ пхуэтIысынт.

– Кушай, кушай, нашэ син на здоров кушай, – абы къыфIигъэкIыртэкъым.

Хьэбибэ а щIалэ лъагъугъуафIэ къомыр и быным хуэдэу къилъытэрт, щIилъагъур, я петлицэм еплъмэ, Албиян и пщампIэм хэлъ петлицэм ещхьу зэрыщытыр арами имыщIэу.

Кхъухьлъатэхэр къатеуэмэ, Хьэбибэ шыгъуэгу хадэм иж псы Iэрышэм кIуэрти, псыбэкъум дэтIысхьэрт, псым хэсу. Хьэбибэ и ужьым имыкIыу и хьэри а псым хэст. Мишкарон зыфIища хьэжь цIыкIуми ищIэ хуэдэт бомбэм защихъумэн зэрыхуейр, и щхьэм фIэкI къыхэмыщу псы уэрым хэст.

Ар щалъагъум, красноармеецхэм кумбыфI къыхуатIащ унэм и гъунэгъу дыдэу. Псы щIыIэм ухэс нэхърэ ар нэхъыфIкъэ, арщхьэкIэ Хьэбибэ кумбым итIысхьэн мэхъашэрт, кумбыр кхъэ мащэм ещхьти. Гузэвэгъуэм уимыгъэщIэн щыIэ? Кхъухьлъатэхэр къыщысым, Хьэбибэ псыIэрышэм еIа щхьэкIэ къигъэзэжри кумбым ипкIащ. Мишкарон и тIысыпIэу щыта псыбэкъум щхьэхьу жащ.

Уи гур зэрыгъум дыгъур кърокIуэ, жыхуаIэм хуэдэу Хьэбибэ къыщыщI пэтащ. Кумбым зриубгъуауэ фызыр здисым, гъунэгъу дыдэу зы бомбэ зэрамыщIэж къыщыуэри, Хьэбибэ зэрыс кумбым и нэпкъитIыр зэхуэкIуащ. Фызыр, мыбэуэжыфу икIи мыкIиифу, пщIэнтIэпсыр къехуэхыу кумбым йомэхыхь. Красноармеецхэм гу къылъатэу фызыр кумбым кърамылъэфыжатэмэ – зэфIэкIат: Хьэбибэ и кумбыр и мащэ хуэхъужауэ илIыхьат.

– СылIауэ сыкъагъэхъужауэ къэлъытэ, – жиIэрт Хьэбибэ, къыщыщIар зыгуэрым хуиIуатэмэ.

– Ахърэтым зэ ущыкIуакIэ уи ажал къэсакъым, – жаIэу Хьэбибэ и гур фIы ящIырт.

И хадэм артиллеристхэр къызэриувар Хьэбибэ и гуапэ мыхъуами, иужькIэ щыгуфIыкIыжащ. Япэм къызэрыфIэщIамкIэ, нэмыцэ кхъухьлъатэхэм топ къомыр къалъагъумэ, къеуэу хуежьэмэ, езыри, джэдылIэм здихьа бабыщу, хэкIуэдэнкIэ шынат, арщхьэкIэ дэнэ. А щIалэхэр уи гъунэгъумэ, нэхъ умышынэу укъонэ. Абы нэмыщIыжу, красноармеецхэм яхуэпщIэр Албиян хуэпщIа хуэдэу къыпщымыхъуу хъурэ? Тхьэм ещIэ езы Албиян иджы здэщыIэр. Си щIалэр зыщIэлъ госпиталым Нарцанэ госпиталым я махуэр къыхуимыхуауэ тхьэм къыщIигъэкI, жиIэу нэмэз щищI кIэ и нэмэзыбзэм къыхегъахуэ.

Хьэбибэрэ артиллеристхэмрэ хъарзынэу зэдэпсэурт – щIалэхэр «ди анэ» жаIэу къыхуэгушхуэу, Хьэбиби, жэмыр къишмэ, щIалэхэр шэ иригъафэу.

Красноармеецхэм, зэхэтIысхьэрэ уэршэрмэ, яхуэмыухыу ягъэщIагъуэр сыт? Хьэбибэ и нысэм Мэзкуу къигъанэу мы къуажэм дауэ дэсыф, жаIэу арат. Е бзэ имыщIэу, е я хабзэ имыщIэу ар зыхэсым яхэсын щхьэкIэ и щхьэгъусэр фIыщэу илъагъун хуейкъэ.

Иринэ къалэм кIуащ, хьэпшыпу унэ ныкъуэкъутэм къыщIинам кIэлъыплъыну. Нэхъыбэу щIэкIуар: дунейм щыхъыбарыр зэзгъэщIэнщ, жиIэу арат. Къуажэм зыми зыри ищIэртэкъым, Яков Борисовичщ псори зыщIэр, хэт хущхъуэ щхьэкIэ къакIуэми, ищIэри имыщIэри къыжреIэ.

Иринэ къыщиуду дыхьэшхыным тIэкIут къэнар, Яков Борисович адыгэ фащэ щыгъыу илъэгъуати. Адыгэ цеищхъуэ, къэптал, адыгэ бгырыпх, къами кIэрыщIауэ. Абы нэхъейуэ, лъахъстэн мест хъарзынэри дэнэ кърихa – зи адыгэлIщ жыпIэнщ.

– ЛIо, си фащэр бгъэщIагъуэу ара? – жиIэри езы Яков Борисович япэзыкъригъэщащ. – УщыадыгэкIэ адыгэ фащэ зепхьэн хуейщ. Дэ зедмыхьэмэ, хэт зезыхьэнур? Артистхэр ара? Артистхэр къофэри фащэр пхъуантэм дакуэж. Ар емыкIукъэ, лIыжьхэм нэхъыщIэр къыддэплъейуэ дыщытын хуейщ.

Яков Борисович нэхъ фIэгъэщIэгъуэнар Иринэ хущхъуэхьэу

мыхъуу, ауэ къыщIэупщIэну къэкIуати арат. Иринэ школым щылажьэу щыщытам, Яков Борисович деж хущхъуэхьэ къакIуэу щытащ. Аптекэм тет дадэми цIыхубзыр сыт щхьэкIэ къэкIуами къыщIельэIур хуищIэрт.

ХьэщIэр игъэтIысри, Яков Борисовичи зыхуейр арат – псэлъэгъут, ищIэр жиIэу хуежьащ. Дадэр куэдым щыгъуазэу къыщIэкIащ. Абы зэрыжиIэмкIэ, нэмыцэр Орджоникидзе нэблэгъауэ Елъхъуэт деж дэтщ. Налшык икIыу эвакуацэ ежьахэри Орджоникидзе къыщымыувыIэу ГрузиемкIэ кIуащ. Иджы къуршым ущхьэдэхыф закъуэмэ, ухуеймэ, Грузием кIуам уалъэIэсынущ.

Яков Борисович адыгэ фащэ ауэ сытми щыгъ? Аптекэм зыгуэрхэр къытеуат жэщыбгым деж. Тхьэм ещIэ, аптекэр яхъунщIэн я гугъа. Яков Борисович адыгэ фащэ щыгъыу, къамэ къиха иIыгъыу щапежьэм, хъунщIакIуэхэр шынэри щIэпхъуэжащ.

Иринэ псом ищIыIужкIэ игу ирихьари мыращ: Къул Зулкъэрней, хущхъуэ хуейуэ аптекэм къэкIуати, аптекэм тетым къыхуэтхьэусыхащ, эвакуацэ ди цIыхур дымыгъэкIуэн хуейуэ дгъэкIуащ, жиIэри. Езы Къулыр Долинск дэсу къыщIэкIащ, штабышхуэ гуэрым къулыкъу щищIэу. Фронтыр Бахъсэн къыфIэмыкIыу иджыри зыкъомрэ зиIэжьэмэ, Зулкъэрней, унафэ ищIу, эвакуацэ кIуар къишэжынкIи хъунщ. Дадэм зэрыжиIэмкIэ, Къулыр аптекэм тетым къыщытхъуащ: лIыгъэ уиIэщ, уи аптекэр пхъумэфащ, уэри умышынэу къалэм укъыдэнащ, къалэм аптекэ дэтынри куэд и уасэщ, хэт дэнэ кIуами хущхъуэ хуэмеин щыIэ, уеблэмэ дохутыру щыIэри уэ зыр аращ, жиIэу. Яков Борисович зэрыжиIэмкIэ, Къулыр къалэм дэс защIэуи щыттэкъым – къуршыр пхакъутыкIыу гъуэгу ирегъэщI. Ар яухмэ, цIыхууи Iэщуи къырым къинар ГрузиемкIэ ягъэкIуэнущ. Гъуэгур псынщIэ-псынщIэу яухын щхьэкIэ, цIыхур къомэщIэкI.

– Комитет оборонэм и председателым еплъ – секретарь ищIыну зы цIыхубз цIыкIу игъуэтыркъым,– жиIэу Яков Борисович Иринэ къеплъырт игъэунэхуну. – Уэ укIуэ щхьэ мыхъурэ? ЖесIэнщи, зэфIэкIащ. Зи мыхъуми телефонкIэ къэпсалъэм жэуап ептыжынщ...

– Мэшыкъуэ нэс сыкъикIыури?!

– Сыт щхьэкIэ, фэтэр уиIэкъэ? УимыIэмэ, узыхуейр убыд, фэтэр мащIэ щыIэ псэ зыIут щIэмысыжу?

Иринэ и фэтэрым кIуащ.

Унэм къытехуа бомбэм, ику дыдэм къыхуэзати, курыт подъездыр хиудащ, этажищри здигъакIуэу: унэм и къуапитI къэнам ижьырабгъумкIэ щытым и этаж ещанэм тетт Иринэ и фэтэр тIэкIур зы пэшрэ пщэфIапIэрэ фIэкIа мыхъур. Пэшым щIэлъа хьэпшыпыр зэрыщытт: пIэр зэрыIумыхат, уэншэкум тепхъуэ темылъу, стIол, диван, этажеркэ, сабий гъуэлъыпIэ

сытхэри арат, Хьэпшыпу Иринэрэ Албиянрэ яугъуеяр куэдтэ-къым. Щхьэгъубжэр Iухащи, щхьэгъубжэIупхъуэр жьым зэрехуэ. Ростов къиIэпхъукIауэ фыз гуэр пщэфIапIэм щIэсати, абыи и хьэпшыпым и нэхъыбэр къигъанэри тхьэм ещIэ здэкIуар. Абы и хьэпшыпыр зэхуихьэсри щхьэхуэу игъэтIылъа иужь, езым и пэшыр зэлъыIуихыу хуежьащ.

Эвакуацэ зэрымыкIуари фIыуэ ищIагъэнкIи хъунщ, хэт ищIэрэ. Езы Къул дыдэм еплъ – щIэпхъуэжахэм къаригъэгъэзэжыну и хьисэпу жаIэ. Ауэ псы е электричествэ щыIэкъым, ар Iейщ. Бахъсэн ГЭС-р нэмыцэм яубыдащ. ЩIымахуэр къэсмэ, нэхъ Iеижщ. Пэшыр игъэплъыну собэ гуэр игъуэтатэмэ арат, уэнжакъыр щхьэгъубжэмкIэ дэбгъэжми, ягъэ кIынукъым.

Унэр зэлъыIуихыурэ Иринэ гупсысэрт: Къулым деж сыкIуэн хьэмэ сымыкIуэн, жиIэу. УмыкIуэмэ, дауэ псэуа ухъун, зыгуэр къэлэжьын хуейкъэ? Тхьэмахуэ махуэ къэс бэзэр щхьэкIэ, ахъшэр кIуэ пэтми нэхъ пуд мэхъу. Уеблэмэ советскэ ахъшэр мыкIуэжу хъуауи жаIэ. Иринэ хьэпшып тIэкIу иIэр ихъуэжащ. Зы бостейм къыпэкIуэр шыгъу стэкант.

Къулым деж уIуувэмэ, паек къуатынкIи мэхъу. Данэ цIыкIу Хьэбибэ деж щыIэмэ, ягъэ кIынкъым, жиIэу, Иринэ арат зытриубыдэр.

Къуажэм къигъэзэжмэ, Иринэ хъыбар телъыджэ къещIэ: Данизэт и къуэ Чокэ къуршым къикIыжри къыдэлъэдэжат. И анэр гуэщым щIэсу щилъагъум, щхьэгъубжэ, бжэ хухилъхьащ, гуэщыр, унэ фIэкI умыщIэу, хъарзынэу щIымахуэм хуигъэхьэзыращ. Абы ищIыIужкIэ нартыху къэп щхьэлым ишэри хьэжыгъэ къихъуэжащ. А псори зэфIэкIа иужь Чокэ Хьэбибэ деж къыдэмыхьэу дэкIыжынт? ДэкIыжакъым. Ирини къэкIуэжа къудейуэ къьщыхуэзэм, и анэ къилъхуа и шыпхъу къыхуэза хуэдэу гуфIащ.

Чокэ партизан командиру арат. Къулым и унафэкIэ НКВД-м я дзэм щыщу взводитI хуэдиз Чокэ и IэмыщIэ илът. Абыхэм Iэщ яхъумэ къудей? Гуп-гупурэ нэмыцэм я щIыбагъым ихьэурэ Iэщ къинар жэщкIэ къърахур.

Езы Чоки мызэ-мытIэу нэмыцэм яубыда щIыналъэм кIуащ, зэгуэр шыбз фермэ псо къызэщIикъуэри къихуащ.

– Сыту фымышынэрэ? – жиIэу Иринэ щигъэщIагъуэм, Чокэ дыхьэшхащ:

– Езы нэмыцэр къытщымышынэ уи гугъэ? Я закъуэу пхузекIуэнкъым, букIами. Къуажэ зыдэсым къыпхудэкIынукъыми, хэхащ.

– Партизанхэри фиIэ?

– Якъуб и отрядыр псом нэхърэ нэхъыбэщ. Си Iуэхущ, Чопракъ ауз зы нэмыцэ дагъэхьэмэ...

Иринэрэ Чокэрэ зэпсалъэу щысыху тIэкIукIэ, Хьэбибэ джэд иукIри джэдлыбжьэ ищIащ, уеблэмэ нартыху лэкъуми игъэжьащ.

– Чопракъ ауз IункIыбзэ иритри IункIыбзэIухыр Якъуб и

жыпым ирилъхьэжащ. Чопракъыщхьэ жыпIэнущи – ежауэ къуршыр якъутэ. Уафэм щхьэгъубжэ халъхьэнущ. Къыбгуры-Iуа? – жиIэу Чокэ мэгуфIэ.

– Уафэм щхьэгъубжэ, жыпIа?

– Аращ, тэмэм. Километрий иIувагъщ блыным, уфIэмащIэ?

– ЯщIыфыну пIэрэ?

– Военнэхэри къыддоIэпыкъу. Гын мащIэ наша уи гугъэ. Къуршыр гынкIэ якъутэри уафэгъуагъуэр щхьэщытщ аузым. Бахъуэри абы щыIэщ. БгъуэнщIагъыр унэ ищIауэ щIэсщ. Гъуэгур хьэзыр хъумэ, цIыхуу аузым дэмыхуэу дэсыр къуршым щхьэпрыкIынщ. ЦIыхур дэкIмэ, завод Iэмэпсымэу дэлъыр дашынущ. Ар зэфIэкIрэ – Iэщыр яутIыпщынущ. Псори къуршым щхьэдэхрэ – а гъуэгумкIэ дзэ къэкIуэнщи, аузым къыдэтIысхьэнщ. Си Iуэхущ, итIанэ нэмыцэр дымыгъэгузавэм.

Хьэбибэ урысыбзэкIэ жаIэр къыгурымыIуэу Чокэ и псалъэр къызэпиудащ:

– Догуэ, Iэщ куэд япэщIэхуа нэмыцэм? – жиIэри. Чокэ тIэкIу гупсысащ.

– Iэщыр Къущхьэхъу къедмыхухыу къызэрынар нэхъыфIу къыщIэкIащ. Зи Iэщ эвакуировать зыщIын зи хьисэпу езыхужьам къехъулIакъым. Жэмыр танкым яIэщIэкIын, яIэщIэкIакъым. Нэмыцэр ялъэщIыхьэри яубыдащ, Iэщым пэрытар яукIащ, ямыукIыу къелари дэнэ къипхыжын. КъалэкIыхьымрэ Мэздэгурэ я кум Iэщу дэтым бжыгъэ иIэкъым. Узыхуейр къэубыди укI. А Iэщ къомыр нэмыцэм зэхуахус, мафIэгукIэ езым я деж ирагъэшэну.

– Ар зыших Гитлер ишхыр уз хухъу, – жиIэу Хьэбибэ мыбгэу хуэшэчакъым.

– Ди Iэщыр къелащ сытми. Джылахъстэнейм я Iэщыр сохраннэ расписскэкIэ ягуэшауэ жаIэ.

– Сэ Хьэблашэ къызэрызатам хуэдэу?

– Хъуну жэм? Шэ куэд къыщIэкIрэ?

– Езы Бекъан къысхухихащ. Абы Iей къызитын!

– МащIэрэ дызэдэуат. Сосмакъым тхьэ иIуэрт, Iэщыр икIэщIыпIэкIэ ТэрчкIэ дымыхум, хэкIуэдауэ. Къулым нэхъыфIыр имыщIэу зрилъэфыхьырт, Iэщыр епхужьэмэ, цIыхур гужьеинщ, жиIэри идакъым. Зэредмыхужьари нэхъыфI хъуащ. МысыхьэткIэ ди Iэщу нэмыцэм япэщIэхуа щIагъуэ щыIэкъым. Гъуэгур тхуэщI закъуэмэ, къуршым щхьэпрытхунщи, зэфIэкIащ. Грузинхэм яшхми, ягъэ кIынкъым, дыдейщ зышхыр.

Чокэ и гур фIыуэ дэкIыжри ежьэжащ. Апчарэ щхьэкIи ущIэгузэвэн щыIэкъым. Фронтым лажьэ имыIэу къыщикIыжакIэ, иджы сыт къыщыщIын? Бекъан и нэIэ къытетщ – «къуршым я гуфIакIэм» дэс хуэдэщ. Аращ Грузием щхьэкIэ жаIэр.

Пщэдджыжьым жьыуэ Иринэ къалэм кIуащ, лэжьапIэ

Iуувэну. Хьэбибэрэ Данэ цIыкIурэ къуажэм къыдэнащ.

Яков Борисович жиIар пэжу къыщIэкIащ. Иринэ и унэ щыщIыхьэм, бжэм тхылъ тIэкIу дэIуауэ къигъуэтащ. Тхылъыр зытхыр Къулыр арат. Езы Къулым къихьу бжэм къыдиIуауэ пIэрэ, жиIэу Иринэ тхылъым къытригъазэ-нытригъазэурэ еджэрт. Сыпхуейщи, къыумыхьэлъэкIмэ, Комитетым къыщIыхьэ, жиIэу арат Зулкъэрней итхыр.

Иринэ, игъащIэм къулыкъущIапIэ инхэм кIуэуэ есатэкъыми, дзыхь имыщIыщэурэ унэм щIыхьащ. Зыгуэр къэуву «пропуск уиIэ», жиIэу къеупщIын и гугъа щхьэкIэ, унэр нэщIт. Щхьэгъубжэхэм абдж хэлъыжкъым, кIэлындорым телъ тхылъымпIэр жьым зэрехьэ. Iугъуэмэ къыпщIехьэ.

ЕтIуанэ этажым дэкIуейри Иринэ кIэлындор кIыхьу алэрыбгъу зэрымылъыжым ирикIуэурэ, бжэм тет номерым йоплъ. Приемнэ пэшым щIыхьэмэ – ари унэ нэщIщ. АдэкIэ дэнэ уздэкIуэнур? Иринэ и гур къилъэту щытщ, бжэ фIыщIэ иныр къыIуихыу щIэплъэн иримыкуу. Асыхьэту бжэр къыIуихри езы Къулыр бжэщхьэIум къытеуващ, военнэ фащэкIэ хуэпауэ. Дамыгъэ сыт имыIэми, Къулыр зэрывоеннэр IупщIт.

– Здравствуйте, Зулкъэрней Увжукович, – жиIэри Иринэ япэ зыкъригъэщащ.

– А, адыгэ нысэ! УкъэкIуа? Аптекэм тетым сыкъигъэпцIа си гугъати. КъакIуэ, къыщIыхьэ...

Иринэ кабинетышхуэм щIыхьащ. Нэхъапэ щIыкIэ Къулым и стIолым тет телефон къомым щыгъуазэ ищIащ цIыхубзыр. Телефоныр куэд хъу щхьэкIэ, лажьэр тIу къудейт. Зыр штабым урепсалъэу арат, адрейр правительственнэт – ВЧ жыхуаIэм хуэдэу. Иринэ и къалэныр гугъутэкъым. Къулыр и кабинетым щыщIэмысым деж зыгуэр къэпсалъэмэ е къакIуэрэ къыщIэупщIэмэ, Зулкъэрней зыдэщыIэр яжриIэну аращ. КъыщIэупщIар е къэкIуам жиIар зыщимыгъэгъупщэу итхмэ, зэфIэкIащ.

– Зы цIыху телефоным бгъэдумыгъэхьэ, – жиIэри Къулыр ВЧ телефоным теIэбащ.

Иринэ къэгузэвауэ телефоным еплъащ. Къулыр зытеIэбэр псом нэхърэ нэхъ инт икIи нэхъ дахэ хуэдэт. СтIол щхьэхуэ цIыкIуу шухьэ щIыху зытепхъуам тетт.

– Сэри сыбгъэдыхьэ хъунукъэ?

Къулыр дыхьэшхащ:

– Убгъэдэмыхьэу хъурэ? Аракъэ уэ мыбы ущIэсын щIыхуейр? Сэ дэнэ сыкIуэми уэ бжесIэнущ. Уи закъуэу ущIэсынукъым, умышынэ. Иджыри тIу къэзгъуэтащ, къулыкъущIэр куэд дыхъунущ. Иджыпсту сэ штабым сокIуэ. ТелефонкIэ къэпсалъэIамэ – аращ жепIэнур. Уи лIыр фронтым щыIэщ, пэжкъэ? Хъарзынэщ. И гугъу къысхуащIащ.

– СыщIэкIыж щыхъунур сытым деж?

– Ущыхуейм деж. Уэращ псоми хуитыр. Уздэщысынур мыбдежщ, – жиIэри Къулым цIыхубзыр приемнэ пэшым къишащ. Абы щIэт стIолми тетт телефонищ. Шэнтхэр щабэт, диваныр арат. – Уешмэ, гъуэлъи зыгъэпсэху. Ауэ унэм ущыщIэкIкIэ IункIыбзэ ет. IункIыбзэIуххэри мис. Къащтэ. КъыбгурыIуа?

– КъызгурыIуащ.

– НтIэ, уи закъуэ укъыщIызонэ. Умыбэлэрыгъ. УщIэшынэн лъэпкъ щыIэкъым. – Бжэм нэсауэ къигъэзэжри: – Сщыгъупщэжати, нэмыцэ авиацэр къыттеуэ хъумэ, бомбоубежищэр подвалыр аращи, зегъэхь. ЩIыхьэпIэр кIэлындорым и кIэм дежщ. Нэмыцэр гъунэгъуу щысщ, хуэсакъ. Топхэр уэуэ зэхэпхмэ, подвалым жэ...

Иринэ, и закъуэу къэнати, блыным фIэлъ картэ инышхуэм бгъэдэуващ. Картэм нып зэмыфэгъу цIыкIу куэд тегъэуващ тетт, зищIысыр къыпхуэмыщIэу. Нып щIыху зытетыр, хэт ищIэрэ, нэмыцэм яубыда къалэхэр арауэ къыщIэкIынщ. Нып плъыжь зытетым ди дзэр здэщытыр къигъэлъагъуэу арагъэнщ. Нып щIыху цIыкIу къомыр «Прохладная» станцым нэс тезу тетщ, адэкIэ тIууэ загуэшри зыкъомыр Мэздэгу лъэныкъуэкIэ макIуэ, зыкъомыр Беслъэн станцым фIокIыр, Джылахъстэней лъэныкъуэри нып щIыху защIэщ.

Иринэ есэжащ. Махуэ зыбжанэ мэхъури мэлажьэ, къэхъукъащIэ щIагъуи щымыIэу. Телефонхэм щыщу «полевой» жыхуаIэ телефон щхъуантIэр нэхъ къопсалъэ. Абыи икъу цIыкIур бгъэкIэрахъуэурэ трубкэр къапщтэмэ, жиIэр зэхыбох. «Правительственнэр» зэрыщытщ, и уэзджынэр сыт хуэдэми Иринэ ищIэркъым. КъемыуэIамэ, хъарзынэкъэ, зыгуэр къэпсалъэрэ Иринэ и цIыхубз макъыр зэхихмэ, къыщIэкIиенкIи хъунщ. Къалэми мащIэ-мащIэурэ зыкъеужьыж.

Псом япэ псы Iуфэм Iут хьэмэмыр лажьэу ежьащ. Водопроводыр абы хуэдэу яутIыпщамэ, арат. Хьэмэмым псыр къаша щхьэкIэ, водопроводыр зэрыщытт. Хьэмэмым и уэнжакъым Iугъуэ фIыщIэ кърихуу щалъагъум, цIыхур гуфIэжат, «ура!» жаIэу. Щтэуэ мэзым щIэлъэдэжахэми къагъэзэжу хуежьащ. Куэд дэмыкIыу къалэм дэт телефонхэри лажьэ хъуащи, Иринэ и Iуэхум къыхэхъуащ. Къулым деж цIыхухэм къакIуэу къаублащи, иджы уи закъуэуи ущысыжкъым.

Зымахуэ Къулым Иринэ игъэгуфIащ:

– Адыгэ нысэ, бухгалтери кассири умыхъуу хъунукъым. Банкыр мэлажьэ. Ведомость тхы, уэ дэрэ ди улахуэ тIэкIур къеIых.

– Сыт улахуэр зэрытщIынур? Магазин щыIэххэкъым. Бэзэрым ди ахъшэр щыземыкIуэжу жаIэ...

– Банк щыщыIэкIэ магазинри къызэIуахынщ, умыгузавэ. Военторг диIэщ. Прикрепить уащIыну сэ яжесIэнщ.

Абы кIэлъыкIуэу газетым и пIэкIэ «Информационнэ листок»

къыдагъэкIыу хуежьащ. А тIэкIур, Куржы щытрадзэрти, Нал-шык къашэрт, тхылъ тедзапIэри яут Iыпщыжыну и ужь итт.

Зэгуэр Къулыр командир гуэрхэм епсалъэу и кабинетым щIэсу, приемнэм къыщIыхьащ щIалэ гуэр военнэ фащэкIэ хуэпауэ, сабэми иуауэ. КъыщIыхьар жыхафэгум иувауэ Иринэ къеплъу щытщ, цIыхубзыр игъэукIытэу.

– СыкъэпцIыхужыркъэ? – жи Iэри щIалэр къыпыгуфIыкIыу Иринэ къеупщIащ.

Иринэ еплъри зэхэзещхъуэн ищIа щхьэкIэ, зиумысыжакъым:

– Зи укъызоцIыхужыр, – жиIэри.

– Тхьэ сыкъэпцIыхужа? Сэращ ар – капитан Локотош. ПщIэжрэ, нацдивизэр щыдэкIым Албиян узигъэцIыхуауэ щытащ.

Иджыпстущ Иринэ къыщицIыхужар.

– Тобэ ярэби! Къеблагъэ. Дэнэ укъикIа? КъэтIыс, тIыс мыбыкIэ. Уи лъакъуэр сыт хуэдэ, хъужа? Баш пIыгъыжу слъагъуркъым. Пэж жысIэнщи, занщIэу укъэсцIыхужакъым. Уи фэр Iей хъуащ. Уи хъыбар Апчарэ жиIэжу мащIэрэ зэхэсха.

Локотош Iей хъуа къудейтэкъым, езыри нэгъуэщI зыгуэр зэрыхъуар IупщIт, япэм къибыргъукIыу, нэжэгужэу, лъагъугъуафIэу зэрыщытам хуэдэжтэкъым. ЕшаелIат, Iэрпхъуэрт, узэреIэбу зыкъуидзын хуэдэу. И нитIри хъэрахъэу бжэ фIыцIэм еплъырт, абы къыщIэкIыр капитаным къеуэну къыщIэкIын хуэдэ.

– Дэнэ укъикIа?

– Дэнэ сыкъикIын? Албиян здэщыIэм. Уи лIымрэ дэрэ ди гъуэгу зы хъуакъым...

– Апчарэ жиIэжащ.

– Пэжуи?

– Нэмыцэм я щIыбагъым укъинауэ щытакъэ?..

– Щыташ. Апчарэ къэсыжа къыщыщI щымыIэу?

– Зыри къыщыщIакъым, и псэр къихьыжащ.

– Уэлэхьи, и насыпым. Уи сабий цIыкIури узыншэ? Албиян куэдрэ а цIыкIум и гугъу ищIырт.

Локотош Апчарэ щIэупщIэну и Iупэм къэсауэ, бжэ фIыцIэ иныр къызэIуахри командир гуп кабинетым къыщIэкIащ. Генерал яхэту щилъагъум, Локотош къыщылъэтри честь яритащ. Модрейхэри ней-нейуэ къеплъри ежьэжахэщ, Иринэ сэлам кърахыжри.

Иринэ кабинетым щIэпк Iэри асыхьэту къигъэзэжащ:

– КIуэ, щIыхьэ!

Локотош и джанэ, и бгырыпх сытхэм теIэбэри командир зекIуэкIэу кIуэуэ бжэщхьэIум ебэкъуащ.

Хэт къэпсалъэми телефоныр Иринэ Къулым деж нигъэсыр-

тэкъым, а тIум я псалъэмакъыр зэпимыудын щхьэкIэ. Куэд дэмыкIыу езы Къулым Иринэ ириджащ:

– Адыгэ нысэ. ТIыси тхы мыбы жиIэр. Зы псалъэ думыгъэху.

Иринэ тхылъымпIэрэ къэрэндащрэ къищтэри тIысащ.

## 4. ГУБГЪУЭМ УКЪИНАМИ, УЗАУЭЛIЩ...

Локотош жиIа къомым щыщу Иринэ хуэтхар нэхъ узыхуеинур арат.

Отрядыр къигъанэу Локотош штабым щигъэзэжа махуэм куэд дэмыкIыу щIежьэжар къемыхъулIэу къэкIуэжмэ – и отрядыр здэщытам щыту игъуэтыжакъым. Дэнэ иджы ар здэкIуар? Зеплъыхьри а щIыпIэм зауэ зэрыщекIуэкIар IупщIщ, танкым, топышэм щIыр зэхавыхьащ, гуэдзри зэхэута хъуащ. Япэу Локотош и гум къэкIар Якъуб гъуэгур зыхъумэу тета отрядым теуэри ирикъухьащ, жиIэу аращ. АрщхьэкIэ танк лъэужьыр дэнэ къикIа – Якъуб зы танки иIакъым. Нэмыцэ машинэ гуэрхэри мафIэм исауэ щылъщ. ИкIи гъэщIэгъуэнкъэ: хьэдэу губгъуэм къинам кавалерист фащэ зыщыгъа яхэткъым. Хьэмэ Якъуб и цIыху къаукIам и хьэдэри Iуишыжыфа? Гуп щхьэхуэм и командиру щыта щIалэри танкым ипIытIащ. Дэнэ кIуауэ пIэрэ Якъуб?

Шы лъэужьыр дэнэ кIуэуэ пIэрэ, жиIэу лъыхъуэу Локотош губгъуэм итти, шокъу жиIэу нэмыцэ офицер гуэрым и хьэдэ гуэдзым хэлъу хуэзащ. Шэм и пщэ гурыгъыр зэпиудауэ, нэмыцэр хэIубауэ хэлът. КIэрахъуалъэм илъ кIэрахъуэм и Iэ лъэныкъуэр телът. Хьэдэм пэмыжыжьэу офицерым и ранецри гуэдзым хэлъу Локотош илъэгъуащ, зэтрихмэ – абыи фащэ щIэрыпс илъти, сэбэп хъунщ, жиIэри къищтащ. Локотош гуэдзым зыхидзащ. Зы машинэ къом зэкIэлъхьэужьу ЭлистакIэ кIуэрт, автоматчикхэр машинэхэм изу. Ахэр здэкIуэмкIэ Якъуб зэрымыкIуар гурыIуэгъуэт. Локотош, гуэдзым хэту здэкIуэм, Якъуб и лъэужьым имыщIэххэу хуэзащ. Якъуб гъуэгу пхэнжкIэ Кавказым хуиунэтIауэ гу лъитати, и мотоциклым тетIысхьэу ялъэщIыхьэну мурад ищIащ. Зы сыхьэтрэ ныкъуэкIэ шухэм куэд якIун? Локотош мотоциклыр зэщIигъанэри асыхьэту ункIыфIыжащ. Еплъмэ – бензин итыжкъым. Дауэ хъуну иджы? Лъэсу шум уалъэщIыхьэрэ? Локотош мотоциклым еIэурэ игъажэрт, отрядым я лъэужьыр ихуу.

Пщыхьэщхьэ хъухукIэ губгъуэм ита лIыр, къаруи псэруи къыхуэмынэу, ешащ. Псыи хуолIэри макъыр гъущIащ, и мэжалIи къэкIуащи, шхын щхьэкIэ малIэ. Бензин жыпIэнущи, зы ткIуэпс щыбгъуэтын щыIэкъым. Зы псы Iубыгъуэ щхьэкIи мотоциклыр итынт. Якъуб и лъэужь пху щхьэкIэ, мыхьэнэ

иIэтэкъыми, Локотош гъуэгу цIыкIу гуэрым теуващ, зыщ IыпIэ дишэнщ гъуэгум жиIэри. Якъуб, къуажэ хуэзэмэ, пэIэщIэ зищ Iу-рэ кIуэрт. Куэд дэмыкIыу Iуащхьэ гуэр гуэдзым къыхэщу илъагъу-ри зиплъыхьыну дэкI уеящ. Мыжыжьащэу къуажэ т IэкIу плъа-гъурт, унэу дэтыр зэщхьыркъабзэу щI ым хэщIыхьауэ, къуажэм зы жыг закъуи дэткъым. Нэмыцэ дэмыту пIэрэ къуажэм, жиIэу Локотош дэплъэ щхьэкIэ зы машини илъэгъуакъым.

Шхын щхьэкIэ лIэуэ нобэ Локотош гуэдз щхьэмыж игъэлъалъэри гуэдз Iэбжьыб ишхати, къыщIэкIуакъым – и ныбэр къеныкъуэкъу хъуащ, гъущI Iунэ ишха хуэдэу мэуз. Пшапэр зэхэуэмэ, мотоциклыр гуэдзым хэзгъэпщкIуэнщи, къуажэм сыкIуэнщ, жиIэу Локотош и гум къэкIащ. Нэмыцэ фащэр щитIагъэмэ, мынэхъыфIу пIэрэ, нэмыцэбзэр хъарзынэу ещIэри нэмыцэ офицеру закъыфIигъэщIыфынущ.

ИщIэнур имыщIэу здэщысым, Локотош гъуэгум зы фыз гуэр кърикIуэу илъэгъуащ. ЩIыхубзым и щIыбым къэп ныкъуэ хуэдизи илъщ, гуэдзу къыщ IэкIынщ ихьыр. Локотош фызым зыхуигъэзати, къалмыкъ цIыхубзу къыщIэкIащ. Махуэ псом тхьэмыщкIэм гуэдз щхьэмыж зэхуихьэсауэ ихьырт.

Командир къыхуэзауэ щилъагъум, фызыр шынащ, си гуэдзыр стрихмэ, жиIэу. Арщхьэк Iэ капитаныр зыхуейр аратэкъым. Ерагъ-псэрагъкIэ Локотош къалмыкъ цIыхубзым гурыIуащ. ЗэрыжиI эмкIэ, нэмыцэр дыгъуасэ къуажэм къыдыхьэри дэкIыжауэ арат.

Локотош и нитIыр къалмыкъ ц Iыхубзым и сумкIэм къищ птулъкIэм тенат. Фызым, абы гу лъитагъэнти, птулъкIэр къриx-ри къритащ псы кIэнтхъ тIэкIу иту. Локотош занщ Iэу птулъкIэр дригъэзейри псы хуабэ тIэкI ур ирифащ. АрщхьэкIэ а тIэкIум уи псыхуэлIэ иригъэкIынт, пщIэнтIэпсри къыхихуащ.

– Больной? – жиI эри фызым гу къылъитащ.

– Больной, хозяюшка. Отдохнуть бы мне, – жиIэри Локотош и ныбэм теIэбэжащ, узыр зыхэтыр мыбдежщ, жыхуиIэу.

Къалмыкъ цIыхубзыр Iэнкуну щытт. Мыр ди унэ сшауэ нэмыцэм къагъуэтмэ, сыт къыдащIэну пIэрэ, жиIэу арагъэнт зэгупсысыр. Езы фызым и къуэ фронтым щыIэу Локотош дэнэ щищIэнт.

– Совсем темно будет – приходи будет. Вот тама. Чатвертай от край, – жиIэри фызым и Iэр и унэмкIэ ишиящ...

– КъызгурыIуащ. КъызгурыIуащ. Тхьэм уи гъуэгу дахэ ищI, – жиI эу Локотоши къэгуфIауэ фызым дэIэпыкъуурэ и къэпыр къищтэри фызым и щIыбым ирилъхьэжащ. СыкъимыгъапцIэу пIэрэ жиIэу Локотош гурыщхъуэ зэрищIам гу къылъита хуэдэ, къалмыкъ фызыр къызэплъэкIащ:

– КIыфI дыдэ мыхъуауэ унэмыкIуэ, – жиIэри.

Фызым зигъэщхъауэ къуажэмк Iэ иунэтIащ. Локотош

етIысэхыжауэ щысщ, зэ кIыфI хъуащэрэт, жиIэу. КъыщыщIа псом ищIыIужк Iэ сымаджэ ухъуныр сытым щыщ? Локотош къуажэмкIэ маплъэ, къалмыкъ фызым жыхуиIа унэр имыгъэгъуэщэну. КIыфI мэхъу. Дунейри уэмщ. Зэзэмызэ Iэуэлъауэ къуажэмкIэ къиIукIмэ, ари мэкIуэдыж. ЗызгъэнщIу псы сефамэ, адрейр зыгуэр хъунущ, жиIэу Локотош къэтэджащ.

Зиущэхуауэ Локотош къалмыкъ ц Iыхубзым зи гугъу ищIа унэ еплIанэм щыбгъэдыхьам, езы фызыр къыпэплъэу щыту ирихьэлIащ. Унэм щIыхьэмэ – нэгъуэщI фызыжь гуэри щIэсщ, лулэкIэ тутын ефэу. Унэм гуарцэмэрэ фIэIурымэ гуэррэ зэхэту къыщIехыр икIи кIыфIщи, зыри плъагъуркъым. ИтIани Локотош дэплъейри пкIэунэм ихьэпIэ иIэу къилъэгъуащ, пкIэлъейри хьэзырт. АрщхьэкIэ Локотош зыхуейр псы зэрыт пэгуныр арат. Фызыжьым и лулэм мафIэр къолыдыкI, хъуаскIэр дрихуейуэ.

Локотош къалмыкъ шей шынакъ къратащ. Зы Iубыгъуэу ирифынт шейр, пщтыру щымытатэм. Iэни къагъэуващ, псы хьэлывэ тIэкIу телъу. Гъаблэгу ищта хъунти, Локотош хьэлывэр зыIуридзэри имыгъэныщкIуу иригъэлъэтэхащ. МахуитI кIэ ерыскъы Iумыхуауэ, иджы и ныбэ изу шхэмэ, илIыкIынкIи зэрыхъунур ищIэ пэтми, зыхуэшыIакъым.

Капитаныр къызэщыумэ – пкIэунэм телъщ. Сыхьэтыр дапщэ хъуами ищIэркъым. КIыфIщ икIи бэуапIэ иIэкъым. ПкIэунэ ихьэпIэмкIэ нэху тIэкIу плъагъу фIэкIа унащхьэр ятIэщи, нэху зи цIэ къызыдидзын щыIэкъым. Локотош Iэбэрабэурэ шхын гуэрхэр къыбгъэдагъэувауэ къигъуэтащ, арщхьэкIэ шхыныр ишхыну къару лъэпкъ иIэкъым...

Ауэрэ зы тхьэмахуэ докI. Лулэ зи жьэм къыжьэдэзымых фызыжьыр арат Локотош къеIэзэр. Абы кърит хущхъуэр апхуэдизкIэ дыджти, зы Iубыгъуэ закъуэм укъигъэжьыну уи гур зэIигъэхьэрт. АрщхьэкIэ – неIэмал. Сагъэхъуж закъуэмэ аращ, жиIэу Локотош кърат ыр ирeф.

МащIэ-мащIэурэ сымаджэр къэбэдзэуэжу хуежьащи, къыдэIэпыкъу щымыIэу пкIэунэм къох, докIуеиж. И къарур къихьэжащ.

Зэгуэр къалмыкъ цIыхубзитIым къэгузэвауэ, хъыбар кърагъэщIащ: къуажэр райцентрым пэжыжьащэкъым. Райцентрым дэт школышхуэм нэмыцэм дзэ щызэхуашэс. ФызитIым зэрыжаIэмкIэ, школым щызэхуашэсар шу защIэщ, нэмыцэ фащэ ящыгъ щхьэкIэ, нэхъыбэр красноармеецу щытауэ жаIэ. Локотош къэуIэбжьащ, Якъуб иришэжьа отрядыр армырауэ пIэрэ, жиIэри.

А хъыбарыр зэрызэхих лъандэрэ Локотош жейм емызэгъыжу хэлът.

ПкIэунэм къехри Локотош унэ кIыфIым тIэкIурэ щIэсауэ, фызыжьыр гужьеяуэ къыщIэлъэдэжащ.

– ДэкIуей, дэкIуеиж! – жиIэу фызыжьым пкIэунэмкIэ и Iэр ишиящ. – Нэмыцэр къэсащ! Доунэхъу.

Локотош пкIэунэм дэмыпщейуэ, бжэ дамэдазэм дэплъурэ уэрамым дэплъэмэ – нэмыцэ машиниплI хуэдиз дэту елъагъу. Нэмыцэр «сельмаг» жиIэу зытетха унэ зэгуэтым къыбгъэдэувы-Iащ.

– Ухуэзакъэ, дэнэ иджы уздэкIуэнур? – жиIэри Къулыр щIэупщIащ.

– Дэнэ укIуэн? ЗыщыбгъэпщкIу хъун щыIэкъым. ДэнэкIи джафэщ.

ПкIэунэ зытесам Локотош дэпщеижри зиущэхужащ. Пщыхьэщхьэ хъури пшапэри зэхэуауэ, Локотош мурад ищIащ; е сылIынщ, е сылIэнщ, жиIэри. Нэмыцэ машиниплI къуажэм дэтым бензин яIэщи, абы щыщ зыIэщIигъэхьэрэ – мотоциклыр хьэзырщ, ар къемыхъулIэу машинэхэр дэкIыжрэ – губгъуэм лъэслъэбыкъыу къинащ. Нэмыцэм бензиныр канистркIэ зэрашэ. Зы канистр закъуэ иIатэмэ, абы фIэкI хуейтэкъым.

Жэщ ныкъуэ хъуауэ Локотош пкIэунэм къепщыхащ. Къалмыкъ фызитIыр шынауэ къызэфIэтIысхьащ. ХьэщIэр ежьэжыну къыщащIэм, къэгумэщIауэ шхын хьэзыру яIэ тIэкIур гъуэмылэу къратащ.

Локотош зиудыгъуауэ нэмыцэ машинэм бгъэдохьэ. Нэмыцэхэр «сельмагым» щIэгъуэлъхьауэ мэжей. Капитаныр танкистщ, канистр жыхуаIэм и пIалъэ ещIэ. Зы напIэзыпIэм зыIэщIигъэхьэщ зыхуейри – макIуэ мэлъей.

Канистрыр хьэлъэщ, Локотош, узужьыпкъэщи, къаруунщэщ, лъэбакъуищэ икIуху, къоувыIэри зегъэпсэху. Абы нэхъей жэщри кIыфI дыдэщи, мотоциклыр щигъэпщкIуа Iуащхьэр къэгъуэтыгъуейщ. Нэхулъэ къыщищIым, мотоциклыр къигъуэтыжащ.

Локотош и мурадыр цIыкIуфэкIутэкъым. Нэмыцэ фащэкIэ зехуапэри школым макIуэ. Абы дэсыр Якъуб и отрядыр арамэ, хуэфащэ хъунщ – Якъубыр лъэныкъуэегъэз ищIынщ, отрядыр иришэжьэжынщи, партизану ежьэжынщ. Сэри нэмыцэм я дзэм сыхыхьэнщ, жиIэрэ Якъубыр къыхуэгъапцIэрэ губгъуэм иришэмэ, адэкIэ ирищIэнури ещIэж. Локотош а бэлыхь псом хэмытынкIи хъунт, Апчарэ отрядым щыIэу и мыгугъэтэмэ.

– Догуэ, Якъуб абы щыIэу уи фIэщ хъуат? – жиIэри капитаным и псалъэр аргуэру Къулым зэпиудащ.

– Си фIэщ дыдэ хъуатэкъым. ИтIани отрядыр здэкIуар къысхуэщIэртэкъым. ЗанщIэу бзэхат, мэкъугум хэхуа мастэм хуэдэу.

Райцентр хужьым Сады жиIэу арат зэреджэр икIи сад дыдэм хуэдэт, жыг куэд дэтти. Нэхъ гъунэгъу зыхуищIри Локотош къуэгъэнапIэ къуэтIысхьауэ школ пщIантIэм дэтхэм яхэплъэу зыкъомрэ щысащ. Абы дэс дзэр гуп-гупурэ итIысыкIауэ нэмыцэ Iэщэр яджу зэхэст. Иныкъуэми къакIухь-накIухьу строевой подготовкэ ирагъэкIуэкIырт. Заборым я шыр епхауэ щытт, школ

дыхьэпIэм дежи нэмыцэ нып фIэлъу.

Локотош мотоциклым тесу дыхьэпIэм ежалIэмэ – къэрэгъул гуэри къыпэуващ.

– Фи командирым къеджэ, – жиIэри нэмыцэбзэ къабзэкIэ Локотош унафэ ищIащ, зэрымынэмыцэм гу лъримыгъэтэн и гугъэу.

Часовойуэ щытым ищIэнур ищIэртэкъым.

– Дэнэ щыIэ командирыр, доннер веттер! – жиIэри Локотош къэгубжь нэпцI зещI, и кIэрахъуэр кърипхъуэтын къудейуэ къигъэхьэзырауэ.

Мотоциклри игъэункIыфIыркъым.

ПщIантIэм занятэ щезыгъэкIуэк Iхэми я Iуэхур зэпагъэукъым. Нэмыцэ офицер къакIуэ я щыпэлъагъуу зэрыщымытыр белджылыщ. Локотош зыхуэмышыIэж жыхуаIэм хуэдэу пIащIэрт икIи тешыныхьырт, – дауэ зищIыну пIэрэ Якъуб, жиIэу, Локотош нэмыцэм яхыхьэжауэ и фIэщ мыхъумэ, дауэ хъуну?

Мес, плъэмэ – офицер гуэр къокIуэ, сэлэт щIыгъуу. Ар зэрымы-Якъубыр Локотош жыжьэу къищIащ. Офицер къакIуэр лIы лъагэ гуэрщ, нэгъуджэ фIыщIэшхуэ Iулъу. И щхьэцри Iувщи, нэмыцэ фурашкIэм и щIагъым щIэхуэркъым.

– Хаиль Гитлер! – жиIэри офицер къэкIуам япэ зыкъригъэщри сэлам кърихащ, а сэлам ехыкIэм есэжауэ къыщIэкIынти.

Локотош Iэнкуну щытт, а сэлам ехыкIэм хуэшэрыуэу зэрыщымытым гу лъыптэу. Езыри къэгузэвэжри и жыпым иIэбэмэ – кIэрахъуэ илъыр къыIэщIохьэ, укъикIуэтыж зэрымыхъунур уигъащIэу.

– Сэ сыкъыщIэкIуар уэращ, – жиIэри Локотош офицерым зыхуигъэзащ. – Си полковникыр къыппоплъэ. Iэщэ-фащэу, шхын-гъуэмылэу фызыщIэлъэIур зыхуэдизым хуейуэ къыводжэ. Фызыхуейр къыфIэщIыхьэнущ, фымыгузавэ. НакIуэ, си полковникыр къоджэ...

Нэмыцэ фащэкIэ хуэпа офицерым зрилъэфыхьу щымытын щхьэкIэ, Локотош и мотоциклым бгъурыщIа люлькэм Iэ хуищIри:

– ПсынщIэу. ПсынщIэу. Зы сыхьэт ныкъуэкIэ къэбгъэзэжынущ. Си полковникыр куэдрэ къыппэплъэнукъым...

Нэгъуджэ зыIулъ офицерыр люлькэм итIысхьащ. Абы и гъуса сэлэтыр мотоциклым кIэсу къытетIысхьащ. Локотош куэдрэ зимыIэжьэу и пIэм зричри ежьэжащ. «Дэнэ иджы а тIур здишэнур, ярищIэн хуейри сыт?» – арат Локотош зэгупсысыр, жэрыжэу гъуэгум здытетым. Зи хэку епцIыжар бутIыпщыжыну Iэмал зимыIэщ, уеуэу щхьэпребгъэдзыну уи борщщ, ауэ дауэ абы и Iэмалыр? Сэлэт къому школ пщIантIэм дэтым яфIэфIу нэмыцэ фащэ зыщатIэгъакъым. Ахэр езыхулIар мо люлькэм исым хуэдэщ...

Сызыхуэмызэн сыхуэмызащцэрэт, жиIэри Локотош гъуэгушхуэм текIри гъуэгу цIыкIу гуэркIэ губгъуэм илъэдащ. Мотоциклыр апхуэдизкIэ псынщIэу ехури кIэсу и щIыбагъым къыдэс сэлэтыр дрехуейр, капитаным и пщэдыкъым къыдэтIысхьэн хуэдэу. Жьыбгъэм щхьэримычын щхьэкIэ, Локотош Iэ лъэныкъуэмкIэ и фурашкIэр иIыгъщ. Зы къуэ куу гуэр хуэзати, Локотош дэлъэдащ, лъэгум щынэсым, мотоциклым и моторыр зэIыхьауэ къаф Iигъэщ Iри къепсыхауэ епэщэщ хуэдэу зещI. Сэлэтри къыдэIэпыкъуну хьэзырыпсщ.

Арщхьэк Iэ дэнэ – Локотош и кIэрахъуэр кърипхъуэтри кIиящ:

– Зи хэку епцIыжам мыращ хуэфащцэр! – жиIэри кIэрахъуэр ятриунэщIащ. Нэгъуджэ зыIулъыр и «пара беллум» кIэрахъуэм еIати, хъуакъым, и фурашкIэр щхьэрыхури джэрэзу гъуэгу напщIэм техуащ, езыри абы кIэлъык Iуэу. ТIум я тхылъыр, я Iэщэр Локотош и люлькэм илъу аргуэру щIихьауэ ежьэжащ.

Локотош зытес мотоциклыр заводым къызэрыщIэкI лъандэрэ ар и псынщIагъэу зекIуауэ къыщIэкIынтэкъым. Къуэм къыдэна хьэдитIыр къэхъужауэ къыкIэлъожэ жыпIэнт. Губгъуэр уэмт, псэ зыIут иту плъагъуртэкъым. Локотош, уэгум ит къуалэбзум хуэдэу, хуиту гъуэгум ирижэрт.

Тхьэмахуэ псокIэ Локотош губгъуэм итащ.

– Мотоциклым утесуи?

– Сыт щхьэкIэ? ЕтIуанэрей махуэм мотоциклыр сымыщэу хъуакъым. ЛIыжь гуэрым зы щIакхъуэрэ зы фо банкIрэ къызитати, естащ.

– Тхьэ, лъапIэу умыща! Налшык нэхъыбэ къозытын щыбгъуэтынт, – жиIэри Иринэ гушыIащ.

– ЛIыжьым деж махуитIкIи сыщыхьэщIащ. Абы и деж сыщыIэурэ тIэкIу зызужьыжат армыхъумэ, къару лъэпкъ сиIэжтэкъым. Жэщищ-махуищ гъуэгуи къыспэщылът, а губгъуэ нэщIым сыкъикIыу дыдейхэр къэзгъуэтыжын щхьэкIэ. Си насыпти – фронтри щызэпыу куэдт, быдапIитIым я кум жэщкIэ удэкIмэ, укъамыщIэн хуэдэу. Къуажэ цIыкIу зырыз къумым итмэ – арат дзэр зыдэсыр. Абы я кур пшахъуэ защIэти, плъыр сыт фIэк Iа щыIэтэкъым. Сэри ныбапхъэ защIэк Iэ сыкъэпщащ, Iэуэлъауэ гуэр къэIумэ, пшахъуэм зыщIэсхъумэрэ сыщIэлъу. Ди дзэм и щIыбагъым сыкъихьэжа иужь, си нэмыцэ фащэри зыщысхыжащ. Гудермэс сыкъэсыхукIи къэувыIэ сиIакъым. Абы къыщысщIэщ дунейр зыIутри, Грознэм сыкIуащ, абы сикIри – Орджоникидзе. Иджы мис – Налшык сыкъэсауэ фи пащхьэм сисщ. Отряд къесшэжьауэ щытар къэзмыгъуэтыжауэ дунейм сытетынкъым жысIати, абы и лъэужьыр къызохур махуэ тIощIрэ тIурэ мэхъури.

Къулыр къыпыгуфIыкIащ:

– Узыхуеяр къохъулIащ, – жиIэри.

– Зы полк гуэрым захуэзгъазэу си Iуэху къызэрекIуэкIар «смерш» отделым яжесIэн жысIэу куэдри си гум къэкIат. АрщхьэкIэ уэ мыбы ущыIэу уи хъыбар щызэхэсхым: уэлэхьи, зыми зыхуэзмыгъэзэн, Зулкъэрней жесIэнщ псори, абы и унафэр си унафэщ, жысIэри си щхьэр мыбы къэсхьащ.

– Хъарзынэуи пщIащ, – жиIащ Къулым, – Якъуби къысхуэзащ. Япэ уи хъыбар къызжезыIари аращ. Ауэ пэжщ, абы зэрыжиIар нэгъуэщIущ. Уэ жыпIар си фIэщ хъурэ жыпIэмэ, мэхъу. И пэжыпIэр Бахъуэм зэхигъэкIыну унафэ хуэсщIынщи, абыи зыхуэгъазэ. Бахъуэм дзыгъуэ гъуанэ дихьа къигъэнэнкъым. Абы хуэдэ IуэхукIэ IэкIуэлъак Iуэщ. Иджы Чопракъыщхьэ кIуауэ къырым итщ, гъуэгу ещIри. Кавказ къуршыр пхыдудын ди гугъэу ди цIыхур абы щытIыгъщ. «Уафэм щхьэгъубжэ хыдолъхьэ» жаIэу аращ жаIэр. Ар уфIэIуэху цIык Iу!

– Якъуби абы щыIэ?

– Хьэуэ. Чопракъ ауз дэсщ, я Iэтащхьэу. Къалащхьэ унэу аузыр зыщыгугъыр а зыр аращ. Партизан отрядым я командирщ, Чопракъ псыхъуэми я комиссарщ. Уэ зи гугъу пщIа шухэм ящыщу къэнэжар зымащIэтIэкIущ. УкIуэмэ, плъагъунщ.

– Берычэт бесын, Зулкъэрней. Дзыхь къысхуэпщIащи, сщыгъупщэнкъым. Армэм згъэзэжмэ, си Iуэхур нэхъ тэмэм хъунщ.

– Сыт щхьэкIэ? Партизанхэр армэщ. Ахэр командирыфI хуэныкъуэщ. Армэм бгъэзэжмэ, «смерш» отделым уи Iуэху зэхагъэкIыху уаIыгъынщ. Партизану ущытынумэ, сэ нобэ командиру узогъэув. Сыт щхьэкIэ жыIэт? Уэ жыпIар си фIэщ мэхъур. Ухуеймэ, сэри «смершым» я деж нэзгъэсыфынущ. Ауэ аракъым Iуэхур. Партизан отрядым я деж зегъэхьи, нэхъыфIщ. Уарэзы?

– Сарэзыщ.

Абы къыфIимыгъэкIыу Къулым и блокнотыр къиштэри зыгуэр иритхащ.

– Мыр машинкэкIэ тедзэт, – щыжиIэм, Къулым итхар къиштэри Иринэ щIэкIащ.

– Узэрынэсу отрядыр къеIыпхынщ, Якъуби бгъэсэнщ, къуршым узэрыщызэуэнум и Iэмалыр псоми ебгъэщIэнщ. ЗыгуэркIэ укъызэупщIыну ухуей хъурэ – къэтх, ухуеймэ – къакIуэ. Якъуб укъилъагъумэ, мыгуфIэщэнкIи мэхъу. Ягъэ кIынкъым. Якъуби коммунистщ. КъыгурыIуэнщ. Сэри сыхущIыхьэмэ, сынэкIуэнщи, сыныфхэплъэнщ. Якъуб игъэтхьэусыхи ухуэзэнщ. Чопракъ аузым быдапIэ щыфщI, бийр къемызэгъын хуэдэу. Якъуб нэхъыбэу щакIуэу къуршым итщ, абы къыдэхуэмэ, мэкъу прегъэупщI, Iэщ ехъумэ. Отрядым я командирыр Куэшмэн Азрэтщ, военнэ Iуэхум хищIыкI щымыIэ пэтми. Аузым Iэщу дэт жыхуэпIэм бжыгъэ иIэкъым, а къомыр хъумэн хуейщ. Уафэм «щхьэгъубжэ» хэтлъхьэмэ, къуршым щхьэпрыдгъэкIынущ» цIыхури Iэщри. ИтIанэ фэращ аузым

къыдэнэнури, зывгъэбыдэ.

Иринэ машинкэкIэ тридзар къыщIихьэжащ.

Локотош тхылъыр и гуфIакIэ жыпым ирилъхьэри къэтэджыжащ. Приемнэм къыщIыхьэжа иужь тIэкIу зиIэжьащ, Иринэ епсалъэмэ фIэфIу. Апчарэ къыщигъэзэжынумрэ Мэшыкъуэ къуажэ узэрыкIуэнумрэ зримыгъащIэу хъунутэкъым. Мэшыкъуэ нэсмэ, Хьэбибэ деж кIуэуэ и Iэр имубыдуи хъурэ? Албиян и хъыбару ищ Iэ тIэкIур жриIэнщи, игъэгуфIэнщ. Езы Иринэ гуфIэу кIуэнт Локотош и гъусэу, арщхьэкIэ мо телефон къомым уаутIыпщрэ?

– Чопракъ ауз дауэ узэрыкIуэну уи хьисэпыр? – жиIэри Къулыр и кабинетым къыщIэкIащ.

Капитаным жиIэнур имыщIэу щытт:

– Къэзгъуэтынщ зыгуэр...

– ЗыгуэркIэ хъурэ? Командирыр отрядым къакIуэмэ, ещхьу къэкIуэн хуейщ. Уешауэ, уелIауэ, сабэм уиуауэ уахыхьэмэ, сытыфэ къуаплъын? Иринэ, кIуэ, си шоферым жеIэ капитаныр Чопракъ райцентрым нигъэсу къигъэзэжыну.

– Куэдщ, къэзгъуэтынщ зыгуэр...

– Сыт щIэкуэдыр? АвтомобилкIэ укIуауэ Якъуб укъилъагъумэ, уи Iуэхур зэрыкуур нэхъ къэщIэгъуафIэу къищ Iэнущ.

Дакъикъэ зытIущ фIэкIа дэмыкIыу Локотош машинэм ису Чопракъ аузымкIэ иунэтIащ.

*ЕтIуанэ псалъащхьэ*

## 1. ЧОПРАКЪ ГАРНИЗОН

– Ла-Iилахьэ-Iил-алахь! Мыр дэнэ укъикIа? Гитлер и сэламыхьу укъэкIуа? – жиIащ Якъуб, капитан Локотош машинэкIэ къэкIуауэ щилъагъум. Ар зэригъэщIэгъуэнри ищIэртэкъым.– Дауи дыкъэбгъуэта? Легковой автомобили уисщ, умыгенерал пэтрэ!

– Умыгенерал пэтрэ, жи!

– Плену ущыта?

– Къысхуихуакъым абы хуэдэу дуней.

– НакIуэ, неблагъэ. УдгъэхьэщIэнщ. Куэдрэ ущыIэну?

– СыхьэщIэну аракъым, сыщыIэпэну сыкъэкIуащ. Локотош къыбгъэдыхьэщ шофер къэзышари, зигъэвоеннэу честь къриту къеупщIащ:

– Товарищ капитан, згъэзэж хъуну? – жиIэри.

– Хъунущ, си къуэш. Гъуэгу махуэ. Къулми сэлам схуехыж. Псори хъарзынэщ, жыIэ. ТIэкIу дэкIмэ, Iуэхур зыIутыр хуэстхынщ. СынэкIуэпэнкIи хъунщ, сыхущIыхьэмэ, – жиIэу

Локотош нэхъ щIызыпхыжиIыкIыр Якъуб зэхихым, и гуапэу арат.

КомандирыщIэ къызэрыкIуар псом я дежи нэсащ. Япэ къэсари Куэшмэн Азрэтт. ЛIы гъумыжьыр бауэбапщэу шым къемыпсыхыу къещэтэхащ, и ныбэр бгырыпх бгъуэшхуэк Iэ щIэкъузауэ. Бгырыпхыр зыщIихмэ, и ныбэр къиун хуэдэт. Азрэт «мэлышх» жыхуаIэм хуэдэт – мэл мащIи абы и ныбэм икIуэдакъым – заготбазэм Iэщ щигъашхэу игъащIэм тетащ. Базэр КъущхьэхъущыIэт, къуажэм пэжыжьэуи, Азрэт цIыхум ящыужа хуэдэт, жиIэ щIагъуэ щымыIэу, жьажьэу икI и дыкъмыкъыфэ къытеуауэ. И закъуэу псэунри щIыфIэфI гуэри щыIэт – Азрэт партым хэт щхьэкIэ, фызитI иIэти, сыкъащIэмэ, жиIэу и дунейр гузавэу ихьырт. А фызитIыр яримыгъэлъагъун щхьэкIэ, къакIуэIамэ, и хьэщIэр нэгъуэщI щIыпIэ щигъэхьэщIэрт.

Иджы зыбжанэ лъандэрэ Азрэт партизан отрядым хэтщ, Якъуб и къуэдзэу.

– ЗэгъэцIыху, мыращ капитан Локотош жыхуаIэр. Отрядым и командирщ нобэ щыщIэдзауэ, – жиIащ Якъуб.

Азрэт и Iэр и щхьэм хуихьащ, бадзэ тесыр триху хуэдэу – езым абы кърикгъэкIыр командирыщIэм честь ириту арат.

– Уэлэхьи, си гуапэм! – жиIэу Азрэт къэгуфIащ. – Сэ командиру сагъэуващ. Ар хъун? ИгъащIэм армэм сыщыIакъым. Заготовителу си гъащIэр схьащ. Iэщыхъуэр командир пщIы хъун?..

ИгъащIэм армэм сыхэтащ, жиIэу Азрэт тхьэ иIуэу жиIатэми, абы и честь тыкIэр илъэгъуауэ, Локотош и фIэщ хъунутэкъым. Iэщэ-фащэ кIэрылъыр шы шытепхъуэ телъ хуэдэт, шыгъэцIыв и шырыкъуитIым илъым игъэлъэпэрапэрт, зылъагъур игъэдыхьэшхыу.

Пэжыр жыпIэмэ, езы Якъуби и жагъуэ хъуакъым командирыщIэ къызэрыкIуар. Сыт щхьэкIи хъунт? Якъуб Чопракъ псыхъуэр республикэ щхьэхуэу къилъытэрт, дэтри дэсри езым и IэмыщIэ илъу. Сыт ищIысми унафэ щыIэр къызыпкърыкIыр Якъубт. Нт Iэ республикэ ущыхъукIэ военнэ гарнизони уи Iэн хуейкъэ? Партизан отряду къалъытэр гуп-гупу гуэшауэ адэкIэмыдэкIэ къуакIэбгыкIэм дэтщ: хэт мэкъу пеупщI, хэти Iэщ ехъумэ, щIымахуэм Iэщыр зыщ Iэтын зыщIу и ужь итри мащIэкъым. Къулымрэ Бахъуэмрэ къуршыр пхауду гъуэгу яхуэщIыну Якъуб и фIэщ хъуркъыми, Iэщыр хъума зэрыхъунум нэхъ и ужь итщи, езыми хущIыхьэпIэ иIэкъым.

– Уи отрядыр Локотош ети, Iуэхум щыгъуазэ щIы, – жиIэри Якъуб унафэ ищIащ. Капитанри абы и IэмыщIэ илъу, Якъуб жиIэм едаIуэу щытын зэрыхуейр гуригъэIуащ: – ИужькIэ зэрыхъур къызжефIэж, – жиIэри.

Абы Локотош гу лъимытэу къэнакъым.

– Дэгъуэм, уэлэхьи, – жиIэри Азрэт и щхьэм бадзэ триху хуэдэу ищIащ. – Командирым гъуэгуанэ къызэпичащ, мэжалIэ малIэ... шашлык-мэшлык жытIэн хуэмейуэ пIэрэ?..

– Шашлыкыр гурыIуэгъуэщ. Мэшлыкыр сыту пIэрэ? – жиIэри Локотош дыхьэшхащ.

– УиIэ мэшлык? – жиIэри Якъуби щIэупщIащ.

– Iэу, димыIэу хъурэ? ТIум дрикъун?

– Къэхь, иужькIэ деплъынщ.

Азрэт нэхъыбэу зыхищIыкIыр абы хуэдэ Iуэхут. Райпотреб-союзым я подвалым фадэ щIэлъар абы къыхуэнауэ ихъумэрт, езым фIэкI еIусэн Iауэ хуимыту. Шашлык пщIыни и мащIэт? Мэлу губгъуэм къинам улIэжыху урикъунущ. Мэл яукIауэ Якъубрэ Азрэтрэ шашлык ягъажьэмэ, «по-карски» жыхуаIэм хуэдэут зэрагъажьэр. Зы мэлым жьэжьеитI иIэщи, шашлыкитI къыхахри адрейр дзэм ират. Хэт мэл иукIами арат – Якъубрэ Азрэтрэ я Iыхьэр лъагъэсырти, къэнар уи хьэлэлщ. Иджы дауэ хъуну – мэлым жьэжьеищ хэлъкъым, Локотош и Iыхьэр дауэ хъуну?

ТIэкIу-тIэкIуурэ Локотош Iуэхум щыгъуазэ хъуащ. Зэгуэр район газет къыпэщIэхуауэ еплъати, очерк гъэщIэгъуэн иту къыщIэкIащ.

«Бгъэр уи пашэмэ» жиIэу аращ очеркым и псалъащхьэр. Авторым етхыр: «Бгъэр уи пашэмэ, къуршым я нэхъ лъагэм ущхьэпрокIыф, къуанщIэр уи пашэрэ – шы лIар тIысыпIэ пхуэхъунущ», – жиIэу. Бгъэ хъуауэ хэт абы жыхуиIэр? Якъубщ. Дауэ жыIэт? Якъуб, отрядым пашэ яхуэхъуати, гъуэгу пхэнж защIэкIэ, яхэкIуэдыкI щымыIэу, хэкум къишэжащ. Машинэ сыт яIар ямыIэжмэ, бензин ямыгъуэту хыфIадзащ армыхъумэ, я хуэмыхуагъкIэ къагъэнакъым. Ари зыгуэру къабыл пщIы хъунут, ауэ Якъуб и отрядыр атакэ ишэурэ нэмыцэм мызэ-мытIэу мыхьыр яригъэхьащ, джатэкIэ бийр зэхиупщIэтащ, жиIэу итти, ар зэрыпщIы гъущэр IупщIт. Локотош къыгурыIуащ гуп щхьэхуэу къалмыкъ губгъуэм кърикIар нэмыцэм пэуву зэрезэуар Якъуб и напщIэ трилъхьэу зэрыщытыр. А псор нобэ къэбгъэбырсеижкIэ сыт и мыхьэнэ, жиIэри капитаным газетыр игъэпщкIужащ.

ЕмыныкъуэкъуН щхьэкIэ, капитаным а газетым и гугъу къигъэхъеякъым. Бахъуэр къакIуэу псори зэхигъэкIыну Къулым жиIащи, къакIуэмэ, зэригъэзэхуэнщ.

Локотош и Iуэху и ужь ихьэжащ.

Япэр арауэ, капитаным унафэ ищIащ партизану хъуар зэхуишэсу казармэм щыпсэууэ ищIыну. Казармэ хъужыр школыр арат. Взводитху хъурти, класситху яхуигуэшащ. Иджыри къэс партизанхэр щыпсэур зыуэ, зыщагъэпсэхур зыуэ щытамэ, иджы псори угъуеяуэ щытмэ, нэхъыфIу къилъытащ. Армыруи хъурэ. Щхьэж щыхуейм щыпсэумэ, дзэ хъужрэ

зыгуэр къэхъужыкъуэмэ, дауи зэхуэпшэсыну? Арат Локотош нэхъри къыщIэгубжьар – Iэщэр яхьу къуршым ихьэж къахэкIырти.

Якъуб ар фIэIуэхутэкъым, уеблэмэ дэтхэнэ гупым щыщу дапщэ къэнэжами, Якъуб щимыщIэр нэхъыбэт. Мэкъуауэ е мэкъуIэнащтэ дапщэ кIуами, къэкIуэжами, хъымпIар имыщIу, мэкъуу паупщIар арат нэхъ зыщ IэупщIэр. Къуэм дэкIыу дэнэ кIуэн, жиIэу бэлэрыгъауэ арат, дэнэкIи къэрэгъул щысщи, кIуапIи жапIи щыIэкъым.

МахуитIкIэ Локотош здэмыкIуа къигъэнакъым. Чопракъ аузыр быдапIэ хьэзыру природэм и Iэдакъэм щIэкIа хуэдэт, езэгъырабгъу имыIэу дэнэ лъэныкъуэкIи бгы нэпкъ задэт, и кIыхьагъыр километр бжыгъэкIэ плIыщI е щэ ныкъуэ хъунут. ЩакIуэ лъагъуэ зырыз къыдэкIыу къырым кIуэр бгъэбыдэн жыхуэпIэр гугъуххэтэкъым. ЗылI фоч иIыгъыу дэгъэтIысхьи, зэфIэкIащ. А быдапIэшхуэм зы куэбжэ закъуэ хэлъщ – Чопракъыпс дихауэ. А куэбжэм унэсын щхьэкIэ, бгъуэнщIагъ защIэкIэ зыкъом пкIун хуейщ, бгы нэпкъ лъагэм ущхьэщыту. Ари, зы мывэ къыгуэгъэуи, гъэбыда хъуащ. БгъуэнщIагъым я щIагъым псы уэрыр, нэри пэри ихьу, щожэх икIи псы еуэкIыпIэм деж бгы нэпкъ лъагэ, удэплъеямэ пыIэр пщхьэрыхуу иIэщи, а бгы джабэм пцIащхъуэ абгъуэм ещхьу бгъуэнщIагъ цIыкIу зыкъоми иIэщ. ЛIы зырыз-тIурытI абы игъэтIысхьи, Чопракъ ауз къыдыхьэр щхьэпрырагъэдзу ибгъэс хъунущ. Зэман блэкIауэ колхозыр щызэхуашэсым щыгъуэ колхозым хыхьэн зымыдэр абрэджу ежьэжмэ, а бгъуэнщIагъхэр я хэщIапIэу щытащ.

Якъуб, а бгъуэнщIагъхэм игуэшауэ партизан зырыз-тIурытI иригъэтIысхьащи, Чопракъ ауз быдапIэ хъуауэ къилъытэри тIысыжащ. ЧопракъыщхьэжыпIэнущи – Бахъуэр къырым исщ, къуршыр пхикъутыкIыу, жэщи махуи мылым езауэу итщ – километрий къурш защIэу пхыкъутыкIыныр Iуэху цIыкIу? Iэмалыншэр гугъукъэ. Аузым дэсыр зэрыхъур къуажиплI-тхущ, абы цIыхуу дэсымрэ Iэщу дэтымрэ зыхуэдизыр зыми ищIэркъым. Бел къэзыIэтыфыр гъуэгу зыщIым яхэтщ, партизанхэм и нэхъыбитIри аращ зи ужь итыр.

Локотош и унафэкIэ расписанэ ящIри къыфIалъхьащ. Абы итщ укъыщцытэджынури, ущышхэнури, занятэм ущыкIуэнури, щыбухынури, ущыгъуэлъыжынури – псори сыхьэт бжыгъэкIэ итт. Iэдэхьеигъуэ уимыхуэу махуэр жэщ хъухукIэ епхьэкIын хуэдэу.

Ар зигу иримыхь къахэкIащ. Япэу къэгумэщIар Куэшмэн Азрэтщ.

– Тхьэр згъэпцIащ, хъуну Iэмал иIэм. Красноармеец дыхъуа дэ? ИгъащIэкIи дыхъунукъым, щакIуэ, Iэхъуэ, мэлыхъуэ, шыхъуэ – аращ дэ игъащIэм IэщIагъэу диIар. Мэкъушэ кIуэ е мэзым пхъашэ кIуэ жыпIэмэ, дыхьэзырщ. Дэ пэ тлъэщIыну

дыхущIыхьэркъым, расписанэкIэ деджа дауэ зэрыхъунур? – жиIэу гъумэтIымэрт.

Якъуб деж кIуэуэ капитаным щхьэкIэ тхьэусыхаи къахэкIащ, арщхьэкIэ Локотош зытетым яхутекIакъым. Зи тхьэусыхафэ к Iыхьым я деж кIуэурэ я псэукIэ зригъэлъэгъуащ, зыхуэныкъуэмкIэ дэIэпыкъуну къигъэгугъащ. Локотош щIрагъэгъуэжын я гугъэу зызыгъэпщкIуу ежьэжаи къахэкIащ, здэкIуари здэжари умыщIэу.

Локотош и гум къэкIащ зы дезертир гуэр къигъуэту партизан отрядыр строй ищIурэ я нэкIэ ялъагъуу хуэфащэ ирищIэну. Абы хуэдэ гуэркIэ цIыхур имыгъэшынэмэ, дисциплинэ яхэлъынукъым, жыхуиIэу. Ар Якъуб щызэхихым, жыжьэу идакъым:

– Къыпхуадэн уи гугъэ? СогъэпцI, зэрыхъуари зэрыщIари умыщIэу ныбапхъэкIэ зыхыуамыгъадзэм. Хэт суд зэбгъэщIэнури? Сэра? Уэлэхьи, сэ абы хуэдэу сымыделэ. Ауэ уи жьэм къыжьэдэкIыу зэхыумыгъэх зыми.

– Присягэ къэтщтэнщ!

– Къэтщтакъэ?..

– НтIэ, зыри дымыщIэу дыщысын? Ди пэм лъы ивэжауэ дыщысмэ, нэхъ Iеижккъэ! Дзэ зимыIэ генералу дыкъэнэнщ. НобэкIэ цIыхум уахозагъэ. Нэмыцэр къэблэгъа иужь, зэрыхъунур пщIэрэ? Утыкум ди закъуэу дыкъинэм, лIо пщIэжынур?

– УмыпIащIэ иджыри.

– УмыпIащIэ, жи. Узыпэплъэр сыт?

– Уафэм и «бжэр» егъэух. Грузием къикIрэ дзэ къакIуэм, Iуэхур щхьэгъуб нэгъуэщI хъунущ. Нэхъ щIэпкъузэрэ – нэхъ Iей хъунущ...

– ПащIэгъэлыгъуэ джэгу хэлъ? ПащIэгъэлыгъуэщ нобэ. Убэлэрыгъыну Iэмал зимыIэщ. ЦIыхури Iисраф хъууэ дэри ди щхьэ хэтлъхьэнкIэ хъунущ. Щхьэж и къалэн ирегъэзэщIэж – арыншэу здэнукъым. Чопракъ аузыр тхъумэну ди пщэ къыдалъхьащ, дэнэ укIуэн? Мэз бжэн ещэу ежьэжахэри аузым дэк Iыу дэнэ кIуэн?

– Дезертирхэм я пIалъэ пщIэркъым уэ слъагъум. Мэз бжэным я тIысыпIэр я тIысыпIэ хъуащ. Iэщэ яIэщ, я шхыныр пэрыхьэтщ. ЛIо епщIэнур?

– Комендантскэ взвод зэзгъэпэщынщи, дезертирхэм я джабэм сеуэнщ. КъыбгурыIуа? Си Iуэхущ, зы дезертиру ежьэжмэ. Дисциплинэр бydэу дымыIыгъэ – партизан отрядым ущIыщыгугъын щыIэкъым. Япэ нэмыцэм дезэуэну дызэрыпэуву, уи IэфракIэм уедзакъэу укъэнэнщ. ИтIанэ хэт зи пащIэ ягъэлыгъуэнур?

– Отрядым и командирыр аращ.

– Гарнизоным и комендантыр фоупс ирагъэфэну?

Якъуб псэлъэну къызэрыкIащ:

– НтIэ, мыдэ къэдаIуэ, си къуэш, – жиIэри, – къызжиIакъым

жумыIэжын папщIэ бжесIащ. Уэ пщIэнум уэ ухуитыжщ. Сэри сщIэн согъуэт. Сыппэрыуэнкъым, узэрегуакIуэщ. Ауэ си гугъу къыумыщI. Сэ а Iуэхум сыхыхьэну сыхуейкъым, зэрани сыпхуэ-хъуркъым.

– Зэран сыпхуэхъуркъым жыпIэкIэ зэфIэкIрэ?

Мыбы сигъэшынэну и мыгугъэу п Iэрэ, жиIэу Якъуб и гум къэкIащ. Локотош бжьыпэр иубыдыну иремыгугъэ, бжьыпэр зыIыгъыр Якъубщи, зэрыхуейуэ ищIынщ, хэт зыкъыпэщIисэми и джабэр хущIиуду. ТIуми псэкIэ ящIауэ къыщIэкIынт зэгуэр я пщампIэр зэрыубыду лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ зэрихуэнур.

– Зэран сыпхуэмыхъум, узэрыфIэф Iу пщIыну хуит усщIу аращ...

– Уэ къызэпт хуитыныгъэм сыхуэныкъуэ? Сэ сщIэнумкIэ уэ сыноупщIыжын уи мыгугъэ.

Якъуб, ар шэм хуэдэу техуауэ къызэщIэплъащи, зэгуоуд.

– НтIэ лIо узыхуейр?

– Сызыхуейри? ЦIыхур убыд! Зэбгрож. Уэ уи псалъэр нэхъ пхокI. УкъацIыху, уоцIыхуж. ЗдэкIуэр зэзгъэщIэнщ жыпIэмэ, зэбгъэщIэфынущ. Къуршым дэкI хуэдэу защIу пкIэунэм итIысхьауэ исми пщIэркъым...

– ПцIы ятумылъхьэ. Зырыз яхэк Iрэ здэкIуэр жимы Iэу ежьэ щхьэкIэ – Iуэхукъым. Дисциплинэр згъэткIиинущ жыбоIэри, гъэткIий. АбыкIэ сыарэзыщ. Отрядыр зи IэмыщIэ илъыр уэращ. Ауэ ди цIыхум ар ягу иримыхьыну жыпIэмэ, ирихьынукъым. Ухуеймэ, еплъ уи къарум къихьым.

– ЗызыгъэпщкI уар спискэ сщIащ. Ухуеймэ, къыпхуезбжэкIынщ... Уэ умыцIыху яхэткъым...

– ЩIэпхъуэжа жыхуэпIэм Мутай Чокэ хэмыту пIэрэ?

– Хэт Мутай пщIыр?

– УмыцIыхуу ара? Сыт щхьа – Дидан Бекъан и мылъхукъуэр-щэ? Iэщ къихуну нэмыцэм я щIыбагъым ихьащи, къэсыжакъым иджыри къэс... Махуищ мэхъу зэрык Iуэрэ. Дауэ зэхэбгъэкIыну ар къыщIэмыкIуэжыр? Къуажэм къыдэна и анэм деж кIуэжрэ зигъэпщкIуами пщIэрэ?

Локотош и гум къэкIыжащ зи гугъу ящIыр.

– Нацдивизэр дыщежьэм слъэгъуа си гугъэщ а зи гугъу пщIыр. ЩIалэ хъарзынафэ есплъат.

– Зи къыхуэт щыIэкъым. МыщIалэфIмэ, Апчарэ абы дэкIуэну мурад ищIынт?

– Апчари зыщIыр?

– ЛIо, бгъэщIагъуэрэ? НтIэ, уи закъуэ уи гугъэ Апчарэ и нэфI зыщыхуар? Дидан Бекъан абы нысэкIэ щымыгугъамэ, Грузием здишэу кIуэрэт? Хъыджэбзыр и къуэм хуехъумэ.

Апчарэ и гугъу щащIым, лIитIым, щIызэдауэр ящыгъупщэжри, я губжьыр нэхъ кI ащхъэ хъуащ. АрщхьэкIэ тIуми я гум гужьгъэжь ираубыдащ.

Я зэныкъуэкъуныр абдеж зэрыщаухар Локотош и гуапэт. Дисциплинэр нэхъ ткIий ищIыным и Iэмалыр езым ещIэж. Япэр арауэ, коммунистхэмрэ комсомолецхэмрэ зэхуишэсынщи, дахэкIэ яхэпсэлъыхьынщ, присягэ къащтар я гум къигъэкIыжынщи, я къалэн лъапIэу я пщэм дэлъыр ящыгъупщэ зэрымыхъунур хьэкъкIэ пхигъэкIынщ. Сталиным и приказу 227-м командирхэм лъэкIыныгъэу къаритми гу лъаригъэтэнщ.

Локотош приказым къеджэ къудейкIэ иухынукъым. Мы приказым емыпцIыжыну зигурэ зи щхьэрэ зэтелъым фи Iэ къытевдзэ жиIэнщи, присягэ хуэдэу къаIихынщ.

И мурадыр жимыIэу Локотош унафэ ищIащ отрядыр зэхуашэсу пщIантIэм дагъэувэну. Куэшмэн Азрэт унафэр игъэзэщIащ.

Капитаныр я пащхьэм къиувэри фронтым и Iуэхур зыIутым щыгъуазэ цIыхур ищIащ.

– Фи мыгугъэ, нэмыцэр Бахъсэн Iуфэ Iут защIэу щытыну, – жиIэу Локотош щIигъэхуабжьэрт. – Нэмыцэр зыгуэрым поплъэ. Зыпэплъэри къэщIэгъуейкъым. Сталинград деж лъыпсыр щагъажэ. Нэмыцэм я нэр къыщхьэрипхъуауэ дзэр жыхьэнмэ мафIэм хахуэ, къалэр къащтэну еIэурэ я кIэтIийр зэпытхъыным нэсащ. Сталинградыр къахуэщтэркъыми, я диным икIащ. А къалэр къамыщтэу мыбыкIэ жыжьэ кIуэн мэшынэ. Ауэ Сталинградыр къащтэрэ – абы щызэуа дзэр мыбыкIэ къадзыжынщи, мис ар ди лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэщ. Сентябрым и 25-м Баку сынэсауэ фэзгъэлъагъунщ, жиIэри Гитлер график зэхилъхьащи, а графикыр мэлъэлъэж. Бийм и мурадыр къезымыгъэхъулIэр хэт жыIэт? Ди дзэр аращ, ди хахуагъэр, ди лIыгъэр, ди быдагъэр, ди ерыщагъыр аращ. Армырмэ, нэмыцэр Мэздэгу и деж Iутынукъым. Иджыри я къару зэхуахьэсу къыттеуэну аращ зэщэр. Чопракъ гарнизоным къалэну ди пащхьэм илъыр фэри фощIэ. – Локотош партизан отряд жимыIэу къуэм Iэщэ зыIыгъыу дэсым гарнизонкIэт зэреджэр, аузыр къалэ быдапIэу къилъытэу, – Iэщу мыбы дэтыр, завод Iэмэпсымэу къыдэнар тхъумэн закъуэу аракъым, нэмыцэм я дзэ зыкъом адэкIэ дымыгъакIуэу мыбдеж щытлъэхъэн хуейщ. Дэ я щIыбагъым дыкъыданэу ахэр жыжьэ кIуэнукъым. Аращ дэри ди лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэр. Къуршыр имыкIуэтауэ дикIуэтынкъым! Чопракъыпс къимыгъазэу къэдгъэзэнкъым! Зи хэку епцIыжым Сталиным и ней щыхуащIт! Е дытекIуэнщ, е Iуащхьэмахуэ хужь дыкъилъагъуу зыкъедгъэукIынщ. НэгъуэщI кIуапIи жапIи диIэкъым!

Локотош и псалъэр зэпигъэури къедаIуэу щытхэм я нэгу щIэплъащ. Зигъэпсэхури командэ итащ:

– Отряд,смирно! Слушай приказ Верховного Главнокомандующего!

Приказыр урысыбзэкIэ тха щхьэкIэ, абы итыр нобэ ящыпэзэхэхтэкъыми, къызыгурымыIуэ зырызыххэ фIэкIа къахэкIы-

нутэкъым. Капитанри къыщеджэкIэ и макъым зригъэIэту, иныкъуэми щIэгубжьэжу е нэхъри трикъузэу къеджэрт. ЦIыхур щыму зэхэтти, Чопракъыпс и макъыр псыхъуэм къыдэIукIыу зэхэпхырт, бжей мэзыжь хагъуэ зыхидзари къэдаIуэ хуэдэт. ЩIалэ цIыкIу къому мывэ сэрей лъагэм тесхэми заущэхуат.

Приказым еджэныр яухащ.

Аргуэру командэ ятыр:

– Смирно!

Зыми зыри жимыIэу цIыхур зэхэтщ, уеблэмэ загъэхъеин иракуркъым. Сталиным и псалъэр псоми къагурыIуащ икIи игъэгупсысащ. Сталиным абы хуэдэ приказ къыдимыгъэкIыну Iэмал зимыIэт, нэмыцэр Кавказым къэсати. ИгъащIэм къэхъуакъым Iуащхьэмахуэ бийм и нып трагъэувэу. Джэгуалъэ ящIащ, и напэ хужьыр трахащ Iуащхьэмахуэ, удэкIыну Iэмал иIэкъым жыхуаIэу щытам.

Локотош тIэкIу зиIэжьэри щIэупщIащ:

– ФызыщIэупщIэн щыIэ? – жиIэри. ЩIэупщIа щхьэкI и сыт узыщIэупщIэнур? Сталиным и чэзууэ къыдигъэкIа приказыр жыпIэмэ – и чэзущ. Чопракъ ауз нэмыцэр къыдамыгъэхьэу тхуэIыгъыну пIэрэ, жыпIэу ущIыщIэупщIэни щыIэкъым. Днепр е Дон деж яхуэмубыда нэмыцэр дэ тхуэубыдыну уи гугъэ, жыпIэу шэч къыщIытепхьэни щыIэкъым. КавказкIэ зэджэр къурш къомыр аракъым. Ауз къэс лъэпкъ зырызыххэ исщ, я хабзэкIи, я дуней тетыкIэкIи зэхуэмыдэу. ИжькIэ ахэр зэныкъуэкъуу щытамэ, иджы илъэс тIощI мэхъури зэакъылэгъу хъуащ. Зэкъуэту, зым IэщIэхур зым къиштэжу, бзэкIэ зырызми, псэкIэ зыуэ бийм пэувынкъэ, жиIэу арат Локотош и гум илъыр. Ауэ зыгуэр къэхэша, гухэ къэхъуа – псоми нэщIэбжьэ ялъагъунщ. Локотош и гум къэкIыжащ Дотий жиIэу щытар: нобэрей зауэр Октябрь революцэм щыщщ, жиIэу. Зыми зыри жимыIэу отрядыр здэщытым, ШэндаркIэ еджэу зы лIы сырыхушхуэ, пэ кIыхьу яхэтт, фочыр мэлыхъуэ башым ещхьу и дамэм телъу къикIухьуи, строй зыхэтым къыхэкIри капитаным къемыплъу къыхиIуащ...

– Уэлай, Сталиным абы хуэдэ приказ къыдимыгъэкIа, – жиIэри. – ЗэрыжыпIэмкIэ, шхуми дес, шэми дес. Ар дауэ?..

Локотош и пщIыхьэпIи къыхэхуакъым абы хуэдэ псалъэмакъ къэхъеину.

– Стройм щхьэ укъыхэкIа?

Шэндар пыф-сыф жиIэу зрилъэфыхьырт.

– Сталин уиукIыну ит? УзыукIыну зи мурадыр Гитлерщ. Бахъсэн Iуфэ Iус дзэр къыщIигъэкIуар уаригъэукIыну аращ. ЗебгъэукIыну ухуэмеймэ, япэ зигъэщи, езыр укI. УмыукIрэ – узыщымыгугъын ущымыгугъ. – Локотош и планшеткэм дилъхьэжа приказыр аргуэру къыдихыжащ. – Аращ мы приказым

итыр! Мис, Сталиным и Iэ телъщ! Еплъ, уэри тхылъ уощIэ. – Локотош приказыр Шэндар ирегъэлъагъу, Сталиным и Iэ зытелъым IэпэкIэ теIэбэу. – Сталиным и Iэкъэ мыр?

Шэндар и нэр щIимыукъуанцIэу приказым йоплъ.

– Мыхъур щхьэ темылърэ-тIэ?

– Сыт мыхъур, щхьэматэ? – жиIэри Куэшмэныр щIэкIиящ.

– ЛIо, Сталиным дэ тхуэдэу ликбезкъым къиухар, зэрыбкIэ приказ итхын хуэдэу. Iэрытхыу щхьэ имытхарэ? – жиIэу Шэндар къызэрыкIащ.

Локотош къыгурыIуащ Шэндар сымэ Iэзащэу зэрыщымытыр, абы ямыщIэ ебгъэщIэныр зэрымыIуэху цIыкIур. Зыри жамыIэ щхьэкIэ, Шэндар хуэдэ Iэджи отрядым хэтынкIэ хъунут. Мыхъур телъкъым жаIэнщи, зэфIэкIащ. Хьэмэрэ Шэндар делэIуделафэ зытригъауэрэ? Мыбы нэхъ ягурыбгъэIуэнур Якъубщ. Комиссару щыщыткIэ, и къалэным щыщщ къахыхьэу цIыхум я акъыл здынэмыс нигъэсыну. АрщхьэкIэ Якъуб ар фIэIуэхукъым.

– Сталин зэрыбкIэ тхэуэ аркъым, – жиIэрт Локотош мо лIым нэхъ къыгурыIуэн и хьисэпу, – приказыр тхылъ тедзапIэм зэрыбкIэ щытрадзащи, аращ. Догуэ, унафэ е приказ сыт хуэдэ газетым иту флъэгъуакъэ?

– Тлъэгъуащ.

– Тлъэгъуа къудейкъым. Деджащ.

– НтIэ ахэр зэрыбкIэ тхакъэ?

– Газет псори зэрыбкIэ ятх.

– Газетым мыхъур тебгъэувэ хъурэ?

– Мыхъур тет?

– Газетыр советскэ властым къыдегъэкIри итыр псоми я фIэщ мэхъу.

– КъыбгурыIуа иджы мыбы мыхъур щIытемылъыр? – жиIэри Локотош Шэндар еупщIащ.

Шэндар и щхьэр игъэсысащ.

– Иджыри щIэупщIэн щыIэ?

Стройм хэтхэм щыщ зыкъом зыжьэу къэпсэлъащ:

– ГурыIуэгъуэщ, товарищ капитан, – жаIэри.

– ГурыIуэгъуэмэ, зырызу фыкъыхэкIыурэ мыбы Iэ къытевдзэ, Сталиным къыдигъэкIа приказымкIэ фыарэзы дэнэ къэна, ар зэрывгъэпэжынур къигъэлъагъуэу. Сталиным и унафэр дэркIэ унафэщи, къикIуэт димыIэу бийм дыпэувынщ. КъикIуэтыпIи щыIэкъым – дэнэкIи къуршщ. Ди щIыналъэм дыкъихьумэнщ, щIэгъэкъуэни къытхуэхъунщ. Чопракъ аузым бийр къемызэгъыу быдапIэ щытщIынщ, зы фашист къыдыхьэми псэууэ дэкIыжынкъым. Зы къэрабгъэ къытхэкIыу, си щхьэ хъума зэрыхъуным и ужь ситынщ, жиIэу къуэгъэнапIэ лъыхъуэу ежьэжрэ – къэдубыдынщи, хуэфащэ едгъэгъуэтынщ. Сэр дыдэр сыкъикIуэтмэ, сыщхьэпревгъэдз. Аращ нобэ ди

тхьэры Iуэр!

Азрэт учительскэм щIэта стIол цIыкIу гуэр къихьри утыкум кърихьэуващ. Зы тхылъымпIэшхуи а стIолым трилъхьащ, Сталиным и приказыр тешхауэ. Къалэми шакъалъи къахьащ. ТхылъымпIэм, жьыбгъэм тримыхын щхьэкIэ, и кIапиплIым мывэ хъурей тралъхьащ.

– Отделенэ отделенэкIэрэ фыкъыхэкIыурэ Iэ тевдзэ. КъывгурыIуакъэ? КъыщIэддзэ хъуну, товарищ капитан? – жиIэри Азрэти иувыкIащ.

Локотош аргуэру тригъэчыныхьырт, щIикъузэрт:

– Iэ тевдзэным и пэкIэ хэти зэ ирегупсысыж, приказым иреджэ. Псалъэу итыр и псэм хыхьэрэ къэбыл ищIрэ – Iэ тедзэ. Зы мэскъал закъуэкIэ шэч къытепхьэжакъэ – зыIуегъэх, щхьэусыгъуэ гуэр щIыи. Ауэ уи Iэ тебдзакъэ – къызжиIакъым жумыIэж. Сталиным зэрыжиIэ дыдэм хуэдэу дэри тщIынущ, щысхьырабгъу имыIэу. ГурыIуэгъуэкъэ?

Арати, псоми Iэ традзащ, псоми Локотош арэзы къащIу. Шэндар мыхъумэ, шэч къытезыхьэ отрядым хэмыту капитаным къилъытэри и Iуэху и ужь ихьэжащ. Япэрей урокыр хъарзынэу екIуэкIащ, жиIэу Локотош жэщыбгым деж зигъэпсэхуну зигъэукIуриящ.

Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджмэ – лIищ кIуэсэжауэ къыщIэкIащ.

Якъуб дыхьэшхащ, ар къыщищIэм:

– БжесIатэкъэ! IэпщацагъэкIэ уапэлъэщын уи гугъэ? IэпщацагъэкIэ, залымыгъэкIэ я ужь уихьэмэ, зыри къикIынукъым. Дыгъуасэ командиру уагъэувати, нобэ псори казармэм щIэпхуащ, къэрабгъэр сукIынущ, жыбоIэри бгъэшынэну уи хьисэпщ. Догуэ, армэм ухэт уи гугъэж? Мыхэр хуиту къуэм щыпсэууэ зэуэну аращ зыхуейр. Нэмыцэр къэсрэ – я зэуэныр яухащ. Дэнэ кIуэн? Къулыкъукъым, сыткъым. Я нэхъ къулыкъушхуэу къалъысар сыт жыIэт? Мэлыхъуэ башым и заведышу аращ. А башыр нэмыцэм зэрытримыхынури ящIэ. Шэндар лъэпкъым къупщхьэ хуэхъужыну щIигугъэри аращ.

– Дауэ лъэпкъым и къупщхьэу?

– Зэхэпхакъэ: адыгэ псалъэжьщ. ЩIалэ къалъхумэ, лъэпкъым къупщхьэ яхуэхъунщ, жаIэу щогугъ. Жыгыр паупщIми, и лъабжьэр къинэмэ, къыдожыж. Уэ дэрэ жыг къудамэм дыхуэдэщ. Мэлыхъуэ башым и заведышыр жыг лъабжьэщ. Къудамэр дыпаупщIми, лъабжьэр къыдэжыжынщ. Дэ къулыкъу диIэщ – тIэщIахын диIэщ, абы и башыр къыхуонэж.

Якъуб жиIэр Локотош зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу, и нитIыр тенауэ еплъырт:

– Япэр арауэ, – жиIэрт Локотош, – жыг лъэдакъэ псоми къадэжыжыркъым. Жыгыр паупщIмэ, лъабжьэри щыхэфыхьыжыр нэхъыбэщ. Жыгыр здитам деж Iэгъэбэгу фIэкI къыщи-

мыкIэ дапщэ ухуей? ЕтIуанэу, къыдэжыжуи щIы, къыдэжыж къудамэр сытым хуэдэ? Къуаншэщ, къарууншэщ, хуабэ зэрыхъуу мэгъуж. Мэлыхъуэ башым и заведышым сыт трахын жыбоIэ. Мис ар къызгурыIуэркъым. Башым и заведыши щIы – зауэмэ, и хэкукъэ зыхуэзауэр, и адэжь щIыналъэкъэ ихъумэну зи ужь итыр. Ар уфIэмащIэ? Нэмыцэм лъэпкъ ягу иримыхьым я лъапсэм псы ирагъэжыхьыжыну я мурадщ. НтIэ дунейм къытранэну цIыху лъэпкъхэм дэ дыхабжауэ щыпIуэжын? Журтым лъэпкъ кIуэдыр къыхуагъакIуэмэ, щагъэтыжын уи гугъэ? Щагъэтыжынукъым. IэфI къаIурыхъуэнщи, нэхъри ерыщ екIуэнщ. Римскэ империем зи фыз ягу ирихьа лIыр яукIырти, я фызыр зыIэщIагъэхьэу щыташ. Нэмыцэми аращ ящIэнур – зи щIыналъэ ягу ирихь лъэпкъыр ирагъэсыкIынщ, лъэпкъ мыфэ-мыцщ, жаIэнщи. Ди адэжьхэу зи хьэдэ мащэм илъым загъэзэнщ, зэхахмэ... Уи жьэм къекIуэу сыту жыпIэфа: нэмыцэм ттрихын щыIэкъым жыпIэу! Содэ, нэмыцэр къакIуэу Къущхьэхъу мэ-лыхъуэу иувэнкъым. Мэлыхъуэр, и дуней кIыхьами кIэщIами, мэлыхъуэу къигъэнэжынщ, езы мэлыхъуэр мэлым ещхь хъужа-уэ. ПщылI жыхуаIэр аракъэ? Хьэмэ уэ нэгъуэщIу уеплърэ?

Локотош дэуэну къызэрыкIын къудейуэ Азрэт къыщIэп-щхьащ, и жьафэр къыIурылэлу:

– Бахъуэр къэсащ. ЛIищ тхэкIуэсыкIари къишэжащ, – жиIэри.

– Шэндари къашэжа?

– Къашэжащ.

Псори зэкIэлъхьэужьу унэм щIэжащ.

Школ пщIантIэм деж цIыхур щызэхуэсауэ зэхэтт зэры-хьэргъэшыргъэу. Бахъуэр шут, шу гъусэ зыбжани щIыгъуу. Утыкум дезертирищыр фагъуэ хъужауэ итт. А щыр къэзыщIыху цIыхубз гуэрхэри къугъыу, зэлъэIунур ямыщIэу зэхэтт. А лIищым я Iэр я щIыбагъымкIэ щыпхауэ щIыщытым и пэжыпIэр ямыщIэу къыщIэкIынт, ауэ абы хуэдэ къулейсызыгъэ къащы-щыщIакIэ зы бэлыхь я нэгу щIэтщи, я гур щIогъу.

– Хэгъэхьэ уи отрядым. Пополненэ хъарзынэ къыпхуэс-шащ, – жиIэри Бахъуэр къэкIиящ, Якъуб сымэ къакIуэу щилъагъум. – Мэз бжэн тIысыпIэм къыщызмыубыдамэ, тхьэ соIуэ. И зэвыпIэ дыдэм деж. Абдеж шууитI щызэблэкI хъур-къым. Сванхэм я деж бгъакIуэу жаIати, си фIэщ хъуакъым. Аращ чачэу къыщIэсхужар. Сванхэм я деж укIуэ хъурэ? Гъуэгур духмэ, кIуэ, укIуэнумэ...

Бахъуэр къызэрыкIуар Локотош и гуапэ хъуащ.

## 2. КЪАГЪЫРМЭС И ТХЫДЭ

Шы мыгъасэр пэкъу ящIрэ IумпIафIэ хъухукIэ къызэрырашэкIым ещхьу, Бахъуэм къыпэщIэхуар иIыгът, зыIэщIимыгъэкIыу. Уетхауэми зиптIэми, зыIэщIэбудыну ухуежьэ щхьэкIэ мыхьэнэ иIэтэкъым. Емылыджым я нэхъ емылыджыжыр уэрами, упыкIат дунейм хуиту узэрытетынум. Езыр къибыргъукIыу, гушыIэ хэлъу, гушыIи хэзагъэу плъагъу щхьэкIэ, Iуэху зехьэкIэ ищIэрт.

ХакIуэ мыгъасэу пэкъу ящIар Якъубт. Бахъуэр нэхъыбэу къыщIэкIуари арат. Гъуэгу щIыныр нэгъуэщI Iуэху цIыкIуфэкIукIэ къигъанэу мыбы нэс къехынутэкъым. Якъуб и Iуэхур зэхэгъэкI, жиIэу унафэ къыхуэзыщIари къэщIэгъуейкъым – Къулыр аращ.

Локотош и гум къэкIыжащ Якъуб и Iуэхур зэхигъэкIыну Бахъуэм и пщэм дэслъхьэнщ, жиIэу Зулкъэрней жиIауэ зэрыщытар. Бахъуэр къеплъмэ, Якъубу плъагъур плъыжь хъурт, хужь хъурт, пщIэнтIэпсыр къехуэхыу, къызэщ Iэплъауэ щыст. ХакIуэр пэкъу зэращIа кIапсэр сыт жыпIэмэ, район газетым тет очеркыр аращ. Ар къыщытехуам Якъуб дагъэ къыщахуа хуэдэу и гуапэ хъуамэ, иджы иронэщхъей.

А очеркыр зытхар къыпэщIэхуатэмэ, фIы щI ихынтэкъым. АрщхьэкIэ дэнэ къипхыжын. Къуршым щхьэпрыкIри Грузием кIуэжащи, кIуэи къэгъуэт. КъэбгъуэткIи абы теплъхьэ хъурэ, и пэжыпIэр Локотош ищIэу. Якъуб зэми и гум къокI: «Капитаныр армырауэ пIэрэ дыгъужьыр си лъагъуэм къытезышар?» – жеIэри. Локотош лъэныкъуэегъэз зищIащи, бгъуэтыжрэ.

Бахъуэр зэгуэзыгъэпыр гурыIуэгъуэщ. Гуп щхьэхуэу Якъуб гъуэгум къытринэу нэмыцэм Iисраф ящIар НКВД-м я дзэм щыщти, ар и гум техуэртэкъым, щхьэ дэмыIэпыкъуарэ, жиIэу.

Къэхъуар зи нэгу щ IэкIа Iэджэми Бахъуэр япкърыупщIыхьащ, арщхьэк Iэ Локотош щхьэкI э псалъэ Iей жызыIа къахэкIакъым. Бахъуэм и блокнотым иритхащ щыхьэтхэм жаIэмрэ Къулым жиIэмрэ зэрызэтехуэр. Ауэ, пэжщ, Локотош и закъуэу губгъуэм щитам ищIар зыми ищI эртэкъым. Езы капитаныр легионер отрядым ятеуэу я командирыр IуипIауэ жеIэри, ар зылъэгъуа дэнэ къипхын? Абыи щIэупщIэмэ, агентурнэ хъыбар гуэри иIэу къыщIэкIынщи, иужькIэ зэригъэзэхуэнщ. АпщIондэху Якъуб и Iуэхур зэфIигъэкIмэ, куэдщ.

Абы нэхъейуэ кIуэсэжахэм ящыщ зыр и благъэу къыщIэкIащи, ари зыгуэру хей щIауэ къыхэгъэкIын хуейщ. Якъуб гузавэри кIэрымылъ зык Iэрилъхьащ: си благъэм, пэжу, зэгуэр жесIауэ щыташ, къуршым щхьэдэхыу шыгъурэ тутынрэ къилъэIухуэну грузинхэм я деж кIуэну, жиIэри. «НтIэ щыжепIам мыкIуэу иджы нэхъ щхьэ кIуа?» – жиIэу Бахъуэр щыщIэупщIэм, сыт жиIэнт, и дамэр дриIэтейри зиущэхужащ. Абык Iэ модрейхэми заумысыжакъым.

Бахъуэр къэгъэпцIэгъуафIэм ящыщтэкъым. КъеупщI-неупщIурэ Якъуб жиIэну илъэпкъыр жригъэIэри, иужьым зэригъэзахуэу щыхуежьэм, Якъубу плъагъур къиубыдащ, кIуап Iи жапIи имыIэу. Насып иIэти, Якъуб нэмыцэр къэсмэ мэлыхъуэм трахынумрэ трамыхынумрэ я гугъу къигъэхъейуэ Локотош зы псалъи жиIэжакъым. Ар Якъуб и гуапэ хъуащ.

Бахъуэм и сумкэм материалыр дэз хъуащ. А къомыр Къулым деж нигъэсмэ, Якъубыр партым зэрыхэтынум пыкIауэ къыщ Iэ-кIынщ. Арщхьэк Iэ иджыпсту Якъуб зэхэзехуэн умыщIмэ, нэхъыфIщ: нэмыцэр Бахъсэн Iуфэ Iусщ, ЧопракъыщхьэкIэ гъуэгур яухыным куэд хуейщ. Къулым зыхуигъазэрэ ечэнджэщмэ, нэхъыфIу къилъытэри, Бахъуэм кIакъмакъ къимыIэтыну мурад ищIащ.

– Якъуб езыр уюристщ. Законым ущыгъуазащ. ЛIы укIын хуеймэ, и укIыкIи уощIэ, – жиIэу Бахъуэр Якъуб дежкIэ еплъэкIырт. – Дезертирхэм уи благъэ яхэтщ. Пэжкъэ? Умысэу хеи зыпщIыжынумэ, и Iэмалри уощIэ. Лъы уасэ тын хуейщ. Лъым пэувыр лъыщ. Уэ лъы пщIэтщи, умыбэлэрыгъ, уи лъыр пщIэкIыхукIэ зауэ. Сэ иджыри сыкъыфлъыгъуэзэнщ. Къулми къэкIуэну жиIащи, дызэгъусэу дыкъэкIуэнкIи хъунщ.

Гитлери сригъэсыкIыну къызощэ, Бахъуэми дуней дахэк Iэ сыкъигъэгугъэркъым, жиIэу Якъуб и гум къэкIырт, и щхьэр здихьынур имыщIэу. И адэ къуэшым фIы и гум илъу революционерхэм я цIэр и къуэм фIищати, кърикIуар Iейт. Езы Якъуби и къуэш цIыкIуитIыр ипIыжыну щыхуежьам и мурадари дахэтэкъэ! Иджы ищIэнур сыт? Бахъуэр ек Iэ уи ужь къихьауэ сытым ущыгугъын? Аргуэру фIы сщ Iащэрэт жиIэу ежьэжын? Хьэуэ, абы хуэдэ Хьэбашэ делэ щыIэжкъым. Якъуб хузэфIэкIри ялъагъунщ. Езы Бахъуэр маф Iэгум тесу хэкур къызэхинэу щIэпхъуэжауэ зэрыщытар щыгъупщэжащ. Чопракъ аузи мылъкурэ цIыхуу мащIэ къыдэна? А къомыр зыхъумэнур хэт? Къулри къабзэ дыдэкъым. Иджы уафэм «щхьэгъубжэ» хилъхьэмэ, псори къыхуагъэгъун и гугъэщ...

Локотош кIуэсэжауэ щытахэр игъэтIысащ, партизан отрядыр школ пщIантIэм щызэхуишэсу абы я суд иригъэщIэн и хьисэпу. Капитаным и гум къэкIыжащ адыгэм «къалэ зауэ» жыхуаIэу щытар. Къалэм дэсым тхьэ зэхуаIуэрт къаукIыху зэуэну. Къэрабгъэ зырыз яхэтмэ, абы я унафэр нэхъапэ щIыкIэ ящIырт. Къэрабгъэр, упщIэм е арджэным кIуэцIагъэджэразэрти, пыпхэм ещхьу, щIытIым трагъэувэрт. ЗыкъимытIэтэжын щхьэкIэ, выфэ к IапсэкIэ быдэу зэк IуэцIапхауэ. Зауэр екIуэкIыху, пыпхэр щытт. Шэ къытехуэу къаукIа – щIалъхьэжырт, къамыукIыу къела къахэкIами и насыпт. Бийр жыжьэу къаплъэрэ нэхъыбэу пыпхэр пIийуэ къилъагъумэ, цIыху къыфIэщIырти къеуэрт.

Ноби арат зэрыщытын хуеяр. Дезертирхэр сытым кIуэ-

цIыбгъэджэразэу тебгъэувэн? Дауэ хъуми, япэ щхьэпрегъэдзын хуейр ахэр аращ.

ЯгъэтIысахэм я хъыбар аузым дэсхэм я деж нэсати, ахэри къызэхуэсащи, школым деж Iутхэщ, щIыунэм щIэс тутнакъхэр къыщIашу тлъагъуну пIэрэ, жаIэу. ЛIыжь гуэрхэри Якъуб деж кIуэри къаутIыпщыжыну елъэIуащ, Якъуб къигъэгугъа щхьэкIэ, Локотош и Iуэхум хыхьэну фIэфIтэкъым. Бахъуэм щышынэрт.

ЯмыщIэххэу Апчарэ къэкIуащ. Хъыджэбзыр къэкIуа къудейтэкъым – Щэулэхъу хакIуэм тесу къэкIуащ, хакIуэр Локотош къыхуишауэ. Грузием къыщик Iыжам, Бекъанрэ Апчарэрэ Къулым деж щIыхьати, Зулкъэрней унафэ ищIащ:

– Щэулэхъу Локотош деж ебгъашэмэ, нэхъ хъума хъунущи, егъашэ, – жиIэри.

Хэт и дежкIи гурыIуэгъуэт: капитаныр тесмэ, хакIуэм къещэм я гугъэр нэхъ хахыжынщ, Чопракъ аузыр быдапIэ дыдэ ящIащи.

– Локотош, жыпIа? Капитан Локотошу пIэрэ зи гугъу ищIыр? – жиIэри Апчарэ щIэупщIащ, и нэкIущхьитIыр плъыжьыбзэ къэхъуауэ. – Псэу ар?

– Псэу дэнэ къэна, Чопракъ ауз партизан отрядым я командирыр аращ. Якъуб и пIэ иуващ. Армэм згъэзэжынущ жиIа щхьэкIэ, партизаным яхэзгъэхьащ.

Бекъан ней-нейуэ хъыджэбзым дежкIэ еплъэкIащ, капитаным зэрыщIэупщIэр и гум иримыхьауэ. Абы ищIыIужкIэ «хакIуэри Локотош ет» жаIэ.

Апчарэ нэхъри дадэм и гуауэ ищIащ:

–Сэ сшэ хъуну шыр? –жиIэри.

– Зы лажьи хъати уимыIэу укъилъагъумэ, и гуапэ хъунщ,– жиIащ Къулым.

– ЯгъэувыIэнщ хакIуэр,– жиIащ Бекъан зэрымыарэзым гу лъыптэу.

– Сыт щIигъэувыIэр? Локотош хакIуэм тес защIэу щытынукъым. Уэ колхозыр зэфIэбгъэувэху, хакIуэр абы щыIэмэ, нэхъыфIщ. Нэмыцэр Бахъсэн Iуфэ щетIысэхыпауэ къыщIэкIынщ. Абы къыфIэдмыгъэкIыну дэри дызэщэр аращ. Дзэ къокIуэ, ди къарум хэхъуэнущ.

– Бахъсэныпс хуэIыгъыну пIэрэ нэмыцэр?

Къулыр шэнт зытесым тезагъэртэкъым.

– Зауэ жыхуаIэр аращ, Апчарэ. ПщIэну щыткъым зэрыхъунур. Уэри, шыр пша иужь, щIалэгъуалэ фермэр зэфIэбгъэувэжыну къалэн пщыдощIыр. УIэгъэ хъуахэр шэ егъэфэн хуейщ, тхъу егъэшхын хуейщ. Ди мурадыр къыдэхъулIэ закъуэмэ, нэхъ IуэхушхуэкIи дыпщогугъыр.

– Апчари! Абы хузэфIэмыкIын щыIэ? – жиIэри Ирини къэгуфIащ.

– Жэм ягуэшар къыхихужынщ, сохраннэ расискэ яри-

тыжурэ. Ар Iуэху мащIэ сытми? – щыжиIэм, дадэм игу къэкIар нэгъуэщIт: – Жэм мащIи бомбэм иукIа?.. Акти щыIэщ. Урикъун-къэ а зым?..

Локотош и дуней гуфIэгъуэт, Апчарэ къэкIуауэ щилъэгъуам. ХьэщIэм и хьэтыркIэ отряд зэхуишэсыну и мурадар зэхуимы-шэсыжыну унафэ ищIащ. Арыншэми езым шэч къытрихьэрт, дезертирхэм суд зэрытещIыхьын хуейм.

Хъыджэбз шу къэкIуауэ цIыхум щалъагъум, къызэхуэсащ. ЯфIэгъэщIэгъуэныр Апчарэтэкъым, ар зытес хакIуэр арат. ХакIуэм и дахагъэр ягъэщIагъуэрт. Щэулэхъу Апчарэ бгъэдэту фIалъэкIэ щIыр къреуд, зэзэмызи и нэ дахитI ыр къилыдыкIыу мо къызэхуэсауэ щытхэм я дежкIэ къоплъэкI. Шы и пIалъэ зыщIэ яхэту къыщIэкIынти, хакIуэм и гугъу ящIырт.

– И кIэбдзитIым еплъыт – щыхь кIэбдзым хуэдэщ.

– И бэкъур зэрыбгъуззэ. Жэщищ-махуищкIэ къехуэкI – тхъурымбэ дищIэнкъым.

– Сыту дахэ и кIэри. Шылэ защIэщ. Уи Iэмыщ Iэм икIуэдэнщ.

– И тхьэкIумэри дзасэм ещхьщ. ПцIащхъуэ фIыцIэ цIыкIуитI зэбгъурыс хуэдэкъэ?

– И щхьэр гъурщ. Пэщхъыныр инщ. ЩыжэкIэ тыншу бэуэнущ.

– И нитIыр плъагъурэ? И нитIыр!

– И нэм ущIэплъэмэ, «сыт жыпIар?» жыпIэу уеупщIынщ, къопсэлъэн хуэдэу къоплъри. Шы Iущщ, пцIы хэмылъу.

Шым и дахагъэр яхуэгъэщIагъуэртэкъым.

Езы Щэулэхъуи, ар ищIэ хуэдэти, зэм и щхьэ дахэр лъагэу иIэтырти, къахэплъэрт, зэми шылафэу и кIэ дахэмкIэ бэдзауэрт. ХакIуэр к IуапIэ зимы Iэжым хуэдэт. Хьэрыпышым и IэкI уэлъэкIуагъэ хэлът, къэжэрышым хуэдэуи жыджэрт. Карабахышым хуэдэу бэшэчт, лъэрызехьэт, тыркушым и фIалъэм хуэдэу Щэулэхъу и фIалъэри быдэт – мывэ къурш хуэзакIэ къигъэзэнутэкъым. И щIыбыр яещи, уанэм хуащIащ жыпIэнщ. И пэри тIыпэ дахэщи, и щхьэр иIэтмэ, «сыту щIыкIафIэ» жыпIэн хуэдэу хакIуэ къекIущи, абы тесым зимыгъэбжьыфIэну Iэмал иIэкъым. Абы хуэдэш къагъэхъун щхьэкIэ пасэрейхэр Iэджэм егупсысащ: тхьэм ещIэ, ирагъэшха мэкъум дыгъэ темыпсэу ягъэгъущрэт, нарзаныпс ирагъафэрэт, уеблэмэ жэмышэ щрагъафи къэхъуагъэнщ. Щэулэхъу хуэдэ адыгэш зиIэм и шэщыр унэм къыпищIыхьырт, жэщкIэ шыр шхэуэ е пырхъыу зэхихмэ, иригуфIэу едэIуэн щхьэкIэ. Уэрэд мащIи хузэхалъхьа адыгэшым? Уанэу хузэщIалъхьар дыщэрэ дыжьынкIэ ягъэщIэращIэрт, хъыджэбзхэм уанэгущхьэнтэ зыхуащIа шым ирипагэрт. «Ей, адыгэр къезыгъэцIыхуар адыгэшыр аращ» жаIэу, шы дахэр я напщIэ телъу щытащ.

– Сыту шы къекIу! Жэманшэрыкъщ! – жиIэри Локотош шым

и пщэм теIэбащ. – Мыбы хуэдэш ушэсу дауэ уэрам удыхьэн?

Капитаным шым и пIалъэм хищIыкI щIагъуи щыIэтэкъым. ИтIани быдэу унафэ ищIащ: «Фшэ шэщми, щIэвгъэт, си Iизынышэу псэ зы Iут вгъэшэсынкъым», – жиIэри.

ХакIуэр Iуаша иужь, Локотош хъыджэбз хьэщIэр унэмкIэ иригъэблэгъащ. Капитаныр отрядым и къэкIуэжыкIэ хъуам щIэупщIэну и нэр къикIыртт. Абы и пэжыпIэр къыжезыIэнур Апчарэт. Локотош красноармеецхэм псори къыжраIэжа щхьэкIэ, Апчарэ жиIэр нэхъ и фIэщ хъунут.

Апчарэ и хъыбар Якъуб деж нэсри къэкIуащ. Ар къыщыщIыхьэм, Апчарэ и псалъэр зэпимыгъэууэ хъуакъым. Якъуб зыгуэр щибзыщIу гу къылъимытэн щхьэкIэ, Апчарэ адыгэш хъыбару Бекъан къыжриIауэ щытар и гум къигъэкIыжащ. ЖэщкIэ загъэпсэхуу дадэмрэ Апчарэрэ мафIэм бгъэдэсу щыщысым деж Бекъан узримыгъэдэIуэн щыIэтэкъым. Дадэм жиIа хъыбар къомым ящыщ зыт КъагъырмэскIэ зэджэу щыта шым и тхыдэ гуузыр.

Къагъырмэс шыр зейуэ щытар лIакъуэлIэш ахъырзэману Уэрдэщыкъуэт. Шым нэ къытемыхуэн щхьэкIэ, Уэрдэщыкъуэ шытепхъуэ темыпхъуауэ шэщым къыщIишыртэкъым, къыщыщIишри пшапэр зэхэуауэт е жэщырт. Псафэ ишэртэкъым, езыр кIуэрти нарзаныпс къыхуишэрт.

Дагъыстани, къалмыкъи, мыщкъыши, шэшэни, адыги Уэрдэщыкъуэ деж къэмыкIуа щыIэт: хэт къакIуэми, шыбз гуартэ хакIуэм щхьэкIэ къритырт, арщхьэкIэ Уэрдэщыкъуэ ухэзэгъэну Iэмал зимыIэт.

Зыгуэр фIыкIэ къыпхуэупсэмэ:

– Къагъырмэс тхьэм уигъэшэс, – жаIэу хъуахъуэ ухуэзэрт.

Е хъыджэбзыр лIы иратыну уасэшхуэ жаIэмэ, уасэ зымытыфыр тIысыжырт:

– АIэ, Къагъырмэс иумытауэ я пхъур къуатынукъым, – жиIэу.

А лъэхъэнэм хуэзэу урыс пащтыхьым и къуэш гуэр Кавказым къэкIуат. Къэбэрдей уэркъхэр зэхуэсри зэчэнджэщащ, «Сыт иджы ди хьэщIэ лъапIэм еттынур?» – жаIэри. Псоми жаIэр зэтехуащ: Къагъырмэс фIэкIа хьэщIэм хуэфащэ диIэу тщIэркъым, жаIэу. Ара? Аращ. НтIэ Уэрдэщыкъуэ деж лIыкIуэ дывгъэгъакIуи, и шыр къеIыдвгъэх. Шыр зейм идэнт? Идакъым.

Адыгэ уэркъхэр аргуэру зэхуэсащ. Дауэ тщIыну? ЗэрытщIынур фщIэркъэ? Къыдищэн е къыдихъуэжын щимыдэкIэ, къытетхынщ. Езы Уэрдэщыкъуи ищIэрт уэркъыжьхэр и ужь къыщихьакIэ икIыжыгъуафIэу зэримыкIыжынур. ХъумакIуитI къищтэри игъэуващ. Шэщыр и пэшым къыпытти, куутI блыныр пхикъутыкIри бжэ хилъхьащ. Гу лъамытэну бжэр зыхэлъым деж алэрыбгъушхуэ фIилъэжащ.

Гур зэрыгъум дыгъур ирокIуэ жыхуаIэр арати, зэгуэр жэщыбгым деж Уэрдэщыкъуэу плъагъум шыдыгъухэр къытеуащ. КъэрэгъулитIыр шыдыгъум езауэу щытыху, Уэрдэщыкъуэ и шыр пэшымкIэ къыщIишащ. НапIэзыпIэуи шэсри макIуэ-мэлъей, жэщ кIыф Iым хэкIуэдэжащ. Шыдыгъухэм щIалитIыр яукIыу шэщым щыщIыхьам шыр щIэмытыжу къыщIэкIащ.

ЕтIуанэрей махуэм Уэрдэщыкъуэ и лъэужьыр яхуурэ зы къуэшхуэ гуэрым нэсащ. Дэплъэмэ – лIыри шыри иукIауэ дэлъщ. И шыр имытын щхьэкIэ, Уэрдэщыкъуэ шууэ къуэм дэлъэри зэфIэкIащ...

Апчарэ жиIэр щиухым, Локотош Якъуб дежкIэ къеплъэкIащ:

– НтIэ лIыгъэ яхэльтэкъэ пасэрейм? – жиIэри.– Уэ мэлыхъуэ баш фIэкI зимыIэр инэрал хъунукъым, жыбоIэри бдэркъым. Уэрдэщыкъуэ къулыкъу иIа? ЛIакъуэлIэшу арат и пэри и кIэри. Хуиту дунейм тетащ. Зы шы закъуэщ мылъкуу иIар. ИтIани еплъ: уафэм ирикIуэ Шыхулъагъуэм хуэдэу, гъуэгу щIылъэм щыхишауэ и тхыдэр ноби яухыркъым. Къалмыкъ щIыналъэр къыщубгына махуэм щыщIэдзауэ уэ къэпкIуар уафэм ит Шыхулъагъуэм хуэбгъадэ хъун си гугъэкъым...

– Хэт ищIэрэ, уэ уи гъуэгур нэхъ ещхьу пIэрэ, уэ пцIы бупсми мэхъу. Укъэзылъэгъуа щыIэкъым. Сэ, зимыхъуми, цIыху щитI си гъусащ.

– Дапщэ уи гъусами, газетым ита очеркыр къэзыгупсысар сэракъым...

– Сэри седжащ абы. Къулым къыдитри,– жиIэри Якъуб и гум иримыхьын дыдэр Апчари къыхиIуащ.

Якъуб къэгузэващ: Къулым а газетыр щиIыгъкIэ зыгуэр и мурадщ, жиIэу. Армырауэ къыщIыкI Бахъуэр къыщIэкIуауэ щытар.

– Газетым тхэм ятхын ямыгъуэтмэ, я Iэпэм щIэфурэ къыщIафыкIыр ятх, – жиIэри Якъуб и нэщхъыр зэхиукIащ.

– Хэт и Iэпэу пIэрэ зыщIэфар?

– Сэ сщIэрэ?

– Уи Iэпхъуамбэр жьэдумыIуауэ пIэрэ абы и жьэм?

Апчарэ псэкIэ къищIащ а тIум я гум фIы зэримылъыр. ЗэфIэнэнкIэ хъунущ, жиIэу хъыджэбзыр къэгузэващ. Апчарэ псоми щыгъуазэщ, уеблэмэ а лIитIым нэхъ игъэкъуаншэри ещIэ, Якъуб кIэрымылъ лIыгъэ зыкIэрилъхьауэ зэрыщытми щыгъуазэщ. Капитаныр кIуэдауэ къилъытэрти, иджы къэкIуэжауэ елъагъури щогуфIыкI. КомандиритIыр зэхъурджауэм фIэмыфIу Апчарэ аргуэру и псалъэм къыпищащ:

– Ей, Къагъырмэс и махуэ ди Щэулэхъуи къыхуэкIуэным тIэкIут къэнэжар. Насып диIэти, псынщIэу дакъыIэщIэкIащ,– жиIэри Апчарэ Грузием зэрыкIуам и хъыбар къажриIэжащ.

Шыбз гуартэр яхуу Бекъанрэ Апчарэрэ махуэ зыбжанэкIэ гъуэгу тетащ. И нэхъыбит Iым жэщурэ фIэкI кIуэ хъуакъым, нэмыцэм шы къомыр шуудзэу къафIэщIырти, авиацэр къра-утIыпщырти, шыр бомбэм хьэлэч ищIырт. Я гъуэмылэр зытелъ шыр щыщ къэмынэу щиукIам хъыджэбзымрэ дадэмрэ яшхын ямыIэу гъуэгум къытенат. Апчарэ и хъуржыным илъа тIэкIур яуха иужь гузэвэгъуэ къалъысащ, шхын къыздрахынур ямы-щIэу. Къуршым щхьэпрыкIыным иджыри куэд иIэт. Хьэжы-гъэрэ мэлыл гъэгъуарэ уимыIэну Iэмал иIэкъым. Борэн къэхъуу къуршыщхьэм уиту гъуэгум укъытенэнкIи шынагъуэт.

Шыбз гуартэр къуажэ щIыбым деж хъуакIуэу къыданэри дадэмрэ хъыджэбзымрэ колхоз правленэр къагъуэтыну кIуащ. Ари къэгъуэтыгъуейтэкъым. Клубымрэ сельмагымрэ я зэхуакум дэт унэр арат. КIэлындорым деж щызэхэтт лIы гъэшха гуп, фафIэ хъужауэ. Уеплъмэ, ахэр мэжалIэ лIэуэ е гъуэгуанэр къе-гуэбэнауэ жызыIэн щыIэтэкъым. Абы хуэдэхэм зэреджэр мэлышхт. Я гур къэжанауэ лIы зэбгъэдэтхэр гушыIэрт, хьэкъу-выкъут, дыхьэшхэн гуэрхэр жаIэу. Ахэр щилъагъум, Щэулэхъу IумпIэм езауэрт, къэп Iейтеяуэ и нэр къилыдыкIырт. А гупым военнэ гуэри, и фащэр щIэрыпсу, яхэтт. ЗваниекIэ батальоннэ комиссару арат. Военнэм хакIуэр щилъагъум занщIэу и жьэр къыIурыхуащ. ДэкIуеипIэ зытетым зыкърихыу, зигъэбэлыхьу, зигъэбжьыфIэу къехащ. Адрейхэри абы и ужьым итт.

– Мыр хэт иш, тхьэмадэ? Ууей? Дэнэ къыздикIар? – жиIэу и напщIэр хишырт.

Абы жиIэр Бекъан и тхьэкIумэ иримыгъэхьэу езыр зыхуейм щIэупщIащ:

– Къысхуэвгъэгъу. Гъуэгу тетым и псалъэр и щIыналъэм и псалъэщ, жаIэ. Колхоз председателыр фхэмыту пIэрэ? – жиIэри.

– Узыхуейр председателыр арамэ, сыкъэбгъуэтащ! – жиIэри нэхъ лIы ныбэфыр къэпсэлъащ, и бгырыпхым и ныбэр хуэ-мыубыду къыщхьэпрылэлу. И нэкIущхьитIри плъыжьт. – Догуэ, лIэу сызэрыпщIынур? Мо хакIуэр къызэпщэну армырауэ пIэрэ?

Апчарэ мэжалIэ лIэ пэтми, а лIы ныбэфым еплъмэ, и ды-хьэшхын къакIуэрти, шым и къуагъым къуэувауэ къуэтт. Шыри Апчарэ и Iэм къепэщэщащ Iупэ щабэкIэ.

– Дэ тIу дыкъэплъагъум шыр къуршым щхьэдэдгъэхыну унафэ къытхуащIащ. Ди гъуэмылэр духащи, дыздэкIуэн хуейм дынэмысынкIэ дошынэ. Хъуну щытмэ, е къыдэфщэ, е щIыхуэу къыдэфт нартыху хьэжыгъэрэ лы гъэгъуа тIэкIурэ, е кхъуейми хъунущ, – арат дадэр зыщIэлъэIур.

Зи ныбэ из къомыр зэплъыжащ.

– Тхьэ соIуэ, гъуэмылэ дызрикъун мыгъуи диIатэмэ. Тхуэ-хъумакъым. Ди гъуэмылэр зэрылъа хъуржыныр зэрытелъу зы шыр ядыгъуащ, адрейр бомбэм иукIащ. Нэмыцэм дышуудзэ я

гугъэу кIуапIэ къыдатыркъым, – жиIэу Бекъан яхуэтхьэусыхэрт ягу зыщIигъэгъун и гугъэу.

– Фиш мобдеж щыхъуакIуэр?

– Дишщ.

– НтIэ, колхоз хъупIэм фиш щывгъэхъуну хэт лъэкIыныгъэ къывэзытар? – жиIэри колхоз тхьэмадэр къилъащ.

– Къысхуэгъэгъу. Дыхамэу си гугъэкъым. ИгъащIэми дызэгъунэгъуу дыкъогъуэгурыкIуэ. Нобэ къулейсызыгъэ къытлъысамэ, ди хуэмыхуагъым къыхэкIакъым. ЩIэгъэкъуэн фыкъытхуэхъурэ – ди лъэр къыщIэувэжынщи, ди гъуэгу хэдгъэщIынщ. ЩымыхъунукIэ, сыт тщIэн? – жиIэри Бекъан къыфIимыгъэкIыу и гъусэр шым игъэшэсыжыну бгъэдыхьащ, Апчари шыныбэпхыр щIикъузэжырт.

– Зэ умыпIащIэт, тхьэмадэ, – жиIэри военнэр къыкIэлъежьащ. – Сыту утэмакъкIэщI. Адыгэм я хабзэтэкъыми тэмакъкIэщIу. Фэ нэхърэ нэхъыфI сыту ямыгъуэтарэ шыр зрагъэхун...

Апчарэ занщIэу зыкъызэкъуихащ:

– НэхъыфIыр нэхъыфIым я деж ягъэкIуащ, дэ фи деж дыкъэкIуащ, – жиIэри.

Ар жызыIар Бекъану щытатэмэ, а лIы гъэшха къомыр къэгубжьри дадэр щIым хакухьынкIи хъунт, арщхьэкIэ – хъыджэбзым жиIар я щхьэм ирагъэжэнт, зэрыгъэдыхьэшхри зэфIэкIащ.

Военнэр колхоз тхьэмадэм еплъащ, плъагъуркъэ хъыджэбзым «зэрызищIыр, жиIэ хуэдэу. Ещанэу зы лIы пщагуэ гуэри къахэтт, и щхьэр паупщIщ, и пщэр кIагуэ ящIри трагъэувэжащ» жыпIэну. Щыми щэху защIауэ зэпсалъэ щхьэкIэ, зи гугъу ящIыр Бекъан къыгурыIуащ.

– Хьэжыгъэ къэп никъуэрэ зы мэл укIарэ узот хакIуэр къызэптмэ, – жиIэри колхоз тхьэмадэм и IитIыр и бгырыпхым диIуащ, и ныбэр IэщIэху хуэдэ, – уфIэмащIэ ар?..

Военнэр хакIуэм бгъэдыхьэри шым и пщэм теIэбэнути, Щэулэхъу и пхэр къыхуигъэзащ.

– Хьэжыгъэ къэп никъуэрэ мэл укIарэ – мащIэкъым ар гъуэмылэу, – жиIэрт колхоз тхьэмадэм, псалъэр зэпишу. Бекъан и нэщхъыр зэщIиукIауэ щилъагъум, аргуэру къыпищащ:

– Къуршым фыщхьэдэхмэ, хакIуэр пщIэншэу ефтынущ. Зауэр яухмэ, къыватыжыни къывамытыжыни. Дэри фэттыжынукъым, ауэ дэ и уасэр фыдот.

Бекъан екIи фIыкIи зы псалъэ жимыIэу, и гъусэр уанэгум иригъэтIысхьэжри къежьэжащ.

– Тхьэм гуфIэгъуэкIэ дызэхуигъазэ. Хэт ищIэрэ, си хьэщIэ фыхъумэ, вы гъэшха фхуэзукIынщ. Тхьэм фи Iуэху дахэ ищI, – station Бекъан яжриIар...

– ЛIо, колхоз Устав жыхуаIэр пщIэркъэ уэ? Правленэншэу уэттIа хъурэ? – жиIэу ныбэфыр къыкIэлъыджа щхьэкIэ, Бекъан

фIэIуэхужакъым.

Зы сыхьэт ныкъуэ дэкIа-дэмыкIа, Бекъанрэ Апчарэрэ шы къомыр къуажэ уэрам закъуэмкIэ драхуеящ, сабэ къаIэтам уни сыти уимыгъэлъагъуу. ЛIы гъэшха гупыр здэщытам деж щытт. Апчарэ а гупым еплъыххэн идакъым. Зыгуэр къэджа хуэдэу Бекъан къыфIэщIа щхьэкIэ, дадэм къигъэзэнт, и шыр иригъэлъри шыбз гуартэм я лъэ макъым хэт сыт жиIами хэкIуэдэжащ.

Къуршым ущхьэдэхыху, нэгъуэщI къуажэ щыIэнутэкъым. АдэкIэ уплъэмэ, къуршыщхьэ хужьхэр зэщIэлыдэрт. Уэс пыIэ ящхьэрыгъым я щIагъым псы къыщIэжми дыгъэр хэлыдэрт. Сабэм щIигъэна унэри лIы гъэшхахэри Апчарэ сымэ къызэранэкIащ. Иджы укIуэ пэтми гъуэгур нэхъ къуейщIей, нэхъ задэ мэхъу. Шы къомри бауэкIэщI хъуащ, гъуэгур мывалъэщи, мэлъэпэрапэ.

Жыжьэу плъэмэ, бгы джабэм мэлыхъуэ пщыIэ кIэрыту уолъагъу. Удзыр Iувщ икIи куущ, шыщIэр къыхэмыщу. Мо мэлыхъуэхэм я деж дыкIуэмэ, зыгуэр къыдамытыну пIэрэ, жиIэу Апчарэ дадэм еупщIати, Бекъан зэхимых хуэдэу зищIащ. Бекъан а дакъикъэм зэгупсыс щыIэу къыщIэкIынт. И гум къэкIыжащ, радио къэпсалъэми газет укъеджэми – жаIэри ятхри зыщ: «цIыху псори дызэрыIыгъщ, ди псэр зы чысэм илъу допсэу», итIани мо дызыхуэзам хуэдэ дэнэ къикIрэ, жиIэу. Игъащ Iэм адыгэм я хабзэщ дэхуэхам дэIэпыкъуу, уанэгу къихуар ирагъэтIысхьэжу. Мыбыхэм «колхоз Устав жыхуаIэр пщIэркъэ?» жаIэу узэгуагъэуд.

Бекъан, къэгубжьыщацщи, зэрымэжалIэри щыгъупщэжащ. Дадэр къытехуэу шхын щхьэкIэ лIами хакIуэр яритрэ! Ар ящIэу пIэрэ хакIуэр хьэжыгъэ къэп ныкъуэкIэ Iызыхыну зи мурадам?

Хабзэр IэщIыб дощIри аращ, жиIэри Бекъан езыми зигъэкъуэншэжу егупсысырт, дызытес жыг къудамэр ди IэкIэ пыдоупщIыж, ди хабзэр щызэдмыпэсыжым деж. Гурэ псэкIэ зэрылъагъум куэд жиIэнукъым, и гум илъыр занщIэу къыбощIэ, дэ куэдыщэ мыгъуэ жыдоIэ. «Колхоз Устав жыхуаIэр пщIэркъэ?» жи. ЕмыкIукъэ ар. Бийр мобдеж къэсащи, ди лъахэр ирихыну къоIэ, ди быни ди мылъкуи зэрепхъуэ, Iисраф ещI, мо кIуэцIрыхуу кIуэдыныр колхоз Уставым тогузэвыхь. Хэт абыкIэ къагъэпцIэну я гугъэр, я ныбэ зэрыизыр плъагъуркъэ... Ягъуэтыр яшх, яшхыр яхуэмыпшыныжу.

Щэулэхъу и зы лъы ткIуэпсыр а щыми я псэм и уасэщ. ХакIуэр яхуэхъумэф закъуэмэ, абы къыщ Iэхъуэм цIыхуу игъэгуфIэнур зыхуэдизыр ящIэу пIэрэ? Езыхэр, плъагъурэ, хакIуэм тесу загъэхьэфотэу уэрамым дэтыну аращ зыхуейр. ИужькIэ щIащIэу псы кърашэни тIэу еплъынкъым. Ар фымылъагъуу и хьэдэр яулъагъу...

Дыгъэр къурш щIыбагъым щыкъухьэм къуэ кIуэцIым пшапэр щызэхэуащ, пшэ тхьэмбылыфэу щытами фIыцIафэ

къатеуащ. Асыхьэтуи жьыбгъэ тIэкIу къыкъуэури дунейр нэхъ щIыIэтыIэ хъуащ. Шыр, бгы джабэм зрапхъауэ, хъуакIуэрт.

– Мыбдеж хэщIапIэ щытщIынщ, – жиIащ Бекъан, – нэхущ зэрыхъуу гъуэгум и нэхъ гугъур зэпытчынщ. Къуршым и щхьэдэхыпIэм дыкъэсащи, тIэкIу замыгъэпсэхумэ, шым къехьэлъэкIынущ.

Загъэпсэхури зыгуэрт. Умышхэмэ, къару дэнэ къипхын? Бекъан хуэшэч щхьэкIэ, Апчарэ хуэшэчрэ? Дадэр и гъащIэм Iэджэрэ нэщIащ, хъыджэбзым и нэщI Iыгъыгъуэ мыхъуагъэнкIи мэхъу. Дадэм мурад ищIащ шыбзым хэт шыщIэ щIакъуэ цIыкIур фIигъэжыну. Арыншэми къакIэрыхуурэ шыбзыр игъакIуэркъым. Гъуэгу темыту щытамэ, шыщIэ цIыкIур игъэхъужынт, нобэ Iэмалыншэщ, езы Бекъан мызэ-мытIэу шыщIэр IэплIэкIэ псым щызэприх къэхъуащ.

ШыщIэр зэрыфIагъэжыр Апчарэ и гум техуэнутэкъыми, шэсри джабэм кIэрыт мэлыхъуэ пщыIэмкIэ игъэзащ, хьэжыгъэ щхьэкIэ елъэIуну. ПщыIэм Iугъуэ тIэкIу ящхьэщытщи, зэрыпщафIэр нэрылъагъущ.

Апчарэ къызэплъэкIри Бекъан шыщIэ щIакъуэр ипхыу щилъагъум, и шым елъэдэкъауэри джабэм кIэрылъэдащ.

Зы сыхьэти дэкIагъэнтэкъым хъыджэбзыр гуфIэу къыщысыжам. Мэлыхъуэм къагъэщIэхъуакъым – хьэжыгъэ къэп ныкъуэ кърататщ, ахъшэ жиIати – Iахыни жыжьэу ядакъым. Апчарэ и гугъат дадэр гуфIэнуи – дэнэт, Бекъан и губжьыр иджыри текIакъыми, сабэр уафэм дрепхъей. Дауи къэмыгубжьынрэт – Бекъан шыщIэр зэIихыху, шибл ядыгъуат. Ар зыдыгъуам ухуэбэлэрыгъ хъурэ – жэщым къакIуэу хакIуэр ядыгъун жыхуэпIэр зыми щыщкъым.

Бекъанрэ Апчарэрэ я нэбдзыпэ нэху щыху зэтралъхьакъым. Дадэм хъыбар жиIэурэ хъыджэбзым и жей тригъэурт, нэху щымэ, къуршым щхьэдэхыну. А жэщым Апчарэ зэхихащ Уэрдэщыкъуэ иш Къагъырмэс и хъыбарыр.

– Шыр сытми нэвгъэсащ. Ара?

– Нэдгъэсри акткIэ еттащ. Абы мащIэ щытлъэгъуа уи гугъэ? Дэтхэнэ къуажи дыхьэ – бэзэрщи, дэнэ къикIари тетщ. Европэр зэры-Европэу къэIэпхъуащ жыпIэнщ. Ахъшэр дахэ-дахэу пIахыркъым. Сыт пIахыр жыпIэрэ – дыщэ, дыщэ уимыIэрэ – хьэпшып лъапIэ е Iэщ.

Къэрэшей мэл жыхуэпIэр пудыжьщ: зэблэбдзу уогъуэт. Iэщ эвакуацэ ящIыну ирахужьар здэкIуэнум нэмысыфу бэзэрым яхуащи, ящэж. Бекъанрэ Апчарэрэ бэзэрым техьати, гъуэгу кърататыртэкъым: шы къыдэфщэ, жаIэу. Шыр дыдей фи гугъэ, дауэ зэрывэтщэнур, жиIэу Апчарэ идэртэкъыми, модрейхэри зэщIэдыхьэшхащ, ауан къащIу:

– Дауэ фыфымейуэ!

– Дыдейкъым, тхьэ. Комитет оборонэм я тхылъ тIыгъщ.

– Хэт и тхылъ жыпIа? Сыту уделэ мыгъуэ. ЛIо пIыгъмэ? Хьэм ишхащ е ядыгъуащ жыIи, акт щIы. Ауэ къыдэт жытIэрэ, и уасэр уэттынщ е къыдохъуэжыр...

Апчари Бекъани абыкIэ уахэзэгъэну Iэмал зимыI эт. Шибл ядыгъуащи, абы урикъуни.

Хъыджэбзым жиIэм Локотош щедаI уэкIэ и лъыр къавэрт, абы хуэдизкIэ зэгуэпырти. Зэми и фэр пык Iырт, уеуэу букIми лъы тк Iуэпс къыщI эмыкIыну. Иджыпстущ жыпIэнт, Якъуб «зауэр бэзэрым ещхьщ» жиIэу щIыжиIар.

Апчарэ и хъыбарыр кIыхьт.

Шыр зрата совхозми Бекъан яфIэнауэ щытащ. Ростовскэ областымрэ Ставропольскэ краймрэ кърахуу фи деж къахуа шыр губгъуэм къивнэри фи шыр мыбы къэфхуауэ къыщIэкIынщ, жаIати, ар дадэм и гум техуакъым.

– Фи фIэщ мыхъумэ, гъусэ къысхуэфщIи нэмыцэм я щIыбагъым дивгъэхьэ, абы шы къиднауэ вгъуэтынкъым, – жиIэу Бекъан тхьэ иIуэрт.

Совхозым директору тетым ар идэртэкъым:

– Берычэт бесын, дыгъужьым и жьэм жьэдэлъ лыр къыжьэдэтхъи узот, жыпIэу аракъэ? Уэ къыжьэдэтхъи шхыж. Дыгъужьым и жьэм жьэдэлъыр къыжьэдэстхъ нэхърэ си гъунэгъум губгъуэм къринар къасщтэмэ, нэхъ къызощтэ.

Апчарэ дежкI э емыкIут цIыхухъум я псалъэ зэпиудыну, ит Iани дадэм псори къытефыщIыхьу къагъэгубжьати, и гум темыхуэу къэпсэлъащ:

– ИгъащIэм дызэгъунэгъущ, пэжкъэ? НтIэ ди чэтым дыгъужь къакIуэу щыфлъагъум, щхьэ фыкъэмыкIуарэ? Ди чэтым къыщIыхьа дыгъужьыр фи чэтым къэмыкIуэн фи гугъэт?

Совхозым директору тетыр хъыджэбзым къыхуэнэщхъыфIэу къеплъащ, ауан къищIрэ и фIэщу жиIэрэ къыпхуэмыщIэу:

– Сыту угубзыгъэ уэ цIыкIури. ИгъащI эм адыгэм загъэахъырзэману щытащ. Алейуэ Пушкини итха: «адыгэр Iэщэм иропагэ...» жиIэу. ИтIани нобэ плъагъурэ, шыхъуэ хъун щIалэ ямыгъуэтыжу, хъыджэбз къагъэкIуащ. Ара?

Бекъан абы хуэдизкIэ щхьэкIуэ къыщыхъуат ари, гъуэмыли къаIихын имыдэу къытеддзэри дыкъежьэжащ. Щэулэхъу ящэхуну ахъшэшхуэ къытхуагъэлъэгъуати, Бекъан зригъэпсэлъакъым. Нэмыцэр Бахъсэн Iуфэ къэсауэ щызэхихым, Бекъан зы сыхьэт закъуи зиIэжьакъым. Нэхъ зытешыныхьыр «хакIуэр сфIадыгъумэ» жиIэу арат. Фи щIыналъэр нэмыцэм яубыдауэ къыщIэкIынщи, фи хакIуэри яIэщIыхьэнщ, жаIа щхьэкIэ, дадэм ухэзэгъэну Iэмал иIэтэкъым.

– Къагъырмэс и махуэр Щэулэхъу къыхуихуами, а хакIуэм бий шэсынкъым, – жиIэри хъыджэбзым и псалъэр иухыну и гугъат, арщхьэкI э Къагъырмэс и тхыдэр къедаI уэу щысхэм ящIэртэкъым.

– Догуэ, хъыджэбз, шыбзыр къэвгъанэу хакIуэр щхьэ фшэж-рэ. Уэ узыпылъ щIалэр нэгъуэщI щIыпIэ ягъакIуэмэ, уи гуапэ хъуну? – жаIэу зыгуэрхэри къещат.

Ар щызэхихым, Локотош къыщылъэтащ:

– Хьэбыршыбыр! Напэ зэрамыIэ абы,– жиIэу капитаныр, унэр кърикIукI-нрикIукIыу, и пIэм изагъэртэкъым, –дэ лъы дгъажэу губгъуэм дитщ. Хьэуэ, яхуэфащэ хъун хуейщ абы хуэдэм. Зауэр бэзэрым хуэзыгъадэм я нэвагъуэр егъэлъагъужын хуейщ. Зауэр бэзэркъым. Зауэр лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэщ, псэзэпылъхьэпIэщ. Лъэпкъым къупщхьэ яхуэхъун, яхуэмыхъун, жиIэу щхьэр зыгъэузи щыIэщ.– Капитаным ар зыхужиIэр гурыIуэгъуэт, и щхьэр тричауэ жимыIэми.– Жызум хадэ хэзысэнур жызумыфI мэлъыхъуэ. Аракъэ, Якъуб? НтIэ дэ жызумыфIу дыкъалъытэн уи гугъэ нэмыцэм? ХьэIусыпэ зратыну цIыху лъэпкъым дыхабжэну пIэрэ?

– Сэ абыкIэ щхьэ укъызэупщIрэ? –жиIэри Якъуб и нэщхъыр зэхиукIащ.

– Суду улэжьащ. Хабзэр уощIэ, законым ущыгъуазэщ.

ЕтIуанэрей махуэм Апчарэ щригъэжьэжым, Якъуб и гум техуакъым капитаным къемыхъурджауэу:

– Хъыджэбз хьэщIэр Чокэ зэрыщIэмыупщIэ?! Иджы нэхъ узыхуэгумащIэр нэгъуэщIу къыщIэкIынщ. ХакIуэр къыщIыхуэбгъэфащэри армырауэ узиIэ!

Апчарэ цIыплъ къэхъуащ.

– Чокэ мыбы щыIэ?– жиIэу щIэупщIа щхьэкIэ, жиIэну фIэфIар аратэкъым.

– ЩыIэщ. Ауэ иджыпсту здэщыIэр алыхьым ещIэ. Къуршым щхьэдэхыу Грузием кIуами тщIэркъым. Уэ къуршым адэкIэ ущыIэу и гугъамэ, «къуршым и гуфIакIэм сыдэсмэ нэхъ хъума сыхъунщ» жиIэу ежьэжами хэт ищIэрэ?

## 3. БИЙР КЪЭСЫНЫМ И ПЭКЪИХУЭУ

Октябрь мазэр и кIэм нэблэгъауэ щIыIэ къэхъуати, цIыхум щIымахуэм зыхуагъэхьэзырт. ЛIыжьхэр къуажэ советыр зыщIэса унэмкIэ кIуэрти, блынджабэм кIэрыст, хъыбар жаIэу. ЯщIэр жаIа нэужь къэтэджыжхэрти, щхьэж и унэ бжэн лъакъуэт. Губгъуэм дыкъизынэу эвакуацэ кIуам сыту къамыгъэзэжрэ, жаIэу пэплъэрт. Абы нэхъей Къулми хъыбар иIэкъым. Къуршым иту «уафэм щхьэгъубжэ» халъхьэ, жаIэри абы и пэжыпIэри хэт ищIэн. Диданыр жыпIэнущи, губгъуэм итщ, нартыху къадрегъэчри. ЖэщкIэ къигъэзэжмэ, колхозхэтхэм пыIэ щхьэрыхакIэ йолъэIу нартыхудэч кIуэну. Нартыхуу къыдачари губгъуэм илъщ, гур яхуримыкъуу. Уэси къесащи, щIыIэщ, пшагъуэ телъщ.

Апчари жэм зыбгъупщI зэхуихусыжауэ фермэм тесщ.

Хьэбибэ и жэмыр Iихыжынути, идакъым: «ЖэмитI зиIэм языр къеIых, си жэм закъуэр щIыстепхыжыр сыт?» – жиIэри. Хьэбибэ ауэ жиIэ щхьэкIэ, жэмыр уасэ хуэдэу Бекъан къызитауэ къыщIэ-кIынщи, щIестыжын щыIэкъым, жиIэу арат зытриухуар. Жэмыр зэпаубыдри зэанэзэпхъур зэхуэхъущIати, Апчарэ унэм къэмы-кIуэжу фермэм тесщ.

Къуажэм хъыбар дэлъщ Чокэ лъэныкъуэегъэз зищIауэ. Хэт нэмыцэм заритащ жи, хэти ар и фIэщ хъуркъым, коммунистщи зэраIэрыхьэу щхьэпылъэ ящIынущ жеIэри. Данизэт, хъыбарыр щызэхихым, сымаджэ хъуащи, хэлъщ. Хьэбибэ и деж щIэупщIа-кIуэ макIуэри джэш хуедз. Джэшым Чокэ къигъэзэжыну аращ жиIэр.

Бекъан, хъыбарыр щызэхихым, и фIэщ хъуакъым, Чокэ нэ-мыцэм нэIиб яхуэхъуну Iэмал зимыIэщ, жиIэри. НэIиб жыхуиIэр зы зэман гуэр тыркудзэр гъуэгу пхэнж защIэкIэ хэкум къизышар аращ.

Дунейр кIэгъэпшагъэ щхьэкIэ, нэмыцэ къухьлъатэхэр нэхъ къэлъэтэрей хъуащ. Сентралрэ Мысострэ зэакъылэгъу хъуауэ къуажэм игъэсыкIын хуейуэ дэсым я спискэр ящIуи жаIэ.

Щхьэж и щхьэ къихьэр ещIэ, хэт къыпэрыуэн? Япэм Iэ дэхьеигъуэ яIэтэкъым: «Чопракъдэсхэр оборонэ линие щащIым фынакIуэ», «танк колоннэ къызэрытщэхун ахъшэ зэхуэфхьэс», «пионерхэр цыщым фынакIуэ», «хъыджэбзхэм трактористу зывгъасэ» жаIэми, зы Iуэхур ямыухыу нэгъуэщI Iуэхум и ужь ихьэрт. Иджы зы Iуэху закъуи щыIэжкъым. Зыми уи гугъу къищIыркъым, Бекъан фIэкIа. Дадэр и нэхъыбитIым губгъуэм итщ. Бекъан къедаIуэ щIагъуи щыIэжкъым. ЦIыхур щхьэхуещэ хъуащи щIымахуэм зыхуагъэхьэзыр. Мысости къызэрыкIащ:

– ЛIо, нэмыцэм ди нартыхур дедгъэшыну ара – щхьэ епхулIауэ къыдебгъэчрэ? Нартыхур дум щIипкIутэни щыIэ-къым. Сохраннэ распискэ къеIыпхыурэ я унэ егъашэ.

Бекъан ар идакъым:

– Партизаныр сыткIэ бгъэшхэну? Къуршым гъавэ къыщы-кIыркъым. Къуршым итым гъуэгу ящIыр. КъэхъужыкъуэIамэ, нартыхур Чопракъ аузкIэ дэтшеижынщи, зэфIэкIакъэ.

ПщыхьэщхьэкIэ пшапэр зэрызэхэуэу уэрамым гукIэ къыдыхьи щыIэщ:

– Ей, нартыху ухуей? Узощэ. Нэмыцэр къэсмэ, хущхъуэ-хэлъхьэ пщIын умыгъуэтыжынкIэ хъунщ, – жаIэу.

Хьэбибэ, яхуэзэмэ, яфIонэ. Дэнэ къикIа зи пы Iэ зыщхьэ-рыкъуауэ напэншэу уэрамым дэтыр, жеIэри. Ябгъэдыхьапэу я нэгум щыщIэплъи щыIэщ, си цIыхугъэ яхэмыту пIэрэ жиIэу. Арщхьэк Iэ ахэр къалэдэсу гу ялъитащ. Абы ящыщ зыгуэр и пщIантIэ дыдэ къыдыхьати, Албиян и кIэстум щIэрыпсым пэкIуэу гуэдз къэпитI кърихъуэжащ. Къезыхъуэжам щиIуэжырт езыр комбайнеру лажьэурэ гуэдзыр къилэжьауэ.

ЕтIуанэрей махуэм ар КIурацэ деж дыхьауэ Хьэбибэ хуозэ. Албиян и кIэстумыр щыгъти, занщIэу къицIыхужащ. КIурацэ жриIэу зэхихари Хьэбибэ къыжриIа дыдэр арат.

– Уэра ар? – жиIэри Хьэбибэ занщIэу зыкърисащ. – Напэ уиIэкъым уэ. Уи напэм къэнжал тебзащ. Ди Iэдакъэм къыщIэкIа гъавэр къэбдыгъуауэ къыдыбощэж. НакIуэ модэ ди гъусэу. КIурацэ, къащтэ гуахъуэр. Ди пщIантIэм хъарзынэу военнэр дэсщ. Тшэнщи, еттынщ. Си Iуэхущ, а си щIалэ цIыкIухэм зы-хуэзэн хуамыгъазэмэ.

Гъавэ зыщэр къэгузэващ. КIурацэ и пщIантIэм къыдидза гуэдз къэпым и уасэ Iимыхыу дэжри ежьэжащ.

Бекъан тхылъ къыIэщIыхьащ. Сентрал письмо къихьу къыщыкIуэм, дадэр къэгуфIащ: тхылъ къатх щыхъуакIэ къулыкъущIапIэхэр къызэIуахыжащ, жиIэри.

Письмор зэтричыным и пэкIэ еплъ-къеплъу зыкъомрэ иIыгъащ. Хэту пIэрэ мыр къэзытхыр? Езы Къулыр армырауэ уи гугъэ. Къулыр арамэ, письмоулъэм тетын хуеящ «Комитет обороны» жиIэу. Шу къагъэкIуащ тхылъыр кърагъэхьри, жиIэрт Сентрал.

Колхоз Iэтащхьэм письмор зэтричащ.

Тхылъыр къэзытхыр Якъубт. Районым комиссару тетым унафэ къещI: «Мы тхылъыр къызэрыпIэрыхьэу икIэщIыпIэкIэ тонн щитху гуэдзу, нартыхуу къытлъэгъэIэс, гъуэгу зыщIым едгъэшхыну», – жеIэри. ТранспорткIэ къыдэIэпыкъунуи къегъэгугъэ. Иджыри зэфIэмыувэжа фермэм гъэшу къашри Чопракъ районым яшэн хуейуи аращ унафэр.

ПIытIу а хъыбарыр зэрызэхихыу акт къом къихьащ, Iэщ лIар списать щащIын хуейр къэса и гугъэу. ПравленэщIэ хахмэ, ПIытIу жиIэр я фIэщ мыхъункIи мэхъу, еужьэрэкIмэ, нэхъыфIщ. ПIытIу акту къихьар пашкIэ-пашкIэу зэпхат, псоми ярытыр зыт: хьэм ишхащ, жиIэу.

– Тедзэ уи Iэр, Бекъан, – жиIэу ПIытIу къэтIысащ, – иужькIэ ухущIыхьэжынукъыми, хэхащ. Къэзылъэфри зылъэфыжри пщIэнукъым жыхуаIэр аращ. Эвакуацэ, окупацэ жаIэнщи, и пэжыпIэр къыпхуэщIэрэ...

– Хэт и Iэщ хьэм ишхар?

– Хэт ейри ешх. Апчарэ и Iэщым щыщ ямышха уи гугъэ? Иджыпсту сыкIуэнщи, дапщэ ухуейми акт къыпхуэсхынщ. Ямышхыуи хъурэ, Iэщым яшхын ямыIэу губгъуэм итщ.

Акт къомым хэплъэу Бекъан здэщысым, Хьэбибэ гузавэу къэсащ.

– Сыт къэхъуар?

– Умуслъымэнмэ, дызэгъунэгъущ, зыгуэр къысхуэщIэ. Сабийр сымаджэ хъуащи, мафIэщ. Зыгуэр Апчарэ деж гъажи къегъэшэж. Иринэ езым и щхьэр мафIэм хэлъщ, хъыбар езгъэщIэну сыхуейкъым. Апчарэ хущхъуэхьэ згъэкIуэнщи, сымаджэр

нэхъыфI хъужмэ, и анэми едгъэщIэнщ...

– КIуэ, ПIытIу. Шэси, икIэщIыпIэкIэ къэкIуэжыну жеIэ! – жиIэри Бекъан шу игъэкIуащ.

А пщыхьэщхьэм фIэмыкIыу езы Апчари и шык Iэ мафIэ егъэуауэ къэсыжащ. Хъыджэбз цIыкIур сымаджэ хьэлъэт, укъимыщIэу, хьэдэ цIыкIум хуэдэу хэлът, и Iупэхэр хьэлэчу къихуауэ.

– Тетя Апа, – зэхэпх къудейуэ жиIэри, Данэ цIыкIу и нэр къызэтрихри зэтрипIэжащ.

Сабий цIыкIум кхъухьлъатэ макъ щызэхихкIэ, «нанэ, бомбэ» жиIэрти пэнцIывкIэ щIесэ жыпIэу кумбымкIэ жэрт, и анэшхуэм япэ иту. Иджы уэшхрэ уэсрэ зэхэту уэлбанэщ, кумбыр псыIэ хъуащи, куэдрэ уисыфын. Данэ цIыкIу щIыIэ хыхьащи, мафIэ жьэражьэщ, красноармеецхэм порошок гуэрхэр кърата щхьэкIэ, сэбэп хуэхъуакъым.

Сабий сымаджэм къыIуричу иджы Хьэбибэ жэмыр фермэм пхуритыжын? Апчарэ и жэмыр япэ яритыжу адрейхэр зыдригъэплъеин и мурада щхьэкIэ къехъулIакъым. Данэ цIыкIу и тхьэмбылыр иубыдащи, бэуапIэ кърит ыркъым. Апчарэ ищIэнур имыщIэу мэгузавэ.

Хьэбибэ зыми емыупщIыжу ик Iи емыусэжу фыз Iэзэ гуэрым деж кIуэри хущхъуэ къихьащи, и пхъум идэркъым сымаджэм ирихьэлIэну. Зэанэзэпхъур зэкIужати, аргуэру зэфIэнэжащ.

Зэмыпсалъэми, тIури нэху щыхукIэ сабий сымаджэм бгъэдэсащ. Жэщым мызэ-мытIэу кхъухьлъатэ макъ зэхаха щхьэкIэ, сабийр къагъанэу унэм къыщIэкIакъым. Езы тхьэмыщкIэ цIыкIур, кхъухьлъатэм я ву макъ зэхихмэ, къаскIэрт, гурымырт, «нанэ, бомбэ» жиIэу, иныкъуэми къэтэджыну еIэрт. Нэху зэрыщу Апчарэ тридзэри къалэм кIуащ Иринэ хъыбар иригъэщIэну.

Гъуэгу здытетым Апчарэ и лъэр темыпыIэу жэрт, сынэсу къэзгъэзэжыху сабийм зыгуэр къыщымыщIащэрэт, жиIэу.

Данэ цIыкIу къыщалъхуам, абы хуэдизкIэ цIыкIути, и анэм и быдзыпэр и жьэм жьэдэхуэртэкъым. Абы щхьэкIэ зыми и фIэщ хъуртэкъым ар цIыху хъуну. Иринэ ерагъпсэрагъкIэ ткIуэпс зырызыххэурэ быдзышэр сабийм и жьэм жьэдигъаткIуэурэ ипIащ, нэхъ ин хъуху кIэ. Зыгуэр къыщыщIмэ, лIо Албиян жесIэнур? Е езы Албияни къимыгъэзэжу щIы – хэт лъэпкъым щыщу къэнэнур? Езы сабийр и адэм къыпачам хуэдэу ещхьщи, Албиян и фэ ириплъу Хьэбибэ и псэм хэлъым хуэдэу елъагъу.

Пщэдджыжьыр к Iэгъэпшагъэт. Пшагъуэ телъыр текIыр т, къытехьэжырт, дыгъэр къыкъуэплъамэ кIуэдыжу. Къуршыр плъагъуххэртэкъым. Апчарэ къызэплъэкIмэ, къуажэбгъум деж щыт чырбыш заводым и уэнжакъыжьым и щхьэр пшагъуэм щIигъэнат. Уэнжакъым нэмыцэр дапщэрэ емыуами зы бомби къытемыхуауэ зэрыщытт, мывэ сыным хуэдэу. Сушилкэ хуэдэу гуэщ к Iыхь къомым чырбыш щIэлът, ямыгъэжьауэ. Заводым тесахэри тесыжкъым.

Апчарэ бэзэр гъуэгу цIыкIумкIэ кIуэрт нартыху хадэм хэту. Нартыхум я къыдэчыжыгъуэ хъуа щхьэк Iэ, хэт къыдичын? И ныкъуэм нартыху дэтар къыдачауэ нартыху жэпкъыр къинащ. Тобэ ирехъу, мо къыдаудар арагъэнщ къуажэм нашэурэ ящэр.

Иринэ лэжьапIэм кIуэну зигъэхьэзырауэ Апчарэ унэм щIэлъэдащ. Зыгуэр къызэрыхъуар Апчарэ и нитIымкIэ къищIащ:

– Сыт къэхъуами зыгуэр къэхъуащ, жыIэ занщIэу, умыбзыщI. Сабийм зыгуэр къыщыщIа? Е Албиян и хъыбарым укъихуа? – жиIэу Иринэ къэуIэбжьащ.

– Зыри къэхъуакъым. Данэ цIык Iу щIыIэ хыхьащ, – жиIэри Апчарэ абы къыфIигъэкIакъым.

– Дапщэ хъурэ температурэр?

– Термометр диIэ уи гугъэ? Дыгъуасэ лъандэрэ мафIэм есыр. Фермэм сыкъикIыжати, сымаджэу сыкърихьэлIэжащ. Фермэри ращ, зы хъыджэбз сымаджэу къытезнащ. Кхъы Iэ, хъунумэ, Яков Борисович деж дыгъакIуи, хущхъуэ щхьэк Iэ дегъэлъэIу. Армыхъуами Данэ цIыкIу сымаджэу сщIэрэт...

Иринэ арыншэми гузэвэгъуэм хэтт. Махуищ мэхъури Къулыр къекIуэл Iакъым. Пщэдей къэзгъэзэжынщ жиIати – бзэхащ. Штабым телефонкIэ псэлъати, зыми зыри ищIэркъым. Къулым деж цIыхуу къакIуэми щIэ щI эт? Махуэ къэс нэхъыбэ мэхъу.

Иринэ здэкIуэнур имыщIэу, и щхьэм бжьэ еуа хуэдэу щытт. Комитет оборонэм мыкIуэмэ хъуркъым – Къулыр къэкIуэжагъэнкI э мэхъу. Аптекэми умыкIуэну Iэмал зимыIэщ. Нэхъапэ щIыкIэ къулыкъущIапIэм щI элъадэу адэкIэ аптекэмк Iэ игъэзэжынщ.

– Псчэрэ Iейуэ?

– И бгъэр щиубыдыкIащ.

– Воспаленэу къыщIэмыкIащэрэт. Дэнэ мыгъуэм къитхыну стрептоцид плъыжьрэ аспиринрэ?

Комитетым щIыхьэмэ – Къулым хуейуэ къэкIуар кI элындорым тезу тесщ. Иринэ къыщалъагъум, псори и ужьым къиуvауэ приемнэмкIэ еIащ.

– Дэнэу пIэрэ здэкIуар? Гъуэгу щащIым мыкI уауэ пI эрэ? Нобэ къигъэзэжынкIэ хъуну? Къигъэзэжынукъым, ара?– жиIэу Иринэ зыгуэрым епсалъэ нэпцI зищIащ, къэкIуа къомыр щIигъэкIыжын и мураду.

– Зэхэфха? Къулым нобэ къигъэзэжынукъым. Чопракъыщхьэ кIуащ...

Къулым хуейхэр къэгузэващ:

– Къимыгъэзэжыну, жыпIа?

– Дауэ мыгъуэ дыхъуну?..

Иринэ, унэм щIэсыр щIигъэкIыжри, бжэм IункIыбзэ ирипыжащ. «Си сабийр сымаджэ хъуауэ къуажэм згъэзэжащ» жиIэу тхылъ тIэкIу ищI алэри Къулым и стIолым трилъхьэри кабине-

тым къыщIинащи, иджы Яков Борисович деж укIуэ хъунущ. Абы фIэкIа хущхъуэ зыми иIэкъым. ЗиIэми къуищэнукъым, дыщэ ептами...

Иринэрэ Апчарэрэ аптекэмкIэ ягъэзауэ паркым дынэсакъэ щыжаIэм, сиренэ макъ тхьэкIумэIупсыр Iуиуду зэхахащ. Ар кхъухьлъатэр къызэрыкIуэр уагъащIэу арат. Псыхуабэ лъэныкъуэмкIэ уплъэмэ, кхъухьлъатэ пщыкIутI къокIуэ. Япэм бжэн-дэхъу хуэдизу щытар занщIэу ин хъурт, и макъ шынагъуэри ин хъуурэ. Зенитнэ топхэр дэуейуэ хуежьащ. Уэрамым дэта цIыхур зэбгрыжырт, кумб, щIыунэ, сытхэм жэуэ. Убежищэ нэхъыфIыр комитетым и лъабжьэр арат, арщхьэкIэ къэбгъэзэж хъунутэ-къым. Блыным кIэрыIулIа стрелкэм къигъэлъагъуэрт паркым бомбоубежищэ щыIэуи, абыкIэ тIури жэрт. Банк бжэIупэм грузовик гуэр Iутт, абы лIы гуэри кIэрахъуэ къиха иIыгъыу иту, нэгъуэщI тIуми брезент къэп зырыз, изу илъыр умыщIэу, унэм къыщIахырт. А тIур Уэрыщхэ зэадэзэкъуэрт. Иринэ ахъшэхьэ банкым щыкIуам ицIыхуат. Ахъшэр Iуашри Iуэхур щIагъуэу къыщIэкIынкъым, жиIэри Иринэ и гум къэкIащ. Абдеж дыдэм бомбэ къехуэхыу хуежьэри Иринэрэ Апчарэрэ кумбым ипкIащ, щIыунэ сыт хуэдэхэм нэхърэ кумб куур нэхъыфIт, унэр къауэмэ, ущIиубыдэнукъым.

ЦIыхубзитIыр кумбым ис щхьэкIэ, ягури я псэри Данэ цIыкIу деж щыIэт. Хадэм топ изу итщи, нэмыцэм къалъагъумэ, къеуэу хуежьэнщ. ИтIанэ Быбэ и унэм зыгуэр къытемыхуауэ узиIэ. Иринэ щIегъуэжат, сабийр къуажэм къыдэзнэу щхьэ сыкъыдэкIа, жиIэу. Ар Апчарэ идэххакъым:

– НтIэ ди анэр иукIмэ, хъуну? – жиIэри.

Уэгум ит кхъухьлъатэхэм я макъри, бомбэ къауэри, унэ блын зэтещэхари – псори зэхыхьэжауэ дунейкъутэжщ. Къалэр щхьэл шэрхъитIым я зэхуакум дэхуауэ ехьэжыр жыпIэнщ, сабэри Iугъуэри зэхыхьэжауэ.

– ЙукIащ! – жиIэри лIыжь макъ гуэр къэIуащ.

Апчарэ хуэмышэчу кумбым и щхьэр кърigъэжмэ, банкым деж бомбэ къыщыуащ. Машинэм щыщ къэмынэу зэхикъутэри кIэрахъуэ иIыгъыу абы шофер итари иукIащ. ТхьэмыщкIэм и хьэдэр асфальтым телъщ. Зэадэзэкъуэр банкым къыщIэжмэ – шоферыр щыIэжкъым. Сыт пщIэн иджы? ЛIымрэ щIалэмрэ ахъшэ къэп зырыз я дамэм телъу бомбэ къауэр хъымпIар ямыщIу, паркымкIэ мажэ.

– Ахъшэу пIэрэ яхьыр? – жиIэрт Апчарэ.

– НтIэ сыт уи гугъэ?

Уэрыщ зэадэзэкъуэр жыг Iувым хэлъадэри бзэхащ. Шэч хэлъкъым, а тIум мэзымкIэ яунэтIащ, Долинск дэт штабым пэIэщIэ защIурэ. Штаб унэм кхъухьлъатэ къиуфэрэзыхьу щхьэщытти, арагъэнщ.

Аргуэру дунейр Iэуэлъауэншэ хъужащ, кхъухьлъатэ къомым я бомбэр яухри ПсыхуабэкIэ ягъэззэжати. Сабэр пшагъуэ гуэрэну къалэм щхьэщытт. УзэпхыдэIукIмэ, топауэ макъ жыжьэу зэхэпхырт. Дауи, зауэр зыщIыпIэ щокIуэкI. Къалэр ундэрэщхъуа хуэдэу щылъщ, зыкъимыщIэжу.

Апчарэ, нэхъ лIыгъэ иIэу къыщIэкIынти, япэ кумбым къипщыжмэ, зэ зэхиха лIыжь макъыр аргуэру зэхех:

– Ей, фыкъыздэIэпыкъут. Иринэ Федоровнэ, уэра ар? Тобэ ярэби! Алыхь щымыIэу жаIэ итIани. ЩыIэщ алыхь. ЩымыIамэ, нобэ фыкъысхуэзэрэт. ФыкъакIуи, фыкъыздэIэпыкъу, – жиIэу.

Алыхь щыIэрэ щымыIэрэ нэхъапэ зигу къэкIынур Иринэу къыщIэкIынт, сыту жыпIэмэ езы Иринэ здэкIуэну и мурада аптекэр паркым къэкIуауэ илъэгъуащ. Яков Борисович къуацэчыцэм къыхишри гу цIыкIу къыхишащ, ашыки, къэпи, птулъкIи изу илъу.

– Мыр сымыгъэпщкIуну Iэмал иIэкъым. ИIэ, фыкъе Iэ.

Яков Борисович адыгэ цей щыгът, тIэкIу хуэзэву. КъэфакIуэ ансамблым хэта щIалэхэм хуада щыгъыныр абы хуэхъунутэкъым, ауэ зы накъырапщэ, лIы гъум гуэр яхэтти, абы и цейуэ къыщIэкIынт Яков Борисович щыгъыр. Адыгэ пыIэфI гуэри щхьэрыгът, къамэр и бгъумкIэ екъуэкIауэ кIэрылэлырт. Езым гу цIыкIум зыщIищIауэ еIэрт.

– ИIэт, маржэ, фыкъеIэ, аргуэру нэмыцэр къэмыс щIыкIэ.

– Дэнэ мыр здэпшэр?

– Дэнэ, дэнэ... жыжьэ тшэн уи гугъэ? Модэ жыг хадэм унэ хэтщ подвал иIэу.

ЛIыжьым жыхуиIэ унэр Апчарэ ицIыхурт. Къэбэрдейм я тету зэгуэр щыта Хьэтэжьыкъуэм и унэр арат. Адыгэ паркыр зейуэ щытари арат. Радиомачтэ а унэм деж щытати абы текIуэдэжащ – бомбэ къытехуэри бгъуэтым къащтэ. ЩIыунэр къелат, и щIыхьэпIэри чырбыш къутахуэм щIиубыдауэ.

Яков Борисович и мурадыр гурыIуэгъуэт. Нэмыцэм зыкъаIэтауэ Бахъсэн деж щозауэ. Мыбы къэсынрэ къэмысынрэ зыми ищIэркъым. ИтIани аптекэм хущхъуэу яIэр бгъэпщкIумэ, нэхъыфIщ, хэт ищIэрэ, абы ущыхуей къэхъунущ.

Апчарэрэ Иринэрэ щIыунэ щIыхьэпIэр ягъэкъэбзэну хуежьа щхьэкIэ, лIыжьым идакъым. Зэрыщыту къэбгъанэмэ, нэхъыфIщ, жиIэри. Езыми гузавэу зеплъыхь, дыкъэзымылъагъун дыкъимылъэгъуащэрэт, жиIэу.

Ерагъыу дадэм щIыунэбжэр Iуитхъури езыр щIыхьащ. Иринэрэ Апчарэрэ ашык сытхэр зэ Iэпахыурэ дадэм иратырт, птулъкIэ цIыкIу къомым ит щхъуэм я мэр къащIихьэмэ, я гум къэкIырт, мыбы хущхъуэ зэрыщIалъхьар мэ закъуэмкIэ къэпщIэни, жаIэу. ЛIыжьыр пIащIэрт:

– ИIэт, маржэ. Фыхуэсакъ. Хущхъуэщ ар зэкIэ. Щхъухь защIэу зэхэлъщ. Къалэр зэрыкъалэу зэтезгъэлIэнщ жыпIэмэ,

пхузэф IэкIынущ, – жиIэу.

– Сыт мыр щIэбгъэпщкIур? ЦIыхум яхуэбгуэшамэ, нэхъыфIти, – жиIащ Апчарэ, езыр зыхуейр арати, – сымаджэ мащIэ? Ди фермэми телъщ хъыджэбз сымаджэ.

– ЦIыхум яхуэбгуэшамэ, жи. Гуэши еплъыт – лъабжьэкIэ урахыни.

– Иринэ и сабий цIыкIу мыгъуэри сымаджэщ.

– Данэ цIыкIуи? Уи пхъур сымаджэ? НтIэ зыгуэр щхьэ жумыIэрэ? Сыт къеузыр?

– И тхьэмбылым щIыIэ хыхьащ...

– Iэу! Ар дауэ? Уи сабийм и тхьэмбылым щIыIэ хыхьауэ уэ зыгуэр щхьэ жумыIэрэ? Ар анэ хъунщ жыIэ уэ, – Яков Борисович къызэщIэплъати пщIэнтIэпсыр ирикъуэкIыу игъэззэжри щIыунэм щIыхьащ. Асыхьэту хущхъуэу узыхуей илъэпкъыр иIыгъыу къыщIэкIыжащ.

– Мы къомым и уасэ ахъшэ сиIэкъым, – жиIэу Иринэ, гуфIэщати, и нэпсым къызэпижыхьащ...

– И уасэ жысIэрэ сэ? ФыкъыздэIэпыкъуащ хъарзынэу. Щэхур зэдэдищэхущ. Щэху зыгъэщэхум ахъшэ лей щрат къулыкъущIапIэ щыIэщ. Фи жьэ зы псалъэ къыжьэдэвмыгъэкI. ДызэгурыIуа?

– ДызэгурыIуащ, тхьэ.

Апчарэрэ Иринэрэ къежьэжа нэужь, дадэр щIыунэм къыIунауэ щIыхьэпIэм чырбыш къута дидзэрт.

ЦIыхубзитIыр гуфIэщауэ я лъэр тепыIэртэкъым, зы сыхьэтым къуажэм нэсыжащ. Я унэм бомбэ техуэу щIэсыр иукIауэ пIэрэ, жаIэу тIури гузавэрт. Уэрамым щыдыхьэм, я гур къызэрыгъуэтыж хуэдэу хъуащ, хадэм артиллерист итар итыжтэкъым, къуажэми военнэ зи цIэ дэсу плъагъуртэкъым.

Хьэбибэ къапежьащ:

– Алыхьым и шыкурщ. Фыпсэууэ фыслъагъужын си гугъа? Ей! Къалэм щыщ къэна? – жиIэу.

– Данэ сыт хуэдэ?

– Зэрыщыта мыгъуэщ.

Сабий цIыкIум и анэр щилъагъум къэгумэщIащ, и Iупэ цIыкIур плъыжьыбзэт, къэчат, псалъэ хужыIэнутэкъым – мафIэ жьэражьэщ, итIани и нэ цIыкIуитIым нэпс ткIуэпс зырыз къыщIэжащ. Иринэ термометр къихьар Данэ цIыкIу и блэгущIэм щIилъхьащ.

– Хадэм итар дэнэ кIуа?

– ДэкIыжащ. Я топыр машинэм пащIэри здэкIуар къыбжаIэн.

– ДэкIыжыпэуи?

– Тхьэм ещIэ я натIэ илъыр.

## 4. ПЩЭДДЖЫЖЬ КIЫФI

Нэхущцым деж къуажэм нэмыцэр къыдыхьащ.

А жэщым Данэ цIыкIу бгъэдэсу щыри щысат. Нэхущ хъуащ жыпIэнт, Хьэбибэрэ Апчарэрэ щхьэукъуэу щыIурихам. Апчарэ зимыт IэщIу зигъэук Iуриящ. Хьэбибэ зэфIэсу зэрыщысащ, жейми мыжейми умыщI эу щысщ, и нэр зэтепIауэ.

Мотоцикл макъ къэIуащ. Иринэ къаскIэри щхьэгъубжэмкIэ зидзащ, арщхьэк Iэ щхьэгъубжэ Iупхъуэр хуэщIащи, зыри плъагъуркъым. Мотоцикл макъыр к Iуэ пэтми нэхъ гъунэгъу мэхъу. Иринэ, кIиин и гугъати, къыхудэшеижыртэкъым, гужьеяуэ. Къызэплъэк Iмэ – Апчарэ мэжей, къыпогуф IыкI ри тхьэм ещ Iэ пщIыхьэпIэу илъагъур.

– Нэмыцэ! – жиIэри Иринэ къыжьэдэхуащ.

– Ы-ы? Сыт жыпIа? – жиIэри жейбащхъуэу Апчарэ занщ Iэу щхьэгъубжэмкIэ зыкъидзащ.

Мотоциклхэр тIурыт Iу зэбгъурытурэ, я пулеметхэри гъэпкI ауэ нэмыцэр къуажэ уэрамымкIэ хуэмурэ къыдэк Iуейрт, каскэ фIыцIэр ящхьэрыгъыу.

– Кино шынагъуэм хуэдэщ, – щэху дыдэу жиI эрт Апчарэ.

– Алыхьым жиIар хъунщ. ЛаIилахьэ Iилалэхь, – жиI эри Хьэбибэ щхьэгъубжэ дазэм дэплъащ. – Пщэдджыжьым къыдыхьащи, куэдрэ дэсынкъым... къаплъи къэдаIуэ.

– Зи, кино шынагъуэщ. Пулеметчикхэр коляскэм исщ. Ы-ы, ямылъагъужын... – жиIэрт Апчарэ, и гъунэгъуу щыт и анэм зэхих къудейуэ.

Хьэбибэ шэнтщхьэгуэм тетIысхьэжауэ щысщ:

– КоляскэкIэ къыдашар бэным дэлъу дашыжынщ, – жиIэу.

Мотоциклистхэр къуажапщэмкIэ дэкIуеяти, аргуэру Iэуэлъауэншэ хъужащ.

– Оккупированнэ щI ыналъэм къина жыхуа Iэр дэращ, – жиIэри Иринэ и гур кIуэдыпащ. – Албиян и письмо дэнэ къикIын? – Иринэ и сабий цIыкIур зэрылъ гъуэлъыпIэм и щхьэр егъэщIауэ къэгъащ, и Iэпкълъэпкъыр зэщIэсысэу. Данэ цIыкIу псэкIэ ищIауэ къыщIэкIынти ари бауэкIэщI къэхъуауэ и анэмкIэ зыкъеший. Дауэ хъуну иджы? Дэнэ и щхьэр здихьынур. Албиян хуэзэжыни хуэмызэжыни. Мазэ мэхъу и письмо къызэрымыкIуэрэ.

– Эвакуацэ дывгъакIуэ жысIатэкъэ? – жиIэри Апчарэ и анэм хуеплъэкIащ. – Зи щхьэ палъэнум я спискэм драмытха фи гугъэ? Дратхащ, тхьэ. Дызытхари сощIэ, ухуеймэ. Ди гъунэгъу щхьэдзасэр аращ дезыгъэтхар. Куэд щIауэ абы и дзэр къытхуелъ. Ди анэм и гур псоми ящIогъу. Гъунэгъурэ гъуэншэджрэ жеIэри зэфIэкIащ.

– Тхьэм жиIар хъунщ, – жиIэри Хьэбибэ къыфIигъэкIакъым.

Дыгъуасэрей бомбежкэм аращ къихьар. Бахъсэныпсыр нэхъ кIащхъэ хъухукIэ заIэжьэри иджы псыр уэру зэрыщытам хуэ-дэжтэкъыми, къызэпрыкIри Налшык къалэкIэ къыпхатхъащ.

– Дыгъэ къыщыщIэмыкIа пщэдджыжь жыхуаIэр аращ, – жиIэри Хьэбибэ зауэжь екIуэкIауэ щытар и гум къэкIыжащ. А лъэхъэнэм дунейр пхузэхэхынутэкъым. Зэм нып хужь фIалъэрт, зэм нып плъыжь яIыгъыу илъагъурт, иныкъуэми къэзакъыр къэсащ жаIэжырт. Шэрихьэт колоннэм бжьыпэр щаубыди щыIэт. Иджы уегупсысмэ, гурыIуэгъуэ хуэдэщ: мыр Советскэ властыр арати, уолъагъу, модрейр фашист властыр аращи, тхьэм ещIэ зэрыхъунур. Ауэ сыт къыбгурымыIуэр? Фашистым абы хуэдиз цIыху Iисраф ящIу Кавказым нэс къэзыхуар сыт? Къэрал къому лъэгущIэт ящIар зэгурыIуэу, зэакъылэгъуу щхьэ бийм пэмыуварэ? Нэхъыбэ хъуртэкъэ, нэхъ лъэщтэкъэ? АтIэ мыгъуэ аращ: узмэ утIщ, утIмэ укIуэдыжащ...

Хьэблашэ и бу макъ къэIуащ, жэмым и къэшыгъуэ хъуати.

Хьэбибэ унэм къыщIэкIын шынэрт. Укъаубыдрэ чачэу уалъэфмэ, лIо пщIэжынур? Унэри пщIантIэри имей хуэдэт, уеблэмэ жэмыжь закъуэри и мыжэмыжу къыфIэщIырт.

«Нэмыцэр къызэрысу Темыркъан зэхиша колхозыр зэбгрылъэлъыжауэ плъагъунщ», – жиIэу арат я гъунэгъу фыз щхьэдзасэм жиIэр.

Езы Хьэбиби ищIэрт и пщампIэр зэраубыдынур. Мэджжытыр щхьэ клуб евгъэщIа жаIэнщ, е молэмрэ хьэжымрэ щхьэ девгъэшат, ликбез жыфIэу цIыхур ефхулIауэ щытащ. А къомыр къызыпкърыкIар хэт? Къэзэнокъуэ Темыркъанщ. АтIэ езыр лIамэ, и фызыр псэущи, фыкъекъу мыдэ. Хьэбибэ и лIыр коммунисту щытамэ, и къуэри арамэ, и пхъур комсомолым хэтмэ – аракъэ коммунист анэжь жыхуаIэр. Ялыхь, дыбгъэунэхуну арауэ къыщIэкIынщи, къару къыдэт. Тхьэм дэхуэхам ящыщ димыщIкIэ. Ди сабий цIыкIуми, ялыхь, гущIэгъу къыхуэщ!.

Жэмри буужыркъым. Уэрамым Iэуэлъауэ лъэпкъи дэтыжкъым. Адакъэ Iуэуи зэхэпхыркъым, уеблэмэ хьэ банэ макъи щыIэ? Тобэ ярэби, къуажэр хэкужь хъуа хуэдэщ.

Хьэбибэ нэмэзыбзэ тIэкIу ищIэр къибжурэ, пэгуныр къищтэри хуэм дыдэу бжэр Iуихри жэмыр къишыну унэм щIэкIащ. ПщIантIэм щыдыхьам зытеувар мылу кIуэцIрыхункIэ мэшынэ жыпIэнт. Хьэблашэ къилъэгъуауэ и щхьэр набжэ хъарым къыдегъэж, Iус хуейуэ къыщIэкIынщи.

Хьэбибэ зиплъыхьащ, зыкъиплъыхьащ, – псэ зыIут плъагъуркъым. Нэмыци къуажэм къыдэмыхьауэ пIэрэ? Ялъэгъуар пщIыхьэпIэнкIи мэхъу.

Махуэм зиужьащ, Хьэбибэ сымэ гузэвэгъуэм хэту. Хьэбибэ Бекъан деж сынэсынщи, дунейр зыIутыр зэзгъэщIэнщ, жиIати,

Апчарэ идакъым. УанащIэ дадэр колхозым тету щытащи, япэ зыгуэр яубыдмэ, яубыдынур аращ, уэри … джэдылIэм здихьа бабыщым хуэдэу, уалъэфынщ, жиIэри и анэр игъэшынащ.

ЕтIуанэрей махуэм, пщэдджыжьым, бынунагъуэр къэтэджа къудейт: Хьэбибэ пщафIэу жьэгум дэст, Иринэрэ Апчарэрэ сабий цIыкIум и ужь итт. Абдеж дыдэм автоматкIэ я унащхьэм зыгуэр къеуащ, кхъуэщын телъыр зэхигъэщащэу.

Хьэбибэ унэм къыщIэкIмэ – куэбжэм деж л Iы гуэр щытщ, нэмыцэ фурашкIэ щхьэрыгъщи, хэтми къыпхуэщIэрэ. Плъэмэ – Сентралщ.

– ЛIо, Сентрал, нэмыцэ фурашк Iэ зэрыпщхьэрыкъуам щхьэкIэ Гитлер ухъуа къыпфIэщIыжрэ? Алыхьым уи хьэдэр хьэ лIам хуэдэу дригъэлъэф! Сыт унащхьэм телъ кхъуэщыныр щIэпкъутэр? Ныкъуэделэ узыщIар кхъуэщыныр ара? Уи анэм и бзэр пщыгъупщэжа, узыхуейр щхьэ жумыIэрэ? – жиIэу Хьэбибэ и шхыдэныр къыщIидзащ.

– Сэ сызэропсалъэ бзэр уигу ирихьыркъэ? Е къыбгурымыIуэу ара? Фожейри фыбэгыжауэ фыхэлъщ, сынаджэ пэтми зэхэвмыхыу. Дэнэ щы Iэ уи тхьэI ухудитIыр? Къеджэ мыдэ! ПсынщIэу! Бургомистрым и унафэщ!..

Хьэбибэ бургомистр жыхуаIэр ищIэртэкъым.

– Хэт и бургомистр? Езыр кърекIуэ.

– Уи псэр щыхихынум деж езыри къэкIуэнщ. Умыгузавэ. Дэнэ щыIэ Апчарэ? Уи урыс нысэми къекъу. Бел зырыз яIыгъыу ныдрекI. Хьэдэ щIалъхьэнущ. КъыбгурыIуа? Къуажэ гъунэм хьэдэу щылъыр бэгыжауэ зэтелъщ, бамэм уигъакIуэркъым. ИIэ, псынщI эу! – жиIэри Сентрал аргуэру и автоматыр щIигъэлъэлъащ.

– Ана, хъыджэбзым хьэдэ щIалъхьэу абы хуэдэ хабзэ щыIэ? Щхьэ жумыIэрэ ар уи бургомистр укъэзыгъэкIуам?

– Уи пхъум зы дивизэ псо щIилъхьэри къигъэзэжащ. Ягъэ кIынкъым. Ари щIилъхьэнщ.

Апчарэрэ Иринэрэ бжэщхьэIум тетти, псори зэхахащ.

– НакIуэ, къэдгъэгубжьмэ, нэхъеиж хъунщ,– жиIэри Иринэ нэхъапэ къэгузэващ.

ЦIыхубзитIым бел къащтэри къуажэкIэм яунэтIащ. Дыгъуасэ нэмыцэр къызэрыдыхьа уэрамыр нэщIт. ЩIалэ цIыкIу зырызтIурытI е лIыжь гуэр къахуэзэмэ, ахэри гъусэ къахуэхъуурэ Апчарэ сымэ кIуэрт. Зыми зыри жиIэртэкъым. Сентрал цIыхур т Iууэ игуэшащ: зы гупым Iэщ лIар щI атI эну, адрейм хьэдэр щIалъхьэну унафэ яхуищ Iащ. Нэмыцэ хьэдэ къапэщIэхуэмэ, щIамылъхьэу Налшык къалэ ирагъэшэну арат. Къалэм кхъэшхуэ ящIырт, нэмыцэ фIэкIа щымыщIамылъхьэну. Выгу зырызи къахуат, хьэдэр мащэм кърашэлIэну.

Колхоз жыг хадэр хьэлэчт, борэн къэхъуу зэхифыщIа хуэдэу. Жыг къудамэр жыг щIагъым щI эзу щIэлът, япытар къапыщэ-

щауэ. Кхъужь-мыIэрысэ къомым хьэдэр хэлът. АдэкIэ-мыдэкIэ гу къутар, топ, машинэ мафIэм исар икъухьат. Топышэ, лагъым сытхэри арат. Жыг щIагъым щIэлъ хьэдэм цIыхубз гуэрхэри хэтт, я благъэ е я цIыхугъэ гуэрым и хьэдэ къалъыхъуэу. Хьэдэ хэIубахэр щIыбагъкIэ ягъэтIылъурэ я нэгум иплъэрт.

Бекъан лIыжь гупышхуэм яхэту хьэдэр къиIэтурэ выгум ирилъхьэрт. ЛIыжьхэри иувыкIырти хьэдэ хуэзэху дыуэ тращIэрт, нэмэзыбзэ дахэ-дахэу ямыщIэр къагупсысыжурэ. Нэмэзыбзэ зымыщIэр Гитлер ебгырт. Нэхъ динщIэкъу яхэтмэ, нэмэзыбзэмкIэ алыхьым елъэIурт, кхъаблэм щIэту хьэдэр кхъэм яхь хуэдэу кумбышхуэм яхьырт. Арат лIыжьхэм яхузэфIэкIы-нури ар ящIэнут, Сентрал къащхьэщымытми. Псоми къагуроIуэ губгъуэм хьэдэ къибнэ зэрымыхъунур. Муслъымэнри мымус-лъымэнри зы мащэм иралъхьэри ар я гум къыщIетхъ.

ЛIыжьхэр езыр-езыру зопсалъэ:

– КIуэдыкIей мыгъуэу кIуэдакъэ. Я хьэдэ зыщIэлъ мащэр ягъуэтыжынукъым.

– Дауэ ягъуэтыжын? Зы мащэм идолъхьэ.

– Алыхьым зэхигъэкIыжынщ.

– Алыхьри зыгуэрщ. Адэ, анэ зимыIэ щыIэкъым. КъаукIамрэ хъыбарыншэу кIуэдамрэ хэт зэхигъэкIын? – жаIэу.

Апчарэ сымэ мащэ кууушхуэ къат Iащ. Апчарэрэ Иринэрэ мащэ лъэгум итт, ешарэ къару къахуэмынэжауэ. Адрейхэм кумбым иувэн ядэртэкъым. Къэрэгъул гуэри автомат иIыгъыу къащхьэщыуващи, къащIонакIэ:

– Ягъэ кIынкъым. КъэфтI. Фи адэм дэ мащэ игъащIэм къытхуитIу щыташ. Мащэм и къэтIыкIэ фигъэщIауэ къыщIэкIынщ, – жиIэу. Абы зыхужиIэр Апчарэт.

Апчарэ пхуэшынэнт. КъызэщIэплъауэ кумбым здитым нейнейуэ къыдэплъеящ:

– СщIа мыгъуэтэмэ, сыдэIэпыкъуртэкъэ? Нэхъ кууэ къэстIынти, уи хьэдэри ихуэн хуэдэу, – жиIэри.

– Уи мащэр сэ къыпхуэстIын уи гугъэ? – жиIэу дыхьэшхырт модрейри, – уэ къозгъэтIыжынщ. Сыхуэзащ уэ пхуэдэ Iэджэ. Мащэм сизыдзэну зи гугъам къехъулIакъым. Езыхэр издзэри сэ, мис, фи пащхьэм ситщ. КъыбгурыIуа?

– Уи гъусэр бийм Iурыбдзэри укъэкIуэсэжащ. Ара? – жиIэри Апчарэ белкIэ къэрэгъулым и лъакъуэм техуэу ятIэ къридзащ. – Уа-а, уи лъапэм мащэм къисха ятIэр техуащи, тобэ ирехъу, уэри мащэм уихуэнущ. Мыбы иралъхьэну хьэдэм, тхьэм ещIэ, уэри уралъэфэн...

– Апчарэ, кхъыIэ, щыгъэт. КъэтI, жэщ хъуащ, – жиIэу Иринэ гузавэрт, къэрэгъулыр къигъэгубжьмэ, бэлыхь хэхуэнкIэ шынэу.

– КъызотIри! Зы местэ леи къэст Iын си мурадщ...

– Уи щхьэм къыхуэпт Iыжуи? – жиIэри къэрэгъулыр

къеупщIащ.

– НтIэ, мыгъуэ. Зауэм Iуту къаукIа мыгъуэм я хьэдэм уэ пхуэдэ бзаджэнаджэ яхэплъхьэ зэрымыхъунур щхьэ умыщIэрэ?

– Апчарэ! Гъэбэяу уи жьэр! – Иринэ, къэгузэващи , мэкIэзыз.

Къэрэгъулри къочэ:

– ЗэтепIэ уи жьэр! ЗэтумыпIэнумэ, згъэпцIакъэ нахуэу, игъащIэкIэ умыпсэлъэжын узмыщIым, – жиIэу и нэщхъыр зэщIиукIащи, и пэм мафIэ бзий кърех, и автоматым IэпэкIэ тоуIуэ кIакхъур щIичын къудейуэ.

Сентрал лIыжьхэм унафэ яхуищIащ хьэдэу къагъуэтым езыр емыплъауэ щIамылъхьэну. Сыт иджы ар зыхуейр? Сентрал хьэдэм я жыпым йоIэбэ, Iэлъын яIэрыгъмэ, е сыхьэт я Iэпщэм илъмэ, е дыщэдзэ яIутмэ – игъуэтыр зэхуехьэс. Лъэпэд дыдэ ялъыгъмэ, къалъетхъ.

– ЛIам я щыгъын молэм зрехьэлIэ, – жаIэу лIыжьхэр Сентрал щеплъкIэ мэмэхъашэ.

Медальон зыпщIэхэлъ хуэзэмэ, медальоным илъ тхылъымпIэр хыфIедзэри ари и жыпым ирелъхьэ. Дыщэдзэ зыIутым автомат дакъэкIэ йоуэри хьэдэм и дзэр Iуеуд. Дыщэр бэлътокум кIуэцIешыхь. Сыхьэт къыпэщIэхуэми аращ. Сентрал колхозыр щызэхыхьэм щыгъуэ сондэджэру бэзэрым тетащ, лы ищэу. Абы лъандэрэ фадэм еуэсауэ къигъуэтыр ирифу псэурт. Иджы сондэджэру бэзэрым теувэжыну мэшынэ. Тхьэм ещIэ, а зэхуихьэсыр ищэурэ ирифыжын?

Езы Сентрал и адэр лэжьакIуэшхуэу щытащ. ИгъащIэм мылъку угъуеин фIэкIа зэщэ щымыIэу. Мылъку игъуэтмэ, и къуэм хъыджэбзым я нэхъ дахэр фызу къыхуишэну щIэкъуа щхьэкIэ, къемыхъулIэу дунейм ехыжащ. И адэр зэрылIэу езы Сентрали нэхъри ефэным дихьэхащ.

– Уа, щхьэ уефэрэ? Уи адэм и мылъкур зыкIэ ипфыжащ, уефа иужьи уи щхьэр узу гуэщым ущIэлъщ, – жаIэу зыгуэр къегиеу хуежьэмэ, Сентрал идэртэкъым:

– Мылъку гъэкIуэдынымрэ щхьэ узымрэ я кум дэлъыр аращ, си къуэш, сыщIефэр,– жиIэрти.

Мылъку ифынри куэдрэт – и адэм и мылъкур иухри Сентрал лIыщIэу ежьэжащ.

Фо зезыхьэ и Iэпэ йобзей жаIэркъэ, Сентрал нэхъ хуэкъулейхэм я лIыщIэу, лIыщIапщIэу къилэжьи щымыIэу мащIэри псэуа. Зи лIыщIэхэм я фызым щIасэлI щыхуэхъуи щыIэу. Кулакхэр ирагъэсыкIа иужь Сентрал лIыщIащ, сытщ жаIэурэ къулыкъуи къыхуагъэфащэрт, арщхьэкIэ зыми щымыщу къэнэжырт. Ауэ зыгуэрым хуэмыфI хьэдрыхэ ягъакIуэркъым жаIакъэ! Сентрал зэрыфIыр щхьэгъэрыту ефэ-ешхэм яхэтыну арат. Езыри щытт лъакъуэ закъуэкIэ кърум ещхьу, и куэпкъым аркъэ шэтвэрыр тегъэуvауэ. Жэщым нэху щыху щытами ешынтэкъым.

Сыт увыIэпIэ къыхуагъэфэщами щымыхъум, Сентрал

пощтзехьэу ягъэуващ.

Сэ си япэ итам уэрэд жиIэурэ письмор зэбгрихырт, сэ сефэурэ си Iуэху зэфIызогъэкI, жиIэу Сентрал и щхьэм щытхъужырт, зы бжьэ, бжьитI щIикIа нэужь.

– Тхылъ зымыщIэ фызыжьыр къызэрыбгъэпцIэфынур ара зи гугъу пщIыр? – жиIэу зыгуэр къэпсалъэмэ, Сентрал зиущэхужырт.

ЩхьэгъэрытыфIщ жари къыдефэ илъэпкъыр зэхыхьэри Сентрал къыдэщIащ, армыхъумэ упщIэ пыIэжь псы къиуам ихь хуэдэ куэд щIат зэресыхрэ. Пенсие зрат фызхэм зыкъаIэта щхьэкIэ, я Iуэхум зыри къикIакъым. Езы Сентралыр къуажэ советым Iут зэпытт, телефонкIэ къэпсалъэIамэ жиIэу. Нэмыцэр къуажэм къыщыдыхьам, Сентралыр телефоным бгъэдэсу ялъэгъуати, тIасхъэщIэх гуэрщ, жаIэри яубыдат. АрщхьэкIэ зыхуэдэр къащIэри полицайуэ япэ ягъэувар Сентралщ.

Аргуэру Сентрал къриудащ.

Жыг хадэм и закъуэтэкъым хьэдэ зэрылъыр. Гъуэгу гъунэми лъэмыжым дежи – дэни щыIэт. Хъыджэбзхэм къатIа кумбышхуэм изу иралъхьэрт. Джэбыным и пIэкIэ нартыху бзий и щIыIум тралъхьэурэ.

Иринэ эвакуацэ къакIуэу къуажэм къыдэнауэ арат я гугъэр.

– Ди нысэщ, на! – жиIэу Апчарэ къеупщIым арат яжриIэр.

Иджыблагъэ фронтым кIуауэ зэрыщытар ибзыщIын и гугъэу, гъэмахуэм къуажэм щыдэкIам зи деж щыIар арауэ къафIигъэщIырт.

– Посылкэ зышар уэратэкъэ?

– МафIэгум сыкъыкIэрыхуащ.

– Письмо къомри къанэуи?

– Сыт щхьэкIэ? Чокэ яритри фронтым кIуэм яшащ.

– Уэ наццивизэм умыкIуауи?

– ЕупщI ди нысэм.

Бел зыIыгъыу лажьэм КIурацэ яхэтти, Апчарэ и пцIыр къыщIигъэщ пэтащ. Аслъэныкъуэ тхьэмыщкIэм письмо къитхат делегацэ зэрыкIуар иту. А письмор КIурацэ и гуфIакIэм дэлът дыуэм ещхьу, арщхьэкIэ абыи къыгурыIуат Апчарэ пцIы щIиупсри, зиущэхужащ.

– Уа, мыбы дыкъэзыхуа мыгъуэр сыт: старшинэ хьэмэ пристаф жыхуаIэу щытар ара? – жиIэри КIурацэ зыхуэмейм щIэупщIащ, псалъэмакъ къэхъеям трилъэфэн щхьэкIэ.

– Бургомистрщ.

– Бургомистрщ, жыпIа? Хэт иджы ар?

– ИгъащIэкIэ хуэбгъэфэщэн хэтми? Мысостщ.

– Бекъан ягъэувынути, идакъым.

Апчарэ и гум къэкIыжащ Хьэбибэ Мысост щхьэкIэ «вы цIыкIу бжьакъуэшхуэ» зэрыжиIар. Мысост игъащIэми аращ, и

бгъэр къригъэкIыу дунейм тетщ. Вышхуэрэ вы цIыкIурэ зэды-щIэпщIэмэ, вышхуэм бжьыр еIэтри вы цIыкIум хьэлъэ темылъу ауэ сытми докIуэ. Абы ещхьу Мысост хэти бгъуроувэ, «уэ сы-пхуэдэкъэ» жиIэ хуэдэу.

– Ара иджы зи IэмыщIэ дилъыр?

– Колхоз мылъкур игуэшыну и ужь итщ.

– Гъэ псом ящIар чыцI ажэм икъутэжащ жыхуаIэм хуэдэу иджыри къэс яухуа колхозыр Мысост икъутэжынущ, – жиIэри Апчарэ цIыхубзхэр игъэдыхьэшхащ.

– Умыгузавэ. Абыи дыкъелынщ, – жиIэри КIурацэ гъунэгъу дыдэу Апчарэ къыбгъэдыхьэри щэхуу къеупщIащ: – Фронт уздэщыIам Аслъэныкъуэ ухуэзатэкъэ?

Апчарэ иIыгъ белыр IэщIэху пэтащ.

Хъыджэбзым ноби и нэгу щIэтщ а махуэр. Аслъэныкъуэ щыгъа шырыкъуитIым язып иIыгъыу Локотош зэрыхуэзар щыгъупщэнт? Иджыпстущ Апчарэ гу щылъитар КIурацэ зэрынэжэгужэм. И къуэр зэрыкIуэдар и анэм дауи ищIэртэкъым. НтIэ жесIэн хьэмэ и къуэр псэууэ зэрыщыгугъым тету къанэмэ нэхъыфI, жиIэу Апчарэ Iэнкуну щытыху, Сентрал къабгъэ-дыхьэри къахэуващ:

– Махуэ къэс лэжьакIуэ фыкъыдэкI. Махуэ къэс, къыв-гурыIуа? Пщэдджыжьым сыхьэтиблым фIэмыкIыу къуажэ управэм фынекIуалIэ. ФынэмыкIуэрэ – махуэпс федгъэфэн-къым, фи щхьэпхэтIыгур пхыдудынщи, зэфIэкIащ. Сыбри-гадиру фи мыгугъэ, сывэлъэIунукъым. УлIамэ, уи Iуэхур щхьэ-хуэщ, уи псэр пытмэ, унэкIуэнщ. ГурыIуэгъуэ? Аращ зиусхьэн Мысост и унафэр!

ЦIыхур зэбгрыкIыжу хуежьащ.

Мысост тет хъуауэ Хьэбибэ щызэхихым, игъэщIэгъуащ:

– КъуанщIэр уи пашэм шы лIам ухуешэ. Нэмыцэм я IупэфIэгъу хъун Мысост фIэкIа къахэкIакъым. Фымыбэлэрыгъ, тIысэ, Мысост и ней фIэкIа и нэфI къыпщыхуэнукъым. Темыр-къан мыгъуэр нэхъыбэу зытекIуэдар Мысост и бзэгущ, –жиIэри пэгуным псы иригъэжыхьащ. жэмыр къишыну.

Хьэбибэ унэм щIэкIа къудейуэ пщIантIэм грузовик къыдэ-лъэдащ, нэмыцэ сэлэт изу ису. Кабинэм шоферым бгъэдэсу Сентрал исти, къилъэтри Хьэбибэ имыгъакIуэу къыпэуващ:

– Дэнэ укIуэрэ? Куэдщ уэ шэуэ пшхар! Дэнэ щыIэ жэмыр?

Хьэблашэ къэбууащ, Хьэбибэ пэгун иIыгъыу къилъэгъуати.

– Сыт укъэзыхьар, емынэунэ хъун? – жиIэу Хьэбибэ зыкъы-зэкъуихыу полицайм еуэнути, Сентрал нэмыцэ сэлэт зыкъом къыбгъэдэуващ.

– ПщIэркъэ сыкъэзыхьар? Уи мыжэм къыбошри аращ сыкъэзыхьар.

Сентрал IуэмкIэ кIуэри набжэ тIэкIури къыIуитхъри жэмыр, кIуэцIыпкIэурэ, кърихуащ. Жэмыр Хьэбибэ дежк Iэ еIа щхьэ-

кIэ – дэнэ. Нэмыцэ сэлэт гуэрым Хьэбибэ къыIуидзри жэмыр грузовикым ирихулIащ. Хьэблашэ псэк Iэ ищIа хъунт сэлэтхэм фIы я гум зэримылъри, и пхэр машинэмкI э игъэзауэ къэуври сэлэтым къепыджыну къэуващ, шэм къигъэпща и шхуэлыр ириупцIэкIыу. Зы нэмыцэ гуэрым и автоматыр жэмым триубыдэри триунэщIащ. Шэм жэм лъакъуэр зэпиудати, жэмыр укI урияящ. ТхыцIэкIэ телъу жэмым щIыр ивэрт бжьакъуэкIэ, автоматышэ зытехуа и шхуэлым шэмрэ лъымрэ зэхэту къижырт. И жьэм Iупсыр тхъурымбэу къыжьэдэхуурэ жэмым и псэр хэкI ащ. Сентрал къиша сэлэтхэр ежэри хэт и бжьакъуэ, хэт и лъакъуэ, хэт и кIэр яIыгъыу жэмыр грузовикым иралъэфащ.

Фочауэ макъым игъэщта джэдыр лъэуейм къелъэжу сэлэтхэм щалъагъум, джэдэщым щIэлъадэри джэду къахуэубы-дыр къаубыдри ари машинэм ирадзащ, джэдыщхьэр пачурэ.

Хьэбибэ и пIэм имыкIыжыфу итт, и фэр шэхум хуэдэу пыкIауэ, Апчарэрэ Иринэрэ шынауэ унэм къыщIэкIыртэкъым.

Сентрал машинэм итIысхьэжащ:

– НтIэ, зиунагъуэрэ, социалистическая собственность жыфIэурэ игъащIэм ди тхьэкIумэр фIуэнтI ащ. Уэ жэмым я нэхъыфIыр къатепхауэ къыбош. Колхоз Уставым идэркъым ар. Шэ пшхынумэ, бэзэрым кIуэи, къэщэху. Аракъэ хабзэр...

Машинэр пщIантIэм дэкIыжри Хьэбибэ, плъэмэ, я гъунэгъу фыз щхьэдзасэр бжыхьым къыщхьэпрыплъу елъагъу.

Ари зы махуэти, икIащ. Дауэ хъуну п Iэрэ пщэдей?

Хъыбарыр Бекъан деж нэсати, дадэр къэсащ. Дадэм и Iуэхури пщI эгъуалэтэкъым. Ди гъусэу улэжьэн бдэркъым жаIэри, Мысост сымэ къыхуилъащ. Теуви, колхоз Iэщымрэ мылъкумрэ гуэш, жаIэу арат Бекъан къыхуагъэфэщари – идакъым: си унэр бомбэм икъутащ, щIымахуэм сызыщIэсын гуэр хьэрычэт сымыщIыну Iэмал иIэкъым, жиIэри. Комиссэм хэт закъуэ, жаIа щхьэкIи – хъуакъым. КъалэкI ыхьым сокIуэ жэм къэсщэхуну, жиIэри. СыткIэ и ужь къимыхьами, дадэм зыхигъэзэгъакъым.

Бекъан дэни къыщищIа КъалэкIыхь лъэныкъуэмкIэ Iэщыр зэрыпудыр? Къэзакъхэм зэхуахусащ губгъуэм къинауэ щыта Iэщри иджы ящэж, щIымахуэм ямыгъэшхэн щхьэкIэ.

Бекъан зыщIыпIи кIуакъым. Колхоз щхьэлым кIуэри закъримыгъэлъагъуу тесащ, Iэщри сытри ягуэшыху.

Я унэ къэкIуэжауэ щилъагъум, Мысост аргуэру къыщыхьащ: колхозым и пIэк Iэ «десятидворкэ» тщIынущи, къуажэм дэсыр унагъуэ пщIырыпщIурэ гуэщ, жиIэри. Адыгэр игъащIэм лъэпкъ-лъэпкъкIэрэ, хьэблэ-хьэблэкIэрэ зэхэсу я хабзэщ. ВакIуэр къихьэмэ, зэдзейуэ зэгухьэрт. Иджы арат зытеувэжыну я мурадыр. Унагъуэ пщIырыпщIу зэгухьэмэ, я лэжьыгъэм нэхъ хуэкъулей хъунщ, жаIэу арат. Зы лъэпкъыр унагъуэ тIощI хъумэ, пщIырыпщIу ягуэшырт е лъэпкъыр унагъуэ щырыщ-тхурытхум

фIэмыкIмэ, лъэпкъитI-щы зэгуагъэхьэрт.

Бекъан абыи и ужь ихьэн идакъым: сэ сыуанащIэщ, си IэщIагъэр къыдэсхыжынурэ, уанэ, шы Iэпслъэпс сщIыуэ сытIысыжынущ, жиIэри.

Хьэбибэ и нэпсыр къежэхыу и нэгу щIэкIар дадэм жриIэжащ.

– ПщIэн хуеящ, ди шыпхъу. Къахуэгъункъым. Хейм илъ хамэм ещIэж, жиIащ пасэрейм. Къахуэгъункъым, – жиIэу Бекъан хэплъэрт.

Хьэбибэ и нэгум щIэтт Хьэблашэ мыгъуэр тхыщIэкIэ зепщыпщэу щIыр бжьакъуэкIэ ивэу зэрыщылъар.

*Ещанэ псалъащхьэ*

## 1. ГЕКТАРИТI УАФЭУ

Нэмыцэр Бахъсэн къызэпрыкIыу ди дзэри къызэрикIуэтам и хъыбарыр Чопракъ ауз къэмысу къэнакъым. Бгы къыгуэуам лэч плъыжькIэ лъагэу тратхащ: «Бийр куэбжэм къыбгъэдэтщ» жиIэу. Хэт тритхами а псалъищыр жыжьэу плъагъурт.

ЦIыхухэр зэхуэзэмэ, жаIэри арат: бийр куэбжэм къыбгъэдэтщ, сыт пщIэн?

Локотоши тепыIэжыркъым, Щэулэхъум тесу ауз псори къызэпежыхь, зы постым икIыу адрей постым нэсурэ мыбэлэрыгъыну яжреIэ. Къуршыщхьэм докIри адэкIэ-мыдэкIэ мывэ гъуанэм ис пулеметчикхэми якIэлъоплъ. Абы къикIыжмэ, къуэм дэс подвижной отряд зыфIищам зэрызагъасэр зэрегъащIэ, чэнджэщэгъу яхуохъу десант, сытхэм зэрезэуэнумкIэ.

Щэулэхъуи, уэ л Iы ухъумэ, сэ шы сыхъунщ, жиIа хуэдэ еш жыхуаIэр ищIэркъым.

Аузым дэс къомри мэгузавэ, зэзакъуэ гъуэгур яухыу къуршым дыщхьэдэхащэрэт, птулъкIэм дисым хуэдэщ, птулъкIащхьэр Iуаудрэ – дикIынщ, Iуамыудрэ – дибэмпIыхьынщ, жаIэу.

Гъуэгу зыщIу Чопракъыщхьэ щыIэхэми къэгузэвауэ Якъуб унафэ къыхуащIащ, икIэщIыпIэкIэ лIы щитI къэгъакIуэ, жаIэри. Унафэм зи Iэ щIэлъыр Бахъуэр арат. Локотоши лъэкI къимыгъанэу аузыр гъэбыда зэрыхъунум и ужь итт.

– Дыдэплъеймэ – уафэ гектаритI, дыкъеплъыхмэ дызытетыр ди щIылъэщ. Ди щIыгур зыщыгугъыр дэращ, – жиIэу Локотош и псэлъафэт.

Бахъуэр щIэгузавэри гурыIуэгъуэщ: гъуэгу ящIым нэмыцэм гу къылъатэмэ, Чопракъ къыдэуэу хуежьэнщи, дэсри дэтри Iисраф хъунщ. ЛIищэрэ щэ ныкъуэри жэщи махуи увыIэгъуэ ямыIэу бгыр гынкIэ якъутэри и ужь итщ. Километрий къурш защIэу къутэгъуафIэ? ЦIыхуу аузым дэхуэр мэлажьэ. Iэщу

къуэм дэтыр минищэ Iэджэ мэхъу.

– «Уафэм бжэ хэдвгъалъхьэ!» – жаIэу аращ псори зи ужь итыр. Хэти къыгуро Iуэ Локотош и отрядым куэдрэ нэмыцэр зэтраIыгъэу зэрыпэщIэмытыфынур. Райцентру Локотош сымэ зыдэсри зэхэзежэ хъуащ. Дезертир ягъэтIысари тутнакъым исщ, къэрэгъул бгъэдэтыжу. Ар зылъагъум Iэджи жаIэ. ЩIыунэм щIэсами зыгуэрт. Капитаным и гугъэт Якъуб ягъэтIысам и унафэ ищ Iыну, арщхьэкIэ Якъуб абы зригъэлIэлIэну хуейтэкъым. Щымыхъужым, Локотош къригъэжьащ:

– ЦIыхур къыдомэщ IэкI, итIани дезертир ихъумэу лI ищ Iутщ. Мыкуэду п Iэрэ? – жиIэри.

– ЛIо-тIэ пщIэнур?

– Зыр идгъэсыкIынщи, зэфIэкIащ. И гъусэр гъуэгу зыщ Iым я деж ягъэкIуэнщ.

– ИдгъэсыкIынщ-пIа? Абы къихъуэнур-щэ? Уэ урамыгъэ-сыкIыжын уи гугъэ? Iэджи къыдэщIынущ.

– Уэри уахэтуи?

Якъуб и нэщхъыр зэщIиукIащ.

– Благъэу иIэм урикъуни.

Япхъу яшэм, къашэжурэ псори зэблагъэ хъуащ. Сэри срблэгъэнкIи мэхъу. ЛIо, сриблагъэмэ? Си благъэщ, жысIэу сыщысхьу ара? Нобэ ди щхьэр мафIэм хэлъщи аращ, си дзэр мэш. Зылъагъум я гуапэ хъун уи гугъэ?

– Абы хуэдгъэгъумэ, адрейхэр къыдэмыдэIуэж хъунщ. ЛIыжьхэр зэхуэдгъэшэси, дезертирым и судыр едгъэщI энщ.

– Товарищескэ суди?

– Трибуналщ жытIэнщ. Дисциплинэр дымыгъэткIиймэ, ди Iуэхур шыпхэ хъунщ. Чопракъ тхуэIыгъынкъым. КъыбгурыIуа?

– Догуэ, уи фIэщу уи гугъэ нэмыцэр тхузэтеIыгъэну?

– ТхуремыIыгъ. Зы полъку нэхъ мыхъуми дзэ зэтыдоIыгъэри ари ди дежкIэ мащ Iэ? Дэ я щIыбагъым дыкъыданэу жыжьэ кIуэнукъым нэмыцэр. КъыбгурыIуа?

Куэшмэн Азрэт аргуэру лIищэ хуэдиз гъуэгу щащIым имыгъакIуэу хъуакъым, Бахъуэм къыхуиIуэхуати. Игъуэтари лIыжьфызыжьщ. Гъуэгур яухыну псори йоIэ, зы дакъикъэ закъуэ ягъэувыIэркъым. ЛэжьакIуэ ягъакIуэр езы Якъуб ишэри ежьащ. Дезертир ягъэтIысари здишэну хуежьати, Локотош идакъым: суд тетщIыхьыну дызэгурыIуащ, жиIэри.

Якъуб ежьа иужь капитаным и унафэкIэ къыщIашщ щIыунэм щIаубыдауэ щытари КъалэжькIэ зэджэ быдапIэм щIадзащ. Къалэжьым и кIуэцIыр Iэхуитлъэхуитщ – дапщэ ухуейми щIэхуэнущ. Гъавэ сыт щыбгъэтIылъ хъуну къуэгъэнапIэ Iэджи иIэщ. Мэрем махуэм лIыжьхэр мэжджытым щызэхуэсынущи, дезертирыр утыку ипшэу и суд ебгъащ Iэ хъунущ.

Iэмал зыхуамыгъуэтыр Iэщыр аращ. Жэму дэт къудейм урикъуни – мин Iэджэ мэхъу. Мэкъуу а къомым яшхын дэнэ

къипхын? Махуэ къэс мэкъу Iэтэ дапщэ нэпкъым къыщхьэщалъафэурэ кърадзых уи гугъэ? И жьэгъум щIэтым мэкъур зэбграшурэ Iэщым ират. «Лыуэ диIэм илъэс тIощIкIэ дрикъунт, гъавэщ къыдэмэщIэкIыр», – аращ Локотош жиIэр.

Чопракъ ауз нэмыцэ къухьлъатэу «кIэдыкъуакъуэжькIэ» зэджэм къыщхьэщыхьауэ къеуфэрэзыхь. Лъахъшэ зищIын мэшынэ, къуршхэр лъагэщи. Алыхьым ещIэ ар зылъыхъуэр, топ сыт здэщытыр ара?

Якъуб гуфIэу къигъэзэжащ, гъуэгу щIыныр нобэ-пщэдей яух, жиIэри. Сыту лIы емызэш ярэби Бахъуэр. Ар щыжейр алыхьми ищIэркъым. Езыри етIысэхыркъым, цIыхури аращ – зыгъэпсэхупIэ яIэкъым.

– Зулкъэрней ущIэупщIа?

– СыщIэупщIащ. Штаб армэм щыIэщ, жи. Елъхъуэт дыхьэпIэм нэмыцэр фIэмыкIауэ аращ. Дэ тхуэдэу абыхэми дыхьэпIэр яхъумэ.

– СощIэ. Елъхъуэт дыхьэпIэр Чопракъ дыхьэпIэм нэхърэ тIукIэ нэхъ бгъуэщ. Ауэ ари гъэбыдэгъуейкъым – гъущI гъуэгу докIыр. Орджоникидзе дэт военнэ училищэхэр абы къыдэтIысхьамэ, си Iуэхущ нэмыцэми пэр къыпамыудым. Тэрчи а дэкIыпIэм къыдож. Слъэгъуащ. Догуэ, уафэм халъхьэ бжэр дапщэщ яухыну?

– Куэд къэнэжакъым. Октябрь праздникышхуэм ирихьэлIэу яухын я гугъэщ. «Октябрышхуэм и саугъэту уафэм бжэ хэтлъхьэнщ!» жаIэу бгы джабэм ину тратхащ.

– Октябрым саугъэт хуагъэхьэзыр.

– Хуагъэхьэзыр. Ахэр дэ тхуэдэ? Абы «уафэм бжэ» халъхьэ. Дэ дезертир идгъэсыкIыну и ужь дитщ. ЦIыхум ягу ирихьын уи гугъэ?

– Уэращ комиссарыр. ЩIы унафэ.

– Сэри.

– НтIэ, ухэт? Гарнизоным комиссарыр уэракъэ? Уигу ирымыхьмэ, дызэгъэхъуажэ. Сэракъым комиссару узыгъэувар. Комитет оборонэр аращ. Пщымыгъупщэжа?

– Сыт щIысщыгъупщэр? Уэ сыпхуэдэ сытми?

– ЛIо сэ сщыгъупщар?

Якъуб лъэбакъуэхъуу уващ, гимнастикэ ищIын хуэдэу, и нэ фIыцIитIри мэхъэрахъэ, и пэм кърихур умыщIэу.

– Уигу къэзгъэкIыжынщ. Дезертирыр ибгъэсыкIыну мурад пщIащ. Узахуэщ – зыми уигъэкъуаншэркъым. Шынэкъэрабгъэу щIэпхъуэжар зыхуэзэн хуэгъэзэн хуейщ. Ауэ езыр «ухэт» жаIэу къоупщIмэ, жепIэнур сыт?

– Сэ сызихэтыр ящIэркъэ?

– ЗымыщIи щыIэнщ. Гузэвэгъуэ дыдэм деж отрядыр гъуэгум къытебнэу щхьэ зыбгъэкIуэдат, жаIэмэ-щэ?

– Сэ щыхьэт сиIэкъэ?

– Хэт?

– Уэри ущыхьэтщ. ЗызгъэкIуэда сэ? IэмалыншэмкъыхэкIыу згъэззэжатэкъэ? Уи закъуэ ар зыщ Iэр? Псоми ящIэ. ЗызыгъэкIуэда ухуеймэ, зи цIэ ираIуэнур пщIэну щыткъым. Уэрмырауэ пIэрэ отрядыр къезышэжьэжар. Щхьэ упэуву нэмыцэм уемызэуарэ? Ы-ы? Уемызэуа дэнэ къэна, отрядыр губгъуэм къибнэри укъежьэжакъэ?..

Якъуб къызэщIэплъауэ къызэтричырт, жиIэнур имыщIэу. Лъыр и щхьэм екIуащи, жиIэнур игъуэтыркъым. И нитI щIиукъуэнц Iам Iугъуэ къыщIех. И гум илъыр сыт? Аджыдэ, Бахъуэр гъунэгъуу къуэм дэмыту щытамэ, иджыпсту зыкъызэкъуихынт Якъуби, Локотош и нэвагъуэр иригъэлъагъужынт.

– Уэрмырауэ къыщIыкI Бахъуэм къыхуэвар. Отрядыр къезышэжьэжар сэращ. Нэмыцэм япэувын зымыдари сэращ. Гузэвэгъуэ хуэза отрядыр гъуэгу пхэнж тезышари сэращ. А щым язым урикъунщ материалу, сибгъэсыкIын щхьэкIэ. КъыстещIэ суд. Дезертир жыхуэпIэр зыми щыщкъым, сэ къызэлъытауэ.

Локотош псалъэмакъ къигъэхъеям хущIегъуэжащ. ИригъэлеиIуауэ къыщ IэкI ынщ. Якъуб и пIэм итамэ, езы Локотоши ищIэнур арагъэнкIи хъунт. Къэхъунур къэхъуа иужь нэхъыфIыр жыIэгъуафIэщ.

– Узгъэкъуаншэу аракъым, си къуэш. Уэри сыщIэбгъэкъуэншэн скIэрылъкъым. Нобэ уэ дэрэ ди пщампIэ зэрыубыдкIэ мыхьэнэ иIэкъым. ДзитI зыIут зы къамэу дыщытмэ, нэхъыфIщ. Дызэкъуэгъэт. Нэмыцэр ди куэбжэм къы Iутщ. Дэ бжьэцу дызэрызехьэмэ, ди щхьэм къеуэжынщ. Уэ жыпIэр пэжынкIи мэхъу. Праздникым и пэм къихуэу дезертир утыкум къидмылъафэмэ, нэхъыфIуи къыщIэкIынщ. ДыщIепIэщIэкIын щыIэкъым.

– ДзитI зыIут зы къамэу, жыбоIэ. Къамэм и дзитIым я щIыбагъ зэхуэгъэзащ...

– ИтIани зыщ.

– Дэри зыуэ дыщытын хуейкъэ?

– Хуейщ. ИкIи дыщытщ. Япэ къезыгъэжьар уэракъэ? Материал къыскIэрызылъхьэр хэт? А махуэм умыгъэззэжатэмэ, хъарзынэу дызэгъусат. НтIэ сэра уезыхужьэжар. Шы лIам и ныбэм ишхыхьа хьэм ещхьу и Iупэри лъы защIэщ. Командирым и отрядыр къигъанэу ежьэжын жыхуэпIэр сыт зищIысыр? УмыщIэу пIэрэ?..

– Ар щыпщIэм щхьэ укъыспэрымыуарэ? Комиссар жыхуа Iэр аратэкъэ: отрядым уранапэщ, удинабдзэщ, ди напщ Iэ утелъщ. УмыкIуэ, нэгъуэщI дгъэкIуэнщ, жыпIэу щхьэ укъыспэрымыуарэ? Адыгэм дыгъуасэ ищIэн хуеяр нобэ къегупсыс жыхуа Iэм хуэдэу, зэрысщ Iын хуеяр нобэщ уи гум къыщыкIыжыр. Отрядым дыщыхуэзам сэ сыфхэмытамэ нэхъ къэпщтэнут? ПщIэжрэ, мы отрядыр девгъауи идвгъэгъэсыкI, жыпIэу зэрыщытар? Сэ сыщымытатэмэ, пщIэнури арат.

– НтIэ щхьэ семыуарэ?

– Нэмыцэр къэсри хъужакъым. Уи мурада дыдэр нэмыцэм ящIащ. Иджыри бжызоIэ: уэр щхьэкIэ зы псалъэ закъуэ Бахъуэм жесIакъым. Бахъуэр нэхъ зыхуейр сыт? ТхьэмахуищкIэ нэмыцэм я щIыбагъым сыщыдэтам сщ Iар сыт? Аращ ар зыхуейуэ имыгъуэтыр. Къулыр мыхъуамэ, «смерш» отделым саритри ежьэжат. Бдзэжьей хъарзынэр с IэщIокIыж, жиIэу сэр щхьэкIэ мыгузавэ уи гугъэ Бахъуэр? Дэри мо дезертирым дыщIелIэлIэн щыIэу си гугъэкъым. ПщIэну щыткъым зэрыхъунур...

– Нэхъапэ щI ыкIэ дэ ткIэрылъ фIейр зыкIэрытхын хуейщ. Дэ къуаншагъэ дбгъэдэлъу нэгъуэщI хэр дауэ зэрыбгъэкъуэншэнур? ДиIэ абы хуэдэ лъэкIыныгъэ?

– ДиIэщ. Уэ къыскIэрыплъхьэр скIэрызэгъэнукъым. ЗэгъащIэ. Къулыр жыжьэ щыIэкъым, дыгъакIуи зэхигъэкIынщ. Къулыр умыдэрэ – Бахъуэм деж дыгъакIуэ.

– Щхьэ упIащIэрэ? ЛIо дезертирыр ара укъэзыгъэгузавэр?

Якъуб мурад гуэр имыщIауэ пIэрэ, жиIэри Локотош шэч ищIащ. АрщхьэкIэ Якъуб и мурадыр щIибзыщIынур сыт, къагъэгузэващи аращ. Бахъуэм упэщIэхуауэ укъиутIыпщын? БдзэкъунтхкIэ къаубыда бдзэжьейм ещхьу уиIыгъынущ, псым укъыхимыдзми. Псом хуэмыдэу Якъуб и гум нэхъ темыхуэр сыт? Капитаныр къыкъуэмыкIыжатэмэ, газетым итами шэч къытрахьэнутэкъым, Бахъуэри Якъуб и ужь къихьэнутэкъым. Езы Якъубу плъагъур Чопракъ аузым пащтыхь цIыкIум хуэдэу дэсынут, сыт ищIэми хъууэ. Дезертирри зэпыту укIуэ. Къалэжьым дэсщи, дрес. ЗдэкIуэн щыIэкъым. Локотош а псом егупсысри нэхъ зигъэтэмакъкIыхьу Якъуб дежк Iэ еплъэкIащ:

– Укомиссарщ. ЩIы узэрыхуейуэ. Сэ си Iуэхур нэмыцэм сезэуэну аращ, – жиIэри.

А тIур щIызэгурымыIуэр къэптIэщIын щхьэкIэ куэд хуейт. Дезертирым и закъуэтэкъым. Якъубрэ Локотошрэ а псалъэмакъыр къамыгъэхъеижурэ тIэкIу дэкIащ. Локотош «мыбы щхьэ сыфIэна» жиIэу хущI егъуэжат, Якъуб аузым дэс цIыхум яхэту илъэгъуати. Якъуб къэзымыцI ыху щIагъуэ щыIэтэкъыми, хэт сыт хуейми цIыхур нэхъ зэкIуалIэр арат. Уеблэмэ комиссарыр жэщкIэ къыщагъэтэджыж щыIэт: хэт сабий къыхуалъхуащ, хэти сымаджэ хъуащи, хущхъуэ е дохутыр хуейщ. Хэт и былым псэхэлIэ мэхъу, хэт уIэгъэ хъуащи, сымаджэщым егъэшэн хуейщ. Псом я унафэр зыщIыр Якъубт.

Локотоши етIысэхыпIэ иIэтэкъым. Октябрь праздникыр илъэс тIощIрэ тхурэ щрикъу махуэм ирихьэлIэу капитаным приказ итхащ, нэхъ партизаныфIхэм фIыщIэ яхуищIу, Iэщыхъуэхэм ехъуэхъуу. Приказым итт: ди къару демыблэжу Чопракъ аузыр гъэбыда зэрыхъунум и ужь дивгъэт, жиIэу.

– Мис ар Iуэху хъунущ! – Якъуби приказым щыгуфIыкIащ.

Приказым тIуми Iэ щIадзащ. Зыр гарнизоным и началь-

никыу, адрейр комиссару. Приказым Iэ щытридзакIэ, Якъуб комиссару зэрыщытым псэкIэ еувэлIащ, жиIэри Локотоши арэзы хъуащ.

Приказыр адэкIэ-мыдэкIэ ириIулIащ, псоми ялъагъун хуэдэу.

Абы ирихьэлIэу Бахъуэми къиIуэхуащ, икIэщIыпIэкIэ Iэщыр къевгъажьэ, гъуэгур хьэзыр хъуащи, жиIэу. Бахъуэм зыхуитхыр «гарнизоным и начальник Локотошрэ, гарнизоным и комиссар Бештау Якъубрэ я деж» жиIэу арат, капитаным и унэщIэри къэрэндащ плъыжькIэ щIитхъат.

Аращи, «уафэм бжэ» халъхьащ.

Iэщыр хуа зэрыхъунури тхылъым итт: псори зэуэ ирамыхужьэу, хъушэ-хъушэурэ, шыри, жэмри, Iэбгъэри, мэлри щхьэ-хуэу хун хуейт. Iэщым и пэ иту цIыхур. Бахъуэм пIалъэу къари-тари зы жэщ-махуэт. Iэщыр езыгъэжьэнур Iэщыхъуэ нэхъыфI дыдэу Iэщ и пIалъэ зыщIэр арат.

А къомыр зэбгъэзэхуэн жыхуэпIэри тынштэкъым, Локотошрэ Якъубрэ цIыхур къызэщIаIэтащ. Иджы а зэрызехьэ къомыр нэмыцэм гу къылъамытэу егъэжьэн хуейщ. Я насыпти, махуэри кIэгъэпшагъэщ, нэмыцэ къухьлъатэ «кIэдыкъуакъуэм» къэлъэтэн дзыхь ищIыркъым.

Локотош бэлэрыгъыркъым, цIыхур хабзэ гуэр яхэлъу, хьэрийкурий къэмыхъуу гъуэгу тегъэувэн хуейщ, партизану адэкIэ-мыдэкIэ къуршым исыр сакъыу, нэмыцэм мащIэ и куэда хуэмыбэлэрыгъыу щхьэж и пIэ исын хуейщ. Чопракъ ауз нэмыцэ къыдамыгъэхьэну ягъэбыдащ, жаIэу эвакуацэ кIуэн зымыди куэд къахэкIащ.

Октябрь праздникышхуэ махуэм эвакуацэ сыкIуэнщ жызыIэр ежьащи, цIыхур гъуэгум тезщ, демонстрацэ кIуэ хуэдэщ. АрщхьэкIэ къэпрэ хьэпшып зэкIуэцIыпхарэ я щIыбым илъу плъагъумэ, къуегъащIэ ар демонстрацэу зэрыщымытыр.

Бахъуэм унафэ ищIат къуршым щхьэдэхыну зи мурадым Iэмал имыIэу молибден е вольфрам илъу къэп цIыкIу зырыз къащтэну. Ар умыIыгърэ – пропуск дапщэ къуатами уагъэкIуэнукъым. Шыд е шы зиIэм завод эвакуировать щIын хуейм я машинэм щыщ гуэри здихьын хуейт.

Къурш щхьэдэхыпIэм цIыхур щынэс дыдэм борэн къэхъуащи, дунейр уэсым щIигъэнащ. АрщхьэкIэ цIыху зэрехьэжьа къомыр къэувыIакъым. НыбапхъэкIэ уэсым хэлъу пщырт, джалэр къэтэджыжу. Къаруи псэруи къыхуэмынэжауэ гъуэгум къытенэр я щIыбым илъу яхьырт. Гъуэгур, яухыпауэ къыщIэкIынтэкъыми, къуейщIейт, дэкIыгъуэхэр задэт, зэвт, шууитI щызэблэкI мыхъуу. УцIантхъуэрэ бгым уехуэхамэ, зэфIэкIащ, уи хьэдэр ягъуэтыжынукъым.

«Уафэм хэлъ бжэ» жыхуаIэр «жыхьэнмэ лъэмыжым» хуэдэщ жаIэрт цIыхуу зылъэгъуам. Уэсри жьыбгъэри зэхы-

хьэжауэ зыри уигъэлъагъуртэкъым. Молибден е вольфрам къэп цIыкIу зыIыгъым сабий цIыкIум ещхьу IэплIэм илъу яхьырт, ар зищIысыр ямыщIэ пэтми. Гъуэгу къэгъэшыпIэ къэс лIитI-лIищ Бахъуэм тригъэуващ тетт, цIыхум къулей-сызыгъэ къащымыщIын щхьэкIэ. Гъуэгур километрий мэхъу, ар пкIумэ, къуршым ущхьэдэхащ, Грузием я щIыналъэм укъихутащ.

Зы жэщ-махуэкъым а гъуэгум цIыхумрэ Iэщымрэ темыхуэу зэрытетар. Чопракъ ауз лей къыдэнакъым, дэкIыпхъэр дагъэкIащ. Iэщуи яхуземыхуэн къагъэнакъым, ауэ мэкъумылэр къемэщIэкIынущи, дыгъапIэм Iэщ щагъэхъуурэ щIымахуэр ирахынщ. Къуршым япэ щхьэдэхам яхэтт Бахъуэри. Арыншэу хъурэ? А цIыху къомым увыIэпIэ къахуэгъуэтын хуейкъэ, Iэщри зыхуэзапхъэ хуумыгъазэу хъурэ?

Бахъуэм хузэфIэкIар зылI хузэфIэкIынкIэ мащIэтэкъым. Ар езым къыгурыIуэжырт.

## 2. ЗЭНЫКЪУЭКЪУ

Локотош и хакIуэр ирипхри бгым хьэлъакъуиплIу дэпщащ, и команднэ пунктым кIуэну. Абы плъапIэ ищIар игъащIэкIэ къыпхуэщIэнутэкъым, и хъуреягъкIэ мывэрэ мэзти. Езыр къеплъыхмэ, къуэм къыдыхьэри къыдэкIри тыншу илъагъурт. Бгы лъабжьэм къэкъуалъэу Чопракъыпс щожэх, зэм бгъуэнщIагъым щIокIуадэ, зэми бгым, нэпкъым йоуэкI. ИгъащIэм псым дех бгы зэхуакури, ноби къэс Iэхуитлъэхъуиту дэкIын хуэдэу псыIур быхъу хуэщIыркъым. Дауи хуэщIын – метр щищым нос мывэу псым зэгуихар.

Къырым и щхьэм адэкIэ-мыдэкIэ бгъуэнщIагъхэм Локотош пулемет сытхэр иригъэуващ, нэхъ лъахъшэIуэу – миномет, топ уапIэ ищIащ, партизанхэр къуэгъэнапIэ хъарзынэхэм къуэсу игъэтIысащ, уалъэIэсыну Iэмал закъуэ имыIэу. Бгы лъагэр горизонтих хуэдизу игуэшащи и оборонэр къурш зэтеупIэщIыкIым ещхьу къат-къаткIэ гуэшащ, ауэ горизонтихыр гъуэгукIэ зэлъигъэIэсын хущIыхьакъым.

Уплъэмэ – аузым дэкI гъуэгур уолъагъу, псыми адэкIэ-мыдэкIэ зедзри еуэкIыпIэ къэс лъэмыж зырыз телъщ. Лъэмыжищри тыншу уолъагъу.

Бгы задэ иным Локотош дэкIауэ бауэбапщэу здэщытым плъэмэ – тобэ Iистофрилэхь – гитлеровцу цIыхуищэм нэблагъэ къокIуэ. Я пыIэ шопсым уеплъмэ, нэмыцэуи къыщIэкIынкъым. Обози я гъусэщ. Дзэм дзыхь имыщIу, Iэнкунурэ къыдокIуей, топхэм щIэщIа шыми увыIауэ фэ тетщ. Япэ къызыхуэза лъэмыжым утехьэ мыхъуну гъуэгум мывэр тезщ, бгыр къыгуагъэуащи. Ар ямылъагъуу дзэр гъунэгъубзэу лъэмыжым

къыбгъэдыхьащи, ягъэззэж хъунукъым.

Колоннэр къэувыIащ. ЦIыхур бгым дэплъейуэ зэхэтщ, аузым и дахагъым дахьэха хуэдэ. Къуршыр дахэщ, бгыщхьэм бжей жыг зэрамыщIэжхэр тезу тетщ.

Япэ итхэр къэувыIа щхьэкIэ и ужь итым къыщIакъузэ. ТIэкIу-тIэкIуурэ топхэри гухэри къоувыIэ, япэ итхэр къыщIэувыIар ямыщIэу. Гъуэгур бгъузэщ, къэбгъэшу бгъэзэжи хъуркъым, зыкъомрэ щIыбагъкIэ уимыкIуэтауэ. Офицерыр къэсри унафэ ищIащ гъуэгум телъ мывэр традзыну. ЦIыхухэр Iэрпхъуэру ежауэ мывэр зэбградз .

Локотош и дзэр заущэхуауэ щысщ, псы уэрым и макъым фIэкIа зыри зэхэпхыркъым. Гъэмахуэм деж бгы нэпкъ лъагэм псыр къыщелъэкIэ дахэщ, цIыхубз дахэм данэ щхьэц и дамитIым щIакIуэм хуэдэу телъщ жыпIэнщ. Иджы бжьыхьэ хъуащи, псыкъежэхыр мащIэ хъужащ, уеблэмэ псы Iэрышэ гъужа яхэтщ жыпIэнщ, псыбэкъу цIыкIуу дихар гъущэ хъуащи. Офицерхэм я нэрыплъэр зыIуадзауэ къуршыр ягъэщIагъуэ, жыг инхэм къапыху жыг тхьэмпэр къуэм долъалъэ.

Гъуэгум телъа мывэр тетхащ щыжаIэ дыдэм, Локотош командэ итри дунейкъутэжыр гитлеровцхэм къатехъуащ. Пулеметри автоматри лъалъэу, гранатэри адэкIэ-мыдэкIэ кърадзых. Гитлеровцхэр щтауэ зэрызохьэ, я щхьэр здахьын ямыщIэу.

Шэ зытехуа шыхэр пIэтIауэ-лъэкъуауэу къытохуэри гъуэгу къуамыту телъщ, сэлэтхэр зэрызохьэ, мэджалэ, кIуапIи жапIи яIэкъыми, зэрызокъуэ.

Локотош елъагъу сэлэтхэр гужьеяуэ зэрызехьэу гъуэгум къызэрытенар. Шэ темыхуауэ псым хэхуэу ихьри куэдщ.

Лъэмыжри дрихуеящ, тетари техьэри хэкIуадэу. Псы уэрым адэкIэ-мыдэкIэ ириудэкIыу гужьеяуэ Iэджи ирехьэх. Бгы нэпкъым къелъэлъэх мывэхэри ятощащэ. Топауэм къигъэхъея уэсри къызэрохьэх, пшэ хужь зэрызехьэм хуэдэу аузым къыщыкъуалъэу. Локотош унафэ ищIри фоч гъэуэным пачащ.

Аузым уэс пшагъуэ дэтар щыдэкIыжым, гъуэгум тетIауэ плъагъужыртэкъым, хьэдэлъэмыжу телъым фIэкIа. Гу, топ сытхэри хьэбэсабэт. Iэпслъэпсыр хузэпымычу шы ныкъуэлIэ зырыз къэнамэ, елъэкъуауэрт.

Нэмыцэм я Iэщэ-фащэр зэхуэхьэсын хуейт. ГъэщIэгъуэнри аракъэ – Локотош и отрядым щыщу зылI уIэгъэ къудей хъуакъым, бийм яхэкIуэдыкIар абы хуэдиз хъу пэтми. Трофейуэ къаIэщIыхьащ топищ, шэ ярылъу ашык зыбжанэ, автомат, фоч жыпIэми зыкъом. Абы ищIыIужкIи хьэпшып, шхын сыт жыпIэми узыхуей Iэджи трофей зэхуахьэсым хэлъщ. ЧопракъыщхьэкIэ зыукъуэдия нэмыцэхэр хуэгъэхьэзырауэ къокIуэ жыпIэнт. Капитаным къыIэщIыхьа трофей къомыр Якъуб деж иригъашэри езыр здэщыIэм къэнащ, нэмыцэм аргуэру зыкъа-

Iэтмэ, жиIэу.

Жэщищ-махуищк Iэ Локотош япэплъа щхьэкIэ, нэмыцэм зыкъаIэтыжакъым. Локотоши къигъэзэжри штабымкIэ къэкIуэжащ, дезертирым и Iуэхур зыIутыр зригъэщIэну.

КъалэжьымкIэ кIуэмэ, куэбжэм Iунк Iыбзэ фIэлъу къэрэгъулу лIитIи Iутти, Локотош арэзы хъуащ, ахэр щилъагъум.

АрщхьэкIэ капитаныр щыгугъар аратэкъым Iуэхур здэщыIэр. Локотош нэмыцэм езауэу ауз куэбжэм деж Iутыху, Якъуби ищIэн игъуэтащ. Хэт дауэ капитаным хущытми ищIэмэ фIэфIу Якъуб Iэджэм япкърыупщIыхьащ. Мы ди командирым фыхуэмыбэлэрыгъ, абы жиIэм дедаIуэмэ, кIуэдыпIэ дихуэнкIэ хъунущ, жиIэурэ нэхъ дзыхь зыхуищIым яжриIэрт. Чопракъ ауз дэс тIэкIур нэмыцэм я армэ псом пэлъэщынкъым, абы нэхърэ, ди щхьэ хэдмылъхьэ щIыкIэ, Iэмал гуэр къэдвгъэгупсыс – арат Якъуб и гум илъыр.

Акъылэгъу хъун хуэзэмэ, Якъуб нэхъри тегушхуэрт. Аузым дэсынтэкъэ, Локотош щымышынэу щытатэмэ, нобэ зи-гъэпщкIуу лъэныкъуэ зезыгъэзын! Фщыщу зылI зигъэбзэхакъэ – аузыр цырыцу щIэсщыкIынщ, жиIэри Локотош псори игъэ-шынат.

Япэрей зауэм лIыгъэ щызезыхьахэр мыращи я цIэ, я унэцIэр телефонкIэ бжызоIэ, «боевой листок» къыдэгъэкI, абы я хъыбар псоми ящIэн хуэдэу, жиIэу Локотош къи Iуэхуа щхьэкIэ, ар Якъуб и тхьэкIумэм иригъэхьакъым. Нэмыцэм я Iэщэ къытIэщIыхьар яIыгъыу зэуэн хуэдэу отряд щхьэхуэ зэхуэдгъэшэс жиIати, ари Якъуб къабыл ищIакъым, и щхьэ Iуэху зэрихуэжу арат зи ужь итыр.

Ари сыт жыIэт? Трофей хьэпшыпхэм нэмыцэ офицер фащэ щIэрыпс яхэлъу Якъуб къилъэгъуащ. Къезыгъэлъэгъуари Азрэтт, мыр пхуэхъун си гугъэщ, жиIэри. Пэжу кителри, гъуэншэджри, шырыкъуитIри – псори хуэф Iт, ауэ аксельбант кителым кIэрыдам ирищIэнур ищIэртэкъым. ХыфIыбодзэри – уи гум пыкIыркъым, къыбогъанэри – екIуркъым. Якъуб зигъэджэрэзу гъуджэшхуэм бгъэдэту, бжэр къыIуихри Локотош унэм къыщIыхьащ. Капитаныр къэуIэбжьауэ и кIэрахъуэм епхъуащ, и пащхьэм итыр нэмыцэ и гугъэри. Азрэти щытт и жьафэр къыIурылэлуи, Локотош илъагъур зыхуихьынур ищIэртэкъым.

– Сыт хуэдэ, сэкIурэ? – жиIэри Якъуб къеплъэкIащ.

– Бей щыгъыныщIэ щитIэгъамэ, нэхъыфIкIэ щыухыж, жаIэ, тхьэмыщкIэм зыгуэр щитIэгъамэ, мыр дэнэ къипха, жаIэ. ЛIо уэ бжесIэнур? Щыбгъагъын уи гугъэ?

– Ей, щIэрыпсщ мыр. Зэи щатIэгъакъым. ИкIи схуэфIыпсщ.

– НтIэ, нэхъыфIкIэ щыухыж.

– Бийр бий зыщIыр щыгъыныр аракъым. Дамэтелъыр тесхынщи, шпалыр хэслъхьэнщ, – жиIэри Якъуб аксельбантыр унэ лъэгум иридзащ дыщэ вензель фIэлъыр зэрыфIэлъу.

– Зи уи щхьэ еппэсмэ... Бийм и щыгъын щызытIагъэ щыIэщ, и мурадыр уимыгъэщIэн и хьисэпу...

Якъуб къэгубжьащ, шэхум хуэдэу и фэр пыкIауэ, арщхьэкIэ Локотоши абы къыфIигъэкIакъым.

– Iуэху пхузиIэщ, – жиIэри капитаным къригъэжьам трилъэфэжащ. А лIым и фIэщ хъуат Якъуб уекIуж зэрымыхъунур. ТIури ягукIэ зэрощIэ, арщхьэкIэ къытечыпауэ жыпIэ щхьэкIэ мыхьэнэ иIэтэкъым. – Зауэр дауэ екIуэкIа жыпIэу укъызэупщIыркъыми?

– СощIэри сыноупщIыркъым.

– Дэнэ щыпщIэу?

Азрэту плъагъум япэ зыкъригъэщащ, капитаныр щIригъэгъуэжын и хьисэпу. Комиссарыр Iуэхуншэу зэрыщымысам и гугъу ищIащ:

– Якъуб трофей къыIэщIыхьар уэ къебгъэша трофейм хуэдэ сытми. Ахъшэ мелуанитI къыщIихащ. УфIэмащIэ ар? Мелуа-нитI, ахъшэщIэу нэхъыбэр. Чопракъ республикэ жыхуаIэр дэракъэ – ахъшэ диIэщ. Дзэи диIэщи, мес, сату тщIыуэ едгъа-жьэмэ, къэралыгъуэ дихуащ.

– Дэнэ къикIа ахъшэ?

– Банкым щылажьэ гуэрым ирихьэжьауэ къытетха уи гугъэкъэ! Зэадэзэкъуэу ари! – жиIэрт Якъуб зэсэбауэурэ. – Ахъшэ къэп зырыз я щIыбым илъу ЧопракъыщхьэкIэ яунэтIат. АрщхьэкIэ дгъэкIуакъым. Ахъшэр къатетхри езы тIур Къалэжьым дэддзауэ дэсщ. Уэрыщхэ ейщ. И адэр ибгъэсыкIыу и къуэр къэбгъанэ хъунщ. Разведкэм яхэбгъэхьэмэ, ягъэ кIынукъым.

Локотош ахъшэр фIэIуэхуатэкъыми, ар зыхуихьынур имыщIэу Азрэт щытт. Уэрыщ жыхуаIэр капитаным ищIэртэкъым. ЗэрыжаIэм хуэдэу банкыр къахъунщIауэ щытмэ, уеуэу букI хъунущ. Капитаным зи гугъу ищIар нэгъуэщIт:

– Командирхэр зэхуэтшэсу Чопракъ дыхьэпIэм деж зауэ щекIуэкIам фIыуэ хэлъари Iейуэ хэлъари зэпкърытхын хуейщ. Ди Iэ здынэмыса щыIэщ. Сигнализацэр щIагъуэкъым. Щхьэж и щхьэ къыщихьэм уэн къеублэ. Нэмыцэр, зэ датекIуащ жыпIэу, тегушхуэгъуафIэ пщIы хъунукъым. Iэщэ къытпэщIэхуами унафэ тещIыхьын хуейщ...

– Бийм и Iэщэр партизаным яIэщIэплъхьэну уи мурадщ. Бийм я фащэ щыптIагъэу бдэркъым, ар дауэ? – жиIэри Якъуб гушыIэ нэпцI зищIащ.

– А тIур зэхуэдэкъым.

– Сыту?

– Уэра уи гугъэ сэ зи гугъу сщIар?

– Дауэ зэрыармырар? – жиIэри Азрэт и лIыгъэ здынэсыр капитаным иригъэщIэну мурад ищIащ. Командирымрэ комиссарымрэ зызэрапщыт хъужыкъуэмэ, Азрэт зи лъэныкъуэ хъунур Локотош ищIэмэ, нэхъыфIкъэ. – Уэлэхьи, умыделэмэ,

къыбгурыIуэн хуеймэ. Якъуб тэмакъкIыхьщи, аращ сэ згъэщIа-гъуэр. Ар сэрауэ щытыгъатэми! Зыгуэр жызмыIэу схуэшэ-чынтэкъым.

– Уэракъым сэ сызэпсалъэр! КъыбгурыIуа? – жиIэу капитаныр щыщIэгубжьэм, Азрэти зиущэхужащ.

– ГурыIуэгъуэщ, капитан! – Азрэт къэгузэва пэтми, «товарищ капитан» жиIакъым, «товарищ» псалъэр дигъэхуащ, Локотош абы гу лъимытэу.

– КIуэи командирхэр зэхуэшэс, пшапэр зэхэуэрэ сыхьэтибл зэрыхъуу...

– Нэхъ пасэу зэхуэтшэсмэ, нэхъыфIкъэ? Нэхъ пасэу зэбгрыкIыжынщ.

– КIыфI хъуми, гъуэщэнкъым. Аузым удэгъуэщыкIыу дэнэ укIуэн?

Якъуб щитIэгъар зыщехыж, арщхьэкIэ къуэгъэнапIэ къуидзэн и гум пыкIыркъым. Кителыр и гум зэрырихьам гу лъыботэ. Капитаным ар фIэIуэхуххэкъым, итIани Якъуб къретъажьэ:

– Азрэт, петлицэ сытхэр мыбы тезыдэн цIыхубз гуэр къысхуэгъуэт, – жеIэри.

– Уэлэхьи, тIу къэзмыгъуэтмэ.

Командирхэр жыхуаIа сыхьэт бжыгъэм деж къызэхуэсащ. Псори пщыкIуз хъурт. Мыхэр къысфIэмылIыкIыжу пIэрэ, жиIэу Локотош и гум къэкIащ, командирхэм къыхуэмыгузавэ яхэту къилъытэри. Пэжу, иджыпсту къызэхуэсам яхэткъым капитаныр нацдивизэм щыхэтам къыдыхэтауэ щыта «гвардеецхэр». Ахэр Чопракъ дыхьэпIэм къы IукI хъуркъым. Сыту п Iэрэ дыщIызэхуашэсар, жаIэу нэхъыбэр капитаным къыпкъроплъыхь.

Мыращ сэри зауэлIу сызыщыгугъыр, жиIэу Локотоши яхоплъэ мо къызэхуэсауэ Iэхъуэ башым ещхьу автоматым тетIысхьауэ тесхэм. Псори хьэмбыIуу къетIысэкIащ, удз псыфым хэс хуэдэ.

Совещанэм щIадзэным и пэкIэ командирымрэ комиссарымрэ приказым Iэ традзащ, зауэ екIуэкIам лIыгъэ щызезыхьам фIык Iэ я цIэ ираIуэу.

Локотош и псалъэр къызэрыщIидзари а приказыр аращ. «Команда» смирно» итщ, псори иригъэувыкIри а тхылъым ит псалъэм гупсэхуу, гурыIуэгъуэу къеджащ, зэхэзыхым я гур игъэтIысу. Езыри приказым щыгуфIыкIырт, зи цIэ ириIуэ зауэлIхэм яхуэарэзыти, и псалъэр иухмэ, IэплIэ яхуищIынщ жыуигъэIэу капитаныр къызэщIэплъат, къызэхуэсахэр къигъэуIэбжьу, итIани Якъуб зыкIи зыхищIэртэкъым.

– Мис аращ зэрызэуэн хуейр! – жиIэу Локотош и макъым зрегъэIэт. – Чопракъ дыхьэпIэм Iутым фыдэплъей псори. Аращ щапхъэ хъунур. Бийм щысхьырабгъу имыIэу феуэ! Нэмыцэ оккупантхэр фукI!

Якъуб щхьэгъубжэмкIэ доплъ, капитаным жиIэр фIэмыIуэхуу. Абы и гум илъыр сыт жыIэт: «Нэмыцэр, делэти, ныбгъуэхьэшым къихьащ. Мохэри зэщэр арат. Еуэщ-еIэри ныбгъуэхьэшым къихьар хаупIэщIыхьащ. Ара зауэ жыхуаIэр? Капитаным батэкъутэр игъэша и гугъэжщ», – арат Якъуб жимыIэ щхьэкIэ и гум къэкIыр. ИгъащIэми аращ – Якъуб зи хьэмтетыгъуэм и бзущ.

Нэмыцэр Iуащхьэмахуэ дэкIри Гитлер и сурэт иту нып трагъэуващ, жаIэу щызэхихым, къэгужьеящ: нтIэ, Советскэ властыр абдеж щиухыжауэ къыщIэкIынщ, жиIэри. Тэрчкъалэ деж нэмыцэм я джабэр щыщIаудащ, жаIэу зэрызэхихыу аргуэру партизан Iуэхум зритыжащ. Нэмыцэр Налшык къэсри Якъубым и гур аргуэру кIуэдащ – зэрыхъун щыхъуар иджыщ, жиIэри. Узыхьыну псым зыдегъэзых, жаIэу щIыжаIа махуэр къытхуи-хуащ, жиIэри Якъуб и щхьэм бжьэ еуауэ къэнащ. АрщхьэкIэ сызыхэт отрядым сепцIыжынщ, жиIэу и гум къэкIакъым.

Локотош жыпIэнущи, дунейм зи ужь ит щыIэкъым Чопракъ аузыр нэхъри гъэбыда зэрыхъуным фIэкIа. Приказым къеджэри псалъэм къыпищащ:

– Чопракъ ауз деж нэмыцэм уз щигъуэтынщ. Жэщ, махуэ димыIэу къезэгъыгъуэ лъэпкъ имыIэу аузыр вгъэбыдэ. Якъуб дзыгъуэубыд тщIауэ къелъытэ. Ари содэ. Дзыгъуэубыдым къиубыдар иукIащ.

Капитаным и псалъэм къыдэкIуэу къалмыкъ губгъуэм нацдивизэр танкым пэуву зэрезэуауэ щытари и гум къигъэкIыжащ.

– Губгъуэ дыщитам хуэдэ нобэ, дэнэкIэ бгъазэми танкыр уи ужьым иту? Къуршым уитмэ, танк щхьэкIэ угузавэрэ? Лищ щIэгъэтIысхьэ бгъуэнщIагъми, зы танк благъэкIмэ, си Iуэхущ. Флъэгъуакъэ дыгъуасэ – мыхьыр ирагъэхьащ танкым, пехотэри дэкIуэу. Иджыри аращ зэрыхъунур.

Капитаным игурэ и щхьэрэ зэтелът, итIани хэт ищIэрэ зэрыхъунур. Нэмыцэр Бахъсэн къыщысам эвакуацэм сыкIуэнщ жызыIам щыщ Налшык къыдэнакъым. ДэкIащ псори. Хэт итIанэ узыщыгугъынур? НэгъуэщI аузхэм е мэзхэм партизан щыIэн хуейщ, арщхьэкIэ иджыри я хъыбар зэхахакъым. ЗыкъыдагъащIэмэ, хъарзынэщ – дызэлъэIэсынщ. АпщIондэху аузыр гъэбыдэн хуейщ, отряд лъэрызехьэ гуэри зэгъэпэщамэ, нэхъыфIт, зыщIыпIэ тIэсхъапIэ къыкъуэкIмэ, занщIэу бдзын хуэдэу. Абы къищынэмыщIауэ, разведкэкIэ бэлэрыгъыпIэ иIэкъым. Дезертирми и унафэ щIын хуейщ.

– Сэ сщыгъупща щыIэмэ, Якъуб къыщIрегъу, – жиIэри капитаным иухащ.

– Уэ пщыгъупща щыIэми аракъым сэ зи гугъу сщIынур. НэгъуэщIи щыIэщ, – жиIэри Якъуб и тэмакъым зригъэлъэ-

щIащ. – Отряд лъэрызехьэ зи гугъу пщIари содэ. Аракъым Iуэхур. – Якъуб нэбгъузкIэ капитаным хуеплъэкIащ, уэ жыпIа илъэпкъыр щай и уасэкъым, жиIэ хуэдэу къригъэкIыу. – Отряд зэхэпшэн и пэкIэ уэ узыхуэдэр зэхэгъэкIын хуейщ. Догуэ, дэ сытым дыщыщ? Уафэм кIапсэкIэ дыдэкIуеину ара ди мурадыр?

Командирхэр дыхьэшхащ, Якъуб къыдэщI зэрахэтыр пщIэуэ.

– Мащэм дилъ хуэдэщ. Дыдэплъеймэ, уафэу гектаритI долъагъу. Аракъэ? Уафэм «бжэ» халъхьащ жыпIэнути, уэс къесри Iуиежащ, Iуимыежами нобэ-пщэдей Iуиежынущ. ЗэфIэкIакъэ итIанэ? Сонэм я деж дэнэ къэна, Мэшыкъуэ дыдэ укIуэ хъунукъым. Аракъэ мащэ жыхуа Iэр? Азрэт «Чопракъ республикэ» жиIэмэ гушыIэу аращ. Капитаным «Чопракъ укрепущелье» жеIэри гушыIэркъым, и фIэщыпэу жеIэр. Уеблэмэ мыбдеж щысхэр военнэ совету Фили жыхуиIэ къуажэм дэсам хуэдэ и гугъэщ. Кутузов закъуэм фIэкIа дыкъызыхуэт щыIэ-къым. Езы капитан дыдэр арауэ пIэрэ Кутузов жыхуа Iэри?..

Псори зэщIэдыхьэшхащ.

– НтIэ, Азрэт жыхуиIэм хуэдэу республикэу дыкъыщIидзыжауэ щIы, зы НКВД цIыкIу дыхуейщ. Ара? Псалъэм щхьэкIэ, зыгуэр былым къригъэзэну кIуащ. КIэлъыщIэпхъуи къэубыд. Аращ капитаныр зыхуейр. Абы хуэдэ зы игъэтIысауэ щысщ. Пэжкъэ?

Аргуэру къедаIуэр къызэщIэвэу хуежьащ.

– Иджы Локотош зэщэр сыт? Военнэ трибунал ищIу игъэтIысам суд трищIэну аращ. ТрищIэнурэ иригъэукIынущ.

– Абы и судыр зыщIэнур сэра?

– Уэращ, – жиIэри Якъуб и псалъэм щIэгубжьэжу хуежьащ, – уэращ, уи унафэкIэ. НтIэ, хабзэ щымыIэр Чопракъ ауз къыщыдублэн хуей?

– Абы хуэдэ хабзэ щыIэкъэ? Уи присягэм уепцIыжамэ, аракъэ пхуэфащэр? Ар щхьэ пщыгъупщэжа? ЖыIэт!

– Сэракъым ар зыщыгъупщэжар! Уэращ. Пщымыгъупщатэмэ, отрядыр гъуэгум къытебнэу уежьэжрэт уэ?

– ПцIыщ. Уэ нэхърэ нэхъыфI у хэт ищIэрэ сэ сыздэкI уар, – жиIэрт Локотош зигъэтэмакъкIыхьмэ фIэфIу, блынджабэм кIэрысу къетIысэкIам яIурыплъыхьурэ. – Уэ къыскIэрыплъхьэр скIэрызэгъэну Iэмал зимыIэщ. Уэ сыпхуэдэкъым. Догуэ, уэ пщIар щхьэ пщыгъупщэжа, лажьэ зимыIэр хьэкIэкхъуэкIэм яIурыбдзэу укъызэрежьэжар?

– Хэт сэ хьэкIэкхъуэкIэм яIурыздзар? А-а! Командир щIалэу пащIэ тIэкIу зыгъэкIар ара зи гугъу пщIыр? НтIэ, Элиста щхьэ димыгъэкIуарэ? Уэри арат абы епщIэнур. ИгъащIэм бий и нэгу щIэмыплъар щIэзгъэплъащ – арат хуэфащэри.

– Аракъэ къыщIэпхъуэжа жыхуаIэр?

– Арамэ, узыхуей дыдэр щIэ. ПлъэкIкъыумыгъанэ, – Якъуб

къэгубжьауэ и пэщхъыным мафIэ къреху, – си пыIэжьыр пхуэгъэтIысащ. Уэ бгъэтIысари къезгъэутIыпщыжащ...

– Дауэ?

– КъэпщIэнщ, зи дауэри.

– Къэрэгъул Iутыр щхьэ Iут атIэ?

– Азрэт, жеIэ ар щIыIутыр.

Куэшмэн Азрэт зэпкърылэлу шэнтым тести, зигъэхъеякъым, и жьафэр къыIурылэлу зыри зэхимых зищIащ. И цIэ ираIуэу аргуэру щызэхихым, и дзэлыфэ итIащ, игъащIэм имылъэщIа и шыдзэ гъуэжьыжьхэр уигъэлъагъуу. И пэ кIыхьри къыпыхуауэ и жьэпкъым къэсыным тIэкIущ къэнэжар. Азрэт здэщысым къэпсэлъащ:

– ЩыIуткIэ зыгуэр щыIэщ. Алыхьым и нэIэ къыттетщ. Хэт трофей кърет, хэти ахъшэ къэпитI къылъос, – жиIэри.

– УщыпсалъэкIэ тэдж! – жиIэри Локотош щIэгубжьащ, Куэшмэныр игъэшынэмэ фIэфIу. Езы Азрэти къызэщIэплъащ, и фэрэкIнапэр плъыжь хъуауэ, къыпыгуфIыкIыу къыпфIэщI пэтми.

– ЛIо, судым я пащхьэм сит?

– Уи ныбжьэгъухэм я пащхьэм уитщ.

ЗрилъэфыхьурэзипIытI-зишытIэурэ зыкъомрэ щыса и ужь Азрэт, къэтэджащи, Якъуб и дежк Iэ йоплъэкI, «щхьэ укъысщхьэщымыжрэ» жиIэ хуэдэу. Модрейри и нэщхъыр зэхэукIауэ щысщ.

– Щхьэ фыкъысщыхьа? Езы Якъуб ищIэрэ Къалэжь дэсыр? ЕупщI.

– ЖумыIэнумэ, тIыс!

Куэшмэныр къыщхьэщилъэфащ:

– ЛIо, тэдж, тIыс жып Iэу – физкультурэ сыхэбгъэзыхьауэ сщIырэ? – жиIэри.

Локотош къищIат Азрэт нэмыцэ листовкэ зэхуихьэсу зэрыщытри, хузэгуэпырт. Азрэт ц Iыхум яхэту гушыIэ нэпцI зищIырт, «алыхьыр здеIэмкIэ девгъэIэ» жиIэу. Абы къригъэкIыр сыт? Хъуэжэ и унэр къыщыуэм унэр здэуэмкIэ еIэрт, алыхьыр здеIэмкIэ еIэн хуейщ, жиIэурэ. Абы ещхьу Азрэт: Гитлер здеIэмкIэ девгъэ Iэ, жиIэу арат къригъэкIыр. Локотош ар зэхиха щхьэкIэ и пэжыпIэр ищIэртэкъым, ауэ и гум ириубыдат хуимыгъэгъуну. Иджы Азрэт зыкъыпэщIисащи, Локотош къэгубжьыпащ, си гужьгъэжьыр щхьэ тезмыгъэпщахэрэ, жиIэу.

– Рядовой Куэшмэн, тIыс!

– Сырядовой – сыкомандиркъэ? – жи Iэри Азрэт къыжьэдэхуащ. – Сыкомсоставщ!

– Уи командирыгъэр уухащ. Си приказыр зэрумыгъэзэщIам къыхэкIкIэ уи правэр къыпIызох. Уи IэмыщIэ илъ илъэпкъыр нобэ птынщ. КъыбгурыIуа? Хабзэ здэщымыIэм къехъулIи щыIэкъым. Дэ крепостым дыдэс хуэдэщ. Дисциплинэ ткIий димыIэрэ

– дыкӀуэдащ. Мо къуршыр къэмыскӀауэ, дыкъаскӀэ хъунукъым. Къуршым дахуэдэн хуейщ. Япэрауэ, ди присягэр дгъэпэжынщ, етӀуанэрауэ, ди присягэр дгъэпэжынщ, ещанэрауэ, ди присягэр дгъэпэжынщ. ГурыӀуэгъуэ си унафэр?

– А унафэм зи Ӏэ щӀэлъынур уи закъуэкъым, – жиӀэри Якъуби къыщилъэфащ, а унафэ зи гугъу ящӀым Ӏэ тридзэну и мыгугъэу. – Гарнизоным и начальникым жиӀэр пэжщ: уи командирым жиӀэр бгъэзэщӀэн хуейщ. УмыгъэзащӀэрэ – уи нэвагъуэр уагъэлъагъуэжынщ. Сталиным и приказым итыр аращ. Фронтым сыщыӀэу си ӀэкӀэ изгъэсыкӀащ и командирым емыдэӀуэжа дезертир. Ауэ мэуэ девгъэгупсыс: зыр догъэтӀыс, адрейм и правэр къытыдох. Дгъэзэуэнур хэт? ДешхыдэкӀэ щхьэ зэфӀэкӀ мыхъурэ, товарищ капитан?

«Мыбы зыдэзгъэшын хьэмэ лӀыгъэ зэхэгъэкӀыпӀэ дылъыхъуэн?» – жиӀэу арат Локотош зэгупсысыр. Иджыпсту Якъуб жиӀэр къыщӀэбгъакӀуэмэ, пэрыӀэбапӀэ умыгъуэтыжу уи щхьэм къыдэкӀуеинкӀэ мэхъу. Якъуб нэхъ захуэу къэзылъытэри мащӀэ-къым, хабзэр ещӀэ жаӀэри нэхъ пщӀэ хуащӀ. Локотош Устав, присягэ, зауэ – жиӀэу аращ псори зытрищӀыхьыр.

– Зы мэскъалкӀэ сыкъикӀуэтынукъым, – жиӀэри Локотош иукъуэдияк, – дисциплинэ тхэмылъмэ, цӀыхур къыдэмыдэӀуэж хъунщи, дгъэзэуэн дымыгъуэтыжу дыкъэнэнкӀэ мэхъу. Нэмыцэм иджыри ящӀэркъым дэ куэд дыхъурэ мащӀэ дыхъурэ. Я гугъэщ мыбы дзэшхуэ дэсу. Ауэ фи мыгугъэ нэмыцэр къыткӀэлъымыплъу – ди бжыгъэр къащӀэнщи, ди ужьи къихьэнщ.

Капитаным и псалъэр Якъуб зэпиудащ:

– Дауэ хъуми, уэ пфӀэфӀыр пщӀэуэ зэфӀэкӀынукъым. Аузым дзэ тӀэкӀу дэсым ищӀыӀужкӀэ цӀыхуу дэсыр зы минкъым зэрыхъур.

– Дзэм хэтри хэмытри зэхуэдэщ. Хабзэр зыщ.

– Хэт и хабзэ? Уэ къэбгупсыс хабзэр ара цӀыхур зэрыбгъэпсэунур? Тет ухъуауэ ара? Псоми уэра унафэ яхуэзыщӀынур? Тет ухуеймэ, сэращ тету ягъэувар. Мыбы цӀыхуу дэсыр зи ӀэмыщӀэ иралъхьар сэращи, унафэу пщӀы илъэпкъыр си Ӏизынынншэу ягъэзащӀэ хъунукъым.

– ЗыкъыпфӀэщӀыжам, уэлэхьи, уэ.

– Узыхуей дыдэу жыӀэ.

– Чопракъ республикэм урипрезидентщ.

– Ар Ӏей?

Пэжыр жыпӀэмэ, Якъуб мызэ-мытӀэу и гум къэкӀырт: Иван Калита е Иван Грознэм Россиер зы къэрал зэращӀам хуэдэу, адыгэми зыгуэр къахэкӀыу лъэпкъ псори зы хэку сыту имыщӀарэт, жиӀэу. Бекъан адыгэшыр ихъумэну и унафэщ. НтӀэ Якъуби мы къуэм къыдэна цӀыхур ихъумэну и пщэм къыдэ-

мыхуауэ пIэрэ? Къуэм дэсми лъэпкъ-лъэпкъыу яхэмыт щыIэ-къым, жылапхъэу зэхуашэса хуэдэ. Нухь бегъымбарым и кхъухьым дис хуэдэщ.

– Минрэ тет ухъуами, сэ сызэдэIуэнур уэракъым, – жиIэри Локотош пичащ.

– НтIэ хэт?

– Къулыр аращ.

– А зи гугъу пщIым осетинхэм хьэщIэ захуищIащ. Дэнэ къипхыну?

– Къэзгъуэтынщ.

– Къэгъуэт. Сэ сызэдэIуэнур мис. Къет Iысэк Iауэ щысхэр аращ. Си дежкIэ куэдщ ар Комитет оборонэу. Абы я унафэр си унафэщ.

– Демагог!

Якъуб дыхьэшх нэпцI зищIащ.

Локотош ищIэнур ищIэртэкъым. Щэулэхъу сышэсу сыщIэпхъуэн, жиIэу и гум къэкIат, арщхьэкIэ уахэкIрэ уежьэжмэ, ситкIэ нэхъыфI, Къулыр гъуэтыгъуафIэу бгъуэтынукъыми, хэхыжащ. Якъуб мурадыфI зэримыщIар Локотош хьэкък Iэ и фIэщ хъуащ. Зэгуэр зэримыхьа лIыгъэ зэрихьауэ газетым ятхащи, иджы лIыгъэ зэрихьэпэну и мыгугъэу пIэрэ? Хэт ищIэрэ Чопракъ лIыхъужь жаIэу цIэрыIуэ хъункIи мэхъу. Сыт лIыгъэ зэрихьами, Локотошрэ Якъубрэ зэфIэкIуэдащ, ягуи зэщыкIащи, зэкIужыну Iэмал зимыIэщ. Бахъуэр щыIатэмэ, арат Якъуб IумпIафIэ зыщIынур, Бахъуэри къуршым щхьэдэхащ, цIыхумрэ Iэщымрэ эвакуировать ищIри. Къигъэзэжмэ, Якъуб лIыхъужь хъуауэ зыкъыфIигъэщIынщ, аузым нэмыцэ къыдэзымыгъэхьэу зыIыгъар сэращ, жиIэнщи.

Бахъуэр абы хуэдэу IуэрыфIэщ сытми? ЗэхигъэкIынкъэ псыфри гъущэри...

Дауэ ищIмэ нэхъыфI Локотош?

## 3. УЭРЫЩ ЗЭАДЭЗЭКЪУЭР

«Уафэм и куэбжэм» цIыхумрэ Iэщымрэ дэкIмэ, жиIэу уэсыр пэплъа хуэдэт. Жэщ-махуэ жамыIэу цIыхур зэрызехьэу бгым щхьэдэха къудейуэ уэсышхуэ къесри абы хуэдизу зэлIэлIа гъуэгур щIихъумащ, езэгъырабгъу имыIэу.

Ар зи гуапэ хъуар хэт жыIэт: Бешто Якъубщ. Бахъуэр къуршым щхьэдэхащи, къигъэзэжынкъым щIэх, жиIэу арат абы зытрищIыхьыр. ИтIани гъуэгур щымыIэжмэ, хэт улъэIэсын, хэти къыплъэIэсын – укъыдэнакъэ аузым, хьэпи-шыпи уимыIэу.

ЩIымахуэм и IункIыбзэ хужьышхуэр «уафэ куэбжэм» иритащи, абы и IункIыбзэIухыр зыIыгъыр гъатхэрщ, жиIэу аращ

Локотоши и гум къэкIар.

Уэрыщ зэадэзэкъуэри щIэгузавэр арат.

Ахъшэр нэхъ хъума хъунщ, жиIэу адэм и къуэр игъэпIащIэу я щхьэр Чопракъыщхьэ къахьати, мес къащыщIар – Къалэжьым дадзауэ дэсщ, тхьэм ещIэ я унафэр. Ахъшэ къэпитIри дэнэ кърахыжыну?

Уэрыщ зэадэзэкъуэм я Iуэхур щIагъуэтэкъым. Ахъшэ къэп зырыз я щIыбым илъу мэзым щыщIэлъэдэжа махуэм щыщIэдзауэ нобэ къэс зыгъэпсэхугъуэ ихуатэкъым. Мэзым щыщIэтым щыгъуэ пхъэщхьэмыщхьэ защIэкIэ псэуащ, хъупIэм нэсри, мэл пщыIэ хуэзэмэ, къэпыр ягъэпщкIуурэ пщыIэм техьэрти, кърагъэшх я Iыхьэт. Щхьэхьу здэкIуэр Чопракъыщхьэт, «уафэм куэбжэ» халъхьэ жаIэу зэхахати. АбыкIэ дэкIыу сонэм я деж зрагъэхьыну я мурадт. Ахъшэр ябжрэ банк гуэрым иратмэ, хуит хъужынти, я щхьэ Iуэху зэрахуэжынт. Уэрыщ нэхъыжьыр гузавэрт: ди ахъшэм зыгуэр чэму къалъытэмэ, дауэ дыхъуну, жиIэу.

Дауи, Уэрыщ дадэм ахъшэ къэпитIыр игъэсми, щхьэ бгъэса жиIэу къыжезыIэн щыIэтэкъым, арщхьэкIэ Батырбэч абы хуэдэлI сытми. Банкым тетыну къалъхуащ жыпIэнт, апхуэдизу ахъшэм щысхьырти. ИгъащIэми иIэр зригъэзахуэу есати, и жыпым илъ ахъшалъэм уагъэ тIэкIу ищIауэ уагъэ кIапэр метым фIэлъыжт, сэ жан иIыгъри арат: мыкIуэдын папщIэ кIапсэ цIыкIу ищIам и кIапэр и бгырыпхым епхат. Дзэху лошкIэри аращ. КIуэдыну Iэмал зимыIэщ.

И адэ-анэ къэзылъхуари IэкIуэлъакIуэт, зэгъэзэхуэкIэ ящIэрт. Зы мэл яукIамэ, щIымахуэ псокIэ яхурикъурт. Яхуримыкъууи хъунт: пщэдджыжьым мырамысэ ящIрэ лы ягъэжьамэ, лыр щагъажьэкIэ къыпыткIуа дагъэр зытеткIуа мырамысэр яшхырт, лыр шэджагъуэм ягъэхуэбэжырти, пIастэдэшх хъурт. И адэ-анэм щадэплъейкIэ Батырбэчи зэгъэзэхуэкIэ имыщIэу къэнэнт?

Уэрыщыр ин хъури колхоз председателу ягъэуващ. Колхозым я мылъкур езым и мылъкум хуэдэу иугъуейуэ хуежьащ. ЩIэп хисэрэ къихыжамэ, щIэпыр заводым иригъэшэным и пэкIэ лIыжь къом бгъэдигъэтIысхьэрти, щIэп жылэр къыщIигъэщэщырт. Гъатхэр къэсмэ, и ныбжьэгъухэм къажыхь: щIэп жылэ дэнэ къитхыну, жаIэу. Езым и жылэр хьэзырщ.

Гуэдз ищIэмэ, хьэкъырш хэз хъурт: уа, Батырбэч, мыр гуэдз хьэмэ хьэкъырш, жаIэу ауан къащIу. Хьэкъыршым и жылэр хъуа иужь гуэдзым еджакIуэ цIыкIур хиутIыпщхьэрти, хьэкъыршу хэтыр къыхригъэчырт. Ар иIуэжырти, жылэм дагъэ къыщIихурт, дагъэр алифэ ищIырти, школыр иригъалэрт.

Партым и обкомым хэт банкым тедгъэувэн щыжаIэм, япэ зи цIэ ираIуар Уэрыщ Батырбэчщ. Арат банкым илъ ахъшэр зи IэмыщIэ иплъхьэ хъунур.

Нэмыцэ кхъухьлъатэхэм къалэм къытеуауэ бомбэр къытра-кIутэу щилъагъум, Батырбэч и щIалэр зыщIигъури банкым жащ. ДеукI сыт жамыIэу зэадэзэкъуэр зэк Iэлъхьэужьу уэрамым-кIэ жэрт, Iугъуэмрэ сабэмрэ зыри уимыгъэлъагъу пэтрэ. Банкри ныкъуэкъутэ хъуат. Зэадэзэкъуэр щхьэгъубжэмкIэ дэпщри сейфышхуэм бгъэдэлъэдащ: Батырбэч гузэвэщауэ Iэрпхъуэрт. Сейфыр Iуахри ахъшэ мелуанитI хуэдиз дэльти, къыдахащ. Ахъшэ къэп зырыз къыщIахыр машинэм ирадзэу дашыну арат я мурадыр. Машинэр къагъэхьэзырат. АрщхьэкIэ къехъулIа-къым. Банкым къытехуа бомбэшхуэм машинэри зэхикъутащ, шофер исари иукIащ. Сыт пщIэнт? Уэрыщ зэадэзэкъуэр мэзым щIэлъэдэжащ, ахъшэ къэп зырыз я щIыбым илъу.

Мэзым куэдрэ щ Iэта, мащIэрэ щIэта – зэгуэр бгым дэкIрэ плъэмэ – Щынэхужьыкъуэ дэт жэм фермэм тет унэм и уэнжа-къым Iугъуэ къреху. Хэту пIэрэ абы щ Iэсыр – дыдей хьэмэ нэ-мыцэ? Хэтми, ахъшэ къэпит I пхьыуэ фермэм утехьэ хъуну-тэкъым. И адэм щIалэр къигъанэри езыр пщыIэм техьащ.

Дидан Бекъанрэ абы и фыз Данизэтрэ абы къэIэпхъуауэ хэт ищIэнт?

Бургомистру тхуэув жаIэурэ Бекъан и щхьэр ирагъэужэгъуат. Увмэ, колхоз мылъкуу езым иугъуеяр игуэшыжын хуейт, нэмыцэм яхуэпщылIу имыщIэн Iэджи ищIэу. Бекъан щхьэусыгъуэ имыщIа къэнакъым. ИкIэм икIэжым «си унэр бомбэм икъутащ» жиIэри фермэм къэкIуауэ тесщ. Зы шызакъуэгуи къылъысащи, зэзэмызэ къуажэм зэрыкIуэжын иIэщ. Мысост, бургомистр хъуащи, дунейр екъутэж, къуажэр цырыцу зэIещIэ. Колхоз мылъкур щагуэшым, Мысост къыхихар къуажэ гуур аращ. Бекъан Iэхъуэ хъуащи, унафэ быди къыхуищIащ: си гуур зыдэкIуей жэмыр тхыи къызэт, жэмыр зейм ахъшэ къеIысхынущи, жиIэри.

Иджы пщэдджыжь къэсыху Бекъан йохри къуажэ былымыр къыдеху. Пщыхьэщхьэ хъумэ, былымыр еутIыпщыжри езыр фермэм къокIуэж. Фермэм Апчари къэкIуатэмэ, къэзылъагъу щымыIэу хъарзынэу тесынт, жиIа щхьэкIэ, хъыджэбзыр дэнэ кIуами Бекъан ищIэртэкъым. Сымыделэмэ, сонэм я деж щхьэ къэзмыгъэнарэ, жиIэу Бекъан щIегъуэжащ, Апчарэ щхьэкIэ мэгузавэри. Дэнэ щыIэми, зигъэпщк Iуащи, хъыджэбзыр къи-мыгъуэтыну Iэмал иIэкъым.

Фермэм къэкIуэн зымыдэр Данизэтт. Къуажэм укъыдэкIыу уи закъуэ дауэ утIысын? Хьэбиби дауэ хъун? Гъунэгъурэ гъуэн-шэджрэ жаIэ, арщхьэкIэ Бекъан идакъым.

– Чокэ зыщIыпIэкIэ къыкъуэкIмэ, нэхъ дыкъигъуэта хъунщ. Къуажэм къыдыхьэ хъуххэнукъыми, пихащ. Ди закъуэ-ди

закъуэмэ, дыкъэзылъагъу щымыIэмэ, нэхъыфIщ, – жиIэри.

Щхьэл жыпIэнущи – мес. Ебгъэжьэн щхьэкIэ, зы мыхьэнэншэщ зыхуейр.

Япэрей жэщым Данизэт и напIэ зэтрилъхьакъым. МащIэмащIэурэ есэжащ. Бекъани Iэхъуэным къыдэхуэмэ, ищIэн игъуэтырт, зэм нартыху къыдеч, зэм щхьэлым и ужь итщ. Данизэти мышынэу фермэм щытекIи щыIэщ, «си къуэр мэзым къыхэкIыу сыкъилъагъуну пIэрэ» жиIэу. Зэгуэр Данизэт яхуэзащ Уэрыщ зэадэзэкъуэм, Батырбэчрэ Айтэчрэ, фызыжьыр къыщалъагъум, къэгуфIащ. Мыбы зыгуэрым ущыхуэзэмэ, нэмыцэ я гугъэт зыхуэзэнур.

Ахъшэр кумб гуэр къагъуэтри иралъхьащ, и щIыIум жыг пщIащэ тез ящIри Батырбэч пщыIэмкIэ иунэтIащ и къуэр кIэлъыплъурэ.

Чопракъыпс нэхъ цIыкIу хъуа щхьэкIэ, зэпрыкIыгъуейт. Псыр мылым хуэдэу щIыIэт икIи уэрт. ЗумытIэщIуи хъунутэкъым. Пшапэр зэрызэхэуэу хьэIуцыдз макъ къэIуащ. Фермэм тес хьэри банэрт. Хьэ банэ макъ жыжьэщ жыпIэу умыкIуэу къыумыгъанэ жыхуаIэ псалъэжьыр Уэрыщым и гум къэкIащ. ПщыIэм хьэ тесмэ, хъарзынэкъэ. Шхынымэ къыщIихьэрт, и гурыIупсыр къигъажэу.

Батырбэч фермэм щытехьэм, хьэшхуэжь гуэр къыпежьащ. Хьэр игъэшынэну лIыр етIысэхащ хьэмбыIуу. Хьэри тIысащ. Уэрыщыр къэтэджмэ, хьэри къотэдж, тIысмэ, мэтIыс.

– Ей, щIэсIа? – жиIэри Уэрыщыр джащ.

Хьэр нэхъри мэбанэ, къуршыр къигъэпсалъэу. Щхьэгъубжэр нэху къэхъуа щхьэкIэ, унэм зыри къыщIэкIакъым. КIэрахъуэкIэ щхьэ семыуэрэ мы хьэм, жиIэу Батырбэч зыщигъэхъейм, хьэм зыкъридз пэтащ.

Ярэби, нэху щыху унэм зыгуэр къыщIэкIынукъэ, жиIэу Уэрыщыр къэгузэващ.

– Хэт ар? – жиIэри зыгуэрым бжэр дамэдазэ къиищIащ. – Чокэ, уэра?

Зи макъ къэIуар цIыхубзт. Ар зыщIэупщIэ Чокэр Батырбэч ицIыхуу къыщIэкIынкIи хъунущ. ИтIанэ, фермэм тесыр Бекъану къыщIокI. А дадэр армырауэ пIэрэ Батырбэч джыдэ зыIыгъыу илъэгъуа лIыр?

– Фи Чоки тхьэм фIыкIэ къихьыж. Сэ сы-Чокэкъым, – жиIэри Батырбэч къызэфIэуващ. – Сыту фIыт, зыгуэр унэм фыщIэсмэ.

– Къеблагъэ. Хэт ар? – жиIэри бжэр зыгуэрым къызэIуихыжащ. Ар Бекъант. Унэм къыщIэкIри хьэм щIэгубжьащ игъэбэяуну, арщхьэкIэ хьэр нэхъри къызэрыкIащ.

– КъакIуэ, къыщIыхьэ. Уэлэхьи, удгъэхьэщIэнмэ, – жиIэри Бекъан къыбгъэдыхьащ, къэкIуар зригъэлъагъуну.

– Тхьэм фIыкIэ дригъэблагъэ. Си закъуэкъым. Гъусэ си Iэщ. Си щIалэ цIыкIурщ си гъусэри. Сыджэнщи, езыр къэкIуэнщ.

Нэху мыщу дежьэжынущ, тхьэмадэ, умыгузавэ.

– Уэлэхьи, сымыгузавэ икIи, – жиIа щхьэкIэ, Бекъан къэгузэвам пцIы хэлътэкъым. – Уа-а, Уэрыщ Батырбэч ар?

– Сэращ, Бекъан. Сэра мыгъуэщ. Дауэ сыкъэпцI ыхуа?

– Уи гъусэр Айтэчщ.

– Тэмэм. ПцIыхуу къыщIокI.

– Дауэ сымыцIыхуу. А щIалэм и гугъу Апчарэ мащ Iэрэ къысхуищIа.

Бекъан жиIэр пэжт. Апчарэ, Айтэч сымэ спартакиадэм кIуат. Уэрыщ Айтэч игъащIэм боксеру утыкум имыувами, убланэщ, еуи къиуд, жаIэри рингым ираутIыпщхьат. АрщхьэкIэ къыпэувар боксер дыдэти, куэдрэ къытригъэтын, къеуэри къриудащ

– Уа-а, мыр и фIэщу мэзауэри, – жиIэри Айтэч и нэм лъыр къижу утыкум къикIыжащ.

Арат Апчарэ иIуэтэжар.

– Аракъэ уи Айтэч хъужыр?

– Ар дыдэщ, Бекъан, – жиIэри Батырбэч дыхьэшхащ. – Седжэнщи, къэсынщ иджыпсту.

ЯмыщIэххэу къахуэкIуа хьэщIэм яшхын къытригъэувэри, Данизэт унэм щIэкIащ зиплъыхьыну, хэт ищIэрэ, зыгуэр къыптеуэнкIэ мэхъу, мафIэ нэхур ялъагъумэ.

Зэадэзэкъуэр гъаблэгу зыщтам хуэдэу шхэрт. Бекъан лы гъэва, мырамысэ къахутрилъхьэурэ къуажэм хъыбару дэлъыр яжриIэрт. Десятидворкэ жаIэу къежьам и гугъуи ищIащ. Ар бургомистру ягъэува Мысост къыигупсысауэ и гугъэт. Мысострэ ПIытIурэ къуажэр къахуэнащ, жиIэу уанащIэр зэгуэпырт.

Ныжэбэ щхьэлым нэху фыкъыщекIмэ, нэхъ хъума фыхъунщ, жиIэу Бекъан арат зытрищIыхьыр. КъэхъукъащIэIамэ, мэзым ущIэлъадэ хъунущ. Нэмыцэр мэзым щIыхьэххэркъым.

Батырбэчи ар нэхъ къыхихащ. Унэм щыщIэкIым шхыну къелар гъуэмылэ хуэдэу щIалэм иратащ.

Бекъан и хьэр щхьэлым пэмыжыжьэу ирипхащ. Езыр а жэщым жеякъым.

Пщэдджыжьым жьыуэ Бекъан и хьэщIэр къигъэушащ. «Уафэм и куэбжэм» узэрыкIуэну щIыкIэр тэмэму ягуригъэIуащ. Батырбэчи а щIыпIэр ицIыхурт. Райкомым я уполномоченнэу мызэ-мытIэу мыбыкIэ къакIуэу и хабзащ. Езы Уэрыщми мащIэ къыкIэлъыкIуэртэкъым, банкым къэмыкIуэ щыIэ.

ЕшаелIауэ зэадэзэкъуэр партизан плъырым яхуэзащ. ЯцIыху гуэрхэри яхэту щилъагъум, къэпым илъыр яжримыIэу къэнакъым.

Партизанхэми зэадэзэкъуэм я гур дахэ къыхуащIащ, «уафэм и куэбжэр» Iухащ, удэкI хъунущ, жаIэри. Ауэ абы удэк Iын папщIэ, штабым укIуэу пропуск къеIыпхын хуейщ, Бешто Якъуб и Iэ телъу. Абы фIэкI хэмылъу зэадэзэкъуэр Якъуб пэщ Iэхуащ.

Батырбэч и гугъащ Якъуб къыщытхъуну. Зимыхъуми, ахъшэ мелуанитI ихъумэн щхьэкIэ, хьэзаб мащIэ щIалэми езыми телъакъым. Ахъшэ къэпитIым зы щынэ къыщIэмыкIми, бгым адэкIэ нэпхьэсмэ, мелуанитIыр зэрыщытауэ ахъшэщ.

– Уэлэхьи, мэзым шхын щхьэкIэ дыщIэлIыхь пэтамэ. Ахъшэм утесу шхын щхьэкIэ ул Iэныр дауэ къыпщыхъурэ? – жиIэу Батырбэч и нэгу щIэкIар иIуэтэжырт.

– Мыбы фыщымэжэлIэнкъым. Фи ахъшэри здэфхьыным фхьауэ къэфлъытэ.

Якъуб жиIэр Батырбэч зыхуихьыныр имыщIэу и нэр къихуу еплъырт. Мыр гушыIэрэ хьэмэ и фIэщ?

– Ар дауэ? Сэ банкым управляющэу сытетщ. Ахъшэр къэрал банкым езмыту къэзгъэнэну Iэмал зимыIэщ.

– Дэракъэ банк хъужыр? Дэ къыIыдох.

– Дэнэ щыIэ банк?

– НэхъыфIыжу тхъумэнщ – умыгузавэ.

– Бешто Якъуб, сэ сыгушыIэркъым.

– Сэ сыгушыIэ уи гугъэ? – Якъуб и псалъэм зыгуэр къыпищэнути, фочауэ макъ зэхихри зэщIэдэIукIыу зиущэхуащ. Чопракъ дыхьэп Iэм деж зауэ щекIуэкIыу арагъэнт. Локотош зауэм Iутт, нэмыщэр къимыгъакIуэу. Якъуб къэгузэващ, нэмыщэр аузым къыдэуэмэ, жиIэу.

– Уи ахъшэм щхьэкIэ умыгузавэ.

– Си ахъшэ ар? Къэралым ейщ.

– Къэралым ейщи аракъэ къыщIыпIысхыр. Ахъшэм гъэтIылъыпIэ къыхуэдгъуэтынщ. Фэри увыIэпIэ фимыIэу фыкъэнэнкъым. Тутнакъ фытщIынщ...

– Ы-ы? – жиIэри Батырбэч къыщылъэтащ.

АрщхьэкIэ, дэнэ, Якъуб кIиящ:

– Куэшмэн! – жиIэри.

– Сыт? – Куэшмэн Азрэту плъагъур бжэщхьэIум къебэкъуащ.

– КъыпщIэкIуэну уи мыгугъэ, Бешто Якъуб. Лей зепхьэр Къулым деж нэзгъэсынщ. Сытхьэусыхэнщ. Ахъшэр си ахъшэкъым, къэралым ейщ. Схъумэну си къалэнщ. ЛIо, узыщышынэн щымыIэж уи гугъэу ара? Лей , зепхьэр къыпщIэк Iуэнкъым, уи щхьэм къеуэжынщ, къызжиIакъым жумыIэж, мелуанитI мэхъур ахъшэри, зы сом хэкIуэдыкIыу здэнукъым.

– Щыгъэт. Куэдщ къэбвар!

Айтэч и кIэрахъуэр кърипхъуэтащ:

– УемыIусэ си адэм,– жиIэри.

ЩIалэ цIыкIур къызэщIэнат мафIэу, кIэрахъуэмкIэ еуэу Азрэтыр къытригъэбэгэну тIэу еплъынутэкъым. Ар хьэкъкIэ ищIэрт езы Азрэти, арщхьэкIэ Батырбэч идакъым:

– Щыгъэт, си щIалэ. Куэдщ, ет уи кIэрахъуэри.

Якъуб пхуэгъэшынэнутэкъым. Зэадэзэкъуэм я Iэщэр къаIихри, Азрэт унафэ хуищIащ тIури Къалэжьым ишэу тутнакъэщым щIидзэну. Хьэпшыпуи Iэщэ-фащэуи отрядым яIэр Къалэжьыр арат зыдэлъыр.

Зэадэзэкъуэр къэзыубыду штабым къэзышахэми Якъуб фIыщIэшхуэ яхуищIащ. Иджыблагъэ езы Куэшмэныр зыщIэса тутнакъэщым иджы зэадэзэкъуэр щ Iигуащ:

– Зывгъэпсэху, гугъу фехьащ, – жиIэри. Бжэри игъэбыдэжащ, IункIыбзи иритыжащ.

Дунейр къызэрекIуэкIыр пщIэну щыткъым. Зэадэзэкъуэр плъырым къыщаубыдым къаубыдар Мутай Чокэ я гугъащ. Иджы Чокэ и хъыбар зэхах. Зылъэгъуа гуэрым тхьэ еIуэ Чокэ Къущхьэхъу кIуауэ дзэ зэхуишэсу. Ар и тхьэкIуэмэм къыщицырхъэм, Якъуб гъусэ ищIщ Куэшмэнри, хъупIэм к Iуащ. А махуэм ирихьэлI эу Локотоши штабым къакIуэмэ – Якъубыр бгъуэтмэ къащтэ. Дэнэ кI уа? Къуршым итщ. Уэрыщ зэадэзэкъуэм къащыщIари капитаным щызэхихым хабзэншагъэр и гум техуэнт? Къоубжьытхым уемыубжьытхыжмэ, Iупэ уимы Iэ къыфIощI, жыхуа Iэр арати, капитаным унафэ ищIащ: Уэрыщ зэадэзэкъуэр къаутIьшщыжу, я ахъшэри иратыжу, «уафэм и куэбжэм» нэси яшэну. АдэкIэ дэнэ хуейми ирекI уэ.

Батырбэч къыхуэщIакъым къэхъуакъэщ Iар. ЗыгъэтIысар Якъубщ, ауэ къезыгъэутIыпщыжар хэт? Ар зэхэбгъэкIыну угувэ хъунутэкъым. Пропуск кърататар иIыгъыу шууэ ежьэжащ, бгым щхьэдэхыу и ахъшэр банкым яритыну.

*ЕплI анэ псалъащхьэ*

## 1. МЭКЪУШЭ

Апчарэ зытета фермэу Щынэхужьыкъуэ дэтым иджы тесыр Бекъанрэ и фызымрэт. Фермэм ипщэIуэкIэ гъуэгур зэпаупщIауэ куэд дыдэ мыхъуу отрядым къуэм оборонэ щаIыгът. Бекъани, абы зэран яхуэмыхъуу, нэхъ япэI эщI эу, фермэм жэщкIэ тест, махуэм Iэщ игъэхъуу псы Iуфэм Iутт. Гъуэгум тесхэр румынт. Чопракъ дыхьэпIэм деж я нэпкъпэпкъыр зэ щызэхакъутати, нэхъ къыI укIри тафэм тетIысхьащ. Гъуэгум тет унэжьым нэхъыбэр щIэст, абы щIэмыхуэр къэрэгъулу арат.

Данизэт унэм къыщIэплъын къудей шынэми, мызэ-мытIэу румын сэлэтхэм яхуэзащ, уеблэмэ ящыщ гуэрхэри ицIыху хъуащ.

Нэхъ ипщэIуэкIэ удэкIуеймэ, Чопракъыпсрэ Бахърэныпсрэ щызэхэхуэрт.

Бахърэныпс къабзэ дыдэу плъагъу щхьэкI э, уефэну Iэмал

зимыIэт, тхъуэбзащхъуэмэ къыхихырти. Апчарэ жэм къудей а псым иригъафэртэкъым, тхъуэбзащхъуэм и мэ шэм щыурти. Румынхэм абы гу лъамытэу псым ефэу хуежьэри, нэхъыбэр ныбажэ хъуат. Ар зи зэраныр Данизэт деж къыщахъуэж гъэшыр араuи къэзылъыта яхэтт. Ар Данизэт къыщищIэм яжриIащ Бахърэныпс емыфэну. Абы иужькIэ румынхэм фызыжьым нэхъ дзыхь къыхуащI хъуащ.

Зы румын гуэри Данизэт деж къеуэсауэ къэкIуэрей хъуат. Шыгъу къихьырти, тхъу е джэдыкIэ къызэхъуэж, жиIэу къэувырт. Румыныр лIы хэкIуэтат, пащIэ тIэкIуи тету. Данизэт абы зэреджэр хьэгъащтэт. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ румыным мэлыхъуэхьэр игъэшынэрти. Фермэм къыщытехьэкIэ и Iэр фочым хуэдэу ишияуэ хьэм щыбгъэдыхьэкIэ, мэлыхъуэхьэр шынэурэ къик Iуэтырт, и кIэр щIишауэ. Хьэ бзаджэр банэу жьэхолъэри ефыщI жыпIэу хьэм зишхыхьыжми, румыным хъымпIар ищIыртэкъым.

Румыныр нэжэгужэу «партизан пук-пук» жиIэу гушыIэрт, фермэм къыщытехьэкIэ. Унэм щIыхьэрти, стIолым сабын жыщIэгъуэ трилъхьэрт, адэкIэ-мыдэкIэ къуэгъэнапIэм къуэплъэурэ джэдыкIэ е кхъуей игъуэтмэ, къищтэрти щIэкIыжырт. Бекъан, къэкIуэжмэ, ишхынщ, жиIэу Iыхьэ къигъэнари къыпэщIэхуэмэ, ишхырт. Данизэт и лIым хуэтхьэусыхати, Бекъан идакъым:

– Ишхамэ, ишхащ, сыт пщIэн? Нэхъ нэлейкIэ къоплъынщ, кIэртIоф шыуан яхуэгъави.

Пэжуи къыщIэкIащ. Румынхэм, фызыжьым къыхуэарэзыуэ, пхъэ якъутащ, я офицерыр къакIуэри фэрмэм къытетIысхьащ: «Псы схуэвгъэпщтыр, зызгъэпскIынущи», – жиIэри.

Бекъан къыщигъэзэжам, офицерым зигъэпскIауэ унэ хуабэм щIэст, нэкIуплъ хъужауэ. Бекъани арат зыхуейр. Офицерым урысыбзэ псалъэ зыбгъупщI ищIэми арат. Бекъан къригъэжьащ:

– Снег, корм – нема. Твой солдат сено забрал, – дадэр урысыбзэкIэ зэрынэхъ IэкIуэлъакIуэр IупщIт. Румыныр, къыгурыIуэ щымыIэми, къедаIуэрт, Бекъани ирекъутэкI:

– Жэмым едгъэшхын диIэкъым. Уэри шы уиIэщ. Бгы джабэм мэкъу хъарзынэр токIуадэ, кIуауэ къешэхын хуейщ.

Офицерым и дамэр егъэш. Бекъани и псалъэм къыпещэ:

– Жыжьэкъым. Гъунэгъу тIэкIущ. Iэтэ зытIущ диIамэ, нэхъыби дыхуейтэкъым.

Румыным гу лъитащ:

– Ей, там партизан. Пах-пах-пах!

Чопракъ деж щагъэшынащи, я диным икIащ, жиIэри Бекъани щигъэтыжащ. АрщхьэкIэ дапщэщ иджыри офицерым ущыхуэзэнур? УанащIэм аргуэру къытрегъэзэж:

– Мэкъу диIэкъым. Шым мэкъу ямыIэу хъурэ? Фи сэлэтхэм мэкъушэ уагъакIуэркъым. Мэкъу хъарзынэр, Iэтэу итщи, мэф.

СывгъакIуи, фэ фызрикъуни къэсшэнщ.

Офицерым узыхигъэзагъэртэкъым:

– Плъагъурэ, удадэ бзаджэщ уэ. Партизанхэм я деж укIуэну ара? Щыгугъ.

Офицерыр шей ефэу щысыху, ординарецым абы и щыгъын ижьыщIар игъэгъущыжырт.

Бекъан къыгурыIуат офицерым зигъэткIий хуэдэу зищI щхьэкIэ, узэрыхэзэгъэнур. ЗыгуэркIэ къыпхуэгъапцIэмэ, мэкъушэ дэнэ къэна, кIэртIоф къэтIыж уигъэкIуэнкIэ хъунущ. Ауэ, тхьэм ещIэ, мэз укIуэми зыри жиIэнкъым. Абы егупсысу щыст Бекъан: умыпIащIэ, уэрэ сэрэ дызэгурыIуэну къыщIэкIынщ, жыхуиIэу:

ЕтIуанэрей махуэм Бекъан и фызым жриIащ нартыху шыуанышхуэ игъэвэну.

– Румыным нартыху гъэва ягъуэту зыхуей дунейм теткъым, – жиIэрт дадэм, – я гуапэ щIы, лIо, ущысхьрэ?

Пщэдджыжьым нартыху гъэвам щIэт псыр щIигъэжри шыуан иным къэп тепхъуауэ румынхэр зытес гъуэгу зэхэкIыпIэм ишащ. Жэщым уэс къесати, джабэм кIэрыт мэкъу Iэтэ къомыр нэхъри плъагъуурт. Абы щыщ Iэтэ зытIущ къэшауэ диIамэ, аратэкъэ, жиIэу Бекъан бгы джабэмкIэ плъэрт. МэкъукIэ сытри къуахъуэжынущи, щхьэхуэщ, и хьэмкIэшыгум гуахъуи кIапси илъщи, кIуэну хьэзырыпсщ. Дунейр кIагъэпшагъэщ жумыIэмэ, мэкъушэ укIуэну хъарзынэщ. Бекъан къызэплъэкIмэ, и шызакъуэгум ищI лъэужьыр елъагъуж.

Гъуэгум тет румынхэр, лIыжьыр щалъагъум, къыхуилъащ. Бекъан шыуаным нартыху щхьитI кърихыу щаригъэлъагъум, автоматкIэ къеуэ пэтащ, гранатэ я гугъэри. Псори къызэхуэсат дадэр яубыдыну. Дыгъуасэ и хьэщIа офицерым лъыхъуати, ари илъэгъуакъым. «Хьэгъащтэри» яхэттэкъым. Иужьым шыуаным тепхъуар къытрилъэфри бахъэ къызыхих нартыху гъэвар яригъэлъэгъуащ.

– Нартыху гъэва, мырамысэ! Фшхы, завтрак. ИIэ-иIэ, – арат Бекъан жиIэр, нартыхур шыуаным кърихыурэ щариткIэ.

Румынхэм иджыщ къащыгурыIуар. НапIэзыпIэм шыуаным илъыр ирашхыкIауэ хьэр къупщхьэ егъу хуэдэу яшхри зэхэтщ. «Хьэгъащтэри» щIыунэ зыщIэсам къыщIэкIащ, пыIэ фIыщIэшхуэ щхьэрыгъыу. ПыIэ шопсыр мэкъу Iэмбатэ хуэдиз хъурт. Дадэр щилъагъум, Iэ къыхуищIащ: «Гъэзэж», – жиIэу.

Бекъан гъуэгум тетт, гуахъуэмрэ кIапсэмрэ иIыгъыу. И Iэпэр зэм джабэм кIэрыт IэтэмкIэ ишийуэ, зэми и бгъэм теуIуэ щхьэкIэ, дадэр зыхуейр «хьэгъащтэм» къыгурыIуэртэкъым. Офицерым жраIэри ари къэкIуащ, арщхьэкIэ Iэпэтэрмэшк Iэ уагурыIуэнт?

– Партизан?! – жиIэри офицерыр кIиящ.

– Хэт и партизан! – жиIэрт дадэм. – Мэкъу, зо. Мэкъу, –

Бекъан мэкъу IэшкIэ къищтэри ишх хуэдэу зищIащ. – Ди жэмым едгъэшхын диIэкъым. Сено, сено, мэкъу. Корова – сено.

Румынхэм ерагъыу къагурыIуащ дадэр зыхуейр, ауэ дзыхь ящIыртэкъым яутIыпщын, Чопракъдэсхэм я деж мыкIуэну пIэрэ, жаIэу. И Iэри къуршымкIэ еший. Къуршым партизан исщ. ШызакъуэгукIэ Чопракъ ауз укIуэ мыхъу щхьэкIэ, шызакъуэгур къуэм къыдинэрэ здэкIуэнум лъэсу кIуэ хъунущ.

Офицерым унафэ ищIащ: «ФутIыпщ», – жиIэри. Iэпщэ сыхьэтми IэпэкIэ теуIуэри дадэм къыгуригъэIуащ къэгувэ зэрымыхъунур. КIыфI хъухукIэ укъэмысыжмэ, «пах-пахыр» къыпхуэдгъэкIуэнщ, жиIащ офицерым.

Къуршым иту емысар щымыуэну Iэмал иIэкъым: Iэтэр гъунэгъу тIэкIуу плъагъуми, ар здитым унэсын щхьэкIэ зэпыпчынур гъуэгу мащIэкъым. Ар румынхэм ящIэу щытамэ, дадэр ямыгъэкIуэнкIи хъунт. Мэкъу Iэтэ плъагъум гукIэ уекIуалIи хъунутэкъым. Гур къуэм къыдэбнэу лъэсу удэкIыу Iэмбатэр зэкIуэцIыпхауэ къедзыхын хуейт. ИтIани къэгувэ зэрымыхъунур IупщIщ. Бекъан шызакъуэгукIэ къыхуэшэнур кIапIынэ цIыкIут, кърилъхьэри къежьэжащ. Румынхэм я деж къэсыжри сэлэтхэм мыжурэ хаIуащ, къыхаIужащ – зыри щамыгъуэтым, мэкъу IэплIакIуитI хуэдиз хахри дадэр къаутIыпщыжащ.

Куэд дэмыкIыу Бекъан аргуэру мэкъушэ кIуащ Чопракъ нэхъ и гъунэгъуу, абыкIэ мэкъум гукIэ уекIуалIэ хъунут. Румынхэр здытетым километр пщыкIутIкIэ фIэкIагъэнт. КъэувыIэри зэщIэдэIукIмэ – зыри зэхэпхыркъым. Чопракъыпси нэхъ зиущэхуа хуэдэщ, жыгейхэри ентIырыжь нэхъей итщ, тхьэмпэ япымытыжу.

Бекъан и шыр къэщтащ, и щхьэр къиIэтауэ и тхьэкIумитIыр дзасэм ещхьу игъэкIащ, шы щыщ макъи къоIу. Хэт и шыу пIэрэ къуэм дэтыр, жиIэри Бекъани къэуIэбжьащ. ЗэщIэдэIукIмэ – шы щыщ макъ аргуэру зэхех. Мы-Щэулэхъуу узиIэ, жиIэри Бекъан и гум къэкIащ. ХакIуэм и щыщ макъыр Бекъан щыгъупщатэкъым. ИтIани Щэулэхъу мы къуэм дауэ дэтын? Локотошщ тесри, мыбыкIэ къехыну Iэмал зимыIэщ. ХакIуэм тесIауи щыщрэ?

Бекъан къэувыIащ. Шыр жыг гуэрым ирипхри, мэзым хыхьащ, шыр къыздэщыщамкIэ игъэзауэ. Щэулэхъу аргуэру къэщыщащ. Шэч хэлъкъым, хакIуэр аращ.

Къэгувэ зэрымыхъунур ищIэ пэтми, Бекъан мэзым хыхьащи макIуэ. Плъэмэ, тафэ тIэкIум тету шы елъагъу. Ар Щэулэхъуу къызэрыпщIэн дунейм теттэкъым. Ярэби, сыту и фэр ираха, хакIуэм щыщ къэнакъым, жиIэу Бекъан гъыным хуэдэу и гур къызэфIэнащ. Шым и джабэр иуэжащ, лъымрэ ятIэмрэ кIэрыгъуэжауэ хьэлэчщ. Езы Щэулэхъуи дадэр къицIыхужауэ къопэщэщ, шхуэIум йозауэ. Бекъани зеплъыхь, мыбы тесар дэнэ

щыIэу пIэрэ, жиIэу. Мылыф Iувым хэлъу командир фащэ щыгъыу елъагъу. Хэту пIэрэ ар? И щыгъыныр хьэлэчу лъы защIэщ, уэс тIэкIу къытесари плъыжь хъуащ. КъызэригъэдзэкIрэ еплъмэ – Локотошщ. Уэс къыщытесакIэ, ныжэбэ жэщым ар мыбдеж зэрыщылъам шэч хэлъкъым. Ей, бетэмал, жи. Аракъэ адыгэш жыхуаIэр. Тесар къигъанэу ежьэжакъым, къэтэджыжынщи къэшэсыжмэ, дежьэжынщ, жиIэ хуэдэу и пIэм иту щытщ.

Дэнэ тхьыну иджы Локотош? Фермэм уошэри – хъунукъым, къыбогъанэри – хьэм яшхынщ. Мэкъум и щIагъым щIэплъхьэмэ, сэлэтым аргуэру мыжурэ хаIунщи, къагъуэтынщ. НтIэ иджыпсту фIэкIа пIалъэ имыIэу увыIэпIэ къыхуэгъуэтын хуейщ. Iэмал и Iэххэмэ, пщэдей къылъыгъуэзэнщ. Румынхэм аргуэру нартыху шыуан яхуигъавэмэ, Данизэти къагъэкIуэнкIи хъунщ. Гъэш, гъуэмылэ сыт жытIэнщи, и шхын гуэри къыхуэтшэмэ, зыгуэр хъунщ. БгъуэнщIагъ гъунэжщ, дэни щыбгъэпщкIу хъунущ. Ауэ шыр дауэ хъуну? Ар хъумэн хуейщ. Капитаныр уIэгъэ хьэлъэщ, и псэр пыт къудейщи, хущхъуэ иумыхьэлIэну Iэмал зимыIэщ. Шызакъуэгум Щэулэхъу щIищIэу игъэзэжын? Румынхэм гу лъатэмэ, зэIыхьащ, лъамытэххэми, уанэшыр гум дауэ щIэпщIэн – зэпкъриудыни.

Бекъан ищIэнур имыщIэу щытыху, Локотош къэгурымащ, дадэр къигъэуIэбжьу.

Дадэм мэкъу къихьри къигъэтIылъащ. Мэкъум и щIыIум и кIагуэр триубгъуэри хуэсакъыурэ капитаныр абы трилъхьащ. Локотош и щыгъыныр итIэта щхьэкIэ, уIэгъэр зыхуэдэр къыхуэщIакъым. КъызэригъэдзэкIрэ еплъмэ – и пщэгурыгъым деж техуа шэр блатхьэ щIагъымкIэ кIуа е и кIуэцIым нэса – уIэгъэр хьэлъэщ.

Локотош зыкъищIэж хуэдэу хъущ, и нэр зэ къызэтрихри аргуэру зэтрипIэжащ.

Шэ птулъкIэ иIыгът Бекъани, иригъэфэну хуежьащ, арщхьэкIэ капитаным и жьэр зэтрихыртэкъым. Шэр и жьафэм къыпыжурэ и пщампIэм дэлъадэрт. Бекъан уIэгъэ и пIалъэ ищIэрт. Локотош и жьэр зэтрихри зы Iубыгъуэ ныкъуэ хуэдиз жьэдикIащ, ар щригъэхым аргуэру тIэкIу дыдэ жьэдигъэткIуащ, ари щригъэхым дадэр къэгуфIащ: щышхэкIэ, псэунущ, жиIэри.

ТIэкIу-тIэкIуурэ шэ стэкан хуэдиз иригъэфауэ къыщIэкIынт. УIэгъэр щIиуфэри Бекъан шым и ужь ихьащ. Дадэм ищIэм къеплъу Щэулэхъу щытащ, е псы сефэнщ, е тIэкIу сыхъуэкIуэнщ, жиIэу емыжьэу, дадэр къигъанэу ежьэн дзыхь имыщI хуэдэт.

Бекъан шым телъэщIыхьащ, мылыф IэшкIэ зэкIуэцIишыхьри, псафэ ишэри псыи иригъэфащ, лъы зэтегъухьар трилъэсыкIри игъэкъэбзащ. Нэпкъым дэкIри мэкъу Iэмбатэ къригъэджэрэзэхри шым иритащ, удзымэ IэфIыр къыпщIихьэу.

Мэкъум и нэхъыбит Iыр дахэу игъэтIылъщ, «щабэ-щабэу трырелъ» жыхуиIэу уIэгъэр трилъхьэри щIакIуэри трипхъуэжащ. Дэнэ ихьыну иджы капитаныр? Шыми увыIэпIэ хуэхъунур сыт? ЕшаелIауэ Бекъан мэгупсысэ, и пыIэр щхьэрихауэ.

Къуэм къыдэбнэу уежьэжын? Пщэдей румынхэм укъамыгъакIуэмэ, зэIыхьакъэ? СывутIыпщ, жыпIэу аргуэру укI уэмэ, мыр мыпхуэдизрэ зыхур сыту пI эрэ, жаIэу гурыщхъуэ ящIынкъэ? Данизэт къапшэрэ къэбгъанэмэ, дэнэ пхьа уи фызыр, жаIэнщи, уаубыдынщ, армыхъумэ Данизэт IэзэкIэ тIэкIу ещIэ. Псом нэхърэ нэхъыф Iыр сыт? Локотош щхьэлым нэгъэсарэ щыгъэпщкIуамэ, арат. Псыщхьэлыр къуэ куум дэтщи, румынхэр дыхьэн мэшынэ. Щхьэлри лажьэркъым, сыт щхьэкIэ кIуэн? ГъуанэпщIанэ къомыр бгъэбыдэмэ, щхьэл унэр хуабэ хъунущ. Данизэти шхынкIэ Iэк IуэлъакIуэщ, сымаджэм кIэлъыплъынт. Гъуэгум тет румынхэм дауэ уафIэкI ыну? Аракъэ сыхьэт мыгъуэр? Сэлэтым япэщIэхуэмэ, псэ зыIут къелынкъым, хакIуэри Мысост IэщIыхьауэ къэлъытэ.

Бекъан и щхьэр къыфIэхуауэ здэщысым, Локотош зыкъигъэхъейри къэгурымащ. Дадэр у Iэгъэм бгъэдэтIысхьащи, Iуроплъыхь, зыкъищI эжыну пIэрэ, жиIэу. АрщхьэкI э – дэнэ? Локотош мафI эр къыщIэна хуэдэу жьэражьэ хъуным нэсащ. Дауи щI ы, уIэгъэр фермэм шэн хуейщ, Iэмал иIэкъым. Румынхэм дауи яблэш, яблэшын хуейуэ аращ. Щэулэхъу дауэ хъуну? ХакIуэр бгъуэнщIагъ гуэрым щIэшауэ мэкъуу щIэхуэри ш Iэплъхьэнщ, зыхуейм хуэдиз ирешх. Зы махуэ-махуитIкIэ сыт къыщыщIын? Абы фIэмыкIыу Бекъан е Данизэт къылъыгъуэзэнщ. Бекъан къэкIуэфмэ, хакIуэр щIищIэнши, иригъэсэнщ, щигъэзэжк Iэ Щэулэхъу шызакъуэгум щIэщIауэ кIуэжын хуэдэу. Мо шыгушыжьыр дэни шэ – езыр фермэм нэкI уэжынщ.

Локотош зэрытшэнум дауэ и Iэмалыр? Чы пыупщI ауэ шхалъэ кIыхь тIэкIу щIауэ гум ибгъэувэнщи, уIэгъэр абы дэплъхьэнщ, и щIыIум мэкъур теплъхьэжмэ, сэлэтхэм къамыщIэнкIэ хъунщ. И хъуреягъкIэ мэкъур къебгъэтIылъэкIмэ, сыт ящIэн, идзи, мэкъу щIагъым дыщIэгъаплъэ, жаIэн? Капитаным и щэIу макъ зэхахыу е псчэуIук Iэ закъримыгъащI эмэ, хъарзынэт. Румынхэм пщыхьэшхьэшхэ щащIым деж зрегъэхьэлI эжын хуейщ, абдежым нэхъ бэлэрыгъ я хабзэщ.

Зэримурада дыдэм хуэдэу Бекъан ищ Iащ. Щэулэхъур псы иригъафэри бгъуэнщIагъым щIигъэуващ, мэкъу Iэмбатэ хуэдизи иритыжри. Шыуанышхуэ гум итами псы из ищIри шым бгъэдигъэуващ. Уанэ сытхэри къуэгъэнапIэ къуилъхьэри Локотош и ужь ихьащ. Дадэм и дуней гуфIэгъуэт, Локотош зыкъищIэжати.

– Ухэт уэ? – жиIэри капитаныр къеупщIащ.

– Бекъан жыхуаIэр сэракъэ. Дидан Бекъан!

Дадэр лъэгуажьэмыщхьэу бгъэдэуващ.

– КъызжеIэт... – адэкIэ капитаным къыхудэшеякъым.

– Уэ зыри жумыIэ, бжесIэнщ псори. Лъы куэдыIуэ пщIэкIащ – умыпсалъэ. Сэ жысIэм къедаIуэ закъуэ. Иджыпсту фермэм усшэнущ. КъыбгурыIуа? Умыгузавэ, ущIэмымэхыхьын хуэдэу бауапIэ уиIэу сщIынщ. Ауэ гъуэгу мыгъуэр къуейщIейщ, гугъу хъунущ. Шэч, си щIалэ, Iэмал имыIэу шэч. УлIщ, лIыгъэм зегъэхь. Гъуэгум румын тетщи, даблэкIын хуейщ. КъыбгурыIуа? МащIэ и куэда гу зылъумыгъатэ. Я зэрыгъэкIий макъ зэхэпхами, быхъ жумыIэ. АдэкIэ сэ си Iуэхужщ. Ухъужынщи, аргуэру дзэм бгъэзэжынщ. Румынхэм дакъыумыгъащIэ закъуэ.

Локотош аргуэру зыри жиIэжыртэкъым. Дадэм и птулъкIэм къинэжа шэм щIалэр иригъэIубащ, аргуэру зы Iубыгъуэ жьэдэскIэнщ щыжиIэм, капитаныр къэпсэлъащ:

– Зэт. Румын, жыпIа? – жиIэри.

– НтIэ. Уащымышынэ. Си Iупэф Iэгъу яхэтщ. Даф IэкIынщ зыгуэру. Жыжьи дыкIуэнукъым. Сыхьэтщ гъуэгум дызэрытетынур.

– СыдэкIуадэ пэтащ... – жиIэу капитаным къригъэжьар хужыIакъым.

Бекъан, гущэм сабий зэрыралъхьэм хуэдэу, уIэгъэр матэм дэлъу гум ирилъхьащ. МэкъущIэщ темылъэлъэн щхьэкIэ тепхъуэн хуэдэу и бащлъыкъыр трипхъуащ. И бгъуит IымкIэ чы IэплIакIуэ зырызи ирилъхьащ, уIэгъэр тыншу бэуэн щхьэкIэ. Капитаныр хьэдэм хуэдэт, зэзэмызэ къыхэIуэщхъукIыу. Гъуэмылэ имышхыу къэнар хыфIидзэну Бекъан и гум къэкIати, щIегъуэжащ: гъуэгум часовой тетым естынщи нэхъыфIщ, жиIэри. Хэт ищ Iэрэ, зыгуэр Iурыбдзэмэ, мэкъум мыжурэ къыхимыIунуми пщIэркъым.

Пшапэр зэхэуат, Бекъан гъуэгу зэхэк IыпIэм къыщысыжам. Дадэр гузавэрти, и щхьэм бжьэ къеуа хуэдэт. Локотош иджыри къэс зыкъуигъащ Iэу щымытами, иджы зэзэмызэ щыпсчэуIу къохъури, дадэм ищIэнур ищIэркъым. Езыми и макъым зрегъэIэт, шым епсалъэу:

– Нелъэкъуауэ, зи лъакъуэр мыкъутэн. Дыкъэсыжащ румын бэтэгъэм. УувыI эу, гъуэгум дыкъытумынэ, к Iэфий депщэу... – жиIэу.

Бекъан зыхуейр румынхэм закъригъэщIэну арат, хэт ищIэрэ, къакIуэр зэрыдадэр къащIэмэ, пхъэрыгъажэр яIэту гур благъэкIынкIэ хъунщ. Зиущэхуауэ ябгъэдыхьэр арaщ къэрэгъулыр нэхъ зыщышынэр. Бекъан шым щIепсалъэ гуэри щыIэт: уIэгъэу мэкъу щIагъым щIэлъым зэхригъэхмэ, нэхъ сакъынщ, и щэIуныр пичынщ, жиIэу арат.

Езы Локотоши къыгурыIуащи, и дзэр зэтрикъузауэ зиущэхуащ, езыр пщтыр зэрыхъуам и леижу мэкъу щIагъым ущIэлъыныр бэмпIэгъуэщ, узэрыбэуэн жьы урикъуу бгъуэтыр-

къым, и щхьэр щIэуназэри арагъэнщ, и тэмакъри гъущIащ, уIэгъэри мэуз. Бекъан гур къигъэувыIэри зиплъыхьащ: уIэгъэм лъы къыщIэмыткIуу пIэрэ, жиIэри. Лъы ткIуэпс уэсым теткIуэу щимылъагъум, ежьэжащ, шыр IумпIэкIэ иIыгъыу.

Пхъэрыгъажэм щынэблэгъапэм, дадэм уэрэд гуэри къыхидзащ, гузавэм къыхихыу. Плъэмэ, пхъэрыгъажэр Iэтащ, Iути сыти щыIэкъым.

Бекъан къэмыувыIэу румын бэтэгъэм блэкIауэ къызоплъэкIыж, дэнэ кIуа мыбы тетар, жиIэу. Фермэм мыкIуауэ пIэрэ псори щIыIэм ихуу?

ТIэкIу IукIа иужь Бекъан мэкъур щIиIэтэ хуэдэу ищIащ, уIэгъэр тыншу бэуэн щхьэкIэ.

– Бауэ тыншу, капитан. Бэтэгъэм дыкъыфIэкIащ. Укъепси ущэIуи хъунущ, – жиIэрт Бекъан гузавэм къигъэпщIэнтIауэ.

Гу Iэуэлъауэ щызэхихым, Данизэт къапежьащ:

– Сыту куэдрэ укъэта? – жиIэри.

– Уи закъуэ? Псы гъэхуабэ. Ди хьэщIэр лъы защIэщ. ИIэт, псынщIэу...

Хьэ къуацэжьым хамэм и мэ къыщIихьауэ зефыщIыж, Бекъан хуилъа щхьэкIэ къимыгъанэу.

– Хэт мыгъуэ уIэгъэр? – Данизэт къэуIэбжьащ.

– Сэракъым, умыгузавэ. Дэнэ кIуа мобы тетахэр? – жиIэри гъуэгу зэхэкIыпIэмкIэ Бекъан чнутIыр ишиящ.

– Чопракъ нэмыцэм яубыдащ. Нобэрей махуэм абыкIэ машинэу кIуа жыхуэпIэр! Мысости ЩэулэхъузыIэщIигъэхьэн и гугъэу и щхьэр ихьащ.

– Iэу! НтIэ, еужьэрэкI.

Бекъан еIэри мэкъуу гум илъыр щхьэщигъэхуащ. Капитаныр жьэкIэ бауэрт, жьы занщIэу игъуэтри къэпсчащ. Бащлъыкъ тепхъуар къытрихыу Данизэт еплъмэ – уIэгъэр зэрымы-Чокэр щилъагъум, и гур нэхъ зэгъэжащ.

УIэгъэр унэм щIахьащ. Уанащ Iэм игъащIэм имыщIа ищIащ. Гъуэгуанэ зэпичауэ къигъэззэжмэ, нэхъапэ щIыкIэ шым хуэщIэн хуейр хуищIэрти, увыIэпIэ къыхуигъуэту имыгъэуvауэ унэм щIыхьэу щытакъым. Иджы шыр къигъанэри унэм щIыхьащ. Мысост къигъазэ хъумэ, Iэмал иIэкъым фермэм къытемыхьэну. Капитаным и уIэгъэр гъэкъэбзауэ лъэныкъуэегъэз щIын хуейщ. Удз хущхъуэу пионерхэм зэхуахьэсауэ щытам щыщ иджыри шкIэщ пкIэунэм телъщ.

Данизэт пэшыр фIыуэ игъэплъат, удз хущхъуэ гуэрхэри хилъхьэри псы къигъавэрти, унэм мэ IэфI щIэз хъуащ. Чокэ къритауэ щыта щащыху щIэрыпсыр пхъуантэм къыдахри зэхачэтхъащ, уIэгъэр япхэну. Чокэ и щыгъыну и анэм деж щыIэри къагъэхьэзыращ, капитаным лъы защIэ хъуауэ щыгъыр щахмэ, ар щатIэгъэну. И шырыкъуитIым къыщыщIэдзауэ капитаныр лъым хакухьам хуэдэт. УIэгъэм кIэрыгъуа щыгъы-

ныр къыщытратхъкIэ, Локотош щэIурт, гурымырт. Ауэ, сыт пщIэн, хьэлэчу кIэрыгъуащи, Iэмал хуэбгъуэтыркъым. Ерагъ-псэрагъыу капитаныр ятIэщIри, уIэгъэр ялъэсщ, япхэри, яхуэпэжащ. Унэри ягъэкъэбзэжат, лъы ткIуэпс зыщIыпIэкIи щумылъагъуу.

УIэгъэм и щыгъынри ягъэпщкIуа иужь, Локотош шей бжэмыщх цIыкIукIэ лэпс тIэкIу ирагъэфащ, щIакIуэ зытелъым зэрытелъу щхьэлым яхьри пIэ щабэ хуащIам трагъэгъуэлъхьащ. МыпIыщIэнуи фIыуэ щIауфащ.

Локотош Iурихащ. Бекъан нэху щыху и нэбдзыпэ зэтримылъхьэу уIэгъэм бгъэдэсащ. Пщэдджыжьым жьыуэ дадэр фермэм къытехьэжащ. ГъуэгумкIэ уплъэмэ – машинэ щызекIуэу уолъагъу. Бекъан къиша мэкъур бэкхъым щыщIихьэм, лъы защIэ хъуа хэлъу къилъагъури зыкъом хьэкум ирикуэри игъэсащ. Бекъан иджы щIэгузавэр Щэулэхъущ. Дэнэ ихьыну хакIуэр? Мысост ар IэщIыхьэху етIысэхыпIэ имыIэу лъыхъуэнущ. Шыр фермэм къэпшэну Iэмал зимыIэщ, бгъуэнщIагъ зыщIэтми къыщIэбнэ хъунукъым. Зыгуэрым пэщIэхуэнкIэ мэхъу.

Локотош, къызэщыуащи, зиплъыхьмэ – здэщыIэр къыхуэщIэртэкъым. Дэнэ сыздэщыIэр, мыбы дауэ сыкъыщыхута? Капитаным и гум къэкIыжащ шым тесу къыщыжэм Куэшмэн Азрэт жыжьэу Iуплъауэ зэрыщытар: «Ей, Локотошу танккIэ зэрашэ, си шэм и кIуэкIэр мыращ», – жиIэри Азрэт и фочыр къытриубыдат, нэпкъ лъагэм тету. А напIэзыпIэм фочри уэри Щэулэхъуи пцIащхъуэу лъэтащ, къыкIэлъыуэщ Азрэти Локотошыр шым къриудых пэтащ. Капитаным и нитIыр щыункIыфIыкIауэ и щхьэр шы сокум хэщIащ. Ар щилъагъум, езы Азрэти Якъуб жриIащ: «Нэгъабэ лIам ялъэщIыхьэжащ Локотош», – жиIэри. Щэулэхъу, жэрыгъэ защIэкIэ, фермэм кIуэ гъуэгур къищIэжауэ макIуэ...

А махуэм къэхъуа псор Локотош дэнэ щищIэнт? Ди коман-дирыр къуршым щхьэдэхыну ежьэжащ, Якъуб нэмыцэр къуэм къыдишэну мурад ищIати, жаIэу хъыбарыр «гвардие» зыфIа-щауэ нацдивизэм хэтам я деж зэрынэсу, абыи зыкъаIэтащ. Зэхэуэри къаублат. АрщхьэкIэ, маржэ, фэр-фэру фызэры-мыукIыж, жаIэу лIыжьхэр къежьащ. Щымыхъум, «гвардием» хэту зызылъытэжыр къуршым ихьэжащ: е ди командирыр къэдгъуэтыжынщ, е партизанхэм дахуэзэнщ, жаIэри.

Локотош уанэгум зридзэу къыщыщIэпхъуам, япэ и гум къэкIар: «ныбапхъэкIэ сыщхьэпрыпщами, къуршым сыщхьэпрыпщынщ» жиIэу, «уафэ куэбжэмкIэ» игъэзат. АрщхьэкIэ къалэжьдэсхэр фочкIэ къеуэу щыхуежьэм, къигъазэри щакIуэ лъагъуэмкIэ джабэ задэм кIэрылъэдащ, а лъагъуэр дэнэ кIуэми

имыщIэу. Азрэти и ужьым иту кIэлъыжэрт, абы, дауи, ищIэрт а лъагъуэр Бахърэн ауз зэрыкIуэр. Езыр нэхъ гъуэгу кIэщIкIэ къежьащ капитаным къыпижыхьу и пэ къызэрихуэным и ужь иту. Армырмэ, хъунутэкъым, Щэулэхъу лъэщIыхьэн шы хэкум иткъым. Плъыру лъагъуэм тесхэм, Якъуб къалъэIэсатэкъыми, къахуэщIакъым капитаныр шым щымысхьу здэжэр. Азрэт здынэсынум нэсауэ нэпкъым тесу капитаным пэплъэрт.

Щэулэхъу и къарум къихь къигъэнакъым. ХакIуэр къэмыувыIэу лъагъуэ къуейщIейм тету къехырт, тесым зыкъимыгъэхъей пэтрэ. Ешауэ шыр езыр-езыру къыщыувыIэм, тесари къещэтэхащ. Щэулэхъу иджыт лъымэ къыщыщIихьар. Локотош къызэфIэмыувэфу мылыфым хэхуащ. ХакIуэр и пIэм къинащ, капитаным епэщэщу, лъабжьэк Iэ щIыр къриуду. ЗдэкIуэнур имыщIэу, шыр щыщмэ, и щыщ макъым джэрпэджэжу къуршхэр къыпэпсэлъэжырт...

– Уи шхынри хьэзырщ, си командир, – жиIэри Бекъан къыщIыхьащ, джэд лэпс шынакърэ чыржын хуабэрэ къихьри.

## 2. ХЪЫБАР ГУАУЭ

ЗэрыжиIам хуэдэу, Чопракъыщхьэ къыщехыжым Мысост фермэм темыхьэу блэкIакъым. Бургомистрыр гуфIэрт. Нобэ къэс, жеймэ, пщIыхьэпIэу илъагъурт партизанхэр Чопракъ къыдэкIри къытеуауэ. Иджы укъыхэмыщтыкIыу ужей хъунущ. «Уафэ куэбжэм» нэс зы партизан къуэм дэскъым. Мэшыкъуэдэсхэм Мысост и пыIэжьыр яхуэгъэтIысащ иджы. Локотош Щэулэхъу тесу яIэщIэкIащи, а зыр аращ бургомистрыр щIэгузавэр. Локотошыр зэпытрэ зэкIэсу укIуэ, хакIуэр игъуэтыжамэ арат. Мысост хъыбару ищIэ илъэпкъыр и Iэхъуэм къыхуригъэкIуэкIащ. Абы зэрыжиIэмкIэ, Якъуб лIы губзыгъэу къыщIэкIащ, къырым дису ди цIыхур хьэулейуэ Iисраф думы-гъэщI, нэмыцэм дапэлъэщынукъыми хэхащ, жиIэу щиукъуэ-дийм, Локотош акъылэгъу хъуакъым. Щымыхъум, капитаныр лъэныкъуэегъэз ищIри «куэбжэр» зэIуихащ.

– Локотош къэгубжьауэ, къемыдаIуэ илъэпкъыр Къалэжьым дидзэу дигъэлIыхьыну арат жиIэр. Куэшмэн Азрэт лажьэ зимыIэр, игъэтIысат, правэу иIэри къытрихри, – жиIэу Мысост къавэрт. Абдеж къыщыувыIа? Уэрыщ зэадэзэкъуэм ахъшэ къэпитI къадыгъуауэ къапэщIэхуати, ахъшэр зыхагуашэри ежьэжащ, Локотош ядэгуашэу. Ар зэхимыщIыхьатэмэ, Локотош зищIысым гу лъамытэххэнкIи хъунут. Молибдену, вольфраму комбинатым къыдэнари, Iэщи цIыхуи щIы – къуэм дэтари къуршым адэкIэ къыщыхутащ. А псор зы лIым хузэфIэкIащ.

Локотош къыдэщIу щытахэри бгъуэтмэ къащтэ, я командирым и лъэужьыр яхуу къырым ихьэжащ. Локотоши жыжьэ кIуакъым, Азрэт кIэлъыщIэпхъуэри хакIуэм къригъэпсыхащ. Алыхьым ещIэ, капитаным и хьэдэр хьэм яшха е бгым ехуэхыу къуэм дэхуа. Шыр Iисраф мыхъуу къытпэщIэхуамэ, арат. Хэт ищIэрэ, хакIуэр мыбыкIэ къэщхьэрыуауэ плъагъумэ, Iэмал имыIэу си деж нэпшэнщ, – жиIэри Мысост и хъыбарыр иухащ.

А псом ищIыIужкIэ Бекъан зы гъэщIэгъуэн гуэр къищIащ: Якъуб къыдэщIа илъэпкъыр зэхуишэсауэ легионер отряд зэрегъэпэщ. Локотош и лъэныкъуэу хъуар къуршым ихьэжащ е зэщIакъуэри Iуэм яхуащ. Пленхэр щаIыгъыу КъалэкIыхьым деж зы Iуэкъым щыIэр – абы яхуащ. Iуэм итым илъэс ныкъуэкIэ хэкум къатIауэ щыта окопэ къомыр иратхъуэж.

– Ей, Бешто Якъуб ухуэмыбэлэрыгъ. И Iуэхур дэкIуеяуэ плъагъунщ. Локотош къыдэщIам мыхьыр ирегъэхь, – жиIэу Мысост и Iупэр зэтехьэжыртэкъым, абы хуэдизу гуфIэрти. – УмыпIащIэ, Бейрэм-къурмэныр Бештом и пщэ къыдалъхьэнщ: мыр езыгъэк IуэкIыну зыхуэфащэр уэращ, жаIэнщи. Аращ. Якъуб и хъыбарыфI нобэ нэсынщ нэмыцэ генералым деж. Уоджэгури уэ! Якъуб хуэдэлI дэнэ щагъуэтын? Сщыгъупщэжати, лIо уэ къыхэплъхьэр къурмэным? Фермэм Iэщ тету солъагъу. Къэт зыгуэр. Уэлэхьи, къыумытынкIэ Iэмал имыIэ. Жэм дапщэ тет фермэм?

– Тху.

– ПлIыр къэптынщ.

– Дапщэщ?

– Сэ бжесIэнщ. Си ахъшэр къыхэпха?

– Къыхыдох. Догуэ, Iэхъуэу нэгъуэщI бгъэуватэмэ, сэ Щэулэхъу сылъыхъуэнт, хъункъэ? Былымым махуэм сабгъэдэту, жэщкIэ фермэм сытесу шым ухуэзэн, хакIуэр здэкIуэнкIэ хъунур сощIэ. НэгъуэщI Iэхъуэ бгъэувамэ, мынэхъыфIу пIэрэ?

– Хъунщ, умыIэхъуэ, Щэулэхъу къэгъуэт закъуэ.

Бургомистрыр иригъэжьэжри Бекъан Бахърэн аузкIэ дригъэзеящ. Щэулэхъу бгъуэнщIагъым зэрыщIэтт. Шэщыр къигъэкъабзэри шхахуэр щIэлъыну щIилъхьэжащ. ХакIуэм и фIалъэ лъакъуэм щIэлъа налитIым язырыр къутати, ари къыщIитхъри дурэшым дидзащ. Лъакъуэ сэмэгум щIэлъ налыр къутэмэ, Iейуэ жаIэ. Абы игъэгупсысащ дадэр: шым зыгуэр къыщцымыщIащэрэт, жиIэу. Шы лъакъуэ ижьым щIэлъ налыр къутэмэ, шым тесыр нэщIэбжьэ хуозэ, жаIэрт, Локотош зыхуэзэнум хуэзащ. Мысост къимыщIэмэ, щIалэм и лъакъуэр къыщIэувэжынщ. Хущхъуэ ягъуэтмэ, фIэкIа хуейтэкъым.

ЕтIуанэрей махуэм Бекъан къуажэмкIэ ехати, Хьэбибэ и унэм кхъуэщын телъар темылъыжу илъэгъуащ. Хьэбибэ здэ-

кIуэнур имыщIэу уэрамым дэтт. Хьэпи, шыпи, ишхыни имыIэу, и унэм щхьэ дыдэ темылъыжу, щIымахуэри къихьауэ – гузэ-вэгъуэтэкъэ ар?

Щэбэтыкъуэ и къуэ Iэниуар деж кIуэнути, дэнэ щыIэми ищIэртэкъым. Мысост уеупщIкIэ фIы ухуигъэзэн?

Хьэбибэ гузэвэгъуэ ихуэху Бекъан къылъэIэсу хабзэти, мес иджыри дадэр къэкIуащ.

– Си унащхьэр тезыхам и щхьэм бэлыхьу щыIэр къытихуэ, – жиIэу Хьэбибэ бгэрт. – Уэси къытесэу, уэшхи къытешхэу сыкъэзыунэщIар алыхьым къиунэщI. «Уи мащэр ирамытхъуэжу къагъэнэнкъым», – жиIащ Къэралхъани, мащэ фIыцIэм езыр ихуэнщ, алыхьым жиIэмэ. Къуийм и щIыIу гуэрэф жыхуаIэм хуэдэу Джэрдж ПIытIу махуэ къэс къэмыкIуи: «Дэнэ щыIэ, къэкIуэжакъэ иджыри уи тхьэIухудыр?» – жиIэу. Полицайм тхьэ щеIуэж Апчарэ къэфакIуэ ансамблым хагъэхьэну. Гитлер и тхьэлъэIу махуэм къагъэфэну ансамбль зэхуашэсу жаIэ. Апчарэ щIыхагъэхьэр Iэниуар и унафэу жаIэ. Щэбэтыкъуэ и къуэм ар зэрыжиIэнур Хьэбибэ и фIэщ хъуми, Гитлер и тхьэлъэIум Апчарэ букIами къыщыфэнкъым.

– Ярэби, сыт мыгъуэ сэ сщIар? Алыхь талэм и гур щхьэ къызэбгъа? – жиIэу Хьэбибэ магъ. – Фызабэр псоми тегушхуэгъуафIэ сащIащ.

– Уигу умыгъэныкъуэ, Хьэбибэ. Алыхьым жиIар хъунщ. Хьэуазэ гъунэжщ, унэр дбгъэнщи, зэфIэкIащ. Унэр кхъуэщыныщхьэу щытамэ, бгъэныщхьэ хъунщ, – жиIэрт Бекъани, фызабэм и гур дахэ хуищIу. Нэхъ щэху зищIри и псалъэми къыпищащ: – Сталиным къыбгъэдэкIа тхылъ сIыгъщ. Дэри хьэмтетыгъуэ махуэ къытхуихуэнщ, жи...

Хьэбибэ къыгурыIуакъым:

– Хэт и Сталин, на-а? – жиIэри.

– Куэдщ. Абы адэкIэ уи жьэм къыжьэдумыгъэкI. Сталиным и листовкэ къыттрапхъащ. КъыбгурыIуа? Фымыгузавэ си цIыхур, бэлыхь фызыхэтыр фщхьэщысхынщи, хьэмтетыгъуэ махуэ къытхуихуэнщ, жиIэу.

Бекъан и гуфIакIэм тхылъ напэ къыдихри Хьэбибэ иригъэ-лъэгъуащ. Фызым тхылъ ищIэртэкъым еджэну, арщхьэкIэ вагъуэ цIыкIу тету щилъагъум, дадэм жиIар и фIэщ хъуащ.

– Сталин къезыгъэхьар?

– НтIэ. Сталиныр аращ. И Iэ щIэлъщ. Уи унащхьэм щхьэкIэ умыгузавэ. Нобэ пхуэзбгъэнщ. Хьэуэ жыпIэрэ, фермэм накIуэ.

ПIытIу уэрамымкIэ блэкIырт, фо зыдэлъ ашык иIыгъыу. Бжьэр къызэщIэвауэ Джэрджым епщIати, модрейри IэкIэ зэуэжырт, бжьэр игъэщтэн и гугъэу. Колхоз бжьэр зэхагуэшэжати, ПIытIу зы ашык къылъысауэ ар къихьу къыщыкIуэжым, IэщIэхури бжьэр къыдэлъэлъащ.

– ЗыукIыж, зыукIыж, узыщымысхь, полицай! Уэ сыпхуэдамэ, чырбыш къэсщтэнти, зызукIыжынт, тIэу семыплъу, – жиIэу Бекъан полицайм щIэнакIэрт.

– Уа, сыту бжьэ Iей мы къыслъысар. Уэлэхьи, дыгъужьщ жыпIэнмэ.

– ЛэжьапщIэу фо къуат, лIо абы и лей узыхуейр? Спасивэ жыIэ, емынэр зи унэ ихьэн.

– Щхьэж хуэфащэр къылъос. – ПIытIу къэувыIауэ бжьэм яхолъэщыхь. – Фи Чоки фо иратамэ, арат зыхуейр. АрщхьэкIэ дэнэ – шыбжий ирагъэшх.

Бекъан къэуIэбжьащ:

– Дэнэ щыпщIэрэ? – жиIэри.

– СымыщIэу жысIэ уи гугъэ? Iуэм иту Чокэ КъалэкIыхьым щыIэщ. Зэхэпхакъэ? УкIуами ягъэ кIынтэкъым. Шхын щхьэкIэ малIэ. Шейм дрифыну фо тIэкIу хуэшэ.

Дадэм и фэр пыкIащ:

– КъалэкIыхьым щыIэуи Чокэ? Хэт къыбжезыIар?

Бекъан къэгузэвэщауэ и пыIэр щхьэрилъэфащи, пщIэнтIэпс къыпхихуар елъэщI, мафIэ къыщIэнам хуэдэу плъыжь хъуащ. И пыIэ къуацэр вакъапхъэу еIуэт. Дадэм ищIэрт Чокэ НКВД-м щылажьэхэм яхэту нэмыцэм я щIыбагъым зэрыкIуар. Iэщу къэнар жэщкIэ кърахужьэурэ къуршымкIэ яхурт, иджы езыр нэмыцэм япэщIэхуамэ, къелын?..

– Зылъэгъуам къызжиIащ, Бекъан. Зылъэгъуар хэт жыпIэрэ? Куэшмэн Азрэтщ. ДэкIуея уи гугъэкъэ Азрэт и Iуэхур? Нэмыцэ легионер отрядым и командирщ. ПэщIэхуэт абы иджы, пэкIэ щIыр уимыгъавэмэ, согъэпцI. Локотош и лъэныкъуэу щытар Iуэм ихури ириубыдащ.

– Дэнэ, жыпIа, Iуэр здэщыIэр?

– ЕупщI Апчарэ. Арат окопэ къэзытIу КъалэкIыхь станцым тесар. Плену абы щыIэ жыхуэпIэм и бжыгъэр зыми ищIэркъым. Шхын щхьэкIэ зэтолIэ, жи. Бел къэзыIэтыфым окопэр иретхъуэж. ЛIэуэ телъри ятIэм хэлъщ, уэшхи къытешхэу, уэси къытесэу...

Бекъан и гур кIуэдыпащ:

– Еууей мыгъуэ, сыту укъызэщхьэкIуа, ПIытIу. Дыунэхъу мыгъуэри дытIысыжщ. Чокэ къуршым щхьэдэхри ежьэжащ жыдоIэри дыщысщ. ИлIыкIынщ ар Данизэт зэхихмэ. Ярэби, псэууэ пIэрэ езыр? НэгъуэщI сыт жиIа Азрэт?

– Псэууэ къыщIэкIынщ. ЛIауэ щытамэ, и гугъу ищIынт? ЩIакхъуэ фIыцIэр нэпскIэ егъэщIытэ жыпIэнути, щIакхъуэ фIыцIэ къудей иратыркъым. Пщэдджыжьым зы нартыхущхьэ – аращ иратыр. Махуэ псом лэжьэнщи, Iуэм къихьэжмэ, аргуэру зы нартыхущхьэ. Жэщым щIым хэщтыхьауэ къыхачыжи дапщэ ухуей? ЛIар гум из ящIри противотанковэ ров жыхуаIэм ирадзэри зэфIэкIащ. Дапщэ ибдзэми ихуэнущ.

Бекъан и лъакъуэр щIэхурт щымытыжыфу. Дауэ хъуну иджы? Хэт и деж кIуэну? Хьэбибэ елъэIуу Щэбэтыкъуэ и къуэм деж игъакIуэ мыхъуну пIэрэ? Iэниуар генералым елъэIумэ, къаутIыпщыжынт Чокэ. Хьэмэ Мысост деж кIуэуэ елъэIумэ, нэхъыфI: тхылъ тIэкIу итхамэ, сэбэп хъункIэ хъунщ. Догуэ, ПIытIу пцIы иупсауэ къыщIэкIмэ, дауэ хъуну? Хьэуэ, нэхъапэ щIыкIэ и пэжыпIэр зэгъэщIэн хуейщ. Абы нэхъей Хьэбибэ и унащхьэри Iуэху лейуэ къыхудэмыкIай.

Бекъан зэрыжиIам хуэдэу хьэуазэ къишэри Хьэбибэ и унэр ибгъащ. Езы Хьэбибэ гуахъуэ иIыгъыу дадэм дэIэпыкъуащ, тIуми хьэуазэ IуэнтIакIэ бгъэныр ягъэбыдэжащ. Хъыбар гуауэр Апчарэ зэхихмэ, дауэ хъуну? Хъыджэбзым и гугъэр хихыжынщ.

– Зы бэлыхьым зы бэлыхь къелъху, Бекъан. Сыт мыгъуэр пщIэн? Алыхьым къыттрилъхьэр ди хьэлъэщ, – жиIэ фIэкIа Хьэбиби жиIэнур ищIэртэкъым.

– Нартыхущхьэ я зэ шхыгъуэщ, жи. Еууей, еууей, – жиIэу Бекъан и фIэщ хъуртэкъым зэхихар. Дунейм сыт и Iэмал? ИкIэщ IыпIэкIэ Iуэхур ехьэжьэн хуейщ. Алыхьым жиIар хъунщ, жыпIэу ущыскIэ сыт и мыхьэнэ.

Унэр ябгъа иужь Хьэбибэ дадэр иригъэблагъэри джэдыкIитI гъэвауэ, мырамысэ къыхутрилъхьащ, иIэр арати.

– КIурацэ деж сыкIуэнщ, ухуеймэ. Абы имыщIэ щыIэкъым, – жиIат Хьэбиби, дадэм идакъым:

– Сэ сыкIуэнщ абы и деж. Уэ Мысост деж кIуэ. КIапсэ лэрыгъум сыкъизыхыжа Iэниуар сехъуэхъуну сыкIуэнущи, здэщыIэр къызжеIэ, жыIи. ИтIанэ зэгъусэу Щэбэтыкъуэ и къуэм деж дыкIуэнщ.

Арат Бекъанрэ Хьэбибэрэ зэрызэгурыIуар.

ЕтIуанэрей махуэм Бекъан комендантым деж кIуа щхьэкIэ, зыри къик Iакъым: ягъэтIыса псори абы ящIэрэ, уи къуэр Iуэм итмэ, кIуэи щIэупщIэ – арат къапихар.

КъалэкIыхьым кIуати, Iуэуэ абы щыIэр зытэкъым. Плен къомым хэт гъущI гъуэгур ящIыж, хэт окопэ иретхъуэж. Бекъан пленым яхэплъэу дэнэ кIуами, Чокэ яхэту илъэгъуакъым. Школ унэ зэхэкъутар гъущI кIапсэ банэкIэ къахухьауэ арат Iуэ хъужыр. Пленхэр плIырыплIурэ ягъэувырт, щагъэувкIэ щIэкIиеу, еуэрэ кърауду, мо къаруи псэруи къызыхуэмынэжахэр арыншэми щытыжыфыртэкъым, щыгъынуи хьэм ящичын къащынэжатэкъым.

Куэбжэм къыщыдэкIым деж аргуэру зэ ябжыжырт.

Бекъан къыдэкIыпIэм пэмыжыжьэу увауэ плен къомым яхоплъэ. Чокэ абы яхэту щытми къыумыц IыхужынкIи мэхъу, псори хьэдафэ хъуащ, я пащIэ-жьакIэр куэд щIауэ яупсакъыми, зэщ IэкIэжащ. Бекъан, сыт кърашIэми, и къуэр илъагъумэ, бгъэдыхьэнщи, и нэгум щIэплъэнщ, псалъэ гуапэ гуэр жриIэнщ.

Махуэ енкIэ Iусащ дадэр Iуэм и къыдэкIыпIэм.

ЕтIуанэрей махуэм нэгъуэщI Iуэм Iусащ.

ХъумакIуэ Iутым дадэр зи яхэзэгъакъым, ауэ жыжьэу зыбгъэдагъэхьакъым, дахэ-дахэу къепсэлъэн къудей къахэкIакъым. Дадэр щIэупщIати, зыгуэрым къыжриIащ нэгъуэщI Iуэ гуэри щыIэщ, лIэр лIэху пленыр ягъэлажьэу, жиIэри. НтIэ, ди щIалэр Iэщыхъуэ штабым тетащи, партизан штабым тета я гугъэу абы щаIыгъыу пIэрэ, жиIэри жыхуаIам кIуащ.

Iуэр гъущI гъуэгум адэкIэ жыжьэу пхыдзауэ, къутыр цIыкIу гуэрым пэмыжыжьэу арат. Махуэр щIыIэт, пшагъуэ гуэрэн телъти, Iуэр здэщыIэ совхозыр ерагъыу къигъуэтащ. Ари арат. ГъущI кIапсэ банэт, езэгъырабгъу имыIэу. ИхъуреягъкIэ гуэдз Iуамыхыжар къэуэжауэ губгъуэм илът, уэсэпс ятелъу. Гъуэгум псы шэд ухуэзэмэ, мыл тIэкIу телъу плъагъу щхьэкIэ, шыр теувэмэ мылыр игъэщащэрт. Пшагъуэр трихурэ дыгъэр тIэкIу къыптепсамэ, аргуэру пшагъуэм щIауфэжырт. Пэхури ешати, увыIэу дадэр гъуэгум къытринэнкIэ шынагъуэт. Езы Бекъан махуэ дапщэ хъуауэ и нэбдзыпэ зэтримылъхьэрэ, итIани сыжеящэрэт жиIэркъым.

И мылъхукъуэр Iуэм имыту къыщIэкIмэ, аращ Бекъани зыхуеиххэр, сыту жыпIэмэ итIанэ Чокэ къуршым щхьэдэхауэ аращи, ущIэгузэвэн щыIэкъым. НтIэ, Куэшмэным дэнэ къриха «Чокэ Iуэм иту слъэгъуащ» жыхуиIар? Бекъан и Iуэхур нэхъри къэзылъахъэр бзэ ищIэркъыми аращ. УрысыбзэкIэ зыгуэр жиIэфми, нэмыцэбзэр бжэгъукIэ къраудми ищIэркъым.

Хьэ банэ макъ къэIуати, шым и тхьэкIумэр игъэкIащ. Банэр зы хьэтэкъым. Я макъымкIи хьэшхуэжьу къыщIэкIынущ. Дыкъэблэгъа хъунщ, жиIэри Бекъан Пэхур игъэущащ. Къутыр тIэкIур совхозу щытауэ арат, Iуэр губгъуэм итт, улIэу укIуэдами, укъэзыщIэн дунейм темыту. Унэ тIощI хуэдиз зы уэрам закъуэм тету пшагъуэм къыхэщырт. Абы щIэсыр, дауи, хъумакIуэр арат. Нэхъ унэ нэхъыфIыIуэр абджыпсти, ар конторэ ящIагъэнщ. Къутыр тIэкIум дыхьэн Бекъан дзыхь ищIакъым: уаубыдрэ Iуэм урадзэмэ, укIуэдакъэ?

Къутырым и гъунэ дыдэм щIым хэщIыхьауэ зы унэжь хьэдэгъуэдахэ щытти, Iухьащ. Уэнжакъым Iугъуэ кърихуу имы-лъэгъуатэмэ, дунейм теттэкъым абы щIэсIауэ къызэрыпщIэн. Щхьэгъубжэу хэлъи щыIэтэкъым, рамэ тIэкIум абджым и пIэкIэ тхылъымпIэ Iушхауэ арат. АдэкIэ нэхъ унэ нэхъыфIыIуэхэм нэмыцэ машинэ фIыцIэжьхэр Iутт.

Бекъан бжэм теуIуэн ипэкIэ зиплъыхьащ, зэщIэдэIукIащ. Унэм щIэсIауэ я макъ зэхэпхыртэкъым, ауэ IуэмкIэ зэрыгъэкIий макъымрэ хьэ банэ макъымрэ къыщыIурти, шэч хэлътэкъым, Чокэ Iуэм итыххэмэ, зэрытыр зэрыарар. Дадэр зыбгъэдэт унэм бжэуэ хэлъыр пхъэбгъуитI зэгуэIулIауэ арат, чнутIыкъумкIэ хуэм цIыкIуу теуIуати, фыз гуэр кIагуэ удзыфэ хуабэ щыгъыу, IэлъэщI

фIыцIи и щхьэм телъу бжэ дамэдазэм къыдэплъащ.

Дадэм ерагъыу гуригъэIуащ фызым тIэк Iу зызгъэхуэбэнут, нэгъуэщI сыхуейкъым, жиIэри. Бжэр Iуихыпэри, фызым жиIэ щымыIэу, дадэр щIигъэхьащ. Зиплъыхьмэ, блыным хьэукI пыIэ фIэлъщ, планшеткэ гуэри уолъагъу. Шэч хэлъкъым, мы унэми военнэ гуэр щIэсщ, жиIэу дадэм и гум къэкIащ, къэмыкIуэж щIыкIэ сыщIэкIыжмэ, мынэхъыфIу пIэрэ? Фызым лъэпэд ищIу тIысыжащ. ЩIалэ сырыху цIыкIуи щIэсти, и нэр дадэм къытенауэ къоплъ. Бекъан пыIэ къуацэ щхьэрыгъщ, и пащIэ кIырым, и набдзэм сытхъу трищIащ, и псэлъэкIэри щIалэ цIык Iум фIэдыхьэшхэнщ.

– Хьэр куэдщ, – жиIэри къызэрыщIидзэнур имыщIэу дадэм жиIащ, – сыт хьэ къомыр зэращIыр? Былым е мэл тетыххэкъым.

ЩIалэ цIыкIу илъэс зыхыбл нэхъыбэ мыхъум ищIэр жимыIэу хуэшэчынт:

– Хьэр хьэ гъэсащ. Дыгъужь щылъхущ. Плен яхъумэ. Хьэр зыуэ бзаджэщи, зрауштар цырыцу зэIатхъ. Дыгъуасэ лIитI хьэм яшхащ.

– Щыгъэт. УощIэ уэ куэд, – жиIэри и анэм шхыдэ хуэдэ зищIащ.

– Сэ сымылъэгъуа уи гугъэ? Пленым къэб гъуэгу гъунэм телъу илъэгъуати, къыщтэну щыжэм, къэрэгъулым иIыгъ хьэр иутIыпщри... пленым занщIэу и жьэгъум зыщIидзэри зэпишхыкI пэтащ. НыкъуэлIэ хъуа пленым къэрэгъулыр кIэрахъуэкIэ еуэри иукIауэ иджыри щылъу къыщIэкIынщ. ПщIэжрэ къуэщIий къэхь жыпIэу сыщыбгъэкIуам?..

– Куэдщ. ЗэтепIэ уи жьэр.

ЩIалэ цIыкIум жиIэм Бекъан и жьэр къыщIэхуауэ едаIуэрт. Къэзакъ фызым гу лъитат дадэр мыбы къэзыхуам. Зигъэхуэбэн щхьэкIэ мы къутырым къыдыхьэн щы Iэ? И шыр трахыу езыр Iуэм ирадзэн жыхуэпIэр зыми щыщкъым. Фызыр щIэупщIащ:

– Хэт укъыкIэлъыкIуа? – жиI эри.

– Си къуэм.

– А-а, – жиI эри зиущэхужащ. ТIэкIу дэк Iри, и гур дадэм къыщIэгъуа хъунти, и псалъэм къыпищащ. – Iуэм итмэ, кIуэдауэ аращ. ЛIэр дашри окопэм ирадзэ. Хэкум ис хъыджэбзым зэха-тIыхьат танк къамыгъэкIуэнуи, иджы кхъэ ящIыжащ. Зи псэ Iуту кумбым иради щыIэщ.

Бекъан къызэщIэплъащ.

– И унэцIэр хэт?

– Фамил, жыпIа – Мутай Чокэ. Зэхыумыхауэ пIэрэ?

– Я унэцIэм хэт щIэупщIэр? Командир, хьэмэ красноармеец жаIэу аращ зэрызэхагъэжыр. Номер яIэмэ, аращ. Мин Iэджи мэхъу, и бжыгъэр ящIэххэркъым. И лъакъуэр къыщIэувэмэ, лэжьакIуэ яху. ЯтIэм хэлъмэ, дашри кумбым ирадзэ.

– Ирадзэми, щIатIэркъым, – жиIэри сабий цIыкIум ищIэ

тIэкIур къыхиIуащ.

– Уи пIэ ис. Уэракъым хьэщIэр зэпсалъэр. – ЩIалэ цIыкIум ешхыдэ хуэдэ зищIри фызым дадэм зыкъыхуигъэзэжащ: – Зыкъыумыгъэлъагъу, хьэщ къутырым тес къэрэгъулыр. ГущIэгъу жыхуаIэр ящIэркъым. Пшагъуэр темыкI щIыкIэ зыIуебгъэхмэ, нэхъыфIщ. Ящыщ гуэр си унэм щIэсщи, иджыпсту къэкIуэжын хуейщ, – жиIэри планшеткэмрэ пыIэмрэ зыфIэлъ блынымкIэ фызым и щхьэр ищIащ.

– Ефрейторщ. Хьэдэ дишу аращ яIэр, – жиIэри щIалэ цIыкIур аргуэру къыщиудащ.

– Ефрейторми фельдфебелми – тIури зыщ. Пэжщ, хьэдэдэшу аращ и къулыкъур.

– Нэхъ зыхуэсакъыр хьэмэму щыта унэжьым щаIыгъщ, лэжьакIуи ямыгъакIуэу. Ефрейторым жиIэу зэхэсхащ...

– Арагъэнщ, дауи, Чокэ здэщыIэр, – жиIэри Бекъан и гур кIуэдыпащ.

ТIэкIурэ щысри дадэр унэм къыщIэкIащ. Пшагъуэр текIыж хуэдэу хъуат. Бекъан къуршым иту мыбыкIэ къаплъэмэ, пшагъуэр пыпхъуэ гъуабжэм ещхьу уафэ лъащIэр щIихъумэу илъагъуу щытащ. Пщыхьэщхьэ хъумэ, пшагъуэр, псэ къыхыхьа хуэдэу къежьэрти, аузу щыIэм къыдыхьэрт, нэху щакъэ – аргуэру къыздикIа губгъуэм ягъэзэжырти, уфафэу, Iэуэлъауэншэу илът, жьыбгъэ мащIэм щIиупскIэу. Иджы пшагъуэм уагъэлъагъуркъым цIыхум лей къалъысыр.

Пшагъуэр тIэкIу текIри Бекъан Iуэр илъэгъуащ. ПлIанэпиплIым башнэ лъагэ тещIыхьам къэрэгъул тетти, автоматым ищIыIуж пулемет гъэпкIа иIэт. Iуэм уиплъэмэ, унэ ирехъу – гуэщыжь къудей иттэкъым, щхьэ лъэпкъ темылъу унэ блын ныкъуэ къауэу плъагъурти, арауэ къыщIэкIынт щIалэ цIыкIум хьэмэму щыта жыхуиIэр. Iуэм итыIауи цIыху плъагъуртэкъым. АдэкIэ-мыдэкIэ хьэуазэ икъухьа хуэдэт. АрщхьэкIэ Iуэхур здэщыIэр аратэкъым. Хьэуазэ икъухьауэ дадэм илъагъур хьэуазэтэкъым – ар цIыху мин Iэджэ ятIэм хэлъу Iуэм илъу арат, езыхэр зэхэпщхьауэ нэхъ хуэба зэрыхъуным зэрихулIауэ арат. Уэшхи къатешхэу, уэси къатесэу Iуэм илъщ, жиIэу Азрэт жыхуиIэр арат.

Бекъан хуэшэчакъым Iуэм нэхъ гъунэгъуу бгъэдэмыхьэу.

Iуэр зыхуэбгъадэ хъун щыIэтэкъым. Ар ялъэгъуауэ щытатэмэ, жыхьэнмэ жыхуаIэр къэзыгупсысам къыигупсысынтэкъым. МафIэм ухадзэу уагъэсын жыхуэпIэр шынагъуэщ, ауэ мафIэкIэ уагъэсмэ, нэхъ къыхэпхынт мобы хуэдэу ятIэм ухэлъу уэс къыптесэурэ уагъал Iэ нэхърэ. Ярэби, абы хуэдиз хьэзаб зышэчын щыIэу пIэрэ? Бекъан техьэгъуэ къытехьам хуэдэу кIэзызырт, и нит Iри къыиху плъэрт, Чокэ къэтэджу мобы яхэлъу, ялыхь, сумыгъэлъагъу, жиIэу.

Къэрэгъулхэр Iуэм ихьащ. КъатыркIэ якIуэцIыпкIэурэ, ящIэкIиеурэ ятIэм хэлъыр къагъэтэджырт, строй ящIыну. ЦIыхур ерагъыу къызэфIэувэрт, щIым хэщтыхьа я щыгъыныр хуэсакъыурэ къыкIэрачыжу. Зи тхыр занщIэ зыхуэмыщIи яхэтт, щIыбышэ хъуа мыгъуэу. Абы хуэдэм я Iэр яубыдырти, ямыгъэджалэу яIыгъырт. Къэувыфыр къэува иужь, Iуэм нартыху изу илъу шыгу къихьащ.

Нартыху гулъэм и ужь итт «доброволец» жыхуаIэм хуэдэу плену щытам ящыщу цIыхуищ хуэдиз. Абы я хуэдэ гуэри нэмыцэм зыхашауэ яхэтт, нэхъ дзыхь зыхуащIам, нэхъ я нэфI зыщцыхуахэм ящыщу. Противотанковэ ровым дыдадзэж нэхърэ нэхъыфIщ, жаIэу, тхьэм ещIэ, нэмыцэм я дежкIэ еутэкIа? Нартыху зэрылъ шыгум и ужьым ит доброволецхэм нартыхур гум къырахыурэ плен зэхэт къомым нартыхущхьэ зырыз хуадзырт. Модрейхэм, Iэрпхъуэр хъуауэ, ятIэм хэхуа нартыхур къапхъуатэрти, егъуу яшхырт, зы нартыху хьэдзэ кIэрыхуамэ, къащыпыжрэ ари яшхыу. Арат пщэдджыжьым къалъысыр.

Нартыхур яшха-ямышха, командэ къатащ, плIырыплIу увыну. Хьэми банэу щIадзащ. Къэрэгъулхэм чнутI кIыхь яIыгъти, нэхъ зизылъэфыхь ялъагъумэ, зэприхулэкIыу еуэрт. Плен къомыр къыщежьэм дадэр куэбжэм нэхъ гъунэгъуу бгъэдыхьащ. Чокэ яхэту илъагъуртэкъым. Куэбжэм къыдэкIа илъэпкъым дадэр зи нэгу щIэмыплъа яхэту къыщIэкIынтэкъым. Плен къомым я пащIэ-жьакIэр зэщIэкIэжа пэтми, и мылъхукъуэр и нитI къудеймкIэ къицIыхужынут. Къэрэгъулхэм хьэшхуэ яIыгъыр яIэщIэкIыну ихъу-илът. Хьэр хьэ гъэшхат. Тхьэм ещIэ, цIыхул ирагъэшхрэ, занщIэу зыкъыуадзу уафыщIын къудейщ. И шым Iус иритыну щыхуежьам иримыту къыIэщIэна е гъуэгум къыщищта – Бекъан нартыхущхьитI иIыгъыу плен гуэрхэм къалъэгъуати, Iэ къыхуащIурэ я Iэпхъуамбэр я жьэм жьэдаIужырт уи нартыхур къыдэт, жыхуаIэу. Бекъан нартыхущхьитIыр яхуидзри кIэщIу къигъэзэжащ, шы Iусу къесшэжьар псори естынщ, жиIэри. ПсынщIэу къэсыжри нартыху къэп ныкъуэр пленхэр зэрыкIуэ гъуэгум трипхъащ, щыблэкIкIэ къащтэн хуэдэу.

Iуэм цIыхуу итыр ирашыху, Бекъан куэбжэм Iутащ. Къэрэгъулхэм ящыщ гуэрым еупщIын и гугъами, къехъулIакъым. КъыщIэкIиери къыIуахужащ. Чокэ а Iуэм имытмэ, ара мыгъуэт езыр зыхуеиххэр. Бекъан гъуэмылэу къишар зи унэ щIэса фызым иритри къигъэзэжащ.

## 3. ЛОКОТОШ ОПЕРАЦЭ ЯЩI

– Уэлэхьи, сымыгъуэта сыт сымыщIэми, – жиIэри Бекъан

жриIащ и фызым. – Гъунэгъу тIэкIуу блэкIащ псори. Яхэткъым. Зы Iуэ къэзгъэнакъым сыздэмыкIуа. ЛIэуэ мащэм ирадзэжами хэт ищIэрэ?..

Данизэт и гуапэ хъуащ зэримыгъуэтар. Абы щыгъуэ Чокэ бгым щхьэдэхар пэжщ. Зауэр яухмэ, къыкъуэкIыжынщ е и хъыбар зэхэтхынщ. Данизэт и гум илъыр жиIакъым. Сыт щхьэкIи жыпIэн? КъэхъункъэщIэнур а зы алыхьым фIэкIа хэт ищIэрэ? Нобэ къэс уIэгъэ хъуауэ щхьэлым щIэлъ щIалэр алыхьым къихъумащи, а зым урикъуни алыхьым фIыщIэ хуэпщIыну.

– МалIэ мыгъуэр модрейр. УкъищIэжыркъым, – жиIэри Данизэт гъыну къыщиуд пэтащ.

Бекъан щхьэлымкIэ псынщIэу кIуащ. Капитаныр хьэдэм хуэдэу щылът, зимыгъэхъейуэ. И псэ хэти хэмыти жыпIэнт, ауэ мафIэщи, жьэражьэщ, зэзэмызи щыIуэщхъу щыIэщ, и Iупэри хьэлэчу къихуащ, и нэри утхъуащ, псывэ щIэкIа хуэдэу къолыдыкI. ИкIэщIыпIэкIэ зыгуэр хуэщIэн хуейщ. Дохутыр. Дэнэ мыгъуэм къипхын дохутыр? Бгъуэтыпэми, хэт дзыхь хуэпщIу жепIэн, дауи мыбы къыпхуэкIуэн?

Локотош бауэкIэщI хъуащ, пщIэнтIэпсыр къохуэх.

ШхыIэн сыт тепIа къомыр къытрихри Бекъан сымаджэм еплъащ. Сымаджэр щэIурт, и нэр мащIэу зэтепIауэ.

– СощIэ мыгъуэ зэрыузыр. СощIэ.Шэч. УлIщ, – жиIэу дадэр сымаджэм и блатхьэ къэбэгам теIэбэрт, хуэсакъыпэурэ щIалэр къызэригъэдзэкIыну арат зыхуейр.

Локотош зыкъищIэжыркъым, тIэкIу къыхэгурымыкI хуэдэу зэхэпхми, хьэдэм хуэдэщ. УIэгъэр зэрыпхар къыщыкIэрыпчкIэ лъыр адэкIэ-мыдэкIэ къыщIивырт. ИкIи, Iейуэ уз хъунти, сымаджэр игъэгумэщIырт. Псори къитIэта иужь, Бекъан къыгуры-Iуащ Локотош и Iуэхур зэрымыщIагъуэр. Блатхьэ щIагъыр къэбэгри шын хъуащ. ЛIо иджы абы епщIэнур? Хирург уиIэн хуейщ. Капитаным и щIыбыр плъыжьыбзэу мэцIу, пщтырщ. Дадэр IэпэкIэ топэщэщыхь, шыныр здитыр къищIэну. Шыныр лIым и кIуэцIым кIуэнкIи шынагъуэщ, итIанэ упыкIащи, Iэмал иIэжкъым. Сымаджэм щIыIэ хэмыхьэн щхьэкIэ, тепIэныр трипIэжащ, уIэгъэр имышхэу къигъанэри.

Данизэт лэпс къихьащ.

– Алыхьым гущIэгъу къыхуищI, тхьэмыщкIэ.

– Алыхьри зыгуэрт, дохутыр диIамэ, арат.

Бекъан и гум къэкIащ, Иринэ ахъшэ къезыта аптекарыр къысхуэмыкIуэну пIэрэ, жиIэри. Хьэмэ езы Иринэ хузэфIэкIын? ЦIыхубзым зыгуэр хещIыкI. Аптекарыр мыбы къыпхуэмыкIуэми, Иринэ къэкIуэнщ. АпщIондэху сымаджэм зыгуэр къыщыщIмэ, аракъэ нэхъ Iеижыр? Арыншэми Локотош хьэдафэ къытеуащ, ухуэбэлэрыгъ хъунукъым.

– Фыз Iэзэм деж укIуэмэ, хъунт, – жиIэри Бекъан и фызым

дежкIэ еплъэкIащ, – нэгъабэ, пщIэжрэ, Муслим и къуэр лIэнкъэнэну щытати, сэбэп хуэхъуащ.

Дадэм ар жиIэ щхьэкIэ, езыр зэгупсысыр аратэкъым. Удз хущхъуэхэр зыдэлъ плIанэпэм дэувауэ пэщащэрт, зыгуэрхэр къыхищыпыкIырт, зиущэхуауэ.

– Зи, сэбэп хъуну уи гугъэмэ...

Бекъан зыри жиIакъым. Тебэр къищтэри дэп из ищIащ. Капитаным и кIэрахъуэр зыгъэпщкIуар езыр арати, къыкъуихыжри шомполыр игъэплъыну и пэр дэпым хиIуащ. НапэIэлъэщI къигъэхьэзыращ, удз хущхъуэ игъэващ. Псори зэфIэкIа иужь:

– КъакIуэ, къыздэIэпыкъу, – жиIэри сымаджэм тепIар аргуэру трихащ, и щIыбыр къыщIигъэщу. И лIым и мурадым Данизэт зэуэ гу лъитакъым.

Бекъан мафIэр зэщIигъэстащ, тебэм илъ дэпри къызэщIэнат, шомполыпэри къэплъри хужь хъуат, и Iэр имысын щхьэкIэ, и дакъэм хъыдан тIэкIу къришэкIащ.

Данизэт, и лIым и мурадыр къищIащи, Iэпыдзлъэпыдз зэрыхъунур ищIэркъым.

– Уа, угу быдэу пIэрэ? – жиIэрт Данизэт.

– Бжьын гъажьэ. Пэрылъхьэ мафIэм зытIущи, къэув мыди, и щхьэмрэ и IэмрэIыгъ. ЗытегъащIи, текъузэ. ЗыкъыумыгъэIэт.

Данизэт хэмылъ лIыгъэр дэнэ кърихынт? ИтIани и лIым жиIэм емыдаIуэу хъунутэкъым. Операцэм емыплъыфу и щхьэр Iуигъэзык Iащ. Бекъан шомпол гъэплъар къищтэри Локотош и щIыб къэбэгам хуэсакъыурэ ирихьэлIащ. Iугъуэ тIэкIу джэрэзу къыдрихьеящ. Локотош гурыму къэскIа щхьэкIэ, Данизэт быдэу иIыгът. Шомполыр нэхъри щыхыхьэм, мэ Iей къащIихьауэ игъэбауэртэкъым – лы фа гуэр мафIэм ис хуэдэт, абдежым гъущI гъэплъам къытрикIэу шыныр къиуащ.

– Ы-ы, хъуащ иджы, – жиIащ Бекъан, операцэр зэфIэкIа хъунщ, жиIэри и фызри гуфIащ.

Иджы Данизэтт сымаджэм и псэр зи IэмыщIэ илъыр. МафIэм пэрылъ бжьынри жьащи, хьэзырщ, шыныр бжьыным хуэдэу къизыш щыIэкъым. ЗэлIзэфызым уIэгъэр япхэну арат къэнэжар. Мысост иджыри къэс къызэрымыкIуари насыпышхуэщ. Къурмэным и ужь иту къыщIэкIынт, армыхъумэ Щэу-лэхъу жиIэнти, тIощIрэ къыдэкIуеинт. Тхьэм ещIэ, къэфакIуэ ансамбль зэхыдошэ, жаIэу къуажэм хъыджэбзаплъэ щащIа?

Пщэдджыжьым Локотош нэхъыфI хъуауэ нэху къекIащ. Лэпс тIэкIу, жиIэри езыр къэлъэIуащ. Бекъан хакIуэм кIэлъыплъыну кIуати, къыщигъэзэжам, капитаныр къэбэдзэуэжат.

– А-а, хирургыр укъэкIуаи, – жиIэу Локотош дадэм къыщыгуфIыкIащ.

– ЛIо, сыхирург Iей? – жиIэу езы дадэри нэжэгужэт. – Шыр

хьэм къауIэмэ, аращ дызэреIэзэр. Уэри укъэзыуIар дыгъуужьщ.

– Жыхьэнмэ мафIэм сыхэхуа си гугъэжат, мафIэ къысщIэнауэ сису.

– МафIэм нэхъ хущхъуэфI сыт щыIэ? МафIэ зэIусар псынщIэу мэхъуж. Чокэ и лъакъуэр бдзанэ хъуати, сэращ зыгъэхъужар.

– Сыт и хъыбар иджы?

Дадэр нэщхъей къэхъуащ:

– Хъыбар гуэр иIами аратэкъэ. Iуэм щыIэщ жаIати, сыкIуащ – згъуэтакъым.

– Жыжьэ?

– КъалэкI ыхьым. ЛIэуэ щIалъхьэжами тщIэркъым. И анэр диным икIащ. Жыхьэнмэ ухуеймэ, аращ здэщыIэр. Абы цIыхум зы хьэзаб ятелъщи! Абы я фэм икI жыхуэпIэр! Чокэ лIэуэ зэгъэжамэ, и насыпщ, а сэ слъэгъуам яхэту псэу нэхърэ.

Локотош сыт жиIэнт?

– Мыри къэзгъуэтащ, – жиIэри Бекъан и гуфIакIэм дэлъа тхылъымпIэ тIэкIур къыдихри капитаным хуишиящ. ТхылъымпIэ напэр IэкIэ тхат.

– Дыдейм ятха?

– НтIэ. Ди хьэмтетыгъуэ махуэр къосыр жиIэу итщ.

Дадэр къыпыгуфIыкIыу капитаным кIэлъыплъырт. Локотош зэджэр игъэщIагъуэу и нитIыр тхылъымпIэ напэм тенауэ еджэрт, и пащIэ-жьакIэ зэщIэкIэжам нур хидза хуэдэу гуфIэрт, абы нэхърэ нэхъ хущхъуэфIи щыIэт Локотош дежкIэ.

– КъызэгъэдзэкIыт.

Бекъан зэригъэдзэкIащ.

– Сталин и Iэ щIэлъщ. КъыбгурыIуа, лажьэ иIэкъым Сталин. Псэущ. НтIэ, си Iуэхущ, Гитлер и нэвагъуэр иримыгъэлъагъуужмэ. Ди хьэмтетыгъуэ дихуэну щыжиIэкIэ дихуэнщ. Пэжкъэ?

Локотош и щхьэр унэзат гуфIэщауэ.

– Пэжщ, уэлэхьи!

– Чопракъ сыт и хъыбар?

– Жыгыр гъумэ, жьым егъэджалэ...

Локотош зыкъиужьыжыхукIэ Бекъан аргуэру зэ и мылъхукъуэм и лъыхъуакIуэ кIуэну мурад ищIащ. Танэр иукIри лым и ныкъуэр Локотош къыхуигъэнащ, адрейр игъавэу иришэжьэну арат. Данизэти лэкъум сыт ищIащ, джэди иукIащ. Чокэр къигъуэтрэ – иритынщ, имыгъуэтмэ, мо тхьэмыщкIэ къом илъэгъуам яреш – псапэ хъунщ. Чокэ хьэдэIус хуэпщIыпэми, Iуэм итым нэхърэ нэхъ зышхыпхъэ гъуэтыгъуейщ.

Бекъан и мурадыр мырат: нэхъапэ щIыкIэ Мысост деж екIуэлIэнщи, тхылъ къратыну елъэIунщ Чокэ игъащIэм военнэу щымытауэ, Iэщыхъуэ штабым тету нэмыцэм яIэщIыхьащи, ар

партизан штабу щытыххэкъым, сыт жиIэу иту. А тхылъ тIэкIур иIыгъыу Iэниуар деж кIуэнщи, елъэIунщ, Апчарэ игъуэтмэ, ари здишэнкIэ хъунщ.

Мысост абы хуэдэ тхылъым Iэ тедзэгъуафIэу тридзэнт? Зий хэзэгъакъым. Щымыхъужым, тхылъым иратхащ: «Мутай Чокэ дзэм хэтакъым, къызэрыхъурэ къуажэм дэсщ, Iэщыхъуэщ», – жиIэу.

Иджы хъыджэбзыр къагъуэтамэ, арат. Апчарэ чырбыш заводым зэрытесыр ищIэрт, КIурацэ деж щыIэу. Дадэр КIурацэ хуэзэри жриIащ хъыджэбзыр заводым къытекIыу псыхъуэмкIэ къэкIуэну. Бекъан щхьэлыжьым деж щыту пэплъэну арат. Куэд дэмыкIыу Апчари къэсащ.

Махуэр кIагъэпшагъэт, уэс тIэкIу къесырт. Апчарэ кIагуэ хуабэ щыгът, цы IэлъэщIкIэ и щхьэр пхат и нитIым фIэкI умылъагъуу, гуэншэрыкъитIи лъыгът – щыгъыну щыгъыр кIэгъуасэ защIэт, езыри зэхэуфIеят, гурымыхь-гурымыхьу цIыхум къалъагъумэ, фIэфIу арагъэнт. Бекъани занщIэу къицIыхужакъым.

Ууэршэру куэдрэ ущыт хъунутэкъым.

– КъитIысхьэ. ДыздэкIуэм бжесIэнщ псори.

Апчарэ къыгурыIуащ дадэр гузэвэгъуэм къызэрихуар. Зыри жимыIэу гум дэлъейри Бекъан бгъурытIысхьащ. «Дэнэ?» – жыпIэу ущIэупщIэу дадэм идэххэркъым.

– ЛIы ущыхъуар иджыщ, – жиIэри Бекъан хъыджэбзым къыщытхъуащ, «дэнэ?» зэрыжимыIам щхьэкIэ. Апчарэ ищIэрт я унэр дадэм зэрибгъари Хьэбибэ зыхэта бэлыхь лажьэри.

– Тхьэм пхудигъэщIэж, дадэ, ди анэм уэ къыхуэпщIар, – жиIэри Апчарэ Бекъан хуэарэзыуэ и нэгум щIэплъащ. – Дапщэщ мыгъуэ ар щыпхуэтщIэжыфынур?

– КъысхуэпщIэжынумэ, нобэщ, си хъыджэбз. СынолъэIуну сыкъэкIуащ.

– Тхьэ, уэ пхуэзмыщIэн щымыIэ.

Бекъан кIыхьу къригъэкIуэкIащ КъалэкIыхьым зэрыкIуари, Чокэ и хъыбар Iей къэIуам Данизэт делэ ирихъун хуэдизу зэригъэгузавэри. И пыIэ тхьэкIэм къыдихри Мысост итха тхылъ тIэкIури кърихащ:

– Мэ, еджэ. Мыр сэбэп хъууэ Чокэ Iуэм къытхуимышыжрэ – упыкIащ. Ахърэтым дыщыхуэзэжмэ – дыхуэзэжащ. Данизэт нэкIуэнут, сэ здакъым. ЛIо ар здэпшэкIи здумышэкIи? Уэ, зимыхъуми, урысыбзэ уощIэ, нэмыцэбзэми зыгуэр хыбощIыкI.

Бекъан щIэупщIащ Апчарэ и псэукIэм. Езы Апчарэ куэдрэ узэримыгъэлъэIуу ищIэр жиIэну хьэзырыпсти, къригъэжьащ:

– КIурацэ деж сыщыIэщ. Кхъухьлъатэ къакIуэмэ, чырбыш щагъажьэ хьэкум дожэри зыщыдогъэпщкIу. Иджы нэхъыбэм

дыкъимыкIыххэу хьэкум дисщ. Чырбыш гъэжьа къомыр лъэныкъуэ едгъэзри унэлъащIэу диIэр тхьащ. Хуабэщ, гъущапIэщ – сыт абы лейуэ узыхуейр. Сабий цIыкIухэм хьэкур джэгупIэ ящIати, чырбыш зэтелъыр къагъауэри щIипIытIэ пэтащ.

Хъарзынэу дыпсэурт. Зэгуэр румын гуэр хьэкум къипщхьащ, финар цIыкIу иIыгъыу. «ФыкъикIи, фи унэ фыкIуэж», – жиIэри хьэкум дису идакъым. УздэкIуэжынури дэнэ – унэ нэхъыфIыр езым яубыдащ, гуэнэщым фIэкI къамыгъанэу. Абыи ущIэс хъуркъым, фэтыджэнымэ Iей къыщIехри. Дауи къыщIимыхынрэ – Iэмэпсымэу щIэмылъ дунейм щыIэкъым. Псори къыщIэдмыдзу хъуакъым.

Япэрей жэщым щIыIэм дыщIиукIыхьащ. Хъыджэбз нэхъыщIэ дыдэ цIыкIур КIурацэ дэрэ дякум дэдгъэгъуалъхьэри дгъэхуабэу пIэм хэдгъэлъащ. Сэ бжэм и гъунэгъуу сыхэлъати, щIыIэIей къысхыхьащ. ЕтIуанэрей махуэм си щхьэр фIихыу, си нэм зыри имылъагъужу сымаджэ сыхъуат. Сабий цIыкIухэри арат.

Пщыхьэщхьэм сэри сыукIуриящ. СылIэн си гугъэу сыгужьеяти, Аслъэныкъуэ и кIуэдыкIэ хъуар жезмыIэу си гъащIэр сухмэ, жысIэри КIурацэ жесIащ и къуэм и кIуэдыкIэ хъуар. КIурацэ и гугъат сыIуэщхъуу, арщхьэкIэ къыгурыIуащ си фIэщу зэрыжысIэр. Шырыкъу лъэныкъуэм къина лъакъуэм фIэкIа зэрызмылъагъужар щыжесIэм, гъуэгыу мащIэрэ къызбгъэдэса тхьэмыщкIэр. Гъыбзи хузэхилъхьа уи гугъэкъэ тхьэмыщкIэм. Тхьэ, абы хуэдизу гуузщи, уегъагъым...

КIурацэ ишхын имыIэу щIымахуэр къихьат. Заводым формовщицэу щылажьэрти, къанэ щымыIэу эвакуацэ кIуэри фызабэр и сабий быным къахэнат. Езым кIэртIоф тIэкIу ищIати – нэмыцэ сэлэтым къатIыжри яшхащ.

Румын лIы гъумыжь гуэр къэкIуат. Офицеруи мыофицеру, сэлэтуи мысэлэту, сщIэртэкъым и званэр – фельдфебель жаIэ си гугъэщ. Зи, ди цIыхугъэжь хуэдэ уэрэд тIэкIу жиIэу унэм къыщIыхьащ, адэкIэ-мыдэкIэ къуэгъэнапIэ, гъэтIылъыпIэхэм дэплъэу. Кхъуэщын сэкурэм джэдыкIэ тIэкIу илъу щилъагъум, къэгуфIащ. ЗанщIэу, езым хуагъэтIылъам хуэдэу, кърищыпыкIри и жыпым ирилъхьащ.

КIурацэ ищIэнур имыщIэу мэгузавэ.

Румыным и жыпым листовкэ илъти, кърихри джэдыкIэ уасэ хуэдэу къиишияш.

КIурацэ къэгубжьауэ листовкэр зэхиупIышкIуэри дурэшым дидзащ.

Румыныр щIэкIыжа иужь листовкэр къасщтэри зэкIуэцIысхыжащ. Седжэмэ, дыдейхэм кърадзыха листовкэщ. Октябрьскэ праздникым щыгъуэ Сталиным жиIам щыщ листовкэм итщ: «Ди хьэмтетыгъуэ махуэри къэсынщ», – жиIэу. Зы лъэны-

къуэмкIэ ар, адрей лъэныкъуэмкIэ Совинформбюром и сводкэр итт. Ар щыслъагъум, сылъэтэным хуэдэу си гур хъуат.

– Мыбы къуита джэдыкIэ уасэр дыщэ ахъшэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ, – жысIэри КIураци згъэгуфIащ.

– Фагъэунэхуну къыватамэ-щэ? Вгъэс!

– Сыт щIэдгъэсыр? ТеттхыкIыурэ цIыхум яхэдгуэшэнкъэ. А махуэм щыщIэдзауэ Iуэхуншэу сыщыскъым. Фельдфебелым листовкэу къихьым хуэдиз джэдыкIэ джэдым къакIэцIыртэкъыми, иныкъуэм пщIэншэу къыдитырт. Листовкэ щимыгъуэтыжым, фельдфебелым нэгъуэщI хэкIыпIэ къигъуэтащ: КIурацэ унафэ къыхуищIащ хьэкум илъ кхъуэщыныр къырихыурэ ищэну. Гур румыным ейт. КIурацэ кхъуэщыныр къуажэм яхишэурэ пщIыр зы джэдыкIэкIэ ищэн хуейт. Мин ищэмэ, абы щыщу КIураци фейдэ гуэр иIэу. Иджы аращ зи ужь дитыр. Хьэкум илъыр сэ къызохри гум изолъхьэ, румыныр къокIуэри ебж, КIурацэ ирешажьэри ещэ.

Бомбэм зи кхъуэщын имыкъута жылэм дэсыжкъыми, ящэху хъарзынэу. Чырбышым къыщIэупщIи щыIэщ. Кхъуэщыныр духмэ, чырбышым дынэсыну къыщIэкIынщ.

Сэри хьэкум сыкъимыкIыу сисщи, сыт сщIэми зыми сыкъилъагъуркъым. Чырбыш заводым зенитнэ топхэр тетщи, Мысост игъащIэкIэ гу къытлъитэнукъым. Сэри чырбыш зэхуакум сыдэсу листовкэр тызотхыкI.

– Нобэ уэ укъысхуейуэ укъыспэплъэу КIурацэ къызжиIати, сыкъикIащ, армыхъумэ хьэкум сис зэпытщ...

Апчарэ и псалъэм къыдэкIуэ хуэдэу щIэупщIащ:

– Локотоши хъыбар иIэкъэ? Чопракъ нэмыцэм яубыдащ. Ар сощIэ. КIурацэ капитаныр Щэулэхъу тесу къуршым щхьэдэхауэ жеIэри, пэжу пIэрэ?

Апчарэ капитаным зэрыщIэупщIар Бекъан и гум ирихьакъым. Щхьэлым щIэлъу жесIэмэ, сынэкIуэнущ, жимыIэну пIэрэ, жиIэу и гум къэкIащ.

Бекъан зыри имыбзыщIу ищIэ илъэпкъыр къыжриIащ.

Дадэмрэ хъыджэбзымрэ зыри жамыIэу зыкъомрэ кIуащ. Шызакъуэгур гъуэгу фIыуэ пкIам тетти, исыр иутхыпщIу ехырт. Къуэ куушхуэм ерагъкIэ дэкIри къалэ гъунэм нэблэгъащ. Къалэм адэкIэ уплъэмэ, игъащIэм мэзым щIигъэнауэ щыта бгы джабэр джафэ хъуат, мэзым партизан щIэмысын щхьэкIэ, пхъэгъэсын зимыIэр ягъакIуэурэ прагъэупщIырти; езы нэмыцэр мэзым щIыхьэн шынэрт, пхъэ хуеймэ, телефон пкъор ягъэсырт.

## 4. НЭМЫЦЭ КОМЕНДАНТЫМ ДЕЖ

Нэмыцэм я комендатурэр дэнэ дежми Бекъан ищIэрт. Бекъан дэнэ къэна, къалэм зы дэсу къыщIэкIынтэкъым ар зымыщIыху.

Комендатурэр зыщIэс унэр дачэ щIыкIэу щIа унэт, жыг Iувым хэту. Зауэм и пэ а жыг хадэм Iэджэ итт къакIухьу, загъэпсэхуу, кIэщIу жыпIэмэ, Затишье жыхуаIэр арат. Советскэ властыр щагъэувa лъэхъэнэм Сталиныр Налшык щыхьэщIати, зыщIэсар а унэр арат. Нэмыцэр а унэм щIэкIуар историческэу жаIэу арагъэнтэкъым. НтIэ? Унэр нэмыцэ унэм ещхьт, и щхьэр папцIэ хъужауэ. Абы ищIыIужкIэ нэмыцэм ягу ирихьар унэм пэмыжы-жьэу къуэ куу ехырти, аращ. ЯукIыр къуэм дадзэж хъунут. Къэбэрдейр зэры-Къэбэрдейуэ яукIми, хьэдэр къуэм дэз пхуэщIынкъым, абы хуэдизу куущи. Еуэу ираудыхар а къуэм и лъэгум нэсыху нэпкъым ириудэкIыурэ фочышэм имыщIар мывэ къуапэм ящIэнут.

Къуэ кIуэцIым псы тIэкIу дэтти, лъым плъыжь ищIат. Оккупацэм и пэкIэ лы комбинатым я бойнэм къыщIэж псыр къуэм дэлъадэрти, псоми ящIэрт псыежэх тIэкIум тхьэмбылыфэ къытезыгъауэр. Иджы лы комбинатыр ягъэувыIауэ щытщ, псыр сыту пIэрэ лъы защIэ зыщIыр, жаIэу зылъагъур щIэупщIэт.

Къалэм хъыбар щыIуат тату дэс илъэпкъар нэмыцэм яукIынущ, жаIэу. Езы татхэм дыадыгэщ, игъащIэм дызэIыхьэгъуу допсэу, ди бзэр зэтекI щхьэкIэ ди насып зэхэлъщ, жаIэрт, зыкърамыгъэщIэн я гугъэу. Адыгэхэри абыкIэ къэхашэртэкъым. Ауэ нэмыцэр къэгъэпцIэгъуафIэтэкъым.

Татхэр зэрылъэпкъыу ирагъэсыкIыну япэ мурад щащIам, депIэщIэкIынкъым, праздникышхуэм ирихьэлIэу абы хуэдиз цIыху дукIынкъым, жаIэри къызэтеувыIат. ЕтIуанэу я мурадым я ужь щихьэм, Краснэ Армэм къызэпаудащ, Мэздэгу деж нэмыцэм я джабэр щыщIауду хуежьэри. Иджы партизанхэр адэкIэмыдэкIэ къыкъуэкIыурэ къащытеуэ щыIэщи, зэрыхъунур хэт ищIэрэ?

КIураты Ипщэ я бургомистрым иращIар жылэм хэIущIыIу щыхъуащ: бургомистрым и хьэдэр шыдым трагъэтIысхьэри быдэу трапхэжащ зэрызэфIэсу. И Iэ ижьыр шияуэ тхылъымпIэ Iув гуэри иIыгъщ, «Хаиль Гитлер» жиIэу тетхауэ. Хьэдэм и гупэр шыдыпхэмкIэ къэгъэзащи, шхуэмылакIэм и пIэкIэ шыдыкIэр Iэ сэмэгумкIэ иIыгъщ. «Гитлер» псалъэр и кум щызэгуэхащ IыхьитIуи, еджэр мэдыхьэшх.

Бургомистрым и щхьэр къыфIэхуами, и лъакъуитIыр шыд ныбэ щIагъым шыныбэпхым ещхьу щызэпхыжащ. И Iэгъуапэми баш иIуащи, и Iэр шияуэ хьэдэр шыдым тесщ. Зылъагъур щтауэ щIопхъуэ. Хьэдэ шур уэрамым дэтщ, шыдри зэзэмызэ къэувыIэурэ мэхъуакIуэ.

Абы и хъыбар Мысост деж къыщысым, къэгузэващи, къэрэгъул и мыгъусэу лъэбакъуэ пхуичынкъым. Жэщу уэрамым къыдыхьэмэ, лъэбакъуипщI ичыху кIэрахъуэ егъауэ здэкIуэм нэсыху. Мысост и гугъэщ партизан къэщэр

игъащтэу. Ар щызэхихым, Щэбэтыкъуэ и къуэм ауан къыщIащ:

– Шэр хьэулейуэ щхьэ бгъэсрэ? КIэрахъуэ щыбгъауэкIэ зыкъебгъащIэу аращ. ЖэщкIэ хэт укъэзылъагъур? – жиIэри.

Мысост кIэрахъуэ гъэуэныр щигъэтащ. ИтIани абы хуэдизкIэ шынэрти, я псыунэ жыжьэу Iухауэ щытар уэрамым пэгъунэгъути, нэхъ благъэу игъэувыжащ. Джыназ хабзэщ, си псыунэр жыжьэу щытын хуейщ, жиIэу щытати, иджы ауан къамыщIу хъунт?

Ауэрэ Бекъанрэ Апчарэрэ комендатурэм къэблэгъащ. Куэбжэм деж машинэ куэд Iутт. Къэрэгъулхэм автоматхэр я пщэм фIэлът. Коттедж щхьэ папцIэр пхъэбгъу сэрейкIэ къэщIыхьауэ щытати, иджы сэрейм и щIыIужкIэ гъущI кIапсэ банэ телъыжщ.

Бекъан а унэм кIуэн фIэмыфIу жыжьэу гур къигъэувыIащ. Мысост иуцIырхъа тхылъ тIэкIур Апчарэ иритри иутIыпщащ:

– Щэбэтыкъуэ зи нэфI кьыпщыхуам ухуэзэмэ, Чокэ уи дэлъхуу е уи благъэ дыдэу жеIэ. ЕлъэIу, инэралым тхылъ тIэкIу итхыу къыдригъэтыну, «къэвутIыпщыж» жиIэу тету. А зы псалъэ закъуэ мыгъуэм фIэкIа дыхуейтэкъым. Умышынэу занщIэу щIыхьэ, – жиIа щхьэкIэ, езы дадэр шынэрт.

Апчарэ ищIэрт Iэниуар и мурадар – Апчарэ ансамблым хигъэхьэну унафэ ищIауэ зэрыщытар. КъыжезыIари КIурацэт. Иджы Iэниуар сыкъищIэу занщIэу самыубыдащэрэт, жиIэу гузавэрт.

Къэрэгъулыр Апчарэ къыпэуващ, тхылъ тIэкIу хуишияри Iихри куэдрэ еплъащ, итыр къыгурымыIуэу. Мысост итхам езым фIэкI еджэжыф щыIэтэкъым, урысыбзэ зымыщIэ нэмыцэр дауэ еджэнт? ИтIани хъыджэбзыр унэм щIигъэхьащ.

Апчарэ и гур къилъэтыным хуэдэт бжэр щыIуихам. А унэу емынэр къыщцытэджыным щIыхьэм и нэхъыбэр къыщIэкIыжыркъым. ДэнэкIэ щIэсу пIэрэ Iэниуар, жиIэу зиплъыхьырт, мэуэ бжэр къыIуихыу иджыпсту къыхуэзэн и гугъэу. «А-а, уэра Апчарэ хъужыр, си ныбгъуэхьэшым укъихуакъэ иджы, Хьэбибэ си гур щIэгъуамэ, уэри си гур пщIэгъун уи гугъэ? Уэ сыпхурикъунщ иджы», – жиIэу Iэниуар къэувмэ, дауэ хъуну, жиIэу Апчарэ и гум къэкIати, къигъэзэж пэтащ, арщхьэкIэ плъэри – бжэм тетхат нэмыцэбзэкIи урысыбзэкIи «Временный комендант города Нальчика» жиIэу. Апчарэ къэувыIащ, къыхудэшеижыртэкъыми...

Комендантыр нэмыцэ лIы сырыху набдзэ джэху гуэрт, и ныбжьыр хэкIуэтауэ. Апчарэ и фIэщ хъуртэкъым абы хуэдэу гъунэгъуу нэмыцэ илъагъуу. Телъыджэкъэ: нэмыцэ пэтми, цIыхум ещхьщ, жиIэрт игукIэ. Комендантыр Iупэ пIащIэт, нащхъуэт, и пэжьыр къыпыхуауэ и жьэм къэсырт.

– Можно? – жиIэри Апчарэ щIэупщIащ унэм щIыхьа иужь.

– Хаиль Гитлер! – жиIэщ комендатми и Iэр къидзащ. Апчарэ пщIэ къыхуищIу сэлам кърихыу аратэкъым, гитлеровецхэм я сэлам ехыкIэ хъыджэбзым иригъэлъагъум фIэфIти, Апчарэ къыгурыIуакъым: «щIэкI» жиIэу арагъэнщ, жиIэри къигъэзэ-жыным тIэкIут къэнэжар.

Хъыджэбзым иIыгъ тхылъымпIэ тIэкIур, щилъагъум, нэмыцэр урысыбзэкIэ къеупщIащ:

– Сыт мы пIыгъыр? – жиIэри.

– Бургомистр Адыгэунэ Мысост итхащ, – жиIэу Апчарэ и жьэм ерагъыу къыжьэдэкIащ. Адыгэунэр зымыщIыху зы нэмыцэ щымыIэу и гугъэт.

Комендантым и гуфIакIэ жыпым кърихри монокль жыхуаIэ нэ лъэныкъуэ нэгъуджэр зыIуилъхьащ.

Апчарэ игъащIэм илъэгъуатэкъым монокли, плакат сытхэм капиталист монокль Iулъу илъэгъуа фIэкIа. Мысост итхар къэщIэгъуейми, нэмыцэм зыгуэр къыгурыIуа хъунт.

– Уэ урихэт абы?

– Си дэлъхущ. Мутай Чокэ си дэлъхущ. ЗэкъуэшитIым драбынщ. ДызэIыхьлы дыдэщ. Iейуэ дынолъэIу, господин комендант. И адэри жьы хъуащ. И анэри аращ, Iэмал иIэххэмэ...

– Ошн старый, ошн старая, – комендантым и моноклыр зыIуихыжри хъыджэбзым къеупщIащ: «Почему ты не ест ошн старая?» –жиIэри.

Апчарэ жиIэнур ищIэртэкъым. УкIытащи, зипIытI-зихузу щытщ, и нэр игъэупIэрапIэу. НэмыцэбзэкIэ епсэлъэн и гугъати, зы псалъэ дахэ-дахэу къыхуэгупсысыртэкъым.

Комендантым абы гу лъитауэ урысыбзэ дахэ-дахэу имыщIэмкIэ аргуэру къеупщIащ:

– Пэжу уришыпхъу?

Апчарэ щхьэ ищIащ.

– Уадыгэ уэ? Уабориген?

«Абориген» жыхуиIэр Апчарэ ищIэртэкъыми, къэгузэващ, арщхьэкIэ комендантыр бзаджэу фэ теттэкъыми, и нэгум щIэплъащ, сыту пIэрэ мыр зыщIэупщIэр, жиIэу. Абдеж бжэр къыIуихрэ Iэниуар къыщIыхьатэмэ, арат.

Комендантым, тхылъымпIэ тIэкIум еплъри, жиIащ:

– Сымаджэщ укъызыкIэлъыкIуар. ЛIэнущ...

Нэмыцэр къэтэджащ.

«Сыунэхъури сыкъэсэхыжащ, сипхъуэтэну къэтэджащ», – жиIэри, Апчарэ къэкIэзызащ, техьэгъуэ къытехьащ, жыпIэну.

Нэмыцэр блыным фIэлъ картэм бгъэдыхьауэ йоплъ. «Прохладная» жиIэу зытетхам деж IэпхъуамбэкIэ теIэбащ:

– Мыбдеж уи дэлъхур здэщыIэр?

– Тэмэм. Прохладнэр аращ. Военнэ мыгъуэкъым икIи Iэщыхъуэщ. Нацдивизэми хагъэхьакъым. Хагъэхьати, къыхадзыжащ.

– Хагъэхьати, къыхадзыжащ...

Нэмыцэм адыгэ хъыджэбз къыщысхуэзак Iэ тIэкIу сепсэлъэнщ, жи Iэу мурад ищIа хъунт, нэхъ дзыхь къыхуищI хъун папщIэ. ИужькIэ иIуэтэжынщ, Кавказым ис лъэпкъ цIыкIухэм сахэпсэлъыхьащ сыт жиI эу. Байрамышхуэ зи ужь итым ипэ къихуэу цIыхур тIэкIу зэшэлIа хъумэ, ари Iуэхум щыщщ. Аращ генерал Руфф и унафэр.

– Дэ зи ужь дитыр Кавказым ис лъэпкъ цIыкIухэр хуит тщI ыжыну аращ, – жиIэри Линден нэщхъыфIэ-нэщхъыфIэу хъыджэбзым дежкIэ къеплъэкIащ. – Германым фыщымышынэ. Германыр фэ къывдэIэпыкъуну аращ зыхуейр. – Комендантыр урысыбзэри нэмыцэбзэри зэхитхъуэ-зэхипщэу псалъэрти, жиIэр дахэ-дахэу къыпхуэщIэнутэкъым. СтIолым дэлъ тхылъымп Iэ ин гуэри къыдихри Апчарэ къригъэлъэгъуащ. Абы хуэдэ тхылъымпIэ напэ КIурацэ къихьауэ илъэгъуати, абы итыр ищIэрт. Нэмыцэм Къэбэрдейм унафэщI хуагъэуваuэ арат, абы ищIыIужкIэ диныр зыIыгъынур хуитщ, цIыхур псори зэхуэдэщ, мылъку зыугъуеинури хуитщ, цIыхур псори зэхуэдэщ, мылъку зыугъуеинуми иреугъуей, колхоз щы Iэжынукъым, колхозым и пIэкIэ унагъуэ пщIырыпшIу зэгухьэ хъунущ, щIыр щагуэшкIэ нэхъыфIыр зылъысынур нэмыцэм къадэI эпыкъур аращ, советскэ властым щыгугъыр Iыхьэншэщ, жиIэу арат тхылъымпIэшхуэм итыр.

Ди текIуэнычгъэм куэд иIэжкъым, жиIэу комендантыр тхылъым къыщеджэм, и макъыр нэхъ кIащхъэ хъуащ. Дауи мыхъунрэт – куэд щIакъым Елъхъуэт деж ди дзэр къеуэри нэмыцэм я нэпкъпэпкъыр къыщызэхакъутащ. Лъэпкъ ц IыкIухэр хуит зэрыхъужам и саулыкъукIэ праздникышхуэ ящIыну загъэхьэзыр щыжиI эм деж нэсри нэмыцэм и макъым аргуэру зригъэIэтащ:

– КъыбгурыIуа?

– КъызгурыIуащ, тхьэ.

– Уарэзы абыкIэ?

– Дауи.

– УхъыджэбзыфIщ итIанэ, – жиI эри нэмыцэр здэщысам игъэззэжри Мысост итхам еплъу тIысыжащ.

– КхъыIэ, резолюцэ тIэкIу къытетхэ, – жиIэри Апчарэ елъэIуащ. Езыр укIытэжщ, шынэжри и нэкIущхьитIыр плъыжьыбзэ къэхъуащ.

– Айн резолютион? Пожалуйстэ...– жиI эри Линден тхылъымпIэм зыгуэр къытритхащ.

Мысост зэхицIэла тхылъымпIэ напэм и гъунэм тету Апчарэ къеджащ «прюфен» жи Iэу. А псалъэм и щIагъым деж комендантым Iэ тридзэжат.

– Фюрерыр Къэбэрдейми, Балъкъэрми, Шэшэнми – псоми фи телъхьэщ. КъыбгурыIуа? – жиIэри комендантыр Апчарэ къеупщIащ.

– КъызгурыIуащ. КъызгурыIуащ, – жеIэ модрейми, зэзакъуэ сыщIэкIыжащэрэт иджы жиIэу, – псоми яжесIэжынщ нобэ уэ къысхуэпщIар. Праздникышхуэми дыкъэкIуэнщ. – Апчарэ и гум имылъыр жиIэрт, псынщIэу щIэкIыжын и гугъэу.

ИкIи арат. Дакъикъэ фIэкI зимыIэжьэу гуфIэщауэ и Iупэр хузэтемыпIэжу уэрамым къыдэлъэдэжащ.

...Чокэ здэщыIэ лагерыр зыхуэдэр Апчарэ дэнэ щищIэнт, пионер лагеру езыр мызэ-мытIэу здэщыIам иригъэщхьырт. Пионер лагерым куэбжэм деж щытыр пионерщ, мобы сэлэт Iуту арагъэнщ зэрызэщхьэщыкIыр.

Хъыджэбзыр щIемыгъуэжын щхьэкIэ, Бекъан щытхъупсым щысхьыртэкъым хьэщIэу зыхуэкIуэ къэзакъ фызабэм и гугъу щищIкIэ. Зы мэлыкуи а фызым хуишэрт, абы и деж къыщыувыIэн и мурадти.

Апчарэ а фызыр, имылъэгъуа пэтрэ, и нэгум щIэт хуэдэт. Хъыджэбзыр шызакъуэгум къикIауэ лъэсу жэрт, пIыщIати. Комендантым щепсэлъам щыгъупщэжауэ щыта нэмыцэбзэр иджы къищIэжауэ, нэмэзыбзэм хуэдэу къибжырт. Школым щеджэм нэмыцэбзэм хуей хъуну ищIатэмэ, иджынтэкъэ нэхъыфIу.

Абы хуэдизкIэ Бекъан зыщытхъуа къэзакъ фызабэр нэгъуэщI зыгуэр хъуауэ къыщIэкIащ. ЩIалэ цIыкIум дадэр къицIыхужу къыщыгуфIыкIа щхьэкIэ, и анэр ябгэIейт. «ФыкъыщIэмыхьэ, зыIуевгъэх адэ» жимыIэ щхьэкIэ, и нэщхъ зэхэукIам къикIыр арат. Бекъани къэгузэвэжауэ гъуэмылэу къишар гум кърихри мэлыкуэр фызым иритащ. Къэзакъ фызыр лым еплъыххакъым, щIыIэм ис хъыджэбзыр щилъагъум, фIэгуэныхь хъури нэхъ щабэ хъуащ.

– ФытIыс, сыт мыгъуэр пщIэн? – жиIэу.

Пщыхьэщхьэ хъуати, мафIэ ящIри Бекъан сымэ къахьар яшхыу псори зэхэтIысхьэжащ. Фызым и унэм щIэсым и гугъу къигъэхъеящ. Зи гугъу ящIыр жэщ никъуэм дежщ къыщыкIуэжыр, и пIэри хьэзыру щытщ, къызэрысыжу зегъэукIурийри мэжей.

Сытым деж къигъэзэжми, а хьэдэдэшым пэплъэн хуейт. Арат узэупщI хъуну щыIэр – Апчарэ зыщыгугъыр нэмыцэ комендантым и Iэ зытелъ тхылъыр арат.

Жэщыбгым нэсауэ фызыр унэм щIэкIащ, хьэдэдэшым пежьэу унэм щIэсхэм я хъыбар жриIэну ара хъунт.

Куэд дэмыкIыу псалъэмакъ къэIуащ. Хьэдэдэшымрэ фызымрэ зэгъусэу къыщIыхьэжащ. Къэзакъ фызым и гъусэр лIышхуэ гуэрт, и ныбжьыр илъэс тIощIырыпщIым нэсу, нэмыцэ фащи щыгът. И Iэблэм хъыдан хужь къешэкIат. Нэмыцэ кIэрахъуэу «парабеллум» жыхуаIэм хуэдэ кIэрыщIат, лъыгъыр шырыкъу лъапщэ кIыхьт, ятIэ куум зэрыхэтыр

нэрылъагъуу.

– Мис си унэм щIэсыр. Лагерым щолажьэ. ФеупщI, – жиIэри фызыр къэуващ.

Лагерым щылажьэ хьэдэдэшыр, сэлами чэлами жимыIэу, къыщIэпщхьащ.

– Федя, дадэм и къуэр лагерым исщ. ЗыгуэркIэ сэбэп ухуэхъуамэ арат. Iейуэ сфIэгуэныхьщ... – жиIэри фызыр къыщIыхьам елъэIуащ.

Хьэдэдэшыр шэнт щхьэгуэм тетIысхьащ, екIи фIыкIи псалъэ жимыIэу. Дадэм еплъщ, еплъри еупщIащ:

– Командир хьэмэ комиссар? – жиIэри.

– ТIуми щыщкъым. Мутай Чокэ. Аращ и цIэ-унэцIэр. ИгъащIэм дзэм хэтакъым. Iэщыхъуэу хъупIэм итащ.

– Уэ урихэт?

– Сришыпхъущ, – жиIащ Апчарэ дзыхь имыщIыщэу. Унэр нэхъ нэхуу щытамэ, хъыджэбзыр зэрыукIытам гу лъыптэнут, и нэкIущхьитIыр плъыжь къэхъуати. ИтIани модрейм гукIэ къищIащ. Апчарэ жиIэр зэрыпцIыр.

– Уи адэ мор? – жиIэри хьэдэдэшым и щхьэр Бекъан дежкIэ ищIащ, и кIагуэр щихри пIэм щридзэм уэздыгъэнэфыр игъэункIыфI пэтащ. МафIэ бзий тIэкIум Iугъуэ псыгъуэ мащIэ къыпихырт. Къатыр фIеитIыр щыпхыныр нэхъ гугъужт. Лъакъуэ сэмэгум и лъэдакъэр лъапэ ижьым фIигъанэри еIащ. АрщхьэкIэ дэнэ, хъуакъым.

Апчарэ, адыгэ хабзэр ищIэрти, къыщылъэтащ:

– Къащтэ, сэ сеIэнщ, – жиIэри.

Доброволецым игъэщIэгъуащ:

– Сэ щысхыжынщ, – жиIэри идакъым.

Апчарэ шырыкъу фIеитIыр иубыдри еIащ, сыкъеуцIэпI ятIэм жимыIэу. Доброволецым и лъакъуэр фIигъэнат, иримылъэфэжьэн щхьэкIэ. ИтIани къехъулIакъым – шэнтым къещэтэхри унэ лъэгум техуащ. Абы псори игъэдыхьэшхащ. Езы Апчари дыхьэшхырт. Доброволецым и лъакъуэм ешэкIа портянкэр шырыкъу лъапщэм иридзащ, псыф хъуати.

Апчарэ адрей шырыкъуми еIащ.

– Пыбоч си лъакъуэр, – жиIэу къэрэгъулыр къэгумэщIащ.

Апчарэ аргуэру дыхьэшхырт.

– Умыгузавэ…

Шырыкъу щыхыным псори нэжэгужэ ищIащ. И гурыфI къикIа щIыкIэ жиIэри къэзакъ фызыр аргуэру къэлъэIуащ:

– Федя, ядэIэпыкъу, хъуххэнумэ. Плъагъуркъэ зэрыцIыху дыщэхэр.

Хьэдэдэшыр папщэу щыст. Абы жиIэнум Апчарэ пэплъэрт, и нитIыр къыихуу. Гъуэмылэу къэтшар къасщтэу едгъэшхатэмэ, и гур нэхъ щабэ мыхъуну пIэрэт, жиIэу арат и гум къэкIар.

– ДэIэпыкъугъуафIэ уи гугъэ? Хэт узэупщIынур: «Уэра

Мутай-бжьэтай жыхуаIэр», – жыпIэу. Мин дапщэ ис Iуэм? Зым и унэцIи и цIи ящIэркъым. Номер яIэмэ, зэфIэкIащ. Мыпсэужы-ххэми хэт ищIэрэ?

Иджыри къэс Бекъан зиIыгъа щхьэкIэ, занщIэу къыщиудащ гъыуэ. Дадэм гъы нэпцI зищIу хьэдэдэшым игу зыщIигъэгъун и гугъати, гъыпэрт зыхуэмыубыдыжу. ЩIалэ цIыкIур щтэри пхъуантэ ин гуэрым тетIысхьауэ ари магъ.

Апчарэ дадэр игъэудэIуну и ужь итщ:

– Дадэ, щыгъэт, куэдщ, угъкIэ сыт хуэпщIэн? КхъыIэ, щыгъэт, тхьэм щхьэкIэ, куэдщ, на...– жиIэу.

Бекъан къыгурыIуэжащ гъыкIэ мыхьэнэ зэримыIэр, ауэ зыхуэубыдыжыркъым. Къызэтреч, и гур зэгуоуд, зэщIэкIэзызэу зэщыджэу, зыгуэрхэри къибжурэ магъ, «уэх, уэх, уэх» жиIэу. Унэм щIэсхэри щым хъуащи, зым зы псалъи хужыIэжыркъым. МащIэ-мащIэурэ дадэр удэIужащ, и нэпсыр и пыIэмкIэ илъэщIыжри:

– Алыхьым и цIэщ, алыхь щыIэуи си фIэщ хъужмэ. ЩыIэмэ, абы хуэдиз хьэзаб цIыхум ягъэву щхьэ ишэчрэ? Цыхур и пIэм икIащ. Гу якIуэцIылъыжккъым. Я гур мывэм хуэдэщ. Зым зыр хиутэу, лъэгущIэтын ищIауэ. Ар дауэ? Дыгъужь дыдэми хабзэ гуэр яхэлъщ. ЦIыхур хьэкIэкхъуэкIэм нэхърэ нэхъ Iей хъуащ.

Добровoлецым зыри жимыIэу дадэм жиIэм едаIуэрт, зэзэмызэкIэ Апчарэ дежкIэ еплъэкIыу. И гур дадэм щIэмыгъуа дэнэ къэна, нэхъ зэгуигъэпащ. Езыр суткэ псо мэхъури жыхьэнмэм и курыкупсэм хэтщ, тIэкIу зызгъэпсэхунщ, жиIэу къэкIуэжамэ, мо къэкIуахэр къылъит Iысхьауэ щысщ. ЯщIэкIияуэ щIэхужын хуейщ тIури.

Бекъан, къэгумэщIауэ, урысыбзэри адыгэбзэри зэхитхъуэу псалъэрти, сыту жьакIуэ бэлыхь хъуа лIыжьыр жыпIэнт. Абы жиIэм и нэхъыбитIыр зыжриIэм къыгурыIуэртэкъым, ауэ жиIэу и гугъэжыр мырат:

– Си щIалэ, укъэзылъхуар цIыхущ. Хьэм къалъхур хьэ мэхъу, цIыхум къалъхур цIыху хуэдэ цIыхуу щытын хуейщ. Уи адэри уи анэ укъэзылъхуари гуфIагъэнт уэ дунейм укъыщытехьа махуэм. БыдзышэкIэ уапIащ, фIыкIэ къыпщыгугъыу, укъэзылъхуам хуэдэу ухъужын я гугъэу. Ухуэди хъунщ, тхьэм жиIэмэ, нобэ хуэдэ гузэвэгъуэм цIыху дэхуэхам удэIэпыкъумэ. А зы щIалэ закъуэр аращ сэ сиIэр. Нобэ дунейм сехыжмэ, си лъахэм къинэну сызыщыгугъыр аращ. Ягъэ кIынкъым, къыздэIэпыкъу, си жьэгу пащхьэ пэрысын сиIэу сыгъалIэ... Уэри уригъусэу накIуэ. Уахэмыт нэмыцэм, а узыхэт хьэкIэкхъуэкIэм укъамыгъуэтыну сэ гъэпщкIупIэ къыфхуэзгъуэтынщ. Бгъуэнщ Iагъ къыфхуэзгъуэтынщ къабзэлъабзэу. Зауэр яухыхукIэ щIэс, хьэуэ жыпIэрэ, партизан щыIэу жаIэ, яхыхьэж...

Дадэм жиIэнур жиIэху, Апчарэ гъуэмылэ къашам щыщ стIолым къытрилъхьащ: джэдыл, кхъуей, чыржын, аркъэ

птулъкIэ. Дзэху крушкIэжьым аркъэ къыхуригъахъуэри къыхуи-гъэкIуэтащ.

Къэзакъ фызыр ФедякIэ зэджэм крушкIэр къищтэри епэмащ. ЛIыр, зыри жимыIэу, унэ лъэгум еплъу щыст, дадэм жиIам игъэгупсыса хъунщ, жыпIэу.

– Ефэ, си щIалэ. УигъэлIэнкъым, умыгузавэ, – жиIащ дадэм, «гын хэлъу и мыгугъэу пIэрэ» жыхуиIэу. Сэ сыхэфыкIмэ, и фIэщ хъункъэ, жиIэу дадэр Iэбащ крушкIэр къыIихыну. Арщхьэк Iэ доброволецым идакъым, и Iупэр илъэщIри зы Iубыгъуэу ирикIыхащ крушкIэм итыр. Апчари арэзы хъуауэ джэдылыр къыхуигъэкIуэтащ.

– Сыхуэза си гугъэжщ зи гугъу фщIым, – жиIэри доброволецым дадэр къигъэбырсеящ, – НКВД-м яхэту къаубыдащ. Нэмыцэм къапэщIэхуар зыхуэдэм гу щылъатэм щIагуащ, лIэхукIэ дуней ебгъэлъагъу хъунукъым, жаIэри. Машинэ фIыцIэжькIэ къашащ. Щыгъын щIэрыпс ящыгъти, щаудри хьэбыршыбырыжь гуэркIэ яхуэпауэ блыным ирагъэувэлIат яукIынуи, зыгуэр къэсри къызэтригъэувыIащ зэ фымыпIащIэ, жиIэри. Хьэмэму щыта унэм псы иракIэу кумб иIэти, а кумбым ирадзащ, лэжьапIи сыти ямыгъакIуэу. Махуэ къэс нартыхущхьэ тIурытI ират: пщэдджыжьым зырыз, пщыхьэщхьэм зырыз. Гестапэм я следователь къэкIуэну жаIэри пагъаплъэ, армыхъумэ зэрырагъэсыкIрэ куэд щIат. – Доброволецым, тутын ныкъуэфым теувэу игъэункIыфIа иужь, джэдылым зритащ. – Партизан отрядым я штабым и начальникыу аращ жаIэр.

– Хэт и партизан штаб, – жиIэри Апчарэ здэщысым къилъащ, – Iэщыхъуэ штабщ. НКВД-ми игъащIэм хэтакъым. ПщIэрэ, гъэ къэс ди Iэщыр хъупIэм яху. Колхоз къэс хуагуэшащ хъупIэри, штаб яIэщ, Iэщыхъуэм я Iуэху зэрагъэзахуэу.

Аращ и пэри и кIэри. Iэщыхъуэ зэфIэнэмэ, зэригъэкIуэжу фIэкIа игъащIэм къайгъэ хэтакъым. Уи фIэщ мыхъумэ, мис тхылъи тIыгъщ, – жиIэри Апчарэ комендантым и Iэ зытелъ тхылъымпIэ тIэкIур къыхуишиящ, – мэ еплъ, езы комендантым и Iэ телъщ.

Федя, Iэ лъэныкъуэмкIэ джэдылыр иIыгъти, адрей Iэ лъэныкъуэмкIэ тхылъ тIэкIур къыIихри итым къеджащ, къеджэгъуафIэу щымыт пэтми. Доброволецым IупщIэ ищIащ, тхылъыр кIэп IейкIэ и уасэу къимылъытэу. Зыри жимыIэуи къезытам иритыжащ:

– Зэран фIэкIа сэбэп хъунукъым, – жиIэри дзэху крушкIэм аркъэ иригъэхъуащ.

Апчарэ ар и гум техуакъым:

– Догуэ, я фIэщ пхуэщIынукъэ Чокэ НКВД-м зэрыхэмытар?

– Хэт зи фIэщ пщIынур? КъытпэщIэхуар лIы бэлыхь гуэрхэщ, жаIэри езыхэр якIэлъоплъ. Хэт «фызыщымыгугъын фыщымыгугъ» жиIэу бгъэувынур? Следователыр къакIуэмэ,

зэхигъэкIынщ.

– Федя, нтIэ зыри пщIэ мыхъуну ара? – жиIэри къэзакъ фызыр щIэупщIащ, къэгъыным хуэдэу.

Доброволецым зыри жимыIэу зиущэхужащ.

Бекъани и гур кIуэдыпащ. Сыт иджы узыщыгугъынур? Къалащхьэу дадэр зыщыгугъар комендантым и резолюцэр арати, ари зыми щымыщу къыщIокI. Бгым джэдыкIэкIэ еуэ.

Аркъэ птулъкIэр нэщI ищIри доброволецым и шырыкъур лъитIэгъэжащ.

– СыкIуэнщи, сыплъэнщ. Нэхъапэ щIыкIэ зыгуэр къэсщIэн хуейщ, – жиIэри щIэкIащ.

– Ялыхь, дыкъолъагъу, – жиIащ Бекъан.

– Къэзгъэзэжыху фыкъыспэплъэ, Ауэ фи щхьэр унэм къыщIэвмыгъэж. Фи пэр паупщIынщ.

## 5. ГЪУЩІ КІАПСЭ БАНЭ

УщIэмыкI жаIа щхьэкIэ, дадэр, хуэмышыIэу, мызэ-мытIэу пщIантIэм дыхьэурэ доброволецым пэплъэу дэтт. Апчари и пIэм изэгъэжыртэкъым. Жэщри кIыфIт, хьэ къарэм хуэдэу. Зэзэмызэ хьэ банэ макъ къэIурт. Бекъан, етIысэхыурэ зыщIэплъ щхьэкIэ, зыри илъагъуртэкъым. Уэс мащIэ тIэкIу къесырт. Пэхур зэрыжьэгъуашхэр зэхыбох. Гу Іэуэлъауэ къэмыIуу пIэрэ? Тэмэм. Хьэдэ гулъэ даш тевэву. Федя жыхуаIэри щIым кIуэцIрыхуащ жыпIэнщ. Аркъэм чэф ищIу зигъэукIурияуэ щылъу пIэрэ? Дадэр, пIыщIати, унэм щIыхьэжащ.

– КъэкIуэжыркъэ?

– Уэлэхьи, къэмыкIуэж.

– КъэкIуэжынщ, фымыгузавэ, – жиIэрт къэзакъ фызым, – ткIиифэ тет щхьэкIэ, цIыху Іейкъым. ГуфI кIуэцIылъщ. ФIэфIу яхэт уи гугъэ нэмыцэм? УIэгъэ хъури япэщIэхуащ. Хьэдэдэшу яIэщ. Керчь деж плен щыхъуауэ жеIэ.

Апчарэ и гум къэкIыжащ Локотош Керчь къыщыхъуауэ жиIэжу щытар. Езы капитаныр пкъом тесу тенджызым къызэпрысыкIауэ жиIащ.

Къэзакъ фызым нэмыцэ журнал къиштэри къаригъэлъэгъуащ «Дранг нах Остэн» жиIэу. Журналым и кум деж напэкIуэцIитIым ихуэ къудейуэ сурэт итт: Гитлер генерал гуэрым ІэплIэ хуищIауэ. А тIум нэмыщIкIэ сурэтым итт плену яубыда къомыр зэхэту. Абы дамыгъэ тещIауэ зылI яхэтти, ар Федяу къыщIэкIащ. Доброволецым иIыгът а журналыр и сурэтыр къицIыхужауэ. КъызэупщIIамэ, езгъэлъагъунщ, жиIэу. Федя джанэ щыгъэтэкъым. И дамэпкъыр пхат. Апчарэ къыгурыIуэртэкъым, абы хуэдиз зи куэдагъыр плен щхьэ хъуа, жиIэу.

Зы минкъым, минитIкъым.

УэздыгъэнэфырynкIыфIыным нэсат, унэр кIыфIти, сурэтым итыр дахэ-дахэу плъагъуртэкъым. Къэзакъ фызыр и щIалэ цIыкIум бгъурыгъуалъхьэри Iурихащи, Бекъанрэ Апчарэрэ щэхуу фIэкIа зэпсалъэ хъуркъым. Унэри щIыIэ хъуащ, хьэкур упщIыIужащи.

Зэанэзэкъуэр мэпырхъ, мэIуэщхъу.

Апчарэ и гум Иринэ къэкIащ. Куэд щIауэ илъэгъуакъым Данэ цIыкIуи. Иринэ ищIэу пIэрэ Сталиным «ди хьэмтетыгъуэр къэсынщ» жиIэу цIыхур къызэригъэгугъар? Гитлери праздник фхуэсщIынущ, жи. Дэтхэнэр арауэ пIэрэ а праздникитIым ящыщу нэхъапэ цIыхум я нэгум щIэкIынур? Октябрьскэ праздникыр Гитлер и праздникым темыкIуэну пIэрэ?

ТIэкIу-тIэкIуурэ Апчарэ хелъафэ. ПраздникитIыр шитI къызэдэжэм хуэдэу къыфIощI. Апчарэ мащIэрэ кIуа Налшык шыгъэжапIэм. Адыгэм шыгъажэр зыми халъхьэркъым, я Iуэху къагъанэу шыгъажэм щыкIуэ дапщэ ухуей? Колхозхэр нэхъыбэу щызэныкъуэкъур аращ.

Апчарэ къыфIощI зы праздникыр шы къарэм ещхьу. Ар Гитлер и праздникыр аращ. Адрейр шы пщIэгъуалэ уи гугъэ? Хьэуэ, Щэулэхъущ, и сокур кIыру жьым зэрихьэу. Тесри езы Апчарэщ. Хъыджэбзым и IэмыщIэ илъ хуэдэщ праздник дахэр, дэм къыхащIыкIа ныпым ещхьу. Данэ цIыкIуи къыздикIар имыщIэу Апчарэ къыхуозэ: «Iапэ, дадэ нэхърэ нэхъыфIу шым утесщ», – жиIэу. «Си дади уи гъусэ?» –жеIэри Данэ цIыкIу удз дахэ къифыщIар Апчарэ кърет. Удз дахэр къэрабэ гъуэжь цIыкIу защIэщ. Хьэбиби къыхуэзащи, и пхъум къохъуэхъу: «ЦIыху уогъэгуфIэри, си хъыджэбз, цIыхум уагъэгуфIэнщ. Яхуэхь праздник дахэр адыгэми, шэшэнми, мышкъышми, къущхьэми – гъэгуфIэ псори. Щэулэхъу шы бланэщ, дэни унихьэсынщ», – жиIэу. Данэ цIыкIу аргуэру утыкум къолъадэ: «Iапэ, си дади етыж удз дахэ уэстам щыщ», – жиIэу Апчарэ и шым йолъэдэкъауэри уэгум иту макIуэ. Щэулэхъу и сокумрэ Апчарэ и щхьэцымрэ жьым зэхилъэхъа пэтми, хъыджэбзыр шым йолъэдэкъауэ. Шыр къуршым, мэзым, псым елъэу макIуэ. Чопракъи, къиуащи, нэри пэри ехь. Нэпкъ лъагэм шыр напIэзыпIэм долъэтри борэным яфыщIа жыгышхуэхэр уолъагъу. Ауэ ар жыгыу плъагъу щхьэкIэ, жыгкъым. Хьэбибэ, Данизэт, Иринэ сымэ щхьэпцIэу, я щхьэцыр жьым зэрихьэу, я Iэр яIэтауэ къолъаIуэ, дэри губгъуэм дыкъивмынэ, жаIэу. Апчарэ мэкIий: «Фымыгузавэ, дэри ди дунейр дахэ хъужауэ флъагъунщ», – жиIэу. Апчарэ кIийуэ къыфIэщI щхьэкIэ, и макъыр езым зэхихыжыркъым...

Бжэр къэкIыргъри, Апчарэ къэушыжащ. Дадэри къыщылъэтащ, и къуэр ара и гугъэри. КъыщIыхьэжар хьэдэдэшыр арат.

– Плъэгъуа? Ухуэза?

Хьэдэдэшым зыри жимыIэу зетIэщIыж. Хьэдэ дашам Чокэ

и хьэдэри яхэлъу пIэрэ, жиIэу Бекъан и гур аргуэру кIуэдащ.

Доброволецыр етIысэхащ.

– Зевгъэхь икIэщIыпIэкIэ. КъывгурыIуа? Зевгъэхь, тIуми фи лъакъуэр зэпамыуд щIыкIэ, – аращ доброволецым жэуапу къыпахыр.

Бекъан, ищIэнур имыщIэу, и нэр игъэупIэрапIэрт.

– Си щIалэр псэу? А зыр къызжеIэ:

– ИсыкIыным тIэкIущ къэнар.

Апчари къэгузэващи, къыщиуду гъын къудейщ.

– Хуэшэчакъым, тхьэмыщкIэ, – жиIэри къэзакъ фызыр къэушыжати жиIащ, – мы щIыIэ махуэм ятIэм ухэлъмэ, уамыгъашхэмэ, хэт хуэшэчын? Нартыху къудейуэ яхурикъун иратыркъым. Листовкэм иратхэ: «Плену зыкъыдэзытым котелокрэ лошкIэрэ иIыгъыу кърекIуэ», – жаIэри. ЛIо котелок зэрыпщIынур, яшхын иумыту? Яшхын дэнэ къэна, тегъуэлъхьэну хьэуазэ иратыркъым. Жэщым ятIэм хэщтыхьауэ пщэдджыжькIэ къыхатхъыж. Хэт хуэшэчын ар?

– Уэри сыт ущIэгъыр? Къэзгъуэтащ. Чокэкъэ и цIэр?

– Чокэщ, тхьэ.

– Псэущ. Кумбым илъщ.

Бекъан къэкIэзызащ, Чокэ и хъыбар щызэхихым. ЗанщIэу и лъакъуэм зыщIэздзэу щхьэ семылъэIурэ, жиIэу и нитIыр къиухурт. ЗыщIидзэнуи къыщIэкIынт, доброволецым идэнутэмэ.

Чокэу зыхуэгузавэр нобэ хуит пщIыжмэ, лъэбакъуэ ичыфынукъым, лIэнкъэнэну сымаджэ хьэлъэу кумбым илъщ. Ауэ Федор мурад ищIар дзыхь ищIу зыжриIэн дунейм теткъым. Лагерым Iутхэр къеупщIат: «Мо унэм Iут шызакъуэгур дэнэ къикIа?» – жаIэуи, доброволецым имыщIэ хуэдэ зищIащ. Дадэмрэ хъыджэбзымрэ икIэщIыпIэкIэ зыIурамыгъэхмэ, джэдылIэм ихьа бабыщым ещхьу хъунущ. Шыри фIагъэжынщи, яшхынщ. Чоки нобэ лIэн, пщэдей лIэн, цIыху хъужу и адэм илъагъуну ущыгугъ хъунукъым. Федор и мурадым и ужь итынщ. ЯдэIэпыкъуну къыщигъэгугъакIэ. Гестаповецхэм я нэфI къызэрыщыхуащи, гурыщхъуэ къыхуащIыркъым. Къэрэгъулхэм джэдыл сыт ептмэ, аркъэ ебгъафэмэ, узыхуейр къыпхуащIэнт. МэжалIэр пленым я закъуэкъым. ХъумакIуэхэри мэмэжалIэ, ирагъэшхыр концентратщи, я гур щыкIащ. Ари урикъуу къуату щытамэ, зыгуэрт. Федор и гум илъыр мырат: жэщым, хьэдэ щыдишым деж, хьэдэ къомым я щIагъым Чокэр щIилъхьэнщи, кумбым ишэнщ. Дадэм къыхуиша щыгъынри нэхъапэ щIыкIэ кумбым ишэнщи, иридзэнщ, Чокэ зыщитIагъэу ежьэжын хуэдэу.

И мурадым и щхьэ тричу псори жимыIами, Федор гуригъэIуащ дадэм и къуэм IущIэнкIэ зэрыхъунур. Дадэр къэгумэщIащ:

– ЖеIэт мыбы, Чокэ си къуэщ. Абы хуэдэ къабзэу мыри къуэ сощI. Нобэ нрекIуэ си деж. БгъуэнщIагъ дапщэ ухуей? И

шхын-ри си Iуэхущ. Нэмыцэм хьищэ нашэу нэкIуами, къамыгъуэтыну увыIэпIэ къахуэзгъуэтынщ, – жиIэу хъыджэбзым елъэIурт.

– Фи щIалэм здэкIуэнур ищIэрэ?

Ар Iуэхум щыщт. Чокэ дэнэ щищIэн Бекъан зыщIэса унэр бомбэм хьэбэсабэ зэрищIар, зэлIзэфызыр фермэм зэрыIэпхъуар. ИщIэу щытами, зэфIэкIащ.

Доброволецым абы къыфIигъэкIакъым. Сэри сынэкIуэнщ сыт жиIэу къэбгъэгугъэ хъурэт. Ит Iани дадэм псалъэ гуапэ жиIам папщIэ фIыщIэ хуищIащ.

– Тхылъ тIэкIу хуэттх хъуну? – жиIэри Апчарэ щIэупщIащ.

Хьэдэдэшыр тIэк Iу гупсысэри:

– Тхы тIэкIу дыдэ. Чыржыныр зэгуагъэжми къамыгъуэтын хуэдэу, – жиIащ.

Апчарэ уэздыгъэнэфым бгъэдэтIысхьащ, тхылъымпIэ тIэкIу къигъуэтри.

– Йрикъун?

– Ирикъунщ. ЗэкIуэцIышыхьи, хэлъхьэ.

Апчарэ щIагъыбзэ защIэкIэ тхэфынут, и хъэтIри цIыкIути, нэм къыфIэнэ къудейт. Чокэ зыхуэсакъын хуейр Мысостт. Iуэм къикIыжауэ илъагъумэ, лъэбакъуэ иригъэчынкъым, тхылъым Iэ тридзэу дадэм кърита щхьэкIэ, уи дзыхь ебгъэзмэ, укIуэдащ. ЗанщIэу къэхэшэнщи, аргуэру Iуэм къалъэфыжынщ. Щымыхъужми, и щхьэр чырбыш заводым ихьмэ, нэхъыфIщ, ауэ здэкIуэн хуейр Щынэхужьыкъуэ дэт фермэр аращ.

Итха илъэпкъыр щIагъыбзэ защIэкIэ итхащи, Чокэ къыгурыIуащэрэт. Апчарэрэ Чокэрэ зэхуэзэмэ, зэпсалъэу щытащ щ Iагъыбзэкlэ, хэт щыту къэдаIуэми, зыми къыгурымыIуэу. Ар и гум къэкIыжынщ Чокэ.

Жэщыр хэкIуэтащ. Тэрч ауз къыдиху пшагъуэр щIым тегъуэлъхьауэ зыри плъагъуркъым. Бекъан сымэ къежьэжын хуейуэ арати, аргуэру хъуэхъуащ:

– Алыхьым дыщогугъ, алыхьым иужькIэ дызыщыгугъыр уэращи, уи мурадыр тхьэм къуигъэхъулIэ, тхьэм фI ыкIэ дызэхуигъазэ.

– Зевгъэхь, зевгъэхь, – жиIэу доброволецри зэщIэдэIукIырт, зыгуэр къэмыкIуэу п Iэрэ, жиIэу.

Апчари итха тIэкIур тутыным ещхьу ишыхьри нэмыцэ сигарет зэрылъ коробкэм хилъхьащ. Доброволецыр еплъмэ: ари сигаретым ещхьти хъунущ, жиIэри и жыпым ирилъхьащ. Гъуэмылэ къомри доброволецым къигъэнащ, и нэхъыбитIыр Чокэ иригъэшхыурэ къызэфIигъэувэжын и мураду. Арыншэу хъунутэкъым, Чокэ лъэрымыхь дыдэщ.

Доброволецым Чокэр Iэджэри илъэгъуат. Чокэ щыгъуэлъыжкIэ мывэ пцIанэм темылъын щхьэкIэ нартыху жэпкъитху уэншэкум хуэдэу и Iэти, тегъуалъхьэрт. Нартыху жэпкъитхум

укъытещэти хъурэ, загъазэ мыхъуу цIыхур зэхэлъщ, зым зыр игъэхуабэу. УпщIэ зэхэчэтхъа тIэкIуи иIэу ар и тепIэнщ. А упщIэ тIэкIур лIыжь гуэрым нэмэзлыкъ хуэдэу иIэти, дадэр щылIэм упщIэ тIэкIур Чокэ къыхуэнат. Дадэр щIагъэтIысари мырат: красноармеец гуэр, уIэгъэ хъуауэ къуэм дэлъу щилъагъум, и унэ ихьри игъэпщкIуат. Нэмэзлыкъым тесу дадэр алыхьым дапщэрэ елъэIуа: «Ялыхь, нэмыцэ мыбы хуэдиз хьэзаб ттезыгъэлъым лъэпкъ кIуэдыр къахуэгъакIуэ», – жиIэу.

Дадэр шхын щхьэкIэ лIащ, и псалъэр алыхьым деж нэмысурэ.

Чокэ щIэину къыхуэна нэмэзлыкъ тIэкIум щхьэкIэ нэгъуэщI гуэр къыфIэнащ: «УолIэри уолIэ, уи тепIэн тIэкIур сэ къызэт», – жиIэри. Чокэ иритын идакъым. ЛIы ныкъуэлIитIым упщIэ тIэкIур зэпаубыдауэ зэрытхьэлэу Федор къилъэгъуати, Iэжьэгъу яхуэхъуащ – тIуми ещхьэфауэри пэнцIывкIэ щIригъэсат. Чокэ упщIэ тIэкIур къыхуэнащ.

Куэд щIакъым, лагерым плену зыкъом щIэуэ къахуащ. Нацдивизэм хэтауэ щытахэр арауэ жаIэ. Чопракъ аузыр нэмыцэм щратым Якъуб едэIуэн зымыдахэм я Iэщэр иригъэгъэтIылъри лагерым кърагъэхуащ. Аращ Чопракъ аузым тету теува Бешто Якъуб и ней зыщцыхуам ярищIар. И нэфI зыщцыхуа илъэпкъыр легионер отряд зэхишэм хигъэхьауэ нэмыцэ фащэкIэ ихуэпэну и ужь итащ.

ЩIэуэ къашахэм яхэтт Чокэ къэзыцIыхуи, яшэурэ къеупщIащ: «Мутай Чокэ зи начальникыу щыта штабыр зи штаб лъэпкъыр сыт?» – жаIэу. Нэмыцэм Iэщыхъуэ штаб жыхуаIэр дэнэ щащIэнт. Абыхэм жаIэри я фIэщ мыхъуу Чокэр кумбым кърамыгъэкIыу яIыгът.

Лагерым и начальникыр хуежьат щIэуэ къэкIуахэм ящыщ къэрэгъул сыту игъэувынуи, зыми идакъым. Игъэшынэн и хьисэпу псоми ялъагъуу лIищ еуэри иукIащ, итIани адрейхэм яхэзэгъакъым. Дыгъуаси зыкъом къахуащ. Тутнакъэщым щIэса къом эвакуацэ ящIу нэмыцэр ялъэщIыхьэри я хъумакIуэм щыщ я гъусэу къаубыдати, къэрэгъул хъун абы къыхашащ. Тутнакъэщым щIэсар зыхъумэу щытар иджы тутнакъ хъуауэ япэм яхъумэу щытам ящыщ къыщхьэщагъэуващи, я лъыр ирафынущ. Тутнакъэщым щIэсахэр щхьэхуэу яIыгъщ, лэжьапIэ яшэ, махуэ къэс лэпс шынакъ зырызи ират.

Лагерым къахуа къомым я унафэ зыщIыну къагъэкIуари хэт? Къазыхъуэ Мухъутарщ. Щынэхужьыкъуэ къыщаубыда парашютистыр Чокэ къыхуэзэмэ, зэфIэкIащ. Ар къэкIуауи къэмыкIуауи Чокэ и пщIыхьэпIэм къыхэхуэркъым.

Зэгуэр нартыху гулъэ къашэу пленхэм щыхуагуэшым, Мухъутар къахэплъэу зыкъомрэ щытащ, уеблэмэ Чокэри илъэгъуагъэнщ, ауэ къыцIыхужакъым. Езы Чокэ къимыцIыхужу къэнэнт – Къазыхъуэр зэрыщытат, Чокэ и фэр икIа щхьэкIэ. Ар

къэкIуауэ щилъагъум, Чокэ и жьэр къыщIэхуащ: «Сэращ мыр къыщIэкIуар», – жиIэри.

Къазыхъуэм дэнэ къэна, Чокэ къэзылъхуа и анэ дыдэм къыхуэцIыхужынтэкъым, апхуэдизкIэ зэщIэкIэжат, фIейт, фейцейт, хьэдафэ тетти. И нитIым фIэкIа щыщ къэнэжатэкъым. Мухъутар жыжьэу щытти, Чокэ и нитIыр илъагъуртэкъым.

Зы махуи щымыIэу Къазыхъуэм игъэзэжащ. Чокэ, ар имыщIэу, Мухъутар сыхуэзэмэ, жиIэу шынэрти, кумб зэрысым къимыкIыу ист. Чопракъ ауз дэсу щытам Чокэ къыжраIат Якъуб зэхищIыхьари, икъукIэ зыхищIащ, игуми щIыхьащ. «Сытым ущыгугъыжын иджы?» – жиIэу хъыбарыр шэуэ техуащ. Арыншэми, Чокэ и псэр пыт къудейщ. Нэгъабэ лIам ялъэщIыхьэжыным къэнэжар зытIэкIущ.

Федору плъагъум и нэфI Чокэ къыщыхуащи, ар зыхуихьынур мыдрейми къыхуэщIэркъым. Куэд щIауэ зыщыужа шхыныр щэхуу къритурэ ирегъэшх, зэзэмызи къыщепсалъэ щыIэщ. Федор «мыбы и къарур дапщэщ къихьэжу лъэрызехьэ хъужыну пIэрэ?» – жиIэу и ужь къиту Чокэ и фIэщ хъуххэнукъым...

Апчарэрэ Бекъанрэ гъуэгум здытетым зэгупсысыр ар дыдэр арати, Бекъан щIэупщIащ:

– Ярэби, дыкъимыгъапцIэу пIэрэ?

Шызакъуэгур хуэмурэ кIуэрт. УзэщIэдэIукIми, хьэ банэ макъ къэIуу зэхэпхыжыртэкъым. Пшагъуэри Iувщи, прожектор блэуэ дэнэ щыплъагъун?

– Якъуб деж дыкIуамэ, хъунт. Къэбэрдейм я тетым дегъэлъэIу. Зыгуэр къытхуищIэнщ, – жиIащ Апчари, Якъуб ущыгугъ зэрымыхъунур ищIэ пэтрэ.

– Къэбэрдейр и IэмыщIэ илъ щхьэкIэ, а гъуамэм ухэзэгъэн?

– Дегъэплъ.

Гур хуэмурэ макIуэ. Гъуэгур плъагъуркъым, Пэхур мыгъуащэмэ, аращ. Шыр щхьэхьу макIуэ, мыл зытеувэр игъэщащэу. Доброволецымрэ къэзакъ фызымрэ къыдэмыкIуэтэжу дадэр кърагъэжьэжащи, и гум техуэркъым: зыгуэр къытхуащIэну я мурадамэ, тIэкIу къыддэкIуэтэнт, жиIэу Бекъан зыри и фIэщ хъужыркъым, лагерым и начальник дыдэм деж ущIыхьи хъунукъэ, Апчарэ тэрмэш хъарзынэт.

Апчарэ, зиущэхуащи, тхьэм ещIэ зэгупсысыр. Хъыджэбзым и фIэщ хъурт доброволецым жиIар, хьэдэдэшым дыкъыщигъэгугъакIэ, зыгуэр къытхуищIэнщ, жиIэу щыгугъырт. Гъуэгум гуэбэн иригъэщIауэ Апчарэ, ешати, и жеини къэкIуауэ щхьэукъуэрт, итIани, къыщIэкIар имыщIэу, капитаныр и гум къэкIауэ и нэгу щIэт хуэдэт.

Дадэм игури Локотош деж жащ:

– Йод тIэкIу диIам, аратэкъэ.

Бекъан и къуэми Локотоши – тIуми яхуэгузавэрт, нэхъыбэу

зыхуэгузавэр имыщIэу. Умыгузавэуи хъунт? Къуршым бзаджэнаджэ мащIэ ит, адэкIэ-мыдэкIэ къыкъуэхуу? Абы ящыщ гуэр е хак Iуэм, е Локотош къыхуозэ. Дауэ хъуну итIанэ? Сыт лъэкIын Данизэт?

– УI эгъэтелъхьэ уиIэ? Пластырь жыхуаIэр?

– Дэнэ къисхауэ.

– Сэ сщIэрэ? Бжьын гъэжьар псынщIэу мэупщIыIуж. Данизэт кIэлъыплъыр?

– Аращ дохутыру дыкъызыхуэнар, – жиIэри дадэр Апчарэ дежкIэ къеплъэкIащ, зыгуэркIэ гурыщхъуэ ищIа хъунти. Апчарэ фермэм кIуэуэ Локотош сэбэп хуэхъумэ, зэрыфIэфI ым дадэм гу лъимытэу къэнакъым. Апчарэ дэIэпыкъуэгъу хъарзынэ хъунут, ит Iани дадэм ф IэфIтэкъым хъыджэбзыр капитаным хуэзэну.

– Шыми лIыми якIэлъыплъмэ, зи...

– Сызэрынэсыжу танэ яхуэзукIынщ. Зыкъреужьыж сымаджэми, танэлым къару къритынщ. Уэри унэкIуамэ, хъарзынэ хъунут, шынагъуэщ жумыIэмэ. Мысост упэщ Iэхуэмэ, узэрыхъунур пщIэрэ? КъэфакIуэ ансамблым ухагъэхьэну укъалъыхъуэу зэхэсхащ. Пэжи, пцIыи? УкъагъапцIэрэ ныбгъуэхьэшым ураубыдэмэ, дауэ хъуну? МысыхьэткIэ бургомистрым зыщыпхъумэмэ, нэхъыфIщ...

– Мыныбгъуэхьэшуи щ Iы. Нэмыцэ праздникым сэ сыкъыщыфэуи?! Алыхьым жимыIэкI э, лъэмбытI закъуэ счынкъым.

– Упсэу.

– Ди хьэмтетыгъуэр къэсмэ, аращ сэ сыкъыщыфэнур.

– Быдэ и анэ гъыркъым, жи. Зыхуэсакъыж.

– Зыкъезгъэгъуэтынкъым. Умыгузавэ.

– Сэри си нэIэ птезгъэтынщ. Зыгуэр къэхъужыкъуэмэ, хъыбар уэзгъэщIэнщ, КIурацэ ныжесIэнщи.

Гъуэгум тегъуэщыкIа и гугъэри, Бекъан гур къигъэувыIащ. АдэкIэ-мыдэкIэ плъащ, щIэтIысыкIыурэ зэщIэдэIукIащ. Гъуэгур къэгъуэтыгъуейт. Бекъан къитIысхьэжри ежьэжащ. Шыр здэкIуэм егъакIуэ, тхьэ имыIуамэ, зыгуэрым дыхуэзэнкъэ, жиIэу.

ТIэкI у-тIэкI уурэ нэхулъэ къищIащ. Нэху щырэ Бекъан зэ къуршыр къилъэгъуамэ, арат. Езы Апчарэ къуршым еплъурэ сыхьэтыр здынэсар къищIэу щытащ. Ар езыгъэщIар и анэр аращ. Хьэбибэ игъащ Iэм сыхьэт жыхуаIэр ищIэу щытакъым. Дыгъэм еплъмэ, зэфIэкIащ. Нэмэз щищI ыну уахътыр, дыгъэр здынэсар илъагъумэ, къещIэри и нэмэзлыкъым тоувэ, къэблэмкIэ и гупэр гъэзауэ.

Пшагъуэр щIым тенауэ телъщ жып Iэнщ, зимыгъэхъейуэ и пIэм итщи. АрщхьэкIэ нэху ща иужь къуршыр плъагъу хъуащ, дыгъэ къыщIэкIам плъыжьу къызэщIигъэнауэ. Иджыщ Бекъан и ф Iэщ щыхъуар Пэхур зэрышы губзыгъэр. Плъагъурэ, гъуэщакъым, адыгэшщ нэгъэсауэ.

Налшык нэблэгъэжащи, дадэр мэгупсысэ: «Дауэ иджы зэрынэхъыфIыр?» – жиIэу. Шыри увыIэным нэсащ. ПщIэнтIэпсыр къохуэх. Мы махуэ зытIум а шым и фэм мащIэ дэкIа! Зэзэмызэ езы шыр къоувыIэри зегъэпсэху. Дадэм дежкIэ къеплъэкIыурэ: «Укъызэмыуэ, иджыпсту сежьэжынущ», – жиIэ хуэдэ. Бекъани ар къыгуроIуэ.

Къалэ гъунэм къэрэгъул Iутти, гур къагъэувыIащ:

– ЛIо къалэм щыфщIэнур?

– Тетым деж докIуэ. Бешто Якъуб деж.

Пэхум нэхъ къищтэнут къэрэгъулхэм гур нэхъыбэрэ яIыгъатэмэ, арщхьэкIэ дадэр къеуэри шыр нэхъ псынщIэ хъуащ. Уэрам гъунит Iыр склад защIэу арати, хьэлэчу бомбэм зэхакъутат. Жыгышхуэ итхэм я щхьэкIэр хьэщхьэтеуэм къэрашэхат щIым нэсу. Уэс тIэкIуи телът.

Иринэ къэтэджа къудейт хьэмкIэшыгу я унэм къек IуэлIауэ и Iэуэлъауэ щызэхихам. КъэкIуар хэтми ищIэртэкъым. Абдеж бжэм зыгуэр къеуIуати, Иринэ къэгузэващ: и сабий цIыкIур зрикъузылIауэ щысщ, Данэ цIыкIу къихъумэн и гугъэу. Щхьэгъубжэм дэплъмэ, Бекъан и хьэмкIэшыгур арат. Иринэ жэри бжэр Iуихащ. Пщэдджыжь нэхущым къэкIуар Бекъанрэ Апчарэрэт.

*Етхуанэ псалъащхьэ*

## 1. УАНЭМ И УНАФЭР ЯЩI

Якъуб жыжьэу къемыпсэлъэххэну и гугъа щхьэкIэ, Къэбэрдейм я тетым уанащIэр КъалэкIыхьым щыкIуам къилъыхъуауэ къыщIэкIащ. СыткIэ къыхуейми къыхуейт. Щимыгъуэтым, «уафэ куэбжэм» дэкIыу дадэр емыжьэжауэ пIэрэ, жиIэри, Якъуб гурыщхъуэ ищIащ, «куэбжэр» уэсым зэрыщIиубыдар ищIэ пэтрэ.

Къулыр зыщIэсу щыта кабинет дыдэр арат Якъуб зыщIэсыр. УнэлъащIэу щIэтар зэрыщIэтт. Заседанэ щащIкIэ Зулкъэрней зыбгъэдэтIысхьэу щыта стIол гъуэжь кIыхьым Якъуб бгъэдэсщ. А стIолым шухьэ щIыху тебзам и ныкъуэр тхьэм ещIэ тезытхъар, телъыжккъым. Къулым и зэманым стIол цIыкIум телефоних тетамэ, иджы тетыр зыщ, ари нэмыцэ военнэ телефон фIыцIэщ. Сталиным и сурэт зэрыта сурэтылъэм итыр Гитлер и сурэтщ, абы бгъурытщ нэмыцэ маршалхэм я сурэт, хэтми, Бекъан ищIэххэркъым. Унэ лъэгум илъа алэрыбгъушхуэр илъыжкъым.

Бештом зыкърех, зигъэбэлыхьу стIолым бгъэдэсщ, нэмыцэ фащэ щыгъщ фэтыджэныфэу. Дамыгъэ гуэрхэри иIэщ, зи-

щIысыр Бекъан имыщIэу, кIэрахъуэр и ныбафэм телъщ, кIэра-хъуалъэр зэтехауэ.

Къыплъыхъуащ жаIэу Бекъан къыщищIэм, къэгузэващ, сыту пIэрэ Якъуб къысхуей щIэхъуар, жиIэу. Шэч хэлъкъым, сигъэтхъэну къысхуейкъым. Махъшэ гуэрым жраIат, жи: хъаныр къыпхуейщи, псынщ Iэу кIуэж, жаIэри. Ягъэ кIынкъым, къысхуеймэ, къыщ Iысхуейр прунж сигъэшхыну аракъым, жиIэри махъшэр и п Iэм икIакъым. Мыри аращ. Якъуб къыхуеймэ, къыщIыхуейр Чокэ къаригъэутIыпщыну аракъым. ИтIани сыту пI эрэ зыхуейр?

Якъуб жыжьэу къыщIидзащ. Зыхуэмей Iэджэм щ IэупщIа иужь, уанэ Iуэху къигъэхъеящ: «Уанэ къызыхэпщIыкIын бгъуэтыну пIэрэ?» –жиIэри щIэупщIащ. Бекъан бдзантхьэ дэнэ къипхын, унэм зыгуэр щIэлъу щытами, бомбэ техуэри щыщ къэнакъым. Якъуб хакI уэми и гугъу ищIащ:

– Щэулэхъур къуршым щхьэдашэха си гугъэкъым,– жиIэри, –икIэщIыпIэкIэ къэгъуэтын хуейщ. ИкIи къагъуэту къашауи плъагъунщ.

Якъуб къыщIыхуейм Бекъан гу лъитащ. ХакI уэр къагъуэтмэ, абы тралъхьэн уанэ хуейщ. Хэту пIэрэ иджы хакIуэр зыхуагъэфащэр? Езы тетыр тесыну ара хьэмэ нэмыцэ генералу Руфф жыхуа Iэм хуагъэфэща? Шым телъыну уанэр нацдивизэм и командирым щхьэкI э Бекъан зэщIилъхьауэ щытам нэхърэ нэхъ Iеину Iэмал зимыI эщ. Аращ Якъуб уанащIэр къыщIилъыхъуар.

Бекъан, ар къыщищIэм, тхьэусыхащ:

– Уанэ сщIыуэ дауэ сыщысын, си къуэ закъуэр вэнвейм хэлъу Iуэм илъщ. Чокэ и фэм дэкIыр, тобэ ярэби, зышэчыфын псэ зы Iут щыI экъым. – Бекъан и гур къызэф Iэнауэ и пыI эр щхьэрихащ...

Якъуб телефоныр къиштащ. Тетыр зыгуэрым епсэлъэн и гугъащ Бекъан, Чокэ и Iуэху зэрихуэу, арщхьэкIэ Якъуб зи гугъу ищI ыр нэгъуэщIщ: аптекэм тет лIыжьу хущхъуэ къомыр зыгъэпщкIуар, щIым щIыхьами, къэвгъуэт, жиIэу арат.

– КъалэкIыхьыр ара здэщыIэр? –жиIэри Якъуб къеупщIащ.

– НартыхущхьитI шы Iусу махуэм ират...

Бекъан щIэгузавэр Якъуб фIэIуэхуакъым.

– Махуэ дапщэм пхуэщIын адыгэ уанэфI, уанэкъуапэр дыщэрэ дыжьынкIэ гъэщIэрэщIауэ, уанэгущхьэнтэри къекIуу щIауэ.

– ТхьэмахуитI-щыкIэ. УанэфI пщIынумэ.

– УанэфI, жыпIа? Адыгэ уанэфI, к IуапI и жапI и имыIэу, Щэулэхъу хуэфащэ уанэ. Мыхьэнэншэ гуэр пщ Iынщи – уи щхьэр хэплъхьащ.

– КъызыхэсщIыкI ын симыIэу дауэ? Хьэуэ, абыкIэ укъэзгъэгугъэркъым. СхуэщIынукъым, Якъуб.

– ПщIыну хьэмэ умыщ Iыну, жысIэу сыноупщI уи гугъэ?

ПлъэмыкIыу пщIынщ. КъызыхэпщIыкIын уимыIэрэ – къэгъуэт. Ар зэзгъэщIын сымыгъуэтыну ара? Къэзгъуэтынщ, ауэ нэгъуэ-щIым ящIмэ, уи фэр уанэгущхьэнтэм тебзэ хуэтщIынщ. Уи фэр иримыкъурэ – уи фызыжьым и фэр дэкIуэнщ...

Бекъан и щхьэр къыфIэхуащ.

Якъуб къэтэджри щхьэгъубжэм дэплъащ, зыкъигъазэри и псалъэм къыпищащ:

– КъэдаIуэ мыдэ. ДызэгурыгъаIуи, нэхъыфIщ. Уи щIыхуэ къыстенэнкъым, умыгузавэ. ТхьэмахуищкIэ зы уанэм и ужь уитыныр куэдыIуэщ. Праздникышхуэм къэнэжар тIэкIущ. Махуитху-хы – аращ пIалъэу уэстыр. Нэхъ псынщIэу пхузэфIэкIрэ – уи Чокэ къыпхуезгъэут Iыпщыжынщ.

– Махуитху-хыкIэ псэужын уи гугъэ?

– Мыпсэужмэ, сыт пщIэн? Алыхьым иухар арат, – жиIэри Якъуб и тIысыпIэм тIысыжащи, и IэфракIэр стIолым тегъэщIауэ, дадэм жиIэнум поплъэри щысщ. Бекъан зэрыгузавэр тетым елъагъу, и гур зы мэскъал закъуэкIи щIэгъуркъым. ЖриIар дадэм къыгурыIуэрэ – хъарзынэщ. Бекъан хуэдэкъым Якъуб IумпIафIэ ищIар, Локотоши идатэкъым къедэIуэн. НтIэ? Лъэныкъуэегъэз ищIри нэмыцэм хъыбар яригъэщIащ Чопракъ аузым дэсым я Iэщэр ягъэтIылъ, жиIэри. Иджы аузым дэсыр зауэм къелащ, къемыдаIуэ къахэкIамэ, абыи яхуэфащэ ягъуэтащ. Иджыри къэс аузым нэмыцэ дамыгъэхьэу дыдэсами, сытыт къытщыщIынур? Бомбэ защIэкIэ дыдаущэбыхьат. Якъуб и гъусахэр легионер отряду зэхишащи, мес, партизанхэм езауэу къуршым итщ. Езы Якъуб жыпIэнущи, нэмыцэм пщIэшхуэ къыхуащIащ, дзыхьышхуэ кърагъэзри тету ягъэуващи, хэкум Iуэхуу илъыр и пщэ къыдэхуащ. Батэкъутэ зыгъэшыну зи мурада Локотошри Азрэт IуипIащи, къэгъазэ иIэжкъым. ИмыукIауи щIы – уIэгъэ хъуауэ къуэм дэлъу хьэм яшхагъэнкIи мэхъу. Партизаным зыгуэру яIэщIыхьауи щIы, нэмыцэр куэдрэ мыбдеж Iутынкъым, Баку нэсынщи, дэр-дэру дыкъэнэжа иужь къыдэмыдаIуэмэ, пэкIэ щIыр едгъэвэнщ.

Комендантым и Iэ зытелъ тIэкIур езгъэлъагъун, жиIэу Бекъан и гум къэкIати, щIегъуэжащ.

– И гъащIэр лъапэдэгъэзеигъуэщ Чокэ. Зы махуэ и нэм нэху илъэгъуакъым. Сыту цIыху насыпыншэ мыгъуэт, – жиIэрт Бекъан тетым и гур зыщIигъэгъун и хьисэпу.

– НтIэ, и нэм нэху ебгъэлъагъунумэ, щхьэ умыдэрэ сэ бжесIэр? Хьэмэ ебзым хэлъу лIэмэ, нэхъыфI? ПщIыну уанэр?

– ТIэкIу сыгъэгупсысэ.

Бекъан ищIэнур ищIэркъым. Чокэ Iуэм кърищыжыфатэмэ, Бекъан бэлыхьу телъыр къытезыгъэхуам я гур тепщэхэнкIи хъунт. Адыгэшым нэмыцэ генерал зыгъэшэсыну зи мурадыр пэкIэ щIригъэсауэ илъагъутэмэ, мы дунеягъэкIэ нэгъуэщI

зыхуей щыIэтэкъым. Бекъан и гум губжьыр къихьауэ и гъыни къэкIуэжыркъым. Сыт уи жагъуэгъум уи нэпс щIебгъэ-лъагъунур? Уи жагъуэгъум уи жагъуэ ищIмэ, дыхьэшх, жиIэу Хьэбибэ фыз пэтрэ аращ и псэлъафэр. Якъуб Iэмалрэ хьилэкIэ Iэзэщ, къыпхуэгъэпцIэнукъым, нтIэ, и тIасхъапIэ къэгъуэтын хуейщ.

– Сыт сыгупсысэнщ жыхуэпIэр? Гупсысэ хэлъ абы? ТIыси, щIы.

Бекъан къэтэджыжащ:

– Алыхьым дыкъелъагъу. СхуэщIыну щытамэ, зыгуэрт.

– Алыхьым дэ тIур ара къилъагъур? Езым хэлIыхь уи къуэри елъагъу. Хьэр къупщхьэм зэрегъум ещхьу, нартыхущхьэм зэрегъури елъагъу.

УанащIэ дадэм сыт жиIэнт? Къигъазэри къежьэжащ. Бекъан лъаIуэу къызэрикIухьынум пыкIащ. УтхьэусыхэкIэ зыри пхузэфIэкIынукъым. Уи къарум къихьыр щIэн хуейщ. УлIу пащIэ птетмэ, лIыгъэ зехьэ, укъимыкIуэт. ЛIэнми лIыгъэ хэлъщ. Якъуб хакIуэр нэмыцэм саугъэту яритыну и хьисэпщ праздникым ирихьэлIэу. Щыгугъ, Якъуб! Къохъул Iэнкъым уи мурадыр, Бекъан и псэр пыту дунейм тетыху.

ИкIэщIыпIэкIэ фермэм кIуэжын хуейщ. Щэулэхъу къыщамыгъуэтын щIып Iэ ишэрэ имыгъэпщкIумэ, хакIуэр яIэщIыхьэнкIэ мэхъу.

Бекъан Иринэ деж екIуалIэри сэлам ярихыжащ, зы дакъикъи яхущысын идакъым.

– Вым и бжьакъуэр къыщехьэлъэкI зэман сихуащ. СопIащIэ, зы бэлыхьым зы бэлыхь къелъху. Фермэм сынэмысыжыну Iэмал иIэкъым, – жиIэри Бекъан къафIежьэжащ.

Апчарэ «сэри сыздэшэ» жиIати, дадэм ухэзэгъэнутэкъым. Япэм здишэнкIи хъунт, иджы жыжьэу зригъэпсэлъакъым, щыпщIэн щыIэкъым, Мысост къыптеплъэмэ, ухэкIуэдащ, жиIэри. Якъуб и легионерхэр къуршым итщ, бгъуэнщIагъыу хъуар щIащыкIыу, фермэм хъыджэбз тесу япэщIэхуэмэ, езыхэр зыхуеиххэр арaщ – ансамбль жыхуэпIэр нэкIэ уамыгъэлъагъункIи мэхъу.

– Узыхуей илъэпкъыр Иринэ къызитащ, – жиIэри Апчарэ бинт, йод, пластырь сытхэр кърригъэлъэгъуа щхьэкIэ, хъуакъым. Апчарэ и фIэщ хъуат доброволецым зыгуэр хузэфIэкIынуи, Чокэ къэкIуэжауэ Iуплъэну арат зыщIэхъуэпсыр.

Бекъан нэгъуэщI зыгуэр хъуат.

– Хущхъуэр къащтэ мыдэ. Сэ сшэнщ. Тхьэм худигъэщIэж дэ Иринэ къытхуищIар. И сабийм и хъер тхьэм иригъэлъагъу, и щхьэгъусэри къэкIуэжауэ и тхьэлъэIум тхьэм дыхигъэт...

Бекъан къалэм къыдэкIыжа и ужь щIегъуэжат, щхьэ си шым зезмыгъэгъэпсэхуарэ, жиIэу. Пэхур увыIэным нэсыпауэ ерагъыу кIуэф къудейт. И щхьэм хуэпсэлъэжу дадэм жиIэрт:

– Аращ атIэ, насып уимыIэмэ, махъшэм утесми, хьэ къодза-къэ. Зы бэлыхьым зы бэлыхь къешэ, накIуэ, Пэху. НакIуэ, фермэм дынэшэсыж закъуэ. Дыгъэл дыдэу мэкъу уэстынкъэ, псы къабзи уезгъэфэжынщи, щIэт бом зыбгъэпсэхуу. МахуитIи, махуищи щIэт – ущIэсщIэнкъым. Зэхэпха, Щэулэхъу нэмыцэм иратын я мурадщ. Нэмыцэ генерал ягъэшэсыну. Ауэ къехъулIэн-къым. Алыхьым къызэпиудынщ я мурадыр, алыхьым и ужькIэ сэ зэпызудынщ. Уэри укъыздэIэпыкъунщ, пэху, хъункъэ? Ди жагъуэгъу адыгэш шэсауэ тхьэм уэри уимыгъэлъагъу, сэри симыгъэлъагъу. Дыкъэзылъхуауэ дунейм ехыжам ар къытхуагъэгъун? Сыт жытIэуи даIуплъэжын? НеIэ, Пэху. УмыувыIэ закъуэ, Щэулэхъу япэщIэхуами, тщIэркъым, неIэ, узгъэфIэжынщ. Мэ IэфI дыдэ къыхихыу сыт хуэдэ мэкъу уи гугъэ сэ уэстынур? Гъуэгум сыкъытумынэ, шкIэм щхьэкIэ Апчарэ игъэгъущауэ щыта мэкъур уэстынщ, абы хуэдэ мэкъу иджыри къэс умышхакIэ, тхьэ со Iуэ.

Бекъан жиIэр шым къыгурыIуэ хуэдэт. Пэхур, и джабэр иуэжами, къэмыувыIэу кIуэрт. Къуажэм щынэблагъэм, и гум къэкIащ: «Сыдыхьэу уанапхъэ къыдэсхыу здэсшэн?» – жиIэу. АрщхьэкIэ, дэнэ. Ныбэ узым ихьу нэмыцэ генералыр телъащэрэт, Бекъан абы уанэ хуищIыху. Фермэм уанэжь гуэр телъщи, къищтэнщи, епэщэщ хуэдэу зищIынщ IэхъуэтегъэкIыу. Чокэ къигъэззэжыху, тетыр зыхуей уанэр Бекъан ищI хуэдэу къафIигъэщIынщ.

Фермэм къэсыжмэ, Данизэт гуIэжу и лIым къыпожьэ. Къэхъуар сыт? Дыгъуасэ Мысост къигъэкIуат полицай гупи, жэмым я лъакъуэр автоматкIэ зэпаудащ, грузовикым ирадзэри яшащ, зы танэ сымаджэ фIэкIа къагъэнакъым. Ари ялъэгъуамэ, яукIынти яшэнт. Танэр шкIэщым щIэльти, ялъэгъуакъым. Ахэр дэкIыжа къудейуэ Азрэт я пашэу шу гуп къэсащ: «Дэнэ щыIэ Бекъан?» Дэнэ мыгъуэ щыIэт. Ежьащ. Щэулэхъу и хъыбари щIэупщIати, Данизэт яжриIэнт, яжри Iакъым. ЗыкIи зыхимыгъэгъуазэу дигъэкIыжащ.

– ХакIуэр ара мыгъуэ сэ си Iуэхур? Ди щIалэр жыхьэнмэм и курыкупсэм илъщ. Алыхьым и ней зыщыхуар ара мыгъуэкъэ. Дунейм сыт и Iэмал? Лlыжь мыгъуэм сыт хузэфIэкIын? Бекъан зи ужь итыр аращ, – жиIэри Данизэт къыфIигъэкIакъым.

Азрэт фермэр хъурейуэ къикIухьащ, шы лъэужь лъыхъуэу.

Данизэти и щхьэфэцым зрисат, щхьэлымкIэ макIуэри доунэхъу, жиIэу. Лъагъуэ тIэкIур щилъагъум: «Мыр дэнэ кIуэрэ?» – жиIати, Данизэт жиIэнт: «Псыхьэ лъагъуэщ, тIыкIуэ, дэнэ кIуэн?» – жиIэри къигъэпцIащ. Азрэт а лъагъуэр здэкIуэм еплъынути, фызыжьым жиIар и фIэщ хъури къигъэнащ.

Лъагъуэр Чопракъыпс екIуалIэрт, къуэм дыхьа иужь щхьэ-

лымкIэ игъэзэжу.

Данизэти нобэ и дуней гуфIэгъуэт, Локотош зыкъиужьыжу илъэгъуати. Капитаным зыгуэр жиIати, Данизэт къыгурыIуакъым, ауэ псэкIэ къищIащ дахэ зэрыжиIар. Нобэм къэс сымаджэр лошкIэкIэ ягъашхэрти, иджы езым и IэкIэ лошкIэр къищтащ.

Данизэт и къуэм щхьэкIэ Бекъан жиIам псори щигъэгъупщэжащ. Фызым и къуэр щIилъхьэж хуэдэу, лIам япилъытауэ мэгуIэ. Бекъани и гур къызэфIэнащ. Бекъан и фызым и гур дахэ хуищ Iыну къэпсэлъащ:

– Зыгуэрым дыкъигъэгугъащ Чокэ Iуэм къришыжыну, – жиIэри. Данизэт и щхьэр къиIэтащ, зэхихар и фIэщ мыхъуу.

– А си щIалэ мыгъуэ, а сызэрашэкIыжын. Ахърэт лъагъу мыгъуэу къысщыхъунти, уи нэгу сиплъэжатэмэ. Ялыхь, нэбгъу къудейкIэ нэхъ мыхъуми, Чокэ сыIугъаплъэ. Дунейм абы ф IэкIа зыми сыхуей мыгъуэкъым. Зы махуэ закъуэ фIэкIаи сремыгъащIэ, – жиIэу Данизэт къегъыхыурэ бжэрт.

Куэшмэн Азрэт шу гъусэ иIэу фермэм къытелъэдауэ зэрыщытар щызэхихым, Бекъан къигъэгузэващ. Ныбэфыжьым бгъуэнщIагъыу щыIэр ещIэ, умыщIэххэу хакIуэр зыщIэтым щIэпщхьэнкIэ хъунущ. ИгъащIэм дыгъуэгъуакIуэу щыIэм шы къадыгъур бгъуэнщIагъым щагъэпщкIуу щытащ. Уеблэмэ тешанкIэ къадыгъуар мыбы къахурт, бгъуэнщIагъым щIагъэувэрти щIэтт, къызыфIадыгъуам и гугъэр хихыжыхукIэ. Азрэт етIысэхынкъым, шыр къимыгъуэтауэ. ХакIуэми и закъуэ зыхуэсакъын хуейр? Локотоши зыщIыпIэ шэн хуейщ, щхьэлым ишауэ.

Бекъанрэ Данизэтрэ зэчэнджэщащ. Щэулэхъу зыщIэт бгъуэнщIагъым Локотош пшэ щхьэ мыхъурэ, жаIэри абы къытеувыIащ. КIыф I зэрыхъуу шызакъуэгум илъхьи, шэ. Зыгуэр къэхъукъащIэмэ, Локотош хакI уэм шэсынщи, ежьэжынщ.

Капитаным ар щыжраIэм еувэлIащ. Езыр иджыри лъэрызехьэ хъуным куэд иIэт, ерагъыу къэтэджыф къудейщ. Бекъани лагерым кIуащи, кърихъуэнур хэт ищ Iэрэ? Iуэм итым ящыщ щIэпхъуэжауэ къащIэмэ, пхъэрыр япэ здэкIуэнур Бекъан дежщ. Пхъэрыр мыбы къэсмэ, щхьэли сыти щI амыщыкIыу къагъэнэнкъым.

Езы Локотош дежкIи нэхъыфIщ хакIуэр здэщыIэм щыIэмэ, щхьэл унэм ущIэлъмэ, псым уигъэжейркъым.

Сымаджэр жэщым ягъэIэпхъуащ. Локотош и закъуэу къыщынэкIэ баш зыщIигъакъуэурэ къэтэджырти, Щэулэхъу телъэщIыхьырт. ХакIуэми къицIыхужа хъунти, и нэшхуитIымкIэ къеплъырт, къепэщэщырт, мащIэу щыщурэ. Шыр куэдыIуэрэ бгъуэнщIагъым щIэтауэ къыщIэкIынти, накIуэ, къэшэси дегъажьэ, жиIэ хуэдэт.

Данизэти жейм емызэгъыжу и къуэм пэплъэу фермэм тесщ.

Iэуэлъауэ зэрызэхихыу къыщолъэтри унэм къыщIоплъ. Дыгъуэпшыхь хьэIуцыдз гъы макъ зэхихати, дадэм гуахъуэ къищтэу къыщIэмыкIыу идакъым: Чокэ хьэм къатIысыхьауэ къамыгъакIуэми тщIэркъым, жи Iэу. И лIым езыр дыщI экIат финар иIыгъыу.

Пщэдджыжьым фIыцIагъэ гуэр уэсым хэту илъэгъуамэ, и лIым йоупщI: «Еплъыт, уи нэр нэхъ жанщ, мы-Чокэу п Iэрэ мор?» – жиI эу.

Иныкъуэми Данизэт и гур мэуз: «Жьэрымэ згъэун хуей мыгъуэу пIэрэ, ебзым къэмытэджыфу хэлъыр къежьэу мыбы нэс къэкIуэфын, лIэуэ къуакIэм дадзэжами тщ Iэркъым», – жиI эу. ЦIыхур мылIауэ хьэдэI уси дауэ хуэпщIын?

Зэгуэр Данизэт пщэдджыжьым Бекъан шхын хутригъэуващ, пэгунитI къищтэри псыхьэ кIуат. Бекъан и гугъэр куэд щIауэ хихыжати, Чокэ и гугъу ищIыртэкъым. Данизэт пэгунитIым из ищIри пхъэхьыр зытрилъхьэжауэ псыхъуэм хуэмурэ къыдэкIыжырт, сылъэпэрапэу сымыджэлащэрэт, жиIэу. Абдеж зыгуэр урысыбзэкIэ къэджащ:

– Мамашэ, постой.

Зы лIышхуэ автомат иIыгъыу щхьэл къуагъым къыкIуэкIащ. Данизэт щтэри джалэ пэтащ.

Данизэт жиIэнIами нэмысу, щхьэл къуагъым нэгъуэщI лIы фейцей дыди къыкъуэкI ащ.

Дунейм ар Чокэу къызэрыпщ Iэн теткъым. Е и фэкIэ, е и псэлъэкIэкIэ, е и зыщIыкIэкIэ. И щыгъынкIэ къыпхуэцIыхунукъыми, упыкIащ. ИтIани Данизэт псэкIэ къищI ащ и къуэр зэрыарар. Фызым пэгунитIыр хыфIидзэри къыщиудащ:

– А си щIалэ закъуэ мыгъуэ... Уэраи ар! – жиIэри.

– Сэращ, ди анэ...

Федор здэщытам щытщ.

Фермэм шу гуэрхэр тету Федор илъэгъуати, зэ умыпIащIэ, шур темыкIыжу зыкъедгъащIэ хъунукъым, жиIэри Чокэ къигъэкIуэн идакъым. Лагерым къик Iа хъыбарми хэт ищIэрэ? КъимыкIыххами, зыми зыкъебгъэлъагъу хъунутэкъым. Псыхьэ гъуэгум зыгуэр кърикIуэнкъэ, жаI эу тIури къуэгъэнапIэм къуэсащ.

– Уи псэр къэпхьыжащи, насыпщ...

Данизэт иджыри ищ Iэртэкъым Чокэ лъэрымыхь дыдэу Федор и дамэм телъу къызэрихьар. Чокэ зэфIэтыф къудейт, жьы къепщэм ирихьэжьэн хуэдэу. Данизэт фермэмк Iэ джащ, и лIым еджэу.

Бекъани ар къилъэгъуауэ къажэрт.

– Лъатэ иджы, зиунагъуэрэ, лъатэ, дамэ къыптекIащ, уи къуэр мес, уи лъахэ къихьэжащ. Ялыхь, дуней ф Iыгъуэр къылъыгъэс ар къытхуэзыщIа Федор, – жиIэу Бекъан жэрыжэм тету мэхъуахъуэ. – КъуитI диIэщ иджы, Данизэт. КъуитI! ТIури зэ-

хуэдэщ. Зэкъуэшит Iрэ дзитI зыIут къамэрэ жиIакъэ.
Бекъан япэ IэплIэ зыхуищIар Федорщ.

## 2. ШЫХУЛЪАГЪУЭМ ТЕТУ

Праздникышхуэр къэблэгъати, Якъуб къигъэкIуащ Бекъан уанэр здынигъэсар зригъэщ Iэну. КъэкIуар Мысостт. Бургомистрым езыми Iуэху иIэт. Доброволецымрэ Чокэрэ Iуэм икIуэдыкIауэ къыщащIэм, зэрызехьэ къэхъури адэкIэ-мыдэкIэ пхъэр ирагъэжьащ. А тIур яхэкIуэсыкIа щхьэкIэ мыгузэвэнкIи хъунт, Чокэ зыпагъаплъэу щыта следователыр абы кърихьэлIэу къэмыкIуэгъамэ. Плен къомыр ирахулIэри кумбым хьэдэу илъыр зэбладзурэ хэплъащ, арщхьэкIэ ягъуэтакъым. Къэрэгъулу щытахэм ящыщ Iэджэми я Iэщэр къытрахри Iуэм ирадзащ, щхьэ дахэ-дахэу фыкIэлъымыплъарэт, жаIэри.

Пхъэру къежьам ящыщ Мэшыкъуэ къыдыхьати, Мысосту плъагъур къэкIэзызащ, сэ Iэ зытездза тхылъыр япэщI эхуамэ, срагъэсыкIыну къэкIуащ, жиIэри. И насыпти, а тхылъыр Мысост итхауи имытхауи нэмыцэм ящIэртэкъым. Бекъан Iуэм кIуауэ зэрыщыта дыдэми зыри хамыщIыкIыу къыщIэкIащ. Бекъан гурыщхъуэ къыхуэзыщIа къахэкIами, бургомистрым идакъым: «Чокэ дадэм и мылъхукъуэщ, абы хуэдизу хуэгузэвэнкъым», – жиIэри. Гестаповецхэм Бекъан и пщампIэр яубыдынкIи хъунт, уанэм и Iуэхур къамыщ Iатэмэ. Мысост яжриIащ: адрей-мыдрей, Бекъан уанащIэ Iэзэщи, нэмыцэ генерал Руфф уанэ хузэщIелъхьэ Къэбэрдейм я тетым и унафэкIэ, жиIэри. Абы хуэдэ Iуэхум гестаповецхэр зэран хэхъухьакъым.

А къомыр къригъэкIуэкIри Мысост щIэупщIащ:

– Дэнэ нэбгъэса уанэр? – жи Iэри. Бургомистрым и гугъат Бекъан фIыщIэшхуэ къыхуищIыну.

Мысост зэрыгузавэм гу лъимытэу хъунт? Чокэ Iуэм ярезыгъэшам яхэтщ, жаIэу иджыри бургомистрыр пэкIэ щIрагъэвэнкIи мэхъу. Нэхъыбэжу Мысост щIэгузави щыIэт. Дыгъуасэ Щэбэтыкъуэ и къуэм хуэзати, бургомистрыр нэщхъей къищIащ: «Мэздэгу деж Краснэ Армэм нэмыцэр щыхагуащ», – жиIэри. Налшык госпиталым къаша уIэгъэхэм зэрыжаIэмкIэ, фронтыр къэкIуэтэнкIэ шынагъуэщ, нэмыцэм къагъэзэнкIэ мэхъу.

Мысост псоми щыгъуазэ хуэдэу зыкъыпфIигъэщIырт:

– А-а, фурэм имыщIэ уи гугъэ. Iэмалым зритауэ аращ. Краснэ Армэр къуэгъэнапIэ зыкъуэсым къыкъуишу хигуэну аращ зэщэр. Стратегэ жаIэу зэхэпха? Аращ стратегэкIэ зэджэр. Ей-ей, а фурэри ар? Узижагъуэм и махуэщ...

Бекъан къыпхуэгъэпцIэнт? Бургомистрым еда Iуэ хуэдэу зищI щхьэкIэ, езыр зэгупсысыр нэгъуэщIт. «Ди хьэмтетыгъуэ махуи къихуэнщ» жызыIам ауэ сытми жиIа уи гугъэ? Локотошрэ

Чокэрэ псынщIэу я лъакъуэр къыщIэувэжатэмэ, арат. «Танэлыр духмэ, дежьэжынщ», – жиIэу мэгушыIэ Локотош. Ямышхыу къэнар гъуэмылэу здащтэмэ, ари босын. Щы мэхъури Федор и закъуэщ лъэрызехьэр. Адрей тIури къэбэдзэуэжынщ мыгувэу. МысыхьэткIэ бгъуэнщIагъым къыщIэкIын дзыхь ящIыркъым.

Мысост «стратегэ» жыхуиIэр Бекъан ищIэртэкъым, ищIэнуи хуей? Езы бургомистрми зэхихащи жеIэ, армыхъумэ щай и уасэ хищIыкIыркъым.

– Мэзкуу сыт хуэдэу пIэрэ?

– Щыщ къэнакъым. Уэнжакъ фIэкIа.

– Сталиныр сытым щIэс атIэ?

– Сталинри? Подвал гуэрым щIэс хъунщ.

Бекъан зиущэхужащ. ЛIо бургомистрым ущIеупщIынур? Абы ищIэм нэхърэ нэхъыбэ Бекъан ещIэ.

– Уанэр ух, и пIалъэм фIэмыкIыу, – жиIэу арат Мысост нэхъ зытригъэчыныхьыр.

Бекъан «ерэхъурэ хъунрэ щыIэу уи ней къысщыхуэ» жыхуаIэр и гум къэкIыжати, «хъунщ» жыхуиIэу и щхьэр ищIащ.

– СлъэкI къэзгъэнэнкъым. Ауэ уолъагъу, махуэ къэс зыгуэр къыспэроуэ.

– ФIыщIэшхуэ къыпхуищIынщ Якъуб. Инэрал дыдэм деж нигъэсынщ уи хъыбар. Шым хуэфащэ уанэр зи Iэдакъэ щIэкIар мыращ жиIэнщи, уи фIыщIэ Iунщ. – Бургомистрыр нэбгъузкIэ къеплъырт уанащIэм, «дауэ къыщыхъуу пIэрэ сэ жысIэр» жыхуиIэ щIыкIэу. – Уанэр шым хуэфэщэн хуейщ. КъыбгурыIуа? Щхьэм хуэфэщэж пыIэ щхьэрыгъщ. Ари аращ. Куэшмэныр итщ бгым, Щэулэхъу къимыгъуэтауэ къэгъазэ иIэкъым. ЩIым щIэтми, къыщIэши, си деж къашэ, жиIэри Якъуб щIиIуэнтIащ.

Нэмыцэр хакIуэм къыщIэупщIауэ щызэхихым, уанэ къекIу телъу едвгъэт жызыIэу япэ зи жьэ къыжьэдэкIар Мысостт. Хэт ищIэрэ, нэмыцэм я нэфI къыщыхуэу къулыкъуфI къратынкIэ мэхъу, къулыкъум и хъер илъагъу закъуэмэ.

Мысост и акъыл здынэсар уанэм и закъуэтэкъым. Десятидворкэр Iуэху зыщIу езыхьэжьари Мысостт. ИгъащIэми аращ дызэрыпсэуар, зэунэкъуэщхэр зы хьэблэу зэхэсу. Зэлъэпкъэгъур унагъуэ пщIырыпщIым зэрыфIэкIи щыIэкъым. НтIэ, зэкъуэшхэр зэдэлэжьэжмэ, нэхъыфIкъэ? Зы лъэпкъыр унагъуипщI мыхъурэ – тIу зэгурехьэ, тIур мащIэмэ – щы. Узэдзейуэ нэхъ зэхэлэжьыкIа хъунщ. Зи, десятидворкэр, унагъуэ пщIырыпщI жыхуаIэр аращи, дызыхуейуэ дызыхуэныкъуэщ, жиIэу Мысост утыку къиувати, нэмыцэ генералыр къыщытхъуащ: «Мыр сыту лIыжь Iущ», – жиIэри. ЩIыр зыгуэшыну зыхуагъэфэщар Мысостщ. Бургомистрым нэмыцэм я нэфI къыщыхуати, езыми и пэр иIэтыну хьэзырыпст.

– Азрэт къэкIуат? – жиIэри Мысост къеупщIащ.

– КъэкIуат.

– Щэулэхъу къэзыгъуэтым сом минитху иритыну Якъуб игъэIуащи, шым мылъыхъуэ щыIэжкъым.

– Уэ щхьэ умылъыхъуэрэ?

– Сэри солъыхъуэ. Сэ сызылъыхъуэр хакIуэр аракъым. Шыбзыжь цIыкIу гуэрщ. КъыбгурыIуа? Сэ сызылъыхъуэр мис мыр зэхэзыцIэлар аращ, – жиIэри Мысост и гуфIакIэм тетрадь напэ къыдихри дадэм къыхуишиящ. – Мэт, еджэт. Къуажэ Управэм къахьри къыкIэрашхэ мыр.

Бекъан еплъри хъэтIыр зи хъэт Iыр къищIащ, арщхьэкIэ зыхигъэгъуэзакъым:

– Нэгъуджэншэу слъагъуркъым, – жиIэри.

– Уэллэхьи, уолъагъумэ, тхьэр нахуэу уогъэпцI армыхъумэ, – жиIэри Мысост нэгъуэщI зыгуэру зыкъригъэлъэгъуащ.– Умылъагъумэ, дауэ уанэ зэрыпщIыр? Уэ умылъагъу щыIэ? Мыр зи хъэт Iыр умыщIэу си фIэщ хъууи? Апчарэкъэ зытхар? Сэ сымыщIэ уи гугъэ? Школым къыщIэна тетрадыжь къомыр къезгъащтэри мыр зи хъэтIыр къезгъэщIащ. Апчарэщ. НысэкIэ узыщыгугъ хъыджэбзыр аращ. ЖэщитI-махуит IкIэ тетрадым хэплъэу цIыху щыса уи гугъэкъэ? Арыншэми, сщIэрт зэры- Апчарэр, итIани тетрадым езгъэплъащ. Нэгъуджэншэу, жи. УзищIысыр пщIэжыркъым, Бекъан. ЛIитIIуэм икIуэсыкIащи – лъэужьыр фермэм къокIуэ, Щэулэхъу яIэщIэкIащи, уэ умыщIэу зы щIыпIэ мыкIуауэ, жаIэ. Листовкэр бжэм кIэрылъу къэдгъуэтащи – уэ нысэу узыщыгугъым итхауэ къыщIокI.

– НтIэ, сыкъэщ. Сом минитхур къыплъысынкIэ хъунщ. Сыкъэщ, алыхьым щхьэкIэ.

– Сыт сэ укъыщIэсщыр? Чоки, хакIуэри, уи Апчари си IэмыщIэм къихуэнущ. УмыпIащIэ.

– Щэбэтыкъуэ и къуэм дауэ уфIэкIыну, Апчарэ лей лъысмэ?

– А Iейм зэхищIыхь псори ищIэмэ, Щэбэтыкъуэ и къуэм езым и IэкIэ кIапсэ лэрыгъур Апчарэ и пщэм иридзэнщ. КъыбгурыIуа? Догуэ, бгъуэнщIагъым ису листовкэ имытхыу пIэрэ абы? Хуэсакъ, Бекъан. Инэралым уанэ хуэпщI щхьэкIэ къамыгъанэу уи пщэ гурыгъыр зэпаудынкIи мэхъу.

Мысост и жьэм къихь къимыгъанэу дадэм къешхыдэри ежьэжащ, «згъэшына и ужь уанэр нэхъ псынщIэу ищIынщ» жыхуиIэу.

Бекъан, пэжу, къэгузэващ. ЩIалищ бгъуэнщIагъым щIэсым икIэщIыпIэкIэ яжесIэнщ, жиIэу пIащIэрт, арщхьэкIэ къыскIэлъыплъыну зыгуэр къуэгъэнапIэ къуагъэтIысхьами, сщIэркъым, жиIэу фермэм зиплъыхьу тетт. Пшапэр зэхэуэу кIыфI хъухукIэ Бекъан зыщIыпIи кIуакъым. ЛIищыр зыщIэс бгъуэнщIагъым къыщIэкIрэ емыжьэжмэ, я Iуэхур икIэ хъункIэ шынагъуэт. Абы нэхъей, мэкъур мащIэм шкIащIэр шхэрейщ, жыхуаIэм хуэдэу, лIищыр шхэрей мыхъуаи. Танэ иукIауэ щытар нагъэсащ, къэна

щIагъуэ щымыIэу. Хьэжыгъэри аращ. Мэкъуауэ гупым яшхым хуэдиз лIищым яшх.

КъыкIэлъыплъыIауэ щимылъагъум, Бекъан щIалищым я деж кIуащ, Данизэти здишэри.

Данизэт пщафIэу щысыху, Бекъан къанэ щымыIэу ищIэр жиIащ. Федор ар игъэщIэгъуакъым:

– Драмыубыдэ щ IыкIэ, бгъуэнщIагъым дивгъэкI.

Чокэ къэгузэващ, сэ дауэ сыхъуну, жиIэу. И лъакъуэр къыщIэувэж хуэдэу хъуа къудейщ. Иджыри зы тхьэмахуэ щIэсатэмэ, лъэрызехьэ хъужынт. Иджы уежьэмэ, зыгуэрым уимыхьмэ, укIуэфынукъым. ИтIани и ныбжьэгъухэр здэкIуэм езыр кIуэн хуейщ. Аргуэру Iуэм уихуэ нэхърэ къуэм удэхуэрэ уиукIмэ, нэхъыфIщ. Арат Чокэ зыри щIыжимыIэр.

– Ныжэбэ девгъажьэ, – жиIэри Локотош Федор жиIам еувэлIащ. – Куэдщ санаторэм дызэрыщыIар. БгъуэнщIагъым драубыдэмэ, дэнэ укIуэжын?

– Чокэ дауэ хъуну, хьэлъакъуиплIу кIуэн, къипщыхьыф фIэк Iа дахэ-дахэу зекIуэфыркъым. Абы хуэдэу Якъуб IэщIэкIа зэрыхъунур дауэ?

– Iуэм дызэрынэсу кумбыр аращ ди увыIэпIэ хъунур, – жиIэри Федори КъалэкIыхь лагерыр псоми я гум къигъэкIыжащ.

Бекъан и нэгум щIэтщ ар.

– Уэри хьэдэдэшу уагъэувыжынкъым. Ущымыгугъ! – жиIэу Локотош гушыIэ хуэдэу зищIащ.

Данизэт лы гъэва Iыхьэ ин хэлъу лэпс шынакъ зырыз псоми къаритащи, щыри машхэ.

Локотош и Iыхьэр псом япэ иухащ.

– Аращи, гурыIуэгъуэщ. Военнэ хасэу мыбы деж дызэхэсыр Фили жыхуа Iэ къуажэм дэса военнэ хасэм къызэрыгуэкI щыIэкъым. Федор Мисочко девгъэжьэж жиIэу аращ зытриубыдэр.

– Ныжэбэ жэщым ари.

– Багратион жиIэр сыт? – жиIэри Локотош гушыIэу Чокэ дежкIэ еплъэкIащ, Чокэ Кавказым къызэрыщалъхуа закъуэм щхьэкIэ Багратион фIищауэ.

– Сыт жиI эн? Чокэ сабий пэлъытэщ, и закъуэ бутIыпщкIэ здэкIуэн щыIэкъым.

– ЛIо, зыри жыпIэркъыми, Чокэ? Хьэмэ бгъуэнщIагъ санаторэр нэхъ уигу ирихьрэ? Ирихьыпэуи щIы, Азрэт дыкъищIэмэ, бгъуэнщIагъыр кхъэ унэ тхуищ Iынщ.

– Чокэ сыт? Здахьым яхьащ, – жиI эри Бекъан и къуэм къыщхьэщыжащ, и гур щIэгъуу. – Пэхум тетлъхьэнщи, зэфIэкIащ – шукъым, лъэскъым. Бгы щхьэдэхыпIэм дынэсмэ, адэк Iэ тхьэм жиI ар хъунщ. Партизан гуэрхэм дахуэзэмэ, абыи уIэгъэ сыт яIэщ...

– Дамэ сиIатэмэ, сылъатэри сежьэжат, – жиIэу Чокэ ерагъпсэрагъыу псэлъэф къудейт, къыхудэмышеижу. – КъыщIэувэ

мыгъуэркъым си лъакъуэр. Си IитIри мис, фолъагъу, къыздэ-бзыркъым. Сыкъэтэджыфу щытамэ, аратэкъэ...

– Алыхьым гущIэгъу къыпхуищI. КъыщIэнэ бгъуэнщIагъым, – жиIащ Локотош и фIэщыпэу.

Бекъан ар игу ирихьакъым. Абы ищIыIужкIэ, гъэщIэгъуэн-къэ, Щэулэхъу щхьэкIэ зыри гузавэркъым. Дауэ хъуну хакIуэр? Ей, бетэмал, уи хакIуэри къэгъанэ, жаIэу грузинхэр къыще-лъэIуам, дадэм зимыгъэгусэу къигъэнэн хуеящ. Дэнэ пхьын иджы? «Уафэм и куэбжэм» удэкI хъуркъым, уэсым щIихъумащ. Апчарэ-щэ? Абыи и ужь къитщ бургомистрыр, и щхьэр пилъэн тIэу еплъынукъым. Мы лIищым я гъусэ зищIрэ ежьэмэ, мынэ-хъыфIу пIэрэ?

– Ухъужа и ужь шэс Щэулэхъуи, дамэ къыптекIакъэ. Уэгум уиту къуршым ущхьэприхынщи, зэфIэкIащ, – жиIэу нэжэгужэу къэпсэлъат Локотоши, Федор идакъым:

– Къуршым къэзыущыхьу ит къомым уагъакIуэмэ, – жиIэри. – Легионеру мащIэм къаджэдыхьрэ? Гестаповецхэр-щэ? Уи мэ къащIихьэмэ, уисыкIащ. Кхъуэм ещхьу пэкIэ щIыр явэ, уи лъэужь къытеувэмэ, уаIэщIэкIын уи гугъэ? Гестаповецхэм я хьэл сэ сощIэ. Зыгуэр чэму къащIамэ, чэмыр къамыгъуэтауэ яшхыр я дзажэм дыхьэнукъым. ЛIо, бгъуэнщIагъыр гъуэтыгъуей? Фермэри мес, километриплI хъурэ, мыхъурэ... Махуэ къэс зыгуэр къытохьэ. Сэ згъэщIагъуэр иджыри къэс мыбы зыгуэр къызэрымыкIуар аращ.

– БгъуэнщIагъ къомыр занщIэу пхущIэщыкIрэ?

– Къом хъурэ ар?

Бекъан и гум къыщIитхът лIы ныкъуэдыкъуэр къэпым ещхьу шым тетлъхьэу дауэ етхьэжьэн, жиIэу. АрщхьэкIэ бгъуэнщIагъым къыщIэбнэ зэрымыхъунури ищIэрт.

– Шым тесынщ. Аращ. Щэулэхъу бгъэшэс хъунукъым. Пэхум ирешэс. Арыншэми, хьэпшып, гъуэмылэ сытхэр шым телъу фемыжьэу хъунукъым. Абы и щIыIум Чокэ тесыжмэ, сыт ягъэ кIын?

– ХьэжыщI кIуэр зэрыкIуэм хуэдэу. Хъунущ ар! – жиIэри Локотош тIэкIу къэдыхьэшхащ. – Тесыфыну пIэрэ, къемыщэтэхыу?

– НтIэ, къыщIэбнэн мыбы? ЩIэкIуэдэнщ. Шым тесмэ, зимыхъуми, гъуэгур дигъэлъагъунщ. Шыр гъуэрыгъуэурэ IумпIэкIэ тшэнщ, – жиIэрт и фIэщу Федор.

– Гъуэгур сэ фэзгъэлъагъунщ,– жиIащ Бекъан.

– Партизанхэм дахуэзэхуи?

Федор ежьэну иукъуэдиящ:

– ЛIо, щымыIэ уи гугъэ партизан? ЩыIэщ. ЩымыIэу щытамэ, нэмыцэр къыдэупщIрэт: хэт легионер отрядым хыхьэу партизаным езэуэну арэзы, жаIэу. Дежьэмэ, зыгуэрым дахуэзэнщ...

– Уэри къоупщIат?
– Къызэупщ Iат.
– Пэжуи? ПцIы умыупсу жыIэт.
– Сыт щIэзупсыр. Зэгъусэу дыщежьэкIэ, дызэрыцIыхун хуейщ, – жиIэри Федор мывэшхуэ щылъым тетIысхьащ, и Iуэху къызэрекIуэкIар жиIэну. – ПцIы умыупсу жыпIакъэ...
– ЩIумыгъэлъащэ.
– Плену саIэщIыхьа зэрыхъуам къыщыщIэздзэн?
– Уэ зепта?
– Ыту укъэщIэрей! СелъэIури зестащ! Хъуркъэ уи фIэщ? НтIэ, къедаIуэ. УIэгъэсыхъуауэ медсанбатым сык Iуэрт, си дамащхьэм лагъым къутахуэ хэлъу. КъыбгурыIуа? Махуэр хуабэт, сэри лъыр къызэжэхырт. ТIэкIу сетIысэхащ зызгъэпсэхуну. Сыплъэмэ, машинэ гуэр мыжыжьащэу блож. Сыкъыщылъэтри сыджащ: «Ей, сыздэфшэ», –жысIэри. Машинэр цIыхур изу ису къэувыIащ, къыздэIэпыкъуурэ срагъэтIысхьэри дежьэжащ. Машинэм исым сахэплъэмэ, зыми зыри жиIэркъым. «Дэнэ фыздэкIуэр?» – жысIэу сеупщIати – псори щымщ. «Фи полькур дэтхэнэр ара?» Зым и жьэ зэтрихыркъым. Сыкъэгузавэщ абдежи, кабинэм сытеуIуащ машинэр къэзгъэувыIэну. Абдеж зыгуэр къеуэщ си щхьэми... сыкъызэщыумэ, къысщхьэщытыр нэмыцэщ.
– Нэмыцэм ди фащэ ящыгъыу арагъэнт уезышэжьар.
– Арат. Зэрыса машинэри дыдейт.
– НтIэ, дауэ хъуа? – жиIэри Чокэ щIэупщIащ, Федор жиIэм шэч лъэпкъ къытримыхьэу. Нэгъуэщ I зыгуэру щытамэ, ибзыщIынкIи хъунт, Федор зэрыщыта дыдэм хуэдэу жеIэж.
– Дауэ сыхъунт. Нэмыцэм уагъэтхъэн?
– Допрос уащIа?
– Допрос, жи. Абы си фэм ирахари?.. Нэхъыби ирахынт, сэр нэмыщIа плену ди цIыху яIэрымыхьауэ щытыгъамэ. АрщхьэкIэ а махуэм ди командир гуэрхэри япэщIэхуати, командирым нэхъ елIэлIащ сэ нэхърэ. ДызэщIакъуэри лагерым дашащ. Противотанковэ ровыжь гуэр драшалIэри драгъэувэкIащ. Нэхъапэ щIыкIэ дэ тлъагъуу политработник зы тIощIырыпщI яук Iащ. ЕзыгъэукIа офицерым дэ зыкъытхуегъазэ. КIэрахъуэ къихар уи ныбэм кърегул Iри къоупщI: «Хьэдэ щIэлъхьэ командэм ухыхьэну уарэзы?» – жеIэри. «Хьэуэ», – жыпIа – ду жиIэу кIэрахъуэм и кIакхъур щIечри зэфIэкIащ. ЯукIам къыбгъурытым йоупщI: «Уарэзы?» «Хьэуэ». «НтIэ, модрейр здэкIуам уэри кIуэ». Си деж къэсри къызэупщIати, жысIащ: «Сарэзыщ», – жысIэри. Си псэр нэхъ сфIэфIу аракъым. Мыбы хуэдэу зезгъэукIыу кумбым зрезгъэдзэж нэхърэ зыгуэрурэ саIэщIэкIыжрэ иужькIэ къыдащIар етщIэжмэ, нэхъыфIкъэ, жысIэу арат. Махуэ тIощIрэ пщыкIущкIэ сисащ лагерым.
– Дэнэ дежт ущаубыдар?
– Керчь деж.

– ЦIыху хуэдэ цIыхум укъалъхуащ. Тхьэм уи гъуэгу дахэ ищI, сыхьэту щыIэм я нэхъыфIым тхьэм ухуишэ, – жиIэри Бекъан Iуэм кIуауэ Федор япэ щыхуэза махуэр и гум къэкIыжащ. Федор лIы ябгэ гуэру, бзаджафи ириплъа щхьэкIэ, гу кIуэцIылъу къыщIэкIащ. Гузэвэгъуэ зэхещIыкI, гущIэгъу иIэщ. Урысыбзэр тыншу дадэм ищIэу щытамэ, жиIэнум ущIэмыупщIэ. Федор мыхъуатэмэ, Чокэ хэт теплъэжынт нобэ?

– УлIу лIыгъэ пхэлъщ. Хьэм хэхуэр хьэм хуэдэ щыхъу дапщэ ухуей? Уэ узэрыщытауэ укъызэтенащ. Зэш псори зы анэм къилъхуркъым. Къуэш егъу нэхъРэ ныбжьэгъуфI, жызыIами имыщIэу жиIакъым. Уэ къысхуэпщIар сэри тхьэм пхузигъэщIэж, сэ пхуэзмыщIэжми, алыхьым къыпхуищIэжынщ. Зи, сэ фхуэзмыщIэн щыIэкъым. Къыстефлъхьэр си хьэлъэщ. БгъуэнщIагъым фыкъыщIэнэрэ – си нэIэ фтету фысхъумэнщ, фызгъэмэжэлIэнкъым, хущхъуэ фыщызгъэщIэнкъым. Дежьэрэ къуршым дихьэжмэ, нэхъыфIщ жыфIэрэ – фи гъусэу сынэкIуэнщи гъуэгу тэмэм фытесшэнщ. Хэт сыт хуэдэ пыIэ щхьэрыгъми, сощIэ – фызыхуэмызапхъэ фыхуэзгъэзэнкъым. Чокэ Пэхум тесу етшэжьэнщ. Аращ нэхъыфIыр.

– Чокэ щхьэкIэ умыгузавэ. Дызэрыхъуу ари хъунщ.

– Гъуэгум къытеднэнкъым.

Чоки и гур къызэрыгъуэтыжащ:

– Шым сытесыфынущ, сэ къыстевмыщIыхь. Шууэ дэни сыгъакIуэ.

Псоми я гуапэ хъуауэ дыхьэшхащ.

– Къагъырмэс теса Уэрдэщыкъуэ хуэдэу къуэм удэмылъэну пIэрэ?

– Зи, Пэху шы хъумэ, сэри лIы сыхъунщ. Щэулэхъу сытевмыгъэтIысхьэ закъуэ.

– ДызэгурыIуащ.

– Щы дохъу. Зы танк диIамэ, зы экипаж дрикъут, – жиIащ Федори бгъуэнщIагъым щIэмызэгъэжу.

– Танк дэнэ къипхын? Пэху зэкIэсу дывгъэшэс.

– Аращ къытхуэнэжар.

Я зыгъэхьэзырыни куэдтэкъым, ауэ танэл къэнэжар умыгъавэу здэпщтэ хъурэт? Чыржын сыт жып Iэмэ, Данизэт ищIэн игъуэтынут. Хэт псы къихьу, хэти мафIэ ищIу – псори зэдэIэпыкъурт, я хьэпшыпыр зэкIуэцIапхэрт.

Данизэт и гум къыщIитхъырт и къуэр сымаджэ лъэрымыхьу гъуэгуанэ гугъу зэрежьэри, хупцIынэ ипщу здэщысым къегъыхырт.

Дадэми ар игъэудэIуну и ужь итт:

– Чокэ къэбгъанэ хъуну щытамэ, къэдгъанэртэкъэ? ЛIо, Азрэт къэсрэ пэщIэхуэмэ, ирилъэфажьэу и щхьэр пимылъэну уи гугъэ? Щэулэхъу кIэлъыплъи нэхъыфIщ абы нэхърэ. Къурш

щхьэдэхыпIэм нэзгъэсмэ, сэри къэзгъэзэжынщ.

– Сымаджэ мыгъуэщи аращ. И лъэм тетыфу щытамэ, адрейхэм нэхърэ нэхъыфIщ, жысIэрэт? Алыхьым къихъумэ. Тхьэм гущIэгъу къахуищI. Си къуэм сызэрыхуэарэзым хуэдэу алыхьри арэзы къыхухъу.

Бекъан бургомистрыр къигъэпцIэну зэпэщэщу щыта уанэжьри къихьащ, шым уанэ темылъу Чокэ тесыфынутэкъыми. Пэху уанэшкъым, хьэпшыпи сытри теплъхьэу, зы лIи тебгъэтIысхьэжмэ, кIуэкIафIэу дауэ кIуэн? Гъуэгур къуейщIей защIэщ – дэгъэзеигъуэщ, егъэзыхыгъуэщ. Уанэкъуапэр имыIыгъмэ, тесыр къехуэхынущ.

Чокэ яIэтри шым трагъэтIысхьащ.

Локотош иджыри къэс тIэкIу ещIэкъуауэрт, арщхьэкIэ гу зылъримыгъэтэн и гугъэу л Iыгъэм зригъэхьт. «Шым утесурэ уи къару къихьэжмэ, уэ къепсыхи сэ сышэсынщ», – жиIэу Локотош гушыIэрт.

Хьэлъэу телъым Пэху щIигъэтIысыкIыным нэсат. Данизэт уэншэку къигъуэтауэ, ари здащтэмэ, фIэфIт. Уэншэкур здахьын ядакъым, ауэ упщIэ-щIакIуэ сытхэр зэкIуэцIашыхьри уанэм кIэрапхащ. КъэпитIым я кум дэсу Чоки шым тест, уанэкъуапэр IитIкIэ иIыгъыжу.

– ЛафкIэтетыр хьэпшып ищэну ежьащ, – жиIэу Локотош дыхьэшхырт.

– Алыхьым къыптрилъхьэмэ, фошыгъу шей уефэнщ жыхуаIэр аращ, – жиIэрт езы Чоки.

– Насып уимыIэмэ, махъшэм утесми, хьэ къодзакъэ. Чокэ шым тесщ. Азрэти къыфлъэмыIэсу, Мысост и фочышэми тхьэм фыщихъумэ. Жэщу гъуэгуанэ фытохьэ. Тхьэм махуэ гуфIэгъуэу дызэхуигъэзэж, – жиIэу Данизэт и нэпсыр илъэщIырт.

– Куэдщ, думыгъеиж, – жиIэу Бекъани хъущIэ хуэдэу зищIырт, езыр къыщиуду гъын къудей пэтрэ.

Локотошрэ Федоррэ фызыжь гъым IэплIэ хуащIыжащ, псалъэ дахи жраIащ, быдэуи къагъэгугъащ Iэмал имыIэу къагъэзэжыну.

Жэщ ныкъуэм деж гъуэгуанэ техьэнур техьащ, Данизэтрэ Щэулэхъурэ бгъуэнщIагъым къыщIанэри. Федор, «хакIуэри едвгъэшажьэ», жиIати, ядакъым, пщIэну щыткъым дызыхуэзэнур, жаIэри. Азрэт ухуэзэмэ, лIо пщIэнур? ЛIищми Iэщэу яIэр зы автоматщ. Щэулэхъу къэзыгъуэтым сом минитху иратыну жаIащ, Азрэт шым теплъауэ гъуэгу къуитрэ?

Езы Щэулэхъу, и гугъу зэращIым гу лъита хуэдэ, къэщыщат.

– Хуэсакъ хакIуэм, – жиIэурэ Бекъан дапщэрэ и фызым къыжриIа.

Данизэт, бгъуэнщIагъ кIыфIым къыщIэнащи, щIэсщ, къыщIэплъын къудей дзыхь имыщIу. Гъуэгу техьам я Iэуэлъауэ макъыр жэщ кIыфIым хэкIуэдэжащи, дунейр щым хъуащ.

Данизэт и гур кърахрэ хыфIадза хуэдэу, и Iэпэ-лъапэр сысу зыкъомрэ щысащ.

Нэхущ нэблагъэ щыхъум, пшагъуэ гуэрэну къуэ куум дэлъар дихауэ уафэми зиукъэбзыжащи, Шыхулъагъуэр Iупщ Iу уолъагъу.

Данизэт ищIэрт хъыбару Шыхулъагъуэр къызытекIар. Нарт Сосрыкъуэ мафIэ къихьыну ежьат, нартхэр щ ЫIэм исy гъуэгум къытенати. МафIэ зыщIауэ зызыгъэхуабэ иныжьым и мафIэм хэпхъуэри пхъэ дзакIэ ин къищтэри Сосрыкъуэ къежьэжати, иныжьыр къыкIэлъыщIэпхъуащ. Нарт Сосрыкъуэ и шыр къыжьэдикъуэу къыщигъэувыIэм, шы кIэбдзым кърихъуар вагъуэ защIэ хъуащ. Адыгэр уафэм дэплъеймэ, иджыри Шыхулъагъуэм шу тет хуэдэу къафIощI.

Данизэт къуэм дэплъэркъым. Уафэм дэплъеймэ, Шыхулъагъуэр елъагъу: «Ныжэбэ жэщ кIыфIым хэту ежьахэр зытеува гъуэгур а Шыхулъагъуэр армырауэ пIэрэ?» – жиIэу.

Арами, хэт ищIэрэ?

## 3. ХЪЫБАР ДАХЭ ЗЫХУЭФАЩЭ

Данизэт щхьэукъуэну и фIэщ хъунт. КъуэгъэнапIэм къуэст уэншэку зэкIуэцIышыхьам тесуи, имыщIэххэу Iурихауэ пщIыхьэпIэу и нэгу щIэтт Бекъан сымэ. Емыжьэу къагъэзэжаи хуэдэт, къэзыгъэзэж алыхьым къещтэ, жаIэу. Чокэ лэпс шынакъ къищтати, лыр цIынэу илът, лэпсым и пIэкIи шынакъым лъыпсыр изу итт.

– Лы цIынэр щхьэ къиплъхьа мыбы? – жиIэу Чокэ зигъэгуса хуэдэт.

Данизэти къыгурыIуэркъым: мыр дауэ, на, лыр куэд Iейрэ згъэващ, итIани... Бекъан щыт хуэдэщ дыхьэшхыу. КъэIэбэри шыуаныр зэрыщыту хакIуэм хуигъэуващ. Щэулэхъу шыуаным итым епэм хуэдэу ищIри къеуэри кърикIутащ. Данизэт къэгузэващ, шым шыуаныр икъутэри дигъэунэхъуащ, жиIэри. Щэулэхъу, зыкъыкIэритIэтыкIащи, бгъуэнщIагъым щIэту къежыхь, йотхауэ. Бекъан аркъэныр къещтэ, шыр къиубыдын и хьисэпу, арщхьэк Iэ хакIуэр бгъуэнщIагъым щIож. Федор пхъуэри шым и кIэр иубыдати, хакIуэм и кIэр къыпичащ. Мысост зэгуэр мэзым къурыкъу къыщIишырт, шыкIэм къыкIэрищIэурэ. Къурыкъу иныIуэ зэм къыщыкIэрищIэм, шыкIэр пригъэчати, «шык Iэпыч» къыфIащри ауан къащIу щытащ. Иджы Федор абы ещхь хъуащ... Абдеж Данизэт къызэщыуащ.

ПщэдджыжьыркэкIуэтат. Къуэ кIуэцIыр дыгъэт. Данизэт къызэплъэкIмэ – хакIуэр бгъуэнщIагъым щIэтыжкъым. Ана, бзэха мыр, жиIэу Данизэт къэуIэбжьащ. «Псафэ кIуауэ пIэрэ?» –

жиIэри Данизэт къуэм дэплъащ. «Е фермэмкIэ игъэза?» Псым-кIэ щыIэу щимылъагъум, Данизэт фермэмкIэ игъэзащ, зыгуэр къыхуэмызэ щIыкIэ къэсшэжынщ, жиIэри. ХакIуэр фермэми теткъым. Дауэ хъуну иджы? Сыт ищIэнур? «Шыр Iущщ, езыр къэкIуэжынкIэ хъунщ», – жиIэри тIысыжащ.

ЕтIуанэрей жэщми ещанэрейми Данизэт бгъуэнщIагъым кIуэри щIэсащ, шым къигъэзэж хъумэ, бгъуэнщIагъыр аращ здэкIуэнур, жиIэри. АрщхьэкIэ, дэнэ? Къуэм хьэIуцыдз макъ фIэкIа зыри къыщыIуркъым. Данизэт фермэми тезагъэркъым, бгъуэнщIагъми щIэсыжыфыркъым – гузавэу къекIухь.

Чокэ мыгъуэ сымаджэ лъэрымыхьу езгъэжьати, алыхьым и гур къызэбгъащ, жиIэу аращ Данизэт и гум къэкIар. Щхьэ къимыгъэнарэ бгъуэнщIагъым щIэсу? Апчарэ заводым тесщи, чырбыш щагъажьэ хьэкум исщ, итIани мес, нобэ къэс зыри къыщыщIакъым. Румын сэлэтхэм къахъумэ, Чокэ зыгуэрым къихъумэнт.

Данизэт плъэмэ – ярэби, илъагъур къыфIэщIрэ и нэр къыщхьэрипхъуауэ хьэмэ аргуэру пщIыхьэпIэм хэт? Чопракъыпс шу гуэр къызэпрокI. Данизэт темыпыIэжу и лъакъуитIыр щIокIа шум пежьэну. Шууэ къакIуэр Бекъанщ. Зытес шыри Щэулэхъущ. Аракъэ телъыджэлажьэ жыхуаIэр? ЛIыжьыр къызэрысыжу шхыдэу щIидзэнщ: «Шыр щхьэ къыщIэбгъэкIа?» – жиIэнщи. Ирешхыдэ, ягъэ кIынкъым, шым лажьэ имыIэу къигъуэтыжащи, насыпщ. Ар дауэ, на? Бекъан къэблэгъэжауэ егъэзэж. Дэнэ иджы здэкIуэр? Данизэт ищхъэрэкIэ плъэри къыгурыIуащ. ГуIэгъуэжь мыгъуэр си махуэщ – фермэм къытекIауэ шу гуп Бекъан къилъэгъуащи, аращ щIигъэзэжар. Шу гупми дадэр къалъэгъуауэ кIэлъожэ.

Шу гуп Бекъан кIэлъыпхъэрар зыбгъупщI мэхъу. Щэулэхъу зэрылъэщIэмыхьэнур къащIауэ фочкIэ кIэлъоуэ. Данизэт гужьеяуэ магъ, фоч уэхукIэ Бекъан шым къехуэхын и гугъэу мэгуIэж. ХакIуэ гъэшхар пцIащхъуэм хуэдэу дэгъэзеигъуэм дож.

Хэт Бекъан езыхужьар? Якъубщ. Уанэм къыкIэлъыкIуати, имыщIэххэу хакIуэм къыхуэзащ. Къыхуэнэжакъэ иджы и сом минитхури? Щэулэхъу къуэм дэкIыу дэнэ кIуэн? «Уафэм и куэбжэр» жыпIэнущи, гъатхэ пщIондэ удэкI хъуххэнукъым. ДэнэкIи гъазэ – бгыщ, езэгъыпIэ имыIэу.

– Фыхуэсакъ, шым тевмыгъахуэ. Тесым феуэ, тесым! – жиIэу Якъуб къызэплъэкIыурэ унафэ ищIырт.

ТIэкIу яIэщIэкIатэмэ, дадэм зыгъэпщкIупIэ къигъуэтынут, щIыпIэр тыншу ецIыху. Якъуби аращ, а къуэм машIэрэ мэл игъэхъуу дэта? Къыщалъхуари Чопракъ аузщ.

Якъуб и шу гъусэр тIууэ игуэшри зыр зы гъуэгукIэ, адрейр нэгъуэщI гъуэгукIэ иутIыпщащ, Бекъан дэнэкIэ кIуэми, кIуапIи

жапIи ирамытын хуэдэу. Къуршым щхьэдэх хъунукъыми, пихыжащ, мобыкIи Чопракъыпсщ. Къигъазэ хъурэ – Якъуб и IэмыщIэ уихуащ.

Дадэр псы Iуфэм Iутурэ докIуей, зэзэмызэ сэтей къэхъумэ, пхъэру кIэлъыкIуэм фоч ягъауэри къуэ кIуэцIым джэрпэджэжу къыщоIу.

Бекъан мэгузавэ. Дэнэ и щхьэ здихьынур? ДэнэкIэ иунэтIыну?

ЗэвыпIэ гуэр къигъуэту мывэ къыдигъэлъэлъэн? ЛIипщIым мывэр зэбградзынщи, зэфIэкIащ. ЗыпIэжьэмэ, къыппакIухьын-кIи мэхъу.

Псэууэ яIэщIэмыхьэмэ, аращ. Е шыр къуэм дигъалъэу иригъэукIын, Уэрдэщыкъуэ зэрищIам хуэдэу? Къагъырмэс къуэм щыдэлъэм, езы Уэрдэщыкъуи тесащ. Бекъан шыр иригъэук Iыу езым зыкъигъанэуи? Хьэуэ, ар абы ищIэнкъым.

Бекъан и гум къэкIыжащ Къулым хъупIэм щыжиIауэ щытар: «Уа, Бекъан, адыгэшыр зыхъумэну дызыщыгугъыр уэращ, адыгэр япэ къезыгъэцIыхуар адыгэшщ, бгъэкIуэд хъунукъым», – жиIэу Къулым дапщэрэ къытригъэзэжа?..

Бахърэн ауз сыдыхьэу къуршымкIэ згъазэмэ, саIэщIэкIыну пIэрэ? Зымахуэ иригъэжьэжа Чокэ сыми Бахърэныщхьэ нигъэсри къигъэзэжащи, хэт ищIэрэ, абыхэм яхуэзэмэ, зыгуэркIэ къыбдэIэпыкъункIи мэхъу. Къуэр зэвщ, зы автомат яIэщи, шуудзэ зэтепIыгъэфынущ. АрщхьэкIэ Якъуб сыт щхьэкIэ пшэн Чокэ сымэ я хэщIапIэм? Пэху зэрыкIуа лъагъуэмкIэ Щэулэхъу пхуэмыкIуэнкIи мэхъу.

ХакIуэр ешащи, бауэкIэщI хъуащ. Тхъурымбэр къохуэх. Шыри цIахуцIэщи, Бекъан и гъуэншэджыр пщIэнтIэпсым хьэлэчу псыф ищIащ. Уанэ телъами зыгуэрт. Ай, бетэмал, Данизэт шыр щхьэ къыщIигъэкIа мыгъуэ?! Тхьэм ещIэ, псафэ ишэну и гугъа? Шым зыкъыIэщIиудри – макIуэ-мэлъей, хакIуэ гъэшха бгъуэнщIагъым щIэзэшыхьар пхуэIыгъын? Бекъан къэсыжрэ плъэмэ – Щэулэхъу хъуакIуэу лъэгум дэтщ. КъакIуэIауэ щилъагъум, Щэулэхъу щIэпхъуащ, арщхьэкIэ дадэр щеджэм къиц Iыхужри, езыр къыбгъэдыхьащ. Хак Iуэм къижыхьу губгъуэм итыну арат зыхуейр, Бекъан шэсу къимыгъэзэжатэмэ.

Аргуэру фочауэ макъ къэIуащ. Бекъан къызэплъэкIмэ – лъэгум дэту и лъэужь къэзыхур елъагъу.

Шур нэхъ мащIэ щхьэ хъуа? Дэнэ кIуа и ныкъуэр? Ешу ягъэзэжа? Алыхьым ещIэ Якъуб мурад ищIар. IэмалкIэ Iэзэщ а зи унагъуэ сэхыжыныр. Чопракъыщхьэ укIуэкIэ, дэнэ укIуэн? Къуршым ущхьэпрылъын?

Гъуэгур задэIейщ. Щэулэхъу мыкIуэфу зэзэмызэ къэувыIэурэ зегъэпсэху. И пэщхъыным бахъэу кърихум щIэ щIэткъым. Шым и тхьэкIумит Iыр игъэкIащ, иныкъуэми къызоплъэкI: дэнэ дыздэбгъакIуэр, жиIэ хуэдэу. Шым здэкIуэнур имыщIэу къэувы-

Iэмэ, Бекъан къопсыхри хакIуэр IумпIэкIэ ешэ хуэсакъыурэ.

Егъэзыхыгъуэм дежи гугъущ. Зи къару икIа шыр джалэу къуэм дэхуэнкIэ шынагъуэщ, и лъакъуэр мэкIэзыз.

Дыгъуасэ Пэху зэрыкIуа лъагъуэм Бекъан ноби тетщ. Пэху куэд зи нэгу щIэкIа шыт, Щэулэхъу елъытауэ. Щэулэхъу къуршым щхьэдашэхыу къыщыщхьэдашэхыжами гъуэгум тетащ. Пэху егъэзыхыгъуэм деж цIыхум хуэдэкъэ жыпIэу ехырт. И зы фIалъэ лъакъуэр хуэмурэ иригъэувэхырт, итIанэ етIуанэр япэрейм бгъэдигъэувэрт. ПхэщIкIэ хэтIысхьэ хуэдэу зищIырти, и кIэбдз лъакъуэр и фIалъэ лъакъуэр зытет теувапIэ тIэкIум тригъэувэрт, лъакъуищкIэ ува и ужь еплIанэ лъакъуэр игъэувы-жырт. Циркым щагъэджэгу шым хуэдэт. Апхуэдэ егъэзыхы-гъуэм деж шым тесым зимыгъэхъейуэ тесын хуейщ.

Щэулэхъурэ Пэхурэ зэхуэдэтэкъым.

Бекъан джабэ задэ гуэрым дэкIри борэным яфыщIа жыгыжь гуэрым и щIагъым щIэуващ. Сэтейм тетыгъуейт, жьапщэти.

Къуэм удэплъэмэ, дэнэкIи уэст. И лъэгум мэз тIэкIу дэтт, хэтри хэсри плъагъуу. Удоплъейри – пшэр зэрызохьэ. Щымщ. Чопракъи зиущэхуащи, и макъ зэхэпхыркъым. Жыжьэу аращ. Бекъан ныбгъуэхьэшым ираубыда хуэдэщ. Дэнэ и щхьэр здихьынур? Псым узэпрокIри – адэкIэ бгы нэпкъщ. Къурш щыгум уихьэфмэ – уэсщ, мылщ. ЩIым ущIыхьэн, дэнэ укIуэн?

Дадэр шым къепсыхри шыр IумпIэкIэ иришэжьащ. ХакIуэм и лъакъуэр хуэхь къудейщ, къару лъэпкъ къыхэнэжакъым. АтIэ хьэдагъэ кIуэн – мазэ псокIэ бгъуэнщIагъым щIэтащ. ЖэщкIэ нэхъ мыхъуми, къыщIишурэ кърикIуэкIухьын хуеящ. ИтIани, плъагъуркъэ, – шууипщIым зы къахэкIакъым Бекъан къылъэщIыхьэн. Якъуб зытесар шытэкъэ нэгъэсауэ – ари къылъэщIыхьакъым.

Сэнтхым нэсри Бекъан къызэплъэкIащ. Шуудзэр хуэмурэ къызэрыкIуэм тетщ.

Сыт щхьэкIи пIэщIэн? Я шыр щIаукIыни щыIэкъым, сыту жыпIэмэ Бекъан бгъуэнщIагъышхуэм щIахуа хуэдэщи. ДэнэкIи гъазэ, къикIыпIэу иIэр зыщ. КъикIыпIэм Якъуб Iусщи, дэнэ укIуэн? Якъуб и гупым ар ящIэ. Бекъан яIэщIэкIынкIэ шынэу щытамэ, зэрыгъэкIийуэ, зэрызехьэу, я шым щымысхьу, батэкъутэр ягъэшу къызэрыхьынут.

Бекъан къурш щыгум иту щалъагъум, фочкIэ къеуащ, фоч уэ макъым къуршыр къигъэпсалъэу. Къуэ кIуэцIым фоч щыуэ-мэ, топ ягъэуа хуэдэ ину мэIу, къыздиукIри сытри умыщIэу. «Ярэби, къуэ кIуэцIым дэтыр ара къауэр хьэмэ партизану пIэрэ?» – жиIэу Бекъан зиплъыхьырт. ТIуми щымыщу унагъуэн-шэ-жьэгуншэу къуршым итуи дапщэ ухуей? Ахэри къэуэнкIи мэхъу.

АрщхьэкIэ Бекъан зыщыгугъам къыщыщIэкIакъым. ФочкIэ

къеуэр нэгъуэщIт. Чопракъыщхьэкlэ шууищ къыщыхутауэ Бе-къан и гъуэгур къызэпаупщI. ЖиIатэкъэ Бекъан, Якъуб Iэмалкlэ Iэзэщ, жиIэри. Шууищ нэхъ шыфI тесу Якъуб иутIыпщащ, Бекъан къыпажыхьу и пэм къиувэну. Аращ и ужь итахэр щIэмы-пIащIэри. Иджы нэгъуэщI кIуапIэ щыIэкъым – дэдзыхауэ «уа-фэм и куэбжэмкIэ» унэтIын хуейщ.

Дунейм зиукъэбз хъуащи, жыжьэу плъэмэ, къуршыщхьэм уэс пыпхъуэшхуэ телъыр уолъагъу, я лъабжьэр щIыхуфэ дахэу. Мы щIыпIэм зыри къыщыкIыркъым, уэс къудей тезагъэркъым, къытесэр жьым трепхъуэтыкI.

Легионерхэм я гугъакъым Бекъан «уафэм и куэбжэмкIэ» зритыну. Куэбжэр щымыIэжмэ, сыт щхьэкIэ укIуэн? ДэкIыпIэ даудауэ щытам унэсын щхьэкIэ, къуэ куум ущхьэщыту лъагъуэ шынагъуэ дыдэкIэ укIуэн хуейщ. Лъагъуэри плъагъуу щытами зыгуэрт – уэс щIагъым щIэлъщ. Удэплъейми, къурш лъагэм уэс Iэтэ инхэр къытевэву телъщ.

Гъуэгу тIэкIу ящIам «куэбжэ» фIаща щхьэкIэ, куэбжафи теткъым, иджы уэсым щIиубыдащи, къыпхуэгъуэтрэ?

Бекъан къигъазэ хъужынукъым. Бгы джабэ ину уэсышхуэ зытелъым кIэрытурэ макIуэ. Лъагъуэм ауэ хуигъэфащэу ара къудейщ. Шыри лIыри ешащ, итIани макIуэ. КилометриплI хуэдиз и лъагагъыу къуршым итщи, узэрыбэуэн кислород урикъуркъым. Бекъан и щхьэр мэуназэ, и жеини къокIуэ. ЗызгъэукIурийуэ уэсым щхьэ сыхэмылърэ, жиIэу и гум къокI.

КъызэплъэкIмэ, къикIуар метр щитI хуэдиз хъуми аращ. Дапщэ хъурэ ар? ИкIун хуейм щыщу епщыкIутIанэр аращ. Щэулэхъуи къедэIуэжыркъым. И щхьэр уэсым хелъхьэри щылъщ е уэсым хэтщи, щылъу къыфIэщIрэ, и нитIым нэпсыр къыщIож.

Жыхьэнмэ лъэмыжыр джатэдзэм хуэдэу бгъузэу жаIэ. Бекъан зытет гъуэгури аращ. Абы ищIыIужкIэ уэсыр кууущэщи, уигъакIуэркъым, упхрохури ныджэм къытенам ещхьу утелъщ укъыдэпщеижа иужь. Щэулэхъуи аращ – и щхьэмрэ и тхыцIэмрэ фIэкI умылъагъуу уэсым щIигъэнащи, йолъэкъуа-уэри хэтщ.

Бекъан, шхуэмылакIэр иIыгъщи, йокъу. Шым уэсыр ивэу, елъэкъуауэ-етхауэ сытми тIэкIу икIуащ. АдэкIэ укIуэ пэтми, уэсыр нэхъ кууужщ. Лъагъуэм утетрэ утемытрэ пщIэркъым. Бекъан уэсыр зэбгритхъурэ уэс щIагъым щIэIэбэрэбыхь хуэдэу зищI щхьэкIэ абы хуэдэ защIэурэ укIуэфын? Езыр ныбапхъэкIэ телъу пщыми, шыр кIуэфыркъым. Уэсыр къыгуэщэту урихьэ-хынкIи шынагъуэщ. Гъатхэр къэсу уэсыр выжыхукIэ укъагъуэ-тынкъым. Укъамыгъуэту хьэм уашхынкIи мэхъу, Якъуб и адэ къуэшым къыщыщIар къыпщыщIу.

Иджыри тIэкIу ткIумэ, адэкIэ нэхъыфI хъункIэ мэхъу, жиIэу

Бекъан лъэкI къигъанэркъым. ТIэкIу икIумэ, къэувыIэурэ зе-гъэпсэху, зеплъыхь, къэсауэ пIэрэ ди ужь къэзыхур, жиIэу.

Аргуэру фоч уэ макъ къэIуащ. Бекъан плъэмэ – легионерхэр бгым допщей, къеухыурэ Бекъан къеуэн я гугъэу. Плъагъурэ а хьэбыршыбырхэр? Бекъан зытехьа лъэужьым къытехьэн дзыхь ящIыркъым, мэшынэри. Щэулэхъуи, фочауэ макъ щызэхихым, нэхъ IумпIафIэ хъуауэ, къокIуэ. Ай, бетэмал, еуэкIыпIэм дынэсатэмэ, адэкIэ зыгуэр хъунт, жиIэу Бекъан хьэлъакъуиплIу макIуэ, шхуэмылакIэр и пщэм фI илъауэ.

ЗанщIэу дунейкъутэжи мыр, жиIэу фочауэр ин хъуащ, уафэри къуршри къигъэпсалъэу. Щэулэхъуи къэщтауэ уэсыр зэхевэ къыхэмыкIыфу. Бекъани шхуэмылакIэ пщIэхэлъар пщIэхилъэфащ. Абдеж къэхъуар Бекъан имыщIэу къуршыр зэщIэгурымащ, къуэри мэзри къигъэпсалъэу. Бекъан и нэм къыщхьэрипхъуащ, зы имылъагъужу. Фочауэ макъым уэсыр къигъачэри къежьауэ Бекъанрэ Щэулэхъурэ ирехьэжьэ. Шымрэ лIымрэ зэлъэмыIэсыжу къежьати, нэпкъ гуэрым нэсри аргуэру IэплIэ зэхуащIыжа хуэдэу зэрихьэлIэжащ, итIани зэфIэкIуэды-жащи, лIыр щхьэхуэу, шыр щхьэхуэу уэсым хэлъу ирехьэх. Бекъан зыгуэрым жьэхэуа е къурш къыгуэууэ къытехуа – и нэвагъуэр илъагъужри дунейр кIыф I хъуащи, зы Iэуэлъауи щыIэжкъым. АрщхьэкIэ ари куэдрэ? Бекъан, Щэулэхъу шэсыжа хуэдэщи, къуэм къыдэлъэтри уэгум ихьащ. Дадэр иджы шу лъагъуэм теувауэ макIуэ, Щэулэхъу и лъакъуэм къыщIэху мывэр вагъуэу къызэщIонэ.

Жыжьэу уплъэмэ, Данизэт щIылъэм тетщ:

– Мес моращ Шыхулъагъуэр,– жиIэу...

*Еханэ псалъащхьэ*

## 1. ИУЖЬРЕЙ МАХУЭМ

Зызыхуагъэхьэзыра праздникышхуэр зэхэзышам я мурадар къехъулIакъым. Мысост, батэкъутэр игъэшын и гугъами, щхьэгъэуз хэхуа фIэкIа и нэгу зиужьакъым. Зыкърихыу хуэпауэ бургомистрыр къуажэ управэм пщэдджыжьым жьыуэ къэкIуати, бжэм, блын газетым ещхьу, тхылъымпIэшхуэ фIэлъу кърихьэлIащ. Псалъащхьэр «Ди хьэмтетыгъуэ махуэри къэсащ» жиIэу арат къызэрыщIидзэр. Мысост еплъри къыпыгуфIыкIащ: ди праздникым ирихьэлIэу блын газет хъарзынэр къыдигъэкIыну зигу къэкIар хэту пIэрэ, жиIэу. АрщхьэкIэ адэкIэ еплъмэ, блын газетым зи гугъу ищI праздникыр Мысост и гугъэр аратэкъыми, епхъуэри тхылъымпIэр къыфIитхъщ, зэхиупIышкIуэри

хиутэжащ. ПIытIу кърихьэлIат абдежми, и пщампIэр иубыдри Мысост кIияц:

– ИкIэщIыпIэкIэ, щIыкъатиблым щIыхьауэ щIэсми, а хьэбз куэпэчу хьэм и ныбэм къикIа хъыджэбзыр къашэ мыдэ, – жиIэри.

Мысост, тIэкIу зыкъищI эжа иужь блын газетыр къищтэри теIэбыхьу увыжащ, Щэбэтыкъуэ и къуэм иригъэлъагъун и гугъэу. ИщIэн хуейщ абыи къызыщхьэщыжар зыхуэдэр.

НэгъуэщI блын газети мэжджытыбжэм к Iэрылъу къагъуэтащ. ЛIыжьхэр зэхуэсат Бекъан и кIуэдыкIэ хъуар ягъэщIагъуэу. И хьэдэр къэгъуэтыжауэ къуажэм щыщIэлъхьэн хуейщ, жа Iэрт иныкъуэм. Иныкъуэми: «Бекъан, алыхьым и нэфI къыщыхуати, уэс къабзэр кхъэ унэ хуэхъуащ, и гугъу пщ Iы хъунукъым», – жаIэрт. Бекъан Щэулэхъу тесу уэгум ихьэри алыхьым и пащхьэм ихьащ, алыхьым и ней нэмыцэм къащыхуауэ лъэпкъ кIуэдыр къахуигъэкIуэну, жиIэу зыукъуэдия яхэтт..

Блын газетит Iыр арат Iуэхур? КъэфакIуэ ансамбль зэхудошэс щыжаIэм, пшынэр зыгуэрым зэгуигъэжауэ къыщIэкIащ. НэгъуэщI пшынэ къагъуэтыху, щIалэм ящыщ кIуэсэжащ. ПIытIу щIалэ къигъуэтыху, залымыгъэкIэ къызэхуахуса цIыхур зэбгрыкIыжащ.

Езы Мысост, хьэщIэ къыхуэкIуэну пэплъэрти, мэл зыбжанэм ищIыIужкIэ ахъшэ хъарзынэ къэзылэжь гуур иукIащ.

Щэулэхъу щысIэщIэкIакIэ сэ къыслъысауэ щыта гуур хьэщIэ лъапI эм я дежкIэ сфIэмыбылыму зэрыщымытыр зиусхьэн нэмыцэм ирелъагъу, жиIэу арат зытрищIыхьари, мес зэрыхъуар. Щэулэхъуи хэкIыжащ, и гуури иIэжкъым.

Мысост и насыпыжьти, хакIуэр зы IэщIэкIар езыр аракъым, Бешто Якъубщ. Тепщэчыр зейм IэщI экъутэжмэ, хэт и лажьэ? ХакIуэр бургомистрым IэщIэкI атэмэ, и фэр IэбжьанэкIэ трахынт. «Уа, выжь, хьэдэр бгъейуэ ущыса, шэм нэхърэ нэхъ псынщIэт шур, уеуэу щхьэ къыумыгъэпсыхарэ?» – жиIэнти зэфIэкIащ.

А махуэм Мысости я гъусэу фермэмкIэ кIуэнут. АрщхьэкIэ Апчарэ къигъуэтын и мураду ежьати, ари къехъулIакъым.

Хъыджэбзыжь цIыкIури, бзэхащи, ягъуэтыркъым. Мысост, абы хуэдизкIэ зэгуэпати, къытехуэу зэгуэудынкIэ хъунут.

Блын газет сыт жыхуэпIэри сытым щыщ? Апчари зэпытрэ зэкIэсу ирекIуэ, дэнэ кIуами, Мысост къыпэщIэхуэнущ. Праздникыр щIэмыхъуар псоми ящI э: нэмыцэм я I уэхур къокъутэ. Зауэм зыкъигъэзащи, фронтым хэку къутэр къыхуокIуэ.

Сталинград деж нэмыцэр къыхагъэщIащ. Абы кIэлъыкIуэу Мэздэгу дежи Iуэхур щIагъуэкъым. Нэмыцэм, Краснэ Армэр бгъуэтым къащтэ, жаIа щхьэк Iэ, щIым къыщ IэкIыу дунейм къытехьам хуэдэу къеIэурэ фронтым къызэпетхъ, пэувым и пэр

щIрегъавэ, и занщIэр и гъуэгуу къыпхитхъыурэ къокIуэ.

Дзэуэ нэмыцэм фронтым Iуашэр хьэдэлъэмыж мэхъу, къелар гужьеящи, я щхьэ здахьын ямыщIэу къуэгъэнапIэ мэлъыхъуэ. Нэмыцэ генералхэм сабэр уафэм драпхъей, яхузэфIэкIщымыIэу.

А лъэхъэнэм ирихьэлIэу праздник зэхэпшэн жыхуэпIэр делагъэт, Iуэхур къэрахьэжьа хъуати, яхуэгъэтIылъыжакъым. ЯфIэфI-яфIэмыфIми, хузэхуэхусыр зэхуихусри Мысост къалэм ихуащ. НэгъуэщI къуажэхэми къэрашурэ цIыху къаша пэтми, профсоюзым я клубыжьым щIэз хъуакъым. Куэшмэн Азрэт легионер гуп бэзэрым игъэкIуащ: «Тету хъуар къэфху», – жиIэри. Зыгуэр зыщэну бэзэрым къэкIуам къэп, матэкъуаншэ сыт яIыгъми, зэраIыгъым хуэдэу къытрихуати, ари зэбгрыжыжащ, клубым нэмысу.

Дауэ хъуми, клубым щIэз ящIащ. Нэмыцэ къэрихьэлIам ящIэркъым клубым щIэсыр дэнэ къикIами. ЩIэзу щIэсщи, нэгъуэщI сыт ухуей?

Япэ утыкум къиувар нэмыцэ генералщ.

Бешто Якъуб къызэIуихщ зэIущIэри, генералым щыгуфIыкIыу псалъэ иритати, нэмыцэм жиIэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIыу, урысыбзэри адыгэбзэ ящIыжурэ бэлыхь ятелъащ. Къагъэпсэлъам Мысости яхэтт.

Мысост, гу къылъатэмэ фIэфIти, зи лъэкI къигъэнакъым, нэмыцэми фурэми – псоми щытхъупс ятригъэлъэдащ, тхьэ яхуелъэIуащ. Нэмыцэ генералыр къедаIуэурэ щхьэ ищIырт. ИтIани Мысост зэгуэпауэ къэкIуэжырт:

– Емынэ узым сызэрихуэу си гуур сукIа? Ара тхьэлъэIу жыхуаIэр? Сэдэкъэ ящIа хуэдэщ. Ди Iуэхур шыпхэ мыхъуащэрэт, дунейр къызэIохьэ,– жиIэу.

Мысост иджыри ищIэртэкъым къыщыщIынур, итIани гузавэрт. Фронтыр нобэ къоукхъуэ, дэнэ кIуэну Мысост? Бургомистрыр къэгубжьырт, ар и гум къэкIми, и диным икIырт, хьэм и губжь кхъуэм щехьэ, жыхуаIэм хуэдэу и гур зытригъэпщэхэныр ищIэртэкъым, Хьэбибэ фIэкIа. Зэрынэсыжу абы и ужь ихьэнщ. Блын газетыр зэхэзытхыхьар Хьэбибэ и пхъур зэрыарам шэч хэлъкъым. Ар псэууэ къэбгъанэмэ, уи лъыр ирафынщ.

Апчарэ зытес чырбыш заводми румынхэр щызэрызохьэ, я хьэпшыпхэр зэхуахьэсыж, завод уэнжакъым зиплъыхьу тесар къехыжащ. Хьэкум илъа топышэ къомыр къэрахыжурэ машинэм, гум иралъхьэжащ. КIурацэ щхьэгъубжэм Iуту якIэлъоплъ: румынхэр мэкIуэж, жыпIэу угуфIэнущи, ахэр дэкIыжрэ нэмыцэ къакIуэмэ, нэхъ Iеижкъэ, жиIэу зыхуихьынур ищIэркъым.

КIурацэ унэм щIэкIын дзыхь имыщIу здэщытым, и цIыхугъэ фельдфебелымрэ зы сэлэтрэ къыщIэлъэдащ, бжэIупэм зы топ IэкIэ къыIуагъэлъадэри. КIурацэ и щхьэфэцым зиIэтащ.

– Эй, хозяйка, купи!

– Сыт, на, мыбы «купи» жиIэу къызигъэщэхунур?– жиIэу КIурацэ зыхуихьынур ищIэркъым. Модрейри щытщ:

– Купи, хозяйка, сыр, яйца...

КIурацэ къыгурыIуащ: румыным кърищэнур бжэIупэм Iут топыр аращ.

– Зачем ваша пушка?

Фельдфебелыр унэм къыщIэкIауэ топым щIэт шэрхъыр ирегъэлъагъу, гум щIэбгъэувэ хъунущ, жиIэу. Езыр гъущI защIэщ, узыхуейр къыхэх, пхъэIэщэ егъэщI.

– ДжэдыкIэу зы тIощIырыпщI, зы кхъуейхьэл. Аращ и уасэр.

Топыр щащэкIэ я Iуэхур щIагъуэкъым, йокIуэтыжхэр, жиIэу КIурацэ мэгуфIэ. ИтIани уиIэ тIэкIур ептмэ, кIэфий уепщэу щыс – шхын щхьэкIэ улIащ.

– Къызощэху! – жиIэри КIурацэ румыным и дамэм теуIуэнут, арщхьэкIэ фельдфебелым куэдрэ зимыIэжьэу дзажэ ныкъуэ фIэлъыр къипхъуэтащ, адэкIэ-мыдэкIэ дэIэбэурэ кхъуей, чыржын е джэдыкIэ игъуэт илъэпкъыр зэщIикъуэурэ и жыпым ирелъхьэ. Фельдфебелыр, арэзы хъуауэ топыр бжэIупэм къыIуинэри, макIуэ-мэлъей.

КIурацэ тепыIэжыртэкъым Апчарэ псынщIэу хъыбар езгъэщIэнщ, жиIэрти.

– БжесIатэкъэ? ИкIуэтыжынухэщ жысIэри! Хъуа иджы уи фIэщ! – Апчари гуфIэщауэ и нэпсыр къожэх.

– Мыбы къызищар плъагъурэ?

– Топри? ДыщымэжалIэм деж дгъэуэнщ, – жиIэрт Апчарэ дыхьэшхыу.

– Дзэкъэгъуэ къысхуагъэна? Игъуэтыр зэщIикъуэри ежьэжащ, уз хухъу!

Апчарэ зэрымэжалIэри щыгъупщэжат.

– ТопымкIэ дызэуэнури? Мысост. Деуэнщи и управэр хьэбэсабэ тщIынщ.

Пшапэр зэхэуати, къуажэм нэмыци сыти къыдэмына и гугъэу Апчарэ жэрыгъэ защIэкIэ я унэ кIуэжащ.

Хьэбибэ джэд зы-тIу къыхуэнар джэдэщым щIихуэжу я ужь итт, Апчарэ и нитIыр къыихуу пщIантIэм щыдэлъэдэжам.

И анэр къыпежьэу IэплIэшхуэ къыхуищIу къыщыгуфIыкIыну Апчарэ и гугъами, Хьэбибэ зигъэгусати, нэмыплъ кърих хуэдэу зищIащ: «IукI, IукI, адэ», – жиIэу. АрщхьэкIэ ар зыгъэгусэ нэпцIт. Апчарэ и анэм зридзауэ IэплIэ, ба хуещI.

– Укъысхуэзэштэкъэ, Быбэ? Уи жагъуэ умыщI, кхъыIэ. Ди унэ сыщIэсатэмэ, къызащIэну щытар уощIэ.

Хьэбибэ псори ещIэ, итIани и пхъур здэщыIэр къыжраIэн дзыхь къыхуащIакъым. Хьэбибэ псэкIэ ищIэрт и пхъур здэщыIэр. КIурацэ еупщIмэ, «Умыгузавэ, уи пхъур къыщамыгъуэтын щыIэщ», – жиIэ фIэкIа, къыфIигъэкIыртэкъым. НтIэ, ар уи жагъуэ хъункъэ? Уэ къэплъхуа уи быныр уэ пща-

гъэпщкIужу. Хьэдагъэм кIуэмэ, КIураци абы щыIэу хуэзэмэ, и пхъум щIэмыупщIэу къэнэнт? ЩIэупщIэ – къыбжаIэмэ.

–Уи пхъум щхьэкIэ умыгузавэ. ХуабапIэ щIэсщ, ишхын егъуэт. ЛIо абы фIэкIа узыхуейр?

Аращ и пэри и кIэри.

И къытехьэр асыхьэту текIыжауэ Хьэбибэ и гур къызэрыгъуэтыжащи, и макъым зрегъэIэт:

– СымыщIэ уи гугъэт уздэщыIэр? Алыхь, сщIэртэм. Мысост зыгуэр ныскIэлъигъакIуэмэ, жысIэу сышынэрти, сынэкIуакъым. Кхъуэщын тIэкIу щхьэкIэ КIурацэ селъэIунщ, жысIати, Мысост си гум къэкIыжри лъэбакъуэ нэсчакъым. Псыхьэ сагъакIуэ уи гугъэт? ПщIантIэм сыдэкIамэ, зыгуэр си ужь итт. ПIытIут дунейм темыхуэр: «Къэдгъуэтынщ Апчари, умыпIа-щIэ», – жиIэу скIэрыкIыртэкъым.

– Иджы тIэщIэмыкIащэрэт езыр.

– Алыхьыр си бийщ, самоваркэм хуэзгъэгъумэ. КIурацэ и гугъэщ езыр мывэм хуэдэу быдэу, сэ ятIэ IэшкIэм сыхуэдэу. Сэ дзыхь къысхуащI хъурэ мыхъурэ езгъэлъагъунщ, лIыгъэщIапIэ дызэдихуэмэ. ЛIо, сэ лIэныгъэм нэхъ сыщышынэрэ?

Хьэбибэ къэгубжьмэ, КIурацэ щхьэкIэ самоваркэ щIыжиIэр мырат.

КIурацэ хадэ имыщIэу зэи къигъанэртэкъым. Хилъхьэмэ, хилъхьэр бжьын, бжьыныхут. КIурацэ и бжьын хьэсэм хуэдэу дахэ къуажэм щыбгъуэтынтэкъым. Бжьын, бжьыныхури дахэу иблэрти, бэзэрым ихьырт. Абы и бжьын блар зылъагъум, игъащIэкIэ бжьын хуэмейми, ищэхурт.

Сату тIэкIур зэфIэкIмэ, КIурацэ къищэху щIагъуи щыIэтэкъым. ШхапIэм кIуэрти, фошыгъу шей стэкан къом, щIакхъуэ хужь къаIихырти, кърататар ирифрэ ишхмэ, къежьэжырти, лъэсу зэрыкIуам хуэдэ къабзэу къэкIуэжырт. Самовар бгъэдэсыныр фIэфIщ, жиIэу арат Хьэбибэ а фызым самоваркэ щIыфIищар.

– Алыхь, КIурацэ удэгушыIэ мыхъун.

– ЛIо, партизан командир хъуа?

– Топ къищэхуащ.

– Хьэфэ топи?

– Хэт и хьэфэ топ? Топ дыдэ, кхъухьлъатэм зэреуэ топым хуэдэ. Бургомистрым еуэу хиущэбыхьын и гугъэщ.

Хьэбибэ къыгурыIуэпакъым Апчарэ зи гугъу ищIыр.

– Самоваркэкъэ сытми. Алыхь, хуэзмыгъэгъуну.

Зэанэзэпхъур унэм щIыхьэжащ. Апчарэ пкIэунэм дэкIуейри патефоныжь телъар пластинкэхэр дэщIыгъуу кърихьэхыжащ. Хъарзынэу псори зэрыщытащ, зыри хэкIуэдыкIакъым. Хьэбибэ жьэгум дэтIысхьащ мырамысэ ищIыну. Апчарэ патефоным тельэщIыхьри пластинкэ трилъхьащи, унэм музыкэр щIэз хъуащ.

Пластинкэр и кIэм нэмысу нэмыцэ сэлэт гуп унэм къыщIэпщхьащ загъэхуэбэну. Апчарэ къэуIэбжьащ, арщхьэкIэ нэмы-

цэм музыкэр зэхахауэ аратэкъым. Я машинэр къэувыIауэ куэб-жэм деж щытти, езыхэр пIыщIауэ къыщIыхьат. Хьэбибэ Iусыпс къавэм хикIутэну хьэжыгъэр иухуэнщIа къудейт. Сэлэт къомыр мафIэм пэрыпщхьэным хуэдэт, Хьэбибэ къыIуагъэкIуэтауэ.

Нэмыцэм хэт и щхьэр напэIэлъэщI кIэ фIэпхыкIащ, хэти Iэлъэщl хуабэ телъщ. ТIэкIу къэбэдзэуэжа иужь патефонымкIэ къеплъэкIащ:

– А-а, патефон.

– Давай, музык.

– Катюш, катюш. Форшпилен катюш! – жаIэу. Апчарэ «Катюшэ» уэрэдыр иIэтэкъым.

Емынэм къелар хъумбылейм ехьыж жыхуаIэр къыщыхъуар абдежт. «ЙокIуэтыжхэр» жиIэу, Апчарэ ящышынэжыртэкъым нэмыцэм, сыт ищIэми къыхуэгъун и гугъэт. Школым щыщ Iэсым къуейщIейуэ зэрыщытар и гум къигъэкIыжауэ иджыри мурад гуэр ищIат. Уэздыгъэр нэхъ къигъэкIуатэри пластинкэм яхэ-плъащ, зы пластинкэ гуэр къыхихри патефоным трилъхьащ, уэрэдыр дауэ къащыхъуну пIэрэ, жиIэу нэмыцэм къахэплъэурэ. Урысыбзэ зыщIэ нэмыцэм яхэту къыщIэкIынтэкъыми, зыкъом-рэ зыри жамыIэу уэрэдым едэIуащ. АрщхьэкIэ мызэ-мытIэу уэрэдым хэтт «партия Ленина», партия Сталина, мудрая партия большевиков» жиIэу. Ар къагурымыIуэу къэнэнт?

Псоми я щIыбагъым дэта нэмыцэ гуэрым автоматыр зыпщIэхихри патефоным шэр телъалъэу еуащ. Хьэбибэ къащтэри и пхъум зыпщIэхидзащ. Апчари шынауэ кIэзызырт.

– И-а, алыхьыр зэуар дэращ!

Патефоныр, увыIатэкъыми, нэмыцэм къипхъуатэри зэрылъэкIкIэ унэ лъэгум тридзэри автомат лъэдакъэмкIэ зэхикъутащ. Пластинкэр хьэбэсабэу зэхэщэщат.

Уунэхъунумэ, куэдрэ. Абдежым уэрамым Мысост блэжырт шу гуп и гъусэуи автоматкIэ зэуар езыр ара и гугъащ. Къигъэзэжрэ шу къигъэкIуам езыр къак IэлъыкIуэжмэ, Апчарэ щ Iэсу къыхуозэ. Арат модрейри зыхуеиххэр.

Хьэбибэ Мысост и лъакъуэм зыщ Iидзащ, гущI эгъу къысхуэщI, жиIэу. Бургомистрым абыкIэ ухэзэгъэнт?

Фызыжьым жиIэр хъымпIар имыщIу епхъуэщ хъыджэбзми, иубыдащ.

– УкъыспэщIэхуа иджы, хьэ ныбэм къикIа? Уи мэр къысщIихьати, уи лыр сшхыну укъэзгъуэтащ. Ситу фIыщэу укъыспэщIэхуа! ЩIэфш мыр! НыбапхъэкIэ узепщыпщэу укъэзгъэнэнщ, уи дзэр IупэкIэ къозгъэщыпыжынщ иджыпсту, зи анэр...

Хьэбибэ къыщиудауэ мэгъуахъуэ.

– Партизан? – жиIэри автомат зыгъэуа нэмыцэр щIэупщIащ.

– Сыпартизанщ. Уи ней къысщыхуэ! – жиIэри бурго-

мистрым жиIэным нимыгъэсу езы Апчарэ къэкIиящ.

Мысост унафэ ищIащ Апчарэ къуажэ лафкIэм и лъабжьэм щIэт щIыунэм щIадзэну.

## 2. ИУЖЬРЕЙ ЖЭЩ

Апчарэ ихъумэну ягъэувар ПIытIут.

– Псы ткIуэпс е шхын дзэкъэгъуэ Iубгъэхуэнкъым, – жиIэу Мысост арат и унафэр.

Апчарэ махуэ псом зыри имышхами, и шхэн лъэпкъ къакIуэртэкъым. КIурацэ деж щыщыIам мышхэу къежьэжащ, и анэр илъагъуну и нэр къикIырти. Къэсыпауэ дадэ лIащ жыхуаIэр аратэкъэ. МазитIкIэ запэщIимыгъахуэу псэуфащ, иджы делагъэм къыхэкIыу япэщIэхуащ. Локотош сымэ я гъусэу щхьэ емыжьэжа мыгъуэрэт? Дэнэ мыгъуэм къиукI Мысости? Иджы, алыхьым ещIэ: ныжэбэ яукIын, пщэдей яукIын?..

ЩIыунэм дзыгъуэшхуэ щ Iэзу къыщIэкIат. ЦIыхумэ къазэрыщIихьэу дзыгъуэхэр гъуэмбым къижауэ къажыхьырт. Апчарэ зигъэхъеймэ, зэбгрыжурэ адэкIэ-мыдэкIэ къуэлъэдэжурэ тIэкIу дэкIри нэхъыбэ хъуауэ Апчарэ къежалIэрэ къепэщэщу хуежьащ, зи, убэлэрыгъмэ, уашхыным хуэдэу. Апчарэ ящышынауэ ашыкыжьитI зэтригъэувэри и щхьэм тетIысхьащ, и лъакъуитI къеутIыпщхьэхам дзыгъуэр къыщеIэ щыIэщи, ар здихьынур ищIэркъым. Щхьэгъубжэу гъущ I кукъу зэрылъым удэплъмэ, уэрамым блэкI-къыблэкIыжым я лъакъуэхэр уолъагъу. УкI ий щхьэкIэ, ПIытIу бжэр Iуихынукъым. УлIэнми лIыгъэ хэлъщ, жиI эу Хьэбибэ и псэлъафэщ. Арауэ къыщIэкIынщ алыхьым иухар.

Апчарэ щхьэгъубжэм еувэлIауэ доплъ. АрщхьэкIэ дзыгъуэшхуэм удагъэплърэ, шыгъажэ ящIа хуэдэу щIыунэр къажыхь.

А тыкуэным Апчарэ мащIэрэ къэкIуа? Сабын къищэхуми, фэтыджэн жиIэми – а зыр арат здэкIуэр. Къищэхури зы сабын жьыщIэгъуэт, зы фэтыджэн джэронкIэт, ахъшэр къемэщIэкIырти. ЛафкIэтетыр Хьэбибэ и цIыхугъэмэ, щIыхуэу къыщрит щыIэт.

Зэгуэр Сентрал лафкIэтет ящIат. Ефэрейщ жаIэри, ревизэ щащIым къыщIэмыхуэу къэнэнт, къыщIэхуащ. Щытрахум, жылэм къахэувэри игъэдыхьэшхащ: «Уэлэхьи, ревизэ щымыIэ закъуэмэ, дунейр къутэжыху лафкIэтету сылэжьэнтэмэ», – жиIэри. Мысост алыхьым ещIэ и мурадыр. Ныжэбэ нэху укъригъэкIын хьэмэ...

ПIытIу зегъэпсчэуIу, бжэIупэм зэрыIутыр уигъащIэу. Мысост нэмыцэм ядитIысхьэу ежьэжынкIи мэхъу. Дэнэ кIуэну

ПIытIу? Хэт абы къыхуей? Ялыхь, нэху мыщ щIыкIэ дыдейхэр къэгъэсыж...

Аргуэру дзыгъуэшхуэр къызэрохьэкI. Апчарэ и вакъитI уцIынар я гум ирихьа хуэдэщ, елъэпауэу хыфIимыхуауэ IукIыркъым. ДэнэкIэ кIуэми, дзыгъуэшхуэр и ужьым итщ.

Жэщыр хэкIуэтащ, уэрамым дэтыжIауэ плъагъуркъым, ПIытIу и псчэ макъ зэхэпхыжыркъым. Мыщхьэукъуэу узиIэ, хьэбыршыбырыжьыр. Апчарэ щхьэгъубжэм доплъ. Хьэ банэ макъ зэзэмызэ къоIу. Апчарэ, пIыщIащи, мэкIэзыз, къикIукIникIукI щхьэкIэ щIыунэр щIыIэIейщ.

Абдеж Iэуэлъауэ макъ къэIуащ, уэрамыр къигъэнэхуу машинэ кърокIуэ. Сашэну къокIуэ, жиIэри Апчарэ нэхъри зэщIэкIэзызащ. Машинэр зытэкъым, куэд хъурт, мотоцикл сыти яхэту. Абы хуэдиз уэ зым щхьэкIэ къакIуэуи?.. Япэ ит машинэр блэжащ, абы к IэлъыкIуэри, ещанэри... зыри къэувы Iакъым. Нэмыцэхэр докIыжыпэ, жиIэри Апчарэ и гур къызэрыгъуэтыжу хуежьащ. Ныжэбэризэ закъуэм Апчарэ псэууэ нэху къекIа-тэми!.. Мысост, алыхьым дихыжыныр, дэкIащэрэт... ЖиIа мыгъуэт ар Быбэ: «Уи къуейщIеягъэм фIы ухуишэнкъым», – жиIэри. ЗэрыжиIа дыдэм хуэдэ хъуащ. Пщэдей Чокэ, Локотош сымэ къыдыхьэжынкIэ хъунущ. Апчарэ ахэр имылъагъужу ныжэбэ уаукIын жыхуэпIэр сыту гууз. Быбэ, къысхуэгъэгъу, мащIэрэ уи жагъуэ сщIакъым. Быбэ дыщэ, сыдела мыгъуэт, сщIа мыгъуэкъым ар къысщыщIыну. СаукIыну хьэмэ си щхьэр палъэну?.. Ноби сыт махуэ? Январыр къихьа къудейкъэ?.. Аращ.

Машинэ макъыр кIуэдыжащи, аргуэру зэрыщытам хуэдэу щым хъуащ. Хьэ банэ макъи зэхэпхыжыркъым, машинэм хьэр ягъэщтащи. Зи адакъэ нэмыцэм къела щыIэмэ, джэд Iуэуэ зэхыбох. Дэнэ нэсауэ пIэрэ жэщыр?

Бжэм зыгуэр къеIащ. Къэсащ. Апчарэ и гур къилъэтыным хуэдэщ гужьеяуэ.

– Апчарэ! – жиIэри зыгуэр къэджащ. А макъыр минрэ зэхиха пэтрэ, ар зэры-ПIытIур къыхуэщIэжакъым.

Апчарэ зиущэхуауэ дурэшым дэсщ. Сыт къыщIызэджэр? СыщIэкIынкъым щIыунэм. Къреуи среукI. Допрос сашэну ара? Сашэми, псалъэ яжесIэнкъым. Сыти къызрещIэ, си жьэ зэтесхынкъым, гъущI плъа къызаубыдылIэми, жиIэу Апчарэ и пIэм исщ.

– Апчарэ, ужея, гъуэгу мыгъуэм емыжьэн, – жиIэу ПIытIу мэхъущIэ, Iэбэрабэурэ щIыунэм здыщIэтым, хъыджэбзыр къыпэщIэхуащ.

– Къызэуи сыукI, сикIынукъым си пIэм! – жиIэри Апчарэ къыщылъэтащ.

– Уа, уделэщ уэ. УаукIмэ, сэра уи гугъэ узыукIынур? ЩIэкI иджыпстуи, зыгъэпщкIу. Дэнэ ухуейми кIуэ, Мысост

телефонкІэ Іэниуар епсэлъащ. Иджыпсту зумыгъэпщкІумэ, къэкІуэнурэ уаукІынущ. КъыбгурыІуа? Езы Іэниуар нэмыцэм я гъусэу докІ. Мысости аращ... КІуэ!

– Дэнэ?

– Дэнэ ухуейми. Хьэбибэ деж умыкІуэ закъуэ. Укъагъуэтынущ. – Апчарэ и фІэщ хъуртэкъым зэхихри, ПІытІу еІунщІри щІыунэм къыщІидзащ. СыкъигъапцІэу си щІыбагъым кърихубыдэу къызэуэну пІэрэ, жиІэу Апчарэ къызэплъэкІ щхьэкІэ, ПІытІу еуэну и хьисэптэкъым. ПІытІу и мурадыр нэгъуэщІт: «Сэ нэмыцэм я гъусэу сежьэ щхьэкІэ, къысхуей щыІэнкъым, абы нэхърэ Апчарэ езмыгъэукІыу къезгъэлынщи, сэ сщІа щыІэми, къысхуагъэгъунщ», – жиІэу арат зэрегупсысар. ИгъащІэм си адэ-анэр КъалэкІыхьым нэсакъым, сэри сежьэу дэнэ сыкІуэн? СыщІэкІуэнури сыт? СщІа сыту сыщІэшынэн скІэрылъ? «КІуэи мор къашэ», – жаІэмэ, къэсшащ, «уви, мыр хъумэ», – жаІа – схъумащ. Си зэран зыми екІакъым. Стражникыу хэти гъэув – арат ищІэнур. Бахъуэр псэууэ къэкІуэжмэ, зи ІэмыщІэ ихуэнур аращи, абыи къыгурыІуэнщ ПІытІу залы-мыгъэ зэрызэримыхьар.

ЩІыунэм къыщІэкІри, Апчарэ къэувыІащ:

– Къызэуэ иджы, – жиІэри.

– ЗыІуегъэх, жысІакъэ? Плъагъурэ, ІункІыбзэр хэстхъащ, ІункІыбзэІух сиІэ пэтрэ. Партизанхэм укъаутІыпщыжауэ згъэІунущ. КъыбгурыІуа? Уэрэ сэрэ фІэкІа зыми иумыгъащІэ укъезыгъэутІыпщыжар. Жэ, псынщІэу!

Апчарэ зричри щІэпхъуащ.

Я унэкІэ имыгъазэу Чопракъ псыхъуэ дэлъэдащ, чырбыш заводым кІуэн и хьисэпу. Хьэку зэрысам нэхърэ нэхъ зыгъэпщкІупІэфІ щыІэ!

Аргуэру Іэуэлъауэ къэІуащ. Хэт мыгъуэу пІэрэ къакІуэр, жиІэри Апчарэ кхъэм дэпкІэри къуацэ-чыцэм зыхидзащ. Шу гуп къакІуэу арат, нэмыцэхэр здэкІуамкІэ къикІыу. Гупым и ужьым гу сытхэр итт. Шы къомыр пырхъ-сырхъ жаІэу кІуэрт, шым тесхэри зэзэмызэ щэхуу зэпсалъэрт. Апчарэ занщІэу къищІащ – а шухэр Азрэт и легионерхэр арат.

Шу къомыр блэкІри обозри блэкІащ – ахэр Чопракъыщхьэ кІуэуэ арат. Иджы зыми сыкъилъагъункъым, жиІэу Апчарэ чырбыш заводымкІэ щиунэтІым, аргуэру автомобиль гуэр къакІуэу къилъэгъуащ. Машинэм и фарэр щІигъанэ, игъэункІыфІыжурэ къакІуэрти, гъуэгур къыщигъэнэхуу укъыщилъагъунур пщІэнутэкъым. Апчарэ нартыху къыдамычыжам хэлъэдащ. Нартыхум пхыкІырт лъэс лъагъуэ цІыкІу. Мэшыкъуэдэсыр зэреджэр бэзэр гъуэгут. А лъагъуэм тету мащІэрэ Апчари къалэм кІуа? Зыхиудыгъуауэ нартыху жэпкъым здыхэсым, Апчарэ и гум къэкІащ: занщІэу мы лъагъуэм сытеувэу Иринэ деж сыкІуэн, жиІэу. НэхъыфІри арат.

Ирини а жэщым и нэбдзыпэ зэтрилъхьакъым. Махуэм илъэ-гъуат хъыджэбз цIыкIу гуэр и Iэ цIыкIуитIыр и щIыбагъымкIэ щызэпхауэ яхуу. Фанер тIэкIури пщIэхэлът «партизанкэ» жиIэу тетхауэ. Иринэ ар Апчарэ и гугъэу къэгузэващ, кIэлъыжэурэ зыкъоми ижащ. Хъыджэбзыр Апчарэтэкъым. Нащхъуэ цIыкIут, и нэпкъпэпкъыр зэхакъутами, зэрылъагъугъуафIэр плъагъурт, хьэукI пыIэ тIэкIур чэтхъат.

Иринэ Яков Борисович деж хущхъуэхьэ кIуэуэ арати, зэрынэсу етIысэхри хъыджэбз цIыкIу илъэгъуар фIэгуэныхь хъуауэ куэдрэ гъащ. Куэд къэнэжакъым, къокIуэж дыдейхэр, нобэ-пщэдей къыдыхьэжынщ, жиIэрт Яков Борисович. Арат Бешто Якъуб и диным икIауэ цIыхур Iисраф щIищIыр. Шыгъэ-жапIэр лагерь ищIауэ псори абы еху, лIыжь иIэкъым, цIыхубз щыIэкъым – къапэщIэхуэр яукI. Сабий дыдэми гущIэгъу хуа-щIыркъым. ШыгъэжапIэм адэкIэ противотанковэ ров щыIэщи, хьэдэр дэз хъуащ.

Зыгуэр бзэхарэ ямылъагъужу «дэнэ кIуа?» жаIамэ, «шыгъа-жэм» кIуа хъунщ, жаIэрт, «ирагъэсыкIащ» жыхуаIэу.

Иринэ и нэр зэтрип Iэмэ, партизанкэ хъыджэбзыр и нэгум къыщIэувэрти, жейм емызэгъыу нэху щыху хэлъащ, и сабий цIыкIур и бгъафэм щIэлъу. Пэшри щIыIэIей хъуат. Пщыхьэ-щхьэм етур игъэхуабэри пIэм хилъхьати, ари упщIыIужащ. Етур пIэм хихри игъэувыж пэтрэ, бжэм зыгуэр къеуIуащ.

– Апчарэ! Дэнэ нэхущым укъыздикIар?

Апчарэ уепсэлъэну мыхьэнэ иIэтэкъым, дыкъыным нэсащ жыпIэну пIыщIат, зэхэуфIеят икIи гужьеяуэ псалъэ хужы-Iэжыртэкъым. Хъыджэбзыр итIэщIри Данэ цIыкIу зэрылъ пIэм иригъэгъуалъхьэри езым хьэкум мафIэ ирищIэу тIысыжащ.

Псы тIэкIу игъэхуабэщ и нысэми, Апчарэ зыщиха щыгъы-ныр зыкъэмынэу ижьыщIащ. БатинкIитIри зэщIэхури уцIыны-жат, ари илъэсри игъэгъущыну игъэуващ. Апчарэ щыгъыр цIыхубз щыгъыну хуэбгъэфэщэнтэкъым.

ТIэкIу къызэрыхуабэу, Апчари Iурихри жеящ. Зэзэмызи къыхэщтыкIырт, пщIыхьэпIэ Iейм хэт хъунти, гызырт, сабийр къегъэуш, жиIэу Иринэ гузавэ щхьэкIэ, и гугъу ищIыртэкъым. Ирежей, мащIэ и нэгу щIэкIакъым. Ауэрэ нэху щащ. Иринэ щхьэгъубжэм дэплъмэ, уэрамым машинэр дэз хъуащ, дзэри къыдохьэ. Машинэ джабэм тетхащ: «Гнать врага на запад», «В Берлине остановка», «Вперед на запад» жиIэу.

– Тобэ ярэби, къэсыжащ дыдейхэр. Апчарэ! Данэ! Псын-щIэу! Къэсыжащ, фыкъэтэдж! – жиIэу Иринэ унэм щIэхуэжыр-тэкъым.

Апчарэ къэщтауэ къыщылъэтащ джанэпцIанэу, жейба-щхъуэщи, Иринэ жиIэр къыгурыIуэркъым.

– Плъагъурэ? Къэсыжащ!

Апчарэ и гур къызэрыгъуэтыжащ.

– Дыкъелащ емынэми жыпIэ хъунущ. И ней къысщыхуэ иджы Мысост, – жиIэу Апчарэ гуфIэу Иринэ и пщэм зыфIидзауэ тIури къызэрохьэкI. Данэ цIыкIуи къэушащ. Мо цIыхубзитIыр иджыпсту гъащ, иджы дыхьэшхыу загъэджэрэз, жи Iэу сабийм илъагъуэр зыхуихьынур имыщIэу пIэм исщ. Иринэ сабийр щхьэгъубжэм Iуихьащ:

– Къэсыжащ дыдейхэр, си пцIащхъуэ цIыкIу.

Данэ уэрамым доплъэ: папэ щхьэ яхэмытрэ, дыдейхэр къэсыжамэ, жиIэ хуэдэу. Апчари дэнэ къикIа? Дыгъуэпшыхь дыщыгъуэлъыжым ди унэ щIэсакъым.

Иринэ, Апчарэ сымэ уэрамым дыхьащ. Къалэм цIыху дэмысыжу къафIэщIами, адэкIэ-мыдэкIэ къыкъуокIыж. Красноармеец къомыр абы къахыхьэжауэ псори бжьэцу зэрызохьэ, я гуфIэгъуэщи. Налшык япэ къалэт нэмыцэр зыдахужар. Фронтыр пэжыжьэу щытакъым. МазитIкIэ нэмыцэм къалэр яIыгъащ. А мазитI къудейм цIыхум я нэгу щIэкIам щIэ щIэткъым.

Данэ цIыкIу командир щIалэ фIыщIэ гуэр илъэгъуауэ Iэпэ хуеший:

– Папэ! – жиIэу.

– А делэ цIыкIу. Ар папэ? Уи папэр Сталинград лъэныкъуэкIэщ здэщыIэр, – жиIэрт Иринэ, итIани зиплъыхьырт, Албиян слъагъуну пIэрэ, жиIэу.

– Ди папи къэкIуэжыну?

– КъэкIуэжынущ, си псэ закъуэ, къэкIуэжынущ, куэд и Iэжкъым, – жиIэу Апчарэ и нэпсыр щIилъэщIык Iырт.

Апчари Ирини ящIэрт Албиян мыбыкIэ зэрыщымыIэр, ауэ дзэм яхэту къагъэзагъэнкIэ хъунут Локотошрэ Чокэрэ. А тIум языр слъагъуну пIэрэ, жиIэу Апчарэ зиплъыхьырт.

Дзэуэ къалэм къыдыхьэм хуэдизи дэкIыжырт. Шууэ яхэтыр мащIэт. Иринэ шу илъагъумэ, Албияну пIэрэ, жиIэу щIэпхъуэн хьэзырт. Албиян, шууэ дэкIащи, шууэ къигъэзэжын и гугъэщ. Тхьэм ещIэ, Албиян сыми къэзылъагъур къыхуэгуфIэу нэгъуэщI щIыпIэкIэ щыхэт? Псэу закъуэмэ аращ, дэнэк Iи щреIэ.

Иринэрэ Апчарэрэ мурад ящIащ, къуажэмкIэ зрагъэхьыну. Мысост и щIыб къаригъэлъэгъуауэ пIэрэ къуажэм? Хьэбиби бургомистрым IэщIэкIуэдэнкIэ хъунут, уи пхъур щысIэщIэкIакIэ уэ псэууэ усIэщIэкIынкъым, жиIэу. Данизэти дауэ хъуа? Дзэуэ къалэм къыдыхьэм кIэ иIэкъым: лъэсри, машинэри, топри, танкхэри, трактори – псори зэхэту гъуэгур яхурикъуркъым. Апчарэ и гум къэкIыжащ «ди хьэмтетыгъуэр къэсынщ» жиIэу листовкэм иту щытар. Къэсакъэ иджы?

ЦIыхубзитIыр къалэм къыдэкIа къудейуэ, къалэдэсыр къызэрыдэхыу ялъэгъуащ. Сыту пIэрэ къэхъуар, дэнэ а къомыр зэрыгъэгужьеяуэ здэжэр? Хэт щхьэпцIэщ, хэт бгынтIэщ. Сабий зиIэм и сабийри елъэф е и Iэблэм тесщ. ЦIыхухъухэм я пыIэр

яIэту мажэ. А къомыр здэкIуэмкIэ Иринэ сыми ягъэзащ.

Псоми я щхьэр здахьыр шыгъэжапIэрт. Трибунэу цIыхур шыгъажэм деж зытесу щытар щы Iэжтэкъым. ШыгъэжапIэр гъущI кIапсэ банэкIэ къэщIыхьат. Зы щIыпIэ гуэр пхатхъауэ дэк IыпIэ ящIати, Апчарэрэ Иринэрэ дэпщрэ жылэр здэкIуэм кIуэмэ – шыгъэжапIэр хьэдэлъэмыжщ. Ц Iыхуу къызэхуэсар зэщIэгъуагэу къызэрохьэкI, щхьэж и благъэ е и Iыхьлы и хьэдэ мэлъыхъуэри къигъуэтмэ, нэхъеижу мэгуIэ. Корреспондент къоми фотоаппаратхэр яIыгъыу кърихьэлIати, хьэдэм сурэт трахыу иувыкIауэ зэхэтщ, ялъагъур я фIэщ мыхъуу.

Хьэдэ псори фэкIэ зэхуэмыдэми, я укIыкIэ хъуар зэхуэдэт. ЦIыхуу Iисраф хъуам и пэжыпIэр зыщIи щыIэт. ЗэрыжаIэмкIэ, I уэм ита тхьэмыщкIэ къомыр жэщ ныкъуэм къызэщIаI этэри лъэгуажьэмыщхьэу ирагъэувыкIащ. Нэмыцэ къэкIуахэм Iэ лъэныкъуэмкIэ кIэрахъуэ къиха яIыгът, адрей I э лъэныкъуэмкIэ электрическэ финар ц IыкI у яIыгът. ФинарымкIэ яук Iынум и нэкIур къагъэнэхурти, кIэрахъуэмкIэ еуэурэ сатырым ирикIуэрт. Зи нэкIу къэзыгъэзэн зылъэмыкIар здытехуэм деж техуэу яукIащ.

Иринэ здэкIуэм имыщIэххэу Яков Борисович и хьэдэм хуэзащ. ЛIыжьыр лъыпсым хэлът, и тхьэкIумэр щIым теубыдауэ – сабий сымаджэм йодаIуэ жыпIэнт. Адыгэ фащэ щитIэгъауэ щытари щыгът, а тIэкIури сэбэп къыхуэмыхъуауэ.

Иринэ адэкIэ кIуэн лъэкIакъым.

Данэ цIыкIу и нитIыр къижу хьэдэ къомым еплъырт, цIыхур зэрызехьэу хьэдэм щIыхэтыр имыщ Iэу, шынауи и нэ цIык Iуит Iыр къихурт. И анэр гъыуэ щилъагъум, сабийри хуэмышэчу къыщиудащ. Абдежым шыгъэжап Iэ куэбжэм машинэ гуэр къы Iулъэдащ. Машинэм ису къэкIуар Бахъуэр арат. А л Iым и хъыбар зэхиха фIэк Iа Иринэ зэрицI ыху щI агъуэ щыIэтэкъым, итI ани и дэлъху илъэгъуа хуэдэу и гуапэ хъуагъэнти, къэгумэщIауэ Бахъуэм пежьащ.

Бахъуэр нэкIи къемыплъа щхьэкIэ, Иринэ фIэфIащ а лIым епсэлъэн. Щыбгъэдыхьэм, модрейми гу къылъитащ: адыгэ нысэщ, жиI э хуэдэу.

Иринэ япэ къэпсэлъащ:

– Товарищ Бахъуэ, къысхуэгъэгъу, зэхэзещхъуэн узмыщIмэ, услъэгъуа си гугъэжщ.

Станцыр занщIэу и гум къызэрыкIыжар Бахъуэм и гуапэ хъуакъым.

– Уэри у-Иринэщ, ара?

– Иринэ и гуапэ хъуащ, къицI ыхуу къыщI экI ащи. И гум къэкIащ Къулми къигъэзэжа хъунщи, аргуэру Иринэ и къулыкъу тI экIур кърутыжмэ, хъунт, жиIэу. АрщхьэкIэ Иринэ и гугъэр занщIэу хихыжащ:

– Оккупацэм щыгъуэ мыбы ущыIа? – жиIэу Бахъуэр

къыщеупщIым.

НтIэ, дэнэ кIуэнт? Сабийр згъэувынщи, Бахъуэм сэлам есхынщ, жиIэу Иринэ и гум къэкIати, асыхьэту щIегъуэжащ.

– СыщыIащ. – Иджыт Иринэ къыщыгурыIуар Бахъуэр зыщIэупщIам къикIыр.

– УщымыIамэ, нэхъыфIт, – жиIэри Бахъуэм зы Iуригъэхащ, къызэрегугъу щымыIэу.

## 3. БАТЫРЫБЖЪЭ

Бургомистрым Апчарэ иригъэубыду яригъэша иужь, нэху щыхукIэ Хьэбибэ, Iэл фIыщIэм хуэдэу, унэм щIэмыхуэу щIэсащ. Пщэдджыжь нэмэзым хуэмышэчыжу Апчарэ щыгъын хуабэу и Iэр зэщIикъуэри къуажэ управэм кIуащ, гъуэмылэ тIэкIуи здихьри. Хьэбибэ Мысост елъэIуну арат: «Си пхъур КъалэкIыхьыIуэм умыгъак Iуэ, Щэбэтыкъуэ и къуэм деж кIуэху, Iэниуар и унафэр унафэщ. Си пхъур фи нэм бжэгъуу къыщ Iэуэмэ, сэри сыдэвгъак Iуэ, щиху зырызым дыф Iэлъу ди щхьэр пыфлъэну жып Iащи, дэнэ сыкIуэжын», – жиIэу.

Iэниуар деж кIуэнт занщ Iэу, здэщыIэр ищ Iэу щытатэмэ. ИлъэсыщIэм Мэшыкъуэ къэкIуэну жаIат, къэкIуакъым. Мысост зигъэхьэзыра щхьэкIэ, зыщыгугъа хьэщ Iэм я щхьэр мафIэм хэлъу къыщIэкIащ.

Мысост и гугъат къэуву, мыр ИлъэсыщIэ къудейкъым, нобэ щыщIэдзауэ дунейр Гитлер зэрыжиIам тетынущ, жиIэу къэпсэлъэну. Арат фызу дэсым махъсымэкIэ нэхъ IэкIуэлъакIуэр зэхуишэсу махъсымэ щIаригъэщIар. Махъсымэм и закъуэ? Аркъэ щIагъэжащ, мэл зиIэм мэл къа Iихащ, къэфак Iуэ гупым я Iуэхур хъуркъым жаIати, езым щIалэ цIыкIухэр къриджэурэ игъэшынащ, хъыджэбзхэм егияш.

АрщхьэкIэ бургомистрым и мурадар къехъулIакъым. Хъыбару къуажэм дэлъыр узижагъуэм и махуэти, Мысост къэгузэващи, и щхьэр здихьынур ищIэркъым. Зиплъыхьмэ – и IупэфIэгъу къуажэм дэсахэми я щIыбагъ къыхуагъэза къыфIощI.

Дунейр гузэвэгъуэу щытамэ, Якъуб хъыбар дигъэщIэнтэкъэ, жиIэу щогугъ. Iуэхур эвакуацэм нэсмэ, Мысост къагъанэу дэкIыжын? АрщхьэкIэ Мысост пщIэ къыхуащ Iу и гугъами, къыхуей щыIэжтэкъым. Нэмыцэм гъусэ захуэсщIынщ жиIати, зыбгъэдагъэхьакъым, ИлъэсыщIэм хуигъэхьэзыра шхын къомыр яритыну игъэгугъами. Гу къэзгъуэту сэ есшэжьэжын, жиIати ари хъуа? Зи мурад къызэхъул Iар ПIытIут. Зэрызехьэ къэхъуауэ гу щылъитэм, ПIытIу жэщым къуажэ лафкIэм и щIыунэм щIэса Апчарэр къиутIыпщыжащ, иужьк Iэ сэбэп къысхуэхъунщ, жиIэри. Мысост, къэгубжьати, ПIытIу и псэр

хихынт, ар къыщищIам. АрщхьэкIэ езы ПIытIуи кIуэцIрыхуащи, бгъуэтмэ къащтэ.

Якъуб деж кIуати, эвакуацэм ухэмыту ди гъусэу Чопракъ ауз накIуэ, жиIэри аращ жэуапу къыпихар. Якъуб и гугъэщ куэд дэмыкIыу нэмыцэм къагъэзэжыну. Абы къагъэзэжыху, езыри и легионерхэм яхэту Чопракъ дэсынщ.

Ар жиIэурэ цIыху нэхъыбэ Чопракъыщхьэ кIуа зэрыхъуным и ужь итт Бештор. Якъуб жиIэр зи фIэщ хъури мащIэт? Мысост и щхьэр къыфIэхуащ...

Бургомистрым колхоз амбарым щIилъхьа шхыным и хъыбар КIурацэ имыщIэу къэнэнт? Мысост дэкIащ, жаIэу и тхьэкIумэм къызэрицырхъэу къуажэм къыдэлъэдащ. Япэ зыхуэзари Хьэбибэщ.

– Хьэбибэ, къэувыIэ. КъэувыIэт, на! Алыхь, Мысост деж укIуэмэ, умыгъуэтыну, алейк Iэ умыжэ. И шыкIэм мафIэ егъэуащ...

Хьэбибэ къэувыIэу КIурацэ къыхуеплъэкIмэ, мыбы зы бжьэ димыдзауэ узиIэ, жи Iэу и гум къэкIащ.

– ЛIо, кхъуэщын пща?

КIурацэ абы хуэдизкIэ мэгуфIэри, сыт жепIэми и жагъуэ хъунукъым.

– Пща, жыпIа? Сыт щIэсщэнур? Ауэ сот. Уэри уэстын мыгъуэт уи унащхьэм теплъхьэн. Мысост и фэр тепхрэ теплъхьэмэ, нэхъыфIщ кхъуэщыным нэхърэ, жызоIэри уэстыркъым. Дэнэ къипхын иджы Мысост? Алыхь, и пхэм джэдыкIэ щожьэм...

– Сыту умышынэрэ, на?

– Хэт сызыщышынэнур? Мысост? Езыр къысщрешынэ иджы. Плъагъуркъэ, на, унэф? Къуажэм ящыщ къыдэнэжакъым.

– Пэжуи?

– Пэжу, тхьэ. НакIуэ модэ амбарым. Фадэу Мысост игъэхьэзырам унафэ тетщIыхьынщ. Апчарэ щхьэкIэ умыгузавэ. Апчарэ яIэщIэкIащ. Къелащ сытми. СыгъэпщкIу, жиIэу ныжэбэ си деж нэкIуар пщIэрэ?

– Хэт?

– Джэрдж ПIытIу. Алыхьыр къузогъэлъэIу, сэри сынолъэIу, сыгъэпщк Iу, жиI эри нэкIуат. Уэ узгъэпщкIуууи? Алыхьыр си бийщ, джыдэ къэсщтэнщи, узэхэзмыупщIатэм, жысIэри щ Iэсхужащ.

КIурацэ жиIэр пэжу къыщIэкIынт. ТIури лафкIэм зэрынэсу щIыунэм илъэдати, зыри щIэмысу бжэр Iухат. IункIыбзэ Iулъари щIым щылът, хьэлъкъри бжэм къыхэудат. Лъы лъэпкъ плъагъуртэкъым. ПIытIу IункIыбзэр зэрикъута джыдэ цIыкIури бжэIупэм Iулът.

Хьэбибэрэ КIурацэрэ амбарымкIэ кIуащ.

Джыдэ цIыкIу лафкIэ бжэIупэм Iулъу къащтар сэбэп хъуащ. КIурацэ джыдэр фIигъанэри къеIащ IункIыбзэми, бжэр къы-

Iуихащ. Шагъырымэ, цырибонымэ тIуми къащIихьащ. Амба-рыр зейр КIурацэщ жыпIэнт, къыпэщIэхуэр зэбгридзырти. Куэдрэ емыплъу шагъыр бошкIэ щIэту къигъуэтри къыщIи-гъэжащ. Хьэбибэ КIурацэ дэIэпыкъурт, кхъуей кIадэ къапэщIэ-хуати, къыщIихри къигъэуващ, шагъыр зэрыт бошкэм бгъэдэту. Тобэ ярэби, нарт хъыбарым зэрыхэтым хуэдэщи, ди щIалэм батырыбжьэкIэ дапожьэ, жиIэу Хьэбибэ лъэтэным хуэдэу псын-щIэ хъуат.

Разведчик къыдэлъэдахэр псынщIэу дэкIри дзэ къыдыхьащ, танкищ япэ итым къыкIэрымыхуу и ужь иту. ЩIалэ цIыкIуу жылэм дэсри къызэхуэсауэ красноармейцхэм ябгъурыту кIуэрт. Абы я закъуэт? Зи лъэ къыщIэувэ къэнатэкъым уэрамым къыдэмыхьа.

Хьэбибэ нобэ хуэдэу и нэ къикIатэкъым урысыбзэ сщIащэрэт, жиIэу. Къипсэлъыну и гум къэкIам щIэ щIэттэкъым. Къэбгъэувамэ, и псалъэм зригъэукъуэдиинт. Хэкум яхужымыIар, къагъар нобэ жиIэнт икIи къигъынт.

Къуажэм дэс лIыжьхэри къэсащи, мафIэ ящI, фызу къакIуэм гъуэмылэ къахь: лэкъум, чыржын, джэдыкIэ гъэва, кхъуей, шэ, шху, мыIэрысэ – хэт сыт иIэми къызэщIикъуауэ къехь.

Красноармеецхэр къэувыIэ хъуркъым. Гъуэгу тетщ, итIани ират, здэкIуэм кIуэурэ яшх, ираф, ар езыт фызхэм дахэ къыжраIэ. Зыгуэрхэр къэувыIэмэ, ямыгъэгувэу командирхэм унафэ ящI япэ итым къакIэрымыхуну. Дзэр Чопракъыщхьэ докIуей.

МазитI-щы нэхъапэм Локотош и гугъат Чопракъ ауз нэмыцэ димыгъэхьэу иIыгъыну. АрщхьэкIэ Якъуб и зэранкIэ къехъулIакъым. Капитаным къемыхъулIар иджы Якъуб къехъулIэн и гугъэу щогугъ. ДэIэпыкъуэгъуу Якъуб зыщыгугъар Азрэтщ. Куэшмэным нэмыщI нэмыцэм я IупэфIэгъуу щыта зыбжани и гъусэщ. ФIыкIэ зыкъуитыну зыми и мурадкъым, псоми ящIэж щхьэпылъэкIэ я суд ящIэмэ, зэрахуэфащэр. Куэд дыдэ мыхъуми, абы яхузэфIэкIынущ Iэджэ. Къуэ зэвым дэтIысхьэмэ, зы полк псо яIыгъыфынкIи мэхъу, езыр-езыру зэфIэнэжу зыгуэр къэмыхашэмэ. Зы полк зэтепIыгъэныр ари Iуэхутхьэбзэ мащIэ Гитлер хуэпщIэну? Якъубрэ Азрэтрэ я гугъэу къыщIэкIынщ я хъыбар Берлин нэсу фIыщIэ жыг хухасэну.

Красноармеецхэр пIащIэрти, Хьэбибэ жиIэну зыхуея псор хужыIакъым, арщхьэкIэ фадэбжьэ иригъахъуэу япэ хъуэхъур жызыIар аращ. Адыгэбзэ зыщIэм Хьэбибэ и хъуэхъур урысыбзэкIэ къедаIуэм яжриIэжащ:

– Иа-алыхь, гуащIэрэ гущIэгъурэ зиIэ. Псори зэлъэIуу зым емылъэIуж, фадэкIэ укъызолъэIу жыпIэу муIэхъэз сыкъыумыщI – фадэ сIыгъмэ, сIыгъыр батырыбжьэщ. ИгъащIэм ди лъэпкъ хабзэщи, къогъуэгурыкIуэ: мы бжьэр дэ зэтт ди быным я гъуэгу дахэ щIы, гъащIэ къет, лажьи хъати ямыIэу, бэIут IэIун-

шэу, зыхыхьэжынуми нэщIэбжьэ ямыIэу, нобэ дэ къызэрытхыхьам хуэдэу яхэгъэхьэж. Иа-алыхь, бийр лъэгущIэт щIы, ди быныр, ди хэкур, ди Iэщэр тегъакIуэ. Ди нэгу щIэкIар ди быным я нэгу щIумыгъэкI. Ди хэкум бэлыхьу нэмыцэм кърихьар я унэ игъахуэ. Ди бынхэм я мыжурэр бийм я нэгум щIрет дащымыгъупщэн хуэдэу. Иа-алыхь, батырыбжьэм хафыкI ткIуэпс бжыгъэм хуэдиз гъащIэу, насыпу ди быным къет...

Псоми жаIэрт:

– Тхьэм жиIэ!

– Тхьэм къабыл ищI!

– Сыту гум хыхьэу жыпIа!

– Жьыщхьэ махуэ ухъу!

Данизэти и дуней насыпти, нобэ Бекъанрэ Чокэрэ мо къомым яхэту къыдыхьэжатэмэ. Яхуэфащэтэкъэ зэадэзэкъуэм батырыбжьэ!

Хьэбибэ и Iэ къаубыду псоми къаувыхьащи, фIыщIэ къыхуащI, къохъуэхъу. Абдеж Апчари къэкIиящ:

– Нанэ! Быбэ! – жиIэри.

– Апчарэ!

Хьэбибэ къэуIэбжьауэ шагъырыр зытрикIэж пэтащ. Апчарэ и щIыбагъым Ирини къыдэтт и Iэблэм Данэ цIыкIу тесу. Хьэбибэ ткIуэпс Iумыхуа пэтрэ, чэф иIэ хуэдэт.

Къызэхуэсар куэд хъуащ. Хьэбибэ и нысэм Данэ цIыкIу къыIихауэ IэплIэ, ба хуещI, и IэплIэм ирекъузэ щытри сытри щыгъупщэжауэ. КIурацэ командир гуэрым йопсалъэ:

– Махуэ дэкIакъым дыфпэмыплъэу.

– Дэнэ щыфщIэрэт дыкъызэрыкIуэнур?

– Листовкэм итт.

– Дэнэ листовкэ къыздифхар?

– Къэтщэхуащ. Румынхэм къыдащэрт.

– ЛъапIэуи?

– Куэду къефпхъыхмэ, джэдыкIэ зырызкIэ къэтщэхурт, мащIэу къефпхъыхмэ, джэд псо щетт къэхъуащ. Румыным сыт хуейми къуатынут. ЩыдэкIыжым топ къызащауэ сиIэщ.

– Зыми иумыт. Жэм тIызыхауэ къыдэзымытыжым и унэм деуэнщи зэхэдгъэщэщэнщ, – жиIэу Апчарэ дыхьэшхырт.

– Бгъауэ хъунукъым. И бзэр къутащ, – жиIэри, топым еплъа хъунти, щIалэ цIыкIу гуэрым жимыIэу хуэшэчакъым.

– ЛIо, аргуэру фермэм укIуэу утетIысхьэжыну? – жиIэри Хьэбиби и гум илъыр жиIащ.

– СымыкIуэу хъурэ? Фермэм зыми сытригъэкIакъым, ноби сызаведышщ. Нэмыцэм сытригъэкIыну лъэкIыныгъэ яIэххэкъым, – жиIэу Апчарэ зихъунщIэ хуэдэу зищIырт.

Къуажэм къыдыхьауэ щыта полкыр дэкIыжри ЧопракъкIэ кIуащ.

А махуэм Мэшыкъуэм ИлъэсыщIэ къихьауэ къалъытати, я

хьэмтетыгъуэу арат.

## 4. НЭПС ГУАЩIЭУ МЫЛ ХЪУА

Шылэ щIыIэр къихьауэ Чопракъ мыщту къэнэнт? Псыр уэрми, мылым иубыдащи, и макъыр зэхыумыхыжу йожэх. Къурши бгы джаби – псори уэсщ. Мэзым ущIыхьэ хъуркъым, хьэщхьэтеуэщи. Гъуэгур Iумылщ. Жыгыр хьэщхьэтеуэм къигъэшауэ жыг щхьэкIэр уэсым хэлъщ. Дей, зей, тхуей, екIэпщIэ, жыгей сыт жыхуэпIэр уэсым хэлъщ хэщтыхьауэ. Жыжьэу уплъэмэ, чэтэн пщыIэ хужь щыт хуэдэу къыпфIощI. Чопракъ ауз щым хъуауэ зы Iэуэлъауи зэхэпхыркъым, зэзэмызэ хьэщхьэтеуэр зытелъэлъа жыгым и скъыскъ макъ зэхэпхмэ, сщIэркъым фIэкIа. Псыхъуэм хьэмкIэшыгу гуэр дэту къохри шым щIэлъ налыр мылым зэрытеуIуэр зэхыбох. «Мис-а-ращ, мис-а-ращ, мис-а-ращ» жиIэу теуIуэ хуэдэщ шым и лъакъуэр.

Гъуэгур егъэзыхыгъуэщи, шызакъуэгур псынщIэу макIуэ. Гуфэм зэпрууэ бэн тетщи, хьэдэ дэлъым и гущIыIур къыдэгъэзеящ. Хьэдэм и нэбжьыц фIыщIэм, и щхьэцым, и пащIэжьакIэм уэс телъалъэмэ, мыткIуу телъщ, и нэ лъэныкъуэм къыщIэжа нэпс ткIуэпсыр щтауэ щыгъэ хужь цIыкIум ещхьу нэбжьыцым пылъщ. Бэныр IэкIэ иIыгъыу Апчарэ хьэмкIэшыгум исщ, и щхьэр къыфIэхуауэ. Хьэдэм и нэгум иплъэмэ, Апчарэ и фIэщ хъуркъым Чокэ къаукIауэ, Чокэ дунейм темытыжу, лъакъуэрыгъажэкIэ къакIуэу: «НакIуэ, уэращ сыкъыщIэкIуар», – жиIэу уэрамым димышэну.

Бэныр къызыхащIыкIар бжей пхъэбгъущи, жыгымэ къыпщIехьэ. Гъуэгум и лъэныкъуит IымкI и бгыхэр щIыбышэ хъуа хуэдэу Iэуэлъауэншэщ.

Чопракъ и кIыхьагъыр ящIэ – Тэрч холъадэри адэкIэ Каспий тенджызым макIуэ. Апчарэ и гуауэр Чопракъ нэхърэ нэхъ кIыхьыжщ. Къуршми мэзми ящIэжыркъым хъыджэбзыр зыпылъ щIалэм и хьэдэр бэным дэлъу ишэжауэ.

Хьэуэ, тлъэгъуакъым абы хуэдэ, жаIэнщ бжей мэзыжь итым, дэри ди нэгу щIэкIакъым, жаIэнщ бгым, мыбыкIэ щызекIуакъым, жиIэнщ гъуэгум...

Бештом и отрядыр зэрыгъэщтауэ ЧопракъыщхьэкIэ ягъэзауэ кIуэрт. Я ужьым зи щхьэ щIэзыхьа къоми итт – полицай, дезертир, нэмыцэ IупэфIэгъу сыт хуэдэу. ЗдэкIуэр ямыщIэу кIуэрт.

Нарзан къыщIэжыпIэм нэсри итIысыкIахэщ хэт псы ефэну, хэти шхэуэ. АдэкIэ укIуэмэ, къурш защIэщи, зыгъэпсэхупIэ хъун ухуэзэжынукъым. Бгы нэпкъ лъагэм Андемыр и дэкIыпIэ жаIэу лъагъуэ тIэкIу иIэщ. А дэкIыпIэр пкIэлъейм ещхьщ, уемыкIуэлIэпауи плъагъунукъым. Арат Якъуб зыщыгугъыр. Легионерхэр псы иригъафэу иришэжьэну аращ и хьисэпыр. Иджы

къуршыщхьэм дихьэркъэ щыжаIэ дыдэм, фочрэ пулеметкIэ къеуэу къыщIадзащ. Къеуэри Чокэ и разведчикхэр арат. Легионерхэр бгым къещэтэхыжащ. Дэнэ кIуэну иджы? Якъуб къэувыIэнутэкъым. Псы къехыпIэ джабэ задэ иIэти, кIыфI зэрыхъуу псыIум дэтурэ къуршым дэкIынщи, адэкIэ зэрыхъур плъагъунщ.

КIыфI хъуащ. Легионерхэр аргуэру джабэм кIэрыхьащ, ауэ япэ ищын къахэкIыркъым, мэшынэ. Зыкъом якIуащ ерагъпсэрагъыу. Мэз бжэн тIысыпIэм нэсащ. Абдежым аргуэру дунейкъутэж къэхъуащ. Чокэ хьэрэкIытIэ иутIыпщауэ легионерхэр зыдэт псыхъуэр къигъэнэхурт. Легионерхэр гужьеяуэ щызэрызехьэкIэ модрейхэм шэр къытрагъэлъалъэрт. УIэгъэ хъуар бгым къыщехуэхкIэ адэкIэ-мыдэкIэ ириудэкIыурэ лъэгум нэмысу иукIырт. Фочым, пулеметым, гранатэм я макъыр ину Iурт, джэрпэджэж хъууэ. УдаIуэмэ, дзэшхуитI зэпэувауэ зозауэ жыпIэнт макъыу ищIымкIэ; къуршхэр къигъэпсалъэрт, хьэкIэкхъуэкIэу исыр зэрыгъэщтауэ зэбгрыжырт. Легионерхэр, здэкIуэнур ямыщIэу, зэфIэкIуэдауэ зэрымыгъуэтыжу джабэм къыкIэрынащ, къепщыхыжи къахэкIырт.

Якъуб зы гуп гъусэ ищIауэ дэкIырт. Абы къигъазэ хъунукъым. Къуршым щхьэдэхмэ, и Iэщэ-фащэр игъэпщкIунщи, нэгъуэщI зыгуэру зихуэпауэ Батум дыхьэнщ, адэкIэ Тыркур жыжьэкъым. Нэху щыхукIэ Андемыр пкIэлъейм деж фочауэм щигъэтакъым.

Пщэдджыжьым я гугъат къуэм дэзу хьэдэр дэлъу, уэсыр плъыжьу лъым ириIауэ. АрщхьэкIэ, дэнэ? ЯукIари плъагъуркъым, уэсри хужьыбзэу зэрыщытащ. Жьапщэщ икI и щIыIэщ. Легионерхэр, кIуапIи жапIи ямыIэу, мэзауэ.

Абдежыр аращ Чокэ и разведчикхэм Якъубыр плену къыщаубыдар, Чокэ уIэгъэ хьэлъэ щыхъуари. Якъуб и Iэр иIэтауэ щилъагъум, Чокэ мывэ къуагъ зыкъуэсам къыкъуэкIати, легионер гуэр автоматкIэ къеуэри къиукIащ.

ЗекIуэ кIуауэ къаукIар къыщахьыжкIэ уэрэд яусу щытащ «Шыщхьэ егъ» жаIэу. Сыт уэрэд иджы Апчарэ иусынур? Дэнэ кърихыну а уэрэдым хилъхьэну псалъэр? Таурыхъи хъыбари зыщIыпIэ хэту хэт зэхиха абы хуэдэ гууз?

Бекъан мыгъуэр щаукIа дыдэм дежщ Чоки щаукIар. Зы кхъэм щIалъхьэну къыщIэкIынщ зэадэзэкъуэр. Тхьэм ещIэ, я мащэр зэгъунэгъуу къатIын? «УкъэкIуа, си щIалэ?» – жиIэнщи, дадэр и къуэм къеупщIынщ. «СыкъэкIуащ, сыт пщIэнт, си лъэрыгъыпсыр зэпаупщIат». «Iэу, зиунагъуэрэ, лъэпкъым къупщхьэ утхуэхъун си гугъати...»

Данизэт мыгъуэкъэ дунейр зи мыгъуагъэр. Сыт жиIэн иджы Данизэт?

Апчарэ и щхьэм телъа IэлъэщIыр зытрихри Чокэ и нэгум ирипхъуащ, уэс тримыгъэсэну. Шызакъуэгур хуэмурэ макIуэ.

...А махуэм Апчарэ, и псэм ищIауэ къыщIэкIынт, къуажэм

дэмысыфу, фермэм сыкIуэу щхьэ сымыплъэрэ, жиIэу къежьат. Сохраннэ распискэ, комсомол билет, взносу къыхиха ахъшэр, штамп цIыкIур – псори игъащIэкIэ къыщамыгъуэтын дурэш гуэрым щигъэпщкIуат, къуршым ихьри. ИгъэпщкIуа илъэпкъри къигъуэтыжащ хъарзынэуи, къежьэжынут. АрщхьэкIэ фермэм машинэ къытехьащ, уIэгъэ илъу.

УIэгъэ хъуам ящыщ зы лIауэ къыщIэкIынти, хьэдэр дэнэ тшэн, жаIэри санитархэр къэувыIащ, лIар фермэм щыщIалъхьэну. Апчари псы къигъэващ мащэ къат Iыху, бэн ящIыху, пIыщIа яхэтщи, нэхъ игъэхуэбэнщ, жиIэри. Унэм щIэзу цIыхур къыщIыхьащи, загъэхуабэ, ящыщ зыгуэрым пхъэбгъуищ зэгуиукIэри бэн ищIам хьэдэр дилъхьэри къыщIыхьэжащ. Хьэдэм и жыпым къриха сурэт гуэри къаригъэлъэгъуащ:

– И шыпхъуи, и нысащ Iи? И жыпым къисхащ, – жиIэри. Красноармеецхэм сурэтыр зэIэпахыурэ зыри жамыIэу еплъырт. Дэтхэнэми абы хуэдэ сурэт гуэр и жып илъу къыщIэкIынт – и фызым, и быным е и адэ-анэм я сурэт. Чэзур Апчарэ деж къэсри сурэтыр къратащ. Еплъри и IэмыщIэ къралъхьар дэп жьэражьэ хуэдэ IэщIэхуащ. Хъыджэбзым къыщыщI ар умыщIэу къыщIэжщ унэми, бэным тепхъуа чэтэныр къытрихрэ еплъмэ, тобэ ярэби, ар хэт и ф Iэщ хъун – бэным зи хьэдэ дэлъыр Чокэщ. Унэм щIэса щIалэхэри къыщIэкIри къеувэкIащ, Апчарэ еплъу. Чокэ и щхьэцым къытещащэ уэсыр IэгукIэ трилъэщIыкIыурэ зыкъомрэ гъа иужь къэлъэIуащ:

– Къысхуэвгъанэ хьэдэр. И анэм хуэсшэжынщ, – жиI эри. Красноармеецхэм, «хьэуэ» жамыIэу, бэныр къащтэри хьэмкIэшыгум зэпрууэ трагъэуващ. Езыхэри гувэрти, машинэм итIысхьэжри ежьэжащ.

Чокэ и хьэдэр щIалэгъуалэ фермэм куэдрэ телъакъым.

Бекъан и кIуэдыкIэ хъуар ягъейуэ фызхэм Данизэт деж кIуэн щагъэтатэкъым, Чокэ и хьэдэри яшэжын хуей щыхъуам. И унэр бомбэм икъутауэ, илIри кIуэдыкIейуэ кIуэдауэ, нобэ и къуэм и хьэдэри хуашэжмэ, сыт и гуIэкIэу гуIэну Данизэт? Техуэну мыгъуэу пIэрэ абы хуэдиз бэлыхь фызыжьым и гум? Къуажэм фызу дэсыр къызэхуэсынкъэ аргуэру?..

Апчарэ къуажапщэм къэблэгъэжащ, пшапэр зэхэуакъэ, жыпIэу. Унэ уэсым хэщIыхьахэм тет уэнжакъым Iугъуэ мащIэ къреху. Бжыхьу яIа тIэкIури ягъэсыжащ, щ Iымахуэм и ткIиигъуэр къэмыса пэтрэ.

Автомобиль макъ къэ Iуащ. Апчарэ зэплъэкIмэ – машинэшхуэ гуэр къох. Сыдэхыу гъуэгу естыну и гугъэмэ, щоуэ, езыр дрех, жиI эу Апчарэ бэным зытриубгъуауэ макIуэ. Машинэр къэсри шызакъуэгум къыбгъурыуvауэ къэувыIащ. Апчарэ и щхьэр къиIэтмэ– машинэм къикIар Локотошщ, арщхьэкIэ зэхэзещхъуэн ищIащи, жиIэнур ищIэркъым. Апчарэ сыт жи Iэнуми нимыгъэсу, Локотош унафэ ищIащ:

– ИI эт, тефлъхьэ бэныр, – жиI эри.

# КХЪУЖЬЫФЭ

## Я П Э І Ы Х Ь Э

*Япэ псалъэщхьэ*

### 1. КЪУЭШРОКЪУЭ ДОТИЙРЭ НАРТШУРЭ

Гъуэгур быркъуэшыркъуэщи, дэуей-къеухыу, Іэуэлъауэшхуэ ищІу мажэ шитІ зыщІэщІа лэнейкІэр. Абы къигъэхъей сабэ гъуэжьыфэм щхьэхынэ-щхьэхынэу зиІуантІэ-зишантІэурэ зеІэт, ауэ, жыжьэ нэмысу, кърегъэзыхыжри гъуэгунапщІэ удзым теундагъуэу щхьэщогъуалъхьэ. Къурш абрагъуэхэм я къырхэм щІымахуэ фащэхэр къагъэІэгъуэ, нэр зыщыджыл я къэптал хужьыбзэхэр жьыбгъэ щІыхуфэм ирагъэу. Мыдэ нэхъ и лъапэІуэмкІэ щызэхэт къурш щхьэгуэхэм иджыри еуэ ирагъэшхыу ягъэбжьыхьэ. Къуршхэм я лъапэщІэлъ аузми бжьыхьэм щидунейкъутэжщ. Ауз кІуэцІым дыгъэ налъэ плъыжьыфэ тхыпхъэщІыпхъэ дахэу щызэхэухуэнащ. Нэхъ ищхьэІуэкІэ удэплъеймэ, аузым зыкъыдэзыукъуэдие джабэ нэкІуитІри дарий гъуэжьычу нэм къыщоджыл; дэтхэнэ зы жыгми езым и плъыфэ иІэжщи, узэплъынур умыщІэу, плъагъу псоми узыІэпашэ, узрашалІэ. ЛъэгумкІэ нэхъ уеплъыхмэ – нэм къыІуидзэ псор кхъужьыфэщ. Дыщафэ-кхъуэщыныфэ, кхъужь хъуагъэфэщ. АдэжкІэ уплъэмэ – бгы лъапэр яуфэбгъуащ къэтхъэнсолыкъуеймрэ хьэцыбанеймрэ. ЛэнейкІэ шэрхъхэм я Іэуэлъауэр хьэгъуни къыдимыгъэплъу дунейр зыкъутэ Чопракъыпс гъуэгум апхуэдизкІэ кърехулІэри, язынықъуэхэм деж гъуэгур Іузабзэу ехуз, уеблэмэ лъагъуэм хуэкІуэжа жыпІэу, гупащІэр гъуэгубгъуитІым падзэгъукІ. Зэрыхуей дыдэм хуэдэу зызыщІ псым аузым и тету зэрыщытыр къигъэлъэгъуэну пылъ къыпфІощІ. Пэжщ, иджыпсту бжьыхьэпсыр нэхъ еІэжащ. Ауэ и макъым щІичэн мурад имыІэу аузыр къегъэпсалъэ, къэгъэшыпІэ-нэгъэшыпІэхэм къыщежэкІкІэ, щыхупІэхэм къыщелъэкІэ ихъуреягъыр егъэзджыздж. Зэрыбжьыхьэр хъарзынэщ, армыхъумэ лъэмыж зытемылъыж Чопракъ ухыхьэу уикІын жыхуэпІэм шынагъуи хьэзаби пыщІат...

ЛэнейкІэм исщ полкым и комиссару щыта Къуэшрокъуэ Дотий. Комиссар цІэр дзэм Іэджэ щІауэ щызэрамыхьэж пэтми, ар Къуэшрокъуэм хьэкІэзэпх щІыкІэу къыкІэрыпщІат. Комиссар –

аращ, пыплъхьэни пыпхыни щымыIэу. И кителым дамэтелъхэр къытолыдыкI, и бгъэм орденхэмрэ медалхэмрэ къыхоцIуукI. Дотий зауэм щыхэтам псори къызэреджэу щытар «комиссар-смертникщ», сыту жыпIэмэ абы и ныбжьэгъухэр къыхуриджэрт Iэщэр яIэщIэлъу загъэлIэну, я псэр щыхэкIкIи бийм и зауэлI зыбгъупщIым я псэри здахьыну. Зауэм щыIутым апхуэдэ комис-сарт Къуэшрокъуэр. Иджы-щэ? Иджы зауэм зэхикъута хозяй-ствэр къызэфIэгъэувэжын хуейщ. Дотий и къалэнщ цIыхур абы къыхуриджэну, лэжьыгъэм тригъэгушхуэну, пщэдей насып къазэрыпэплъэр псоми я фIэщ ищIыфу цIыхум яхэтыфын хуейщ ар. «Тхуэугъурлы, тхуэмахуэ ухъу кхъужьыфэр», – ауэрэ зыздиплъыхьым, йогупсыс Дотий, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы ещIэ: адыгэхэм къалъытэ кхъужьыфэр бэвыгъэм, берычэты-гъэм, пщIэнтIэпс къабзэм и Iэужьым я нэщэнэу зэрыщытыр...

Сыт хуэдиз уIэгъэ телъ пэтми, комиссарым и гугъэр зы дакъикъэ хихыжыртэкъым абы строим зэригъэзэжынум. Ар партым и обкомым и секретарь Къул Зулкъэрней ириджэу гъавэ Iухыжынымкlэ уполномоченнэу гъуэгуанэ жыжьэ щытригъэ-хьэми нэхъыбэу арэзы щIэхъуам и щхьэусыгъуэр зыт: меди-цинскэ комиссэм яригъэлъагъуну арат къуршыщхьэ гъуэгу гугъусыгъухэри, губгъуэ псэукIэ хьэлъэри щайуэ къызэрыри-мыдзэр. Иджыпстуи ауэрэ гъуэгу здытетым, гъуэз щхъуантIэр зэшэкIа къыр щыгухэм здеплъым, Дотий игу къокIыж мэз-щIэсхэм я гугъу къыщыхуищIым Къулым зригъэдэIуа хъыба-рыр. Школхэр, сымаджэщхэр, клубхэр зэрагъэпэщыжын папщIэ пхъащхьэ хуейхэт. А пхъащхьэр къэгъуэтыным гугъуехьу пы-щIам гъуни нэзи иIэтэкъым. Ауэ гугъуехь псоми текIуэн хуейт. ЗызэщIакъуэри лIы зыбгъупщI мэзщIэс макIуэ. Пхъащхьэ хъун псэуалъапхъэр щыбгъуэтынур къыр щыгухэрат. ПщыIэр нэхъ илъабжьэIуэмкIэ щащI. Шыхэр ягъэзагъэри езы мэзщIэсхэр къырыщхьэм докI. Нэхъ сэбэп хъуну жыгхэр къыр блыным кIэрытт. Абы еIэбыпIи лъэIэсыпIи иIэтэкъым. ХэкIыпIэу щыIэр зыт: ипэрей мэкъуауэлIхэм я Iэмалыр къэгъэсэбэпын хуейт. ЛIот абыхэм ящIэу щытар? КIапсэм и зы кIапэр я бгым иращIэрт, адрей кIапэр жыгым е къыр дзакIэм кърашэкIырт, ар бгыщхьэм тетым иубыдыжырти, абы кIапсэр мащIэ-мащIэу къигъэлалэм, модрейм зригъэлэлэхыурэ мэкъур пиупщIырт.

Арати, мэзщIэсхэм жыгыр къырым кърагъэуфэрэкIэх, пхъэр Чопракъ епхъуатэри щIым нимыгъэсу ирехьэжьэ. Псым къыхэ-пхыж щыхъуну щIыпIэм нэс ирагъэхь. Къыхахыжри пыпхъуэу зэтралъхьэ. Iуэхур дэгъуэу йокIуэкI. ЦIыхухэри къызэрогъэ-гушхуэ. Шыгухэр бгыщхьэм даху. Ауэ куэд мыщIэу тхьэ-мыщкIагъэшхуэ къохъу. Къыстегушхуэу къысхэIэбар, си гъащIэ мамырыр зыгъэпIейтеяр хэту пIэрэ жыхуиIэу, къуршыщхьэ

уэсыр къызэрогъэукхъуэ, къызэрохьэжьэри псоми кIэ ярет. МэзщIэсхэр хокIуадэ... Хьэзаб машIэ пыщIакъым зауэм зэхикъута народнэ хозяйствэр къызэфIэбгъэувэжын жыхуэпIэм.

Шы заводым и директор щIэрыпсу къыщIрагъэдза Къуэшрокъуэм цIыхуитI къудейт лэжьапIэм къищтар: зы бухгалтеррэ Нартшурэт. Зи ныбжьыр илъэс пщыкIущым ит Нартшу комиссарыр езым и «шыщхьэхъумэкIэ» къеджэ щхьэкIэ, ар шызешэу арат.

– ЛIо, Нартшу, сыту ущэху хуэдэ. Хьэкъурт бжьэдэлъ нэхъей, уи жьэр щхьэ зэщIумыхрэ? – Дотий гушыIэурэ мэIэбэри щIалэ цIык Iум щхьэрыгъ пыIэр кърекъух.

– Сыт жысIэн-тIэ? Зызоплъыхь, – жи Нартшу.

– ЗуплъыхькIэ, лIо мыбы щыплъагъунур? Ихъуреягък Iэ къуршщи – къуршщ.

– Къуршракъэ бандитхэм я зыгъэпщкIупIэфIыр? ЗыщIыпIэкIэ зыгуэр къыкъуэукIмэ, мэхь-мэхь – дисыкIащ.

– Ара-тIэ зыбущэхуауэ ущIыщысыр? – апхуэдэ Iуэху лъэпкъ емыгупсыса Дотий и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI. Пэжщ, абы Къулым къыжриIат мэзым иджыри бандитхэр зэрыщIэсыр, абыхэм ебэнын, ахэр къуажэхэм къыдамыгъэхьэн папщIэ отряд щхьэхуэхэр къызэрызэрагъэпэщар.

Iэщэ къыздищтами хъуну щыта пэтми, ар и щхьэ трилъхьатэкъым Къуэшрокъуэм. Къыздэщти пэт, кIэрахъуэ закъуэкIэ уапэувыныр емыкIущ IэщэкIэ зэщIэузэда бандэхэм.

– Дымыгъуэщауэ тэмэму дыкIуэу пIэрэ? – гущхьэIыгъым йоупщI Дотий.

– Дыгъуащэу дэнэ дыкIуэн? Аузым дэкIыпIэ иIэкъым, – и пэ лъабжьэм къыщIопсэлъыкI Нартшу. ТIэкIурэ сабыра нэужь, и щхьэ хуэпсэлъэж щIыкIэу, адэкIэ къыпещэ: – Псым убгъурыту укIуэху нэхъ лъагэу зыбоIэт.

– Уэ сэ слъагъур угубзыгъэ гуэри. Дэгъуэу жыпIащ, Нартшу. Ауэ умыбэлэрыгъ. Уи жыIауэ, бандитхэм дахуэзэнщи...

– Мыбдежхэм бандит щымыIэнкIэ мэхъу. ЛIо абыхэм мыбдеж щебгъэщIэнур? Абыхэм егъэзыпIэ нэхъ ящIынур псыщхьэращ. Дыгъужьхэм хуэдэщи, жэщкIэрэ къуажэхэм къопщылIэ. Дыгъужьхэри аращ – махуэм пабжьэм зыщагъэпщкIу, жэщым дунейм къытопщхьэри адэкIэ-мыдэкIэ зыщаудыныхь, я мыIыхьэ къафыщI.

– Уэ сэ слъагъум умыщIэ щыIэ си гугъэкъым, – комиссарыр аргуэру щIалэ цIыкIум щотхъу.

«ЯпэщIыкIэ райцентрым сыкIуэнщ. Район унафэщIхэм сабгъэдыхьэнщ. СызищIысыр, обкомым я уполномоченнэу сызэрыщытыр къезгъэщIэнхэщи... Езыхэр зыхуэдэри Iуэхур зытетри зэзгъэщIэнщ», – йогупсыс Къуэшрокъуэр, ауэрэ здэкIуэм. Пэжщ, Iуэху къыпэплъэр зэрымыщI эгъуащэм щыгъуазэ хъуа-

кIэт ар – къежьэным и пэкIэ Къулым къыжриIат. Ауэ, сыт хуэдэу щытми, нэсмэ Iуэхур зы Iутыр зригъэщIэн хуейщ. Ар зы. Мыд-рейуэ, псоми щыгъуазэ зищIа нэужь, активым ягурыгъэIуэн хуейщ дэтхэнэ зыми къалэну къыпэщытыр зыхуэдэр. ИтIанэ хозяйствэ къэс уполномоченнэхэр ягъакIуэ. Мис а псом и ужькIэ, Iуэхур зэрыхъуамкIэ игу зэгъа нэужь, Мэшыкъуэ ды-хьэнщи, адэ зауэм зэрыIута лъандэрэ цIыхугъэ къыхуэхъуа Къэзэнокъуэ Апчари зригъэлъагъунщ. Абы папщIэ гъуэгур зэрыубзыхун хуейр мыпхуэдэущ: псы Iуфэр яIыгъыурэ ищхьэм-кIэ докIуейхэр, Iэмал имыIэу жэщкIэрэ къэувыIэурэ зыгъэ-псэхун хуейщ, арыншамэ, шыхэр увыIэнщи, гъуэгум укъыте-нащ. УкъыщыкIуэжкIэ нэхъ тынш хъунущ – къегъэзыхыгъуэщ. А псори зэрегъэзахуэ, зэхуегъэхъури лэнейкIэм исщ, къигъэш зэрымыхъум къыхэкIыу, зи лъакъуэ ижьыр щIэукъуэдиикIа комиссарыр. Абы и «шыщхьэхъумэми» езым и Iуэху зэрехуэж: сакъыу гублащхьэм дэсщ, и нэхэр гъуэгум тедиящ, шитIым тогузэвыхь. Абы шы фIыуэ зэрилъагъур белджылыщ. Къуэш-рокъуэри зыхуейр ар дыдэрщ. Мыдрейуэ... шыхэр увыIэрэ жэщым гъуэгум къытенэхэмэ... ЗэрышынэмкIэ нетIэ зримы-гъэумыса, бандитхэм я тIысыпIэр псыщхьэрауэ жиIа щхьэкIэ, Нартшу и гъуэншэдж пхалъэм джэдыкIэр щожьэ иджыпстуи.

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, Нартшу и гуапэ дыдэ мэхъу мы заводым и директорыр «шыщхьэхъумэкIэ» къызэреджэр. «Шыщхьэ-хъумэ» псалъэм абы зыгуэр хелъагъуэ, моуэ зауэ хуэмэбжьымэ гуэру къыщохъу. Ауэ щыхъукIэ, езыми зауэм Iуту зыкъелъытэж. Нартшу зы махуэ шэч къытрихьэркъым и полковой комиссарым щIыгъуу зауэм зэрыкIуэнум. Мыдэ зэ Дотий и лъакъуэр гъэхъуж закъуэ уэ. Зауэм здишэу щытми, комиссарыр зэрыщIемы-гъуэжынур къигъэлъэгъуэнщ Нартшу. Ари куэд мыщIэу. Мы район здэкIуэм, къыздакIухьым.

Абыхэм здегупсысым, Нартшу, л Iыфэ дыдэ зытригъэуэу, зызыхешри лэнейкIэ гублащхьэм зыкъыдегъэщ. Абы щыгъщ Дотий къритыжа кIагуэ дытар, джэлэфейр, тIэкIу хуэиныIуэ шырыкъу лъэпщагуитI Iэджэ зи нэгу щIэкIар. Ахэр псори хъар-зынэт. Ауэ Нартшу зы гукъеуэ иI эщ: Дотий и офицер кителри къритырти, хуэиныщэу къыщIэкIащ. Мис ар хуэхъуу щытыгъа-мэ – удэмыджэгужт, итIанэ, Нартшу. Пэжщ, абы иджыри иIэкъым псылъэ цIыкIур зыкIэрыщIа сэлэт бгырыпх бгъуфIэри, сэлэт фурашкIи, е, щымыхъужми, пыIэ дыкъуакъуэ цIыкIури. Ауэ ахэр Iуэхутэкъым. Ахэр псори къэбгъуэтыфынут.

А псомкIи зи гур зыгъэфIа Нартшу зигъэлIу нэхъри зытреIэ-тыкI. ШитIым ятокIие, яхоуэри лэнейкIэм зреч. Шэрххэр доуей-къоух, лэнейкIэр зэредзэ.

– Дэгъэзеигъуэщ, шыхэр щхьэ щIэпхуэрэ, тIасэ? – и бын щIыкIэу, щIалэ цIыкIум йопсалъэ Дотий. И лъакъуэ уIэгъэми и

джабэ узми езэгъынукъым гъуэгу быркъуэшыркъуэ бзаджэм зэридзэ лэнейкIэр. Абыхэм иджыри гъуэгушхуэ къапэщылъщ. – Гущхьэ Iыгъыр шыхэм хуэсакъыу, абыхэм яхузэф IэкIынур зыхуэдизыр ищIэу щытын хуейщ. ГущхьэIыгъыр зэщхьыр пщIэрэ уэ? Гъуэгу кIыхь къэзыж спортсменырщ. ЯпэщIыкIэ занщIэу уилъмэ, уи лъэр занщIэуи щIэщIэжынущ. Къыбгуры-Iуа? Уэрэ сэрэ гъуэгуанэ кIыхьым дытехьа къудейщ. ЯпэщIыкIэ райцентрым дынэсу, район псор къызэхэткIухьу, итIанэ губгъуэм дихьэу дэтхэнэ зы нартыху хьэсэм нартыху бзий дапщэ итми дыбжу, кIэчан дапщэ къыдачами зэдгъащIэу, къыдачын хуейуэ къэнари къэтлъытэу… КIэщIу жыпIэмэ, лэжьыгъэр ди щхьэм къос. Мы дыздэкIуэ районым къуажэ дапщэ итми пщIэрэ, Нартшу?

– Ахьей сщIэрэ – къуажэ пщыкIутI. Тхур сэмэгурабгъу псы Iуфэм, адрей блыр ижьырабгъум Iусщ. Къуажэхэр зэбгрыдзащ – зыр бгыщхьэм итщ, адрейр лъапэм щIэтщ.

– Райцентрыр дэтхэнэ бжьэпэра зытетыр?

– Чопракъ райцентрыр ижьырабгъу бжьэпэм тетщ. Ар яхуэмыубыду нэмыцэхэр сыт хуэдизрэ елIэлIа уфIэщIрэ? Абдеж зыщагъэбыдауэ капитан Локотош и дзэхэр нэмыцэжьхэм сыт хуэдизрэ къеззэуа уи гугъэ? А Локотош жыхуаIэр пщIыхурэ уэ? Абы и хъыбар зэхэпха?

– Щхьэ зэхэзмыхыу – зэхэсхащ… – Къуэшрокъуэр хьэлъэу мэщатэ. Зэи хэтат «сэ а капитаным сыдэзэуащ» жиIэну, итIани щIогъуэжри: – ЗэрыжыпIэмкIэ, псыр зэпыдупщIын хуейщ. Чопракъ лъэмыж телъу пIэрэ? – щIалэ цIыкIум йоупщI Дотий.

– Телъат. Ауэ телъыжкъым. Къагъауэри якъутащ. Умыгузавэ абы щхьэкIэ. Плъагъуркъэ, мес, иджыпсту псыр цIыкIущ. Ухыхьэу уикI хъунущ, – комиссарым и гур фIы хуещI Нартшу.

– Лъэмыжыр зыкъутар хэт? Нэмыцэхэра хьэмэрэ дыдейхэра? – щIоупщIэ Дотий.

– Дыдейхэрат. Нэмыцэ танкхэр ирамыгъэкIын папщIэ. Партизанхэм танк зэракъутэ топ яIэтэкъым, танк зэрагъэсым хуэдэ птулькIэ фIэкI. ПтулькIэр, лIо, жыжьэ пхуэдзын уи гугъэ? Ар хъунт, уэ бгы къуагъым укъуэту ищхьэм утетмэ, танкыр лъэгум дэту илъабжьэмкIэ ехмэ. Апхуэдэу щытмэ, хэти танкым тригъэхуэфынт. Ауэ апхуэдэ танк делэ дэнэ къыздипхынур?

– Ей-ехь, уэ сэ слъагъум умыщIэрэ узыщымыгъуазэрэ щыIэкъыми! Уегуак Iуэмэ, зауэ Iуэхухэми куэд хощIыкIри, – Дотий и фIэщыпэу егъэщIагъуэ и гущхьэ Iыгъым и губзыгъагъыр. – Лъэсыдзэхэр щрагъаджэ училищэ къыумыухауэ пIэрэ уэ?

Къызэреупщ Iыр гъэщIэгъуэн къыщохъу щIалэ цIыкIум. Къыдэгушы Iэрэ и фIэщыпэу къеупщIрэ къыгуры Iуэркъыми, жэуапу иритыжынур имыщIэу зэIонэ. ИтIанэ къызэфIоувэ, шыхэм ящIофие, и чнутIри ину егъаджэри а фий макъым дожьу.

– Нэмыцэхэр ди деж къыщысам еплIанэ классым сыщIэст. Ахэр зэран къысхуэмыхъуамэ, иджы еханэм сыщеджэрт. Ауэ мохэр къэсри... ди школыр ягъэсащ, – иужьрей псалъэхэр, ауэ сытми, пщIэншэу къыжьэдэхуатэкъым Нартшу. Гъэ еджэгъуэм щIидзэжакIэт. Хэт ищIэрэ, шы заводым и директорым мып-хуэдэу жиIэнкIэ мэхъу: «уи лэжьыгъэ кIуэдакъым. КIуэи еджэ, тIасэ». Школыр нэмыцэм щагъэсакIэ, дэнэ укIуэн? Ауэ щыхъукIэ, умыщIэххэу Нартшухэ я къуажэ школри ящIыжынкIэ мэхъу... ЩIалэ цIыкIур жыжьэ плъэрт. КъантIасэ къыжриIари ищIэжырт Нартшу: «ЗэкIэ шы заводым кIуэи щылажьэ, си щIалэ цIыкIу. Ауэрэ зеиншэхэм папщIэ сабий унэ хуэдэу зыгуэр къызэIуахынщи...»

ЛэнейкIэр ауз зэвым дыхьащ. Дунейр занщIэу нэхъ кIыфIи нэхъ псыIи къэхъуащ. Илъэсищэ Iэджэхэр зи ныбжь аузым къыдэплъэу бгыщхьэм щызэхэт бжей абрагъуэхэр апхуэдизкIэ лъагэ хъуати, удз цIыкIум хуэдэут нэм къызэращтэжыр, уафэр, уафэхъуэпскI зэфIэщIыкIам ещхьу, кусэ-кусэурэ, хужьыфэщхъуантIафэу аузым къыщхьэщылът. А псори апхуэдизкIэ лъагэщи, удэплъеямэ, уи пыIэр щхьэрыхункIэ тIэу еплъынукъым. Аращ Нартшу шынэу и пыIэр щIиубыдыжар – дэмыплъейуэ, зимыплъыхьу хуэшэчынукъым абы. Сабийр сабийщ: абы зригъэщIэну хуейм щIэ щIэткъым.

– Мес КIунэ и сурэтыр. Дамыгъэщ жыпIэнущи – дамыгъэкъым. ТхыпхъэщIыпхъэ жыпIэнущи – аракъым. Удзым щIигъэнащи зищIысыр дахэ-дахэу къыпхуэщIэркъым. Зы екIуэлIапIэ зимыIэ а къырым апхуэдэ сурэт дауэ трищIыхьыфа КIунэ?

– КIунэ и сурэт, жыпIа? – щIоупщIэ Дотий.

Абы игу къокIыж, мы гъуэгу къуейщIеймкIэ зэгуэр мэл щызезыхуэу щыта мэлыхъуэхэм къыжраIэгъа хъыбарыр. Гъуэгур Iузэмэ, бзаджэмэ, хуабэ мэл жыхуаIэу, Iэщыр зэхэпщхьэмэ, зэныкъуэкъумэ, щхьэрыуэу бгым щыхункIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Бгым щыхуам упыкIащ – Чопракъ ирихьэжьэнурэ нэгъабэ лIам лъэщIигъэхьэжынущ. Ауэ щыхъукIэ, зы напIэдэхьеигъуэ хуэдизкIэ утеплъэкъукI хъунукъым. АрщхьэкIэ мэл хъушэр зэрыщыту бжьакъуэкIэ пхуэIыгъынт? Зыгуэри къулейсыз яфIэмыхъуу къанэртэкъым, «КIунэ и ерыскъыти тхьэм иритащ», – жаIэрт мэлыхъуэхэм, бгым щыхуа мэлым щхьэкIэ.

КIунэкIэ еджэу хъыджэбз гуэр псэуащ. Зи цIэр цIыхум ящыгъупщэжа щIалэ гуэри щыIащ, жи. А ныбжьыщIитIыр фIыуэ зэрылъагъурт. Ауэ а тIур зэкIэщIачу кърым хъаныжь къулей гуэрым гъэру иратыну унафэ ящI. КIунэ, тхьэгурымагъуэти, мобыхэм я мурад бзаджэр къещIэ. ФIыуэ зэрылъагъуитIыр зэгуроIуэри бгым йохьэжхэр. Пхъэрхэр къакIэлъежьэнкIэ мэшынэри, КIунэ къыр нэкIум трещIыхь тхьэ Iэмыр зыхулъэкI уафэхъуэпскI сурэт. НыбжьыщIитIым я насыпыр зыкъутэну зи хьисэпу къежьэ псори,

лъагъуныгъэм и жэнэтым нэмыс щIыкIэ, а сурэтым и IэмыркIэ кIуэдын хуейт. А Iуэхум щымыгъуазэу аузым куэд къыдэлъэдащ, ауэ зыми и щхьэ дихыжакъым. КIунэ и лъагъуныгъэр щыгъагъэ хэкум ер игу илъу зы цIыху и лъэ нихьэсыфакъым.

– Лъагъуныгъэр псэуху абы зыри зэран хуэхъуфакъым, – жеIэ Дотий. – Апхуэдэ гъэщIэгъуэн куэд къыщохъу, Нартшу, гъащIэм.

Нартшу хьэкъыу и фIэщ хъуат, хъыбар зэдэIуар. Ауэ абы нэхъ игъэщIагъуэр зи псэр фIыуэ зэрылъэгъуа ныбжьыщIитI зэрыщыIартэкъым, атIэ КIунэ а къыр екIуэлIапIэншэм гъуэгу къыхуигъуэту абдеж сурэт зэрытрищIыхьыфарт фIэхьэлэмэтыр. Комиссарми езым и хэплъапIэ иIэжт: игъащIэ лъандэрэ лъагъуныгъэм хьэзаб пыщIащ, а хьэзабым зыщихъумэн папщIэ хъыджэбз цIыкIум егъэзыпIэу къигъуэтар къыщалъхуа къуршхэм я бгъуэщIырщ. Зи лъагъуныгъэр къуршхэм яхъума хъыджэбзым и цIэр игъащIэ псокIэ ящымыгъупщэжыну цIыхум къажьэдэнащ. «Къырым тратха сурэтым и махуэр сэри къысхуэкIуамэ... – жиIэу хэплъэурэ и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI Дотий, – уи лъэхъэнэгъухэм, уи хэкуэгъухэм игъащIэкIэ уи цIэр ящымыгъупщэу, укъыщалъхуа уи щIыпIэхэр игъащIэкIэ умыбгынэу...»

И щхьэм къищхьэрыуа гупсысэ хьэлъэхэр, лIэныгъэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр зыщхьэщехури Дотий и лъакъуэ уIэгъэм йоIусэ:

– Нэмыцэхэр мыбы щыдэсам сыт пщIар уэ? – щIалэ цIыкIум йоупщIар.

Нартшу жэуапу итынур ищIэркъым аргуэру. И нэщхъеягъуэ псор къиIуэтэну хуежьэмэ – абы зэману текIуэдэнум ущIэмыупщIэ. Мыдрейуэ, вы лIам сэ щхьэ хэIун хуей?

– Сыхьэулеящ, – къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу къыжьэдоIукIабы. – Партизанхэм садэIэпыкъуащ, – абдеж и Iыхьлыхэр игу къокIыж, занщIэу къыщиуду къэмыгъын папщIэ, лажьэ зимыIэ шитIым ящIогубжьэ, чнутIыр ящхьэщегъэукI.– Румыныжьхэм си зэран Iэджэ езгъэкIащ.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, уветеранщ уэ. Ара?

Нартшу къыгурыIуэркъым «ветеран» псалъэм къикIыр. «Ветеран... ветер... жьы» – жиIэу арауэ пIэрэ? Арамэ, а псалъэр зикI игу ирихьакъым щIалэ цIыкIум. «Жьы... жьым зэрехьэ... жьыныбэ... ТIум щыгъуи щIагъуэкъым. Сыт хуэдэфэ мыбы къызиплъар?» – алъандэм шы заводым и директорым и псэм зыгуэркIэ дыхьэну зи мурада щIалэ цIыкIур нэщхъей къохъу, къогубжьри:

– Хьэуэ. Сыветеранкъым сэ. А уэ уи гугъэхэм сащыщкъым, – жеIэ. Зэрызигъэгусэр белджылыуэ и напщIэр зэхэуауэ.

– Узэуа уэ хьэмэрэ умызэуарэ?

– Сызэуащ! – щIалэ цIыкIур къогъумэтIымэ.

– Аращ-тIэ сэри зи гугъу сщIыр. Абы щхьэкIэ укъыщIэгубжьыр сыт? – Нартшу игу фIы мэхъуж. Ауэ зищIысыр имыщIэ «ветеран» псалъэ гугъужьыр и гум иреубыдэ – иужькIэ зригъэщIэжыну аращ абы къикIыр.

Iуэхум тегупсысыкIа щIалэ цIыкIум гу лъимытэурэ лэнейкIэм и плIэ шэрхъитIыр кумб къиудам йопкIэ, псыпэр зэрыжэм псыкIэри ирожэ, жи, гупхэ шэрхъит Iри йоуэ а мащэ дыдэм. ЛэнейкIэр апхуэдизкIэ зэридзати, зи лъакъуэ уIэгъэр къыхэузыкIа Дотий къыхокIиикI:

– Уздэплъэр дэнэ? Шы IэжьэкIэ губгъуэм къыщыбжыхь уи гугъэж? Бгым ущыдэкIкIэ упIащIэ зэрымыхъунур, зыплъыхьын зэрыхуейр щхьэ умыщIэрэ? Хьэмэрэ мыпхуэдэ гъуэгу уи щыпэлъагъу?

Нартшу игу къокIыж илъэгъуауэ щыта фильм гуэр. Шууейхэр бийм ебгъэрыкIуэрт. Губгъуэ уэсыр сабэу ящхьэщыту. Шыхэр апхуэдизкIэ уэсым зэпхрыщэтырти, языныкъуэхэм деж уэсыр шыныбэпххэм къыщIэуэрт. Ахэр, есу фIэкI, уэсым зэпхрыжу пщIэнтэкъым. Зи щIакIуэ кIапэхэр жьым зэрихьэ шуүейхэри лъэтауэ къыпфIэщIырт.

– Сэри слъэгъуащ шуудзэр уэсым хэту бийм зэребгъэрыкIуэр, – жеIэ Нартшу. АбыкIэ жиIэну зыхуейр гурыIуэгъуэщ: дэри дыделэ дыдэкъым, зауэ Iуэхухэм зыгуэр хыдощIыкI. Ауэ щыхъукIэ, комиссар, ущIегъуэжынкъым, уи гъусэу зауэм сыздэпшэми.

– Дэнэ щыплъэгъуар? Мы къуршыщхьэхэра?

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ, –Нартшу мащIэу къоIэнкун. – Кином...

– Кином, жыпIа? Арамэ хъунщ-тIэ, – зеущэхужри къуршыщхьэхэр зэпиплъыхьу щIедзэ комиссарым. Иджыпсту абы и тхьэкIумэм итыр шыхэм я лъэ макъщ. Псалъэмакъыр зауэ Iуэхум щынэсым, езыми игу къэкIыжащ зауэм щыхэтахэр.

Топхэмрэ кхъухьлъатэхэмрэ ягъэундэрэщхъуа бийм зыкъимыщIэж щIыкIэ ятеуэн хуейуэ унафэ къыхуащI Къуэшрокъуэр зыхэт дивизэм. Абы и планыр щызэхалъхьэм псори апхуэдизкIэ IупщIу яубзыхуати, Iуэхур дэгъуэу зэрызэфIэкIынум шэч лъэпкъ къыщIытепхьэжын щымыIэжу къыпфIэщIынт. Ауэ полковник Къуэшрокъуэм псоми зэхахыу жеIэ:

– Ныбжьэгъу командующэ, ди шуудзэм и ебгъэрыкIуэныгъэм къикIын щыIэкъым. Ди дзэр псыхэкIуадэ хъунщ. Штабым и начальникыр нэгъуджэ зыIулъ лIы гъур гуэрт, нэхъыжьхэм уапэмыпсэлъэж, мафIэм къуацэкIэ ухэмыуэ, жыхуиIэу Дотий и лъакъуэм тоувэ.

Псори щыгъуазэт Къуэшрокъуэ Дотий зэрыерыщым. Ар хэт жиIэмкIи арэзы хъухэм ящыщтэкъым. Псалъэм папщIэ, зэдауэхэу щIадзэнт: зауэм щынэхъ лъэщыр цIыхура хьэмэрэ техни-

кэра? – жаІэу. Апхуэдэхэм деж Дотий зытемыкІыр зыт: игъащІэ лъандэрэ зауэм текІуэныгъэ къыщызыхь зи хабзэр зи дзэхэр Іэщэ-фащэкІэ нэхъыфІу къызэгъэпэщахэрщ. Абы псоми ягу къигъэкІыжырт Буддэ и лъэхъэнэ жыжьэхэм щыгъуэ индусхэм ящІауэ щытар – пыл гъэсахэр бийм ираутІыпщри абыкІэ бийр щтэІэщтаблэ, Іэрпхъуэр ящ Іыгъащ, бийм и зауэлІхэр зэхэзежэ хъуащ. Мыдрейуэ, жиІэрт Къуэшрокъуэм, мыдэ нэхъ гъунэгъуу дыкъэвгъэІэбэжи девгъэплъ – текІуэныгъэ къэзыхьу щытыр зи дзэхэр Іэщэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ нэхъыфІу къызэгъэпэщахэрщ. Псалъэм папщІэ, топ, пулемет, танк хуэдэхэм сыт хуэдиз мыхьэнэ яІа япэ дунейпсо зауэм щыгъуэ? Шуудзэр сыт хуэдизкІэ фІыуэ илъагъуу щыт пэтми, Дотий ибзыщІыртэкъым шуудзэм нэхърэ Іэщэ лъэщхэмкІэ къызэгъэпэща лъэсыдзэр зэрынэхъыфІыр. Сыхьэт зыбжанэкІэ машинэм ису зауэ ІэнатІэм нэс яша фочауэм еш жыхуэпІэр имыщІэу зауэм Іуохьэ, ауэ щыхъукІи, махуэ зыбжанэкІэ гъуэгу тета шууейр зэхэукІауэ, ешаелІауэ Іуохьэ зауэм. КъимыдэкІэ, ар ишми кІэлъыплъын хуейщ. Абы текІуадэ зэманри фІокІуэд шууейм...

Дотий иджыпстуи командующэм зэрыпэрыуэр зэхэзых къомыр гузэвауэ зоплъыжхэр. Дзэзешэм къыпэпсэлъэжІауэ и тэмакъым зэрытемыхуэм псори щыгъуазэщ.

– Хъун-мыхъункІэ зытепсэлъыхьхэм хуэдэкъым а приказыр, – армэм и командующэм и псалъэр пеупщІ, «ущІэдэуэни хьэуэ къыщІыхэбгъэкІыни щыІэкъым, полковник», жиІэ хуэдэщ абы и псэлъэкІэм. Мыбдежырат дзэм и ІэтащхьэмрэКъуэшрокъуэмрэ япэ дыдэу щызэхуэзар. Арагъэнт дзэзешэр Дотий щІыхуэмыпхъэшэшар.

– Сэ сысэлэтщ, унафэр сымыгъэзэщІэну сызэрыхуимытри сощІэ. Ауэ Іуэхум сызэреплъыр жыс Іэн хуейуи къызолъытэ. Уэсыр егъэлеяуэ куущ. Дызэрыхуейм хуэдэу, бийм дебгъэрыкІуэфынукъым. Шыхэм яхуэжынышхуэ щыІэкъым. Бийм зыщигъэбыдам нэмыс щІыкІэ ешынхэщи ди мурадым дылъэІэсынкъым...

Дауэ щытми, унафэр ягъэзэщІэн хуей мэхъу. Іэмал зэриІэкІэ, Дотий Іуэхум зыхуигъэхьэзыращ. Шууейхэм яжриІащ яшхэр фІыуэ ягъэшхэну, ІумпІэкІэ яІыгъыу ахэр илъыпІэм нэс яшэну. Шыхэми езы шууейхэми лейуэ хьэлъэ лъэпкъ къызыкІэрамынэну унафэ яхуещІ. ЗауэлІхэм лейуэ лъэпощхьэпо къыхуэхъуну пылъ нэхъей, увыІэгъуэ имыІэу нэху щыху къесащ уэсри. «Ди ебгъэрык Іуэныгъэм и унафэр зэрахъуэкІыжынкІи хъуну пІэрэ?» – иджыри и гугъэр химыхыжу уэсым и кууагъым йоплъ Дотий, щІы явэм и кууагъыр къипщытэ нэхъей. Арщхьэк Іэ Іуэхум зыхъуэжыныгъэ лъэпкъ игъуэтатэкъым. ЖыхуаІа п Іалъэм щынэсым, топхэми минометхэми я макъхэр зэдаІэтащ. Хъыбар кърагъащІэри шууейхэм зрач. Уэсукхъуэм къыхолыдык І сэшхуэхэр.

Къуэшрокъуэр зэрыпхуэубыдын щыIэтэкъым. НапIэзыпIэм бжьыпэр еубыдри ар псоми япэ йощ. Дотий зэрыжиIа дыдэм хуэдэу къыщIэкIащ Iуэхур: як Iуагъэшхуэ щымыIэу шыхэр увыIащ, уэс куу бзаджэм кIуапIэ къаритыртэкъым: бийм зыщи-гъэбыда щIыпIэм нэблэгъа къудейуэ, джалэу щIадзащ абыхэм, я фIалъэхэмкIэ уэсыр дратхъуейуэ. Языныкъуэ шууейхэр бийм и окопэхэм нэсат, ауэ мо шы ешахэм заIэту абыхэм елъэжы-фыртэкъыми кIуэрык Iуэм здытетым окопэхэм, щIытIхэм ихуэрт. Iуэхур апхуэдэу щыхъум, шууейхэм, яшхэм къелъэхэурэ, лъэсу япэкIэ жэуэ щIадзащ. Иджы абыхэм я сэшхуэ пцIанэхэм я пIэкIэ фочхэр яIыгъът. Зэхэуэм щIылъэм щыщIидзащ. Шууейуэ щытахэр лъэсыдзэхэм яхэзэрыхьыжащ. Бийр тIэкIу ирагъэ-кIуэтын яхузэфIэкIа пэтми, унафэр зэращIауэ щытам ещхь шу-уей зауэм Iуэхур хуэкIуакъым. Зы эскадрон закъуэщ зыхузэ-фIэкIар бийм и быдапIэр зэпритхъыу нэмыцэхэм ящыщи гъэр къищIыну.

Полковникыр япэ ита гупым яхэмытамэ, и лъэгуажьэтесыр зэхэкъутауэ ар шым къехуэхыу уэсым хэмыхуамэ, абы и Iуэхур зэрыхъуну щытар къэщIэгъуейт. Лъы куэд зэрыфIэкIуэдам къыхэкIыу, зи фэр шэхум хуэдэу пыкIауэ уэсым хэлъ Къуэшрокъуэ Дотий къагъуэтыжри зауэ IэнатIэм къыIуах, занщIэуи уIэгъэщым ирагъашэ. Абдеж кIэ щигъуэта хуэдэт Къуэшрокъуэм и зауэ Iуэхум. Ауэ езы Дотий и гугъэр иджыри хихыжыртэкъым. Абы шэч къытрихьэртэкъым мыгувэу зэрыхъужынум, зауэм зэрыIухьэнум. И лъакъуэр шхэпскIэ зэщIэшхауэ ар мазэ IэджэкIэ хэлъащ. Шхэпсыр ятIэтэжа нэужь, Дотий и лъакъуэр къызэфIэмыщIэжу къыщIэкIащ. Комиссарыр куэдрэ пэплъащ и лъакъуэр и пIэм щиувэжыну махуэм. АрщхьэкIэ, Iуэхум зыри къыщимыкIым, зауэм сывгъэкIуэж жиIэу лъаIуэу щIедзэ. Хуит къыщамыщIым, Москва етх, и ныбжьэгъухэм телефонкIэ йолъэIу – къыдэIэпыкъухэу фронтым ягъэкIуэжыну. Зыми зыри къыщыхуимыщIэм, къыхуэнэжыр зы закъуэти, псым итхьэлэр къуэщIийм йопхъуэ жыхуиIэу, зы Iэмалщ къыхуэгъуэтыр: нэмыцэхэм къытрахыжа щIыпIэ гуэрхэм зэкIэ сывгъакIуи сывгъэлажьэ, шы гъэхъуным селэжьынщ, жеIэри япеубыд. Узыхэдэн уимыIэмэ, уи Iуэм ит къыхэх, жыхуиIэу арат, армыхъумэ а Iуэхум и нэ къызэрыхуикI щыIэтэкъым Дотий. Унафэр къосри ар шы заводым и директору ягъакIуэ. ЗдагъэкIуам мысыхьэткIэ шыуэ щыIэжыр нобэ лэнейкIэм щIащIауэ Чопракъ районым зэрыкIуэ шитIырт. Шы гъэхъун Iуэху зэрихуэу а заводым иджыпстукIэ щылажьэри Нартшу и закъуэт. Ари щIалэ цIыкIур зеиншэти комиссарым елъэIухэри лэжьакIуэу ирагъэщтауэ арат. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, апхуэдэ щIалэ цIыкIу лэжьакIуэу къызэрыпщтам ущIыхущIегъуэжын лъэпкъ щыIэтэкъым. Iуэхур зэрыхъуамкIэ директорри арэзыти, дуней гуфIэгъуэр зиIэри

Нартшут. Комиссарым и Іэ ижьу ущытын жыхуэпІэр дауэ къыпщыхъурэт! Ар Іуэху джэгутэкъым.

Къуэшрокъуэм Кавказым къигъэзэжынкІэ щІэхъуам дохутырхэм я чэнджэщи хэлът. Абыхэм къызэралъытэмкІэ, Кавказым и псы хущхъуэхэр сэбэп къыхуэхъунут, абы и лъакъуэ узыр нэхъ псынщІэу хъужынымкІэ. Шы гъэхъун Іуэху зи пщэ къыдалъхьэу къагъэкІуэжа зауэлІ уІэгъэм нобэ къалэн къыщащІу къыщІрагъэжьам хищІыкІышхуэ щыІэтэкъым – район пхыдзам гъавэ щызыщІэхэм я деж уполномоченнэу ягъэкІуэну абы и пщІыхь къыхэхуатэкъым. Ар зэрыхъуари мыпхуэдэут.

Республикэ къыздигъэзэжам и Іуэху зытет нэхъыфІу зригъэщІэну, езыми закъригъэцІыхуну Дотий обкомым кІуащ. КъимыдэкІэ, езыри Іэджэ хуэныкъуэти, заводым и ІуэхукІэ лъэІуэн хуейт. КІэщІу жыпІэмэ, обкомым мыкІуэу хъунутэкъыми – кІуащ. ЗдэкІуам Къул Зулкъэрней хуозэ. Ар иужь дыдэу щилъэгъуар шууей дивизэр къызэрагъэпэщауэ зауэм щыдэкІхэрат. Къулым куэд къригъэдэІуащ Дотий. Нэмыцэхэр республикэм зэрырахужрэ куэд мыщІа пэтми, а зэманым къриубыдэу ялэжьар илъэситху енкІэ пхузэфІэмыгъэкІыным хуэдизщ. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэу нобэ щыІэхэм ящыщ зыщ гъавэ щІап Іэхэр къанэ щымыІэу къэгъэсэбэпыныр. Ауэ дауэ ар къызэрохъулІэнур мэкъумэш машинэ ущимыІэжкІэ, узэрывэн, узэрысэн вымрэ шымрэ Іисраф щыхъуакІэ. Япэ гъатхэм щІыр яхуэмывэу жылэр пхафэм трапхъащ, лъапэкІэ яхуэтІагъэшхуи щыІэкъым. Сотих пщыкІутху лъапэкІэ къитІын хуейуэ цІыху къэс къалэн щащІащ, фызхэмрэ сабийхэмрэщ белкІэ лэжьар. «ЛІыхэр» (лІыжьхэмрэ щІалэ цІыкІухэмрэ) Іэщым епхат. Бийм зэхикъутахэр къызэфІэбгъэувэжын папщІэ псэуалъапхъэ ухуейт. Узэджэн цІыхухъу щыдэмысыжкІэ, ар хэт къызэригъэпэщын? Гъуэтыгъуей дыдэр абджырт. Зыгуэрым къыхелъхьэ ди къарукІэ абдж тщІыну. КъызыхэтщІыкІын къыдогъуэт, хьэку дощІ, абджгъэжхэри къэдгъуэтат. Ауэ къэдгъуэтахэм яхуэщІыр мыщхьэгъубжэ абджу, атІэ птулъкІэу къыщІокІ. ПтулъкІэр щхьэгъубжэ абдж пхуэхъунт? Сыт Іэмал? ПтулъкІэ абджхэр добзыж, ди ІэщІагъэл Іхэм къагупсыса Іэмалхэр къыдогъэсэбэпри, ар доукъуэдиижри щхьэгъубжэ абдж къыхыдощІыкІыж. НэгъуэщІ зы механизатор ныбжьыщІэ гуэрми мыпхуэдэ гъэщІэгъуэн къэгупсыс. Къуентхъ къащІа нэмыцэ мотоциклым къыхещІыкІ шэрхъищ зыщІэт хьэлъэзешэ машинэ цІыкІу. А машинэ шыр цІыкІум тонн ныкъуэ къришэкІыфырт. Уеблэмэ язынықъуэхэм деж абы къитхъи кІэращІэрти хьэсэр къитхъ ирыращІырт. Ахъшэм и Іуэхуращ хьэлэч дыдэр, тхьэусыхэрт Къулыр, ахъшэр банкым къыхыдохри цІыхум улахуэ ядот. Тыкуэнхэр хьэпшыпыншэщ, къэпщэхун щІэлъкъыми, ахъшэм банкым къигъэзэжыркъым. Аргуэру хэкІыпІэ лъыхъуэн хуейщ. Іэмалу къэдгъуэтыр лІо? Аркъэм еуэн хуей мэхъу . Аркъэ нэхъыбэ къыщІэдгъэ-

кIыу щIыдодзэри абыкIэ, Iэмал зэриIэкIэ, ахъшэм банкым къыдогъэгъэзэж. НэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэу слъагъуркъым... ЦIыхум я псэукIэр, я зэхэтыкIэр-щэ? Абыи сыт хуэдиз гугъуехьрэ хьэзабрэ пыщIа? Нэмыцэм ди щIыпIэр щаубыдам Iэджи къэхъуащ. Иджы а псори зэдгъэзэхуэжын хуейуэ къытпэщытщ. Зы бюро едгъэкIуэкIыркъым зыгуэрым и щхьэ Iуэху дытемы-псэлъыхьу. Зым зыр пыщIащи Iэджи сэтей къохъу. Зеиншэу сыт хуэдиз сабий къэна? Унэ къутахэр зэщIащташ сабий екIуэлIа-пIэншэхэм...

Къулыр фIэгуэныхь хъурт Къуэшрокъуэм. Лэжьыгъэр икIи хьэлъэ бзаджэти икIи гъуни нэзи иIэтэкъым. Iэджэ лъандэрэ зэрыцIыху лIитIым я псалъэмакъыр щиухым, Къулым мып-хуэдэу жеIэ:

– Обкомым и уполномоченнэу Чопракъ районым утхуэкIуэн?

– Ставкэм и лIыкIуэ щIыкIэуи? – къыпогуфIыкI Къуэшрокъуэр. Апхуэдэ Iуэху и пщэ къызэрыдалъхьэр, дауи, Дотий и гуапэ мыхъуу къэнатэкъым.

– Тэмэм. Командованэ нэхъыщхьэм урилIыкIуэу. ПщIэнымрэ блэжьынымкIэ хуитыныгъэшхуи убгъэдэлъу. ГъавэмкIэ планыр гъэзэщIэн – ар уи япэ къалэнщ. Сыт хуэдэ Iэмалри хэкIыпIэ щIы, ауэ... – Къул Зулкъэрней комиссарым и Iэр гуапэу екъуз, къадэIэпыкъуну арэзы зэрыхъуамкIэ фIыщIэ хуещI, езыми щIыхуэ къызытримыгъанэу зэрыхузэфIэкIкIэ дэIэпыкъуну Къуэшрокъуэр быдэу къегъэгугъэри, лIитIым сэлам зэрахыж.

Къуэшрокъуэм мэкъумэш лэжьыгъэм хищIыкI щIагъуэ щыIэтэкъым, апхуэдэ Iуэху зэи ирихьэлIатэкъым, ауэ щыхъукIэ, абыкIэ опыт лъэпкъи иIэтэкъым. Ауэ езы комиссарыр Iуэхум комиссар хуэдэуи бгъэдохьэ – езым и щхьэм къалэн пыухыкIахэр хуегъэувыж: здэкIуэ колхозхэмрэ совхозхэмрэ быдэу зыщыплъыхьауэ шыбз лъхуэн-пIэн къыщыгъуэтын, ахэр къэщэхуауэ шы заводым и лъабжьэр къызэгъэпэщыжын. Пэжщ, ар къагъэгугъащ Ростовскэ областым шыбз лъхуэн-пIэн зыбжанэ къыхурагъэшэну. Ауэ шыбз дапщэ къыхурагъэшэнуми ищIэртэкъым – тхылъым къыщыгъэлъэгъуатэкъым ар. Апхуэдэу щыщыткIэ, шы лей щыIэкъым, лейр щыгъэтауэ, узрикъун бгъуэтмэ, уи пыIэжьыр щэ дэбдзей хъунщ.

Гъуэгур кIуэ пэтми нэхъ Iузэ хъу зэпытт. Аузыр нэхъ щIыIэтыIэ къэхъуу хуежьащ – ар уэсыщхьэ къуршхэр гъунэгъу дыдэ къызэрыхъум и нэщэнэщ. Дотий и урыс цеибгъэр епхэ. Шыхэр къэпщIэнтIащи хамут щIагъым шыц фIыцIэр къыщIощ. Зэрешахэр белджылыуэ, шыхэр хьэлъэу папщэ хъуащ, гъуэзыр къащхьэщех, я пэбзийми бахъэр, Iугъуэм хуэдэу, къоцыцыкI. Уафэри гъуаплъэ шыуанышхуэм ещхьу мэзым щIигъэна бгыхэм къащхьэщыIубащ.

– Райцентрым дынэсыным иджыри куэд иIэж?

– Километрищ хуэдизкIэ дыкIуэмэ, лъэмыж дынэсынущ... – жиIэр и фIэщ дыдэ мыхъужу и псалъэр щIелъэфыж Нартшу, сыту жыпIэмэ гъуэгухэр километр бжыгъэкIэ къипщу есатэкъым ар.

– Апхуэдэу щытмэ, къэгъэувыIэт зэкIэ. Шыхэри тIэкIу бэуэнщ, – жеIэ Дотий. Езыр хьэлъэу къыхощэIукI (тхьэм и шыкурщ, абы и щэIу макъыр зэхэзыхын дохутыр комиссэ мы Iэгъуэблагъэм зэрыщымыIэр), Iыхьшыхьышхуэу, къехьэлъэкIыпэу лэнейкIэм къокI Дотий. Ауэ ерагъыу фIэкI увыфыркъым. Ува нэужьи лъэр хузэщIэмыхыу хьэзабыр телъщ. Сытми, япэ лъэбакъуэр еч, гугъу ехьыпэурэ етIуанэуи мэбакъуэ. Ауэрэ, хуэм-хуэмурэ, нэхъ тыншу зекIуэу щIедзэ. Дотий къыгурыIуэжырт и теплъэр зэрымыщIагъуэр, дахэ-дахэу зэрымыхуэпар – лъакъуэ лъэныкъуэм къатыр, адрей лъэныкъуэ уIэгъэм валенкэ лъыгъщ. Пэжщ, и щхьэм дагъуэ хуэпщIынкъым – полковник бухъар пыIэщхъуэ ахъырзэманыр къокIупс, урыс цейрщи – абыи хужыпIэн щыIэкъым, бгырыпх бгъуфIэшхуэр щIэпхащ, вагъуэ къуапитхур къызытелыдыкI бгырыпх быжри, нэр щыджылу, гъэцIууащ...

– Мы щIыпIэхэр фIы дыдэу сцIыхуу щытащ сэ, – директорым и пащхьэм зыгуэркIэ зыщигъэзэхуэж щIыкIэу, хуэм цIыкIуу къопсалъэ Нартшу. БлэкIахэм йогупсысыж, Iэджэ игу къокIыжри и нэм пшэ фIыцIэхэр къытрехьэ. ЩIалэ цIыкIум и щIыбыр жьы къеуапIэм хуегъазэ, япэрауэ, къэпIыщIат, мыдрейуэ, и нэм къыфIекIуа нэпсхэр комиссарым щихъумэн хуейт.

– Мы щIыпIэхэр дэнэ уэ фIыуэ щыпцIыхуу щытар? Уэ Тэрч адрыщI ущыщтэкъэ?

– ЕгъэзыпIэ схуэхъун къэслъыхъуэурэ...

И псалъэр щIелъэфыж Нартшу, абы гукъыдэж лъэпкъ иIэтэкъым егъэзыпIэ имыгъуэту къуажэ-къуажэхэр къыщызэхикIухьауэ щыта зэман хьэлъэм и гугъу ищIыжыну. КъимыдэкIэ, абы игу къэкIыжащ шы заводым щишэм щыгъуэ КъантIасэ къыжриIауэ щытахэр: «УнафэщIхэм ягу узэрырихьыным хущIэкъу, тIасэ. Абыхэм уапэрымыуэ, уемыдауэ, жыIэщIэу щыт. Армыхъумэ, укъыхыфIадзэжынщи ер уи унэм ихьащ, екIуэлIапIэншэ дыдэу укъэнэнщи уунэхъужащ». Абыхэм здегупсысыжым, Нартшу игу къокI: «Си Iуэху зыIут псори комиссарым жесIэнщи, абы сабий екIуэлIапIэншэхэр щапI унэм сигъэкIуэнщ».

КъокIукI-нокIукIри щытщ Къуэшрокъуэр – и лъэм зеригъэукъуэдийуэ аращ. ИтIанэ Iуэхум щымыщ хуэдэу къыхедзэ:

– Нартшу, мы псалъэжь губзыгъэр зэхэпха уэ: «ХьэщIапIэ укIуэным и пэкIэ ушхэн зэрыхуейр зыщумыгъэгъупщэ. Сыту жыпIэмэ, уздэкIуэм уагъэшхэнрэ уамыгъэшхэнрэ пщIэркъым. Уагъашхэу щытрэ – дэгъуэщ, тIэу ушхэныр нэхъыфIщ, зэи

умышхэ нэхърэ».

– Зэхэсхакъым апхуэдэу жаIэу, – зыкъеумысыж щIалэ цIыкIум.

– Зэхэпхамэ, нэхъыфIат. Ауэ, зэхыумыхами, ди гъуэмылэр къащтэ. Си пхъуантэ цIыкIум дэлъщ дызэдзэкъэн: щIакхъуэ, кхъуей, хьэлывэ, кхъужь, мыIэрысэ. ТIэкIу дедзакъэрэ ди гъуэгу дытеувэжмэ нэхъ ди сэбэпщи, еуэ, щIалэфI...

Директорым Iуегъэзыкiри кхъужьей щIагъымкIэ щIохьэ, жыгыр мэз кхъужьым къекъутэ. Дотий жыгыр зэпеплъыхь, Нартшу гъуэмылэр къегъэхьэзыр, пхъуантэ цIыкIум и щхьэр Iэнэ ищIауэ абы трелъхьэ ерыскъыр. Комиссарым дэшхэну мэукIытэри, щIалэ цIыкIум япэщIыкIэ зихъунщIэу щIедзэ. Хамэ цIыху, комиссар дэшхэн дэнэ къэна, ар и адэ къэзылъхуа дыдэм зы Iэнэ дэтIысакъым игъащIэм. АрщхьэкIэ, Дотий къыщыхигъэзыхьыпэм, сыт ищIэнт, хоIэбэ ерыскъым. Шхэуэ здэщысхэм абы комиссарым хуеIуатэ и Iуэху къызэрекIуэкIа псори.

## 2. ЩIЭПХЪУЭЖЫНЫГЪЭ

Нартшу къиIуатэр хъыбар гуауэ к Iыхьт.

И адэ Батыр жьэн уз къефыкIыу куэдрэ сымэджащ. Ауэрэ лъэрымыхь дыдэ хъури иужьрей зэманым мылэжьэжыфыххи хъуащ.

Прунж зыгъэкI корей гуэрым къыжреIэ жьэн узымкIэ хьэщэр хущхъуэ хъууэ. ЯпэщIыкIэ, дауи, сымаджэр абы тегушхуэркъым. Батыр ищIэртэкъэ адыгэхэм: «Хьэлым хуэдэу гущыкIыгъуэщ», зэрыжаIэр. Ауэ узыр узщ. Абы уимыгъэщIэн щыIэ? Хэт сыт жиIэми, Батыр хьэщэр ишхыу хуожьэ. ЯпэщIыкIэ абы хьэзабу телъам ущIэмыупщIэ. Ауэ иужькIэ йосэжри... Абы и къуэм хьэпшыр къригъэлъыхъуэурэ, ар ин хъуху игъашхэу щIедзэ. Пэж дыдэуи, куэд мыщIэу сымаджэр тIэкIу нэхъыфI къохъу. Япэм щыгъуэ чырбыш гъэплъар къегъэтIылъэкIауэ пIэм хэлъу щытамэ, иджы абыи хэтыжкъым. ЛъэкIэ къызэфIоувэжри жэщ плъыру ягъэлэжьэну мэлъаIуэ. Iуэхум хьэуэ къыхагъэкIыркъым. Бжэгъу къыIэщIалъхьэри: «Гъавэ щIапIэр кхъуэм щыхъумэ, нэгъуэщI къытхуэпщIэну дыхуейкъым», – къыжраIэ.

Батыр и къалэныр дэгъуэу игъэзащIэурэ зыкъомыфI кIуащ. Кхъуэ дэнэ къэна, бзу къыхимыгъэхьэ жыхуаIэу, нартыхур ихъумэрт. Ауэ щIыIэ къеуэкIри аргуэру п Iэм хэгъуэлъхьэжащ.

Нартшу зыкIи къемыхьэлъэкIыу къуажэхэр къызэхикIухьырт, хьэпшыр зиIэхэм къаIихыурэ къызэхуихьэсырт. Сымаджэми хьэщэр зрихьэлIэрт. Ауэ къуажэ щ Iалэ цIыкIухэр Нартшу бий къыхуохъу, хьэ зэтеук Iэныр щимыгъэтмэ, езыр

яукIыну къыжраIэ. Нартшу ищIэнур ищIэркъыми, шэми шхуми ес, щIалэ цIыкIухэм яхуотхьэусыхэ, захуегъэтхьэмыщкIафэ, хьэщэ ямыIэныр Iэмалыншагъэу зэрыщытыр, арыншамэ жьэн узым ихь и адэр лIэнкIэ зэрыхъунур яжреIэ... Нэмыцэхэр Кавказым къыщысам, Батыр зэзым хуэдэу гъуэжьыбзэ хъуат. Ар нэхъри хьэлъэ дыдэ зыщIар пIэм здыхэлъым зэхих хъыбар гуауэхэрат. Радиоми хъыбар щIагъуэ къихьыртэкъым. «Нэмыцэ фашистхэм мыпхуэдэ къалэр яубыдащ...» псалъэхэр удын тIуащIэу къытехуэрти сымаджэм и узыр хьэлъэ дыдэ ищIырт, Шу дивизэм я гъусэу дэкIыну мурад ищIа щхьэкIэ, узыншагъэ уимыIэу дэнэ укIуэнт? Ауи зрагъэпсэлъэххакъым. Куэд мыщIэу бийр абыхэ я къуажэм къэблэгъащ. Бомбэ къауэхэм, кхъухьлъатэхэм я макъ къэIухэм радиом и псэлъэнри дыпичащ. ЦIыхур щхьэлажьэ мэхъури сымаджэр щIэупщIакIуэншэу къонэ.

Зи псэр IукIарэ зи фэр шэхум хуэдэу пыкIа Нартшу махуэ гуэрым къыщIолъэдэжри:

– Атэ, нэмыцэ танкхэр къэсащ! Жорыжьхэр ятету! – жеIэ гъыным хуэдэу.

Батыр къэтэджу щхьэгъубжэм дэплъыну хуожьэ. АрщхьэкIэ зи Iэхэр кIэзыз, зи лъэр къыщIэмыувэ лIыр къызэфIэтIысхьэфыххэркъым. Нартшу адэм доIэпыкъури къегъэтэдж. Уэрамым машинэ зыбжанэ ирикIуэрт. ЩIыр хъейрт, абы щхьэгъубжэхэри дэзджызджырт.

– Арати, бийм и лъэгущ!этын дыхъуащ! – жеIэри Батыр гъуэлъыпIэм йоуфэракIэ. Псчэр къыщохьэри IуроуфIыцIыкI.

Зэманыр хьэлъэу макIуэ. Зауэр бгыщхьэм «ищтыхьри» и пIэм иувыIыхьащ, адэкIи-мыдэкIи мыкIуэу. ЩIалэ цIыкIухэм гуп-гупурэ къуажэр щIащыкIырт, фашистхэм я топхэр, яшхэр здэщытыр зэрагъэлъагъуэрт.

Гужьеигъуэр телъу къыдохьэж зэгуэрым Нартшу: полицайхэм къуажэм унэу дэтыр къыщIащыкIырт – хамут къалъыхъуэрт. КъызэрыщIэкIымкIэ, фашистхэм яшхэр топхэм я гъусэу колхоз фермэу щытам щаIыгът. Адрей къуажэ гъунэгъум иджыри дыдейхэр дэст, зэм дыдейхэр нэмыцэхэм къатеуэрт, зэми фашистхэр ди зауэлIхэм ятеуэрт. Бжьыхьэ щIыIэр къызэрысу нэмыцэхэм къуажэ унагъуэхэр, щIыунэхэр псэупIэ ящI, я Iэщэмрэ яшхэмрэ Iэпэдэгъэлэлу фIэкIк Iэлъымыплъыж мэхъухэр. Абы хуеиххэ гуэрхэр щыIэу къыщIокIри, фашистхэм я Iэпслъэпсхэр зэхаупщIатэ. Iэпслъэпсыншэу къэна нэмыцэхэм къащыщIам гу лъамытэурэ зыкъом дэкIащ. Ар къыщащIэм, зым зыр игъэкъуэншэжу хуожьэхэри зэщохьэжхэр. Арати, Iэпслъэпс лъыхъуэу къуажэм хохьэхэр... ЯщIамкIэ зигу мызэгъа щIалэ цIыкIухэм иджыри нэгъуэщI Iуэху зэрахуэрт: нэмыцэхэм я топыпэхэм пшахъуэ иракIутэну ещакIуэхэрт, ауэ къайхъулIэртэкъым – топхэм хъумакIуэ быдэ хуащIат.

Нартшу жиIэхэм едэIуа нэужь, Батыр къыгурыIуащ и къуэр

фермэм «щылэжьахэм» язэрыхэтар. Зэадэзэкъуэр щызэпсалъэ пэшыр тIэкIу нэхъ нэхуу щытамэ, Нартшу гу лъитэнт и адэр и пащIэкIэ къызэрыщIэгуфIыкIым. И Iэ кIэзызыр пIэм къыщIихри Батыр и къуэм и Iэр иубыдащ, гуапэу икъузащ. ЩIалэ цIыкIум дежкIэ гурыIуэгъуэт абы къикIыр...

Полицайхэр хъийм икIауэ лъыхъуэрт бзаджащIэхэм. Абыхэм я псэр щIыIукIыпар «Iэпслъэпс зэхэупщIэтахэр зи IэщIагъэхэр партизанхэм япыщIауэ къыщIэкIмэ» жаIэу арат. Псом хуэмыдэу хьэ щэхурыпхъуэу къэзыхущыхьыр ди дзэм къыхэ-кIуэсыкIыжу нэмыцэхэм яхыхьа Шэрыгъум и гупырт. Фашист-хэр къэсыным и пэкIэ Шэрыгъум куэдрэ зриIуэнтIыхьащ зауэм яхуэмыкIуэу. КъызыкъуэгушхукIыр и щыкъухэм ящыщ гуэрым къулыкъуфI иIыгъти арат. Ауэ, дауэ хъуми, ягъэкIуащ зауэм. ЯгъэкIуа щхьэкIэ, куэдрэ зэуакъым. Нэмыцэ фащэ щыгъыу псынщIэ дыдэу къуажэм къигъэзэжащ. Асыхьэтуи полицайхэм яхыхьащ. Иджы япэм илъагъу мыхъуу щытахэми иужькIэ бий ищIахэми мыхьыр яригъэхьырт.

Мис, ноби Шэрыгъум и пэбзийм мафIэр кърех. Ар я унафэщIщ полицайхэмрэ нэмыцэ сэлэтхэмрэ я отрядым. Псоми ягъэщIагъуэрт ар нэмыцэхэм язэрыгурыIуэ щIыкIэр. Нэмыцэбзэр яшхмэ ищIэркъым. ИщIэр «хаиль», «шнелль», «шлехт», «нах линкс», «нах рехтс», «геен», «зитцен», «штеен» псалъэ зыбгъупщIырщ. Ауэ а тIэкIур апхуэдизу IэкIуэлъакIуэу къегъэсэбэпри, езыр нэмыцэ щылъхуу, нэмыцэбзэри уэрсэру ищIэу фIэкI къыпщыхъункъым.

ЛъыхъуакIуэхэм Батырхэ я унэм зыблрагъэхащ, факъырэм факъырэ Iус къыIахыркъым, жыхуаIэу. Пэж дыдэу, апхуэдэу щIыжыпIэн щхьэусыгъуэр нэрылъагъут: унэр лъэныкъуабэщ, щIэгъэкъуэныр мыхъуамэ, ар зэрыуфэрэкIрэ куэд щIат. Я джэдэщым телъ хьэуазэ бгъэныр фыжри пабжьэ къытекIэжащ. Ауэ Iэпслъэпс лъыхъуэхэм яхэтт революцэм и пэкIэ Батыр мыдрисэм дыщIэса гуэр. Абы щыгъуэ Батыр егъэлеяуэ гурыхуэу щытат. КъурIэным тIэу-щэ нэхъ къемыджэу, сурэ псо гукIэ зригъэщIэфырт. Мыдрисэр къауха нэужь, Хьэмац молэ хъуащ, Батыр и насып къикIакъым – я жэмыжь закъуэмкIэ къур Iэн къихъуэжауэ щыта пэтми, молагъэр къылъысатэкъым.

Хьэмац шэч къытрихьэртэкъым зи жинтыр дыщэпскIэ тха а къурIэныр Батыр ноби зэрихъумэм. Езы Хьэмац и хьэрып тхылъхэр, кулакхэм я гъуэгур диным и лэжьакIуэхэми щрагъэхуу щыта щэщI гъэхэм щыгъуэ, игъэсыжакIэт. Иджы, абы щыгъуэ къихьа гуэныхьыр ипшыныжыну мурад ищIат, духьэшыхэм захибжэрт. Захибжэ къудейм къыщцымынэу, зигъэмолэшхуэт.

Къуажэм мэджыт дэтыжтэкъым. ЛIыжьхэм къаIехри Хьэ-

мац ахъшэ зэхуехьэс. ЩIыхьэху ещIри чы-бжэгъу мэжджыт ирегъэщI, ар ятIэ зэрырегъэхьэж. Азэн джапI эу къагъэсэбэпыну мурад ещIбжэIупэм Iут кхъужьеижьыр, абы пкIэлъей ираупсей. АбыкIэ кхъужьейм дэпщейурэ азэн къеджэнури езы Хьэмацщ. Пэжщ, Хьэмац иджыпсту нэхъыбэу зи I уэху зэрихуэр диныркъым, атIэ нэмыцэхэм яхуэлэжьэнырщ. ГуIэгъуэ хъуами, гуфIэгъуэ гуэркIэ зэхыхьэхэми, Хьэмац и молагъэм къикIыр зы къафэт: дуней псом тепщэныгъэр щызыубыд нэмыцэхэм яхуэлIыщIэн...

Тхьэм и пащхьэм къикIа къудейуэ зызылъытэж молэм тхьэм зэрыхуэлэжьэн къурIэн имыIэу къыщIэкIат. Ар емыкIу бзаджэт. А I уэхур гъэзэкI уэжыни хуейт. Арат иджыпсту Хьэмац игу къыщIэкIыжар зэгуэрым Батыр и жэмыжь закъуэр зыщIитауэ щыта къурIэныр.

Арати, мастэнэм къызэрыпачауэ щI эрыпсщ, жыхуаIэу къэунэхуа молэм Дэдэхъухэ я куэбжэм хуеунэтI.

– Уэра ар? – пIэм хэлъ Батыр къогуо, хьэдагъэ кIуа и щхьэгъусэм къигъэзэжа и гугъа къыщIэк Iынщ. Ауэ зыщI эупщIам и жэуапу цIыхухъу макъ къызэхех:

– Дауэ ущыт, Батыр?

– Сыщыт мыгъуэмэ, нэгъуэщI щыIэт? Сыщылъщ. Хэт ар? А-а, уэра ар, Хьэмац? Хьэдрыхэ напэлъагъу укъэкIуа хуэдэ, дэнэ укъиукI? Шэнт къащти тIыс. Мащэм илъ хьэдэ хъурейуэ си закъуэпцIийуэ сыщIэлъ мыгъуэщ. ПсомкIи си унэбжэр зэхуэщIа хуэдэщи, псоми сащыгъупщэжа мыгъуэщ. Си узым ицIэлэнкIэ шынэхэу къыщIэкIынщ. Уэ укъысщымэхъэшакъыми, тхьэр арэзы къыпхухъу. Дызэрыздеджар пщыгъупщакъыми, тхьэм уигъэпсэу...

Хьэмац шэнт щхьэгуэм тесщи зеплъыхь, къыжраIэр и тхьэкIумэм ихьэркъым – къурIэныр къысI эщI элъэгъуэну пI эрэ, жыхуи Iэу унэр нэкIэ къещ.

– Апхуэдэхэр пщыгъупщэж хъунукъым, Батыр. Тхьэм и пащхьэ къикIа фIыщIагъэр зэгъусэу дджащ. Ди псэхэр мыдрисэм зэрипхащи, абы зэфIэкIуэдыпIэ иIэжкъым, – а псалъэхэр щыжиIэм Хьэмац и нэр хуозэ тепIэнщIэлъыныр зытелъу плIанэпэм дэт пхъуантэшхуэм. «КъурIэныр а пхъуантэм зэрыдэлъым шэч хэлъкъым. Ауэ пхъуантащхьэм телъ мо бацэжь уэншэкухэмрэ шхыIэнхэмрэ дэнэ пхьын? ТепIэнщIэлъын фI ейуэ яIэу хъуамкIэ щIават пхъуантэр. Дауэ иджы абы узэрыдэIэбэнур? – Хьэмац и псэм гузэвгъуэ щIыIэр телъщ. – Езы Батыр къыдихыу къызитыну пIэрэ? Къуитыпэни! ПщI энукъым ар. «КъурIэныр мо пхъуантэм дэлъщи къыдэх, Хьэмац. Сэ къэзгъэщI эжын щыIэжкъым, тхьэм и пащхьэм сихьэжынущ мыгувэу. Ауэ щыхъукIэ...» – жиIэрэ къурI эныр къызитамэ, лIэмэ, езым и къурIэн дыдэмк Iэ ясин сурэм сыхуеджэнт», – йогупсыс Хьэмац. Ауэ сымаджэм и жьэ зэщIихыркъым, хьэлъэу мэбауэри щылъщ.

Хьэмац и жыпым нэмэз щыгъэ кърихауэ, щыгъэ цIыкIухэр и Iэпэм щIегъэж. Ари иджы дыдэщ къыщищэхуар. Къызэри-гъэсэбэпышхуи щыIэкъым. Щизакъуэм деж иIыгъми-имыIыгъ-ми ищIэжыркъым. Ауэ мис мыпхуэдэу цIыхум щахыхьам деж кърехри и «муслъымэныгъэр» къегъэлъагъуэ, а ипэрей Хьэма-цыр, Советскэ властым и Хьэмацыр, щыIэжккъым, сызэрымолэр фи фIэщ ирихъуну мы нэмэз щыгъэ къудейр ирикъуни, жыхуи-Iэу батэр егъэш. Нэмэз щыгъэ бгъэжэныр Iуэхуншэ Iуэхуу ара-къым. Дэтхэнэ зы щыгъэми (абыхэм я бжыгъэр хыщI хъу хабзэщ) тхьэм хуэгъэза щытхъу гуэр къокI. Ауэ Хьэмац а Iуэхуми хищIыкI щыIэкъым, щыгъэр зэригъажэу, и Iупэр игъэпIэжьажьэу щысу аращ. Ауэрэ здэщысым, абы и нэр хуозэ сымаджэм и шхыIэн щIагъым къыщIэща чырбышым. Чырбы-шыр моуэ иджыпсту къехуэхыу унэ лъэгум къытехуэн къудейщ. АрщхьэкIэ, Хьэмаци зыкъигъэхъейркъым, и куэщIым иупсея башымкIэ мэIэбэри чырбышыр шхыIэн щIагъым щIегъэ-кIуэтэж.

– УпщIыIужа мыгъуэщ чырбышри. Зыгъэплъыжын унэм щIэскъым, – Батыр пIэм къыхотхьэусыхыкI.

– Хэт иджы хьэщIап Iэ къэзыкIухьыр? Псоми езым я хьэщIэ яIэжщ, – къыхеIу Хьэмац. – Сэлэтхэр къатесщ. ГъэхьэщIэф закъуэ. УмыгъэхьэщIэнуи хуежьи еплъыт. Уи щхьэпхэт Iыгур уагъэлъагъужынщ. Шэрыгъур, и цIэр емызэгъыжу, хьэми кхъуэ-ми ироуэ.

– Ер зигу илъым и лъэр жыжьэ нэсыркъым, жи... Уэр-щэ? Уэ дауэ ущыт? Партизанхэм уахэтар пэж хьэмэрэ ди щ Iалэжь цIыкIум сыкъигъэпцIа? Сэри си лъэм сызэрихьэ мыгъуэу щыта-мэ...

– Сыти ди партизан дэ? Ди партизани кIуэда дэ? Уэрэ сэрэ дыдухьэшыщ. Дэ алыхьу тэхьэлам къытхуигъэфэщар Iэщэ-къым – и фIыщIагъэрщ. ЦIыхум я псэр улъиящ, ар тлъэщIыжу дгъэцIуужын хуейуэ тхьэм ди пщэ къыдилъхьаци... Сэ, мис, плъагъуркъэ, молэ сыхъуащ. Апхуэдэу сымыщIамэ, алыхьу тэхьэлар мывэ хъурейкIэ къеуэхынти сызэджа фIыщIагъэр къысIэщ Iигъэхунти.

Батыр къыгурыIуэркъым Хьэмац и псалъэхэр: къуажэ пот-ребсоюзым и председателу щытар къыдэгушыIэрэ хьэмэрэ и фIэщыпэ? Хьэуэ, гушыIэ хуэдэкъым. Апхуэдэ гушыIэкIэ делэ щыIэ? Сымаджэм зыкъегъазэ, и хьэщIэм и нэгум хуиту иплъэну.

– Псэхэр улъияр пэжщ, – жеIэ Батыр и хьэщIэм зыдищI щIыкIэу, ауэ абы зи гугъу ищIыр езы Хьэмацщ, къызэрыщIэ-кIымкIэ, алъандэм тхьэр игъэпцIу, пщIы иупсу щытауэ аращ, зигъэактивистышхуэу, мэжджытхэр зыкъутэжхэм жыджэру яхэту, «диныр зи фIэщ хъухэр гъэтIысын, дунейм техужын хуейщ» жиIэрэ уафэм сабэр дрипхъейуэ щыщытар дыгъуасэ

хуэдэкъэ? Дыгъуасэ хуэдэкъэ колхоз бригадиру лажьэу мэжджытым щIэлъадэу мэрем махуэм жумэщI къэкIуа лIыжьхэм я нэмэзлыкъхэр къащIичурэ езы дадэхэр хадапщIэм щыдихуауэ щытар? Иджы, мис, абы псэ улъияхэр илъэщIыжынущ. «Уэ езым уи псэр къабзэу щыщытар дапщэщу пIэрэ: Советскэ властым ущыдэлэжьам щыгъуэ хьэмэрэ фашистхэр къэса нэужь?» – жиIэу и хьэщIэм еупщIыну и бзэгупэм къэсат Батыр. Ауэ сымаджэм жиIар нэгъуэщIщ:

– Мэжджыт диIэкъыми аращ нэхъыкIэр.

– Щхьэ димыIэу, Батыр? ДощI. Пэжщ, мызэкIэ чы-бжэгъум къыхэщIыкIауэ. Тхьэм жиIэмэ, мывэ унэшхуи тщIынкъэ? Азэн джапIэ лъагэри иIэжу. ВластыщIэм апхуэдэ хуитыныгъи къыдет. Ауэ Iуэхушхуэр дин хуэIухуэщIэм ехьэлIауэ зыри зэрыдимыIэжырщ. КъурIэн къудей тIэщIэлъыжкъым. Хьэдэгъуэдахэкъэ ар? – Хьэмац и псалъэр зэпегъэу. АбыкIэ зыхуейр гурыIуэгъуэщ: «Щхьэ димыIэжу къурIэн? Сэ сиIэщ, ухуеймэ, узот», – жригъэIэну аращ. АрщхьэкIэ сымаджэм зы псалъи къыжьэдэкIыркъым. Щымыхъум, фIэмыIуэху-фIэмыIуэху хуэдэу, хьэщIэм кърегъажьэ:

– Тхьэм и пащхьэ къикIа фIыцIагъэр дэнэ щыдгъуэтыну пIэрэ, Батыр? ЗиIэ умыщIэу пIэрэ уэ?

Батыр гупсысэ тIуащIэм еукI. Естын къурIэныр? Ноби пщэдеи – къысхуэнэжа щыIэжкъым. Хьэдрыхэ здэсхьыну къурIэныр? Си пIэщхьагъым щIэзгъэлъ нэхърэ къыщIэсхрэ мыбы естмэ нэхъыфI? ИтIани йогупсысыжри: «А шы пшэр уанэу еутэкIым тхьэм и пащхьэм къикIа фIыцIагъэр дауэ ептын?» – жи.

– Нобэ къурIэн къыщыплъыхъуэнур пщIэркъэ? СэлэфкIи кIуэи мис абы къыщыбгъуэтынкIэ мэхъу. Молэхэм я къурIэнхэри здахьауэ щытащ. Мэжджытхэр къыщызэIуфхыжкIэ дяпэкIэ сабийхэри къурIэн евгъаджэу щIэвдзэжыну хъунщ. Ауэ щыхъукIэ, къурIэни фыхуеижынущ, – жеIэ Батыр. Абы къыгурыIуащ и хьэщIэм игу фIы зэримылъыр.

...Махуэ псом лIы сымаджэр и закъуэ унэ нэщIым щIэлъащ. Нартшуи, и шыпхъу цIыкIуми, и анэми къыщагъэзэжар пщыхьэщхьэхуэкIуэ хъуауэщ.

Сымаджэм деж къыщIэкIыжауэ здэкIуэжым, молэр Шэрыгъум хуозэ. Хьэмац нэмыщэ блыгущIэтым йолъэIу Дэдэхъухэ сэлэт игъакIуэу я унэр кърригъэщыну – къурIэныр кърригъэгъуэтыну. «Ар къысIэрыбгъэхьэмэ, – къегъэгугъэ абы полицай Iэтащхьэр, – аркъэ литррэ абы хуэфэщэн шыгъупIастэрэ уи Iэрылъхьэщ», – жиIэу. Модрейм аркъэ литр щхьэкIэ хьэр псафэ пхуишэну хьэзырти, и сэлэт гуэрым унафэ хуещI: «Унэр цырыцу зэIуупщIыкIами, къурIэныр къэгъуэт», – жеIэри.

Батыр къоштэ, фоч лъэдакъэкIэ бжэр Iуиударэ фоч гъэпкIар иIыгъыу сэлэтыр къыщыщIыхьэм. Ар занщIэу къоуэн фIэкI

пщIэнтэкъым. Унэ кIуэцIыр псыIэт, хьэуар дэгут, хьэлъэт, узым и мэр гуащIэу къыпIурыуэрт. Сымаджэм и пIэщхьагъым хуэзэу унэ лъэгум щытт кхъуэщын фалъэ, абы илът лъы пцIар зыхэлъ Iунс бзаджэ зэхэпцIыхьар. А псор щилъагъум, нэмыцэ сэлэтым и къэжьын къэкIуауэ ищIыбкIэ йокIуэтыж. Арщхьэк Iэ абыи плIанэпэм делъагъуэ нетIэ Хьэмац нэкIэ ишха пхъуантэшхуэр. Сэлэтым и нэр пхъуантэм тенауэ щытщ. Сымаджэм ахъи-быхъи иIэкъым. Фочыр блыным иреупсейри сэлэтым пхъуантащхьэм телъхэр кърегъэуфэрэкIэх. ИтIанэ пхъуантащхьэр къытриудауэ, и щхьэр дэлъ нэхъей, пхъуантэр зэIепщIыкI. Адыгэ фащэм щыщ цIыхубз щIыIу-бгырыпх къыдихри нэхум хуишияуэ зэпе-плъыхь. Ар лъэныкъуэкIэ егъэт Iылъри и щхьэр аргуэру пхъуан-тэм деIуж.

Батыр и лъыр къэплъащи зэщIэкIэзызэу хэлъщ. «ПщIэфынур къэгъэлъагъуэ жиIэу алыхьым гъэунэхуакIуэу къысхуигъэкIуами сщIэркъыми мо бзаджэнаджэр», жи игукIэ. «Моуэ зы напIэдэхьеигъуэкIэ нэхъ мыхъуми, уанэгум уису зыкъызыфIэгъэщIыжыт, хуэмыху. ХъумпIэцIэджым и кIуэдыжыгъуэм дамэ къытокIэ, жи. Уэри моуэ, лIэнми лIыгъэ хэлъщ жи, лIыгъэ гуэр зыхэлъхьэт, хамэ унэм къихьауэ зызыхущыхь хьэщхьэрыIуэр плъагъуркъэ, лIэун?» – макъ щэху гуэр къоIущащэ Батыр.

ЗэрызэщIэкIэзызэу къызэфIотIысхьэ лIыр. Мо къарууншэм зэрызигъэхъеям, уеблэмэ гъуэлъыпIэ къудейри дэкIыргъакъым. Абы и Iэпкълъэпкъыр жьым зэрихьэ хуэдэт. И бгъуэщIым щIэлъа чырбыш гъэплъахэм щыщ зы иIыгъыу Батыр зричащ. Джэду кIуэкIэщи, Iэуи-лъауи иригъэщIыркъым. Ерагъыу и лъэр зэщIихыу япэкIэ макIуатэ. Лъэбакъуэ къэс зы псэ уасэ пэлъытэщ. Ар бакъуэуи пщIэххэнкъым – жьым щесу лъэтауэ кIуэ нэхъейщ. Блыным еупсея фочыр къасщтэмэ нэхъыфI? Унащхьэр лъахъшэщ – хуиту зыпшэщIу уеуэфынукъым. Иджыри хуабагъэ мащIэ зыщIэлъыж чырбышыр IэпхъуамбипщIымкIи быдэу екъуз, зэ фIыуэ мэбауэри зэрылъэкIкIэ фашистым и щхьэм йоуэ. Модрейр ищIыбкIэ къощIэ. Ауэ Батыр абы йоIунщIри ипэкIэ ирегъэщIыж, къэнжал зытебза пхъуантэшхуэм и щхьэ хьэлъэр къредзыхри фашистым и щхьэм къытредзэ. И щкъыщкъ макъыр зэхэпхыу бийм и пщэгурыгъыр зэхощIыщIэ. Абдеж езы сымаджэми и лъэр щIощIэ. Мэджалэри укъуэдияуэ унэ лъэгум йохуэ. Псчэр къыщыхьауэ унэ лъэгу щIыIэм илъщ. «СылIэми, си уэредадэщ иджы. Шыкурыр алыхьым ейщ. ДжэдылIэм здихьа бабыщу, зы фашисти си ужьыр нехури... Си щIалэ цIыкIур слъагъужрэ си псэр хэкIамэ...»

Ауэ а махуэ нэщхъеягъуэм Нартшу жыжьэ щыIэт. И адэм щхьэкIэ хьэ къилъыхъуэу хамэ къуажэ къыщикIухьырт. Хьэр унэ тхьэкIумэщ, жи. АтIэми, а лъэхъэнэм унэхэр тхьэкIумэ

тIуащIэ хуейт, куэбжэм къыIухьамэ, и уэзджынэр хьэрат, а уэзджынэ макъыр зэхэпхамэ – умыбэлэрыгъ. К IэщIу жыпIэмэ, хьэр лъапIэ хъуат. Ауэ, дауэ хъуми, Нартшу ирохьэл Iэ зы фыз угъурлы гуэр. КъантIасэт абы и цIэр. ЩIыхубзым и щхьэгъусэри и къуэри куэд щIауэ зауэм Iутт. Илъэсибгъу зи ныбжьыну ипхъу закъуэм бгъэдэсу арат. Фызыр къулейсыз бзаджэт. ПщIантIэм къыдэнэжа псэущхьэ закъуэр зауэм хэк Iуэда и щхьэгъусэм сэдэкъэуэ хуиукIыжат. Иджы бзу худрапхъей и унагъуэ илътэкъым.

Нартшу къызытекIухьар къыщыгурыIуэм, КъантIасэ я хьэр къреджэ:

– Цуркэ! Цуркэ!

Ерагъыу зыкъеIэтри хьэ мэжэщIалIэр унэм къыхуокIуэ. Тхьэмыщк Iэм и гугъауэ къыщIэкIынщ зы мырамысэ Iыхьэ къыхуадзыну.

Мыбдеж зыри зыпэмыплъа Iуэху къохъу: Къант Iасэ ипхъу Лела гъуэгыу зыкърет Iэ: си хьэр зыми естынукъым, жи. Хъыджэбз цIыкIум Цуркэ IитIымкIи зрикъузылIащ, яхуиутIыпщыркъым.

– Фэстынукъым! Си хьэщ ар! – зэщоджэ сабийр, щIалэ мыцIыхужь цIык Iур нэкIэ ешх.

КъантI асэ ищIэнур ищIэркъым. Еуэу имыукIмэ, и пхъум зытригъэхьэркъым. Лела хьэ цIыкIур зыщIигъури дэжри ежьэжащ. Фызым игу щIогъу гузэвэгъуэм кърихужьэу хамэ къуажэ жыжьэм къикIа щIалэ цIык Iум. Ауэ сыт хуищIэнур? Теурэзым имыхьын хъыджэбз угъурсызыжь цIыкIум зыхигъэзагъэркъым. ЩIалэ цIыкIур егъэтIысри ишхыни ирет. АпщIондэхукIэ къагъэзэжынкъэ пщIантIэм дэжахэм, жиIэу мэгугъэ КъантIасэ.

– Хьэщэр хущхъуэу сщIэркъым, ауэ хьэ дзэкъапIэм а къодзэкъа хьэ дыдэм иц тебгъасхьэмэ, сапсауэ зэригъэхъужыр си щхьэкIэ згъэунэхуауэ щытащ, – жеIэ КъантIасэ, и сабиигъуэр игу къигъэкIыжауэ.

– Корейхэм хьэл яшх, – жеIэ Нартшу, абык Iэ и адэм къыщхьэщыж щIыкIэу. Абы сыткIэ ищIэнт Лела къакIэщIэдэIухьу. Хъыджэбз цIыкIум и щхьэфэцым зыкъеIэт – хьэл зыш цIыху дауэ зэрыщыIэр? Ар щыгъуазэтэкъэ адыгэхэм хьэлыр хьэрэму къызэралъытэм! Зи тхьэкIумэр тегъэхуауэ мо тIум як IэщIэдэIухь хъыджэбз цIыкIум гу къылъамытэурэ, Цуркэ щIэпхъуэжауэ унэмкIэ мажэ. КъантIасэ хьэмаскIэр къеубыдри Нартшу и кIарзинкIэм ирегъэпшахъуэ. «Жэ иджы, тIасэ», – жеIэри щIалэ цIыкIур щIегъэщIывэж. Нартшу къызэмыплъэкIыу мажэ. Ар гъыным хуэдэщ – хъыджэбз цIыкIум и жагъуэ бзаджэ зэрищIар къыгуро Iуэж. Цуркэ щIэпхъуэжын лъэпкъ игу къэмыкIыу сабырыбзэу кIарзинкIэм исщ. Абы ещхьыркъабзэ хьэмаскIэ и Iат езы щIалэ цIыкIуми, гъэмахуит IкIэ зэк IэлъыкIуэу Къущхьэхъу дэкIауэ Iэщыхъуэхэм ядэIэпыкъуу щыщыIам. И адэр пIэхэнэ

дыдэ щыхъум, Нартшу и Къущхьэхъу кIуэнми кIэ игъуэташ – унагъуэр зезылъафэр щIалэ цIыкIурат. Мэзри, бэзэрри, щхьэлри, хадэри, жамым ишхынри – псори Нартшу и пщэм къыдэхуат. Къыщыдэхуэ сыхьэтыпэхэм губгъуэм дэжырти трактористхэм якIэрыхъыжьэрт – тракторым трагъэтIысхьэу тIэкIу кърыра-гъэхуэкIыну лъаIуэрт. Абы щыгъуэ Нартшу «механизаторкIэ» къеджэхэрт. Иджы щIалэ цIыкIухэр къызэреджэр «хьэлыщх» гуемы Iу псалъэрщ. Ауэ, сыт ищIэн, Нартшу ари зыхуегъэшэч. Мыдэ и адэр хъужрэ зэ къэтэджыжамэ, а щIалэжь цIыкIухэм «хьэлыщх» яригъэлъагъунт абы... Нартшу игу ирилъхьат механизатор хъуну. Тракторыр къыщрихуэкIыфкIэ, механиза-тор хьэзыркъэ?.. Абыхэм егупсысурэ здэжэм, Нартшу зэ къо-плъэкIыж. Лела зэрыгъынанэу иджыри куэбжэпэм деж щытт.

– Хьэлыщх! Хьэлыщх! – ари кIэлъоджэ щIалэ цIыкIум.

...Шэрыгъум и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым зи псэм еджэу телъ сымаджэм и унэм игъэкIуа нэмыцэм зы мыгъуагъэ гуэр къыщыщIыну. Игурэ и щхьэрэ зэтелъу йожьэ сэлэтым къурIэ-ныр иIыгъыу къыщыщIэкIыжыну дакъикъэм. Уеблэмэ къурIэ-ным и закъуэкъым ар зыпэплъэр – иджыри къэс къыщыгувакIэ, Iэджи къилъэфыну къыщ IэкIынщ хъунщ IакIуэм. Щымыхъу-жым, щIалэ гъак Iуи «кIэлъыкIуэж» жыхуиIэу, нэгъуэщI зы полицаи щIегъэхьэ Дэдэхъухэ я унэм.

– ЯукIащ! ЯукIащ!.. – яукIар хэтми къыбгурымыIуэну, уащхъуэм еджэу мэкIий зи псэр IукIа полицайр.

«ЯукIа» псалъэм игъэщта фашистхэр апхуэдизкIэ гужьеящи, занщIэу я фочхэр къагъапкIэ, мыдэ зыгуэр къатеуащ жыпIэнщ. Унэм зэрыщIэгуэхэмэ, унэ лъэгум илъ сымаджэм и гыз макъыр зэхах. Абы и фочыр триунэщIэну хэтат зы, ауэ нэгъуэщI зы къопсалъэ:

– УмыпIащIэ зэ! УхущIыхьэнщ.

Шэрыгъум гу лъетэ унэ лъэгум илъ чырбышым. Къищтэрэ еплъмэ, щхьэцыгъуэ кIэрылъщ.

Батыр, жьыр къыпиубыдыпащи, бауэкIэщI хъуауэ щылъщ. И псэр зэрыхэкIыр белджылыуэ, лIым и Iэпкълъэпкъ гъурыр ерагъыу мэхъей. Пшагъуэр къызытрихьа и нитIым ялъагъуж щыIэжкъым. Фашистхэм ящыщ гуэрым и фочыр къегъапкIэ аргуэру:

– Шэр умыгъэс абы щхьэкIэ,– къыжьэдоIукI Шэрыгъум. – Мэкъу, хьэуазэ къефлъэфалIэ мыдэ, – унафэ яхуещI щытхэм.

Сэлэтхэр унэм къызэрыщIох, джэдэщым зэрохьри цырыцу зэпкъратхъ. Джэдыжьит I лъэуейм тести, къэхъуар къагуры-мыIуэу, гужьеяуэ лъэныкъуэ зырызкIэ зэбгролъэт, ауэ жыжьэ намыгъэсу къаубыд. Шэрыгъури джэдэщымкIэ къокIуэ. Къы-фIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу джэдэщ блыным бжэгъуитI къыхетхъ. АбыкIэ унэм и бжэ-щхьэгъубжэр егъэбыдэ. Хьэуазэ

Iэмбатэм маф Iэ щIедзэ. Ар къызэщIэплъэху поплъэри, лыгъэр къызыхих хьэуазэ Iэмбатэр унащхьэм дредзей. Асыхьэту зыкъэзыIэта Iугъуэ фIыцIэм къыхэлъеикIхъуаскIэхэм мафIэсыр къафыхьу щIадзэ, а псоми къахэлъэта бзийм уафэм зыхуеший.

«Батыр и унэр маф Iэм ес!» – жаIэу жылэдэсым зэрыгъэкIийуэ щIадзэ. Жьыри щIэри, сабийри балигъри къызэхуожэс мафIэсыр ягъэункIыфIыну. Псоми япэ иту къожэ зи сабийр зи IэплIэм тес фызыр – ар Батыр и щхьэгъусэрщ. Къажэу гъуэгу здытетым, цIыхухэм къаIэрыхьэр къапхъуатэ: хэт пэгун, хэт бел, хэт гуахъуэ, хэти джыдэ... Зыгуэрми пкIэлъей къелъэф. Къызэрехьэжьа къомыр куэбжэм деж къыщызэтоувыIэ, фашистхэм ящыщ гуэрым и автоматым шэуэ илъыр хьэуам хиунащIэрт:

– ФыувыIэ! АдэкIэ зы лъэбакъуэ къэфчи феплъ! – шынагъуэу кIийрт ар. И нэм лъыр къытелъэдауэ щытщ Шэрыгъури. Абыи и автоматыр гъэпкIащи зэ зым, зэ адрейм ирегъапщэ. Япэ зыкъизычыр и псэм пыкIащ, жиIэ хуэдэщ и плъэкIэ шынагъуэм.

Ауэ шынагъуэри кIий макъри къызыфIэмыIуэху цIыхубзым, Батыр и щхьэгъусэм, зечэтхъэж:

– Зи узыр кIуэдынхэ, щхьэ фызэхэт? МафIэм ис мо унэм цIыхухъу сымаджэр щIэлъщ! Зи узри зи лажьэри...

МафIэсым зешхыхьыж, зеукIыж, адэкIэ зедз, мыдэкIэ зыкъедзыж. Унащхьэр къосыхри пкIэунэм къытохуэж, хъуаскIэхэм зызэбградз, Iугъуэ фIыцIэм зыкъредзых, сахуэ фIыцIэми уэсыр иреIэ. ЛIыжь-фызыжьхэр Шэрыгъум йолъэIу: «Алыхьым уигъэкIуэнкъым, мо цIыхубз тхьэмыщкIэм, мафIэм хисхьэ сымаджэм, сабийхэм гущIэгъу яхуэщI», – жаIэ. АрщхьэкIэ модрейм, алыхь иIэкъыми, къыжраIэр и тхьэкIумэ иригъэхьэркъым.

Iэминэ, и хъыджэбз цIыкIу сымаджэр хыфIедзэри, мафIэм ис унэмкIэ зреч. И анэр мафIэм хисхьэнкIэ зэрыхъунум игъэгужьея сабий пцIанэр уэсым хэту щIопхъуэ. Полицайхэм ящыщ гуэрым зэанэзэпхъур къигъэувыIэну хуежьат, ауэ:

– Я гугъу умыщI, ирекIуэхэ,– жи Шэрыгъум. Зэхэтхэм къащыхъуащ Шэрыгъум унагъуэ тхьэмыщкIэр фIэгуэныхь хъуурэ гущIэгъу яхуищIауэ, сымаджэр къыщIахыну хуит ищIауэ. АрщхьэкIэ модрей бзаджэнаджэм и щхьэр унэмкIэ ещI:

– ФыкIуэ, фыкIуэ. ФыщIыхьи мафIэм исыр зэвгъэдзэкI. НэхъыфIу жьэнщ,– жеIэ.

Iэминэ бжэр Iуеудри унэм щIолъадэ. Сабийри абы кIэлъыщIадзэ. Шэрыгъум езым и IэкIэ бжэр егъэбыдэж, абы бжэIулъэ иретыжри зиутхыпщIурэ къыIуегъэзыкIыж:

– Япэ зыкъизычыр мо жыхьэнмэм хисхьэнущ! – жиIэу мафIэм ис унэмкIэ йоплъэкI.

Нартшу и псалъэр зэпегъэури, зыхуэмыубыдыжу, куэдрэ зэщоджэ.

Хъыбар гуауэ зэдэIуар комиссарым и щхьэм дэуеящ. Абы гъуэгуанэ зытетри и лъакъуэ узри щыгъупщэжащ. Апхуэдэ

хъыбар гууз Нартшу къуэлъу Дотий и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым. Сабий щтэIэщтаблэ цIыкIур къыхуишэри Къант Iасэ къелъэIуат: «Зеиншэ ц IыкIущ. ГущIэгъу хуэщ I», – жиIэри... Иджы Къуэшрокъуэр хоплъэри щысщ: сыт хуэдэ псалъэ гуапэ къэбгупсысын хуейр апхуэдиз гуауэ зыгъэв сабийм игу ф Iы хуэпщIын папщIэ? Иджыпсту зэхиха псоми щыщу ар зыщыгъуазэр зыт: Шэрыгъур хуэфащэм зэрыхуэзэжар Къулым къыжриIат...

ГъуэгурыкIуэхэр райцентрым нэблэгъащ. Нартшу и пэр иджыри дрилъэфейрт.

– Еу-уей, си зеиншэ цIыкIу мыгъуэ, – Къуэшрокъуэм сабийр зрекъузылIэри и щхьэфэм Iэ делъэ. Нэхъри бгъагъынумэ, сабий къэгухам еубзэ, жыхуаIэращи, куэд лъандэрэ псалъэ IэфI зэхэзымыхыжа Нартшу нэхъри къодзыхэ. Ауэ зы псалъэ къыжьэдэкIыркъым. Райцентрым гъунэгъу дыдэ хуэхъуахэщ. ЗыкъэщI эжауэ зызэпылъэщIыхьыжын хуейщ. УгъырынэIуу зыгуэрым и пащхьэ уихьэну емыкIукъэ?

– ЛIыгъэ зыхэлъхьэ, шыщхьэхъумэ. Уэ лIышхуэ ухъуащ иджы. Мыпхуэдэу укъэзылъагъухэм сыт къытхужаIэн? Сэ си Iуэхур нэхъ щ Iагъуэ уи гугъэ? Ажалым ерагъыу сыкъелауэ...

– Уэр фIэкI псэ зы Iуту зыми жесIакъым ар, – Нартшу зызэпелъэщIыхьыж, вожэр къызэщIекъуэри гущхьэIыгъыфэ къызытрегъэуэж.

– Фи унэр мафIэм зэрисар сытым щыгъуэ къыщыпщIар? – хъыбар гуауэр иджыри зи щхьэм илъ Къуэшрокъуэр щIоупщIэ.

– Цуркэ схьыуэ сыздэкIуэжым, щIалэ цIыкIухэм къызжаIащ: «ПщI антIэм удыхьэжу Шэрыгъужьым зыкъыумыгъэлъагъу. Уэри мафIэм ухидзэнщи...» – жаIэри сагъэкIуэжыркъым. Жыгышхуэ гуэрым сыдопщейри ди унэмкIэ соплъэ. Маф Iэм ис унэм хъуаскIэр и нэм къыщIолъэлъ, зэщIэгъуагэу зэхэт цIыхухэми нэпсыр иракIут...

– ЩIалэфIхэу къыщIэкIащ уи ныбжьэгъухэр.

– Зыри сымыщIэу сыдыхьэжамэ, дауи, сэри мафIэсым сыхадзэну хъунт. Укъэсыжыным пэплъэу полицаижьыр щытащ, къызжаIэжат иужькIэ.

– Уи насып нэхъыбэ ухъу, насып уиIэти укъелащ.

– ЩIалэ цIыкIухэр мыхъуамэ... Абыхэм пщIантIэ защIэрэ хадэ кIуэцIкIэ къуажэм сыкъыдашри... ЯпэщIыкIэ мащэшхуэм зидгъапщкIуэри... Фызхэм унэ зэрызэрахьэн ятIэ кърахыу щытауэ, мащэшхуэ гуэр ди къуажэ щIыбым деж иIэщ. Япэхэм щыгъуэ абы диджэгухьу щыташ. Иджы абы сыщагъэпщкIури...

– СощIэ, апхуэдэ мащэхэр дэтхэнэ зы къуажэми яIэщ.

Езы Къуэшрокъуэри фIыуэ щыгъуазэт Нартшу зи гугъу ищI мащэр зищIысым. Колхозхэр щызэгуагъэхьэ илъэсхэм щыгъуэ Дотий ГПУ-м къулыкъу щищ Iэрт. Апхуэдэ мащэхэм зыщагъэпщкIуауэ кулак мащIэ пщэпкъкIэ кърилъэфыжатэкъым.

– А ди мащэм бажэгъуэм ещхьу зыгъэпщкIупIэ мащIэ иIэ-къым, – къопсалъэ Нартшу.

– Хьэр дауэ хъужа? – щIоупщIэ Дотий.

–Ди адэр щымыпсэужкIэ, хьэр сыту тщIыжынт? Сэ езыр шхын щхьэкIэ сылIэрт. Хьэм езгъэшхын дэнэ къисхынт? СутIыпщыжащ. Хьэхэмрэ джэдухэмрэ губзыгъэщ. Дэнэ щыIэми, я унэр тыншу къагъуэтыжыф. КIарзинк Iэм къислъэфыжа нэужь, зэрызутIыпщыжар, хуит зэрыхъужар и фIэщ мыхъуу тIэкIурэ щытащ Цуркэ. СыщIэфиещ абыми, ар зэуэ щIэпхъуати, хьэджафэри лъэщIыхьэнтэкъым. Си ныбжьэгъу цIыкIухэмрэ сэрэ сэлам зэтхыжри... Ахэр сытым хуэдэу щIалэфI уи гугъэт. Шынэкъэрабгъэу зы яхэттэкъым. Ахэрат си гъусар нэмыцэжь-хэм я Iэпслъэпсхэр щызэхэдупщIэтам. Абыхэм сэ жан къызатщ, кхъуей, чыржын къысхузэрагъэпэщри, срагъэжьат.

– Партизанхэм я дежт уздэкIуар?

– Арауэ щытамэ, нэгъуэщI щыIэт? Партизанхэр здэщыIэр хэт уи гугъэт сэ къызжезыIэнур? Цуркэ зыдэжа лъэныкъуэмкIэ сунэтIри псы адрыщIым сызэпрыкIащ.

– КъантIасэ деж къэбгъэзэжауэ арат?

– Арат-тIэ. НэгъуэщI сызэкIуэлIэн сиIэтэкъым. Сыкъыдимыхужмэ, си насыпщ, сыкъыдихужрэ – адэкIэ сыкIуэнщ, жысIэу арат си мурадар. Абы щыгъуэ Бахъсэн адрыщIым иджыри нэмыцэхэр нэсатэкъым.

– НтIэ дауэ хъуа? КъантIасэ укъыдимыхужу…

– Ауэ сытми сригъэблэгъа къудей? КъысщыщIар щыжесIэм, ар сыт хуэдизрэ гъа? – нэпсыр зи тэмакъым тез хъуа щIалэ цIыкIум и псалъэрзэпегъэу. ТIэкIу докIри и макъ итхъунщIыкIа цIыкIур къоIу.

– Лела «хьэлышхкIэ» къызэджэурэ сигъэбампIэрт. Iуэхур зы Iутар минрэ хуэсIуэта пэтми, къызэрыгубжьу: «хьэлышх», «хьэлышх», жиIэу щIидзэнт. СыздэкIуэнур сымыщIэу си щхьэр щIызигъэхьэрт. Езы тIум яшхын ямыгъуэту хьэзабыр ятелът, сэр гуэрыр абы сахыхьэжауэ садэгуашэрт. Арати...

Райисполкомым и унэ гупэм деж щыт Iуащхьэм цIыху гуп тетт. «Къыдожьэхэр», – йогупсыс Нартшу. Мис иджы лIыфэ дыдэ къызытегъэуэн хуейти, щIалэ цIыкIум зызэщIекъуэ, зыкIэлъоплъыж. Ауэ и нитIым щIэт нэщхъеягъуэр хуэгъэпщкIуркъым. Шыхэми, иджыри зэремышахэр къагъэлъэгъуэну пылъ нэхъей, ущу зрач, итIанэ лъэбакъуэ защIыж. Ауэ, сыт хуэдэфэ зытрагъэауэми, шитIыр зэрыувыIар нэрылъагъут: я ныбэр иуэжат, я дзажэналъэхэр зырызурэ убжыным хуэдэт, я пэ гъуанэм бахъэр къицыцыкIырт.

*ЕтIуанэ псалъащхьэ*

## 1. КОМИССАРЫМ И БУХЪАР ПЫIЭ

Къуэшрокъуэр къызэрыкIуам и хъыбарым районцентр псор зэрыщыту къызэщIиIэтащ. Апхуэдэ Iуэху къэхъуауэ мы районым икIи щалъэгъуатэкъым ик Iи щызэхахатэкъым – уполномоченнэу полкым и комиссар, – ар иджыпсту комиссаруи щремытыж, – къыпхуагъэкIуэн жыхуэпIэр дауэ къыпщыхъурэ? Япэхэм апхуэдэу къагъакIуэ хабзэу щытар парт, советскэ лэжьакIуэ къызэрыгуэкI хэрт. Обкомым и уполномоченнэу къагъэкIуам нэхъыбэу зи Iуэху зэрихуэри езым и отделым нэхъ къегъэщIылIауэ щыт IэнатIэрт. Пэжщ, районым и унафэщIхэм щыщ зыщIагъуурэ, ахэр зэзэмызэкIи губгъуэхэм щихьи къэхъурт. Ауэ район унафэщIхэр гугъущэ ирагъэхьыртэкъым: Iуэхум дэр нэхърэ нэхъ Iейуэ фыщыгъуазэкъым фэри. Чэнджэщэгъу губзыгъэ фыхуейми – ахэри фи гъунэжщ, жаIэрти, щIыпIэ унафэщIхэм зытрагъэундагъуэртэкъым. Ауэ мысыхьэткIэ районым къахуэкIуар апхуэдэ уполномоченнэхэм ящыщкъым, атIэ дыгъуасэ хуэдэт шу дивизэм и зауэлIу щыщытар. КъимыдэкIэ, езы «комиссар» псалъэ къудейр-щэ! Комиссар зэрыжыпIэу, уи нэгу къыщIохьэж революцэр щекIуэкIари Советскэ властым и япэ илъэсхэри. Нобэрей уполномоченнэр ауэ сытми къызэрыгуэкI уполномоченнэкъым – абы зыри щубзыщI, щыбгъэпщкIу хъунукъым. Сыкъыу узэфIэту, уставым утемыкIыу Iуэхур зыIутыр тэмэму хуэIуэтэн хуейщ абы.

Ауэ емынэ унэр сыт жыIэт. Чорэр зауэлI хьэл-щэным хуэхейщ, и фащэми фэ щIагъуэ теткъым. ХьэщIэр къызэрихьэхуну абы IэщIэлъыр зы куэзыр закъуэщ (ари туз щIэхуарауэ щытамэ, сыт хъунт!): районым щекIуэкI лэжьыгъэм епха Iуэхугъуэ псори бжыгъэхэри гукIэ ещIэ; унэцIэхэр жыпIэнущи – абыкIи къыщIыхэщтыкIын лъэпкъ щыIэкъым. ЗауэлI подразделенэм и командиру щымытами, – ари къехъулIэным зы тIэкIунитIэщ иIэжауэ щытар, – япэ ядза башыр зытехуэхэм ящыщкъым Чорэр. Пэжщ, райисполкомым и председателыр иджыпсту, доскам къыдаша щIалэ цIыкIум хуэдэу, мэгузавэ: зыгуэрк Iэ щымыуэну, зыгуэр къыщымыгъупщэну пIэрэ? Зэрыгурыхуэмрэ щIэныгъэ зэрыбгъэдэлъымрэ дахэ-дахэу къыхуэгъэлъэгъуамэ, арат...

Къызэралъхурэ гущхьэIыгъыу лэжьа нэхъей, Нартшу къыгуры Iуащ езыгъэблагъэхэм язэрыбгъэдыхьэн хуей щIыкIэр: шит Iым яхэуэри, мафIэ ужьыхыжам шэдыбжьыр щIэпщэу къигъэушыжа пфIэщIыну, къызэщIигъэплъэжащ. ЛэнейкIэр Iуолъадэ къуажэ школу щытам и бжэIупэм. Ауэ сытми Iулъэда къудейтэкъым – Нартшу тэмэму зэпилъытат лэнейк Iэр дауэ къэгъэшын, сыт хуэдэу къэгъэувыIэн хуейми. ЦIыху зэхэтым я сэмэгурабгъумкIэ къыщегъэш лэнейкIэр. Апхуэдэу щIищIам

щхьэусыгъуэ и Iэт: комиссар уIэгъэр лэнейк Iэм нэхъ тыншу къикIынут, ар езыгъэблэгъэнухэми лэнейкIэр хъурейуэ къыщIакIухьын щыIэтэкъым.

Районым и унафэщIхэм къахэк Iауэ Чорэр, сэлэт кI уэкI эу, къыбгъэдохьэ комиссарым. Абы щыгъщ джэлэфей щIыху-ф IыцIафэ (ар сэлэт фащэм ещхьщ), бэлъто укъуея, фIыуэ хъун зыхэуа бухъар хьэукIпыIэ дыщафэ... Мо лIы гъурым бэлътор апхуэдизкIэ къыщолэлри, бжэгъум щIакIуэ фIэдза фIэкI пщIэнкъым. Ауэ исполкомым и председателым и напщI э телът и бэлътоубгъэм хэлъ медалитIыр – «Партизану Отечественной войны», «За оборону Кавказа». Чорэм къигъэлъэгъуэну хуейт ар партизанхэм зэрыхэтар. (Пэжщ, партизанхэм ялъэкIыну псори мы щIыпIэхэм къыщагъэлъэгъуэну хунэсахэтэкъым. Партизанхэм зыкъызэрагъэпэщыху, абыхэм Кавказыр зыхъума сэлэт зауэл Iхэм зыпащIэху, нэмыцэхэр ирахужауэ щытащ.) Гугъу ехьурэ хьэщIэр лэнейк Iэм къызэрикIыр щилъагъум, Чорэм мурад ищIат абы дэIэпыкъуну, арщхьэкIэ щIогъуэж: удэIэпыкъуну убгъэдыхьэмэ, аргуэру лъэбакъуищкIэ укъикIуэтыжын хуей хъунущ – арыншауэ дауэ рапорт зэрептынур? Рапортыр нэгъуэщI зыгуэрым иригъэтами, уполномоченнэм ар зыхуихьынур сытк Iэ пщIэн? Мыдрейуэ, хьэщIэм къыфIэщIынкIэ мэхъу район Iэтащхьэр рапорт къезытарауэ. ИтIанэ езы «райначыр» – арат абы нэхъыбэр къызэреджэр, – гулъытэншэу къэнэнк Iэ зыхуэIуа щыIэтэкъым. Уполномоченнэр щIым къытеувэхукIэ пэплъэри, Чорэм зигъэзауэлIу къыщIидзащ:

– Ныбжьэгъу комиссар, районым и парт, советскэ активыр... – абдеж Чорэм и бзэр еубыд, и нэр къихуу зиплъыхьу щIедзэ – фи жьэм хьэкъурт жьэдэлъ, зыгуэр щхьэ жевмыIэрэ ер зи унэм ихьэн а хъыджэбзыжь ц IыкIум! – жиIэ хуэдэт абы и плъэкIэм. Ауэ иджы Чорэр зыми къыфIэIуэхужтэкъым – псори зэплъыр Апчарэт. Къуэшрокъуэ Дотий зэрилъагъуу, «Псыпэ» колхозым и председатель Къэзэнокъуэ Апчарэ хьэщIэм зридзри IитIкIэ зэщIиубыдащи и макъыр зэIынэ-зэIык Iыжу мэк Iий:

– Дотий, си псэм хуэдэ! Сыту гуфIэгъуэшхуэт! Хэт и фIэщ хъунт уэ зэгуэр услъагъужыну?

Къуэшрокъуэми и дуней гуф Iэгъуэщ:

– Апчарэ! Чарочкэ-Апчарочкэ! ЗэхуэзэкIэ хъунти ари! Хэт и гугъэнт?! Уи деж сыныдыхьэн си гугъати... Дауэ ущыт? Сыт уи псэукI э? Мыр дэгъуэкIей, дахэкIей зэрыхъуа! Колхоз Iэтащхьэ ухъуауэ къызжаIащ. Пэж ар? Колхоз полковникщ жыбоIэтI э? Хьэмэрэ укомдив?

– Сыту Iейуэ сыбгъэгуфIа! ГуфI эгъуэр тхьэм къуити! Дэ ди гугъа... Мыр къызэрыщIидзыжа! ИгъащIэкIэ узмылъагъужын си гугъати... – Апчарэ зыхуэубыдыжыркъым, и нэкIущхьитIым гуфIэгъуэ нэпсыр къожэбзэх. Чорэ и плъэк Iэр щилъагъум, япэщIыкIэ къэшынэ хуэдэу хъуати, иужькIэ и гур къызэрогъуэтыж:

къызыкъуэгушхукIын иIэщ иджы – Дотий упсэу!

– Псори дэгъуэщ, Апчарэ. Дохутырышхуэхэм сыкъызэфIагъэувэжащ. Шы заводым и директору сагъэуващ. ДяпэкIэ щIэх-щIэхыурэ дызэхуэзэнущ. Сэри цIыхум сахыхьэ-сахэкI хъуащ. ЛэжьыгъэщIэм зызогъасэ. Ауэ къыщцыщIэздзэнумрэ щызухыжынумрэ сщIэркъым...

– Сэ насыпу къызэуэлIа жыхуэпIэр!...– Апчарэ и тэмакъым нэпсыр тез хъуащ, ар гукъэкIыжхэм щIагъэнащ. Комиссарым и щхьэгъусэ Iузизэ щIыгъуу вокзалым щызэхуэзахэу зэрыщытар, зауэлIхэм тыгъэ хуашэу фронтым щыкIуэхэм щыгъуэ. Сальск и губгъуэхэм зэрыщызэфIэкIуэдыжар, зауэхэр... Iузизэ тхьэмыщкIэ мыгъуэ... Къимыгъэзэжу хэк Iуэдащ. НысащIэ уэндэгъушхуэ мыгъуэр щаукIа щIыпIэр тхьэм ещIэ. Башыр Iэ сэмэгум иретри Къуэшрокъуэм и Iэ ижьыр Апчарэ и дамащхьэм трелъхьэ. И комиссару щытам и Iэблэр еубыд хъыджэбзым. Нэхъри гъунэгъуу зрекъузылIэ, абы здеплъым, къыдэзэуа и ныбжьэгъухэр и нэгу къыщIохьэж, а махуэ шынагъуэр игу къокIыж. А махуэм ахэр псэууэ къызэрела щIыкIэр зыщIэ алыхь талэм нэмыщI щыIэу пIэрэ?

ИкIэм-икIэжым Къуэшрокъуэм гу лъетэ бэлъто укъуея зыщцыгъыу зи жьэр Iурыхуауэ къеплъу щыт лIым, ар зыхуейри къыгуроIуэ – рапорт къритыну аращ. ХузэфIэкIамэ, Чорэм псэууэ зыIуригъэлъэдэнт Iуэху псори зэIызыгъэхьа хъыджэбзыжь цIык Iур. Иджы, ухуеймэ, сыт хуэдизкIи къэгъэщIэрэщIэж, Чорэм зэримурадам ещхь хъужынукъым Iуэхур. Ауэ, къригъэжьар и кIэм нигъэсыжын хуейти, и Iэ ижьыр хьэукIпыIэм хуехьри адэкIэ пещэ:

– Ныбжьэгъу комиссар, районым и парт, советскэ активыр къыщIызэхуэсар гъавэр къэралым етынымкIэ ди Iуэхур зыIутым тепсэлъыхьыну аращ. Нобэ ди планхэр зыхуэдэр... Ахэр гъэзэщIа хъуным хуэунэтIа IуэхугъуэщIэхэр долэжь... А псоми щыгъуазэ утщIынщи...

– Хъунщ, хъун,– Чорэм и псалъэр зэпеуд Къуэшрокъуэм. Апчарэ и Iэр зэриIыгъым хуэдэурэ, абы къызэхуэса псоми сэлам ярех. – Фэ, къыфхэплъэм, полк фригугъэнщ. Фи рапорт тыкIэри фи лэжьакIуэхэри дэгъуэщ. Фи гъавэри Iей хуэдэкъым, ауэ планыр зэрывгъэзащIэм арэзы укъищIыркъым. АбыкIэ фи Iуэху щIагъуэкъым...

– Узахуэщ, ныбжьэгъу комиссар!– къыжьэдолъэт Чорэм. Абы къыгурыIуакъым рапорт тыкIэм и гугъу щищIым Къуэшрокъуэр зэрыгушыIар. Къызэрезгъэжьар игу щрихьакIэ, абы сытетынщ, жыхуиIэу ирекъутэкI. Къызэхуэсахэр я цIэ-унэцIэкIэ, я къулыкъук Iэ хьэщIэм ирегъэцIыху. Зи цIэ къримыIуэу къигъэнар Апчарэ и закъуэщ.

– Уи зауэлIхэр ахъырзэман защIэщ, –Чорэм зыхуегъазэ комиссарым. – Ауэ фи щIым зыщIигъэгусар сыту пIэрэ?

НэгъуэщI фыхъуауэ фыкъимыщIыхужу ара? Хьэмэрэ нэпсей хъууэ гъавэм еблэжа? Шхын щхьэкIэ фигъэлIэну арауэ пIэрэ зыхуейр? – зэм ядэгушыIэм, зэми и ф Iэщцыпэу яхэпсэлъыхьурэ, псоми щхьэхуэ-щхьэхуэу сэлам ярех Дотий. Аргуэру Чорэм зыщыхуигъазэм, Къуэшрокъуэр къоу Iэбжь – егъэлеяуэ лIы гъурыщэт исполкомым и председателыр. Ныбэ лъэпкъ имыIэу, пхъэбгъум ещхьу, пI ащIабзэт. Мыдэ зэгуагъэжу и кIуэцIым илъу хъуар кърахыу зэгуадэжауэ къыпфIэщIынт. Чорэр зэгуэр шыгъажэу щытат. Ауэ ар игу къигъэкIыжыну гукъыдэж лъэпкъ иIэтэкъым. ЩIимыIэри мырат: урысыбзэ «жокей»-р зэрахъуэкIри, «жьэ Iей» къыфIащати а псалъэ угъурсызыр хьэкIэзэпхыу къыкIэрынауэ къекIуэкIырт. Дауэ къыпщыхъурэ – зы район псо уриунафэщIу «жьэ IейкIэ» къоджэнхэу? «Жокей Чоруф, зыгъэхьэзыр!» – щыжаIэу щытамрэ «Чорэ жьэ Iей!..» – жыхуиIэмрэ зэгъапщи еплъыт. Шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Ауэ зэпыту укIуэ а псалъэ гъуамэр...

«Ярэби, пэж дыдэу, мэжэщIалIэхэу арауэ пIэрэ-тIэ…» Чорэм здеплъым, Къуэшрокъуэм и щхьэфэцым зыкъаIэт. Асыхьэтуи адрейхэр зэпеплъыхь – тхьэм и шыкурщ: лажьэ яIэхэ хуэдэкъым. Комиссар набдзэгубдзаплъэм гу лъимытэу къэнакъым Чорэм и пщэм телъ дыркъуэ фагъуэми. «СэшхуэкIэ къраупщIэхауэ арауэ пIэрэ? Арагъэнкъым, армыхъу... А пщэ псыгъуэм сэшхуэдзэ еIусамэ, щхьэ гъурым упыкIат» – йогупсыс Дотий.

Мо къызэпэзыплъыхьым гу лъимытэу, «райначми» езым и Iуэху зэрехуэж: комиссарым игу зригъэхьыну пылъщ:

– Уэри укъытхэту Iуэхум дытепсэлъыхьыну арат псори дыкъыщIызэхуэсар...

– Узытепсэлъыхьынур сыт? ПсалъэмакъкIэ гъавэ бэв къепхьэлIэфынукъым. Бзур зыхуейр уэрэд мышыукъым – Iусщ. Дэ дгъэшхэну ди къалэнри бзукъым – зауэлI щ. Абы къыджиIэр пщIэрэ: «Фэ си ныбэ фымыгъэныкъуэ, сэри си псэм семыблэжу бийр щIэзгъэIэнщ», – жи. Ар ди планышхуи, ди псалъэ дыгъэли хуэныкъуэкъым. Ди бзур зыхуейр ерыскъыщ.

Чорэр нэхъ щIоупщIыIуэж.

– Узахуэщ. Дэри дыхуеят нэгъуэщI рапорткIэ – ди планхэр зэрыдгъэзэщIам и рапорткIэ – укъедгъэблэгъэну. Къызэдэжэм уакъытежыныр хэт дежк Iи гуфIэгъуэшхуэщ. Ауэ сыт пщI эн. Алыхьым къуимытмэ... – Чорэр зэIонэ.

– Алыхьми «уэ хьэрычэт щIэ, сэ берычэт хэслъхьэнщ» жиIауэ жаIэ, – «райначым» и псалъэм адэкIэ пещэ Дотий.

ЗэкIэ гуфIэгъуэ щымыIэми, псори зэщIодыхьэшхэ. ЦIыхухэм ягу ирихьауэ арат Къуэшрокъуэм и псэлъэкIэ-и зыIыгъыкIэр. Апхуэдэ уполномоченнэ абыхэм зэи обкомым къахуикIатэкъым. КъимыдэкIэ, зи щхьэр нобэр къыздэсым ямылъэгъуауэ зи ц Iэр псоми зэхаха Къуэшрокъуэм и хъыбар гъэщIэгъуэн куэд щызэрахьэрт мы аузми. Нэмыцэхэр ди щIыпIэхэм

къэсыным и пэкIэ ар ягъеижат, абы и сэдэкъэр яшхыжат. Лъахэр бийм къыIэщIагъэкIыжа нэужь, Къуэшрокъуэм къыбгъэдэкIауэ письмоитI къэкIуащ республикэм. Зыр обкомым – Къулым деж, комиссарым къитхырт лъэпкъ шу дивизэм къыщыщIа тхьэмы-щкIагъэ псори, етIуанэр зи Iуэхум и пэжыпIэр имыщIэ и щхьэгъусэм къыхуитхырт абы. ИтIанэ лъахэм къэсащ Къуэшро-къуэм зэрихьа лIыгъэм, абы къыфIаща цIэм теухуа хъыбархэр. Дотий и хэкуэгъухэм ящIэрт комиссарыр уIэгъэ хьэлъэ зэрыхъуари, абы пIалъэ кIыхькIэ шыбгыр зэрибгынари.

Къуэшрокъуэмрэ Къэзэнокъуэмрэ, зэдэлъхузэшыпхъум хуэдэу, зэбгъурыту кIуэхэрт. Апчарэ и жьэм увыIэгъуэ иIэтэкъым. Езым игу къэкIыжхэри къиIуэтэжырти модрейри упщIэхэмкIэ щIигъанэрт. Махуищ енкIэ Дотий щIыгъуами, абы и псалъэм кIэ игъуэтынутэкъым. Ар иджьшсту зэгупсысыр зыт: мы къомым яхишу дауэ я унэ иша хъуну Дотий?

– Быбэ Iейуэ къолъэIужащ. Сэ усхуэшэнкIэ дзыхь къысхуи-мыщIу езыри къэкIуэнути, ерагъыу унэм къыщIэзнащ. Ухуэс-шэну быдэу къэзгъэгугъащ. «Дотий зэ сыIуплъамэ, си Албиян слъэгъуа хуэдэу къысщыхъунт», – жеIэри и псалъитI язщ. Дэ зэIыхьлы дищIащ зауэм. ДызэфIэкIуэдыж, дызыщыгъупщэж хъунукъым, Дотий. Пэжкъэ, Дотий?

– Пэжщ, Апчарэ. Пэжщ, Чарочкэ-Апчарочкэ. Уи анэм дежи дыкIуэнкъэ, абы щхьэкIэ щхьэ угузавэрэ, хуэмыху? Iэмал имыIэу дыкIуэнщ. Албиян дауэ щыт? КъитхIарэ?

– Къетх, тхьэм и шыкуркIэ. Абы и зы письмо къэс Быбэ и гъащIэм зы илъэс къыпещэри. Си дэлъхум къыщимытхIам деж Быбэ и нэм щIыр илъагъужыркъым. И цIэр емызэгъыжу къонэри уепсалъи уIурыIэби хъуркъым. И жьэ зэщIихыуи зы цIыхум къыдэпсалъэркъым. Хадэм йохьэ, псы Iуфэм Iуо-тIысхьэри гъуэгыу щысщ. Пщыхьэщхьэр хъуамэ, Албиян и пэшым уэздыгъэ щыщIегъанэри абы щIэсщ, и къуэр къэкIуэжауэ бгъэдэсу къызэфIигъэщIыжу...

А класс пэшым зэгуэрым щхьэгъубжищ хэлъат. Иджы зыр чырбышкIэ къищIыкIыжащ, адрей тIум фанер тIэкIу IупIащ. Унэ лъэгум итщ шэнт зэмыщхь къом, шэнтиуэхэр, шэнт щхьэгуэхэр. Зытетхыхь хабзэ стIолым зытешхыкI стIолитIи къыпагъэуващ. Унэ лъэгум иубгъуащ, алэрыбгъуфэу зы укъуеижа гуэр. Блынхэм фIэдзащ Политбюром хэтхэм я сурэтхэр, Лениным и зы сурэтышхуэ. Кабинетыр зэи зэрамыгъэплъым къыхэкIыу, зэи зыми зит IэщIыркъым, уеблэмэ я бухъар пыIэшхуэхэри зыщхьэрахыркъым. Чорэм къызэрилъытэмкIэ, ар а кабинетым зэрыщIэс тIэкIум щхьэкIэ, абы пхъэгъэсын щIыщIэбгъэкIуэдэн щыIэкъым. Пэшым щIэсхэм апхуэдизкIэ бахъэ

къащхьэщехри, сэмэвархэр къэкъуалъэу щыт хуэдэщ.

Чорэр пылъат хьэщIэм пщIэ лей хуищIыну – ар езым и шэнтиуэм иригъэтIысхьэну. АрщхьэкIэ Дотий, къыхуагъэлъэгъуэну тIысыпIэми емыжьэу, Апчари и гъусэу кIуэри стIолым бгъэдэтIысхьащ. Адрейхэми, шэнтхэр ягъэкIыргъыу, я тIысыпIэхэр зрагъэгъуэтыжащ. Зи Iуэху нэхъыфIу зигурэ зи щхьэрэ зэтелъхэм «райначым» зыбгъурагъэхуащ, зи Iуэху мыщIагъуэхэм, сыт щхьэкIэ зыкъагъэлъэгъуэнт, нэхъ дурэшхэм зыдаудыгъуащ. Чорэм зегъэхьэзыр районым лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIым тепсэлъыхьыну, мы щIыпIэм бжьыпэр щызыIыгъыр нартыхурщ.

– КъыщIэддзэн-тIэ, ныбжьэгъу комиссар?

– КъыщIэдзэ. Ауэ мы зымкIэ дызэгурывгъаIуэ: сэ фи деж сыщыкомиссаркъым, фэри фызиполитруккъым. Сэ партым и обкомым сриуполномоченнэщ, парт къалэн си пщэ дэлъу сыкъежьауэ аращи, ДотийкIэ, хьэуэ жыфIэрэ, си унэцIэр фымыщIэмэ...

– Iау, щхьэ дымыщIэу, ныбжьэгъу Къуэшрокъуэ, – Дотий и псалъэр Iэпеуд Чорэм. – Уэлэхьи, пэж ухуеймэ, дэркIи ар нэхъ тыншым, Дотий.

Чорэр тIэкIу-тIэкIуурэ къызэрогъуэтыж. Ауэ щIызэгуэпыр и Iэхэрщ. КъемыдаIуэу мэкIэзыз ахэр. И Iэхэр зэрыкIэзызыр щIихъумэн и гугъэу, тхылъымпIэхэр стIолым трелъхьэ. Тхы-лъымпIэхэр жыжьэ зэрыхъуам къыхэкIыу щоуэ, и псалъэр зэпегъэу, ауэ Iуэхум мыбзаджэу зэрыхищIыкIыр белджылыуэ, тегушхуауэ къопсалъэ, кърихьэлIауэ щысхэм ятохъущIыхь, шыбжий сыр яхурегъабжьэ. Гъавэр къазэремыхъулIамкIэ нэ-хъыбэу игъэкъуаншэр дунейр Iейуэ зэрыщытарщ – уэгъуащ.

– Нартыхум псыр фIыуэ елъагъу. Жылэ хэпсам псы имыгъуэтарэ – пщIанэр къыхэжынукъым. УпщIа нэужьи псы хуэлIа – пщIанэм зиужьынукъым. Гъашэ къыдидзауэ уэгъур къегуэуа – хьэдзэ ищIынукъым. Аращи...

– Уэшх къемышхыххауи?

– КъешхакIэ – тIэкIуи къешхат. Ауэ мащIэу щытащ. А мащIэ тIэкIури нартыхум щIахуримыкъуам и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ хадэр удзыжьым зэщIищтэжауэ зэрыщытар. ЩIы мывэщ нэхъыбэу жылэ зытрасауэ щытари. ЛъапэкIэ яхуэтIагъэшхуэ щыIэтэкъым. Трактор закъуэтIакъуэ фIэкI щамыIэкIэ... МТС-хэм иджыри зыкъаIэтыжыфакъым. Къару нэхъыщхьэу ябгъэдэлъыр лIыжь-фызыжьхэмрэ сабийхэмрэщ. Iэщыр нэмыцэм Iисраф зэтращIащ, къэнар здрахури икIыжащ. Жэм псэф, жэмыбгъэ жыдмыIэу унагъуэ былымырщ дызэрывахэр...

– Фывамэ, дывгъэуна? Дывгъэунэхъуащ: ди жэмхэм щанэжащ, – и гукъеуэ къиIуатэу зы фыз гуэр къыхокIиикI. Абы и псалъэр нэгъуэщI зылIи деIыгъ:

– Дызытес къудамэр ди IэкIэ пыдупщIыжащ, – жеIэ.

Иужьрей псалъэхэр къызди IукIа лъэныкъуэмкIэ маплъэ

Чорэр – зи жьэм хуимытыжхэм я «партизаныгъэр» захригъэнэнкъэ иужькIэ! Абы къицIыхуащ а «партизан лIыхъужьыр» хэтми – зауэм хэта, иджы колхозым и председателу лажьэ Дал Къасботщ. Ар къамэм хуэдэщ – къамапIэм илъмэ: и жьэр зэщIимыхмэ, хъарзынэ хуэдэщ, къамапIэм къипхакъэ – зытехуам упыкIащ. Апхуэдэщ Къасбот. И гугъу умыщIи нэхъыфIщ, армыхъумэ ущIегъуэжынщ. Езыми, арыншами, уIурыIэбэ хъуркъым. Нартыхур зэрымыхъуам щхьэкIэ, хьэми кхъуэми ироуэри, и цIэр езэгъыжыркъым.

– Колхозым жэмыр и мащIэщ. Двэн хуейуэ гектар мин бжыгъэхэр къытпэщылъащ. Хыумыса бгъуэтыжыркъым. Транспортыр къыдомэщIэкI. Зауэр зэрытщхьэщык Iрэ куэд щIа пэтми, абы и лъэужьхэр тхуэгъэгъущыжыркъым. Ныджэм къытена бдзэжьейм ещхьу, адэкIэ зыдодз, мыдэкIэ зыкъыдодзыж. Ауэ ди Iуэхум къикI щыIэкъым. Планыр тхуэгъэзащIэркъым...

Дотий и тхьэкIумэр тегъэхуауэ йодаIуэ къэпсалъэм, и блокнотым зыгуэрхэр иретхэ. Ауэрэ здэщысым, стIолым телъ газетым и нэр хуозэ. Япэ напэм ину къытощ: «Чопракъдэсхэм планыр яхуэгъэзэщIэнущ» псалъащхьэ ехьэжьар. Тхыгъэм къеджэу щIедзэ, зыгуэрхэр къыхетхыкI, сатыр гуэрхэри щIе-тхъэ. Тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIым и унэцIэр хъурейуэ къетхъыхь.

Чорэм жиIэр газетым тет тхыгъэм къиIуатэм зыкIи бгъэдыхьэркъым, уеблэмэ а тIум я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэххэркъым. Хэту пIэрэ захуэр: Чорэра хьэмэрэ тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIра?

Зытепсэлъыхь Iуэхум хищIыкIыу, жиIэр уи фIэщ ищIу къопсалъэ Чорэр. Дотий къыщригъажьэм Къулри къыщытхъуащ Чорэм – жэрдэм хэлъщ, и щхьэр фIыуэ мэлажьэ... Къуэшрокъуэми сыт щыгъуи пщIэшхуэ зыхуищIыр щхьэфI зыфIэту, гупсысэ жан зиIэхэрат. Иджыпсту, Чорэм едаIуэу здэщысым, абы къилъыхъуэрт Къулым и щытхъу псалъэхэм щыхьэт техъуэн гуэрхэр исполкомым и председателым жиIэхэм къызэрыхигъуэтэну щIыкIэм.

Чорэр гъавэ Iухыжыгъуэм нэсауэ ирекъутэкI:

– Хьэцэпэцэхэр щыIутхыжым, комбайнхэм, шыбзэхэм къакIэрыху щхьэмыж зырызхэр сабийхэм къедгъэщыпыжащ. Хьэмхэм арджэнхэр, чэтэн парусхэр тедубгъуэри зы гъавэ хьэдзэ зэрымыкIуэдыным дыпылъащ, кIэрыщэщу Iисраф мыхъун папщIэ, гуэдзыр къэпхэм иткIутэурэ гъавэ IыхыпIэм едгъэшащ. Хьэуазэм зы гуэдз хьэдзэ къыхэднэ зэрымыхъунум бюро едгъэкIуэкIыху къэс дыщытепсэлъыхьащ. ХэкIуэдыкI щымыIэу хьэцэпэцэр къетхьэлIэжауи къэплъытэ хъунущ. Ауэ ди гъавэ нэхъыщхьэр нартыхурщ. Абы дызэригъэгуфIэ щIагъуэ щыIэкъым мысыхьэткIэ. ДигъэгуфIэр щыгъэтауэ, дигъэнэщхъеину си гугъэщ. Ауэ тщIэнур сыт? Хьэцэпэцэм къытхуищIэнур къы-

пытхащ. ИджыпстугугъапIэу диIэжыр нартыхурщ.

«Газет лэжьакIуэм тхьэр егъэпцI» – жеIэ уполномоченнэм игукIэ.

Чорэм и псалъэр иухащ. ЩIэупщIэн щыIэкъым. Пэшым щIэсхэм яхоплъэ Дотий: зыгуэрым зыгуэр жиIэну пIэрэ? Газетым итхымрэ райисполкомым и председателым и докладымрэ шурэ лъэсрэ щхьэ я зэхуаку? Ауэ псори щымщ. ИтIанэ езы Къуэшрокъуэм игу къокI зы Iуэхугъуэ гуэр.

– Сэ сыкъэпсалъэ хъуну? – щIоупщIэ ар.

– Ахьаи хъун, – Чорэр къэрэндащымкIэ стэканым тоуIуэ.– Псалъэ иIэщ ныбжьэгъу Къуэшрокъуэм, ди районым уполномоченнэу къагъэкIуам.

– Куэди къэспсэлъыну си мурадкъым сэ. Сыщымыуэмэ, нобэрей ди зэIущIэр зытеухуар планыр гъэзэщIа хъун папщIэ лэжьыпхъэхэм дытепсэлъыхьынырщ, – армырауэ пIэрэ жыхуиIэу, Къуэшрокъуэр Чорэм йоплъ.

– Ар дыдэщ, ныбжьэгъу Къуэшрокъуэ. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и къалэнщ хузэфIэкIынумрэ зыпэмылъэщынумрэ мыбдеж къыщиIуэтэну. ПащIэгъэлыгъуэ джэгу хэлъкъым, жи. Ауэ иджыпсту а псалъэжьыр зэхьэлIар пащIэ зытетхэм я закъуэкъым, – Чорэр Апчарэ дежкIэ йоплъэкI, зыри емыджагъэххэу къеблэгъа КъантIасэ нэкIэ къеубыд.

– Сэ сыхуейт нобэрей ди зэIущIэр, зауэлI хьэл тхэлъу, кIэщIу, ауэ дызыхуейм ди Iэр тедгъэхуэфу едгъэкIуэкIыну, – жеIэри Къуэшрокъуэм къещтэ стIолым телъ и бухъар пыIэщхъуэр, щысхэм яхоплъэ, зауэм Iухьэным и пэкIэ сэлэтхэм язэрыхэпсэлъыхьу щыта дыдэм хуэдэу и псалъэр къурегъажьэ: – ТхьэрыIуи псалъэ дыгъэли дыхуейкъым дэ иджыпсту. ДызыхуэмеиххэупызыхыжарпсалъэзэшыгъуэкIыхьщ. Фэ фщыщ дэтхэнэ зыми тхылъымпIэ тIэкIурэ къэрэндащрэ къырещти иретхыт бжыгъэ гуэрхэр, ауэ сытми къызэрыгуэкI бжыгъэ къудейщ зи гугъу сщIыр: нартыху центнер дапщэ къыщрахьэлIэфыну фи районым? Щхьэж къызэрилъытэр тхылъымпIэм иретхэ, а тхылъымпIэхэр зэкIуэцIывошыхьри мы си пыIэм иводзэ. Фэ фи пIэм фисынущ. ПыIэр иIыгъыу Апчарэ нывбгъэдыхьэнщ. ЗэхэдгъэкIынкъэ оптимистрэ пессимисту мыбы щIэсыр зыхуэдизыр. Хьэгъапхъэ къытхэтми – ари IупщI къэхъунщ. Уарэзы абыкIэ, Чарочкэ-Апчарочкэ?

– Сыарэзыпсщ, Дотий.

– Дэгъуэщ-тIэ!

Къуэшрокъуэм къыхилъхьа Iуэхум псори къызэщIиIэтащ. Дотий район газетыр къиищтэри зэкIуэцIихащ:

– Мы фи газетым тет статьяр зытха КIуантIэ Зураб щеIуэж чопракъдэсхэм планыр фхуэгъэзэщIэну. Мис абы и псалъэхэр: «Чопракъдэсхэм нартыху бэв яIэщ». Псалъэ хъарзынэхэщ, фIыкIэ уагъэгугъэ. Фэ сыводаIуэри – фи уанэгум гъаблэр исщ, фи

фермэхэр IэнэщI-IунэщIщ. Фи гъавэр зэк Iэлъымык Iуэмэ, ар щIубзыщIын щыIэкъым. Къанэ щымыIэу цIыхур къыхуеджэн хуейщ нартыхум зы хьэдзэ хэмык Iуэдык Iыу Iухыжыным. Иджыпсту фи Iуэху зыIутыр зэхэзгъэк Iыну сыхуейт. Нет Iэ зэрыжысIам хуэдэу, дэтхэнэ зыми тхылъымпIэм иретхэ: нартыху центнер дапщэ къытрахыфыну фи районым и губгъуэхэм. Щхьэж къызэрилъытэр етхри тхылъымпIэр мы си пыIэм иводзэ, – уполномоченнэм и блокнотым напэ зыбжанэ къыдечри ибгъу зырызымкIэ къыщыс Апчарэрэ Чорэмрэ тхылъымп Iэ зырыз ярет.

Емыгупсысыххэу бжыгъэр етх Чорэм, тхылъымп Iэр еIуант Iэри полковник пыIэм иредзэ. Абы и зыIыгъыкI э къудейм къыбжиIэ хуэдэщ: «Фи гугъи фэ! Iутхыжын хуейуэ къытхуэна хьэсэхэм нартыху центнер дапщэ къытетхыфынуми сэр нэхърэ нэхъыфIу зыщIэ къэвгъуэт».

Абы шэч къытрихьэртэкъым псори псоми нэхърэ нэхъыфIу езым зэрищI эм. Ар сыт хуэдэ Iуэхууи ирырехъу – Iуэхушхуэ, мыхьэнэншэ гуэр. Т Iум щыгъуи бжьыпэр зыми иритыну и мурадтэкъым Чорэм. «Райначым» хуабжьу зигъэтк Iийрт, и къуэдзэу хъуар бжьынэм иригъэк Iырт. «Моуэ иджыпсту узэры-щ Iагъэпхъуэным ухуэхьэзыру щытын хуейщ сыт щыгъуи», – жиI эрт абы. Ауэ зыми ищIэртэкъым: «маржэ, дыщ Iопхъуэ!» – жи Iэу Чорэр къыщыджэнур. Апхуэдэу щыщытк Iэ, сыт щыгъуи ухьэзырын хуейуэ арат. Мыпхуэдэу къыщыхъуи щыIэт: испол-комым и заседанэр сыхьэтиплI ым къызэI уихынт, къыщызэIуих-ри кабинетыртэкъым – колхоз губгъуэрт. А заседанэм псом япэ нэсынури езырат. Псори къримыхьэлIэрэ – къык Iэрыхуам деж и машинэр игъак Iуэрти кърпигъашэрт. Ауэ апхуэдэ машинэ етI уанэ гъуэгу узэримыт Iысхьэжынт... Псалъэм папщIэ, абы заседанэм кърелжэ зи школыр иджыри зэгъэпэщыжа мыхъуа директор гуэр. Машинэм ису яшэ директорым гузэвэгъуэу телъым ущI эмыупщIэ. Къэхъуар сыту п Iэрэ? Школ зэрагъэ-пэщыжым ирахьэлIэну къраш элIа псэуалъапхъэхэр къанэ щымыIэу зэхадыгъуэжауэ арауэ пIэрэ хьэмэрэ еджакIуэ цIыкIу гуэр лагъымым теувэу... Машинэм ису яшэр плъэмэ – Iуащхьэ-шхуэм и щыгум щызэхуэсащ хьэIусыпэ зрату районым исыр. Мыдэ зи зауэлIхэр иджыпсту бийм ебгъэрыкIуэну пасэрей дзэпщыжьхэм зы унафэ бэлыхь гуэр ящI хуэдэщ. Ар исполко-мым и заседанэр ек Iуэк Iыу аращ. ЕзыгъэкIуэкIри езы Чорэрщ. И щIак Iуэ фIыщI эшхуэр убгъуарэ абы тесу. Зи школыр зэгъэпэ-щыжыныр иджыри зэфIэмыкIа директорым и фэр пыкIауэ къыщыIухьэк Iэ, Чорэм жеI э:

– Уи жагъуэ умыщI икIи къытхуэгъэгъу, зи щIыхьыр ин, – уи жейр дгъэныкъуащ. Ар уи фызым къыпхуигъэгъу закъуэмэ,

дэ пхуэдмыщIэн щыIэтэкъым. Ауэ, къызжиIакъым жумыIэж, щыпхуэтщIэнур мис мыбдеж шкIэщ щытхуэбухуа нэужьщ, – Чорэр и IэпхъуамбапщэмкIэ йопыдж зытес Iуащхьэм. – КъыбгурыIуа? Жэмэщыр тхуещI чырбыш заводым и директо-рым, – Iэщыхъуэхэр зыщIэсыну унэр зыщIыни къэдгъуэтынщ. ШкIэщыр уи пщэ дыдолъхьэ.

– Апхуэдэ ахъшэ дэнэ къисхыну? Псэуалъапхъэр-щэ? ЛэжьакIуэхэр-щэ?..

– А псори дэ диIауэ щытамэ, укъыщедгъэблэгъэну щытар пщIэрэт? Фермэр ухуэн зэрыдухам щхьэкIэ къызэдгъэпэща хъуэхъум тхьэмадэу ухэдгъэсыну укъедджэну арат. Уи школыр щызэбгъэпэщыжкIэ, абы къыхэбгъэкIыу колхозми зы шкIэщ цIыкIу тыгъэ къыхуэпщIын зэрыхуейр зыщумыгъэгъупщэурэ узэрыпсэун и ужь ит. Аращ уэ улахуэ къэралым къущIитыр.

– А уэ зэрыжыпIэм хуэдэу сщIымэ... Хабзэншагъэ злэжьын хуейуэ сыбохулIэ уэ, зиунагъуэрэ...

– КIуэ, хъунщ, – дызэгурыIуащ. Ди лъэIур умыгъэзэщIэнумэ, уэри лъэIуакIуэ дяпэкIэ исполкомым укъэмыкIуэж. КъыбгурыIуа?

Пэжщ, Чорэм апхуэдэу Iуэху зэрызэрихьэм куэд щыгъуазэтэкъым, щыгъуазэхэми абы къаугъэ кърамыгъэкIыурэ екIуэкIырт. И «губгъуэ заседанэхэм» япэщIыкIэ дэтхэнэ зыри къригъэблагъэу щытакъым Чорэм, кърigъэблэгъахэми «я бзэм хуитыжыну» ягуригъаIуэу щытат. Ауэрэ есэжри, иужькIэ зыри къыфIэмыIуэхужыххэ хъуауэ екIуэкIырт. Абы езым игу ирихыжырт и Iуэху зехьэкIэр. Ауэ сытми ирихыж къудейтэкъым. Япэм къыкIэрыхуу щыта Чопракъ районым бжьыпэр иубыд зэрыхъуамкIэ фIыщIэр зыбгъэдилъагъуэр езы Чорэм и щхьэрт. Iуэхур апхуэдэу щымыту абы и фIэщ зэрыпхуэщIын щыIэтэкъым. Нэхъ ищхьэ IуэхэмкIи зэгуэрым гулъытэ щыхуащIат «чопракъдэсхэм яхэлъ жэрдэмышхуэм». Абы Чорэм и дамэхэр нэхъри хуиту иригъэукъуэдиящ. Зэгуэрым мэзхъумэр кърeджэри жреIэ: «МэзгъэкIхэм я бригадэ нызогъакIуэ уи деж, мэзыр зэкъуаудыну, ягъэкъэбзэну. Абыхэм зэран уахуэмыхъу». «МэзгъэкIхэм» унафэ яхуещI общественнэ щIыпIэхэр къызэрахухыжын чийлъэрыкIуэ ящIыну. Мобыхэм сыт ящIэнт, унафэр унафэт. НэкIум ит чы-бжэгъур къeрагъэкъэбзыкIри чийлъэрыкIуэ ящI. Арати, къуий хъуам къыщцымынэу, мэзыр лъабжьэншэуи къэнащ.

Чорэм нэгъуэщI зы Iэзагъи бгъэдэлът – кIуэрыкIуэм тету цIыхум дзы якIэриIуфырт. Псалъэм папщIэ, зыгуэрым и бжьыхьэвэр къемыхъулIэу къэна – абы фIищынт «КIуэцIрыхуа». Жылэм зэхахыу совещанэм щыжиIэнт: «Ныбжьэгъу КIуэцIрыхуаюф, исполкомым и унафэр щIыкIуэцIрыбгъэхуар къыджеIэт». Уэрыщ Батырбэч щIэп жылэр гуэдзкIэ ихъуэжати, абыи фIищын дзы къигъуэтащ: Уэрыщым и пIэкIэ Хъуэжа-

кIуэкIэ еджэ хъуащ. Батырбэч абы щхьэкIэ зигъэгусэртэкъым. Ауэ Чорэм и нэр къизытхъ пэтар Апчарэт. Кхъуэ фермэхэр къы-зэрагъэпэща нэужь, Чорэм къыжьэдохури Къэзэнокъуэ Апчарэ КхъуэкIэ къощ. Ар модрейм къыпхуидэнт? Зызэраупсей. Iуэхур езы Къул дыдэм деж нос. ЗэрыкъуаншамкIэ, зэрыщыуамкIэ Чорэм Апчарэ и пащхьэм зыкъыщиумысыжын хуей мэхъу. Абы и ужькIэ «райначым» цIыхум дзы яфIэщын хьэлыр зыхенэ. Мыпхуэдэ зы хьэли хэлът Чорэм: гъавэ, мэкъу, пхъэщхьэмы-щхьэ, хадэхэкI Iухыжыгъуэм гъуэлъи жеи иIэтэкъым – емы–тIысэхыу районыщIыр къызэхижыхьырт, зыгуэрым зыгуэр фIидыгъункIэ шынэрт. Гъавэ Iэбжьыб зыIыгъыу къиубыдар езы «райначым» и щхьэкIэ милицэм ихурт. Апхуэдэу къыздиущы-хьым, зы жэщ гуэрым мащэм ихуэри и пщэгурыгъыр хузэ-пищIыкI пэтат.

И ныбэм ещхьу и нэкIури пIащIабзэт Чорэм. И натIэ бгъузэм къытелът и натIэцышхуэр. И нэпкъпэпкъри, и Iупэри, и жьэ-пкъыпэри апхуэдизкIэ зэхэпIытIати, а псори и пэшхуэм щIипIы-тIауэ къыпщыхъунт. Уеблэмэ и набдзэ дыдэхэри, апхуэдизкIэ телъэщIати, жэмыр зэбзея шкIащIэцым ещхьт...

ТхылъымпIэхэр зэхуэзыхьэса Апчарэ Дотий и пыIэщхъуэр иIыгъыу стIолым къыбгъэдохьэж. Псори тепыIэжыртэкъым – сыту пIэрэ адэкIэ къэхъунур? Уполномоченнэм Чорэм зыхуе-гъазэ:

– Нартыху тесауэ гектар дапщэ фиIэ?

Бжыгъэхэр тэмэму зэрищIэр зи напщIэм телъ Чорэм мы-гупсысэххэу къыжьэдоху:

– Гектар мин пщыкIутI.

– Iуфхыжар дапщэ?

– Нобэ къыздэсым гектар минибл нэс.

– Планыр процент дапщэкIэ гъэзэщIа хъуа?

– Процент хыщIрэ хырэ пщIанит IкIэ.

– НтIэ, къыфхуэнэжа гектар минитхум адрей процент щэщIрэ плIыр къытехи къэгъэтIылъ. Ар центнер бжыгъэм хуэ-бгъэкIуэжмэ, дапщэ хъуну?

– Центнер мин плIыщIрэ щым и кIэ къихуэнукъым, – апхуэдэ «экзамен» нэхъыбэIуэу къеIыпхмэ, тхъу щыпхуа хуэ-дэт Чорэм. Ауэ Къуэшрокъуэр арэзы хъуащ зэхихамкIэ. Пхъэ-идзэ щыджэгухэм деж зэращI хабзэм хуэдэу, и пыIэщхъуэр зыкъомрэ еутхыпщI, хуэсакъыпэурэ пыIэм йоIэбэри, джэдыкIэ-пщIапщIэм ещхьу, зы тхылъымпIэ кърех, ар зэкIуэцIехри псоми зэхахыу къоджэ:

– Мин пщIей!

Залым щIэсхэр зэрызохьэ:

– Гектар минитхуми? Ар иджыри нартыху цIынэщ! Нобэ уэс къеухмэ – абыи упыкIащ.

– Зэ фызэрымыгъэкIийт! Псори зэуэ фымыпсалъэт!

– Дэтри зыдэтри зэхэплъхьами, центнер мин пщIей хъуну аращ!

Къуэшрокъуэм тхылъымпIэр лъэныкъуэкIэ егъэтIылъ.

– Уафэм къехуэха бжыгъэщ ар. Мы щIыпIэм щыпсэухэм лъагапIэр яфIэфIщ. Мыбы сыкъыщыкIуэм къырым кIэрытхауэ мыпхуэдэ зыгуэр гу лъыстащ: «Шэуэ къэтшым и куэдагъыр Iэтын!» Дэнэ зыдэпIэтынур? Къуршыщхьэхэм я лъагагъым хуэдизкIэ фIэтыну ара? Сэри къызгуроIуэ – лъагапIэр фIыщ. Ауэ псалъэ дыгъэлхэр пIэткIэ, Iуэхум зиIэтынукъым. Мо центнер мин пщIейр зытхами, – Дотий йоплъ стIолым трилъхьэжа тхылъымпIэ тIэкIум, – и гугъэу къыщIэкIынщ: бжыгъэхэр къыр лъагэм щистхакIэ, Iуэхум и щхьэ зэрыхьщ, жиIэу.

Пэшым щIэсхэр нэхъри зэрызехьэ мэхъу. Комиссарым нэгъуэщI зы «тутын» шыхьаи къэрех пыIэм:

– Мин щэщIрэ щырэ! – къоджэ тхылъым итым.

Пэшым щIэсхэр аргуэру зэрогъэкIий. Зыгуэр ину къыходыхьэшхыкIри занщIэу печыж.

– Зыри зи фIэщ мыхъу, пессимист, хьэгъапхъэ... – Къуэшрокъуэм тхылъымпIэ тIэкIур лъагэу иIэтауэ псоми яхуегъэпIий.

– Ар зытхам нартыхур пхъым хигъэзэрыхьынщ! – гушыIэу зэрогъэкIий, зэщIодыхьэшхэ зэIущIэм щIэсхэр.

Псори зэтесабырэжыным пэплъэу щыта нэужь, и псалъэм гушыIэ лъэпкъ хэмылъу кърегъажьэ Къуэшрокъуэм:

– Ар зытхар гъавэ Iуэхум зы мэскъал хуэдизкIэ тегузэвыхьу къыщIэкIынкъым. Зауэр йокIуэкI. ГъавэрIэщэм пэбдзых хъунукъым нобэ, – жиIэу Дотий мапхъуэри Чорэм и пащхьэ илъ нартыху кIэчанышхуэр къещтэ. Ар игъэуфафэурэ еIэтри: – Мыр нартыху кIэчан фи гугъэ? Хьэуэ, ныбжьэгъухэ! Мыр гранатщ, лагъымщ, топышэщ! Сыту жыпIэмэ нобэрей ди зауэлIым текIуэныгъэ къихьын папщIэ зыхуейр лагъымым, гранатым, топышэм я закъуэкъым – ар шхэни хуейщ! Апхуэдэу щыщыткIэ, дэ псоми ди къалэнщ гъавэ къетхьэлIэну. Ар хьэкъыу зыпхывгъэкI! НетIэ Чорэм жиIащ: хьэуазэ тонн минхэр щIэдгъэпщыжурэ, дыщэм хуэдэу, гуэдз хьэдзэхэр къыхэтщыпыкIыжащ, жиIэри. Дыщэр хьэдзэ зырызурэщ зэрызэхуахьэсыр. Адыгэхэм жаIэ: «Алыххьым къыптрилъхьэмэ, фошыгъу шей уефэнщ», – жаIэри. А псалъэжьыр мыпхуэдэу зэсхъуэкIыну сыхуейт: зауэм къыптрилъхьэмэ, хьэуазэр щэ щIэбгъэпщынщ.

«Уэсыр къеуэхмэ, центнер мин тIощIщ къытхуехьэлIэнур», – итхырт зыгуэрым. И хъэтIымкIэ къамыщIыхун папщIэ зэрытхари зэрыбкIэт. Абы жиIэми пэж хэлът: зи гъун иримыкъуа нартыху бзий цIынэхэм я фэр жэпым пихуауэ дыгъэм IущIэхэрт. Апхуэдэу щыщыткIэ, нобэ-ныжэбэ уэсыр къемыуэхыну шэс уихьэж хъунутэкъым. Нартыху цIынэр къэралым зэрыпIи-

мыхынур хьэкът.

Чорэр дыджу и пащIэкIэ къыщIэгуфIык Iащ, ауэ зы псалъи къыжьэдэкIакъым. Абы гъэщIэгъуэн къыщыхъуат Дотий иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэр. Ар езы Чорэм игу къызэрымыкIат.

– Мис аращ хьэгъапхъэ жыхуа Iэжыр, – Къуэшрокъуэр щысхэм яхоплъэ. Ауэ ар зытхар сыткIэ къэпщIэн? — Псым хэмыхьэу бдзэжьей ишхыну аращ мыр зытхар зыхуейр. Апхуэдэхэми сащрихьэлIащ сэ зауэм. «Уэсыр къеуэхмэ...» – жи! Зэрыгубзыгъэ мыр! – Дотий тхылъымпI э тIэкI ур стIолым тредзэ. Къызэрыгубжьар белджылыуэ и нэр къолыдыкI. – Уэсыр, ахьай, къеуэхын. Ауэ уэсыр къеуэхыным упэплъэу ущIыщысынур сыт? «Жэщи махуи нартыхум дытесщ», – жиIэу зыгуэр гъумэтIымэу зэхэсхащ. УщIытесыр сыт? Къепсых! Утес щхьэкIэ нартыхур пхэщIыщхьэкIэ пхуэгъэгъунукъым, атIэ бгъэфынурэ мэ щыбгъэуну аращ. Iэмал гуэрхэр, хэкIыпIэ гуэрхэр къэгъуэтын хуейщ. Хэчыхьаурэ къыдэчын хуейщ. Нартыхур псори зэуэ зэрызэдэмыгъур сэр нэхърэ фэ нэхъыфIу фощIэ.

– Гъыринэ, тхьэусыхэу зи дунейр зыхь, алыхьри цIыхури зи фI эщ мыхъу щыIэкъэ? Апхуэдэщ мыр зытхари, – Чорэм тхылъымпIэр къищтауэ цIыхум яхоплъэ: ар зытхар къищIэн и гугъэу. – Къэрабгъэ! Аращ узэреджэнур мыр зыуцIырхъам. ПланкIэ къытлъысыр еттынщ дэ къэралым. Зэреттынури нар-тыху ц Iынэукъым – дыжьын гъурым хуэдэ нартыхуущ. Пхуэ-мыхьу узыгъэбампIэр сыт? Уэсыр къеуэхыху дыпэплъэн щхьэ хуей? Зыгуэрым и нартыху щIыIэм иригъэсмэ, мис ар езыр ди губжьым хедгъэсхьэжынщ! Хьэкъыу зыпхывгъэкI мис ар!

НэгъуэщI тхылъымпIэ зыбжани къоджэхэр. Зэтехуэу, зэщхьэщыкIыныгъэ ин ямыIэу бжыгъитI къахэкIыркъым.

– Псоми «комиссар», «комиссар» жыво Iэ сэр щхьэкI э, – хэплъапэурэ къопсалъэ Къуэшрокъуэр, и бухъар пыIэри адэкIэ зыпыIуегъэкIуэт, абы илъ тхылъымпIэхэм абы фIэкI сахуеиж-къым жыхуиIэу.

– Псалъэм папщIэ, сэ фи комдиву сыщытщ, фэ си штабым фыриофицерхэу, подразделенэхэм фырикомандиру дощI. Мыпхуэдэ къалэн ди пащхьэм кърагъэуващ: бийм быдэу иIыгъ гъущI гъуэгу станцыр къэтщтэн хуейщ. А мурадыр къыдэхъулIэн папщIэ дэ тэмэму дыщыгъуэзэн хуейщ бийм и дзэр зыхуэдизым, и техникэр зыхуэдэм, ар дапщэ хъуми, абы и Iэщэр къыздиукIынкIэ хъунум, зэрызигъэбыда щIыкIэм, н. къ. Къэтщтэнщ, псалъэм папщIэ, бийм и дзэхэм я бжыгъэр. Комдивыр сэрауэ щыщыткIэ, тIасхъэщIэхэм я унафэщIым соупщ I: «Ди бийм дзэ дапщэ иIэ?» Модрейм жэуап къызет: «МинипщI». АдэкIэ оперативникым соупщI ар дыдэмкIэ. «Миний», – жи абы. Штабым и начальникым соупщIри: «Минитху», – къет жэуап. Полкхэм я командирхэм сеупщ Iмэ, къызжаIэр зэтехуэркъым: минибл,

миниплI... СщIэнур сыт иджы? Си фIэщ сщIынур, сызэдэIуэнур дэтхэнэра? Дивизэр хэзгъэкIуадэу, сэри зызукIыжын хуейуэ аращ абы къикIыр. АтIэ, мыбдеж щIэс си ныбжьэгъу командир-хэ, мис а сэ къысщыщIын хуея си махуэр къыфлъысауэ аращ фэ: Iуэхум фыщыгъуазэкъым, – Дотий IэштIымкIэ стIолым тоуэ. – Фыщыгъуазэкъым! Ауэ щыхъукIи, мыбдежи зауэ щокIуэкI, сыт хуэдиз гугъуехь абы пыщIауэ щытми, а зауэм щытекIуэн хуейри дэращ! Ар фронтым и приказщ, партым и унафэщ, народым къалэн къытщещI...

Цыджан Iэгуиплъэм хуэдэу дызэхэс хъунукъым дэ: зым зыр жиIэу, адрейми игу къихьэр къыщIигъуу. ТекIуэныгъэр къыщахьыр зауэ губгъуэращ. Дэри дихьэн хуейщ а зауэ губгъуэм – ди нартыхур здэщыIэ губгъуэм. Хьэуазэр иджыри зэ кIыщтэжын хуейщ, дзыгъуэ гъуанэ здихьа къэдмыгъанэу псоми я амбарым дыщIэплъэн хуейщ. Зы цIыхум зы килограмм игъэпщкIуу хуэддэнукъым, – Дотий йотIысэхыжри стIолым нэщхъкIэ йопыдж.

– ЩIэупщIэн щыIэ?

– Зы Iэгуиплъэ диIамэ, арат! – дыджу мэгушыIэ зыгуэр. Псори къызэщIодыхьэшхэ. Дотии зыхуэмыубыду и пащIэкIэ къьыщIогуфIыкI.

Дыхьэшхын зи мыIуэхур Чорэм и закъуэт. Абы къыгурыIуат «Iэгуиплъэ» псалъэр зэхьэлIар хьэщIэрауэ зэрыщытыр, уи хьэщIэ щхьэкIэ апхуэдэу мышыууэ угушыIэ зэрымыхъунури гурыIуэгъуэт. Ауэ, сыт ищIэнт, игу тригъэхуащ, зыри игъэпсалъэркъым зыхужримыгъэIэн щхьэкIэ.

– Уэсыр, – адэкIэ и псалъэм къыпещэ Къуэшрокъуэм, – пэжщ, нобэ-ныжэбэ къеуэхынкIэ мэхъу. Ауэ зауэм мыпхуэдэ хабзи щызокIуэ: зыщIезыгъэх офицерхэр зауэм и IэнатIэ нэхъ гугъу дыдэм Iуахуэ, быдэу ирырепэм ахэр гынымэр зыхуэдэм. Мыбдежи аращ. Я пщэ дэлъ къалэнхэр яхуэубзыхуауэ активистхэр хозяйствэхэм гъэкIуэн хуейщ. Ари кIыхьлIыхь мыщIауэ. Нобэ егъэжьэнхэ хуейщ. Гъавэм щIэзэуным хуэунэтIа бэнэныгъэр гуащIэу егъэкIуэкIауэ районым планыр игъэзэщIэн хуейщ!

– Ныбжьэгъу Къуэшрокъуэм жиIахэм и ужькIэ псалъэмакъ лей ебгъэкIуэкIыныр псыхэкIуадэ хъуа зэману къызолъытэ. Хэт дэнэ кIуэн хуейми, нэхъ иужькIэ яжесIэнщ. Уэри зыщIыпIэ укIуэну гукъыдэж уиIэ, ныбжьэгъу Къуэшрокъуэ? – Чорэм Дотий зыхуегъазэ.

– Iэмал имыIэу сыкIуэнущ. Ауэ, псом япэрауэ, япэщIыкIэ ди Жаннэ д’Арк и унагъуэ симыхьэу хъунукъым. Апхуэдэущ дэ абы зауэм дызэрыщеджэу щытар. ЯпэщIыкIэ абы и анэм сэлам езмыхауэ зыщIыпIи сыкIуэфынукъым. Сэлам зрамыхым, пщIэ зыхуамыщIым хуэдэ цIыхубзкъым къуэ ахъырзэманрэ

пхъу нэхъ ахъырзэманыжрэ къэзылъхуу зыпIа Хьэбибэ, – жеIэри Дотий гуапэу хуоплъэкI насыпыр зи нитIым къыщIэлыдыкI, укIытэу плъыжьыбзэ хъуа Апчарэ.

## 2. «ШЫХЭПЩ ЖЭЩ»

«Жаннэ д’Арк» деж дыхьэну жызыIэу къэзыгъэгугъа Къуэшрокъуэм зы шэтвэр хуэдизкIэ къыбгъэдэкIыртэкъым езы Апчари. Абы Чорэри кърнгъэблэгъащ.

– НэгъуэщI хэт сымэ фи деж щыIэнухэр? – щIоупщIэ Чорэр, абы иужьрей зэманхэм стIол хэплъыхь ищIу щIидзат.

– Хэт щыбгъэIэнур? КIурацэ сэрэщ. Уэ къезгъэблэгъащэрэт жыхуэпIэ гуэрхэр уиIэмэ – узэрегуакIуэщ, ныздэшэ.

Къуэшрокъуэм щIыгъуу дэни кIуэну и нэр къикIырт Чорэм, ауэ ар КIурацэ Iуплъэну хуейтэкъым. Иджыблагъэ къызэфIагъэувэжа чырбыш заводым и директорт КIурацэ. А тIум яку дэлъым, «райначыр» КIурацэ теплъэ щ Iэмыхъум и щхьэусыгъуэм Апчарэ щыгъуазэт, ауэ зыми гу лъимытэ хуэдэу фэ зытригъауэрт. Уеблэмэ Апчарэ пцIы еупс иджыпсту: унеблагъэмэ, Быбэ гуфIэнщ, жи. Хьэбибэ, гуфIэныр щыгъэтауэ, и нэм бжэгъуу къыщIэуэрт Чорэр. «Iужьнж-мыIужьнжт» ар Чорэм зэреджэр.

– СынэкIуэнщ жысIэу укъэзгъэгугъэну сщIэркъым. Iуэхур зыIутыр уэри уолъагъу, ди пэр къызэритлъэфыну Iэр дымы-щIэжу дыхэзэрыхьащ. Iэмал згъуэтыххэмэ... – Чорэм и макъыр егъэлъахъшэ. – Уполномоченнэм зэхезгъэхыну сыхуейкъым, ауэ бжьым хуэдэу си пщэгурыгъым телъщ ди планыр. Абы и Iуэхум димытхьэлащэрэт... Деплъынкъэ зэрыхъум...

– Дыножьэнущ!

– Правэри выри къыпхуэнащ иджы, шыщхьэхъумэ. Уэ пщIыр унафэщ, – жеIэ Къуэшрокъуэм, лэнейкIэм зригъэзэгъэжурэ, езым къыбгъурысу Апчари тIысыпIэ къызэрыхуигъэнэным хуэсакъыурэ. – Дишхэр дауэ щыт? Загъэпсэхуа?

– Псы езгъэфащ, згъэшхащ, – нэщхъыфIэу жэуап къет Нартшу.

– Уэ езыр-щэ?

– Сэри си ныбэ изщ, – пцIы иупсыртэкъым Нартшу: абы иджыпстукIэ ныбэ гуныкъуэгъуэ иIэтэкъым. КъантIасэ къыхуихьат лэкъум хуабэ, хьэлывэ, кхъуей, джэдыкIэ игъэвыкIа, щIакхъуэ зэтеупIэщIыкI.

– Плъагъуркъэ а трактористым зэрызигъэлI, – Iыхьэ лейм икIауэ Апчарэ и гуапэ дыдэ хъуащ Нартшу зэрилъэгъуар. Ар абы ищIыхурт «Псыпэ» колхозыр къызэрызэфIагъэувэж махуэхэм лъандэрэ. – Полкым и комиссарыр къыбошэкI-тIэ. Ара,

Нартшу? Полковникым и уришыщхьэхъумэ си гугъэщ. Тхьэм игъэпсэу КъантIасэ – егъэзыпIэ дэгъуэ къыпхуигъуэтащ.

И Iупэхэр зэтемыхьэжу мэгуфIэ Нартшу. Абы моуэ лIыфэ зытригъауэу комиссарым и «шыщхьэхъумэу» зэрыщытыр къигъэлъэгъуэн и гугъати – ар къехъулIэркъым: гуфIэгъуэ гуэр зэуэлIа дэтхэнэ сабийми хуэдэу, и Iупэхэр ф Iызэтож.

– Фэ тIур, лIо, фызэрыцIыхурэ? – егъэщIагъуэ Къуэшрокъуэм.

– Ауэ сытми дызэрыцIыху къудей?! Колхозым и председателу сыщыхахым щыгъуэ абы къытхуищIауэ щытар игъащIэ псокIэ тхуэпшыныжынкъыми, – Апчарэ дыхьэшхыурэ мапхъуэри щIалэ цIыкIум и хьэукIпы Iэр и натIэпэм къыщхьэпрык Iыу къыщхьэрекъуэ. Полковникым и «шыщхьэхъумэм», дауи, игу ирихьакъым апхуэдэ гушыIэкIэр. Абы къэгубжьагъэфэ зытрегъауэ.

– Дежьэну хуит сыкъэщI, ныбжьэгъу комиссар, – жеIэ Нартшу.

– Неуэ, неуэ.

– Сыту махуэ насыпыфIащэ нобэ! Дамэ стетамэ, уэгум силъэтэнт! – жеIэ гуфIэгъуэм зэрихьэ Апчарэ.

– ДыздэкIуэр Мэшыкъуэщ, шыщхьэхъумэ. Нэхъ псынщIэIуэу неуэ, армыхъуамэ Апчарэ лъэтэнщи ежьэжынщ, уэрэ сэрэ гъуэгум дыкъытенэнщи дыгъуэщэнщ, – жеIэри мэгушыIэ Къуэшрокъуэри. Абыи игу фIыщ иджыпсту.

– Угъуэщэну ухуейми, гъуэщапIэ иIэкъым мыбы. Узыхуейм Чопракъ уишэнущ. КъимыдэкIэ, КIурацэ и завод уэнжакъым метр плIыщI и лъагагъщи, километрипщIкIэ упэжыжьэми, уолъагъу дэнэ ущыIэми, абы ухуэкIуэмэ – угъуэщэнукъым. А си ныбжьэгъур цIыхубз бэлыхьщ! Техникэм фIыуэ хищIыкIыу зригъэсащ нэмыцэхэм ди лъахэр щаIыгъам, – Апчарэ къре-гъэгъажьэри Къуэшрокъуэм къыхуеIуэтэж хъыбар гъэщIэ-гъуэн. ЩикIуэтыжым щыгъуэ, румынхэр КIурацэ къыщохьэ: кхъуей хьэлрэ джэдыкIэ зыбгъупщIкIэ топ удохъуэж, жаIэри.

– Къихъуэжа-тIэ?

–Ахьай къихъуэжа, Къихъуэжри... Топгъауэхэм къызэрыжраIа дыдэм хуэдэу ищIащ: топыпэр трихри адрейм выгу хьэлэмэт къыхищIыкIащ.

– КIураци щыIэну фи деж?

– Ар щыIэнущи аракъэ Чорэм зригъанэу къэкIуэн щIимыдар, – имыщIэххэу къыжьэдоху Апчарэ. Ар зи бзэм хуимытыжхэм ящыщтэкъым, ауэ нобэ Къуэшрокъуэр къызэрыкIуам щхьэкIэ гуфIэщащи...

– ЛIо а тIум яку дэлъу зэпаубыдар?

– А псор псалъитI-щыкIэ къыпхуэIуэтэнукъым, – и псалъэр

щIилъэфыжыну хуожьэ Апчарэ. Ауэ Къуэшрокъуэр зэрыпкIэ-рымыкIынур гурыIуэгъуэт.

– Сыт щIэпсалъитI-щыр? Дэ зэман ди хъушэщ. Псалъэ гулъэкIэ къэIуатэ, – жеIэ комиссарым, ар хуейт Чорэр зыхуэдэр нэхъыфIу зригъэщIэну.

Апчарэ Iэджэрэ зрилъэфыхьащ, зэрыукIытэр IупщIу и гъусэр куэдрэ зэпиплъыхьащ. ИтIанэ тегушхуащ. Нартшу зэхримыгъэхын папщIэ, щэху цIыкIуу Къуэшрокъуэм хуиIуэтэжащ нэхъ щэхужу езым КIурацэ къыжриIауэ щыта хъыбарыр.

Фашистхэр ди щIыпIэм ирахужа нэужь, КIурацэ кIуащ Чопракъ Ипщэ дэс и шыпхъум деж. ЗдэкIуам и щхьэгъусэр зауэм хэкIуэдат. Зи лIыр зыщхьэщымытыж фызабэм бынитху къыхуэнат. Аузым дэс псори гуауэр зытепсыха унагъуэм къыщызэхуэсат. Хьэдагъэ къэкIуа фызхэр унэм щIэсщ, дыуэщI къекIуэлIахэр пщIантIэм щызэхэтщ. Духьэшыхэри зыщIыпIэкIэ «щоджэри» зэхэсщ. Дунейм ехыжа сэлэтым и Iыхьлыхэр я мылъку еблэжакъым – выщI э къащэхури сэдэкъэуэ хуаукIащ. Нартыху лэкъум куэду ягъэжьащ. Джэдкъаз яIэмэ, яукIащ. КIураци а махуэм и псэ еблэжакъым – здынэмыс щымыIэу Iуэхур зэрихьащ. Хьэдагъэ махуищым и ужькIи къанэри мыгъуэр зи мыгъуа и шыпхъум бгъэдэсащ.

Ауэ зэ кIуэжын хуейтэкъэ? Гъуэгщ-пыхьэщ, гъуэгщ-пыхьэри, и шыпхъум хуэгуIэжри, къыдэк Iыжащ. Машинэтедзэ гуэр къигъуэтынкIэ гугъэу къуажэкум кIуащ. Машинэ ежьэурэ махуэ псор пщIэншэу фIэкIуэдауэ, жэщи къыщытехъуэм, и шыпхъум деж игъэзэжыну мурад ещI. Абдеж зыгуэрым къыжреIэ районым ехыжыну шхапIэм деж машинэ гуэр зэрыщытыр. КIурацэ абы мажэ.

КъыжраIар пэжт: тхьэмахуэ и пэкIэ къызэIуахыжа шхапIэм деж, шофери имысу, «виллис» гуэр щытт. Щхьэгъубжэ зэIухам къыдэIукIырт тIэкIуи щIэзыкIа лIыхэм я макъ Iэтар. Уэрамым псэкIэ бауэ теттэкъым. Языныкъуэхэм деж жыжьэу хьэ банэ макъ къызэпхыIукIырт. Жылэр мамырыжат. Махуэ псом ешаелIа цIыхухэр жьыуэ гъуэлъыжхэрт.

ШхапIэм щIыхьэу цIыхухъу Iэнэм яхыхьэн мэукIытэ КIурацэ. УпщIи-уси хэмылъу макIуэри машинэм йотIысхьэ. ТIысыпIэ тIэкIунитIэ фIэкIа зэримыубыдыным пылъурэ, дурэшым зыдиукIауэ машинапхэм исщ, мохэр къыщIэкIыжыным поплъэ. Тхьэ ямыIуамэ, я ефэ-ешхэр зэ яухынкъэ? Райцентрым зэ нэсыжамэ, адэкIэ чырбыш заводым нэс зыгуэрурэ кIуэжынт...

Ину щыдридзейм, къызэщоу КIурацэ. Машинэр щIихьауэ жэрт. ЯпэщIыкIэ мо жейбащхъуэм къыгурыIуэркъым здэщыIэри здэк Iуэри. ИтIанэ зыкъещIэж. Дэнэ нэс сишэжыну пIэрэ, шоферым сеупщIынти, жиIэу япэкIэ зыщригъэщIым, цIыхубзыр къоуIэбжь – рулыр зыIыгъыр... Чорэрат. Абы зрекъузылIэри бгъэдэсщ зи пыIэр щхьэрыщэта щIыхубз щхьэц баринэ

гуэр. Чорэми рулыр Iэ сэмэгумкIэ иIыгъщ, Iэ ижьыр къыбгъурыс цIыхубзым пщI эхэдзащ. КIуэцIрыхуамэ нэхъ къищтэну, укIытащ КIурацэ. Машинэр къигъэувыIэу зэрыкъуаншэмкIэ зыкъыумысыжу къикIыжынущи, Чопракъ Ипщэ куэдкIэ къызэранэкIащ, лъэсу къэкIуэжыну къежьэжынущи, жэщыбгым цIыхубз закъуэр дэнэ кIуэн? Узыщцышынэну щыIэр дыгъужьхэм я закъуэкъым... Абы хуэмеямэ, мыупщIэжрэ-мыусэжу кIуэуэ хамэ машинэм итIысхьэнтэкъым. Чорэми, и щIыбагъкIэ къыдэсIауэ и пщIыхьэпIэ къыхэмыхуэу, къыбгъурысым IэплIэ, ба хуещI, жимы Iэ щыIэкъым. Языныкъуэми уэрэд къыхедзэ. Я «райначыр» апхуэдэ щытыкIэ иту нобэщ КIурацэ япэ дыдэу щилъагъур. Машинэм шагъырымэри бжьыныхумэри къоцыцыкI. Чорэм чэфыфI зэриIэри белджылыщ.

«Виллисыр» егъэзыхыгъуэм йожэх. Машинэм и уэздыгъэхэм лъапэнэху ядз къудейщ. ХэкIыпIэ лъэпкъ зэримыIэр, машинэм къызэринар хьэкъыу щыпхыкIым, КIурацэ, сыт ищIэнт, и гур тепыIэжащ. Машинэм здыщIиупскIэм, Iурихащ. АтIэми, и шыпхъум игу фIы хуищIу бгъэдэсурэ, иужьрей жэщищ-махуищым нэрэ напIэрэ зэхуихьатэкъым...

Зэзэмызэ къызэщыумэ, Чорэм и IутIыжщ: къыбгъурыс цIыхубзым Iурошхыхь, зрешэкI, иныкъуэкIи рулыр еутIыпщыпэри, «виллис» тIорысэр щхьэрыутIыпщ мэхъу, блэ кIуэкIэ ещI. Гъуэгум игъащIэкIэ кIэ имыгъуэтын хуэдэщ. «Езыр кIуэуэ бзутеуэм зыщIезыгъэIуба ныбгъуэм ещхь сыхъуакъэ?» – йогупсыс КIурацэ.

Чорэм машинэр занщIэу къегъэувыIэ. КъокIри адрей лъэныкъуэмкIэ къокIуэкI, машинэбжэр Iуех. КIурацэ мэкIэзыз, и псэр IукIауэ щысщ. Мис иджы кIэ сиIэщ, жи игукIэ. АрщхьэкIэ Чорэм абы гу лъитэркъым. Абы зи Iуэху зэрихуэр нэгъуэщIщ...

– ПщIэр сыт? ПщIэр сыт, зо?– фэрыщIу зехъунщIэ цIыхубзым. – ХъунщIакIуэ... ДыкъэзылъагъуIамэ, емыкIущ... Зыгуэр блэкIмэ... Бжэр къыхуэщI, нэгъуэщI мыхъуми...

– Алыхьым фIэкI иджыпсту дыкъэзылъагъун щыIэкъым. Абыи, дэ дримыIуэхуу, нэгъуэщI Iуэхушхуэ гуэр зэрихуэу къыщIэкIынщ, – Чорэм зыгуэр зэIетхъ.

– А узэIэр зэрыпхар пщIэркъэ, Iей? ЗэIыумытхъ. Сэ стIэтэнщ...

Куэд дэкIа, мащIэ дэкIа, сытми, зыгъэ-зызэман Чорэм и тIысыпIэр зэрегъэгъуэтыжри рулыр еубыдыж. КIурацэ и нэкIущхьитIыр мафIэм къресыкI. ЦIыхубзми зызэщIекъуэж, и щыгъыныр зэрегъэзэхуэж. Машинэр йожьэж.

Машинэ кIуэцIыр тIэкIурэ щыму щытщ. ИтIанэ цIыхубзым псалъэу щIедзэ, мэдыхьэшх, зыхуигъафIэу, зыхуигъэфIэIуу Чорэм зыкIэрекухь.

– Зэран укъысхуохъу. ЗыщIыпIэкIэ дыщхьэщыбгъэхун-

щи... – цIыхубзым хуэхъущIэ хуэдэу зещI Чорэм, ауэ жэм лъакъуэ шкIэ иукIрэ, жыхуаIэм хуэдэщ. Пэжщ, и нэр гъуэгум тенащ. Зы мэскъалкIэ убэлэрыгъамэ– упыкIащ. Зы гъуэгубгъур щыхупIэщи, уецI энтхъуэкIамэ, зэфIэкIащ, адрей лъэныкъуэр мывэ блынщи, ущIэбжьэхъуамэ, фIы щIыуигъэхынукъым.

– Сэ сызыщцышынэ мы дунеишхуэм теткъым. Уи гъусэу, ухуеймэ, щыхупIэм селъэнщ, – жиIэу зешийри цIыхубзыр Чорэм и нэкIущхьэм йощ Iэчауэ. – Псори зауэм иритхъыкIыжынщ. Пэжкъэ?

– Зыр иритхъыкIыжыр Iуэхут? НэгъуэщI къыткIэщIитхэнщи... – мэгушыIэ Чорэр.

– Уи фызырауэ къыщIэкIынщ уэ пхуэмыхьыныр къыпкIэщIэзытхэнур. Iейуэ ущцышынэрэ абы?

– Дыгъужьым ущышынэмэ, мэз умыкIуэ, жи. Сэ сщIэ псор дэнэ абы къыщищIэнур? Щыхьэт иIэ? ДыкъэзылъэгъуаIа?

Тхьэм и шыкурщ! ИкIэм икIэжым «виллисыр» къэувыIащ.

Жэщыр дэгубзэщ. Нэм къыщIэIэбэр умылъагъуу кIыфIщ. Чорэм машинэр гаражым дехуэ. ЕгъэункIыфI. КъокIыж, бжэр иредзылIэжри йожьэж. «Си хьэзабыр иухащ», – хуиту мэбэуэж КIурацэ. АрщхьэкIэ «псы икIыпIэм унэмысу уи кIэр умыIэт» жыхуиIэм ещхь хъуат Iуэхур – пщIантIэм дэкIыжауэ гаражыбжэр къегъэбыдэж Чорэм. КIурацэ апхуэдизкIэ гужьеяти, и нэр къыщипхъуэу джэлэным зытIэкIунит Iэщ иIэжар.

Пщэдджыжьым жьыуэ гаражым къыдыхьа шоферым машинэм ис цIыхубз мыщIыхур дыгъуакIуэу къелъытэри, япэщIыкIэ милицэм ихуну хуожьэ, итIанэ щIогъуэжри, Чорэм деж ешэ.

«Райначыр» а жэщым я унэ екIуэлIэжыхатэкъым – кабинетым щIэт диваныжьым нэху къыщекIат. Къэтэджри и гъуэн-шэджыр зыщикъуа къудейрэ зитхьэщIыну щIэкIыну щежьэ дыдэм, шоферым къихуа цIыхубзыр и пащхьэ къихутащ.

Шоферым къызэрыригъэжьарауэ, Чорэм къыгурыIуащ Iуэхур зыIутыр. ЩIалэр псынщIэу щIигъэкIри бжэр кIэлъигъэбыдэжащ.

– Жэщ псом машинэм уиса-тIэ? Псори плъэгъуа?

КIурацэ пцIы иупсу есатэкъым. Сыт ищIэнт? НехьэкI-къехьэкI лъэпкъ хэмылъу зыкъиумысыжащ.

– Ауэ, си анэ лIам и хьэдрыхэпсэ, апхуэдэ Iуэху сыхэхуэну си пщIыхьэпIэ къыхэмыхуа. АпхуэдизкIэ сыукIытат, апхуэдизкIэ си напэр сырти, а уи гъуса цIыхубзым и пIэм ситами, апхуэдэу сымыукIытэнкIи хъунтэм, дыкъэзыгъэщIа.

– Умыгузавэ. Абы и пIэр къыплъысынкIэ шынагъуэ щыIэкъым, – КIурацэ зэрымыщIалэжыр и нэм щIиIуу дыджу мэпсалъэ Чорэр.

– Зыри сымылъэгъуауэ сынэфу, зыри зэхэзмыхауэ сыдэгу сэгъроууэ къэлъытэ. АпхуэдизкIэ си напэр мэсри, иджыпсту

сыкIуэцIрыхуамэ нэхъ къэсщтэнт, – мэтхьэусыхэ КIурацэ. Псалъэ дыдж къраутIыпщари тхьэмыщкIэм и тхьэкIумэм иримыгъэхьэу блигъэIукIащ. И Iупэхэр мэпIэжьажьэри щытщ.

– Куэд къыумыбж! Щай фIыщIэжь и уасэкъым а къебгъэкIуэкI псори. Сызыхуейр пщIэрэ? Уи бзэм хуитыж. Зы жьэм къыжьэдэкIар жьищэм жьэдохьэ, зэрыжаIэр зыщумыгъэгъупщэ. ПхуэIыгъыну уи бзэр? Къавэу уэрамхэм дэт фызхэм уащыщкъым уэ: къулыкъу зыбохьэ. КъыбгурыIуэрэ ар?

– Бзагуэ сыхъу, си жьэр зэщIэсхмэ. Си хьэдрыхэ щэхущ...

– Хьэдрыхэми ухуэмыпIащIэ зэкIэ. НэгъуэщI мыхъуми, илъэсищ къудейкIэ уи бзэм хуитыж. ЗыхуэгъэшыIэ. А щэхур пхуэхъумэмэ – пхуэзмыщIэн щыIэкъым. СыткIэ укъызэлъэIуми – уи Iэрылъхьэщ. ДызэгурыIуа?

– ЗыкIи сынолъэ Iуркъым, си жьэри зэщIэсхыркъым.

– УнэхъыфIыжщ. А машинэ дыдэмкIэ уи заводым нэс уашэжынщ. Сыкъэплъэгъуакъым, услъагъужакъым, – Чорэр КIурацэ нэщхъкIэ йопыдж. – Ауэ зыгуэр къыбжьэдэкIынщи, къызжиIакъым жумыIэж. УщIегъуэжынщ. Уэри ущихъ цIыкIукъым. Къафэ дахэкIэ къэпхьауэ аратэкъым румынхэм кхъуэщын уагъэщэну къуату щIыщытар. Нэмыцэхэм сату яхуэпщIу уахуэлажьэу щытауэ аращ абы къикIыр. А сэлэтхэм кхъуэщын къадипхыу жэщкIэрэ ущрагъусахэми уэ пщIа псом зыри щIэупщIэркъым. Абы щыгъуи дунейр кIыфIу щытащ.

Мыбдеж КIурацэ зыхуэмыубыдыжу къыщеч. ЗэрыкъуэмылъIар, зыкIи зэрымыкъуаншэр абы езым фIыуэ ищIэжырт.

– «Ущихъ цIыкIукъым» жыхуэпIэм къипхыр сыт, тIасэ? Сэ румынхэм сызэралъэфауи!.. Напэншэ! Бзаджэнаджэ! – КIурацэ лIым йобгъэрыкIуэ. И псэр IукIауэ Чорэр йокIуэт. ЦIыхубзым мафIэр къыщхьэщех. – Напэншагъэу къыздэпщIэу хъуар умыбзыщIу къызжеIэт мыдэ! Район утыкум, республикэ утыкум къыщыжыIэ, хьэбыршыбыр! СыщIэшынэн, сыщIэукIытэн скъуэлъкъым сэ. Сигурэ си щхьэрэ къабзэщи, сэ жысIэр цIыхум я фIэщ хъунущ. Сэ утыкум сихьэмэ, уэращ щIегъуэжынур. Си щхьэгъусэмрэ си къуэмрэ псэууэ къагъэзэжамэ, сымыукIытэу хуиту абыхэм я нэгу сиплъэфынут сэ. Уэ иджыпсту бгъэпудар си щхьэм и закъуэкъым – си псэм и хъуахуэу зауэм хэкIуэда си Iыхьлыхэм-си лыджанэхэм я хьэдащхьэри хэутэн пщIащ уэ...

– Уи жагъуэ сщIыну си мурадакъым, КIурацэ. Дунейр умыкъутэ, хъийм уимыкI. ЦIыху къопсалъэ мыхъужыну хурэ гуащэ ухъуакъым. Уи жагъуэ сщIамэ, сыкъуэншамэ, къысхуэгъэгъу. КIуэ, еуэ, си машинэм итIысхьи – зегъэхь. Апхуэдэ псалъэмакъ и щхьэфэ дяпэкIэ диIэбэжыркъым. Сэри жылэм ямыщIэ сщIакъым. Зы цIыхубз лIыншэ и гуапэ сщIамэ, дунейр къутакъым...

КIурацэ и жэщ гъуэгуанэм иужькIэ езы КIурацэрэ Апчарэрэ «шыхэпщ жэщ» фIащыжауэ щытащ. Чорэм зыгуэркIэ елъэIун

хуей щыхъуахэм деж, Апчарэ КIурацэ жриIэрт: «КIуэи «шыхэпщ жэщыр» игу къэгъэкIыж «райначым». Чорэр абы зыкIи хуейтэкъым. Ар и щхьэм хуабжьу егъэлеяуэ хуэсакъыжырт, къауц цIыкIу къыкIэрыпщIамэ, IэкIэ емыIусэу, епщэрти зыкIэригъэхужырт. И гур къезауэурэ игъэзащIэрт абы КIурацэ и лъэIухэр. КIураци зыхуейуэ илъэпкъар «райначым» къригъащIэрт. Ауэ къыщIригъащIэр и щхьэ Iуэхутэкъым. Гъатхэ вэгъуэм щыгъуэ Чорэм и унафэкIэ унагъуэ жэмхэр пхъэIэщэм щIащIащ. КIурацэ Чорэм деж кIуэри жриIащ рабочэхэм я жэмхэр колхоз пхъэIэщэм щIащIэну къызэремызэгъыр, ситу жыпIэмэ заводым и рабочэхэр колхозым хэткъым, вэн-сэн Iуэхум епхакъым. Чорэр абыкIэ арэзы хъуащ. ЯтIэ зэрызэхапщэ ашыкхэр зэрагъэпэщыжын щхьэкIэ заводыр пхъэ хуей хъуащ. КIурацэ аргуэру Чорэм деж макIуэри пхъэр мэзым щыпаупщIыну хуит къащIыну йолъэIу. Сыт ищIэнт? Аргуэру «райначым» КIурацэ къигъэщIэхъуркъым. Заводым ларек къыщцызэIуахын зэрыхуейрэ куэд щIат. Ауэ къалэ сатуущIхэм зыхагъэзагъэртэкъым КIурацэ: «Фи заводыр къуажэм дэтщ. Дэ сату щытщIыр къалэращ», – жаIэрт. Райпотребсоюзми щхьэусыгъуэ къигъуэтат: «Фэ фырабочэ классщ, къэрал сатум фепхащ», – жаIэрт. Арати, заводыр пситIым я кум къыдэнат. Аргуэру Чорэм и «шыхэпщ жэщыр» къэгъэсэбэпын хуей хъуащ.

– Апхуэдэу Чорэм щэху хъумапщIэр итырт, – мэдыхьэшх Апчарэ.

– А къыубжэкIахэм пщIэ лей лъэпкъ хэслъагъуэркъым. Ахэр псори Чорэм ищIэн хуейуэ и къалэнщ, – жеIэ Дотий.

– И щхьэ Iуэху щхьэкIэ елъэIуну хэт Чорэм деж бгъэкIуэнуртIэ? Сэ, псалъэм папщIэ, сызэрыпхуэкIуэн фIыгъуэ дунейм теткъым.

– Къулым щытхъупсыр къерегъэжэхри-тIэ абы: жьым тесу псым йопыдж, жи. Жэрдэм хэлъщ, Iуэхум хещIыкI, жи. Пэрытхэм ящыщу жеIэ.

– СыхулIэ апхуэдэ пэрыт! Вы зимыIэм шкIэ щIещIэ, жыхуаIэм ещхьщ! – къолъ Апчарэ. – Ди районым и кIэн къикIыркъым зикI. Партым и райкомым и япэ секретару ягъэувар зауэм къикIыжа къудейти, и уIэгъэхэм хагуэжауэ сымаджэщым щIэлъщ. ЕтIуанэ секретарыр цIыхубзти, сабий игъуэтри тIысыжащ. Тхьэм ещIэ абы лажьэу щыщIидзэжын. Ещанэ секретару хахын ягъуэтыххэркъым. Арати, сэ нэхъыщхьэ здэщымыIэм сыщынэхъыщхьэщ, жыхуиIэу, Чорэм районыр къыхуэнащ. АдэкIи зедз, мыдэкIи зедз, зэмыпхъуэн щыIэкъым, къыхуэубыди щыIэкъым. Аращ абы и жэрдэмыр здынэсри жьым тесу псым зэрепыджри. ЗыхущIэкъур сыт жыIэт – езым ищхьэкIэ цIыху игъэкIуэнтэкъым. Районым щыкъру пашэну арат зыхуейр. Щыжейми аращ зэпщIыхьыр, къэушами аращ зэгупсысыр. Аращ дунейр щIикъутэри «лIыхъужьу» Къулым зыкъыщIригъэ-

лъагъури. Ухуеймэ, уи щхьэфэр лъэгущIыхь щIы, уи кIэтIийр уи вакъэпсу лажьэ, ауэ планыр гъэзащIэ. Аращ Чорэм и Iуэху зехьэкIэр. Бжыгъэшхуэхэм хуейщ. Арыншауэ уи нэр къигъэ-плъэнкъым.

Утыкушхуэ ихьа – псом япэ псэлъапIэм игъэлъадэ. Пленум, актив хъуа – абы щыгъуи аращ, – Апчарэ, жьыр хурикъужыркъыми, и псалъэр зэпегъэу. Дотий сабыру щысщ, зэхихахэм йогупсыс. – Уэ, дауи, къыпщошынэ ар. Уи хъуреягъыр къызэриущыхьыр плъэгъуакъэ? Псалъэ къызэрыжьэдэкIыу уи дежкIэ ноплъэкI: дауэ къыщыхъуауэ пIэрэ жыхуиIэу. Ар дэ къызэрыдэпсалъэр уэзгъэлъэгъуащэрэт. Къыдэпсалъэркъым – къытхобанэ. ДызэIуригъэлъэдэным хуэдэщ.

– Ар апхуэдэ щIыхуу сыткIэ хуэбгъэфэщэн!

– УмыпIащIэ зэ. Апхуэдэ куэд уигъэлъагъунщ абы.

Нартшу шыхэм яхоуэ. ЛэнейкIэр егъэзыхыгъуэм йожэх. Адэ лъэгум, ауз лъащIэм йолъагъуэ жэмэщхэм я щыгухэр, силос зэрылъ чэщанэхэм я щхьэ папцIэхэр.

– Уи щIалэгъуалэ фермэр дауэ щыт? – псалъэмакъыр ехъуэж Къуэшрокъуэм. – Зэбгрылъэлъыжахэ, хьэмэрэ иджыри...

– Мэлажьэхэ, тхьэ. Абы си ныбжьэгъу, си классэгъуу щыта Азизэ щолажьэ. Iуэхум фIыуэ хещ IыкI.

– Псыдзэм хитхьэлэ пэта Азизэра ар?

– Ара дыдэщ. Фермэр къызэфIэдгъэувэжат. Пэжщ, колхоз жэмхэр зыхъумэну жызыIэу дыкъэзыгъэгугъауэ щытахэм я расписскэхэр тхуэхъумакъым. ТфIэкIуэдахэщ. Ауэ цIыхухэм Iэщыр ягъэкIуэдакъым – яхъумащ. Зыкъэзумысыжынщи, сэри тIэкIу себзэджэкIат къуажэдэсхэм – расписскэхэр псори сейфым дэлъу дохъумэ, яжесIат. Фызыхэмытын фыхэмыту, жэмхэр къыдэфтыжи нэхъыфIщ. Армыхъуамэ... Ди жэмхэр зыхуэмы-хъумахэм нэгъуэщI жэм къыдэфтыжми, додэ. ЛъэкIэ зэ ды-увыжмэ, дэри фи щIыхуэ къыттенэнкъым, яжесIэурэ...

– Къыватыжа-тIэ?

– Ахьай къыдатыжа! НэмыцэзэрыпхъуакIуэхэр къэсыным и пэкIэ ди фермэм жэмищэрэ тIощIрэ тетати, иджыпстуи апхуэдиз диIэщ. Ухуеймэ, дытехьэнщ фермэм. Абы щхьэкIэ гъуэгу лей ткIунукъым. Ухуей? Дытехьэн?

– Ахьай сыхуей. Дытегъэхьэ.

– Комиссарым и шыщхьэхъумэ, – Апчарэ хуэм цIыкIуу Нартшу и дамащхьэм тоIэбэ, – мо мэз цIыкIур плъагъурэ? Мо кхъужьей жыгхэращ жыхуэсIэр. МафIэ бзий бзэгум зэрещхь абыхэм я щхьэкIэр. Мис а жыгхэм адкIэIуэщ-тIэ фермэр.

«Комиссарым и шыщхьэхъумэкIэ» къызэреджар Iыхьэлейм икIауэ зи гуапэ хъуа Нартшу гуфIэу къызоплъэкI:

– Уи фермэр соцIыху сэ, – зегъэлI щIалэ цIыкIум.

– Уэ ди Мэшыкъуэ узэрыщыщыр сщыгъупщэжати.

– Модэ ищхьэмкIэ псым щхьэл тетщ. Партизанхэм срагъусэу абы хьэжакIуэ дыкъэкIуауэ щытащ. Арщхьэкlэ зы щхьэл мывэр къутауэ къыщIэк Iри... Сыт дымыщIэмэ, дгъуэтатэкъым щхьэл мывэ. Щымыхъум, мыдрей щхьэл мывэ къэнар ерагъыу долъэфри абы нартыху зэрызэтрауд Iэ щхьэл ц IыкIу къыхыдощIыкI. Ит Iанэ махуэ къэс нартыху хьэнтхъупс уеуэнумэ – къеблагъэ! Пэжщ, языныкъуэхэм деж нартыху пIасти тщIырти мэлыл дэтшхырт. Ар ди тхъэжыгъуэ махуэхэрат.

– Пэж дыдэщ, тхьэ! ПсыщхьэмкIэ щхьэл тетщ. Iэмал имыIэу къызэдгъэпэщыжынщ ар. Музей къыщызэIутхынщ абы, – Апчарэ игу къокIыж Локотош и псэр пыт къудейуэ къагъуэтыжу а щхьэлым зэгуэр зэрыщагъэхъужауэ щытар.

– Мыбы зыгуэрхэм уащыхуэзауэ щытагъэнущ уэ, – Апчарэ КъуэшрокъуэмхуоплъэкI.

– Хэту пIэрэт? – щIоупщIэ Дотий.

– Локотош. Зэхэпхатэкъэ абы и гугъу?

– Сыт щхьэк Iэ зэхэзмыхыу! Ауэ сытми зэхэсха къудейт! Мыбы зыщигъэбыдауэ, аузыр бийр зыхэмызагъэ быдап Iэ ищIауэ зэрыщытари сощIэ. ЧУУ – Чопракъ ауз быдапIэ цIэрыIуэм щымыгъуазэр хэтыт? ЗэрыжыпIэмкIэ, капитаным а зи гугъу фщIы щхьэлым зыщигъэхъужауэ къыщIокI. ГъэщIэгъуэн къызжепIам, – зауэлIым и нэкIэ аузыр къызэхеплъыхь Къуэшрокъуэм. – Сыщымыуэмэ, ЧУУ ц IэрыIуэр здэщыIэр мо лъэныкъуэмкIэщ, – комиссарым и башыр еший Кавказ къуршыщхьэ хужьхэм къыщежьэрэ щхъуантIафэ къыщI элъадэурэ аузым къыдэлъадэ мэзылъэ бгыщхьэхэмкIэ. – Еу-уей, шыщхьэхъумэ, уэри а капитан Локотошыр плъагъугъамэ, сыт хъунт. Командир нэст, зауэлI хъыжьэт. Сэ сэщхьу, абыи лъакъуэ лъэныкъуэкIэ къижыхьырт, ауэ зи лъакъуитIри зыпытхэм нэхърэ нэхъыфIу зауэрт. Мис арат уэ зауэм уздэзышэну щытар. Абы зикI шэчи-шубыхьэи къытумыхьэт.

Апчарэ, дауи, иджыпсту тепсэлъыхьакъым зэгуэр Локотошрэ абырэ зэхуэтхэу зэрыщытам, ахэр иджы зэрызэхуэмытхэжыр и жагъуэ бзаджэ зэрыхъум. Сыт щIа абы Локотош и хъыбар лъэпкъ зэрызэхимыхыжрэ. ЛIа хьэмэрэ псэу – зыми ищIэркъым. Ауэ езы Апчарэ и ф Iэщ хъуркъым капитаныр хэкIуэдауэ. Хьэбибэ джэш идзатэкъэ – псэущ Локотош, и псэр къоIэ къыщалъхуа лъахэм. Ауэ абы и лъахэр дэнэ? Ленинград блокадэр зэпратхъащ, Локотош къэзылъхуа и анэм деж кIуэжауэ пIэрэ? И бгъур комиссарым хуэгъэзауэ щыст Апчарэ, и щхьэр ЧУУ лъэныкъуэмкIэ ирегъэзэк I, и нэпс къызэпижыхьахэр Дотий иримыгъэлъагъун папщIэ...

*Ещанэ псалъащхьэ*

## 1. ХЬЭБИБЭ И УНЭМ

«Албиян дэзэуа цIыху къыпхуэсшэнщ сэ, Быбэ», – жриIат Апчарэ и анэм. Аркъудейри ирикъунт Хьэбибэ къыхуеблэгъэну хьэщIэм екIурэ ещхьу зыхуигъэхьэзырын папщIэ.

И къуэр зыщIыху псори гуапэт, лъапIэт Хьэбибэ дежкIэ. Абы псори пасэу зэпилъытат, зэригъэзэхуат: Iэнэр къызэтрегъэувэ, езыр бжэм деж мэувыжри хьэщIэр зэрышхэм еплъу щытщ, ауэ зэплъыр, илъагъур Къуэшрокъуэракъым, хьэуэ, ар абы ицIыху-хэркъым, уеблэмэ шу дивизэр зауэм щыдэкIыгъа махуэм илъэгъуауэ щытауэ ищIэжыркъым, илъагъур, езым къигъэувa Iэнэм шхэуэ бгъэдэсыр хэт-тIэ? И псэм и щIасэ и щIалэ за-къуэрщ. И Албиянщ. Аращ Iэнэр къызыхуищтари. Албиян ерыскъы сырхэр нэхъыфIу илъагъурти, шыбжий плъыжьми емыблэжу хилъхьащ.

ПщыхьэщхьэхуэкIуэ хъуат. Хьэбибэ жэмыр къиша къудейт Къуэшрокъуэмрэ Апчарэрэ зэрыс лэнейкIэр пщIантIэм къыщы-дыхьам. ГуфIэщащи, нанэм и гур къилъэтыным хуэдизщ. Сыт щIа абыхэ хьэщIэ къазэрыхуемыблэгъэжрэ? И щхьэгъусэ Те-мыркъан мыгъуэр щыпсэуам, зы махуэ цIыхуншэ хъуу щыта-хэтэкъым, хьэщIэ ежьэжым Iуиха куэбжэм къеблагъэр къы-дыхьэу апхуэдэти...

– Къеблагъэ, алыхьырщ, алыхьым нэмыщIкIэ си щIалэм и хьэщIэ си дуней нэху! Лъэбакъуэу къэпчам хуэдиз насып тхьэм зритын си псэ тIэкIу, къакIуэ, къеблагъэ... – адэкIэ Хьэбибэ и псалъэр зэпегъэу, и лъакъуэ узым игъэдзыхэ лIыр лэнейкIэм къикIыным поплъэри щытщ.

Нартшу, жьы щIэту лэнейкIэм къолъэри, комиссарым дэIэпыкъуну адэкIэ къожэкI.

– УгъурлыгъэкIэ сыкъыфхуэкIуауэ тхьэм къыщIигъэкI, – нанэм и псалъэхэм зыдрегъэкIу Къуэшрокъуэми. – Сыт мыгъуэри ди зекIуэлI дэ! Ди лъакъуэ дыдэр ди кIэрыщIэн лейуэ къыдолъэфэкI. Апчарэ и жагъуэ схуэщIакъым, уэри услъагъуну си нэ къикIырти... Уи къуэмрэ уи пхъумрэ уэр щхьэкIэ псалъэ гуапэу жаIэу зэхэсхам хуэдиз махуэ насыпыфIэ къэбгъэщIэну тхьэм иух. Тхьэм жиIэмэ, уи щIалэри къыпхуэкIуэжынщ, бадзэ дзэкъапIэ темылъу, – и башыр сэмэгум иретри Iэ ижьымкIэ нанэм IэплIэ хуещI комиссарым.

– Уи псалъэхэр тхьэм деж нигъэс, си щIалэ. Зауэм у Iэгъэ уищIами, тхьэм и фIыщIэщ, укъыщалъхуа лъахэм псэууэ укъихьэжащи. Къупщхьэр псэумэ, лы къокIэкIыж. Алыхьым жыхуиIар хъунщ, тIасэ. Уи насып нэхъыбэ тхьэм ищI. НакIуэ, тIасэ, неблагъэ, нывщIыхьэ, – Хьэбибэ хьэщIэм дэIэпыкъуну хуожьэ. Ауэ Къуэшрокъуэм фэ зытрегъауэ и лъакъуэм зыкIи

къыхимыгъэзыхьу, езыр-езыру зречри унэм хуеунэтI. Хьэбибэ и нэм илъагъуж щы Iэкъым – пщI антIэм къыдыхьа уи КIураци, езым ипхъу дыдэ уи Апчари. Ахэр дунейм тетми темытми ищIэжыркъым.

– Фи хадэм, фи арыкъым сеплъамэ, си жагъуэтэкъым, – жеIэ Къуэшрокъуэм, тIэкIу къикIухьу и лъакъуэр къызэщ Iигъэплъэжыну и мураду.

– Арыкъыжккъым ар иджы – бомбэ зыщыхъумапIэщ. Ди Быбэрэ ди хьэмрэ бомбэ зытрамыгъэхуэну абдеж зыщагъэпщкIуу щытащ, – къыпогуфIыкI Апчарэ. И пхъум и псалъэхэр Хьэбибэ и тхьэкIумэ иригъэхьэркъым.

Шыгъуэгум ихьа хьэщIэр пшапэр зыщхьэщыгъуэлъхьа жыг хадэм йоплъри щытщ. Жыгым жьы щIыIэтыIэ мащIэ къыхеху, бжьыхьэ пщI ащэхэр щабэу мэIущащэ. Зызыхуэмышы Iэу нэхъ къытрич вагъуэ зырызхэр уэгум уэгуу къыхэтIысхьащ.

– Арыкъым нэс сынэсыфыну къыщIэкIынкъым. КIыфI и мэхъу. Жыг хадэ хьэлэмэтщ. Фэеплъ дэгъуэ къызэринэкIащ Темыркъан.

– Жыг диIэж мыгъуэ? Ари зауэм ихьащ. БыдапIэ щаухуэм дыдейхэм зыкъомыр паупщ Iащ, нэмыцэр къэсри къэнэжар пхъэгъэсын ящIыжащ. Арати... Жыг хадэм, и цIэр къанэри, и щхьэр к Iуэдыжащ. ЖыгыщIэ ц IыкI у хэтсэжащ иужькIэ. Ауэ джэдуук Iэ хуэдиз чы лантIэ ц IыкIухэм заужьу жыг хъуху си щхьэр мыузащэрэт. Ахэр жыг хъуауэ тлъагъуни – дымылъагъуни...

– Жыгми зауэм и уIэгъэр лъэужьу къатенащ, – къотхьэусыхэ КI урацэ, ауэ и щхьэгъусэмрэ и къуэ хэкIуэдамрэ асыхьэту игу къок Iыжри, шым и пащI эр пI уантIэмэ, и щI ыбыр щогъупщэ, жыхуиIэу, зи гугъу кърherъэжьа жыг уIэгъэр щхьэ щIыбым дрегъэдзэж. АтIэми, а тIур нобэ гуэрым игъейри и гур зэщыуауэ щхьэлажьэт КIурацэ. Мыдрейуэ, заводым щылажьэ физищ нобэ ягъэгуI эжауэ – я щхьэгъусэхэр зауэм зэрыхэкIуэдамкI э тхылъ къаIэрыхьауэ, – илъагъури, абыи и гур ирикъутыхьат. Физ тхьэмыщк Iищым ягу фI ы яхузощI жиIэурэ езым и фэм дэкIам ущIэмыупщ Iэ. Иджыпсту зыIыгъын зэрыхуейр, укъэгумахэу хъэщIэри щIэбгъэнэщхъеин зэрыщымыIэр къыгуроIуэ. Ауэ сыт ищIэн... Зыхуэубыдыжыркъым.

– Хъунщ иджы, си псэм хуэдэ. ЗумыукIыж... Гу къыпкIуэцIынэжакъым... Фэилыи къыпхуэнэжакъым, тхьэмыщк Iэ...– Апчарэ и ныбжьэгъум йодэхащIэ, игу фIы хуещI.

– Нартшу!.. Шыщхьэхъумэр дэнэ здэщыIэр? – Къуэшрокъуэр пщ IантIэмкI э маджэ. КIурацэ и нэпсхэм гу лъимыта хуэдэу фэ зытригъэауэу аращ.

– ЛIо, Дотий? – щIалэ цIыкIум и макъыр къоIу.

– Шыхэр бгъэзагъэмэ, ныщIыхьэ уэри, – башым зытри-

гъащIэурэ хьэщIэр бжэщхьэIум Iулъ мывэшхуэм добэкъуей. ЛIы уIэгъэм къехьэлъэкI щхьэкIэ, Хьэбибэрэ Апчарэрэ, есэ-жати, зыкIи къафIэмыIуэхуу дэжейрт, къежэхыжырт а дэкIуе-ипIэм. Ауэ Дотий дежкIэ ар апхуэдизкIэ хьэлъэт, лъагэти, Iуащхьэмахуэ дыдэ мыхъуми, Казбек дэкIыу къыщыхъужырт.

Сытми, бжэщхьэIум ерагъыу ебакъуэри, унэ кIуэцIыр зригъэгъуэтащ Къуэшрокъуэм. Япэ дыдэу зыIуплъа блыныр стендышхуэ хуэдэу къыфIэщIащ. Блыныку дыдэм йолъагъуэ комиссарыр зыщыгъуазэу фронтым къыщыдэкIауэ щыта «Молния» газетыр. Ар зытепсэлъыхьри ещIэж Дотий – Апчарэ пхуэмы IуэтэщI ыным хуэдиз лI ыхъужьыгъэ къигъэлъагъуэу Жаннэ д'Арк къыщыфIаща махуэращ а «Молниер» дунейм къыщытехьар. «Л Iыхъужьыгъэм и фэеплъ лъапIэщ, – жеIэ игукIэ комиссарым, – зы щIэблэм адрей щIэблэм иритыжурэ, игъащIэ псокIэ яхъумэну хуэфащэщ абы».

«Молнием» и сэмэгурабгъумк Iэ фIэлъщ танкист фащэ зыщыгъ Локотош и сурэтыр зэрыту газетым къыхэбзыкIа тхылъымпIэ напэ. Сурэтым нэмыщI, газетым итщ офицер хахуэм и зы махуэ гъащIэм тепсэлъыхь тхыгъэ цIыкI уи.

ЦIыкIу щхьэкIэ къэмынэу, тхыгъэм Iуэхугъуэшхуэ къиIуатэрт. Зауэм къыщыхъу хабзэ Iуэхугъуэ гъэщ Iэгъуэнхэм ящыщ зыт ар зытепсэлъыхьыр. Нэмыцэ зауэлI гуп, зэрымыщIэкIэ, ди дзэхэм я тылым къыщыхутауэ къыщIэкIащ. Локотош и танкистхэм я пщэ къыдэхуар Iуэху хьэлъэу къыщIокI. Зи псэм щымыгугъыж, зи гъусэхэр зыфIэкIуэда фашистхэр мэзым щIыхьэжри загъэпщкIуащ. Ахэр ди зауэл Iхэм къапэтIысырти къатеуэрт, лъэмыжхэр якъутэрт. Локотош зэтэкъым, тIэутэкъым бийм и лъэужь зэрытехьар; мис иджы къызоубыдхэр щыжи Iэ дыдэм, щIыр зэгуэхуу я кум дэхуам хуэдэу, фIэкIуэдыжхэрт. Ит Iани бийм и лъэужь щIэрыпс техьэрт: шхын ныкъуэшхыр хуабэу, зэрыпщэфIа мафIэр зэхэмык Iыжауэ ирихьэл Iэхэрт. А щIыпIэр къаувыхьырти дзыгъуэ гъуанэ зыдихьэн къамыгъанэу щIащыкIырт. АрщхьэкIэ фашистхэр бзэхырти ягъуэтыртэкъым. А щIыпIэм къедза унэхэм щIэплъэмэ – ахэри нэщIыбзэт. ИщIэнумрэ щылъыхъуэнумрэ ищIэртэкъым Локотош. Зэгуэ-рым, имыщIэххэу, зы унэ нэщI гуэрым щIохьэ. Тутын кIэпафэр пэшхьэкум иридзэну зригъэзыхауэ хьэкубжэр щыIуихым, абы и нэр хуозэ хьэкум къыкIэрыхуауэ унэ лъэгум деж щылъ ятIэм. Пэшхьэкубжэр къыIуихри иплъащ. ЩIакхъуэ зэрагъажьэ урыс хьэкушхуэр щIыIэмылт. Ауэ хьэку гъуанэм къэнжалышхуэ тепIат. Локотош ар кIэрахъуэпэкIэ тригъэкIуэтмэ – ипщхьэпIэ иIэщ. Гъуэгум ущытехьакIэ и кIэм унэсын хуейуэ арат. ИпщхьэпI эм и къипщыжыпI эр къалъыхъуэу щI адзащ. Унапхэм щыт жыгеишхуэм и ку гъуанэр арауэ къыщIэкIащ къипщыжыпIэр.

ЕтIуанэ къипщыжыпIэр езыр-езырурэ къыщIэщащ – бжьыхьэ пщIащэ зэтетхъуахэм я лъабжьэрт. ПщIащэ зэтетхъуам къы-хэпщащ пулеметыр узэдауэ зыIыгъ, ауэ зыгъэуэну хунэмыса фашистыр. Арати, абдеж Локотош нэмыцэ зауэлI щэщI гъэр къыщищIащ. А Iуэхугъуэм тепсэлъыхь тхыгъэм «Гитлеровцхэр щIы щIагъым къыщагъуэтащ» жиIэу фIащат.

«Молнием» ижьырабгъумкIэ гъуэжь хъужа сурэт гуэр фIэ-дзащ. Уеплъыпэмэ, къыпхуэщIэну аращ ар Албиян зэрисурэтыр. Абы ибгъум деж фIэлъщ письмо гуэр, Албиян къитхауэ арагъэнщ. АдэIуэкIи нэгъуэщI зы газет тхыгъэ цIыкIуи фIэлъщ, абы зи гугъу ищIыр минометчик Къэзэнокъуэ Албиян Дон и бжьэпэ ижьырабгъум щызэрихьа лIыгъэрщ.

ХьэщIэр а тхыгъэм и кIэм нэс къеджэну хунэсакъым.

– ГъуэлъыпIэм итIысхьэ, си щIалэ цIыкIу. Нэхъ тынш хъунщ, – жеIэ Хьэбибэ. «Хьэуэ» къыхигъэкIыркъым Къуэш-рокъуэм – пщIэшхуэ зыхуащI хьэщIэр гъуэлъыпIэм ирагъэ-тIысхьэ зэрыхабзэр ещIэ абы.

– Иужь дыдэу Албиян щыслъагъужар Сиваш дежщ, – жеIэ Дотий, ерагъыу гъуэлъыпIэм зригъэзагъэурэ, дэнэкIэ ихь-ми, и лъакъуэ узым тIысыпIэ къритыркъым. Щымыхъуххэм, и куэ щIагъым щхьэнтэ щIедзри нэхъ егъэтынш. – Зэхэпха, ди анэ, апхуэдэ тенджыз зэрыщыIэр?

– Албиян тенджызым тетуи?.. – Хьэбибэ и псэр IуокI, гужьеяуэ и нэр къоху. Хьэбибэ къыфIощI тенджызым нэхъ шы-нагъуэ дуней псом темыту, абы хыхьэ псоми къыхэкIыж ямыIэу занщIэу щIилъафэу. Тенджыз гугъу къызэрагъэхъейуэ абы игу къэкIыжырт и анэшхуэм и анэжым истамбылакIуэхэм ятеухуауэ жиIэжу щыта хъыбар шынагъуэхэр. Шынагъуэ къудей мыхъуу, икIи гуузт а хъыбархэр. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и зэхуэдитIхэм деж Хэкум икIыжа адыгэхэрт а хъыбархэм зи гугъу ящIыжыр. Къуажэ-къуажэкIэрэ, пщыгъуэ-пщыгъуэкIэрэ зызыщтэурэ зи хэкум икIыж адыгэ тхьэмыщкIэхэм муслъымэн щIыналъэм зышэну кхъухьым пэплъэурэ мазэ бжыгъэкIэрэ тенджыз Iуфэм зыIуагъэлIыхьырт. Апхуэдизрэ зыпэплъа кхъухьми псори зэуэ ирагъэтIысхьэфыртэкъым – абы ихуэр цIыхуищэ къудейт. Ер зи унэм ихьауэ щIапIэкIуэдыр зыхуэкIуар а кхъухьым итIыс-хьахэрт. Я псэм телъ хьэзабыр яхуэмыхьу язынықъуэхэм кхъухьым зыкърадзырти тенджыз толъкъуным зыхадзэжырт. А лъэхъэнэм кхъухьхэр къызэкIуалIэу щыта щIыпIэм иужькIэ ЦIэ Мэз фIащыжауэ щытащ. Дыгъэ гуащIэм зыщызыхъумэ истам-былакIуэхэм мэз щIагъыр егъэзыпIэ ящIырт, а мэзыр гъуэжь уз зэфыкI цIэм зэщIищтат, абы щымыгъуазэ цIыху цIыкIур а уз зэрыщIалэ бзаджэм лъэрыщIыкI ищIырт...

– Албиян дэрэ, – и псалъэм адэкIэ пещэ Къуэшрокъуэм,

абы гу лъитэркъым Хьэбибэ и псэр зэрыхуIуихам, – тенджызыщIэм дытету лъэсу дызэпрыкIауэ жыпIэ хъунущ. Пэжщ, сыгушыIэркъым – дызэпрыкIат апхуэдэу.

КIурацэрэ Апчарэрэ зоплъыж, зэхахыр я фIэщ дыдэ хъуркъым, ауэ мэукIытэхэри хьэщIэм пэрыуэркъым. Я щхьэми къахуигъэтIасэркъым тенджызыщIэм утету абы лъэсу узэпрыкI зэрыхъуну щIыкIэр. Тенджызым дэнэ къэна, Чопракъ лъэсу узэпрыкIыну хуежьи еплъыжыт – нэгъабэ лIам улъэщIыхьэжыни.

ХьэщIэми къыгурыIуэрт жиIэр щытхэм я фIэщ дыдэ зэрымыхъур, ауэ и псалъэр зэпигъэуртэкъым.

– ЗыбгъэпскI хъун хуэдэуи хуабэтэкъым а махуэр. Октябрым и кIэт, дунейр пшагъуэт, щIыIэт... ЗэкIэ зэпыдгъэунщ, армыхъумэ Хьэбибэ и ерыскъы хьэлэмэтыр мэупщIыIуж, – жеIэ Дотий.

Нартшу къыщIыхьэри бжэ къуагъым къуэувэжауэ сабырыбзэу щытт. Зауэ хъыбару комиссарым къиIуэтэжхэм жэщи махуи едэIуэфынут ар. Сыт хуэдизкIэ зихъунщIа пэтми, ари Iэнэм ягъэтIысащ. Нэхъыжь Iэнэ ут Iысыну къызэремыкIур ищIэрт абы, ауэ нэхъыжьым жаIэми уемыдаIуэу зэрымыхъунури къыгурыIуэрти...

– ХэIэбэ, тхьэм щхьэкIэ. Ди ерыскъыр Iумпэм умыщIмэ, Iейуэ ди гуапэ къэпщIынщ, – жиIэурэ КIурацэ тепщэчхэр хьэщIэм ирегъэкIуэталIэ. – Зауэм лъы ткIуэпсу щипкIутам хуэдиз илъэс бжыгъэ уи гъащIэм тхьэм къыпищэж.

– Зауэм щекIуэкI хабзэм тету, – жеIэри Апчарэ птулъкIэр къещтэ, комиссарым аркъэ стэкан ныкъуэфI хурегъахъуэ, езым ейми адрейхэм я стэканхэми тIэкIу-тIэкIу ирегъаткIуэ. Ар поплъэ и анэм жиIэну хъуэхъум. Унагъуэм исым я нэхъыжьыр Хьэбибэт, хабзэм ипкъ иткIэ япэ псалъэр жызыIэн хуейри арат. Нанэми ар ищIэрти, зыри зригъэжьакъым икIи зригъэлъэIуакъым – и бжьэр къиIэтри IитIкIэ иубыдащ, Темыркъан мыгъуэр зэрефэу щыта румкIэ цIыкIурат ар.

– Зи пащхьэ дыкъикIауэ зи пащхьи дихьэжыну... – къыщIедзэ Хьэбибэ и псалъэр, – тхьэм къысхуигъэгъу бжьэ сIэщIэту алыхьу тэхьалам зэрызыхуэзгъазэр. Сэ хъуэхъушхуэ сщIэркъым, псори зыщIэр ди щхьэщыгу итыращи, абы и нэфIымрэ и фIыгъуэмрэ хэмынын тхьэм дищI. Ауэ сэ жысIэнуращ: ди щIыгум тхьэр лIыфIкIэ къыхуэупсат. Дыгъэ дыдэми и насыпщ апхуэдэ щIыгум къызэрытепсэм папщIэ. Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым, жи. Ар пэжщ. Зауэм и мафIэ лыгъейм куэд зэкъуэш ищIащ. А зэкъуэшыгъэрщ къытхуэзыхьар нобэрей ди хьэщIэ лъапIэри. Уи щхьэр дымылъагъуми, уи цIэр фIыкIэ зэхэтхыу, утлъагъуну ди нэ къикIырти, алыхьым и нэфI къытщыхуэри нобэ ди унагъуэм укъихьащи, тхьэми цIыхуми я нэфI зыщыхуэным ящыщ ухъуну сыхъуахъуэу мы бжьэм дефэну сфIэзахуэт. Си щIалэ Албиян

урикъуэш нэхъыжьу фIэкI узбжыркъым, си тIасэ. Ар зэрыслъагъу дыдэм хуэдэу, абы тхьэ сызэрыхуелъэIум хуэдабзэу уэри...

Хьэбибэ куэд жиIэфынут. Ауэ и пхъур йоIущацэ: «Ерыскъыр мэдииж». Хьэбибэ и бжьэр дрегъэзей. Хъуэхъу жиIар тхьэм къабыл нэхъ ищIын и гугъэу, зы ткIуэпс къринэркъым. Зызэрегъалъэ, и Iупэр IэщIкIэ елъэщIыж. Абы и хьэлт япэ бжьэр къинэ щымыIэу ирифу, итIанэ ухуеймэ, хуигъахъуэ, ухуэмеймэ, хуумыгъахъуэ – IэпэкIэ е Iусэнутэкъым.

Стэканхэр зэщIожьыуэ.

– Дауэт жыпIа, си щIалэ, тенджызым лъэсу фызэрызэпрыкIар? – зыхуэмышыIэ пщтырафэу, щIоупщIэ нанэр.– Лъэсу тенджызым зэпрыкIауэ зылъагъуаи зэхэзыхаи срихьэлIакъым нобэр къыздэсым. Дэ дыкъэзылъхуахэр Индыл зэпрыкIыу щытащ. Ауэ шууэт зэрызэпрыкIыр. Пэжщ, абыхэм Iэмал хъарзынэ яIэт: фэндитI ягъэпщт, ахэр шым ибгъу зырызымкIэ кърапхыжти, шыр, кхъуафэжьейм исым хуэдэу, псым зэпрыкIырт. Ещанэ фэндым гын, шэ, щтауч, щтамылэ хуэдэхэр иралъхьэжырти, псыф мыхъуу зэпрахырт.

– А зи гугъу пщIы фэндхэм хуэдэ зыгуэрхэр – хьэфэ кхъуафэжьейхэр – ди Iэт дэри, – и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI Къуэшрокъуэр. – Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, дэратэкъым зиIэр – саперхэрат. Ауэ а махуэм саперхэр къыкIэроху – къыщысын хуея дакъикъэм кърихьэлIахэкъым. Зауэм щыхабзэр сыт? Зи шэ япэ икIам и анэм и махуэщи, зи шэ къыкIэрыхуам и анэм махуэ мыгъуэр къыхуэкIуащ. Ар уэрауи ирехъу, уи бийрауи ирехъу. Шэм хэдэ ищIыркъым. Саперхэм абы фIэкI дапэплъэ хъунутэкъым. А махуэм фашистхэм езауэ ди сэлэтхэм къапэщылът, – жеIэ Дотий,– граждан зауэм щыгъуэ Кърым хуит къэзыщIыжа красноармеецхэм зэрахьауэ щыта лIыгъэр етIуанэу къытрагъэзэжын хуейуэ. Абы щыгъуэ, 1920 гъэм, Фрунзе и дзэхэр Сиваш къэсащ зы тхьэмахуэкIэ къыкIэрыхуауэ – ноябрым ибл махуэм ирихьэлIэу.

Мо зи гугъу сщIы зэманым щыгъуэ ди зауэлIхэр тенджыз Фам зэпришауэ щытат а щIыпIэм щыпсэу Оленчук Иван. А гъуэгугъэлъагъуэ цIэрыIуэр псэужми мыпсэужми, зыми ищIэртэкъым. Ауэ гузэвэгъуэм къыуимыгъэгупсысын щыIэ? Мо махуэ пшагъуэ бзаджэм уигъэгъуащэу псым къулейсыз ухэхъухьынкIэ зэрыхъуным игъэгузэва зауэлIхэм яхэту къыщIокI штабым и офицер тIорысэ гуэр. Ар Фрунзе и унафэм щIэту къулыкъу зыщIахэм ящыщт. Мис арат Оленчук зигу къэкIыжар. ЗэрыгъэгужьеяуэикIуэтыж фашистхэм я гъуэгур зэрызэпаупщIыным хуэпIащIэу ди зауэлIхэр Сиваш хуэкIуэрт. ТIасхъэщIэххэр кхъухьлъатэкIэ доутIыпщ.

Зи дамэхэм вагъуэ плъыжьхэр тету хуторым и гъунэгъуу къыщытIыса У-2 кхъухьлъатэ къызэралъагъуу, фызи, сабии,

лIыжьи къызэхуос. Дуней гуфIэгъуэр къызылъыса цIыхухэм тIасхъэщIэххэм къыхуаIуэтащ бийм и Iуэху зыIутым ехьэлIауэ зыщыгъуазэ псори. Хутордэсхэм зыкIи гъэщIэгъуэн къащыхъуакъым тенджыз Фам щхьэщыт жьыр здеуэ лъэныкъуэм ди летчикхэр зэрыщ IэупщIэр. Ар умыщIэу Сиваш утехьэ зэрымыхъунур псоми къагурыIуэрт.

Тенджыз бжьэпэм щхьэщыт Строгановэ къуажэм пшагъуэ Iув хьэлъэр къыщхьэщыгъуэлъхьат. А къуажэр пхыдзат, бийм иIыгъахэм щыщт, ауэ иджы абы псэ къыхыхьэжат – и уэрамхэм советскэ сэлэтхэр дэз къэхъужат. Кхъухьлъатэ къащхьэщыхьэхэм ягъэшынэу зызыгъэпщкIуауэ щыта цIыхухэри дунейм къытеужьгъэжати, абыхэм ди сэлэтхэр ирагъэблагъэрт. Уэс цIынэ къриупцIэхым ухэт нэхърэ, дауи, унэ хуабэхэм ущIэсыныр нэхъыфIт. Абдеж къыщагъуэтыж дызылъыхъуа гъуэгугъэлъагъуэ Оленчукри. Цыджанэ хуабэ, к Iагуэ дыта щыгъыу, къатыр лъапщэ к Iыхь тI орысэфIит I лъыгъыу, хьэукIпы Iэ щхьэрыгъыу къок Iуэ. ДыщIыхуейр ищIэу хуэхьэзыру къэкIуауэ арат. И жьакIэм тхъугъэ мащIэ хидзащ, набдзэ Iувщ, къэзакъ пащIэшхуэ тетщ. Л IыжькIэ уеджэ мыхъуну, моуэ лIы зэрыIыгъыфIщ.

Дивизэм и командирым тIасхъэщI эххэмрэ Оленчукрэ я къалэныр ягурегъаIуэ. Сэ подразделенэхэр къызэхызокIухь. И гуащIэгъуэу Iуэхум зыхудогъэхьэзыр. Минометчикхэм я минометхэр Iыхьэ щырыщу зэпкърахащ, пулеметчикхэми ар дыдэрщ ящIэр. Iэщэр Iыхьэ-Iыхьэурэ хьыныр, дауи, куэдкIэ нэхъ тыншщ. Сэлэтхэм лагъымхэр, топышэхэр, пулеметышэхэр зэрылъ дискхэр ятедгуэшащ. Езым кIэрылъым нэмыщI, дэтхэнэми хьэлъэ гуэр ихьын хуейт.

ХьэщIэм Хьэбибэ зыхуегъазэ:

– СымыщIэххэу, си нэIуасэ макъ гуэр зэхызох: «Фэндкъым ар – миномет плитэщ! Уи пщэм щхьэ фIэбдза ар? Хьэмэрэ занщIэу ущ IигъэтIысыкIыну ухуейуэ ара? Упсэууэ псым унызэпрыкIын хуейщ уэ! КъыбгурыIуа?» Ар Албиян сэлэтым гуригъаIуэу арат тенджыз Фам минометым и плитэр зэрихьын хуей щIыкIэр. Албиян захуэт: плитэр псым зэрихын хуейр уи дамащхьэм телъут. ЩIалэр зыгуэркIэ хутыкъуэ хъужыкъуэмэ, хьэлъэр и дамащхьэм иридзыхынт, итIанэ зыгуэрурэ къигъуэ-тыжынт. «Къэзэнокъуэ!» – жызо Iэри соджэ. Албиян зэхэзе-щхъуэн сищIри занщIэу сыкъицIыхужакъым. ЗауэлI хабзэу къызбгъэдохьэри: «Къэзэнокъуэр сэращ!» – жи. Абыи сэри тщ Iэртэкъым зэгъусэу дызэрызауэр. Зыкъомрэ къызоплъ-къы-зоплъри – зыкъызедз... Сриудыным т IэкIунитIэщ иIэжар. Зызэддзауэ IэплIэ зэхудощI. Дызэрызэрымылъагъурэ мащIэ щIа? УIэгъэщым дызэрыщIэлъ лъандэрэ... Абы щыгъуэ Албиян махуэ къэс си палатэм къыщIыхьэрт, хъыбарыщIэхэр къыс-

хуихьт. Сэ сыкъагъэтэджыртэкъым. Модрейм, и щIакъуэ баши-тIыр дамэу тет нэхъей, къилъэтыхьырт. Зауэ дызыIутахэр, ди ныбжьэгъу хэкIуэдахэр дигу къэдгъэкIыжт, ди Iыхьлыхэм я гугъу тщIырт... Уи гугъу, Албиян и хъыджэбз цIыкIум, Иринэ... аракъэ ди нысэм и цIэр?..

– Аращ, тхьэ! Иринэ Федоровнэщ! Иджыпсту къалэм щолажьэ ар. Езы Къул дыдэм и приемнэм щIэсщ, тхьэ. Ди хъыджэбз цIыкIу Даночкэ зэуэ хъыджэбзышхуэ хъуащи... И адэр къэкIуэжмэ, къыхуэцI ыхужынкъым, тхьэ...

– Уи жьэр гъэувыIэ зэ! ХьэщIэр ирепсалъэ. Албиянщ, н-на, абы зи гугъу ищIыр! – Хьэбибэ и пхъум токIие.

Дотий и псалъэм адэкIэ пещэ:

– Дэ тIэкIу лъэныкъуэкIэ ды IуокI, бжьэпэ дыдэм дыщхьэщохьэ. Нэмыцэхэм нэуфIыцIщхьэрыуэу Iэщэхэр ягъауэ. Албиян зэрыжи IэмкIэ, ар псы щIыIэм щышынэркъым. Къуршыпсхэр, жи, сыт щыгъуи мылым хуэдэу, щIыIэщ. Ауэ, жи, дэ абы зыщыдгъэпскIырт «щIыфашхэ зи Iэ мэзыкхъуэхэр псым хыхьэу ар ямыуцIэпI щIыкIэ».

– Пэж дыдэщ, тхьэ: мэзыкхъуэм и щIыфашхэр къыпхуэмыкIуэн папщIэ, абы япэ гъатхэпсым зыщыбгъэпскIын хуейщ, – КIураци игу къегъэкIыж и сабиигъуэм щыгъуэ щыIа нэщэнэр. – Пэжкъэ, Нартшу? Апхуэдэу жаIэркъэ?

Нартшу и пащIэкIэ къыщIогуфIыкIри:

– Пэжщ, – жиIэу и щхьэр ещI.

– Албиян лIы бэлыхьу къыщIэкIащ. Сиваш и щытыкIэр зригъэщIат, батареер псым зэрикIыну щIыкIэм хуигъэхьэзырат. Ауэ псым узэпрыкI къудейкIэ Iуэхур зэфIэкIыркъым. А уздикIа лъэныкъуэм узэфэн псы щымыIэу къыщIэкIынкIэ мэхъу. Албиян зауэлIхэм унафэ яхуещI гухэм торбэхэр къыкIэрахыу абыхэм псы из ящIыну, я щхьэхэм тету ахэр тенджызым зэпрахыну. Псы зыхьынухэм нэгъуэщI ямыхьыну хуит ещI. Тутынымрэ мафIэдзымрэ псыф пщIы зэрымыхъунури зыщигъэгъупщакъым. Псым укъыхэкIыжмэ, сыткIэ зыкъэбгъэхуэбэжын? ТутынкIэ. Мыри къегупсыс Албиян: и сэлэтхэр тIурыт Iурэ псым хигъэхьэну. Зы нэхъ щхьэпэлъагэрэ зы нэхъ цIыкIурэ зэщIыгъуу. Быдэ и анэ гъыркъым, жи. КъуэкIыпIэмкIэ жьыр къеуэмэ, апхуэдизкIэ псым зыкъеIэтри, Сиваш кхъухь мыин дыдэхэр техьэфынущ. Апхуэдэу къэхъумэ, цIыху лъэсхэм дежкIэ абы шынагъуэу пыщIар зыхуэдизым ущIэмыупщIэ. Ауэ мыбдежи щхьэпэлъагэр нэхъ цIыкIум зыкъомкIэ дэIэпыкъу-фынущ...

Ди насыпти, а пщыхьэщхьэм жьыр къыздеуэр къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэт. Iуэхум епIэщIэкIын хуейт.

Тенджызым тедгъэхьа гъуэгугъэлъагъуэмрэ тIасхъэщIэххэмрэ яубзыхуащ адрей бжьэпэм нэс километр дапщэ дэлъми. Метр минищрэ щихрэ хъурт. Сиваш и нэхъ куууп Iэ дыдэр, –

псыкIэрахъуэ е кумб уимыхуамэ, – метррэ нықъуэрэ хуэдиз хъууэ арат. Подразделенэхэм я командирхэм унафэ хуащI я сэлэтхэм я лъагагъыр къапщыну. Сантиметрищэрэ хыщIрэ нэхърэ нэхъ лъахъшэхэр бжьэпэм къытонэ. Езы Албиян и сэлэтхэр къамыл кIыхькIэ къипщырт. Батареем и Iыхьэ щанэм нэсыр «къыхадзын» хуей хъуащ. «Къыхадзахэм» уафэм сабэ драпхъейуэ щIадзэ, псым ф Iыуэ есу щаIуэжу хуожьэ, ди ныбжьэгъухэр зыдэдгъэIэпыкъуурэ дыникIынущ, жаIэрт.

Арати, зитчыну командэ къат. Батальонхэм тенджызым хуаунэтI.

– Еу-уей, тхьэмыщкIэхэ! ЦIыхухэм я плIэм илъу псори ялъэф мыгъуэу... – КIурацэ и Iэгухэр зэтрегъауэ.

– А минометхэм я хьэлъагъыр зыхуэдизыр пщIэрэ? Ахэр уи плIэм илъмэ, тенджызым ущIрагъэлъэфэныр щыгъэтауэ, жыхьэнмэм ухалъэфэнщ. Минометым и лъабжьэм щIэт плитэ закъуэм и хьэлъагъым урикъуни! – Апчарэ зауэ Iуэхум зыгуэр зэрыхищIыкIыр къызэригъэлъэгъуэн къигъуэтащи тепыIэжыркъым.

– Лагъымхэр зэрылъ ашыкхэм я хьэлъагъыр-щэ? Абрэмывэм хуэдэщ, алыхьу дыкъэзыгъэщIа! – Хьэбиби игу къегъэкIыж зы пщэдджыжь гуэр.

Жьапщэм ирихьэжьа жьуджалэм хуэдэу, нэмыцэхэр жэщым дэкIуэдык Iыжат. Хьэбибэхэ я унэм пэмыжыжьэу зыгу щытщ. Абы изу ашыкхэр итщ. Ашыкхэм топышэ гуэрхэр дэзщ. ЗыгуэркIэ къытхуэсэбэпынщ, жыхуиIэу Хьэбибэ ашыкхэм йоплъ. Ашык зытIущ къиищтэну хуожьэ. Ауэ лагъымхэр хьэлъэщ, ахэр зырызурэ кърихыу щIедзэ. Абы шынагъуэ гуэр пыщIауэ и пщIыхьэпIэ къыхэхуэркъым. Хьэри Хьэбибэ и ужь ищIащи, къыкIэрыкIыркъым. Ар зы ашык гуэрым кIэрыныкъащи, и щхьэр тричыну дзэкIи лъэбжьанэкIи йоныкъуэкъу. Абы, тхьэм ещIэ, шхын гуэр дэлъу мэ къыщIихьа – зеукIыж хьэм. Хьэбибэ ашыкыщхьэр трихмэ, пэжт – лы дэлът. Абы, – ар иремэлыл, иребылымыл, – игъащIэм хъысэпыл Iухуатэкъым. IэкIэ емыIусэу лыр лъэныкъуэкIэ игъэтIылъащ – и къуэрылъху хъыджэбз цIыкIур къэкIуэжмэ, иригъэшхын иIэт. АрщхьэкIэ хьэр пхуэубыдынт? Лы Iыхьэшхуэр ирехьэжьэри пабжьэм холъадэ. Хьэбибэ кIий-гуоуэ хьэм кIэлъыщIопхъуэ. Япэ къыIэрыхьар, – ар лагъым нэхъ псынщIэ дыдэрауэ къыщIэкIащ, – хьэм ириутIыпщащ. Мывэм тохуэри лагъымыр къоуэ. Хьэбиби хьэми насыпыр алыхьым къаритати, лагъымыр къуакIэм ехуэхауэ къыщIэкIат. Ауэ Хьэбибэ хьэкъыу пхык Iащ а гъущI хъурей джафэ ц IыкIухэм уриджэгуи хьэм ебутIыпщи зэрымыхъунур – ахэр зэрыажал IэщIагъэр.

Нартшу ерыскъыми зэманми – дунейм тету зыми егупсысыжыркъым. Псым ухэту дауэ тенджызым узэрызэпрыкIынур? Ар дауэ! Хуэухыркъым абы и гъэщIэгъуэнагъыр. Нэхъ псышхуэ

дыдэу игъащIэм Нартшу илъэгъуар Тэрчщи, абы и бгъуагъыр лъэбакъуэ зытIощIырыпщIщ. Мобыхэм километриплIым нэс... Мэшыкъуэ къыщыщIэдзауэ райцентрым нэс...

Псалъэмакъ зэпигъэуар къыщIедзэж Къуэшрокъуэм:

– Кърымым зыщызыудыгъуа фашистхэм я пщIыхьэп Iэ къыхэхуэнтэкъым ди сэлэтхэр лъэсу тенджызым зэпрыкIыфыну. Пшагъуэ Iуври сэбэп къытхуэхъурт – дигъэпщкIурт. Гу къыщытлъатам, нэмыцэхэр фIыуэ хэжеят. Гуп-гупурэ зызыгуэша ди дзэхэр ехъулIэныгъэкIэ Сиваш зэпрыкIат. Командирхэми сэлэтхэми пIэщIэгъуэр ятелъти топышэ, лагъым къауэхэр къафIэIуэхутэкъым. ЯпэкIэ кIуэн! Сыт хуэдизкIи, япэкIэ кIуэн! Арат хэкIыпIэрэ гугъапIэу щыIэр. Мылым хуэдэу щIыIэ псым къыхэкIыжа къомым я щыгъын псыфхэр я щIыфэм кIэрыщтхьэнкIэ шынагъуэщ, жьы щIыIэми узэпхелыгъукI. ИужькIэ Албиян игу къигъэкIыжу щытащ а махуэр: «Бахъэр къащхьэщихыу псым тес сэмэвархэм ещхьт цIыхущхьэхэр. ЦIыхухэм я жьэ къомым къыжьэдиху бахъэр тенджызым щхьэщыттти».

– Гъуэгугъэлъагъуэр-щэ? Ари фи гъусэт хьэмэрэ?. – КIурацэ и нитIыр къихуу щIоупщIэ.

– Оленчук Ивани? ЦIыху телъыджэт ар, – хьэщIэр псы йофэри нэхъ тыншу мэтIыс. – Фрунзе зэрыхуэзам и хъыбар къытхуищIыжт абы. Дауи, Иван и пщIыхьэпIэ къыхэхуатэкъым зэ зэпичауэ щыта гъуэгуанэм илъэс тIощI дэкIа нэужь аргуэру къытригъэзэжыну. Советскэдзэхэр Сиваш етIуанэу зэпришын хуей хъуну... Оленчук и унэм къинэжащ. Дызыхуей къытхуищIат. Дэгъуэуи къытхуищIат. Сыту тщIыжынт? ДутIыпщыжат.

Къуэшрокъуэр тхылъкIэ щыгъуазэт: дунейр къызэригъэщIрэ Кърымыр хъунщIакIуэхэм Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпкъратхъырт. А зэрыпхъуакIуэхэм Сиваш зэрызэрамыпщыта щыIэтэкъым. Ауэ «тенджыз Фам дыхыхьэнщи дикIынщ» жиIэу зыми игу къэкIатэкъым, бийхэм къахэкIатэкъым абы тегушхуэн. Арат Фрунзе и унафэм щIэту ди сэлэтхэм зэрахьауэ щыта лIыгъэр Краснэ Армэм и тхыдэм и напэк IуэцI телъыджэхэм щыщ зыуэ Лениным къыщIилъытэгъари.

Апчарэ и дэлъхум иригушхуэрт. Дауи иримыгушхуэнрэт! Албиян яхэтат дуней псом щымыкIуэдыж лIыхъужьыгъэ къэзыгъэлъэгъуауэ щытыгъахэм я гъуэгуанэр къытезыгъэзэжахэм!.. А махуэм ди дзэхэм къаубыдыжат кърым щIыналъэм щыщ «щIыналъэ мащIэр» – километр пщыкIутI зи бгъуагъым километриблым нэскIэ кIуэцIрыкIат. Ауэ а «щIыналъэ мащIэм» щIымахуэ псор щрахауэ щытащ зы армэ псо, танк корпусри, зыхуеину псомкIи къызэгъэпэща нэгъуэщI частхэри и гъусэу. А «IэштIымыр» ин хъумэ, ин хъуурэ илъэс ныкъуэм и кIуэцIкIэ апхуэдизкIэ «къэбэгати», гъатхэм ар зытехуа бийм фIы щIихатэкъым.

– Сэри хъуэхъу жысIэнущ, – комиссарым и псалъэр зэри-

ухыу къотэдж хъыбарым къызэщIигъэплъа Апчарэ. – Сыхуейщ мы бжьэм дефэну тенджыз щIагъми текIуэныгъэ къыщызы-хьахэм я саулыкъукIэ. Уэр щхьэкIэ, Дотий. Албиян щхьэкIэ, фэ фи гъуса псоми щхьэкIэ къызоIэт мы хъуэхъубжьэр!

Хьэбибэ щхьэкIэ сыт жыпIэн? Хъыбар зэхихам иужьыгуауэ, гузэвэгъуэр и псэм телъу щыст нанэр. И фIэщ хъуи хуэдэт, мыхъуи хуэдэт. Уэс къесу! Мылым хуэдэу щIыIэ тенджызыпсым ухэту километриплIкIэ укIуэну!.. Щхьэм къитIэсэгъуейт ар.

## 2. ПРЕДСЕДАТЕЛЬ ХЪЫДЖЭБЗ

Жэщ ныкъуэ нэсарэ пэткIэ, Iэнэм бгъэдэсхэр зэбгрыкIыжыфтэкъым. Зи напIэхэр къызэрелIыхрэ Iэджэ щIа Нартшуи яхуэгъуэлъыжыртэкъым:

– КхъыIэ, иджыри тIэкIунитIэрэ сыщывгъэсыж, – жиIэрти и комиссарым еплъыырт ар – хъыбархэм дихьэхауэ арат. – Сэ нобэ, фэ собранэ щыфщIам щыгъуэ, лэнейкIэм сисурэ сыщхьэукъуащ. Уэли, зыцкIэ си жеин къэмыкIуэ. Фи фIэщ мыхъумэ, мэ фыкъызэплъ... – щIалэ цIыкIум и нэхэр къригъэжырт. Абы жиIэр – нобэ жеяр – пэжми пцIыми, сыткIэ пщIэнт, ауэ апхуэдизу лъаIуэ «шыщхьэхъумэр» фIэгуэныхь мэхъури Дотий абы и гугъу ищIыжыркъым.

– Албиян абы фIэкIа ухуэзэжакъэ, тIасэ? – джэд щыкъун и пщIыхьэгъущ, жыхуиIэу щIоупщIэ Хьэбибэ. Нанэ и нэкIущхьитIыр къэуцIыплъащ, и нитIыр къолыдыкI. И пхъумрэ езымрэ къыпачауэ зэрызэщхьыркъабзэр иджыпсту нэхъри белджылы дыдэ къэхъуащ. Хьэбибэ игури и псэри хьэщIэм кIэрыпщIат. А цIыху дыщэр Албиян зэуэ гуапэу топсэлъыхьри...

– Ахьай иужькIэ дызэхуэза. Псыр къызыпытIэтI, ешаелIауэ зи лъэр щIэху минометчикхэм зы дакъикъэ заIэжьакъым – бжьэпэр зрагъуэтарауэ, я Iуэху и ужь ихьахэщ: бийм зэрытеуэным хуэдэу щIытIхэр къатIри загъэбыдащ, я минометхэр ягъэуващ. ЕтIуанэ махуэм къытщхьэщолъатэ «кIэдыкъуакъуэр» – фашистхэм я тIасхъэщIэх кхъухьлъатэр.

– СощIэ, сощIэ мыгъуэ. Абдежщ щыхэкIуэдар... – Апчарэ къыжьэдэлъэт пэтащ Iэнэм бгъэдэс псоми я псэм и щIасэ щIалэм и цIэр – Аслъэныкъуэ, КIурацэ и къуэм, и цIэр. АрщхьэкIэ псын-щIэу зыкъещIэжри, – си егъэджакIуэу щыта связист Адэмо-къуэр, – жиIэу къыщIегъу.

– «КIэдыкъуакъуэр» мэбзэхыж. Тенджызым дыхадзэжын я мураду фашистхэр шууэ къыдобгъэрыкIуэ. АрщхьэкIэ щыуат ахэр. Шуудзэм пулеметрэ фочкIэ дахэуэу щIыдодзэ. Фашист шууейхэм зыгъэзапIэ ямыгъуэту егъэзыпIэ зэвым дэдубыдащ. Зи уанэгур нэщI хъуа шы куэд къинащ а губгъуэ

Iэзэвлъэзэвым. Ди топгъауэхэм зыхуейуэ яхуэмыгъуэтыр шытэкъэ – мо къомыр къаубыд, шэщ хуащIри щIаубыдэ. Япэ зэхэуэм япэ къуентхъхэри къыхэтхащ. Шэджагъуэхэм деж бийр аргуэру къыдобгъэры-кIуэ – иджы танкхэри зыдагъэIэпыкъуурэ. Ди топгъауэхэм топышэхэр къаймэщIэкIырт. Зэуэм зэрытрагъэхуэнур хьэкъыу япхымыкIауэ, кIакхъур щIачыртэкъым. ТанкитI щыкъутэм, адрейхэм загъэкIэрэхъуэжри кIэбгъу защIыж. Бийм и лъэсыдзэхэм батареехэм я минометышэхэр уэм хуэдэу яхолъалъэ. Ди зауэлIхэм быдэу яIыгът щIыпIэр.

– Псы фызэфэнымкIэ дауэ фыхъурэт? – щIоупщIэ КIурацэ, псыншэу къэнамэ, псы щхьэкIэ цIыхур зэтелIакъэ, жиIэу гузэвэгъуэр телъу.

– ЯпэщIыкIэ ди Iуэхур щIэгъуакъым. ИтIанэ саперхэр носри абыхэм яукъуэдий понтон лъэмыж, псымкIэ ди Iуэхур къызэпэщыжа мэхъу. Дивизэм и штабри а «щIыналъэ мащIэм» ноIэпхъуэ, уэсыр кърипхъыхырт, уэтIпсытI бзаджэт. Ихъуреягъ-кIэ е зы псыкъуий, е зы псынэ щыбгъуэтынукъым. Iэбжьанэм хуэдэу джафэщ. ПщафIэхэм мыжурэпэрэ сапэкIэ уэс щIагъым къыщIатIыкI я хьэкухэр зэрагъэплъын къуацэ -чыцэхэр.

Сэри си щIыунащхьэм си плащ-палаткэр къытезубгъуэжауэ къамылым сыхэлъу сыжейуэ арат. Команднэ пунктырщ егъэзыпIэ тIэкIу зыгъуэтауэ къытхэтыр.

А жиIэхэр Iэнэм бгъэдэсхэм дежкIэ гурыIуэгъуэ дыдэу зэрыщымытым гу лъетэжри, Къуэшрокъуэр Албиян и гугъум тохьэж.

– Яужь дыдэу Албиян дэрэ дыщызэхуэзэжар Севастополщ, Сапун Iуащхьэм деж. Къырымыр хуит къэтщIыжа нэужь, дызэхуэзэну дызэгурыIуат. АрщхьэкIэ Iуэхур узэрыхуейм хуэдэу хъумэ, нэгъуэщI щыIэт? Дызэхуэзэжыфыркъым. НэгъуэщI щIыпIэ сыкIуэн хуейуэ унафэ къысхуащIри занщIэу сожьэ. Сыздагъэк Iуар Прибалтикэрат. Абы илъэс ныкъуэкIэ фIэкI сыщымызэуауэ уIэгъэщым сыщIохуэ.

Псори щым мэхъу. Я IыхьлыфIхэм, фIыуэ ялъагъухэм я гъащIэм пыщIа гугъуехь къомыр я хэплъапIэт Iэнэм щыс цIыхубзхэм. Абыхэм я нэгу гуфIэгъуэншэхэм йоплъри Къуэшрокъуэм фадэбжьэр къеIэт.

– Хъуэхъу жысIэну чэзур си деж къэса си гугъэщ иджы. Мы бжьэм си гуапэу сефэну сыхуейт ди цIыхубзхэм я саулыкъукIэ. Фэращ фронтым и щIэгъэкъуэн быдэр. Япэхэм къалъытэу щытащ – цIыхубзым унагъуэр хуэIыгъынкъым, щIэгъэкъуэн щIагъуэкъым ар, жаIэрт. Апхуэдэу зи гугъэу щытахэр зэрымызэхуар дуней псом щывгъэлъэгъуащ ди анэфIхэм, ди шыпхъуфIхэм, ди щхьэгъусэфIхэм. Сыт хуэдиз Iэщэ иIыгъми, сэлэтыр зэуэфынукъым ерыскъыншэу, щыгъыныншэу, гулъытэншэу. Сэлэтхэм гурэ псэкIэ къагуроIуэ фи

Iыхьэр фи жьэм зэрыхуэвмыхьыр, фи лыр къищу къызэрыфкIухьыр, фи щхьэ фызэримыIуэхужыр, ауэ зауэм Iутхэм папщIэ фи псэм фызэремыблэжыр. Аращ ди зауэлIхэм лIыгъэ мыкIуэщIыж къахэзылъхьэр. Фи псалъэ гуапэхэм, фи посылкэхэм IэфIагъэрэ гулъытэу яхэлъыр мыхъуамэ, зауэлIым и Iэщэри и лIыгъэри сытым щыщт? Ди текIуэныгъэм и зэхуэдит Iыбзэр зыбгъэдэлъыр фэращ, цIыхубзхэращ, си псэм хуэдэхэ. Фи узыншагъэкIэ, уи саулыкъукIэ, зи узри зи лажьэри кIуэдын Хьэбибэ. УщхьэлъащIэ щхьэкIэ, лIым и лIыгъэ пхэлъщ. Нэмыцэхэм, нэмыцэ хъуа бзаджэнаджэхэм лIы хуэдэу уазэрыпэщIэтыфам сыщыгъуазэщ сэ. Упсэу, ди анэ! Куэдрэ утхуэпсэу! Уэр-щэ, Чарочкэ-Апчарочкэ, ди Жаннэ д'Арк цIыкIу! ЛIым уралейщ уэ! МыдэкIэ, КIурацэщи... Гуауэшхуэ игъэващ, IэнатIэ хьэлъэ Iууващ, ауэ сыт пщIэн?.. ФIым я нэхъыфIым тхьэм ухуишэ. Апхуэдиз гуауэм укъимыухуэу лIы хуэдэу укъызэтенауэ, лIы IэнатIи зохьэ нобэ, упсэу, си шыпхъушхуэ. Уи саулыкъукIэ...

Псалъэхэм къыхэжьыуэр стэканхэм я макъым и закъуэкъым, цIыхубз нэпсхэри къыхолыдэ абы. КIурацэрэ Апчарэрэ фадэм хэIуба къудейщ. Хьэбибэ и хьэлым текIакъым: зы бжьэщи – зы бжьэщ. ХьэщIэм зы ткIуэпс къринакъым – и стэканыщIэр зэрыкъабзэм хуэдэу псалъэ къабзи зэрыжиIар къигъэлъэгъуащ. Джэдылым хоIэбэ, зэ йодзакъэри, и «ефэгъухэм» яхэплъэурэ, къыпогуфIыкI:

– ЛIы къулыкъухэр зефхьэ щхьэкIэ, лIы хуэдэу фефэфхэркъым. Псоми фи къалэныр си закъуэ згъэзэщIэн хуейуэ ара? ЛIы хуэдэу фыщытын хуейщ, дэнэ фыщыIэми, сыт фщIэми.

– Уи бзэмкIэ дыщэр ираубзи, си щIалэ нэхъыжь, – Хьэбибэ и бжьэр къеIэт, и Iупэр хещIэри егъэувыж.– А си хъыджэбз цIыкIу, ди хьэщIэм бгъэдэсын лIы гуэр щхьэ укъемыджарэ? ЛIыр лIым зэригъэхьэщIэ хабзэр дауэ пщыугъупщэжыт, тIасэ?

– Хэт илI дыкъызэбгъэджэнур, Быбэ? ЛIыхэр зауэм зэщIикъуауэ и бгъуэщIым къыщIигъэкIыркъым, –Апчарэ и дамэхэр дрегъэуей. –Гитлер и Iупэ дагъэхэм ебзейуэ щытахэрщи... Тхьэм и шыкуркIэ, шыгъу зышхахэр псы йофэж. Уэ цIыхум уахыхьэркъэ? Уи нэгу щIэкIыркъэ цIыхубз IэлъэщI фIэкI дэнэкIи зэрыщумылъагъур? ПыIэ зыщхьэрыгъ ущыхуэзэр зэзэмызэххэщ. Мес, еупщI КIурацэ. Абы и заводым нэхъыбэу щылажьэр хэт? ЦIыхубзхэращ! Аракъэ, КIурацэ?

– Адэа... Чорэ-морэ жыхуаIэр-щэ?– къопсалъэ Хьэбибэ.

– Чорэ-морэкъым, Быбэ, атIэ ныбжьэгъу Чорэвщ! – Апчарэ мэдыхьэшх.

– Чорэф-морэфуи ирырехъу, лIыкъэсытми, гуIэгъуэ! Пудрэмэ къыкIэримыхыу, моуэ гынымэ, тутынымэ къыкIэрихыу...

– Къэбгъуэтат, тхьэ, Iейуэ гынымэ къызыкIэрихын! А уэ жыпIар зэхихамэ, и пыIэжьыр щэ дридзеинти, – КIурацэ мэ-

тхъэж. – ЦIыхухъу къалэныр лIыхэм нэхърэ нэхъ хуэмыхуу зедмыхьэ пэтми, фадэм дэ тхухэгъэщIын щыIэкъым, Дотий. Десакъым. АбыкIэ дыхыумыгъэзыхь.

– Ягъэ кIынкъым. ЦIыхухъухэм нэхъыбэ ялъысынщ! – къыпыгуфIыкIыурэ и Iэр ещI Апчарэ.

– Уэ езыр колхозым и председателу узэрыхаха щIыкIэм дыщIэгъэдэIут, Апчарэ, – Дотий хъыджэбзым зыхуегъазэ. – Уэращ иджы колхоз псом и щхьэр.

– Сыт мыгъуэри и щхьэ абы. Щхьэ сытми – щхьэ ныкъуэщ, – мэтхьэусыхэ Хьэбибэ.

– Ар сыт щхьэкIэ? – Дотий егъэщIагъуэ нанэм жиIэр.

– ЕупщI езым, – гъумэтIымэу Апчарэ и щхьэр и анэм дежкIэ иредзэкI, итIанэ асыхьэту и нэ дахитIыр къоцIыщхъукI. – Ар къыщцыгубжьам деж къызэрызэджэр «щхьэ ныкъуэщ», – къыпогуфIыкI Апчарэ.

– Сэ сыкъыщIэгубжьыр узэрыпредседателыракъым. СыкъыщIэгубжьыр нэгъуэщIщ. Ар, сэр нэхърэ нэхъыфIу, уэри уощIэ. Ущхьэ ныкъуэщ. Ар хьэкъщ. Адрей щхьэ ныкъуэр уи пкъыракъым зыфIэтыр.

Къуэшрокъуэм къыгурыIуащ Хьэбибэрэ Апчарэрэ яку псалъэмакъ зэрыдэлъыр, ауэ абы и щхьэусыгъуэм иджыпсту ущIытепсэлъыхьын щымыIэу къелъытэ. Езыми игу къокIыж и унагъуэ Iуэхухэр, езым деж къэкIуауэ щыта и щхьэгъусэ Iузизэ фронтым къызэрысарауэ, кIуэдыкIейуэ зэрыхэкIуэдар. Хьэлъэу мэщатэ, ауэ фи Iуэху си Iуэху сэ, си щхьэ си Iуэхужщ, жиIэ хуэдэу къафIэмыщIын папщIэ, мащIэу къыпогуфIыкIри щIоупщIэ:

– Апчарэ щхьэ ныкъуэмэ, адрей щхьэ ныкъуэр дэнэ щыIэтIэ? Хэту пIэрэ ар зезыхьэр?

– Зезыхьэр пщIэркъэ? Езы Быбэщ. Щхьэ ныкъуэ нэхъыфIыр езыращи, абы семычэнджэщу зы лъэбакъуэ зыщIыпIэ счы хъунукъым.

– Ар зыми хихатэкъым председателу – кIий-гуокIэ ягъэувауэ арат, – Хьэбибэ къызэрыгубжьыпар фэуэ тетт. – ХахырIэ IэткIэ къагъэлъагъуэ, итIанэ зы къуэгъэнапIэкIэ ущIашэри аргуэру щэхуу Iэ уагъэ Iэтыж. Мор лIо? УракIэ ягъэувауэ аращ.

– ЩIэпри цыри зэхыумыджэт, Быбэ! Колхоз председателыр зэрыхахымрэ депутатхэр щыхахымрэ зэхыбогъэззэрыхь уэ.

КIурацэрэ Апчарэрэ зэпеуэу къаIуэтэж зауэм и пэкIэ щIалэгъуалэ бригадэм и унафэщIу Iэщ фермэм щылэжьа Къэзэнокъуэр «Псыпэ» колхозым и предсэдателу зэрыхахауэ щытам и хъыбарыр. Ар ямыщIэххэу къэхъуа Iуэхут. А Iуэхум теухуауэ Апчарэ зы цIыхуи къепсэлъатэкъым. Абы къыхуагъэлъагъуэу щытар нэгъуэщIт: комсомолым и райкомым и секретарь къулыкъурт. Ауэ Апчарэ ар яхуидатэкъым. Нэхъ тэмэмыр жыпIэмэ, зымыдар Хьэбибэт. Япэрауэ, Хьэбибэ и хъыджэбз закъуэр и закъуэу зэрыпхуиутIыпщын, – ар къыщцытым хъунт

нанэм и фэм дэкIар! – фIыгъуэ мы дунеишхуэм теттэкъым. Мыдрейуэ, езыми гъусэ зыхуищIынути, мыхъуххэнур арат: «Уи адэм и хьэдащхьэр, и жьэгу пащхьэр сохъумэ, тIасэ цIыкIу, сэ. СыпсэухукIи схъумэнущ», – жиIэри пичащ.

Нэмыцэхэр зэрырахужрэ куэди дэмыкIауэ зы щIымахуэ пщэдджыжь гуэрым къуажэдэсхэр зэхуашэсащ. Жылэм дэсыжыр жьыкIэфэкIэхэмрэ цIыхубзхэмрэти, ахэрат къызэхуэсари. ЩIыIэм исарэ я дамэхэр драшейуэ жылэр щызэхэтт клубу щытам и залышхуэм. Зэгуэр сценэу щыта лъагапIэ тIэкIу лъэгуи зэрымылъыжым деж хэIэтыкIауэ зы стIолыжь тетт. Абы венскэ шэнтыжьитI-щыи бгъэдэгъэуват. Клубым щхьэгъубжи бжэи хэлъыжтэкъым. Умыгъуэтыжыххэнур унащхьэм щIэIул Iауэ щыта пхъэбгъумрэ унэ лъэгум илъамрэт. Сытми, цIыхур, Хъуэжэ и куэбжэ жыхуиIэм ещхьу, зи цIэм фIэкI зи щхьэр щымыIэж клубым щызэхуэсахэу арат.

КъыщIызэхуэсам и щхьэусыгъуэри къагурыIуэрт цIыхум. Гъунэгъу жылэхэм колхоз председателхэри къуажэ Советхэм я председателхэри щыхахыжакIэт. Чэзур мэшыкъуэдэсхэм деж къызэрысам шэч хэлътэкъым. Шэджагъуэнэужьхэм деж клуб пщIантIэм машинэ Iэуэлъауэ къыщыIуащ. Бгым къыщхьэдэхыжу зи къулыкъур зыубыдыжа Сосмакъ ТIалиб къэкIуауэ арат. Абы и ужь иту «виллисым» къикIащ кIагуэ дыта, джэлэфей гъуэншэдж зыщыгъ, бухъар пыIэ зыщхьэрыгъ, шырыкъу лъапщэ кIыхь зылъыгъ лIы гуэр. Сосмакъ ТIалиб сценэм дэкIуеящ, ищхьэмкIэ дэплъеймэ, гъуанэшхуэмкIэ елъагъу уафэм пшагъуэ гуэрэн къызэрытрихуэр – мыбдеж куэдрэ зыщыпIэжьэ зэрымыхъунур гурыIуэгъуэт.

Сосмакъым и «виллисым» пщэдджыжьым исат колхозхэм я председателу ягъэувыну зи кандидатурэхэр къагъэлъэгъуа цIыхуищыр. ТIур «игуэшакIэт». Ещанэри мэшыкъуэдэсхэм деж зэрыщыпхригъэкIыным шэч лъэпкъ къытримыхьэу къишат.

– Арати, дызэрихьэлIэжащ, жылэ. ЗэрыпхъуакIуэ нэмыцэхэр ди щIыналъэм зэрырахужамкIэ сывохъуэхъу, – къригъэжьащ зи макъыр хьэлэчу икIа Сосмакъым. Абы и бгъуэщI ижьым, зауэлI бгырыпх фэншэ бгъуфIэр иришэхыу, кIэрахъуэшхуэ гуэлэлт. – Бийм зыкIи сэбэп къыхуэхъуакъым Чопракъ аузым и къыр лъагэхэри: абыхэм закъуигъапщкIуэу зихъумэжын и гугъати – къехъулIакъым и мурад бзаджэр. Иджы бийм къигъэзэжыным щыгугъыу куэдым зыщагъэпщк Iу а къырхэм. Гъуэмылэ куэд хуей хъунущ ахэр – пщIэншэу поплъэ ахэр фашистхэм. Иухащ абыхэм я хьэгъуэлIыгъуэр. Абыхэм я мэлыщхьэ зэдэшхыным кIэ игъуэтащ!... – ТIалиб и псалъэр зэпегъэу, и тэмакъым зрегъэлъэщI, арщхьэкIэ и макъыр зэрикIат – абы къикI щыIэтэкъым. Аргуэру унащхьэм доплъейри гъуанэм йоплъ – пшагъуэр нэхъ Iеижу зэрызехьэ хъуат. «Залри» нэхъ щI ыIэ къэхъу зэпытт. ТIалиб хъунщIэпсынщIэу тепсэлъыхьу щIедзэ нэмыцэхэм

зэхакъута хозяйствэр къызэфIагъэувэжын папщIэ мэшыкъуэдэсхэм ялэжьыпхъэхэм.

Абдеж зыри зыпэмыплъагъэххэ къохъу. Трактор макъ гуэр къоIу. Къызэхуэсахэр зэбгрыжыжыным тIэкIунитIэщ иIэжар – танк къахыхьэ я гугъащ. Щхьэгъубжэ дакъэм дэлъея цIыкIухэм къуажэдэсхэм я гур фIы хуащI:

– Фымыгужьей! Фымыгужьей! Тракторщ ар! – жаIэ.

Дэнэ трактор къыздикIынкIэ хъуар? Я фIэщ хъуркъым. Ауэ пэжт – бжэщхьэIум деж бауэбапщэу щытт трактор. И рулыр зы щIалэ цIыкIу гуэрым иIыгът. Ар зауэм щыщIидза япэ гъэхэм щыгъуэ балигъхэм я IэщIагъэм хуеджахэм ящыщ зыт. Апчарэ еплъмэ, къецIыхуж – Нартшут ар. Фермэм щызэрыщIыхуахэу щытат.

И унагъуэр зэтезыукIа полицайхэм защигъэпщкIуауэ къыщикIухьым, Нартшу шокъу жиIэу къуакIэ гуэрым щыхуозэ трактор гуэр. Абы кIэрыщIат шэ фIэIуар зэрыт шалъэхэр зэхэуфэрэкIыжауэ зэрылъ прицепыр. ЩIалэ цIыкIур Iуэхум куэдрэ егупсысакъым – кабинэм итIысхьэри тракторыр зэщIигъэнащ. Нэмыцэхэм ямылъагъун хуэдэу, лъэныкъуэкIэ Iуихуу игъэпщкIуну мурад ещI. Дыдейхэм къагъэзэжмэ, къэдгъуэтыжынщ, йогупсыс ар. Тракторыр бгъуэнщIагъыжь гуэрым ехури щIехуэ. Адэ нэхъ дурэш дыдэм дехуэ. Къуацэ Iуегъэуъ-кIуриеж, мывэ Iуелъхьэжри къыIуегъэзыкIыж. ЯтIэ, пщIащэ трикIутэурэ лъэужьыр щIехъумэри йожьэж.

Нэмыцэхэр ди лъахэм ирахужа нэужь, Нартшу игъэпщкIуа тракторыр игу къокIыж. Жэрэ еплъмэ – щIэтщ. Ауэ тракторыр къызэщIэбгъэплъэжыныр мыIуэху джэгуу къыщIокI. АрщхьэкIэ Нартшу абыи Iэмал къыхуегъуэт: езым и IэкIэ зэтриуфауэ щыта мывэхэмрэ къуацэхэмрэ къызэтретхъужри къыщIэкIыпIэр хуит ещI. Джабэ къегъэзыхыгъуэм кIэрыт тракторым щIэрыIэурэ къырегъажьэ. Тракторыр тIэкIу-тIэкIуурэ щIопхъуэ. Моторым лажьэу щIедзэж. Кабинэр зэзыгъэгъуэтыжагъэххэу рулыр зыIыгъ Нартшу тракторыр къэрехужьэри къожьэж. А щIыкIэм тету щIалэ цIыкIум тракторыр занщIэу къэрехулIэ мэшыкъуэдэсхэм зэIущIэ щрагъэкIуэкI клуб къутам. Абы зэрихьа лIыгъэм и хъыбарыр «ду» жиIэу цIыхухэм зэлъащIыс. Абы теухуауэ уеблэмэ газетхэми ятхауэ щытащ.

– ЗэрыжаIэмкIэ, шыщхьэхъумэ, уэ икIи утрактористуи къыщIокIри! – Апчарэ и хъыбарым едэIуа Къуэшрокъуэр гуапэу щIалэ цIыкIум и дамащхьэм тоуIуэ.

КъэIэбэу IэкIэ щхьэщахам хуэдэу, комиссарым и щытхъум иужькIэ Нартшу жейр щхьэщокIуэтыпэ.

– Танкымрэ тракторымрэ я моторхэм я лэжьэкIэр зэщхьщ, – Iуэхум хэзыщIыкIыпэ гуэрым хуэдэу къопсалъэ Нартшу.

«Шыщхьэхъумэм» и пщIэр плъагъуурэ Iэта щыхъурт и комиссарым и пащхьэм деж.

– Тракторыр мэшыкъуэдэсхэм ептыну щхьэ мурад пщIат?

– Тракторыр щызгъэпщкIуа бгъуэнщIагъыр мэшыкъуэщIым хиубыдэрти. А бгъуэнщIагъыр мыхъуамэ, дэнэт сэ тракторыр щызгъэпщкIунур? Шэ завод абы щыгъуэ яIамэ, абы естынути, щамыIэм...

– Сосмакъым тракторыр ди колхозым трихыу МТС-м иритыну и гугъат. – АдэкIэ хъыбарым пещэ КIурацэ. – Ауэ Сосмакъыр зыщыгугъа хьэщIагъэм хуэдэ ди деж щигъуэтакъым. Ар Мэшыкъуэ къыщIэкIуа Iуэхум тепсэлъыхьыным щIимыдзэ щIыкIэ, Хьэбибэ къыдокIри псэлъапIэм къытоувэ. Апхуэдиз фызыр я акъылкIэ зэтехуэу сыкъызэралъхурэ слъэгъуами, сщыгъупщэжат. Псоми зыжьэу даIыгъащ Хьэбибэ жиIар. Пэжкъэ? – КIурацэ щысхэм захуегъазэ.

– Ди цIыхубзхэр апхуэдизкIэ лIыхъужь хъужати лIыхэм я пыIэхэр къыщхьэрауд пэтащ.

– Сщымыгъупщэжауэ нобэр къыздэсым си гум илъщ Хьэбибэ абы щыгъуэ жиIахэр, – КIурацэ Хьэбибэ зыпищIыж щIыкIэу кърегъажьэ: «Къеплъыт, си щIалэ, уи пащхьэм итхэм. ИлъэсищэкIэ зепхьэн тхьэм ищI уи пыIэр, ауэ уи пыIэм ещхь зыщхьэрыгъ цIыху плъагъурэ иджыпсту? Уи пащхьэ итхэм я щхьэхэр IэлъэщIкIэ фIэпхыкIащ. Ди лIыжьхэр абыхэм яхэзбжэркъым. Колхозыр къызэфIэзыгъэувэжыну зыпэщылъыр дэращ: анэхэращ, зэшыпхъухэращ, зилIхэр къэтхэращ. Ауэ щыхъукIэ, ди Iэтащхьэу щытын хуейри цIыхубзщи – гъэув цIыхубз. Тхьэрыкъуэ гупым я пашэр тхьэрыкъуэщ. Къыу гупым – къыущ, кърухэм – кърущ. Iэщ гуартэхэм я лъэпкъэгъущ я пашэу гъэувыжын хуейри...» Апхуэдэукъэ зэрыщытар, Быбэ?

– Зэрыщытар уэ бощIэжри, екъутэкI адэ.

И гуауэри IэщIэгъупщыкIыжауэ, къызэщIэплъауэ къеIуэтэж КIурацэ:

– Председателу хахын мурадкIэ къаша лIым зеIуантIэзешантIэри щытщ. И Iуэху къызэримыкIынур хьэкъыу къыгурыIуащи, псынщIэу зэрисыкIыжыным хуопIащIэ. АрщхьэкIэ ТIалиб ерыщу цIыхубзхэм ятрекъузэ, и мурадым и Iэр тригъэхуэну и мурадщ. Нартшу къытхуихуа тракторри къытхуигъэнэну, жылапхъэкIи къыддэIэпыкъуну жиIэу батэр екъутэ...

Газетхэм зэратхым ещхьу жысIэнщи, лъэныкъуитIым я бзэхэр зэтехуэркъым. Зэдауэхэу, зэрыгъэкIийуэ щIадзащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, кIиинкIэ цIыхубзхэм уатекIуэну тыншкъым. ЛIыжьхэри ди телъхьэ мэхъури...

Жэщыбг нэсауэщ дыщызэбгрыкIыжар. Iуэхур пщэдджыжьым яхьащ. Дыгъуасэ щыIам хуэдитI къызэхуэсат пщэдджыжьым. Зи лъэ вакъэ изылъхьэу жылэм дэсыр клубу щытам къекIуэлIащ. Аргуэрыжьщи, кIапсэ кIапитIыр зырызу дубыдауэ дызэпокъу. ТIалиб езым и пшынэм йоуэ, дэ ди пшынэм

дыкъыдофэж. Зыри щымыхъум, Сосмакъым зыгуэр обкомым егъакIуэ: тщIэнур сыт? Ди кандидатурэр тхупхымыгъэкIыу къытфIрагъэсыкI. Хъыбар къахьыж: «Езыхэм зыхуейр хрырах». Мэшыкъуэдэсхэр хэт зымыцIыхур, зэ яукъуэдиям пхутекIыну-къым ахэр. Си ТIалибу плъагъум сыт ищIэнт? «Хэфхыну фызыхуейр хэт?» – къыдоупщI. Зыми зыри щыжамыIэм, сытогушхуэри, сэ сыкъыдокI: «Апчарэщ, – жызоIэ, – дызы-хуейр. КъэзэнокъуэрщI жыхуэсIэр». Ар Хьэбибэ зыпэмыплъагъэххэт. Пэжкъэ, Быбэ?

– Уэ умыщIэн щыIэ? Си пхъур завод хьэкум ибгъапщкIуэу зэрыщытар сымыщIэ уи гугъэт? Кхъуэщыным и гъусэу листовкэхэр зэбгрыфшрэ блынхэм ефIулIу зэрыщытари сымыщIэ уи гугъэми, ущоуэ. Ауэ, сыт тщIэнт, ар фызэриIэщIагъэр тщIэ пэтми, ди жьэ зэщIэтхыртэкъым.

– Апхуэдэ Iуэхуи щыIа? – егъэщIагъуэ Дотий.

– Абы щыIа псом ущIэмыупщIэ. Iэмалыншагъэм урихулIэмэ, хъумпIэцIэдж абгъуэм ухэтIысхьэнщ.

Къызэрыгубжьар, и пхъум зэрыхуэмыарэзыр бэлджылыуэ къыщIедзэ Хьэбибэ:

– Сыщыуауэ къыщIэкIат, бетэмал. Фызым жиIэм едаIуи лIым зэрыжиIэу щIы, жызыIар щыуатэкъым. Сосмакъым жиIэм дедэIуэн хуеят. ИтIанэ зимыхъуми, си пхъум илэжь делагъэхэр слъагъунтэкъым.

– Нартшу и тракторыр къуажэм къыдезыгъэнэжар хэтыт, зо? Сэракъэ? Сэр мыхъуамэ, ар ди къуажэм дахунурэ нэгъуэщI колхоз иратынутэкъэ? И, зо?! Ар си япэ текIуэныгъэт, – укъыстехъущIыхьын иджыри, жыхуиIэу Апчарэ и анэм йоплъ, ауэ асыхьэту къоуIэбжьыж: Хьэбибэ и нэхэм хъуаскIэр къыщIэлыдыкIырт, и Iупэхэр кIэзызырт. Ахэр уафэгъуагъуэу арат, щыблэр щыуэнур дяпэкIэт.

– ЛIы хедгъэхамэ, абы кхъуэ Iуэху зэрихуэнтэкъым, – жеIэ Хьэбибэ, а гукъеуэр банэу и гущхьэм хэлът абы. КърырещIэ хьэщIэми: Апчарэ а зэрагугъэ Апчарэ цIыкIум хуэдэкъым. Ерыщщ, щхьэзыфIэфI бзаджэщ. ЗыкъыфIэщIыжащ. Къэзылъхуа и анэм попсэлъэж. Дунейр къутай, колхоз Iэтащхьэу хахамэ! Зэрыхахари сыт хуэдэу?..

– Мы кхъуэхэр мыпхуэдизрэ щхьэ къызэбудэкIрэ? Сытхъэжу къызэзгъэпэщат кхъуэ фермэ? Ди мэлхэр зыдыгъуар щхьэ умыгъэкъуаншэрэ? – Апчари мурад ищIащ хьэщIэм зэхихыу, нехьэкI-къехьэкI хэмылъу и анэм епсэлъэну. Абы шэч къытрихьэркъым Къуэшрокъуэр езым и лъэныкъуэ зэрыхъу-нум. ИтIанэ Быбэ зэрыщыуэр къыгурыIуэжынщ, аращ Апчарэ зыщыгугъыр.

Колхоз Iэтащхьэу зэрыхахарауэ, и Iэщхьэ-лъащхьэр дрехьейри Апчарэ и ужь йохьэ зэман кIэщIым къриубыдэу

хозяйствэр къызэрызэфIигъэувэжыным. Абы япэ чэнджэщэгъуу иIэр, дауи, Хьэбибэт. Пщыхьэщхьэшхэм и ужькIэ зэанэзэпхъур куэдрэ жьэгу пащхьэм дэст. Апчарэ и анэм хуиIуэтэжырт махуэм сыт ищIами, дэнэ щыIами, хэт хуэзами, сытым тепсэлъыхьахэми. И пхъум жиIэхэм гупсэхуу едэIуа нэужь, куэд зи нэгу щIэкIа нанэ губзыгъэм и хъыджэбзыр куэдым хуригъаджэрт. МысыхьэткIэ псори дэгъуэу екIуэкIырт. Апчарэ и анэм и жьауэм щIэтт, ар и щIыбагъ къыдэтти, и Iуэхури дахэу зэхуэхъурт. Ауэ къурмэныр къэблэгъэпауэ колхоз мэл пщыIэм зы жэщ закъуэм тобзэхыкI хъушэм и зэхуэдитIыр. Арыншами, мызэкIэ мэл пщыIэр къулейтэкъым. Лъхуэн-пIэну мэл щитI къудей ерагъыу къызэхуахусыжауэ арат. А тIэкIуми апхуэдэу Iэ щIыIэкIэ ухэIэбэн жыхуэпIэр Апчарэ дежкIэ гуауэшхуэт. Куэдрэ лъыхъуахэ щхьэкIэ, зикI дыгъуакIуэхэм я лъэужь теувэфахэкъым.

– Умыгузавэ, апхуэдэ къурмэныр алыхьым къабыл ищIынкъым, тIасэ, – зи щхьэр стIолым телъу гъуэгыу щыс и пхъум игу фIы хуещI Хьэбибэ. – Бегъымбарым къурмэну иукIын папщIэ алыхь талэу дыкъэзыгъэщIам кърitауэ щытар мэл дыгъуатэкъым.  Къурмэну букI хъунур уи пщIэнтIэпс хьэлэлкIэ къэблэжьа ахъшэм къыщIэкIа былымырщ.

Апчарэ уи алыхьи уи къурмэни къызэрыфIэIуэхушхуэ щыIэтэкъым. Мэлыр зыдыгъуахэм я деж илъ зэрыщищIэжыну къыхуэгупсысар зыщ абы: и анэ къэзылъхуа дыдэми емычэнджэщу колхозым мэлу къыхуэнар ещэ. Ахъшэу къыщIэкIар къызэщIекъуэ. Бухгалтерымрэ зоотехник Джэрыджэ Гугуэрэ зыщIегъури къэзакъ станицэхэм макIуэ. ЩIежьахэм и щхьэусыгъуэр къиищIа нэужь, Джэрыджэм уафэм сабэ дрипхъейуэ щIедзэ. Диныр зи фIэщ хъу къуажэдэсхэм ягъэсынщ, жи, уи кхъуэ фермэр. ИгъащIэ псокIэ колхоз председателу узэрыхахыжыным упыкIащ, жи. Ауэ Апчарэ къикIуэтыну и мурадкъым.

– Колхозхэтхэм кхъуэ фермэр ягъэсынуи? Си фIэщ хъурАкъым. Ягъэсу еплъыжахэщэрэт! Я пэцыр къахуизгъэсыкIынти! ЩыIэжкъым ар! Председателу сыхамыхыжынуи? Зэрегуа-кIуэпсхэщ! Абы щхьэкIэ сыгъыххэнукъым...

Ахэр щаижьщ. Иджы сэ къызэдаIуи кхъуэ фермэм и унафэщIу ув. УщIегъуэжынкъым. Егупсысыт мы зым: къурмэну иукIын, алыхьым деж фIыщIэ, псапэ къыщихьын папщIэ си Iуэхущ зы цIыху къодыгъумэ. КъыбгурыIуа ар? КъимыдэкIэ, ахэр сытым хуэдэу псынщIэу зэрыгъэбэгъуэну уи гугъэ? ЛымкIэ къыттралъхьэ планыр занщIэу дгъэзэщIэфынущ. Мэл щитIыр сытым щыщ? Ауэ кхъуэ щитIыр – мис ар лыщ. Кхъуэбз къэс шыр пщIырыпщI къащIохъуэ. Аргуэру кхъуэ щитI, уеблэмэ нэхъыбэж къыдощэхужри...

– А фермэм щыбгъэлэжьэну уи гугъэр хэт?

– Аракъэ нэхъыфIыххэр – ядыгъуныр щыгъэтауэ, цIыхум

жыжьэу къыпакIухьынущ абы. Мэл пщыIэм, Мэчэ нэхъей, хэти къытохьэ. ИIэ, ущIегъуэжынкъым, Гугуэ.

– Хьэуэ, Апчарэ. АбыкIэ укъэзгъэгугъэфынукъым. Ди унэ сыдагъэхьэжынкъыми. ЦIыхум къысхужаIэнур-щэ?… – зытригъэхьэркъым Джэрыджэм.

Ауэ Апчарэ абы щхьэкIи и мурадым хущIегъуэжакъым, сыт хуэдиз гугъуехь пыщIауэ щытми, кхъуэ фермэ къызэригъэпэщынущ. Апчарэ ещ Iэ: и анэ дыдэ Хьэбибэ зэрымыщ IэкIэ зыщ IыпIэ кхъуэ щилъэгъуамэ, абы и нэр зэрыхуэза къудейм щхьэк Iэ, ар къыхуигъэгъуну алыхьым минрэ йолъэIуж. Абы кхъуэ хъыбар хуэпщIынкIэ дуней Iэмал зимыIэщ. ЖримыIэмэ, зэфIэкIакъэ?

Дауэ хъуми, зы махуэ гуэрым Апчарэ «Союзавтотрансым» машинэхэр къыщещтэри, Мэшыкъуэ къешэ кхъуэбзищэм щIигъу. Апхуэдэ телъыджэлажьэ игъащIэм Мэшыкъуэ жылэм къыщыхъуауэ жаIэуи яIуэтэжуи зы цIыху зэхихатэкъым. И пхъум зэхищIыхьа хьэдэгъуэдахэр Хьэбибэ къыщищIар зи щIалэ яукIауэ хъыбар гуауэ къызыIэрыхьа унагъуэм хьэдагъэ щыкIуарщ. А Iуэхум щыгъуазэ фызыжь гуэрым Хьэбибэ сэлам кърихакъым. Къэхъуар апхуэдизкIэ гущIыхьэ зыщыхъуа Хьэбибэ и акъылым ик I пэтащ. Ауэ Хьэбибэ и дин-фэн Iуэхухэм иримыгузэващэ Апчарэ и щхьэм къэсырт псэупIэ къезымыт хэплъэгъуэхэр. Пэжщ, абы кхъуэ фермэр адэ къуажэм пэжыжьэу иригъэщIат. Ауэ машинэкI э фермэм кърашэлIа кхъуэр къизыхын игъуэтыркъым – абы бгъэдыхьэн, еIусэн жылэм къыдэкIыркъым. Сыт ищ Iэнт? Машинэм зредзэри цIыху къишэну чырбыш заводым макIуэ. Ауэ абыи къикI щыIэкъым: апхуэдэ хущIыхьэгъуэ зиIэ игъуэтыркъым. Зыри щымыхъуххэм, тредзэри и нысэ Иринэ Федоровнэ деж макIуэ. ЗанщIэу обкомым йокIуалIэри Иринэ зыщIэс кабинетым щIолъадэ, и нысэм и псэр хуIуех:

–Дауи щIы – къыздэIэпыкъу. Уэ уурысщ, кхъуэм ущымэхъашэркъым. Быбэ иумыгъэлъагъуу шхыI эн щIагъым кхъуэл щIэпшхыхьу зэрыщытар сымыщIэ уи гугъэми – слъагъурт. Абы щыгъуэ уи зэран зесхуакъым. Мис иджы уэри къыздэIэпыкъуж. Кхъуэхэр машинэм къысхурахыну зыми сызыхигъэзагъэркъым. Километрищэм щIигъукIэ къэсшащ. Иджы… Къысхуизыхын сымыгъуэту шхын щхьэкIэ машинэм сфIолIыхь. Ахэр зэтелIэмэ, колхоз ахъшэри сэри дыздахьынущ. Сэ зэпыту сыкIуэт!.. Колхозым хэщ Iыныгъэшхуэ игъуэтынущ…

– Сабийр… Даночкэ дауэ хъун? Лэжьыгъэр хыфIэздзэнуи…

– Кхъуэр къызэритхыу машинэкIэ укъэсшэжынщ.

Апчарэ и насыпти, а махуэм Къулыр районым кIуауэ къэтт. Иринэ и ныбжьэгъу гуэрым йолъэIури езым и пIэкIэ приемнэм щIегъэтIысхьэ. Я унэм щI олъэдэж. Я гъунэгъу грузинхэм йолъэIури тIу гъусэу къыздещтэ. ЦIыхуиплIым Мэшыкъуэ хуа-

унэтI.

Машинэр яунэщI, кхъуэхэр фермэм щIагъэхьэ, Iус, псы ират. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къыщIидзат Мэшыкъуэ кхъуэ щыгъэхъуным и Iуэхум.

ГрузинитIым язьр къытрегъэхьэ кхъуэ фермэм щылэжьэну. Ауэ трудоденкIэ хуэлэжьэн идэркъым – ахъшэ къабзэ улахуэ давай, жи. Апчарэ сыт ищIэнт? АбыкIи арэзы мэхъу. Кхъуахъуэм доIэпыкъу заводым тес урысхэр.

Мэшыкъуэ къыщызэрагъэпэща фермэщIэм и хъыбарыр Чопракъ районым псынщIэ дыдэу щызэлъащIысащ. Иныкъуэхэм Апчарэ ягъэзахуэт, иныкъуэхэри пунэлаткIэ убжьытхэрт: ар дауэ – адыгэ къуажэм кхъуэ фермэ...

Алыхьыр, диныр зи фIэщ хъур муслъымэнхэм я мызакъуэу къыщIокI. Япэм: «Апхуэдэу щхьэ щынэ мащIэ мэлым къащIэхъуэр?» –жыпIэрэ мэлыхъуэм уеупщIамэ: «Дыгъужьым псэупIэ къыдатыркъым», – жиIэрти жэуап къуитырт. «Мэлым къыкIэрыху щынэр къыщIичу дыгъужьыр уи ужь итуи?..» «Ахьайуэ!» «УкъызэуэкIыу къэбукI хъунукъэ-тIэ а дыгъужьыр?» «Мэлыхъуэ башкIи?..»

Иджы Iуэхум зихъуэжат: зы дыгъужь къекIуалIэртэкъым кхъуэ фермэм – ахэри алыхьым хьэрэм ищIам щымэхъашэу арагъэнт. Къащымэхъашэхэм я щIыхьыр яIэту кхъуэ шырхэр багъуэрт.

– Дыгъужь муслъымэнт иджы щымыIэжар, – дыхьэшхырт Къуэшрокъуэр.

Хьэбибэ и Iупэр зэтрикъузэу щыст. Абы къыгурыIуат и хьэщIэ лъапIэр Апчарэ и лъэныкъуэ зэрыхъур. «Кхъуэ фермэр зэпаубыдри зэанэзэпхъур зэщыIеижауэ аращ, –егупсысырт Дотий. – СыткIэ уадэIэпыкъуу зэбгъэкIуж хъуну а тIур? ЗэрыжаIэу, дыгъужьхэми я ныбэ изу, мэлхэми хэщI щымыIэу... Нанэми и жагъуэ пщIы хъунукъым, ауэ Апчарэ и жэрдэмри дэIыгъын хуейщ», – Iуэхур зэрегъэзахуэ комиссарым.

– Кхъуэ щыбгъэхъу хъунукъым ди къуажэм, –къопсалъэ Хьэбибэ. – Сыт хуэдэ Iэщи гъэхъу, ауэ бегъымбарым хьэрэм ищIа джаур псэущхьэр...

– Уэрэ дэрэ жытIэр зэтехуэнукъым, Быбэ! Щхьэ къыбгурымыIуэрэ?!. – и макъым зрегъэIэт Апчарэ.

– КъызгурыбгъэIуэну узыхуейр сыт, си тIасэ цIыкIу? ЦIыхум сэлам къызамыхыжу сыкъызэрынар сыту къыбгурымыIуэрэ уэ езым? Ар сэркIэ зэрыудынышхуэр сыту къыбгурымыIуэрэ уэ! КъызжеIэт мис ар!

– Быбэ, румыныжьхэм уи пэгунхэм кхъуэ ирагъэшхыкIыу зэрыщытар сыту умыщIэжрэ? Абы щхьэкIэ уигъэлIа, дигъэлIа?

– СумыгъэбампIэ иджы! Ар Iэмалыншагъэт.

– Дотий, уэ сыт жыпIэр? Хэт къуаншэми хэт захуэми къыджеIэт, –Апчарэ къызэщIэплъауэ Къуэшрокъуэм йоплъ,

пленум хъуами нэгъуэщI зэIущIэ гуэру щытми, къызэщIэплъауэ, а жиIэм игури и псэри ирихьэлIауэщ ар къызэрыпсалъэр.

– Къулым, езы Къул Зулкъэрней дыдэ, псэлъапIэ лъагэм иту, жылэм зэхахыу жиIащ: «Зэманыжьым и щIэиным и лъэпощхьэпохэм, диныр зи фIэщ хъухэм я хабзэ ткIийхэм, псалъэмакъ дыджхэм ебэкъуэфри, Къэзэнокъуэ Апчарэ Iэщ гъэхъуным IуэхугъуэщIэ къыхилъхьащ», – жери уи пхъум къыщытхъуащ, Хьэбибэ. Апчарэ и гъуэгум адрейхэри теувэну къыхуриджащ, – жеIэ Къуэшрокъуэм.

– УзэрегуакIуэу псэу, тIасэ-тIэ. Уэ сэ слъагъур си чэнджэщи си щхьэ ныкъуэми ухуэныкъуэжкъым. Уи щхьэ губзыгъэм псори зэригъэзэхуэжыф щыхъуакIэ, едаIуэ абы, – печ абдеж Хьэбибэ, ар хуейтэкъым зэанэзэпхъум я зэхущытыкIэ псом хьэщIэр щыгъуазэ хъуну. КъимыдэкIэ, Къулым и псалъэм къикIри къыгурымыIуэну пэкIэ псы ефэ фызыжь делэтэкъым ар.

*ЕплIанэ псалъащхьэ*

## 1. ГУБГЪУЭ УНЭМ

Хьэбибэ псом япэ къэтэджащ. Ар пIэм хэлъу игъащIэм дыгъэр къыщIэкIауэ къыщIэкIынкъым. Дыгъэр сыт щыгъуи пэплъэ хуэдэт жэм къызэришыну пэгуныр и Iыгъыу Хьэбибэ пщIантIэм къыдыхьэным, ар зригъэлъагъуу итIанэ бгыщхьэ къыр лъагэхэр игъэнэхуу щIидзэну.

ХьэщIэхэри жейнэду къыщIэкIакъым. Нартшу къыщылъэтри псым жащ, бжьыхьэкIэ къуршыпс щIыIэр и напэм фIыуэ щIикIэри жан къэхъужауэ къыдэжыжащ. ИтIанэ шитIыр псы ирегъафэ, яшхын ярет, лэнейкIэм илъ мэкъур къегъэубэлэцыжри тетIысхьэпIэр къегъэщэбэж. Абыхэм гъуэгуанэ жыжьэ къапэщылът.

ЗауэлI хьэл яхэлъу псынщIэу, псалъэ лей негъэкIуэкIкъегъэкIуэкI куэд хэмыту сэлам зэрахыжахэщ. Дакъикъэ зытхух нэхъ дэмыкIыу лэнейкIэм къуршым хуеунэтI. Иджы обкомым и уполномоченнэм къыпэщытт нэхъ ищхьэкIэ щыIэ колхозым и председатель Уэрыш Батырбэч зригъэцIыхун хуейуэ. Партизан отрядхэм хэту къуршхэм ихьэжауэ щыта парт, советскэ активым къигъэзэжат зэрыпхъуакIуэхэр лъахэм зэрырахужарауэ. Языныкъуэхэр къызэрытар я нэхъыбэ дыди мазитIт. Бахъсэн и сэмэгурабгъу бжьэпэрат нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм мазитхум нэскIэ яIыгъар. Бухгалтер Уэрышым ахъшэ къэпитI къуршым щхьэприхри нэмыцэм яIэримыгъэхьэу къригъэлат. Ахъшэр

полевой банкым иритащ. Батырбэч. Абы хъыбарышхуэ иIащ. Ахъшэр къуршым къыщхьэприхыжауэ шытыгъамэ, ар аргуэру банкым и отделенэм и управляющэу ягъэувыжакIэт. Иджы а банк нэщIыр къыщызэIуахыжынум пэплъэу щыс. АпщIондэху ущагъэсынт? Iуэхур зэфIэкIыху, жаIэри Уэрыш Батырбэч Чопракъ Ипщэ ягъэкIуат. ЩIагъэкIуар мырат: колхозым и председателу пIалъэкIэ хригъэхыну ирагъэшат езыми имы-цIыху, ар Iэ IэткIэ хэзыхыну зи къалэнхэми ямыцIыхуххэ лIы гуэр.

Уэрышым и хьэлт сыт щыгъуи Iуэхур и кIэм нигъэсу, абы къыщIытебгъэзэжын щымыIэу зэфIигъэкIыну. ЗыдагъэкIуа щIыпIэм зэрынэсарауэ, Уэрышыр и ужь йохьэ Iуэхур убзыхуным: гъавэ щIапIэу, мэкъупIэу, хъупIэу, жыг хадэу колхозым сыт хуэдиз иIэ, распискэкIэ къыIахауэ щытаIэщыр хэт ихъумэфа, щIэпщIэ, урилажьэ хъуну сыт яIэ – кIэщIу жыпIэмэ, Уэрышым игъэбелджылащ пIалъэ кIэщIым къриубыдэу хозяйствэр къызэфIэбгъэувэжын папщIэ колхозым бгъэдэлъ къарур, хэкIыпIэр зыхуэдэр. А псори зэхэхауэ яхуиIуэтащ колхоз собранэм къекIуэлIахэм, абы и псэлъэкIэмкIэ, Iуэхур зытетым жылэдэсыр щыгъуазэ зэрищIымкIэ къыпфIэщIынт колхозым и председателу хахыну зи ужь итхэр езырауэ.

Апхуэдэуи хъуащ Iуэхур – ар хахащ председателу.

– А псори уэ щыпщIэкIэ, уэр нэхърэ нэхъ председателыфI и дыхуейкъым, – къыжраIэ колхозхэтхэм зэдэарэзыуэ. Сыт хуэдизрэ зихъунщIами, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ къигъэувами – зыри сэбэп къыхуэхъуакъым Батырбэч. НатIэкIэ щрагулIым, сыт ищIэнт? Арэзы хъуащ: уващ председателу. Ар хэзыхахэри щIегъуэжакъым. УнафэщI дэгъуэу, Iуэхур тэмэму зэхуэзыгъэхъуф цIыху IэкIуэлъакIуэу къыщIэкIащ ар. Пщэдджыжьым шым шэсырти, махуэ псом уанэгум ист, бригадэхэр, фермэхэр, губгъуэ унэхэр, щхьэлхэр – и лъэ здынэмыс къимыгъанэу псори къызэхикIухьырт. ЗыгуэркIэ къыхуей цIыхум ар къыщагъуэтынур пщэдджыжьыр сыхьэтитхухэм дежт – апхуэдэ хабзэ ткIий зэригъэувам псори щыгъуазэти, я Iуэху зыкIи зэблэмыууэ тыншу къагъуэтырт колхозхэтхэм. Ар щыжейр, зыщигъэпсэхур зыми ищIэртэкъым. Уеблэмэ къуажэдэсым я гугъэт Уэрышым апхуэдэ хьэл хэмылъыххэу. Iэпэ дэупIэ зыщIыпIэ деж имыIэу зэпэлъытат абы и зэманыр. Батырбэч нартыхур къыдригъэчыртэкъым. Дэтри зэрыдэту кърригъэхьырти нартыху бзийр лIыжьхэм выгукIэ губгъуэ унэм кърашалIэрт. Нартыхур абдеж щатхъырти гъуамрэ цIынэмрэ зэхэдзауэ щхьэхуэщхьэхуэу ягъэтIылъырт. Апхуэдэ нартыху IухыжыкIэм фIыуэ мыр хэлът: нартыхупкъэ псыфым хэмыхьэф нэхъ лъэрымыхьхэр нартыху бзий зэупсеям бгъэдэтIысхьэрти зыкIи къаймыхьэлъэкIыу къыдачт, ятхъырт нартыхур.

Нартыхур Iуахыжа – колхоз Iэщыр нартыхупкъэм хау-

тIыпщхьэрти уэсыр къеуэхыхукIэ ар хъупIэ хъарзынэт. Мэкъумылэр къаIэщIэуха нэужь, нартыху бзий гъэгъуари сэбэп къахуэхъужырт – Iэщым ирагъэшхырт. ТIэкIу яфIэцIынэу къафIэщIа нартыхур чийлъэрык Iуэхэм тракIутэрти губгъуэ унэм и бжэIупэм щагъэгъужырт. Мыдрей нэхъ цIынэ дыдэу шэр къызэрыжри щхьэхуэу ягъэгъурт: ахэр махуэкIэ зырызыххэу иракъухьырт, жэщкIэ, уэсэпс къытехэу щIэмыупсэпсэжын папщIэ, зыгуэр трапхъуэрт. КъыхэгъукIыр къыхадзырт. А псори зи пщэ дэлъыр «фIагъым и инспектор» зыф Iаща дадэхэрт.

Уэрышыр иныкъуэхэм деж колхозхэтхэм лекцэ къахуеджэрт: Хэку зауэшхуэм Iуэхур зэрыщекIуэкIым, дуней Iуэху щытыкIэхэм, республикэм щыхъыбархэм – ар зытемыпсэлъыхь щыIэтэкъым. Мес, псалъэм папщIэ, Уэрышыр нобэ лекцэ къоджэ. Къуажэ курыт школым кърашащ Европэм и картэшхуэ, зэпэгъунэгъуу щыт щихушхуит Iым я къудамэхэм дэгъэлъэда къурыкъум, – лы щаI эхэм деж абы фI адзэурэ ягъэгъуу арат,– картэр фIадзащ, абы и гупэкIэ мывэхэр ягъэтIылъщ, абыхэм пхъэбгъу тралъхьэжри «зал» хъарзынэ хъуащ. Абы псори «щIохуэ».

Махуэ гуэрым Уэрышым лъэсу къызэхик Iухьырт фызхэм нартыхур щыIуахыж хьэсэр. Абы занщIэу гу лъитащ нартыху бзийр къэзыхыжурэ IэплIэурэ зэтезылъхьэ фызхэм ящыщ къызэрытым. Мы губгъуэм икIыу дэнэу пIэрэ здэкIуар? Гупсысэурэ еунэтI и шыр лъэхъауэ щыхъуакIуэ хьэсэпэмкIэ. Махуэр фIыуэ еIэжакIэт, ичындык Iэ дыгъэр псэм къегуэпэкI хъуат. Бжьыхьэ пщыхьэщхьэхуегъэзэк Iыр дыщафэ дахэт, дыгъэм и нурыр къуршхэми, губгъуэми, аузми жумарту къателъэщIыхьырт.

Ауэрэ здэкIуэм, и нэр упI эрапIэу, и пI эм йонэ Уэрышыр: нартыху бзий IэплIэ къуагъым къыкъуэщырт лъэнкIапIэ пщIанэ дахитI. Щыхубзым и щхьэр жьауэм щIэлът. Дыгъэм зэпкъриха мо цIыхубз ешаелIам зигъэукIуриямэ, Iурихауэ арат. Батырбэч згъэпсчэуIу. ЦIыхубзым зигъэхъейркъым. Зэхихаи, зэхимыхаи. И нэкIущхьитI ыр къызэщIэплъауэ, и Iупэхэр зэрыгъущIар плъагъуу, и жьэр ныкъуэзэтехщ, и Iэ дахитIыр лъэныкъуэ зырызымкIэ зэбгрыдзащ.

Батырбэч адэкIи плъащ, мыдэкIи къэплъэжащ. Псэ зыIуту цIыху щыплъагъуркъым къедзам. Псэ зыIуту а куейм итыр Уэрышым и уанэш закъуэращи, абыи къэхъуар, езыр зейм къыщыщIауэ ар и пIэм щIижыхьар къыгурымыIуэу ара нэхъей, и шхэнри зэпигъэуарэ и нэ цIынэшхуитI ыр Батырбэч къытриубыдауэ къоплъри щытщ. Уэрышым и Iэпхъуамбапщэр и пащIэм щIелъэф.

– ИщIэм еплъи тIысыж мыбы! Адрейхэм нэху зэрыщрэ я лъэ къамыгъэшауэ лажьэу, мыбы нартыху бзий IэплIэ къуагъым санаторэ къыщызэIуихарэ дрихуейуэ жейуэ!.. Еплъи тIысыж

абы ищIэм!..– пэж дыдэу, ар дахэу зэрыщылъым йоплъри щытщ Батырбэч. Уэрышым къицIыхуакIэщ а цIыхубз щIалэр. Зэрышэри гу зэщамыхуауэ, зы мази зэщ Iымыгъуауэ, нысащIэм и щауэр зауэм дэкIащ. Иджы и лIапIи и псэукIи хъыбари-шыбари зэрымыIэрэ Iэджэ щIащ. Ауэ Былэ, и гугъэр химыхыжу, и щхьэгъусэм поплъэ, сыт щхьэкIи пэмыплъэнрэ, тхьэм и шыкуркIэ и хъыбар гуауи къыIэрыхьакъым. ЦIыхубз щIалэ дахэр IэпцIэлъапцIэ, щыгъыныджэ хъуащ: IэгупIэ хэмылъыжу и бостейр зэхэдыжыхьащ, ауэ зыщыдэжари щадэжари апхуэдизкIэ хъыбий хъуащи, уеIусамэ, зэпхыхуным хуэдэщ: Батырбэч къэгубжьагъэфэ зытрегъауэри и макъым зрегъэIэт:

– Къэтэдж жыхуаIэр уэракъэ?! Сыту умыук Iытэрэ, Былэ?– жеIэри, асыхьэтуи щIогъуэж Уэрышыр: щIэукIытэну сыт ищIар нысащIэ тхьэмыщкIэм? Лэжьыгъэмрэ гупсысэ хьэлъэмрэ ирагъэшауэ зигъэук Iуриямэ, псэ Iутщ – Iурихащ.

НысащIэм и лъэнкIапIэ пцIанэхэр егъэпщкIу, щхьэхынэ-щхьэхынэу и бостеикIэр кърелъэфэх, ауэ и нэхэр къызэтрихыркъым.

– Уэракъэ жыхуэсIэр? Зыбгъэпсэхуащ! Хъунщ! Зегъэхь иджы!

– Сощхьэх, – I уэщхъу щIыкIэу къопсалъэ Былэ.

– Тэдж, жысIащи – тэдж! Арыншамэ... уэсщIэр плъагъунщ...

– Сыпщышынэххэркъым, председатель, – а зэрыщылъым зыцкIэ зимыхъуэжауэ, къыпогуфIыкI зи нэхэр мащIэу къызэтезыха цIыхубзыр. Уэрышыр и пIэм йоуджыхьри щытщ, пэж дыдэу, ищIэнур ищ Iэркъым, шэми шхуми есри, пщIэнтIэпсыр къожэх.

– УзицIыхубз лъэпкъыр сыт уэ? Псэууэ жыхьэнмэм хэпхуэнщ уэ цIыхур, – аращ хужыIэр Батырбэч.

НысащIэр къызэфIотIысхьэ, жей IэфIым къыхэтэджыкIам ещхьу зеукъуэдий, и Iэр и Iупэм Iуелъхьэри мэхущхьэ, и IэгухэмкIэ и нэхэр IуипIэ хуэдэу зищIарэ и Iэпхъуамбэ зэхуакухэмкIэ къыдэплъу йоплъ къыбгъэдыхьэн шынэу щыт лIым:

– Жыхьэнмэми ухэсхуэфынущ сэ уэ, председатель, – цIыхубзыр къопсалъэ, гушыIэрэ и фIэщрэ къыпхуэмыщIэу.

– Ар сыт щхьэкIэ? ИкIи сыт хуэдэ щIыкIэкIэ?

– Абы щхьэкIэ гугъуIей сехьынукъым, тхьэ! Мы си бостей сщыгъыр зэрызэфIэтхъар плъагъурэ?.. НтIэ, псалъэм папщIэ, иджыпсту сыкIийуэ сыщIопхъуэ: «Председателым лей къызихыну зыкъызидзри мыпхуэдэу сызэхифыщIащ!» –жысIэу. Я фIэщ хъурэ, мыпхуэдэу сыкъэзылъагъухэр си щыхьэту къэувмэ... Уи щхьэпхэтIыгур уамыгъэлъагъужыну пIэрэт?

– Сыхьэт мыгъуэм хуэмызэн, къыубж делагъэхэр сыт?

Былэ, нащхьэ ищI щIыкIэу, къыпогуф IыкIри, и щхьэр иредзэкI.

– Хьэуэ, дауэ къыпщыхъурэ? Я фIэщ сыхъунт хьэмэрэ

сымыхъунт?

– Делагъэ жумыIэ, зоIэ! – Батырбэч къэгубжьащ. Ауэ нэхъыбэу игъэкъуаншэр цIыхубз щIалэракъым – и щхьэращ. «Емынэм сызэрихуэу сыкъыбгъэдэпщхьат, сыкъыщыбгъэдыхьэми, абы сыхуэмеямэ, къэзгъэушынтэкъым», – и щхьэ хуошхыдэж ар.– Уешауэ зыщыпхуэмыгъэхъеижкIэ, жейми ущихькIэ, хъунщ, зыгъэпсэху! Хуит узощI...

– Тхьэм уигъэпсэу, председатель! ЩылъынкIи жеинкIи срикъуащ, – нысащIэр къотэдж, зеутхыпщIыж: кхъузанэм хуэдэу Iэпэхъ хъуа и бостейм и лыр къощ, къамыл хъупам ещхьу фэ дахэщ бостейм къызэпхыщ и Iэпкълъэпкъ зэщIэкъузар. – Умыгужьей, председатель – зы жыхьэнмэи ухэсхуэнкъым. Тет, тIасэ, дуней хуитым. Щыпсэу уи жэнэтым, – и дзэ хужь дахэхэр къыIуигъэпсу мэдыхьэшх цIыхубзыр. ТIэкIу зигъэфэрыщIу къеплъэкIыурэ IуегъэзыкIыжри нартыху бзийхэм я щхъыщхъ макъыр къыздиIукI лъэныкъуэмкIэ еунэтIыж.

Iуэху мыщхьэмыпэ зэрыхэхуам ириукIытэжауэ Уэрышыр хуэмурэ йожьэжри и шыр хъуакIуэу здэщытымкIэ макIуэ. Шым лъахъэр кърехыж, мо хэгупсысыхьауэ, зыхуэзар и щхьэм дэуеяуэ шэсыжыну зыщигъэхьэзырым лъахъэр дахэ-дахэу кIэрищIэжакъым. ФIыуэ зызыгъэпсэхуа шым зихъу-зилъурэ зыщричым, лъахъэр къыкIэрохури къохуэх. Батырбэч абы гу лъитэркъым. Ауэ Былэ къилъэгъуащ а лъахъэр. Председателыр и гъуэгу теувэжу зыкъомыфI икIуа нэужь, Былэ егъэзэжри шум къыкIэрыхуа лъахъэр къещтэ, чэтэн къурэм къыхэщIыкIа и хъуржыным ирелъхьэ.

Батырбэч лекцэ къыщеджэм, Былэ япэ дыдэ сатырым щыст. Къэпсалъэм жиIэм щыщ зы псалъэ димыгъэхуу тхьэкIумэкIэ къиубыдырт. И нэр а цIыхубзым зэрыхуэмызэным егупсысурэ къэпсалъэ Батырбэч, имыщIэххэу, абыкIэ еплъэкIырт, Былэ къыпыгуфIыкIыу зэрыщысми гу лъитэрт. «Мыбы зыгуэр къыткIэщIимыщIыхьащэрэт», – жиIэу мэгузавэ Уэрышыр. Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ, жыхуиIэуи мэхъу Iуэхур: Былэ и куэщIым илът Батырбэч и лъахъэр. Уэрышым и нэр къохури и жьэр Iуроху.

– Си лъахъэр къыщIэпщтар сыт?

– Уэ зэран къыпхуэмыхъун папщIэ...

Былэ и щIагъыбзэр Уэрышым тэмэму къыгурыIуащ, щIалэ цIыкIу фIэкI умыщIэнуи къэгузэващ. АдэкIэ жиIэнур щыгъуп-щэжри зэIынауэ щытщ.

– Къащтэ мыдэ. Лъахъэ симыIэу хъунукъым сэ. Лъахъэншэу си хакIуэр пхуэубыдынукъым, – Батырбэч нысащIэм бгъэдохьэ. Лъахъэр къыIехыжри жыгым фIедзэ, и псалъэм адэкIэ щыпи-щэж дыдэм, гъуэгумкIэ шы лъэ макъ къиIукIыу зэхех. Губгъуэ унэм лэнейкIэ гуэр къыхуэкIуэрт. Шыхэр щилъагъум, пред-седателым и хакIуэр мэщыщ,

щIым фIалъэкIэ йоуэ.

– ХьэщIэ къокIуэхэр! – къокIий зыгуэр.

Зи тхым IэпапIэ гъуэжьхэр хэгъэтIысхьа хьэмаскIэжь цIыкIум и «кIау-кIаур» япэ иту щIэпхъуащи, къыпфIэщIынщ зэрынэсу лэнейкIэм щIэщIа шитIыр зыIуригъэлъадэу иригъэлъэтэхыну. Абы и банэ макъыр щаижьу къизымыдза шитIыр хьэмаскIэм къыжьэхопырхъэ.

– Цуркэ! – гуфIэгъуэм къызэщIиIэта Нартшу къыхокIиикI. – Цуркэщ ар, ныбжьэгъу комиссар!

ЛэнейкIэм къокIри Къуэшрокъуэм яхуеунэтI гуп зэхэтым. ЦIыхубзхэм я нэр къихуу йоплъ теплъэ гъэщIэгъуэн зиIэ хьэщIэм. Япэхэм щыгъуэ къалащхьэм къикIа хьэщIэхэм районым щыщ унафэщI гуэр ящIыгъу хабзэт. Ауэ комиссарым гъусэ ищIынIа идатэкъым. Абы дзэм щыщыIами хэлът а хьэлыр: подразделенэхэр къызэхикIухьыну щежьэкIэ, гъусэ здищтэртэкъым. Уи закъуэмэ, нэхъыби уолъагъури нэхъыби къощIэ, жиIэрт абы.

Уэрышым занщIэу къицIыхуащ хьэщIэр, Iыхьэлейм икIауи гуфIащ. Батырбэчт дыгъуасэ зи тхылъымпIэм изытхар Iуэхум нэхъ екIуалIэ бжыгъэхэр, уполномоченнэм нэхъ игу ирихьу зи гугъу ищIари Уэрышым итхарт. ПцIы щхьэ упсын хуей, Батырбэч щыгуфIыкIат Iуэхум хищIыкIыу къызэрыщIэкIам. Езы Къуэшрокъуэм къицIыхужакъым Уэрышыр. Собранэм щIэса псор занщIэу дауи къыпхуэцIыхужын?

– Къеблагъэ, ныбжьэгъу Къуэшрокъуэ, ди губгъуэ унэм. Нэхъ ди зэкъуэхугъуэ дыдэм укърихьэлIащ.

– Iуэху фIэхъу апщий! Дауи, председателыр уэрауэ къыщIэкIынщ.

– Ущыуакъым. Сэращ колхозым и председателыр. Си цIэр Батырбэчщ. Уэрышхэ сарейщ. Лекцэ сакъыхуеджэу арат. Политико-массовэ лэжьыгъэмрэ колхоз лэжьыгъэмрэ зэдэтхьу аращ. Совинформбюром къита хъыбарым щыгъуазэ сщIахэу арт. ЦIыхур махуэ псом нартыху пабжьэм хэтщ. Радио щемыдаIуэкIэ, газет щемыджэхэкIэ... Къэралым, дунейм щекIуэкIым ущымыгъуазэу дауэ хъун?

– Сэлам фызох, ныбжьэгъухэ!

ХьэщIэм и сэламыр Iызыхар лIыжьхэращ. Дотий къыгурыIуащ: аращ хабзэр. Апхуэдэхэм деж фызхэм зыжьэу сэлам ятыж хъуркъым. И лъакъуэ ундэрэбжьам тIэкIу псэ къыхыхьэжа нэужь, хьэщIэм цIыхубз зэхэтхэм зырызыххэурэ сэлам ярихыу щIедзэ. И бостейр зэрылэжьам ириукIытэу Былэ фызхэм я къуагъым зыкъуигъэпщкIуащ. Абы и тхьэмыщкIагъым гу лъимытагъэфэ зытрегъауэ Къуэшрокъуэм. ХьэщIэм и Iэр щиубыдкIэ, дэтхэнэми жиIэрт:

– Къеблагъэ!

И гур къыщIитхъыу йоплъ Дотий цIыхубзхэм я Iэхэр

егъэлеяуэ зэрыпхъашащэм, зэIэр къыгуаудын хьэзыру зэрыкъарухэм, – лIым я нэхъ накъэдыкъэм ещхьхэщи, фызу пщIэжынхэкъым,– ахэр зэрыгъур бзаджэм, зэрыбгъэлъахъшэхэм, гуузу зэрыIэпцIупцIхэм. Былэ ещхьыркъабзэу, дэтхэнэри и щхьэм щоукIытэж: я щыгъын хъыбийхэм, я гуэншэрыкъ фэншэхэм, я лъэпэд зэхэдыжыхьахэм, IэгупIэ-IэгупIэ хуэдизурэ зэхэдза я щхьэфIэпхыкIхэм. Ауэ, тхьэм и шыкурк Iэ, цIыхур зыгъэдахэр и щыгъыныркъым – и гуращ. Мобыхэм абы и лъэныкъуэкIэ ядэбгъуэн щыIэкъыми, ягури я псэри зэIухащ:

– Уи хьэщIэгъуэм гуфIэгъуи къытхудыкIуэ!

– Уи хъыбарыфIхэр уи япэ иту къокIухьри, уи насып нэхъыбэ тхьэм ищI!

– Уи Iуэху гъуэзэджэхэм я фIыгъуэм ущымыщ Iэу тхьэм уигъэпсэу!

– ФытIыс, кхъы Iэ, фытIысхэт! – жеIэ Къуэшрокъуэм. Ауэ абы къыгуроIуэ – езыр хьэщI эщ, хьэщIэр щыту зы цIыху тIысынукъым. Уэрышри Iэрпхъуэр, Iэнкун хъуащ, алъандэм езым псэлъапI эу иI а шэнтщхьэгуэр хуегъэкIуатэ хьэщ Iэм.

– Уэращ, зиунагъуэрэ, тIысын хуейр, ди комиссар лъапIэр уэракъэ? Дэ ди унэ дисыжщ, – жи Батырбэч.

И башыр зыщIигъакъуэурэ мэт Iыс, и лъакъуэ узыр щIеукъуэдиикIри, Къуэшрокъуэм председателым зыхуегъазэ:

– ЗанщIэу мыпхуэдэу дызэгурывгъаI уэт: комиссаркI э фыкъызэмыджэ. Сэ мыбы сыщыкомиссарыжкъым. Си унэцIэр Къуэшрокъуэщ, си цIэр Дотийщ. Мис мо Нартшу жыIэмыда Iуэщ сэ «ныбжьэгъу комиссаркIэ» къызэджэр. КъыщIызэджэри езым и сэбэп хэлъщи аращ: сэ сызигъусэр фщI эрэ? Комиссарым сригъусэщ! Абы сришыщхьэхъумэщ! – жиIэу зигъэщIагъуэу аращ. Армыхъумэ «Дотий дадэкIэ» къызэджамэ, зэфIэкIатэкъэ? Апхуэдэу нэхъ къыщиштэкIэ, и щхьэ зэрыхьщ, зэрегуак Iуэщ, – жиIэу къыпогуфIыкIри, адэкIэ и псалъэм пещэж Къуэшрокъуэм. – Фи псэукIэ, фи Iуэху зыIут зэзгъэщIэну сыкъэкIуауэ аращ. Фи нартыхур сыт хуэдэ?

Батырбэч зы напIэдэхьеигъуи зимыIэжьэу жэуап къет:

– МызэкIэ планымкIэ дыкъикIыркъым, Дотий. Ауэ щIым къытекIам щыщ зы хьэдзэ къэдмыгъанэу зэщIыдокъуэ. Нартыху бзийр къыдохри нартыхур къыдыдочыж. Апхуэдэу нэхъ зэщIэкъуа мэхъу. Къыумыхыу къыдэпчмэ, умыщIэххэу зыгуэр къыдэбнэнкIэ мэхъу. Дэ зэрытщIым хуэдэу хэкIуэдыкI лъэпкъ щыIэкъым – псори гъавэ IыхыпIэм нэсынущ. Зи гъун ирикъуар занщIэу идогъашэ, цIынэр, мес, мопхуэдэу иткъухьурэ, догъэгъужри… – Батырбэч и шырыкъу лъапщэм къыдилъэфа къамышыр чийлъэрык Iуэхэм текъухьа нартыхумкIэ еший. – Хьэдзэ зытхух-зыбгъупщI тетыххэу щытмэ, нартыху жэпкъри щхьэхуэу къызэщIыдокъуэ. Мы щIыпIэхэм гъавэр мыIейуэ къыщохъу. Уэгъу къэхъуркъым, ауэ нартыхури зэхуэдэу щызэ-

дэмыгъу щыIэщ.

Председателыр хьэщ Iэм игу ирихьащ.

– Фи псалъэмакъыр зэпызудащ. ЕвгъэкIуэкI адэкIэ. Сэри си гуапэу сывэдэ Iуэнщ. Фи лекцэр зэфIэкIмэ, ди Iуэхуми дытепсэлъыхьынщ, – цIыхубзхэр иджыри зэрымытIысар елъагъури, Къуэшрокъуэр Батырбэч йолъэIу. – ТIысыну яжеIэт мобыхэм.

– ФытIыс! ФытIыс жыхуаIэр фэракъэ?

Колхозхэтхэм я тIысыпIэхэр зрагъэгъуэтыж.

– Фронтым Iуэхур зэрыщекIуэкIым сытепсэлъыхьу арат, – т IэкI у нэхъ Iэнкун хъуауэ къыщI едзэж Батырбэч. – Гитлер и щхьэфэм сиIэбэу арат. Сэри газетхэм ятххэм сызэрыщымыгъуазэрэ махуитI мэхъу, ауэ пщэдджыжь къэс радиом сода Iуэ. Ауэ щыхъукIэ, дунейм щекIуэкI хъыбархэм зыгуэр хызощIыкI. Ди цIыхухэм уэ уакъыхэпсэлъыхьмэ, мынэхъыфIу пIэрэ, Дотий? Сэ сыкъаужэгъужащ. Фронтым щыIам едаIуэхэмэ, нэхъ къащтэну къыщIэкIынщ, дауи. Уэ жып Iэм сэ сщIэри щIызгъужынщи… – и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI Батырбэч.

Къуэшрокъуэр политлэжьакIуэщ, цIыхум яхэпсэлъыхьын щхьэкIэ узригъэлъэIущэнукъым. Бийм ебгъэрыкIуэным и пэкIэ сэлэтхэр къызэхуишэсрэ яхэпсэлъыхьу зэрыщытар игу къокIыж. «Дэнэ деж къыщыщIэздзэн, сыткIи къыщIэздзэн?» – йогупсыс ар.

– ФызэрегуакIуэщ. Фемышамэ, сэри зыгуэр схужыIэнщ.

Зым и псалъэр адрейм Iэпиудыжу къызэрогъэкIий фызхэр:

– Ди гуапэ дыдэу дынодэIуэнщ. Ди шу дивизэм и Iуэху зыIутым дегъэдаIуэт. Ди бын, ди адэ, ди дэлъху, щхьэгъусэ жыпIэми, зей гуэр шу дивизэм хэту зауэм дэмыкIа щыскъым мыбдеж.

– Фэ фемышу фыкъызэдэIуэф закъуэмэ, сэ семышу жэщи махуи зауэм сытепсэлъыхьыфынущ, – хьэл зэрыхуэхъуащи, Къуэшрокъуэр къотэджри и башым зытрегъащIэ.

– ТIыс, тхьэм щхьэкIэ, ущысу жыIэ!

– Хьэуэ. ДызэресауэедгъэкIуэкIынщ. АтIэми, зи пащхьэ ситхэр цIыхубзщ. Ауэ сытми къызэрыгуэкI ыу щымыт, л Ыгъэшхуэ зыхэлъ, пщIэшхуэ зыхуэфащэ цIыхубзхэщ. Фэр щхьэкIэ сыщымытмэ, хэт сыхущытын? Нэ зиIэм илъагъунщ акъылрэ гукъыдэжрэ фиIэу фызэрылажьэр. Абы щхьэкIэ ди Советскэ Армэ гъуэзэджэм, партым и областной комитетым я ц IэкIэ берычэт бесын ин нывжызоI э, ди цIыхубз телъыджэхэ!

Щысу хъуар къызэрытэджар зэригъэщIэгъуэныр ищIэркъым Къуэшрокъуэм. Ф IыщI э къыщыпхуащI кI э къэтэджын хуейщ. Ар щыгъупщэжауэ арат Дотий.

– Уэри берычэт бесынышхуэ ныбжыдоI э, Дотий. Псалъэ гуапэ къыджепIащ, – псоми я цIэкIэ Къуэшрокъуэм фIыщIэ хуещI Батырбэч. – Тшхыр ди тэмакъым тонэ, ди пщэ дэлъ къалэныр щытхуэмыгъэзащIэм деж. Ди напэм къызэредгъэ-

зэгъыу, ди псэ нэхъыфIщ жыдмыI эу долажьэ.

Хэгупсысыхьыпауэ къурш лъэныкъуэхэмкIэ маплъэ Къуэшрокъуэр:

– Мобыхэм я дахагъыр флъагъуркъэ! Уеплъ пэтми, защыбгъэнщIыркъым. Мо бгыщхьэхэм къыщежьауэ къеджэрэзэх мывэ дзакIэм ещхьщ Гитлери. Сэ къэзбгырыс щымыIэ пэтми, сощIэ: мывэр бгыщхьэм къыщежьакъэ – дэуеймэ, къеуэхыжурэ къыщежэхкIэ, ар Iэджэми жьэхоуэ, удын Iэджи егъуэт, щыкъуейуэ мэлъалъэ, ауэ щыхупIэм елъэхукIэ къэувыIэркъым. Илъэс мин Iэджэхэр зи ныбжьу игъащIэ лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ мо уэсыщхьэ къуршхэм, къыр лъагэхэм ящхьэж зищIу ахэр и лъэгущIэтын ищIыну и гугъат Гитлер. И гугъат псом япэ нэхулъэм IущIэу, псом яужькIи пщыхьэщхьэ пшэплъым Iуплъэжу дунейм тетыну. Ауэ бгыщхьэм къехуэхауэ щыхуп Iэм хуожэ мывэ дзакIэр. Арат абы и гъуэгу хъунури. Тхьэм ещIэ а мывэ дзак Iэр зыдэфыхьыжын къуэладжэр. Мы дуней псом я тепщэ защIыну зэгуэр къежьауэ щыта зэрыпхъуакIуэхэм я гъуэгур ихуу аращ абыи. Тхыдэм ещIэж апхуэдэ куэд. ТекIуэныгъэхэр къихьу Европэм илъэсиблкIэ щызэуауэ щыташ Прусым и король Фридрих ЕтIуанэр. И Iуэху мыIейуи зэуат, урысхэм яIуухукIэ.

1757 гъэм абы и пэр хищIэу япэ дыдэ щIым хущызыхуар урыс армэрщ. ИлъэситI док Iри, 1759 гъэм и гъэмахуэм, абы и дзэр Пальчи къуажэм деж аргуэру щызэхакъутэ урыс зауэлIхэм. Кунесдорф къуажэм деж Прусым и зауэлIхэм къащытехуа удын хьэлъэм бийм я дзэхэр игъащIэ псокIэ къыIумыкIэжыну Iуигъэщхьауэ щыташ. Къанэ щымыIэу нэмыцэхэр зэтрикъутат урыс армэм, бийм щыщ зауэлI минхэр гъэр къащIат. Езы Фридрих ЕтIуанэ дыдэри гъэрыпIэм ихуэным зытIэкIунитIэт иIэжар. «Псэууэ сыкъызэрынар си насыпыншагъэщ,– нэпсрэ лъыпск Iэ итхырт королым, –ц Iыху мин 48-рэ хъууэ щыта си армэм щыщу къысхуэнэжар минищ ирикъужыркъым».

1760 гъэм и бжьыхьэм урысыдзэхэр Берлин дохьэ. Нэмыцэ генерал Рохов зимыту зэрымыхъунумкIэ къыхуагъэува Iуэхугъуэ псори къищтэн хуей хъуауэ щыташ, – Къуэшрокъуэм и макъыр апхуэдизу фIэщхъуныгъэ хэлъу иIэтырти, къыпщыхъунт абы и нэгу щIэкIыу советыдзэхэм фашистхэр езым и блэгъуэм ирахуэжауэ зэрыраукIыхьыр. – Гитлер и мывэр щыхупIэм ехуэхыу щащыгъупщэжыну махуэр къэсыным куэд иIэжкъым.

Дэтхэнэ фи лэжьэгъуэ махуэми, дэтхэнэ фи гъавэ, ерыскъы тоннми дэ гъунэгъу дыхуащI ди мурад хъуэпсапIэм – бийм дыщытекIуэну махуэм. А тек Iуэныгъэм дыхуэзэн папщIэ, къыр дзакIэм дытету дыкIуэм ещхьу, гъуэгуанэ хьэлъэ зэпытчын хуей мэхъу. Апхуэдэ щIыкIэкIэщ къурш щыгур къызэрыпщтэфынур, – Къуэшрокъуэ Дотий апхуэдэу куэдрэ къэпсэлъэфынут. Абы илъагъурт дихьэхауэ цIыхухэр къызэредаIуэри. Гъавэ

жылэр къыхащыпыкI щIыкIэу, комиссарым и дэтхэнэ псалъэри япхъуатэрт цIыхухэм. Моуэ и пащхьэ дыдэм деж къис цIыхубз щIалэм хуозэ Дотий и нэр. Ар щIыIэм игъэущхъуэнтIат, и дамэр дришеймэ, дришейурэ, цIыхубзым и щхьэри ипкъри цIыкIунитIэ хъужат, жьыр къызыпхиху и бостей хъыбий тIэкIур IэгуфитIкIэ щIиуфэн и гугъэу и IэблитIыр зриупцIэкIыжауэ щыст. Зи нэр абы тена Къуэшрокъуэм и псалъэр еух. – МащIэщ, мащIэ дыдэщ къыфхуэнэжар, ныбжьэгъу лъапIэхэ, текIуэныгъэр къэзыхьа ди зауэлI гъуэзэджэхэр къевгъэблэгъэжыным. Зыкъэзумысыжынщи, Совинформбюром къита иужьрей дыдэ хъыбархэм сэри седэIуакъым. Ауэ пцIы зыхэмылъыр зыщ: Гитлер къыгуры Iуащ абы дуней псом щызэхищIыхьа цIыхугъэншагъэхэм папщэ народхэм я пащхьэм жэуап щитын хуей зэрыхъуныр.

Iэгуауэшхуэм зиIэтащ.

Сыт щыгъуи хуэдэу, гушхуэныгъэшхуэ хэлъу и комиссарым едэIуат Нартшуи. Дотий и псэлъэныр зэриухыу абы зыхуегъазэ:

– Дотий дадэ, шыхэр щIэсщIэжын? Ауэрэ кIыф I дыдэ хъунущ, – и комиссарым ебзэджэкIыу арат иджыпсту Нартшу: ар хуэпIащIэрт КъантIасэ деж псынщIэу щIэлъадэу абы зэрыщытхъэжыным. КъантIаси арат зыхуейр: щIалэ цIыкIур ныжэбэрей Iуэху зыщIыпIи игъэкIуэжынутэкъым.

– Укъытримыч, щIалэфI, – къопсалъэ Уэрышыр. – КъэкIуэныр хьэщ Iэм и Iуэхущи, кI уэжыныр бысымым и Iуэхущ, жаI эу зэхэпхакъэ уэ!.. Зэхыумыхамэ, зэгъащIэ-тIэ.

– Хьэуэ, дежьэжмэ нэхъыфIщ дэ, – Нартшу жиIамкIэ арэзы мэхъу Къуэшрокъуэри.

– КхъыIэ, къанэ, Дотий. Пщэдджыжь укIуэжынщ, – хьэрэмыгъэншэу хьэщIэм елъэIурт Батырбэч – апхуэдэу хьэщIэ едгъэжьэж ди хабзэкъым дэ. Апхуэдэ емыкIу пщI э хъун, зиунагъуэрэ? Хуабжьу ди жагъуэ къощI. Губгъуэ унэр, дауи, икIи хьэщIэщкъым икIи... Ауэ уэркIэ...

– ХьэщIэщ, жыпIа? Сэ сысэлэтщ.

– Унэ ирамыху икI ыркъым иджыпсту. Жэщыбгым гъуэгу утетыну... Дауэ щытми... сакъын хуейщ. ЖэщкIэ Iэщэ уэ макъхэр къыщыIу щыIэщ. КхъыIэ, къанэ, Дотий.

Бысымхэм я псалъэм ебэкъуэфкъым Къуэшрокъуэр.

– Уэ дауэ къыпщыхъурэ, шыщхьэхъумэ? Дыкъэнэн?

– Дыкъанэмэ нэхъыфIщ, – зэрыгуфIэр ерагъыу щ Iихъумэф къудейуэ къопсалъэ Нартшу. ШитIыр бом щIешэ, яшхын яретри, езым КъантIасэ и пщэфIапIэм зрегъэхь. ПщэфIап Iэр хуабэу, и ныбэ изуи шхэуэ...

КIуэркъэкIуэжу лажьэхэм яхопсэлъыхь Уэрышыр:

– ХьэщIэм деж си напэр щытефхынщи, си гъащIэ псок Iэ сщыгъупщэнкъым. Тылым щыпсэухэр зэрылажьэр евгъэлъагъу комиссарым. Дыгъэр къыщIэмыкIыу фыкъос. ЗэхэфщIыкIа?

Былэ! Дэнэ щыIэ Былэ?

– Сыт ухуей? – ерагъыу и жьэр зэщIех щIыIэм игъэдыкъа Былэ.

– Си лъахъэр дэнэ щыIэ?

– Уи IэкI э жыгым фIэбдзауэ фIэлъщ.

– А-а, пэжщ, сщыгъупщэжати.

Былэ жэщхэсхэм ящыщт. Ар зэзэмызэххэт унэм зэрыкIуэжыр. Къуэшрокъуэм игу щIэузт цIыхубз щIалэ IэпцIупцIым, фIэгуэныхьу зэпиплъыхьт ар – и бостей лэжьэпар, дыгъэм ижьэжа и щхьэфIэпхыкI тIэк Iур. Дотий игу зыгуэр къэкIат, ауэ ар зэригъэзэщIэным егупсысыху Былэ бзэхыжащ.

ПщэфIапIэм къыщI окI зи нэк Iущхьит Iыр къызэщI эплъа, лыгъуэлыбжьэмейр къызыкIэрих КъантIасэ. Iэдэбу, здэкIуэм и Iэхэр кIэпхынымкIэ фIилъэщIыкIыурэ, хьэщIэм сэлам ирихыну бгъэдохьэ ар. Къуэшрокъуэм Къант Iасэ япэщIыкIэ зэхэзещхъуэн ещI, итIанэ къецIыхужри, ину къопсалъэ:

– Уэри мыбы ущы Iэ? Абы щыгъуэ сэ Нартшу щхьэк Iэ сыщIэгузэвэн щыI экъым.

И гущхьэм къыщызэрыдэхьея псалъэ гуапэ къомыр щыгъупщэжу хужымыIэнкIэ мэгузавэ КъантIасэ.

– Уи цIэр фIыкIэ цIыху цIык Iум я бзэгупэм игъащIэ псокIэ къытенэн тхьэм ищI, тIасэ, – жеIэ абы ик Iэм икIэжым. – Ди нэхъыжьхэм я псалъитI язу щытащ: фIы пщIамэ, ар псым хэбдзэми, ирихьэхыркъым. Уэри фIы пщIащ: сабий зеиншэр зэпшалIэри зыхуей хуэбгъэзащ. Ар игъащIэ псокIэ сщымыгъупщэу сигу илъынщ, Нартшу алыхь талэр къыхуэупсэжащ, насыпышхуэ къеуэлIэжащ. Къэслъхуауэ си мыбын пэтми, абы и гуфIэгъуэр сэри си гуфI эгъуэщи, гуфIэгъуэ хэмыкI ыу псэуным ящыщ тхьэм уищI, тIасэ.

ХьэщIэм сэлам гуапэ дыдэ ирехри, Къант Iасэ пщэфIапIэм щI охьэж. Абы и хьэщIэр зэригъэхьэщIэн жыхуэп Iэм ущIэмыупщIэ!..

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, езы хьэщIэми гу лъитат абы – КъантIасэ зыщIыхьэжа пщэфIапIэм. къыщIэуа лыгъуэлыбжьэмэ къудейм уи гуры Iупсыр къигъажэу гурыхьт. Ауэ лы дэнэ кърахауэ пIэрэ?

«А-а, – къыгуроIуэ Дотий, – Уэрышыр лIы губзыгъэщ. Пщыхьэщхьэ хьэщIэр зэригъэхьэщIэным и унафэр пасэу идри ибзыжакIэт. Абы и бзаджагъыр плъагъуркъэ! Я унэм игъэкIуэжщ, мэл кърихьашэри хьэщIэныш иригъэукIауэ аращ. Абы и ужькIэ, ахьай уимыутIыпщыжынрэт Уэрышым...» – абыхэм егупсысурэ Дотий лэнейкIэмкIэ макIуэ, и цыджанэр пхъуантэм къыдех, ар бащлъыкъым кIуэцIешыхьри къегъэзэж. Ету теб-дзэжмэ, щIэрыпсым хуэдэу хъужынущ джанэр. Зэи-тIэуи фIэкI щимытIэгъауэ щысхьыпэу зэрихьэрт Къуэшрокъуэм а джанэр. Бащлъыкъри

зэрызэрихьагъэшхуэ щыIэкъым, цым къыхэщIы-кIащ. Хуабэщ...

– НакIуэт, ныщIыхьэт. КъантIасэ хьэзыр хъуауэ къыдэжьэ си гугъэщ, – жеIэ председателым. Абы хьэщIэр ирегъэблагъэ езыр жэщкIэ къанэ хъужыкъуэмэ зыщыжей хабзэ пэшымкIэ. А пэшыр Батырбэч и гуапэу ныжэбэ Къуэшрокъуэм хьэщIэщу иритынущ, езыр зыгуэрурэ нэху къекIынщ.

– НакIуэмэ, накIуэ, – хьэщIэри йожьэ.

«И щыгъыныр зэрихъуэкIыну арагъэнщ», – игу къокI Уэрышым, Дотий и пхъуантэ цIык Iум еплъурэ. ЗэкIуэцIышы-хьари и блэгущIэм щIэлъщ.

Ахэр зыщIыхьа пэш цIыкIур ятIэ лъэгут, зы щхьэгъубжэт хэлъыр. ГъэщIэгъуэныракъэ, щхьэгъубжэ абджым щыщ зыри къутатэкъым. Щхьэгъубжэ дакъэм фэтыджэн уэздыгъэ тетщ. ПлIанэпэм дэтщ гъущI гъуэлъыпIэ, мэкъу илъу, абы упщIэ теубгъуэжауэ. Щхьэнтэр, щащыху хужьыр, шхыIэныр – псори зэкIуэцIышыхьауэ пIэщхьагъыпэм деж илъщ. Щхьэгъубжэм бгъэдэт ст Iол цIыкIум стIолтепхъуэ къуэлэни тепхъуащ, абы тетщ пхъэщхьэмыщхьэр папцIэу зэрылъ кхъуэщын тепщэ-чышхуэмрэ тхъуэплъ хъужауэ гъэжьа лэкъум тепщэчымрэ.

– Уэлэхьи, Дотий, уэ нобэ хуабжьу гугъу зыкъытхуебгъэ-хьам! ИкъукIэ лекцэ бэлыхь укъытхуеджащ. Академием дыщIэс ди гугъэжу дынодэIуащ, – жиIэрт Уэрышым хьэрэмыгъэншэу. – ЕгъэджакIуэ Iэзэ дыдэм хуэдэу уощIэ тхыдэр. ТIысыт. Тхьэм щхьэкIэ, тIысыт!

– СытIысынкIэ – сытIысынт. Ауэ зы лъэIу пхузиIэт, Батыр-бэч.

– ХьэщIэм и псалъэр бысымымкIэ унафэщ.

– Мы зэкIуэщIылъыр, кхъыIэ, япэ дыдэ исахэм яхэса а цIыхубз щIалэм схует. Апхуэдиз зи дахагъ цIыхубзыр апхуэдэу щыгъыныджэу...

– Былэу къыщIэкIынщ жыхуэпIэр? Ар сытым хуэдэу лэжьак Iуэшхуэ!.. И лIым хъыбар лъэпкъ иIэ мыгъуэкъыми, дуней гузэвэгъуэр телъщ. И жэщри и махуэри мы губгъуэ унэм щегъакIуэ. ГуфIэгъуэ зыщIимылъэгъуэж унэм и псэр мыкIуэжу аращ.

– НтIэ, мис абы ет, кхъыIэ, мыр.

– Ар цIыхубз пагэщ... И щхьэ иригъажэрэ и жагъуэ ищIмэ...

– И жагъуэ имыщIын хуэдэу, зыгуэр къыхуэгупсыс...

Уэрышыр къэукIытащ.

– Уи фIэщ щIы, Дотий, колхозым и хьэкък Iэ тхуэпэнкIэ. Апхуэдэ дыдэу хуэкъулейсызу аракъым ахэр. НэхъыфIыIуэхэр яхъумэри щагъэлъщ. ЛэжьакIуэ щыгъыныжьхэмкIэ къыдокI-ри... ХьэщIапIэ щыкIуэкIэ абыхэм зэрызахуапэр уэзгъэлъэ-гъуащэрэт! – Батырбэч пщIы зэриупсыр нэрылъагъущ, – Сэри соукIытэ. Колхозым и напэр трах...

ЗэкIуэцIылъыр Уэрышым хуеший Дотий.

– Колхозыр а псом хунэсыху уэсыр къеуэхынущ. Ар иджыпсту хуейщ щыгъын хуабэ. Абы щыгъымкIэ щIыIэ къеуэнщ, и тхьэмбылым щIыIэ хыхьэнщи… Си лекцэри нэхъ псынщIэу щIэзухари аращ. ТхьэмыщкIэр щIыIэм игъэундэрэщхъуат. Мэт, уэ сIыхи етыт. Армыхъу хамэ лIышхуэр апхуэдэ IуэхукIэ сыбгъэдыхьэмэ, пщIэнукъым, зыгуэркIэ и жагъуэ хъурэ… – трегъэчыныхь хьэщIэм.

ФIэмыфI-фIэмыфIурэ зэкIуэцIылъыр хьэщIэм къыIех Уэрышым.

– Фейцейуэ хуэпауэ плъагъу цIыхубз псоми джанэ ептыну ухуежьэмэ, уэ езыр лъакъуэешэкIыншэу укъэнэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Уэлэхьи, уи фIэщ щIы, сэ езым си ахъшэкIэ схуэпэнтэм ар.

– Щыпхуэпэнур дапщэщ? ЩIыIэр дэ къыдэжьэну?

– АтIэ уэ ет абы щыгъуэ. Сэ мыдэ езыр иджыпсту къездженщ. Уи IэкIэ ептмэ, икIи нэхъ пIихынкIэ мэхъу, икIи нэхъ и гуапэ хъунщ.

Дакъикъэ зытхух нэхъ дэмыкIыу Уэрышым Былэ къыщIешэ. НысащIэм зыхуихьынур ищIэртэкъым хьэщIэшхуэм деж щIашэнкIэ щIэхъуар. БжэщхьэIум ебэкъуэн темыгушхуэу бжаблэм итт. Батырбэчи ар унэм щIилъэфэну еныкъуэкъурт. Модрейми и пIэм зригъэнауэ щытт.

Къуэшрокъуэми къыгурыIуэрт цIыхубзым и Iэнкунагъыр.

– КхъыIэ, щхьэжэ умыщI, уи жагъуэ сщIыну сыпылъуи къыпщымыхъу… Уи фIэщ щIы, сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу!.. Зауэ зэманщ… – Къуэшрокъуэр гузавэрт, и бзэр зэIынат. – Къэралыр биймкIэ зэхифыщIащ. Щыху цIыкIур щыгъыныджэ хъуащ. КхъыIэ, си жагъуэ къыумыщIу, мыр сIых. Зэрыхъушхуи щыIэкъым… Зы джанэрэ зы бащлъыкърэ… ЗыгуэркIэ къыпхуэщхьэпэнщ. ЦIыхубзхэр IэпщIэлъапщIэщ, зыгуэр къыхэпщIыкIыжынщи…

Зипхъуатэу икIуэтыж пэтащ Былэ, ауэ хьэзырыххэу щытти, Батырбэч нысащIэ цIыкIур еубыдри:

– Уэлэхьи, къеIыпхыным! – жи, адэр и пхъум епсалъэ щIыкIэу.

Былэ и нэпсхэм къызэпажыхь, и нэкIущхьитIыр къызэщIоплъэ, и Iупэ гъущIахэр къокIэзыз:

– Сыфакъырэкъым сэ. Си Iи си лъи къэткъым… Солажьэ…

Батырбэч цIыхубзыр быдэу иIыгът.

– Сэ сщIэркъэ ар? Колхозми зыкъыпщ Iигъэкъуэнщ. Ауэ, зиунагъуэрэ, гупыж ищIауэ хьэщIэм къыпхуигъэфащэм уелъэ-пауэ хъурэ? ЕмыкIукъэ ар? Адыгэ уигъэсакъэ уэ? КъеIых жысIа-щи – къеIых.

ХьэщIэри мэлъаIуэ:

– Сипхъу ухуэдэщ, Былэ. Уи адэм тыгъэ гуэр къыпхуищIу

къызыщыгъэхъуи…

– И адэри и щхьэгъусэри зауэм щыIэщ, – мэщатэ Батырбэч.

– Iау, зиунагъуэрэ, си фэеплъу зепхьэнщ. Тхьэм щхьэкIэ сIых, тIасэ.

ПщIыхьэпIэм хэтым хуэдэу еший Былэ и Iэхэр, зэкIуэцIылъыр къыIех, ауэ, и лъакъуитIыр бжэщхьэIум кIэрыкIа нэхъей, и пIэм икIыжыфыркъым, и жьэр зэщIихыуи псалъэ хужыIэркъым. Къратар и нэкIум кIэрекъузэри, къыщеуд Былэ. Иритыжынущи, гупыж ящIу къуатар, къозытам и жагъуэ умыщIу, дауэ зэрептыжынур?

– Хъунщ, хъунщ иджы! НэпскIэ фIыщIэ ящIыркъым! ЛIо, уи псалъалъэр нэщI хъуауэ ара? – гъумэтIымэрт Уэрышыр. – Комиссарым хуадауэ щыта джанэ къуатын жыхуэпIэр!.. Уригушхуэу зепхьэн хуейщ. Ар щыгъыу зауэ IэнатIэ Iэджэ Iутащ комиссарыр. Гынымэ щоу абы!

– Джылъу мыбы Iулъым хуэдиз…– Былэ и псалъэр зэпегъэури и Iыгъ зэкIуэцIылъым йоплъ, итIанэ ерагъыу къыдрешейри, – гъащIэрэ насыпрэ тхьэм къуит!..

– Армырай хабзэр! Тхьэм уигъэпсэу! Дэгъуэу жыпIащ. КIуэ иджы. Хуит ухъужащ, – Уэрышым нысащIэр щIегъэкIыж, езыри апхуэдизкIэ къэдзыхащи, емылъэIу щIыхьэхуу къебла нэпсым и лIы напэр къытрихынкIэ хъунущ.

## 2. БГЫРЫСЫМРЭ ШЕЙТIАНЫМРЭ ЯТЕУХУА ХЪЫБАР

Апхуэдэу пщыхьэщхьэшхэ зэгъэпэща къыпэплъэу Къуэшрокъуэм и пщIыхьэпIэ къыхэхуэххэнтэкъым. Псом хуэмыдэу абы игу ирихьыпащ тхьэмщIыгъу цIынэмрэ кIапэ цIынэ убзытамрэ зэхэлъу дзасэкIэ ягъэжьар. ЩыгъэтыжыкIэ имыщIэу ишхырт ар, нэгъуэщI ерыскъы лIэужьыгъуэхэри къызэрыкIуэныр ищIэрэ пэткIэ. Апхуэдэ дыдэуи хъуащ. Iэнлъэшхуэк Iэ къыщIахьэ бахъэр къызыщхьэщих мэлыл гъэвар, шыпсыр екIуу шатэкIэ зэхэщIауэ бжьыныху щIыгъужу. Ауэ хьэщIэм сыт ищIэнт? Еплъи хэкIыж, жыхуаIэм хуэдэщ, и ныбэ из хъуащи, пыпхъуэу зэтелъ лы гъэвам къыхих бахъэ гуакIуэм йопэмри щысщ. Зауэм зэрыщIидзэрэ апхуэдэ тхъэжыгъуэ къыхуихуауэ къыщIэкIынтэкъым комиссарым. Лэкъум гъэжьа хуабэри хуабжьу фIэIэфIу ишхат. Сэ мыпхуэдиз къыщыслъысакIэ, уэ нэхъыбэж къыпхуэнащ, жызыIэу зи ныбжьэгъум гурыщхъуэ хуэзыщIыжауэ щытам ещхь мэхъу Iуэхур: «ТIэкIу куэдыIуэ икIи ерыскъы фIыIуэ щамышхыу пIэрэ мы колхозым?» – йогупсыс Къуэшрокъуэр. ЛIитIым иджыпсту ерыскъыуэ къыхущIахьар армэм и зауэ совет псом яхурикъунт.

– Гуэдзу сыт хуэдиз фщIэр! – Iуэхум щымыщ хуэдэу щIоупщIэ Къуэшрокъуэр.

– Зыри, –зигурэ зи щхьэрэ зэтелъу шхыным елэжь Уэрышым лы Iыхьэр шыпсым хегъэджэразэри зыIурегъэтIысхьэ. Ар ирегъэх, и Iупэр елъэщIыжри. – Абы ущIыщIэупщIэр къызгурыIуащ, Дотий. ИкIи узахуэщ. Гъавэ гъэхьэзырынымкIэ уполномоченнэр, дауи, егупсысынкIэ мэхъу мыпхуэдэу: ярэби мыпхуэдизу ехьэжьауэ псэу Уэрыш Батырбэч дадэм къэралым щигъэпщкIуауэ гъэтIылъыгъэ гуэрхэр имыIэу пIэрэ?

Къуэшрокъуэр укIытэжащ. Абы игу къэкIар тэмэму къищIат Уэрышым. ЗиIуантIэ-зишантIэу, и щхьэр здихьын имыщIэу, къэнащ Дотий. Гурэ псэкIэ уезыгъэблэгъауэ апхуэдизу IэфIу узыгъэашхэ уи бысымым щхьэкIэ Iей уигу къэк Iыныр емыкIукъэ? Сыту хьэл мыхъумыщIэ ар! Псори зэбгъэщIэн хуейуэ къыпщыхъужу...

– Дэри ехьэжьауэ дыпсэужыфыркъым нобэ. Илъэсищ зи ныбжь сабийм хурикъуми аращ балигъхэм еттыр. Ауэ щыхъукIэ, абыкIэ зепхьэжьэщэнкъым. Колхозхэтхэр уэфI, уей ямыIэу махуэ псом, – пщэдджыжь пшэплъыр къыщищIым къыщыщIэдзауэ пщыхьэщхьэ  пшэплъ пщIондэ, – мэлажьэри губгъуэм итщ,  хьэуа къабзэм хэтщ. Абы и ужькIэ, уегуакIуэмэ, джэд зырыз яшхыфынт. Ауэ, не Iэмал... УэфI-уей, жыхуэсI эм къизгъэкIыр... Уэ гуэдзым ущIэупщIащ. Щыуэлбанэм гуэдзыр Iупхыж мыхъу щхьэкIэ, нартыху къыдэпч мэхъу. ИужькIэ гъэгъущыжи зэфIэкIащ. Дыжьын гъурым хуэдэу мэгъуж. Нэхъык Iэр сыт, жыIэт? Уэс къесмэщ. Мы ди щIыпIэхэм уэсым куэдрэ ущызригъэжьэнукъым. Зы нап IэзыпIэм къыптеуэнкIэ мэхъу. Ди къуршхэм я къыр IуэнтIахэм я инагъым хуэдизщ я хьэлри. Уэс къыщыпкIэщIакIутэнури уэшх къыщыпкIэщIакIэнури къыпхуэщIэнукъым.

– Нормэ гуэр фиI эу щыткъэ фэ? – щI оупщI эри, зыщIэупщIэну зыхуеяр зэрыармырар къыгуроIуэж Дотий.

– Ахьаи диIэ! Щхьэ димыIэу? Мэл лъхуэн къудейм нормэ, план яI эщ: мэлищэм щынэ пщIейрэ тхурэ къыщIагъэхъуэн хуейщ. Абы щыщу щынэ хыщIрэ пщыкIутхурэ мы нэхъ мащIэ къигъэхъун хуейщ мэлыхъуэм.

– Нэхъыбэ хъумэ-щэ?

– Саугъэт идот.

– Трудоденым пэкIуэу гъавэ бгуэшрэ?

– Дэнэ къисхын? Нартыхур щIагъуэ хъуркъым. Пасэу хыбосэри – жылэр хофыхь,  кI асэу хэпсакъэ – цIынэу къонэ. Хъыджэбз гъыринэжь цIыкIум удэгъуэгурыкIуэныр нэхъ тыншщ нартыху зепхьэным нэхърэ. ХуэпщIэнымрэ  узэрыбгъэдыхьэну щ IыкIэмрэ къыпхуэмыщI эурэ, пфIокIуэдри йожьэж... Гуэдзым ущIэупщIат уэ. Дэнэ гуэдз къыздизбгъэхынур? – зы лэкъум тхъуэплъышхуэ тепщэчым кърех, игъэкIэ-

рахъуэурэ тIэкIурэ е Iыгъри ирелъхьэж. – Таурыхъым и пэр умыщIэу, и кIэр пщIэркъым, жи. – Адэ нэхъ жыжьэу къыщезгъэжьэнщи, нэхъ гурыIуэгъуэ хъунщ. Дэ зэи гуэдз тщIэркъым. Бжьыхьэсэр хыдосэри – щIыIэм тфIесыж, гъатхасэр зыри хъуххэркъым. Тафэтес къуажэхэм сыкIуат зэгуэрым выгу шэрхъ езгъэщ Iыну. ЩIэп заводым сыблэкIрэ пэт солъагъу – щIэпыр хьэвэу зэхэлъщ. Колхозым къызэхуашэсри абдеж щелэжьу аращ щIэпым. Еуэ къврашалIэ, еуэ къврашалIэ щIэпыр. КъвршалIэри заводым и хъуреягък Iэ щызэтралъхъэ. Хэт дауэ хуейми зэтрелъхьэ. Нэхъ тэмэмыр жыпIэмэ – иракъухь щIэпыр. Ар сигу схутегъахуэркъым. Директору ягъэувагъащIэ щIалэр къызогъуэтри апхуэдэу пщIы зэрымыхъунур гурызогъаIуэ: Узыхуейр ещIэ: ухуеймэ, гъэф, ухуеймэ, ехьэжьэ, жыпIэу мы щIэп хъарзынэр уэшхым щхьэ хуит хуэпщIрэ, къуэш? Пыпхъуэу зэтеплъхьамэ, уэшхри уэсри зэран къыхуэмыхъуу гъущэу зэтелъынтэкъэ? ЦIыхухъур къыдомэщIэкI, ди заводым цIыхубз дахэ-дахэу къытхуэкIуэркъым, жи. Апхуэдэу щыщыткIэ, жызоIэ, сэ сыбдэIэпыкъунщ. Ар зэрыжысIэм щхьэкIэ, щIыхьэху сыкъыпхуэкIуэу сыпхуэлэжьэну аракъым. Хьэуэ. Сэри апхуэдэу цIыхур къызэлеекIыркъым. Ауэ... мыдэ си таурыхъым къедаIуэт...

Уэри пщIэжынкIэ хъунщ, жызоIэ, шейт Iанымрэ бгырыс гуэррэ зэгурыIуэу зэдзейуэ зэрызэдэлэжьауэ щытам теухуа таурыхъыр? СыщыцIыкIуам зэхэсхауэ сщ Iэуэ щытат, сщыгъупщэжащи, къэзгъэщI эжыт» жи. КъедаIуэ-тIэ, жызоIэ.

Бгырыс бзаджэ гуэррэ шейтIанымрэ зэгуроIуэ дзейуэ зэгухьэу гъавэ зэдащ Iэну. Явэ, ясэ. КърахьэлIэр я зэхуэдит Iщ. ШейтIаным щ Iыр евэ. Бгырысым ху жылэр хесэ. Бжьыхьэр къосри мэшыр Iухыжын хуей мэхъу. Мыпхуэдэу догуэш ди хур, ныбжьэгъу, жеIэ бгырысым: щхьэкIэр сысейщ, лъабжьэр ууейщ. Апхуэдэуи зэгуроIуэхэр. Ауэ ит Iанэ шейтIаным зегъэгусэ. Лъабжьэр псори сэ щхьэ къыслъысын хуей? – жи. Гъэ къакIуэ дызэхъуэжэнщ, жи бгырысым: щхьэк Iэр уэ къыплъысынщ, лъабжьэр сысейщ. Гъатхэр къос. ШейтIаным щIыр евэ, мэкъумэшыщIэм бжьын жылэр хесэ. Бжьыхьэр къыщысым, зэдзеегъухэр губгъуэм докI. ИIэ-тIэ, жи бгырысым, иджы щхьэкIэр ууейщи – щхьэщыхыкI, лъабжьэр сэ къысхуонэ, ШейтIаным бжьын щхьэк Iэр щхьэщехыкI, хадэ гъэкъэбза хъуам хоувэри бгырысым и бжьыныр къет Iыж. КъызэрагъапцIэр абдежщ къыщыгурыIуар шейтIаным.

ЩI эп заводым и директорыр щI алэщIэт, комсомол лэжьакIуэу щыта щIалэ бэлыхь гуэрт, и ныбафэр IэкIэ иIыгъыу мэдыхьэшх. Ауэ, жи, япэщ IыкIэ къызгурыгъаIуэт: дэ тIум хэт шейтIанми хэт бгырысми.

Уи фIэщ щIы, си жьыщхьэ сэ уэ укъэзмыгъэпцIэнкIэ, жызоIэ. МахуитI нэхъ дэмыкIыу лIыжь бригадэ къыпхузогъакIуэ.

Абыхэм уи щIэпыр пыпхъуэу пхузэтрызогъалъхьэри уи уэшх-ми, уи уэсми, уи жьапщэми я ней къыпщыхуэж итIанэ. Абы щхьэкIэ къыпIысхынури щIэп щхьэкIэрщ. Ар дауэ, жыпIа? Зи дауэращ: пыпхъуэу зэтетлъхьэным и пэкIэ уи щIэп пхырхэр тIэкIу соудыныщIэ, соубэрэжь... КIэщIу жыпIэмэ, жылэр къапы-зогъэлъэлъ. Уэ, тIум щыгъуи, жылэр зыкIи къэбгъэсэбэ-пыркъым. Е мэфыж, е бзум яшхыж. Сэ ар сэбэп къызэрысхуэ-хъуныр пщIэнукъым... ДызэгурыIуа?

ЩIалэр сыт щхьэкIэ къызгурымыIуэнрэт? Уеблэмэ къыщыхъуауэ къыщIэкIынщ ипэрей бгырысым и шейтIан делэр сэри къэзгъэуэтащ, жиIэу. ЩIэп жылэр заводым дежкIэ кIэрыщIэнышхуэт. ЩIэпыр здэщылъа щIыпIэр гъатхэм деж гъэужьым зэщIищтэрти пабжьэу зэщIэкIэжырт, ар къэхыжын, гъэкъэбзэжын хуей хъурт...

Арати, диIэ зэроубыдри дызэгуроIуэ. Си лIыжьхэм зы тхьэмахуэ зэхуакум завод пщIантIэр ягъэкъабзэ. ПIырыпIу гъэпщауэ гъуэлъыпIэм ис щхьэнтэхэм хуэдэу, пыпхъуэ дахэхэр кърагъэувэкI. ЩIэп заводым зы къабзагъэ игъуэтати, Къул Зулкъэрней зы пленум гуэрым къыщыпсалъэрэ пэт, си ныбжьэгъу директорым щытхъупсыр кърегъэжэх. «Бгырыс бзаджэу къыщIэкIар уэрауэ къыщIокIри: нэгъуэщIым и Iэр пэрыIэбэ ищIауэ абыкIэ уи мафIэр зэщIогъэстри, жызо Iэ щIалэм. Модрейм: цIутI жумыIэу уи жьэр зэщIэкъуэ. А дызэрызэгурыIуам тету, гъэ къакIуи дызэдолажьэ, жи. Сэри арат сызыхуеиххэр. Япэ гъэм щIэп жылэ хъушэ къытесшат заводым. Ар гъунэгъу районхэм, щIэп зыщIэ колхозхэм я деж, изогъашэри гуэдзкIэ изогъэхъуэж. Аращ мы лэкъумыр къыздикIри,– жиIэу Уэрышым аргуэру зы лэкъум къещтэри къыпыгуфIыкIыурэ хьэщIэм йоплъ.

Батырбэч и хъыбарыр Къуэшрокъуэм игу ирихьащ. Гуапагъэ къызыщIих и нитIымкIэ бысымым еплъащ ар. УнафэщI губзыгъэ, щхьэр здэмыкIыным пкъыри дигъахуэу, бзаджагъэ тIэкIуи хэлъу, уиIэмэ хэкIыпIэ, Iэмал къегъуэтри и цIыхур егъэпсэу, ар къэралми сэбэп хуохъу. Апхуэдэм хурагъаджэркъым. Ар езы цIыхум къыдалъху. Уэрышыр къызыхуигъэщIар губзыгъэу, псори тэмэму зэригъэзахуэу Iуэху зэрихьэну аращ. Абы и нартыху къыдэчыжыкIэри адрейхэм ещхькъым – нартыху бзийр кърегъэх, хадэр къегъэкъабзэри итIанэщ щригъэтIысылIэр нартыхур къыдригъэчыну. Армыхъуамэ уауэ щIым щылъ нартыху бзийм дэтыр умылъагъуу пIэщIэкIынкIэ мэхъу. Мыдрейуэ, нартыху бзийр иту къыдэпчмэ, нартыху цIынэри гъуари зэхэбдзыну тынш хъуркъым, абы щхьэкIэ матитI къеплъэфэкIын хуей мэхъу. ИужькIэ зэхэбдзыжынущи, Iуэхуит IыщIэ мэхъу. Тыншкъэ икIи нэхъ Iуэху зэфIэкIкъэ – нартыху бзийр къэх, пхафэм къыхэшыжи пщыIэм къешэлIэж, жьыри щIэри бгъэдэгъэтIысхьи къыдачыр къыщыдачкIэ зэхегъэдзыж.

Аращ акъыл зиIэ Уэрышым деж щымыкIуэдыпхъэ зы гъавэ хьэдзэ щIыщымыкIуэдыр. Мис апхуэдэ унафэщIт къэралыр нэхъыбэу зыхуейр. Райисполкомым и председателу Уэрышыр гъэувамэ, щхьэ мыхъурэт? Армыхъумэ район псом Iуэхур щызезыхьэр цIыху щхьэзыфIэфIмэ, щхьэхуещэмэ...

– Едзакъэт, кхъыIэ, тIэкIу. Моуэ шхыным ухэI эбэркъэ, зи-унагъуэрэ! – тегупсысыкIыу жыжьэ нэса уполномоченнэр Iэнэм къэрешэлIэж Батырбэч. – КъантIасэ елIэлIапэу игъэхьэзыра ерыскъым уелъэпауэ хъурэ? Абы махуэ къэс мыпхуэдэу сигъашхэ уи гугъэмэ – ущоуэ. Хьэщ Iэм ерыскъыри къыдокIуэ жыхуа-Iэращи, уи фIыгъэкIэ сэри сотхъэж, – Уэрышым лы Iыхьэшхуэ къэщтэри хьэщIэм и тепщэчым ирелъхьэ.

– Хъунщ, хъун. Берычэт бесын! Си ныбэ из хъуащ... Гъэ-щIэгъуэн себгъэдэIуащ. Адрейхэми уэ щапхъэ птрахамэ... – бысымым зэрищIым ещхьу, Къуэшрокъуэми лыр шыпсым хегъауэри зыжьэделъхьэ, абы IэфI къыIурохъуэ, шыпсым хигъэуа нэужь, лым игъуэта мэ дахэр, мэ гурыхьыр.

– Мыбы сыкъызэрыкIуа щIык Iэр пщIэрэ?

Уэрышым напэIэлъэщIыр къещтэ, мыпIащIэу, гъэтIысауэ и пащIэри, и Iупэри, и Iэхэри елъэщIыж.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр январым дахужащ. Дунейр уает абы щыгъуэ. Псыхэр зэщIэщтхьат, жыгхэр хьэщхьэтеуэм ири-щIыкIт. Нэхъ псы цIыкIухэр, мыл зэфэзэщу зэщIэщтхьэжри, игъущыкIыжыпахэт. Мэзыр, лъэсуи гукIи ущIыхьэ мыхъуу, уэсым щIигъэнат, лъагъуи гъуэгуи иIэжкъым. Колхозхэтхэр мэкъу щеуауэ щыта джабэ нэкIухэр щIэзыгъэна уэсым фIыщIа-гъэ Iуащхьэ гуэрхэр къызэпхощ. Жьым къитхъунщIауэ арат а Iуащхьэхэр. Парт, советскэ лэжьакIуэхэми къэдгъэзэжат лъахэр хуит къэзыщIыжа Советскэ Армэм и гъусэу. Фашистхэм зэха-къута хозяйствэхэр къызэфIэгъэувэжыным и ужь дохьэ занщIэу. Зауэм щек IуэкI хабзэрт ди дежи щызекIуэр. Унафэ къыпхуа-щIа – гъэзащIэ, армыхъумэ хэплъыхьрэ хьэуэрэ щыIэкъым.

Джэдым зраукIыну сэр къеулъэпхъэщ, жыхуиIэм хуэдэ хъуащ си Iуэхур. Унафэ къысхуащIыр згъэзащIэу сесагъэжьти, зэгуэрым IуэхукIэ мыбы сыкъагъэкIуат. Председателу ягъэувын гуэр къызагъэшауэ арат. Ауэ абы и п IэкIэ сэ сагъэувын хуей щыхъум, партым и обкомым и секретарым деж сокIуэ. «Колхо-зыр къэIэтыжыным и ужь сихьэнт. Ауэ лэжьыгъэм щIэдзэным и пэкIэ къуажэдэсыр къызэхуэсшэсу собранэ сщIын хуейщ. Мис а зэ IущIэм псалъэ быдэ... присягэ щыстынущ», – жызоIэ. «Сыт псалъэ быдэ, сыт присягэ? ЖыпIэхэр сыт?» – Зулкъэрней и нэр къыхуу къызоплъ. «Къулыкъум щ Iадзэным и пэкIэ зауэлIхэм ятыркъэ присягэ? Сэри стынущ», – жызоIэ.

Уэри зэрыпщIэщи, зэрыщыту къапщтэмэ, Iуэхур щIагъуэ-тэкъым. ЛъэкI къимыгъанэу, хуэкъутэр икъутат бийм. Узэ-

лъэIуни къыбдэIэпыкъуни щыIэтэкъым. Ныджэм къытридза бдзэжьейм дрещхьт. Къэзэнокъуэ Апчарэ, нэгъуэщI мыхъуми, зы трактор къыхуагъуэтат. Чопракъ аузым нэгъуэщI Iэщэ гуэрхэри къыщагъуэтыжат, пIащIэтхъытхъыу щIэпхъуэжа бийм топ къутахэр хыфIидзэри ежьэжат. Топыпэхэр, топыр зытегъэбыда лъабжьэхэр трахыурэ шэрхъхэр гуфэу къагъэ-сэбэпу хуежьащ. Апхуэдэут абы щыгъуэ колхозыр зэрыпсэур. Къуажэдэсхэми яIэр лъэныкъуэ ирахьэкIыркъым: хэт пхъэIэпэ, хэт къитхъ, хэт пхъэIэщэ, жи... Сытми, удын зэхэдзэ нэхърэ Iы-хьэ зэхэдзэ, жыхуиIэу мэхъури...

– Iэщым и Iуэхур-щэ?

– Япэ зэманхэм Iэщ Iуэху зетхуакъым. Мы жылэм былымыр яхъумэну ягуэшауэ щытатэкъым. Арати, Iэщыр куэдым яхуэхъуматэкъым. Фашистхэмрэ абыхэм гъусэ захуэзыщIа бзаджэнаджэхэмрэ къуршым ит, аузым дэт Iэщыр къалъыхъуэжурэ нэмыцэдзэхэм ирагъэшхащ. Яхуэмышхыу къадэхуар здрахужьэри ежьэжащ... ИужькIэ тIэкIу-тIэкIуурэ аузым къыдыхьэжу хуожьэ цIыху цIыкIур. Хэти Iэщ къыздихужырт. Ауэ мэкъумыли Iэщыр щаIыгъыни къагъэнатэкъым фашистхэм. Iэщым, шым ирагъэшхар ирагъэшхат, къэна мэкъу пыпхъуэхэр командованэм и унафэкIэ ягъэсат: лъапсэм псы ирагъэжыхьыжри щIэпхъуэжахэт.

Арати, IэнатIэ хьэлъэ бзаджэм Iутт си IэмыщIэ кърaлъхьэ колхозыр.

## 3. ПСАЛЪЭ БЫДЭ

Къуажэдэсыр зэрыщыту къекIуэлIат собранэм.

КъекIуэлIам я нэхъыбэр сэ сцIыхурт. Сэ сыкъэзыщIыху куэди яхэтт абыхэм. Колхоз ахъшэр бийм Iэрызмыгъэхьэу зэрысхъумами куэд щыгъуазэт. Зауэм Iухьэну зызыгъэхьэзырам ещхьу, сыкъекIуэлIат сэри собранэм – си Iэщэк Iи (кIэрахъуэшхуи скIэрыщIат), си фащэкIи къыздэбгъуэн щымыIэу апхуэдэт. Iэщэр лей хъунутэкъым, сыту жыпIэмэ партизанхэмрэ фашистхэм я IупэфIэгъу хъуахэмрэ я псэупIэкIэ зэхъуэжахэт: партизанхэр мэзым къыщIэкIыжри къуажэм къагъэзэжауэ лажьэ-шхэжу ежьэжахэт, мыдрей хьэбыршыбырхэр, зи блыгущIэтхэр щрахужьэжым, къуажэм дэкIри мэзым щIыхьэжахэт, гитлеровецхэм къагъэзэжыным щыгугъыу къуэгъэнапIэхэм къуэсхэт.

Присягэм и хъыбар зэхэзыха цIыхухэм ар зыхуахьыныр ящIэртэкъым. ДяпэкIэ колхоз бригадэхэм я пIэкIэ ротэхэр, батальонхэр къэунэхуну ара-тIэ? Бригадирхэм дамэтелъхэр

ятелъу къакIухьыну пIэрэ? Колхозыр зэрыунэным и Iуэху лъэпкъ зезымыхуэхэри къекIуэлIат собранэм. «Къулыкъухэмрэ цIэхэмрэ ягуэшрэ дэ зыри къытлъымысмэ, дунэхъуакъэ?» – жаIэу арат ахэр зытегузэвыхьыр. Нэхъыбэм шэч къытрахьэртэкъым унагъуэ Iэщхэми я щхьэфэм къызэриIэбэнум, ауэ а Iуэхум сэ нэгъуэщIут сызэреплъыр. Си къурмакъеищIэм зыкъыщIидзауэ Чорэми псэупIэ къызитыртэкъым: къанэ щымыIэу унагъуэ Iэщыр къызэхуэхусауэ фермэхэр къызэгъэпэщыжын, общественнэ Iэщыр къызэфIэгъэувэжауэ планыр гъэзэщIэн хуейщ, жиIэри къыстетIысхьат. Сэ си мурадт япэщIыкIэ Iэщ псэуалъэр, мэкъумылэр къызэзгъэпэщу итIанэ Iэщ бжьакъуэм сыIэбэну. Ауэ а Iуэхур кIыхьлIыхь пщIы зэрымыхъуныр къызгурыIуэрт. ЩхьэрыутIыпщ хъуа былымым щыщ куэд цIыхум яIэрыхьат, цIыху псор зэхуэдэтэкъым, Iуэхур зыхуэкIуэр зылъагъухэм къахэкIынкIэ хъунут Iэщ псэфылъэхэм зи сэ жанхэр щызыгъэбзэнухэри.

Псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, ди зэIущIэр щекIуэкIыр зи Хэкум епцIыжа Бешто Якъубрэ капитан Локотошрэ зыщызэраупсеяуэ щыта клубырт.

– А-а, зэхэсхащ, зэхэсхащ абы и Iуэхур. Хъыбарышхуэ иIэщ а клубым. ЦIыхум къамыхъумамэ, и псэр пыту капитаным и щхьэр абы къыщIихыну къыщIэкIынтэкъым,– жеIэ Къуэшрокъуэм. – Ауэ гъуэгум къыщыпэтIысхэри...

– Пэжщ. КъыпэтIысахэу щытащ...

– АдэкIэ-щэ? – щIоупщIэ Дотий.

– Фэрэ сэрэ дяку псалъэмакъ къыдыхьэ, щэху зэхудиIэ хъунукъым, жызоIэ. Фи унафэщIу сыхэфхащ. Ар сэркIэ щIыхьышхуэщ. Шыр жэрыгъэм, жырыр мывэупцIэм, цIыхур Iуэхум щагъэунэху, жи. Дэ къалэн хьэлъэ къытпэщытщ – хозяйствэр къызэфIэдгъэувэжын, цIыхум ерыскъы, гуфIэгъуэ едгъэгъуэтыжын, зауэм Iут ди бынхэм, ди дэлъхухэм, ди щхьэгъусэхэм къахь текIуэныгъэм ди Iыхьи зэрыхэлъыр хьэкъ ящытщIын хуейщ. Абы папщIэ уи Iэщхьэлъащхьэр дэхьеяуэ улэжьэн къудейр мащIэщ. Уи псэри утхыпщIын хуейщ. Фэ фи нэкIэ флъагъуу псом япэ апхуэдэу сщIыну сыхуейщ сэ, жызоIэри, гуфIэгъуэм сыкъызэщIиIэтэу, ауэ сымыпIащIэу, си гуфIакIэм къыдызох бэлътоку плъыжьым к IуэцIышыхьа тхылъ цIык Iур. «Уасэ зимыIэщ мыр,– жысIэурэ тхылъыр бэлътокум къыкIуэцIызох. – Мыбдеж кърихьэлIа дэтхэнэ зыми фощIэ мыр зищIысыр. Мы документым гитлеровцхэм шэ мащIэ трагъэсхьакъым, къатыр лъэгу фIейкIи мащIэри яутакъым, Iэджэрэ мафIэм пэрадзащ, яжьэ ящIыну пылъахэщ. Ауэ мы документыр мафIэми исакъым, псыми ихьакъым – къелащ...» «ДощIэ, дощIэ ар зищIысыр! Парт билетщ!» – зэрогъэкIий къызэхуэсахэр. Ауэ си псалъэм адэкIэ пызощэ: «Зэ фымыпIащIэт! КъэфщIакъым! Си гущхьэм телъу схъумэ мы тхылъ цIыкIур зищIысыр сэ

нывжесIэнщ, – жызоIэри, псоми ялъагъун хуэдэу, лъагэу соIэт тхылъ цIыкIур. – Фыкъеплъыт мыбы! Мыр мэкъумэш артелым и уставращ. Уасэ имыIэу лъапIэщ мы тхылъыр. Сэ къурIэн седжакъым. Алыхьыр си фIэщ мыхъуми, зыри си фIэщ мыхъуу дунейм сытеткъым. Колхозыр си фIэщ мэхъу, си фIэщ мэхъу коллектив лэжьыгъэр зэрылъэщыр. А фIэщхъуныгъэр згъэлъа-пIэу, абы зы махуэ семыпцIыжу сыпсэууху дунейм сытетынщ! Ауэ щыхъукIэ, япэхэм щыгъуэ къурIэным трагъэIэбэурэ тхьэ зэрырагъаIуэу щытам хуэмыдэу, мэкъумэш артелым и уставыр сIэщIэлъу IуэхугъуищкIэ псалъэ быдэ фызот, си ныбжьэгъуфIхэ.

Япэрауэ, фыкъызогъэгугъэ къарууэ, щIэныгъэу, зэфIэк Iыу сиIэ псори колхоз Iуэхум есхьэлIэну.

ЕтIуанэрауэ, мы фIыщIагъэм, – жызоIэри аргуэру документыр згъэуфафэу соIэт, «фIыщIагъэ» псалъэмкIэ тхылъым и пщIэр нэхъри згъэлъэпIэну сыпылъу, – ит дэтхэнэ хьэрфымкIи пычыгъуэмкIи тхьэ фхузоIуэ сэри сымыIэбэну, нэгъуэщIхэри сымыгъэдыгъуэну. Си напэм сепцIыжауэ сыкъэфлъагъурэ – дэтхэнэ зыри фызисудыщIэщ. Зауэр имыухауэ фи трудоденым къыфхуихьыну хъерым, гъавэм фыщымыгугъ.

Ещанэ си тхьэрыIуэр: фэ фщыщ зы цIыху, – ар иребалигъ, иресабий, – шхын щхьэкIэ згъэл Iэнкъым!

Аращи, фыхуеймэ, фи унафэщIу сыхэфх, «хьэуэ» жыфIэрэ – сывмыгъэув».

СыкъокIуэтыжри стIолым сыбгъэдохьэж, махуэ псом мэкъу еуам хуэдэу си лъэр щIощIэ. Ауэ зысIыгъщ. Саздыхэплъэм, нэрылъагъущ – си псалъэхэр япхыкIа хуэдэщ: цIыхум я вэржьэрыр зэпагъэуащ. Ахэр щым зэрыхъуар къызогъэсэбэпри, тхылъ цIыкIур япэщIыкIэ си натIэм, итIанэ си Iупэхэм хузохь, ар си бгъэм кIэрызокъузэжри, а псоми сегупсысауэ сыщIыхьат собранэм, – цIыхум захузогъазэ: «Си тхьэрыIуэ псалъэр къафщтэрэ?» – жысIэу сыщIоупщIэ.

«Къыдощтэ! Къыдощтэ!» – къокIийхэр.

Зи бзэр зэзу дыджхэри къахэмыкIыу къэнакъым:

«Уставым ба зэрыхуэпщIа а уи Iупэр езыр къабзэу пIэрэ?» – жызыIэу къэкIияхэри щыIэт. Ауэ ахэр куэд хъуртэкъым.

Арат си псалъэ быдэм и тыкIэ хъуар.

АрщхьэкIэ Чорэ гуэрым къыстрекъузэ: «Колхозхэтхэм я трудоденым пэкIуэ гъавэр иумыту зыми къыпхуидэнкъым», – жи.

АрщхьэкIэ сэри си жьэ IэкIэ щIалъхьа хуэдэтэкъэ:

«Абыхэм я трудоденхэм пэкIуэ гъавэр есту псом япэ зымыдэнур уэращ!» – жызоIэ.

Чорэр, дауи, апхуэдэ жэуап пэплъатэкъым… «Ар дауэ?» – жи. «Зи дауэр пщIэркъэ? – жызоIэ. – Планыр гъэзэщIэн хуей? Хуейщ! МТС-м и хьэкъыр етыжын хуей? Хуейщ! ЩIыхуэр

дыпшыныжын хуей? Хуейщ! А псом ищIыIукIэ гъавэ къыт-худэхуауэ сощI. Общественнэ ерыскъы ди Iэн, сабий садхэр, школакIуэхэр дгъэшхэн хуейкъэ? Абыи къыдэхуэу трудоденкIэ ттыни къытхуэнауэ собж. Районым сыт щыгъуи щыбгъуэтынущ зи гъавэр къызэмыхъулIа хозяйствэ гуэр. Абы дыдэ Iэпыкъун хуейуэ, районым планыр имыгъэзэщIэныр Iэмалыншагъэу жызыIэу псом япэ зыкъызэзыдзынур уэракъэ?» – жысIэу щезубыдылIэм, и напIэ тригъэуауэу, ауэ и жьэр хузэщIэмыхыу къызоплъ Чорэр. Сэ сщIэртэкъэ, обкомым фIыщIэ къыщихьын папщIэ, абы ди гуэнхэр жыхапхъэкIэ къызэрипхъэнкIыжынур?

Фо зезыхьэ и Iэпэ йобзей, жи. Ерыскъым дыщыхэткIэ, шхын щхьэкIэ дызэрымылIэнур сщIэртэкъэ сэ? Ауэ сызыхуейр лIот? Фызыщымыгугъын фыщымыгугъ, форэ тхъукIэ фызгъэшхэну къыфщымыхъу, яжесIауэ арат. Зауэр иухмэ – абы и Iуэхур щхьэхуэщ: псэукIэ дгъуэтыжынщ.

«Сэ сэщхьщ мыр зыгуэркIэ», – йогупсыс ауэрэ здэщысым Къуэшрокъуэр.

– Лъапсэ нэщIым къыщыщIэбдзауэ арат-тIэ...

– Лъапсэ нэщI, жыпIа? НэщI къудеймэ, удэкIуэтэнтэкъэ! ИкIи нэщIрэ и щIэми унэмыплъысу апхуэдэт. Абы гугъуехьу пыщIауэ щытам ущIэмыупщIэ. Сыт ухуейми щIэ, ауэ пхузэф Iэ-кIыр IуэхукIэ къэгъэлъагъуэ, щхьэр здэмыкIыным пкъыр дэ-гъэкI, цIыхум ятелъ хьэзабри гуауэри ядэгъэпсынщIэ. Пщэд-джыжьым сошэсри, жэщ хъухукIэ шыбгым сыкъикIыркъым. Махуэм хозяйствэ псори къызэхэкIухь, я Iуэху зытет зэгъащIэ, хэт сымаджэми, хэт бэджынэми щIэупщIэ, гуауэр зытепсыха унагъуэми яхуэгузавэ... Зыгуэр хуэныкъуэу гузэвэгъуэр зытелъ цIыхур уэ къыплъымыхъуу, атIэ ар езыр уэ фермэм е губгъуэм къыщыбгъуэту уахэтын хуейщ лэжьакIуэм.

– Зауэм и пэкIэ райисполкомым и председателу щытар хэт? – щIоупщIэ Къуэшрокъуэр.

– Цыщыращ.

– Хьэуэ. Аратэкъым сызыщIэупщIэр. Сэ зи цIэ къысхура-Iуар урыс унэцIэ гуэрт.

– Правилноврат.

– Упсэу, упсэу! Ар дыдэрщ: Правилновщ.

– Правилнов жыхуаIэжыр а Цыщ дыдэрщ езыр.

– Ар дауэ? Правилнов – Цыщ...

– Правилновыр цIэ лейуэ иIэу арат Цыщым. Ауэ, езы дыдэри абы апхуэдизкIэ есэжати, и цIэ дыдэмкIэ уеджэмэ, зи гугъу ящIыр езыр армыра нэхъей, блигъэIукIырт. Дэнэ щыIэми – ар ирепленум, иреактив, иресессие – япэ сатырым яхэтIысхьэнти, доклад зыщIыр нэкIэ ишхыу щысынт. УнафэщIхэм яцыщ гуэр къэпсалъэркъэ – «уэ жыпIэмкIэ сызэрыарэзыр сыкъэплъагъу-рэ?» жыхуиIэу и щхьэр ищIу щыст. Ари фIэмащIэу: «Пра-вильно!» – жиIэу къыхэкIиикIынт нэхъри зыкъыщыгъэлъэ-

гъуапхъэм деж. ЯпэщIыкIэ ар зыми къыфIэмыIуэхуу, ауан ящIу щIадзащ. ИтIанэ яужэгъуащ. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, абы и фIэщу жи Iэрт цIэ лейр ауэ сытми къыфIамыщауэ, атIэ цIыху захуэу, гъуэгу захуэм зэрытетым папщIэ абыкIэ къеджэхэу.

Уэрышыр лыми шыпсми йоплъ. Псори упщIыIужащ, дагъэр тедиихьыжащ.

– Едгъэгъэхуэбэжын? – хьэщIэм йоплъ Батырбэч.

– Хьэуэ, хьэуэ, зиунагъуэрэ! Нэху щыху дышхэу дыщысмэ, бгъэжеинур хэт? – хьэщIэр гъуэлъыпIэмкIэ йоплъэкI.

– Дыщысыкъуар пцIыкъым. Уи щхьэр згъэузащ, – жи Уэрышым.

*Етхуанэ псалъащхьэ*

## 1. КХЪУЖЬЫФЭ

Жэщ кIыфIым цIугъэнэу хэплъагъукIыр пщэф IапIэм хэлъ щхьэгъубжэ закъуэрт. ЦIыхухэр есэжат абы, жэщыбг мыхъуауэ пщафIэр зэи гъуэлъыжыртэкъым, дэнэ къыщыгува лэжьакIуэри къекIуэлIэжу, и лы Iыхьэмрэ мэжаджэ Iыхьэмрэ ишхыу хьэнтхъупс фалъэр трифыхьыжу мыгъуэлъыжауэ, КъантIасэ и щхьэ пIэщхьагъ трилъхьэнутэкъым. Ныжэбэт абы гъуэлъыж щимыIэххэр – Былэрэ абырэ зэгурыIуат комиссарым и тыгъэм бостеиплIэрэ бостеикIэрэ къыхабзыкIыу ядыжыну. Гъуэгу техьэжыну хьэщIэ гуапэр иригъэжьэжыну пщэдджыжь Былэ къыщIэкIын хуейт щыгъынышIэр щыгъыу. Дауи, абы хьэщIэр щыгуфIыкIынщ.

Сыт хуэдиз цIыхухъу лэжьыгъэ ягъэзащIэ пэтми, цIыхубзыIэхэр дэн-бзэным щыужатэкъым. КъантIасэ бостеикIэр, Былэ бостеиплIэр къащтэри мэтIысхэр. ПсынщIэу ятIэпIхэр, ауэ IэкIэт зэрадын хуейри, – зэрыдэ машинэ губгъуэм дэнэ къыщрахынт? – мастэIуданэ, Iэпхъуалъэ къащтэри уэздыгъэм бгъэдотIысхьэхэр. Я Iуэху ящIэу ауэрэ здэщысхэм Iэджи ягу къокIыж, Iэджэми топсэлъыхьыжхэр. Нэхъыбэу псалъэр КъантIасэт. Былэ хьэлъэу къыхэщэтыкIыурэ абы едаIуэрт. ЖьэрIэм зэран хуэхъуркъым, жыхуаIэр пэжщ. КъантIасэ и пхъум теухуа хъыбар гуузым Былэ щыгъуазэт, ауэ абыхэ я унагъуэм хамэ щIалэ цIыкIур къызэрихута щIыкIэм, къилъхуа и быным ещхьу ар фIыуэ зэрилъэгъуам, сабийм и псэри, и анэ къэзылъхуам хуэдэу, КъантIасэ къыкIэрыпщIауэ зэрыщытам и гугъу зэи зэхихатэкъым Былэ.

Бригадэм хэт дэтхэнэ фызми ещIэ КъантIасэ я къуажэм къыдэкIыу Чопракъ Ипщэ къыщIэIэпхъуам и

щхьэусыгъуэр. Дэтхэнэми къыгуроIуэ махуэ къэскIэ а кхъужьей шынагъуэм Iуплъэныр анэм дежкIэ Iуэху хьэлъэу зэрыщытар...

IэплIакIуэ Iэджэ хъун зи гъумагъ а кхъужьеижьыр ижьижьыж лъандэрэ щытт. Ди нэхъыжьхэм ар тхьэ пэлъытэу ябжу щытащ зэгуэр. ЛIэщIыгъуэ Iэджэ и нэгу щIэкIат абы, и къудамэхэм ину задзат; жыжьэу уплъэрэ плъэгъуамэ, къыпфIэщ Iынщ а кхъужьейм и лъэдийм жыг къом къытекIыкIыу лъагэу заIэтауэ, шэтыр щхъуантIэ абрагъуэм ещхьу, зэхэту. Фашистхэм я бомбэхэм жыг къудамэ къом къыгуиудащ, ауэ зыкъимыухуэу жыгыр нобэми-ныжэбэми щхьэщытщ «Хъыджэбзыкхъэм», зыщхьэщытхэм я кхъащхьэр ихъумэ нэхъей. Лела щыцIыкIум, жэмыр Iэхъуэм дихуауэ къыщыкIуэжкIэ, кхъужьей щIагъым деж къыщыувыIэрэ кхъужь тIыгъуахэр къищыпурэ къэгувамэ:

– А «Хъыджэбзыкхъэм» умыкIуэ, жысIэри сынолъэIуатэкъэ, тIасэ? – жиIэрт КъантIасэ, и пхъум апхуэдэу щIелъэIур имыщIэ пэтми.

А кхъужьейм и лъабжьэр тхьэм фIыуэ илъэгъуа щIыпIэ лъапIэу къалъытэу къекIуэкIырт. Махуэшхуэхэм деж тхьэлъэIу зытраIуа Iэщышхуэхэр, ажэхэр, тIыхэр абдеж къахурти я натIэхэм гъущI гъэплъакIэ дамыгъэ лъапIэ – ахэр тхьэм тыгъэ зэрыхуащIам и дамыгъэ – традзэрт, Iэщ яукIам и щхьэр жыг дыкъуакъуэм дагъэувэрти фыуэ къещэщэхыжыхукIэ дагъэлъ хабзэт...

ПщэфIапIэм щIэт жьэгум мафIэр щызэхагъэкIыжыркъым, Былэ пхъэм щысхьыркъым. Арыншамэ щыгъын хъыбиибзэ тIэкIум уигъэхуэбэну ущыгугъ хъунукъым. И щIалэгъуэу, и лъы къэплъыгъуэу, щIыIэми ипсыхьауэ щымытамэ, алъандэм зэщ Iэдыкъэнти. Жэщыр фIыуэ хэкIуэтащ. Уафэ лъащIэм шэ кърикIа нэхъей, нурыр зыпыжэбзыкI мазэр къуршыщхьэхэм ящхьэщосыкI. Мылылъэ къыр щыгухэм къытолыдыкI абы и нур хужьыр.

ПщэфIапIэм щIэт Былэ и гъуэлъыпIэм Нартшу ирагъэгъуэлъхьащ. Абы и пIэщхьагъым щIэлъщ КъантIасэ и къазыц щхьэнтэр, тепIар КъантIасэ и шхыIэн дытарщ; шхыIэныр хьэлъэщ, абы илъ бацэр пцIащи. ШхыIэнщIэбзэр къыщ Iэхи, плъагъунщ щалэр еувал Iэу бацэр Iуву зэрызэхэпцIыхьар. Ауэ апхуэдэ шхыIэным фIыуэ сыт хэлъ? Я нэхъ щыщIыIэ дыдэми дэгъуэу уегъэхуабэ. Нартшу мащIэу папщэу мэжей, иныкъуэхэм деж къыхоIуэщхъукI – шыхэм ящIэгубжьэу пщIыхьэпIэу илъагъу къыщIэкIынщ.

ЩыгъынышцIэр щызэригъапщэкIэ Былэ и Iупэхэр фIызэтож. КъантIаси нысащIэм и гуфIэгъуэм щогуфIыкI. А тIум псалъэ гуапэу я хьэщIэм хужаIар лъысмэ, абы нэхъ насыпыфIэ дуней псом къытепшынкъым.

КъантIасэ увыIэгъуэ иIэкъым, и жьафэр зы дакъикъэ зэтехьэркъым...

Насып уимыIэмэ, махъшэм утесми, хьэ къодзакъэ, жи. Зауэм и пэкIэ КъантIасэ цIыхубзхэм ядэлэжьэнымкIэ инструктору щытат. Ар район псом къыщацIыхурт, пщIэ къыхуащIырт, къуажэхэр къызэхикIухьурэ бригадэхэм, фермэхэм щылажьэ цIыхубзхэм беседэхэр ядригъэкIуэкIырт. Зауэм щыщIидзам КъантIасэ къигъуэт хуэдэу хъуат Лела егъэзыпIэ хуищIын, пар-тизанхэм я гъусэу езыр мэзым щIыхьэжыну арат, арщхьэкIэ щежьэну дыдэм ирихьэлIэу къыIэрохьэ и лIыр зэраукIам и хъыбар гуауэр. ЦIыхубзым и Iэ-и лъэр щIохури и пIэм къонэж. И къуэм хъыбар лъэпкъ иIэтэкъым. Зэадэзэкъуэр зэгъусэу дэкIат. Нэхъ зэрыхъумэнхэщ, жери Iуэхур апхуэдэу зэрыхъуам щыгуфIыкIат КъантIасэ... Къуажэ активистхэр жылэм дэIэп-хъукIхэрт. КъантIасэ ищIэнур ищIэртэкъым. И щхьэгъусэр зэраукIам и хъыбарыр къыIэрыхьа нэужь, абы дунейр фIэмы-IэфIыж мэхъу. Щхьэлажьэу къэна цIыхубзыр къуажэм къыдонэ, сымаджи мэхъу. ИтIанэ абыхэ я унагъуэм Нартшу къохутэ.

КъантIасэхэ я къуажэм километр тIощI хъункIэ пэжыжьэ Бахъсэн къызэпрамыгъэкIыу ди дзэхэм зэтраIыгъэ нэмыцэхэр нобэ-ныжэбэ къэсынкIэ хъунут. Республикэр фронтым IыхьитIу ирищIыкIат. ГъущI гъуэгумрэ шоссе гъуэгухэмрэ къедза щIы-пIэхэр нэмыцэхэм яIыгът, бгылъэ щIыпIэхэр мысыхьэткIэ щхьэхуитт, ауэ абыхэми бийм и кхъухьлъатэхэр махуэ къэс къащхьэщылъатэрти, бомбэхэр къыщрадзыхырт.

Нартшурэ Леларэ япэхэм щыгъуэ, кхъухьлъатэ макъыр зэхахмэ, загъэпщкIуу щытат, иужькIэ есэжахэти, унэм къыщIэж-хэрт, бомбардировщикхэм е тIасхъэщIэх къэлъатэ «кIэдыкъуа-къуэжьым» здаунэтIар зрагъэлъагъурт.

Нартшурэ Леларэ зэрызэгурымыIуэм щхьэкIэ щIалэ цIыкIур щIэпхъуэжынкIэ шынэрт КъантIасэ. Нартшу пщIэншэу зэры-мышхэным пылът – сыт жепIами, уигу игъэзагъэу ищIэрт. Хадэ цIыкIум илъ кIэртIофыр къитIыжщ, ар дыгъэм дикIутэри игъэгъущыжщ, щIыунэ къитIщ, абы ирикIутэжри: «Гъатхэ пщIондэ», – жиIэри щIит Iэжащ. Нэхъ жьгъейхэр, хьэпIацIэ-уахуэхэр къыхищыпыкIри махуэ къэс яшхыну къигъэнащ. Абы куэд и гугъэт: бжьыхьэ уэфI щIыкIэ щ Iымахуэпхъэр зэтызолъ-хьэ, нартыхур къыдызочыж, нартыху бзийр къызохыжри зы-зоупсеиж... КъантIасэ жэм иIэтэкъым, ауэ нартыху бзийр щIы-махуэм лей зэрымыхъуныр ищIэрт Нартшу – пщэ хъунут ар. Напэ иIэу, жыIэщIэу лажьэрт ар.

– Зэгуэрым, – жиIэжырт КъантIасэ, – хьэдрэт хъун Цуркэ пщIантIэм докIуэдыкI. Лела а хьэмаскIэр имылъагъуу псэуфыр-тэкъым. Ди гугъащ: дэнэ кIуэн – къэкIуэжынщ. Махуэ докI – хьэм къигъазэркъым. МахуитI докI – щыIэкъым.

– Зэпыту укIуэ! Зыгуэрым идыгъуагъэнщ, – жызоIэ.
Нартшу и дамащхьэхэр дрегъэуей: ищI эркъым.
– Хьэлышхым ишхащ. Пабжьэм хишэри ишхауэ аращ, – Лела и нитIыр лажьэ зимыIэ щIалэ цIыкIум триубыдащ.
Слъагъуурэ Нартшу и фэр къызок Iуэк I. АпхуэдизкIэ и жа-гъуащэ хъуат пцIы къызэрытралъхьари, тхьэм ирещIэ, сэ сыщы-мытамэ, хъыджэбзыжь цIыкIур иубэрэжьыну хъунт. Нартшу къыщеуд.
– Дыгъужь сыхъуа уи гугъэ уэ? «ХьэлышхкIэ» укъыщIызэщыр сыт? Япэхэми си щхьэм щхьэкIэтэкъым сэ хьэ къыщIэслъыхъуэр. НыбжесIатэкъэ, зэ ар? Хьэмэрэ...
– А мыхьэнэншэм щхьэкIэ фызэщымыхьэ. Мыдэ бжьыныр зэщIэдвгъэкъуэжи дывгъабли нэхъыфIщ абы нэхърэ, – жызоIэ.
Нартшу и губжьыр теужа хуэдэт. Ауэ сэ си гур къызэзауэрт: зы мыгъуэр ищ Iэнущ мыбы, жысIэу. Къамэ гуэр къегъуэтри жану зэщ IелъыкI. «Хэт ищ Iэрэ, дыгъу къыттеуэ хъужыкъуэмэ», – жи. Махуэм щыми бжьын хьэсэр зэщIыдокъуэж. Нартшу и пэм жьы кърихужыркъым. Лела дежкIэ еплъэкIыркъым. Хъыджэбз цI ыкIуми къыгуроIуэ Нартшу и жагъуэ зэрищIар. Ауэ абы зэрекIужыну щIыкIэр къыхуэгупсысыркъым... А махуэм и пщыхьэщхьэм Нартшу бзэхащ. Я къуажэ кI уэжынкIэ дуней Iэмал иIэтэкъым – абы нэмыцэхэр дэст. Ауэ щыхъукIэ, и щхьэр пщIантIэм дихри хьэулейуэ ежьэжауэ арат. Уэ къащIэ иджы ар здэкIуар.
Абы пэплъэу къэта нэхъей, етIуанэ махуэм и пщэдджыжьым зэхэшхыхьыжауэ, зэхэутэжауэ къыдыхьэжащ Цуркэ. Абы и ужькIэ Лела фIыуэ хукъуэслъхьэнтэкъэ? ХуищIэу сыхущIэуащ. Арыншами, езы хъыджэбз тхьэмыщкIэ цIыкIуми, и щхьэр здихьын имыщIэу, и жагъуэ бзаджэ хъужат Нартшу ирипэсауэ щытамрэ Iуэхур къызэрыщIэкIыжамрэ.
Махуэхэр блэкIырт. Махуэ гуэрым мурад сощI Лела къалэ бэзэрым згъэкI уэну. Бжьын блахэр и дамащхьэм изоупцIэкI. «Хэщыпыхьауэ нэхъ бжьыныфI защIэщ уэзгъэхьыр. Умыгъэпуду щэ. Мыр пщэмэ, зы хьэжыгъэ банкI банкIитI къэщэху. Хугу тIэкIуи зыщумыгъэгъупщэ. КъыдэхуэIарэ – IэфIыкIэ къэщэхуи шхы... Ауэ умыбэлэрыгъ, сакъ. Губзыгъэ цIыкIуу щыт», – жысIэурэ и тхьэкIумэр хузоIуантIэри дызогъэкI.
Дзыгъуэ гъуанэ дихьа къимыгъанэу къиIуатэрт КъантIасэ и хъыджэбз цIыкIур бэзэрым зэригъэкIуам и гугъу щищIкIэ. Цурки Лела и ужь иту дож. А тIур зэкIэрыкIынутэкъым. ПсынщIэ дыдэу нэсахэщ бэзэрым.
А ипэрей бэзэрхэри щы Iэжт? Хьэпшыпуи, гъавэхэкIыуи, пхъэщхьэмыщхьэуи, хадэхэкIыуи ящэр мащIэ дыдэт. Зыгуэрым джэдыкIэ зыбгъупщI бгъэдэлъу, адрейм шэ кхъуэщын I элъэныкъуэ цIыкIу бгъэдэту, нэгъуэщI зыми къещхьэукъуэхыу зы джэдыжь цIыкIу и пащхьэ ису плъагъунт. Гъавэ щапIэмк Iэ

бгъэзами – абыкIи жьыр щызэпепщэрт: нартыху къэп ныкъуэ, кIэртIоф пэгун, къэб зытIущ, бжьыныху бла цIыкIу зыбгъэдэлъ цIыху зырыз-тIурытI фIэкI щыплъагъуртэкъым. АдэкIэ къы-зэхэпкIухьу ухуежьами – абыкIи нэхъ щIагъуэтэкъым: лIыжь-хэм пхъэ гъур тIэкIу, мэкъу Iэмбатэ, дагъэ заводым къыдахауэ макIуухуэ гъуэжьыфэ-фIыцIафэ тIэкIу ящэу щысхэт. Нэхъыбэу бэзэрым щыбгъуэтынур сыт жыIэт. Хамутыжь, нэгъуэщI Iэпс-лъэпсхэр, вакъапхъэ, щIакIуэ, бгырыпх, зэрысэлэт щыгъыныр белджылыуэ гъуэншэдж, джанэ щIыIутелъ, джанэ-гъуэншэдж щIагъщIэлъ…

Бжьын блахэр и дамащхьитIым еупцIэкIауэ бэзэрыр къызэхекIухь Лела. Уи хьэ фIэпщ и цIэщ, жи. Уи хьэпшыпыр щыбгъэпуд хъунукъым бэзэрым. Ар ещIэ Лела. Нэхъ лъапIэу ищэху нэхъыфIщ абы дежкIэ: нэхъыби къыхуэщэхунурэ езым и щхьэм щхьэкIи нэхъ ахъшэ нэхъыби къыхудэхуэнущ.

Ящэ-къащэхур мащIэ пэтми, бэзэрым цIыхур щызэрызохьэ. Лела зэмыплърэ зэмыдаIуэрэ блигъэкIыркъым. Пэжщ, узэп-лъынышхуи узэдэIуэшхуэни щыIэкъым. Зыщэм «нэхъ лъапIэу» жи, къэзыщэхур нэхъ пуд хуейщи – зодауэхэр сытми. ЩIалэ цIыкIухэми ящэн ягъуэт: мэз кхъужь цIыкIу. Пэжщ, мэз кхъужьыр, тIыгъуэныр щыгъэтауэ, иджыри хъуакъым, уеблэмэ шэжыпсыфэ къащIэмылъэдэпауэ щхъуантIэщ. Ауэ, шы дахэ мыжэ жыхуаIэу, мэ дахэ къакIэрех. Лела сыт щыгъуи мэз кхъужь цIыкIур нэхъ къиитэрт унэ кхъужьхэм нэхърэ...

Ауэрэ къыздикIухьым, хъыджэбз цIыкIум и нэр хуозэ зы цIыхубз сырыху щIалэ гуэрым, абы и зыхуэпэкIэри, и щхьэц шыхьыкIэри адрейхэм ещхькъым. Ар псоми къахощ.

Лела зэхех цIыхухэм жаIэу:

– Лагуновэ Риммэщ ар. Нэмыцэщ. Адрейхэр щыдэкIым, зыщIыпIи мыкIуэу къыдэнащ.

– Фызышэ хьэгъуэлIыгъуэ хэт нэхъей, сыту Iейуэ зы-кърихрэ...

Лела и нэри и пэри ехь а цIыхубз зэщIэхуэпыкIа дахэм. Бжьыныр нэхъ щIэхыу ищэу, къищэхунухэр къищэхуу унэм нэхъ псынщIэу нэсыжын зэрыхуейри щыгъупщэжри Лела а цIыхубзым и ужь къинауэ къекIухьри тетщ. Зыгъэ- зызэман абы игу къокIыж Цурки зэригъусар. Зиплъыхьмэ – хьэр зыщIыпIи щилъагъуркъым. «Цуркэ! Цуркэ!» – маджэ зи хьэм тегужьеикIа хъыджэбз цIыкIур. «Зыгуэрым идыгъуауэ пIэрэ?» – и псэр IукIащ абы. И нэм щIы имылъагъужу бэзэрыр къызэхежыхь. И нэпситIыр къохуэх...

Хьэлъэу къыхощэтыкIри идыр лъэныкъуэкIэ егъэтIылъ Былэ, уэздыгъэр къыдрешей – фэтыджэныр иухыу аращ.

КъантIасэ и хъыбарыр адэкIи къеIуатэ. Зи ныбжьыр хэкIуэта лIы гуэр къыхуозэ Лела, и уасэмкIи къемыдауэу бжьыныр

зэрыщыту ещэху.

– Къэзыгъэзэжми сыхуейкъым, – жи. Ауэ зи хьэм и гузэвэгъуэм ихь хъыджэбз ц Iык Iум лIым и псалъэхэр зэхихакъым. Ахъшэр иригъэкъутэу зыгъэзэжыр зэрыритыжыным йогупсыс, зеплъыхь.

– Къэзыгъэзэжым сыхуейкъым, жыс Iакъэ, хъыджэбз цIыкIу? КIуэ, зегъэхь адэ. Лым хэплъхьэу ирибгъэжьэну бжьын дэгъуэ къызэпщащ, – жеIэ щэхуакIуэ угъурлым. Абы и псэлъэкIэм хуэдэ иджыри къэс зэхихакъым Лела. Шашлык щагъажьэм щIэт грузинхэм ящыщу къыщIэкIынщ, игу къокI хъыджэбз цIыкIум. ИкIи щыуатэкъым ар.

Бжьыныр дэгъуэу зэрищам и гуфIэгъуэр къыIуригъэупщIыIуэжат и хьэр зэрыкIуэдам. Хьэжыгъэ, хугу къищэхун хуейуэ и пщэ къызэрыдалъхьари щыгъупщэжауэ къежыхь. Абы и тхьэкIумэм къоIуэ хьэ зэрыщх, хьэ банэ макъхэр. Плъэмэ – гущхьэ хъар тету гу лъагэ гуэр щытщ. Хьэубыдхэрт ар. Гъущ I хъарым дзапэрэ лъэбжьанэкIэ къеныкъуэкъуу хьэр гум изщ. Ахэр зэрошх, дунейр якъутэу мэбанэ.

Блыным езыгулIа хьэ гъуэжьыжьым лъэбжьанэкIэ къепIэстхъыу, и дзэлыфэр тIауэ пщIэууэ Цурки гъущI хъарым гъунэгъу зыкъыхуищIыну зиукIыжырт. Си хьэр къызэфтыж, жиIэу хьэубыдым елъэIун мэшынэри щытщ зи нэпсыр псыхьэлыгъуэу къежэх Лела. Дунейм тетми темытми имыщIэжу, абы игъэхъур зыщ: шыдыгу лъабжьэм сабырыбзэу щIэлъ хьэ цIыкIур къиубыдыну, джэду кIуэкIэ зищIауэ, кIуэ хьэубыдырщ. Хьэубыдым и мурадыр къехъулIэным иIэжар тIэкIунитIэщ: къэпыжьыр щытридзэ дыдэм, хьэмаскIэр къыщолъэтри щIопхъуэ. Лела мэгуфIэ, хьэмаскIэр IэщIэкIащи хьэубыдым. Ауэ, зы ерыщ гуэрщи, хьэубыдри шхыдэу, хъуанэу хьэмаскIэм кIэлъожэ.

Лела зыкъещIэжри Цуркэ зэрыт гумкIэ щIопхъуэ. Здэжэм шокъу жиIэу Нартшу Iуоуэ. Абы Лела къимыщIыхужагъэфэ зытрегъауэ. КъыумыщIыхужын хуэдизыр езырат – и щхьэр зэщIэкIэжат, и щхьэцым иужь дыдэу мажьэ щеIусар езы дыдэми ищIэжу къыщIэкIынкъым, фейцей бзаджэу хуэпат. АрщхьэкIэ Лела къокIий:

– Нартшу! Нартшу, зо! Си Цуркэ... Ди Цуркэ... хьэубыдым... Мес, езы хьэубыдыжьыр мобыкIэ мажэри... Абы къимыгъэзэж щIыкIэ Цуркэ къэутIыпщыжын хуейщ...

Угупсысэу куэдрэ ущыт хъунутэкъым. Мыхъуххэнур уэ езым къызэпщIауэ щытар пщIэжрэ, уи зэранкIэ мыпхуэдэу сыкъызэрынар плъагъурэ, – жыпIэу ущытынырти, Нартшу бгъэдолъадэ хьэхэр зэрыс гум. Бжэшхуэм и кIуэцI бжэ цIыкIу хэлъыжт, а бжэ цIыкIум хьэлъкъ етауэ арат. Куэдрэт – хьэлъкъыр IуегъэпкIри бжэ цIыкIур къыIуегъэж. Езы Нартшу щIопхъуэжри – макIуэ-мэлъей, бгъуэтмэ, къащтэ. «Зыгуэр къидыгъуащ». «ФымыгъакIуэ! ДыгъуакIуэр фыубыд!» – здэжэм къызэхех

Нартшу и ужьымкIэ щызэрыгъэкIийхэм я макъхэр. Ар щыгъуазэщ: уаубыдмэ, фIы щIыуагъэхынукъым. Лажьэ уиIэуимыIэкIэ къомыупщ Ixэу уаубэрэжьынущ.

ГъущI хъарым къипщыпIэ зыгъуэта хьэхэр тIурытI-щырыщу къызэрогулI, зэрошх, нэхъ лъэщым нэхъ лъэрымыхьыр ирегъэкIуэт, ахэр зэзэуэху нэхъ бзаджэхэм дэпщыпIэр зра-гъэгъуэтри, щыIаи-щымыIаи, мэбзэхыж. Дуней хуитым къыто-хьэжхэри лъэныкъуэ зырызкIэрэ зэбгрожыжхэр. Хьэ гужьеяхэр зыжьэхэлъадэ цIыхухэри къощтэри лъэныкъуэкIэ зрадзэкI.

Зы напIэзыпIэм хьэубыдым и гур нэщIыбзэ хъуащ. ЩIым къызэрытепкIарауэ, Цуркэ Лела и макъыр къецIыхуж. ГумащIэ, гухэ къэхъуауэ къыхэпщIэукIыурэ хъыджэбз цIыкIум зыщехъуэ, зреупсей, и Iэхэм йобзей –фIыщIэ хуищIу аращ. Я занщIэр я гъуэгуу тIури щIопхъуэ, дэнэ жэми ядэ, ауэ мы бэзэр угъурсызыр къэбгынэн зэрыхуейр тIуми псэкIэ зыхащIэ. Куэд мыщIэу ахэр Нартшу лъэщIохьэж.

ЩIалэ цIыкIури щIэх-щIэхыурэ къызэплъэкIырт: чэтэн къэпыжьымрэ гъущI къэрэкъэшыжьымрэ зыIыгъ хьэубыдыр къыкIэлъымыжэу пIэрэ? Хьэуэ, тхьэм и шыкуркIэ, шынагъуэ щыIэкъым. Мыдрей щыр зэрыгъуэтыжауэ щхьэхьу мажэхэ иджыри. Цуркэ япэ итщ. Мыдрей тIур абы и ужь итщ. ИтIанэ Нартшу къызэщIоувыIыкI. Мо тIум я гъуэгур и гъуэгукъым абы. Апхуэдэу и жагъуэ къыщащIа унагъуэм игъэзэжыну хуейкъым ар. Пхуэмыфащэ, къыумылэжьа къуапэсу унэм уис нэхърэ нэхъыфIкъэ укъэзыщIыхуи пцIыхужи ухуэмызэу хьэулейуэ удэтмэ?..

– Нартшу… –гъыным хуэдэу къопсалъэ Лела, – кхъыIэ, нэкIуэж.

ЕкIи фIыкIи и жьэ зэщIихыркъым Нартшу, зеплъыхьри щытщ.

– ЩызыбгъэщIэныр лIо фи деж? – икIэм икIэжым къызыжьэдепIытIыкIабы. – ЛIо, сыпшэжу «хьэлышхкIэ» укъызэщурэ сыбгъэбэмпIэну арат узыхуейр?

– ДяпэкIэ апхуэдэу жысIэжынкъым, Нартшу. Быдэу узот пионер псалъэ. Ди ТIаси сыт хуэдэу къызэшхыда, сиукIа уи гугъэ? Укъилъыхъуэурэ къуажэр къижыхьащ… КхъыIэ, Нартшу, нэкIуэж. Хъун? И, зо?

Хэплъэгъуэщ Нартшу и Iуэхур. КъантIасэ цIыхуфIщ, угъурлыщ, хьэлэлщ. Ахьай абы убгъэдэсыну нэхъыфIт… Мыдрейуэ, уэфI щIыкIэ щIымахуэпхъэри зэтрилъхьэну къигъэгугъатэкъэ КъантIасэ? ПцIы щхьэ упсын хуей, улъа Iуэу, ухьэулейуэ къэпкIухьынри щIагъуэкъым. МыщIагъуэ дэнэ къэна, Iуэху икIэщ. Ауэ удын гъущэр мэгъущыжри псалъэ гуауэр гум къонэж, жи. Лела кърипэсхэр-щэ?..

– Къалэм сыщыпсэумэ, нэхъ къызощтэ сэ, – и пэ лъабжьэм

къыщIопсэлъыкI щIалэ цIыкIур, зыщыпсэунрэ зыхэпсэукIынрэ къалэм щиIэ нэхъей.

– КхъыIэ, Нартшу, нэкIуэж ди унэ. Ди ТIасэ уэр щхьэкIэ зэрыгузавэр, бомбэм уиукIа и гугъэу абы нэпсу щIигъэкIыр зыхуэдизыр пщIэрэ уэ?.. Цуркэ етIуанэ махуэм къэкIуэжат. Тхьэм ещIэ, зыгуэрым иубыдауэ щытамэ, къа IэщI экIыжри... Цуркэ зэрыкIуэдар си жагъуэIей хъуати, жысIэр сымыщ Iэжу къызжьэдэхуат, армыхъумэ уэ хьэл зэрумышхыр сымыщIэ уи гугъэ? СощIэ, тхьэ, икIи...

Цуркэ щIалэ цIыкIум и лъакъуитIым зыкIэрекухьри щытщ, и кIэр и бэкъум диупщIауэ зеплъыхь: шынагъуэ гуэр къыкIэщIэмызэрыхьу пIэрэ?

– Тхьэ Iуэ-тIэ игъащIэ псокIэ «хьэлышхкIэ» укъызэмыщыну, – икIэм икIэжым къытохьэ Нартшу.

– Папэ мыгъуэм и хьэдрыхэпсэ, ди ТIасэ и псэ, си дэлъхум и псэ – дяпэкIэ уи жагъуэ сымыщIын. Уи фIэщ хъуа иджы? – къыщиудыным хуэдизу и нэпсыр къызэрыдэхьеящ, и нитIыр Нартшу триубыдауэ йоплъ: нэхъыфI дыдэу илъагъухэм я псэхэмкIэ тхьэ хуиIуауэ ар и фIэщ мыхъуамэ...

– Хъунщ-тIэ, накIуэ. Ауэрэ хьэубыдым дыкъилъагъунщи...– ифI зыкъэрешэж Нартшу.

Лела, езым нэхъ насыпыфIэ щымыIэ и гугъэжу, дуней гуфIэгъуэр иIэщ. АдэкIэ здэкIуэжарщи – КъантIасэ и гуфIэгъуэм гъуни нэзи и Iэкъым. Абы къыфIэIуэхужкъым Лела нартыху хьэжыгъи хугуи къызэримыщэхуар. Псом ящхьэрати – Нартшу къигъэзэжащ. А махуэм къыщыщIэдзауэ щIалэ цIыкIумрэ хъыджэбз цIыкIумрэ зэдэлъхузэшыпхъум хуэдэу зэрылъагъу хъуащ. Нартшу икIэрауэ зы кхъужь хъуа къыIэрыхьакъэ – Лела къыдимышхыу и жьэм хуихьынкъым. Лелащи – Нартшу хину зы дзэкъэгъуэ и джий иригъэхыркъым. Зэмыгъусэуи зыщIыпIэ лъэмбытI ячыркъым. Щхьэл кIуэн хуей – зэгъусэщ, тыкуэным жэн хуей – аргуэрыжьщ: зэщIыгъущ. Мэз кIуэн хуей – абы щыгъуи зэкIэрыкIынукъым. Пыжь хъуа, зэрыджэ куэду къахьащи, КъантIасэ пхъэщхьэмыщхьэр егъавэ, егъэгъу. ЩIымахуэ шхын ягъэтIылъ. Нартшу пхъэIэщэ шэрхъ къелъыхъуэ – гу цIыкIу ищIу мэз кIуэну аращ.

Ауэ узэрыгугъэу хъумэ, уунэхъурэт, жыхуаIэу мэхъу. Фашистхэм я къарур зэхуахьэс, апщIондэху Бахъсэни нэхъ кIащхъэ хъуакIэти, нэмыцэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр аргуэру къызэщIагъэстыж. ЦIыхум хьэр къахожьэ, зэрызехьэу, Iэпхъуэшапхъуэу щIадзэ. КъантIаси а махуэ дыдэм къытохуэ. И гур къеузырт, зэтричу и щхьэр фIихырт. ЗиIыгъыну, зэрежьэнум зыхуигъэхьэзырыну хуежьа щхьэкIэ, и нэр къыщепхъуэ, дунейр къытоункIыфIэри хьэпшыпхэр зэрилъхьа къэпым тоджалэ. Абдеж бомбэ къърадзыхыу щIадзэ. Къуажэм щхьэщыт уафэр зэгуэчауэ дунейр къекъутэхыу фIэкI пщIэнтэкъым. Нартшу а зэманым щхьэл

щыIэт. Дыгъуасэ Леларэ абырэ яхьа нартыхур яхьэжамэ, плъэну кIуауэ арат. И нэр къихуу гужьеяуэ абы къыщигъэзэжам, жылэр бжьэц и джэду зэрызехьэрт. Зыми IэщIэмылъыж хъуа къуажэ лафкIэр зэрапхъуэжырт: хэт къэпкIэ, хэт зэкIуэцIыпхауэ, хэти тхылъымпIэ ашыккIэ хьэпшыпыр зэбгралъэфырт. Фэтыджэныр фэтыджэну, сэхуран дагъэр дагъэу пэгунрэ птулъкIэкIэ зэбгры-зыхри гъунэжт, гъубжэ, уадэ, бел, шэмэджыщхьэ зыхьхэри яхэтт цIыхум. Амбарым жыласэ машинэр къыдэзышауэ къэзылъэф лIыжьитIми я псэр пыхурти тыкуэным деж зыщагъэпсэхурт. А лIыжьитIым гу зэрылъатамкIэ, хьэпшыпыр тыкуэн кIуэцIым зыгуэрым щигуэшырт: дэкIыну зызыгъэхьэзыра милиционе-рырат хьэпшыпым хэувауэ къуажэдэсым езытыр. Абы тэмэмуи ищIэрт: зеиншэу къэна тыкуэным щIэлъ хьэпшыпыр зы сыхьэт-сыхьэтитI дэкIмэ, нэмыцэхэм яIэрыхьэнкIэ хъунут. Абы нэхърэ нэхъыфIкъэ уи цIыхум яхуэбгуэшыжмэ? Нартшу я унэмкIэ еунэтIыж – къэхъуар КъантIасэ жриIэну аращ. АрщхьэкIэ, къы-хэщэтыкIа мыхъумэ, зигъэхъеякъым КъантIасэ: «Сэ зэрыпхъуа-кIуэ сыхъуакъым, тIасэ. Уэри ухэзгъэхьэнукъым апхуэдэ Iуэху», – жеIэ абы. «Нэмыцэжьхэр иджыпсту къэсынурэ псори зэрапхъуэнущ – жаIэ», – мэлъаIуэ Нартшу. «Ахэр зэрыпхъуа-кIуэщи – аращ я къалэныр. Ауэ дэ дыцIыхущ – дызэрып-хъуакIуэкъым. Ди ныбэ нэщI ди Iэ телъыжу ди пIэ дисыжмэ, нэхъыфIщ, тIасэ. Уи фэтыджэни уи шыгъуи кIудакъым», – жеIэри щIалэ цIыкIур зытригъэхьэркъым КъантIасэ. Нартшу япэщIыкIэ жаIэм йодаIуэри мэтIысыж. Ауэ бомбэрыуэ кхъухь-лъатэхэм я Iэуэлъауэр тIэкIу нэхъ кIащхъэ зэрыхъуу, зыми емыупщIыжу, щIожри тыкуэнымкIэ мажэ. ЛIыжь гуэрым егугъупэу хамутитI къэпым иригъэзагъэрт. АбыкIи игу мызэ-гъауэ шытепхъуэ, шхуэ, пэстромкIэ – сыт хуэдэ Iэпслъэпс къыIэ-рыхьэми, ахэри къызэщIекъуэ. Дауи, абы и мурадт шитI къызэригъэпэщыну, е, щымыхъужми, зыгуэрым дзей зыхуищIу гъатхэ вакIуэм техьэну. Фызыжьхэм нэхъ къыхахыр унагъуэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъымрэт. ШэщIэху машинэ щIипIытIэу, илъэфырт зы фызыжь гуэрым. Абы и насыпым кърихьэкIауэ арат, армыхъумэ шэщIэху машинэ щхьэкIэ зи нэр къимыкI къуажэ фызыжь дэнэ къипхынт? Уи шэр шхьэхуэу уи пэгун къилъадэу, уи шатэпсыр уи банкI къилъэдэжу... Ауэ щыхъукIи, уи унэ уисыжрэ пщэдджыжь къэс шэщIэху машинэ щхьэкIэ къуажэ уэрам ятIэр умыутэу... ЕхъулIат а фызыжьыр!

Милиционерым пщIэнтIэпсыр ирикъуэкIырт, и Iэри и жьэри увыIэртэкъым: хьэпшыпыр иутIыпщырт, очырэншэу тыкуэным

яфIыщIыхьэну хуежьэхэр я пIэм иригъэзэгъэжырт. Щхьэж зыхуейр къыхихын щхьэкIэ хэплъыхьищэ ящIу, хьэпшыпыр зэIапщIыкIыу яхуидэртэкъым. Мес, зы лIыжь угъурлыфэ гуэрыр щхьэгъубжэ абдж, изу зэрылъ ашыкышхуэм йоныкъуэкъу. Бомбэмрэ топышэ къауэмрэ куэдым я щхьэгъубжэр хиудри унэхэр жьы зэпрыхупIэ ищIащ. ЩIымахуэр къызэрихьэу псори абы лъэIуакIуэ къызэрыхуэжэнур ещIэ. НэгъуэщI зы лIыжь гуэрми гу щIэрыпс ешэ, езыр щIэщIауэ. Ар нэхъ жыжьэж маплъэ: нэмыцэр къыдыхьэмэ, хэт уфIэщIрэ зигу къозытынур? Псоми я щхьэ я лажьэу къэнэнущ. Иджы, мес, алыхьым къыхуридзыхащ мастэнэм къызэрыпачауэ гу щIэрыпсыр. Ашык тегъэувэж, шыгукъу илъхьэжи – гу хьэзырщ.

Нартшу цIыхум япхропщри япэ итхэм къахохутэ. Ерыскъыхэмрэ унагъуэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпхэмрэ зыщIэлъ унэр псыIэщ, щIыIэщ. ЩIыхухэм къэпхэр, ашыкхэр къызэрагъэдзэкI, зэIапщIыкI. Нартшу зы хужьыгъэ гуэр къызэрылъэлъ къэпым бгъэдохьэ. Ебзейрэ еплъмэ – фошыгъущ. Езым нэхърэ хуэдипщIкIэ нэхъ ин хьэпIацIэр зылъэф хъумпIэцIэджым ещхьу, щIалэ цIыкIум и IэпхъуамбипщIри къэпым хеукIэри, бжэм хуилъэфу, ирелъэфажьэ. Къэпыр щIыбым щIилъэфа нэужь, Нартшу къоувыIэри мэбауэ. Удз Iэмыщ Iэ къреч, ар еIуантIэри къэп гъуанэм Iуекудэ. Иджы къэпыр щIалэ цIыкIум и щIыбым зэ иуамэ аратэкъэ? Ауэ хьэлъэр къыхуэIэту зытрилъхьэфыну? Зытрилъхьапэми – хуэхьыну? Унэм щIэпхъуэжарэ Лела къэшамэ арат. Дауи, а тIум яхуэхьынт. МысыхьэткIэ кхъухьлъатэ Iэуэлъауи щыIэ хуэдэкъым. Ауэ къэпыр мыбдеж къэбгъанэ хъуну? Щагъэлъыну? Модэ мо шыпсыранэм хэгъэуфэрэнкIауэ иIамэ... Ерагъыу елъэфри къэпыр тIэкIуи щIехъумэ. Езыр унэм кIуэжыну щIопхъуэж. Лела езыри къыдэжауэ къажэу хуозэ.

– Псоми зыгуэр къахь, уэ зыри умыIыгъыу укъыщIэкIуэжыр сыт? – жэрыжэу къыздэжэм мэшхыдэ ар.

– Си закъуэ къысхуэхьынукъым. Къэпыр хьэлъэIейщ. Фошыгъущ...

– Нажэ-тIэ. ДызэдэIэпыкъуурэ къэтхьынщ. Фошыгъур зэрыдухрэ Iэджэ щIат...

– ТIасэ къыдэмышхыдэну пIэрэ?

– Нажэ, Гулэ дадэ деж дыкIуэнщи... Абы и гу цIыкIур къеIытхынщи...

Гулэ дадэм и закъуэпцIийуэ псэурт. И къуэрылъхухэр зауэм щыIэт. Абыхэм къатх письмохэр шэтемыгъахуэ дыуэм ещхьу зэкIуэцIидауэ дадэм къыздрехьэкI. Езыр письмохэм къемыджэф пэтми, игу фIыщ: письмо къыщатхкIэ, псэухэщ. Аращ гуфIэгъуэу иIэр. Нартшурэ Леларэ Гулэ и пщIантIэм долъадэхэр. Пхъэщхьэмыщхьэр зыщIэлъ гуэщым и гупэм деж щытт гу цIык Iур. Ар къапхъуатэри цIыкIуитIыр я лъэ къызэрихькIэ

пщIантIэм къыдэжыжахэщ. Лела и нэ цIыкIуитIыр къилыдыкIырт. ЩIихьауэ жэ сабийхэм ялъагъуи зэхахи щыIэтэкъым. Асыхьэту нэсахэщ тыкуэным. Нартшу шыпсыранэм хэлъадэмэ, фошыгъу къэпыр бгъуэтмэ – къащтэ. Милиционерыр щилъагъум: «Си фошыгъур ядыгъуащ», –жеIэри хуотхьэусыхэ. Модрейр къытокIие:

– Уи жьэр ущIауэ къыщыбжыхьк Iэ ядыгъунщ! Уэ къуагъэжьэн уи гугъэ-тIэ? – ашыкхэр зэбгредзри, зы къэп гуэр ашык нэщIым и щIагъым къыщIелъэф. – Мэ, мыри иумыгъэдыгъуж щIыкIэ псынщIэу шэ адэ! Аращ иджы. ЗэфIэкIащ. Гитлеровцхэр щIапIэ нэщI къыдогъэхьэ, – жеIэ милиционерым.

Нартшурэ Леларэ дуней гуф Iэгъуэр яIэу къэпыр бжэмк Iэ ялъэф. Хьэжыгъэт къэпым илъыр. Ари гуэдз хьэжыгъэу! ЕхъулIахэкъэ зикI ахэр! ТIасэ сыт хуэдэ лэкъум яхуигъэжьэну абыхэм! Милиционерыр къадоI эпыкъури къэпыр гу цIыкIум иралъхьэ. Нартшу аргуэру зеплъыхь: зы шыуан нэхъ мыхъуми, зыгуэр ягъуэтамэ аратэкъэ? АрщхьэкIэ пэжт милиционерым жиIар: тыкуэныр нэщIыпс хъуат. Зы хьэжыгъэ къэп къаI эрыхьащи – ари хъарзынэкъэ? ТI асэ и гуапэ хъункъэ?

Лела и тхьэк Iумэ жанхэм кхъухьлъатэ гъуахъуэ макъыр занщIэу къиIуащ.

– КъокIуэхэр.

– НакIуэ псынщ Iэу! Ахэр къэмыс щIыкIэ зэ дынэсыжамэ арат.

Зи макъ зэхаха кхъухьлъатэхэр бомбардировщикхэм ящыщтэкъым, зы цIыкIу гуэрхэти, уащIыщышынэни щымыIэ хуэдэт. Бомбэ къезыдзыххэм ещхьуи, сатыру зэбгъурыту къакIуэркъым, мыдэ бзу гуп зелъатэ хуэдэщ, щхьэж зэрыхуеймхуэдэу къилъэтыхьу за Iэт, лъахъшэ зыкъащ I, зыщIадзэхэр. КIуэаракъэ, мэджэгухэр жыпIэнщ. Гу цIыкIум щI эщIа Нартшурэ Леларэ пщIэнтIэпсыр къапыхуу къожэхэр. ЩIыIэ-щIыIэу игу къокI Нартшу: гу цIыкIур нэхъ псынщIэ хъуа хуэдэ хьэмэрэ... ЗэплъэкIмэ – гум илъ къэпыр нэщI хъуащ, адэк IэIуэк Iэ плъэмэ – лъэужь хужь кIыхь къакIэлъожэ: къэпыщхьэр къэтIатэри хьэжыгъэр ищэщурэ къэжахэу арат.

– Лэкъум хуабэм дыхэкIыжа-а... – къащыщIар зи жагъуэ бзаджэ хъуа Лела къыщиудауэ магъ.

– НакIуэ дгъэзэжынщ,– жи Нартшу.

ЦIыху нэгум имытыжу къэзыгъэзэжа сабиитIыр бжэIупэм къыщыIухьэжам, нэщ Iыбзэ хъуа тыкуэным къыщI экIыжт милиционерыр. Къэхъуар къыщыгурыIуэм, сабиит Iыр фIэгуэныхь мэхъури, щI алэр аргуэру унэм щIохьэж. Дзыгъуэ гъуанэ здихьэн къимыгъанэу щIещыкI тыкуэн кIуэцIыр. ПщIэнтIэпсыр къыпыхуу къыщIокIыж, шыгъу къэп ныкъуэфI иIыгъыу.

– Мэ, ныбэ узым имыхьын цIыкIухэ! Фи лъэдакъэпэхэр фи пхэщIыщхьэм теуэу фыщI эпхъуэ псынщIэу! Зэхэфха?

НетIэрей гуфIэгъуэр ямыIэжу, ауэ ухэныпэ нэхърэ лъэпхъуамбыщIэ, жи, Iэнэщl дыдэу зэрымыкIуэжхэмкIэ ягу ягъэфIу, Нартшурэ Леларэ йожьэжхэр. Шыгъу къэп ныкъуэ жыхуэпIэри мыбдеж щылъэтэкъым. Узыхуейм хуэдиз къэбгъанэу адрейр пхъуэж хъунущ. Ари куэд и уасэкъэ? Ауэрэ здэкIуэжхэм, Нартшу игу къокI: Гулэ дади шыгъу тIэкIу лъыгъэсын хуейщ, абы и гу цIыкIур мыхъуамэ, дауэт а тIум шыгъу къэп ныкъуэр зэрахьынур?

ПсэкIэ бауэу цIыху думылъэгъуэжу, уэрамхэр нэщIыбзэ хъуащ. Къызыхихар имыщIэу Лела къэшынащ, абы и тхьэкIумэм кхъухьлъатэ ву макъ итщ. Мыдэ гуэлым мывэкIэщхъ IэмыщIэ хакIута фIэкI умыщIэну, абдеж зы Iэуэлъауэ гуэр къэ Iуащ. Нартшу занщI эу уафэм доплъей. Лъахъшабзэу къащхьэщыхьа кхъухьлъатэм и джабэм тет жор фIыцIэжьхэри езы летчикри хуиту елъагъу.

– И-и, зы фоч си Iами!.. Езгъэлъагъунт сэ абы! – и гур къошхыдыкI ри мэкIий щIалэ цIыкIур. Ауэ абы и макъыр зыми зэхахакъым. Кхъухьлъатэм зиIэтыжак Iэт. Нартшу аргуэру доплъей. НетIэ хьэжыгъэр къыщашэм ямылъагъуурэ зэрикIутам игъэшынахэти, иджы Лела гупхэмкIэ къыдеIэурэ къэк Iуэжхэу арат. Нартшу абы хуеплъэкIмэ, Лела т IэкIу къыкI эрыхуауэ сабырыбзэу щыст. ЩIалэ цIыкIур гуфитIым яку къыдожри Лела дежкIэ щIопхъуэ – Хъыджэбз цIыкIум и хъуреягъыр лъы пцIат.

Гуэлым хэкIута мывэкIэщхъ IэмыщIэу нетIэ абы къыщыхъуар зищIысыр мис иджы гурыI уэгъуэт.

Нартшу хъыджэбз ц IыкIу уIэгъэр IэплIэкI э къепхъуатэри щIопхъуэ. «ПсынщIэу дынэгъэсыж... ТIасэ деж дынэсыжамэ...» – абы и тхьэусыхэ макъыр щIалэ цIыкIум и тхьэкIумэм итт. Лела и псэм ищ Iэ хуэдэт и анэм зэрыIумыплъэжынур.

Абы и псэр Нартшу и IэплIэм щыхэкIащ.

– Ди тхьэ закъуэ! Си Лела цIыкIу! Си дуней нэху! – КъантIасэ Iэпэлъапэсысу йопхъуэ иджыри зи Iэпкълъэпкъ цIынэм хуабагъэ мащIэ щIэт и сабийм. – Хьэуэ, хьэуэ!.. Алыхьым си фIэщ имыщIкIэ ар! Псэущ мыр! Си гуфIэгъуэ закъуэ!.. УIэгъэ хъуамэ, сэ згъэхъужынкъэ ар? Ахьай згъэхъужын! – и бостей цIык Iур щихыну хуежьэмэ, сабийм и бгъэм IэпапIэурэ лъыпIэхэр телът.

Кхъухьлъатэ ву макъи, бомбэ къауэ макъи, гужьеяуэ зэщIэгъуагэ цIыху зэрыгъэгужьеяхэм я макъи – КъантIасэ зэхихыж мы дунеишхуэм тетыжтэкъым. Фыз насыпыншэр гуауэм игъэгузасэрт. Абы и псэм телъ бэлыхьым хьэдрыхэ щыIэми зыкъыдигъэзэным хуэдизт. Бжэм зыкIэриIубауэ пыхьэрт Нартшуи. КъантIасэ тхьэм елъэIурт мы дуней псор зыкъутэж бомбэхэм щыщ зы езыми къытригъэхуэну, ит Iанэ и пхъум и гъусэу ари щIалъхьэжынт. Зи псэр гуIэгъуэ бзаджэм зэрихуэ ц Iыхубзыр зэ зы лъэныкъуэмкIэ, зэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ

ещIэу унэкум итщи, и пхъум и хьэдэр щIиупскIэ нэхъейщ.

Ауэ тхьэм узэрелъэIу псор къыпхуищIэрэ? Езыр щIымыгъуу щIалъхьащ КъантIасэ и хъыджэбз дыгъэ цIыкIур.

Псым лъэмыж щытралъхьа аузым къыдэнат гъущI-бетон бжьамий абрагъуэхэр. Кхъухьлъатэхэм бомбэхэр къыщрадзыхым а бжьамийхэм цIыху Iэджэм зрагъэпщкIухьат – гузэвэгъуэр къызылъысахэм я гугъэт абы хъума щыхъуну. Ауэ лъэмыжыр якъутэну кърадзыха бомбэхэм ящыщ зы алыхьхуэшэу а бжьамийм къыхуешэ. Абы зизыгъэпщкIуахэм щыщу зы цIыху къелакъым: хэт бомбэ къутахуэм, хэти езы бжьамийм и къутахуэми иукIащ. Абы и хъыбарыр зэхэзыхауэ, зи цIыху къэту жылэм дэсыр зэрыдэхри псымкIэ зэрыхьащ. Ауэ гуауэм иужьыгуа къомым щIэх дыдэу къагъэзэжащ. Красноармеец къикIуэтхэм я подразделенэм и командирым псоми я ужь зыкъригъэнауэ арауэ къыщ IэкIынти, ар къосри жеIэ:

– Нэмыцэхэр кIэщIу ди ужь иту къокIуэ. ФепIэщIэкI, армыхъумэ иужькIэ кIасэ хъунщи фи хьэдэхэр фхущ Iэлъхьэжынкъым.

ЦIыху гупым занщIэу кхъужьей жыгыжьым хуаунэтI, абы и щхьэ баринэ иныр, цIыхухэм яхуигъэщхъ пфIэщIыну, хуэмурэ игъэхъейрт. Хъугъэ зыхидзэу шэжыпсыфэ зыщIэлъэда кхъужьхэм я дыщафэ нур дахэм и жьауэм щIауфэрт тхьэмпэ щхъуантIафэ-фIыщIафэхэр.

Мащэ кууuитI къатI – зыр цIыхухъу хьэдэхэм, адрейр цIыхубз хьэдэхэм папщIэ. Тхьэм и жыг лъапIэм, егупсысырт къуажэдэсхэр, ирехъумэ хэк Iуэдахэм я кхъащхьэр. КъантIасэ идакъым и хъыджэбз ц IыкIум и хьэдэр модрей хьэдэ гупым я мащэм ирилъхьэн. Нартшурэ абырэ Лела щхьэкIэ къатI мащэ щхьэхуэ, моуэ кхъужьейм нэхъ пэгъунэгъуу. Хьэдэ щIэлъхьэныр щаухар пшапэр зэхэуа нэужьщ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, цIыхубзхэр кхъэм дыхьэ хъунутэкъыми, мыдэ кхъэбгъум куэдрэ щыпыхьащ ахэр. А жэщым зы ц Iыху нэрэ напIэрэ зэхуихьакъым, зей хэкIуэдахэм, – ахэр куэд хъурт а махуэм, – я деж щызэхэсхэт, гуауэр зытепсыха тхьэмыщкIэхэм я нэщхъеягъуэр дагъэпсынщIэу. КъантIаси хьэдагъэншэу къэнакъым – гъунэгъу фызхэр щызэхэсащ абы деж. Зыгуэрым Гулэ дадэ и гу цIыкIур къишэжащ. Абы илъ къэпыр лъы защIэт. Ар Лела цIыкIу мыгъуэм илът. Шыгъур зэрылъ къэпыр унэкум ирагъэуващ. Абы и хъуреягъкIэ къетIысэкIауэ фызхэр гъырт, бжэрт, къэпым кIэрылъ лъым Iэ далъэрт, яукIа сабийм и щхьэ цIыкIум Iэ далъэу къащыхъужу.

Нартшурэ Цуркэрэ гуэщым зыщагъэпщкIуат. Цуркэ пщIэурт, къугъырт, абыи Лела игъеижу къыпщыхъунт. Нартшут мыгъуэр зи мыгъуэпауэ гуауэм щхьэлажьэ дыдэ ищIар – Лела зэраукIамкIэ абы езым зигъэкъуэншэжырт, ар тыкуэным

здишауэ щымытамэ, зыри къэмыхъуну щытауэ къыфIэщIырт абы.

Нэхущхэм деж жыхьэнмэм щIедзэж аргуэру. Кхъухьлъатэхэм я гъуахъуэ макъым тхьэкIумэIупсыр иричырт, щIыр гызырт. Ауэ, шынагъуэм, гуауэм есэжауэ ара нэхъей, цIыхухэр апхуэдэу щтэIэщтаблэжтэкъым иджы. Дыгъуасэрей нэщхъеягъуэ бзаджэм абыхэм къаруи псэи къыхинэжатэкъым. АрщхьэкIэ иджыри къэс абы и фэгъу зэхамыхам хуэдизу бомбэ уэ макъ ин къоIу, ари гъунэгъу дыдэу. Унэхэр зэридзащ, щхьэгъубжэхэм абджхэр къыхэлъэлъри зэтекъутащ, унащхьэхэм кхъуэщынхэр къещэщэхащ. Гужьеигъуэр къызылъыса цIыху цIыкIур унэхэм къызэрыщIэхри уэрамхэм къыдэлъэдащ. Къуажэ псор шынагъуэм зэщIиIулIат. Абдеж зы кIий макъ шынагъуэ гуэрым цIыхур къызэщIиIэтащ. Бомбэхэм ящыщ зы дыгъуэпшыхьрей хьэдащхьэхэм я гъунэгъу дыдэу щехуэхауэ къыщIэкIат. Бомбэ хьэлъэм къигъэхъея щIым хьэдэ мащэхэр къызэригъэдзэкIыжащ, хьэдэхэр ихъуреягъкIэ зэбгридзащ. Уеблэмэ хьэдэ зыбжанэ жыгыщхьэм дридзейри кхъужьей къудамэхэм къытенащ. Нэхъ лъагэ дыдэу дридзеяр Лела цIыкIу мыгъуэм и хьэдэрат. Абгъуэм къихуа бзу шыр хьэдэм ещхьу, кхъужьей къудамэ лъагэм фIэлът ар.

КъантIасэ делэ хъуным зытIэкIунитIэщ иIэжар...

Бомбэ къедзыхыныр зэфIэкIри, пщэдджыжьым жьыуэ къуажэм къыдыхьащ нэмыцэхэр. Къуажэдэсхэр иджыри хунэса щIыкIэтэкъым жыг щхьэкIэхэм фIэлъ хьэдэхэр къыфIахыжыну. Езы фашист дыдэхэри, апхуэдэ Iуэху япэ дыдэу щрихьэлIахэр иджыпсту къыщIэкIынти, къэуIэбжьахэу жыгым дэплъейуэ щытхэт.

КъантIасэ и хъыбар гуауэр и кIэм нэсат. ЦIыхубзитIми псалъэ яхужымыIэжу щым хъуахэт.

– Мор-щэ? – Былэ и щхьэр ещI Нартшу жейуэ зыхэлъ пIэмкIэ. Унэр хуабэ дыдэ хъуа пэтми, Былэ зэщIэкIэзызэрт. КъантIасэ апхуэдиз гуауэ и нэгу щIэкIауэ абы и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым.

– Нартшу си деж къэнащ. Ар мыхъуамэ, си закъуэ унэ нэщIым сыкъыщIэнамэ, хьэдэ къуаншэ сыхъури сежьэжати. Гуауэм сриудыпа нэужь аращ сызезыхьар. Ерыскъыр щыгъэтауэ, псы ткIуэпс си джий езгъэхыну сигу хуэкIуэжыртэкъым. Нартшу тэмакъкIыхьу, гущIэгъушхуи хэлъу къыщIокIри, сабий цIыкIум хуэдэу, сызэрехьэ. ПщэфIэнри, псы къэхьынри, мэзри, бэзэрри, щхьэлри – псори абы и пщэм дэхуат. Ауэ, сыт ищIэн мыгъуэт, зыщIримыгъэхыу, щхьэх жыхуэпIэр имыщIэу, дэнэкIи нэсырт. Сэдэкъэм къыщрата лы Iыхьэр, тхъурыжьыр, сэ сыхину, и джийм фIэкIыртэкъым.

Куэдрэ хэлъат КъантIасэ. Ауэ уи псэр уи Iэк Iэ пхухэхыжы-

нукъым, уи щхьэр ущижагъуэм лІэныгъэм уеджэ щхьэкІэ, Іэмал игъуэту зыми зигъэлІэнукъым. Нартшу и хьэтыркІэ, ар зеиншэ дыдэу губгъуэм къимынэн папщІэ нэхъ мыхъуми, псэун хуейт. Узым къыІэщІэкІыу къызэрызэфІэувэжу, псом япэрауэ, жэм къищэхужащ, къищэхуар сыт – къихъуэжат, и щхьэгъусэм и щыгъын гъэпщкІуауэ зэрихьахэмкІэ. Абы и гущхьэм къэкІын-тэкъым а Іэщ угъурсызым апхуэдиз бэлыхь пыщІауэ къыщІэ-кІыну...

Нартшу, жейуэ здыхэлъым, къыхогъыкІ, и дзэхэр зэригъэшхыу хуожьэ. Былэ къощтэ.

– ПщІыхьэпІэ Іей илъагъуу аращ. Къэзгъэушын?

– Хуейкъым,– КъантІасэ и щхьэр ещІ. – Сыт хуэдэ пщІыхьэпІэ и нэгу щІэкІми, сыт пщІэжын? ЗэфІэкІащ. Куэд къэзымыгъащІэу, куэд зылъагъу, жыхуиІэу, мащІэфащІэ хьэзаб ишэча мыгъуэкъым абы. Иджы, мес, тхьэм и шыкурщ, иІуэтэжа хуэдэщ. Ар си насыпышхуэу къызолъытэри. ЦІыху хуэдэ цІыху щыпэщІэхуакІэ – кІуэдынкъым. Зыдэплъеин, щапхъэ къызытрихын иІэщ. Мэлыхъуэхэрэ пэткІэ, пщыІэм трагъэсыну хьэфІ къалъыхъуэ, абы драгъэплъейуэ хьэпшырхэри хьэфІу ягъэсэну. Аракъэ хьэфІ дэплъей хьэфІ мэхъури, шыфІ дэплъей шыфІ мэхъу щІыжаІэжыр? ЩІалэ бэлыхь къыхэкІынущ Нартшу.

ЦІыхубзитІым я дэн-бзэныр и кІэм нэблэгъат.

– Иджыри зэ щыт Іэгъэжи сегъэплъыт, тІасэ, – жиІэу КъантІасэ бостеиплІэр Былэ хуеший. НысащІэми, гъуджэм бгъэдэт нэхъей, щыгъыныщІэр щыгъыу КъантІасэ и пащхьэм зыщегъэкІэрахъуэ. ТІэкІу хуэкІыхьыІуэу къыщІокІ. Ауэ:

– ПыдумыгъэупщІ, тІыкІуэ. Зимыхъуми, тІэкІу нэхъ уигъэхуэбэнщ, – жи КъантІасэ. – БостеикІэм дэупщІауэ щытынущ. Хэт ар зылъагъунур?

Бащлъыкъым бзыхьэхуэшхуитІ къыдэхуат. Абыи бгырыпх къыхащІыкІащ. Дуней гуфІэгъуэр зиІэ Былэ нурыр къыщхьэщихырт. Ныжэбэ жэщым зэрымыжеяр зы мастэ хуэдизкІэ къыфІэІуэхутэкъым. Нэху хуэмыгъэщыжу арат абы: щыгъыныщІэр щыгъыу цІыхум къыщалъагъунум хуэпІащІэрт.

Дэн-бзэныр щызэфІэкІым, цІыхубзитІыр пщэдджыжьышхэ гъэхьэзырыным и ужь ихьащ. Нобэ зыхуэпщафІэр бригадэм и закъуэтэкъым – хьэщІэ лъапІэри екІуу гъэшхэн хуейт.

Нартшу къоуш. Щхьэгъубжэм къыдидз нэху фагъуэ тІэкІумрэ Іэуэлъауэу пэшхьэкум кІэрыт цІыхубзитІымрэ щилъагъум, Нартшу къощтэ: хэжеяуэ пІэрэ? Ауэ щІалэ цІыкІум и жеин ирикъуатэкъым – абы тхьэмахуэ енкІэ нэрэ напІэрэ зэхуимыхьа хуэдэт. ЕлІэлІапэурэ къызэфІотІысхьэ.

– Укъэуша, си псэ тІэкІу, си щІалэ цІыкІу? – КъантІасэ нэфІэгуфІэу йоплъ щІалэ жейбащхъуэ цІыкІум. – Апхуэдэу жьыуэ щхьэ укъэтэджрэ, тІасэ? Псори мэжей иджыри. Уэри жей, си дуней нэху цІыкІу. Сэ сытым хуэдэу ІэфІу сыфхуэпща-

фIэрэ! Гъуэлъ, тIыкIуэ. Сэ укъэзгъэушынщ итIанэ.

– Хъунукъым, ТIасэ. Шыщхьэхъумэр комиссарым япэ къэтэджын хуейщ. ЩхьэзыфIэфIу, ущыхуейм укъэтэджу, ущыхуейм угъуэлъыжу шыщхьэхъумэ ухъунукъым.

КъантIаси Были ящIэртэкъым «шыщхьэхъумэр» зищIысри абы и къалэнри, ауэ Нартшу жиIэр я фIэщ хъуахэщ.

ПщэфIап Iэм аргуэру лымэ къыщыпщIихьэ хъуащ.

– Къуэшрокъуэ Дотий сыт жиIэрэ, тIасэ: дяпэкIэ сыт абы ищIэнухэр?– Былэ Нартшу зыхуегъаззэ. ЦIыхубзым и гугъащ и щыгъуныщIэм щIалэ цIыкIум гу къылъитэну. Ауэ Нартшу къыфIэIуэхущэтэкъым цIыхубз щыгъынхэр.

– Полкым и комиссарым и лъакъуэр зэрыхъужу фронтым дыкIуэнущ, – зыщIэхъуэпсыр къызэрехъулIэнум шэч къытри-хьэркъым Нартшу.

– Фронтым, пIа? – КъантIасэ зыщIэтIысыкI пэтащ. – Уэри абы уригъусэуи?

– ДяпэкIэ дэ тIур дызэмыгъусэу хъужынукъым. Шыщхьэхъумэр сыт щыгъуи комиссарым дэщIыгъун хуейщ. Апхуэдэу итщ уставым, – Нартшу езы дыдэм игъэщIэгъуэжащ псори екIуу къызэригупсысар.

– Зауэм сабий яшэркъым, – жеIэ КъантIасэ, ар хущIегъуэжащ щIалэ цIыкIур шы заводым ишауэ зэрыщытам. – Си деж къэбгъэззэжмэ, мынэхъыфIу пIэрэ, тIасэ?

– «Уэ узимыгъусэу зыщIыпIи сыкIуэнукъым», – жи комиссарым.

– Сэр-щэ? – КъантIасэ къызэфIозэрыхь. Пщэдджыжьыр пшагъуэу, нэщхъейуэ къыщохъу абы. – Сэ си закъуэ унэ нэщIым сыкъыщIэбнэу уежьэжыну ара-тIэ, си дуней нэху?

ЩIалэ цIыкIур хэплъэгъуэ хэхуащ.

– СыкIуэнщи шитIыр псы езгъэфэнщ, – жиIэнур имыщIэу щIокIар.

– ТIэкIу уедзэкъэн?

– ИтIанэ. Шыхэр япэ игъэщын хуейщ. Аращ хабзэр, – Нартшу и мурадат аргуэру уставыр тегъэщIапIэ ищIыну. Ар езыми зэзакъуэ илъэгъуауэ арат, директорым и стIолыщхьэм телъу. Ауэ устав Iуэху зэрихуэжыркъым, «тIум щыгъуи къагурыIуэнукъым» жыхуиIэу. Зи нэкIущхьитIым нэпсыр къежэх КъантIасэ фIэгуэныхь мэхъу абы. – Псори зэлъытар комиссарым и лъэгуажьэтесырщ, – зигъэззэхуэж щIыкIэу къыщIегъу абы. – И лъакъуэр къигъэш хъужмэ – фронтым докIуэ. Ауэ башыр къыIэщIэнэмэ, апхуэдэу дэнэ укIуэн?..

КъантIасэ и нэгур гугъэ гуэрым къегъэнэхуж.

*Еханэ псалъащхьэ*

## 1. ПЩЭДДЖЫЖЬ ХЬЭЩIЭ

Чорэри жеятэкъым а жэщым. Комиссарым нэхъ гъунэгъу зэрызыхуищIа хъуну щIыкIэм кърихуэкIырти тепыIэжыртэкъым ар. Ауэ сытми гъунэгъу зэрызыхуищIыну къудейртэкъым зытегузэвыхьыр – «уанэгум» ису Iуэхур дэгъуэу зэрызэрихьэр иригъэлъагъуну хуейт, хуейт хозяйствэхэм я унафэщIхэр зэрыжьажьэхэр, зэрыIэмыкIуэлъэмыкIуэхэр Къуэшрокъуэм и нэгу щIигъэкIыну, ар къехъулIэмэ, Чорэр и мурадым адэкIэ нэхъ псынщIэу, нэхъ тыншу лъэIэсыфынут: абы и псалъэр тIу зыщIхэм «лъэрыгъыпсхэр яхуигъэкIэщIынут». АрщхьэкIэ Iуэхум и щIэдзапIэр Чорэр зэрыхуейм хуэдэу хъуатэкъым – ар Къэзэнокъуэхэ я деж еблэгъэфатэкъым. ЩIемыблэгъэфами щхьэусыгъуэ иIэт: чырбыш заводым и директорым и гъусэу зы фалъэ ишхыкIыфынутэкъым. Абы сыткIэ игу къэкIынт Къуэшрокъуэр жэщым Къэзэнокъуэхэ щыхьэщIэу, здэкIуар имыщIэу пщэдджыжьым къуажэм дэбзэхыкIыжыну? Чопракъ аузым жылэу дэтыр куэдрэ къыубжын? Зы, тIу, щы... Бухащ. АрщхьэкIэ къуажэ къэс телефон дэткъым. Дэтхэнэм ужэу уплъэн?

Мо лIы щхьэзыфIэфI бзаджэм леишхуэ къылъысауэ зибжыжырт: районым къихьа уполномоченнэр езым кIэщIашат. КъимыдэкIэ, сыт хуэдэу пIэрэ ар Къуэшрокъуэм къызэрилъытар – афIэкIа щхьэ пщIэ къыхуимыщIарэ? Чорэм игу къигъэкIыххэртэкъым Дотий зы губгъуэ унэ гуэр кIуауэ щытми, абы нэху къыщекIыну. Нэху укъызыщекI хъун губгъуэ унэ Чопракъ районым щыIэрэ щымыIэрэ ищIэркъэ Чорэм? ХьэщIэ къэкIуамэ нэхъ здрагъэблагъэ хабзэу къуажэм унэу дэтыр кърригъэпщытащ. ЗыщIыпIи щигъуэтакъым Къуэшрокъуэр.

Пшагъуэ телъу нэху къекIащ, ар, къуршымкIэ жьыр къыщеуэу щытмэ, махуэр бзыгъэ зэрыхъунум и нэщэнэщ. Къуажэм къыдэкIа фыз къомым губгъуэм хуаунэтI, хэт пэгун, хэти матэ и Iэблэм фIэдзащ. Председателыр ямыгъэщIэхъун папщIэ, нэхъ жьыуэ къэхъеяхэт нобэ.

Къуэшрокъуэри жьы дыдэу къэтэджат; зитхьэщIащ, и жьакIэр иупсащ. НапэIэлъэщIыр и Iэблэ сэмэгум фIэдзауэ Iэ ижьымкIэ псы трикIэурэ Батырбэч хьэщIэм зригъэтхьэщIат. А тIум я мурадт нэхъ жьыIуэу зрачу хозяйствэр къаплъыхьыну. Колхозым и шы фермэм еплъыну зи нэ къикI Къуэшрокъуэр тепыIэжыртэкъым. Абы игу илът, къехъулIэмэ, Уэрышым деж шыбз зыхыбл къыщищэхуну. Ауэ къуаргъым нэ хуащIати, набдзи жиIэрт, жыхуиIэм ещхьу, шыбзхэр къыIэрыхьа нэужь зы хакIуэкIи лъэIуэну и мурадт Дотий. Езы председатель

Уэрышым и уанэшыр сыт хуэдэ хакIуэт!

Пщэдджыжьышхэм хуэхьэзыру щыст комиссарыр, зи нэгум гуфIэгъуэр кърих Уэрышым бжэр къыIуихыу къыщыщIыхьам.

– КъэпцIыхужыну пIэрэ, Дотий, шхын къытхущIэзыхьэ мы цIыхубзыр? – Батырбэч бжэр ину зэIуегъэжри дуней гуфIэгъуэр зиIэ Былэ япэ ирегъэщ. Iэнлъэ хуэдизу абы IэщIэт тепщэчышхуэм имылъу сыт щыIэт: уи лэкъум хуабэри, уи лы гъэжьари, уи кхъуей цIынэри, шхахэ нэужь шей пщтыр трафыхьыжын зэрыхуейри зыщагъэгъупщатэкъым пщафIэхэм. Къуэшрокъуэм гъэщIэгъуэныщэ къыщыхъуат зы бащлъыкъым бостеикIэ къызэрыхэкIар. Пэж дыдэу, а дыгъуасэрей Былэр щыIэжтэкъым. Абы зы дахагъ иIэ хъуат, абы и нэгум зы гурыфIыгъуэ къиищырти!..

ХьэщIэми насыпыфIэу зилъытэжырт. НэгъуэщIыр бгъэгу-фIэнур сыту гуфIэгъуэшхуэ!..

– Ныжэбэрей жэщ закъуэм апхуэдиз лэжьыгъэ зэфIэвгъэкIауи!.. Сытуи екIупсу вда!

– Хуейуэ щытмэ, цIыхубзым ямыщIэфын щыIэ? – и пащIэкIэ къыщIэгуфIыкIыурэ, Уэрышыр Былэ йоплъ. Абы игу къэкIыжар гуры Iуэгъуэщ: фейцей дыдэу хуэпауэ дыгъэ зригъэууэ ныса-щIэр нартыху бзий пхыр лъабжъэм щыщIэлъарщ. ЦIыхубзыр фащэми зэригъэдахэр уи фIэщ ирихъуну ирикъуни ар!

И Iуэху зэфIэкIати, Былэ щIокIыж. Абы и гугъэт иджыпсту псори езым къеплъу.

Ауэ зэрыхуигъэфэща къудейм фIэкI, нэгъуэщI хищIыкI лъэпкъ щымыIэу къыщIэпхъуа Чорэр щымыуауэ къыщIэкIащ: ар тэмэму техьат Къуэшрокъуэм и лъэужь.

– Уэлэхьи, и чэзу дыдэу укърихьэлIакIэ! ТIыс, – жиIэу Батырбэч езым и шэнтщхьэгуэр хьэщIэм хуегъэкIуатэ. – Пщэдджыжь хьэщIэ гъэхьэщIэгъуафIэщ, жи.

– Iуэху зи Iуэхур Iуэху хуозэри, шхын зи Iуэхур шхын хуозэ, жыхуаIэу сымыхъуауэ пIэрэ? Пщэдджыжь хьэщIэ зэрызамыгъэгувэ хабзэр сщIэрти... – къыпогуфIыкI Чорэр. Ар екIуу зэщIэкъуат, зэщIэупсат, и нэкIу пIащIэм нэщхъыфIагъыр къытелыдыкIырт: зэрыщымыуам, гъуэгу тэмэм къызэрытехьам щыгуфIыкIырт.

– Ущыуакъым. Зыдгъэгувэну ди мурадкъым, – Чорэм зыдрегъэкIу Къуэшрокъуэми. Абы пхъэ лошкIэкIэ ирихъупэхырт бжьыхьэшэ IувымкIэ фIыуэ зэхэщIа къалмыкъ шейр, лэкъум хуабэмрэ кхъуей цIынэмрэ абы зэрыдекIури игъэщIагъуэрт.

– Шей фIэкI нэгъуэщI иумыгъафэу аради хьэщIэр? – Чорэм зиIыгъыфакъым Батырбэч емыхъурджауэу.

– Наркомовскэ щэ зырызыр дыгъуэпшыхь идгъэсыкIащ. Пщэдджыжьымрэ фадэмрэ зэфIкъым, – бысымым и пIэкIэ жэуап къет хьэщIэм. Пэжщ, абы дыгъуэпшыхьи зыкъритIат – фадэ щхьэкIэ къуажэ тыкуэным нэс ягъэкIуэну цIыху щрагъажьэм. АрщхьэкIэ Уэрышым упэлъэщынт?

– Iау, къытхуеблэгъар фыз хьэщIэ щымыхъуакIэ, сыт напэр диIэу... Хабзэм ипкъ иткIэ, нэгъуэщI мыхъуми, ткIуэпс зырыз деIубынщ...

Ауэ ткIуэпс зырызыр иныIуэ хъуауэ зэрыщытами пцIы хэлътэкъым.

– Фронт дыдэми пщэдджыжьым фадэ ущефэныр шынагъуэщ, умыщIэххэу штрафной ротэм ухадзэнкIэ хъунущ, – жеIэри мэгушыIэ Чорэр, къыпфIэщIынщ и гъащIэм и ныкъуэр абы зауэ IэнатIэм щрихьэкIауэ.

– Мыри фронтщ, – къопсалъэ Къуэшрокъуэр. – Нартыху бзий зэупсеяуэ колхозхэтхэм къаувыхьам и куэдагъыр плъагъуркъэ? Ар къыдэчыжын хуейщ иджы.

– Аратэкъэ щэ цIыкIу зырыз щхьэпрыддзын щIыхуеяр?

– Мэ-тIэ, щхьэпрыдз. Фалъэ псо мэхъу мыр, – КъантIасэ къыщIихьа шей фалъэр Чорэм IэщIегъэувэ Батырбэч. Тепщэч, гуахъуэ сытхэри къыхущIахьат хьэщIэ къыкIэрыхуам. – Пщтыр щIыкIэ ефэ а шейм. Ар ауэ сытми шей къызэрыгуэкI къым – хьэцыбанэ шейщ. Уи «Охотничэм» нэхърэ зыцкIэ мынэхъыкIэу укъызэщIигъэплъэнущ.

– Партизаныгъэ зохьэ, Уэрыш и къуэ. Ди хабзэр пщогъупщэж. ПщIэжрэ ди хабзэу щытар: нобэ ипф хъуныр пщэдджыжьым нумыгъэс, – шейр зэIещIэри щысщ Чорэр. Нышэдиби и джийм ерыскъы емыхарэ пэткIэ, иджыпстуи шхыным игу хуэкIуэркъым. Ауэ увыIэгъуэ имыIэу мэпсалъэ «райначыр».

– Уемыфэну Iэмал имыIэу щыт? – Уэрышыр игъэукIытэну хэтщ Чорэм. – Хъуэхъу жыIэнырщ нэхъыщхьэр...

– Шыхэр щIэсщIэжын, Дотий? – Чорэм и псалъэ мышыу кIыхьыр Iэпеуд Нартшу. Абы Къуэшрокъуэр игъэдыхьэшхащ: зи нэхъыщхьэм псалъэкIэ зыхуэзыгъазэ сэлэтым зэрищIым ещхьу, щIалэ цIыкIум и Iэпхъуамбэ ижьхэр и пыIэм хуихьат. Ауэ, сэлэтхэм зэращIым хуэдэу, Нартшу и къатыр лъэдакъэхэр «игъэпсэлъэфыртэкъым».

– ЩIэщIэж, тIасэ, щIэщIэж, – Нартшу щIэкIыжыну ежьэжат, ауэ Къуэшрокъуэм къегъэувыIэ ар. – Ушха уэ езыр, си зэуэгъу шыщхьэхъумэ?

– Ахьай сышха, – жеIэри Нартшу и дзэ хужьыбзэ цIыкIухэр къыIуегъэпс. Нартшу насыпыфIэ дыдэу зибжыжынтэкъэ комиссарыр «си зэуэгъу шыщхьэхъумэкIэ» къызэреджар КъантIасэ зэхихауэ щытамэ?.. ЩIалэр мажэ шитIыр зыщIэт бомкIэ. Шыхэр фIыуэ шхауэ нэху къекIат.

ХьэщIагъэм теухуа псалъэмакъыр яух.

Чорэмрэ Батырбэчрэ щIыгъу Къуэшрокъуэр унэм къызэрыщIэкIыжар зылъэгъуа Нартшу лэнейкIэр, мыдэ пулемет зэрыт тешанкIэм хуэдэу, бжэщхьэIум ирехулIэ, ныжэбэ фIыуэ шха, фIыуи зызыгъэпсэхуа шитIыр щIоджэгухь.

КъантIасэ пщэфIапIэм къыщIокI. Абы Нартшу щхьэкIэ

гъуэмылэ къигъэхьэзырат. Зи хьэщIэхэр ежьэж КъантIасэ Iэн-кунт, щтэIэщтаблэти зэпымыууэ и Iит Iыр кIэпхынымк Iэ илъэщIырт. КъантIасэ и ужь иту пщэфIапI эм къыщIокI Были. Ар нэщхъыфIэщ, къыпогуфIыкI.

– Тхьэм уигъэпсэу, КъантIасэ. ИкъукIэ дэгъуэу дыбгъэхьэщIащ. Берычэт бесын ин бжыдо Iэ. Ауэ, къызжиIакъым жумыIэж, къыпхуеблагъэхэр апхуэдэу бгъэхьэщIэу щытмэ, Хъуэжэ и бэщмакъыу, зыкъыпхурагъэнэнкIэ тIэу еплъынхэкъым. Е, ежьэжыпауэ щытми, къытрагъэзэжынкIэ мэхъу: тхуэмышхыжу къэдгъэнэжауэ щытар тшхыжынущ, жаIэу. Къыпхуащта ерыскъыр умыухмэ, гуэныхь пылъщ, жи, – мэгушыIэ Дотий. Ауэ Къант Iасэ деж апхуэдэу къыщыщыхъуи щыI эт: къытезыгъэзэж куэд къахэкIырт абы зэигъэхьэщIахэм. – Зы генерал гуэр и сэлэтхэм йоупщ I, – адэкIэ пещэ комиссарым и псалъэм, – «Къыватыр фхурикъурэ?» – жери. «Тхурокъу, ныб-жьэгъу генерал. Уеблэмэ къыддохуэж», – жаIэ сэлэтхэм. «Къыв-дэхуэжым ефщIэр лI о-тIэ?» «Дошхыж, ныбжьэгъу генерал, дошхыж», – жаIэрт сэлэтхэм. Дэри апхуэдэу тщI ыуэ дыхуежьэ-мэ, ущIегъуэжынщ, – жеIэри Къуэшрокъуэр къыпогуфIыкI. ЛIыхэри мэдыхьэшх.

– Уэри ди деж укъыщцыкIуэм уи лэнейкIэ шэрхъыр зэрыкIэрэхъуам хуэдиз махуэ насыпыфIэ уи гъащIэм тхьэм къыпищэ, тIасэ, – КъантIасэ ук Iытапэурэ хьэщI эм сэлам ирехыж. – Уэ фIы зыхуэпщIар, бгъэгуфIар Былэ и закъуэкъым. Псори дыбгъэгуфIащи, гуфIэгъуэ мыухыжыр уиIэу тхьэм гъащIэу къыпхуиухар уигъэхь. Былэ зылъэгъуа цIыхубз къомым гуфIэгъуэ нэпсу щIагъэкIам хуэдиз насыпыр тхьэм къуит. Узэрыугъурлыр фэуи птетщ, IуэхукIи къогъэлъагъуэри, тхьэм фIыуэ илъагъуным ящыщ уищI. Гъуэгум я нэхъыфIым утехьэну дыпхуохъуахъуэри, ди хъуэхъур тхьэм деж нигъэс... – куэд жиIэну и гугъат КъантIасэ, ауэ, гухагъэр къытекIуэри, и псалъэр зэпигъэуащ.

Былэ къабгъэдокIуатэри Iэдэб дыдэу хьэщIэм мащ Iэу зыхуегъэщхъ. Дотий сэлам кърихыжыну къишия и Iэ лэрыгъум хьэщIэм ба хуещI, цIыхубзым и щхьэм гуапэу Iэ делъэ, гъащIэ гуфIэгъуэ иIэну йохъуэхъу, дяпэкIи къазэрыхуеблэгъэнумкIэ къегъэгугъэ.

– Iейуэ дынолъэIу: къытхуеблагъэ, кхъыI э, – зыжьэу зэдыжаIэ цIыхубзхэм.

Цуркэ Нартшу и ужь къикIыртэкъым, уеблэмэ щ Iалэ цIыкIур зэрытIысхьэжа лэнейкIэм долъейри Нартшу и лъакъуэхэм зыщехъуэ. Сэри сыздэшэ, жыхуиIэу Нартшу худоплъей. ЩIалэ цIыкIуми Цуркэ и тхыщ Iэ щабэм Iэ къыделъэ.

– Дэнэ дыкIуэми, уи ныбжьэгъухэм дахуозэ, Нартшу, – егъэщIагъуэ Къуэшрокъуэм. – Хьэ дыдэхэми укъацIыху уэ.

– Мыр Цуркэщ! Дауэ абы сыкъызэримыщIыхунур?

– Нартшу щIалэ цIэрыIуэщ, – Къуэшрокъуэм жиIам арэзы тохъуэ Батырбэчи, ар «шыщхьэхъумэм» и дамащхьэм гуапэу тоуIуэ.

И лъакъуэ уIэгъэм тыншу гъэтIылъыпIэ къыхуигъуэтурэ, Къуэшрокъуэр къоплъэкI. Къант Iасэ сэлам ирихыжын и гугъэу Чорэм пщаф Iэм дежкIэ зричат, ауэ Къант Iасэ и нэщхъыр зэхеукIэри псынщIэу IуегъэзыкIыж. Чорэр Iэнкун къохъу, емыкIу зэрыхэхуар къыгуры Iуэжащи, къыщыщIар щIихъумэжын хьисэпкIэ нэгъуэщI щIыпIэкIэ игъазэ хуэдэу зещI. ЛэнейкIэм дежи и Iуэху къыщикIакъым Чорэм: ар Къуэшрокъуэм гъусэ ищIу зыбгъуригъэтIысхьакъым. Чорэм ари щIихъумэну хэтщи:

– Сэ фыкъызэмыжьэ фэ. Сэ сыфлъэщIыхьэжынщ. Шы фермэракъэ фыздэкIуэр? Сэ иджыри модэ Iэщ фермэмкIи сытехьэн хуейщ. Фяпэ сынэсынщ а фэ фыздэкIуэми. Шурэ лъэсрэ зэгъусэ хъуркъым, жи. Сэ машинэ сисщ, ауэ щыхъукIэ, сэркIэ фэ фылъэс хуэдэщ.

Егъэзыхыгъуэм тет «виллисыжьым» цIыхухэр хущ Iэры-Iэурэ ирагъажьэ, зыкъомрэ жа нэужь моторыр щIагъанэ, арыншауэ къызэщIэнэркъым ар.

– «Шууей» бэлыхьым а слъагъур, – Дотий мэдыхьэшх.

АрщхьэкIэ Къуэшрокъуэри Уэрышри мэукIытэжхэр: абыхэм Чорэм нэмыплъ ирата, Iумпэм ящIа хуэдэу хъуат... Гъуэгур тыншт. Шы зызыгъэпсэхуахэр, фIыуэ шхахэр щIэущыхьхэрт, я лъакъуэхэм щIэлъ налхэм аузыр къагъэпсалъэрт. Гъуэгу техьэжахэр адэ нэсыжа пэтми, абыхэм нэкIэ ядэкIуэтэжу фызхэр куэдрэ зэхэтащ. ЛэнейкIэм ис лIитIыр щымурэ здэкIуэм, Къуэшрокъуэр къопсалъэ:

– Гу лъыптакъэ, Батырбэч, КъантIасэ Чорэм сэлам кърихакъым. Сыту пIэрэ?..

– Ахэр куэд лъандэрэ зэбийщ.

– Ар сыт щхьэкIэ?

Уэрышым занщIэу жэуап къитыркъым. И мыIуэху зэрихуэну хуейкъым. Къуэшрокъуэр зыщIэупщIам жэуап иритыфынут Нартшу дыди, ауэ нэхъыжьхэм я псалъэм хэпсэлъыхьыну фIэмыкIут.

– КъантIасэ пщафIэщ, – зыхуэмышыIэ пщтырафэу къопсалъэ Къуэшрокъуэр, – модрейр зы район псо и унафэщIщ. А тIум яхузэрымыгъэгуэшынкIэ хъунур сыт?

– Чорэм КъантIасэ и жагъуэ ищIащ... – икIэм икIэжым Уэрышым кърегъажьэ. – Зауэм хэкIуэда и щхьэгъусэм и джэдыгумкIэ къихъуэжауэ КъантIасэ жэм иIэт. Хуэсакъыпэу, тегужьеикIауэ зэрихуэрт жэмыр. Уеблэмэ фашист дыдэхэми ящихъумэфат. Зэрихъума щIыкIэр, алыхьым фIэкI, цIыхум ящIэркъым. ЩIыунэм щиIыгъауэ жаIэ. Нэмыцэхэр ди щIыпIэм ирахуж. ЗанщIэуи къуажэ собранэ ящI. Хозяйствэр къызэфIэгъэувэжын хуейт. Iэщым и IыгъыкIэ хъуным теухуауэ унафэ къащтэ. Унафэр унафэ хъарзынэт:

яхурикъун Іус къызэрагъэпэщыфынумэ, Іэщыр фермэхэм щызэхуэхусын хуейт. Чорэр къурш нэкІухэм йоплъэри елъагъу: уэс зытелъ джабэ хужьым фІыцІагъэу къытещырт мэкъу Іэтэхэр, нэмыцэр мы щІыпІэм къэсыным и пэкІэ зэтралъхьауэ щыта мэкъурат ар. Мэкъумылэ щхьэкІэ укъыщІыхэщтыкІын щымыІэу къелъытэри, Чорэм унафэ ещІ колхоз Іэщым щыщу къела Іэщыр фермэм къыщызэхуахусыжын хуейуэ. НэгъуэщІ зы унафи ящІ: Іэщ щхьэ бжыгъэмкІэ планыр нэхъ псынщІэу гъэзэщІа хъун папщІэ, районым щыпсэу мэкъумэшыщІэхэмрэ рабочэхэмрэ я жэмхэри къэщэхун. Ауэ къызэращэхунур бэзэр уасэкІэтэкъым, атІэ кІэзонэ уасэкІэт. Чорэм милицэр къреджэри бэзэрым кІуэ гъуэгухэр зэхурегъэщІ. ЩІыхур къызэрогъэпІейтей...

Уэрышым дежк Іэ зигъэзауэ хъыбарым едаІуэрт Дотий.

«Унафэр унафэщ, – йогупсыс Къуэшрокъуэр. – Унафэншэу упсэу хъунукъым. Ауэ а унафэ къащтам и гъэзэщІэкІэ хъунум егупсысыну зи къалэныр ар зыгъэзэщІэну зи пщэ дэхуэращ. Къулым унафэ захуэ ищ Іат: общественнэ хозяйствэр, Іэщ гъэ-хъуным и Іуэхур икІэщ ІыпІэкІэ къызэфІэгъэувэжын хуейт. А унафэр гъэзэщІа зэрыхъуну щІыкІэм, хабзэми гъащІэми къезэ-гъыу, егупсысыну зи къалэныр щІыпІэ властырат. Чорэрат. Дэтхэнэ унафэми Іуэхуми езым и бгъэдыхьэкІэ-бгъэдэкІыкІэ къыхуэгъуэтыфын хуейщ. Арыншамэ...»

– КъантІасэ, – адэкІэ и псалъэм пещэ Уэрышым, – и жэмыр яритыртэкъым. Зи щхьэр зи лажьэу унэ нэщІым къыщІэна цІыхубзым сабий зеиншэри зришэлІэжат. Мы Нартшущ зи гугъу сщІыр, – Батырбэч и щхьэр щІ алэ цІыкІум дежкІэ ещІ, – зыр зым тегужьеикІауэ псэухэрт. Гуауэ куэдым иужьыгуа КъантІасэ зыкъыхуэІэтыжыртэкъым. Сымаджэри жэмри зезыхуэр Нартшут. Пхъэ къишэну гу цІыкІукІэ мэз кІуамэ, гъэужь, мылыф Іэгуи банэ лъабжьэхэм къыщІифыщІыкІ ыурэ жэмыр шхын хуигъалІэртэкъым. Абыхэм къэуатышхуэ ящІэмылъми, жэмыр якъуэлІыкІыртэкъым. Гъэхуэба фІэкІ, псы щІыІэ ирамыгъафэу зэрахуэрт ар. Ауэ унэр гъэшрэ шыпсрэ щымыщ Іэу зыкъуэсыр а жэмыжь закъуэрт.

Чорэм и лІыкІуэхэр КъантІасэ дежи къос: «Уи жэмыр къащтэ». «Фэстынукъым», – зыкъретІэ Къант Іасэ. Жэмыр псэфт. Уеблэмэ лъхуэщІэпауэ нобэ-ныжэбэ лъхуэну пэплъэрт КъантІасэрэ Нартшурэ, гъэшкІэ зыщагъэнщІыжыну махуэр къахуэмыгъэсу апхуэдэт.

Фермэм къыщызэхуахуса Іэщым щыщ куэд хэлІыкІат. Планыр гъэзэщІэным и Іуэхур щІагъуэтэкъым. КъантІасэ и ерыщагъым узыхуэмей къикІынкІэ хъунут: абы и жэмыр итын щимыдэкІэ, адрейхэр КъантІасэ нэхърэ нэхъыкІэ? Езы Чорэ дыдэр и щхьэкІэ къокІуэ КъантІасэ деж. Фызабэм угурыІуэну, ар къытебгъэхьэну зэрымытыншыр ищІэрт «районачым». Къан-

тIаси пэкIэ псы ефэртэкъым, зыхуитымрэ зыхуимытымрэ къыгуроIуэ, шынагъэкIэ зыри пхуещ Iэнукъым, лей епх хъунукъым. И щхьэгъусэр зауэм хэкIуэдамэ, нэмыцэр къэсу хьэзабищэр ишэчамэ... Ауэ Чорэм зытрищIыхьыр зыт: си къулыкъум, си щхьэм къыфIэмылIыкIыу дэнэ кIуэн?

– УкъыщIэкIуар сощIэ. Ауэ уэри зэгъащIэ: уи Iуэхум къикIын щыIэкъым, – КъантIасэ щIыIэ-щIыIэу IущIащ емылъэIу щIыхьэхуу къыхуеблэгъа хьэщIэм. И Iупэхэр зэтрекъузэ, и нэщхъыр зэхеукIэри, – дыщэ къызэптыну щытми, уэсщэнукъым си жэмыр, – пеупщI КъантIасэ и псалъэр.

– Ущыжейми уи жэмырщ уэ пщIыхьэп Iэу плъагъур, – жеIэ Чорэм. Уи жэм щхьэкIэ лIэр хэт, жиIэу фэ зытригъэуэну пылъщ ар. – И хъер улъагъуж уи жэмым! Абы фIэкIа нэгъуэщI жэм дунейм тетыжккъым жыпIэнщ. Уи жэм къыдумыщэ щхьэкIэ, дылIэн уи гугъэми...

– Сэ си гугъэмрэ сызыхуеймрэ сощIэж: сыщыжейми сызэпщIыхьу жыхуэпIэ а жэмыр си пщIантIэ дэтыжу слъагъуну сыхуейщ. ТIэкIу игъэхъуэкIуэну щIалэ цIыкIум дихуати, трах пэтащ. Жэм псэфыр, шым хуэдэу, кърихужьэу къыдимыхуэжу хъуакъым. Нэмыцэхэм еубзэ-ебзейурэ абыхэм я Iуфэлъафэр къызэхажыхьу щытахэм я нэр яхуумыгъэплъэным, сэ фызабэм укъыздэIэпыкъуным и пIэкIэ, тхьэщыхьэу фыкъысщыхьауэ сыщIэвмыгъэпсэур сыт? Сэ джэджьеиншэ джэдкъуртым срещхьщ. Си щхьэ закъуэ си лъакъуитIу сыкъэнащи сызыщыгугъын сиIэкъым... – КъантIасэ зыхуэубыдыжыркъым: зэщIокIэзызэ, и нэпсхэр къызэпижыхьащ. Къызэрыдзыхам щхьэкIэ и щхьэ хуошхыдэж.

Абдеж ирихьэлIэу Нартшу пхъэ къута IэплIэ иIыгъыу къыщIохьэж, Iэуэлъауэшхуэ иригъэщIу пхъэр унэ лъэгум тредзэ. Ар зэбгролъэлъри Чорэм и лъакъуэм зы пхъэ къута тохуэ. ЩIалэ цIыкIуми, хьэщIэ жагъуэ псы кIэщIакIэ, жыхуаIэу, ищIу арат. Абыи къыгурыIуэрт райисполкомым и председателыр къызытекIухьар.

– Уи пыхьэныр щыгъэт. Уи жэм Iуэху зесхуэу сыкъэкIуакъым сэ, – нокIукI-къокIукIри унэм щIэтщ Чорэр. АдэкIэ ищIэнумрэ зэрищIынумрэ хузэхуэмыгъэхъуу.

– Сыт хуэдэ Iуэху -тIэ укъыщIэкIуар? – КъантIасэ зызэпелъэщIыхьыж. – Сэ нэгузыужьыпIэ лъыхъуэхэм къагъуэтхэм сащыщкъым. Си лъапсэм псы къысхуригъэжыхьыжащ зауэм. Мо щIалэ цIыкIур мыхъуамэ, сыкъэсэхыжыпауэ арат. Алыхьырщ, алыхьым нэужь аращ сыкъызэфIэзыгъэувэжар. Алыхьым и нэфI къыщыхуэ а си Нартшу цIыкIум...

– Апхуэдэукъэ зэрыщытыр, Нартшу? – Уэрышыр хуоплъэкI зи щхьэр ехьэхауэ хэплъэу щыс щIалэ цIыкIум.

– НтIэ, – хуэм дыдэу жэуап къет абы.

Нартшу зэригъэщIэгъуэнур ищIэртэкъым Iуэхур къызэре-

кӀуэкӀа псори Уэрышым тэмэм дыдэу къызэриӀуэтэжар, езым и нэкӀэ илъэгъуа фӀэкӀ пщӀэнтэкъым а зытепсэлъыххьахэр. Къан-тӀасэ къыжри Ӏэжауэ арагъэнт...

– Узым укъыӀэщӀ экӀыу укъызэрызэфӀэувэжар си гуапэщ, КъантӀасэ. СыпщӀэупщӀэну, дяпэкӀэ узи лажьи къомыуэлӀэжын папщӀэ сынохъуэхъуну арат сыкъыщӀэкӀуар. ИтӀанэ, хэт ищӀэрэ, фызабэщ, и закъуэщ, зыгуэр хуэныкъуэми, дыдэ Ӏэпыкъунщ жысӀати... – Чорэм пцӀы еупс. Ауэ КъантӀасэ и фӀэщ мэхъу мобы жиӀэхэр.

– Ар жыпӀэ мыгъуэртэкъэ занщӀэу?

– ЖысӀэнуми дынэбгъэсрэ? ЖыӀэпӀэ къызэптрэ? Хъыбар хъарзыни къыпхуэсхьат: фашистхэр щыдэсам лей зылъысахэм дадэӀэпыкъун папщӀэ зыгуэрхэр... ахъшэ, мылъку жыпӀэми, къытхуаутӀыпщат. КъыбгурыӀуа? Псом япэ гулъытэ зыхуэтщӀынухэм уащыщщ уэри.

КъантӀасэ шэч ищӀу хуожьэ: «Мыбы и уэрэдыр сыту псалъэ дыгъэлыщэкӀэ зэригъэпщӀрэ. Ар зыхуишэнур, зэриухынур сыту пӀэрэ?» ИтӀанэ а упщӀэм и щхьэр тречри щӀоупщӀэ:

– Зи нэ къэмыпщӀа хьэпшырым ещхьу, флъагъу щымыӀэу фи дуней гъащӀэр къефхьэкӀырти, куэд щӀа апхуэдэу фызэрыхъурэ? Фи нэр къызэрыплъэрэ?

Чорэр фэрыщӀагъым йоуэ:

– Ӏэджэ щӀауэ уактивисткэу апхуэдэ емыкӀу зыпылъхэр жыпӀэну уукӀытэркъэ, КъантӀасэ? Зи нэр къэмыпщӀа хьэпшыркӀэ узэщыр хэт?

– Си жэмыр стезыхыну хэтахэращ. Иджы, мис, тхьэм и шыкурщ: къагурыӀуэжащ жыхуэсӀэу аращ. ДызэхащӀыкӀ хъуамэ, дыкъэзыщӀ апхъэхэм дыкъащӀамэ... Дэр щхьэкӀэ ахъши къаутӀыпщащ жыбоӀэ-тӀэ. Абы щхьэкӀэ фӀыщӀэ зэрысщӀыр псалъэкӀэ мыхъуу, ӀуэхукӀэ фи нэгу щӀэзгъэкӀынщ. Гулъытэ къыпхуэзыщӀым щӀыхуагъкӀэ пэджэжын зэрыхуейр къыдгурыӀуэу дэри дыщӀыхущ. Абы щхьэкӀэ дызэблэжыни щыӀэкъым.

КъэгуфӀауэ а псалъэр епхъуатэ Чорэм:

– Упсэу! Зыми уеблэж хъунукъым. Дэ дыщӀызэдэуэни дыщӀызэщыхьэни щыӀэкъым. Псоми ди зэхуэдэ Ӏуэхущ зетхуэр. Зыми уемыблэжыныр фӀыщ. Ди текӀуэныгъэм папщӀэ дауэ зыгуэр уеблэжын? А псалъэхэр тетхапхъэт колхоз правленэ щӀыхьэпӀэхэм! ТекӀуэныгъэм и Ӏуэху зепхуэу жэм закъуэ утепсэлъыхьыныр емыкӀукъэ? – КъантӀасэ и нэхэм къыщӀиха хъуаскӀэм гу лъызыта Чорэр занщӀэу и псалъэм къытокӀ. – АхъшэфӀ дыдэ зэттынухэм уахэдгъэхуащ, КъантӀасэ. Ухуеймэ, пщэдей исполкомым накӀуи къеӀых уи ахъшэр. Хьэуэ жыпӀэрэ, нобэ накӀуэ.

– Ахъшэ жыхуэпӀэм щхьэкӀэ берычэт бесын, – Чорэм и псэлъэкӀэм шэч гуэр иригъэщӀащ аргуэру КъантӀасэ. – Сэри фи щӀыхуэ зытезгъэхуэнкъым. Си Ӏэ къэткъым, си лъэ къэт-

къым, тхьэм и шыкуркIэ, ди щхьэри псэущ. СлъэкI къэзмыгъанэу сылэжьэнщ, – КъантIасэ и псалъэр зы напIэдэхьеигъуэкIэ зэпегъэу – Чорэм жиIэнум пэплъэу аращ. АрщхьэкIэ модрейм и жьэ зэщ Iихыркъым. Апхуэдэу щыхъум, физым адэкIэ пещэ, – ауэ си жэм Iуэхум пыкI. НэхъыфI сыкъэхъужрэ лъэкIэ сыкъызэфIэувэжмэ, тIэкIуи зыкъэдужьыжмэ, Нартшурэ сэрэ нэтхунщи ди IэкIэ уэттынщ жэмыр. УкъыдэмыпIэщIэкIзакъуэ.

ЗыхуэмыIыгъыжу къотэмакъкIэщI Чорэр.

– Апхуэдизрэ пэплъэмэ, колхозым и щхьэфэм ириудэкIыжыну уи жэмыжьыр? – дыджу къопсалъэ Чорэр.

Мис иджы КъантIасэ къыгурыIуэпащ: тхьэр егъэпцIри пцIыр еупс Чорэм, жэмыр сIэщIигъэкIын папщIэ къимыгупсыс щыIэкъым.

– Сыт хуэдиз ахъшэт, жыпIа, къызэфтыныр? – ауан мащIи щIэлъу къыпогуфIыкI ар.

– Ар зэлъытар уэращ, – Чорэм и гугъэр хихыжыпэркъым иджыри. Фызабэр къытригъэлъэдауэ къыщохъу.

– Дауэ сэ къызэрызэлъытар? Сызыхуейм хуэдиз къызэптыну ара?

– Апхуэдэуи къэплъытэ хъунущ. Ауэ... – Чорэм и бгырыпх бгъуфIэр нэхъри зыщIекъузэ. – Жэмыр къыдэптрэ – уи ахъшэр нэхъыбэщ, къыдумытрэ – нэхъ мащIэщ.

А хъыбарым щIигъун иIэт Нартшуи: Чорэрэ КъантIасэрэ щызэпсалъэм, Цуркэ и гъусэу блэкIырти щIалэ цIыкIум хьэр зэгуигъэпырт ар къигъэгубжьу Чорэм и къатырым е и гъуэншэджым иригъэпхъуэну. АрщхьэкIэ Цуркэ Iэсэ цIыкIу хъужати, и дзэлыфэ къудей итIакъым.

– Сэ иджыпсту жэмыр степхынри сабий быдзафэр анэбгъэм къыщIэпчынри зыщ. Дэ тIу дохъу. Жьэм драхьей ди унагъуэ илъкъым. Дыныбэ нэщIщ. Фи ахъшэр фIыкIэ фышхыж. Си жэмыр си Iуэм ивгъэтыж. Аращ сэ вжесIэныр.

– УщIемыгъуэжыну пIэрэ?

– Хьэуэ. СыщIегъуэжынукъым.

– Зыми уемыблэжыну жыпIати. Псалъэ дыгъэл дыщIэбгъэдэIуу...

– Сэ сызэмыблэжа псом я унафэ умыщIуэ...

– КъызжиIакъым жумыIэж-тIэ, – къызэщIэплъауэ, КъантIасэ нэкIэ ишхыу къотэдж Чорэр. – Сыт хуэдэ IуэхукIи дяпэкIэ укъызбгъэдэмыхьэ. Исполкомым и бжэр уэркIэ зэхуэщIащ. Уи IэкIэ зэхуэпщIыжащ, – Чорэр КъантIасэ и унэм къыщIокIыж.

КъантIасэ йогупсыс: «сыт хуэдэ IуэхукIи» жыхуиIам кърикъэкIар лIо? Сыт хуэдэ Iуэху КъантIасэ исполкомым хуиIэнкIэ хъунур? Зым зыр и ужь иту махуэхэр макIуэ. Гъатхэр къоблагъэ. Вэн-сэным щIэдзэн хуейщ. Колхозым вымрэ шымрэ къомэщIэкI. ЖэмкIэ вэнухэщ, жаIэри зэрахьэ цIыхум. КъантIасэ гузавэу щIедзэ. Ауэ мысыхьэткIэ абы и гугъу зыми къищIыр-

къым. КIэртIоф жылэ зэхэдз жаIэрэ къеджамэ – докI. КIэртIоф жылэр и мащIэу къыщIокI колхозым. ТIэкIу нэхъ хуабэ хъууэ Нартшу кIэртIоф мащэм и щхьэр трихыжа нэужь, КъантIасэ къэп ныкъуэфIым щIигъу жылапхъэ колхозым ярет.

Зы пщэдджыжь гуэрым жьыуэ КъантIасэ цIыхухъу макъ икIа гуэрым къегъэуш. Нартшу къэушагъэххэт. КъантIасэ щхьэгъубжэIупIэ дамэдазэмкIэ дэплъмэ, Цуркэ хьэкъур зридзауэ къыдимыгъэхьэ лIыр куэбжэпэм щытщ.

– Хэт а нэхущ хьэщIэр? Къеблагъэ! – цы IэлъэщIышхуэр къешэкIауэ КъантIасэ бжэщхьэIум къытоувэ. КъыщIокIри куэбжэмкIэ еунэтI. Хьэм хуолъ. Цуркэ, и кIэр и бэкъум деупщIэри, унэмкIэ щIопхъуэж.

Куэбжэм деж щытыр колхоз председателырт. Неблагъэ, ныщIыхьэ зыжраIа лIым уи еблэгъэн зэримыIуэхур, хьэщIакIуи къызэрымыкIуар фэуэ тетщ. Псалъэмакъ зэхэзыха жэмри Iуэм къобуукI.

– ЛъэIуакIуэ сыкъызэрымыкIуар занщIэу бжызоIэ. Зыпхъунщ Iэу уафэм удэлъеями, уи Iуэхум къызэримыкIынуIар хьэкъыу зыпхыгъэкI. Бэзэр уасэри узотри уи жэмыр... – сыт щыгъуи псэлъэгъуей председателым иджыпстуи зэман куэд игъэкIуэдыну зэрыхуэмейр къигъэлъагъуэу фызым къоплъ.

КъантIаси ицIыхужырт я председателыр. Вы зимыIэм шкIэ щIещIэ жыхуаIэу, колхоз унафэщIу ягъэуvауэ арат Мэрем МатIу. Нэхъыщхьэхэм ящIа унафэр игъэззэщIэн папщIэ, абы имыщIэн щыIэтэкъым...

ЗэрыхъуIамэ, хъунщ, си уз къызащIэн, жери КъантIаси къахуикIуэтыркъым. Езы Чорэ дыдэр щызытримыгъэхьакIэ, Мэремыр абы зытригъэкIуэн? Сабий зеиншэхэм щхьэкIэ къызэIуахыну жыхуаIэ унэр зэ псынщIэу къызэIуахами аратэкъэ? Нартшу абы ишэнт, натIэрыIуапIэ ящIа и жэмыр, зэпыту укIуэ, колхозым яритынти, езыр и дыщ къуажэм Iэпхъуэжынт.

МатIу адэкIэ зы псалъэ жимыIэу IуегъэзыкIыжри йожьэж.

КъантIасэ хьэлъэу хощэтыкI, и Iуэхур хэплъэгъуэщ. Жэмыр лъхуэмэ, яритыну мурад ещI. ШкIэр къыхуагъанэмэ, ухэныпэ нэхърэ лъэпхъуамбыщIэ, жи, ар жэм къэхъунти... АрщхьэкIэ адэкIэ Iуэхур, бгым къыгуэуауэ къехуэх мывэм хуэдэу, псынщIэу къокIэрэхъуэкI. Председателыр зэрыIукIыжарауэ, тIу къокIуэри фызабэм и унэ хадэр къапщ. Налогым щхьэкIэ къапщу къыщохъу КъантIасэ. АрщхьэкIэ «инженерхэм» екIи фIыкIи псалъэ жамыIэу хадэр къызэрыхухьа бжыхьыр къыхатхъ, ар унапхэм къыхуалъэфу кърагъэфажьэ.

– Здэфлъэфыр дэнэ ар? Бжыхьыжьыр вгъэлъэлъэнущ!

– НэхъыфIыххэщ. Нэхъ тыншу бгъэсыжынщ, – дыджу къопсалъэ «хьэщIитIым» язызыр. – Бжыхь зэрыпщIыжын щыIэжкъым. Уей-сысей щымыIэу, хьэсэ гъунапкъэхэр зэпылъын

хуейщ. Ди Iыхьэ зэхэмыхыу дыпсэун хуейщ жызыIэурэ ди фызхэр къэзыгъэдаIуэу щытар хэту пIэрэт? Уи Iыхьэ зэхэлъу упсэунумэ, бжыхь зэрыпщIынур сыт? – ауан къащI КъантIасэ.

– Мэремым фыкъигъэкIуауэ ара?

– Хэт уфIэщIрэ-тIэ? Председателым гурыIуэгъуэ дыдэу къыджиIащ: «КъантIасэ и щIым и ныкъуэр къытыдох, – нобэ довэри дызыхуейр хыдосэ. Хъунщ абы а щIым къытришхыкIар», – жиIэри. Умыарэзымэ, кIуэи тхьэусыхэ.

Дауи, арэзытэкъым КъантIасэ. Бжыхьыр зезылъафэхэм зэран яхуэхъун зи гугъэу япэува щIалэ цIыкIум, лIышхуит Iым сыт ярищIэфынт, и Iуэхум зыри къимыкIыу гъынанэу щытт.

– ПщIантIэм лъэмбытI думышиикI Зэхэпха? Уи нэр жэмым къытумыгъэкI! Зэхэпха? Езгъэлъагъунщ сэ абыхэм! ХущIезгъэгъуэжынщ сэ ахэр нобэрей махуэм!

– ПсынщIэу епIэщIэкI, армыхъумэ пщэдей уи унэри дгъэIэп-хъуэнущ, – жаIэри я дзэлыфэ ятI «инженерхэм».

Зи лIыр зауэм хэкIуэда фызабэм ищI къытрихыну апхуэдэ хуитыныгъэ къыздрихар дэнэ Чорэм? Исполкомым нэхъ гъунэгъу хуэхъуху езыри нэхъри къызэщIэплъэурэ макIуэ Къан-тIасэ. А Iулъхьэшхым, а напэншэм… Къэнжалщ абы и напэм тебзар! КъантIасэ къришIэфыр илъагъунщ а удэфам, а щыкIам!..

Дакъикъитху къудейкIэ къыкIэрыхуауэ щытамэ, Чорэр IэщIэкIакIэт КъантIасэ. БжэщхьэIум къэсауэ кабинетым къыщIэкIрэ пэт фызым Iуоуэ. Еблагъи тIыси дэнэ щыжиIэнт? И машинэр папщэу бжэIупэм IуткIэт. КъантIасэ и жьэр хузэщIэхыркъым – бауэкIэщIи хъуащ, жиIэну и гугъа псалъэхэри бзэхыжащ. И жьэри и лъэри зэщIэнауэ щытщ, апхуэдизкIэ куэдыIуэ къызэрыдохьейри, псалъэхэр зэныкъуэкъуурэ бзэгупэм тена хуэдэщ. Чорэми и мурадкъым абы пэплъэу щытыну.

– Мыбы укъэзыхуар сощIэ. УщIегъуэжауэ арамэ, занщIэу жыIэ. Дзыгъуэ-джэду сыбдэджэгуу згъэкIуэдын зэман лей сиIэкъым сэ.

КъантIасэ хьэкъыу пхокI: колхоз председателри, пщIантIэм къыдина а «инженеритIри», Чорэри зы бгым къыгуэхуа мывэшхуэу зэрыщытыр, псалъэкIэ а мывэр и пIэм ибгъэкIынри джэдыкIэ шкIумпIкIэ бгым уеуэнри зэрызэщхьыр.

– Си щIыр страхыну унафэ зыщIар уэра? – икIэм икIэжым ерагъыу и жьэр зэтрех КъантIасэ.

– Сэращ. Ауэ пщIэншэу укъэкIуащ мыбы. Исполкомым и бжэр уэркIэ зэрызэхуэщIар гурыIуэгъуэ дыдэу ныбжесIауэ щытати. Пщыгъупщэжауэ ара?

– Бжэ псори зэхуэщIа къыщIэкIынкъым. ЗыщIыпIэ дыщIагъэхьэнщ.

– Узыхуей дыдэм щытхьэусыхэ! Ауэ алыхь талэм деж унэмыс закъуэ. Жыхьэнмэм сихунщ. Сэ езым жэнэтым псэупIэ

хъарзынэ къыщысхуагъэхьэзырауэ къыспоплъэ, – зы фIэдзапIэм къыфIихыу адрейм фIидза фIэкI умыщIэну, и бэлътор къещтэри зыщет Iагъэ, стIолым телъ папкэ укъуея тIэкIур къещтэри и блэгущIэ сэмэгум щIелъхьэ. – Iэджэм зыхуэбгъэныкъуэфыну жыпIэурэ псалъэ дыгъэл гуэрхэм сыщIэбгъэдэIуауэ щытати, лIо, жьым ихьыжауэ ара ахэр? Жэмым дынэсыххэнкъыми, лIо, колхозым щхьэкIэ зы щIы Iыхьэ цIыкIу уигу пымыкIыу ара?

КъантIасэ къыгурыIуащ: мыбдеж абы щищIэфын щыIэкъым. НэгъуэщI щIыпIэ кIуэн хуейщ. Ауэ дэнэ? Прокурорым деж жащ. Игъуэтакъым. Хуэтхамэ хъунукъэ? Птхыуэ, ар яIэрыхьэу, абы хэплъэу, жэуап къуатыжу... АпщIондэху гъэр уэ къожьэну? Хадэ щIэгъуэр къэсащ. И лъэр щIощIэ, и щхьэр фIех. ПщIэншэрыкIуэу бгъэзэжи хъунукъым. Райцентрыр къызэхекIухь. Хэт деж екIуэлIэну? Исполком гуэрым егъэзэж. Ауэ щIэмыхьэу, блокI-къыблокIыжри щытщ. ИтIанэ щIохьэ. ЦIыхубз Iуэхухэр зи пщэ дэлъ отделым и бжэм бгъэдохьэ. ЩIыхьэн-щIэмыхьэн? Бжэм екъумэ – хуэщIащ. И лъэм ямыIыгъыжу йотIысэх. Щысщи-щысщ. ЩIыщысри ищIэркъым. ЛIитI зэпсалъэурэ кIэлындорым ирокIуэ. Абы я псалъэмакъым къыхеубыдыкI: шы заводым директорыщIэ ягъэуващ.

– Ар сэрауэ къыщIокI-тIэ? – щIоупщIэ Къуэшрокъуэр.

– Уэрат-тIэ.

Пщыхьэщхьэм къэсыжмэ, КъантIасэ и щхьэфэцым зеIэт – щIы пачар явэри ясэжакIэт. И уни и лъапси зытетри хэту сотых пщыкIутI хуэдиз къыхуагъэнауэ арат. Езым зыгуэр зыхисэн щIы лъэпкъ иIэжтэкъым.

– Мэкъу трасауэ арат,– къопсалъэ а псори зи нэгу щIэкIа Нартшу. Цуркэрэ абырэ махуэ псом бжэщхьэIум тесат – жэмыр яхъумэу. Партизанхэм щахыхьэкIэ къыздищтэну и мураду щIилъыкIа къамэри Нартшурэ хьэмрэ яку дэлът.

Жэщ псом КъантIасэ нэрэ напIэрэ зэхуихьакъым. Нэхущым къотэдж, Нартшуи къегъэушри зрегъэхуапэ, егъашхэ. Уи деж нишэну арат.

– СощIэж а махуэр, – мэщатэ Къуэшрокъуэр. – ФIы дыдэу сощIэж. ЩIалэ зеиншэ цIыкIум заводыр егъэзыпIэ хуэщI, жиIа мыхъумэ, нэгъуэщI зыми тепсэлъыхьатэкъым КъантIасэ. Мыбы дыкъыщыкIуэм Нартшу къысхуиIуэтэжащ я унагъуэм теухуа хъыбар гуауэр. Абы и фэм дэкIам ущIэмыупщIэ... Ауэ, тхьэм жиIэм, гуауэ псори гуфIэгъуэм я щIагъ хъужынщ. Пэжкъэ, Нартшу?

– ЛIы хъун хуэдэ уи шыщхьэхъумэр? – Къуэшрокъуэм йоупщI Батырбэч, щIыщIэупщIэри гурыIуэгъуэщ: щIалэ цIыкIум щигъэтхъуну аращ Дотий.

– А зыращ сэ лэжьакIуэу сиIэххэр. Псори дэ тIум ди пщэ дэлъщ. Ауэ зыкъэдухуэркъым дэ, – Къуэшрокъуэм и Iэр щIалэ

цIыкIум и дамащхьэм трелъхьэ, сабийр зэрыкIэзызым гу лъетэ.

– КъантIасэ я къуажэм къыдокI, – еух Уэрышым и хъыбарыр. – Си деж къокIуэри: «Си жэмыр пщI эншэу узот», – жи. «ПщIэншэу къыщIызэптынур сыт? Ар къызэрытщэхун ахъшэ диIэщ дэ», – жызоIэ. «Сыхуейкъым, – жи. – Зыри сыхуейкъым. СыщIолъэIуныр зы закъуэщ: лэжьапIэ къызэт». Сэри сызыхуеиххэр арат – пщафIэ сиIэтэкъым. «ПщафIэу бригадэм укIуэн?» – соупщI. «Дэнэ ухуейми, сыкIуэнщ», – жи. Арати...

– Хъыбарышхуэ себгъэдэIуащ, – жиIэу мэщатэ Къуэшрокъуэр. Чорэр зищIысыр нэхъыфIыжу къыгурыIуат абы. А тIум я гъуэгу зы хъункIэ дуней Iэмал зэримыIэри хъэкъыу пхыкIат., Псори щым хъуат – щыри зыгуэрым егупсысырт. Гъуэгур дэгъэзеигъуэ хъуати, шыхэм хуэм защIат, ахэр щIэпщIэнтIат. Нартшу хэплъэу гублащхъэм дэст.

Къуэшрокъуэм игъэщIагъуэр зыт: Чорэм и щIэпхъаджагъэхэр дауэрэ къыщIэкIуэрэ? Къулыр щымыгъуазэу пIэрэ райисполкомым и председателым зэхищIыхьхэм?

## 2. УДЗ ЩХЪУХЬХЭР

«БырмамытI» колхозым и шыбз пщыIэр ауз лъэгум игъэпщкIуащ. Хьэуазэ зытебгъа шэщыщхьэм мывэ пкъо лъэщхэр щIэгъэуващ, апхуэдэ мывэ дыдэхэщ шэщым и бгыкъухэри. Быдэ и анэ гъыркъым, хэт ищIэрэ, бгым зыгуэр къыгуэурэ къехуэхмэ, жа Iэри шэщхэр быдэу ящIауэ аращ. Шэщым и зы кIапэ лъэныкъуэр хуабэу къэуфыхьащ, зи лъхуэгъуэ шыбзхэр абы щIагъэтщ, апхуэдэ дыдэу къэуфыхьауэ адкIэIуэкIи зы псэуалъэ гуэр щытщ, шы дохутырхэм я унэ хуэдэщ ар, пэцыр иричу хущхъуэмэ кърех абыкIэ. Шэщхэр нэщIыбзэщ. Адэ бгы нэкIум щохъуакIуэ шыбз гуартэ. Ахэр колхозым и шыхъуэ нэхъыфI дыдэ Айтэч игъэхъухэращ. КъызэрыщIэкIымкIэ, ар колхоз председателым и къуэщ. Къуэшрокъуэр абы щыгъуазэххэтэкъым.

ЛэнейкIэр шыхъуэ пщыIэм и бжэIупэм къыщоувыIэ. Унэ щхьэгъубжитIми абдж хэлъкъым, блын сэхур къэлъэлъащ. Бжэр зы бжэIулI закъуэм фIэдзауэ аращ. Пхъэлъантхъуэм епхауэ кIэрыт шыбз нэфыр, лэнейкIэм щIэщIа шыхэм я мэр къыщIихьауэ, къощыщ. Ауэ зи лъэ макъ зэхиха, зи мэ къыщIихьа шыхэр езыр зыхуеяр зэрыармырар къыгурыIуэжауэ шыбз нэфым зеущэхуж, зыри имылъагъу пэтми, лэнейкIэмкIэ къоплъэ.

– Шыбзыр мэщыгъуэ, – жеIэ Батырбэч, Къуэшрокъуэм и лъакъуэр лэнейкIэм «кърихыным» пэплъэу здэщытым. – И шыщIэм хуэзэшу аращ. МазитI дэкIарэ пэт, и гуауэр щыгъупщэркъым, – Iуэхур нэхъ гурыIуэгъуэ ещI Уэрышым.

Зи пэбгым дыркъуэшхуэ телъ лIыжь щIакъуэ гуэр шэщым къыщIокI. ЩIакъуэ баш папщIэу гъущI гуахъуэ иIыгъщ. Мэ-къуауэгъуэм и чэзууэ а лIыр зэгуэрым мэкъупIэм хэтт. Шэмэ-джыр хитIэри абы зытригъэщIауэ тIэкIу бауэу здэщытым, зы-гуэр блэкIырти, сэлам кърет. «Уалейкум сэлам!» – жиIэу зыщри-гъэзэкIым, шокъущ жиIэу хуешэри и пэр шэмэджыдзэм къреуп-щIэ. УIэгъэр ядыжри дыркъуэр къытенауэ арат. ХьэщIэхэр щилъагъум, лIыжьым нэхъ хуабжь зыкъещI. Председателым и гъусэр къыхуэмыцIыхуурэ къокIуэ. ЗауэлI фащэ щыгъщ. Ар-гуэру шыбзхэр уанэшу ирахужьэну арауэ пIэрэ?

– Фыкъеблагъэхэ! – нэхъ псынщIэу къызэрымыкIуэфым щхьэкIэ зигъэзэхуэж щIыкIэу, жыжьэу къоджэ дадэр. – Лъапсэ нэщI фыкъихьащ. Мо шыбз нэфымрэ сэ лIыжь ныкъуэдыкъуэм-рэ фIэкI зыри тескъым.

– Уэрэ сэрэ ди тхьэмыщкIагъэ зыщ, – жиIэу Къуэшрокъуэр и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI. Езыр бгъэдокIуатэри дадэм сэлам ирех.

Модреймы, Iэнкун къэхъури, гуахъуэр Iэпыху пэтащ. Дамэ-телъхэрат ар къэзыгъэуIэбжьар: зауэм щыщIидзагъащIэхэм щыгъуэ абы илъэгъуа командирхэм дамэтелъ ятелъатэкъым, я джанэ пщампIэхэмрэ джанэ Iэщхьэхэмрэ зыгуэрхэр теIулIауэ, тедауэ арат. Пэжщ, Къэбэрдейм и тету щыта Къылышбий и къуэ-жьыр и дыщэ дамэтелъхэм ириуэркъыу зэрыщытар ещIэж.

– ЩIалэр дэнэ щыIэ? – щIоупщIэ Батырбэч, и къуэм и цIэ къриIуэну хабзэм къызэремызэгъыр къыгурыIуэу.

– Уи хьэщIэ куэд ухъуи, Батырбэч. Уи щIалэр зи пIэм иза-гъэхэм зэращымыщыр пщIэжыркъэ?

Уэрышыр щыгъуазэт дадэр щIакъуэ зэрыхъу лъандэрэ я пщIантIэ зэрыдэмыкIам, ауэ нобэ шыбзыхъуэ пщыIэм къызэры-техута хъуа щIыкIэр игъэщIагъуэу щIоупщIэ. Ауэ асыхьэтуи игу къокIIуэхур зытетынкIэ хъунур: и къуэр къуажэм ехыжамэ, дадэр езым и пIэкIэ пщыIэм къытринауэ арагъэнщ. Абы езыми Iуэхушхуэ къызэрыпэщылъыр и хьэщIэм иджыри къэс хуимы-Iуатэу дауэ IэщIэгъупщыкIат?..

Къуэшрокъуэр шыбз нэфым бгъэдохьэ. Нэсауэ адыгэш къаб-зэщ: и щхьэр дахэщ, мэлыпэм ещхьу, и пэр тIэкIуи къыхущIэ-гъэкIэрэхъуэжащ, пэ гъуанэ быхъущ, и тхьэкIумит Iыр нартыху пщIанэ къыхэжам ещхьщ. Псори дэгъуэт. Ауэ... нэфщ. Тхьэ-мыщкIэщ. Ауэ бгъэлъхуэн-бгъэпIэну сыт дэбгъуэн. Йогупсыс шы заводым и директорыр.

– Iау, мыбы сыщIыщыIэр дауэ зэрумыщIэр, зиунагъуэрэ? Нобэ узэрихьэгъуэлIыгъуэр, фызышэ узэриIэр пщыгъупщэжа? – лIыжьым и напщIэхэр хегъэлъэт. Батырбэч плъыжьыбзэ къохъу. Къуажэ псор зыщыгъуазэ фызышэр нобэрей махуэм зэры-траIуэрэ сыт щIат? Ар езыр ауэ сытми фызышэ къызэрыгуэкIт?

Хэт сыт хуейми жрыреIэт, ауэ Батырбэч мурад ищIат и къуэм и фызышэр жылэм ейм емыщхьу иригъэкIуэкIыну. Арыншэми, Чорэм и дзэ къыхуелъ Батырбэч, ехьэжьауэ фызышэ хьэгъуэлIыгъуэ егъэкIуэкIи еплъыжыт, щхьэусыгъуэ игъуэт закъуэмэ, уи дзэр пхуилъыныр щыгъэтауэ, пхуIуичыну хьэзырт «райначыр». И Iыхьлы гъунэгъу дыдэхэм фIэкI кърригъэблэгъэнутэкъым хьэгъуэлIыгъуэм.

– Уи къуэ и фызышэр щыгъэтауэ, уи фызышэ дыдэр пщагъэгъупщэжыну Iуэхур ди щхьэм къос, Дотий. КхъыIэ, къомыхьэлъэкIыу къысхуеблагъэ. Ди щIалэм и фызышэщ нобэ. ДемыкIуэлIэжурэ унэм дыщыужащи, ящIэри ялэжьри тщIэжыркъым. Шыбгым дисурэ уанэгум дыкIэрыкIэнкIэ хъунущ. Тхьэ соIуэ, сщыгъупщэжри нэхъ пасэу бжезмыIат, армыхъу хьэрэмыгъэм къыхэзмыхат. Тхьэм игъэпсэу Цыхъумэ: сигу къигъэкIыжащ иджыпсту.

– Айтэч къебгъашэу ара? – щIоупщIэ Къуэшрокъуэр.

– Аращ. А щIалэ закъуэращ ди Iэри... – Батырбэч нэхъ нэщхъыфIэ къохъу. – Сыти и щауэ абы? Сэ сэщхьщ. Тхьэм ещIэ щыхэт. И пащIэ иIуантIэу, зигъэлIу гъуджэм бгъэдэтыным и пIэкIэ, шыбз гуартэ кърихуэкIыу щыхэт къуакIэмрэ бгыкIэмрэ уэ къащIэ. Апхуэдэ щауэм и нысащIи щIэмыпхъуэжу пхуэ-Iыгъын?

– Къэсыжынщ мыгувэу, – жеIэ Цыхъумэ. – Шыхэр згъэзэгъэжмэ, сэри Хуарэ зездзынщи сынехыжынщ. Сахэсынщ, жаIэм седэIуэнщ, сахэплъэнщ. Куэд щIауэ фызышэ хьэгъуэлIыгъуэ хэт хэтыжа?

– Iау, хьай унэкIуэжын! Уэ ухэмытмэ, хьэгъуэлIыгъуэр тхьэмадэншэу екIуэкIа хуэди, – Батырбэч нэщхъыфIэ дыдэ къохъу.

ХуарэкIэ зэджэр шыбз нэфрат. Гъатхэм абы шыщIэ дэгъуэ, бгъэ задэ хъужу, къилъхуат. Уи къуэм и дахагъэр плъагъурэ уэ, жыхуиIэ щIыкIэу, шыщIэ лъакъуэ лъагэм и анэр къиуфэрэзыхьырт. Анэм илъагъуртэкъым и къуэр зэрысокугъуэри, зэрыкIэ баринэри, ауэ и мэмкIэ, и лъэ макъымкIэ къищIэрт и быныр жыжьэ зэрыщымыIэр. Джэгуурэ щIихьэу и къуэр жыжьэ Iужамэ, гузавэрт, и кIэмкIэ зэуэжырти, зи быным и гузэвэгъуэм зригъэкуэфэуэж дэтхэнэ анэми ещхьт.

– Шыбзым щхьэ яхэмытрэ ар?

– Хуарэщ сэ лъакъуэу сиIэр. Абырэ сэрэ зэдзейуэ дыздопсэу: лъакъуэхэр абы ейщ, нэхэр сысейщ. Мобы и Iуэхури къокI: бгым щызгъэхуркъым, сэрщи – сызыхуейм сынегъэс. Аракъэ, Хуарэ, ди Iуэху зыIутыр?

И гугъу зэращIыр къыгурыIуа нэхъей, шым и щхьэр зэпсалъэхэмкIэ къегъазэ. И нэщIащэ нэщI плъыжь-фIыцI афитIым нэпсыр из къохъу. И лъакъуэхэр зэблехъури щытщ.

– ШыщIэ дэгъуэ щIэсащ абы, Айтэч щытхъупсыр кърн-

гъэжэхыу. Ауэ гъащIэ мащIэу къыщIэкIащ, – дадэм жьым ипхъэха и нэгур нэхъри зэрегъалъэ, и Iупэхэри и нэхэри фагъуэ къохъу. Лэдэххэм зэпрахулэкIа и Iэгуфэм и пащIэр щIелъэф Цыхъумэ.

– Дауэ-тIэ зэрыхъуар? – къытреч Нартшу. Абы Хуарэ апхуэдизк Iэ фIэгуэныхь хъуащи, къыщиуду гъыным нэсащ. Нэхъ фIэгуэныхьыжыр шыщIэ цIыкIуращ. – Дыгъужьым яшхауэ ара?

– Хьэуэ, тIасэ, дыгъужьым яшхакъым, – Цыхъумэ и щхьэр ещI. – НывжесIэнкъэ иджыпсту Iуэхур зэрыхъуар. Ауэ япэщIыкIэ Хуарэ и хъыбарым фезгъэдэIуэнщ,– мэкъу Iуэнт IакIэ шыбзыр илъэщIу щIедзэ дадэм. ЗытелъэщIыхьа цыпэр цIууэ къыщIощ. Шыбзым и Iупэ щабэр гуапэу щехуэ дадэм и Iэ и нэIуасэхэм. – Ар зэрыхъуар мыпхуэдэущ. Бгым къетхухыжу аузым къыдэтхуэж шыбз гуартэм нэмыцэ джаурхэм бомбэ къыхадзэ. Хуарэ и пащхьэм зы бомбэ къыщоуэри и шым и нэкIум мафIэ бзийр щIольыдэ. И нитIри къоткIукI... Ауэ нэхъ лъхуэн-пIэныфI уигъэлъыхъуэну зэрышыбз дэгъуэу къызэтонэ. АрщхьэкIэ мы гъэр хуэмыугъурлыуэ къыщIэкIат. И шыщIэр фIэкIуэдащ. Жэщи махуи магъри кIэрытщ. И къуэм йожьэ. Ар ауэ сытми шыбз!.. Ар ауэ сытми Iэщ губзыгъэ!..

Зауэм и пэкIэ Хуарэ зоотехникым и уанэшу щытащ. Зоотехникым и унэр шыбзыхъуэ пщыIэм километритI хъункIэ пэжыжьэт. ПщэдджыжькIэ шыхъуэхэм Хуарэ уанэ тралъхьэрти уанэгу нэщIу яутIыпщырт. Шыр зоотехникым и куэбжэпэм кIуэрти щытт лIыр унэм къыщIэкIыху ежьэу. ПщыхьэщхьэкIэ екIуэлIэжа нэужь, зоотехникыр къепсыхырт: «КIуэж иджы»,– жиIэрти Хуарэ иутIыпщыжырт. ЗыщIыпIэкIэ димыдзыхыу шыр пщыIэм къэкIуэжырт.

Нэф щыхъум, шыбзыр Ставропольскэ крайм щыщ колхоз гуэрым иращэ. Трактор бригадэм псы кърыхуашэу зыкъомрэ щыIащ. Ар щыщIатIыкIыр зэзэмызэххэт. Жэщ гуэрым хъуэкIуэну яутIытщ. Шыбз нэфыр щIэпхъуэжыну хэт игу къэкIынт? Пщэдджыжьым бгъуэтмэ, къащтэ. Хьэм ишхащ жаIэнути, и къупщхьэлъапщхьэ е лъы лъэужь къэнэн хуейтэкъэ? Лъыхъуахэщ – ягъуэтакъым. Ядыгъуауэ ращ – абы треубыдэ псы къыдэзыш лIыжьым. Апхуэдиз къуакIэбгык Iэр, губгъуэр, къуажэр къызэпиупщIу шыбз нэфыр къызэрыкIуэжар яфIэтелъыджэт псоми. Километр щищым щIигъу гъуэгуанэр шыбз нэфым махуэ дапщэкIэ къызэпичыжыфами тхьэм ещIэ, ауэ фэ фыкъысхуэмеижми, сэ фызужэгъужакъым, фи мэкъу сыутэркъым, фи мэш сыутэркъым, си гугъу къэвмыщI, жыхуиIэу Хуарэ шыбзыхъуэ пщыIэм къытехьэжащ. И ныбэр иуэжауэ, и цыр зэкIэрыпщIэжауэ, и лъэм ерагъыу яIыгъыж къудейуэ мо унэжь цIыкIум деж къэувыжащ.

Абы лей епхыу дауэ алыхьым уигъэкIуэн, тхьэм къыт-

хуигъэгъу, жаIэри шыбзыхъуэхэм тобэ къахьыж. Бом щIаубы-дэжри ягъашхэурэ зыкърагъэужьыжу щIадзащ. Зэзэмызэ хьэм-кIэшыгум щIащIэрти гъуэмылашэ, мэз ирикIуэхэрт. Шым сыхабжэжащ жиIэу абы щыгуфIыкIыу ара нэхъей, Хуарэ псынщIэ дыдэу зыкъиужьыжащ.

НэгъуэщI зыгуэрхэри зэрыхузэфIэкIыныр мыгувэу къигъэлъэгъуащ: шыщIэхъу дэгъуэ къилъхуащ. ШыщIэ дахэ цIыкIур псоми фIыуэ ялъагъурт, IэрыпIу кърашэкIырт. Ауэ махуэ гуэрым и унэхъугъуэр къокI: мо шыщIэ делэ цIыкIум шыудзым хэлъу ешх хьэнтIропIэ удз щхъухьым и тхьэмпэхэр. И насыпыншагъэти, а махуэм пщыIэм зыри тестэкъым. Щхъухь зышха Iэщ тхьэмыщкIэ цIыкIур лъэкъуауэ-пIэтIауэу, щIыр фIалъэкIэ кърихтхъуу лIащ. Мыгъуэр зи мыгъуа анэ нэф тхьэмыщкIэри гъуэгырт, хуэму щыщырт, цIыху щхьэкIэ джэрт, лъаIуэрт. И анэм и быдзышэ Iухуамэ, шыщIэр къелынкIэ хъунт, ауэ къэтэджыну хузэфIэкIыжакъым. Пщыхьэщхьэм шыбзыхъуэхэм къыщагъэзэжам, шыщIэр псэхэлIэу щылът...

Абы лъандэрэ Хуарэ гуфIэгъуи пыIэгъуи иIэжкъым...

– Е мыхъу фIы хъужыркъым, жи. А тхьэмыщкIагъэм и ужькIэ ди щIалэр хъупIэм йохьэри зы удз щхъухь къимыгъанэу кърефыщIыкI, – жиIэу къопсалъэ Батырбэч, абыкIэ Нартшу игу фIы ищIыжын и гугъэу. – Пэжщ, щIалэм бзаджагъэ тIэкIуи хилъ-хьат а Iуэхум.

Литр ныкъуэ зэрыхуэ птулъкIэхэм псы ярыз ищIщ, абы аркъэ абджитI-щы хуэдиз хигъэувэжщ, а псори хъуржын зэпедзэкIитIым иригъэувэщ, ар шыплIэм дилъхьэжри Уэрыш Айтэч гъуэгу техьащ. ХьэнтIропIэ удз щхъухьым щыщи гъэгъуарэ зэкIуэцIыпхэжауэ уанэ къуапэм фIэдзат. Адэ нэхъ ищхьэ дыдэмкIэ щыIэ шыбзыхъуэ пщыIэхэм нэс макIуэ. АбыкIэ къыщыщIидзэну арат. И адэ дыдэми къригъэщ Iатэкъым Айтэч щIежьар. Абы и мурадт шыщIэ цIык Iур зыгъэлIа, нэгъуэщI Iэджи зыгъэлIэнкIэ хъуну удз щхъухьым лъапсэрыхыр къыхуигъэкIуэну. Шыбз нэфым гуауэшхуэ къызэрытепсыхам щхьэкIэ абы езыми зигъэкъуэншэжырт. Псом хуэмыдэу ар къэзыгъэдзыхэу и пIэм къизышыр Хуарэ и нэпсышхуэхэрт.

Бгыщхьэ лъагэхэм хьэщIэр лъапIэ дыдэ щыхъурт: абы щыпсэу шыбзыхъуэхэм цIыху щалъагъур зэзэмызэт.

– Еблагъэ, Айтэч! Мыр сытым укъытхуихьа? – щIалэр гуапэу ирагъэблагъэ пщыIэхэм тес шыбзыхъуэхэм.

– Фи благъэ куэд ухъу! Сынеблагъэуи зызгъэгувэ хъунукъым. СопIащIэ. Арыншами, Нартцанэ сыщыгуващ, – жиIэрт Айтэч Iейуэ пIащIэу фэ зытригъауэурэ.

Ауэ дэтхэнэ пщыIэми къыщыувыIэрт, абы щыгъуи жиIэрт пщIэ лей язэрыхуищIым къыхэкIыу яхуеблэгъауэ, армыхъуамэ нэгъуэщI зыщIыпIи щемыпсыхауэ. Шыбзыхъуэхэм сыт щыгъуи зи гугъу ящIыр зыт: шы, шыщIэ, хакIуэ. Ауэ Айтэч зытепсэ-

лъыхьын езым иIэжт. Сэ фхуэсIуэтар нэгъуэщIым къевмыгъэ-щIэну сыкъэвгъэгугъэ жиIэрти лъаIуэрт. Ар псоми къащIэмэ, ди Iыхьэр мащIэ хъунщ, жиIэрт. Моуэ Iуэхум щымыщ хуэдэу адрес гуэрхэр (дауи, ахэр езым къигупсысауэ арат) къриб-жэкIырт.

Айтэч и псалъэр зытриухуэр мырат: Нартцанэ хьэнтIропIэ удзыр гъэгъуауэ щыIах, хущхъуэ хэлъу аращ жаIэр. Удзыр лъапсейуэ ящэху, ахъшэ ухуэмейрэ – аркъэ, спирт къеIыпх мэхъу. Фи фIэщ мыхъумэ, мис, жиIэрти и хъуржын зэпедзэкIым ит птулъкIэхэм я щхьэхэр къигъэлъагъуэрт.

– Мы удз гъэгъуа IэплIэри сыт-тIэ? – уанэ къуапэм зэкIуэ-цIыпхауэ кIэрыщIа удзым еплъырт шыбзыхъуэхэр.

– Зи лъабжьэр пымыту къисчауэ схьар сIамыхауэ къызо-хьыж. Лъабжьэри зэрыпыту къичауэ гъэгъун хуейщ. Хущхъуэр зыхэлъыр и лъабжьэращ, жаIэ. Уделэмэ, Iуэхушхуэкъэ, сыпIа-щIэри лъабжьэншэу къисчати... – и напIэ мыхуадэу пцIы иуп-сырт Айтэч. Зэхахыр зэрагъэщIэгъуэн ящIэртэкъым шыбзы-хъуэхэм. Зи фIэщ мыхъу къахэкIмэ, птулъкIащхьэр Iуихырти ткIуэпс зырыз-тIурытI иригъэIубхэрт. Удз хущхъуэр зыхуэдэр быдэу яригъэлъагъурт, я бзэм хуитыжынухэу аргуэру зэ я тхьэкIумэхэр яхуиIуэнтIэжырти, Айтэч адэкIэ и гъуэгу техьэжт. Ар зэрежьэжарауэ, шыбзыхъуэхэр – хэт бел, хэти джыдэ иIы-гъыу, къамэ къэзыщтаи яхэту – зэбгрыжырти хьэнтIропIэм и анэр хуагъагъырт. Зы тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ зы удз... щхъухь тхьэмпэ къыданакъым шыбзыхъуэ пщыIэхэр зыдэт аузым. Удз «хущхъуэр» зэхуэзыхьэсурэ зыгъэгъуахэр Айтэч къыщыкIуэ-нум пэплъэу зэхэсхэт. «Си шым удз гъэгъуа IэплIэхэр кIэры-щIауэ, тхьэмахуэ дэкIмэ, фи деж сыкъытехьэнщи, фыхуеймэ, сэ фыздэсшэнщ. Фэ фыкIуэмэ, зыгуэркIэ фыкъагъэпцIэнкIэ мэхъу. Фыхьэзыру фыкъызэжьи нэхъыфIщ», – яжриIэурэ псори къигъэгугъат Айтэч.

## 3. ШЫБЗЫХЪУЭХЭР

Айтэч и бзаджагъэм теухуа хъыбарым едаIуэ хьэщIэм и ныбафэр IитIкIэ иIыгъыу дыхьэшхырт. Зызыхуэмыубыды-жыххэр Нартшут.

Батырбэч фызышэ Iуэхум тохьэж.

– Дехыжын хуейщ. ДызэгурыIуа-тIэ, Дотий. УнакIуэрэ?

– Дауэ тщIыну, шыщхьэхъумэ? ДыкIуэн фызышэм?

«ДыкIуэн хэлъ абы?» – жиIэ хуэдэт Нартшу и плъэкIэм. Пэжщ, хьэгъуэлIыгъуэм IэнэщIу укIуэ зэрымыхъунум йо-гупсысри мэукIытэж. ТехьэпщIэ умыIыгъыу нысащIэр уагъэ-лъагъурэ?..

– УзэрегуакIуэщ. Сэ си Iуэхур шыхэращи...
– Уэ ущыарэзыкIэ, сэ сыт жысIэжын-тIэ? ДокIуэ!

Зэрамыгугъауэ хъурт Iуэхур. Уэрышым зригъэпща «фIэрыукIэм щхьэпрыбэкъукIырт» фызышэр. Хабзэм ипкъ иткIэ хьэщIэр кърипгъэблэгъауэ арати... ХьэщIэр ауэ сытми мыхьэщIэ къызэрыгуэкIыу къыщIокI. Апхуэдэу щыхъуакIэ, иджы Iэмал имыIэу, Чорэри къегъэблэгъэн хуейщ. Iуэхушхуэракъэ – дэнэ ар къыздипхыжынур? Шыбзыхъуэ пщыIэм къэкIуэну жиIати – къэкIуакъым. Къыумыгъэблагъэщи, игъащIэ псокIэ уи биинщ.

Уэрышымрэ Къуэшрокъуэмрэ шэщхэр къаплъыхьыну йожьэхэр. Колхозым щIымахуэм мыбзаджэу зыхуигъэхьэзыра хуэдэщ. ЛIитIым хуэмурэ къакIухь. Батырбэч фызышэ Iуэхум псори щхьэ щIыбым дригъэдзэжащи, и пкъыр мыбдеж щыIэ щхьэкIэ, и псэр къуажэм, я унэм щызожэ. Къуажэм зыгуэр игъэжэнути, хэт игъэжэн? Цыхъумэ фIэкI тескъым пщыIэ псом.

– Хьэ къарэ вейм улъыхъуэмэ, лъапIэ мэхъу жьыхуаIэу, ЩIыбырыуэ къызэрыкъуэмыху иджыпсту...– игукIэ зэгупсысар имыщIэххэу къыжьэдоху Уэрышым.

– Абы къибгъэкIыр, зи гугъу пщIыр сыт?

Батырбэч, укIытэжри, и псалъэр щIилъэфыжыну хуежьат, ауэ пэжыр хущIэхъумэркъым.

– АдыгэбзэкIэ «щIыбырыуэ» жиIэмэ, «нэгъуэщIым и щIыба-гъым дэту псэу, къыдэукI» жиIэу къокI. Япэ итым и къуэдзэ зэпыту, абы и щIыбагъым дэту и дунейр ихьу...

– СощIэ, сощIэ, щыIэщ апхуэдэ псалъэ. Ауэ зи гугъу пщIыр...

– Чорэращ. Псоми я щIыбагъ къыдэту – уи япэми, уи етIуанэми, уи ещанэ секретарми я къуагъ къуэту, псоми я цIэкIэ а зыр псэууэ аращ. Алыхьыр закъуэщ, жыхуаIэм хуэдэщ...

– А зи гугъу пщIым «ЩIыбырыуэкъым» зэреджэн хуейр, атIэ «Пэрытщ». ЩIыбагъымкIэ къыдэт щхьэкIэ, къызэрыщIэкIымкIэ, ар япэкIэ маплъэ. «Жыжьэрыплъэт» абы морякхэр къызэреджэнур. Апхуэдэ уимыIэмэ, тенджызым утегъуэщыхьу кхъухь тедзапIэр къыпхуэмыгъуэтыжынкIэ мэхъу.

Батырбэч хогупсысыхь: и чэзу мыхъуауэ пIэрэ Чорэр зищIысыр, абы сэ дэсщIэр къэсIуэтэну? Райисполкомым и председателым теухуауэ куэдым щыгъуазэт ар. ИтIани, йогупсысыжри, игу къэкIар лъэныкъуэкIэ трегъэкIуэтыж: сэри «сыщIыбырыуэу», сыкъыдэукIыу къыф IэщIынкIэ мэхъу Къуэшрокъуэм.

– ЩIалэщ ар иджыри. УнафэщI щIалэщ жыхуэсIэу аращ. ЗэрыжаIэщи, Iэзагъри лэжьыгъэм къыдокIуэ. Ауэ мыр... мыст хэпхъуэIуэщ. Приказрэ урарэщ и Iуэхур. ЖыпIэнуракъэ – генералщ. Унафэ ищIынщи, ухуеймэ, щIым щIэпщхьэ, ауэ гъэзащIэ. Аращи, догъэзащIэ...

– Къулыр дауэ къыхущыт абы? И телъхьэу щыт?

Уэрышыр дыкъуакъуэу къопсалъэ:

– Абы зыри хэсщIыкIыркъым. Ар си деж къэмыс дыгъэпсщ.

Си щхьэц налъэ бзуми здынамыхьэсыфын лъагапIэщ ар сэркIэ, –т IэкIу мэгупсысэри адэкIэ пещэ. – Зыри щыжимыIэкIэ, гурыIуэгъуэщ, и телъхьэу аращ къик Iыр. Аракъэ? ЛъагапIэм тетым нэхъыфIу елъагъу, жи. Къулым къилъагъуркъэ Чорэр? Пэжщ, Iуэхур зыIут псоми щымыгъуэзэнкIэ мэхъу...

– Апхуэдэу щытмэ нэхъыфIт. Ауэ сэ нэхъ сфIэзахуэщ: езы унафэщIри щыгъуазэу къыщIэкIынщ абы, жысIэу зызущэхуауэ сыщымысу, Iуэхум сэри сызэреплъыр унафэщIым жесIэныр. УнафэщIу бгъэувар зищIысыр умыщIэныр икIагъэщ, ауэ нэхъ икIагъэжщ абы зыкъебгъэгъапцIэу, абы и пшынэм укъыдэфэу, уэ уунафэщIышхуэу зыплъытэжыныр, – жеIэ Къуэшрокъуэм, асыхьэтуи и псалъэр нэгъуэщ Iым треIуэнт Iэж.– Уи гъунэгъухэри къебгъэблэгъакъэ-тIэ?

– УзыщIэупщIэр сыт хуэдэ гъунэгъухэра?

– Уи гъунэгъу цIыхубзхэрщ жыхуэсIэр, – къыпогуфIыкI Дотий, зыгуэрым и Iуэху зесхуэу къыщыхъуу гурыщхъуэ къысхуищIыну пIэрэ, жыхуиIэу мэукIытэж. – Уи председателэгъур – Къэзэнокъуэ Апчарэ? Хъыджэбз хъарзынэщ. Жьы щIэтщ. ЛIыгъэ хэлъщ. Уи пIэм ситамэ, абы и ныбжьэгъури къезгъэблэгъэнт. Ари къыпхуик Iуэтынукъым. Арыншамэ чырбыш заводым и директору ягъэувынт ар?

Батырбэчи, пэкIэ псы ефэртэкъыми, къыгуроIуэ апхуэдэ цIыхубзхэм уи хьэгъуэлIыгъуэр зэрагъэдэхэнури ахэр кърихьэлIэмэ, хьэщIэм зэримыжагъуэри.

– Сигу къэкIакъым ар. Си щыуагъэр згъэзэкIуэжынщ. Дынэсыжмэ, Чорэм дежи а цIыхубз хъарзынэхэм я дежи згъэкIуэнщи кърезгъэджэнщ. ЗэрыхъуIамэ, хъунщ! ХьэгъуэлIыгъуэщи-хьэгъуэлIыгъуэщ. МафIэ цIыкIу сщIын си гугъати, ирырехъу маф Iэшхуэ. Дыкъеджэнщ нэхъыбэ Iуэм. Уэрышхэ дылъэпкъышхуэщ, емыкIу къэтхьынкъым. Iуэхур зыхуей хуагъэзэнщ.

– Си мыIуэху зесхуамэ, емыкIу къысхуумыщ I...

– ХьэщIэм и мыIуэху зэрихуэркъым. Абы жиIэр – хабзэщ. Сэ Iуэхур сымыгъэвуущэну сыпылъауэ арат. ХьэщIэр нэхъыбэхукIэ джэгур нэхъ кIыхь мэхъу. ХьэгъуэлIыгъуэ ехьэжьа щащI зэманкъым иджыпсту, жысIэри арати... цIыхум сэ сраIуэхукъым, я щхьэ я лажьэжщ. Сэ а зы къуэм ф IэкI сызэримыIэр псоми тэмэму къагурымыIуэнкIэ мэхъу. «Председателым и щэр и ныбэ ихуэжыркъым» – жа Iэу урахьэжьэмэ... мэкъумэш артелым и уставыр с Iыгъыу псалъэ быдэ стауэ щытащ сэ езым.

– Абы щыгъуэ ухуейкъым-тIэ, – игу илъыр жеI э Дотий.

– Сэри пщIэшхуэ хузощ I Апчарэ. Iуэхум фIыуэ хещIыкI. Илъэс тIощIрэ тIурэ фIэкI и мыныбжьрэ пэт, и акъылкIэ и анэм ещхь хъужащ. Ауэ Чорэм теплъэ хъуркъым ар. И ныбжьэгъурщи – нэхъеижщ. НэкIэ зэрызгъэшхыну сыт щхьэкIэ къызэхуэсшэсын хуей ахэр? Абыхэм я псэр зы чысэм иплъхьэ хъунукъым,

иплъхьэми, зэригъэпсэухьынукъым.

Псалъэр зэпагъэун хуей хъуащ. ЯпэщIыкIэ шы лъэ макъхэр къоIу, итIанэ, хакIуэ бэлыхь япэ иту, шыбз гуартэр къеуэкIыпIэм къызэрыкъуох. ХакIуэр щIэджэгухь-щIэущыхьу, и щхьэ и пщIэ ищIэжу къакIуэрт. Абы и ужь итт шыщI эхэр зыщIэс шыбзхэр.

Къуэшрокъуэ Дотий и пIэм ижыхьащ. Апхуэдэ хакIуэпщIит I-щы иIамэ, дзэм щхьэкIэ сыт хуэдэ уанэшхэр игъэхьэзырынт абы?.. Шыбз гуартэм къыкIэлъыущырт Батырбэч и къуэр, район псом и шыбзыхъуэ нэхъыфI дыдэ Уэрыш Айтэч.

Шы лъэ макъхэр щызэхихым, Хуарэ нэф и щхьэр иI этащ. Шыщ Iэ щхьэ гъум цIыкIу гуэр къыбгъэдохьэ шыбз нэфым. Хуарэ псэкIэ зыхещIэ лъэбакъуит I-щыкIэ нэхъ къыпэмыжыжьэу шыщIэ зэрыщытыр. Абы бгъэдокIуатэ, зыщIигъэфыну и мураду. АрщхьэкIэ шыщIэм илъагъуртэкъэ емылъэIу щIыхьэхуу къыхуэупсэр езым и анэр зэрыармырар? ТепкIэ-теуэщ, и пэхъур игъэфийри, щIэпхъуэжащ.

ШыщIэ бэлыхь къащIэхъуат мыгъэрей шыбз гуартэм. Псори хъупхъэ защI эт. Я ныбэ зэризыр, зэрыузыншэхэр фэуэ ятету, мыщафэ цIыкIу хъужхэу, я нэхэр пхъэгулъ хъуам ещхьу къилыдыкIхэу... Языныкъуэхэр хьэщIэм къыбгъэдыхьэрти къызэпа-плъыхьырт. Я щхьэфэ Iэ дилъэн мурадкIэ Дотий зэрызигъэ-хъейуэ, шыщIэхэр макIуэ-мэлъей, я анэхэм зыхуадзыжырт. Цыхъумэ шыщIэхэр бо щхьэхуэм щI ихуэрт, ахэр шыбзхэм ямып IытIын папщ Iэ.

ЩIакIуэ фIыцIэ зыщыгъ, бащлъыкъ хужь зыдэлъ езы шыбзыхъуэри къос.

– Шыбз тIощIрэ блырэ хъууэ аращ шыбзыхъуэ пщыIэ псом тетыр, – нэщхъейуэ къопсалъэ Батырбэч. – Зауэм и пэкIэ полк псо тхуэмыгъэшэсми, эскадронит I яхурикъун уанэш диIат. Ахэр ауэ сытми къызэрыгуэкI шы телъыджэхэт езыхэр!

– Шы дапщэ Iисраф хъуа?– щIоупщIэ хьэщIэр, абы зэхихат республикэм Iэщ куэд зэрыфI экIуэдар. Шу дивизэм и уанэш къомыр зэрыхэкIуэда щIыкIэм псом нэхърэ нэхъыфIу езыр щыгъуазэт. Абы и гугъу ищIыну гукъыдэж лъэпкъи иIэтэкъым.

– Пленумым зэрыщыжаIамкIэ, шы мин плI ыщIрэ тхурэ.

– Шууей армэ псо мэхъу.

И щIакIуэ-бащлъыкъыр Хуарэ зэпха пхъэлъантхъуэм фIедзэри, Айтэч, хабзэ хэлъу, хьэщIэм къыбгъэдохьэ. Сэлам кърех.

– Сыту и чэзу дыдэу укърихьэлIат! ХьэщIапIэ укIуэну нобэ нэхъ махуэфIи дэнэ къипхынт! – къыпогуфIыкI Айтэч. Ар щIалэ щхьэпэлъагэщ, зэкIужщ, псынщIэщ. Жьымрэ дыгъэмрэ япхъэха и нэгум нэ фIыцIитIыр къытоцIыщхъукI.

– Уи адэмрэ сэрэ дегупсысу аращ: фызышэ хьэгъуэлIыгъуэм дыкIуэн хьэмэрэ дымыкIуэн, жыт Iэу. Уэ дауэ къыпщыхъурэ? – мэгушыIэ Дотий.

– Уэлэхьи, уи лэнейкIэ шэрхъыр зэ къемыкIэрэхъуэкI ын,

нобэ ди деж унемыблагъэмэ. Хабзэм уебакъуэу апхуэдэ емыкIу пщIэ хъун, зиунагъуэрэ? ЛIо, ди адэ, уэ зыри жыпIэркъыми?

Батырбэч и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI.

– Сэ унэм сохыж. Сэлам уэсхыжыркъым, Дотий. Тхьэм жиIэмэ, унэкIуэнщ ди деж, – и уанэшым зредзри щIопхъуэж. Абы кIэлъыплъурэ здэщытым, Къуэшрокъуэм игу къокIыж и щIалэгъуар, и зэманыгъуар, хьэгъуэлIыгъуэхэм деж ирагъэкIуэкIыу щыта шыгъажэхэм зэрыхэтар, шууей отрядым и командиру зэрыщытар.

Шыгъажэм хэту здэжэм, – ар ауэ сытми жэрэт? Километр хыщI – хыщIрэ тхурэ иж хъунт зы сыхьэтым, – имылъагъу щыIэтэкъым, къыпеуэхэми я жэкIэм кIэлъыплъырт. Зэгуэрым мырат къыщыщIар Дотий: шым апхуэдизкIэ псынщIащэу зричати, моуэ зы напIэдэхьеигъуэ хъункIэ бэлэрыгъа шууейр къолъэтэх. Ауэ абы щхьэкIэ шыгъажэр ягъэувыIэркъым. Дотий зытеса хакIуэри къэувыIэркъым – шыгъажэм яхэту мажэ. Зэдэжэхэм япэ иту макIуэ. Шууейр и бгым исами зэрищIыну щыта дыдэм хуэдэу, хакIуэм и къарур езым зэпелъытыжри псоми япэ иту къожэкI.

Апхуэдэхэм куэдрэ уащрихьэлIэнутэкъым шы гъэжапIэхэм. ХакIуэм ищIэжырт зэрыспортсменыр, зэпеуэм бжьыпэр щыу-быдын зэрыхуейр. Абыи фIэфIт пщIэ къыхуащIу яIэтыну, езым и щIыхькIэ Iэгуауэ, музыкэ макъхэр ягъэвууну, трибунэхэм тесхэр зэрызехьэну. А хакIуэм ирамыгъэшхрэ ар зрамыгъафэрэ сыт щыIэт: шэ, овес, джэдыкIэ, фоупс, языныкъуэхэм дежи – шагъыр гъущэ. Зи Iэпкълъэпкъым егъэлеяуэ хуэсакъыж Дотий и хакIуэм и шхэкIэм ехъуапсэрт.

Зауэр къыщыхъеям Къуэшрокъуэр милицэм и лэжьакIуэт. Абы и пщэм къалэныщIэ къыдалъхьэ: зауэм дэкIыну частхэр къызэрегъэпэщ. Езыр щыдэкIым, сэлам зрихыжыну псом япэ здэкIуар шэщым щIэт и шым дежщ, бандитхэм я шэхэм мащIэрэ кърригъэлатэкъым ар шым, абы и ужькIэ и Iыхьлыхэм сэлам ярехыжри...

– Дежьэжрэ? – Къуэшрокъуэм и гукъэкIыжхэр зэпеуд Уэрыщым.

– НтIэ. Неуэ-тIэ.

ЛэнейкIэр аузым долъэдэж.

*Еблanэ псалъащхьэ*

## 1.ЩАУЭНШЭ НЫСАШЭ

Къуэшрокъуэм и гугъам хуэмыдизу, цIыхушхуэ къекIуэлIат Уэрышхэ я фызышэм. Хэт пхъэ икъутэрт, хэти гуэщым мафIэ щищIауэ шыуанышхуэр тригъэувэрт, хэти мэл зэIихырт. ЛIыхэм Iэпыдзлъэпыдз яхуэхъурт щIалэ цIыкIухэр: псы къахьырт, кIуэцIфэцIыр ятхьэщIырт, жьэнфэныр зэхагъэщхьэхукIырт. Кхъуэщынышхьэ унэшхуэм цIыхубзхэр щызэрызехьэрт. Зи бжэри зи щхьэгъубжэри зэIуха пщэфIапIэм бахъэри лыгъуэлыбжьэмейри къыщIихырт. «СыкъэкIуэн хуеякъым, – щIегъуэ-жауэ и щхьэр ириудэкIыжырт уполномоченнэм,– хьэщIапIэ сыкъагъэкIуат сэ, IуэхукIэ сыкърагъэжьауэ арат».

Пшапэр зэхэуэрт, бгыхэри, жыгхэри, унэхэри кIыфIыгъэм хэкIуадэу хуежьат. Иджыпсту Къуэшрокъуэм и щхьэм илъыр бысымырт. ЗэрыIуплъэу игу ирихьат абы Батырбэч, гу къабзэ, псэ къабзэт, нехьэкI-къехьэкI хэльтэкъым. Чорэм гущыкI дыдэ хуищIыпат. Райисполкомым и председателым ехьэлIауэ зэхихауэ хъуам къыхихар зыт: цIыхум фIыуэ ялъагъум хуэдэкъым ар. Комиссарыр есатэкъым игу илъ ибзыщIу.

Ауэ Къуэшрокъуэр хущIегъуэжыртэкъым Чопракъ районым къызэрыкIуам. «Нэхъ район жыжьэ дыдэм сывгъакIуэ», – жриIат абы Къулым. АтIэми, мы щIыпIэхэр епхат Дотий и зэуакIуэгъу – ныбжъэгъу Локотош и гъащIэм. ШэмкIи лымкIи районым и планыр дэгъуэу игъэзащIэу гъавэ бэви кърахьэлIэну тхьэм жиIэ. Гуапэкъэ уздагъэкIуа щIыпIэм Iуэхур дэгъуэу зэры-щызэфIэкIар узыгъэкIуахэм яжепIэжыныр, уэри къызэрыпщы-гугъахэу укъыщIэкIауэ укъалъытэныр. Дауэ щытми, Iуэху джэгукъым ар къызытекIухьар. Ар зэрекIуэкIыну щIыкIэм куэд-кIэ елъытащ езы полковник дыдэм и Iуэхум адэкIэ зиукъуэ-дия зэрыхъунури. НэгъуэщI къулыкъу кърατыным и пэкIэ, шэч хэмылъу, абы и шыфэлIыфэм къыщIэупщIэнущ ГлавПУР-ыр. Абы щыгъуэ Къул Зулкъэрней итхынщ: и пщэ дэтлъхьа къалэныр игъэзэщIащ. Дотий и щхьэ щодыхьэшхыж: зэпымыууэ сызэгупсысыр аращ. ЩытхъукIэ сщIэнур ситу пIэрэ?

Хьэуэ, щытхъутэкъым ар зыхуейр – нэхъ псынщIэIуэу зауэм зэригъэзэжынт. Нартыхур хъарзынэщ, ауэ аратэкъым ар къызыхуигъэщIар…

Къуэшрокъуэм и гупсысэр къызэпеуд абы къыбгъэдыхьа Батырбэч.

– Фызышэхэр ежьа?– абы кърих щымыIэу щIоупщIэ Дотий. «Емыжьахэмэ, лэнейкIэри къэвгъэсэбэп» жыхуиIэу аращ. Япэхэм щыгъуэ нысащIэхэр фитоным ису, абы шу гъусэхэр щIыгъужу къашэу щытащ. Шу гъусэхэм ящыщ куэдым фочхэр, кIэрахъуэхэр япщIэхэдзат, мыдэ зыгуэр къатеуэнущ жыпIэнт. Къащытеуи щыIэт...

ЖиIэнур имыщIэу зрелъэфыхь Батырбэч.

– НысащIэр къызэрашэрэ куэд щIащ.
– Дауэ хъунт? Iуэхур псынщIэу зэфIигъэкIам щауэм!
– Щауэракъым – сэращ зэфIэзыгъэкIар.

Уэрышым жиIэну зыхуейр къыгурыIуакъым Дотий. Мывэ дэкIуеипIэмкIэ докIуейри абджыпсту кIэлыидорышхуэм щIохьэ Къуэшрокъуэр. Пэжщ, «абджыпсыр» цIэуэ къыхуэна мыхъумэ, кIэлындор щхьэгъубжэхэм абдж лъэпкъ хэлъыжккъым. Нэхъ хьэщIэ лъапIэ дыдэу ябжу, ар нэхъ пэш зэгъэпэща дыдэм щIашэ. Абы лIыжь зыбжанэ щIэст. Нэхъыжь дыдитIыр гъуэлъыпIэм исти, езыхэм гъуэлъыпIэ натIэхэм зратри, Дотий яку дагъэтIысхьэ. ДадитIым языр Цыхъумэт. Шыбз нэфым тесу ар мыбы къызэрыса щIыкIэр тхьэм ещIэ.

Куэд мыщIэу пэшым цIыхур щIэз къохъу. Ерыскъыр еуэ къахь, еуэ къахь. БгъуэщIэсхэм я Iэр увыIэркъым. Щхьэгъырытым псори зэрегъэзахуэ. Iэнэм темылъ щыIэкъым: джэд гъэва, ху пIастэ, лэкъум, джэдыкIэрыпщ, бжьыныху шыпс, кхъуей, хадэхэкI, пхъэщхьэмыщхьэ...

– Дауэщ жыпIат, Батырбэч, Iуэхур уэ зэрызэфIэбгъэкIар? – Дотии игу къокIыж нетIэ Уэрышым къыжриIар.

– НысащIэр сэращ, жызоIэ, къэзышар. ЩIалэр щыIэххакъым...

– Нобэщ япэ дыдэ апхуэдэ Iуэху сыщрихьэлIэр! – къыжраIар и фIэщ хъуркъым хьэщIэм. – Сэри сощIэ ипэкIэ щауэр фызышэ ягъакIуэу зэрыщымытар, ауэ ноби апхуэдэ хабзэ зекIуэу... Щауэр унэм щымыIэххэу и адэм физ къыхуишэу…

– Iуэхур аракъым. Iуэхур нысэфI къызэрыдгъуэтарщ. Захуэу ищIащ Батырбэч – апхуэдэ нысэ зыIэщIэбгъэкI хъунутэкъым, – къопсалъэ Цыхъумэ дадэ, нэхъ хьэщIэ лъапIэ дыдэм зэрыбгъэдэсыр и напщIэм телъу. – Батырбэч тIэкIу зиIэжьэжамэ, нобэ зи хьэгъуэлIыгъуэр дэратэкъым.

Пэшым къыщIохьэ къалэдэс щIыкIэу хуэпауэ зыгуэр. Гъуэншэдж лъэпахъуэ, емыкIущэ дыдэу кIэстум щыгъщ, пщэдэлъи дэлъщ, и щхьэм щхьэц Iэмбатэ телъщ, и нэ фIыцIэшхуитIыр топ хуэдэщ. ЕгъэджакIуэ хьэмэ дохутыр? Къуажэ курыт школым и директору къыщIокI. Къуэшрокъуэм и пащхьэм кърагъэтIысхьэ ар.

– Хьэуэ, Уэрышыр хабзэм текIын хуейщIэхъуар сыт? Щауэм и ныбжьэгъухэр, и Iыхьлыхэратэкъэ фызышэ кIуэн хуеяр?

– Хабзэ ищIэрэ абы? ФцIыхуркъым фэ иджыри Уэрышыр! – къопсалъэ школым и директорыр. – Абы унафэхэри зэригъэзащIэр и хабзэхэм хуэдэущ – творческэу бгъэдохьэ псоми. Арыншамэ колхозри къыхузэфIэгъэувэжынтэкъыми! Ди школ зэхэкъутауэ щытар псом япэ лъэкIэ къызэрыувыжар зи фIыгъэр хэт? Уэрышращ!..

– Ахэр хъарзынэт, ауэ...

– Хъунщ, хъун – нывжесIэнщ Iуэхур къызэрекIуэкIар. –

Батырбэч и пащIэм толъэщIыхь, езыми игу къегъэкIыж жыпIэнщ къызэрекIуэкIар. Ауэ абы щымыгъуазэ къуажэм дэстэкъым. Батырбэч хъыбарыр къеIуэтэж, ауэ абы, адрейхэм нэхърэ езыр нэхъыфI у зэрыщыгъуазэр къигъэлъэгъуэну хэту, дэтхэнэ зыми и псалъэ къыхедзэ. Апхуэдэурэ зэдауэу щIадзэ. Къыщолъэт-мэтIысыжхэр, зым и псалъэр адрейм I эпеуд. Уэрышыр мэлъаIуэ зэран къыхуэмыхъунхэу, ауэ абы и лъэ Iум къикI щыIэкъым. ИтIанэ Цыхъумэ къытреч:

– Ярэби, къуаншагъэр зыбгъэдэлъ езы Айтэч деупщIмэ мынэхъыфIу пIэрэ?

– Сыт абы и къуаншагъэр? Псори хуагъэныщкIури и жьэм жьэдалъхьащ. Фыз къыщыхуашам дэнэ ар здэщыIар?..

Абдеж адрей пэшым пшынэ макъ къыщ IoIукI. Фызышэр къызэщIэплъэу арат. Ефэ-ешхэхэр зыщIэс пэшым къыщIадзэ Нартшу. ЩIалэ цIыкIур къэуцIыплъащ, бауэбапщэщ, яфIокIуэтыж. Къуэшрокъуэм къыбгъурыс Цыхъумэ дадэ мыпIащIэурэ зыкъеIэтри и стэканыр къещтэ. Щхьэгъэрытым абы хурегъаахъуэ. Цыхъумэ бжьэр тепщэчым ирегъэувэ, абы джэдыл Iыхьэ ирелъхьэжри «шыщхьэхъумэм» зыхуегъазэ. Нартшу Iэдэбу япэкIэ мэбакъуэ, и щхьэр ирехьэхри хъуэхъум пэплъэу щытщ.

ЩIалэ цIыкIур фадэ ебгъафэ хъунукъым, жиIэри зыкъритIэу щI идзат Къуэшрокъуэм. АрщхьэкIэ абы и псалъэр щайуэ къридзакъым дадэм: «ХьэщIэ щ Iалэ щыI экъым. АтIэми, ар ди хьэщ Iэ лъап Iэм и шыщхьэхъумэщ». Псори игъэсабырри тхьэмадэм къригъэжьащ:

– ИпэкI э шууей Iэзэхэм шыщхьэхъумэу къыхахыу щытар хэтми пщIэрэ, щIалэфI? Зи гулъытэкIэ, зи хахуагъэкIэ, зи акъылкIэ псоми ефIэкI щIалэхэрат. Уэ уришыщхьэхъумэщ ди хьэщIэ лъапIэм, зи цIэри, зи щхьэри, зи IуэхущIафэхэри дахэ ди хьэщI эм. Абы ещхьрэ абы хуэфащэрэ ухъун тхьэм уищI, тIасэ. Гъэпэж ар.

Псоми яфIэзахуэщ ар.

– Тхьэм жиIэ!

– Iэмин!

– Дэдэхъухэ я лъэпкъым урикъупщхьэщ, тIасэ, уэ. ЦIыкIуу къамылъху ин хъуркъым. Ди гуапэ хъуащ узэрытлъэгъуар. Уи адэм и унэр лъахэфI итат, Нартшу. Ауэ дыгъэпсым гу щихуакъым абы. Уи адэм, уи анэм, уи шыпхъу цIыкIум къамыгъэщIар уэ къэбгъэщIэну тхьэуэ дыкъэзыгъэщI ам солъэIу, тI асэ. Уи лъэпкъым къупщхьэ быдэ, къуэпсышхуэ ухухъу, щI алэфI. Дэдэхъухэ я лъэпкъыр фIыкIэ зыгъэIуным ящыщ тхьэм уищI. Мы фадэбжьэр сIыхи ткIуэпс къыумынэу ефэ.

Псори сабыр хъуащ. Нартшу, лIы хуэдэу, IитIкIэ мэIэбэри къыхуашияр къыIех. Дэгъуэу зиIыгъщ. Ауэ и Iэхэр мэкIэзыз, фадэр стэкан бжьэпэм къыщхьэприутхыкI ыурэ ткIуэпсхэр и лъапэхэм, унэ лъэгум тоткIуэ.

– Жьыщхьэ махуэ ухъу, дадэ, – аращ хужыIэххэр. Фадэбжьэр и Iупэм хуехь, ауэ зы Iубыгъуэ зэрищIу псчэуэ щIедзэ. Щхьэ-гъэрытым псынщIэу фадэбжьэр ирегъэхъуэж. Хабзэм ипкъ иткIэ, фадэбжьэр къозытам изу етыжын хуейти – ари хъарзынэу зэфIигъэкIащ Нартшу. Джэдылыр иригъэмэрэкIуэхыу щIедзэ.

– УлIщ, Нартшу!– комиссарыр къыщотхъу абы. – Иджы Айтэч къытхуеджэ.

Нартшу щогуфIыкI хуит зэращIыжам. Ауэ апхуэдэ хъуэхъу къыплъагъэсын жыхуэпIэр!.. ИгъащIэ псокIэ узрикъун гуапагъэт ар. Балигъхэм захибжэ хъунущ иджы абыи. И пщэ къыдалъхьар игъэзэщIэну щIэжыжащ Нартшу. Куэд дэмыкIыу бжэщхьэIум къытохутэ Айтэч. Тхьэмадэм къыхуищIыну унафэм поплъэри сабырыбзэу бжэ къуагъым къуэтщ.

– Айтэч, си щIалэ цIык Iу! – гуапэу къопсалъэ Цыхъумэ дадэ. – Батырбэч и ныбжьэгъу ди хьэщIэ лъапIэр щIоупщIэ фыз къызэрыпша щIыкIэм и хъыбарым. Ар иджыри зыми щыгъуазэкъым. Сэ псори къызэрекIуэкIар сщ Iэ пэтми, уэлэхьи, си гуапэ дыдэу иджыри минрэ седэIуэнум.

– Уасэ ептарэ иумытарэ, пцIы умыупсу, къыджеIэт, – школым и директорыр къыпогуфIыкI. Къуэшрокъуэм гу лъетэ абы и нэ лъэныкъуэр зэрымэлынэм. ИкIи къыгуроIуэ, ар зауэм щIыщымыIам и щхьэусыгъуэр. – Ди нысэм и анэр сэ фIыуэ соцIыху, абы уасэншэу узэрызытримыгъэхьэнури сощIэ. ЖыIэт: епта?

– Дэнэ къыздизбгъэхынур? Сэ ахъшэ сиIэ?

– ЗанщIэу ди фIэщ мыхъуни ар! МелуанитIыр бгым щыщхьэпрыпхым уэ зы сом къыхыумыхауи... – мэгушыIэ школым и директорыр. Ар мыбы къыщыкIуам школым хэлъыж щыIэтэкъым. Къутахуэт къэнар. МазитIым къриубыдэу къанэ щымыIэу къуажэр зригъэщIыхуащ, сабийхэм еджапIэ яIэн щхьэкIэ лъэкI къигъэнакъым. Аслъэн гушыIэрейт, нэжэгужэт. Гуп хэбгъэсыну уасэ иIэтэкъым.

Айтэч и фыз къэшэкIэм ехьэлIауэ псоми зэпрадзыж хъыбарыр пэжт икIи гъэщIэгъуэнт.

Фашистхэр хэкум ирахужа нэужь пасэрей хабзэжьхэм щыщ зыкъом къэщIэрэщIэжауэ щытащ. Зауэм щIидзэным и пэкIэ унэидзыхьэ, уасэ жыхуэпIэхэм уащрихьэлIэр зэзэмызэххэт. Иджы зауэм иухъуэнщIа адэ-анэхэм уасэр къыдавыжати я пхъур ятын ядэртэкъым ахъшэншэу е былым къыщIамытауэ. Ауэ зауэм иухъуэнщIар пхъу зиIэхэм я закъуэтэкъым – къуэ зиIэхэми ящысхьатэкъым ар. Уасэу итын зимыIэ щауэм и хъыджэбзыр къигъэкIуасэу хуежьат.

Къуажэ библиотекэм щIэт Данизи яхьынкIэ шынагъуэ щыIэт. АтIэми ар хьыгъуей хъунутэкъым: бидаркэм тхылъхэр из ищIырти ферми губгъуи къимыгъанэу къик Iухьырт. Айтэчрэ абырэ зауэм щIидзэным и пэкIэ зэрыщIыхуауэ зэпылът. Батыр-

бэчи игу ирихьт и къуэм нэ зрища хъыджэбзыр. Зауэм щIедзэ. Батырбэчи Iуэхум епIэщIэкIыу хуожьэ: ноби-пщэдеи Айтэч фронтым щыкIуэнур. И къуэр щI эмысыжми, нысэр къахуэнэмэ... Ауэрэ, хэт ищIэрэ, къуэрылъху цIыкIуи ягъуэтри, лъэпкъ къуэпсым адэкIэ зедз. Ауэ фашистхэм республикэр яубыд. ГъащIэр и пIэм йоувыIыхь. Зэадэзэкъуэм я пщэ къалэнышхуэ къыдохуэ: банкым къина къэрал ахъшэр бийм Iэрыбгъэхьэ хъунукъым. Ахъшэ къэп зырызыр я плIэхэм ирагъэуфэракIэри зэадэзэкъуэр бгым щхьэпрокI. Апхуэдэ щIыкIэкIи къэрал мылъкур яхъумэ. Сыт хуэдиз шынагъуэ Iууахэми, Уэрыш зэадэзэкъуэм ахъшэр зыIэрыгъэхьэпхъэм Iэрагъэхьэжащ.

И къуэм япэ лэжьэн щIидзэжащ Батырбэч. Айтэч япэщIыкIэ партизанхэм ядэзэуащ. Фашистхэр лъахэм ирахужа нэужь, ар хагъэхьэ бандитхэр хэкум игъэкъэбзыкIыжыныр зи пщэ далъхьа отрядхэм. Къуршым иджыри зауэр щыувыIатэкъым. Бгыщхьэм зыщызыгъэпщкIуа бандитхэм Iэщэ-фащэхэр, ерыскъыр кхъухьлъатэкIэ къыхурадзыхырт гитлеровцхэм. Бийр щIэзыгъэ Iэ отрядхэм яхэту, Айтэч аргуэру куэдрэ щхьэдэхат къуршым: бандитхэм язынықъуэхэм Тырку лъэныкъуэмкIэ яунэтIырт.

Айтэч бгыщхьэхэм щызауэрт. Къуажэми и къуажэ Iуэху зэрихуэжырт. И адэр зауэм дэкIа нэужь, Данизэ библиотекэм къыщI окIыжри и анэ Мымэ джэдыхъуэу здэщыIэ фермэм макIуэ. Зэанэзэпхъур абы шхын щхьэкIэ щылIэнутэкъым: джэдыкIэ, джэд, бабыщ жыпIэми, ерыскъыншэ хъухэртэкъым.

Батырбэчи и «нысэр» зыщигъэгъупщэркъым. Зы мэл иукIа-къэ – хинырқъым. Бэзэрым щэкIыфI щыхуэзакъэ – блэкIыркъым. Псоми «нысэ Iыхьэ» хегъэкI – Данизэ щыгъупщэнкъым Айтэч.

Зэгуэрым езы Батырбэч и IэкIэ ду хъурей ещIри и «нысэм» и анэм хуешэ. Дур дэгъуэт, инт. Абы из нартыху яIэмэ, Мыми Данизи къелыжу яхурикъунт...

– Мыр лIо, Батырбэч? Уасэ папщIэу ара? Апхуэдэ зэдухылIауэ щытакъым дэ, – зыкъретIэ Мымэ. Ар, къурыкъум хуэдэу, гъурщ, фагъуэщ, пэ кIыхь къуаншэщ. Уэрышхэ благъагъэкIэ запищIэну хуеижтэкъым. Абы щхьэусыгъуэ иIэт. Батырбэчи и тхьэкIумэ зыгуэрхэр къицырхъати езыр зыхуейр иукъуэдийрт.

– Си нысэр згъэмэжэщIалIэу фэмрэ къупщхьэмрэ хуэзгъэкIуэнукъым.

– Абы уримыгузавэ уэ. Ар иджыри уи жьэгу пащхьэхъумэ хъуакIэкъым. Мэремыр къэмысу мэджджытым умыкIуэ, т Iум щыгъуи ефэндыр бгъуэтынукъым.

– Мэджджытым щIэкIуэхэр ефэндыр зрагъэлъагъуну аракъым, атIэ я нэмэз Iыхьэ ящIыну аращ. Сэ Данизэ си нэIэ тезгъэкIыркъым. ТезгъэкIи хъунукъым. Си къуэ къэслъхуам хуэдэу абыи сыхуэсакъын хуейщ. А гуфIэгъуэр уэ щIыстепхыни щыIэкъым ухуей-ухуэмейми, сыкъыфкIэлъыкIуэнущ, укъысф Iэнэу

щIэбдзэрэ – Данизэ ди унэ сшэжынущ. Щрырепсэуж ди деж.

Къулейсызыгъэм, узым яужьыгуа Мымэ гугъапIэрэ плъапIэу иIэр ипхъу нэхъыжь закъуэрт. Уасэншэу ар лIы пхуритынутэкъым. Ахъшэ, щыгъын, псэущхьэ гуэр къыIэрыхьэмэ, абы къуэпсэукIыну арат и гугъапIэр.

– Си пхъур уэ скIэщIэпшмэ, дэ сытщ жыпIа дызыкъуэпсэукIынур? – къогубжь Мымэ. И фэр нэхъри къызок Iуэк I. – Унэ блыниплIым сэ сеплъу, мыдрейхэр сэ къызэплъу сыкъыщIэбнэну ара?

– Фэри фынэIэпхъуэ ди деж. ФыщIэхуэнщ ди унэм. Дызэгъусэмэ, гуауэри нэхъ псынщIэ къытщыхъуу, гуфIэгъуэ диIэми, зэдэтIэту... Форэ тхъукIэ узгъэшхэнщ бжесIэу укъэзгъэгугъэркъым, ауэ шхын щхьэкIэ дылIэнкъым.

Данизэхэ я унэр къуажапщэм деж щытт. Батырбэч хъупIэм щыдэкIкIэ е къыщехыжкIэ, Iэмал имыIэу, абыхэ деж дыхьэрт, зыгуэр яхуихьырт. Мымэ алъандэм зимыхъунщIэу къыIихат Батырбэч къахуихьхэр. «Нэхъыбэу тхьэм къыпхилъхьэж», – жиIэрт. Ауэ иджы Iуэхум зихъуэжауэ къыщIэкIат: Данизэ куэд щIауэ къыпылъ гуэрым и щхьэр къыкъуигъэжыжат. Айтэч къэт щIыкIэ Iуэхум епIэщIэкIыу хъыджэбзыр зыIэригъэхьэну мурад ищIат. «Ар дауэ хъунт? – Батырбэч и фIэщ хъуакъым абы и хъыбарыр и тхьэкIумэ къыщиIуам. – Данизэ быдэу жиIауэ щытащ зауэр иухыху апхуэдэ Iуэху хэмыхьэну. Айтэч яукIауэ хъыбар къысIэрыхьэми, си фIэщ хъункъым Данизэ иджыпсту апхуэдэ Iуэху хыхьэну», – жиIэрт Уэрышым.

Агроном Iэшэр зауэм и пэкIэ зы хъыджэбз епсэлъэфатэкъым – псоми IупщIэ къыхуащ Iу кърагъэсыкIынкIэ шынат. Иджы хъыджэбзыр машIэмэ, нысащIэ къагъафэри, хъыджэбзыр куэдмэ, нэхъ дахэр къыхах, жыхуаIэу, I эшэм и Iуэхур къекIэрэхъуэкIат: цIыхухъур машIэ хъуат. Зыри здэщымыIэм сранэхъыфIщ, жыхуиIэу Данизэ деж лъыхъу игъэкI уащ.

Мымэ къытрагъэхьащ: дрырекIуэ Данизэ агрономым. ПыIэ зыщхьэрыгъ гъунэгъу къахуэхъумэ, тхьэмыщкIагъэр ящхьэщихынщ. Нэмыцэхэм къагъэзэжыну тхьэм имыухкIэ, ауэ, хэт ищIэрэ, зыгуэркIэ къагъэзэж хъужыкъуэмэ, тIум щыгъуи Айтэч упыкIащ, абы ирихьэлIэу ямыукIыу, ныкъуэдыкъуэ ямыщIу щытми. Арат Мымэ псоми яжри Iэр.

Уэрышым гузэвэгъуэ щIыIэр телът. НКВД-м и лэжьакIуэ Бахъуэм деж к Iуэрти еупщIырт: Айтэч щI эх къагъэкIуэжыну пIэрэ лъагъунлъагъу? Модрейм, «сщIэркъым» жыхуиIэу, и дамащхьэхэр дригъэуейрт. Бандитизмэм кIэ еттмэ, отрядыр казармэхэм къекIуэлIэжынущи, деплъынкъэ, жиIэрт. Батырбэч зытет щIыр илъагъужыртэкъым.

– Уэрыш лъэпкъыр есакъым нэгъуэщIхэм я шы лъэгум къыщIэхуа ятIэр езыхэм я шыпэм къытехуэу. Ди Iыхьэ нэгъуэщIым едгъэшхыркъыми, нэгъуэщI ым я Iыхьи дыщыгугъыр-

къым,– жриIэрт Батырбэч и щхьэгъусэм. – «Ди нысэщ» жытIэри тетIуащи, ди ныси хъун хуейщ Данизэ.

– Алыхьырщ абы хуитыр,– щатэрт Батырбэч и щхьэгъусэр. Абы динри цIыхури и фIэщ хъурт, иджыпсту гурыф Iэгъуэу и Iэжыр пщIыхьэпIэхэрат: арат и щIалэ закъуэр щилъагъуу къыхуэнэжар. КъызэрызэфIэувэу я гъунэгъу джэшыдзым деж екIуэкIырт. Айтэч къигъэзэж закъуэмэ, ар Данизэ и гузэвэгъуэм ихьыртэкъым. Хьэм уеуамэ, цIыхубзым тохуэ. Нысэ бэлыхь хэттэкъым ар. И щIалэр зэ къэгъэсыж закъуэ уэ... Ауэ абы и Iуэхук Iэ и лIым зыри жриIатэкъым.

Батырбэч къэгубжьауэ и «нысэм» и дыщым макIуэ. Данизэ щIэстэкъым.

Мымэ дыджу къыпогуфIыкI:

– Дур пшэжыну укъэкIуауэ ара? – абы шэч къытрихьэртэкъым, Батырбэч къарита псори зэрытрихыжынум. – Дур унэракъым зыщIэтыр – щI ыбым дэтщ. ЗэрынэщIыбзэу...

«Хуабжьу «къысхуэгуапэу» къысIущIа мыр,– ауан щIэлъу игук Iэ жеIэ Батырбэч. – Зэрыкъуаншэр къиищ Iэжауэ арауэ пI эрэ?»

– Хьэуэ, Мымэ, ду Iуэху зесхуэркъым. А здэщытым деж тхьэм фIыкIэ щигъэт ар.

– Бостеяпхъэр езы хъыджэбзым къуитыжынщ-тIэ.

– А уи гугъэм сыщыщыIэкъым сэ, Мымэ. Чэсыргей бостеяпхъэ хьыжи сыкъэкIуакъым. Ц Iыхум еста къытесхыжуи сесакъым, –Батырбэч къэгубжьат, ауэ зишыIэрт. – СыкъыщIэкIуам ухуеймэ – уи пхъуращ сыкъызытекIухьар. КъыбгурыIуа? Уэ сэ слъагъум ар си къуэм щхьэк Iэ пхуэхъумэнукъым. Си унэ нихьэжмэ, алыхьым и IэмыщI э ихуа хуэдэщ.

Мымэ, и щхьэм джыдэ тIыгур къралъхьа нэхъей, и нэр щоункIыфI ыкI, и лъэр щIощI э: къыдэгушыIэу ара, хьэмэрэ...

– Сыт хуэдэ щIыкIэкIэщ жып Iа си пхъур уи унэ зэрыпшэнур? Ар зыхуэпшэну щауэр дэнэ щыIэ езыр? Узыншэу тхьэм къыпхуихьыж, ауэ... Уи нэгу щIокI нобэ хъыбар гуауэу къуажэм къыдыхьэр зыхуэдизыр... Сэ сыт щIауэ сежьэрэ Езым деж къикIыу зы хъыбар гуфIэгъуэ къысIэрыхьэным, – и щхьэгъусэрщ «Езым» хъужыр, абы и цIэр жиIэртэкъым Мымэ.

– ТIум щыгъуи сшэнущ.

– Пшапэуи?

– НтIэ шэ нэпцI щыIэ? Си къуэм ар зэришэну щытар игъащIэ псокIэт, сэри...

– А уи къуэ жыхуэпIэр езыр щыIэ, зо?!

– ЩыIэкъым... зэкIэ. ЗэкIэ, зо! КъыбгурыIуа?– Батырбэч и пыIэр зыщхьэрех, ар лъэгуажьэпэм трелъхьэ, и щхьэ джафэ бахъейр къызыщхьэщихыр и Iэгуфэм щIегъэж.

– Си жагъуэ къэпщI ын хьисэпкI э укъэкI уауэ ара? Зы фыз тхьэмыщкIэ упэлъэщмэ, лIыгъэшхуэ зепхьам!..

– Уэращ си жагъуэ къэзыщIыр! Уэращ, зо! Хуэстхынщ уи щхьэгъусэм фэ фи зэхэтыкIэу фыкъэнар зыхуэдэр: зауэм Iутхэм щыщу зыми къигъэзэжынукъым, жа Iэри, фызхэм япэ къапэ-щIэхуэ лIым зыпщIэхадзэ, сабэ къыхуэгъэхъейуэ тылым щыIэ лIыхэми цIыхубзхэр хуит тхуэхъуащ, жаIэри зыхуейр зэха-щIыхь, жысIэнщи. Мохь! Арат фызыхуейр? Фыщыгугъ абы! Сэ сызителъхьэр дэр щхьэкIэ лъыр зыгъажэу зауэм Iутхэрщ. Ахэр зауэм щыдэкIым псалъэ естащ сэ абыхэм я унагъуэхэм си нэ Iэ тезгъэтыну, схъумэну... я нэмысри я щIыхьри... Абыхэм я гур щхьэпридзу слъагъуу си нэр схуэуфIыцIынукъым сэ. Къыб-гурыIуа ар?.. Къэбгъуэтаи щауэ! Ухуейти агроном!..

– Хэт игу щхьэпридзу жыхуэпIэр?

– УмыщIафэ зытумыгъауэт. Уи гуракъым, дауи, – Батырбэч и макъым зрегъэIэт. – Си гуращ лъэныкъуабэ хъуар, абы зыщIумыгъакъуи щыхупIэм ехуэхынщи...

– НтIэ, тIасэ цIыкIуу си Iэ, япэщIыкI э зэхэгъэкI: уи гур здэщытри хамэгур здэщытри, – Мыми тынш цIыкIуу зитыну и хьисэпкъым. Абы ищIэрт апхуэдэ псалъэмакъ Уэрышымрэ езымрэ яку зэ къызэрыдэхъуэнур. Иджыпсту кIэ ирегъуэти нэхъыфIщ. АтIэми, хъыджэбзым къимыгъэзэж щIык Iэ егъэжьэжын хуейщ хьэщI эр. Армыхъуамэ пщIэнукъым Данизэ джэш зык IэщIикIутэну лъэныкъуэр. – Сигу, жи! Гур зейр сэращ. Шэрхъхэри я пIэм итщ! Сызэрыхуей дыдэм хуэдэу сщIынущ.

Данизэ бжэщхьэIум къытоувэж.

– Псалъэ зэттауэ щытар-щэ? Нысэр зейр дэракъэ?

– Фи нысэ хъу пэтауэ аращ! – Мымэ къызэрыкIащи уафэм сабэ дрепхъей. Сымаджагъи-бэджынагъи бгъэдэлъу пщIэнкъым абы иджыпсту. И пхъум гу лъетэри, фызыр къощтэ, псынщIэрыпсалъэ мэхъу. – Уи лъэпкъ дамыгъэ тебдза уфIэщIыжрэ абы? Алыхьым илъагъуркъэ, дэри ди жагъуэтэкъым фи благъэ дыхъуну. Ауэ, сыт пщIэн, зауэ мыгъуэжьыр къэхъейри... узыншэу уи щIалэр тхьэм къыпхуихьыж. Ар си жагъуэ сэ? Ауэ ар къыщыкIуэжынури къызэрыкIуэжыну щIыкIэри хэт зыщIэр? Данизэ лъыхъу хъарзынэ иIэщ. Iуэхушхуэ хъуай, Iэ лъэныкъуэр пымытыжмэ. Тхьэм и шыкурк Iэ, и щхьэр псэущ. Нобэ хэт узыншэу зауэм къикIыжыр? Хэт и лъакъуэ, хэт и Iэ, хэт и нэ къэтщ. ЕмыкIуи дыкъыумыщI, тхуэмыфащи къыдумыпэс, Батырбэч, ауэ... Си закъуэкъым уэ къолъэIур. ЖьитхукIэ дынолъэIу. Данизэ нэмыщI, сэ иджыри бынищ сиIэщ. Дышхэн, дыпсэун хуейщ...

И «тхьэмадэр» щилъагъум, Данизэ унэм щIыхьакъым, лъэныкъуэ зригъэзащ. Абы къикIыр къыгурымыIуэну делэт Батырбэч? ПщIэ къыхуащIу арат. Данизэ пщIэ къыщыхуищIакIэ... Уэрышыр Iуэхум нэхъри тогушхуэ.

– ЖьитхукIэ узэрылъаIуэр гурыIуэгъуэщ, – хуэму, ауэ гъэтIысауэ къыщIедзэ Батырбэч, и псалъэхэр Данизэ зэрызэхиxри ещIэ. Аращ Уэрышыр зыхуеиххэр: къырырещIэ Данизэ и анэр зэрымызахуэр, уи пхъум и насыпкIэ зыбгъэхуэбэн, абы укъуэпсэукIын щхьэкIэ япэ къыкъуэхуа лIым апхуэдэ хъыджэбз епт зэрымыхъунур жиIэу аращ Батырбэч. – Си щхьэм нэхърэ нэхъ Iейуэ срогузавэ, Мымэ, сэ фи унагъуэм. Фэ фызэрыхуэлIэр сщIэуэ, хьэлу Iыхьэ си джийм схуегъэхыркъым.

– ПхэщIар щэуэ тхьэм къыпхилъхьэж. ЦIыкIухэм я адэм къигъэзэжмэ, уи щIыхуэ зытедгъэлъынкъым. Ауэ иджыпсту къытпумыубыд, Батырбэч. Си хъыджэбзыр ежьэфынукъым уи… – а псалъэм адэкIэ пимыщэ щIыкIэ, Данизэ аргуэру бжэщхьэIум къытоувэ.

– УмыщIэ жумыIэ, Мымэ. Сежьэнущ Айтэч. Псалъэ быдэ естащи, си псалъэм сепцIыжынукъым.

– Зэхэпха?! – Батырбэч къыщолъэт, хъыджэбзыр еубыдри IэплIэ хуещI, зрекъузылIэ. – Упсэу, си хъыджэбз. Си напэр къысхуэптхьэщIыжащ, тIасэ. Сэ сщIэрт пхуэдиз дыщэ нэхърэ узэрынэхъыфIыр уэ. Сыпсэуху сурилIыщIэщ. Си псэр уэр нэхърэ нэхъыфIщ жысIэнкъым. СаукIамэ, укъыщIэзнэнкъым мыбы. НэкIуэж модэ ди деж. Апхуэдэу нэхъыфIщ. Зэгъусэу дежьэнщ. ЩIалэр дунейм текIыжакъым, сэ сощIэ ар щыхэтыр. Бахъуэм деж сыщыIакъэ сэ?

– И анэм кIэщIэпшу ара?

– И анэр хуэпсэу. ЗыкIэщIэсшыр щауэ IэрыщIырщ. Арыншамэ, си гугъу умыщIыххи, хъыджэбзми уэри фи псэм гузэвэгъуэр телъу… Уэри си щIыб ныпхуэзгъэзэнкъым. Пхъэ ухуей – мэз сыпхуэкIуэнщ, щхьэл жыпIэрэ – сыщхьэхынкъым… Укъысхуей хъумэ, сыткIи сыкъэбгъуэтынщ.

– А зи гугъу пщIы щауэм уи унэр имыщIыху уи гугъэ? Абыи кърихыфынущ ар. Уи жьыщхьэ цIыхум уэрэду щхьэ захэбгъаIуэрэ, Батырбэч? Апхуэдэ телъыджэ хэт зэхиха, хэти илъэгъуа: щауэ зэрымыс унагъуэм нысэ кърашэу…

– Ямылъэгъуамэ, ирырелъагъухэ-тIэ иджы.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ нысэ къишэри езыр и нысэм и анэм лIыщIэу хуIуувэжауэ щытащ Батырбэч: абы и пщэм дилъхьэжат Мымэ и унагъуэ Iуэхур зэрыщыту. Я лъапсэр къахуихухьащ, нартыхум дзыгъуэ химыщIэн папщIэ, дур лъагэу иIэтри мывэ щIидзыжащ. ЗыщIыпIэ шыгъу IэмыщIэ кърищакъэ – и ныкъуэр мобыхэ я Iыхьэщ, фэтыджэн птулъкIэ къыIэрыхьа – аргуэрыжьщ. Сабын жьыщIэгъуэр тIу ирещIыкI. ЯпэщIыкIэ Мымэ зихъунщIэу щIидзащ – укIытэу арат. Ауэ иужькIэ йосэжри… Езы Мымэ джэд пщыIэм къытенами, сабийхэм щхьэкIэ, жэмыжь закъуэм щхьэкIэ къыхэщтыкIыжыртэкъым. Абыхэм сакъыу якIэлъыплъын щыIэт. Ар Батырбэчт.

– Уипхъу лIы епта тщIэркъым, уэ езым лIы хъарзынэ кьы-

хэбудащ, алыхь,– жаIэрт зи бзэ хуимытыжхэм. Зи щхьэ и пщIэ зыщIэж Мымэ фыз жьэрэIурэхэм жаIэр и тхьэкIумэ иригъэхьэр-тэкъым. А псалъэмакъ мышыухэр нэхъ зи жагъуэ хъур Батырбэч и щхьэгъусэрт, пэжщ, абы нобэр къыздэсым гурыщхъуэ хуищIа-тэкъым и лIым, щIыхуэпщIын щхьэусыгъуи бгъэдэлътэкъым, езыхэр зэдэпсэун зэрыщIадзэрэ ар и фызым зы махуэ епцIыжатэкъым.

Уэрышым унагъуитIри зэрихьэрт. Ауэ абы зыри къехьэлъэкIыртэкъым. И къуэм и насыпыр зэрихъумэм гугъуехь псори щигъэгъупщэжырт. Данизэ дежкIэ зезыгъэбгъунлъэкIыну хэта агрономыр Чорэм хуэтхьэусыхащ: колхоз председателым хабзэншагъэ елэжь. Къуажэ Советми район прокурорми хуетх: Уэрышым щхьэзыфIэфIагъ ещIэ, хабзэм йобакъуэ, зэманыжьым и щIэинхэр къыделъэфыж, и Iуэху зыхэмылъхэм и бэлагъ хеIу. Прокурорыр езым и щхьэкIэ къокIуэри Данизэ и анэм йоупщI: Уэрышым лей къывиха?

– Си пхъур зыми ирипхакъым. Здашам щыIэну хуэмеймэ, зыми иубыдыркъым – къэкIуэжыну хуитщ. Батырбэч и фIагъ фIэкI, и зэран лъэпкъ къызэкIыркъым.

Арати, зи мыIуэху зезыхуэхэм сыт ящIэнт? Данизэ Уэрышхэ щыпсэурт. Айтэч къимыгъэзэжурэ Iэджэрэ пэплъахэщ. Иджыри, ноби-ныжэби щIалэм къыщеджэнур? Ар дэмыкI щIыкIэ, хабзэм тету хьэгъуэлIыгъуэр зэфIигъэкIыу, зи жьэм хуимытыжхэм я жьэр абыкIэ щипхэну арат Батырбэч зытриухуар. Арати, пэж дыдэу, мафIэ цIыкIур мафIэшхуэ хъуат.

Абы кърихьэлIа хьэщIэхэр зыхуэдэми ущIэмыупщIэ!

## 2. ХЬЭГЪУЭЛIЫГЪУЭ

– Къэсахэщ! – бжэр Iухагъэжьти унэм зыгуэр къыщIэгуоуащ. Iэнэм щысхэр нэхъ хуэм хъуащ, а «къэсахэр» къыздикIари – къыздихуари ямыщIэу къыкъуэху хьэщIэхэм ящыщтэкъым.

Бжэ Iухам къыIуохьэ КIурацэ, ар зэщIэхуэпыкIащ, абы и ужь итщ зи Iупэхэр зэтемыхьэжу гуфIэ, а и нэщхъыфIагъым нэхъри дахэ щIэхъукI Къэзэнокъуэ Апчарэ. Тхьэмадэм нэмыщI, псори къотэдж, Iэнэр зэрынэхъыжьыр, ар нэщIу къэбгъанэ зэрымыхъунур, дауи, къыгуроIуэ абы.

– Тхьэм щхьэкIэ, фыкъэмытэдж! Тхьэм щхьэкIэ, фытIысыж! Щхьэ фыпIейтея? – мэлъаIуэ КIурацэ. Ауэ абы и нитIым жаIэр нэгъуэщIщ: «Фыкъэтэджыт, цIыхухъухэ, цIыхубзщ къыфхуеблагъэр!»

– ХьэщIэ псом ялейр мыбы ущыIи! – Апчарэ нэхъри нэщхъыфIэж къохъу Дотий щилъагъум. МэIэбэри сэлам ирех.– Мыбы узэрыщыIэр сщIамэ, апхуэдизу зэзмыгъэлъэIуу занщIэу сыкъэкIуэнти. Iуэхур ди щхьэм къос, щIымахуэм зыхудогъэхьэ-

зыр, хъэгъуэлIыгъуэхэм ди нэгу зыщедгъэужьыну апхуэдэ хущIыхьэгъуэ диIэкъым, жысIэри сакъыхуэмыкIуэным тIэкIунитIэщ иIэжар.

– НыбжесIатэкъэ, Iэмал имы Iэу ар мыбы зэрыщыIэнур? – КIурацэ мэдыхьэшх.

– Уэ, уджэшыдзщи, умыщIэ щыIэкъым.

ХьэщIэхэр зэрызокъуэ, зоныкъуэкъу, зым и тIысыпIэр зым хуегъэкIуатэ, зым адрейм нэхъ пщIэшхуэ зэрыхуищIыным хущIокъу. Аращ адыгэ хабзэр: нэхъыфIыр фIыуэ плъагъум лъыгъэс. Адыгэр зэ Iэнэм тIысамэ, Iуэхур зэфIэкIа хуэдэщ щIыжаIэр сыт? Щхьэж и пщIэр езым ищIэжу, нэхъыжьу, нэхъыфIу къилъытэм и тIысыпIэр зэригъуэтыжыным, напэ зимыIэм дзажэпкъ иIэщ жыхуиIэм хуэмыдэу, дэтхэнэми адрейр нэхъ зэригъэлъэпIэным щыпылъ хабзэщ адыгэ Iэнэм. ЕгъэджакIуэм иукъуэдият цIыхубз хьэщIитIыр, уполномоченнэм бгъурысу, гъуэлъыпIэм ирагъэтIысхьэну. Ауэ КIурацэрэ Апчарэрэ зыкъратIэри, уи Iэли уи уди – зытрагъэхьакъым: «ЦIыхубз «къулыкъущIэхэм» я дежкIи ар пщIэшхуэIуэ хъунти», – жаIэри.

– Мы дуней фIыгъуэкIэ дытIысынкъым абдеж. ЦIыхубзхэр цIыхухъу Iэнэм ягъэтIыс зэрымыхабзэри дощIэ дэ, ауэ... ДымыщIафэ зытедгъэауэри дыкъыщIэпщхьащи... – чырбыш заводым и директорым лъэкI къимыгъанэу зиубыжт.

– Уэ уцIыхубзкъым – удиректорщ! – мэдыхьэшх Аслъэн.

– КIурацэ жиIэр пэжщ: дытIысынкъым. Ар директор зыщIар зауэрщ. Ауэ цIыхубзыр сыт щыгъуи цIыхубзу къэнэжын хуейщ, – и ныбжьэгъум къыщхьэщож Апчари, абыи жиIэну зыхуейр зыщ: IэмалыншагъэкIэ унафэщI дыхъуами, дызэрыцIыхубзыр фщымыгъупщэмэ, нэхъ къыдощтэ.

Къуэшрокъуэм, дауи, нэхъ къищтэнт, Апчарэрэ КIурацэрэ ябгъэдэсу щысамэ. Ауэ нэхъыжьхэм я унафэр унафэщ – иджыпсту цIыхубзхэр гъуэлъыпIэм щIит Iысхьэн щыIэкъым.

ИкIэм икIэжым псори зэпэщ хъуащ. Тхьэмадэр и къалэным и ужь ихьащ. Стэканхэм ирагъахъуэ. Япэ бжьэм хъуэхъу щыIэкъым – гуп махуэбжьэщ. ЦIыхубзитIым я Iупэхэр фадэм хащIэ.

– Фи унэ фисыж, фи Iыхьлыф Iхэм фахэсыж хуэдэу фыкъыдбгъэдэс, тIасэ, – жеIэ тхьэмадэм. – ИгъащIэ лъандэрэ цIыхубзым и цI эр дэ идопх жьэгу пащхьэм, унагъуэм. Дунейр къызэригъэщIрэ пщIэшхуэ худощI цIыхубзым. ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ, щIыжиIэри аращ псалъэжьым. Сыту жыпIэмэ, бзылъхугъэр зы цIыхукъым зэрыхъур – абы бын иI эщ е бын игъуэтынущ. Ауэ щыхъукIэ, абы сыт щыгъуи сабий къыдошхэ. Сыгушхуэу сoплъ си пащхьэм ис мо цIыхубзитIым. Ахэр ауэ сытми цIыхубз къудейкъым. Хьэмэрэ сымызахуэу пIэрэ? ПыIэ зыщхьэрыгъ куэд абыхэм я унафэм щIэтщ! Нобэрей цIыхубзыр зэщхьыр фщ Iэрэ? Вауэм ещхьщ, цIыхухъур – выщ...

АбыкIэ Аслъэн арэзы пхуэхъунт?

– Гур зышэр вырaщ, вауэракъым.

Дыхьэшх макъым зеIэтри а зэдауэм кIэ егъуэт.

КIурацэрэ Апчарэрэ зоплъыж. Апчарэ и нэкIущхьитIыр къэуцIыплъащ, и нитIыр къоцIуукI. Дотий цIыхубзитIым гуапэу йоплъ, ауэ и нэр нэхъыбэрэ зытенэр Апчарэщ, абы игу къокIыж Апчарэ щхьэкIэ Батырбэч псалъэшхуэ зэрыжиIар. И щIалагъэм емылъытауэ, пэж дыдэу, цIыхубз губзыгъэт Апчарэ. «Сэ илъэс плIыщI сохъу, мор тIощIым щIигъуа къудейщ», – йогупсыс Дотий. Абы фыз къишэжын хуейт. Ауэ зауэр йокIуэкI. Уи натIэм къритхар сыткIэ пщIэн? Фызабэ, сабий адэншэ къыпщIэну… Зауэр иухрэ псэууэ къелмэ, плъагъункъэ… гупсысэ емылъэIу щIыхьэхухэр къыщхьэщоуэ абы.

– …Мыхэр ухыгъэщIэм и цIыхубзхэщ, – и псалъэм пещэ Цыхъумэ Iэдэбу, сабыру, жиIэр ищIэжу. – Къалэнышхуэ и пщэ дилъхьэжащ КIурацэ. Заводышхуэ зепхьэн жыхуэпIэр Iуэху джэгукъым. Абы и жьэгу пащхьэм щхьэщыт уэнжакъышхуэм кърихуу Iугъуэр куей псом ялъагъу. А уэнжакъым Iугъуэ къриху-рэ – заводыр мэлажьэ: кхъуэщын, чырбыш ягъажьэ...

Батырбэч щIегъу:

– Аращ КIурацэ фIыщIэшхуэ щIыхуэтщIри. Ди унащхьэхэр зэрымыгъуанэр зи фIыгъэр аращ.

– Ди Апчарэ-щэ? Зы колхоз псо и унафэщIщ. Уэрыш Батырбэч сымэ хуэдэ адыгэлIхэщ ар къызыдэжэр. Ауэ сытми къадэжэ къудей сытми? Ди председателым и жагъуэ иремыщI, ауэ зи лъэрыгъ япэ итыр къыпхуэмыщIэну апхуэдэщ. Зэгуэр дунейм къытехьащ: «цIыхубзым и щхьэцыр кIыхьщ, ауэ и акъылыр нэхъ кIыхьыжщ» псалъэжьыр. Мы хъуэхъубжьэм дефэну сфIэзахуэт ди цIыхубзхэм я саулыкъукIэ.

– Зыщумыгъэауэт, ди нэхъыжь – дэр щхьэкIэ жаIэр нэгъуэщIщ: «цIыхубзым и щхьэцыр кIыхь щхьэкIэ, и акъылыр кIэщIщ», – пэжыр имыбзыщIын щхьэкIэ къопсалъэ Апчарэ.

– Апхуэдэу щIыжаIар фэ фхуэдэ цIыхубзкъым, – нэхъыжьми къикIуэтыну и мурадкъым.

– ЛIыхэр къотэджри йофэ! – къыхокIиикI школым и директорыр.

ЛIыхэм зыкъаIэт, я фадэбжьэхэр зэраудэкI. ЦIыхубзым хуащI пщIэр абыкIэ къагъэлъэгъуэну пылъу, зы ткIуэпс къpамынэу йофэхэр.

ГушыIэн зыфIэфI Аслъэн аргуэру къокIий:

– Ягурэ я щхьэрэ зэтелъыж абыхэм зикI! Сэ къэтэджу ефэну жыхуэсIар лIыуэ зызыбжыжхэрати, псори къыщылъэтащ.

Псори мэдыхьэшх.

Псалъэмакъым зеIэт, мэгушыIэхэр, зым зыр дигуэжу зэрогъэкIийхэр. КIиини-гуоуни зи мыIуэхуу щысыр Дотийщ. Абы и щхьэм къищхьэрыуэ гукъэкIыжхэм гъуни нэзи яIэтэкъым.

Зыр зым пеуэу мэхъуахъуэхэр, йофэхэр.

Батырбэч етIысэхып Iэ иIэкъым, Iэнэр пшынэу щытмэ, а пшынэм и Iэпэр Батырбэчщ.

– Ди щауэм щхьэкIэ хъуэхъу жытIэну и чэзу мыхъуауэ пIэрэ? – къопсалъэ Къуэшрокъуэр, абы езым зыгуэр жиIэну и мурадауэ къыщIэкIынт, ауэ Цыхъумэ и хьэлтэкъым хабзэр икъутэу: дэтхэнэми чэзу иIэщ – арат тхьэмадэр Iуэхум зэреплъар.

– Пэжщ, тхьэ, Дотий жиIэр! – Къуэшрокъуэм и псалъэр диIыгъщ Апчарэ. Абы фIэф Iт Дотий щыпсалъэкIэ едэIуэну. Иджыпсту Апчарэ игу къэкIыжат лъагапIэ гуэр къызэращтам теухуа текIуэныгъэр Сальск и губгъуэхэм зэрыщагъэлъэпIауэ щытар. А тек Iуэныгъэр зы ткIуэпс хуэдиз фIэк I мыхъуу щыта пэтми, комиссарыр абы щыгъуэ тепсэлъыхьат, тек Iуэныгъэ инхэм я псыдзэм. Мис иджы а псыдзэр псоми ди нэгу щIокI.

– Фыкъеджэ-тIэ Айтэч, – Цыхъумэ арэзы мэхъу. ИкIэм икIэжым езы тхьэмадэ дыдэри къотэдж. Арыншауэ хуэшэчынутэкъым абы иджыпсту.

– Си щIалэ! – къэрегъажьэ Цыхъумэ. – Акъылыр щагуэшым дурэшым дэсак Iэ уеджэнкъым уи адэм. Уи адэр сыт щыгъуи щIэхъуэпсу щытащ фи лъэпкъым и къуэпсым нэхъри зэрызидзыным. Иджы а къалэныр уэ уи пщэм дэплъхьэжащ. Ар къалэн тыншу зэи къыпщымыхъу. А къалэным уи бгыр къыщиухуи урихьэлIэнкIэ мэхъу. Ауэ дэ долъагъу узэрымэлыхьыплIэр, узэрыуадауэ Iэпщэр...

– Ахъшэ къэп ирихьэжьэфат, – хуэшыIэркъым Аслъэн, тхьэмадэм и псалъэр зэпыбуд зэрымыхъур ищIэ пэтми.

– ...УзэрыI э къабзэр, напэ къабзи узэриIэр. Аращ къэрал мылъкур щIэпхъумэфари. Ноби мылъкушхуэ къыпхэхъуащ уэ. Ухуэсакъыу, утегузэвыхьу пхъумэн хуейщ ар. Лъагъуныгъэр шатэпсым ещхьщ, пхуэмыхъумэмэ – фIэIунущ ар. Лъагъуныгъэр быдэу пхъумэфрэ – уи жьэгу пащхьэри адэжь лъапсэри хъума хъунущ. Мы бжьэр сIыхи, си щIалэ, си псалъэ IэфIхэр фадэ пIащIэм и щIагъым щIегъэубыдэ.

IитIкIэ мэIэбэ Айтэч, бжьэр Iэгу сэмэгум ирегъэувэри Iэ ижьымкI э еубыдыж, езыр зы лъэбакъуэкIэ къокIуэтыж.

Къуэшрокъуэм и нитIри Айтэч тенащ, щIалэм и зыIыгъыкIэм, абы хэлъ хабзэм щогуфIыкI, тIэкIуи йохъуапсэ. ЯмыщIэххэу Дотийрэ Апчарэрэ я плъэгъуэ зэтохуэ, тIури къыхощтыкI, щIоукIытэжхэри, зэгурыIуа нэхъей, тIуми занщIэу Айтэч еплъу щIадзэ.

– Псалъэшхуэ къызжепIащ, дадэ, – зэI ынэурэ кърегъажьэ щауэм. – Сэ къыру сыщытами, къырым тептхэ хъунт акъыл ин зыхэлъу жыпIа псалъэ Iущхэр. Акъылыр уи щIэгъэкъуэну гъуэгуанэшхуэ, гъуэгуанэ кIыхь зэпычыну сохъуахъуэ, – Айтэч и бжьэр иреф, стэкан нэщIыр щхьэгъэрытым хуеший.

– Анэ быдзышэу хьэлэл тхьэм пхуищI, тIасэ! – Цыхъумэ щIалэм фIыщIэ хуещI, афIэкI жиIэнуи хунэсакъым – мафIэр къыIурихыу Чорэр къыщIопкIэ.

– Гуп махуэ апщий! – зэрызехьэу, щтэIэщтаблэу псори къыщолъэт, Цыхъумэрэ уполномоченнэмрэ нэмыщI.

– Нобэ зы хьэщIэм зы хьэщIэ и жагъуэщи, хьэщIитIри бысымым и жагъуэщ щыжаIа махуэм ещхькъым. ХьэщIэр нэхъыбэху гуфIэгъуэр нэхъыбэ хъуну аращ нобэ. Фыкъызэмыджэу сыкъэкIуами, си гугъэкъым сыщIэфхужыну, тхьэмадэм ибгъукIэ сывмыгъэтIысми, абы пэмыжыжьэ дыдэу сэри зы тIысыпIэ къызэрысхуэвгъуэтынуми шэч къытесхьэркъым...

– Уи гъуэгур дыщэкIэ къаубгъи. Дызылъыхъуэу тхуэмыгъуэту къэдгъуэта ухьэщIэщ. Уи лъыхъуакIуэ шууитI недгъэжьащи тIум языхэзми къагъэзэжакъым. Район псор щIащыкI, – Чорэм деж зыщигъэзэхуэжырт Батырбэч.

– ЛIыфI и джэгу кIуэгъуэ хъуакъым жыхуаIэу, зи щхьэ и пщIэ зыщIэж хьэщIэу укъэкIуащ, – къопсалъэ школым и директорыр. Езы Чорэми, шэч хэмылъу, арат зытрищIыхьар. Абы и хьэлыжьт сыт щыгъуи тIэкIу зыкъыкIэригъэхуу. Ауэ къыкIэрыхупакъэ – абы щыгъуи игъэкъуэншэнур уэрат.

Аслъэн и хъуэр псалъэхэр и тхьэкIумэ иримыгъэхьэу, абы псоми я Iэр еубыд. А зэрызехьэр къегъэсэбэпри, Айтэч лъэныкъуэ зрегъэзыж. «Зы хьэщIэм зы хьэщIэ и жагъуэкъым» псалъэхэр Къуэшрокъуэм и тхьэкIумэхэм фIэцIэфтатэкъым, псынэм хадзэу щIигъэтIысыкIа мывэ цIыкIуу, ахэр Дотий и гущIэм щIэтIысыкIат.

– Сэ укъызолъыхъуэри губгъуи ферми къэзгъэнакъым, Дотий МатIэвич, уэ езыр уи тхъэжыгъуэу хьэгъуэлIыгъуэм ухэсщ.

– Уэ фызышэм ухокIри губгъуэ унэм уокIуэ, сэ губгъуэ унэм сыкъокIри фызышэм сыкъокIуэ, – педзыж Дотий Чорэм. Псори зэщIодыхьэшхэ. Чорэм къыгуроIуэ псалъэкIэ щызэзэуэну щIа-кIуэ кIапэ хьэлъэм теувэнхэ хуейуэ къазэрыпэщытыр; хьэщIэ жьэ мызагъэм цIыхубзхэм захуегъазэ:

– УнафэщI цIыхубз гупми сэлам! Дэтхэнэми – щхьэхуэщхьэхуэу.

– Уи Iуэху дахэ ухъу. Хуабжьу ужумартщ, – КIурацэ дыджу къыпогуфIыкI. Фызышэм къыщемызэгъ псалъэмакъ къэхъеину хуэмей Апчарэ и ныбжьэгъум и лъакъуэм тоувэ.

– ДыщIызэхуэзар гуфIэгъуэщи, гуфIэгъуэ мыухыж тхьэм къыдит, – Апчарэ, гуапэу къыпогуфIыкIри, Чорэм и Iэр еубыд.

– МашинэкIэ укъэкIуа? – тIэкIу зэрефам къыгъэгушхуа КIурацэ къызэрокI.

– СыкъэкIуащ. ЛIот? – Чорэм и акъылыр хуэкIуакъым и «ныбжьэгъужьыр» зыщIэупщIэм.

– Уи машинапхэм сэр щхьэкIэ зы тIысыпIэ имыIэну пIэрэ?

– Сыт щIэмашинапхэр? ИплIэмкIэ удэзгъэтIысхьэнкъэ, – зыри къыгурымыIуэ хуэдэу фэ зытригъауэу Iуэхум къыхэкIын и гугъащ Чорэм.

– Хьэуэ. ИплIэмкIэ нэгъуэщIхэр иретIыс иджыри...

Чорэм къыгурыIуащ зэрыщыуар: емынэм зэрихуэри КIурацэ и гъунэгъуIуэу тIысат. Абы уIуплъэу, и хъуэрхэм уеда Iуэу щыс иджы. Ауэ сыт пщIэн, алыхьым къыптрилъхьэмэ, фошыгъу шей уефэнщ, жи, зыхуэгъэшэчын хуейщ, уи тIысыпIэ пхъуэжыну емыкIущ.

– Хуит сыкъэпщIамэ, зы псалъэ жысIэнт, тхьэмадэ, – нэхъыжьым пщIэшхуэ зэрыхуищIыр къигъэлъагъуэу, Къуэшрокъуэм Цыхъумэ зыхуегъазэ.

– ХьэщIэм жиIэр бысымымкIэ унафэщ, – кIэщIу пеупщI тхьэмадэм.

Псори абыкIэ арэзыщ.

– ДынодаIуэ, Дотий!

– ДынодаIуэ, ди хьэщIэ!

– Фысабыри девгъэдаIуэт!

– Зыгуэрым и псалъэм къыхигъэщащ иджыпсту: «Зауэр и зэхуэдитIым деж къыщыувыIамэ, ари хъарзынэт», – жиIэри къыщIедзэ полкым и комиссару щытам. – ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, абыи ущIэхъуэпсынкIэ мэхъу. Сыту жыпIэмэ зауэ зэманыр хьэлъэщ, зауэм хэт народым и джанэр къызыхэдыкIар мафIэ бзийрщ. АтIэми, нобэрей зауэр апхуэдизкIэ хьэлъэт, гуащIэти ар зэпхъуар цIыху Iэпкълъэпкъым и закъуэкъым – псэми нэсащ ар. Апхуэдэу щыщыткIэ, а зауэр и зэхуэдитIым деж щыдухыну дыхуейкъым дэ. Ар и кIэм нэдгъэсыну ди къалэнщ. Иджыпсту, тхьэм и шыкуркIэ, ди зауэлIхэр тоуIуэ дэ зауэ къыдэзыщIылIахэм я бжэм. Езыр-езыру бийм и бжэр Iуимыхмэ, фоч лъэдакъэкIэ тракъутэнущ ар, бийр ди советскэ сэлэтым и пащхьэм лъэгуа-жьэмыщхьу къимытIысхьэмэ, абы и щхьэр ирагухынурэ и пэр щIым хущахуэнущ. Ди текIуэныгъэр долъагъуж дэ иджыпсту, абы и кIэми дыноплъыс. Дыгъэ къыщIэкIагъащIэм и нурым, и хуабэм хуэдэу зыхэтщIэурэ къытщхьэщохьэ текIуэныгъэр, ар цIыхуми щIыми къегуэпэкIыу...

– КIэщIу жыпIэмэ, ди текIуэныгъэм папщIэ! – хьэщIэм и псалъэр зэпеудри хабзэншагъэ елэжь Чорэм.

– Узахуэщ. Ди текIуэныгъэм папщIэт мы хъуэхъубжьэр къыщIэсIэтар, – Къуэшрокъуэм зэпеплъыхь Чорэр. – Ауэ тIэкIу уепIэщIэкIащ. Сэ абы зы щIызгъужынут иджыри. Я гъуэгупэ зырыз щыхъукIэ, я гъуэгу кIапэ зэтехуэжынуи шэс щимыхьэжхэм деж, цIыхухэм сэлам зэрахыж хабзэщ мы псалъэхэмкIэ: напэ хужькIэ дызэIущIэж. Абы къикIыр гурыIуэгъуэ си гугъэщ: ды-

щIэук Iытэжын Iуэху дымылэжьауэ – жиIэу аращ. Ди текIуэныгъэмрэ дэри мыгувэу дызэхуэзэнущ. Дыхуэзэн ухъу абы я нэхъ махуэ дыгъэл дыдэм, я нэхъ махуэ гуфIэгъуэ дыдэм, ди напэри хужьу, ди псэри къабзэу. Сэ къысхэмыхъуа дуней фIыгъуэ щы Iэкъым – ди текIуэныгъэр зи I эдакъэщIэкI фэ цIыху телъыджэ къомыр фыкъыщысцIыхуа махуэм. Абы нэхъ фIыгъуэ сыхуейкъым сэ. Сигури си псэри фхьэхуащ. Фи гъусэу сызэрыщысымкIэ сынасыпыфIэщ сэ. ТекIуэныгъэм и махуэр зылъагъуну нэхэм нэхъ насыпыфIэ щыI эу сщIэркъым сэ. Фи нэ фIыкIэ яулъагъу а Махуэшхуэр!

– ПсалъэфI жиIащ. УсэфI гуэр къеджа хуэдэщ, – хэгупсысыхьауэ здэщысым, къэпсэлъащ школым и директорыр. Псори ефэху ежьэу щысри, аргуэру къэгушы Iащ.– Чорэм, Батырбэч, Дотий МатIэвич, Цыхъумэ, Айтэч сымэ я нэхэм папщIэ сефащ сэ. Иджы Апчарэ и нэхэм щхьэкI э щхьэхуэу ефэн хуейщ.

Псори зэщIодыхьэшхэ.

И нитIым гуапагъэ къыщIихыу Апчари директорым йоплъ. Фадафэу щымытми, хъуэхъум и хьэтыркIэ Iубыгъуит I еIубащ ар. Чорэм и пщэм телъ дыркъуэ кхъуейхьэлыпэм лъыр къытелъэдат. Райисполкомым и председателым къыгурыIуащ, уеблэмэ угушыIэури полковникым уи сэшхуэ къыхуипхыну зэрыдзыхьщIыгъуэджэр.

Куэд мыщIэу ари къыщолъэт:

– Си чэзури къэсащ. Хъуну сыпсалъэ?

– ЖыпIэн ущиIэм деж, уи псалъэр фагъуэ хъужыху, ущIежьэн щы Iэкъым, – жеIэри Цыхъумэ и щхьэр ещI, «еуэ» жыхуиIэу.

– Си псалъэхэм хъуаскIэ къахихыркъым... – Чорэм зигъэлIт, йопхъуэри и джанэкIэр ешэщI, и бгырыпх бгъуфIэм щызэрегъэзахуэ, – ауэ абыхэм улъиигъи ятелъкъым. Хъуэхъу дахэ къыджиIащ Дотий МатIэвич. Акъылышхуи хэлъщ абы и псалъэхэм: фронтым Iут зауэлIымрэ тылым щыIэ лэжьакIуэмрэ я напэ къабзэм папщIэ. ИкъукIэ хъуэхъу захуэщ. Ауэ сэри зыгуэр щI ызгъужынут абы. ЗауэлIхэм я щ Iыхьыр езыхэм фронтым щахъумэж, а щIыхьыр Iэта щохъу ди къэралым и къалащхьэм къыщатрей хъуа салютхэм. Сэ я гугъу сщ Iыну сыхуейт тылым щыIэхэм, сыхуейт ди адэхэр, анэхэр, ди къуэшхэр, ди шыпхъухэр, ди нысащIэхэр напэ хужькIэ IущIэнхэу текIуэныгъэр къэзыхьу фронтым къикIыжыну ди зауэлIхэм. А зи гугъу сщIа псоми фронтым, текIуэныгъэм и Iуэхур езыхэм я щхьэ Iуэхум япэ ирагъэщыну сыхуейт. Абы папщIэ куэд зыхуэбгъэныкъуэн, уи Iэщхьэ-лъащхьэр дэхьеяуэ, уи бгыр щIэкъузауэ узыщымысхьыжу лэжьэн хуейщ. Абы щхьэкIэ уи псэр зэрыптыным ухуэхьэзыру ущытын хуейщ. Мис апхуэдэ цIыхухэм я саулыкъукIэ дефэну сыхуейт мы бжьэм! – и псалъэм къызэщIигъэплъа Чорэм и стэканыр апхуэдизкIэ ину ириудэк Iт адрейхэм яйхэми,

ар къыIэщIэкъутэнкIэ шынагъуэт.

Абдеж Аслъэн зыкъеIэт.

– Сэ сыегъэджакIуэщ, – жеIэ абы къыфIэмыIуэхуурэ. – Ауэ щыхъукIэ, сэ си къалэнщ еджакIуэм жиIэм къикIыр къыгурыIуэжу езгъэсэну. Мыбдеж къыщыпсэлъа ныбжьэгъу Чорэм мытэмэм дыдэу къигъэсэбэпа сфI ощI урыс псалъэ «жертвенность» жыхуиIэм къикIыр.

– Уи еджакIуэхэм сащыщ сэ? – школым и директорым Iуроуэ Чорэр.

– Зэран ухуэмыхъуу и псалъэр егъэух, – егъэджакIуэм къыщхьэщож Апчарэ, абы къыгурыIуащ Аслъэн псалъэ захуэ зэрыжиIэнур.

– Уэ си еджакIуэхэм уащыщыныр сэркIэ щIыхьышхуэIуэ хъунт, – Аслъэни занщIэу и лъакъуэр къуитыну щыттэкъым. – Псалъэм папщIэ командирым елъагъу: окопэм ис сэлэтым и лъэкIэным къос ятIэр, абы къатыр лъэпщагуэ фIэкI лъыгъкъым. Командирым и къатыр лъапщэ кIыхьитIыр зылъехри сэлэтым ирет. Ар «жертва» жыхуаIэращ. Пэжщ, ар хэщIыныгъэшхуэкъым. НэгъуэщI зыми елъагъу: фызабэ тхьэмыщкIэр фейцей дыдэу хуэпащ. Модрейм и сэлэт джанэ Iувыр зыщехри фызым тыгъэ хуещI. Ар «самопожертвование» жыхуиIэращ. Ауэ школыр ирызэрагъэпэщыжын щхьэкIэ къэралым къиутIыпща ахъшэмкIэ шкIэщ ебгъэщIыныр «жертвенность» жыхуиIэ псалъэм зыкIи бгъэдыхьэркъым.

– Узахуэщ! УлIщ, Аслъэн! – Апчарэ Iэгу еуэ пэтащ.

– Абы къикIыр нэгъуэщIщ: удыгъуэу аращ, – и псалъэр гурыIуэгъуэу еукъуэдий Аслъэн. – Ныбжъэгъу Чорэм и напIэр мыхуадэу ди сабийхэм, – езым зи Iуэху зэрихуэн хуейуэ и къалэнхэм, – едыгъуащ. КъарыкIыр пщIэуэ псалъэхэр тэмэму къэгъэсэбэпын хуейщ. Мис абы цIыхур егъэсэныр егъэджакIуэхэм ди къалэнщ.

Къуэшрокъуэм занщIэу къыгурыIуащ: Чорэм и «губгъуэ заседанэм» ираджауэ щытар, дауи, Аслъэнщ, школым и хьэкъкIэ шкIэщ ирагъэщIыну ирахулIауэ щытар аращ.

– Мы ерыскъы сшхыр къысIуригъэхуж, си гум укъимыпсэ-лъыкIам, Аслъэн! – къокIий КIурацэ.

– Мы «жертвенность» псалъэм щхьэ ущыхьа, Аслъэн? Нэхъ мыхьэнэфI дыдэращ сэ абы къисхар,– къыпыгуфIыкI хуэдэу зещI Чорэм, уполномоченнэр щысу абы и макъыр и Iэтыну, зэрызамыщIу зищIыну хуейкъым, итIанэ абы кърикIуэнур сыткIэ пщIэн?

– ЩIалэгъуалэр фи лъэгум къыщIэплъыну хуейт! – бжэщхьэIум къытоувэ гуфIэгъуэ нурыр къызыщхьэщих Нартшу. Абы лIыфэ зытригъэуэну хэтщ, ауэ иджыри зэрымыубыда и макъым къигъэлъагъуэр нэгъуэщIщ: сабийщ ар иджыри.

Псалъэмакъым зыщеIэт Iэнэм. Джэгум хэплъэну и жагъуэ-

тэкъым Къуэшрокъуэми. Дауи, езыр къэфэфынукъым. Ауэ къафэхэм еплъынщ. И лъакъуэм зригъэукъуэдиинщ.

– Дэгъуэщ! ФынакIуэ!

Къуэшрокъуэм и ужь йоувэ псори.

## 3. ТЕЛЕФОНОГРАММЭ

– Ди щIалэгъуэр дигу къэдгъэкIыжу, ди жьак Iэпэр дгъэуфэфэн? – Аслъэн мэгушыIэ.

– Си щхьэкIэ си башыращ схуэгъэуфэфэнур, – жеIэ Дотий.

ХьэщIэхэр щIыбым зэрыщIох. БжэIупэм щызэхэт щIалэтанэ цIыкIухэм ягъахъэ: хэт Iэгу йоуэ, хэти къафэр щIекъутыкI. Къафэхэм я унафэщIыр Нартшущ. ХьэщIэхэр мазэ ныкъуэу къеувэкIа нэужь, эскадрон псом командэ ярит нэхъей, ар ину къыхокIиикI:

– Къафэ нэхъыфI дыдэм феуэт!

Пшынауэр пасэрей къафэ йоуэ. Нэхъыжьхэм пщIэшхуэ зэрыхуащIыр къагъэлъэгъуэн хьисэпкIэ, щIалэгъуалэм я Iэгур апхуэдизкIэ щIаудыжри, пшынэ макъыр зэхэпхыжыркъым. Дауи, япэ утыкум къихьэн хуейр Къуэшрокъуэрат. Ауэ хьэщIэр и башым тегъэщIауэ щытт. И къатыр пIащIэ лъэгуитIым щIигъэплъыну Чорэр къохьэ утыкум. Пшынэм, Iэгуауэм зыдригъэкIуу къафэрт ар. Абы къыдэфэ хъыджэбз дахэм и нит Iыр Чорэм и лъакъуэхэм тедият, хъыджэбзым ищIэрт щIалэхэм я къэфэкIэр яхъуэж зэрахабзэр, дауэрэ защIми, абыхэм задегъэкIун зэрыхуейр. Чорэр зэ Iэдэбу зэпIэзэрыту къафэрт, зэми къызэрылъэлъырти щIихьэрт.

– Топ уджэгу уи гугъэж, апхуэдизу ущIыдэлъейр сыт? – КIурацэ хъуэр псалъэ иредз къафэм. Чорэм зызытреубыдэж. Мыдэ шыфI гуэр тес хуэдэу зыкъыщохъуж абы. Арыншами зэвыбзэ и нитIыр щIиукъуанцIэу, и Iэхэр укъуэдияуэ, сэ сызищIысыр фщIэркъэ, фи Iэгум щхьэ фыщысхьрэ, жиIэ щIыкIэу щытхэм яхэплъэу къофэ ар. «Зыгуэрым хуэмыфI хьэдрыхэ ягъакIуэркъым, жи. Дэгъуэу къофэ Чорэр!» – жи Iэу къафэм йоплъ Дотий. И лъакъуэ уIэгъэр мыхъуамэ, къызэрыфэ уигъэлъагъунт абы!

Чорэмрэ Аслъэнрэ я ужькIэ джэгур тIэк Iу щI оужьыхэ. Абдеж къохьэ Апчарэ, Iэпкълъэпкъ зэкIужрэ и дахагъым удихьэхыу. Ар Къуэшрокъуэм и пащхьэм йоувэри, «къыздэфэт» жыхуиIэу, и щхьэр ещI мащIэу. Уи тхьэкIумэIупсыр Iуичыным хуэдизу Iэгуауэ макъым зеIэт. ЩIалэгъуалэм заукIыж.

Дотий и башыр къеIэт: сыIэмалыншэщ, кхъыIэ, фи жагъуэ фымыщI, емыкIу сыкъэвмыщI, си ныкъуэдыкъуагъыр къэздыгъуауэ аракъым, жыхуиIэщ абы и зыIыгъыкIэ псоми. Шыщхьэхъумэ щIыжаIэжыр сыт? Абдеж Нартшу къыдокI, и лъэдакъи-

тIыр зэреудэкI, лъапэкIэ мэувыжри, си комиссарым и пIэкIэ сыкъыбдэфэну сыхьэзырщ, жыхуиIэу Апчарэ и пащхьэ йоувэ.

– Упсэу, Нартшу! – «шыщхьэхъумэм» щотхъу Дотий.

Пшынауэр ислъэмей йоуэ. Апчарэ нэр темыпыIэу утыкум итщ, абы зыдрегъэкIу щIалэ цIыкIуми. Нартшу лъапэкIэ щытут къызэрыфэри, мо хъыджэбз балигъым нэхърэ зэрынэхъ лъахъшэ щIагъуэ щыIэтэкъым. Абы и ныбжьэгъу цIыкIухэри я ныбжьэгъум и акъылыфIагъым (и лъакъуэ ныкъуэдыкъуэм и зэранкIэ къафэ мыхъу нэхъыжьыр укIытэгъуэм кърищатэкъэ!), и лIыгъэм папщIэ къызэрыгъэгушхуащи я Iэгухэм щысхьыжкъым.

Къуэшрокъуэм и нитIыр Апчарэ къытрихтэкъым. Абы и нэгу къыщIыхьэжащ Саль и бжьэпэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэр. Жэщи махуи комиссарым зауэлIхэм яжриIэрт уи псэр хэкIын щыхъуам деж бийм уезауэу хэкIын нэхъ насып зэрыщымыIэр, езыри сыт щыгъуи хьэзырт, хуей хъумэ, Хэкум папщIэ и псэр итыну. Ахэр ауэ сытми псалъэ дыгъэлу аратэкъым. Къуэшрокъуэм фэрыщIагъ хэльтэкъым. Сабийр иджыри зи кIэтIий кIапэм къимыкIа Iузизэ, Дотий и щхьэгъусэр, бомбэм иукIауэ щызэхиха дакъикъэм къыдыщI эдзауэ Дотий кIуэдыпIэ къилъыхъуэрт. Севастополь и Iэгъуэблагъэ Сапун бгым деж абы штурмовик гупхэр ирешажьэри бийм йобгъэрыкIуэ. Гуп къэс Краснэ знамя нып зырыз яритащ бгыщхьэм щыхатIэну. Езыми зы нып ихьырт. Ныпыр сIэщIэлъу срырелIэ, жыхуиIэу арат. А зэхэуэм хэкIуэдащ ди зауэлI куэд. Ауэ Дотий къелащ. Абы и гур, и псэр къеныкъуэкъурт, зэгуэпырт ухыгъэр зэрымызахуэм щхьэкIэ. Ауэ мис иджыпсту, хъыджэбз дахэ къафэм еплъу здэщытым, япэ дыдэу абы зыхищIащ, мыдэ пхуэмыIуэтэщIын зы къару гуэрым хуэдэу къыпкърыхьащ гъащIэм и IэфIагъыр. А IэфIагъымрэ Севастополь деж кIуэдыпIэ къызэрыщилъыхъуауэ щытамрэ – гъащIэмрэ ажалымрэ – я лъэщагъкIэ зыкIи зэщхьэщымыкIыу зэхуэдизт.

Джэгум хэтхэм Iэгур тракъутащ, Апчарэрэ Нартшурэ я ислъэмей дэгъуэм. Хэт и гугъэнт Нартшу апхуэдэу телъыджэу къэфэфыну. Нэсауэ лIыкъэ ар! Насыпым кърихьэкIыу, и нэкIу-щхьитIыр къызэщIэплъэри, зэрыдахэм нэхърэ нэхъ дахэж хъуауэ, Къуэшрокъуэм къыбгъэдыхьэжащ Апчарэ.

– ИкъукIэ бэлыхьлажьэу укъэфащ! – комиссарым и щхьэр мащIэу игъэщхъащ.

Джэгур и гуащIэгъуэу йокIуэкI. Нартшу къыдигуэжын хьисэпкIэ Аслъэн аргуэру къыдокI. АрщхьэкIэ бжьыпэр зыми фIиубыдыфакъым «шыщхьэхъумэм». Нартшуи плъагъуурэ ин хъурт: и комиссарыр къыхуэарэзыт, и ныбжьэгъухэр къехъуапсэрт. ЛIот абы лей ар зыхуейр иджыпсту! Жэщыр фIыуэ хэкIуэта пэтми, ешауэ фэ лъэпкъ ятеттэкъым хьэщIэхэм. Зи Iэпкълъэпкъ-

хэр иджыри дахэ-дахэу зэрымыубыда щIалэ цIынэ цIыкIухэм къафэм къыщагъэлъагъуэрт яхузэфIэкI псори: жьы язэрыщIэ-тыр, пшынэм, Iэгуауэм, къадэфэ цIыхубзым зэрызэдрагъэкIун акъылрэ Iэзагъэрэ зэрыхэлъыр, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэм зэрыхащIыкIыр. «И мыжьы хъугъуэу жьы хъуащ» жыхуаIэм ещхьт а дадэ къуапэ цIыкIухэр. А цIыкIухэм я жагъуэ ямыщIын, фэ Iейхэр сытым фыщыщ, жаIэу ямыгъэпудын папщIэ балигъ хъуа, зи ишэгъуэр щыгъэтауэ, тIэкIуи хэтIыгъуэжа хъыджэбзхэр щIалэтанэ цIыкIухэм я фIэщыпсу къадэфэрт. Ауэ абыхэм ягухэр жыжьэ щыIэт – зауэм Iут зыпылъхэм ящIыгъут...

Комиссар набдзэгудзаплъэм гу лъитэрт, сыт хуэдиз нэщхъыфIагъэ къагъэлъэгъуэну хущIэкъухэ пэтми, дэтхэнэми езым и гукъеуэ, и гузэвэгъуэ зэриIэр зэрыхущIэмыхъумэм. Абы гу щылъитэм, езыри къэнэщхъеящ. Ар егупсысырт лIыгъэр зытезыгъэкIуауэ нэжэгужафэ зытезыгъауэ мо хъыджэбз къомым насыпыншэ Iэджэ зэрыхэтым: хэт и щауэр яукIынут, хэт ейри яукIагъэнкIэ хъунут, нобэр къыздэсым щхьэгъусэм и фIыгъуэ, лIыгъуэ-фызыгъуэм и гуфIэгъуэр ямылъэгъуауэ, «фызабэу» къэнэнкIэ хъунут ахэр... Хэплъэгъуэр щхьэм къэст. Насыпым я нэхъ иныр, гуфIэгъуэм я нэхъ дахэр яхуэфащэтэкъэ абыхэм? Зи псэми зи къаруми зы сыхьэт еблэж, ди текIуэныгъэр нэхъ псынщIэу нэрылъагъу хъуным щIэмыбэн, щIэмызэу яхэт абыхэм? Я жей ныкъуэми, ял къиищми, зы сыхьэт зыщIрагъэхрэ, зы сыхьэт етIысэхыпIэ я Iэ абыхэм? НетIэ Чорэмрэ Аслъэнрэ щIызэдэуа «жертвенность» псалъэм щхьэкIэ ущIэдэуэни ущIэпсэлъэни щы Iэтэкъым – мис мыбыхэм як Iэлъыплъи занщIэу къыбгурыIуэнт абы къикIыр… Уи пшынэ макъми дунейр зыкъутэ Iэгуауэ макъми зэпаудыфыртэкъым комиссар Къуэшрокъуэм и гупсысэ хьэлъэхэр.

Нэхулъэ къищIу хуежьат. ХьэщIэхэр Iэнэм ирегъэблэгъэж Батырбэч. Къуэшрокъуэм, дауи, игу къеуэрт и лъэгу (лъакъуэ уIэгъэр валенкэм илът, упщIэ дэгум сыт хъуаскIэ къыщIихынт?) цIыхур щIигъэплъу, абы къыщIих хъуаскIэр зэримыгъэлъэгъуар. Ауэ абы и гугъэр хихыжыртэкъым – зэ мыхъуми зэ хыфIидзэжынщ абыи башыр. Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэркъым, жи.

Унэм зэрыщIыхьэжхэу абы гу лъетэ: Iэнэм нэгъуэщI теплъэ иIэ хъуащ. Псом ящхьэращи, тхьэмадэм и тIысыпIэм хуэзанщIэу щхьэ щIылъэныкъуэ телъщ. Ар зыкъутэн хуейри хьэщIэрагъэнщ. Ари хабзэм тету. ЩIыбымкIэ иджыри къоIукI пшынэ макъри Iэгуауэ макъри. Щытхъу куэдым чэф ищIа Нартшу и макъ жыгъырур а псоми къахощыж.

– Хъыджэбзхэм уэрэд жаIэнукъэ? – куэд лъандэрэ уэрэдыжь зэхэзымыхыжа Къуэшрокъуэр щIоупщIэ.

– Дэ сытым хуэдэу уэрэджыIакIуэ бэлыхьхэр диIэ! –

къыпогуфIыкI Аслъэн. – Мыдэ иджыпсту сыкъэджэнкъэ?

– Уэ дауэ уеплъэрэ, тхьэмадэ? – Цыхъумэ дежкIэ маплъэ Чорэр. Абы и гугъагъэнщ: «пасэ Iуэщ» жиIэу, дадэм и щхьэр игъэкIэрэхъуэну. АрщхьэкIэ Цыхъумэ арэзы мэхъу:

– Уэрэдыр хьэгъуэлIыгъуэм и хьэщIэщ.

– НтIэ, уэрэдым щIадзэху бжьэ зырыз деуэнщ. Фыарэзы? – Чорэм фадэр иригъахъуэу щIедзэ. – ЩIыбым дыщыпIыщIащ. ТIэкIуи дыкъызэщIэплъэжынщ, тIэкIуи дыкъэжаныжынщ. Хэт сыт ирифыну: аркъэ, шагъыр, коньяк? ЖыфIэт.

– ЦIыхухъухэм коньяк, дэ шагъыр къытхуигъахъуэ, – Апчарэ къодыхьэшх.

Абдеж КIурацэ псэлъэну къотэдж.

– Хуит сыкъэфщIмэ, сэри псалъит I-щы жысIэнт, – ар зыми еплъыртэкъым, и шылэ щхьэфIэпхыкIым и кIапэр иубыдауэ увыIэгъуэ имыIэу иIуэтырт. И Iупэхэр кIэзызырт. – Аслъэн захуэщ. Уи псалъэм къикIыр уэри къыбгурыIуэжу, къодаIуэми къагурыIуэу щытын хуейщ. Псалъэр фочышэми быдзышэми ещхьщ. А тIур зищIысыр дэтхэнэ зыми дощIэ. Япэр ди псэм къощэ, етIуанэр ди псэм псэ етIуанэ хуохъу. Ар хэткIи гурыIуэгъуэщ. Ныбжьэгъу Чорэм иджыпсту и гугъу ищIащ ди псэм, ди жьэм хуэтхь щIакхъуэ Iыхьэм деблэж зэрымыхъунум. А иужьрей щIакхъуэ Iыхьэр зауэлIым ети абыкIэ ди текIуэныгъэр нэхъри нэхъ гъунэгъу къэщI, – жи, – КIурацэ дахэ-дахэу псэлъэфыртэкъым: укIытэри губжьри зэхыхьэжауэ абы и тэмакъыщIэм щIэс хуэдэт. Ар езыми къыгурыIуэжырт икIи тегузэвыхьырт къэгубжьыщэу и гушыкъур Чорэм трикъутэнкIэ зэрыхъунум. – Зи щIакхъуэ Iыхьэм еблэжу зыгъэпщкIухэм дащыщ дэ? РабочэкIэ деджэу а ди заводым щылажьэхэр флъэгъуа? ЩIалэ цIыкIущ, хъыджэбз цIыкIущ, лIыжь-фызыжьщ ахэр. Ахэращ чырбыш, кхъуэщын тщIы ятIэр къэзытIри, ахэращ ди чырбышхэр, кхъуэщынхэр зыгъэжри, зыгъажьэри. Ахэр икIи машинистхэщ, икIи хьэкугъэплъхэщ, икIи экспедиторхэщ, икIи шыгузехуэхэщ. НтIэ, сыту пIэрэ абыхэм яшхыр?.. МэжэщIэлIагъэм къыхэкIыу абыхэм ящыщ дапщэ къытехуэрэ махуэ къэс? Мес, Апчари щыгъуазэщ абы – птулъкIэхэр зыщIагъэувэ гуэщым. Пщэдджыжьым лэжьакIуэ къыдэкI цIыхум шэ литр ныкъуэ къыздихьамэ, махуэ псом абы къуэсщ. Зыгъэлажьэри аращ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, шэ абджым и пIэкIэ абыхэм псы гъэва птулъкIэ къыщыздахьи къохъу. ПщIэжрэ, ныбжьэгъу Чорэ, гъат-хэм уэ къыдэпщIэну узыхэтар? Мис а псы птулъкIэ зыIыгъыу лэжьакIуэ къакIуэ анэр езым и Iыхьэ шэ крушкIэм еблэжри ар и быным къыхуигъэнауэ арат. Уэ мис а сабийм къыхуагъэна шэ крушкIэри къыжьэдэптхъыну ухэтащ. Абы лIо узэреджэнур, ныбжьэгъу Чорэ? Зауэм Iут сэлэтыр хуейуэ пIэрэ апхуэдэ псэемыблэжыныгъэ? Зауэм Iут сэлэтым къигъэзэжмэ, къыджимы-

Іэну пІэрэ: сэ сыщІэзэуар си быныр, си адэ-анэр, си щхьэгъусэр шхын щхьэкІэ вгъэлІауэ сыкъревгъэхьэл Іэжыну арат? Абы дегупсысын хуейкъэ? Ди сабийхэр, – ахэращ народым и къуэпсыр, – шхын щхьэкІэ зэрымылІэным дегупсысын хуэмейуэ пІэрэ? Зауэм Іут сэлэтым – адэм и джийм хуегъэхыну пІэрэ и быным къыжьэдатхъа щІакхъуэ Іыхьэр, шэ крушкІэр? А цІыкІухэм я ныбэхэр я тхы къупщхьэм зэрыкІэрыпщІэжыр зылъагъун хуейр хэту пІэрэ?.. – КІурацэ и псалъэм адэкІэ пищэжыфыркъым – нэпсыр и тэмакъым тез къэхъуащ.

– Хъунщ, хъун иджы. Фызышэ хьэгъуэлІыгъуэм дыхэтщ дэ. Унагъуэм я гуфІэгъуэр къаІурыдгъэупщІыІуэ хъунукъым, – Апчарэ и ныбжьэгъум ІэплІэ хуещІ. – Пленумым, активым ущыІэу укъыщыпсалъэ уи гугъэж?.. Пэжщ, пленумхэм укІуамэ, уи жьэм хьэкъурт жьэдэлъ хуэдэщи, псалъэ къыбжьэдашыфыркъым. Псоми псори къагурыІуащ. Ауэ мыгурыІуэгъуэр зыщ: дыщІефэнур...

– КІурацэ и заводым и рабочэхэм папщІэ! – къыхелъхьэ Аслъэн. Ар жеІэри къотэдж, уэрэджыІакІуэхэр къиишэну.

– Си гум илъыр жысІауэ аращ, – зызэпелъэщІыхьыж КІурацэ.

Къуэшрокъуэр а псоми щыгъуазэтэкъым. Пэжщ, абы ищІэрт тылми тхъэжыгъуэ зэрыщымыІэр, ауэ мэжэщІалІагъэм къыхэкІыу я нэхэр къыщипхъуэрэ къуажэдэсхэр джалэу…

– Ди текІуэныгъэр къызэрытхьыр зауэм Іут сэлэтым игъажэ лъы къудейркъым, ди народ псом къыпкърокІ а текІуэныгъэр, – хэплъапэурэ псалъэу щІедзэ Дотий. – Апхуэдизрэ дызыпэплъа текІуэныгъэм и фэеплъ лъапІэу къытхуэнэнущ абы папщІэ зи псэр зытахэр, зи псэм емыблэжу абы папщІэ гугъу зезыгъэхьахэр. Си бжьэр къызоІэт ди рабочэхэм, мэкъумэшыщІэхэм, зи сабиигъуэр зауэм игъэнэщхъея ди щІэблэм я саулыкъукІэ. Иджыпсту псоми тлъэгъуащ а цІыкІухэр зыхуэдэр. Флъэгъуащ Нартшу. Ахэр балигъхэм зэрыдэплъейхэр, езыхэми балигъыфэ зэрызытрагъэауэр тлъэгъуащ. Балигъыфи къатеуащ абыхэм – балигъхэм яхузэфІэк Іым хуэдиз ящІэ. А цІыкІухэм я пщэдейм, я махуэ насыпыфІэм папщІэ!..

Чорэм зыгуэр жиІэну и гугъат, ауэ хъыджэбзищрэ зы пшы-науэрэ и гъусэу Аслъэн къегъэзэж.

– Уэрэд едэІуэнум фи тхьэкІумэхэр тевгъахуэ!

– Зауэм теухуа уэрэд девгъэда Іуэт. Мис а губгъуэм щыжыфІэ хабзэр, – мэлъаІуэ Батырбэч.

– Зауэм теухуауэ жыфІэт, – Цыхъуми къолъаІуэ. ДэтхэнэмкІэ къыщ Іэддзэн жыхуаІэу, хъыджэбзхэр зоІущащэ. Абдеж ирихьэлІэу, цІыхухэм ерагъыу къызэпхопщри, къэуцІыплъыжауэ Нартшу къыщІохьэ, тхылъымпІэ напэ гуэри иІыгъщ.

– Мыр лІо, шыщхьэхъумэ, иджыри къэс угъуэлъыжакъыми, – егъэщІагъуэ комиссарым.

Абы жэуап иритыжыным и пIэкIэ, Нартшу директорым хуеший IэщIэлъ тхылъымпIэр.

– Мы телефонограммэр къуажэ Советым кърахащ. Уи пIэкIэ Iэ тездзэри къе Iысхащ, – жи.

Телефонограммэр къызыбгъэдэкIыр шы заводым къытена лэжьакIуэ закъуэрт: бухгалтерырат. Заводым шыбз тIощIрэ пщIырэ къызэрыращэмкIэ тхылъ къаIэрыхьат. Абы и пIалъэр икIынкIэ гузэвауэ бухгалтерым директорым хъыбар кърагъащIэ. ХэбгъэтIасэмэ, шыбзхэм ухэкIыжынкIэ мэхъу, итIанэ аргуэру улъаIуэ-уIункIэу къыщIэбдзэжыну къыпхудэкIынут.

Хъыджэбзхэм къыщIадзэ Iэдииху теухуа адыгэ уэрэдыжьыр. Псори щыгъуазэт а лъагъуныгъэ уэрэд телъыджэм, ар псоми фIыуэ ялъагъурт. Ауэ я щIэщыгъуэр имыкIыу сыт щыгъуи едаIуэхэрт абы, езыхэри дежьурт. Иджыпстуи дахэ дыдэу жаIат уэрэдыр хъыджэбзхэм. Пшынауэри, и псэр етауэ, дежьууат и пшынэмкIэ.

Псом нэхърэ нэхъыбэрэ а уэрэдыр зэхэзыхауэ гупым яхэсыр Цыхъумэти, абыи икъукIэ гурыхь щыхъуат хъыджэбзхэм ар екIуу зэрыжаIар. И псалъи емыблэжу дадэр хъыджэбзхэм ящытхъуат. АдэкIэ зауэм теухуа уэрэд къыхадзэ. «Украинэшхуэм и губгъуэхэм ди щIалэхэм я хьэдэ къупщхьэхэр щощыж», – Украинэм и губгъуэ инхэм ещхьу яукъуэдийрт хъыджэбзхэм уэрэд гуузыр. Пшынауэм и нэкIущхьитIым къежэбзэх нэпсхэр хуэлъэщIыжыртэкъым – пшынэр IэщIэлът, макъамэр зэпигъэуну игу пыкIыртэкъым...

И щхьэр ехьэхауэ, нэпсыр ирикIуту щыст КIураци. Дотийрэ Апчарэрэ фIыуэ къагурыIуэрт а цIыхубзым и гум щыщIэр. А уэрэдыр щIаусар Дон и губгъуэхэм щаукIа Аслъэныкъуэу къыщыхъут абы. Гуауэр бгъэвыфынми зы гъунэ гуэр иIэу къыщIэкIынщ. АдэкIэ хуэхьыжакъым КIурацэ: зыхуэмыубыдыжу къыщеудри унэм щIож ар.

– Хъунщ иджы. Хьэдагъэ хъуакъым мыр. ХьэгъуэлIыгъуэм, гуфIэгъуэм нэпс щIыхэпкIэн щыIэкъым, – къригъэжьат Чорэм. АрщхьэкIэ адрейхэм ядэркъым:

– ЖрыраIэхэ! – псом япэ къопсалъэ Апчарэ.

– Я гугъу умыщI. Уэрэдкъым ар – гъыбзэщ, – Къуэшрокъуэми ерагъыу зызэтриIыгъэщ, нэпсхэр игъэпщкIуу щхьэкIэ, и гур къогъыкI, абыи и нэгу къыщIыхьэжащ Сальск и губгъуэхэр. Зэныбжьэгъурэ зэIыхьлыуэ сыт хуэдиз шууей а губгъуэхэм къинар! Зауэр мыгувэу зэриухынур нэрылъагъущ, ауэ а хэкIуэда къомымрэ дяпэкIи хэкIуэдэнухэмрэ сыт хуэдэ уэрэд хуаусынухэр?..

Уэрэд жыIэн зыуха хъыджэбзхэм зрачыжат. Ауэ тхьэмадэм къызэтрегъэувыIэ:

– Зэ фымыпIащIэт, си псэ тIэкIухэ. ЕмыкIу дыкъэвмыщI, тIасэ, тIэкIу дыкъэдзыхам пцIы хэлъкъым. ДыкъыщIэдзыхар

ди щхьэкъым – дызэвгъэдэIуа уэрэдхэр зыхуауса ди бынхэрщ. Уэрэд зыхуагъэфащэу зыхуаусыр лIыгъэ зиIэрщ. Апхуэдэ уэрэд куэд ди лъэпкъым иусыну, дыщыгъынум деж апхуэдэ уэрэд дедаIуэурэ дыгъын тхьэм ищI. Уэрэд къыпхуагъэфэщэныр дыщэм хуэдэкъэ. ИIэт, хуэмыху...– Цыхъумэ зыхуегъазэ зи пыIэр къезыкъухыу зи нэпсыр щIэзыхъума щхьэгъэрытым. – Ди хъыджэбзхэм бжьэ зырыз къахуибгъахъуэркъэ?..

– Уэри, Чарочкэ-Апчарочкэ, хъыджэбзхэр зыгуэр егъэдзакъэ, – Дотий, къыпыгуф IыкI щIыкIэу, Апчарэ къоплъ. – Хъыджэбз дэгъуэкIейхэщ. Бэлыхьу жаIэ уэрэд. Зэи зэхэсхатэкъым а уэрэдыр. Народым и гуауэм апхуэдэ уэрэд телъыджэкIэ пэджэжыфар хэту пIэрэ?

– Ар илъэс нэщхъеягъуэхэм я уэрэдщ, – къопсалъэ Аслъэн. – ДяпэкIэ, тхьэм жиIэм, ди текIуэныгъэм и гуфIэгъуэ уэрэдхэр яусынщ. Блэр и гъуэм ираукIыхьыж, жыхуаIэу, зауэр къыщежьа щIыпIэм щыужьыхыжынщ. А зауэ угъурсызыр къэзыгъэхъеяуэ щыта бзаджэнаджэхэм ялъысынур «Шыщхьэтегъэ» уэрэдщ. НэгъуэщIым мащэ хуэзытIыр а мащэм йохуэж, жи.

## 4. УIЭГЪЭ МЫГЪУЩЫЖ

– Ди шу дивизэм теухуа уэрэд щыIэ! – щIоупщIэ комиссарыр.

– Апхуэдэ уэрэд зэхэсхакъым, –зыкъеумысыж Апчарэ. – ЩыIэу нэгъуэщI щIыпIэхэм щыжаIэми хэт ищIэн? Ауэ ди деж иджыри къэсакъым. Зы жьэм къыжьэдэкIыр жьищэм жьэдохьэ, жыхуиIэм ещхьу, дунейм къытохьэ уэрэдыр. Зы губгъуэ унэ, зы фермэ, зы унагъуэ щаус, абы дамэ къытокIэри къуажэхэр къилъэтыхьу щIедзэ.

– Хьэуэ, – хэкъузауэ жеIэ школым и директорым. – Ди шу дивизэм теухуа уэрэд щыIэкъым. ЩыIэр сыт? УIэгъэ мыгъущыжу ди лъэпкъым къытенащ езы шу дивизэр.

– Ар сыт щхьэкIэ? – щысхэм я нэгухэм йоплъэ Къуэшрокъуэр.

– Тхьэм ещIэ. Абыи щхьэусыгъуэ гуэр иIэнкIэ мэхъу... – мыгурыIуэгъуэу къопсалъэ Чорэр.

Унэм щIэкIыж хъыджэбзхэр бжэщхьэIум деж КIурацэ щыIуоуэхэр. Ежьэжыну яфIиукъуэдийри ерагъыу яубыдауэ арат КIурацэ.

– УIэгъэ мыгъущыж... Куэдрэ къешынэуэжынущ ар, – хуэм дыдэу къопсалъэ Апчарэ. – Абы и уэрэдыр щызэхалъхьэну зэманыр къэсауэ къыщIэкIынкъым иджыри.

– Аращ. УIэгъэ мыгъущыжщ, – Апчарэ и псалъэр деIыгъ Къуэшрокъуэм. – Шу дивизэр лъэпкъым и бынт. И лъэпкъым

хуэфащэуи къыщIэкIат ар. ТекIуэныгъэм папщIэ зыри, уеблэмэ и псэ дыдэми еблэжакъым. СыщыцIыкIум зэхэсхыу щытащ мыпхуэдэ уэрэд: «Си щхьэфэр лъэгущIыхь пхуэсщIынщи уэ щIыIэм уезмыгъэсу укъезгъэлынщ». Апхуэдэ дыдэу ищIащ ди народым – и щхьэфэр лъэгущIыхь хуищIащ текIуэныгъэм. Танкхэмрэ мотолъэсыдзэхэмрэ сэшхуэ пцIанэкIэ уапэувын жы-хуэпIэр дауэ къыпщыхъурэ? ИтIани зэрыгъэщтакъым, зэрыгъэ-гужьеякъым ди шууейхэр. Бийм и тылым къихутахэм сыт ящIэнт? Я псэр Кавказым къахьэсыжащ. Къыщалъхуа къуршы-лъэхэм зыщагъэбыдэу бийм езэуэну. Ахэр зыкIи бгъэкъуаншэ хъунукъым. Зауэм щыщIидза япэ лъэхъэнэхэм окруженэм ихуэу щытащ  батальонхэр, полкхэр, дивизэхэр, уеблэмэ армэ  псохэр. Ауэ, фронтыр къызэпратхъыурэ, ахэр езыхэм я дзэхэм къахы-хьэжырт. Ар къаймыхъулIэрэ – партизану ежьэжхэрт. Шууей зыбжанэм зауэм щыIутым, дзэхэр щызэхагъэхьэ-щызэхагъэ-кIым, я частхэр яфIэкIуэду къыщалъхуа щIыпIэхэм къызэрагъэ-зэжам тепщIыхьу, дивизэм и пщIэр бгъэпудыныр къемызэгъщ. Апхуэдэхэр куэди хъуркъым. Дэдзеи къедзыхыж – процентитI-щыщ зэрыхъур. Адрей процент бгъущIрэ блыр я псэ емыблэжу, зауэлI нэсым и къалэныр ягъэзащIэу бийм пэщIэтакъэ? Абы щыгъуазэщ Апчари. Сэри си нэгу щIэкIащ ар. ПщIэжыркъэ, Апчарэ, Саль псым телъа лъэмыжым деж щекIуэкIа зэхэуэхэр?

– Мартовкэ райцентрым, Ново-Николаевск станицэм, Московскэ, Немецко-Полтавскэ хуторхэм деж щекIуэкIа зауэ-хэр-щэ? А щIыпIэщIэхэр игъащIэ псокIэ сщыгъупщэжынкъым.

– А псы икIыпIэм деж бийм и танкыпэхэм щхьэ дыщIэхуат? ГурыIуэгъуэщ: связь диIэжтэкъыми аращ. Жэщ кIыфIыр къигъэсэбэпу полкым нэгъуэщI быдапIэщIэ зригъэгъуэтын хуеят. Ауэ дыщыIэпхъуар сытым щыгъуэ? Нэху ща нэужьщ. Бийм хуиту дыкъилъагъуу. ИужькIэ къызэрыщIэкIыжамкIэ, пакетыр иIыгъыу штабым кърагъэкIа связнойм дыкъимы-гъуэтауэ арат. Дэ унафэу къытхуащIыным дежьэу, дыздэкIуэнур дымыщIэу, зыщыдгъэбыдэнур къытхуэмыщIэу, тщIэнур дымы-щIэу дыщысащ. Абдеж штабым зэрызыпытщIэн рацэ диIамэ, къытпэщылъ къалэныр дубзыхури, ди Iуэху и ужь дихьэжа-тэкъэ? Гъэмахуэ жэщ кIэщI тIэкIум сыт хэлът? ТщIэнур дымы-щIэурэ, нэху къыттещхьэри ежьэжащ. Зыщитчам щыгъуэ дыгъэр къыщIэкIакIэт. КIэщIу жыпIэм, ди бийр зыхуеиххэм хуэдэу хъуат псори. Гъуэгум  дытраубыдащ фашистхэм я кхъухьлъатэхэмрэ танкхэмрэ. Шум и щхьэр дэнэ ихьын? Нэм къиплъыхьыр губгъуэ сэтейщ. Кхъухьлъатэхэр гъуахъуэу къы-щхьэщытщ. Шыр гужьеящ, зеукIыжри пхуэубыдыркъым. Аращ иныкъуэхэм къагъэзэжыныр къызыхэкIар. СэшхуэкIэ, къэбыс-

тэм хуэдэу, танкхэр щхьэ фымыупщIэтарэ, жыпIэу бгъэкъуаншэ хъуну ахэр? Ауэ абдеж улъия щыхъуащ зи псэр зытахэри, зи псэм емыблэжрэ къикIуэт зимыIэу яхузэфIэкIыху зэуахэри. Арагъэнщ нобэр къыздэсым шууей дивизэм теухуа уэрэд щIамыусари. «ЩхьэусыгъуэкIэ» Чорэр зэджэри аращ. Урысхэм жаIащи, фо бошкIэр гущыхуэ лошкIэм зэIигъэхьащ. Дэ ди къалэнщ а бошкIэр къабзэу гущыхуэм къыхэтхыжыну. Пэжкъэ, Апчарэ?

– Зыми сыщымышынэу ар дэнэ дежи щысщIэфынущ сэ.

– Ар Къулым къывдиIыгъыну пIэрэ? – нэр ирищIу щIоупщIэ Чорэр. – Ар а Iуэхум нэгъуэщIущ зэреплъыр. Абы теухуауэ Къулыр пленумым зы документ гуэрхэм къыщеджэгъауэ сощIэж...

– Къулым къывдиIыгъын, жыпIа? Къулыракъэ езыр шу дивизэр къызэзыгъэпэщауэ щытар? Абы сыт хуэдиз гугъуехьт а лэжьыгъэм тригъэкIуэдауэ щытар! Абы и нэIэ сыт хуэдэу тету щыта а дивизэм?

– НтIэ фо бошкIэм гущыхуэ лошкIэр хэзыкIэ Iэр сыту фIимыубыдыкIарэт? Хьэмэрэ, ар илъагъурэ пэт, зимыгъэхъейуэ щысауэ ара? – Дотийрэ Апчарэрэ я телъхьэ хъуну хуейтэкъым Чорэр.

– А уэ уи гугъэм хуэдэу Iуэху цIыкIуфэкIукъым ар...

– Ныбжьэгъу полковник, шыхэр щIэсщIэжыну хуит сыкъэщI! – псалъэр зэпеуд Нартшу.

«ЗэрыщIалэ ахъырзэман цIыкIу, гулъытэ зэриIэ абы, – йогупсыс Къуэшрокъуэр. – Пэж дыдэу, нэху щыным къэнэжа щыIэжкъым».

– Дымыжеиххэну ара-тIэ, шыщхьэхъумэ? – къыпыгуфIыкIыурэ щIоупщIэ комиссарыр. – Зауэм дыIуткъым дэ, зиунагъуэрэ. Бийр къыттегуплIэркъым. ТIэкIу дыгъэщхьэукъуэ, пIытIэ. Хъун?

– Захуэщ! – сэлэт щIыкIэу жэуап къет Нартшу, щIэкIыну зегъазэ. Ауэ «пIытIэ» къызэрыжраIар и гуапэ хъуркъым. Командирхэм я къуэдзэхэм апхуэдэу зэрыжрамыIэр ищIэркъэ Нартшу? ЩIалэ цIыкIум фIэфIт моуэ балигъыфэ, иджыпсту, уеблэмэ мы хьэгъуэлIыгъуэм хэкIыу зауэм Iухьэну хьэзыр сэлэтыфэ къраплъыну.

Къуэшрокъуэм къыгурыIуэрт – пэ зиIэм кIэи иIэщ: ефэешхэр ухын хуейщ. Мыгузавэу щытамэ, телеграммэ кърикъэхьынтэкъым бухгалтерым. Шыбзхэр къригъэхуну игъэкIуэни иIэкъым. Директорыр, бухгалтерыр, Нартшу – аращ шы заво-дым щылажьэ псори. И лъакъуэ уIэгъэр зэрилъафэу езыр Ростовскэ областым нэс дауэ кIуэн? Бухгалтерыр и ныбжькIэ щIалэжккъым, шы Iуэхум хищIыкIи щыIэкъым. Къуэшрокъуэм телефонограммэр аргуэру и жыпым кърех, гукIэ ищIэ пэтми, абы итым аргуэру гупсэхуу

зэ къоджэж, шыбзхэр къыздрахуну щIып Iэм унэсын папщIэ махуэ дапщэ ухуеину, йогупсыс ар. Хьэкъыр зыщ: шыбзхэр зытет заводыр къалэм дэткъым.

ХьэщIэхэр Iэуэлъауэу, кIыхьлIыхьу зэбгрокIыж. Дотийрэ Батырбэчрэ абыхэм ядокIуатэ. ИтIанэ а тIум пщIантIэр куэдрэ къызэхакIухь.

– Пэж дыдэу, Къулым псалъэ гуемыIу гуэр жи Iауэ пIэрэ ди шу дивизэм щхьэкIэ? – Къуэшрокъуэм иджыри и фIэщ хъуртэкъым Чорэм жиIэу зэхихахэр.

– Пэжу къыщIэкIынкъым ар... Сэ зэхэсхакъым апхуэдэ хъыбар. Пэжщ, Бештом ехьэлIауэ псалъэмакъ гуэрхэр щыIащ.

– Бешто, жыпIа?.. Зы цIыху епщIыжакIуэм тепщIыхьу дивизэ псо бгъэулъий хъурэ?

ЛIит Iыр зыкъомрэ зэпсэлъащ. ИтIанэ тI экIу загъэпсэхуну гъуэлъыжахэщ.

Къуэшрокъуэр псынщIэ дыдэу къэушыжащ. Уэрышми абы зыкъыкIэримыгъэхуу зыкъиIэтащ.

– ХьэщIэр жейм емызэгъамэ, бысымыр мэгузавэ. Пэшыр тIэкIу къощIыIэкIауэ пIэрэ, Дотий? – нэрэ напIэрэ зэхуимыхьарэ пэт, Батырбэч жант. Ауэ ар апхуэдэхэм есэжат. Махуэм зыщIыпIэ деж тIэкIу щыщхьэукъуамэ, абыкIэ и жей зэфIэкIт. – УешауелIауэ, узэхэукIауэ угъуэлъыжати, моуэ фIыIуэу зыбгъэпсэхун си гугъат. Унэм исхэр псори зэбгрыуфэрэкIыкIауэ мэжейхэри, укъамыщIэурэ я лъакъуэхэмкIэ къыщIэплъэфынщ.

–Уэр-щэ? ЛIо, жейм уемызэгъыу ара?

– Сэ сыт? Сэ сымэкъумэшыщIэщ. Сытым деж сыгъуэлъыжами, адакъэм сакъыдэушын хуейщ. Арыншамэ, жейм удихьэхынщи, уи Iуэхур псым ирихьэхынщ. Уи лъакъуэр дауэ щыт? Къоузрэ?

– Мыузмэ, нэгъуэщI щыIэт? – Къуэшрокъуэр къызэфIотIысхьэ. Ауэ щхьэхынэ-щхьэхынэурэ мэIэбэ, зыхуэпэным хуэпIащIэркъым. И кителыр шэнт зыкIэрыгъэщIапIэм фIэдзащ. – ТIыс. Сыту фIыт уэри жейм узэремызэгъыр. ТIэкIу дызэпсэлъэн хуейщ. Пэжщ, хьэгъуэлIыгъуэракъым зи гугъу сщIынур. Нобэрей зауэ зэманым еплъытмэ, фызышэр дэгъуэкIейуэ екIуэкIащ.

– Сыти и фызышэ мыгъуэ абы? – Батырбэч и Iэр ещI. – Фызышэ щыщыIар япэхэрат. УитIэщIырти уиухъуэнщIыжырт. Благъагъэк Iэ зэбгъэдэувэ унагъуитIми абыхэм я Iыхьлыхэми мазэ бжыгъэк Iэрэ загъэхьэзырхэрт. ПщIантIэм Iэщу щызэтраукIэм ущIэмыупщIэт... Езым я Iэщми благъэм къыхурашэлIами щысхьыжхэртэкъым. Иджы лIо? Зауэ зэманщ. Япэрауэ, узыхэIэбэн уиIэкъым, мыдрейуэ, уиIапэуи дощI ри, цIыхум щхьэкIэ укIытэн хуейщ. Адрейхэм я хэкIуэдахэр ягъейуэ, уэ уи хьэгъуэлIыгъуэу...

– Сыт пщIэн-тIэ, Батырбэч? Псэун хуейщ. ГъащIэр къэбгъэ-

увыIэ хъунукъым. Зыр лIа щхьэкIэ, адрейм зилIэжрэ, жи. ГъащIэр аращ: гуфIэм догуфIэ, пыхьэм допыхьэ. Зэхэпхакъэ ныжэбэрей уэрэдыр? Зауэм Iут дыдэхэри зэрошэ. ХэкIуэдэнухэми къелынухэми ямыщIэрэ пэт. ЗэрышагъащIитIым уи топ уэ макъри уи бомбэ къауэри къафIэмыIуэхуу мэжейхэр. Нобэрей ди щауэмрэ ди нысащIэмрэ ещхьхэу. Ахэр шэджагъуэ хъуху жеину къыщIэкIынщ.

– Айтэч фермэм зэрынэсыжрэ нейзэман.

– Дауэ хъунт? – зэхихар зэригъэщIэгъуэн ищIэркъым хьэщIэм, ар тIэкIуи и жагъуэ хъуащ. – Сэ зыгуэркIэ сепсэлъэн си гугъати...

– Хабзэщ, зиунагъуэрэ. НысащIэм и бгъуэщIыр сыт хуэдизкIэ IэфIми, пIэм хэлъу щауэм нэху къытещхьэ хъунукъым. Арыншауэ, лIыфэ къуаплърэ?

– Ди хабзэхэр ткIийщ. Хуабжьу ткIийщ.

– Айтэч пщэдджыжьышхэм ирихьэлIэу къигъэзэжын хуейщ.

– Сыту фIыт. Ауэ япэщIык Iэ уэ сыночэнджэщынут. ЗыгуэркIэ сыщыуэмэ, емыкIу зыпылъ жысIэмэ, абы щыгъуи къысщумыбзыщI, укъысщымыукIытэ. Сэ сыщыгъуазэкъым уэ уигу илъ псом. Ауэ щыхъукIэ...

– УзгъэукIытэнкъым, уи дзыхь къызэгъэз, Дотий. СхузэфIэкIымкIэ – ар иреIуэхукIэ, иречэнджэщкIэ – сыбдэIэпыкъунщ.

– Айтэч зыдэсшэнут. Си заводым щызгъэлэжьэну. Ауэ уэ умыарэзыуэ щытмэ...

– ЛэжьапIэ пшэнуи? КхъыIэ, нобэ шэ, ухуеймэ. НысащIэри и гъусэу.

– И гъусэущ-тIэ, армыхъу... Зэрыша къудейуэ зэкIэщIэпчыжынхэ? Абыи ищIэн щигъуэтынщ ди деж. ФыкъызэмыпIэщIэкI закъуэ, армыхъумэ си хозяйствэм зыкъиIэтауэ флъагъунщ. Ар ауэ сытми шы завод хъуну? – Дотий нэхъри къызэрокI, и къуэр къиутIыпщыну Уэрышыр арэзы зэрыхъуар и дуней гуфIэгъуэщ. – Фэтэри ястынщ. Ирелажьэ, ирешхэжхэ.

– ИкъукIэ дэгъуэщ. ЩIалэр шыбзыхъуэ хьэлэмэтщ. Сызэрикъуэм щхьэкIэ сыщытхъу хуэдэу къыпщымыхъу, шым фIыуэ хещIыкI, фIыуи елъагъу шыр.

– Псом ящхьэр аращ. ЩIыхум шыр фIыуэ илъагъун хуейщ. Шыр фIыуэ зэрумылъагъунур сщIэркъым. Iэщ губзыгъэщ, хьэлэлщ, ныбжьэгъу пэжщ... – шым теухуауэ Дотий къригъэжьа щытхъур зэпеуд Нартшу, комиссарым и жьакIэупс сытхэр зыдэлъ пхъуантэ цIыкIур иIыгъыу къыщIыхьат ар. Абы аргуэру псалъэ гуапэ къылъос – зы цIыхум зы псалъэ къыжримыIэу, езым игу къэкIри къыхуихьат и комиссарыр зыхуей псори. Уеблэмэ псы хуабэ крушкIэри тас цIыкIури IэщIэгъупщыкIатэкъым.

– Нэсауэ ушыщхьэхъумэщ, Нартшу! Уи къалэныр дэгъуэу уогъэзащIэ.

Тас цIыкIур шэнтщхьэгуэм трегъэувэ, езым гъуаплъэ къуб-гъаныр еубыдыжри, зыптхьэщIынумэ, псыр птескIэну сыхьэ-зырщ, жыхуиIэу мэувыж. Дотий и джанэ щIагъщIэлъри зыщех, зауэм зэхиуIухьа щIыфэ дыркъуэ защIэр щилъагъукIэ, Нартшу къыхоскIыкI: иджыпстут ар япэ дыдэу щыIуплъар комиссарым и щIыфэ кумблIэмбым. Абы и дзажэналъитIри къызэрытыр белджылыуэ и джабэр иушкIумпIат. Дотий и напэр сабын тхъурымбэм щIигъэнащ. ИтIанэ бритвэр къыIэщIолыдыкI. Зи кIапэ лъэныкъуэр Нартшу IэщIэлъ бгырыпх бгъуфIэшхуэм дедзэ бритвэр. И жьакIэр иупса нэужь, Iэуэлъауэшхуэ ищIу, псыр зэбгриутхыкIрэ ятIэ лъэгум ириутхэу зетхьэщI. Шэнт-щхьэгуэм и хъуреягъым псыр къож. Нартшу комиссарым псыр трекIэри – трекIэ. Къуэшрокъуэм зиупсыху, зитхьэщIыху, зихуэпэху Батырбэч пщэфIапIэм щыIэщ.

– Шыхэр сыт хуэдэ? Щытыкъуэу я лъэр зэщIэмынауэ пIэ-рэ? – напэIэлъэщI псыфымкIэ и пщэри, и бгъэри, и щIыбри быдэу зэпилъэщIыхьурэ щIалэ цIыкIум йоупщI Дотий. – Псы езгъэфащ, жып Iа?

– НтIэ, – Нартшу игурэ и щхьэрэ зэтелъщ: и къалэныр дэгъуэу егъэзащIэ.

– Упсэу! УщIалэ бэлыхьщ! АпхуэдизкIэ ущIалэфIщи, фронтым уздэзмышэну си фIэщ хъуркъым. Псоми занщIэу гу лъыботэ, ущIалэ жанщ. ЗикI къыбдагъуэн щыIэтэкъым. Ауэ... тIэкIу уцIыкIуIуэщи, мис аращ Iуэхушхуэр...

А иужьрей псалъэхэр щIалэ цIыкIур зыкIи зыхуэмейт. Езыр зыщIэхъуэпсыр, зыщIэкъур аракъэ – зэрымыщIыкIужыр, фронтым кIуэуэ щытми, ишхыр пщIэншэу зэрымыкIуэдынур къигъэлъэ-гъуэну? Ауэ Нартшу зы псалъи жиIакъым. Тас-къубгъаныр, псы къызэрыщIихьа крушкIэр къещтэри бжэм хуеунэтIыж.

– Уи щхьэр умыгъэлъахъшэ, хуэмыху! Дауэ хъуми, уэ уздэзмышауэ сэ фронтым згъэзэжынкъым, – нэщхъей дыдэу щIэкIыж щIалэ цIыкIум кIэлъыжеIэ Къуэшрокъуэм.

ГуфIащэри, иIыгъыу хъуар Iэпыху пэтащ Нартшу.

Пщэдджыжьышхэр къыщIахьэ.

– Мы къомыр цIыхуитIым ди Iыхьэу ара? – егъэщIагъуэ Дотий. Пэж дыдэу, ерыскъыуэ къахьар цIыху зыбгъупщIым яхурикъунт.

ХьэщIэм жиIар зэхимыхауэ фэ зытрегъауэ Батырбэч, ар занщIэу щIожыж.

Шхыным игу хуэкIуэртэкъым Дотий. Ар иджыпсту нэхъ зыхуейр шей пщтырт. Ауэ, ухуей-ухуэмейми, фIыуэ умышхэу зэрымыхъунур къыгурыIуэрт: пщыхьэщхьэ пщIондэ нэгъуэщI узыщыгугъын щыIэтэкъым. Мыбдеж щыпшхыр уи Iыхьэу арат.

Бжэр зэIуож, унэм къыщIохьэ узэримыгъэплъу цIыхубз дахэ гуэр, ар екIупсуи зэщIэхуэпыкIащ, тепщэч IэгуIэщIышхуэ IэщIэтым птулъкIищ итщ: коньяк, шампанскэ, аркъэ. Абы и ужь итщ зи нэкIукIэ Айтэч ещхьыркъабзэ цIыхубз хэкIуэта. Абыи IэщIэтщ мэлыл гъэва тепщэчышхуэ. БжэщхьэIум къызэребакъуэу, цIыхубзитIри къэувыIащ.

Iуэхур зыIутыр къыгурыIуащ Дотий. Ар къотэдж. ХьэщIэм хабзэ къыкIэлъызэрахьэу арат. Батырбэч щIэбзэхари гурыIэгъуэ хъуат: цIыхубзхэр имыгъэукIытэну лъэныкъуэ зригъэзат.

ПщIащэ зыхэс чэсыргей бостей щIыхуфэ зыщыгъ, щхьэфIэпхыкI фIыцIэшхуэ зытелъ, вакъэзэщI эдэ, цы лъэпэд хужь зылъыгъ цIыхубзыр, зэрыхуэбгъэфэщэнумкIэ, унэгуащэрат. Адрей цIыхубз щIалэ дахэр, дауи, я нысэрауэ къыщIэкIынт. Плъагъу щIагъуэ щымыIэу, абы и нэкIур шылэ IэлъэщIым щIихъумат, и щхьэр ехьэхыпарэ еплъыхыу щытт. Ауэ абы и дахагъыр зыгъэпщкIуфын IэлъэщI гъуэтыгъуейт: и нэкIум ущызэкIэщIэплът, набдзэ къурашэт, пыпхыни пыплъхьэни щымыIэу и пэри екIупст. Къуэшрокъуэм ищIэрт хабзэр зэрыщытыр: бгъэдыхьэу, техьэпщIэр иту, щхьэтепхъуэр яIэтыну елъэIуу нысащIэр зригъэлъагъун хуейт. Тхьэм абы нэхърэ нэхъ иужэгъужа щымыIэу нысащIэр зы быIуэбышэ гуэрми, ар «зэрыдахащэр» бгъэщIэгъуэн, абы ущыгуфIыкIын хуейт. Пэжщ, Къуэшрокъуэр а псоми щыужащ. Ауэ хабзэр хабзэщ. Абы уебэкъуэныр емыкIущ. НысащIэр умылъагъуу дауэ уежьэжын? Унэгуащэращ зыукъуэдияр езы нысащIэм хьэщIэр илъагъун хуейуэ. Мис иджы, я шыгъу-пIастэр яIыгъыу зэрыхуэфэщэнкIэ хьэщIэм деж къыщIыхьащ зэнысэзэгуащэр.

Зи ныбжь хэкIуэта цIыхубзым псалъэ гуапэ дыдэ кърегъажьэ. Абдеж Батырбэчи къыщIохьэжри, щIалэ гъэса Iэсэ цIыкIу нэхъей, сабырыбзэу бжэ къуагъым къуоувэ.

Нэмэзыбзэ жиIэ пфIэщIыну, цIыхубзыр мэпсалъэ:

– Псыхьэлыгъуэхэр зэхолъэдэжри псышхуэ мэхъу. Лъагъуэхэр зэхохьэжри гъуэгушхуэ мэхъуж. ХьэгъуэлIыгъуэм хьэщIэ лъапIэ нэхъыбэ кърихьэлIэху, ар нэхъ гукъинэжи мэхъури, абы и пщIэри нэхъ Iэта мэхъу. Ди хьэгъуэлыгъуэр тхуэбгъэдэхащ, тхуэбгъэлъэпIащ, Дотий, лъапIэныгъэрэ гуфIэгъуэрэ ущымыщIэу куэдрэ тхьэм уигъэпсэу. КъомыхьэлъэкIыу гугъу зыкъытхуебгъэхьащи, фIыщIэ ин пхудощI. Ди деж укъыщыкIуэм лъэбакъуэу къэпчам хуэдиз махуэ гуфIэгъуэ уи гъащIэм тхьэм

къыпищэ. Ди быным и гуфIэгъуэр къыддэпIэтащи, уи бын я гуфIэгъуи бдэт Iэтыжу, бын гуфIэгъуэм хэмыныным ящыщ ухъуну тхьэм сыпхуолъэIу, – цIыхубзым и псалъэр зэпегъэу. И нысэмкIэ хуоплъэкI. – Мы си бгъум щытыр си нысэ цIыкIурщ. Алыхьырщ, алыхьым нэужькIэ ди жьэгу пащхьэр мафIащхьэрэ гуфIэгъуэрэ щымыщIэн папщIэ дяпэкIэ дызыщыгугъыныр мыращ. Нэхъыжьхэм ди хуабапIэ хъуныр абы и жьэгу пащхьэм-рэ и псалъэ гуапэмрэщ. Зумыусыгъуэджэу къеIыхыт абы къып-хущIихьа фадэбжьэр. А фадэ пIащIэм щыщу уи гум пIэпих ткIуэпсым хуэдиз гъащIи тхьэм къуит.

Гу хьэлэл зиIэм ишхри ирифри и хьэлэлщ. Уэ гу хьэлэл узэриIэр псоми я нэгу щIэкIащ: уипкъ къипхыу нысащIэ тхьэмыщкIэм епта джанэм джылъу Iулъым хуэдиз насып тхьэм къуитыну зэрыжылэу дыпхуохъуахъуэ. ФIым кIуэд иIэкъым. ФIым я нэхъыфIыр уи пэ иту, уи Iыхьлым – уи лыджанэм я гуфIэгъуэ плъагъуу куэдрэ тхьэм уигъэпсэу.

ХьэщIэм шыгъупIастэр, фадэр къаIех, цIыхубзитIым фIыщIэ ин яхуещI. ЗэнысэзэгуащэрщIокIыж.

– Арати, ди нысэми утехьащ, – жиIэурэ Батырбэч птулъкIащхьэр Iуех. – Заводым здэпшэну уи гугъэр зэбгъэцIыхуащ. Хьэмэрэ и шыфэлIыфэкIэ зыхуэдэми щыгъуазэ усщIын? Сытемыук Iытыхьу сыт хуэдэ утыкуи изгъэхьэфынущ ар...

Къуэшрокъуэр иджыри егупсыст унэгуащэм къыжриIа псалъэ Iущхэм: сыту акъылышхуэ, хабзэ дахэ хэлъ.

– Уи насып нэхъыбэ ухъу, Батырбэч, уи насыпщ, сынохъуапсэ фIэкI сыноижыркъым, – хоплъэ Дотий.

– ЦIыхубзым и IэфIри и фIэIури зы кIэнылъэм илъщ, – къыфIэмыIуэху щIыкIэу и Iэ сэмэгур ещI Батырбэч, Iэ ижьымкIэ хуэсакъыпэурэ аркъэр стэканхэм ирегъахъуэ. Абы румкIэ илъагъу хъуртэкъым.

– Мыр уи нысэм ептыжынщ. Уи щхьэгъусэм и псалъэхэм апхуэдизкIэ сыдахьэхыщэри сагъэпIейтеяти техьэпщIэри сщыгъупщэжри... – Дотий и бгъэ жыпым кърех янтарым къыхэщIыкIа Iэпщэхъу дыщафэ дахэ дыдэ. – Янтарым насып къыдокIуэ жаIэри, уи унэри уи нысэри насып кIуапIэ ухъу, – жиIэу тыгъэр стIолым трелъхьэ.

– Уэ узэрыдихьэщIэм нэхъ тыгъэфI дыхуейкъым дэ. Абыхэми ущIыхэтын щыIакъым, –жиIэурэ Батырбэч стэканыр къиIэтати, хьэщIэм ар къыIихын идакъым.

ЛIитIми зы ткIуэпс ирафакъым.

## Е Т I У А Н Э   I Ы Х Ь Э

*Япэ псалъащхьэ*

# 1. КОМАНДИРОВКЭ

Шы къэзыхуну Ростовскэ областым кIуэ Айтэч и гъусэу емыжьэну зыкърит Iат Нартшу. «Шыщхьэхъумэм» щхьэусыгъуищэ къигъуэтырт, Дотий щIыгъуу къэнэн папщIэ. Бзаджагъи дахэ-дахэу зымыщIэ щIалэ цIыкIум щыдыхьэшхырт Къуэшрокъуэр. Ауэ ари и псалъэм текIыртэкъым: Нартшу емыжьэу зэрымыхъунур иукъуэдийрт. Арщхьэк Iэ, модрейм зыщригъэнапэм, комиссарым къэгубжьагъэфэ зытрегъауэ. Уеблэмэ «шыщхьэхъумэм» игу къигъэкIыжын хуей мэхъу шууейхэм я уставым, абы зэремыбэкъуэнми пылъ т.

– Уэ ушыщхьэхъумэ хьэмэрэ умышыщхьэхъумэ? – щIалэ цIыкIум йоупщI шы заводым и директорыр.

Къатыр лэжьам къиплъ и лъэпхъуамбэшхуэр егъэпIэжьажьэри и щхьэр ехьэхауэ щытщ Нартшу – и нэпс къызэпижыхьахэр щIихъумэу аращ. НапIэдэхьеигъуэ хуэдизкIэ Къуэшрокъуэм теплъэкъукIыну хуейтэкъым ар. АтIэми, полковникыр иджы дыдэт Москва щыпсэлъар, пэжщ, ар зэпсэлъар Нартшу ищIэртэкъым. Ауэ псалъэмакъыр зэхихат – Нартцанэ псы хущхъуэм куэдрэ зэрыхыхьар Iыхьэлейм икIауэ сэбэп къыхуэхъуауэ (пцIы щхьэ упсын хуей, тIэу-щэ хуэдизрэт ар псы хущхъуэм зэрыхыхьар, лIар къэхъужыркъым, жиIэри хыфIидзэжат) мыгувэу и башри хыфIидзэжыну арат жиIар. Телефон трубкэм икIиерт комиссарыр: нобэ къыщыщIэдзауэ фронтым бгъак Iуэ зэрыхъунур жи Iэрт. «Япэ Белорусскэр нэхъ къэсщтэнут. Сэри Берлин слъагъуну си нэ къокI!» Къуэшрокъуэм ищIатэкъым Нартшу къызэрыщIэдэIухьыр. «Берлин» псалъэр зэрызэхихыу, щIалэ цIыкIум и гур къилъэт пэтащ. Ар Берлин нэсамэ, абы а Гитлер нэфым иригъэлъагъун жыхуэпIэм ущIэмыупщIэт!..

– Сышыщхьэхъумэщ, – икIэм икIэжым гъумэтIымэурэ ерагъыу къызыжьэдипIытIыкIащ абы а псалъэ закъуэр, къыщимыуду нэгъуэщI хужыIэнутэкъым.

– НтIэ, си ныбжьэгъушхуэ, абы щыгъуэ уставым жиIэхэр гъэзащIэ, командирым и псалъэри тIэужыIэ иумыгъэщI, – директорым и макъым зрегъэIэт, си гу щабагъым урисондэджэрыну упымылъ, жыхуиIэщ. – КIэн джэгу хъуа уфIэщIрэ мыр? Уи нэпсымрэ уи пэпсымрэ пыбутхыкIыу сумыгъэлъагъу дяпэкIэ! Къыбгуры Iуа? Сабий цIыкIу, хъыджэбзыжь цIыкIу нэхъей, занщIэу зыбгъэгусэу... Апхуэдэу дауэ шыщхьэхъумэ узэрыхъунур?

А псалъэхэр гущIыхьэ щыхъуащ Нартшу. Зэрыкъуаншэм гу лъитэжат абы, ауэ нэпсымрэ гуауэмрэ и тэмакъым тез къэхъуати, и жьэр зэщIихыу псалъэ

хужыIэртэкъым. И лъэнкIа-пIэхэр кIэзыз пэтми, сэлэт увыкIэу увыну пылъу и лъакъуит Iыр зэбгъуригъэуващ.

Дотий щIалэ цIыкIур фIэгуэныхь мэхъуж, бгъэдохьэри гуапэу и щхьэфэм Iэ делъэ, ифI зыкъррешэжри мэубзэрабзэ:

– Сыветеранщ, жи абыи... Ухуэмеймэ, ухэзгъэзыхьыркъым. КъантIасэ деж кIуэж-тIэ. УкъызэриутIыпщам хущIегъуэжащи, ари и Iэпэм йодзэкъэж. И закъуэщ. Уэри уи закъуэщ («Сэри си закъуэщ», – жиIэу щIигъуну и гугъат абы). Фызэгъусэмэ, фызэрымыгъэзэшу, нэхъыфIуи псэуа фыхъунщ. Ар икIи нэхъ тыншщ. Ауэ, пцIы умыупсу къызже Iэт, уежьэну ущIыхуэмейр сыт? Айтэч уигу иримыхьу ара?

ПцIыр сытк Iэ щхьэпэ, абы Айтэч игу ирихьыщэртэкъым. Абыи щхьэусыгъуэ иIэт: щIалэм Нартшу зыкъыхуигъэлIт, усабийщ уэ, сыт пщIэфын мыгъуэ уэ щIалэжь цIыкIум, жыхуиIэут ар Нартшу къызэреплъыр. Айтэч дежкIэ Нартшу Iэпыдзлъэпыдз къудейт. Щыдэжын ищIын бзыхьэхуэу мыхъумэ, щыгъын къызыхэпщIык Iын джанапхъэутэкъым абы Нартшу къызэрилъытэр. Ар мыдрейм и гуапэ хъуртэкъым. Ауэ Нартшуи къыгурыIуэрт языныкъуэхэм деж Айтэч гуэныхь къызэрытрихыр, модрейм игу къэмыкIагъэххэхэр щыкIэрилъхьэ зэрыщыIэр, ар апхуэдэ дыдэу зэрымыщIалэ Iейр. Ауэ щыхъукIэ, абы и гъусэу ежьэн, унафэр гъэзэщIэн хуейт. Къуэшрокъуэм и псалъитI язтэкъэ: «Къуэшыр алыхьым къуетри, командирыр къулыкъум натIэ къыпхуещI», – жиIэу. Апхуэдэу щыщыткIэ, къулыкъум натIэ къыпхуищIам уфIэкI хъунукъым.

– Уэ си пIэкIэ къанэ-т Iэ. Сэ сыкIуэнщ Айтэч и гъусэу.

– Сыхуейкъым!

– Узыхуейр сыт-тIэ?

Нартшу и щхьэр щ IеIу аргуэру, тIэкIурэ мэгупсысэри тогушхуэ, тхьэмыщкIафэ дыдэ зытрегъэауэри директорым йоплъ:

– Сэ сыздумышэу укIуэжыну фронтым?

Къыщиудауэ мэдыхьэшх Къуэшрокъуэр, Нартшу мэукIытэж.

– Узытегузэвыхьу зыщIиплъэфыхьыр ара? Уэ уи фэм дэкIа мыгъуэр ирикъуни, Нартшу. Аргуэру бэлыхь зыщIыхэбдзэжынур сыт? Уи адэ дунейм ехыжам сеупщIащэрэт: уилъ ящIэжмэ, нэхъ къапщтэрэ хьэмэрэ уи лъэпкъым адэкIэ пащэмэ нэхъ къапщтэрэ? – жысIэу. Си лъэпкъым и къуэпсым адэкIи зидзмэ, нэхъ къызощтэ, жимыIэну си фIэщ хъуртэкъым, – Дотий щIалэ цIыкIум йоплъри къыгуроIуэ: жиIэн хуейм техуакъым аргуэру.

– Хъунщ. Ди псалъэм дытетынщ. «Ди нэхъыжьхэр псалъэ ятам епцIыжу, бэрэжьей фочкIэ бгым еуэу щытакъым...» – жызыIэу усэ къысхуеджар уэратэкъэ? Сэри, командирым и псалъэ уэстауэ щытащи, сепцIыжынкъым абы. Уи фIэщ хъуркъэ? Зыри щхьэ жумыIэрэ? Е-ей, Нартшу, Нартшу, уэ узы-щымыгъуазэр шууейхэм я уставым и закъуэ си

гугъэкъым, сэр дыдэми укъызэдэIуэну уигу илъ хуэдэкъым уэ.

Дотий щыуэрт: апхуэдэ лъэпкъ игу къэкIыртэкъым Нартшу, щIалэ цIыкIур зэгупсысыр нэгъуэщIт: зэрыкъуэншар зэригъэзэкIуэжыну щIыкIэрт.

– Д-дапщэщ щежьэн хуейр? – нэгъуэщIкIи щIэупщIэнут ар, ауэ, гузэвацщэу къыкъ зэрыхъуам гу лъетэжри, и псалъэр печ.

– Армырай сэлэт хабзэр! – Къуэшрокъуэр къогуфIэж, щIалэ цIыкIум и фуражкIэ натIэ IущIыкIам тоуIуэ. – Фыщежьэным хуитыжыр фэращ. Хьэзыр фызэрыхъуу. Ауэ зывгъэгувэ хъунукъым. Тхылъым и пIалъэр икI мэ, шыбзхэм дыхэкIыжащ. Абы бэлыхьу пыщIауэ щытар уи нэкIэ плъэгъуакъэ? Нэмыцэш лъэпкъ жысIэри сылъэIуати, арщхьэкIэ дэнэт – сызыхагъэзэгъатэкъым. Ди къэралыш лъэпкъыу зытIющIырыпщI ерагъыу къатесхыфа къудейщ. Иджы дон къэзакъхэм деж кIуауэ шыбзхэр къэхун хуейщ. Абыи гугъуехь мащIэ пыщIа уи гугъэ?..

Загъэхьэзыру щIадзэ а махуэ дыдэм. И щIалэр ежьэу щызэхихым, КъантIасэ шы заводым къэсащ. Нартыху лэкъум къыздишар апхуэдизкIэ гъужати, джыдэкIи уемызэгъыным ярейт, джэд укIаи бжьыныхукIэ шыуауэ иIыгъщ. Зы хьэкъурт килограмм хуэди къыздишащ КъантIасэ. Ар зэрызэмыкIуэкIынур, зэрыгъуэгу гъуэмылэфIыр, шху дэпшхыну зэрытелъыджэр зымыщIэр КъантIасэт! Дэтхэнэ бзэрми шху щыбгъуэтынущ, жиIэу трищIыхьауэ арат. Нартшу псом хуэмыдэу и гуапэ дыдэ хъуар Былэ хуищIауэ КъантIасэ къыздиша цы лъэпэд хуабитIырщ. КъантIасэ къыдэлажьэ физ мыцIыху гуэрми хъурыфэ пыIэ хуабэ къыхуздригъэхьат. Ари узыхуей дыдэт – щIалэр гъуэгу жыжьэ тохьэ, здэкIуэр губгъуэщ, жьапщэщ.

КъантIасэ зэгуэрым щыIат Ростов – Кавказ ищхъэрэм и Советхэм я япэ съездым кIуат 1925 гъэм и январь мазэм. Абы щыгъуэ КъантIасэ щIэст Ленинскэ еджапIэ городокым и курсхэм. Езы Микоян дыдэ щIэсу а съездым къыщыпсэлъэфат ар. КъантIасэ и нэгу къыщIыхьэжат псышхуэ Iуфэм Iут къалэ дахэр, абы щыпсэу цIыхухэр, съездым щилъэгъуахэр, фызым шэч къытрихьэртэкъым Нартшу Ростови, уеблэмэ езым съездым цIыхугъэ къыщыхуэхъуахэри зэрилъагъунум. Абы и гугъэт мохэр иджыри псэууэ, а къалэм дэсхэу.

КъантIасэ и псэр Нартшу кIэрыпщIэ зэпытт. Езымрэ Лелáрэ щIалэ цIыкIур алыхьым гъэунэхуакIуэу къахуигъэкIуауэ фIэкI къыщыхъуртэкъым абы. А махуэ угъурсызыр мыхъуамэ, хэт ищIэрэт, иджы а щыр насыпыфIэу зэдэпсэункIэ хъунт. КъантIасэ щIегъуэжат Нартшу шы заводым зэрыритамкIэ. И джабэ щIигъэсыжамэ нэхъыфIатэкъэ? Ипхъу цIыкIур илъагъу хуэдэу бгъэдэсыжынт зимыхъуми. КъантIасэ шэч къытрихьэртэкъым езыри, и анэ къэзылъхуам хуэдэу, щIалэ цIыкIум фIыуэ къызэрилъагъунум, лIышхуэ хъуми, ар Нартшу зэрыщымыгъуп-

щэнум.

– Си Лела цIыкIу мыгъуэм хьэкъурт фIыуэ илъагъуу щытащ, – мэщатэ КъантIасэ. Ар щыгуфIыкIырт Нартшу хьэкъуртыр зыжьэдикIутэу зэришхынум. И бгъэм тенэу зыгуэр кърimыщIащэрэт, жиIэу абыи иригузавэрт. – Гъущэу умышх, тIасэ. Ахъши къыпхуэсхьащ. Шху, щымыхъужми, шэ къэщэхуи дэшх. Ди лэжьакIуэхэм зэхадзэри къыпхуздызагъэхьащ. Алыхьым гуфIэгъуэкIэ яхудигъэщIэж, – жиIэурэ КъантIасэ бэлътокум къыкIуэцIех ахъшэ зэхэупIышкIуэжар.

– Сыхуейкъым, ТIасэ. Дэ комиссарым къыдет ахъши.

– ЖыпIэр сыт? Ахъшэр зэи лей хъунукъым, тIыкIуэ, – КъантIасэ ахъшэр зэхедз: сомхэр, сомитху, тумэн зэгуэтхэр щхьэхуэ ещIри, IэгуфэкIэ егъэзэхуэж.

Дотии еблэжатэкъым Iэджи зи нэгу щIэкIа планшеткэми. Абы дэлът ежьэнухэм я гъуэгур убзыхуауэ зэрытха картэри. А планшеткэр Айтэч Къуэшрокъуэм къыщыIихым щыгъуэ, Нартшу къыщыхъупащ зауэлI гъуэгуанэ дыдэ техьэу. Айтэч абы иджы езым и шыщхьэхъумэкIэ къеджэрт, «Iэпыдзлъэпыдз» псалъэм нэхърэ нэхъ къищтэрт ар щIалэ цIыкIуми.

– Шыхэм фахуэсакъ, гуэбэн евмыгъэщI, армыхъу гъуэгум фыкъытенэнщ, – жиIэрт Къуэшрокъуэм. Абы езым и щхьэкIэ письмо хуитхат щIалитIыр здэкIуэ шы заводым и директорым. Пэжщ, комиссарым ицIыхуртэкъым письмор зыхуитхар, уеблэмэ и цIэ-унэцIэ къудей ищIэртэкъым, ауэ цIыху хуэдэу, псом хуэмыдэжу зауэлIу щытауэ къыщIэкIмэ, сыкъыгурыIуэнщ, жиIэу арат зыщыгугъыр.

ШууитIыр гъуэгу техьащ. Нартшу зытес алащэ пцIэгъуэплъым зэреджэр Мэремт, Айтэч ейм – Тузерт. А зы закъуэрат мысыхьэткIэ шы завод псом уанэшу яIэр. Ари колхозым хьэхуу къыIахауэ арат. Мэрем щайуэ къридзэртэкъым ибг къисыр, зигъэкIэрахъуэрт, къепхъуэкIырт, щIалэ цIыкIум и лъакъуэм къедзэкъэну хэтт, и щхьэр щIиупскIэрти, шхуэмылакIэр къыIэщIитхъырт. Шым къыгурыIуакIэт ибг къисыр зэрыкIэзызыр, зэрыIэнкуныр.

Мэрем и щхьэр ири IуэнтIэкIырти и нэ гъуабжэшхуитIыр къыщIигъэбэрдырт – щIалэ цIыкIум еплъыну арат. Апхуэдэ шууей кърихьэкIыну зэи къыхуихуатэкъым абы. Шууейри шым и сокум гуапэу хэпщIэпщIыхьырт: умыгузавэ икIи укъысщымышынэ, уи жагъуэ сщIынкъым, псы, Iус ухуэзгъэлIэнкъым, жиIэ хуэдэт абы.

Нартшу къыщыхъужырт зауэм дэкIыу, игу къигъэкIыжырт шууей дивизэм хэтахэр щыдэкIа махуэр. ЗауэлI фащэ зыщыгъа музыкауэ щIалэ цIыкIухэм сыт хуэдэу ехъуэпсат ар а махуэм! ШхуэмылакIэхэр яутIыпщауэ музыкэ еуэу полкхэм япэ иту кIуэхэрт. Нартшу шэчи шубыхьэи къытрихьэртэкъым, хуит ящIрэ накъырэ кърататамэ, а щIалэ цIыкIухэм нэхърэ

нэхъыфIу езыри оркестрым зэрыхэтыфынум... КъоплъэкIри КъантIасэ къелъагъу, и гур къызэфIонэ. И нэпсхэм къызэпажыхь. И нэгу къыщIохьэ Лела къеплъу, къыщыгуфIыкIыу, итIанэ тIэкIу нэ-щхъей къэхъуа хуэдэу щыту...

– Уи пэр щхьэ къыпылэла? – Айтэч и щIопщымкIэ хущIоуэ Нартшу зытес алащэм. Шыр зэуэ илъати, щIалэ цIыкIу бэлэрыгъар уанэгум къилъэт пэтащ. – Шум и нэпсхэр шым и хьэлъэщ, жи. Уи гъынанэр щыгъэт, армыхъу шыри бгъагъынущ.

Нартшу зегъэгусэри нэхъри зызэхеуфэ. Айтэч лъэрыгъхэм йоувэри зыкъытреIэтыкI, йоплъэкIри Iэ къыхуэзыщIхэм яхоплъэ. Ари мащIэу къыхощэтыкI. И фыз щIалэр къызэринэк Iри ежьат ар... Шым йолъэдэкъауэри ущу щIопхъуэ.

– Мэл щхьэзэм дыхуэдэщ уэрэ сэрэ! – шы заводым фIыуэ пэжыжьэ хъуахэ нэужь къызыпхопсэлъыкI Айтэч. ЯпэкIэ уплъэмэ, гъущI гъуэгу станц зэхэкъутар плъагъурт. – Начальникым и цIэкIэ тхылъ щхьэ къыздэдмыщтарэ? МафIэгукIэ дыкIуамэ, махуитIым дынэсат. Я нэхъыбэ дыди, пщэдеймыщкIэ дынэсат...

Зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIу тесщ, жыхуиIэу бгы къеуэкIыпIэм къыкъуож кIыхьу зэпыщIа хьэпшыпзешэ мафIэгур. Абы ишэрт зауэ хуэIухуэщIэхэр, сэлэтыдзэхэр.

– МафIэгухэр фронтым макIуэ. Дэ фронтра-тIэ дыздэкIуэр? – и пэ лъабжьэм къыщI опсэлъыкI Нартшу. Абы и нэхэр тенат мафIэгум блиш Iэщэхэм, сэлэтхэм. Нартшу къуимытын фIыгъуэ щыIэтэкъым зауэм кIуэ мо сэлэтхэм, нэгъуэщI мыхъуми, зы жэщ-махуэ яхэтын папщ Iэ. – Дащтэну пIэрэт? – къызыкъуепхъуэтри щIоупщIэ ар.

– Хэт дызыщтэнур?

– Мобыхэм я генералым, – Нартшу и щхьэр мафIэгумк Iэ ещI, абы шэч къытрихьэртэкъым дэтхэнэ эшелонми езым и генерал зэрисыжым.

– Генерал зэрыдбгъэщIынур сыт? Теплушкэ къыдатрэ, мафIэгум къыпащIэжмэ зэфIэкIат.

Нартшу ищI эркъым теплушкэр зищIысыр. И нэр иджыри мафIэгум зэрытенам хуэдэщ – мафIэгум эшелон дапщэ к Iэрыщ Iами ебж, щоуэри къытрегъэзэж. Станцым носри мафIэгум тIэкIу хуэм зещI, ауэ къэувыIэркъым. «Фронтым мак Iуэри пIащIэу аращ. Зи насыпхэ...» – щIалэ цI ыкI ур мафIэгум исхэм йохъуапсэ.

АпщIондэху Айтэч план зэхилъхьакIэт.

– Уи тхьэкIумитIыр тегъэхуауэ мыдэ къызэдаIуэ иджы, Iэпыдзлъэпыдз. Мы станцым деж дыкъыщоувыIэ. Дэри дошхэ, дишхэми зыдогъэгъэпсэху. Ауэ уэрэ сэрэ зыгъэпсэхупIэ диIэкъым. Мыгъуэ-махуэми зыгуэрым уишэмэ нэхъыфIщ, лъэсу укIуэ нэхърэ.

– ТщIэнур сыт-тIэ? – Айтэч зыхуейр къыгурыIуэркъым

Нартшу. Шууэ апхуэдиз гъуэгу игъащIэм зымыкIуа щIалэ цIыкIум и лъэр зэщIэнащ. Абы тIэкIу зиукъуэдиинут, ауэ апхуэдэ хущIыхьэгъуэ дэнэ щыIэ?

– ТщIэнури? – хэплъэурэ щIоупщIэ Айтэч. Ар еплъырт станц зэхэкъутам. Зауэм и пэкIэ мыбы нэхъ станц дахэ гъуэгу псом тетатэкъым. – Сытщ жыпIа-тIэ тщIэнур? – аргуэру и щхьэм йоупщIыж Айтэч. Ауэ ящIэнур, пэж дыдэу, езыми иджыри IупщIу ищIэркъым. АрщхьэкIэ апхуэдэ фIэкI къыигупсысыфынтэкъэ хъупIэм «удз хущхъуэхэр къыщызыгъуэта» Айтэч. – Хьэпшыпзешэ вагон мафIэгум кIэрыпщIэу, абы шыхэр ибгъэтIысхьэжу уи гъуэгу утеувэжамэ, мис арат ту-ту-тур! Тузеррэ Мэремри я насыпым кърихьэкIат итIанэ. Армыхъу абыхэм я фэм дэкIын жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ. Дэ лIышхуитIри далъэфу апхуэдиз гъуэгуанэри зэпачу... Ди дежкIи ар нэхъ тынштэкъэ? Дунейри щIыIэщ. Бжьыхьэщ. МафIэгум уисмэ, зимыхъуми умыпIыщIэу... А дэ дыздэкIуэр нэхъ щIыIэжщ. АпхуэдизкIэ жьышхуэ къопщэри, уанэгум утричу урихьэжьэнкIэ тIэу еплъынкъым. Жьуджалэм ещхьу джэрэзу уихьу хуежьэмэ, сыкъэпщIэнщ...

– ЩIакIуэ диIэуи?

– ЛIо щIакIуэр? Псы фIыуэ зыщIифа нэужь къыпхуэмыIэтыжу. Уэри псыф ухъумэ, щIыIэ пхыхьэнщ, сымаджэ ухъунщи, щыс итIанэ. ГъуэгурыкIуэр узыншэу щытын хуейщ.

– Вагон къыдатыну-тIэ?

– Къыдатыну щIын хуейщ.

Нартшу игъащIэм мафIэгу итIысхьатэкъым.

– МафIэгукIэ нэхъ псынщIэу дынэсынукъэ?

– Нэхъ псынщIэу, жи. Ауэ сытми! Мэкъу IэмбатитI-щы къэгъуэтын хуейщ. Шыхэми яшхынщ, дэри дыхэлъынщ. Псыр станц къэувыIэпIэхэм къыщыдгъуэтынщ. Iуэхум еужьэрэкIын хуейщ, – и щхьэ хуэпсэлъэжт Уэрышыр. – Станцым и начальникым деж сыщIохьэ. Зауэ Iуэху ди пщэ къралъхьауэ – шуудей полк къызэрагъэпэщын папщIэ шы къэтхуну дагъакIуэу жызоIэ. Псори зауэм папщIэ. Псори текIуэныгъэм папщIэ – аракъэ иджыпсту псори зыхуэунэтIар? АтIэ ар имыгъэзэщIэну хуитыр хэт? – Айтэч и макъым зрегъэIэт, мыдэ станцым и начальникым и пащхьэм итщ жыпIэнщ. – Вагон къыдремыти ирыреплъыжыт. Зауэ Iуэху зыгъэзащIэм вагон къуимыту хъурэ? Ауэ иIэ иджы уэрэ сэрэ тщIэнухэр дыгъэубзыху.

– Сыт тщIэнур?

– Е-ей, Iэпыдзлъэпыдз, ущIалэщ уэ иджыри! – Айтэч щIалэ цIыкIур фIэгуэныхь хъууэ зэпеплъыхьри, иджыпстущ жыпIэнщ ар япэ дыдэу щилъагъур. – ЛIыгъэ зэрыпхэлъыр, моуэ зыгуэр зэрыпхузэфIэкIынур къэгъэлъагъуэт, хуэмыху! Уи ижьырабгъумкIэ еплъэкIыт!

Нартшу захуэу къызэфIотIысхьэри и щхьэр иредзэкI.

– Ухъун хуэдэщ, – щIалэ цIыкIур трегъэгушхуэ Айтэч.

Нартшу щытхъум нэхъри къегъэгушхуэ.

– Уэ къызжеIэ закъуэ, сэ схуэмыщIэн щыIэкъым. Къызже-пIэу хъуар згъэзэщIэнщ. Мэкъу жыпIэрэ – къэзгъуэтынщ. Модэ мес, Iэтэхэр щытщ.

– Петькэ и хъыбар зэхэпха? Чапаевым и Петькэщ жыхуэсIэр. НтIэ сэ сы-Чапаевт, уэ у-Петькэт, жи. Уэ узишыщхьэхъумэщ. Уарэзы?

Нартшу илъэгъуатэкъым «Чапаев» фильмыр, ауэ абы теухуа хъыбар куэд зэхихат, школым щыщIэсым щыгъуэ нэхъыбэ дыдэу зэрыджэгухэу щытар «хужьрэ» «плъыжьрэт». ЩIалэ цIыкIухэм гъунэжу яхэтт «Чапайхэри», «Петькэхэри». Нартшу Чапаевыр къыщыхъут мыдэ нарт хъыбархэм хэт лIыхъужь гуэру.

– Уэ у-Чапаевуи? – егъэщIагъуэ щIалэ цIыкIум. Абы Айтэч и лъакъуэхэм къыщыщIедзэри и щхьэм нэс зэпеплъыхь, ауэ лIыхъужьыгъэ лъэпкъ кIэрилъагъуэркъым.

– Мыдэ къэдаIуэ-тIэ. Иджыпсту сэ сыполковникщ, дивизэм срикомандирщ. Станцым и начальникым деж сыщIохьэри... – шы заводым и директорым зыпищIыж щIыкIэу, зигъэмакъ дэгуу. – «Сэлам алейкум!» «Уалейкум сэлам!» «Станцым и начальникыр уэра?» «Сэращ. Сыт ухуейт?» «Сызыхуейращ – си шыщхьэхъумэмрэ сэрэ икIэщIыпIэкIэ Батайск дынэмысу хъунукъым. Абы дэ къыщытпоплъэ зауэм дагъэкIыну къызэрагъэпэщ шууей полкым папщIэ ягъэхьэзыра шыхэр. Ахэр икIэщIыпIэкIэ къэдмыгъэсыныр Iэмал зимыIэщ. Вагон дыхуейщ. Хьэпшып зэрызэрашэм хуэдэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ дышуущ». Ахэр жысIэн суха къудейуэ, уэ укъыщIолъадэ начальникым и кабинетым, си псалъэхэр къыздыбоIыгъ.

– Дауэ?

– Дауи-щхьэуи хэмылъу. УныщIохьэ занщIэу. Уи Iит Iыр едзыхауэ уоув, итIанэ уи Iэпхъуамбэхэр уи нэжьгъым хубохьри жыбоIэ, ауэ къызжиIакъым жумыIэж, утегушхуауэ, пулеметым хуэдэу щIыбогъэлъэлъ: «Ныбжьэгъу полковник, шыхэр псафэ сшэну хуит сыщI!» Сэ жызоIэ: «Еуэ, шыщхьэхъумэ, ауэ епIэщIэкI. Зэманыр къыдомэщIэкI. Вагоныр къызэреIытхыу дожьэ. ФIыIуэу егъафэ шыхэр псы. Гъуэгум ахэр вагоным къыщитшыфынукъым дэ». Уэ жыбоIэ: «СынодаIуэ!» Сэлэт щIыкIэу, уи пIэм зыбогъэкIэрэхъухь, уи лъэдакъитIыр зоудэкIри, жьыкIэрахъуэм уипхъуэтам хуэдэу, зыкъыщIогъэх. КъыбгурыIуа?

– Си къатыр ижьым и лъэдакъэр ерагъыу иIыгъ къудейщ, къыщIэхурэ ди напэр трихмэ... – Нартшу нэщхъей къохъу.

– ШыгъэцIывхэр гъэву! «Лъэдакъэр ерагъыу иIыгъ – къудейщ», – жи. Къэбгъуэтай узытепсэлъыхьын! Лъэдакъэркъым Iуэхур – уи щхьэр ещхьу Iыгъ!

Станц зэхэкъутам носхэр. Шыщхьэхъумэр шыхэм къаб-

гъэденэри, Айтэч перронымкIэ еунэтI. Станцым мафIэгухэр тезщ. ГъущI гъуэгум зэблэкIыпIэ иIэтэкъым – зы гъуэгур иджыри зэрагъэпэщыжатэкъым. ЩикIуэтыжым щыгъуэ фашистхэм гъуэгур зэхавыхьат, зэхавыхьыпат. Пэжщ, ар щавэм щыгъуэ пхъэIэщэм щIащIар вытэкъым икIи шытэкъым, атIэ мафIэгуитI пащ Iат. ЗыпащIари пхъэIэщэ дыдэтэкъым, пхъэIэщэм ещхьу щIауэ зы гъущI зэхэгъэжыхьа гуэрт, ар гъущI гъуэгум и щIагъым щIавэщ, абы мафIэгуитIыр пащIэжри гъуэгур зытелъ пхъэхэр къызэрагъэдзэкIауэ, а пхъэхэр зытелъыжа шытхри зэхавыхьауэ арат.

Айтэч хуэм-хуэмурэ и ролым ихьэрт. ШыгъэцIывхэр зэригъэзахуэри Iэуэлъауэшхуэ ящIу ищIат. Абыи гу къылъитэн хуейт станцым и начальникым. Ар къыщигъуэтыну щIыпIэр зригъащIэри, абыкIэ иунэтIащ Айтэч, и гъусэми Iэ хуищIащ: си ужьыр нэху. Бжэм деж нэса нэужь, Уэрышыр аргуэру зэ къоплъэкIыж: лIы хуэдэу зыIыгъ, хьэзыруи щыт, жыхуи Iэщ. СыныщIыхьэ хъуни-мыхъуни хэмылъу, езым бжэр Iуеудри унэм щI охьэ.

Зэманымрэ мафIэгу кIэгъуасэмрэ дэуфIыщIа стIолышхуэм бгъэдэс лIыр телефонкIэ псалъэрти къыщIыхьам гу лъитэххакъым. Айтэч ар и гуапэ хъуакъым – зэримурадам ещхьу зыкъригъэлъагъуфатэкъым начальникым. ИкIэм икIэжым телефонкIэ псэлъэныр еух стIолым бгъэдэсым.

– Станцым и начальник ныбжьэгъу, IуэхукIэ сыпхуейт.

– Сэ вокзалым сридежурнэу аращ. Начальникыр ныжэбэщ щыщыIэнур. СынодаIуэ, сыт ухуейт?

– Вагон сыхуейщ. Пщэдей нэхъ пIалъэ имыIэу сынэсын хуейуэ итщ сыкъызэрырагъэжьа тхылъым. Дэ тIу дохъу: си шыщхьэхъумэмрэ сэрэ. Ди уанэшитIри ди гъусэщ.

– Уи тхылъхэр,– и нэщхъыр зэхэуауэ Уэрышым къоплъ лIыр.

– Тхылъи диIэщ.

– Сыгъэлъагъут.

Айтэч абы зыкIи хуейтэкъым. Ауэ къыгурыIуэрт, ухуейухуэмейми, тхылъхэр иумыгъэлъагъуу зэрымыхъунур. Къуэшрокъуэм и Iэ зыщIэдза тхылъыр фIэмыфI-фIэмыфIурэ къыдех абы. И нэгъуджэр зыIуелъхьэри, гъущI гъуэгу лэжьакIуэр тхылъым еплъу хуожьэ. И чэзу дыдэу кърихьэлIауэ убж мыхъуну, Нартшу бжэр къыIуехри къыщIобакъуэ. Ауэ деж мэувыIэж, и нитIыр кърегъэжри, жьы дэхупIэ иримыту, къыжьэдоху:

– Ныбжьэгъу полковник, шыхэр псафэ сшэну хуит сыщI! Псыкъуий здэщыIэр къэзгъуэтащ.

– УзощI. Еуэ.

– СынодаIуэ! – Нартшу и къатыр лъэдакъэ сэмэгум (иIэжыххэр а зырат!) зытрегъэджэрэзыхьри зегъэкIэрахъуэ, Iэуэлъауэшхуэ иригъэщIу шыгъэцIывхэр егъэву. Ауэ а псори пщIэншэу мэкIуэд: гъущI гъуэгу лэжьакIуэм абы гу лъитэххакъым.

– Полковникыр уэра? – нэ дыхьэшхэнитIыр

къытреубыдэ Айтэч.

– Сэращ, – Іэнкуныгъэ хэлъу къопсалъэ Уэрышыр.

– Шызешэ нэхъыжьыр хэт-тІэ?

– Плъагъуркъэ, ныбжьэгъу, зауэ зэманщ. Зэрыхъунур пщІэнукъым. Нобэ ротэм урикомандиру пщэдей полкым и командиру укъыщІидзыжынкІэ мэхъу. Е нобэ укомдиву пщэдей къуэды зытелъ батальоным и унафэщІ ухъункІи зыхуэІуа щыІэкъым. УрихьэлІакъэ апхуэдэ? – Айтэч езы дыдэм игъэщІэгъуэжт хьэлэмэту хэкІыпІэ къызэригъуэтар.

Дежурнэм и нитІым къыщІих хъуаскІэхэр нэхъ мэужьыхыж.

– НтІэ уполковник хьэмэрэ...

– Сыполковникщ. ЗауэлІ къалэн согъэзащІэ. Тхылъым Іэ тезыдзар дивизэм и комиссарыращ. Ауэ а псом сыткІэ дыхуей? Сэ хьэпшып зэрызэрашэ вагонщ сызыхуейр. Къызэптрэ – хъарзынэщ. Къызумытрэ – къызэрызумытыр яжызоІэри…

– А «сыткІэ дыхуей» жыхуэпІэм сэ сыхуейщ.

– Сэ сызыхуейр вагонщ, жызоІэ.

– Уэ уполковникыр пэжмэ...

– НыбжесІакъэ: сыполковникщ.

– Абы щыгъуэ военнэ комендантым деж кІуэ. Уи тхылъхэр егъэлъагъуи абы ищІэнур езым ещІэж.

Іуэхум зэрыхэуар къыгурыІуащ Айтэч. Шызешэ нэхъыжьу зэрыщытыр жиІамэ, дежурнэм езым ищІэнур ищІэжырт. Зауэ Іуэхухэм ехьэлІа псори зыІэщІэлъыр комендантурэрщ. Уэрышым зехъуэж:

– Сэ полковникыгъэр зытрахыжа сыполковникщ. Къуэды стелъу аращ. КъыбгурыІуа? Полковник сыхъужынуми сымыхъужынуми зэлъытар командованэм си пщэм къыдилъхьэу сыкъыщІригъэжьа Іуэхур зэрысхуэгъэзащІэ щІыкІэрщ, – Айтэч стІол кІапэм зытрегъащІэри дежурнэм зыхуегъэлъахъшэ, нэкІэ мэлъаІуэ. – КъыздэІэпыкъу строим сыхыхьэжынымкІэ.

– ЗанщІэу жыпІэртэкъэ-тІэ апхуэдэу, – «полковникым» и тхылъхэр кърetыж дежурнэм. – Хьэпшып-пассажир къезышэкІ мафІэгур къэсмэ, Іэмал згъуэтмэ, зы вагон пысщІэнщи... – лІыр сыхьэтым йопль. – Сыхьэтрэ ныкъуэрэ хуэдэкІэ зывгъэпсэхуи итІанэ фежьэнщ.

ГуфІэгъуэм къызэщ ІиІэта Айтэч лъэтэным хуэдэт. «Іэмалшыуэ ущытмэ – аращ, – йогупсыс ар. – ЦІыхум яжеп ІэкІэ я фІэщ хъункъым ар». Дежурнэм фІыщІэ гуапэ хуещІри, зэрежьэнум зыхуагъэхьэзырыну щІож щІалэр.

Дежурнэми трубкэр къытрехри мафІэгум пащІэну теплушкэм и унафэр ещІ.

КъехъулІар езы дыдэм и фІэщ хъужыртэкъым Айтэч. Иджы мафІэгур къэсыным пэплъэн хуейуэ арат.

– Къыдатыну? – мэІущащэ Нартшу.

– Къыдамытыну хуит? – жеІэри зеплъыхьыж Уэрышым:

иныIуэу жиIамэ, зыгуэрым зэхимыхауэ пIэрэ?

## 2. ТЕПЛУШКЭМ

Дунейр и кIыхьагъ хуэдэт сыхьэтрэ никъуэм. Ауэ мафIэгур и пIалъэм къэсащ. Асыхьэтуи теплушкэри къэрахулIащ. Нартшу къыгурыIуащ: абы сэлэтхэр ирагъэтIысхьэну аращ. Айтэч, и ролым ихьэпауэ, жеIэ: иджыпсту къыщыщIэдзауэ абы унафэ ищIу аращ, сыту жыпIэмэ а тIури зауэлIхэщ, полкым и комиссарым и унафэр ягъэзащIэу аращи, уставым ипкъ иткIэ фIэкI зы цIыкIу пщIэ хъунукъым. Абы темык Iыну къегъэгугъэ Нартшуи. А тIум вагоным и джабэ лъэныкъуэр яубыд, пхъэбгъу тегъуэлъхьапIэхэр зэпкърахри шитIым егъэзыпIэ къыхузэрагъэпэщ. ГъущI гъуэгум и лэжьакIуэхэм вагоныр Iэщ игъэтIысхьэпIэм деж ирахулIэ: Айтэч и шыбз зыкъизыхымрэ Нартшу и алащэ пцIэгъуэплъыжьымрэ ирагъэтIысхьэну аращ абы. Пхъэбгъу лъэгум тету къэзыкIухьу емыса шитIым захъунщIэрт, мылым техьэ нэхъей, я фIалъэхэр зэблагъэцIэфтырт. Шы зыбгъупщI иту фIэкI шитIу пщIэнтэкъым вагоным ирашар. Гугъуехь Iэджи дашэчащ ахэр яхуэмыгъэсабырурэ. Вагоныр къеIыпхыныр нэхъ тыншу къыщIэкIащ мэкъу IэмбатитI къэбгъуэтыным нэхърэ. Ауэ Нартшу и лэжьыгъэм хуэфащэ гулъытэ хуищIатэкъым Уэрышым.

ИкIэм икIэжым вагоным дэуей-къеухыу щIидзащ. Бжэ никъуэкъегъэжэл Iам деж увауэ щыт Нартшу нэщхъей дыдэу якIэлъоплъыж къызэранэк I жыгхэм, унэхэм, ахэр кIуэ пэтми нэхъ псынщIэу щIэпхъуэрт. Гъуэмылэм япэ удыныр иридзыну мурад ещI Айтэч. Нартшуи лIы хуэдэу къегъэхьэзыр КъантIасэ къыхуихьа гъуэгу гъуэмылэр. Мо фIыуэ къэмэжэлIа гъуэгурыкIуитIыр, псэлъэну хущIыхьэгъуэ ямыгъуэту, машхэ.

Шыхэри йосэж тхьэм къахуиуха егъэзыпIэм. Ахэри мэкъум йолэжь. Бийм и кхъухьлъатэхэр къащхьэщыхьэу къатемыуэмэ, ехъулIат гъуэгурыкIуэхэр. ПцIыр сытк Iэ щхьэпэ, Нартшу шынэрт, абы и нэгу щIэкIат бомбэ жыхуаIэр...

ЗекIуэлIхэм пхъэбгъу тегъуэлъхьэпIэ зырыз зрагъэгъуэтри зрагъэщI. Дэтхэнэри езым и щхьэ Iуэху йогупсысри щылъщ. Нартшу зэгупсысыр КъантIасэщ. Абы и псэр махуэ къэс нэхъри кIэрыпщIэрт а фыз угъурлым. Айтэчи щIыхэплъэн иIэт: и нысащIэ дахэу иджыри гу зыщимыхуар къигъанэри къежьат, щIэх дыди игъэзэжыну къыщIэкIынтэкъым абы. Вагоным жьыр щызэпепщэрт, щIыIэм уигъэжейртэкъым. Япэ къэпсэлъар Уэрышырщ. Абы Нартшу хуеIуэтэж зы щIымахуэ жэщ гуэрым къурш адрыщIым къызэпрыпщыжу, ари уэсым ныбафэкIэ хэлъу, къызэрыкIуэжауэ щытар, пщэдджыжьым мэкъу Iэтэ никъуэм

щIэпщхьэу зэрызигъэхуэбэжар, махуэ псом къызэщымыууэ зэрыжеям и хъыбарыр. Абы щыгъуэ, жи, ахъшэ къэпитI иIыгъыу си адэр къурш адрыщIым къыщызнат...

ИтIанэ Уэрышыр щIоупщIэ:

– КъантIасэ уи сыт уэ? Уи анэщ жысIэнущи, уи анэкъым, уи Iыхьлы гуэрщ жыс Iэнущи – аракъым. Ауэ и бын къилъхуам хуэдэу къыпхуосакъ. Абы гъуэмылэу къыпхуихьар плъагъуркъэ? Ауэ щыхъукIи, езым жьэм драхьей иIэу къыщIэкIынкъым. Бынышэу ара ар?

– И къуэр зауэм щыIэщ.

– Ара иIэххэри?

– Аращ. Пхъу иIат. ЛелакIэ еджэу. Бомбэм иукIащ.

– ГурыIуэгъуэщ. ГугъапIэу иIэжыр уэращ-тIэ.

Нартшу мафIэгур игу ирихьат. Мы теплушкэм нэхъыфI дуней псом темыт ф IэщI ырт абы. Гузэвэгъуэу иIэр зыт: езыр къигъанэрэ Дотий зауэм кIуэжмэ... Ахэр зэрыс мафIэгур эшелон гуэрым лъэщIохьэ, станцым деж щыщхьэдох. Платформэхэм хьэлъэзешэ машинэхэр, топхэр, уеблэмэ, танк дыдэхэр тетт. Апхуэдэу гъунэгъуу апхуэдиз танк япэ дыдэ Нартшу щилъэгъуар иджыпстут.

– Еплъыт, Айтэч, мобыхэм, танк дыдэщ мохэр!

– НтIэ, танк нэпцI зауэм яшэн уи гугъэ? Комиссарым и шыщхьэхъумэщ ари!.. Танк пхузехуэнт уэ?

– Танки? – щIоупщIэж Нартшу.

– Танк.

– Трактор схузохуэ. Танк зэи ситIысхьакъым.

– Трактор ущитIысхьар дапщэщ-тIэ? Школым трактор Iуэху щывагъэджу щытакъым.

– Къэзгъуэтат. Ди колхозым, адэ къурш лъапэхэм деж, а шэ заводыр здэщытыр пщIэркъэ? НтIэ, мис абдеж хъупIэ къыщратат колхозым. Абы трактор яIэу щытат. Трактористыр си ныбжьэгъути, абы сригъэсат. А Апчарэ и тракторыр дэнэ къриха уфIэщIрэ?

– Уэ хуэпщIауэ жыпIэну ара-тIэ?

– ХуэсщIакъым – къыхуэзгъуэтащ. Къэзгъуэтащ. Сэр мыхъуамэ, ар нэмыцэжьхэм яIэрыхьэнут. ЗгъэпщкIури... ИтIанэ къэзгъуэтыжщ, сэ къызэщIэзгъэплъэжри колхоз собранэм къэсхури...

– ЗанщIэу собранэм къэпхуауи? ЗэрыбгъэпщкIуар дауэт?

Нартшу игу къок Iыж и унагъуэр зэрыщыту щыхэк Iуэда махуэ шынагъуэ бзаджэр. А махуэм егъэзыпI э гуэр къилъыхъуэну къуршым ихьэжат ар. ГугъапIэу иIар шэ заводырт. Абы зыгуэрурэ щыпсэун и гугъэт щIалэ цIыкIум. Ишхыни абы щигъуэтыну арат зытрищIыхьыр. Тхъу, кхъуей имыгъуэтми, абдеж кIэртIоф хьэсэ щылът. Шхын щхьэкIэ сыщылIэнкъым, егупсысырт Нартшу.

Бгыщхьэхэм узэрыщымыгъуэщэнур и адэм къыжриІауэ щытауэ ищІэрт абы. Псыр къыздиж лъэныкъуэмкІэ укІуэмэ, Іэмал имы Іэу ухуэзэнущ сыт щыгъуи уэс зытелъ къуршхэм. Я къыщІэжыпІэм деж дэтхэнэ зыпсми тыншу узэпрыкІыфынущ. Псыбгъур бубыдрэ уехмэ, псым уишэнущ Джылахъстэнейм. Ауэ Нартшу псыщхьэмкІэ дэкІырт. ГъэмахуитІкІэ зыщылэжьауэ щыта хъупІэхэм щыІэ шэ заводырт и гугъапІэр. ЕтІуанэ махуэм нэсащ ар здэкІуэм. Ауэ псэ зыІут тесыжтэкъым абы. ПкІэунэм дэпщейри шэ щІэхупІэ залым кІуащ. Шэ фырымэр къыщІих мыхъумэ, абыи нэгъуэщІ щыІэтэкъым. Шалъи, кхъуей хъумапІи нэщІт. ЦІыхухэм я псэупІэу щыта унэхэм жьыуейр щызэпепщэрт. Шалъэхэр зэрыт прицепыр зыпыщІа трактор закъуэр гъуэгум тету щытт. Мис абы щыгъуэт Нартшу тракторыр щигъэпщкІуари. Тракторыр гъусэ къыщыхуэхъум, Нартшу шынэр нэхъ щхьэщокІуэт, уеблэмэ Іурехри быдэу мэжей. Пщэдджыжьым къызэщыумэ, тракторыр здихуа аузыр дыгъэпсым щІигъэнакІэт. Ауэ Нартшу ищІэрт – пщэдджыжьым псынщІэу зиужьамэ, махуэм бгылъэхэр пшагъуэм щІагъанэ. Пшагъуэм удэгушыІэ хъунукъым – я гъуэхэм къопщхэри дыгъужьхэр дунейм къытохьэ. Пэжщ, зы лъэныкъуэкІи пшагъуэр сэбэп хъунущ: зыми гу къыплъимытэу аузым узэпрыкІыу адрыщІ лъэныкъуэм зептыфынущ. Абы КъантІасэ щопсэу. Шэрыгъум тхьэр игъэпцІакъэ, абы Нартшу къыщимыгъуэтмэ.

Бжей мэз щІагъым щІэту куэдрэ кІуащ Нартшу. ИмыщІэххэу абы зыгуэр къоджэ. Красноармеецхэрат. Нартшу къогуфІэ – дыдейхэм къахэхутащ. Ауэ кІыхьтэкъым абы и гуфІэгъуэр: щІакхъуэ, фошыгъу кърата мыхъумэ, ар здащтэн ядакъым красноармеецхэм. Я пщэ къалэнышхуэ дэлъу Бахъсэн зэпрыкІын хуейт ахэр. Нартшу абыхэм я ужь иуват, ауэ зы сэлэт гуэрым автомат кІакхъур щ Іич хуэдэу зещІри, щІалэ цІыкІур къегъэшынэ. ИтІанэ къодыхьэшхыжри: «Псы Іуфэ ижьыр пІыгъыурэ кІуэ. АбыкІэ нэмыцэ щыІэкъым», – жи.

Псыр здэжэ лъэныкъуэмкІэ иреунэтІэх Нартшу. МафІэ ищІурэ кІэртІоф, нартыху егъажьэ, мэз кхъужь, мы, къущхьэмыщх къещып. Аращ и шхыныгъуэр. Шэрыгъум ар къызэримыубыдыжыфынуращ и гуфІэгъуэр. ЩІалэ цІыкІум и гугъат тІасхъэщІэх кІуахэм къагъэзэжыху япэплъэну, ауэ тхьэм ещІэ абыхэм къыщагъэзэжынур. Абы ежьэурэ жэщым мэзым къыщІэнэмэ... КІыфІ къытемыхъуэ щІыкІэ КъантІасэ щыпсэу къуажэм нэсмэ нэхъыфІщ. Апхуэдэуи ещІ...

ЩІалэ цІыкІум жиІэжхэм гупсэхуу едаІуэрт Айтэч. ИтІанэ къоупщІ:

– Ущыуащ, щІалэ.

– Сыт щхьэкІэ?

– Уэратэкъэ жызыІар: «Псыр къыздижымкІэ укІуэмэ, къурш лъапэм унэсынущ». Къурш лъапэм унэсамэ, партизанхэм

уахуэзат. Сэри апхуэдэут ахэр къызэрызгъуэтар. Пэжщ, сэ куэдрэ сыпартизанакъым...

– Сыт щхьэкIэ?

– Бахъуэхэ яйуэ зыгуэр яхэтащ абыхэм. Зэхэпха абы и гугъу?

– Хьэуэ.

– Си налыпэр нал щIыб схуищIри нал щIыбыр нал гупэ схуищIащ мис абы,– мыгурыIуэгъуэ дыдэу къопсалъэ Айтэч.

– Ар дауэ?

– ПщIэркъэ зи дауэр? Налыпэр налыпхэу зэрыщIалъхьэ умыщIэу ара? Шууей ухъуным куэд хуейщ, Нартшу, уэ иджыри.

– Дэ шы диIэу щытакъым, – Нартшу йоплъэкI Тузеррэ Мэремрэ щхьэукъуэу здэщыт лъэныкъуэмкIэ.

– Нал жыхуаIэр пщIэрэ?

– СощIэ.

– Ар нал IунэкIэ шым щIыщIалъхьэри зэрыщ Iалъхьэ щIыкIэри пщIэрэ?

– СощIэ зэрыщIалъхьэри.

– НтIэ, мис а уэ пщIэм хуэмыдэуи щыщ Iалъхьэ щыIэщ ар. И щIыбыр и гупэмкIэ гъэзауэ. Жыраслъэн жари щыIащ шыдыгъу цIэрыIуэ гуэр. Шыдыгъу псоми я Iэтащхьэу ябжырт ар. Зэхэпха абы и гугъу?

– Хьэуэ.

– Зэгуэрым шы бэлыхь гуэр къедыгъу абы. Къуажэм къызэрыдэкIарауэ шым и налхэр къыщIетхъыж, къреIуэнтIэкIри и пэр и щIыбымкIэ гъэзауэ налыр щIелъхьэж. Пщэдджыжьым шыр зейхэр пхъэру къызэрохьэжьэри лъэужьым тету къуажэм къызэрыдох. Еплъмэ, нал лъэужьхэм захъуэжащ. Шыдыгъум ПсыжькIэ игъэзащ, жаIэри абыкIэ яунэтI.

Жыраслъэн Тэрч лъэныкъуэкIэт шыр здихуар.

Си адэмрэ сэрэ гъэрыпIэм дыкъик Iыу дыщыщIэпхъуэжам си адэми и мурадат а Iэмалыр къигъэсэбэпыну. АрщхьэкIэ налхэр дзагуэ хъуат, лъэужьыр зэхагъэзэрыхьыжыфынутэкъым. Щымыхъужым, шыхэм я фIалъэхэм къэпыжь къыдошэкI – лъэужь ямыщIыххэн папщIэ. Бештоми пхъэр къыткIэлъыщIигъэпхъуат, арщхьэкIэ ди лъэужьыр къагъуэтыху-сытыху даIэщIэкIри дежьэжат. Ар ди къелыкIэу дыкъелат, армыхъу уэрэ сэрэ мы мафIэгум дистэкъым иджыпсту.

Уэрышыр кIуэ пэтми нэхъри игу ирохь Нартшу. «Абы уригъусэу укIуэдынкъым», – йогупсыс ар. МафIэгур псынщIэу макIуэ. Зи ныбэ изу шха Айтэч и гъуэлъыпIэм допщеиж. Планшетыр къещтэ, картэр къыдехри еплъу щIедзэ абы полковникым къэрэндащкIэ иритхахэм. СтанцыщIэхэм ину къоджэ.

– МафIэгур гъуэгум тежмэ, дауэ хъуну? – щIоупщIэ Нартшу.

– Сыту уделэ цIыкIу мыгъуэ уэ! Рельсхэм текIыу дэнэ здэбгъэкIуэнур? – тIэкIу йогупсысыжри аргуэру къыщIегъу. – Рельсхэм текIыркъым, ауэ гъуэгум дэдзыхыпIэ щиIэ къохъу.

Пшапэр зэхэуэху Нартшу бжэм деж къыIукIакъым. Иужьым ари допщеиж и гъуэлъыпIэм. Пхъэбгъу джафэм утелъу ужеи-ныр, дауи, КъантIасэ и пIэ ухуам хуэдэкъым, ауэ Нартшу есэжащ апхуэдэхэми.

– Сытым деж дынэсыну?

– Пщэдджыжьым. И Iэ, лэу-лэу дыгъэщI. ЖейкIэ фIыуэ дрикъуауэ нэху дыкъекIын хуейщ. Нэхъ жьыуэ дыкъэтэджу ди Iуэху и ужь дихьэн хуэдэу. Зыдгъэхьэзыру...

– Шыхэр тлъэщIынукъэ?

– НтIэ, зиунагъуэрэ.

Нартшу и щхьэр щIакIуэ щIагъым щIеIу. Мэлымэрэ мэкъумэрэ къыIуроуэ. Шэрхъхэм я Iэуэлъауэ макъыр щIэх-щIэхыурэ яхъуэж: рельсхэр я кIыхьагъкIэ зэхуэдэкъым, зэпылъыпIэхэри зэщхькъым. Айтэч и пырхъ макъым йодаIуэ, зегъэкIэрахъуэри хэлъщ Нартшу. ИкIэм икIэжым хелъафэ. Асыхьэтуи пщIыхьэпIэ елъагъу: кхъужьей щIагъым къакIуэ жиIэу Лела къеджа хуэдэщ. Кхъужьеижьым кхъужь гъуэжьыфэ-дыщафэхэр къыпоблэбл...

## 3. ИУЖЬРЕЙ КЪЭУВЫIЭПIЭ

– Батайск станцым дыкъэсащ. Аращ ди иужьрей къэувыIэпIэр, – жеIэ Айтэч, и щхьэр вагоным кърикъуэжауэ зеплъыхь, станцым и дежурнэр къыщигъуэта хъунум еплъу аращ. ЗыпIэжьэ хъунукъым. МафIэгур дакъикъэ пщыкIутху къудейщ зэрыщытынур – абы къриубыдэу вагоным къиIэпхъукIын хуейщ.

Нартшу къыщылъэтауэ и щхьэр бжэм дегъэж. Абы и гугъат вокзал зэгъэпэщагъэшхуэ, моуэ унэ зэтетхэр, щхьэгъубжэ дахэшхуэхэр яхэлъыжу, илъагъуну, уэзджынэ иныр къеуэу зэхихыну. АрщхьэкIэ апхуэдэ лъэпкъ зэримылъэгъуар и жагъуэ хъуауэ, щIоупщIэ:

– Дэнэ щыIэ-тIэ станцыр?

– ЩIы щIагъым щIэтщ. КъыбгурыIуа? Уи нэхэм щIэIуэтыхьыIуэт. Плъагъуркъэ щIы щIагъым къыщIэплъ уэнжакъхэр? Мобы Iугъуэу къыщIихур плъагъурэ?.. Пщэдджыжьышхэм дыкърихьэлIа хуэдэщ, – Айтэч бжэр нэхъ ину зэIуегъэж, жьы щIыIэ къыжьэхоуэри, и дамэр дрешей, и бгырыпхыр зыщIекъузэ, хьэукI пыIэр кърекъухри унафэ ищIу щIедзэ. – Шыщхьэхъумэ, сэ диспетчерым деж сокIуэ, ди вагоныр къыпатIык Iыну жесIэнщ. Уэ мыбдеж укъонэ. Умыбэлэрыгъ – фронтым нэс уашэнкIэ тIэу еплъынкъым. Шыхэр къызэритшынум хуэгъэхьэзыр. Хьэпшыпхэр, гъуэмылэр зэщIэкъуэж. Быдэу зыплъыхь – хэт ищIэрэ, зыгуэр къытщыгъупщэмэ... ГурыIуэгъуэ?

– ГурыIуэгъуэщ! – жиIэу зауэлI хьэлу уват Нартшу, ауэ абы гу къылъитэжакъым Айтэч – ар вагоным къилъакIэт. «Дыкъы-

пагъэхуным хунэмысурэ, занщIэу фронтым дашамэ, дехъулIа-тэкъэ», – йогупсыс щIалэ цIыкIур.

Аргуэру къоплъ вагоным. Зауэ хуэIухуэщIэ зэрылъ мафIэгур станцым хуэмурэ текIырт. Нартшу и нэхэр хуозэ вулкан мыужьыхыжахэм ещхьу, Iугъуэр къызыхих зэхэкъута гуэрхэм. Iугъуэр щIым щхьэщыгъуалъхьэрт. Бомбэхэм, топышэхэм, минометышэхэм къраууда кумбхэр адэкIэ-мыдэкIэ щыплъагъурт, гъущI гъуэгу рельсхэр къыхэтхъауэ зэкIэщIэпIиерт, вокзал унэм щыщу плъагъужыр зы блын закъуэт.

Псы хуэлIа шитIыр пхъэбгъу лъэгум ефIэлъауэрт, Нартшу къыхуеплъэкIхэрт. ЩIалэ цIыкIуми ищIэрт ахэр псы зэрыхуэлIэр, псым ишэрэ иригъэфамэ дэгъуэтэкъэ, ауэ... Перроным щызэрызехьэрт пхъуантэ, матэ, къэп зезылъафэ цI ыхухэр, фурашкIэ плъыжь зыщхьэрыгь дежурнэри, тхьэм ещIэ здэжар, блэжащ. ИкIэм икIэжым Нартшу зэрыс вагоныр мафIэгум къыпагъэхури, пхэкIэ ирагъэкIуэтыж, ар унэщIыпIэм деж къыщоувыIэ. Жьы щIыIэ къопщэ.

– Дошэс! – щIы щIагъым къыщIэхутыкIам ещхьу Уэрышыр къосыж.

– Дежьэрэ?

– Дожьэ. Ауэ япэщIыкIэ дыздэкIуэнур дубзыхун хуейщ. Шы заводхэр куэд мэхъу. Зэ райцентрым дынэсамэ, абы къыщыджаIэнт адэкIэ дыздэкIуэнур.

– Райцентрыр къэдгъуэтыху Iэджэ дэкIынщ. Дишхэр дыгъуасэ лъандэрэ псы ефакъым... – Нартшу игу илът Дотий къыжриIахэр: «Шууейм дежкIэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр уи шым ухуэсакъыныращ».

А псалъэхэмкIэ зэрыарэзыр къигъэлъагъуэ нэхъей, Мэрем и щхьэр ищIырт, щIалэ цIыкIум къеIусэрт и Iупэ пхъашэ хуабэшхуэмкIэ: псы хуэлIэу арат ар.

– Узахуэщ: шыхэр псы егъэфэн хуейщ. Дэри тIэкIу дедзакъэмэ, къытщхьэпэжынщ. Километр тIощIрэ пщIым щIигъукIэ дыкIуэн хуейуэ жаIэ.

– ЩIигъур сыт хуэдизу пIэрэ?

– Тэмэму сщIэркъым. Торбэр къащти уи лъэдакъэпэр уи пхэщIыщхьэм теуэу жэи псы къэхь.

– Къызатыну пIэрэ?

– Къызатын, жыпIа?.. – унафэр къыбгурымыIуауэ ара, жыхуиIэу щIалэ цIык Iум йоплъ Айтэч.

– ПэгункIэ нэхъыфIт, жызоIэри аращ. Торбэм къижыжынщи…

– УзэрегуакIуэщ: къащтэ, ухуеймэ, пэгуныр.

Нартшу щIэпхъуауэ мажэ Iугъуэ къызриху бжьамийхэмкIэ. Шыщхьэхъумэм и къалэнхэм есэу хуежьат ар. АтIэми, ар щIэхъуэпсырт «Чапаев» фильмым хэт Петькэ ещхь хъуну. Япэ зэжэлIа щIыунэм къыщIэкIа фызым пэгуныр къызэрыхуихьы-

жынумкIэ пионерым и псалъэ быдэ ирет. А псалъэхэмкIэ Iэджэ щIауэ зыри къигъэгугъэжатэкъым абы... Жыжьэ мыкIуэу, псы къижыпIи хуозэ. Абдеж дыдэм псы гъэваи къижу къыщIокI. Шыхэр псы ирегъафэ. Езыхэм ирафын «шеи» къехьри Айтэчрэ абырэ я пщэдджыжьышхэри зэфIокI. МафIэгухэр къытохьэ-токIыж.

– Ростов дынэсыным куэд иIэж? – щIоупщIэ Нартшу.

– Ростов, жыпIа? Гъунэгъу тIэкIущ. Мо-одэ плъагъурэ мо къалэр?

– Зэ абы дынэсамэ арат, – Iэджэм щогугъ Нартшу. – Абы КъантIасэ и ныбжьэгъухэр дэсщ. Съездым щызэригъэцIыхуауэ щытахэт. Ахэр цIыхуфI дыдэу жиIат КъантIасэ. Драгъэблэгъэнти дагъэхьэщIэнт...

– Дэ къыдожьэхэри зэхэсхэщ, жиIащ-тIэ, – къыпогуфIыкI Айтэч.– Дэ дызыхуейр дыщыхьэщIэнтэкъым – шы заводырт. Ар здэщыIэр пщIэрэ? Метечкэ жыхуаIэ станицэм и Iэгъуэблагъэхэрщ. Мечеткэ! КъыбгурыIуа? «Мэжджыт» жиIэ хуэдэщ. Абы дынэсыным диIэжыр пщIэрэ? Мыдэ ди картэм дегъэплъыт, – Айтэч планшеткэм къыдэщ картэм йоплъ. И Iэпэр трелъхьэри, – мис мыращ дыздэкIуэнур, – жи. – Мис ди шы заводри!

Гугъу демыхьу, псынщIэ дыдэу къагъуэтащ шы заводыр. А зым фIэкI нэгъуэщI хозяйствэ щыIэтэкъым а хутор псом. Завхозыр илъэс плIыщI зи ныбжьын къэзакъ зэхэуфэжа гуэрт, кIагуэ дыта, щэкI плъыжьхэр зыдэда джэлэфей щIыхуфэ щыгът, ар щыхьэт техъуэрт лIыр шууеидзэм зэрыхэтам, щхьэпхэтIыгумкIэ егъэкIуэтэхыпауэ пыIэщхъуэ щхьэрыгът, Iэ ижь закъуэ пытыжым и Iэпхъуамбэ зэхуакухэм диубыдауэ тхылъымпIэр зэпеплъыхь, итIанэ Уэрышым къоплъыжри:

– УнафэщIхэр щыIэкъым. Командировкэ кIуахэщ. Махуищ хуэдизкIэ къэсыжхэми аращ. ФхуэсщIэнIауэ сэ сыхуиткъым...

– Дыщыпсэунур дэнэ?

– Сэ сщIэрэ? Фылъыхъуэ. Зыгуэр къэвгъуэтынкIэ мэхъу. Ауэ пщIэншэу фежьэнкIи зыхуэIуа щыIэкъым. Шыбз лей диIэкъым дэ. Лейр щыгъэтауэ, шыбз щэ ныкъуэ хуэдиз дыхущощIэ езыхэр. Заводыр къызэфIэдгъэувэжа къудейщ. Лъхуэн-пIэну фэ шыбз тIощIрэ пщIырэ фэттмэ, дэ къакъыу депщэу дытIысыжыну? Хьэмэрэ ди заводыр зэхуэтщIыжыну? Ди заводыр заводыжьщ, езы Буденнэ дыдэм и шууеидзэм уанэшхэр хуедгъашэу щытащ...

ЖиIэнур имыщIэу щытщ Уэрышыр.

Къэзакъым и жьэр игъэувыIэркъым.

– «Лъхуэн-пIэну», жи! Фыхуеятэкъэ?

– А тхылъыр зытхам итхар ищIэжу къыщIэкIынт...

Завхозыр къогубжьыпэ:

– ХьэлIамэ ищIэрт абы! Дэ мыбдеж дыщысрэ пэт, лъхуэн-

пIэну гъатхэ техьэнур зыхуэдизыр тщIэркъым. Махуэ къэс малIэ шыхэр. «ИщIэжу къыщIэкIынт», – жи. БжесIэр щхьэ къыб-гурымыIуэрэ: шы заводыр къызэфIэдгъэувэж къудейщ. Къэт-щэхур зыхуэдэр дымыщIэу къытIэрыхьэр къыдощэху. Иджы диIэм я нэхъыфI тIэкIур фыдотыжри, дэ ди Iэ зэтыдодзэри дотIысыж, жиIащ. Фыхуеяти! – къэзакъым и пыIэщхъуэр, зыгуэ-рым IэкIэ зэригъакIуэ нэхъей, щхьэфэкIэ кърехуэкI, и лъынтхуэ-хэр къыхоцIэфт, и нэм лъы къытелъэдащ. – «НэгъуэщIым и лэгъуп уи шынакъжьей хыумыIу» жаIэу зэхэпха?

– Зэхэсхащ.

– НтIэ, хьэдрыхэщI нэс укъэзыхуар сыт?

– Уэ зэхыумыхауэ пIэрэ: «Зэкъуэшхэр зэдэIэпыкъумэ, къуршыр и пIэм ирагъэувэж», – жаIэу? – Айтэч, «гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс», жыхуиIэ псалъэжьыр игу къокIыжри, и псалъэр зэпегъэу. – ИтIанэ, а тхылъыр зытхахэр Iуэхум тэмэму егупсысат. Фэ, дауэ хъуми, фыкъызэфIоувэж, дэ иджыри щIым дыщылъщ. Дэри дыкъызэфIэувэжын папщIэ фыкъыддэIэпыкъу, зиунагъуэрэ. Псори дызыхуэлажьэр зы Iуэхущ. Ди щхьэ Iуэху-къым дыщIэлъаIуэр – шы заводращ.

– Шууей дивизэм ухэмытауэ пIэрэ уэ езыр?

– Щхьэ сыхэмыту. ТIасхъэщIэхыуи сыщытащ.

– Фэуэ птетщ.

– Фыхуеймэ, сыти фщIэ, шыбзхэр сымыхуауэ згъэзэж зэрымыхъунумкIэ си тхьэкIумэр быдэу схуиIуэнт Iащ полков-никым, – бзаджагъэм йоуэ Айтэч: полковникым и цIэм ирисон-дэджэрыну мурад ещI. АрщхьэкIэ модрейм ари къыфIэIуэху-щэкъым.

– Хэт и полковник?

– Си начальникщ. Ди шы заводым и директорщ.

– Ди шы заводми и унафэщIыр сержант уи гугъэми – ущоуэ. Генералщ! Полковник жыпIэу зыкъыпфIэмыщIыжыщэт...

– НтIэ, уэрэ сэрэ щхьэ дызэрыбгъэшхрэ? Генералым игъэ-щIэхъун уи гугъэ ди комиссарыр? Дыпэплъэнщ ар къэсыжыху, – Уэрышым тхылъымпIэр планшеткэм делъхьэж.

– ФызэрегуакIуэщ. Фежьэ фрикъуху... – къыфIэмы Iуэху-къыфIэмыIуэхуурэ къэзакъыр планшеткэм йоплъ, Айтэчи ар щIигъэпIийр арат: мы сэ сIыгъыр плъагъурэ, укъыздэмыджэгу уэ, жыхуиIэт абы. Блыным фIэлъ телефоным бгъэдохьэ зав-хозыр. ЗыщIыпIэ псалъэу щIедзэ.

Айтэч къыщIэкIыжауэ абдеж гъунэгъуу щыт унэхэм йоплъ – дэтхэнэм Iухьэмэ нэхъыфI? Ауэ псоми фэ щI агъуэ ятеттэкъым: зеиншафэхэт, щхьэгуэхэт. ХьэщIэ къызэрырагъэблагъэ щIыкIэм щыужахэ хуэдэт. Жьыри увыIэртэкъым.

Уэрамхэр цIыхуншэт. Унэхэм нэхъри нэщхъеифэ къатеуат. Ахэр тхьэмыщкIагъэм щахъумэ щIыкIэу, жыг закъуэтIакъуэ уи

нэгу къыщIэхуэрт. ЦIыхуншэ къудейм и мызакъуэу, уэрамхэр икIи Iэщыншэт. Iэщ зиIэж щыIэми, унэхэм щIагъэту арагъэнт. Поселкэм и кум деж къамылым щIагъэнэжауэ гуэл иIэт, абы и бжьэпэм щхьэщытт унэ нэхъ иныIуэ закъуэр – пэщIэдзэ школыр. Абы и щхьэгъубжэхэм я нэхъыбэр чырбышкIэ къиищIыкIыжат е пхъэбгъукIэ Iугъэсеежат. Клуб унэу щытам и щхьэри телъыжтэ-къым. «Шэщ пщIы хъунут», – йогупсыс Айтэч. Iуэхур зэрымыщIагъуэр къыгурыIуа пэтми, Нартшу щIоупщIэ:

– Къыдатыну?

– Къыдатыну гузавэхэу къытпэплъэрт, жи.

– ДыгъэкIуэж-тIэ. ПщIэншэу зэманыр щIэдгъэкIуэдынур сыт? – Нартшу гупсысапIэу иIэр Ростовт. Кхъухьхэр зытет псышхуэ бжьэпэм Iут къалэ дахэшхуэр илъагъу хуэдэт абы. А кхъухьхэм уигу пэщыху уеплъыну дауэ къыпщыхъурэт! Тэрч кхъухь тету игъащIэм илъэгъуакъым абы.

– Шыбзхэр дымыхууи?! Дыдагъэхьэжыну пIэрэт? Iуэхуншэу ущымыт. ДызыгъэхьэщIэн бысым гуэр къэзгъуэтыху уэри мэкъу Iэмбатэ къэгъуэт. Ди щхьэ зэрыдгъэпсэужын и Iуэху зетхуэн хуейщ. ГурыIуэгъуэ ар?! – Айтэч и Iэпхъуамбапщэр хуегъэдалъэ шыщхьэхъумэм. – Ауэ узэмыIэбыпхъэ къэпщтэнщ уэ! – щIегъуж Уэрышым. ЩIалэ цIыкIур шы заводым и Iусыпхъэм хэIэбэрэ арыншэми къытхуэлъэ завхозыр нэхъри къытщигъэIеипэмэ, жиIэу къэгузэвауэ арт Айтэч.

ПщIантIэ зытхухым дыхьащ Уэрышыр. Языныкъуэ унэхэм зейхэр щIэхуэжыркъым – фызыжь-лIыжь, сабийхэр щIэзщ, языныкъуэхэри хамэ цIыхухэм ящошынэ... Айтэч езыр къызыдэжыжа пщIантIэхэри яхэтт – унэхэм кхъуэ шырхэри щIэст. ИкIэм икIэжым ирихьэлIащ, щхьэ мы гуапэ дыдэрэ жумыIэмэ, махуитI хуэдизкIэ зыгъэхьэщIэну арэзы хъуа физ гуэрым. Ар егъэлеяуэ гъур гуэрт, и нэщIащэхэр щIэуфIыщIыкIат, зэлъат. ЗэрымэжэщIалIэр фэуэ тетт, жьым ирихьэжьэным хуэдизт. ЦIыхубз щIалэ дыдэ пэтми, гугъуехьымрэ ныбэм и гузэвэгъуэмрэ жьыфэ къытрагъэуат. И пщIантIэ цIыкIур зэпрыхукIат, щхьэгъубжэ закъуэ фIэкI зыхэмылъ унэ тIэкIури хуищIэу елъэныкъуэбат. Абы бо тIэкIуи къыпыщIыхьати, ар нэщIыпст, Iэщымэ щыужтэкъым. Унэ шындэбзийм хадапIэ тIэкIу иIэт. Ауэ хадэхэкI лъэужь иплъэгъуэжыртэкъым...

– Си сабийр сымаджэщ, къиинщ. Езыри жейм езэгъыркъым, уэри уигъэжейркъым, – жеIэ цIыхубзым: Iуэхум щыгъуазэ ещI.

– Ягъэ кIынкъым. Зыгуэрурэ дыжеинщ. Уэри зыптедгъэхьэлъэнкъым, – унэм щIагъэхьэ закъуэмэ, нэгъуэщI зыхуей щыIэтэкъым Айтэч.– Шхыным щхьэкIэ умыгузавэ. Дэ гъуэмылэ куэду тIыгъщ. Лы, джэд, кхъуей, хьэкъурт. Пэжщ, иужьрейм – шху, жи.

Хьэкъурт жыхуаIэр топкIэ къраудмэ, ищIэртэкъым цIыхуб-

зым. Ар зищIысым щIэупщIэни укIытат. Ауэ шхынызщIэ къомым и ужькIэ тхьэмыщкIэм и гурыIупсыр ирикъухащ.

– ФызэрегуакIуэщ-тIэ... Фи щIып Iэхэмк I э къикIа гуэр щыпсэуащ си деж. Ежьэжащ. ЛэжьапIэ уващ. Жыжьэ дыдэ си гугъэкъым щылажьэр. ЩIалэжь цIыкIум зыгуэрхэр къыхуишэу-рэ иджыри зэзэмызэ къыкъуокI. Ноби къак Iуэмэ, унэр къыдэзэ-вэкIынкIи мэхъу...

– Ари Iуэхукъым. Куэдрэ зыщытIэжьэнкъым дэ мыбы. Директорыр къызэрысыжу дызэгуроIуэри – дошэсыж. Кавказым нэс дыкIуэжынущ.

Айтэч унэм щIохьэ. Ауэ, апхуэдизк Iэ кI ыфIти, щIэлъри щIэсри плъагъуртэкъым. Бжэр къыIуехри къыщIогуоукIыж:

– Е-ей, шыщхьэхъумэ, мыдэ къажэ!

Шыхэм якIэрыпхахэр къакIэритIэтыкIауэ унэмкIэ елъэф Нартшу. Унэр игу ирихьакъым абы, ауэ узыхэплъыхьын уимыIэмэ, сыт пщI энт? Къыпхуагъуэтар зэгъэзэгъын хуейуэ арат. Ростов кIуахэу щытамэ...

Дакъикъэ зыбгъупщI нэхъ дэмыкIыу унэ цIыкIум и блынхэм къыкIэрохутэ уанэхэр, щIакIуэхэр, хьэпшыпхэр, гъуэмылэхэр зэрылъ къэпхэр, хъуржын зэпедзэкIхэр плIанэпэ гуэр деж щызэтралъхьэ. ШитIыр шэщым яшащ. Завхоз Михеич и губжьыр щхьэщыужри, гъуэгурык Iуэхэм яшхэр шэщым щIагъэтыну арэзы хъуат. Шыхэр щагъэзагъэм Айтэч зрегъэлъагъу къыздэкIуахэм я шыбзхэр зыхуэдэр – ахэрат абыхэм шыбзхэр къызыхашынур. Нартшу бысымым деж къэнат. Бжэ къуагъым зыкъуиудыгъуауэ щыст. Фызым и щхьэ Iуэху зэрихуэжт: плI анэпэм дэт ашыкышхуэм щэIуу телъ сабийм еубзэрабзэу бгъэдэст. А пхъуантэшхуэм дэлъу къыщ IэкIынт унагъуэм илъ псори – хьэкъущыкъури, тепIэнщIэлъынри, щыгъынри, ерыскъыри. КъемыплъыххэухьэщIэм къоупщI цIыхубзыр:

– Хэт уи цIэр? Сэ къызэрызэджэр Аннэ Александровнэщ.

– Нартшущ. Полкым и комиссарым сришыщхьэхъумэщ. Иджы командировкэ дыкъэкIуауэ аращ.

Бысымым къыгурыIуакъым «Нартшу» псалъэр. Си ц Iэр зэрыпщIынур: «на што?» – жиIэу езыр щI эупщIэж хуэдэу къыщыхъуащ. ЩIалэ гурбияныжь цIыкIущ, къыщIэзгъэтIысхьэнхэ хуеякъым, жиIэу щIегъуэж пэтащ цIыхубзыр. АрщхьэкIэ сабырыбзэу щыс щIалэ цIыкIум гурбиянфэ лъэпкъ теттэкъым.

– Хэтщ, жыпIа, уи цI эр?

– Нартшу, – фIэмыфIыщэурэ жеIэ щIалэ цIык Iум. И нэхэр мо унэ кI уэщI кIыфIым есэжати, абы щIэлъхэр илъагъу хъуат иджы. Пл Iанэпэм дэт гъущI гъуэлъыпIэм пхъэбгъу пцI анитI илът. ЗэщIэдзауэ гъуэлъыпIэ натIэм кIэрылът уэншэку. Апхуэдэ гъуэлъыпIэхэр зауэм и пэкIэ пионер лагерым щилъэгъуат Нартшу. Абы тIу уихуэнукъым. Мыдрей блыным тахътэбан

кIэрытт, абдеж дыдэм щытт нэмыцэ канистрэ, уи нэм къыфIэнэу а зы закъуэрт унэм щIэплъагъуэр. Айтэч дэрэ тахътэбаным дилъыну хъунщ, йогупсыс Нартшу. ГъуэлъыпIэм ищхьэкIэ блыным фIэдзат сурэтылъэхэм ярылъу сурэт куэд, абдеж фIэдзат Iугъуэм зэщIигъэуфIыцIэжауэ фэтыджэн уэздыгъи. Уэздыгъэ уэнжакъым и зэхуэдитIыр пытыжтэкъым, абы тхылъымпIэ сэмб къыщхьэрылът.

Сабий гъынанэр нэхъ хуабэIуэу щIиуфэурэ цIыхубзыр мэлъаIуэ:

– Умыгъ, си псэ тIэкIу. Умыгъ, си тхьэрыкъуэ шыр. Шэ диIэжкъым, духащ. СыкIуэнщ иджыпстуи зыгуэр къыпхуэслъэIухуэнщ. Тхьэм гущIэгъу къытхуищIынщ. Умыгъ, си дыгъэ...

Сабийр зытелъ ашыкым и щхьэр къытреIэтыкI, абы йоIэбэри зыгуэр къелъыхъуэ, ауэ зыри кърихыркъым. ИтIанэ щхьэгъубжэ дакъэм тет дзэху крушкIэр къещтэ, ар и кIэпхыныкIэмкIэ елъэщI, здэкIуэнур, зыщылъэIуэнур имыщIэу тIэкIурэ унэкум итщ.

Унэм къыщIих мэм, тхьэмыщкIагъэмрэ сымаджагъэмрэ я мэм, Нартшу игу къегъэкIыж езыхэм я унэу щытар, имыIэж и Iыхьлыхэр... Айтэчрэ абырэ жыжьащэ къэкIуауэ къыщохъужри къогузэвэж. Дымыгъуащэу дыкIуэжыфыну пIэрэ, йогупсыс ар. КъыщыкIуэм рельсхэм тету къэкIуащ, абыхэм утекIыу дэнэ укIуэнт? ЩыкIуэжхэкIэ шууэ ягъэзэжыну аращ, комиссарым яхуищIа картэм еплъхэурэ.

– Нашто, мыдэкIэ къыдыхьэ. Сабий сымаджэр къыумыгъэхуэх. Сэ ди гъунэгъумкIэ сежэкIынщи иджыпсту къэзгъэзэжынщ. Моуэ гъунэгъу тIэкIущ. Гошкэ щхьэкIэ шэ тIэкIу къызатмэ... МахуитI мэхъури шхакъым сабийр.

Нартшу, псалъэ жимыIэу, къотэджри адэкIэ докIуатэ. Тахътэбаным йотIысхьэ. КIагуэ дыта щыгъым Iэлъэщ Iышхуэр кърепхъухыжри цIыхубзыр щIокI. Жьыр къыпиубыд нэхъей, сабийм и Iупэхэр егъэпIэжьажьэ. Абы зы фIэIурымэ гуащIэ гуэр къыкIэрихт. Нартшуи къэмэжэлIат, ауэ Айтэч хуит къимыщIу гъуэмылэм еIусэн дзыхь ищIыртэкъым. Лы гъурыр дзасэкIэ ягъэжьэ, егупсысырт ар. Ауэ хьэнтхъупсым хэлъу кIэртIоф, хугу, бжьын и гъусэу гъэвауэ пшхынуи нэхъыфIыжт. Абы бжьыныху, шыбжий хэбдзэу, шэкIэ хьэнтхъупсыр зэIыхыжауэ уефэми, Iейтэкъым. Драфри зыдрафри зэщIэлъу мэхъу. Абы пIастэ щIыIэ гъэжьэжари докIуу. Мырамысэ щIыIэми здэнт, – «джэд щыкъун и пщIыхьэгъущ» жыхуиIэу, Нартшу шхынщ и Iуэхур. Ар хъарзынэуи пщэфIэным хэзагъэрт. Тогушхуэри къотэдж. Мэлыл гъэгъуа хэлъу сабийм лэпс хуигъэвэну мурад ещI. Абы хэту бысым цIыхубзыр къыщIохьэж, Iэуэлъауэ иригъэщIу крушкIэр щхьэгъубжэ дакъэм трегъэувэж. «Кърата-

къым», – йогупсыс Нартшу. Унэр нэхъ нэхуу щытамэ, абы илъагъунт цIыхубзым и нэкIущхьитIым къытена нэпс лъэужьхэр, абы и Iупэхэр зэрыпIэжьажьэр...

И анэр къызэрыщIыхьэжар къэзыщIа сабийр нэхъ ину къыхогъынэныкI. «Дахэ-дахэуи гъыжыф мыгъуэкъым», – сабийр фIэгуэныхь мэхъу Нартшу.

– Сыт, си псэ тIэк Iу? Шэ тIэкIу згъуэта мыгъуэкъым. ИкIэрауэ зы ткIуэпс. Сэ сефэжат, жи, шэ къэсша т IэкIум,– цIыхубзым ашыкым зытреIубэ, сабийм и щхьэр фIиубыдыкIауэ зэщоджэ, Нартшу зэрыщытри къридзэркъым. Фызым и дамащхьэхэр къызэрыхэлъэтым йоплъри гужьеяуэ щытщ щ Iалэ цIыкIур. Сабийр нэхъ иныжу къыхогъыкI.

– Лы хуэзгъэвэнщ. Сымаджэм дежкIэ лэпсыр хущхъуэу щыIэм нэхърэ нэхъыфIщ, – Нартшу игу къегъэк Iыж я унэм исхэм щыщ гуэр сымаджэ хъуамэ, и анэм жиIэу щыта псалъэ дыдэхэр. Абы къэщтэ хугу зэрылъ хъуржыныр, хьэкъурт зэрылъыр. Айтэч зэрыжиIамкIэ, ахэр щык Iуэжк Iэ яшхыну арат. Абыхэм зэрыхэIэбэм щхьэкI э езы Нартшу Айтэч къыхэмыIэбащэрэт...

Уэрышым къыщигъэзэжам, мэлыл гъэвам и мэ гуак Iуэм зэщIищтат унэ кIуэцIыр. Айтэч игу къэк Iыртэкъым щыкIуэжкIэ яшхыну гъуэмылэм зыгуэр хэIэбауэ, бысым цIыхубзым хьэщIэ лъапI эхэм закъытриукIэжу арауэ къыфIэщIащ. Лы зэрагъавэ шыгун цIык Iум кIэртIоф хидзэу пэшхьэкум бгъэдэтт цI ыхубзыр. Нартшуи къэпым ипщIэпщIыхьу щытт: хугу кърихыну арат, ауэ, Айтэч щилъагъум, шынэжри щIилъэфыжат.

– Хьэнтхъупсым хугу тIэкIу хэткIутамэ арат... Хъуну, Айтэч? – и макъыр мэкIэзыз абы.

– Сыт щIэмыхъунур? ГъэтIылъыгъэ дыхуей хъужынукъым. МафIэгукIэ дыкIуэжынущ, – шэнтщхьэгуэ къэщтэри мэтIыс ар, а зэрыхуэпам хуэдэу, лы вэрымэ гуакIуэр зыжьэдешэри щысщ.

– МафIэгукIэ, жыпIа? – гуфIэгъуэм къызэщI иIэта Нартшу дэлъей пэтащ. Шыхэр вагонкI э пшэну, дауи, нэхъыфIщ, зэхэукIа мыхъуу нэсынущ.

– А шы увыI ахэм щхьэкIэ дэ зыми вагон къыдитыну къыщIэкIынкъым. IэнэщIу дгъэзэжын хуей хъунущ. Шыбз лъхуэнп Iэнхэм я пI экI э мыбы щыслъэгъуа къупщхьэ зэфIэIул Iахэр хуэтшэмэ, Дотий дзасэм цIынэу дыпиIунщи дигъэжьэни. Пшэпэнуми, нэсынукъым ахэр. Ерагъыу зэфIэтыф къудейхэщ. Сызэмыплъа къэзгъэнакъым. ШитI-щы къахэбгъуатэмэ, гуфIэ. Адрейхэр зыри хъунукъым. Зы тхылъи уимыIэу къэпщэхуфынщ а шы ныкъуэлIэхэр. Зыщэхун делэщ ямыгъуэтыр армыхъу.

– Уэ плъэгъуахэракъым фэ фыкъыщIэкIуар, – Iуэхум къыхопсэлъыхь Аннэ Александровнэ. – Фэ фызыхуейхэр здэщыIэр нэгъуэщI щIып Iэщ: Грачи жаIэу зэхэфха? Километр тIощI

хуэдизкIэ укIуэнущ иджыри. Абы шыбзу щыIэр пхуэмыбжы-ным хуэдизщ. Михеич къывэбзэджэкIыу аращ. Ажэ щIакъуэ утесу иумыхулIэ абы. Бзаджейщ. Шыбз лъхуэн-пIэнухэр щхьэ-хуэу яIыгъщ.

– Апхуэдэ лъэпкъ и гугъу ищIакъым завхозым.

– ИтIанэ ар Михеич хъужрэт? Шыбзхэм апхуэдизкIэ ятегужьеикIащи, я кIэхэр щIиIыгъэу къикIухьынт. Шыбз къеIыпхыныр щыгъэтауэ, игу пыкIыу щIымахуэм уэс къуитынукъым абы.

– Пщэдей сыкIуэнщи сыплъэнкъэ.

– Ди генерал Антон Федорович къэсыжыху пэплъи нэхъыфIщ. Абы унафэ ищIмэ, Константин... абы щыIэ отделенэм и начальникращ жыхуэсIэр, сыт ищIэжын – къуитынщ шыбзхэр. Генералым и унафэншэу мори къопсэлъэххэнукъым, – жеIэ Аннэ, абы игу къегъэкIыж а Константинри Кавказым зэрыщыщыр. – Генералым фIыуэ елъагъу ар, дзыхьи хуещI. Ди деж щIэсу щытати, начальникыу щагъакIуэм, Грачи Iэпхъуэжащ. Михеичрэ абырэ зэзэгъыркъым. Зы мыхьэнэншэ щхьэкIэ зэщыхьэхэрт. Зым нэхърэ адрейр нэхъ гуащIэжщи, лIыфIагъ зэригъахуэркъым... Костя ди деж щыщ Iэсам, Гошэ сэрэ ди Iуэхур нэхъ тынш хъурти...

А «Костя» жыIэкIэм къикIыр къыгурыIуащ Айтэч: «Хуозэш абы, –егупсысырт ар. –И цIэкIэ... грузин е, мыхъужыххэми, мэздэгу адыгэу къыщIэкIынкIэ мэхъу. Ауэ, хэту щытми, Кавказым щыщыщкIэ, къыддэIэпыкъун хуейщ».

– И унэцIэр умыщIэжу пIэрэ?

– И унэцIэр зэи жиIакъым. Ауэ Михеич абы зэреджэр Къаскъулт.

– ЩIалэ? Жьы?

– ТIощIрэ пщIырэ хъууэ къыщIэк Iынщ. Зауэм хэтащ. Куэд и нэгу щIэкIащ. И фэм дэмыкIа щыIэкъым. Зи щхьэ и пщIэ зыщIэж гуэрщ. Генералым фIэк I адрейхэр къридзэркъым. Лэжьак Iуэшхуэщ. Iуэхум фIыуэ хещIык I. ФIыуэ имылъагъу пэтми, езы Михеич дыди хуэарэзыщ: «щхьэфI фIэтщ, жи, – шым фIыуэ хещIыкI», – жи. Зэреплъу къещIэ сыт хуэдэ шы лъэпкъми...

Лыр зыхагъэва хьэнтхъупсыр бэлыхьлажьэу къыщIэк Iащ. Аннэ Александровнэ езыми зыгуэр къытрилъхьэну хуежьат, ауэ Нартшу хуидатэкъым. Абы лэкъум гъужахэр къэпым кърех. ЦIыхубзым лэкъум гъурыр хьэнтхъупсым хеущыкъуеихь, сабийр и куэщI кърегъэтIысхьэри егъашхэ. Айтэчрэ Нартшурэ ущIелъэIун щыI этэкъым, бэуапIэ ямыгъуэту шхэхэрт.

– И лъэпкъри умыщIэжу пIэрэ? – шхэуэ здэщысми, Айтэч зэгупсысыр «Каквазым щыщырт».

– СщIэркъым. Муслъымэнт. Кхъуэм теплъэ хъуртэкъым. Зы кхъуэ шыр цIыкIу сиIат, ар згъэшхэнщ, ин згъэхъунщи сщэ-

жынщ, Гошэ зыгуэр къыхуэсщэхунщ, жысIати, теурэзыр къыхукIуэ, кхъуэ шырыр кхъуэщым къыщIигъэкIри... Дэжри кIуэдащ. Абы щхьэкIэ дызэфIэнэри, махуищкIэ дызэпсэлъэжауэ щытакъым...

## 4. БЖЭНЫШЭ

Нартшу аргуэру гъуэмылэм хопэщэщыхь.

–Хьэкъурт! Шхыи еплъыт.

Аннэ зрегъэзыхри йоплъ хьэжыгъэ гъуабжэ гъэщIэгъуэным. И пIалъэ умыщIэмэ – куэдрэ? Хьэкъуртыр и тэмакъым тенащ. ЦIыхубзым псчэуэ щIедзэ, и нитIым нэпсыр къыщIолъэлъ. Сытми, зыкъещIэжри щIоупщIэ:

– Кофе мыр? И фэмкIэ кофем ещхьщ, – ауэ ишхыну афIэкIа тегушхуэжыркъым.

– Ерыскъы дэгъуэт ар. Ауэ гъэш ухуейщ. Нэхъ декIур шхурщ, – жеIэ Айтэч.

– Шху дэнэ иджы къыздипхынур?

Нартшу хьэкъуртым и «напэр итхьэщIыжт»: хуэфIу и жьэм жьэдикIутауэ, и нитIыр къигуфIык Iыу ишхырт.

Аннэ Александровнэ Iэпэтез къиищтауэ йобзей. Игу ирохь, ауэ гъущэIуэу къелъытэ.

– Сабийхэм яфIэфIщ хьэкъуртыр, – жеIэ Айтэч.– Нэхъ жыIэщIэхэм ирагъэшхыу аращ. ЗэмыкIуэкIыу куэдрэ щылъщ. Гъэмахуи щIымахуи щыбгъэлъ мэхъу. Ауэ щIэбгъэупсапсэ хъунукъым... Езыр хуабжьу къэуатщ. Ар уи жьэм жьэдэлъу упсалъэ хъунукъым,– мэдыхьэшх Уэрышыр. – Псэлъэгъуейхэм щхьэкIэ жаIэ: «Уи жьэм хьэкъурт жьэдэлъ?» Ар фокIэ зэIыхауэ уэзгъэшхащэрэт...

– ФокIэ, жыпIа? ФоупскIэ зэIыхауэ Гошэ тIэкIу езгъэшхыу сеплъащэрэт...

– Шху диIамэ, арат абы декIуныр!– Нартшу я унэр, и анэр игу къокIыж, шху фалъэм хьэкъурт лошкIитI-щы хикIутэурэ яригъэшхыу щытат абы. Нартшу ар зэхипщэрти, лыгъуэмей гуакIуэр къыхихыу, ишхырт.

– ИтIанэ ди дежкIэ щыжаIэ, – псэлъэрей хъуат Айтэч, – игъащIэм умышха пIухуамэ, уи гъащIэм зы махуэ къыпещэ, жаIэри.

Пщыхьэщхьэшхэм и ужькIэ куэдрэ щысыжахэкъым. Бысымым къыгурыIуэрт: хьэщIэхэр гъуэгу тетащ, ешащ. Гъуэлъыжахэщ.

Нартшу щIэх хилъэфакъым. Игу къинэжын хуэдэу цIыхубзым зэрыхуэупсэным егупсысу арат. И теплъэкIи и цIэкIи ар ещхьт Нартшу сымэ урысыбзэкIэ езыгъаджэу щыта цIыхубзым. Ауэ гуауэр сыт? Куэдрэ еджатэкъым ар... Бысымым и бэкхъыр хузэригъэпэщыжмэ, ари Iуэху Iейтэкъым. Ауэ псэущхьэ лъэпкъ

зимыIэм бэкхъкIэ ебгъэщIэнур сыт? ПэшхьэкущIэ хуэпщIми хъунут. Жьыр къэуэн къудейщ, Iугъуэри икIыркъыми, унэм ущIигъэсыркъым. Дунейр щIыIэщ. Пэшхьэкуншэу упсэуфынукъым. Ауэ пэшхьэку пщIын жыхуэпIэри Iуэху джэгукъым. Айтэч хуеямэ, мис абы хуэщIынут... Ауэ... Игу къызэрыкIар имыщIэу, щIалэ цIыкIум и гупсысэр бжэным хуожэ: зы бжэн къыхуэтщэхуамэ, едгъэхъул Iатэкъэ? Мис арат псом нэхърэ нэхъыфIыр. Сабий сымаджэм щхьэкIэ шэ къимылъэIухуэу. Ауэ бжэныр лъыпсеи хъунщ. Ар, дауи, командировэчнэу кърата ахъшэм къыщIэкIынукъым. Къант Iасэ кърситахэр-щэ? Ауэ абы ухэIэбэ хъуну? Апхуэдиз гъуэгуанэр къащIэлъу... Гъуэгум къыщытщыщIынур пщIэрэ? Нартшу и щхьэм йодэуэж: имыщIэххэу къыщхьэщыуа гупсысэр зыщхьэщигъэужыну пылъщ, арщхьэкIэ абы зыри хуещIэркъым – пэлъэщыркъым.

Лэпс фIыуэ ефэри Гоши Iурихат. МазэIэджэ лъандэрэ нобэ хъунт ар япэ дыдэ и ныбэ изу щышхар. Унэм щIэлъу умыщIэну, Аннэ Александровнэ сабырыбзэу хэлът. Зэрыгъуэлъу пырхъыу щIидзащ Айтэч, и лъакъуитIыр Нартшу и джабэм егъэкъуауэ, лIам хуэдэу мэжей ар. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, цIыхубзым гъуэлъыпIэ закъуэр щIалитIым къаритыну иукъуэдият, ауэ Айтэч идатэкъым: «Шыбзыхъуэхэр гъуэлъыпIэ игъуалъхьэ хабзэкъым. Абыхэм бгъуэнщIагъыр я унэщ, щIакIуэр я тепIэнщIэлъынщ, уанэр я пIэщхьагъщ», – жиIэри. ИтIанэ цIыхубзым хьэуазэ Iэгуэ къахуехьри тахътэбаным иреудэ. Айтэч абы упщIэр трепхъуэ, щIакIуэхэр я шхыIэнмэ, уанэхэр я пIэщхьагъмэ, абы лей гъуэлъыпIэу сыт ухуейт?

Нэху къекIхэмэ, Айтэч Грачи кIуэнущ. Километр пщыкIуий – тIощI жыхуэпIэм сыт и гъуэгу? Пщыхьэщхьэм къигъэзэжынщ. Михеич къыщибзыщIа шыбзхэм яхэплъэнщ. И «хэкуэгъури» зригъэцIыхунщ. Хэту пIэрэ, дэнэ щыщу пIэрэ ар? Абыхэм егупсысурэ Iурихат Уэрышыр.

Пщэдджыжьым Нартшу и нэр къыщызэтрихам, и гугъащ езыр псом япэ къэушауэ. Къэтэджу пхъэ икъутэну мурад ещI. Еплъмэ, Айтэч бгъуэтмэ – къащтэ. КъызэфIэтIысхьэрэ гъуэлъыпIэмкIэ плъэми – Гошэ и закъуэщ хэлъыр. «Уэт щхьэхынэ, уэт жейнэд!» – и щхьэ хуошхыдэж щIалэ цIыкIур. Комиссарым къилъэгъуамэ, ауан къимыщIми си Iуэхут. Къыщолъэтри и вакъэхэр лъетIагъэ (шыбзыхъуэ хабзэу, зэрыхуэпауэ хэлъат ар), щIэкIыну бжэм щыхуэкIуэ дыдэм, бысым цIыхубзым Iуоуэ. Аннэ иджыри иIыгъът тIэкIуи упIышкIуа дыгъуэпшыхьрей сэлэт крушкIэр. Ар аргуэру нэщIт. Нартшу игу къокI: и къуэм шэрэ хьэкъуртрэ иригъэшхыну и гугъамэ, шэ имыгъуэтауэ аращ.

– Апхуэдэу жьыуэ дэнэ ущыIа?

– Гошэ щхьэкIэ шэ тIэкIу сылъыхъуати...

Махуэр пшагъуэу, щIыIэу зэрыщытынур фэуэ тетт. Жьыр дакъикъэ зэпыуртэкъым, жыг пцIанэхэр апхуэдизкIэ иутхып-

щIырти, абыхэм я псэр яхуIуихыну еныкъуэкъу хуэдэт.

Имылъэгъуа пэтми, Нартшу къызыф Iегъэщ I Аннэ лъэIуакIуэ зыхуэк Iуа гъунэгъу фызыр зы угъурсыз гуэру, нэпсей бзаджэу. А удыжьым сыт епщIэ хъуну? Сыт епщIэми, хуэфащэт, сабий сымаджэм щхьэкIэ шэ крушк Iэ зигу пымыкI а нэпсеижьым. МафIэгукIэ дыщыкIуэжынукIэ, мэлылыр щIызэдгъэ-зэхуэн щыIэкъым. Ауэ Айтэч нэхумыщым дэнэ щыкIуэдар? Шэщым щыIэу пIэрэ? Сыплъэн? Мэремрэ Тузеррэ дауэ нэху къекIауэ пIэрэ? Абыхэм еплъыну кIуагъэнщ Айтэч.

Аннэ гъуэлъыпIэм бгъэдохьэ. ШхыIэныр трехри сабий пцIанэр IэплIэкIэ къещтэ. Нартшу и щхьэфэцым заIэт: апхуэдиз зи гъурагъ сабий игъащIэм илъэгъуакъым абы. И дзажэналъэхэр пхуэбжынщ, и Iэ къупщхьэхэри и лъакъуэ къупщхьэхэри къыхоцIэфт, и щхьэ хужь цIыкIур пщэ псыгъуабзэм хуэмыIыгъыу адэкIэ-мыдэкIэ йощIэ. Айтэч и Iэпхъуамбэшхуэм хуэдиз хъуми арагъэнщ абы и пщэр...

– Бжэн нанэр дэнэ щыпсэур? – урысыбзэ нықъуэкIэ щIоупщIэ Нартшу.

– Хэт и бжэн нанэ? – къыгуры Iуэркъым Аннэ.

– Шэ къозымытар.

ЦIыхубзым зрелъэфыхь: щIалэ цIыкIур кIуэрэ шынагъэкIэ къытрихыну хуежьэмэ... ИтIанэ хуторым удэмысыж. АтIэми, ар мыбы щыщтэкъым, псори къызэреджэр хэхэст.

– ЗэрыпщIынур сыт? Бжэныр езым ейщ, колхоз бжэнкъым. И нэфI къыпщыхуэмэ, къуищэнщ, хуэмеймэ, узэригъэпсэлъэххэнкъым. И фIэщ сыхъуху къызитащ... ЩIыхуэр къызыхэсхын сызэримыIэр къищIащи сызыхигъэзэгъэжыркъым, – Аннэ сабийр зэщIекудэри и Iэблэ лъэныкъуэм трегъэт Iысхьэ. ИлъэситI зи ныбжь Гошэ гуащэ цIыкIум ещхьу псынщ Iабзэщ.

– ЩIыхуэхэр ептыжмэ, ит Iанэ нэхъ хьэлэл хъуну пIэрэ? – Нартшу щIакIуэр къещтэ, еутхыпщIри блыным фIедзэж, жыхапхъэ къищтэу унэ лъэгур къипхъэнкIыжыну, пхъэнкIийри къыщIихыжыну пылъщ.

– Сыт мыгъуэр естыжын? – цIыхубзыр щIалэ цIыкIум къыхуоплъэкI, абы и нитIыр ихуэдэжыхьыпащ, гуузщ абыхэм уаIуплъэну. – НэгъуэщI щIыпIэ сыкъиIэпхъукIауэ аращ сэ. Харьковскэ областым сыщыщт. Нэмыцэхэр къыщысым дыкъыдэIэпхъукIат. Фашистхэр дахужа нэужь згъэзэжати, ди унэм и сахуэ къудей згъуэтыжакъым. Жьым зэбгрихыжащ. Лъапсэм зы къамыгъанэу ягъэсащ мафIэм хисхьэнхэм. Арати... Сыт сщIэнт? Мыбы къэзгъэзэжащ. Мыбы, зимыхъуми, жыг жьауэ дыщIэскъым. Iей фIыми, лэжьыгъи диIэщ. Улахуэм и хьэкъкIэ зэнтхъ е хьэпцIий къызитыну директорым сыкъигъэгугъащ.

Бгыр къытеуфэрэкIа хуэдэт Нартшу. «Сахуэ къудей игъуэтыжакъым». Абы и нэгу къыщIыхьэжащ и адэ-анэмрэ и шыпхъу

цIыкIумрэ зыщIагъэсхьа я унэр. И нэкIущхьитIым нэпсхэр къытелъэдащ, къызэщIэплъащ. ЩIыхубзым гу къылъимытэн папщIэ, лъэныкъуэкIэ зрегъэзэкIабы. ТIуми я насыпыншагъэр зэрызэхуэдэм Нартшу нэхъри гъунэгъу хуещI цIыхубз тхьэмыщкIэм. Абы фIэгуэныхь бзаджэ мэхъу мэжэщIалIагъэм ихь сабийр. Зи псэр пыт къудей сабийм зыгуэркIэ дэIэпыкъун зэрыхуейр псэкIэ зыхещIэ абы. Нартшу и нэпсхэр елъэщIыж, зызэпелъэщIыхьыжри хэкъузауэ щIоупщIэ:

– ЩIыхуэ куэд къыфтехуа?– абы и нитIым тегушхуэныгъэм и хъуаскIэхэр къыщIихт. –Сэ ахъшэ сIыгъщ. Командировочнэу къызатауэ. Естыжынщ абы.

– Командировочнэ, жыпIа?

– НтIэ. Комиссарым и унафэкIэ къыдатат. Гъуэгум зы кIэпIейкIэ щызгъэкIуэдакъым. ДыщыкIуэжкIи аращ – билет къэтщэхунукъым, гъуэгу дызэрытетынур зы жэщ закъуэщ. Фи щIыхуэр сэ фхуэстыжынщ. Ауэ зэстыжынур къызжеIэ...

Аннэ Александровнэ и нэпсхэр къыщIож. Ар Нартшу бгъэдохьэри и щхьэр и бгъафэм кърекъузылIэ.

– Си псэр зышхын си дуней нэху цIыкIу...– кърегъажьэ цIыхубзым. Асыхьэтуи йогупсыс: шыбз гуартэ псо ящэхуну къыщыкIуакIэ мыбыхэм ахъшэ куэд яIыгъщ, Аннэ Александровнэ къокIэзыз: шыбз тIощIрэ пщIырэ къызэращэхун ахъшэр къэпым илъщ. Ар бандитхэм къащIэну тхьэм имыухкIэ, псори дызэтраукIэнщи къэпыр яхьыни.

– Ар уи нэхъыжьым... хэтщ, жыпIа, и цIэр? Къыпхуидэну? Шы уасэм ухэIэбэ хъуну?

– Сыт жыпIэр? Сэ езым ахъшэ сиIэщ. Абы щыщщ естынур.

Аннэ йоплъ хьэщIэхэм дыгъуэпшыхь ерыскъы къызраха къэпым. Апхуэдиз ахъшэ зэрылъ къэп апхуэдэу хыфIэбдзэ хъун? Иджы унэм ущIэмыкIыу хамэ ахъшэр пхъумэу щыс. Фызым и псэр IукIащ. Нартшу, цIыхубзыр зытегузэвыхьыр къищIа нэхъей, къэпым бгъэдохьэ, къэпыщхьэр етIатэ, лы гъэгъуар кърех, Iыхьищ хуэдиз къыпеупщIри Аннэ Александровнэ кърет. Лы къэнар ирелъхьэж, хъыдан кIуэцIышыхьауэ къэпым аргуэру зыгуэр кърех, зыкъомрэ йоплъ-къоплъри, ирелъхьэж.

Къэпым илъхэр зэрымыахъшэр къыщищIэм, Аннэ и гур къызэрогъуэтыж, унэр зэлъыIуихыу щIедзэ, сабийр гущэ хъыринэм илъщ.

– Зэ умыпIащIэ, тIасэ. Уи нэхъыжьыр шэщхэмкIэ кIуащ. Сэ слъэгъуащ. Ар къэсыжмэ – ечэнджэщ. Армыхъу уи жагъуэ къищIынщи... Къэрал ахъшэм ухэIэбэу... Ар хъунукъым. Бжэн къызыщIэкIын ахъшэ уэ дэнэ къыздипхар? А Макаровнэ и бжэныр дыщэ и гугъэжщ. Ящэхуну ищIэмэ, ар зэригъэлъэпIэн жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ. Абы и Iуэхур зэкIэ къэгъани пщэдджыжьышхэм и ужь дигъэхьэ. Сэ щIыунэм сехынщи кIэртIоф, къэбыстэ фIэIу къыдэсхьеинщ. Мэлылым кIэртIоф щIыгъумэ,

фIы дыдэ хъунущ.

– Айтэч ежьагъэнщ, – жеIэ Нартшу.

– Дэнэ кIуэн? ГунэщIу жыжьэ укIуэфынкъым. Дэнэ щыбгъэшхэнур? ШхапIэ щыIэххэкъым. КъызэIуахыжакъым иджыри. Унэ ямыгъуэту жаIэ. Нобэ-пщэдей, жаIэурэ макIуэ. Потребсоюзыр кIэлъэфщ. Унэ нэщI мащIэ щыIэ? Щхьэ телъхьэжи, зэфIэкIакъэ? Сытми, езыхэм щхьэр ягъэузри...

– Айтэч зэи пщэдджыжьышхэ шхэркъым. Зыгуэр йодзакъэри щIопхъуэ икIи, махуэ псом абы ирокъу. Пщыхьэщхьэм фIыуэ мэшхэжри зэфIокI. Шыбзыхъуэ нэсщ.

– НэмыцэIуэм къикIыжа нэхъей, арай-тIэ ар апхуэдизу щIэгъурыр. Жэи плъэт – шэщым щымыIэу си фIэщ хъуркъым. Сэ апщIондэху пщэдджыжьышхэр згъэхьэзырынщ.

– ЯпэщIыкIэ пхъэ пхуэскъутэнщ, – лIышхуафэ зытригъауэу къопсалъэ Нартшу, асыхьэтуи игу къокIыж я унэм щыщыIам щыгъуэ пщэдджыжь къэс пхъэ икъутэу зэрыщытар. Адыгэ къуажэхэм я нэхъыбэр щыпщафIэр, щышхэр пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэщ, махуэ псом лэжьыгъэти, Iэщти, губгъуэти жаIэри къыдэхуэркъым.– НэгъуэщI узыхуейIами, къызжеIэ, псори пхуэсщIэфынущ сэ. Сысабий цIыкIужккъым.

– Сыту ущIалэфIыщэ уэ! НэгъуэщI сызыхуей щыIэкъым. Си напэр зэрысыр ирикъуни – хьэщIэхэр сэ згъэхьэщIэным и пIэкIэ, езыхэм сэ сагъашхэ. КIуэ, си щIалэ цIыкIу, пхъэ схуэпкъутэмэ, хъарзынэщ, схуумыкъутэми, абы щыгъуи емыкIу усщIынукъым – сэ скъутэжынщ. Уи Айтэчыр къэшэжи дгъэшхэнщи нэхъыфIщ.

Нартшу къыщIокIри зеплъыхь. Хутор псор пшагъуэм щIигъэнащ. Джэд къакъэ макъ гуэр зэхох, итIанэ жэм гуэри къобу. Нартшу и нэр хуозэ адэIуэкIэ щыт унэ лъэбышэ цIыкIум, и щхьэм щызэщIэкIэжа пабжьэр къытеундагъуэу лъэныкъуэкIэ иригъэщIа нэхъей, ар лъэныкъуаби лъахъши хъуащ. «Бжэн нанэр», дауи, ащ зыщыпсэур», – игу къокI Нартшу. Джэдкъуртыжь гъуэлъхьэжам ещхьу, щIым теубгъуащ унэр. Ар икIи къэхухьакъым. Жыг зырыз-тIурытI уолъагъу, хадэри нэщIыпсщ.

– УздэкIуэр дэнэ, бзаджащIэ? – банэ жыхапхъэ зыIыгъ лIыжь гуэр къыхуолъ Нартшу, абы фэуэ тетщ къызэрыбдэмыгушыIэнури. И гугъауэ къыщIэкIынщ хьэблэ щIалэжь цIыкIухэм щыщ мэкъу IэмбатэкIэ къедыгъуну къыхуэкIуауэ. ИтIанэ йоплъыIуэри: – Хэтхэ уарей? – къоупщI.

– Уэ сыкъэпцIыхунукъым сэ. Командировкэ сыкъэкIуауэ ащ! – Нартшу хуабжьу игу ирихьт «командировкэ» псалъэр, сыт щыгъуи абы трикъузэрт. А псалъэр къызэрыжьэдэкIыу абы нэхъ пщIэшхуи къыхуащIын, къыхуамыщIэни щымыIэу къыщыхъужырт, зикI и напщIэ телът «командировкэ» псалъэр. «Командирщ» жиIэ хуэдэу къыщыхъужырт абы. – Дишхэм сеплъыну арат. Завхоз Михеич дыгъуасэ шэщым щIыдигъэшати

иджы...

– Сытыш зи гугъу пщIыр? Мес, дыгъуасэ лъандэрэ Iуси псыи Iумыхуауэ мобдеж зыш щIэтщ. ЕтIуанэм зридзри нышэдибэ нэхумыщым зыгуэр дэжащ... Сыт абы уеплъыну кIэрылъыр? Шыр зыхуейр зыгуэр къеплъыну аракъым, зыгъэшхэнщ, зезыхьэнщ зыхуейр. Сыт иджы а псэущхьэ тхьэмыщкIэм уеплъкIэ хуэпщIэнур?

Нартшу абы нэхъ удынышхуэ ебдзыну хуейтэкъым. Шыхъуэщ, жи, ахэри! СыхулIэ апхуэдэ шыхъуэ! Гу пкIуэцIылъыххэмэ, уигъагъыным хуэдизт алащэжь мыгъуэм и теплъэм. Еу-уей, Мэремыжь мыгъуэ! Насып Нартшу алыхьым къритати, мыбдеж иджыпсту комиссарыр щыттэкъым. Армыхъуам сыт напэр уиIэу уIуплъэнт абы? ИкIи узыIуигъэплъэнут? «Ара зауэм къыбдыIут уи ныбжьэгъум пщIэуэ хуэпщI ыр? СылIэркъым сэ апхуэдэ шыщхьэхъумэ щхьэкIэ!» – жиIэнти, псибл уригъэсыкIынти. Зауэм узэрыздишэнуми упыкIат итIанэ... ЩIалэ цIыкIум зыкъещIэжри ерагъыу къыдрешей:

– Абыхэм яшхын Айтэч ярита си гугъащ.

– Хэт и Айтэч узезыхьэр?

– Мис а ежьащ жыхуэпIэм. КхъыIэ, зы мэкъу Iэгуэ къызэт.

– Уэ пыбупщIа уи гугъэж ар? Хамэшыр дгъашхэу дыдейр шхын щхьэкIэ дгъэлIэну арат узыхуейр? Дэри мэкъур здэтхьын дымыщIэу диIэкъым. ЩIымахуэр зэрыхъунур тщIэркъым. Дэнэ фыкъикIащ, жыпIат?

– Кавказым. Шы заводым, – къыжьэдолъэлъ Нартшу, «Шы завод» псалъэмкIэ дадэр къигъэIэтIэлъэтIэну аращ.

– Шы заводым командировкэ фыкъигъэкIуауэ ара? Ар жыпIэртэкъэ-тIэ занщIэу? Абы и Iуэхур щхьэхуэщ, – дадэм гъэщIэгъуэн къыщыхъуащ къыжраIар. – Шы заводым, жоIэ-тIэ.

Нартшу макIуэри Мэрем шэщым къыщIеш, псы ирегъафэ, зэпелъэщIыхь, щIешэжри мэкъу ирет. Дадэм зыри жиIэркъым. Нартшу дэIэпыкъуу щIедзэ шэщыр зыгъэкъабзэ дадэм (и мэкъу Iэгуэр щIыхуэу зытригъахуэркъым). Нартшу а Iухум хуабжьу хуэIэкIуэлъакIуэт, шэщыр къабзэу къитхъущ, бжэIупэр къипхъэнкIыжри хьэнцэри, банэ жыхапхъэри, гуахъуэри блыным ириупсеижащ. Дадэр къыщытхъуащ абы. Мэреми, зэрымэжэлIар щыгъупщэжри, арэзы хъужауэ мэкъум елэжьырт. Нартшу и Iэри и жьэри игъэувыIэртэкъым. Я шы заводым, абы и директорыр комиссару зэрыщытым, езыр полковникым зэришыщхьэхъумэм – псоми щыгъуазэ ищIат дадэр.

– Уи адэр зауэм щыIэ хьэмэрэ унэм дэс?

ЩIалэ цIыкIур нэщхъей бзаджэ къызэрыхъуамкIэ дадэм къыгурыIуащ вы лIам сэ зэрыхиIуар. Шызешэм и псалъэр пичащ, гуахъуэм тегъэщIауэ щытщ. Мэщатэри и жыпым кърех къэдабэ чысэ, абы газет пычахуэ, тутын кърехри ешыхь.

– Уи анэм сыт ищIэр? – тутыным гъуэжь ищIа пащIэм

Iугъуэр къызэпхеху, сакъыурэ аргуэру щIоупщIэ дадэр.

– Псори зэтрагъэсхьащ, – ерагъыу къопсалъэ Нартшу, гуахъуэ иIыгъыр куэншыбым хехуэри щIалэ цIыкIум блынымкIэ зегъазэ.

– Узеиншэ цIыкIущ-тIэ... – си мыIуэху щхьэ зесхуа, жыхуиIэу щIогъуэж шызешэ дадэр. Тутыным аргуэру зэ-тIэу зэкIэлъо-къури къопсалъэ. – Е-ей, мы зауэжьри мыр. И ныбэм щIэ щIэт-тэкъым абы. Абы псэуалъэу зэтрикъутамрэ тхьэмыщкIэу ду-нейм триутIыпщхьамрэ ущIэмыупщIэ. Абы и Iэ щIыIэр здынэ-мыса дэнэ щыIэ? Кавказми нэсат. Берлинрэ Кавказымрэ яку дэлъым еплъ. ИтIани... – и щхьэр егъэкIэрахъуэ, дзапэкIэ иIыгъ тутынри къопIэнкI.

Бжэн чачэ макъ гуэр къоIу. Нартшу зеплъыхь. Шэщым къы-дыхьат зи тхыцIэмрэ зи джабэхэмрэ IэпапIэ гъуэжьхэр хэс, зи нэ хъуреитIыр къилыдыкI бжэн цIыкIу гуэр. И лъабжьэм щIэ-лъыр зримыпэс щIыкIэу, занщIэу мэкъу Iэтэ ныкъуэм долъей бжэныр.

Дадэр къокIий:

– Сумыгъэлъагъуу дэху адэ а къуейщIейIейр! Макарихэ и бжэнри езыри дунейм техуэжыркъым. Плъагъуркъэ а гъуамэр! Ищхьэм телъыр нэхъ IэфIщ жыпIэнщ. Мэкъур зэхиутэу!.. Дэху адэ зэпыту кIуэныр! Iисраф ещI ди мэкъур!

Гуахъуэр иIыгъыу щIопхъуэ Нартшу. Асыхьэтуи и пIэм йожыхь: куэбжэм деж къэуват фызыжь лъагъугъуей гуэр, шы нэкIу хъужауэ, езыр шынагъуэу, фейцей дыдэу хуэпауэ.

– Зумыхуэ Iэщыр! – къокIий ар. – Удз гъур IэмыщIэр дыщэ хъуа фи гугъэ? Уэ езым етIысэхыпIэ уимыIэу жэщ псом мэкъур бдыгъуурэ цырибонкIэ къэпхъуэжу къыщIэкIынщ, – а псалъэ дыджхэр дадэм ириутIыпща нэужь, фызыжьым Нартшу дежкIэ зыкърегъэзэкIри, – уэ пыIэжьынэ Iейри укъыздикIар дэнэ? Мыдрей зи мыIуэху зезыхуэхэр тхурикъурти къыдэлыжырти, уэр гуэрыр... Уэра уфIэщIыжрэ а мэкъур пызыупщIу зэтезылъхьэжар? МэкъуауэлI!..

– ДахэкIэ ныбжызоIэ, Макарихэ: уи бжэныр щхьэрыутIыпщу думыгъэту уи Iуэ игъэтыж, – дадэри къыпхуикIуэтынукъым. Псалъэ гуауэ къраутIыпщахэм къагъэгубжьауэ фызыжьым йобгъэрыкIуэ ар. – Мэкъу слъэфу плъэгъуа уэ? Плъэгъуа, зо? Умылъэгъуамэ, уи жьэр умыгъэпIэрэпIарэ! КъызжиIакъым жумыIэж, къыщашар умыщIэу, уи бжэным и шхуэлыр пхуаунэщIмэ, ущIегъуэжынщ. Сэ мэкъу Iэгуэ си блэгущIэ щIэлъу схьымэ, абы уи Iуэху лъэпкъ хэлъкъым. Гъэмахуэ псом си бгыр ухуауэ мэкъу сеуащ, зэщIэскъуащ...

И кIэ кIагуэм бэлыхьыр къызэрикIар къыгурыIуэу щIегъуэжа нэхъей, бжэныр мэкъу Iэтэ ныкъуэм къолъэжри докIыж.

Ауэ дадэм зыхуэубыдыжыркъым.

– Хьэкъыу зыпхыгъэкI: уи бжэныр иджыри зэ шэщ пщIан-

тIэм къыдыхьэнщи, ущIегъуэжынщ – фIэзгъэжынщи и лыр сшхынщ, и фэм пыIэ къыхэсщIыкIыжауэ уэзгъэлъагъунщ. КъыбгурыIуа мис ар?

– Iейуэ сыбгъэшынащ! ТIэкIу нэхъыфI сызэрыхъужу сщэжынущ бжэныр. Си лъэ сызэрахьэу щытамэ, ар зэрысщэжрэ, ул Iамэ, уащыгъупщэжакIэт. Ауэ, сыт си Iэмал, схуэхуркъым бэзэрым. Дунейр умыкъутэ. Уи мэкъури къыпхуэнэжынщ. Зы шхий къыумыгъанэу цырибонкIэ пхъуэжыну сыарэзыпсщ. Ауэ уи инэралым укъищIэмэ, цырибон мыгъуэ уригъэфэну къы-щIэкIынщ...

– Макарихэ, уи тIуалэм хуитыж. Тхьэр зэрыбгъэпцIыр пщIэуэ пцIы щIэбупсыр сыт? Генералри и пIэм щхьэ иумыгъэсрэ?

– Бжэныр пщэнур пэжмэ, иIэ, сэ къэсщэхунщ, – къопсалъэ Нартшу. – Къызэпщэн? Ахъшэ симыIэ уи гугъэ?

– Уэри? – Макарихэ и нэхэр кърегъэж, зэхихыр и фIэщ хъуркъым. – Си бжэныр уэ пщэхунуи? Апхуэдиз ахъшэ дэнэ къыздипхар?

– Абы сыт хууIуэхур уэ? КъыщищэхукIэ – ахъшэ иIэщ. Абыхэм шыбз щэщI щащэхунущ ди деж. Ахъшэншэу щэхуакIуэ къеежьахэ уи гугъэ? Хьэдрыхэщ I нэс щы Iэ бэзэрми щI эпхунур лIо уи бжэн увыIар? ЩэхуакIуэр алыхьым къыщыпхуигъэкIуакIэ – ещи пыкI адэ. Бжэнри бжьакъуэкIэ зеплъафэу, уэри ят Iэ бутэу удэмыту.

Нартшу иджыпстущ гу щылъитар нанэм и лъакъуэ лъэныкъуэм кIэлошыжь, кIапсэкIэ зэщIэпхэжауэ, зэрылъыгъым, адрей лъакъуэ лъэныкъуэм и лъэпхъуамбэхэр ботинк Iэ зэщIэтхъам къызэриплъым. Нартшу аргуэру зредз хуарэм хуэдэу зыщыгугъ «командировочнэ» – псалъэм.

– Командировочнэ къызатащ. Сэри сиIащ. Ар иримыкъурэ – ботинкитI и нытеслъхьэнщ. ЩIэрыпсу. ИгъащI эм лъапэ ирамылъхьауэ. Ахэр пхуэгъэлажьэмэ – гуфIэ, – сатум йоуэ Нартшу. Бэзэр, сату зэращI и щыпэлъагъут абы? Апхуэдэ Iуэху блэбгъэкI хъунутэкъым.

– БотинкIи теслъхьэнщ, жыпIа? Мо бжэн увыIар лъэгущIыхь и уасэкъым езыр! Зыщумыгъауэ, си щIалэ, – Iуэхум хопсэлъыхь дадэр.

Нанэр арэзы мэхъури къытохьэ.

– Дэнэ щыIэ пхуэмыгъэлэжьэжыну жыхуэпIэ уи ботинк Iэ бэгъуахэр? Хьэмэрэ нэрымылъагъуу къысIэщIэбукIэну ара?

– Сыт щIэнэрымылъагъур? Иджыпсту къэсхьынщи уэзгъэлъагъункъэ? – Нартшу щIэпхъуэжауэ Аннэ Александровнэ и унэмкIэ мажэ.

Фызыжьым занщIэу къыгурыIуащ: ауэ сытми къызэрыгуэкI ботинкIэкъым. Бгыщхьэхэм щызауэ сэлэтхэм зэрахьэ ботинкIэ дэгъуэт, я лъэгущIыхьхэр Iув хъужауэ, Нартшу къихьар. Ахэр

зигу ирихьа дадэри и щхьэм щIэтIэхъуэжырт. Сату Iуэхур зэрекIуэк Iам нэхърэ нэхъ елIэлIащ Нартшу бжэн жыIэмыдаIуэр Аннэ Александровнэ и пщIантIэм дихуэным. И адэм щхьэкIэ хьэ гуэр пуду къыIэрыхьамэ зэрыгуфIэу щытам хуэдабзэу, дуней гуфIэгъуэр иIэт иджыпстууи Нартшу.

Бжэным и фIалъэхэр фIигъэнауэ хуэкIуэртэкъым, щIалэ цIыкIум пщIэнтIэпсыр къехуэхырт, ауэ сэшхуэм ещхьу зэкIэ-щIэпIие бжьакъуитIыр иутIыпщыртэкъым.

Аннэ Александровнэ жиIэнумрэ щIалэ цIыкIум фIыщIэу хуищIынумрэ къыхуэгъуэтыртэкъым. Илъагъур и фIэщ хъуртэкъым. Апхуэдэ тыгъэ умыцIыхухэм къеIыпхынри напэм тегъэхуэгъуейт.

– Хьэкъуртыр шэм хэпщауэ пшхыну сытым хуэдэу IэфI уи гугъэ! – гуфIэгъуэм къызэщIиIэта щIалэ цIыкIум бжэныр унэм щIилъафэрт, уасэри здихьу щIэпхъуэжынкIэ шынэу арат.

Унэ цIыкIум щIэз хъуащ ерыскъыщIэм и мэ гуакIуэр.

*ЕтIуанэ псалъащхьэ*

# 1. УНЭЦIЭНШЭ

Нартшу махуэ псом пэплъащ Айтэч къигъэзэжыным. Ар Грачи кIуамэ, Нартшуи щхьэ здимышарэ? ЩIалэ цIыкIур конторэм Iэджэрэ жащ. АрщхьэкIэ щхьэгъубжэмкIэ дэплъу Михеич и нэгу зэIууэжам зэрыIуплъэу, и щхьэр къыфIэхуауэ къигъэзэжырт. Бжэным дэджэгут, нэхъ тэмэмыр жыпIэмэ, Гошэ тригъэут: езыми, бжэным зригъэщхьу, хьэлъакъуиплIу увырт, чачэ хуэдэу, пыджэ хуэдэу зищIырт – бжэным зыпищIыжу арат. Модрейм, мэкъу ишхыу щытти, куэдрэ игу тригъэхуащ ауан къызэращIыр, ауэ зэ укъэгубжьынтэкъэ? Апхуэдизрэ зыкъызэрыпащIыжым къегъэгубжьри, си Нартшууэ плъагъум къыжьэхопкIэ, къопыджри, пхэщIыщхьэкIэ техуэу, къреуд, бжэным «Iэ зыдилъа» и натIэм езыр тетIэхъухьыжу унэ лъэгум исщ Нартшу. Абдеж, упщIи-уси хэмылъу, езым и унэжь къэкIуэжа нэхъей, зыгуэрым бжэр къыIуехри къыщIохьэ.

– ЩыпщIэр сыт мыбы? – и нэщхъыр зэхэукIауэ Нартшу къоплъ къыщIыхьар. Ар пащIагъуэщ. Сэлэт кIагуэ дытам и щIыIу телъу къэптал щыгъщ, къатыр лъапщэ кIыхь хъарзынитI лъыгъщ, хъурыфэ пыIэ щхьэрыгъщ.

– Бжэныр согъашхэ, – щтэIэщтаблэу къопсалъэ Нартшу. Ар щIэгужьеяр зыщ: Макарихэ хамэ бжэн кърищарэ ар ихужыну зейр къэкIуамэ... Шы зыгъуэт нэху тещхьэркъым жыхуаIэу, Гошэ дауэ хъуну иджы?..

– Унэгуащэр дэнэ щыIэ? – и нэщхъыр зэрызыхэуфауэ щIоуп-

щIэ лIыр.

– Лэжьак Iуэ кIуагъэнщ. Сэ сабийм сыбгъэдэсщ... – Нартшу гу лъитащ къыщIыхьар зэрымыурысым: урысыбзэкIэ псалъэ адыгэхэм ещхьт ар. Езы Нартшу гугъу зыдехьу, егъэджакIуэр къыщIелIалIэу щыта «ты»-р «ти»-уэ фIэкI хужыIэртэкъым абы. ХьэщIэр шууэ къэкIуат; щхьэгъубжэмкIэ дэплъри, Нартшу илъэгъуащ ар шым зэрышэсыжари, конторэмкIэ зэригъэзари.

– Айтэчрэ абырэ зэблэкIагъэнщ, – жеIэ кIэртIоф шынакъ зыIыгъыу къыщIыхьэжа Аннэ.

– Хэт ар?

– Костящ. Абы и дежщ Айтэч здэкIуар. Езы Константин мыбы къэкIуащ.

– Абы дежщ, жыпIа? – зэпеш Нартшу. – Мыбы къыщIыхьам дежи?

– НтIэ. Аращ Къаскъул хъужыр. Фи хэкуэгъущ ар.

Аннэ Александровнэ щыгъуазэт Костя гъуэгуанэ хьэлъэ къызэрызэпичам. Ар къыжезыIари езы Костят. Ауэ ар Аннэ къелъэIуат къыхуиIуэтахэр цIыхубзым хэIущIыIу имыщIыну. Пэж дыдэу, бэлыхь куэд и нэгу щIэкIат абы. Уеблэмэ уи фIэщ пщIыну гугъут абы къиIуэта псор.

...ЯпэщIыкIэ пленхэр куэдрэ яшащ зи щхьэр зэхуэщIа хьэлъэзешэ машинэкIэ, итIанэ – мафIэгукIэ нэхъыбэжрэ. ГъущI кIапсэ банэкIэ къэIул Iыхьа вагонкIи яшащ. Вагоныбжэр зы лъэныкъуэмкIэ фIэкI lупх хъуртэкъым. Абдежи хъумакIуэр щыт зэпытт. Станцышхуэхэм къыщыувыIэмэ – ежьэжурэ, мафIэгур жэщитI-махуитIкIэ кIуащ. Язынықъуэхэм Къаскъул игу къэкIт: мафIэгур партизанхэм къакъутэмэ... Апхуэдэу хъуамэ, ди насып пэжт... ИтIанэ кIэ яIэт псоми: емыкIуми, епцIыжыныгъэми, къэрабгъагъэми, напэтехми...

Гъуэгум здытетхэм, Къаскъул цIыхугъэ захуещI и гъусэхэм. Зыми и унэцIэ дыдэр жиIэркъым, дэнэ ущыщ, ухэт, жыпIэу цIыхур хэбгъэзыхьыныр икIи емыкIущ, икIи цIыхугъэншагъэщ. Сы-Жэмалщ къыжриIат зыгуэрым. ЩIалэ зыIэщIэлъ, нэпкъ-пэпкъышхуэ, набдзэ кIыр гуэрт ар. Зэгуэр абы хъуэпсапIэу иIар зыт: шагъыр ищIу, хъарчевнэм щIэту псэуну арат. Мэл щтам хуэдэу зи нэр икIэрэхъухь, псэлъэгъуей бзаджэ нэгъуэщI зым и цIэм унэцIи къриIуатэкъым.

ИкIэм икIэжым мафIэгур здэкIуэм нос. Вагоныр къыщыпагъэху зи цIэм фIэкI зи щхьэр щымыIэж вокзал унэм деж. Сыт хуэдизрэ еплъами, блыным тетха станцыцIэм къеджэфакъым Къаскъул. Куэд мыщIэу вагоным кърахулIэ щхьэ зытелъ машинэшхуэ. Фэуэ тетщ абы и кIуэцIым бэуапIэ зэрыщумыгъуэтынур. Пленхэр зоплъыж. Ахэр шынагъуэм зэщIиIулIащ. Пэжщ, яукIын щхьэкIэ ахэр апхуэдизу жыжьэ къызэрамышар гурыIуэгъуэт. Апхуэдэу ящIынумэ, адэ къыздраша нэмыцэIуэ дыдэми

щыпщIэ хъунут ар. Абдеж щыта силос мащэжьым ихуэнут иджыпсту къаша псоми я хьэдэхэр.

Пленхэр машинэм ирагуэ, бжэр дамэдазэу къагъанэ – нэгъуэщI мыхъуми, я псэр пыту нэшэсын хуейт ахэр. Машинэ кIуэцIым тIысыпIи убыдыпIи щыбгъуэтынутэкъым. Мэлым хуэдэу узэхэтын хуейуэ арат. Машинэм къыщигъэш-щигъэшыжкIэ, цIыхухэр лъэныкъуэкIэ нещIэ-къещIэрт. Щымыхъу-жым, хьэмбы Iуу йотIысэххэри я лъэгуажьэпэхэр зэрагъэкъу. Машинэр щыдэуей-къыщеухыжкIэ, бжэр къежалIэрти къри-гулIыжт. БэуапIэ ямыгъуэту цIыхум гузэвэгъуэр къалъыст. Абдеж бжэр лъакъуэкIэ Iуаудыжырт. Машинэ кIуэцIыр газымэ бзаджэм зэщIищтат. Пэжщ, шоферым къиутIыпщауэ аратэкъым газыр, абы ищIэрт ишэ пассажирхэр зыхуэдэр.

Сытми, зыгъэ-зызэман машинэр йожалIэ куэбжэ гъумыщIэ гуэрым, пщIантIэм дохьэри къоувыIэ. Псом япэ дунейм къытохьэ Къаскъул. Жэщыр мазэгъуэнэхути, абы гу лъетэ, зыдаша пщIантIэр лъагэу къэщIыхьа быдапIэжь гуэрщ. СэмэгурабгъумкIэ казармэжь гуэрхэр щытщ. «Мы къэпым къилъэлъа гъавэр занщIэу щхьэл мывитI зэхуакум зэрыдэхутэм шэч хэлъкъым», – йогупсыс Къаскъул. ХъумакIуэхэм пIащIэ-тхъытхъыу зэIэпах пленхэр, ябж, пщампIэкIэ зэралъафэ, мэкIий-мэгуо. Къаскъул игу къокIыж мэлыхъуэхэм я мэлхэр зэрабж щIыкIэр: я лъэбакъуэ зэхуакухэм дагъэжурэ бжыгъэр жаIэрт. Пленхэр сатыритIу ягъэув – апхуэдэу нэхъ бжыгъуафIэщ. ИтIанэ хьэмэмым яху, нэмыцэ фащэхэр кърат, езыхэм ящыгъахэр, дауи, ягъэсакIэщ.

Пщэдджыжьым ахэр шхапIэм яшэ. Иджы къыпхуэмыщIыхужынум хуэдизт ахэр. Я фащэм и закъуэтэкъым зэрызахъуэжар – я теплъэкIи нэгъуэщI зыгуэр хъуахэт. Къаскъул и хэкум деж щилэжьа къуаншагъэр хьэзабу и псэм телът, ар епцIыжат псалъэ быдэ щIита и хэкум. Зыр зым Iумыплъэн папщIэ, псоми я щхьэр щIэIуащ. Щхьэхуимыту зэрыпсэуну махуэ бгъущIым и япэ махуэм щIидзэу арат.

Япэ лекцэр теухуат щэхуу, уи цIэ-унэцIэр щIэхъумауэ узэреджэнум. Къаскъули абы и «ныбжьэгъухэми» гуры Iуэгъуэу къыжраIащ къалэм зыкъыщыбгъэлъагъуэ зэрымыхъунур. А щыпсэу щIыпIэр зэщ икIи а зэзакъуэращ игъащIэ псокIэ къызэрубгынэнур. Наполеон и зэманым яухуауэ щытагъэну а быдапIэр, Къаскъул къыщаша жэщым гу зэрылъитамкIэ, щIы зэтетхъуакIэ къещIэкIат, а лъагапIэм и тхыцIэм метрищ хуэдиз зи лъэгагъын гъущI кIапсэ банэ бжыхь ирикIуэрт, Iэщэ зыIыгъ, хьэ гъэсахэр зыщIыгъу сэлэт хъумакIуэхэри иIэжт. И плIанэпэхэм зыплъыхьыпIэ лъагэхэр дэтт. А зыплъыхьыпIэхэри нэщIтэкъым.

Псышхуэм и бжьэпэм тет а быдапIэжьыр еджапIэ центрым и зы Iыхьэу арат. Езы центрым гектарищэ бжыгъэхэр и инагът –

абы хыхьэт зыщагъасэхэр, нэщанэ еуапIэхэр, парашют къелъа-пIэхэр зыщыгъэпщкIуа мэзхэр, еджапIэ корпусхэр. А щIыпIэ иныр мыдрей дуней гъащIэм пыхукIат, щыгъэпщкIуат. ЕджапIэ центрым щIыхьэпIэ-щIэкIыпIэ щэху куэд зэриIэр ищIэрт Къаскъул, къимыдэкIэ, абы хэтт «щIэуэ» къаIэрыхьа епцIыжа-кIуэхэр «къыщрагъэблагъэ хьэщIэщхэри». Ауэ а псоми нэхъ мащIэрэ егупсысын зэрыхуейр зыщигъэгъупщэртэкъым Къаскъул. Абы дежкIэ псоми кIэ яIэт. ГъащIэр и пIэм иувыIэ-хьат. Абы къыхуэнэжар зыт: унафэ къыхуащIыр «IыIы» къыхэмыкIыу гъэзэщIэн.

Зи хэкум епцIыжахэр щагъасэ зонэм Къаскъул программэ гъэкIэщIакIэ щиджын хуейт, адрейхэм мазэ бжыгъэкIэрэ, уеблэмэ илъэс бжыгъэкIэрэ зрагъэщIэн хуей материалыр. Псалъэм папщIэ, автомат е кIэрахъуэ къуат: Iэщэм и зэхэлъыкIэр уодж, нэщанэ уоуэри иботыж. Вещество къауэхэр, лагъым зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрагъэсэбэп щIык Iэм теухуауэ тIэкIу урагъэджа – адрей предметым и ужь ихьэ. Гулъытэшхуэ хуащIырт парашютым пыщIа Iуэхум. «ЕджакIуэхэр» ткIийуэ расписанэм тету къелъэрт парашюткIэ. Парашютым апхуэдизу щытракъузэкIэ, ахэр зыхуагъэхьэзырыр гурыIуэгъуэт. Ауэ абы тепсэлъыхьыну зыри хуиттэкъым. Уигу илъыр уи щэхут.

ЕджапIэ центрым щхьэщыт хьэуар жэщи махуи ягъэзджызджырт лагъым, топышэ, пулеметышэ къауэхэм – лIыукIхэмрэ шпионхэмрэ къыщIэзыгъэкI фабрикэр зэи зэпымыууэ лажьэрт. Зи IэмыщIэ уилъхэм я «наукэм» нэхъыфIу щыгъуазэ зыпщIыху уи гъащIэр хъума хъунымкIэ уиIэ гугъапIэр нэхъыбэ хъурт. Программэм Iэпэ дэупIэ иIэтэкъым. Махуэ бгъущIым, нэхъ тэмэмыр жыпIэмэ, махуэ бгъущIрэ жэщ бгъущIым, парашютым нэмыщI, «еджакIуэм» щыгъуазэ зыхуищIын хуейт лагъым щIэлъхьэкIэ-къэгъэуэкIэм, Iэщэ зэмылIэужьыгъуэу дуней псом къыщагъэсэбэпхэм я зэхэлъыкIэ-гъэуэкIэм, дохутыр-санитар лэжьыгъэм. «Щхьэ куцIыр гъэкъэбзэныр», нэгъуэщIу жыпIэмэ, идеологическэ лэжьыгъэр кхъузанэ щабэм щIэгъэкIыныр псом я дежкIи Iэмалыншагъэт.

Программэм и «джэлэсыр» лIот? ЛIыукI «IэкIуэлъакIуэу» ущытынырт. ЗэрыбукIыну щIыкIэм уэ ухуитыжщ. Узэрырихьэ-лIэщ. IэщэкIэ укIын хуей – шэрыуэу икIи псынщIэу къэгъэ-IурыщIэ уи Iэщэр. Джыдэ, сэ, мывэ, гъущI кIапсэ пычахуэ, гъущI гуэр, абдж къутахуэ къыпIэрыхьа – мыбдежи плъэкI къыумыгъанэ икIи зыщумыгъауэ. ЦIыху зэрыбукI хъун Iэмалу Къаскъул кърагъэщIам и бжыгъэр щэрэ тIощIым щIигъут. СыткIи укI –укIыф закъуэ.

ИкIэм икIэжым дэтхэнэми щхьэхуэу «дэлэжьэныр» яух. Уи «Iэзагъыр» къыщыбгъэлъэгъуэну зэманыр къос. Жэщым щIаш

Къаскъул, гъущI кIапсэ банэ бжыхьым ирашалIэ. КъикIукIникIукIыу абдеж щытт красноармеец фащэ зыщыгъ хъумакIуэр. Къаскъул ищIэн хуейр къыгурагъаIуэ. Ныбжьым хуэдэу хъумакIуэм йопщыл Iэ, джэдум ещхьу зедз и IитIыр япэкI э шияуэ. НапIэдэхьеигъуэм хъумакIуэр щIым тоуфэракIэ, абы и пщэм щыдзакIэщ гъущI чыданэ жаныр. Къаскъул и IэмыщIэм IэщIэлъ хъумакIуэр пырхъыху, адрей «диверсантхэр» гъущI кIапсэ банэ бжыхьыр къызэранэкIри «яхъумэ» зонэм йохьэхэр, дэтхэнэми Iэзагъыу, зэфIэкIыу иIэр къегъэлъагъуэ. ЕгъэджакIуэр арэзыщ: «Корош, корош, гут, гут».

Экзаменыр ятащ. Ауэ диверсантым и кIэн сыт щыгъуи къикI зэпыткъым. Ар езыри щиубыд къохъу IэкIуэлъакI уэу ягъэува къапхъэным. Уэри узыхуэзэнкIэ хъунум сыт щыгъуи уегупсысу, ушынэу дунейм тетын хуей мэхъу. ИмыщIэххэу Iууащ Къаскъул апхуэдэ шынагъуэ IэрыщI. Ар мащэ чэнж гуэрым ирадзащ, нэмэз щащIкIэ зэрыувхэм ещхьу, лъэгуажьэмыщхьэу ягъэуващ, и щхьэр ирашэхри мащащхьэр трапIэж. Къаскъул пщIэнтIэпс щIыIэр къожэх, къэхъуари ищIэнри ищIэркъым. Апхуэдэу куэдрэ щыта, мащIэрэ щыта – ари ищIэркъым. ИкIэм икIэжым «гъэрыр» хуит къащIыж» унэ гуэрым щIашэри лампI лъэщитIыр къытеубыдауэ ягъэтIыс. ГущI эгъу жыхуаIэм пэIэщIэ «къеупщIыкIэр», пэж дыдэм ещхьу, ирагъэкIуэкIыу щIадзэ. Абдежи щиухыркъым Къаскъул и хьэзабыр. Ар унэм къыщIашыж. Апхуэдизкiэ къаруунщэ хъуащи, и лъэм зэрахьэж къудейщ. И «ныбжьэгъуитIым» и Iэблэ зырызыр яIыгъыу яшэ – арыншамэ джэлэнущ. Яшэри гъущI ашык иным дадзэ, ашыкыщхьэр трапIэж. «Курсантхэр» чэзуурэ гъущI ашыкым уадэ инкIэ йоуэ, ашыкым исым и фэм дэкIым ущIэмыупщIэ...

Къаскъул кърагъэкIыжын папщIэ, ашыкыр щхьэпрадз, «гъэрыр» кърагъэджэлыжри псы щIыIэмылыр пэгункIэ тракIэ. Къаскъул хуэм-хуэмурэ зыкъещIэж. Ауэ абыкIи зэфIэк Iакъым. Ар иджыри цIыху сатырхэм «зэпхрашын» хуейщ. Сыт хуэдэу? Взводыр сатыритIу мэув, а сатыритI зэхуакум даш «гъэрыр». СатыритIым хэту хъуар, я къару къызэрихькIэ, абы еуэн хуейщ хьэфэ гъэвам къыхэгъэкIыкIа башкI э. А «урокыр» иух хабзэт «номин ашыч» зыфIаща шкафымкIэ. Шкаф лъахъшабзэ икI и зэвыбзэм даубыдэрт «гъэрыр». УзэхэIуэнтIауэ фIэкI удэти-удэси хъуртэкъым. Зы жэщ псо щепхьэкIын хуейт абы. Ауэ гупым я унафэщIыр мэшынэ Къаскъул а «номиныгъэр» хуэмыхьынкIэ – сытми, хуегъэув абы зачетыр.

Къаскъул иджыри ищIэртэкъым къызэрыщыгугъ псори. Ар командиру ягъэхьэзыру арат. Зи командиру щытынури хэтыт? ЦIыхухэм уащхъуэдэмыщхъуэу ятеуэу, зауэ IуэхукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ объектхэр зэтезыкъутэу бгыщхьэхэм зыщызыгъэпщкIужыну зи къалэн диверсантхэрт. Ауэ сытми загъэпщкIужын къудейуи аратэкъым – Iэщыхъуэ щыгъынкIэ захуапэу, уеблэмэ

партизан Iэщэ-фащэ зыкIэралъхьэу къуршхэм ихьэжын хуейхэт. Оккупационнэ дзэхэр къэблэгъэхукIэ Къаскъул и гупым, дивер-сионнэ лэжьыгъэм къыпыкIыу, Советскэ Армэм тылымкIэ удын лъэщ къыщезыдзыфын отрядхэр къызэрагъэпэщын хуейт. Фашист генералхэм зэрагугъэмкIэ, цIыху щиплI-щитху зыхэ-тыну «етхуанэ колоннэр», – Iэщэ-фащэрэ ерыскъырэ кхъухьлъа-тэкIэ къахуебдзыхыу щытмэ, бгылъэ щIыпIэхэм дивизэ псом щыпэщIэувэфынут, уеблэмэ гитлерыдзэхэр къэсыхукIэ, абы иIыгъыфынут къурш щхьэдэхыпIэхэр. Кавказ къурш щхьэ-дэхыпIэхэр куэд хъурэ егупсысырт ахэр, зы-тIу жыIи бухащ. Къаскъул а щхьэдэхыпIэхэр фIы дыдэу ицIыхурт. Дэтхэнэ щхьэдэхыпIэр дапщэщ къызэIухами, дэтхэнэр метр I эджэ зи кууагъ уэс блынымк Iэ дапщэщ зэхуэщIами ищI эрт. Къурш щхьэдэхыпIэ гъуэгу кIэщIымкIэ Тырку гъунапкъэхэм хуаунэ-тIын я гугъэу аращ, егупсысырт Къаскъул, «урок» хьэлъэхэм я ужькIэ зыхуэмыгъэхъеижу здэщылъым.

ПлIыщIрэ тIу гъэм и гъэмахуэм зыр зым епхауэ операцитI иубзыхурт Гитлер: Сталинград къэщтэн, Кавказым ебгъэры-кIуэн. Фашистыдзэхэм я гугъэт Сталинград къащтэу, Волгэ Iуфэрэ Каспий тенджызым и Iуфэмрэ яубыду Дербентрэ Бакурэ хуаунэтI ыну. АрщхьэкIэ «Кавказым и куэбжэ» Ростов къалэр зы Iэрагъэхьа нэужь, гитлеровцхэм къафIощI абыхэм лъэпо-щхьэпо къахуэхъуу къапэрыуэжын щымыIэжу. Абы къыхэкIыу, нэмыцэдзэхэм я ныкъуэхэм Сталинград лъэныкъуэмкIэ яунэтI (Паулюс и командэм щIэту), адрейхэм (Клейст я унафэщI у) Грознэ къалэм хуаунэт I. Фашистхэр хуэпIащIэрт Грознэмрэ Мейкъуапэрэ я щIыдагъэ къыщIэхыпIэхэр нэхъ псынщIэу зэры-зыIэрагъэхьэным. Диверсионнэ гупхэм я къалэнт Клейст и ехъулIэныгъэхэр псынщ Iэ щащIыну. Шпионхэр зыгъэхьэзыр еджапIэ центрым ОКВ-м и приказк Iэ пIащIэгъуэр телъу къызэригъэпэщырт зи хэкум епцIыжахэм я диверсионнэ гупхэр. Нэмыцэ Iуэхэр яухуэнщIащ Кавказ лъэпкъхэм щыщу зыхуейм хуэдиз кхъузанэщIэм къинэху. Шпион гупхэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэм я нэI э къытетт адэ ищхьэ дыдэм щыIэхэм нэгъунэ.

## 2. ДЗЫГЪУЭНЭФ ЛЪЭТЭКIЭ

Жэщыбг фIэкIауэ Къаскъулрэ и «лэжьэгъухэмрэ» аэродро-мым къашэ, абыхэм къежьэрт кхъухьлъатэхэр.

Лъэтэну загъэхьэзыра къудейуэ, ямыщIэххэу, унафэ къаIэ-рохьэ – «хейнкелым» ирагъэтIысхьэри япэщI ыкI э цIыхуищ ягъэлъатэ, къыкIэлъыкIуэ жэщ пщIондэ, а щым къагъэхьэзырын хуейт мыдрей къанэ гупыр зыщетIысэхыну щIыпIэр. Фронтым щекIуэк I Iуэхугъуэхэм псынщIэу захъуэжырт, нэмыцэхэр

хуейтэкъым зытелъадэ мылыр ямыщIэу диверсионнэ гупыр яутIыпщыну: япэщIыкIэ цIыхуищым кърырапщытэ, ираубзыху псори. Быдэ и анэ гъыркъым, жи, нэуф IыцIщхьэрыуэу щхьэ щIэпхъуэн хуей? Кавказым щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIауэ ягъэхьэзыра шпион щэщIрэ тхум куэдк Iэ щыгугъырт фашистхэр: бгырысхэр Советскэ властым и бийуэ къызэщIэIэтэн, лъэмыжхэр зэтекъутэн, къурш щхьэдэхыпIэхэр убыдын, абыкIэ зэтеIыгъэн Советскэ Армэм и ебгъэрыкIуэныгъэхэр.

Гупым и унафэщI обер-лейтенантыр зы дакъикъэ бэлэры-гъыртэкъым.

– Уэ япэ уощ. Хэт гъусэ пщIыну узыхуейр? – йоупщI ар Къаскъул.

– Хэти си зэхуэдэщ.

– Дауэ «узэризэхуэдэр»? Нэхъ хахуэ дыдэхэр, нэхъ жыIэдаIуэхэр къыхэхын хуейщ! – эсесовцыр яхоплъэ и гъэсэнхэм, зы пащIэ гуэрым Iэпэ хуеший. – КъыхэкI! Бгъурыувэ мобы, – итIанэ абы и нэр хуозэ зы щхьэц сырыху гуэрым, ар щIалэ щхьэпэлъагэт, гъур бзаджэт, и плIэм илъ хьэлъэм иухуа пфIэщIыну, гъэшауэ щытт. Ар къыхешри, – адрейхэм зыIуевгъэх! – ящIокIие.

Лъапэнэху фIэкI щумылъагъу пэшым къыщIэнащ диверсантищымрэ ахэр гъуэгум хуэзыгъэхьэзырыну унафэщIымрэ.

ЛIищыр кхъухьлъатэ цIыкIу гуэрым ирагъэтIысхьэ. Абы и кIуэцIыр икIи кIыфIт икIи щ IыIэ бзаджэт. ТетIысхьэпIэхэр зэвыбзэт, утемызагъэу укъещэтэхырт. Дэтхэнэми и плIэм хьэлъэр хуэфIу иралъхьащи, бгым щызекIуэ шыдхэр пщагъэгъупщэжынщ. Парашют, вещмешок, автомат, гранат... СыхьэтитI-щы тетынущ гъуэгум. Ауэ щыхъукIэ, ахэр щрадзыхыну щIыпIэм къухьлъатэр щынэсынур нэхущхэм дежщ. Пшагъуэ темылъу ирихьэлIэхэмэ, я насыпщ. Пэжщ, а зэманым деж бгы лъапэхэм дунейр щыбзыгъэ хабзэщ. Аэродромым зэуэ жьы щIыIэ къыщопщэри, уи щыгъыным къызэпхедзри укъелыгъуэ, уэс гъущэр зэрехьэ.

Пилотхэр зопсалъэ:

– Псори хьэзыр? Шассим и рычагыр?

– Тэмэмщ.

– Закрылкэхэр?

– Тэмэмщ.

– Дагъэр зэхэзыщIэ рычагыр?

– КъыIучащ.

– Карбюраторыр къызэрыплъар?

– Тэмэмщ.

– Мыл къыкIэрезымыгъащIэр?

– Тэмэмщ.

«Хейнкель-117» кхъухьлъатэм сыхьэтым километр дапщэ

икIуу пIэрэ?» – мэгупсысэ Къаскъул. Ауэ абыкIэ хэт уеупщIын? Езым нэхърэ нэхъыбэ ящIэркъым и гъусэхэми. Къаскъул и тхьэкIумэхэр къыхуаIуэнтIащ: уэ япэ уемылъэ, уи гъуситIыр егъалъи, итIанэ уэ якIэлъелъэж, армыхъу мохэр шынэрэ...

ЗаIэтахэщ. МафIэ нэху тIэкIухэм я фэр пыкIыурэ кIуэдыжыпащ. Фронтым пэжыжьэ пэтми, ахэр зытелъэтыкIа аэродромыр быдэу гъэпщкIуат. Пилот етIуанэр кабинэм къокI. И бгъэм деж фIэдза уэздыгъэ цIыкIум и нэхур дэтхэнэми триубыдэурэ и нэгум иплъэрт: пассажирхэм я щытыкIэр зригъащIэрт.

– Дауэ ущыт? – уэздыгъэм и нур гъуэжьыфэр триубыдауэ Къаскъул йоплъ ар. – Корош?

– Корошо, корошо, – нэмыцэм зыпещIыж модрейми. Сэром ещхьт абы къыщхьэщыт пилотыр.

И гъуэгум зытриукъуэдияуэ макIуэ кхъухьлъатэр. Лъагэу зиIэтащи, тхьэкIумэхэр мэву. Нэхъ щIыIэжи хъуащ. Зыр зым зрикъузылIэжауэ щысщ цIыхуищыр. ТIэкIу сыжеящэрэт, жи Къаскъул, ауэ и нэхэр зэрызэтрипIэу шынэр къытекIуэрт – зыхуэзэнур ищIэртэкъым. ЕджапIэ центрым къыщыжраIакIэхэт пилотым диверсантхэм я деж хуитыныгъэшхуэ зэрыщиIэр: къыщыбжаIа дакъикъэм жэщ кIыфI щIэншэм ухэмылъамэ, зыгуэркIэ ушынэу укъикIуэтамэ, къоуэу уиукIыну хуит ящIат ар. Бгыщхьэхэм щхьэщыт кхъухьлъатэм къилъын хуейт Къаскъул и гупыр. Узытехуэнур пщIэркъым. Мыл къыр дзакIэхэм уафIэхуэмэ, къуршыпс щIыIэхэм ухэхуэмэ е мыл зэгуэтхъа зэхуакухэм удэхуэмэ – укъэмыгугъэж.

Дунейр езыхэр зыхуея дыдэм хуэдэу къыщIэкIащ. И лъабжьэр кIыфIыбзэт. Ауэ уафэм вагъуэр ихуэжыртэкъым. Къаскъул и нэгум къыщIегъэхьэ кхъухьлъатэм и гъуэгур. Зы сыхьэтрэ ныкъуэрэ нэхъ дэмыкIыу ижьырабгъумкIэ къыщыкъуэщын хуейт къурш щхьэхуэхэм я щыгур. Жэщыр щыбзыгъэм деж километрищэ бжыгъэкIэ уапэжыжьэми, уолъагъу ахэр, атIэми ищхьэмкIэ уеплъыхмэ... ЗэрыцIыкIу лъандэрэ ахэр фIыуэ ецIыху Къаскъул, ауэ щыхъукIэ, а къуршхэм я теплъэмкIэ иубзыхуфынущ зыщрадзыха щIыпIэр.

Кхъухьлъатэм зыкъигъэшу щIедзэ. «Зыгъэхьэзырын!» – жыхуиIэ сигналыр кIыфIым къыхолыдыкI. Щыри занщIэу къыщолъэт. Езыр елъэным и пэкIэ Къаскъул Iуэху къыпэщытт – пилотыр здигъэIэпыкъуурэ кхъухьлъатэм иридзын хуейт Iэщэфащэхэмрэ ерыскъымрэ зыкIуэцIыпха зэкIуэцIылъыр. Парашютхэм я тхьэгъухэр яубыдауэ щытщ диверсантхэр – пилотым бжэр Iуихыным поплъэ. Бжэр зэIуожри жьыр къоуэ. Ар апхуэдизкIэ щIыIэт, лъэщти уигъэдыкъыу кхъухьлъатэм урипхъуэтын пфIэщIт. Щхьэц сырыхур щIыбкIэ къокIуэт. Жьым къыIуидза, хьэмэрэ шына? Пилотым «пащIэр» иридзыну хуожьэ. АрщхьэкIэ модрейр, и лъакъуитIыр фIигъэнащи, и пIэм хуикIыркъым.

Дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэ напIэдэхьеигъуэхэри блоцIэфт, пи-лотым кIэрахъуэр кърепхъуэт, къэрабгъэм и щхьэпхэтIыгум йоуэ, йоIунщIри иредз икIи кIэлъошхыдэж. Шынащи щхьэц сырыхуми абы зыкIэлъедз. Секунд докIри зэкIуэцIыпхар иредзых, итIанэ езы Къаскъул йолъэ. Жьы щIыIэр къыщыжьэ-хэуэм, и Iэхэр и напэм IуепIэ, напIэдэхьеигъуэ докIри псэ къы-хохьэж: парашютым зызэкIуэцIихат. Кхъухьлъатэри абы и Iэуэ-лъауэри жэщ кIыфIым ирехьэжьэри йожьэж. Езы Къаскъули жьым епхъуатэ. «Дзыгъуэнэф лъэтэкIэщ», – жэщ кIыфIым хэту здехым, игу къокI Къаскъул. Куэд дэмыкIыу къурш щхьэхуэхэр кIыфIым къыхоплъ. Iуащхьэмахуэ и сыдж хужьитIри нэм къыщIолыдэри мэкIуэдыж.

Къыздрадзыхар зыхуэзэр гурыгъуазэкIэ иубзыхун и гугъэу йогупсыс ар. Абы хэту щIым тохуэ. Зытехуар мывалъэ бгы нэкIут. Парашютыр игъэпщэхыжын мурадкIэ мапхъуэ, ауэ жьыр зыкIуэцIыт парашютым лIыр елъэф. Къаскъули парашютым зэран хуэхъуркъым, срырелъэф, мэзыр жыжьэ хуэдэкъым, абы нэсрэ жыгым фIэнэмэ, дэнэ кIуэн, къэувыIэнкъэ? Ауэ абы зэригугъам хуэдэу хъуакъым, зы щыхупIэ задэ гуэрым еджэрэ-зэхри парашютыр аргуэру къэпщыжащ. Ауз зэвым къыдэзэ-рыхьа жьы гуащIэм ипхъуэтэжащ ар.

Къаскъул и щхьэфэцым зыкъаIэтащ – апхуэдиз хьэлъэри парашютри пкIэрыщIауэ псыежэх гуэрым ухэхуэмэ, укъызэ-рыхэкIыжынум упыкIащ. А щIыпIэхэм псы уэрхэр зэпрыщты-кIыркъым, и нэзхэм мыл тIэкIу IуищIэу аращ – абы щыгъуазэщ Къаскъул. Аргуэру щIым йоIусэ ар. Дауэрэ ищIми, парашютыр егъэпщэх. Метр щитI хуэдиз и лъэгагъыу бгышхуэ къыщхьэ-щытщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, а Iэгъуэблагъэхэм Iэмал имыIэу бгъуэнщIэгъи щыIэн хуейщ. Абыхэм Iэщыхъуэхэмрэ мэлыхъуэ-хэмрэ щыпсэу хабзэт. Къаскъул зыпходэIукI. Псы даущ макъым фIэкI зэхэпхи плъагъуи щыIэкъым.

Адрей тIур дэнэ щыIэ? Ищхьэм къытенахэ хьэмэрэ ахэри лъэгум къыдэзэрыхьа? Зи щхьэм кIэрахъуэ лъэдакъэр техуам и парашютым зызэIуимыхыххэу къехуэхагъэнкIи мэхъу. ЕтIуа-нэр-щэ? Пэжщ, ари кхъухьлъатэм жьэхэуат. Ауэ жьэхэуар езы-рат хьэмэрэ и щIыбым ипха къэпырауэ пIэрэт? Угупсысэу куэдрэ зып Iэжьэ хъунутэкъым. Дэнэ аузу пIэрэ мыр? Ауз къэс къуажэ гуэрхэр дэсщ. Къуажэхэр псы Iуфэм Iусщ. Райцентрыр нэхъ ику ит къуажэм щыIэ хабзэщ. Дэплъеймэ – и щхьэщыгу дыдэм деж бгъуэнщIагъ иIэт. АбыкIэ допщей. БгъуэнщIагъыр псыIэт, фырымэ гуэрхэр къыщIихт. Адэ и кIуэцIым щIэмыхьэу щIыхьэпIэм деж щыхыфIедзэ парашютыр, езыр абы то-гъуалъхьэ, псы Iуфэм дех гъуэгур хуиту илъагъун хуэдэу. «Псэу-мэ, «пащIэр» къэгъуэтыжын хуейщ», – йогупсыс ар. ЛIауэ къехуэхауэ щытми, абы щыгъуи и хьэдэр щIэлъхьэн хуейщ,

армыхъумэ абы кIэрылъ парашютыр, хьэпшыпхэр дунейм къы-тебнэ хъунукъым, ахэр зылъагъухэм нэгъуэщIхэри къалъыхъуэу щIадзэнщи... Сырыхум ракетницэ иIыгъат, псэууэ щIым къэсамэ, хъыбар уигъэщIэфынут…

Нэхулъэ къищIырт. Хьэуэ, хужеIэж Къаскъул и щхьэ, зыми сылъыхъуэркъым, зыми сыпэплъэркъым. Абы и унафэр лагерым и цIыху «гъэсапIэм» щищIакIэт Къаскъул: уи напэм къызэрыпхуегъэззэгъыу щIын хуейуэ арат.

ИлъабжьэмкIэ хьэ банэ макъ къоIу. Iэгъуэблагъэхэм цIыху щопсэу. Лейуэ хъуар бгъуэнщIагъым щыгъэпщкIуауэ зичын хуейщ. Нэху щымэ, аузым пшагъуэр къыдэгъуэлъхьэнущ.

КIэрахъуэр и жыпым ириIури, сыхьэт ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу Къаскъул псы Iуфэм бгъурыту иригъэзыхащ. Аузым и джабитIри мэзым щIигъэнат. Нэху щыпат. Iэжьэ цIыкIухэр зи Iэпэхэм фIэдза фызхэр, сабийхэр къыдокIуей, гурыIуэгъуэщ: мэз кIуэхэу аращ. Шынапэурэ абыхэм яхуокIуэ Къаскъул. Арщхьэкlэ модрейхэм ар къафIэIуэхущэкъым.

– Уанэ телъу шы нехыу фымылъэгъуауэ пIэрэ? – цы Iэлъэщlышхуэ зытелъ фыз къамылыфэм йоупщI Къаскъул. КъэIэнкунауэ зоплъэкI фызыр: лIым фIэкIуэда шыр зэрамылъэгъуам ириукIыта хуэдэщ. Зи нэкIущхьитIыр пщэдджыжь акъужь щIыIэм игъэуцIыплъа щIалэ цIыкIур щIоупщIэ:

– Уанэ телъу шы, жыпIа? Сыт хуэдэш?

– ПщIэгъуэплъщ. Жэщым жыгым еспхати, сщIэркъым зэрыхъуар. КъыкIэрыкIыу унэм кIуэжагъэнщ, – Къаскъул цIыхухэм яхоплъэ: дэнэ щыщхэу пIэрэ?

– Дэ Хьэзырхьэблэ нэс дыкъокI. Шы лъэпкъ дыкъыхуэзакъым. НэкIум ихьауэ щыпэщэщэнкIэ мэхъу, абы иджыри хъун щигъуэтынущ.

Хьэзырхьэблэ! Къаскъул зыхуей дыдэращ. Абы и гум жьы дихужащ. ЗдэкIуэнур ещIэ иджы. Бгы адрыщIым къыщылъщ Чопракъ райцентрыр. Махуэ ныкъуэ гъуэгу дэлъми аращ.

– Уи шыр хьэм ямышхащэрэт. Дыгъужьыр щыетащ мы щIыпIэм, – фызхэм ящыщ зы гузавэу къопсалъэ, – ди гъунэгъу фызым и жэмыр дыгъуасэ яшхащ мыгъуэкIэ зышхынхэм.

– Лъахъэ щимылъкIэ, шым дыгъужьым зригъэшхынукъым, – Iуэхум хищIыкIыу къопсалъэ зы щIалэ цIык Iу. – Къеуэнщи дыгъужьым и дзэхэр хуIуигъэщхьэни!

ЖаIэм йодаIуэри щытщ Къаскъул. ИтIанэ и Iэр ещIри:

– Зэпыту укIуэ, дэнэ кIуэн? Унэм кIуэжынщ, – жи.

– «Зэпыту укIуэ» жыхуэпIэр сыт, н-на? Нобэ хуэдэ зэман шы зэпыту щагъакIуэр? Шы щы Iэж иджы? Шы къытхуагъэна ер зи унэ ихьэнхэм? Тхьэр арэзы къыфхухъу фэ, ди зауэлIхэм, куэдрэ зыщевгъэIэжьакъым ди деж, армыхъумэ дэри шым дыдагъэкIуэну хъунт нэмыцэу цы къызытемынэжынхэм. Зы шыр дыщэ и уаси нобэ. Шырэ вырэ щыIэжауэ щытамэ, Iэжьэм

дэ зыщIэтщIэжрэт?

Къаскъул укIытэри плъыжь къэхъуащ: нэмыцэр хэкум изыхужахэм хибжат фызым ари. Мэзак Iуэхэм яхэплъэжри и гъуэгу теувэжащ Къаскъул. СыхьэтитI нэхъ дэмыкIыу ар нос НКВД-м и районделым, бзыщIи, нехьэкI-къехьэкIи хэмылъу и Iуэху къызэрекIуэкIа псори яхуеIуатэ. КъагурыIуэу зэхащIыкIрэ – къыхуагъэгъунщ, зэхамыщIыкIрэ – абы щыгъуи къыпхуагъэфащэ уи Iыхьэщ. Шпионхэр щагъэхьэзыр центрым нэхърэ нэхъ Iеиж ягъэкIуэнкъым. Къытралъхьэ илъэс бжыгъэр кърихьэлIэнщи, лажьэ-шхэжу псэууэ ежьэжынщ. Ар нэхъыфIкъэ фашистхэм уахуэлажьэ нэхърэ?.. Къуэды зытелъ ротэм хахуэмэщэ?... НэхъыфIыххэр арат! Зимыхъуми, и напэр езым илъкIэ итхьэщIыжынт... Апхуэдэу тыншуи? Зэ умыпIащIэт, щIалэ! Ухуеяти уэ! УкIкIэ уи суд ящIэмэ-щэ?.. Къаскъул къыхощтыкI. Мурад ищIар шынэм хошыпсыхьыж. КъоувыIэри йотIысэх. А здэщысым гупсысэхэм Iэджэрэ ирахулIэ НКВД-м и бжэм, итIани пIащIэу къыIуегъэзыкIыж, макъ щэху гуэр къыхуэсакъыу къоIущащэри – абы йодаIуэ: щхьэхьу лъэныкъуэ зрегъэзыж. Ауэ дэнэ уздэкIуэнур?.. Адрей и гъуситIыр псэууэ пIэрэ? Псэухэу къыщIэкIмэ-щэ? Ахэри къэгъуэтауэ здэшэн хуейщ уэ уздэкIуэм. НыпхуэкIуэну пIэрэ? ЦIыхуищу узэгъусэмэ, нэхъ тегушхуэгъуафIи нэхъ тынши хуэдэщ. Ахэр къилъыхъуэу щIедзэ. Ауэ къигъуэтар абыхэм я хьэдэхэрщ. И щхьэр зэгуэудауэ «пащIэр» нэкIум кIэрылът. И парашютри мыгъэпщауэ зэрызэкIуэцIылът. И щIыбым илъ къэпымрэ и плIэм идза парашютымрэ я фIыгъэу къыщIэкIынт абы и къупщхьэлъапщхьэхэр псэууэ къызэрызэтенар. Сырыхур уэздыгъеишхуэ гуэрым фIэнауэ фIэлът. Ар щиукIари зыукIари тхьэм ещIэ. Абыи и парашютыр гъэпщатэкъым.

Къаскъул хуит хъуат иджы, и напэм хуигъэфащэр ищIэн хуейуэ арат. АдэкIи тхьэм жыхуиIар хъунт, ауэ абы иджыпсту насыпыфIэ дыдэу зыкъилъытэжырт: къыщалъхуа хэкум лъэкIэ къыщикIухьырт, бараки, полицаи, шпионыгъэм щыхурагъаджэ центри илъагъуртэкъым, илъагъур и псэри и ажалри зыхэлъын хуейуэ тхьэм къыхуиухауэ щыта и Хэкум и мэзхэрт, и къуршхэрт, и щIылъэрт. Ауэ а псоми епцIыжат, ахэр игъэпэжатэкъым Къаскъул. Иджы фашистхэм епцIыжмэ... ЩIы щIагъым ущIэпщхьамэ, укъагъуэтынщи уаукIынщ. А и «лэжьэгъуу» щытахэм щыщ къыпкIэлъагъэкIуэнщи укърагъэгъуэтынщ, занщIэу езым и ужь иту къыкIэлъамыутIыпщагъэжьу пIэрэ? А-а, зэпыту укIуэ! Щыпленам и щхьэм иритыжауэ щыта псалъэ быдэр щигъэзэщIэн къыхуихуащ. И гъуситIыр щиукIым езыр псэууэ къыщIелар гъащIэм, ухыгъэм игъэунэхуну арагъэнщ: пщIэнур щIэ иджы, Къаскъул. Ущыпленам, зэ хуит ухъужмэ, дунейр пкъутэну жыпIэрти, еуэ... Къэгъэлъагъуэ уи лIыгъэр здынэсыр... Узэчэнджэщын умыгъуэтмэ, уи пыIэжьыр гъэтIылъи ечэнджэщ, жыхуиIэу, мывэ къуагъым къуэтIысхьауэ и напэм йопсалъэри

щысщ. Къаскъул. Иджыпсту ар зи къуагъ къуэс мывэжьхэри, тхьэм ещIэ, зэгуэрым къурш дзакIэм, я псэр, я къуэпсыр зыхэлъ къуршым, къыгуэхуу къехуэхат, ауэ щыхупIэм нэмысыпэ щIыкIэ мыбдеж къыщызэтеувыIэу къызэтенат: Мис иджы, дауэ хъуми, къызыгуэхуа къырхэм япэмыжыжьэ дыдэу, абыхэм ящIиху жьым щыщ, къащIихуу, абыхэм къатепсэ дыгъэм щыщи къатепсэу мыбдеж щылъщ...

Iуэхур хэплъапIэщ. ИкIута из хъужыркъым. Къаскъул и хъуржыным кърех гъуэмылэ. ЩIакхъуэр, моуэ иджыпсту ягъэжьа фIэкI умыщIэну, щабэщ, консерв банкIи къещтэ. НэгъуэщI мыхъуми, и ныбэ изу гъуэгу техьэнщ.

Иджыпсту гъуэгу здытетым ар зэгупсысыр зыт: иужьк Iэ сэ сыт къызащIэнуми, езыхэр хуитыжщ, ауэ садэIэпыкъунщ – десантхэр къезгъэубыдынщ. ДызэрызэгурыIуам тету, ахэр къызогъэтIыс. И цIыхухэр щIыгъуу мыдэкIэ Бахъуэр абыхэм яIуощIэ. Абы триубыдауэ Къаскъул райцентрым макIуэ. Ауэ НКВД-м и районделым и унэм носри къошынэж, щIыхьэныр щыгъэтауэ, абыкIэ емыплъэкIыфу блокI. «Къэрабгъэ!» – хуо-шхыдэж ар и щхьэ. Мазэ Iэджэ лъандэрэ зэригъэпцIа мурадым IэкIэ теIэбэжыфыркъым, теIэбэнут IэкIэ, ауэ и лъэм яхьыркъым. КъедаIуэркъым и лъакъуэхэр. Абдеж щхьэусыгъуэ нэпцIи къызыхуегъуэтыж: Iуэхур зыIутымкIэ хъыбар иумыгъащIэмэ, нэмыцэхэм десантыр къpадзыхыжынкъым, шынэнхэщ, даубыда я гугъэнщи, я планыр яхъуэжынщ.

Iэджэрэ хэгупсысыхьа нэужь, Къаскъул мурад ещI зэкIэ зыщIыпIэкIэ зыщигъэпщкIуну, центрым къыщрата тхылъ нэпцIхэр къигъэсэбэпу адэ нэхъ жыжьэIуэу зы лэжьапIэ гуэр къыщигъуэтыну. И щхьэр Сальск и губгъуэхэм нэс ихьащ. Шы заводым уващ. Япэщ IыкIэ шыхъуэу, итIанэ шыхъуэ нэхъыжьу, икIэм икIэжым отделенэм и унафэщIу къыщIидзыжат.

## 3. ЗЭХЭКУЭГЪУХЭР

Аннэ Александровнэ псори къыжриIатэкъым щIалэ цIыкIум, ауэ Нартшу зэхихари телъыджэлажьэт. Абы мурад ещI Мэрем зридзу Грачи жэну, я «хэкуэгъум» зимыгъэкIуэдыж щIыкIэ Айтэч къиишэжыну. Ауэ а Iуэхум тегушхуэркъым – Айтэчрэ езымри гъуэгум зыгуэркIэ щызэблэк Iмэ-щэ?..

Аннэ Александровнэ и къуэм и ужь итщи, Нартшу къыфIэIуэхуххэкъым, мыдрейр и пIэм изэгъэжыркъым. Къыщолъэтри щIож. Конторэм жауэ я «хэкуэгъум» и шыр къеуфэрэзыхьри щытщ. Конторэм щIыщIыхьэн щхьэусыгъуи къегъуэт: завхозым еупщIынщ директорыр къыщысыжынумк Iэ. ДэкIуеипIэм дожей. Михеичрэ Къаскъулрэ зопсалъэ. Нартшу къилъэгъуа нэужь, Михеич и щхьэр щIалэ цIыкIум дежкIэ къещIри:

– Мес а тӀум языр. А шууей пэшыницӀэ плъагъум шыбз щэщӀ зэрихунумкӀэ тхылъ къишэри къэкӀуащ. Дауэ къыпщыхъурэ ар?

Мыбы къызэрыщӀыхьам хущӀегъуэжат Нартшу – игъащӀэм «пэшыницӀэкӀэ» цӀыху къещатэкъым абы. А псалъэ гуемыӀур дауэ бгъэдэплъхьэ хъунт «комиссарым и шыщхьэхъумэ» псалъэ уардэхэм! ЩӀалэ цӀыкӀум къыӀуигъэзыкӀыжын и гугъати, хьэщӀэм къегъэувыӀэ ар:

– Зэ умыпӀащӀэт! Дэнэ фыкъыздикӀар? ФыкъэзыгъэкӀуари хэт?

– Шы заводым дыкъикӀащ. ДыкъэзыгъэкӀуар комиссарырщ, ди директорырщ.

– Хэт и комиссар? Сыт хуэдэ комиссар?

– Комиссар дыдэ! Фронтми щыӀащ, орденхэри иӀэщ.

– «Комиссар дыдэщ», жи! Ди генералыр генерал нэпцӀ уи гугъэ, – къолъ Михеич.

– Хэт уи гъусэр? ЗауэлӀ? – щӀалэ цӀыкӀум и псэлъэкӀэмкӀэ Аннэ дежи къыщыгурыӀуакӀэт Къаскъул, ар дэнэ щыщми.

«И шыныбэпххэр зэпыупщӀамэ, хъунт, – егупсысырт Нартшу, – армыхъу Айтэч къэмысыж щӀыкӀэ ежьэжынщи...»

– Си гъусэр зауэлӀкъым. Шыбзыхъуэщ. Колхозым къикӀащ, – ауэ щӀогъуэжри, зрыригъэщӀэгъуэн щхьэкӀэ, адэкӀэ щӀегъу. – Ауэ зэуащ. Щызэуари дэнэ уи гугъэ? НКВД-м и дзэхэм хэту!

Къаскъул къоскӀэ: «Си ужь къримыхуэкӀыу пӀэрэ мы адыгэ щӀалэм?»

– И унэцӀэр хэт? – къеупщӀыну къраджа нэхъей, кърахухь Нартшу, езыр арат зыхуеиххэр: нэхъыбэӀуэрэ псалъэхэмэ, апщӀондэху Айтэчи къэсыжынти...

– Хэт и унэцӀэра узыщӀэупщӀэр? Комиссарыра хьэмэ Айтэч...

Абдеж бжэӀупэм шы лъэ макъ гуэр къыщоӀу.

– Емынэм къихуар хэту пӀэрэ аргуэру? – зэрыщысым хуэдэу щхьэгъубжэм дэплъыну, стӀолым зытрегъащӀэри зеший Михеич. Сыт щыгъуи хуэдэу, Къаскъул и тхьэкӀумэр тригъэхуауэ зыпходэӀукӀ. Ауэ шы цӀахуцӀэ тесу бжэӀупэм къыӀулъэдар шызешэ дадэрауэ къыщӀокӀ. Ар къыщӀохьэ, и пащӀагъуэр и Ӏэгуфэм щӀегъэжри мэтӀыс. ИтӀанэ игу къокӀыж:

– ЕмыкӀу сыкъыумыщӀ, Михеич, сымыупщӀэжрэ сымыусэжу сыкъыщӀыхьэри сытӀысащ. Ӏуэху фиӀэми сщӀэртэкъым.

– УщытӀысакӀэ, щыс адэ. УкъыщӀэкӀуари къипхъ.

– Ахъшэ сыхуейт. Шыбз къызощэху. Шы лъэпкъыфӀщ. Хуторищым сыщылъыхъуащ. ИкӀэм икӀэжым къэзгъуэтащ. Шыр щхьэунейщ. Уэри зэрыпщӀэщи, ар зейм ахъшэр Ӏэрылъхьэу етын хуейщ. Пэжщ, шыбзым фэ щӀагъуэ тетыжкъым. Ауэ дгъэшхэнщ, зыкъедгъэужьыжынщ. Армыхъу мис мобыхэм шыбз тӀощӀрэ пщӀырэ яхумэ, дэ сыт тщӀэжынур? – и нэщхъыр

зэхеукIэри лIыжьыр Нартшу къыхуоплъэкI.

– Зырызурэ къыдощэху, гуартэурэ дощэж, – къызэрыгубжьар фэуэ тету, Михеич Къаскъул зыхуегъазэ. – Дауэ къыпщыхьурэ ар? – и IэштIымышхуэмкIэ лIыр стIолым тоуIуэ.

Мохэр гуапэ дыдэу къызэрыхущымытыр къыгурыIуауэ, Нартшу щэху цIыкIуу кIэбгъу зищIыжыну хуожьэ.

– Щхьэ упIащIэрэ? Дызэпсэлъэнщ, Iуэхум дытепсэлъыхьынщ, – ауаныщIу къыпыгуфIыкIыурэ завхозым къегъэувыIэ ар. – А шыбз тIощIрэ пщIыр фэттауэ дощI. Сыт хуэдизу пIэрэ абы щхьэкIэ фэ къыдэфтынур?

– Фи жагъуэ тщIынкъым, – лIышхуафэ зытригъэуарэ къыфIэмыIуэху щIыкIэу, къопсалъэ Нартшу.

– Плъэгъуа лIы! Фи шы заводым и директорыр уи анэр армырауэ пIэрэ? – Къаскъул къыщеудри мэдыхьэшх.

– Ухуеймэ, дыхьэшх, ухуеймэ, гъы. Ауэ шыбз тIощIрэ пщIырэ я тхылъ иIыгъщ а плъагъум. Главкым и Iэ щIэдзыжауэ, – Михеич аргуэру стIолым тоуэ. И щхьэм къыщыщIедзэри и лъакъуэхэм нэс щIалэ цIыкIур аргуэру зэпеплъыхь Къаскъул.

– Iуэхузехьэщ! ЛIыхъужьщ! Уи цIэр хэтщ, жыпIат, зекIуэлI?

– Нартшущ.

– Я нэхъыжьыр уи деж нэкIуа си гугъэщ. Гъуэгум фыщызэблэкIагъэнщ. Ар абы нэзыутIыпщарщ сымыщIэр, – Михеич и дамащхьэхэр дрегъэуей.

– Си дежи? – Къаскъул аргуэру къыхоскIыкI. – НэкIуами, сыкъигъуэтынутэкъым. Махуищ мэхъури секIуэлIэжакъым. Iэджи къэзущыхьащ, – шынэр къытокIуэ абы. НКВД-м и дзэхэм щызэуащ. Зыми зыри жримыIэуи ежьащ. Ауэ сытми хуэзауэ пIэрэ хьэмэрэ?.. Сэ сыздэщыIэр дэнэ абы къыщищIэнур? Ауэ зыгъэкIуар хэт?

– Уи деж нэмыкIуауэ хуторхэм шыбз къыщищэхуу хэту пIэрэ-тIэ? – шызешэ дадэм тутын Iугъуэр фIыуэ ирешэхри, зэфэ тутыным и фэгъу хъуа и пащIэм къыхиутIыпщхьэжу къыжьэдрегъэхуж.

– АрагъэнкIи мэхъу. «Уи тхьэкIумэхэр зэрумылъагъужым ещхьу, ди шыбзхэри плъагъунукъым. Ущымыгугъ абы», – жесIауэ щытащ дыгъуасэ. ЯмыхуIауэ мыкIуэжын щхьэкIэ, зыгуэр къилъыхъуэ хъунщ. Уэ къыздэпкIухьахэм къэбгъуэтаIа? – завхозыр Къаскъул йоупщI. Михеич щыгъуазэт Къаскъули шыбз лъэпкъыфI къилъыхъуэу къэзакъ хуторхэр къызэрызэхикIухьам.

– Тху къудейщ къэзгъуэтар.

– Ари хъарзынэщ. Зыри умыгъуэтыхха нэхърэ нэхъыфIщ.

Къаскъул аргуэру Нартшу зыхуегъазэ:

– Уи гъусэ шууейм и цIэм сыщIэупщIати.

– Айтэчщ.

– И унэцIэр-щэ?

– Уэрышхэ яйщ.

– Уэрышхэ, жыпIа? Батырбэч и къуэу пIэрэ?

– И къуэщ.

– Уи цIыхугъэ ныпхуеблэгъарэ пэт, уэ зыбгъэпщкIури укъежьэжай-тIэ, – асыхьэту гурыщхъуэ гуэр ещI завхозым: Айтэч и хэкуэгъу деж зэрыкIуэр ищIэу кIуащ, дэIэпыкъуну мыбы къигъэгугъауэ арат. Iуэхур апхуэдэу щытмэ, умыбэлэрыгъ, Къаскъул! Сыщыуэ хъунщ. Гуэныхь щхьэ къытесхрэ? – щIогъуэжри мэукIытэж Михеич. ИтIанэ къопсалъэ. – Къэзакъхэми бгырысхэми хьэщIэкIэ ди хабзэ зыщ. КIуэжи уи хьэщIэм хьэщIагъэ ех. Iуэхум итIанэ дытепсэлъыхьынщ. Генералыр нобэ-пщэдей къэсыжын хуейщ. Къызэрысыжу хъыбар узогъащIэ. Абы ищI ди унафэщ. Ауэ, тхьэм жиIэмэ, шыбз тIощI-рэ пщIырэ дэнэ къэна, абыхэм я фIалъэм къыщIэхуа ятIэр ялъагъункъым мобыхэм. Хуеймэ, къэп из тхылъ къашауэ къыщIрекI. АпхуэдэлIкъым ди генералыр. КъызэрыкIуахэм хуэдабзэуи кIуэжынхэщ.

Абдеж зыри зыпэмыплъагъэххэ къыхеIу шызешэ дадэм:

– Дэ мыбдеж дызэхэсыху, Михеич, мобы и шыбз тIощIрэ пщIыр къыхибжыкIрэ ежьэжамэ, къытхурикъуакъэ? Бгырысхэм я хьэл пщIэркъым уэ иджыри. Шы къэдыгъункIэ уалъэщIыхьэнукъым абыхэм.

– ЖыпIэр сыт? – къыщолъэт завхозыр. Игъэбэлэрыгъынхэ щхьэкIэ щIалэжь цIыкIур къакIэщIидзэу, езы шууейр шы дыгъуэ кIуауэ пIэрэ-тIэ? – Апхуэдэу ирырещIи ирыреплъыж! ТрибуналкIэ едгъэщIэнщ и судыр! Жыжьэ нэдгъэсынкъым. Еуэ, Къаскъул, зегъэхьыж уи отделенэм. Умыбэлэрыгъ...

Нартшу жаIэхэм йодаIуэри щысщ. Шэми шхуми ес: езыр къигъанэрэ Айтэч кIуэжамэ, дауэ хъуну? Шыбзхэр ихурэ кIуэжамэ, дехъулIатэкъэ? Армырауэ пIэрэт а Жыраслъэн шыдыгъу бзаджэм и гугъу къыхуищIауэ щIыщытари?

Абдеж унэм къыщIолъадэ езы Уэрыш дыдэр. Аннэ Александровнэ къыжриIат Константин къызэрыкIуар.

– Зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIу тесщ, жи! Кином хуэдэкъэ мыр? Уэлэхьи, нэсауэ кином! – завхозыр апхуэдизкIэ гуфIэщати, шыбз тIощIрэ пщIыр зэрыфIамыдыгъуам щхьэкIэ, шыбз щэ ныкъуэ къуитынт... иIамэ.

– Сэлам алейкум, ди хэкуэгъу! – илъагъур и фIэщ мыхъу щIыкIэу къыпогуфIыкI Айтэч. Зауэм и пэкIэ тIэу-щэ хуэзауэ щытауэ абы Къаскъул ицIыхурт.

– Уалейкум сэлам, – Къаскъул къотэдж, и Iэ ижьыр сыт щыгъуи и жыпым илъу къикIухьырт абы, щIалэм сэлам ирехри аргуэру и Iэр и жып ирелъхьэж.

– Сытым фыкъытхуихьа?

– ДыкъэвмыгъэщIэхъуну дыфщыгугъыу IуэхукIэ дыкъыфхуэкIуащ...

ПIащIэ-тхъытхъыу, абы къыхэкIыуи зэIынэу къопсалъэ Нартшу:

– Айтэч, абыхэм шы къыдатын ядэркъым. Дегъэжьэж. Комиссарым жетIэжынщ, абы Москва езы Буденнэ дыдэм хуитхынщи, шы къыдатрэ къыдамытрэ ялъагъунщ итIанэ!

– Хэт дежщ, жыпIа, здитхынур?

– Здитхынур фщIэркъэ? Маршал Будённэм деж! – Нартшу къызэрокI. – Шыхэм уанэ ятеслъхьэжын, Айтэч? Сыжэн? Нэхъ псынщIэу дынэгъэсыжи, полкым и комиссарым мобы хуитхынщи...

– УмыпIащIэ зэ, пыIэжьынэ! – щIалэ цIыкIум зыпещIыж завхозым: – «Маршал Буденнэм деж!» Уэ къодаIуэу щысын фIэкI, нэгъуэщI Iуэху иIэкъым жиIащ Буденнэм! Фык Iуэжыну фыхущIыхьэнщ. Ди генералым жиIэм федаIуэ зэ. КъэкIуэныр хьэщIэм и Iуэхущи, кIуэжыныр бысымым и Iуэхущ. Аракъэ, Къаскъул, фи дежкIи жаIэр?

– Апхуэдэу щытащ япэхэм щыгъуэ.

Къаскъул зэрыхуэзар ем хуихьынуми ф Iым хуихьынуми ищIэртэкъым Айтэч. Зы лъэныкъуэкIи абыхэм я Iуэхур зэрыхъунур зыкъомкIэ елъытат Къаскъул.

– Мыбдеж щхьэ дызэхэс? ФынакIуэ ди дежкIэ.

– Фи «дежкIэр» дэнэ? – щIоупщIэ Къаскъул.

– Ди бысымым деж. Аннэ уэри уоцIыху.

– Аня, жыпIа? – Къаскъул къыгурыIуащ Iуэхур зыIутыр: арай абы деж Айтэч зыутIыпщар! Уи уз укIуэди! Арамэ, Iуэху? – ФынакIуэмэ, фынакIуэ-тIэ. Сэри абы сыщыIэнщ ныжэбэ.

– Нартшу, жэи Аннэ Александровнэ хъыбар егъащIэ. Лы, кхъуей, лэкъум – диIэр псори Iэнэм къытефлъхьэ.

– Сэ бжэн къэсщэхуащ. БжэныфI дыдэ, къашу. Шэрэ хьэкъуртрэ тшхынщ.

– Хьэкъуртри? – Къаскъул къыпогуфIыкI. – Зауэ зэману умыщIэну бэлыхьлажьэу фыхуэщIам.

Нартшу щIопхъуэж. Айтэчрэ Къаскъулрэ, уэршэрурэ, куэдрэ къак Iухьащ. БзыщI лъэпкъ хэмылъу, тIури зыпэмыплъагъэххэ псалъэмакъышхуэ ирагъэкIуэк Iат абыхэм. Нартшу Iэджэрэ япэплъащ а тIум, ауэ къытекIуэри жейм ирищIык Iащ. АфIэкI емыжьэжыфу, Анни гъуэлъыжри Iурихащ.

Ар цIыхубз сакъти, бжэр зэрыкIыгъыу къызэщыуащ.

Аннэ сэлам ирихри, Къаскъул сабий жейм щхьэщыхьащ.

– ЗикI нэхъыфI укъэхъуркъэ? ТхьэмыщкIэ цIыкIу.

– Тхьэм жиIэмэ, нэхъыфI къэхъужынщ иджы – шэ иIэщ.

Сабийр зэрылъ гущэхъыринэм фошыгъу кIанитI-щы кIуэцIылъу зыгуэр ирелъхьэ Къаскъул. Айтэч къыгуроIуэ: Къаскъул нэхъыбэу къыздэкIуар завхозым дежтэкъым – мы унэрат. ЦIыхубзым Iэнэр къызэрегъэпэщыж. Унэм мэлылымэр щIэз къохъу. Нартшууи къоушыжри Аннэ доIэпыкъу.

Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым Айтэчрэ Къаскъулрэ зэбгъэдо-тIысхьэжри я псалъэмакъыр кърагъэжьэж. Нартшу мэгъуэлъыж-ри, «фи Iуэху зесхуэркъым» жыхуиIэу, блынымкIэ зегъазэ. Куэд дэмыкIыуи жейм етхьэкъу. Анни мэжеиж.

## 4. ТIАСХЪЭЩIЭХ

– Жэ псынщIэу! Сэ мыбдеж сыкъэгъани жэ! Сыти щIэ, ауэ псынщIэIуэу Къулым деж нэс. Чопракъ аузым щащIэм щыгъуазэ щIы ар, – и къуэм жриIэрт Батырбэч, дунейм тет гугъуехьыр пыщIауэ Бештом къащыIэщIэкIыжахэм щыгъуэ. А тIум къурш щхьэдэхыпIэр къызэранэкIырт, ахъшэ сом мелуанитIыр къэпкIэ яIыгъыу. – Сэр щхьэкIэ умыгузавэу уи Iуэху и ужь ит. Сэ бжэсIэр захуэщ, си щIалэ. Локотошрэ Бештомрэ щIакIуэ кIапэ зэды-теуващ. А тIур зэрыгъэпсэунукъым. Iэмал имыIэу Зулкъэрней къэгъуэтауэ ар Локотош къыдэгъэIэпыкъун хуейщ.

– Ухуеймэ, къызэуи сыукI, уи закъуэ укъэзгъанэу сежьэжынукъым, ди адэ. Къэхъунур хэт зыщIэр? Ахъшэр банкым еттыжауэ щытами зыгуэрт, – Айтэч и адэм йоплъ. Апхуэдиз ахъшэ зыIыгъ уи адэр и закъуэу мэзым дауэ къыщIэбнэн? – Дэ къэп уи гугъэ дэ тIыгъыр?

Къуршым щхьэдэха нэужь, ахэр ди дежхэм яхуозэ. Батырбэч и макъым къызэрихькIэ кIийрт – дыдейхэм еджэрт. Джэрпэджэжым мэзыр къегъэпсалъэ. Красноармеецхэм къагъуэтащ зэадэзэкъуэр. Ахэр япэщIыкIэ – яшэ полкым и штабым, итIанэ – дивизэм и штабым. Абдеж Батырбэч сымаджэ къыщохъу. Ауэ яхуэгъуэлъын идэркъым. «Ахъшэр стырэ бгыр си плIэм дэхумэ, сыгъуэлъынщ», – жиIэрт. ХъумакIуэ гъусэ хуащIри ахъшэр банкым яхь. ЗэIэпахыу махуитIкIэ ябжащ ахъшэр. Ар зэритамкIэ тхылъ къабзэр къыIэрыхьа нэужь, Батырбэч и псэр псэхужри и лъэр щIэхуащ. Плъыржьэру, температурэшхуи иIэу ар гъусэ хуащI уIэгъэщым хьэлъэзешэ машинэкIэ ирагъашэ сэлэтхэм.

Айтэч хуежьат частым къэнэну, ауэ и адэм и лъэIур имыгъэзащIэу хъунутэкъым. ТIэкIу зегъэпсэхури, аргуэру къурш щхьэдэхыпIэм хуеунэтIыж абы.

– Аргуэру ахъшэ къэп къэпхьыну ара? – къыдэгушыIэрт ар щхьэдэхыпIэм нэс зыгъэкIуэтэж зауэлIхэр.

КIуэжыгъуэр куэдкIэ нэхъ тыншу къыщIэкIащ. Хьэлъэр уи плIэм щимылъыжкIэ, дакъикъэ къэс узыдэIэпыкъун хуей хъу уи адэр ущимыгъусэжкIэ, хъунтэкъэ нэхъ тынш? ЩхьэдэхыпIэхэр къызэренэкIри ар нос Чэтмэз псым и къыщIэжыпIэм. Мы мэзхэм щIэсын хуейт партизанхэр.

Мэзым махуитIкIэ къыщикIухьауэ махуэ ещанэм Айтэчи яхуозэ Къаскъул зрихьэлIауэ щыта мэзакIуэхэм хуэдэ гуэрхэм. Уэрышыр партизану къащохъури абыхэм Айтэч жраIэ штабыр здэщыIэр, уеблэмэ кхъуейрэ чыржынрэ кърат.

А махуэ дыдэм Айтэч къеулъэпхъэщ партизанхэр. Мэзым щхьэщыт Iугъуэ мащIэмкIэщ къызэригъуэтари. ЗанщIэу ябгъэдыхьэн шынэжауэ, псы Iуфэм деж щыст. Iугъуэ зыгъэухэр бандэхэрами сыткIэ ищIэнт?

– Щхьэ къэбгъээзэжа? – щIалэм и гупсысэр къызэпеуд цIыхубз макъ гуэрым.

КъызэплъэкIмэ – пхъэхь телъу цIыхубз щытщ. Зэрыщыуар къеищIэжри абы пхъэхьри пэгунитIри хыфIедзэ, и жыпым йопхъуэри кIэрахъуэ кърепхъуэт. Айтэч ауи къыхэщэтыкIагъэххэкъым, уеблэмэ гуфIащ, зылъыхъу дыдэхэр къигъуэтат. АрщхьэкIэ цIыхубзым Iэщэр игъэтIылъыркъым, щIалэм пэгунитIыр кърегъащтэ, псы кърырегъахъуэ, ар япэ кърегъэувэри къеху.

Пщыхьэщхьэм езы Бахъуэ дыдэр йоупщI Уэрышым. Бахъуэм ицIыхут Айтэч и адэр. ЩIалэм Бахъуэм хуеIуэтэж Бештом и къапхъэным къазэрыIэщIэкIа щIыкIэр. Бахъуэр и Iэпэм йодзэкъэж – сыту Iейуэ зыIэщIигъэкIат абы Бештор! И зэманым а бзаджэнаджэм и пщэм аркъэныр щидзамэ, тхьэм ирещIи, Чопракъ аузым нобэр къыздэсым зыхуэIыгъыжыну къыщIэкIынт, Локотош гитлеровцхэм я пщэгурыгъым егъэкъуа мыжурэу щытт. Псори зэпилъытауэ, Бахъуэр йогупсыс: Айтэч тIасхъэщIэххэм яхэзгъэхьэмэ, щхьэ мыхъурэ? АрщхьэкIэ абы нэхърэ нэхъыфIыжи щыIэт: тIасхъэщIэххэм хъыбар къызэрахьамкIэ, гитлеровцхэм къызэрагъэпэщырт партизанхэм ирагъэзэуэн отряд щхьэхуэ. Мис абы згъакIуэмэ, щхьэ мыхъурэ мы щIалэ хахуэр?

Чекист IэкIуэлъакIуэр епIэщIэкIыртэкъым нэгум щIэлъыр лъэгум игъэкIуэн. Айтэч кIэлъыплъу, дилъагъухэр зэпилъыту арат. Зэгуэрым Бахъуэм зыщетIагъэ нэмыцэ офицер фащэ. Имыщ Iэххэу къыхуэза хуэдэу, Уэрышым зыкъыIуегъауэ. А гъэунэхуныгъэм хэкIуадэ пэтащ чекистыр. Айтэч къаплъэным хуэдэу зредз «нэмыцэ офицерым», и дзапэфIанэхэр «бийм» и Iэпщэм хеукIэ, кIэрахъуэр кърипхъуэтыну хунимыгъэсыну, и пщэр иубыдауэ етхьэлэ. А псоми зы напIэдэхьеигъуэщ ихьар. Бахъуэм насыпыжьыр алыхьым къритати, Iуэхум къыкIэлъыплъу щытхэр жыжьэ щыIакъым, армыхъу нэгъабэ лIам ялъэщIыхьэжат «гъэунэхуакIуэр».

– Узгъэунэхуу арати...– бэуэжыфыртэкъым ар.

– Сэ уфашист си гугъэри...

– Тэмэму уи гугъащ. Умэлэдецщ! УIэпщацэжьщ. Уэ зэгуэрым боксеру узэрыщытар сщыгъупщэжати. Уи анэми щыхь куцIрэ фо цIынэкIэ уигъэшхагъэнщ. Адакъэм и пщэр зэрыфIаIуэнтIыкIым хуэдэу, си щхьэр пIуантIэри си нэвагъуэр сыб-

гъэлъагъужащ...

– Фащэр щыслъагъум зызмыщIэжу зынозд зри...

– НтIэ, дяпэкIэ уэращ а фащэр зезыхьэнур. Уэращ ар къыщIэзгъуэтар.

– ЖыпIэр сыт? Ар дауэ?..

Бахъуэм Айтэч лъэныкъуэкIэ Iуешри игу илъыр къыжреIэ. Полицай сыт хуэдэу нэмыцэхэм яхыхьэу гитлеровцхэмрэ абыхэм я IупэфIэгъу хъуа бзаджэнаджэхэмрэ я планхэм, я IуэхущIафэхэм кIэлъыплъыну и пщэ далъхьэу арат Уэрышым. МазэкIэ, уеблэмэ нэхъыбэжкIэ абы зыми пыщIэныгъэ хуиIэнутэкъым. А зэманым къриубыдэу Айтэч нэмыцэхэм дзыхь зыхуригъэщIын, езыми абыхэм цIыхугъэ, IупэфIэгъу захуищIын хуейт. Псом ящхьэращи – нэмыцэхэм партизан тIасхъэщIэххэр къаубыдынымкIэ къадэIэпыкъур къэщIэн.

– СыкъащIэнщ. Щхьэтепхъуэ стелъу сыпсэуфыркъым сэ.

– Абыхэм нэ бзаджэ яIэщ. Зы мэскъал хуэдизкIэ ущыуакъэ – зэфIэкIащ. Ауэ бзаджэм ебзэджэкIыжыфырщ нэхъ губзыгъэр. УзищIысыр зэи зыщумыгъэгъупщэ. Ущыжейм дежи. УIуэщхъу уи хабзэ?

– Сэ сщIэжрэ ар? ЛIам хуэдэу сожей. Ауэ сыIуэщхъу къыщIэкIынкъым.

А псалъэмакъым и ужькIэ махуэ зытхух нэхъ дэмыкIыу, Айтэч макIуэ благъагъэкIэ къагухьэ Хъаджэт нанэ деж. Фызыжь щхьэ закъуэр хьэщIэм щыгуфIыкIыпащ. Пэжщ, къуажэм щекIуэкI хъыбархэм щыщу абы къыпыпхынышхуэ щыIэтэкъым, ауэ зыми щымыгъуазэххэу, пыпхэм хуэдэу, щысуи пхужыIэнтэкъым. Абы и благъэ щIалэм чэнджэщ кърет жэмыхьэт ипщэм Iэхъуэу яхуэувыну, езым и жэмыжьри хуигъэхъуну. Жэмыхьэтым я былымыр зы лIыжь закъуэт зыгъэхъур, лэжьыгъэр къытехьэлъэрт. Егупсысри, фызыжьым жиIэмкIэ арэзы хъуащ Айтэч. Пщэдджыжь къэс уахуэзэнут жэмыхьэтдэсым. Псалъэ зырыз-тIурытIми, абыхэм зыгуэр къапыпхыфынут. Къуажэ Iэхъуэр цIыхухэм есэ, езым яйуэ ябжыж хабзэщ. КъимыдэкIэ, къуажэм пэжыжьэу жылэ былымыр зыгъэхъу Iэхъуэм къыбгъэдыхьэнри партизанхэм дежкIи нэхъ тыншу хъунут. КIэщIу жыпIэмэ, Хъаджэт нани делэтэкъым...

Нанэр хьэблэм хыхьэри Iэхъуэу ягъэувын къызэригъуэтамкIэ хъыбар яригъэщIащ. Псори щыгуфIыкIащ Iуэхум; щIалэмэ, жанмэ, я жэмыжь зырызыр зыхуейнэхъ хуэзэнщи нэхъ хъумаи хъунщ. МыIейуи зэгурыIуахэт: жэм къашым мазэ къэс зы пщыхьэщхьэ гъэш, къамышым – нартыху гъэлъэлъа пут ныкъуэ. Ар IэхъупщIэ хъарзынэт. Нанэмрэ щIалэмрэ щхьэпэпсу яхурикъунут.

Махуэ къэс хэхъуэрт Iэщ щхьэ бжыгъэм. Айтэчи зыхуеиххэр арат. Ауэ махуэ гуэрым абы къыхуокIуэ полицайуэ лажьэ

ПIытIу: бургомистрым илъагъуну хуейщ езым и пIэ къиува «къулыкъущIэр». Нэмыцэхэр къэсыным и пэкIэ къуажэ Iэхъуэу щытар зи хэкум епцIыжа Мысостт. Шэч сыткIэ зыхуезгъэщIауэ пIэрэ, йогупсыс Айтэч. Зэпсэлъаи зыхуэзаи щыIэ хуэдэкъым. ИтIани...

Нэмыцэ фащэ зыщыгъ офицер щIалэ гуэрым епсалъэу щыст бургомистрыр. Айтэч щыIуплъэм, ар икIи губжьакъым, къащтэуи и кIэрахъуэм епхъуакъым. Уеблэмэ ар моуэ гуапэу къыIущIауэ къыщыхъуащ Айтэч.

– А-а, уэра ар?– и «Iэхъуэгъур» щилъагъум къыпыгуфIыкIащ Мысост. И псэлъэгъум зыхуегъазэри: – Дауэ къыпщыхъурэ? Хъуну лIы? Хъун къысфIощI!

Iуэхур зыIутыр мырат. «Хуит къызэрыхъужахэм» и щIыхькIэ къызэрагъэпэщыну я мурад гуфIэгъуэ махуэшхуэм хэтыну къэфакIуэ гупи яIэн хуейуэ къалъытат. А къэфакIуэхэм хагъэхьэнухэр зэхуашэсу арат. Мысост ипхъу ФатIимэт и нэм къыфIэнауэ къыщIэкIащ Iэхъуэ щIалэр. Хъыджэбзым и адэм ар жриIэжащ. ЩIалэр щIалэ къекIущ, теплъэ дахэ иIэщ. Шым пыщIа Iуэху псоми къызэрыхуалъхум хуэдэу, адыгэр къэфэнми къыхуегъэщI.

– Дэгъуэщ. Нэхъ хъыджэбз дахэ дыдэр гъусэ хуэтщIынщи кърырефэхэ ирикъуху, – Мысост къотэдж, зэпиплъыхьурэ щIалэм и хъуреягъыр къекIухь. Щхьэпэлъагэщ, Iэпкълъэпкъ зэкIужщ, и теплъэкIи дэбгъуэн щыIэкъым.

– Хэтхэ уащыщ?

– Уэрышхэ.

– Уэрыш хэт?

– Батырбэч срикъуэщ.

– НтIэ, мыбы дауэрэ укъыщыхута?

– Хъаджэт нанэ деж сыкъэIэпхъуащ. Ар си благъэщ. И закъуэщ. Си анэм елъэIури... НэгъуэщI мыхъуми, гъатхэ пщIондэ сыщыIэну. Жэмыхьэтыр Iэхъуэ зэрыхуейр зэхэсхати, си Iэ къэткъым, си лъэ къэткъым, Iуэхуншэу щхьэ сыщысын хуей, жысIэри... Сэри игъащIэм Iэщ фIыуэ слъагъут, сыIэхъуэну си нэ къикIт, зы жэмыхьэт я дзыхь къуагъэзу я жэмыжь зырызыр щхьэузыхь къыпхуащIын жыхуэпIэр щ Iыхьышхуэщ... – иужьрей псалъэхэм я макъамэр Айтэч зыхуиIэтыр гурыIуэгъуэт: дыгъуасэ къуажэ Iэхъуэу щыта нобэрей бургомистрырат. Зэхихар и гуапэ мыхъуу къэнакъым Мысости.

А псоми уи фIэщ мыхъуну хэлъIа хуэдэтэкъым. Ауэ Мысост, тхъугъэ мащIэ зыхидза и набдзэ фIыцIэхэр игъэджэгуурэ, и пащIэр хигъэлъэтырт. Абы Батырбэч ицIыхуу щытат. Зэгуэрми мураду иIат, завхозу нэхъ мыхъуми, Уэрышым деж лэжьакIуэ увыну. Фо зезыхьэ и Iэпэ йобзей, жи, егупсыст ар. Батырбэч подвалым щихъумэ «бжьэ матэхэм» щыщ гуэр къысIэрыхьэмэ,

си гъащIэ псокIэ срикъунт. Ауэ Мысост и мурадым и Iэр техуа-тэкъым.

– Уи адэр дэнэ щыIэ?

– ДэкIащ. Ауэ здэкIуар сщIэркъым.

«Къэфак Iуэртэкъым уэ узыхагъэхьэн хуейр – зэуакIуэхэрт е полицайхэрт», – щIалэм здеплъым егупсыст Мысост, ауэ къэбгъэфэну мыпхуэдэ щIалэ зэкIуж дэнэ къипхын? КъэфакIуэ гупми фэ тету зыгуэр яхэтын хуейщ.

– Укъэфэфрэ?– къоупщI Мысост.

– Къэмыфэф щыIэ? Псори къофэ.

– Къэмыфэфмэ, ирагъэсэнщ, – алъандэм щыму щыса офицерыр къопсалъэ. Сумкэр и лъэгуажьэм трелъхьэри тхылъымпIэ гуэрхэр къыдех. Абы дыху пудыжьымэ къыкIэрех. Зиупсагъа-щIэу къыщIэкIынщ.

– Уэрышхэ, жыпIа? Уэрыш, Уэрыш… – и пэ лъабжьэм къыщIэпсэлъыкIыурэ офицерыр тхылъымпIэм йоплъ. Айтэчи абы кIэлъоплъ. Спискэ гуэрт офицерыр зэплъыр. А зэплъар делъхьэжри нэгъуэщI зы къыдех. Дэтхэнэ районым и отрядра ар зыхэтынкIэ хъунур? – Iуэхум щымыщ хуэдэу, Мысост йоупщI офицерыр. – Арышкъым, пIа? Мыбдеж зэритхамкIэ, «о»-ри «а»-ри пхузэхэгъэкIынукъым. ШыдыкIэкIэ иратхъа хуэдэщ хъэтIыр.

– Шэрыгъум деж псалъэ. Аращ спискэхэр зыщIауэ щытар, – офицерым чэнджэщ ирет Мысост. – Тхьэм и шыкурщ, икIэм икIэжым телефон хущIрагъэшащ абыи.

Айтэч ерагъыу зызэтриIыгъэу щытт. Чейм и щхьэр апхуэдэу псынщIэу икIи тыншу теча хъуну сыткIэ и гугъэнт абы? Щэхур нахуэ къэхъуащ. Хуэза ахэр? Iэмал имыIэу икIэщIып IэкIэ Бахъуэм зыпыщIэн хуейщ. Партизанхэм я спискэхэр зыщIыр Шэрыгъурщ. Оккупационнэ дзэхэм я цIэк Iэ гражданскэ администрацэм и унафэщI Бештом и Iэ ижьщ Шэрыгъур. Абы я цIэунэцIэкIэ фIыуэ ицIыхурт парт, советскэ унафэщIхэр, коммунистхэр.

– ДэкIащ, жи... щыдэкIакIэ ахъшэри здишащ. Ауэ нэхъ лъапIэ дыдэр, ахъшэ псом ящхьэр – и къуэр къыдинащ, – офицерым спискэхэр сумкэм делъхьэж, щIалэр аргуэру зэ зэпеплъыхьыжри, пыпхыни пыплъхьэни щымыIэу къелъытэ.

– Хэтхэ...

– Ауэ къэфакIуэхэм яхэсщIыхьыжын щыIэжтэкъым сэ. Япэ дыдэ къыщызэхъулIэ сыщIопхъуэжри дыдежхэр къызогъуэтыж. Иджы Бахъуэм ищIэрт хэт тIасхъэщIэх ебгъажьэ хъунуми. Шэрыгъум и спискэм итхэм щыщ тIасхъэщIэх бгъакIуэ хъужынутэкъым... – и псалъэр еух Айтэч.

– Ей-ей... –хьэлъэу мэщатэ Къаскъул. –Сэ си гъащIэр нэгъуэщIущ къызэрекIуэкIар. ЛIыгъэщIапIи сихуакъым, схуэз-

фIэкIи къэзгъэлъэгъуакъым... Плен сыхъуа нэужь занщIэу сызэрыхуа нэмыцэIуэм сэр нэхърэ нэхъ бзаджэнаджэжхэр, нэхъ къэрабгъэжхэр исц къыщIэкIащ. Сэ, нэгъуэщI мыхъуми, «зэрыхъуIауэ ирырехъу» жысIэри, красноармеецу сызэрыщытар сыбзыщIакъым. Ауэ, иджыпсту хуэдэу сощIэж, абы зы хьэбыршыбыр гуэр сыщрихьэлIати, къэрабгъэм я къэрабгъэжт. И парт билетымрэ (ар партым зэрыхэтыр, дауи, нэмыцэхэм ящIэртэкъым) партизан отрядым хагъэхьэну лъаIуэу итхауэ щыта тхылъымрэ хэIущIыIу къэхъункIэ гузэвэгъуищэр тельти, и гъуэншэдж пхалъэм джэдыкIэр щыжьэрт. Ауэ Iуэм куэдрэ исакъым ар. ЩIэпхъуэжащ. ЩIыщIэпхъуэжауэ си гугъэри лIыхъужьыгъэ къигъэлъэгъуэн щхьэкIэкъым – саукIынущ, жиIэри шынауэ арат. Абы и насып кърихьэкIат. Сэ саубыдыжащ. Мис иджы саIэщIокI щыжысIэ дыдэм...

– Хэтхэ яйт ар? ПщIэжрэ?

– Дэтхэнэр пщIэжын – Къаскъул и Iэр ещI. – Торэ? Цорэ? Зэпыту укIуэ! Апхуэдэ зыгуэрт сытми. Слъэгъуамэ, къэсцIыху-жынт... И къэрбгъагъ къудеймкIэ...

– Бахъуэм дежкIэ уэ пхуэдиз дыщэ уриуасэщ. Уахъшэ къэпщ уэ.

– ЛIо, а зи гугъу сщIар зыгуэрым ебгъэщхьу ара? Уахъшэ къэпщ, пIа? ПэжынкIэ мэхъу. А Торэ-Цорэ хьэбыршыбырыр иужькIэ зы щхьэ гуэр хъуауэ щытмэ. Ауэ ахъшэр кърагъэджэлынщи къэп нэщIыр гуэн кIыфIым щIадзэжынщ, – къыпыгуфIыкIыну хуожьэ Къаскъул. – Уэ сынодаIуэри Бахъуэм зестауэ сощI. ЖысIэм къедаIуэхэу сыкъаутIыпщыжыну пIэрэ? Хьэуэ. Нэхъ мащIэ дыди зы хъуреижь срагъэпщынщ...

– ИлъэсипщIи?! – Айтэч и нэхэр къерегъэж.

– НтIэ, мазипщI уи гугъэ? Къуэды зыхь батальоным сыхахуэу зауэм сыIуахуэну сщIамэ, Бахъуэм сызэрыхуеблагъэрэ куэд щIат.

– Уэ узыщыгъуазэхэр зыжепIапхъэхэм яжепIамэ, ари сэбэп хъунут пэжым гъуэгу игъуэтынымкIэ... Ауэ узэрегуакIуэщ. Уи напэм нэхъ судыщIэфI ухуейкъым.

## 5. КХЪУХЬ ТЕДЗАПIЭМ КIУЭ ГЪУЭГУМ

Таурыхъым и пэр умыщIэмэ, и кIэр пщIэркъым, жи псалъэжьым. Зауэ къыщыхъея япэ махуэм къыщыщIэдзауэ артиллерием хэтат Къаскъул. Телефоныр, кIапсэр зытеша шэрхъыр и плIэм ирилъхьэри бийр къыздиукI щIыпIэм гъунэгъубзэу епщылIэрт, зыщIыпIэ деж зыкъуигъапщкIуэрти зы дивизион псом я топхэр «игъэлажьэрт». Iэджэрэ къэхъурт ар дыдейхэм я топышэхэми «щыщIагъэIэ» – связыр зыгуэркIэ зэпыуамэ е езыр здэщысым деж IэмалыншагъкIэ ди артилле-

ристхэр къригъэуэн хуей хъуамэ. Ар уIэгъэ зыщIар дыдежхэрарэ фашистхэрарэ къэщIэгъуейт.

Волгэ и Iэгъуэблагъэхэм деж щыIэ къалэ гуэрым и уIэгъэщхэм ящыщ зым тIэкIу щызэхадыжыхьыжа нэужь, ар мэлъаIуэ къыщалъхуа хэкум пIалъэкIэ ягъэкIуэжыну, абы шэч къытрихьэртэкъым бгылъэ хьэуа къабзэр сыт хуэдэ хущхъуэм нэхъри нэхъ сэбэп къызэрыхуэхъунум, нэхъ псынщIэуи фронтым зэригъэзэжынум.

Къаскъул и пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым фашистыдзэхэр зэгуэр Кавказ бгы лъапэхэм нэсыну. Армавир деж быдапIэ зэрыщащIым и хъыбар щызэхихам, быдэ и анэ гъыркъым, жаIэу арагъэнщ, жиIэри нэгъуэщIым хуихьатэкъым. Сытми, хуит закъригъэщIри и хэкум кIуэжащ. КIуэаракъэ, анэ IэплIэм ихуэжа хуэдэу, зыхуей хуагъазэрт. УIэгъэщым щIэлът, ауэ жэщкIэрэ, язынықъуэхэм дежи суткIэ псокIэ щашэж щыIэт ар я унэ. АрщхьэкIэ Къаскъул и фIэщ мыхъуа дыдэхэм хуэдэу хъурт Iуэхур – фронтми хъыбар щIагъуэ къик Iыртэкъым, мыдэкIи шууей дивизэми щIидзат бийм езауэу.

Къаскъул и унафэр зыщIыну дохутыр комиссэр къеплъыным къыхуэнэжар зытIэкIунит Iэт НКВД-м и лэжьакIуэу республикэм щыцIэрыIуэ Бахъуэр уIэгъэщым къыщыкIуам. Бахъуэм игу ирихьащ Къаскъул, уIэгъэщым и унафэщIхэм хуит къаригъэщIри, абы зауэлIыр езым и деж ишащ. Къаскъул зыхуейр нэгъуэщIт: фронтым, артполкым, и ныбжьэгъухэм я деж игъэзэжынырт. Тылым зыщезыгъэзэгъхэм ящыщтэкъым ар. Ауэрэ бийм иубыдащ Ростов, «Кавказым и куэбжэр» фашистхэм яIэрыхьат. Тылым щыIэхэри яIэ зэтедзауэ щыстэкъым, бгыщхьэхэм щызэуэну партизан отрядхэр къызэгъэпэщын зэрыхуейм тепсэлъыхьу щIадзат.

Къаскъули абы хэтын хуейуэ и натIэм кърит хауэ къыщIэкIащ. Ар хатхащ советскэ, парт, комсомол лэжьакIуэхэр зыхэт отряд гуэрым. А отрядхэр казармэ псэукIэм хуэкIуэу хуежьат. Ахэр пщэдджыжькIэрэ къалэм дэкIырти бгы лъапэхэм, мэзхэм кIуэрт, зауэ Iуэхум хуеджэрт, къырхэм къыщакIухьыфу зрагъасэрт. Абыхэм цIыхубз куэди яхэтт.

Зы махуэ гуэрым Къаскъул Бахъуэм деж ираджэ. Бахъуэм нэмыщI, кабинетым нэгъуэщI тIууи щIэст. Къаскъул сэлэт хабзэу къыщIидзати, Бахъуэм и Iэр ещI: уи рапорт ди Iуэхукъым иджыпсту.

– Iуэхур зыIутым фыкъедаIуэ, – кърегъажьэ Бахъуэм, – фи нэхъыжьу щытынур сержант Къаскъулырщ. Фронтым щыIащ, зауэ и пIалъэ ещIэ. УIэгъэуи щытащ. И пщэ къыдалъхьэр зэрыхуэгъэзэщIэным шэч хэлъкъым. Уи уIэгъэм зыкъуигъащIэрэ? – Бахъуэм и нэ губжьагъитIыр Къаскъул триубыдащ.

– Хьэуэ, ныбжьэгъу начальник! – жеIэ Къаскъул, Бахъуэм зэи зэрихьэртэкъым зауэлIхэм е чекистхэм я цIэхэр зэрызэщхьэ-

щагъэкI дамыгъэхэр.

– Мыхьэнэшхуэ зиIэ груз, сыт хуэдэ Iэмали къэвгъэсэбэп, здынэсыпхъэм нэвгъэсын хуейщ. Иджыри вжызоIэ: мыхьэнэшхуэ зиIэ! Обороннэ промышленностым молибденрэ вольфрамрэ имыIэныр Iэмалыншэщ. Ахэр иджыпсту иралъхьэ ЗИС-хэм. Фызэрежьэнум псори хуагъэхьэзыра нэужь, сэ хъыбар фэзгъэщIэнщ. Фэри зывгъэхьэзыр: фи хьэпшып, фи гъуэмылэ зэщIэфкъуэ. ФызыщIэупщIэн щыIэ?

– ЩыIэкъым.

– ГурыIуэгъуэщ, ныбжьэгъу начальник.

– Феуэ-тIэ.

«Iэпхъуэхэу щыщIадзакIэ, Iуэхур щIагъуэкъым», – йогупсыс Къаскъул. Сыхьэт зытIущ нэхъ мыхъуми, унэм дэлъэдэжамэ аратэкъэ? Къуажэр гъунэгъу тIэкIут. Сэлам ярихыжамэ... Арщхьэкlэ абы и гугъу ищIыххэну дзыхь ищIакъым Къаскъул. И адэм зэхихамэ – напIэдэхьеигъуэм къэсынт. Зигъэхьэзыру сыт ищIэнт? ПщIанэм бгырыпх зыщIипхэ хуэдэт ар. Хьэпшып иIыгъыххэтэкъым. ЖьакIэупс, сабын, напэIэлъэщI, щтамылэ, щтауч; иужьрейр шэтемыгъахуэ дыуэм хуэдэу кърихьэкIт абы.

Пщыхьэщхьэм Бахъуэм щыри и «газикым» ирегъэтIысхьэри заводым ешэ. ЧэтэнкIэ щIэхъумауэ хьэлъэзешэ машинэ къом зэкIэлъхьэужьу щытт. Машинэхэм ярылъыр молибденрэ вольфрамрэт. Ахэр Урал адкIэжкIэ яшэнут. Машинэхэр Къаскъул сымэ Каспий тенджызым и кхъухь тедзапIэм нагъэсын хуейт. АдэкIэ – кхъухь, адкIэжкIэ – мафIэгу. Гитлеровцхэр Кавказым къэсмэ, Тырныауз комбинатым молибденрэ вольфрамрэ къызэрыщIихыным упыкIащ. Ауэ щыхъукIэ, грузыр, пэж дыдэу, уасэ зимыIэжт.

– Кхъухь тедзапIэм къыщыфIущIэнухэм мы пакетри ибот, – Бахъуэм конвертышхуэ гуэр сыргъуч мыхъуркIэ зэтегъэпщIауэ ирет Къаскъул. Мыдрейм ар сумкэм делъхьэ, а сумкэр фронтым къыздришат, артиллеристхэм я командирым ейуэ щытар иджы ныбжьэгъу фэеплъу зэрихьэу арат. – УздэкIуам и хъыбар фи дежхэм сэ езгъэщIэнщ.

– Захуэщ, – сэлэт хабзэу жэуап ет Къаскъул.

Япэ ЗИС-р къызэщIагъанэ, абы и макъ икIам къыхэпсэлъыкIыу Бахъуэм псоми сэлам ярехыж.

– КъызжиIакъым жывмыIэж, фи псэ уасэщ а грузыр, – аргуэру я тхьэкIумэхэр яхуеIуантIэ. – Молибденыншэу топхэм щхьэкIэ жыр бгъуэтынукъым. Молибденыр гъущI хэудэщ. А хэудэм къыпоплъэ ди промышленностыр.

– Ди псэ пытмэ, нэдгъэсынщ, ныбжьэгъу Бахъуэ!

– Пытынщ, тхьэм жиIэм. Гъуэгу махуэ!

Колоннэр гъуэгу тохьэ. Тоннищыр зи пщалъэ дэтхэнэ машинэми, я нэхъ мащIэ дыди, тоннитху ярылъу къыщIэкIынт. Къэп-

хэм нрагъэщI-кърагъэщI зэрызешэ машинэм и щхьэм тотIысхьэ Къаскъул – кхъухьлъатэ къыщхьэщыхьэ хъужыкъуэмэ, шоферхэм псынщIэу хъыбар яригъэщIэну арат. Колоннэм и нэхъыщхьэу щыщыткIэ, абы машинэу хъуар и нэIэм щIэтын хуейт. Фашистыдзэхэр Дон къызэпрыкIауэ Кавказым къызэрыхуеIэр щэху цIыкIуу Бахъуэм къыжриIат абы. Апхуэдэу щыщыткIэ, кхъухьлъатэхэр къыптеуэнкIэ зыхуэ Iуа шыIэтэкъым. Къаскъул нэгъуэщI зы шынагъуи иIэт: грузыр ятрэ къагъэзэжмэ, къыздэкIуэжам нэмыцэхэр къэсауэ кърихьэлIэжмэ... ИтIанэ лIо ящIэнур? Къэнэжыр зыщ: бгым ихьэжауэ партизанхэм яхыхьэн... Каспий хуэкIуэ гъуэгур ещхьт псори зы лъэныкъуэмкIэ фIэкI зэрымыкIуэ уэрамым. Машинэхэри, шыгухэри, выгухэри, хьэлъэ зытелъ шыхэри, шыдхэри, гу цIыкIухэм щIэщIа лъэсхэри – псори здэкIуэр зы лъэныкъуэмкIэт: КаспийкIэт. Зи хьэлъэ иримыкъуа машинэ къахэкIмэ, къагъэувыIэрти и хьэлъэ хурагъэкъут. Къаскъул и гугъу зыми къищIыртэкъым – абы и машинэхэм я «щэIукIэм» къыбжаIэрт ахэр «зэрышхэкъуар».

ЩIиупскIэурэ машинащхьэм здытесым, Къаскъул Iурихащ. Бгыр къыгуэуа фIэкIа умыщIэну, абдеж дунейкъутэжу зыгуэр къоуэ. Мыжыжьэ дыдэу къыщыуа бомбэм и жьым хыфIехуэ лIыр...

ПщыхьэщхьэхуэкIуэ хъуауэщ абы зыкъыщищIэжар, и тхьэ-кIумэIупсыр Iуиудам хуэдэти, зэхихыж щыIэтэкъым. АрщхьэкIэ ауэрэ хъарпшэру зыгуэрхэр къиIуэ мэхъу и тхьэкIумэм. Пэжщ, зэхих псалъэхэр гурыIуэгъуэкъым. Хьэуари хьэлъэт: лъымэ, хущхъуэмэ къыхихырт, уи Iур сабэм икудэрт. Ерагъыу зе-плъыхьыжри къыгуроIуэ – ар зы пщантIэ гуэр къахьащ, кIарц щIагъ гуэрми щIэлъ хуэдэщ. ИхъуреягъкIэ щэIу макъ, гыз макъ къоIукI, цIыхухэр зэрыкIий бзэри гурыIуэгъуэкъым. КъыхуэIэт Iэ лъэныкъуэмкIэ и плIэм еIусэмэ – мафIэм ес ар, уIэгъэпхым къызэпхива лъым хоIэбэ. И Iур игъущIыкIащ. И нэм хъарпшэру плъыжьыгъэ гуэрхэр щIэтщ. Зэзэмызэ и тхьэкIумэм къиIуэ кIий макъыр сытыбзэми зригъэщIэну зэпходэIукIыпэ. Ауэ, тхьэм и шыкуркIэ, нэмыцэбзэ хуэдэкъым. АтIэ гъунэгъу республикэхэм я партизанхэрауэ пIэрэ? Арамэ, ехъулIат: грузыр здынэсыпхъэм нэсат. Ауэ а гугъэ тIэкIур асыхьэтыпцIэм мэкIуэдыж. Фащэ илъагъухэмкIэ хуегъэфащэ – нэмыцэщ зы IэщIэхуахэр.

«Ди грузыр бийм IэщIыхьауэ аращ-тIэ», Къаскъул и щхьэфэцым зеIэт. Абы сыткIэ ищIэнт езыр бомбэм и жьым машинащхьэм къызэрытрихам шоферхэм гу лъамытауэ, ахэр къэмыувыIэу адэкIэ кIуауэ? Абыхэм езыхэм дуней гуфIэгъуэр яIэт: машинэхэм зэранығъэ къекIатэкъым, пэжщ, япэ дыдэ итым и кабинэм хэлъ абдж дэплъыпIэр хиудат. Ауэ ар сытым щыщт? Езыхэр къелауэ грузыр яшэрт...

ТIэкIу къызэрызэфIэувэжарауэ, ар нэмыцэIуэм яхуащ. Ауэ, «е мыхъу фIы хъужыркъым» жыхуиIэу, и насыпым зымащIэкIэ кърихьэкIащ: и Iэ уIэгъэм и сэбэпкIэ пщэфIапIэм Iэпыдзлъэпыдз хуэдэу щIагъэувващ. Хьэкъущыкъур итхьэщIырт, пщэфIапIэр зэлъыIуихырт, пщафIэм дэIэпыкъурт. Ауэ езыр зыщIэхъуэпсыр нэгъуэщIт: псышэу увыну арат – махуэм тIэу-щэ псым кIуэнырт. Моуэ я дзыхь кърагъэз хъухукIэ, зы тхьэмахуэ хуэдэкIэ псышамэ, итIанэ Iейуэ зыкъуигъэлъагъужынт абы. Къуршым ихьэжынт. Ауэ уэсыр нэхъ пасэу къемыуэхамэ арат – лъэужь имыщIу щIэпхъуэжынт.

## 6. ХЭПЛЪЭГЪУЭ

Япэм быдапIэ зыухуэу щыта ди цIыхубзхэр зыщыпсэуа унэхэрат иджыпсту нэмыцэхэм лагеру къагъэсэбэпыр. Къаскъул и мурадым лъэIэсакъым. Махуэ гуэрым ар ираджэ нэмыцэ лагерым и начальникым деж. Ар зыщIэс ятIэ чырбыш унэ цIыкIур лагерт, куэбжэм адэ пыIухат. Къаскъул ищIэрт а унэ цIыкIум и щIыбкIэ силос мащэжь гуэр зэрыщытыр. Псори щыгъуазэт а мащэм. Зи ажалыр къэса тхьэмыщкIэр лIыукIым а мащэ бжьэпэм щхьэщихуэрт, кIэрахъуэшэр зи щхьэпхэтIыгум техуар а мащэм иуфэракIэрт. Апхуэдэурэ хьэдэ зыкъом зэтрихьа нэужь, зи укIыгъуэр къэсауэ къахуам хьэдэхэм ятIэ трырагъа-тхъуэрт, итIанэ езыри мащэ бжьэпэм щхьэщагъэувэжырти япэ ищахэм лъэщIагъэхьэжт. Арати, мащэр къыдрищIейрт.

Къаскъул ауэрэ здэкIуэм мащэмкIэ къиукIащ кIэрахъуэ уэ макъитI. Зы хьэлъэ гуэр ихь къыпфIэщIыну, и лъакъуитIыр ерагъыу хуэлъэфу арат абы. Моуэ унэм нэсыпауэ аргуэру зы уэ макъ зэхихыжащ. Бжащхьэм жьэхэмыуэн папщIэ, тIэкIу зигъэщхъри гузавэурэ пэIущIэм щIэбэкъуащ. И цIыхугъэ къом занщIэу яIуплъащ. «Тхьэм и шыкурщ – си закъуэкъым», – аращ япэ дыдэ игу къэкIар. Адрей пэшым къыщIэIукIт урысыбзи нэмыцэбзи. Блынхэм тетIысхьэпIэхэр егъэувэкIа пэтми, цIыхухэр зэхэтт, адрей пэшым щекIуэкI псалъэмакъыр зытеухуар зрагъэщIэну пылъу, я тхьэкIумэр тегъэхуауэ псори даIуэрт. Къаскъул етIысэхати, асыхьэтуи къыщылъэтыжащ: начальникым и пэшым къыщIэIукIащ гыз макъ хьэлъэ гуэр. «И фэр трах!» Зэплъыжахэщ зи псэр IукIа къомыр.

Бжэр зэIуож. Начальникым и кабинетым къыщIокIыж цIыху сурэтым имытыж тхьэмыщкIэ гуэр. БжэщхьэIум къызэребэкъуэжарауэ, тетIысхьэпIэм тещIащ. Ауэ иджыри и жьэпкъыпэр IэкIэ иIыгъыжт.

– Уэлэхьи, алащэм ещхьу дамыгъэ къыстрадзам, – насы-

пыншэм и Iэр и жьэпкъыпэм къыIуихыжауэ и Iэгухэм йоплъыж, дамыгъэ кърагъэжьыкIам и лъэужь абыхэм къатенауэ и гугъа хъунщ.

Абдеж щыт щIалэ сырыхур шынэм ихьырти, щIыIэ техьэгъуэм зэрихьэрт, и дзэхэр зэтеуэрт. ПащIэ фIыцIэ Iув зытет нэгъуэщI гуэрми и дамэпкъит Iыр блыным иригулIауэ щытт, къыпф IэщIынт а блыным хэпщхьэу абы зыхигъэпшэхъуэну еныкъуэкъуу арауэ. Къаскъул сыткIэ ищIэнт а тIуми иужькIэ яIущIэжыну? Гузэвэгъуэр сэром хуэдэу къыпщхьэщытт. Щхьэгъубжэмк Iи къыдэIукIт кIэрахъуэ уэ макъыр – силос мащэжьым зришэлIэжт, тхьэм и ней мыхъуу, фашистхэм я ней зыщыхуа, зи насыпыншагъэ къикIа зэныбжьэгъу тхьэмыщкIэхэр. Абыхэм япэджэжт начальникым и пэшым къыщIэIукI гыз макъхэр.

Кабинетым къыщIокI гитлеровскэ офицер лIышхуэжь гуэр, нэгъуджэшхуэм хэлъ абджхэм узыпхалыгъук I, гужьеяуэ зэхэт къомым яхоплъэри, зыхуейм хуозэ и нэгъуджэр:

– Шэругъуф?

– Сэращ ар! – абдеж щекIуэкI псори зыкIи къызыфIэмыIуэхуу пленхэм а зы закъуэрауэ къыщIэкIынт яхэтри «смирнэу» къоув.

– НакIуэ.

ЖыIэщIэу офицерым и ужь йоувэри Шэрыгъур унэм къыщIокI. Ауэрэ здэщытым, Къаскъул игу къокIыж: шыдыгъу бзаджэхэм къадыгъуа шым зейм и дамыгъэ телъмэ ар зэрытрагъэкIыжу щыта щIыкIэр. Хьэ мырамысэ ящIырт, ар дамыгъэ къигъэжьыкIам тралъхьэрти, шыр сыт хуэдизкIэ етхауэми, зиукIыжми, мырамысэ пщтырыр упщIыIужыху къытрахыжыртэкъым. УпщIыIужрэ къыкIэрахыжамэ – дамыгъэр къызэрагъэжьыкIауэ щыта фэр техурт. УIэгъэр хъужа – хамэшыр пщэну хуит ухъуат. Къаскъул и гур IэлфIыцIэу къызэкIуэкIащ. ЛIыр зыщышынэр и нэк Iум е и плIэм иджыпсту фашист дамыгъэ къызэрырагъэжьыкIынуртэкъым – ар иужькIэ игъащIэ псокIэ зэрыпхутемыгъэк Iыжынырт. Гитлеровцхэм я дамыгъэ телъу дунейм тетыфыну апхуэдэпсэ иIэтэкъым абы, зиукIыжынщи нэхъыфIщ абы нэхърэ.

Аргуэру бжэр къызэIуож, абы спиртымэ къыщIоу.

– Къаскъул! – мэкIий нэмыцэр.

Унэм зэрыщIэбакъуэу лъэпэрапэри, джэлэным зытIэкIунит Iэщ иIэжар – лъым щIигъэнауэ зэтелъ уIэгъэпххэм хэувауэ арат. Ар яфIэдыхьэшхэну къыщиудащ унэм щIэсхэр.

– Хуабжьу упIащ Iэ хуэдэ, – лагерым и начальникым и нэ псэншитIыр игъэджэгуну пылъщ, ауэ псэ зыхэмытым псэ къыпхухэгъэхьэнт – абы зыри къикIакъым. – УщIэпIащIэр сыт? Уэ иджыри къулыкъу къыппоплъэ. КъулыкъуфI дыдэ. Узыхущ Iемыгъуэжын къулыкъу, – начальникым къыбгъурыс офицерым и щхьэр дохутырым дежкIэ ещI. Къаскъули зоплъэкI

мобы щхьэр здищIамкIэ. Дохутырым къызэпеплъыхь, и кIэп-къым, и Iэм телъ дыркъуэхэм йоплъ, шым и жьэм жьэдэплъэ нэхъей, и жьэми къыжьэдоплъэ, и пэ гъуанэми къоплъэ, егъэ-тIыс – егъэтэдж, и гур зэрылажьэми йоплъ.

– Хъунущ.

«Хъуныр сыт?» – Къаскъул и псэм гузэвэгъуэр телъщ, шынагъуэ псори къызыбгъэдэкIыр а дохутырырауэ и гугъэу абы ищIэм кIэлъоплъ. Модрейри пхъуантэ цIыкIум допщIэпщIыхьри, мыдэ, бзыхьэхуэ гуэрхэм хэплъэ нэхъей, къыфIэIуэху щымыIэу щытщ. Ар «пациентыр» Iуэхум зэрыхуагъэхьэзыр Iэмалу арагъэнкIэ мэхъу.

СтIолым бгъэдэс нэгъуджэм хэкъузауэ жеIэ:

– Хэдэ. Парашютистхэр щагъэхьэзыр школым мазищкIэ ущоджэри итIанэ командованэм и унафэхэр гъэзэщIэным щIыбодзэ, хьэуэ жыпIэрэ – мащэр къыхох... Угупсысэну зы дакъикъэ удот. ЩIэупщIэ лъэпкъ щыIэкъым.

Къаскъул и щхьэ куцIыр лэжьэжыртэкъым. Парашютистхэм я школ! Ар нэмыцэхэм, ди бий бзаджэнаджэхэм яхуэзэуэн хуейуэ аращ. Ауэ нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэкъым. Хэдэн хуейщи ходэ. Къаскъул къызыжьэдекъузыкI:

– Сок Iуэ.

– Мащэра хьэмэрэ школра?

Къаруувэ иIэр зэхуехьэс Къаскъул:

– Школым.

АдэкIэ Iуэхур зэрыхъуар ищIэжыркъым. ИщIэжыр зыщ: силос мащэмкIэ блашу гуэщыжь гуэрым щашэм кIэрахъуэ уэ макъыр къэIуащ: «Ар сэ къыстехуэн хуеярат, – игу къокI Къаскъул. – Хуеят, си Хэкум семыпцIыжауэ щытамэ», – щIегъуж абы.

Гуэщым щIахуэу арат езы Къаскъул ещхьу нэмыцэхэм яхуэлэжьэну арэзы хъуахэр. Абы и щхьэ трилъхьэртэкъым «епцIыжа» псалъэр зыхуигъэфэщэну.И гугъэр хихыжатэкъым фашистхэм зэрыIэщIэкIыжыным. Щыхэдэм ар къыщIыхихари арат – мазищ пIальэр нэхъыфIт дакъикъэ пIалъэм нэхърэ: пщIэххэну Iамэ, уи бийм и къурмакъейм зыщIэбдзэн щхьэкIэ зыбгъэхьэзырыну урикъунут а зэманым. Силос мащэм нэхъ псынщIэу уихутэ щхьэкIэ, алыхьым нэхъ и нэфI къыпщыхуэнуи уи Хэкум нэхъ сэбэп ухуэхъунуи гугъапIэ щыIэтэкъым. Сыт пщIэнуми, псэуувэ къэнэн хуейт...

– Аращ си Iуэхум и къекIуэкIыкIар, – тIэкIурэ щыму щыса нэужь, къопсалъэ Къаскъул. – Уэ умыщIэ збгъэдэлъыжкъым иджы. Ухуеймэ, а псори Бахъуэм жеIэж. СэркIэ тIури зыщ. Сигу

зэрызгъэфIу къысхуэнэжар зыщ: десантхэр къезгъэтIысэхын папщIэ маф Iэ зэщIэзгъэнакъым. Зыми хъыбар езгъэщIакъым. Нэмыцэхэми я гугъэу къыщIэкIынщ, дэ даубыду к Iэ къыдатауэ.... Десантхэр къэтIысамэ, абыхэм мыдрей цIыхубэри къызэщIаIэтэу, Советскэ Армэм и дзэхэм зрапщытын, абыкIэ мохэр я гъуэгум къытрашын хуейуэ арат. Ухуей-ухуэмейми, абы Iэджи хэкIуэдэнут.

– Содэ. Уи хъыбар зыми хуэсIуатэркъым.

– Я фIэщ умыхъункIэ ушынэу ара хьэмэрэ сэ сыкъыщIумыгъэщыну ара?

– Сэ жэуап зэзмытыжыфын упщIэхэри къызатынкIэ мэхъу. Ауэ Iуэхур аракъым. УэркIэ IэджэкIэ нэхъыфIщ НКВД-м укIуэрэ узищIысыр яжепIэрэ зыптмэ. Ухуеймэ, абы щхьэкIэ Бахъуэм деж нэси умыкIуэ, мыбыи щыIэщ узэкIуэлIэн. Тхьэм и шыкуркIэ, Советскэ властыр щыувыжащ мыбыи...

Зыри жимыIэу къотэдж Къаскъул. Айтэчи абы щIыгъуу къыщIокI. Къаскъул и шыр къыкIэритIэтыкIыжу шэсыжыху а тIум зи гугъу ящ Iам зыри щыгъуазэкъым.

Сытми, Къаскъул арэзы мэхъу: хъунщ, сыкIуэнщ НКВД-м. Аращ Айтэч къыжриIар.

И нэхэм щIэIуэтыхьу пщэдджыжьым Нартшу къыщызэфIэтIысхьам, Гошэрэ бжэнымрэ фIэкIа, аргуэру унэм зыри щIэсыжтэкъым. Мэкъум фIыуэ хэшхыхьри шхахуэм хэтIысхьэжауэ щыст зи быдз зэкIэщIэпIиехэр плъагъу бжэныр. Нартшу къыщылъэтри и дамащхьэхэр дришейуэ шэшым жащ – шитIыр лъэщIын хуейт. Къыщигъэзэжам, Айтэч щIэст.

– Генералыр къэкIуэжащ, – зэрыгузавэр фэуэ тетт абы.
– Иджыпсту дригъэблэгъэнущ, – Айтэч и жьакIэри иупсакIэт, и къатырхэри цIууэ зэпилъэщIыхьат.

ХъыбарыщIэм зыкIи щыгуфIыкIакъым Нартшу. Завхозым жиIауэ дыгъуасэ абы зэхихам и ужькIэ, ар зыщыгугъыж щIагъуэ щыIэжтэкъым.

– Мыдэ фыкъакIуэ, шууейхэ. Фыкъилъагъуну хуейщ ди генералыр, – гуапэу къаIуощIэ шызешэ дадэр Айтэчрэ Нартшурэ. – Фи хьэтыр къилъагъункIэ мэхъу батькэ. ТкIий щхьэкIэ, гу пцIанэщ ар.

– Фэра тхылъ зыIыгъыу къэкIуахэр? – илъэс щэ ныкъуэм щхьэдэха лIы сырыхур апхуэдэ упщIэкIэ къаIуощIэ хьэщIитIым. Бжэныфэ зи щIэбзэ кIагуэ дыта дэгъуэ щыгът абы, шыгъэцIывхэр зэрылъ къатыр лъапщэ кIыхьи лъыгът. Абы и шыгъэцIывхэм елъытауэ, Нартшу ейхэр улъиижа, дзагуэ хъужу дурэшым дадзэжа уэщыщхьэжьым хуэдэт.

– Дэращ, ныбжьэгъу генерал. Письмоуи къыпхуздэтшат. Уэттыну хуит дыкъэщ I.

– Хэт къэзытхыр письмор?

– Ди шы заводым и директор, полкым и комиссару щыта

ныбжьэгъу Къуэшрокъуэрщ.

Генералым мурад щIа хьэзыр иIат: фыкъызэрыкIуам хуэдэу фокIуэж, жиIэну. Ауэ Айтэч и иужьрей псалъэхэр щызэхихым, къыхэщтык Iри и нэкI ур зэкIэщIихужащ. И Iэ хужьышхуитIымкIэ письмоулъэр пIащIэу зэтретхъ.

– Дотий Матовичщ, жыбоIэ-тIэ, къэзытхыр. Псэущ, жыбоIэтIэ, – Антон Федорович пI ащIэ-тхъытхъыу и бгъэ жыпым йоIэбэ. Нэгъуджэр кърепхъуэт, зэрыпIэщIащэм къыхэкIыу, Iэпэлъапэсыс хъури нэгъуджалъэр Iэпыхуати, Нартшу йопхъуэри напIэдэхьеигъуэм къещтэж. – Ар къыщыхутам еплъ! Хэт и гугъэнт?

– Аращ, ныбжьэгъу генерал! Куэд щIакъым къызэрытхуагъакIуэрэ. УIэгъэщым къикIри занщ Iэу ди деж къэкIуащ...

– УIэгъэщым, жыпIа? Сэ сэщхьыркъабзэщ. Ди гъуэгу зыщ. Ар дауэ си пщIыхьэпIэ къыхэхуэнт? ЗауэлI офицер телъыджэт... Хахуэу зэуащ Дотий Матович. Ауэ сыт пщIэн? Ари хъарзынэщ – и щхьэ псэумэ, и къупщхьэ къэмытмэ!..– генералыр хуэмурэ къеджэрт къыхуатха письмом.

Нартшу щхьэгъубжэмкI э доплъри елъагъу: конторэм къыхуокIуэ завхозри Къаскъули. ЩIалэ цIыкIур къогузавэ: алъандэм зэрагъэпц Iа тIэкIум адакъэжьыр топкIэри екъутэж иджы. Ар щымыуауи къыщIэкIащ: бжэщхьэIум къемыбакъуэ щIыкIэ къокIий Михеич:

– Антон Федорович, мы шууей пыIэжьынэхэр щIэхуи сумыгъэлъагъут. Езыхэм нэхърэ нэхъ делэ ди деж къыщамылъыхъуэу, нэгъуэщIыпIэ къыщрырагъуэт. Дэ шыхэр зырызурэ къэдгъуэту аращ, мобыхэм шыбз тIощIрэ пщIырэ зэуэ я шэщым яхущIэхуэ! Апхуэдэ делагъэ къыпхуэзыщIэнур хэт? ЗанщIэу жесIакъэ: «Уафэм къыфхуелъэлъэхыну дыщэм фыщыгугъыу фыщымысу, фыкIуэжи хьэдзэ зырызурэ къэфщып», – жысIэри. «Генералыр къэсыжмэ, ди унафэ ищIынщ», – жаIэри щысхэщ. Уджэламэ, нэгъуэщIым укъигъэтэджыжыным упэплъэу ущымылъу, уэр-уэрурэ къэтэджыж...

– Укъытримыч зэ, Михеич. Ар щыжыпIар дыгъуасэщ. Пщыхьэщхьэращ. Иджы, уэри зэрыплъагъущи, пщэдджыжьщ. Урысхэм жаIэр пщIэркъэ? «Пщыхьэщхьэ акъыл нэхърэ пщэдджыжь акъыл», жи. Зи гугъу пщIыр пщIэрэ, Михеич ? Мыхэр къэзыгъэкIуа Дотий Матович си полкым и комиссару щытащ. Ар къыбгурыIуэрэ уэ? Зауэм и нэхъ маф Iэ гуащIэ дыдэм хыхьэфу щытащ. «Сэри сыхрырекIуади си гъусэу бийм щыщ зыбгъупщIым я псэр зыдрызехь», – жиIэрт абы. Мис иджы – псэууэ къыщIэкIащ. Ар уIэгъэщым щедгъашэм, и псэ пыту нэсыну зы цIыху дыщыгугъакъым. Ар си къуэшщ сэ. Къыбгуры Iуэрэ ар? ЛъыкIэ зэш дыхъуащ. Абы и жагъуэ дауэ зэрыпхуэщIынур? ЩIакхъуэ Iыхьэ тIу зэдитщIыкIыу щытащ, иджы

«шыбз лъхуэн-пIэн», жери къолъаIуэ...

Михеич и бзэр иубыдащ, и нэр игъэупIэрапIэу Къаскъул йоплъ: шым зедзи щIэпхъуэжи ди шыбзхэр гъэпщкIу, думыгъэунэхъу, жыхуиIэщ.

Директорым адэкIэ пещэ:

– Письмоуи хуэстхыжынкъэ. Уи ныбжьэгъу зауэлIым удэмыгуашэу хъурэ? ЩэщI щыжиIэк Iэ – щэщI. Къаскъул!

– СынодаIуэ, Антон Федорович.

– Адыгэш лъэпкъыу шыбз дапщэ уиIэр?

– ПщыкIутху хуэдиз.

– Ари хъарзынэщ. Абы доныш лъэпкъыу пщыкIутху щIыбогъужри, щэщI жыхуаIэжыр аракъэ? КъыбгурыIуа? Езы Уэрышым къыхрырех зыхуейхэр. Ари къыбгурыIуа? Армыхъу сэ узоцIыхуж уэ: сэ зээмыпэсыжхэр уэ пхузогъэкIуатэ. Апхуэдэу хъункIэ дуней Iэмал иIэкъым. Къуэшрокъуэми дэри зы Iуэхущ зетхуэр.

ГуфIэгъуэм къызэщIиIэта Айтэчрэ Нартшурэ плъагъуурэ нэхъ ин хъу хуэдэт, а тIум нэхъ насыпыфIэ иджыпсту мы дунеишхуэм къытепшынтэкъым. Я шылъэм вагъуэр къыщIэлъэлъу, езыхэр пщIэгъуалэ шууэ Шыхулъагъуэмирижэ хуэдэт а тIур.

*Ещанэ псалъащхьэ*

## 1. ГЪАВЭР ФРОНТЫМ ПАПЩIЭ

МахуипщI и пэкIэ зэрызэгурыIуахэм тету, пщэдджыжьым уполномоченнэхэр Чорэм деж къыщызэхуэсащ, лэжьыгъэ ящIам тепсэлъыхьыжыну. Езы Чорэр къэтт. Къуэшрокъуэмрэ абырэ нэгъуэщI зы пэш гуэрым щызэпсалъэрти, кIыхь хъуат Iуэхур. Нэхущ лъандэрэ щIэст а тIур абы. Япэрей «бухъар пыIэм» ещхь гуэр полковникым иджыри къигъэлъэгъуэну пIэрэ, жаIэу псори егупсыст. Газетым тет сводкэм тепщIыхьмэ, махуипщIым къриубыдэу районым и Iуэхум фIыуэ зиужьат, ауэ планыр иджыри процентищэм нэсатэкъым. Пэжщ, къанэ щымыIэу гъавэр зэщIакъуат, ищхьэ къуажэхэм нартыхур хьэмхэм щагъэгъужырт, ауэ, сыт ящIэми, кондицэм къикIын хуэдэу нартыхур зымыгъэгъуфа колхозхэри щыIэт.

Парт, советскэ активым и областной совещанэм щита псалъэр игъэпэжатэкъым Чорэм. «Си псэр пытмэ, планыр згъэзэщIэнщ», – жиIат абы. Ар щызэхахам куэд я пащIэкIэ къыщIэгуфIыкIат. Иджыри «планыр игъэзэщIэну» къыщIэкIынт абы зыгуэрурэ, бзаджагъэ гуэр хилъхьэу. Ауэ Чорэм кIэлъыплъыт пщIырэ псалъэ дыгъэлрэ зыхэмызагъэ Къуэшрокъуэр. Дотий

щымышынэу абы гъавэ IыхыпIэм ишэфынутэкъым зи гъун иримыкъуа нартыхур.

ИкIэм икIэжым комиссарымрэ «райначымрэ» къахохьэ къызэхуэсахэм. ШакъэкIэ зэхэуцIэпIа щэкI удзыфэ зытепхъуа стIол кIыхьым бгъэдэст хьэIусыпэ зрату районым исыр. Дотий Чорэм нэхъ пэжыжьэу т Iысащ. Моуэ псори хуиту илъагъун хуэдэу. КIурацэрэ Апчарэрэ зэбгъурыст. Ахэр щилъагъум, яхуэгуфIэри щхьэ яхуищ Iащ Къуэшрокъуэм. ЦIыхубзхэри щыгуфIыкIыжащ абы. ИтIанэ зэIущащэу щIадзащ.

Уполномоченнэм еплъурэ къотэдж Чорэр.

– КъыщIэддзэ хъун, Дотий МатIэвич?

– Еуэ, еуэ. Сэракъым цIыхур къызэхуэзышэсар – уэращ. ЩIэдзэ.

– КъыщIэзыдзэн хуейр езыхэращ. ДызэупщIынур ахэращ. Парт къалэн зи пщэ далъхьауэ щытар хэт? Фэращ! Хозяйствэхэм гъавэр къэралым етынымкIэ планыр зыгъэзэщIэн хуеяр...

– Ди псэр пытщ, ауэ планыр дэнэ щыIэ? – ауанышIу къопсалъэ зы. Чорэм къыгурыIуащ зи хадэм мывэ кърäутIыпщхьэр, ауэ зыхуигъэшэчащ.

– Ди псэри пытын, планри дгъэзэщIэн хуеящ. Къэрал Iуэхум иригузавэм ар къыгуры Iуапхъэт. Нобэ дызытепсэлъыхьынур планыр гъэзэщIа зэрымыхъуам папщIэ дэтхэнэми ихь жэуаплыныгъэрщ. ЗыщIезыгъэххэм дащысхьыжынукъым абы фIэкI! Зыгуэрхэм я щхьэ егъэтIэхъужын хуей хъуну къыщ IэкIынщ. Нэхъ гуры Iуэгъуэу жыпIэмэ, ди щхьэр планым щхьэузыхь хуэтщIыну ди къалэнщ. Фронтыр зыхуейр псалъэ дыгъэлкъым, гугъэ нэпцIкъым. Зи планыр нэхъ Iей дыдэу кIуэцIрызыгъэхуа хозяйствэм и унафэщIым къуэды хьэлъэ телъхьэн хуейуэ сфIэзахуэщ. Куэдщ ахэр районым и кIэрыщIэну зэрыщытар. Псалъэр куэдрэ дымыгъэныщкIуу, кIэщIу Iуэхум дытепсэлъыхьын зэрыхуейм и щапхъэ хъарзынэ дигъэлъэгъуащ, Дотий МатIэвич. Псоми жаIэм дедаIуэу дыщIыщысын щыIэкъым. Зы къэдгъэпсэлъэнщ, абы шыбжий фIыуэ хуидудэнщи – зэфIэкIащ. Ирырепльъ адрейхэри абы.

– Зи Iуэху мыщIагъуэр абы и мызакъуэмэ-щэ? – Уэрыш Батырбэч къотэдж, и джанэр зэрегъэзахуэ, и Iэпхъуамбэшхуэхэр и бгырыпхым деукIэ. – Iуэхур щIэмыщIагъуэм щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр яIэнкIэ мэхъу. Языныкъуэхэм я Iуэхур дунейм и зэкIэлъымыкIуагъым къызэпиудагъэнкIэ мэхъу. Зы лъэныкъуэкIэ, ар щхьэусыгъуэу къэплъытэ хъунущ. Адрейхэм я агротехникэр мыхьэнэншэщ: жылэр лъапэрисэу хасащ. Ещанэхэми я нартыху жылэр щIэгъуакъым, хэт и къэкIыгъэр щIыIэм исыжащ. ЗэрыжысIащи, щхьэусыгъуэр куэд мэхъу...

– Пэжщ, тхьэ, абы жиIэр. Псоми зэхуеплъын хуейщ, – Уэрышым и псалъэр деIыгъ КIурацэ. – Ди щхьэр планым щхьэузыхь хуэтщIын хуейщ, жи Чорэм. Ар сыт щхьэкIэ? Мыр муслъымэн

дин Iуэху зетхуэрэ дэ?

– ЖысIэнур сывгъэухыт! – Чорэм и Iэр къе Iэт: «фысабыр» жыхуиIэщ. – Къанэ щымыIэу Iуэхур игъэхьэзырыну и пщэ дыдолъхьэ мэкъумэш отделым. Абы папщ Iэ сыхьэтитху идот. Зыхуей бжыгъэу хъуар яIэщ абы. Зэхэха – зэхэлъхьэжауэ Iуэхур убзыхун хуейуэ аращ. Дыпсалъэу дызэхэскIэ сыт ди пэрмэн? Ди псалъэхэмрэ ди къуршхэмрэ дыщэ Iуащхьэхэу къызэтехутауэ щытамэ, нэхъ лъагэ хъуну щытар къыпхуэмыщI эным хуэдизу дыпсэлъэрейщ.

Залым Iэуэлъауэм нэхъри зыщеI эт. Псоми къагурыIуэрт – Iуэхур гуащIэ хъунут. Мо къэгубжьыща унафэщIхэм яIэта Iэр пщIэншэу кърамыхьэхыжын папщIэ, къыптехуэу ухигуэн жыхуэпIэр бетэмалт, уи парт билетым упагъэкIынкIэ зыхуэIуа щы Iэтэкъым. Зыми и щхьэр, Чорэм зэрыжиIэм хуэдэу, щхьэузыхь ищIыну хуейтэкъым.

– Къуэды зыхуэфащэхэм я цIэхэр мыбдеж щысхэм кърaIуэмэ, нэхъ захуэ мыхъуну пIэрэ? – къыхелъхьэ комиссарым.

– Захуэщ! Щхьэж къилэжьым и унафэр дэ дывгъэщIыж, армыхъу бжыгъэр бжыгъэщи зэрыбжыгъэу къонэж...

Чорэм и Iэр аргуэру къеIэт, и пщэм телъ дыркъуэ кхъуейхьэлыпэм лъыр къолъадэ.

– Мэкъумэш отделри I уэхум захуэу бгъэдыхьэнщ. Къуаншэм и къуаншагъэмкIэ заседанэм зыкъыщедгъэумысыжынщ, Зэдгъапщэр дымыщ Iэу Iэщэр зыми тедубыдэнукъым. НэуфIыц Iщхьэрыуэу дукIын Iауэ дыпылъкъым.

– ДывгъэщI-тIэ апхуэдэу, – фIэмыфI-фI эмыфI урэ арэзы мэхъу уполномоченнэр. Псоми занщIэу бжэм зыхуадз – и ужь къинэращ жыпIэнт и пIэм ираукIыхьынур. Куэдым телефонхэм зрадзащ, гъавэ IыхыпIэм къита бжыгъэхэмрэ езыхэм яйхэмрэ зэпалъыту.

Апчарэ игурэ и щхьэрэ зэтелът. Абы и колхозыр пашэхэм ящыщт, пэжщ, ар зыхуейр «ящыщын» къудейртэкъым, атIэ нэхъ пашэ дыдэу щытыным, Дотий зэригъэгуфIэным хущIэкъурт. Абы КIураци зыкъыщIигъакъуэрт: заводым кърит кхъуэщынхэр лыкIэ, джэдыкIэк Iэ, тхъукIэ ихъуэжырт.

– ГъэунэхукI эщIэ къежьащ, – дыхьэшхырт КIурацэ.

Заседанэр сыхьэтищым ядза щхьэкIэ, активыр зэбгрыкIыжыртэкъым, Iуэхур зэриухыну щIыкIэм хуэпIащIэрт цIыхухэр. Заседанэм къыщащтэну унафэр езы Чорэм и щхьэкIэ игъэхьэзырт. Абы и лэжьакIуэхэм справкэхэр, бжыгъэхэр къызэрагъэпэщт. Псом нэхърэ нэхъ Iейуэ Чорэм и дзэр зыхуилъыр Уэрыш Батырбэчт. А жыI эмыдаIуэр, егъэлеяуэ зи напэр зыхъумэжыр пэкIэ щIым иригулIу напэ къабзэу къэтэджыжрэ къэмытэджыжрэ еплъыным хуэпIащIэт. А тIум нэгъабэ гъэмахуэми зызэраупсеят. Гъэшыр тынымкIэ планрат щIызэщыхьари. Апхуэдэ къызэдэжэкI эхэр (зэгуэр шыгъажэу щыта Чорэр арат

абы зэреджэр) щригъэкIуэкIкIэ къытежым еплъын цIыху къригъэблагъэртэкъым «райначым». ИгъащIэ псокIэ щыгъупщэжынтэкъым абы Батырбэч дригъэкIуэкIа псалъэмакъыр.

– Си гъащIэми си щIалэ закъуэм и псэми себлэжакъым, – жиIэрт Уэрышым и губжьыр ерагъыу ирикъухыжурэ, – къэралым и ахъшэ сом мелуанитIыр Iэрызгъэхьэжын папщIэ. Минрэ абы ухуеяуэ щытми, икIи сыдыгъуэнукъым, икIи бжыгъэ нэпцIхэр уэстынукъым, икIи зыри схуэгъэщхьэрыуэнукъым. Уэ къысхуэбгъэлъагъуэ гъуэгум сытехьэфынукъым, Чорэ и къуэ.

– Сыт хуэдэ гъуэгу? КъэбгъапцIэIарэ уэ? Къэралым и сом мелуанитIыр уэ зыкIэщIэбупщIэжауэ щытамэ, уи натIэгур пхупхаудри зэфIэкIат. Iуэхум кIэ иIэт. Дэ зыгуэр зэтлъэфэлIэну дыпылъ? Дыпылъкъым! Минрэ бжызоIэ ар! Дэ къытпаубыд бжыгъэхэр отчетым иптхэным сыт хэлъыр?

– Сэ сыщIэлажьэр отчеткъым – цIыхухэращ.

– Хъунщ, Уэрыш. ДызэгурыIуащ. Ауэ уи япэкIэ мывэ хъурей бгъажэмэ, ухуозэж, зэрыжаIэр зыщумыгъэгъупщэ. ЩIыр пэкIэ уэзгъэвэнщ! Уи цIыху пэжагъырт иджы сэ сызыхуэныкъуэжыр! Гъавэ зытесэн хуейуэ уи Iэ щIым щыщ зы вакъапхъапIэ хуэдиз умывэу, умысэу къэгъани, къызжиIакъым жумыIэж...

А псалъэмакъыр щекIуэкIар нэгъабэт. Чорэм и псалъэр игъэпэжырт. Батырбэч бэуапIэ иритыртэкъым. Адрейхэм я планым яхукIэричар Уэрышым хущIигъуырт: екъум еуэ жыхуаIэращ, жиIэрти дыджу къыпыгуфIыкIт. Уэрышри екъурт, и кIэтIийр и вакъэпсу. Ауэ тхьэусыхэртэкъым, Чорэм зыхуигъэ-лъахъшэртэкъым. Активми ялъагъут колхоз председатель нэхъыфI дыдэм хуэмыфащэу лей зэрылъысыр, ауэ зыми зыри жиIэртэкъым езы Уэрышым и жьэ зэщIихыртэкъыми. Пэжщ, псоми ящIэрт Iуэхур апхуэдэу куэдрэ екIуэкI зэрымыхъунур. Ебгъэлеймэ, къыщеху, жи. Чорэм и пыIэпхэр къыхуизыхуни къыкъуэкIынщ.

## 2. ЧОРЭМРЭ ДАЛ КЪАСБОТРЭ

Сыхьэтищым жаIауэ щыта щхьэкIэ, заседанэр щыщIидзар фIыуэ нэхъ хэкIуэтауэщ. «Ягъэкъуаншэр» арэзы хъуртэкъым мэкъумэш отделым къиулъэпхъэщахэмкIэ. Гъавэ IыхыпIэм аргуэру зыпыщIэжын хуейт. Заседанэм къекIуэлIахэр ешат, мэжэлIат, я щхьэр зэрахьэрт, тутынымрэ псалъэмакъымрэ я гур щIихырт. Абыхэм ящIэрт удыныр зыхуагъэхьэзырар.

Чорэм къыпэщыс щIыкIэу адрей стIол кIапэм къыщыст лIы Iув хэщIыхьа гуэр, ар Iэ лъэныкъуэт, илъэс щэ ныкъуэ хъуамыхъуами арарэ пэт, зэщIэтхъуат. И пщэ лъынтхуэхэри, и

нэжьгъ лъынтхуэхэри къэпщат. Щысхэр абы хуеплъэкӀырт, ягу щӀэгъуурт. Ар «Чопракъ Ипщэ» колхозым и председатель Дал Къасботт. Гитлеровцхэр лъахэм зэрырахужу и партизан отрядыр щӀыгъуу мэзым къыщӀэкӀыжа Далыр занщӀэу ягъэуват колхо-зым и председателу. УӀэгъэщым къыщӀагъэкӀри, и Ӏэ лъэныкъуэ-ри пымытыжрэ пэт, а отрядым ягъэкӀуат артиллерист зауэлӀыр.

– Арыншами, дыгуващ, афӀэкӀ адэкӀэ зытӀэжьэж хъунукъым, – Чорэр къотэджри, «щӀэддзэ хъуну» жыхуиӀэу, уполномоченнэм дежкӀэ йоплъэкӀ, итӀанэ къэрэндащымкӀэ стэчаным тоуӀуэ, абы псы иту къыщӀэкӀащи и макъыр дэгущ. Чорэр джырафинэм йоуэ – ари дэгущ.

– Нартыхур дахэ-дахэу зэдмыгъэзахуэми, ди зэманым дыщывгъэсхьыт, – и щхьэр къимыӀэту къопсалъэ Къуэшрокъуэр, и блокнотым зыгуэрхэр иритхэурэ.

Къызэрыгубжьар фэуэ тету, Чорэр щысхэм къахоплъэ, и тэмакъым зригъэлъэщӀу мэпсчэуӀу, арщхьэкӀэ къикӀ щӀагъуэ щымыӀэу икӀащ и макъыр. Ауэ, сыт щыгъуи хуэдэу, тегушхуауэ къызэӀуех абы заседанэр.

– Дызытепсэлъыхьынур зы Ӏуэхугъуэщ: «Чопракъ Ипщэ» колхозым гъавэр къэралым етынымкӀэ зыхуигъэувыжауэ щыта къалэнхэр гъэзэщӀэным теухуауэ илэжьахэрщ, – и псалъэм жьы дэхупӀэ иретри, адэкӀэ пещэ. – Планыр зэримыгъэзэщӀам теухуауэ жытӀамэ, нэхъ захуэу къыщӀэкӀынт. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ колхозым планыр игъэзэщӀамэ, абы дыщӀытепсэлъыхьын щыӀэтэкъым. Далыр щӀэсщ. Къэпсэлъэну дакъикъэ пщыкӀутху еттыну фӀэзахуэщ. Нэхъыбэ хуейкъым. Унафэм и проектым ущыгъуазэ, Дал?

– Проектми справкэми сыкъеджащ, – Къасбот зытешыныхьыр зыт: къэтэмакъкӀэщӀу псори зэхигъэзэрыхьынкӀэ хъунут, итӀанэ тыншу къыптегуплӀэхэу ухаутэу щӀым щыщ уащӀыжынкӀэ зыхуэӀуа щыӀэтэкъым.

– Абы къыщыхьа ӀуэхугъуэхэмкӀэ уарэзы-тӀэ?

– Сыарэзыщ. Ауэ а Ӏуэхугъуэхэр уафэм къехуэхакъым. Абыхэм лъабжьэ, щхьэусыгъуэ яӀэщ. Мис абы теухуауэ справкэм зыри иткъым. Бжыгъэхэм я щӀыбагъ зы цӀыхуи къыдэмыт, зы Ӏуэхугъуи щемыкӀуэкӀ хуэдэщ. А бжыгъэхэр къэзыгъэщӀыр, зезыгъакӀуэр хэт? – иужьрей псалъэхэр зыхуэгъэзар езы Чорэрат, арат Далым и колхозым уполномоченнэу щыӀар. – Унафэм и проектым итщ: «Нартыхур самэу зэтракӀутэри зэтрагъэфыхьащ». Ар къызыхэкӀар сыту пӀэрэ? Къэгъэлъэгъуэн хуейкъэ ар?

– Къэзгъэлъагъуэмэ, лӀо? Уэращ псомкӀи къуаншэр! – Чорэм зыхуэубыдыжыркъым. – Нартыхур цӀынэу гъавэ ӀыхыпӀэм пша? Пшащ! Ар зэрашэ выгухэм къащӀэжа шэ лъэужьыр хужьу гъуэгум къытенащ. Нартыху цӀынэр хэт пӀихынт? ЩыӀамыхым,

уи цIыхухэм нартыху выгуищэхэр –къытызогъэзэжри жызоIэ: выгуищэхэр! – уасэ зимыIэ гъавэ лъыпсейр самэхэурэ зэтра-кIутэри къежьэжащ. Куэд мыщIэу абыхэм Iугъуэр къахихыу хуежьащ. Абы узэреджэнур сыт? – Шы жэр бэлыхь тес хуэдэт Чорэр, и тэмакъ икIари къиутIыпщыжащи, жиIэ псори зи фIэщ хъуж прокурорым ещхьу, залыр къегъэпсалъэ. – Абы цIэуэ иIэр зыщ: вредительствэщ!.. Зы колхоз псом илъэс псом гъавэу къилэжьар псыхэкIуадэ хъуащ. «Вредительствэ!» Аращ абы узэреджэнур.

Къуэшрокъуэм япэщIыкIэ шэч къытрихьат: «ИримыгъэлеиIуэу пIэрэ Чорэм, темыгуплIэIуэу пIэрэ ар Далым?» – жиIэу. Ауэ иджы Iуэхур нэгъуэщIу къыщIедзыж. Нартыху центнер мин бжыгъэхэр Iисраф зэтепщIэн жыхуэпIэр!.. Зи щIым апхуэдэу гъавэ бэв къытраха колхозым и илъэс лэжьыгъэр бгъэкIуэдыныр!..

Далым зыхуэмыубыдыж хъуурэ хуежьат. И фэр шэхум хуэдэу пыкIат, и Iэ узыншэр апхуэдизкIэ хьэлъэ хъуати, Iэпыхурт, Iэ пахам и пыхыпIэри къэузащ. И тэмакъым зыгуэр тенащи игъэбэуэжыркъым. Сытми, къарууэ иIэр зэхуехьэсри къопсалъэ:

– Зыгуэрым цIэ фIэщынракъым Iуэхур. Ар зыфIэпщыр, щIыфIэпщыр пщIэн хуейщ. Нэхъыщхьэр а зи гугъу пщIа насыпыншагъэр къыщIэхъуар, абыкIэ къуаншэр зэхэгъэкIыныр...

Зэхихар апхуэдизкIэ гущIыхьэ къыщыхъуати, ар къызыхэкIам и щхьэусыгъуэм теухуауэ зыми едэIуэну гукъыдэж иIэтэкъым Къуэшрокъуэм. Апхуэдэм щхьэусыгъуэ ухуэлъыхъуэ хъурэ? Апхуэдэу зыщIа председателыр зыгъэзэхуэн дунейм теткъым. Районым уполномоченнэу сыкъагъэкIуауэ «Чопракъ Ипщэ» колхозым сымыплъэу дауэ схузэфIэкIат? – зэгуоп Дотий.

– А псомкIи арэфу къуаншэр ди пащхьэ исщ. Мес ар. СтIол кIапэм щысщ!

– Дэтхэнэ стIол кIапэрауэ пIэрэ зэплъын хуейр?– зиIыгъыну сыт хуэдизкIэ хэта пэтми, зыхуэубыдыркъым Далым. Уеблэмэ езы дыдэм къыхуэцIыхужыркъым и макъыр. – Къуаншэр къыщылъыхъуэн хуей стIол кIапэр умыщIэмэ, а уэ уздэщытым дежщ, – Iэ закъуэ пытыжымкIэ стIолым тоуэ Далыр.– Къуаншэу шэр зытехуэн хуейр уэращ, ныбжьэгъу Чорэ!

– Уи узыр нэгъуэщIым кIэрумыщIэлъыт... – ар кIиинут, гуоунут, и Iэ-и лъэр ищIынут, ауэ пцIы щхьэ упсын хуей, «райначым» зызэтриIыгъэжыфащ: дыджу къыпыгуфIыкIри абыкIэ зэфIигъэкIащ. Уполномоченнэм щхьэ иригъэлъагъун хуейт ар къызэрыгубжьыфри, къыпэпсэлъэжхэр зэригъэтIысыж щIыкIэри? – АдэкIэ а Iуэхум дыщIытепсэлъыхьын щымыIэу къызолъытэ. Псори гуры Iуэгъуэщ. Иджы зи гугъу тщIын хуейр нэ-

гъуэщIмэ, а псом иужькIэ Далыр партым хэбгъэт хъуну? АдэкIэ Iуэхур прокурорым и пщэ дохуэ.

– Дакъикъэ пщыкIутху къызэптауэ щытатэкъэ? Ар къэзгъэсэбэпакъым сэ иджыри. Мыбдеж щIэсхэми сыволъэIу...

– И псалъэр евгъэух, – къопсалъэ Дотий.

Адрейхэми полковникым и псалъэхэр даIыгъ.

– Ирепсалъэ! – здэщысым къокIий Апчари.

Уэрышри къотэдж.

– Iуэхур Iуэху джэгукъым. Коммунистым, фронтовикым и цIэ лъапIэм апхуэдэу уриджэгу хъунукъым!

«Коммунист, фронтовик» псалъэхэм Къасбот къаруущIэ гуэр къыхалъхьэ. У коммунисту, уфронтовикыу апхуэдэу тыншу зыпт хъунукъым, напэншагъэм ублэкIыну емыкIущ. Абы зызэтреубыдэж, и макъри цIыху макъым ещхь мэхъуж. Езыри цIыху сурэтым къохьэж.

– КIыхь зысщIынкъым. Самэу зэтефыхьыжауэ жыхуэпIэ а нартыху центнер мин бжыгъэхэр япэщIыкIэ ди хьэмхэм телъащ, чийлъэрыкIуэхэм текъухьауэ дгъэгъуу. Кондицэм нэдгъэсу арат. Сэ гъавэ IыхыпIэм сыкIуащ – нэхъ пасэу машинэкIэ сагурыIуэну...

– Уэ уздэкIуамрэ ущIэкIуамрэ тфIэгъэщIэгъуэнкъым дэ – Iуэхум тепсэлъыхь! – Чорэм стIолым зытреубгъуэ, и нэ къикIа плъыжьышхуитIыр Къасбот треубыдэ.

– Сэ сфIэгъэщIэгъуэнщ. ЖыIэ, Дал! – Iуэхур зыIутыр къыгурыIуэу хуежьауэ къопсалъэ Дотий.

– Сэ абы сыкъэтыху илъэс псом къетхьэлIа нартыхум и унафэр си пIэкIэ Чорэм ищIащ. Аращ бригадирхэмрэ агроном нэхъыщхьэмрэ унафэ яхуэзыщIар нартыхур икIэщIыпIэкIэ гъавэ IыхыпIэм яшэн хуейуэ. Сыту жыпIэмэ планыр игъэзэщIэным хуэпIащIэрт. КъемыдаIуэу зыкъыпэщIэзысахэр игъэтIысыну жиIэри игъэшынащ. Лот ебгъэщIэнухэр? Колхозым шыгурэ выгуу иIэр йожэри яшэ нартыхур. Гъавэ IыхыпIэм, дауи, нартыху цIынэр яIихын ядакъым. Модрейхэм нартыхур самэу иракIутри ежьэжащ. ЕтIуанэ махуэм сыкъосыжри къэхъуар къызжаIэ. ЗэщIызокъуэри цIыхур гъавэ IыхыпIэм согъакIуэ – нартыхур зэхадзыну, зэбгратхъуу ягъэгъущыну, ямыгъэфыну. Ауэ гувакIэт. Нартыху цIынэ-псыфыр къэплъри зэрыхъун хъуакIэт. Центнер щищ хуэдиз къэтшэжын хуей хъуащ... А тхьэмыщкIагъэ къытщыщIа псомкIи къуаншэр уэращ, ныбжьэгъу Чорэ! Аращ сэ жысIэнур!

– Iуэхур иджы нэхъ гурыIэгъуэ хъуащ, – жеIэри КъуэшрокъуэриHэгъуэщIынэкIэ йоплъ Далым.

– СэркIэ зыри гурыIуэгъуэкъым! – сыт хуэдизкIэ елIалIэми, зыхуэмыубыдыжу хьэзабыр телъщ Чорэм, есэ сэгъейщ, жи, хъуанэ-цIанэу, кIий-гуоууэ зэрыригъэкIуэкI хабзэм хуэдэу къы-

зэкIуэкIынкIэ хъунущи, и псэр дзапэкIэ иIыгъщ. – СэркIэ гуры-Iуэгъуэкъым, Дал, нартыхур цIынэмэ, щхьэ къыдебгъэчат? Къыдебгъэчамэ, къэрал гъавэ IыхыпIэм иумыгъашэу хьэмхэм тепкIутауэ щIытебгъэлъыр лIот? Къафщтэ, хэт сыт хуэдиз хуейми, зэбгрыфх, зэбгрыфш, зэфлъэфалIэ, жыпIэу арат?..

– ДыгъуэлI-дыгъуэшхкъым сэ къыздэлажьэхэр! – къогубжь Далыр.

Къуэшрокъуэ Дотий Чорэм бгъэдэтIысхьауэ справкэм гупсэхуу йоджэж, бжыгъэ гуэрхэр щIетхъэ.

Псалъэм емыдаIуэу, Чорэм адэкIэ пещэ:

– ДыгъуакIуэхэм зэран яхуэмыхъун папщIэ председателыр шым мэшэсри, бгъуэтмэ – къащтэ. Мыдрейхэр зыхуеиххэр арат – нартыхур бжьэ матэкIэ зэбграхыну. Напэ зимыIэм дзажэпкъ иIэщ, жыхуаIэракъэ ар? ДыкъигъэпцIэну, дигъэщхьэрыуэну: «Центнер щищ хуэдиз къэтшэжын хуей хъуащ», жи. Дэнэ а центнер щищыр здэпшар? Дэнэ щыIэ ар езыр? – Чорэр псалъэр-тэкъым – гурымт. – Иджыри къытызогъэзэж: зэманыр пщIэншэу догъэкIуэд. ДыгъуакIуэхэм гъуэгу езытхэр жэуап ткIийм ешэ-лIэн хуейщ: Далыр партым хэдзын хуейуэ къызолъытэ.

Бадзэ лъэтамэ зэхэпхыну, залыр щым хъуащ. Чорэр хьэлъэу папщэрт. Заседанэм щIэсхэм хъункIи-мыхъункIи загъэхъейртэ-къым – Къуэшрокъуэ Дотий жиIэнум пэплъэхэрт. Псори щыму зэрыщысри хуэхьтэкъым Чорэм.

– Дауэ уеплърэ, ныбжьэгъу полковой комиссар? Хэддзрэ? – Iущащэ щIыкIэу Дотий зыхуегъазэ аргуэру зи тэмакъыр икIа «райначым».

Чорэр зыщIэупщIэм и жэуапыр къилъыхъуэ нэхъей, Дотий блокнот Iувым и напэхэр къызэрегъэдзэкI, и щхьэр къеIэтри Далым дежкIэ маплъэ.

– Уи Iэр щыпиудар дэнэ деж?

– Сталинград дежщ, – Далыр бауэкIэщIщ. – Гранатыр къыс-IэщIэуэри пихащ.

– Дэ псори дыфронтовикщ, зауэм и дамыгъэ ттелъщ! Фронтым къыщытхьа лIыгъэр гъэпщкIупIэ тхуэхъунукъым!

Дунейр къытеуфэракIэу, щIы зытетыр кIэщIэкIуэту къы-щохъу Чорэм. – Далыр партым хэддзыну арэзым фи Iэр фIэт!

Къуэшрокъуэм зы псалъэ закъуи жиIэну хунэмыс щIыкIэ, къаруууэ иIэр ирихьэлIэри, Къасбот щыгъ кIагуэ дытар Iэ лъэ-ныкъуэ пытыжымкIэ зыщиудащ. Абы и бгъэм къыхэцIуукI орденхэмрэ медалхэмрэ псоми я нэхэм къыщIэлыдащ. КIагуэ-бгъэм къилъеикIа метхэр пхъэбгъу лъэгум щызэбгрыжащ.

– Партым сыхэбдзынкъым уэ, Чорэ! – Далыр кIийрт, жьыр къыпиубыдырт. – Щыгугъ уэ си парт билетыр уэстыну? Зэ-хэпха? Уэстынукъым! Сэ парт взносхэр зэрысту щытар ахъшэутэкъым – лъыкIэт. Апхуэдэу зэрыстам и дамыгъэхэр

мис, – Далыр и бгъэм хэлъ наградэхэм тоуIуэж. – Сэ къысхуэбгъэфэща хьэбыршыбырагъыу хъуар зыкIэрылъыр уэращ. Сыту жыпIэмэ нартыхур зыгъэфар уэращ. Зы цIыхум зы нартыху кIэчан трихакъым хьэмым. КъыбгурыIуа – зы кIэчан! Абык Iэ сэ тхьэ пхуэсIуэнщ. Жылэншэу дыкъанэми, колхозхэтхэм трудоденкIэ зы хьэдзэ ядмытми, ди гъавэр къэралым и гуэным идокIутэ дэ. А уэ узэригугъэм хуэдэу, зэбгрытлъэфыжыркъым. Дыхьэжьвакъэжьышхкъым дэ. Планри тхуэгъэзэщIэну щытащ – уэр мыхъуамэ. АрщхьэкIэ уэр нэхъ лIыфI хэмыту къытхущIагъуащ абы! Зыгуэрхэм я планыр хуагъэмэщIащ. Дэ къытхухагъэхъуащ. Си Iэ лъэныкъуэ къысхуэнэжар дэнэ къэна, си щхьэр хэслъхьауэ щытми, пхуэфащэм ухуэзгъэзэнщ сэ уэ. СыкIуэнщ, сыпщынщ Москва, ауэ уэ пхуэфащэр къыплъызгъэсынщ! – «Чопракъ Ипщэ» колхозым и председателым и макъыр къэзджызджащ, зэщыджэ макъым, гыз макъым ещхьу зыгуэр къыжьэдэIукIащ абы. – Фэ Iэ фIэту фызэхэс мыбдеж!.. – ар къыщIегъуж, нэгъуэщI хужыIэжыну къыщIэкIынтэкъыми, зречри бжэмкIэ хуеунэтI.

– КъэувыIэ зэ, Дал! – ину кIэлъыкIиящ абы полковникыр. – УщIэкIыжыну хуит уащIакIэкъым уэ иджыри. Чорэр хуэфащэм хуэбгъэзэну жыпIэу укъилъащ – укъипкIащ. Иджы зауэ IэнатIэр хыфIэбдзэу ущIэпхъуэжауэ уздэжэр дэнэ?! Сталинград щызэуахэм апхуэдэу ящI хабзэ? Адрейхэм жаIэнум щхьэ уемыдаIуэрэ, хуэмыху?.. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, сэ уи лIыгъэми уи цIыхугъэми шэч къытесхьэркъым, Дал!

– ЩIырырепхъуэ! Зыхуей дыдэм ирырежэ! Зауэм лIыгъэ щызэрихьамэ, Iуэхушхуэ хъуай, абыкIэ ди нэр къыщипхъуэн и гугъэу, уафэм сабэ дрепхъей! – Чорэм иджыри зыгуэр жиIэну пылъат, ауэ, уи жьэр зэщIэпкъуэмэ зэрынэхъыфIыр къыгуро-Iуэри, печ.

– Сэри сащыщщ Сталинград щызэуахэм. КъызэрыщIэкIым-кIэ, гитлеровцхэр зэрывыхьа шыуанышхуэм зы мафIэ щIэтщIэу щытай уэрэ сэрэ, – иджы гуапэу, хуабэу псалъэрт Дотий. – Ауэ жыхьэнмэ шыуанхэр пхъэкIэу къыщIэкIынущ къызэрагъавэр, дэ ди шыуаныр зытет мафIэм щIэтлъхьэу щытар пхъэтэкъым – бомбэт, лагъымт, топышэт...

– ЦIыхупсэхэри... – бжэм деж щыт Далыр нэщхъейуэ къопсалъэ.

– Узахуэщ: цIыхупсэхэри. Ауэ а ди псэ дыдэхэми дыщысхьыжу щытакъым дэ, – Далым бгъэдокIуатэ Дотий, и наградэхэр зэпеплъыхь – орденищрэ медалищрэ хэлъщ. – «За отвагу» – ара уи япэ лIыхъужьыгъэ наградэр?

– ИкIи япэщи икIи сфIэнэхъ лъапIэ дыдэщ ар.

– Сыт щхьэкIэ?

– А медалыр къыщызатам ди Хэкур наградэхэмкIэ апхуэдэу жумарту щытакъым. Абы щыгъуэ фоч пцIанэм фIэкI IэщIэмы-лъу сэлэтыр ебгъэрыкIуэфырт бийм и танкым, и броне-транспортерым... «За отвагу» медалыр къызатынкIи щIэхъуар мыращ. Унэ къутам и подвалым топхэр щIалъэфэну, бийр къы-дэбгъэрыкIуэным абдеж дыщыпэплъэну унафэ сощI. Сэ зэрыхуэзгъэфащэмкIэ, Абганеровэ станцыр зэрыфIэкIуэдыжар фашистхэм ягу техуэн хуейтэкъым. Абыхэм зыкърачыжу аргуэру зыкъыдапщытыжын хуейт. Сыту жыпIэмэ а къэдубы-дыжа щIыпIэм гитлеровцхэм я авиабомбэхэр, топышэхэр къы-зыщIэна складыр къэнат. Абы къызэрытрагъэзэжынур гурыIуэ-гъуэт. Сыщымыуауи къыщIэкIащ. Фашистхэм танкхэр къыда-утIыпщащ. Си батареер абыхэм топитIкIэ яхэуэу хуежьащ. Танкищ якъутащ. Подвал дызыщIэсым тет унэм и блынхэр къыттеуэри дыщIихъумащ. Зэхэуэр увыIа нэужьщ си сэлэтхэмрэ сэрэ абы дыкъыщыщIалъэфыжар.

– Генераловскэ станицэм ущызэуа?

– И кIапэм дыкъытехьэ щIыкIэу, абы и сэмэгурабгъумкIэ дыкъекIуэкIащ.

– Си ныбжьэгъушхуэ! Абдеж дыщызэхуэзэнкIэ хъуну щытащ дэ. Абдежщ здэщыIар ди дивизэм и штабыр! Абганеровэ Iэщэ куэд зыщIэлъ склад дыдейхэм къыщагъуэтари пэжщ. Езы станц дыдэм ущыIа?

– Ахьай сыщыIа! Псоми траIуантIэрт абыкIэ, – Къасбот и пащIэкIэ къыщIогуфIыкIри, мет зэрымытыж и кIагуэбгъэр IэкIэ зэтреубыдэ. – Подвал гуэр къыщагъуэтат абы, зыхэбгъэпскIыхь хъуну шагъырыр щIэту.

– Ари пэжщ! БошкIищэ Iэджэхэр зэтракъутэри абыхэм къижа шагъырыр щIыунэм щIэтащ. Шагъыр дэгъуэт!

– Сэ шагъыр сфIэфIкъым. Ауэ а махуэр щIыIэ бзаджэти, зыкъыщIэзгъэплъэжын щхьэкIэ крушкIитI сефауэ щытащ.

– НтIэ, сэ строим зэрызгъэзэжам и гуфIэгъуэр а шагъырым-кIэ «стхьэщIауэ» щытащ. Си Iэщхьэр си ерыскъыуэ.

Чорэр нэхъ зыщышына дыдэр къэхъуащ. Сталинград деж щызэуаитIым я нэгу щ IэкIахэр къаI уэтэж, я жьэр Iурыхуауэ цIыхури а тIум жаIэм йодаIуэ. Районым и уполномоченнэр Дал угъурсызым и ныбжьэгъужьым хуэдэу, йоуэршэрылIэри щытщ. Дунейр къутай – зи псэр зы чысэм илъхэр зэхуэзэжамэ!

– Ныбжьэгъу Чорэ, – Къуэшрокъуэм, и псалъэм лъэ Iу тIэ-кIуи щIэту, зыхуегъазэ заседанэр езыгъэкIуэкI председателым, – партым дауэ хэбдзын Сталинград деж апхуэдэу лIыхъужьу щызэуа сэлэтыр? ДыкъигъэщIэхъун сфIэщIыркъым абы иджы-ри. Зэригъэзэхуэжынщ и ныкъусаныгъэхэр. АтIэми, уэри ухэп-щэфIыхьри зэхэбгъэзэрыхьат абы и Iуэхур: зауэ хабзэ игъэувар

фIызэтепкъутащ.

Чорэр зэIынауэ щытт, къэрэндащымкIэ зыгуэрхэр иритхъэкъритхъэу.

– ИтIанэ ДонкIэ фогъазэ, – Къуэшрокъуэр дихьэхыпат зауэм теухуа гукъэкIыжхэм.

– Дгъэзащ. Ауэ, адэ жыжьэу къэткIухьурэ. КотельниковэкIэ дыкъекIуэкIащ.

– Дэ гитлеровскэ дзэ зэтеудахэр хьэжыгъэм хуэдгъакIуэу абдеж дыкъэнат.

ИщIэнур имыщIэу, стэчаным хуэм цIыкIуурэ Iэбжьанэк Iэ тоуIуэри щытщ Чорэр.

– Дауэ феплърэ, ныбжьэгъухэ? – щысхэм яхоплъэ Дотий. Iуэхур зэригъэзэхуэжыну пIалъэ еттын Сталинград зауэлIым?

– Еттынщ!

– Щхьэ едмыту!

Псоми зэдэарэзыуэ даIыгъ Къуэшрокъуэм и псалъэр.

## 3. ЖЬЭУБЫДЫПЩIЭ

ИкIэм икIэжым къеуащ темыпыIэжу Къуэшрокъуэр апхуэдизрэ зэжьа телефоныр, къэпсалъэр шы заводым и бухгалтерырат. ГуфIэщати, лIыжьым жиIэр дахэ-дахэу къыбгурыIуэртэкъым. Телефонри, а лIыжьым къызэрыкIэрыхушхуэ щымыIэу, тIорысэ дыдэти, макъыр зэхэщIыкIыгъуэу къихьэсыртэкъым. Ауэ нэхъыщхьэр къыгурыIуащ Къуэшрокъуэм – Айтэчрэ Нартшурэ къэсыжащ, шыбз лъхуэн-пIэн защIэу тIощIрэ пщIырэ къахуащ. Дотий нартыхури дыгъуасэрей заседанэри щыгъупщэжащ.

– Сэ сымыкIуэжу хъуркъым. Уэ умыбэлэрыгъ. Сэри куэдрэ зызмыIэжьэу къэзгъэзэжынщ. Шыхэм сахоплъэри сыкъокIуэж, – Дотий зигъэхьэзырыжурэ Чорэм жриIэрт. Пщэдджыжьыр сыхьэтитхум къэтэджри Чорэми къуажэ-къуажэхэр къызэхижыхьат, колхоз председатель къэс щхьэхуэ-щхьэхуэу я пащIэр яхуиIуэнтIакIэт: унэ хадэхэм кърахa нартыхум щыщу ятын хуейм и планыр якIэщIиукIат.

– Къэса шыхэр? Сынохъуэхъу! Шы заводыр лажьэу убж хъунущ-тIэ! – гуфIафэ зытригъэуэну хэт щхьэк Iэ, Чорэм и нитIым гуфIэгъуэ лъэпкъ щIэплъагъуэртэкъым, уеблэмэ псэ яхэт хуэдэтэкъым абыхэм. Хамэшхэм л Iот абы и Iуэхуу хэлъыр! Езым и Iуэхур и щхьэм къос. Ар зыхуейр зыт: нартыхумкIэ планыр гъэзэщIэн.

– Адыгэш лъэпкъыу пщыкIутху! Дауэ къыпщыхъурэ ар? Къэзакъхэм адыгэшхэр яхъумащ! Ахэр фронтым дызэрыдэкIауэ щытахэращ. Хэт и гугъэнт ахэр хэмыкIуэдауэ? КъызэрыщIэкIымкIэ, псори хэкIуэдатэкъым.

– Бгырысхэм ещхьу, къэзакъхэми я псэр шым хэлъщ.

Къэшрокъуэр пIащIэрт.

– ДызэгурыIуа? Пщэдеймыщ кIэ уи машинэр нэгъакIуи сыкъегъэшэж, армыхъу си «шыщхьэхъумэм» и лъакъуэхэр хузэблэмыхыжу зэщIэнауэ къэсыжагъэнщ. Километр щитху шууэ къэпкIун жыхуэпIэр мыбдеж щылъкъым. Шууей я нэхъыфI дыдэми хузэфIэкIын къудейщ апхуэдэ гъуэгуанэр, мор сабийщ.

– ГурыIуэгъуэщ! – жеIэ Чорэм. Абы и мурадтэкъым шы заводым и директорым дэкIуэтэжыххэну. Арыншами, ирикъунт ар абы зэрелIэлIар; мис аргуэру и машинэмкIэ ирегъэшэж, ит Iани гъакIуи къегъэшэж. – ЗэхъуэкIынығъэ гуэр къэхъумэ, хъыбар сыгъащIэ. Къэпсалъэ телефонкIэ.

Чорэм деж къыздыщIэкIыжым Къуэшрокъуэр IуощIэ пэIущIэм деж щIэс КIурацэ. Абы щIыгъут район газетым и лэжьакIуэ КIуантIэ Зураби. ГъэщIэрэщIауэ Уэрышхэ я хьэгъуэлIыгъуэм хэта КIурацэр щыIэжтэкъым, и бгъэр тIэтауэ кIагуэ дыта щыгът, абы и щIагъым китель щIэлъыжт, цыIэлъэщI телът, фэ зытебза упщIэ лъей зэфIэт лъыгът. И лIым и кителу щытар щIагъуэрэ зыщихыртэкъым КIурацэ – абы къызэригъэхуабэм и щхьэгъусэр зэпымыууэ игу къигъэкIыжырт. Дотий зэрилъэгъуар и гуапэ дыдэ хъури, къыпыгуфIыкIащ цIыхубзыр.

– Уишхэр къэсауэ жаIэу зэхэсхащ. Сынохъуэхъу!— абы и нэхэр зэрынэщхъейт. – Лъабжьэжьрэ хабзэжьрэ ихъумэу къогъуэгурыкIуэ уи шы заводыр. Ар псоми ящIэ…

– Пэжщ, куэд щIащ ди заводыр. ЛIэщIыгъуэ кIуам щыгъуэ къызэIуахащ. Сытым хуэдэ шы жэррэ шыбз лъэпкъыфIрэ къыщагъэхъуу щыта абы?! Ахэр дигу къэдгъэкIыжурэ абыкIэ дигу дгъэфIу аращ…. ЛIо, сытым укъихьат уэри?

КIурацэ зеплъыхь – къэзылъагъурэ зэхэзыхрэ щымыIэу пIэрэ? КъызэреупщIари блегъэIукIри, езыр щIоупщIэ:

– ТIэкIу узгъэкIуэтэж хъун?

– Ахьай хъун! – Дотий къыгуроIуэ: КIурацэ и закъуэу зыкъыхуигъазэу зыгуэр къыжриIэн и гугъэщ. ЦIыхубзыр япэ ирегъэщ, башыр зыщIигъакъуэурэ езыр абы и ужь йоувэж.

– ТIэкIуи и мычэзууэ зыкърозгъэхьэлIагъэнкIэ мэхъу. Уэ уожьэж, псалъэмакъ кIыхькIэ узгъэгувэнуи сыхуейкъым, – къыщIедзэ КIурацэ. – ЕмыкIу сыкъыумыщI, ауэ а IуэхумкIэ уэр фIэкI нэгъуэщIым сепсэлъэфынукъыми… А заседанэм щызэхэпха псор пэжкъым. Пэж псоми щыгъуазэ зыхуэпщIыну уэри ухунэсакъым.

– КIурацэ, жыпIэу хъуам седэIуэну сыхьэзырщ. ЗикI си зэманми сэри укъытщымысхь. Нартыхура аргуэру?

– Хьэуэ. Нартыхуракъым. Дэри дыделэкъым – къыдгуроIуэ: пщIантIэ-пщIантIэкIэрэ зэхуэтхьэсын хуей хъунущ ар. Iуэхур аракъым иджыпсту. Ди сатуущIхэм тхъу къаIэрыхьащ,

сымаджэщхэм, уIэгъэщхэм, сабий зеиншэхэм я унэхэм папщIэ. Иджы Чорэм жиIэр пщIэрэ? А тхъур базэм къыщыщэхужауэ колхозхэм ятелъ планым пэкIуэу къэралым етыжын хуейщ, жи.

– Ар сыт щхьэкIэ? – щIоупщ Iэ Дотий.

– Зи щхьэкIэр пщIэркъэ? Планыр игъэззэщIэн папщIэ. Дауэ къыпщыхъурэ, тхъу хьэзырыр шэм хуагъэкIуэжу, шэр гъавэу зэрахъуэкIыу... Абы я бзаджагъэхэр плъагъуркъэ?..

– Апхуэдэу пщIы хъурэ, зиунагъуэрэ?

– Чорэм ищIэу мыхъу щыIэ? Апхуэдэ гъэпцIагъэхэм папщIэ тхъу зыщахуэр Чорэм и закъуэкъым. Абы и ныбжьэгъухэми а Iуэхум я Iупэр Iуиудыркъым. ЗыщIыпIэкIэ сыхагъэпкIэну арагъэнщ сэри нобэ сыкъыщIраджар. «Планыр» жаIэнурэ иджыпсту си къурмакъеищIэм зыкъыщIадзэнущ... Езыми жиIащи, щыхьэтыншэ щIакIуэ кIапэ дызэдытеувэнущ. Аращ абы и хьэлыр: мыхъумыщIагъэ щилэжьынум деж, щыхьэти лъэужьи хуейкъым. УщIеубыдэри уреубыдылIэ. ИужькIэ зыщIыпIэ укIуэу ущытхьэусыхэнущи – тхьэр умыгъэпцIамэ, щыхьэт къэгъуэт. Хьэжыгъэ лъэпкъ къыкIэрымыпщIауэ модрейр щхьэлым къыщIокIыж. Щхьэлыр зейр хэт?..

Уполномоченнэутэкъым мыбы къызэрыкIуэн хуеяр – следователут, йогупсыс Дотий. Ауэ, жеIэ абы игукIэ, уи къамэр къыщипхакIэ, бгъэдалъэ къудейкIэ зэфIэбгъэкIыу пщIэншэу иумылъхьэж. Къызыхуипхам улъэмыIэсмэ, уи псэм епхъуэж... Деплъынкъэ...

– Щхьэлыр абы ей щхьэкIэ, щхьэл мывэр зыгъэкIэрахъуэр псыращ. Псыр дэбгъэуэхмэ – щхьэлыр увыIащ, – къыпыгуфIыкIыурэ и башыпэмкIэ зыгуэрхэр иретхъэ Дотий, псыр зэрыдэбгъэуэхыну жапIэр къигъэлъагъуэ нэхъей. – ИджыпстукIэ щхьэлыпсыр тхъуращ. Мыдэ зэ къэзгъэзэжмэ, сэ и ужь сихьэнкъэ а псыр зэрыдэдгъэуэхыну щIыкIэм? ЦIыхум я фэри тредгъэхынкъым икIи къедгъэгъэпцIэнкъым Чорэм. Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ, жи. КIуэ, дытеувэ абы и «щIакIуэ кIапэм». Нэхъ пэжыр жыпIэмэ, «щIакIуэ кIапэтэкъым», атIэ «шхыIэн кIапэт» абы узэреджэн хуейр. Iуэху щэхухэр нэхъ щалэжь хабзэр... шхыIэн щIагъырращ... Газетым и лэжьакIуэри къыщIри-джар сыту пIэрэ-тIэ?

– Ари арагъэнщ.

– Журналистым тонн бжыгъэкIэрэ тхъу къызэрищэхун ахъшэ дэнэ къыздребгъэхынур?

– Ей-ей, Дотий, мыбдеж уэ къыбгурымыIуэу зы хэлъщ. Абы IахынуIакъым – езым кърратынущ. КъыщIратынури сыт, жыIэт? И жьэр зэриубыдынум щхьэкIэ... ЖьэубыдыпщIэу...

– Уэ уогушыIэ, Дотий. Ар нэгъуэщIкIэщ зэрагъэфIынур. Зураб щIалэ хъарзынэт, ауэ тIэкIу къэрабгъэIуэщ.

– СыхулIэ апхуэдэ щIалэфI. Зауэм щыIэ журналистхэр нэхъ

и гуащIапIэ дыдэм хохьэ, мыр...

– Мы иджыпсту ныбжесIа псоми щыгъуазэщ КIуантIэри. Ари, сэ схуэдэу, арэзыкъым а псомкIи. ТIысри итхащ Iуэхум зэреплъыр. Ар Чорэм къыщIэри къриджащ: район газетым и редактор ухъуну ухуеймэ, уи мыIуэху зумыхуэу уи пIэм исыж, жриIэну. Модрейр, ерыщ екIуэрэ къыхутемыгъэхьэмэ, лIо, статьяр езы Чорэ дыдэм деж кърагъэхьыжынущ – Iуэхум хэплъэу зэхигъэкIыну. Ар абы зэрызэхигъэкIыну жыхуэпIэмрэ абы и ужькIэ Зураб и фэм фэлъыру дахынур зыхуэдизымрэ ущIэмыупщIэ... Тхьэм ещIэ, иджыпсту абы Чорэм жриIэнур. Мис ар сщIэркъым.

– Фэ фи зэхэтыкIэ жыхуэпIэр...– егъэщIагъуэ Дотий. – Колхоз председателым гъавэр тынымкIэ планыр игъэзэщIэн хуейщ. Ар содэ. Уэри абы уи Iуэхуу хэлъыр сыт-тIэ? Уэ гъавэхэкIрэ лыхэкIрэкъым къэблэжьыр – чырбышщ, кхъуэщынщ.

– Чорэм жиIэм семыдаIуэмэ, ди рабочэхэм я жэмхэр щIригъэщIэнурэ абыкIэ колхозыщIыр иригъэвэнущ. АбыкIи къигъэнэнукъым – рабочэхэм я Iыгъ щIым пригъэчынущ. Апхуэдэу хъумэ, си рабочэхэр зэбгрыжыжынущ. ИтIанэ дэнэ сэ рабочэ къыздисхынур? Заводыр къэувыIэнущ. Ар увыIэмэ... Чырбышымрэ кхъуэщынымрэ иджыпсту зищIысыр уэри уощIэ...

– КIурацэ, уи чэзур къэсащ! – бжэщхьэIум къытеувауэ къоджэ райисполкомым и председателым и секретарь хъыджэбз щIалэ цIыкIур. – КIуэ, уи Iуэху и ужь ит, – Дотий КIурацэ и Iэр еубыдыж. – Ауэ, къызжиIакъым жумыIэж, ущымышынэ а щхьэл мывэм. Зэрыбелджылыщи, ар къызыхахыр мывэращ, уэри узэрыщыгъуазэщи, мывэми уэшхымрэ хуабэмрэ и псэхэхщ. КъыбгурыIуа?

– КъызгурыIуащ.

– ЗыбгъэкIэрахъуэу а машинэм деж щхьэ ущыта? «ВиллисымкIэ» иджыри зэ къэбжыхьыну арат узыхуеяр, – гушыIэфэ зытригъэуауэ къыпогуфIыкI Чорэр. ЗигъэфэрыщIу арат, армыхъумэ и кIуэцIыр къеныкъуэкъурт абы. – Зэ плъэгъуар етIуанэу плъагъуужыну ущымыгугъ. УпыкIащ абы.

– Ар сигу къэкIыжмэ, си чырбыш гъэжьапIэ хьэкум сис нэхъей, мафIэр къысщIедзэри...

– КуэдыIуэрэ уожьэм. Хьэмэрэ, жьэнкIэ урикъуамэ, и чэзу мыхъуауэ пIэрэ, хьэкур мыгъэхьэулеяуэ, продукцэ хьэзырыр къитыну? Гъавэм ещхьыркъабзэу, иджыпсту кхъуэщынымрэ чырбышымрэ щIэупщIэ зэрикуэдыр уэри уолъагъури. Абыхэм псори хуэныкъуэщ. Псоми псэуалъэ ящI.

– Хьэкур упщIыIужыным сыпоплъэ.Абы и кIуэцIыр апхуэдизкIэ мафIэ гуащIэщи, щхьэл мывэ щIэгъэлъади, сэхум хуэдэу, исынщ, – КIурацэ игу къокIыж нетIэ Дотий къыжриIахэр.

– Сыт щхьэл мывэ узезыхьэр?

– Зи щхьэл мывэр пщIэркъэ? Гъавэр хьэжыгъэу зыхьэжырщ.

– Уэ сэ слъагъум угушыIэну гукъыдэж уи Iэщ. Къуэшрокъуэр армырауэ пIэрэ ар зи фIыгъэр? ЩхьэгъубжэмкIэ сыныдэплъри фыслъэгъуащ абырэ уэрэ фыуэршэру фызэрыщытар.

– Дэгъуэщ, дыкъэплъэгъуамэ. Узэрыщ Iыгъуам щхьэкIэ зыхущIегъуэж лIыхэм ящыщкъым Дотий. Уригъусэнуи уепсэлъэнуи гуапэщ. ПщIэрэ щхьэрэ иIэщ.

– Ауэ умыщIэу уи деж ебгъэблэгъэн хуеящ. Ари фызыншэщ, уэрщи...

– I ейуэ си гуапэу езгъэблэгъэнт, нысхуемыблагъэмэ, жызоIэри сошынэ армыхъу. ЦIыхубзым и псэм сытри дагъэхуэфынущ, ауэ къузэролъэIуар яхуумыщIэмэ...

– ЦIыхубз IуэхумкIэ уэ сумыгъэджэжыт иджы...

– АбыкIэ сэри щыхьэту сытеувэфынущ, – «виллисыр» игу къэк Iыжауэ мэдыхьэшх КIурацэ. – Абы и гугъу къыщыдгъэхъеякIэ, занщIэу бжызо Iэ: си хьэтыр къэлъагъу.

– Сытк Iэ? МащIэрэ сыбгъэпщылIа уэ абы щхьэкIэ? Иджыри узыхуейр сыт?

КIурацэ асыхьэту къызэхоуэ.

– Си гугъу къыумыщIу скIэрыкI! Аращ сызэролъэIур. КъыбгурыIуа? Ебгъэлеймэ, къыщеху, жи. Сэ сымывэкъым, псэ спытщ, сыцIыхубзщ...

– Дотий уи жагъуэ къищIащ. Уи хьэтыр къилъэгъуакъым. Абы и нэхэр зыхуигъэджэгур, дауи, уэракъым, Узэгуэмып абы щхьэкI э, – хьэжыфэ зытрегъауэ Чорэм. – Районым сэбэп узэрыхуэхъун щIыкIэм егупсыси нэхъыфIщ абы нэхърэ. Планыр дымыгъэзэщIэныр ажалым хуэдэщ.

– ПщI антIэ-пщIантI эхэр къэкI ухьауэ нартыху къыхэшын хуейуэ ара?

– Ар дауэ, бзауэ къыдолъытэ. Ауэ мащIэIуэщ ар. Кхъуэщын къыдэт, нартыхукIэ тхъуэжыну. КхъуэщынкIэ унагъуэхэм дызыхуейр къаIытхыфынущ.

– СхузэфIэкIынукъым, – пеупщI КIурацэ. – Сызэрыхуей сщIыну кхъуэщын зэрызимыIэр пщIэркъэ уэ? КъимыдэкIэ, кхъуэщын тхъукIэ дауэ сэ зэрысхъуэжынур? Хабзэ гуэр, жэуап-лыныгъэ гуэр щыI экъэ?

– Къебгъэзэгъ мэхъу ар! ПхъэкIэбжьэкIэкIэ схъуэжащ, жыпIэ хъуркъэ? Мыдрейуэ, ар зыхъуэжынур уэракъым. Потребкооперацэм и Iэщ гъавэхэкIхэр гъэхьэзырынымк Iэ заготовителхэр.

– Ар хабзэншагъэщ!

Чорэр къогубжь.

– Хабзэр уи псэм щыдзауэ упсэууэ жыпI энщ уэ езыр! Рабочэхэм я Iэщыр колхозыщIым зэрыщыбгъэхъуакIуэр хабзэм къезэгъыу пIэрэ? Уи рабочэхэм колхозыщIым щыщ унэ хадэхэр зэраIыгъыр хабзэм къезэгъыу пIэрэ? Хабзэ, хабзэ, жыпIэу уи хабзэ мышыур си нэм щхьэ къыщI эпIурэ? Оккупантхэм чыр-

быш епщэу зэрыщытар пщыгъупщэжа? Хьэмэрэ ари хабзэм...

– Ди тхьэ! А узыщIэупщIэу хъуам жэуап зэрестыжыфынур пщIэркъэ уэ? Лъабжьи купщIи зимыIэ псалъэ нэпцI къомыр къыубжэкIыу аращ. Ухэмыт абыхэм. Сэ си напэр къабзэщ, абы сытешыныхьыркъым. Ауэ уи напэм...

– Хъунщ, хъун иджы. Зэгуэр зы цIыхубз щхьэ закъуэ сегуэпэкIамэ, дунейр къутакъым. СылIэжыху сыбгъэпсэункъым иджы.

– «Уи гуапагъ» и гугъу сщIыркъым сэ.

– Сыту пIэрэ-тIэ?..

– Ди пщэм узэрытетырщ. Хъунщ иджы. Ди пщэм текIи дыгъэбауэ. Узыхуейр пщIэуэ узэрыпсэуар куэдщ. Иджыри бжызоIэ: скIэрыкIи псэупIэ къызэт, си рабочэхэм уак IэщIэмыпIаскIуэ апхуэдизрэ. Мы дунейм тетыну хуитщ ахэри, – КIурацэ и нэкIущхьит Iыр къызэщIэплъащ, и нэпсхэм къызэпажыхьащ. – Сэ езым си псэр сфIэIэфIыжккъым. Фызабэ гъащIэ дахэ щыIэкъым. СыщIэпсэужыр зыщ: си хъыджэбз цIыкIухэр факъырэу дунейм къытемынэн папщIэщ, – КIурацэ и жыпым йо Iэбэ, бэльтоку кърихыну, щимыгъуэтым, и щхьэм телъ IэлъэщIым и кIапэмкIэ и нэкIур IуепIэ.

– Мэ, ефэ, – джырафинэм ит псым щыщ кърыгъэхъуауэ, а зэрыщысым хуэдэу, стэканыр фызым хуеший.

КIурацэ и нэпсыр щIилъэщIыкIыжащ. Абы игу къэкIыжащ Дотий къызэригъэгугъауэ щытар, тIэкIуи псэ нэхъ къыхыхьэжащ. КIурацэ шэч къытрихьэркъым: Дотий, дауи, си лъэныкъуэ хъунщ, пэжыр зэхигъэкIынщ, Чорэр хуэфащэми хуигъэзэнщ. А псори мыхъуххэрэ, и Iит I зэтедзауэ щысынкъым – езы Къул дыдэм деж нигъэсынщ Iуэхур.

– Уэ къызэпта псы сефэну сигу хуэкIуэркъым! – а псалъэхэр Чорэм иреутIыпщри КIурацэ бжэм хуеунэтIыж.

– КъэувыIэ зэ! – зигъэпщтыру цIыхубзым кIэлъокIий Чорэр. Ауэ бжэр къррагулIыжакIэт. ЛIыр къотэджри щхьэгъубжэм бгъэдохьэ. КIурацэ, зэримыхабзэу, псынщIэ дыдэу и бидаркэм бгъэдохьэж, йот Iысхьэжри – макIуэ-мэлъей.

Абы кIэлъоплъри щытщ Чорэр. «Зэпыту укIуэ, и гугъу мы-щIауэ къэгъэнэн хуейщ адэ», – йогупсыс «райначыр». ИтIани, щIогъуэжри зыкъызрехъуэкIыж: «Иджыпсту и гугъу умыщIи иужькIэ уи щхьэм къыдэкIуеипэни. «Фызабэ гъащIэ!» – жи. Сэ фомрэ тхъумрэ сыхэсу сопсэу жыпIэнщ... А физ ерыщ бза-джэм сэ сызыхэт бэлыхьыр ищIэу пIэрэ? Ныбжьу си ужь иткъэ нэмыцэIуэр, зи Iэпэ хужьхэр зэкIэщIэзыгъэпIие гестаповцыр си нэгу зы дакъикъэ щIэкIрэ?» Чорэр къыхоскIыкI, а шынагъуэ-хэр зыщхьэщихужыну пылъщ... «ХьэлIамэ хуеятэкъэ КIурацэ? Уи кIэм сытекIынкъым. Армыхъу, пэж дыдэу, ди щхьэм

къыдэ-кIуеину хуежьэнщ. Тхьэр игъэпцIакъэ, а жэщ угъурсызым и гугъу жылэм яхуищIу къимыкIухьмэ! Ауэ узыгъуэр иIэурэ и Iыхьэ къыхилъхьэнщ гъавэр тынымкIэ районым къыпэщыт планыр гъэзэщIэным. Къыхремылъхьи ирыреплъ...» Апхуэдэу гупсысэурэ, Чорэм и тIысыпIэр зрегъэгъуэтыж, телефон труб-кэр къытрехри районым и щIыпIэ псоми псалъэу щIедзэ. Зыгъэ-зызэман игу къокIыж журналист КIуантIэм и Iуэхур. Кнопкэм трекъуузэри секретарыр къыщIешэ.

– Шэджагъуэнэужьым КIуантIэр къысхуеджэ.

– Къеджагъэххэу щысщ. Iэджэ щIауэ...

Хъыджэбзым бжэр зэIуегъэжри, «ущIыхьэ хъунущ» жыхуиIэу, корреспондент щысыкъуам хуещIи щхьэр. Чорэм псынщIэу къещтэ къэрэндащрэ блокнотрэ, зыгуэр итх хуэдэу зещI, зэман зэримыIэр къигъэлъэгъуэну пылъщ, ари фIэмащIэ мэхъури, телефон трубкэр къытрихыну мэIэбэ, абдеж езы телефоныр къоуэ. «ТIыс» жыхуиIэу, КIуантIэм хуещI Чорэм и щхьэр. Езым адэкIэ зегъазэ.

– Зэхызох, Дотий МатIэвич, зэхызох. Дауэ щыт уишхэр? Зэраныгъэ ямыIэу къэсахэ?

– Си шууейхэр ахъырзэманщ! ЛIыгъэ яIэу къыщIэкIащ. Шыбз тIощIрэ пщIырэ къахуащ. Зыш гъуэгум тIэкIу щIакъуэ щыхъуащи – ари Iуэхукъым. Дгъэхъужынщ. Нэхъыщхьэращи, ди шы заводым лажьэу щIидзащ. Армыхъу, дэ купщIэншэм дрещхьти, цIэр зетхьэ мыхъумэ, тпкърылъIатэкъым. КъыддэIэпыкъуар, – ар игъащIэкIэ сигу къэкIынт? – си комдиву щыта Антон Фёдерович Кубанцевырщ. Ари, сэ сэщхьу, уIэгъэщым иужькIэ шы заводым и директор хъуащ. Генералщ. Абы зы письмо къысхуитхащи... «Си гъащIэ псокIэ сыпыщIа хъуащ фи народым, абы и бынхэмрэ сэрэ лъы зэдэдгъэжащ...» Плъагъуркъэ абы къитххэр? КъэкIуэну жеIэ. «Кубанцевыр абы щымыIамэ, шыр щыгъэтауэ, шыкIэ налъэ дагъэлъагъуну хъунтэкъым», – жи Айтэч. Хагъэплъыхьурэ къыхрагъэщыпыкIащ. Уэрышым шы и пIалъэ ещIэ. Айтэч и хэкуэгъу гуэри абы къыщигъуэтыжри, ари къыдэIэпыкъуауэ жеIэ. КIэщIу жыпIэм, псомкIи ди насып къикIат.

– И хэкуэгъу, жыпIа? Дэнэ дыдэ щыщу пIэрэ?

– Тхьэм ещIэ. Зауэм цIыхур дунейм трикъухьащ. Хъарбыз зэгуэбгъэжмэ, умыщIэххэу, уи къуажэгъу къилъэтынкIэ мэхъу. – Дотий и псалъэр тIэкIу зэпегъэури нэгъуэщI макъкIэ къыщIе-гъуж. – Чорэ, нэхъыбэу сынышIэпсалъэр пщIэрэ?.. Щхьэтемычу КIурацэ зыгуэрхэр къысхуригъэкIуэкIащ... КъызгурыIуа-гъэшхуи щыIэкъым... Ар уи фIэщи щIыгъуафIэкъым. Къыз-жиIакъым жумыIэж – хъийм уимыкI, къызэдаIуи, уи шхуэ-мылакIэр тIэкIу гъэкIэщI. УщIегъуэжынкъым...

Жьыр къыщепщэр Чорэм занщIэу къищIащ, ауэ зыри

къыгурымыIуагъэфэ зытрегъауэри:

– Езгъэлейуэ зыри сщIэркъым, Дотий МатIэвич! Си щхьэ Iуэху сэ зи бэлыхь сиук Iыр? Къэрал Iуэхущ, псоми ди зэхуэдэ Iуэхущ.

– Рабочэхэм я унагъуэ хадэхэр къыпебгъэчыну ухэмылъадэ. Ар нэуфIыцIщхьэрыуэу пщIэ хъун Iуэхукъым. Быдэу ныбжызоIэ: узыхущIегъуэжын щыхупIэ ущхьэщылъэдэнщи... Сэ сынэмыкIуэжауэ зыми ухэмыхьэ, – Дотий иIыгъ трубкэм къиIукIырт Чорэм и папщэ макъыр. Псалъэр зэпыуамэ, езыми зыдиукIэну зэрыпIащIэр IупщIт.

– Мэкъумэш артелым и уставым сытекIыркъым сэ! – псым итхьэлэр къуэщIийм йопхъуэ, жыхуиIэу, уставырщ абы къыхуэнэжыр.

– НэгъуэщI зы устави щыIэщ. Ари зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. Зи гугъу сщIыр къыбгурыIуэу къыщIэкIынщ.

– Партым и уставри согъэзащIэ сэ...

– Народ узыдэлажьэр бий зыхуумыщI, Чорэ. Узытес къудамэр пыбупщIыжу аращ абы къикIыр...

## 4.ГЪУЭГУ МАХУЭ

Къуэшрокъуэ Дотий Чорэм къыщIепсалъэм зыгуэр къыхиубыдыкIащ КIуантIэ Зураби. Псори къыгурымыIуэпами, трубкэм къиIукI псалъэхэм, Чорэм и жэуапхэм къыхэпхыфынут а тIум зи гугъу ящIар. Чорэм къыщымышынэхэри щыIэщ, ауэ щыхъукIэ, ахэр къэгъуэтауэ езы КIуантIэр зыщыгъуазэ Iуэхугъуэхэри я пащхьэм илъхьэн хуейщ...

Дотий и псалъэхэр зигу иримыхьа Чорэм и щхьэр къыфIэхуащ, и жьэр зэщIимыхыу щыст ар. Уполномоченнэр Iэдэб дыдэу къепсэлъа пэтми. Чорэр и пIэм изэгъэжыртэкъым. «Ер зи унэм ихьэн КIурацэ! Уэ укъыщилъхум уи анэм щинэжыгъащэрэт...» ИкIэм икIэжым и щхьэр къеIэт абы. Шыгъу къэп и плIэм илъ фIэкI умыщIэну, зэфIэгъэшэпауэ щысщ КIуантIэр. И куэщIым телъ и Iэпхъуамбэ гъур кIыхьхэр мэп Iэжьажьэ, ар зэрыгузавэр фэуэ тетщ. КъыщIраджар ещIэ щIалэм.

– Уегупсыса? – «райначым» и пэ гъуанитIым Iугъуэр къре-гъэцыцыкI.

– Сегупсысащ, – темыгушхуащэурэ къопсалъэ Зураб.

– ДызэгурыIуа-тIэ!

– Сыт и лъэныкъуэкIэ? – кIыхьлIыхь зещI КIуантIэм. Арыншами, зи цIэр зэмызэгъыж Чорэм шакъалъэр къипхъуатэу къуиутIыпщынкIэ тIэу еплъынутэкъым.

– «Сыт и лъэныкъуэкIэ» жыхуэпIэр сыт? – къолъ ар. – Пщыгъупщэжа зи лъэныкъуэр? Зи мэм пэцыр иричу буцIырхъа уи тхыгъэжь цIыкIур хьэкум ибодзэри богъэсыж, дяпэкIэ апхуэдэ

делагъэ умыщIэнуи псалъэ къызыботри, район газетым и ре-дактору укъыщIедз. ЛIо, уигу ирихьыркъэ? Хьэуэ жыпIэрэ, пцIы зэфэзэщу зэхэлъ уи «романыр» газетым йогъэхь, ар, уэри зэрыпщIэщи, занщIэу традзэнукъым, ищхьэмкIэ драгъэ-хьеинущ, абыкIэ кърагъэхынурэ комиссэ къагъэкIуэнущ, комис-сэр зи лъэныкъуэ хъунури уэ къыбгурыIуэну и чэзу хъуа си гугъэщ. Абы иужькIэ, уэ сыкъыбоцIыхуж сэ, хьэ бжьыдзэу узэ-рыщIэсхуэнум, пцIы зэрыбупсам щхьэкIэ жэуапым узэрырез-гъэшэлIэнум шэч къытумыхьэ.

– Сыт хуэдэ жэуап?

– ПщIэркъэ зи жэуапыр? Уэ зыми и фIэщ пщIыфынукъым сэ базэм тхъу къыщезгъэщэхуауэ, ар колхозхэм езыхэм ямы-гъэхьэзырауэ езгъэта хуэдэу. ДжэдыкIэри аращ – абыкIи зыри къыпхуэгъэлъэгъуэнукъым...

Нэмыцэхэм яубыдынкIэ шынагъуэ зылъысауэ щыта къалэхэм къиIэпхъукIыу ди республикэм къэкIуа урыс тха-кIуэхэм ирагъэкIуэкIыгъа собранэм Зураб хуабжьу къыщы-щытхъуахэу щытат. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIа «Гъуэгу махуэ» повестыр иджыблагъэ республиканскэ газетым и номер зыбжанэм къытрадзат. Газет щапIэхэм цIыхур щызэрызехьэу яджат авторым и япэ повестыр.

Тхыгъэм гъащIэм къыхэха лъабжьэ иIэт. Зытеухуар колхоз-хэт зы цIыхубз гуэрт. Пэжщ, повестым хэт лIыхъужьхэм я цIэр зэрихъуэкIат Зураб. Ауэ тхыгъэм зи гугъу ищI цIыхухэр псоми къацIыхуат. Повестым цIэ хуэхъуар тхыгъэм хэт лIыхъужь нэ-хъыщхьэхэм ящыщ зым и псалъэхэм къыхихат Зураб. Нанусэ (ар КъантIасэу зэрыщытыр, дауи, Чорэм къищIащ): «Пэжыр къэзгъуэтыну сежьэнщ», – жеIэ. Модрейм цIыхубзыр ауан ещI: «Гъуэгу махуэ»...

Пэж лъыхъуэ ежьа фызабэр цIыху Iэджи ярохьэлIэ. Абы къыхуэзэ псори я хьэл-щэнкIэ зэхуэмыдэщ: хэт гу пцIанэщ, гу мыгъуэ иIэщи, зи щхьэгъусэр хэкIуэда фызабэм гущIэгъу къы-хуещI, хэти кхъуэгур кIуэцIылъщи, уэ пхуэдэр куэдщ нобэ, жы-хуиIэу фызым и тхьэмыщкIагъэр зыуи къридзэркъым. Ди жа-гъуэ зэрыхъущи, Нанусэ и тхьэмыщкIагъэр зыми къыдигъэ-псынщIэфыркъым – ар зыпэщIэува унафэщIыр лъэщыIуэу къыщIокI. Псом хуэмыдэу, повестым зы щIыпIэфI дыдэ иIэт. ШкIащIэ къалъхуагъащIэр псэхэлIэ мэхъу, жэмыр мэбу, мэ-гуIэри и быным щхьэщытщ, и бзэгу пхъашэмкIэ шкIэм йобзей, и нэпсыр и быным толъалъэ. А сценэр ещхьт повестым хэт цIыхубзым и пхъум и хьэдэр бомбэм кхъужьей жыгыщхьэм дридзеижауэ щилъэгъуам, анэ тхьэмыщкIэм и псэм щыщIа гузэвэгъуэшхуэм.

Повестым куэдым я гущIэр къызэщIиIэтат. Абы теухуауэ редакцэм письмо Iэджэ къыIэрыхьат. Газетым

еджахэм къа-гъэувт фызабэм лей кIэлъызезыхьа унафэщIхэр жэуапым ешэлIэн хуейуэ. Апхуэдэу къыщIагъэувым щхьэусыгъуэ иIэт: авторым жиIатэкъэ тхыгъэр гъащIэм къызэрыхихар? Къулым и унафэкIэ партым и Чопракъ райкомым и бюром щытепсэ-лъыхьат гуащIэрыпсэухэм я тхьэусыхафэхэм щIыпIэ властхэм хуэфащэ гулъытэ зэрыхуамыщIым теухуауэ прокурорым ищIа докладым. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, «Гъуэгу махуэ» повестыр иджыри тхылъ щхьэхуэу къыдэкIатэкъым... КIуантIэм фIыуэ ищIэрт повестми ар зытхами «райначыр» зэрыхущытыр. Ауэ пцIы щхьэ упсын хуей, ар Чорэм щышынэрт. ФIыуэ щышынэрт. Иджы а тIум я сэшхуэхэр къызэхурахын хуейуэ къапэщытт. Зураб егупсысырт зи напэншагъэм, зи гурбияны-гъэм гъуни нэзи имыIэ бюрократым зэрыпэщIэтыфын къарур къыздрихынум.

– НтIэ, сыт жыпIэр, КIуантIэ?

– ТхакIуэм ещхьыркъабзэу, журналистми и напэр ищэж хабзэкъым.

– Сытиубжьытхэ уи напэми уи литературэми! Къэбгъуэтат Шолохов! Зыщумыгъэгъупщэт, тIасэ: уэ буцIырхъыу хъуам я судыщIэ нэхъыщхьэр сэращ. КъысщхьэщыжынIащ жыпIэу узыщымыгугъын ущымыгугъ. Езы алыхь талэ дыдэр къыбдэIэпыкъуфынукъым уэ. А уи напщIэм телъу укъызыкъуэгушхукI уи цIыхубз тхакIуэр... ТхакIуэ жыхуиIэр сытым щыщ?! Ерыскъыр мышыурэ шыугъэрэ соплъ, жиIэу шхапIэм щыхъуакIуэ а уи медсестрар щай фIыцIэжьу къиздзэ уи гугъэми, ущоуэ. Къигъуэтай сызыщигъэшынэн! Кашэ къудейр зэщыщхъуу хуэщIмэ, ирегуфIэ ар.

Чорэм хущIитхъуэрт усакIуэ Галинэ Вальянскэм, ауэ сыт хуэдиз фIей а цIыхубзым хужиIэми фIэмащIэт. Пэжт Вальянскэр диет дохутыру уIэгъэщым щылажьэр. Чорэм зэхихат «Вальянскэм колхозхэр къызэхикIухьурэ уIэгъэщым щхьэкIэ ерыскъы къещэху» жаIэу. Апхуэдэу ищIыну абы хуитыныгъэ имыIэу жаIэрт. Ауэ иджыпсту а Iуэхум и гугъу ищIакъым «райначым»: КIуантIэм бзэгу хуихьыжынщ цIыхубзми Чорэм и Iэр къыпиупщIынщ. Мыдэ щхьэ пIащIэрэ – а усакIуэри утыкум кърилъэфэнкъэ Чорэм? И усакIуагъэр иригъэухынкъэ абы? Чорэм езым и Iуэху бгъэдыхьэкIэ иIэжт: «Уэ цIыхубэм ящхьэ ущыхъуакIэ, а цIыхубэм нэхърэ унэхъ губзыгъэщ». Ауэ щыхъукIэ, плъэкI къыумыгъанэу, еуэ. ИкIи къигъанэртэкъым лъэкI. Абы дежкIэ зырикIт журналист ныбжьыщIэм и творчествэм теухуауэ литератор цIэрыIуэхэм, а Вальянскэ дыдэм жиIа щытхъу псалъэ-хэр. Езы Чорэм елъытауэ, ахэр сытым щыщ? Хунэсакъым, ар-мыхъу ахэр зыщыщыр яригъэлъагъужынт абы! Сыт хуэдэу? ТыншIейуэ. Псалъэм папщIэ, унафэ ищIынт район библиотекэм къыщызэрагъэпэщыну

КIуантIэм и повестым теухуауэ тхылъ-еджэхэм я конференц. Абы къыщыпсэлъэнухэмрэ абы щыжа-Iэнухэмрэ езы Чорэм и Iуэхужт. Илъагъунт итIанэ а пэжщIэкъум и тхыгъэ мышыум къыхужаIэр зыхуэдэр! АрщхьэкIэ дэтхэнэм ухунэсын?..

– Сэ си напэр сщэжыркъым, ныбжьэгъу Чорэ, – хуэм цIыкIуу, ауэ хэкъузауэ жиIащ КIуантIэм.

Пэжыр жыпIэмэ, Зураб иджыри зэрыIэнкуныр нэрылъагъут. Ар и хьэлкIэ цIыху Iэсэт езыр. ЩыцIыкIум игъуэта ныкъуэдыкъуагъыр игъащIэ псокIэ къыхуинат. А тхьэмыщкIагъэр гупсысапIэшхуэу иIэт.

– Ара жыпIэнур?! Пщэжыркъэ уи напэр?! УмыпIащIэ-тIэ! Уи IэфракIэпэм уедзэкъэжыну ущIэхъуэпсу укъэзгъэнэнщ! Удын гъущэр мэгъущыжри псалъэ гуауэм кIуэдыж иIэкъым, зэрыжаIэр зыщумыгъэгъупщэ! Си закъуэкъым уэ уи псалъэ гуауэр зэбдзыр – пщIэ зыхуащI цIыхушхуэ куэдым ялъоIэс уи псалъэ фIейхэр. Литературэм ухыхьэн уи гугъэмэ, гъуэгу тынш цIыкIу къыппэплъэ пфIэщIми, ущоуэ. Алэрыбгъукъым уи гъуэгум теубгъуауэ щытынур – мывэ дзакIэ жанхэр текIутауэ плъагъунущ...

– Сэ стхар зэрыпэжыр хэт дежкIи нэрылъагъущ. Ар зымылъагъун комисси щыIэкъым, – шынэр зыщхьэщихуащ икIэм икIэжым Зураб. Хуиту къызэфIэтIысхьэри Чорэм и нэгу иплъащ ар. – Иджыри бжызоIэ: пцIы лъэпкъ, сызыщымыгъуазэ стхакъым сэ.

Чорэм и гугъэнт а щIалэ ныкъуэдыкъуэм апхуэдэу зыкъызэкъуихыну? Шэм хэфа джэдум ущIэгубжьэмэ, щтэуэ зэрыщIэпхъуэжым ещхьу, щIэкIиеу занщIэу иригъэкIуэтыжын къыфIэщIат Зураб. КIуантIэр тIэкIу зэрытхэфыр ищIэрт абы. Уеблэмэ абы и закъуэтэкъым ищIэр – КIуантIэм и къекIуэкIыкIэ псоми щыгъуазэ зищIат. Зураб и адэ дыдэр уэркъ къулейхэм къахэкIа, пащтыхьыдзэм и офицеру щыта гуэрт. Ауэ революцэм иужькIэ абы Советскэ властым и хабзэм къемызэгъын лъэпкъ ищIатэкъым. Россием зы егъэзыпIэ къыщигъуэтауэ и пщIэнтIэпс къабзэкIэ къилэжьар ишхыжу псэурт. А щIалэр зэгуэрым къокIуэж къыщалъхуа къуажэм, и Iыхьлыхэм я деж лъагъунлъагъу. Зы хъыджэбз щIалэ цIыкIу гуэрым дехьэх, ауэ, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, ар къишэну игу илъкъым. Сытми, зыгуэрурэ зэхуозэхэр. Хъыджэбзыр уэндэгъу мэхъу. Гузэвэгъуэр зылъыса абы и адэанэм псынщIэу малъхъэ къагъуэтын хуей мэхъу. Къагъуэтар зи ныбжьыр фIыуэ хэтIэса гуэрт. Ауэ модрейхэм япхъу напэтехыр хэти иратынут, ар я натIэ ирагъэкIын щхьэкIэ. АрщхьэкIэ лIы хуэмыщIам зигъэхьэзырыху сытыху ныбэм илъ сабийр пэплъэфакъым. Арати, Зураб дунейм къытехьащ. Зи ныбжьыр илъэсым щIигъуа къудей сабийм къипщэпщыхьурэ шы лъабжьэм щIэхутащ. Абы и лъакъуэ

цIыкIум шыр къытеуващ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ныкъуэдыкъуэу къэнащ Зураб.

Абдежи щиухакъым абы и тхьэмыщкIагъыр: пасэ дыдэу и анэр дунейм ехыжащ. Сабий зеиншэр и благъэ гуэрым зрешэлIэж. Бжэныхъуэу губгъуэм итт ар. Ауэ, тхьэр къыхуэупсэри, щIалэ цIыкIур егъэлеяуэ гурыхуэ хъуащ. Еджэнми и нэ къыхуикIт. Бжэн игъэхъуми, унэ лэжьыгъэр и щхьэм къэс пэтми, щIалэ цIыкIум къуажэ школыр къеух. Ауэрэ пединститутыр къызэIуах. Зураб студент мэхъу. Хэкур нэмыцэхэм яубыдыным и пэкIэ абы зы илъэс закъуэ къыхуэнэжауэ арат. КIуантIэм пасэу гу хуищIат тхэным. Институтым щыщIэсым литкружокым жыджэру хэтат, пщыхьэщхьэхэр щрагъэкIуэкIкIэ, абыхэм езым и усэхэм къыщеджэрт...

– Сыт жыпIа апхуэдизу узыщыгъуазэхэр? – дыджу и дзэлыфэхэр етI Чорэм. – Щыхьэт гуэрхэр, документ гуэрхэр уиIэу ара? Уэ узыщыгъуазэ гуэр тет мы дунейм?

– Псалъэм папщIэ, уэ птеухуауэ куэдым сыщыгъуазэщ, ныбжьэгъу Чорэ. Сызыщыгъуазэу хъуари Iей защIэщ.

Чорэм и жьэр Iуроху.

– Сэр щхьэкIэ апхуэдэу куэдым ущыгъуазэуи?.. Укъовэ уэ. ЗымыщIэ зыIуатэ фызыжь бзэгузехьэхэм къавхэм уодаIуэри удэтщ. Повесть зыфIэпща а уи тхыгъэ мышыури зэзрэ фIеягъкIэ гъэнщIащ. ШейтIанхэм я пащтыхьыж Iиблис нэхърэ нэхъ Iеижу сыкъыщыбгъэлъэгъуащ абы. КъыскIэрумыщIэлъу къэбгъэнар зы кIэрэ бжьакъуитIрэщ. Абы лей цIыхум епщIэну узыхуейр сыт? – Чорэм къыгуроIуэ: абгъуэм къимылъэт щIыкIэ бзу шырым и дамэхэр къытечауэ езыр дзыгъуэгъуэм идзэн хуейщ, армыхъу абы зэтрищIыхьын жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ. И фIей къомыр иужькIэ пхузэхэмыхыжу... – Мухьэмэд бегъымбарым къурIэным къыщIихам нэхърэ нэхъыбэ сэ къысщIэпхын уи гугъэу ара? Зыкъэумысыжыт! Ара, зо?

– Сэ зыми зыри къыщIэсхыну сыхуейкъым.

– Си псалъэ фIыкIэ уигу игъэлъ. УщIалэ губзыгъэ гуэру си гугъащ уэ. Ауэ делэм я делэж жыхуаIэр уэращ. Сэри сынэхъ щIагъуэкъым, армыхъу уи пщIыхьэпIэм игъащIэкIэ къыхэмыхуэн лэжьыгъэ ныпхуэзгъэлъэгъуэнт? Хьэмбылур куэншыбыжь хуабэм хэбгъэтIысхьэу бгъэбагъуэ зэрымыхъунур щхьэ сымыщIарэ?

– Уи куэншыби уи щхьи сыхуэныкъуэкъым.

«Мы сэ слъагъум мэ куэд игъэуфынущ. Иджыпсту щIэхуа тузымкIэ сымыкIуэмэ, мыбы сфIихьынкIэ хъунущ», – йогупсыс Чорэр. Къотэдж, плIанэпэм дэт сейфыр къызэIуех, абы къыдех гъуэжь хъужауэ тхылъымпIэ гуэр, зыри жимыIэурэ тхылъым-пIэм йоплъ, ар иIыгъыу Зураб дежкIэ зегъэзэжри, – уэ пэж, пэж жыбоIэри дунейр бокъутэ. Ауэ зы пэж гуэр IэщIыб пщIащ. И чэзу хъуауэ къыщIэкIынт а

пэжри къыщIэбгъэщу абы цIыхур щыгъуазэ пщIыну.

– Зи гугъу пщIыр сыт?

– Зи гугъу сщIыр пщIэркъэ? Уэ узикъуэр пщIэжрэ? Белогвардееец офицерым урикъуэщ. Мис а пэжым и гугъу щхьэ щумыщIрэ газетым? Щхьэм хуэфI хъурыфэ пыIэр бэзэрым къызэрыщыхахым ещхьу, уэ узыхуейр уи щхьэ и сэбэп зыхэлъ пэжращ.

– ПцIыщ ар! Нэсри къэсыжауэ пцIы зэфэзэщщ! – току къеуам хуэдэу къыщолъэт Зураб. И пIэм имыкI ыу, и пщэр хешри, и щхьэр еший – Чорэм и нэгум нэхъ хуиту иплъэну.

– ПцIыкъым, тIасэ. Унафэ яхуэсщIынщи – си стIолым къытехутэнкъэ уэ лъагъугъуей Iейр узищIысыр гъуджэм хуэдэу къызэрыщ тхылъхэр. Шэ цIывам ещхьу укъыщIагъэлъэтыжынщ а институт узыщеджэми. Уи тхыгъэхэр газетым зэрытрадзэри плъагъунщ итIанэ. Топ уэгъуэкIэ урагъэкIуэлIэнкъым редакцэхэм. Уи щхьэр зыхуэпший бжэм уи пэр драгъэубыдэурэ кърадзылIэжу сщIынщ.

«Си мащэр къитIу аращ, – йогупсыс КIуантIэр. – Джатэм и щIагъ нанэ щыIэжкъым, жи. УкъикIуэтыж хъунукъым. Пхъэидзэм щ Iидзащ. Зи кIэн къикIым еплъын хуейщ. Иджыпсту сышынэрэ зыщIэслъэфыжмэ, игъащIэ псокIэ цIыхуфэ зэсплъыжынкъым. КъигъэдэIуэфрэ комиссэр езым и телъхьэ къищIмэ, письмор «Правда» газетым идогъэхь. Письмом и копиер Къул Зулъкъэрней и пащхьэм изолъхьэ».

– Деплъынщ... – же Iэ абы, и щхьэ къигъэгугъэжу.

– Узэплъынур сыт?

– Ди районым Iуэхур зэрыщекIуэкI псом республикэр щыгъуазэ сщIынщ. Ар къызэмыхъулIэрэ – Москва сыкIуэнщ.

– Станцым нэсусшэн-тIэ? – ауаныщIу къызэролъэлъ Чорэр, – Москва унэзгъэсыну уэ? Москва дэнэ къэна, Къулым деж унэсыфыну уэ?

– Сэ сынэмысми, письмор нэсынкъэ?

– Нэсынкъым. Пощтым щIэмыкI ыу уи письмор мы кабинетым къахьыжынущ. Ар сэ папкэм дэслъхьэнурэ мис мо сейфым, – плIанэпэмкIэ йоплъэкI, – дэслъхьэжынущ. Уи биографиер и гъусэу дэлъынщ абы. Сэ сыхуей хъууэ къыдэсхыжыху. Зызумыгъэлъагъуу щIэкI мыбы! Узыхуей дыдэм к Iуэ!.. – зыхуэмыубыдыжу къыщеуд Чорэр.

ЩIакъуэ башыр зи щIэгъэкъуэн Зураб бжэм нэсыжыху Чорэм кIэлъеутIыпщ:

– ...Белогвардеецым къыкIэрыхуа! Уэ щIыунэ къыщыпхуэ-тIын хуейр гъэмахуи щIымахуи уэсыр зыщымыткIу щIыпIэ-хэрат, иджы дыгъэпсым зыбогъэури юг бгъуэщIым ущIэсщ. Ауэ иджыри здынэса щыIэкъым... Сэ абы къулыкъу естыну, си дзыхь езгъэзыну сыхуожьэ, езым...

– Уи ней къысщыхуэ! Уи натIэм иукIащ уи къулыкъури!.. – къэгубжьауэ къызогуоуэкI КIуантIэр.

ПэIущIэм цIыхур щIэз хъуат. Псоми Зураб яфIэпсэкIуэдт, ауэ, зэхихи илъагъуи щымыIэу, езы КIуантIэр щIокIыж, здэкIуэри имыщIэу, уэрамым тохьэж.

## 5. АЛБИЯН ИШ

«Марыхъу» шы заводыр къызэригъэпэщауэ щытат шы заводзехьэ цIэрыIуэ Мэмрэш Хьэрун. Зэгуэрым абы тетат шыбз плIыщIрэ ирэ хак IуиплIрэ. Шыхъуэм илъэс къэс ищэрт уанэш зытIощI ырыпщI, ищэри ауэ сытми къызэрыгуэкI шытэкъым, атIэ «езы пащтыхь дыдэм и уанэшри яхэтт» – абы ириуэркъын фIэфIт Хьэрун. Джыназышхуэ Николай Николаевич и бынунэри щIыгъуу зэгуэрым Кавказым къыщыкIуам, бгырысхэм мурад ящI абы гулъытэ лей хуащIыну. Джыназым щIыгъуа цIыхубзхэм шылэ бостеяпхъэ иратати, щэкIыщхьэр зэрыщыту Iэлъын кIуэцIым иплъэф хъурт, апхуэдизкIэ пIащIэт щэкIри. Езы джыназым сыткIэ хуэупсэнхэт? Нэхъ тыгъэ лъапIэ дыдэу бгырысхэм къалъытэр шыти, Мэмрэш Хьэрун и заводым къыщагъэхъуа адыгэш дэгъуэ ират.

Уанэш бэлыхь щагъэхъут а заводым. Псом хуэмыдэу, «Марыхъу» цIэрыIуэ дыдэ щыхъуат Гъэриб шыр. Ар иужькIэ англичанхэм икъукIэ лъыпсейуэ ящэхуауэ щытащ. Дунейпсо шыгъажэ пщыкIубгъум хэтат Гъэриб, пщыкIутIым къащытежащ, хым етIуанэу къэкIуащ, зэзакъуэ ещанэ увыпIэр къихьауэ арат, абыи щхьэусыгъуэ иIэт: зи шыщхьэр абы и бгъум етауэ къажэ шууейм модрейм и шы щIагъщ Iэлъыр иубыдауэ къекъуурэ езым и шым гъуэгу ирет. Гъэриб зыщэхуа англичаниным ар США-м зы илъэскIэ ярет, хакIуэр шыбзхэм хагъэтын папщIэ, абы щхьэкIэ доллар мелуан американцхэм къаIех. Советскэ властыр ува нэужь «Марыхъу» заводым шы лъэпкъыфI куэд къаху, абы и хакIуэхэм щIыхь къызыхуахьыр заводым и закъуэтэкъым, республикэ псор ягъэвурт.

Гъэриб цIэрыIуэр зыщIэтауэ зи пщIэр жыжьэ нэIуса шэщхэр фашистхэм ягъэсат, къэнар мывэ сэх инхэмрэ мывэ блын Iувхэмрэт. Ауэ Къэбэрдейр нэмыцэхэм къызэрыIэщIагъэкIыжу шэщхэр къызэрагъэпэщыжащ. Зэрыщыта дыдэм хуэдэу мыхъужами, «шы санаторэ» жаIэу зэрыфIащар игъэпэжырт абы. Зи гупэхэр Кавказ къурш абрагъуэхэм хуэгъэза шэщхэри завод пщIантIэри екIут, къабзэлъабзэт. Шы и пIалъэ зыщIэхэм къагурыIуэрт, цIыхум ещхьыркъабзэу, шыми дахагъэр фIыуэ зэралъагъур.

Къуэшрокъуэ Дотий и нэIэ тригъэтат шэщ щIыхьэпIэшхуэ-хэр къабзэу зэрыщытыным, ахэр укъищу гъэкъэбзат, блынхэм фIэдзат адыгэш лъэпкъым и щIыхьыр

зыIэта шы цIэрыIуэхэм я сурэтхэр (блыным декIуэкIыу ирырыгъэувэкIат венскэ шэнт-хэр). Псэууэ къызэрынар псоми яфIэгъэщIэгъуэн люстрэшхуэ закъуэри фIадзащ абдеж. Шэщхэри, зы шыр адрейм зэран хуэмыхъун хуэдэу, зэпрыхук Iати, дэтхэнэшми езым и егъэзыпIэ щхьэхуэ иIэжт. Шыр, ар узыншэу щытмэ, щыту жей хабзэщ, ауэ IэщI элъын гъущэ IувыфIым хэтIысхьэу жей шыхэри щыIэщ. Ари зыщагъэгъупщэртэкъым шыгъашэхэм.

И гуащ Iэгъуэу шэщхэр щызэлъыIуах дыдэм Къэзэнокъуэ Апчарэ къокIуэ шы заводыр щIэрыщIэу «къызэралъхужам» къыхэкI ыу Къуэшрокъуэ Дотий къехъуэхъуну. IэнэщIуи къэкIуакъым – граждан зауэ лъандэрэ яхъумэ нахъутэр къахуехь. ДыжьынхэкIхэмкIэ гъэщ IэрэщIа а нахъутэр Апчарэ и адэ Темыркъан мыгъуэм ищIат, ар пщIэхэлъат Къэзэнокъуэм и «зауэшым», Советскэ властыр Кавказ Ищхъэрэм щагъэува нэужьт Темыркъан къыщигъэзэжар.

Апчарэ къыщысам Дотий махуэIуэм щыIэт. Шыхэр тхылъ ящI ырт – дэтхэнэми и къекI уэкIыкIар ятхырт. Нартшуи къигъэлъэгъуэн хуей хъуащ дахэу тхэфрэ мытхэфрэ. Абы и пщэм къыдалъхьар Iуэху цIыкIутэкъым: шым и цIэр, и фэр, шыбзыр зыщыщ классыр, абы и адэ-анэм зэреджэу щытар – а псори зэхэщI ыкI ыгъуэу, дахэу зэрыт табличкэхэр итхын хуейт. А табличкэхэр ираIулIынут дэтхэнэ зы шы щIэтыпIэми и бжащхьэм. Нартшу щIэх-щIэхыурэ Айтэч ежэлIэн хуей хъурт – и «джанэмкI э» шым и фэр хузэхэмыгъэкIыу куэдрэ къэхъурт. И ныбжьыр Дотий иубзыхурт и дзэхэмкIэ.

– Шы гъуабжэр шы къарэм къыпхухэгъэщхьэхукIыркъэ уэ? – Айтэчи щIалэ цIыкIур шым хуригъаджэрт.

– НтIэ.

– ПцIэгъуэплъыр -щэ?

– Езыр гъуабжафэу, лъакъуэ фIыцIэу, кIэ фIыцIэ пыту...

– Тэмэм. Къэбыфэ, брул жыхуаIэр сыт хуэдэра?

– Пшахъуафэ-гъуэжьыфэу...

– Ари пэжщ. Гъуабжэр сыт хуэдэ-тIэ?

– СщIэркъым, – и щхьэм щIотIахъуэ Нартшу.

– УмыщIэмэ, зэгъащIэ-тIэ, – жеIэри къыхуребжэкI ар зыхуэдэр.

– КъэсщIащ, къэсщIащ мис иджы. Шы къуэлэнкIэ узэджэнур-щэ?

– ПщIэгъуалэм фIыцIафэ е гъуабжафэхэр хэсмэщ. Къарэм хужьыфэ хэсуи щыIэщ. Ауэ апхуэдэ дыдейхэм яхэткъым.

– Зы хэтщ. Езыр шыгъуафэу, и сокумрэ и кIэмрэ хужьу. Иджыри сыт хуэдэш щыIэхэр?

– Iэджэ мэхъу ахэр. А псор къыпхуебжэкIрэ? Л Iышхуэ ухъумэ, зэбгъэщIэнщ. ЗэкIэ уэ пщIэхэращ дэ диIэри, тхы мис ахэр. Еуэ, зыщумыгъауэу егъэкIуэкI. Шым и фэр умыщIэныр шыхъуэм дежкIэ напэтехщ.

Илъэс щэщIрэ бгъурэкIэ псэуа шым и хъыбар къызжеIэт, жиIэу Айтэч елъэIуну щIалэ цIыкIум мурад ещI. Шым дежкIэ гъащIэ кIыхьт ар. Сыту жыпIэмэ, ику иту шыр зэрыпсэу хабзэр илъэс тIощIым нэсщ. Абдеж цIыхубз гуэрым и макъ къоIу:

– Сынохъуэхъу, Дотий! – Апчарэт ар.

Дотий и хьэщIэм щыгуфIыкIыпащ.

– А-а, ныбжьэгъу председатель, укъэкIуа?! Къеблагъэ! Къеблэгъапэ! Мы дэ шыуэ ди Iэм еплъыт! Тхьэм уигъэпсэуи, Апчарэ, уигу дыкъызэрыкIамкIэ. Гулъытэр фIыщ. Хэт ар фIыуэ зымылъагъур? ЦIыхум я мызакъуэу шыхэми я гуапэ дыдэ мэхъу гулъытэ къыщыхуащIым деж. Шыхэм къахокI Iэгуауэм апхуэдизкIэ есахэри, шы къэжапIэм къыщыпхуимыкIыж къохъу: фыкъимылъхуамэ, фыщымысхьу Iэгу фыкъытхуеуэ, жыхуаIэу.

– Пэжщ, тхьэ, Дотий. ЩолэхъукIэ еджэу шы гуэр диIащ дэ. Сабий цIыкIум хуэдэу, и гуапэ хъурт ущедэхащIэкIэ, ущыщытхъукIэ.

Апчарэ шыхэм яхохьэ. Ахэр зэпеплъыхь. Абы ещIэ шыхэм я зэхуэдитIыр ди шу дивизэм ейуэ зэрыщытар. Ауэрэ шыхэм здеплъым, Апчарэ и гупсысэр мажэ Сальск и губгъуэхэм, шу зэхэуэм зыхуэзыгъэхьэзырауэ щыта шууейхэм окопэхэм зрагъэпщкIуауэ фочкIэ танкхэм еуэу илъагъу хуэдэщ абы. Танкхэмрэ моторизованнэ лъэсыдзэхэмрэ я къебгъэрыкIуэныгъэм къыхигъэзыхьа зауэлIхэм яшхэр къуакIэхэм, хадэхэм, жыг щIагъхэм щепхати топышэхэм, бомбэхэм зэтраукIэрт, зэрогъэгужьейхэри зыкъыкIэрауд, губгъуэм илъэдэжауэ щыщу къажыхьхэ.... Шыбз пцIэгъуэплъ гуэрым деж зэрынэсу, Апчарэ и пIэм йожыхь. Шым и нэхэм щIоплъэ, и щхьэ дахэм йоплъ. Зэрыщымыуэр хьэкъыу и фIэщ хъуа нэужь, хъыджэбзыр къыхокIиикI:

– Аращ! Си адэм и хьэдрыхэпсэ, аракIэ! Дотий, мыдэ къакIуэт, зо! – Апчарэ и нитIыр тенащ щхьэукъуэу щыт шыбзым.

– Сыт «арар»? ПцIыхуу щыта къэбгъуэтыжауэ ара «арар»?

– Албиян и шыращ мыр!

Iуэхум фIыуэ хэзыщIык I Дотий идэркъым ар:

– Ущоуэ. Уи дэлъхум уанэш иIэнкIэ хъуну щытакъым. Минометчикым уанэшкIэ ебгъэщIэнур сыт?..

– Сэри сощIэ ар. Абы шууэ къикIухьу щытакъым. Минометышэ зэрызэрашэ гум щIащIэу щыташ шыр.

– Мис ар пэжынкIэ мэхъу.

Апчарэ и Iэхэр и нэм Iуелъхьэ:

– Абы и цIэри сщIэуэ щыташ. Мыбы тесу Албиян – штабым ирикIуэрт. КъэкIуэжамэ, Данэ цIыкIу шыплIэм дигъэтIысхьэрти кърихьэкIырт.

И цIэр дунейм щхьэ сщыгъупщэжа? Данэ цIыкIу

жиIэрейт: «...СытегъэтIысхьи сыкъехьэкI». КъэсщIэжащ! КъэсщIэжащ! Шарэщ и цIэр... И цIэр щызэхихым, жейуэ къэуша щIыкIэу, пцIэгъуэплъыр Апчарэ дежкIэ еплъэкIащ. КъысфIэщI къыщIэ-кIынщ, жыхуиIэу асыхьэтуи и нэр зэтрипIэжащ. И пщэ кIы-хьымкIэ, и лъакъуэ лъагэхэмкIэ къэпщIэн хуейт ар зэрыадыгэш лъэпкъыр, пэжщ, гъащIэ щIагъуэ зэримыIэр нэрылъагъуу, и ныбэр ехуэхат, и тхыр иша хъуат, и фIалъэхэр щIэтхъат. Хъуас-кIэр къызыщIэлыдыкIыу щыта и нитIри хуэдат.

– Шарэ! Шарэ! СыкъэпщIыхужыркъэ? – Апчарэ тепыIэжыр-тэкъым: шым къицIыхужыну, абы псэ къыхыхьэжыну хуейт.

ПцIэгъуэплъым и щхьэр къеIэт. Аргуэру йоплъэкI Апчарэ дежкIэ, и кIэр егъэкIэрахъуэ: уэ къызбгъэдыхьэ, сэ си лъакъуэр мэуз, жыхуиIэу къоплъэ, и щхьэр ещI. Iэджэ щIауэ къызэремы-джэжIа и цIэр щызэхихым, шым и псэр зыгуэрым къызэщIи-Iэтэжащ. Абы и нэхэр къэплъэжат, и тхьэкIумитIыр къэзэ-фIэувэжат.

– Шарэ! – Дотий сакъыурэ бгъэдохьэ шым. – Уеша, тхьэ-мыщкIэ? Километр щитху къыщыпкIукIэ, ахьай уешын! Ари дахэ-дахэу шха умыхъуу...

Шарэ и пIэм къикIакъым. Ауэ Дотий и пщэм къызэреIусэри и бгъэм къызэрыхутеуIуэри игу трегъахуэ.

Апчари бгъэдолъадэ шым.

– Шарэ, си псэм хуэдэ, сыкъэпщIыхужыркъэ? Сэ фошыгъуу уэзгъэшха къомыр пщыгъупщэжа? – и напэр шым и щхьэм щехуэ, гуапэу Iэ делъэ. Шари и Iупэ щабэхэр хъыджэбзым и Iэм къыхуехь, и пэ гъуанэхэр игъэпщурэ цIыхумэр зыжьэдешэ.– Быбэ укъищIамэ!..

Шым и пщэм щызоIусэ Дотийрэ Апчарэрэ я Iэхэр. Апчарэ къыхоскIыкI, и пIэм йожыхь – и Iэри къыIуихыжыркъым икIи зигъэхъейркъым.

– Шым нэхърэ нэхъ гуапэ дуней псом псэущхьэ тету къыщIэ-кIынкъым. Абы цIыхум насып къыхуехь. Пэжкъэ? Уарэзыкъэ абыкIэ? – зэрыпIейтейм къыхэкIыу, зэпегъэу Дотий и псалъэр.

– Сыарэзыщ.

– Шари насып къытхуехь.

Апчарэ икIи къыгурыIуэрт икIи къыгурыIуэртэкъым Дотий зи гугъу ищIыр. Комиссарым и псалъэхэр пэж хъуну арат ар зыхуейр. Абы игу къокI: «Си тыгъэр иджыпсту естынщ. Ар щыхьэту теувэнщ сэри апхуэдэу зэрызигугъэм...»

– Нахъутэ къыпхуэсшащ. Ди адэ мыгъуэм къыщIэнауэ щытауэ. Шы къэбгъуэтыным и пэкIэ шхуэ зэгъэпэщ, жи. Си тыгъэр Шарэ пщIэхэплъхьэн? – и Iэр Дотий къыIэщIехыжри, шым и нэхэр бэлътокукIэ хуилъэщIу щIедзэ. «Апхуэдэ IэфIагъ-хэм сыщыужащ сэ», жыхуиIэу, Шарэ и щхьэр еутхыпщI.

– Ахьай пщIэхэслъхьэн. Шэщым и нэхъ щIыпIэфI дыдэр лъызгъэсынщ Шарэ. Лъагъунлъагъу укъэкIуэн абы деж?

– Iэмал имыIэу сыкъэкIуэнщ.

Апчарэ мэукIытэри Дотий еплъыркъым. Абы игу къокIыж Уэрышхэ щыщIэсам Къуэшрокъуэр къызэреплъа щIыкIэр. А пщыхьэщхьэм езы Апчари Дотий зыгуэрхэр игу къыхуэкIат, хъыджэбзым къыфIэщIыжт лIыми абы гурыгъу-гурыщIэ гуэрхэр къыхуиIэу. Уеблэмэ абы и гугъу и анэм хуищIыну и мурадат. Ауэ, «къысщыхъуу къыщIэкIынщ апхуэдэу» жиIэри, зиущэхужат. ЦIыхухъухэр фадэм тIэкIу къигъэжана нэужь, я нэми тIэкIу къыщхьэрипхъуэ хабзэщ. Абдеж плъагъу псори, зэхэпх псори уи фIэщыщэ пщIы хъунукъым. Дотий фыз иIащ, щIалэжккъым: а тIум илъэс пщыкIущ я зэхуакущ. Апчарэ нэщхъей къохъу – Локотош и хъыбари-и шыбари щыIэкъым. ПщIэншэу емыжьэу пIэрэ ар абы? Локотош иужь дыдэу къигъэхьа письмо гуапитIым езы Апчарэ письмоуитхук Iэ жэуап иритыжат. Абы и ужькIэ капитаным зыри къитхыжатэкъым.

Дотий Апчарэ иришэжьат Айтэч сымэ еуэ ирагъэшхыу щылажьэ шэщхэм ишэну, Къуэшрокъуэм пхъащIэхэр къригъэблэгъауэ шэщхэр зэрагъэпэщыжт. Ауэ Апчарэ игу къокIыж къыздиша тыгъэр. Къэзэнокъуэм и бидаркэм щIэщIа шы цIыкIур къепэзэзэхыу адэ куэбжэм деж щытт. Апчарэ упщIэ щIагъым къыщIех и адэм и нахътэу щытар.

– Насып къыпхудэкIуэну тхьэм жиIэ, – хъыджэбзым тыгъэр Дотий хуеший.

– Берычэт бесын. Нахътэ бэлыхьщ. Мыр екIуу зэрыгъэщIэрэщIа? Мыпхуэдэ иджыпсту уэздыгъэ нэхукI и бгъуэтыжын?

– Ди адэм и фэеплъщ.

– НтIэ, уи адэм и фэеплъыр фи унэ илъыжамэ...

– Уи деж нэхъ хъума щыхъунщ.

– Схъумэнщ. СэркIэ мыр икIи уи фэеплъщ.

«Уи фэеплъщ» псалъэхэм Апчарэ нэхъри хьэкъ къыщащIащ зэрыщыуауэ щытар, Iуэхур «пшынауэм зэгуакIуэр къретъэкI», жыхуиIэм зэрещхьыр. Щыуащ. Комиссарыр абы зыуи къыхущыткъым... КъызэрыхущытынуриI сыт? КъыщIыхущытынури сыт? Абыхэм егупсыса нэужь, нэщхъей къохъу, и гущIэм зы гуауэ гуэри щопIэжьажьэ. Бидаркэм зридзэу занщIэу ежьэжыну мурад ещI. И ныбжьэгъу КIурацэ деж кIуэнщи абы хуиIуэтэнщ и гум щыщIэ псори.

– Айтэч! – мэгуо Къуэшрокъуэр. Абыи езым и гукъеуэ иIэжт: жри Iэну игу илъа псалъэхэратэкъым жриIар хъыджэбзым. Апчарэ и щтэIэщтаблагъым, абы и гуапагъым, ар, моуэ сабий цIыкIу хуэдэу, теутIыпщхьауэ къызэрыхущытым къапхащ Дотий и жьэр. – Айтэч! Дэнэ ущыкIуэдар?

– Сыт ухуейт, Дотий?

Пхъэ упсахуэхэр зыкIэригъэщэщыжу зэутхыпщIауэурэ

псынщIэу къокIуэ  Айтэч.

– ГъэщIэгъуэнщ, Айтэч, шыбз къэпхуахэм яхэтщ ди хьэщIэм и ныбжьэгъуфIу зыш.

– Дауэ зэриныбжьэгъуфIыр?

– Мес, модэ щытщ Албиян щIищIэу щыта шыбзыр. Дауэ къыпщыхъурэ ар? Апчарэ къицIыхужащ ар. Езы шыми къицIыхужащ Апчарэ. Сыт хуэдиз щIа абы лъандэрэ, ит Iани зэрыцIыхужахэщ!

– Шарэщ абы и цIэр, – Апчарэ аргуэру нэщхъыфIэ къохъуж. – Мес, модэ мо щIакъуэ мыгъуэращ.

– Абы щыгъуэ а жыхуэпIэр музейм щIэгъэувэн хуейщ. Хьэуэ жыфIэрэ, лъагапIэм тегъэувауэ гъэлъэпIэн хуейщ, – мэгушыIэ Айтэч.

– Музейми тхуетыну къыщIэкIынкъым ар, – Дотий къыпыгуфIыкIыурэ нахътэр Айтэч хуеший. – Мыр Шарэ и нахътэщ. Апчарэ къытхуишащ. Тыгъэу. И гумрэ и псэмрэ къыбгъэдэкIыу тыгъэ къытхуещI. КъыбгурыIуа?

– Нартшуи сэри ди гуапэщ и дэлъхум и шыр къигъуэтыжынымкIэ Апчарэ сэбэп дызэрыхуэхъуар. Дэри, Апчарэ, Iуэху пхудиIэт. ИкIи дэркIэ Iуэху джэгукъым ар. Абык Iэ Нартшуи щыхьэту къытезгъэувэфынущ.

– Сытыт  узыхуейр?

– Зоотехник IэщIагъэ иIэу кхъуахъуэ цIыхубз хъарзынэ къыпхуэдгъуэтащ. Нэмыцэхэр къыщыблагъэм Харьковскэ областым былымыр кърихури Донк Iэ къэIэпхъуауэ щытащ. АрщхьэкIэ фашистхэр къылъэщ Iыхьащ абы. Оккупацэр къанэ щымыIэу Ростовскэ областым щрихьэкIащ. Аращ ди бысыму щытар. ЦIыхубз хъарзынэщ. Iуэхум хещIыкI. ЗанщIэу къыздэтшэну ди гугъат, ауэ: «Фыкъысхуей хъумэ, сыкъэвгъуэтынщ – письмокIэ, телеграммэкIэ. МафIэгухэри зекIуэ хъужащ. Нобэ сынитIысхьэмэ, пщэдей сынэсынущ.  Iуэхур зэрыхъунур сымыщIэу занщIэу зынисчыфынкъым», – жери къытхуэкIуакъым.

– Ауэ сытми сыхуей Iуэхум хэзыщIыкI кхъуахъуэ! Уэри Нартшуи тхьэм фигъэпсэу. IуэхутхьэбзэкъысхуэфщIащ. Сыту фыщIалэфIыщэхэ! И адрес фиIэ?

– Ахьай диIэ! – Айтэч дуней  гуфIэгъуэр  иIэщ. – Мэ и адресыр. Кхъуэ фермэм и заведующ хьэзырщ ар. Дауэ къыпщыхъурэ, зоотехник IэщIагъэ иIэу, цIыхубз щIалэу, езыр лэжьакIуэшхуэу. ИкIи цIыху дыщэщ. КIэщIу жыпIэмэ – ухущIегъуэжынкъым.

– IэщIагъэл Iкъэ сэ езыр сыщIэлIэр? ЗанщIэу къызогъэблагъэ. Уэри хуэтх. КIыхьлIыхь зимыщIу кърырекIуэ занщIэу.

– «СызыщIэсынрэ щIакхъуэ Iыхьэрэ згъуэтмэ, зыми и щIыхуэ зытезгъэхуэнтэкъым», – жи. Абы шэч къыщIытепхьэни щыIэкъым.

– Колхозым хэдгъэхьэнщ.  Уни щIапIи  еттынщ. Шхын щхьэкIи дгъэлIэнкъым,  – Апчарэ  къэрэндащрэ блокнотрэ

кърехри Аннэ Александровнэ и адресыр етх. – Къэсхэмэ, и сабийри зыхуей хуэдгъэзэнщ. Ди кхъуэ фермэми иджыпстукIэ Iуэхур щыIей дыдэкъым. Къэралым еттыну кхъуэхэр догъашхэ. Дауи, лъхуэн-пIэн къэдгъэнэнущ. Зоотехник Iейуэ дыхуейщ. Уз гуэр къыхыхьэмэ, къытхурикъуащ.

Дотий и щIалэхэм ящотхъу:

– Плъагъуркъэ а си гвардеецхэр! Жыжьэрыплъэхэщ! Шы къэфху жыс Iэу згъэкIуахэм уи Iуэхури зэфIагъэк Iащ. Аращ зэрыщытын хуейри: псоми ди зэхуэдэ Iуэхум псори дытегузэвыхьу дыщытын хуейщ. Айтэч лIы хьэзырт! Хэт ищIэрэ, зыгуэркIэ си Iуэхум зыкъигъазэмэ, шы заводым и директор диIэт. АбыкIэ Айтэч ущIыблэхъуэпсыкIын щыIэкъым... – Къуэшрокъуэм щIалэр егъэук Iытэ. – КъыщыкIуэжхэм Нартшурэ абырэ лIыгъэу зэрахьам ущIэмыупщIэ. Езыхэм яшхыни шыбзхэм ирагъэшхыни ямы Iэу… Ауэ щхьэ уиIэмэ, уимы Iэ щыIэ? Зы Iуданэ къызыхыумышыфынум кIапсэшхуэ къыхагъэжурэ къэсыжахэщ... Ауэ икIи бзаджейхэщ! УахуэбэлэрыгъынкIэ дуней Iэмал зимыIэхэщ...

– Iэмалыншагъэм урихулIэмэ, умыбзаджи еплъыт. Ныбэм укъигъэгузавэмэ, мывэм уригъэгъунщ. Ауэ, пэж жысIэнщи, ди къулейсызыгъэр нэхъыбэу къытхуэзыхьар Нартшут.

НЗ-р хуэхъумакъым. Бысым цIыхубзыр фIэгуэныхь хъури – псори абы иритащ. «И унэр фашистхэм ягъэсащ. Абы гущIэгъу хуэщI ын хуейщ», – жиIэри диIэм щысхьакъым. Аннэрэ абырэ зэанэзэкъуэм хуэдэу зэхуэхъуахэу дыкъежьэжащ.

– Сыт НЗ зи гугъу пщIыр? – щIоупщ Iэ Апчарэ.

– Ахъшэу иIэр зэщIикъуэщ, абы си ботинкIэ щIэрыпситIыр трилъхьэжри, Аннэрэ и сабий сымаджэмрэ бжэн къахуищэхуащ. Арати... ЩIалэфIщ Нартшу цIыхугъэ, гущIэгъу иIэщ. И хьэлу Iыхьэр нэгъуэщIым иригъэшхынущ. Абы Аннэ хьэкъурт зэрыригъэшхар фэзгъэлъэгъуащэрэт! Хьэкъурт зэрашхым и пIалъэ зымыщIэ ц Iыхубз мэжэщI алIэм мо хьэкъурт гъущэр зыжьэдик Iутэщ, ар и тэмакъым тенэри...

– Еууей, тхьэмыщкIэ! – Апчарэ цIыхубз мыцIыхур фI эгуэныхьи мэхъу икIи мэдыхьэшх.

– Сэ ботинкIэ щызиIэкIэ, мобы хьэкъурт щиIыгъкIэ, гъуэгум дытемэжэлIыхьынкъым, жысIэу сыщыгугъати... БотинкIэр симыI эжу къыщIэкIри хьэкъуртым дыкъыхуэнащ. ДыпIащIэу, махуэм километр блыщI къэткIуурэ ди щхьэр къэтхьыжащ. Хьэкъурти ахъши щыдимыIэжым гъуэгум и Iыхьэ щанэр къытпэщылът иджыри. Къыт Iэрыхьэр тшхырт. МафIэ тщIырти нартыху дгъажьэрт. Уеблэмэ, ныбажэ дищIат апхуэдэ ерыскъым. Нартшу уанэгум исыжыфыртэкъым.

Айтэч аргуэру бзаджагъэм еуэну хуожьэ – къехъулIэркъым. «Сымайорщ, «Н-скэ» частым сыщыщ», – жиIэу зыбгъэдыхьа колхоз председателым занщIэу къицIыхуащ

«майорыр», зы щIакхъуэ дзэкъэгъуэкIи зыхигъэзэгъакъым. «Майорым» и «шыщхьэхъумэрат» дунейм темыхуэжыххэр. Ауэ сэлэту щыта лIыр IурыIэбэпIэншэт. «Абыхэм я гугъэрелъ! ЗауитIым хэт а сэлэтыр фэ фхуэдэ пэшыницI эхэрт иджы къэзымыгъэпцIэжар! СыкъэвгъэпцIэну си ужь фыкъимыхьэу, фи Iуэху зыIутыр зан-щIэу къызжефIамэ, фысфIэгуэныхь хъууэ фи хьэтыр слъагъун-кIэ хъунт. Иджы... зевгъэхь адэ, армыхъу фыкъыщыхутэнкIэ хъунур фщIэрэ?» Арати, къригъэсыкIащ. НэгъуэщI къуажэ дохьэхэри, председателыр цIыхубз псэлъэгъуейрэ зэхэуфэжауэ къыщIокI. Абыи и фIэщыщэ хъуатэкъым Айтэч и «майорыгъэри» Нартшу и «шыщхьэхъумагъри», ауэ гъуэгурыкIуитIыр фIэгуэныхь хъури зы щIакхъуэ, кхъуэл Iыхьэ, фо стэкан къаритащ. Айтэчи Нартшууи кхъуэл пхуашхынутэкъым. Ауэ Айтэч ар щIакхъуэрэ шатэкIэ къехъуэж.

– Ди хэкуэгъуу абы щыплъэгъуар хэт? Дотий къызжиIат абы и гугъу... – щIоупщIэ Апчарэ. Саль псым деж къыздэзэуахэм ящыщ гуэру пIэрэ, жыхуиIэу арат.

– Къаскъулщ, – кIэщIу пеупщI Айтэч.

– И унэцIэр-щэ?

– Ари Къаскъул си гугъэщ.

– Ущоуэ. Апхуэдэу щыщытар зэманыжьым щыгъуэщ. ПщылIхэм унэцIэ щамыIарщ. «Батыр пщым и Къаскъул», – жаIэрти зэфIэкIырт абы щыгъуэ.

– Хьэуэ, мыбы и цIэри и унэцIэри аращ: Къаскъулщ. Пэжщ, Аннэ Александровнэ абы зэреджэр Костящ, Константинщ.

– Ди «хэкуэгъур» кхъуахъуэ цIыхубзми и цIыхугъэ? – Апчарэ и цIыхубз хьэлыр мыбдежи къыщигъэлъэгъуащ: псори зрагъэщIэну хуейщ. Абы зыгуэр зэрыщыщыIэр Апчарэ и псэм ищIэрт.

– Къаскъул абы деж щыпсэуащ. Отделенэм и заведующу ягъэуву нэгъуэщI щIыпIэ ягъэкIуэху. Япэхэм зыгуэр яку дэлъами, иджы зэхуаIуэхужышхуэ щыIэж си гугъэкъым. Кхъуэшыр гуэр зэпаубыду зэщыхьэжахэ сфIощI. Аннэ унэм кхъуэшыр щиIыгъа, е... сщIэркъым сыткIи...

– ГурыIуэгъуэщ, – къыпогуфIыкI Дотий. – Муслъымэным къигъэувагъэнщ: е сэ сыкъыхэх, е кхъуэ шырыр къыхэх, жиIэу.

– Апхуэдэ зыгуэрщ. Мобыи кхъуэшырыр игу пымыкIамэ, мыдрейми ар игу темыхуамэ... Хьэуэ, зэбий хъуахэкъым, Къаскъул иджыри ибгынакъым Аннэ Александровнэ и унэр. ЩIалэ цIыкIум ишхын гуэрхэр къыхуихьурэ къок Iуэ. Пэж жысIэнщи, Шарэ къыхыдзэзыгъэхар аращ. Шарэ и анэ Лэгъупыкъу шыбз цIэрыIуэм зэгуэрым шыгъажэ гугъу гуэрым япэ увыпIэр къыщихьауэ щытауэ зэхэсхыгъащ. Ар адыгэш къабзэкъым, англыш лъэпкъхэм ялъи хэтщ. И фIалъэхэмкIи уолъагъу ар.

– Апхуэдэу щытмэ, заводым и шыфI лъэпкъыу щытахэр

зратха тхылъым итынущ ар.

– Шууитху я псэр къригъэлауэ щытащ, жаIэж, Шарэ. Уэсукхъуэм, жьапщэм хиубыдэри шууитхур бгым игъуэщыхьат, жаIэж. Ахэр километр тIощI нэскIэ къишэри шыбзыхъуэ пщыIэм къытришащ, жаIэ. Шы губзыгъэкъэ ар?

– ГубзыгъэIейщ, тхьэ. Фи Аннэ Александровнэм нобэ нэхъ пIалъэ имыIэу хузотх: и псэукIэ, и лэжьыгъэ хъунур. ЗдэкIуэмрэ щIэкIуэмрэ ищIэн хуейкъэ?

– Мис ар тэмэмщ, – Апчарэ и псалъэхэр деIыгъ Дотий.

– Ди «хэкуэгъу» зи гугъу фщIыми хуэстхын къэкIуэну? ТIури зэгъусэмэ, нэхъ къащтэнумэ... Абыи ищIэн къыхуэдгъуэтынщ. Уэ дауэ уеплъурэ, Айтэч?

– Ди «хэкуэгъуми», жыпIа? – жэуапу итынур имыщIэу къэIэнкунащ Айтэч. – Абы ухуей къыщIэкIынкъым. Абы езым и щхьэ Iуэху иIэжщ. Зыгуэрхэм и ужь итщ. Ауэ ари зэгуэр къэкIуэжыну къыщIэкIынщ, – адэкIэ Къаскъул и гугъу имыщIмэ, нэхъ къещтэ Айтэч. Бахъуэмрэ Айтэчрэ апхуэдэу зэгурыIуат. Бахъуэри пэплъэрт ди «хэкуэгъур» къыщысыжынум.

ИкIэм икIэжым Апчарэ бидаркэм йотIысхьэжри йожьэж.

*ЕплIанэ псалъащхьэ*

## 1. РАБОЧЭХЭМРЭ МЭКЪУМЭШЫЩIЭХЭМРЭ Я ЗЭIУЩIЭ

КIурацэ къыхелъхьэ рабочэхэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ я зэIущIэ ящIыну. Рабочэхэр къуажэдэсхэм я Iыхьэ пщIанэ мыхъу пэтми, зэIущIэр щрагъэкIуэкIыну унафэ ящIар заводрат. Къуажэм хъыбарегъащIэ хагъэхьа щIалэ цIыкIухэми арат жылэдэсым жраIэр: «Рабочэхэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ я зэIущIэм фынекIуалIэ».

Бжьыхьэ махуэр уэфIт, къабзэт. Пэжщ, дыщафэ-щхъуантIафэ бгы нэкIухэм пшагъуэр Iэрамэ-Iэрамэурэ къащхьэщыгъуалъхьэурэ мыдэкIэ хуэм-хуэмурэ къекIуэтэхырт, иужькIэ мо Iэрамэ къомыр зэхыхьэжт, зэхэпц Iыхьыжти, упщIэ гъуабжэшхуэу Тэрч ауз лъабжьэмкIэ дэгъуалъхьэрт. А пшагъуэм зы напIэзыпIэм зыкъиIэтыжу жьым и дамэм тесу къуажэм къыщхьэщыхьэнкIэ зыхуэIуа щыIэтэкъым. ЯфIэмыфI-яфIэмыфIурэ кIуэрт колхозхэтхэр заводым. «Уи Iуэху нэгъуэщI щIыпIэ пхьын щIыхуейр сыт», Iуэху уиIэмэ, уи унэ щызэфIэгъэкIыж, абы рабочэхэм я Iуэхуу хэлъыр сыт, – гъумэтIымэрт мэкъумэшыщIэхэр. Язынықъуэхэми жаIэрт: «Сыт мыгъуэри я рабочэ абыхэм? ЧырбышыщIхэщ. Унэ хадэуи колхозхэтхэм нэхърэ нэхъ мащIэ яIэкъым, Iэщ, джэдкъаз жыпIэнущи, абы щыгъуи чырбышыщIхэр къуажэдэсхэм зыкIи къакIэрыхуркъым».

Рабочэхэми я тхьэкIумэхэр ягъэкIащ: «Къуажэдэсхэм дыщIыкIэрапхэр сыт? Дэ езыхэм завком диIэжщ, ди директорыр колхоз председателым и унафэм щIэткъым».

ЗэIущIэр щекIуэкIын хуейт метр плIыщI зи лъагагъ завод уэнжакъым и лъабжьэм деж. А уэнжакъыр якъутэн папщIэ гитлеровцхэм бомбэ мащIэрэ топышэ мащIэрэ ягъэкIуэдатэ-къым, сыту жыпIэмэ ар зыплъыхьыпIэ-лъагапIэу яIат бийм топ-кIэ яхэуэ ди топгъауэхэм. Уэнжакъым и хъуреягъыр кумб-лъэмбт. Зы бомби кхъуэщын, чырбыш щагъажьэ хьэкум къытехуэри пхиудат. Къызэбгъэпэщыжыну нэхъ гугъу хъуат чырбыш зэрагъэж прессыр. Уэнжакъ джабэр тIэкIу-тIэкIуурэ яуфэбгъурт щIалэ цIыкIухэм. Абы щхьэкIэ фызхэмрэ лIыжьхэм-рэ я псэр IукIырт: зыгуэр къехуэхынурэ иукIынущ. Хьэбибэ и закъуэу къэкIуакъым зэIущIэм – зи нэпсхэр иджыри щIэмы-гъущыкIыжа Данизэт, жьы хъууэ зыкъэзыгъэшыжа Хъаджэт, зи пхъур щIыфашхэм ихьу иджыблагъэ щIэзылъхьэжа Къэрал-хъан сымэ къыздишат. «Къэралхъан и щхьэгъусэ Мысост «нэ-мыцэхэм я шыбзыкIэр зэрыщIиIыгъам» къыхэкIыу лъэхъуэщым ихуат. Зи «шыбзыкIэ щIиIыгъахэм» якъута молибден-вольфрам комбинатыр зэзыгъэпэщыжхэм яхэту къуршым щыIэт.

ЦIыхушхуэ къекIуэлIат зэIущIэм, мэшыкъуэдэсхэм куэд щIауэ ялъагъужатэкъым апхуэдиз цIыху зэуэ къызэхуэсауэ. ГъэщIэгъуэныракъэ, цIыхухэр псынщIэу икIи зэдэууэ къызэ-хуэсат. Япэхэм къуажэдэсхэм хъыбар ебгъэщIамэ, зэ зы, зэ тIу къакIуэмэ, хэт шэджагъуэм, хэти шэджагъуэнэужьым къакIуэу-рэ жэщ къатехъуэрт; къык Iэрыхуахэм щхьэусыгъуи къагъуэ-тырт: хэт мэзт, хэт бэзэрт, хэт щхьэлт, хэти жэм къишат, и джэд-къаз игъэшхат... Иджы зы Iуэхуи-дэлъи ямыIэжу, собранэм дашэну дапщэщ къыдэджэну пIэрэ, жаIэу щысахэми ярейт. ЦIыхухэр Iуэхушхуэм, щхьэ закъуэ Iуэху мыхъуу, къуажэ Iуэху псоми зэхэту зэращIэным хуэзэшат.

Уэнжакъ лъабжьэм щIэлът ятIэ зэрызэхапщэ Iэмэпсымэ, къутам щыщ Iыхьэ гуэр. Ар президиумым, нэхъ тэмэму жы-пIэмэ, КIурацэрэ Апчарэрэ я стIолу арат. А тIуми цIыхур куэдрэ зыпагъэплъакъым. Фызхэр хоплъэ, я нэгухэр зэхэуащ, абыхэм я плIэхэм бгыр къатеуауэ иджыри зыкъаIэтыжыфыркъым жыпIэнщ. Апчарэ нэкIэ къелъыхъуэ и анэр. Ар илъагъуу, гъунэгъуу къыбгъэдэту ищIэмэ, Апчарэ Iуэхум нэхъ тогушхуэ: зыгуэр къыжьэхэлъэ, зыгуэрым и жагъуэ къищI хъужыкъуэмэ, е езыр зыщIыпIэ деж хэзэрыхьмэ, къыщхьэщыжынрэ къыдэIэ-пыкъунрэ иIэщ…

ЗэIущIэр къызэIуех КIурацэ.

– Мэшыкъуэ жылэм и рабочэхэ, мэкъумэшыщIэхэ! – макъ хэIэтыкIакIэ къыщIедзэ директорым, абы и пащхьэм иту

къыпфIэщIынщ республикэм цIыхуу исыр. ТIэкIу къыщIигъэ-лъэIуауэ къыщIэкIынти, а псалъэхэм и ужькIэ КIурацэ и макъыр зэIыхьащ, псчэуэ куэдрэ щытащ. Арати, нэхъ пасэу къигъэ-хьэзырауэ жиIэну зыхуея псалъэхэр, мыдэ хъурыфэ пыIэ къуацэшхуэр зыхадза бзу гупым ещхьу, зэбгрылъэтхэри ежьэ-жащ. Абдеж КIурацэ игу къокIыж зы Iуэхушхуэ гуэрым щыте-псэлъыхьынум деж Хьэбибэ и псалъэр къызэрыщIидзэ хабзэр: «Нобэ ди жьэхэмкIэ псалъэр алыхьырщ, алыхьым и ужькIэ...» «Хэт алыхьым и ужькIэ?» – гугъуехьыр телъу йогупсыс КIурацэ. Абдеж, тхьэм гущIэгъу къыхуищIа нэхъей, зылъыхъуа псалъэ дыдэхэр къегъуэтыж.– «Нобэ ди жьэхэмкIэ псалъэр дэ зи пэщIэгъэкъуэну дыщыт зауэрщ, фронтырщ. Аращ нобэ ди тхьэр, абы къытхуищI ди унафэу аращ. Абы етащ ди гупсысэ-хэри ди IуэхущIафэхэри. Абы дыхуэлэжьэну ди къалэнщ дэтхэнэ зыми. Абы и унафэр щIыдиунафэри дощIэж дэ. Нобэрей ди зэIущIэри зэрызэхуэтшэсар зауэм и унафэкIэщ. Нобэ мыбдеж кърихьэлIа псоми берычэт бесын ин вжыдоIэ. Ди зэIущIэр къы-зэIутхауэ къызолъытэ. Псалъэ изот «Псыпэ» колхозым и пред-седатель Къэзэнокъуэ Апчарэ.

Арыншами гъущIа и Iупэхэр бэлътокукIэ елъэщI Апчарэ; адэ жыжьэу зыщIыпIэкIэ маплъэ; нэ Iэджэ къытеубыдами ягъэIэнкунакъым хъыджэбзыр. Абы гу лъетэ: зэIущIэр зэщIы-гъуу ирагъэкIуэкI пэтми, колхозхэтхэр, зы защIыжа щIыкIэу, зы лъэныкъуэкIэ щызэхэтщ, рабочэхэри чырбыш гъэгъупIэмкIэ зратауэ щытщ. Колхозхэтхэм я гугъэу къыщIэкIынщ абыхэм нобэ рабочэхэр хьэщIэу къахуеблэгъауэ...

– Зыми шэч къыщIытрихьэн щыIэкъым, – къыщIедзэ Апчарэ, – ди ныбэ, ди фэ зэрыдгъэныкъуам, ди псэм дыщы-мысхьыжу гугъу зэрызедгъэхьам я фIыгъэщ ди текIуэныгъэр Iэгъуэ къызэрыхъуар, ди адэхэм, ди дэлъхухэм дащыIущIэжыну махуэр зэрымыжыжьэжыр... Ауэ иджыри духакъым ди гугъуе-хьыр. Мэшыкъуэ жылэм и рабочэхэ, мэкъумэшыщIэхэ, нобэ лъэIукIэ зыфхузогъазэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фэрыншауэ, КIурацэ дэрэ ди закъуэкIэ гъэзэщIа хъунукъым гъавэр къэралым етынымкIэ ттелъ планыр. Гъавэу диIар къетхьэлIэжащ. Къанэ щымыIэу псори къэралым и гуэным иткIутащ. Ауэ иджыри тIэкIу къыттенащ. Мис а «тIэкIуращ» сыт щыгъуи нэхъ хьэлъэ хъур, аращ уафэм щIэуэну хуейхэм сыт щыгъуи яхуримыкъуж «джэдуукIэ» закъуэр. Шыгъажэм деж занщIэу зипчу жьыкIэра-хъуэм ещхьу, зэ укъежэкIыныр куэдкIэ нэхъ тыншщ, къэжэныр щыбухым деж зы шы ныкъуэкIэ, зы шыщхьэкIэ къыбдэжэм утежыным нэхърэ. Ди шым хузэфIэкIыну псори къыпытхыу а иужьрей лъэбакъуитI-щыр, а «шы ныкъуэм» хуэдизымкIэ зитчыжамэ, ди Iуэхур къикIынут. Планыр зэрыбгъэзэщIамкIэ уи щхьэмкIэ щыIэхэм хъыбар ебгъэщIэнри зауэлIым и пщэм

къыдалъхьауэ щыта къалэныр зэригъэзэщIамкIэ и командирым хъыбар иригъэщIэжынри тIури зыщ. КIурацэ сэрэ дызэпхъуэн гъэт Iылъыгъэ диIэкъым. Къытхуэнэжыр зыщ: фи хадэхэм къифхам щыщкIэ зыкъытщIэвгъакъуэу ди планыр и кIэм нэдгъэсын хуейщ. Мыпхуэдиз къыдэвмыту хъунукъым, жытIэ-уи зыри фэдубыдылIэркъым. Щхьэж хузэфIэкIыр къыдэфт. Ди текIуэныгъэм папщIэ хэт сыт хуэдиз игу пыкIми... ТекIуэныгъэр нэхъ зыфIэлъапIэм нэхъыбэ игу пыкIыну къыщIэкIынщ. Нэгъуэ-щIым и плIэм ису псым зэпрыкIыну хуейм щхьэусыгъуищэ къигъуэтыфынущ. Хэт сыт хуэдэкIэ нэхъ ехъулIэми додэ: гъавэ, гъэш, IэщхэкI... А псори гъавэм хуэбгъэкIуэж мэхъу.

Гупым зыгуэр къыхокIиикI:

– Кхъуэщынрэ чырбышри хъуну? КIурацэ къогузавэ: апхуэдэ кIий-гуохэм Iуэхур зэIагъэхьэнкIэ мэхъу.

– Чырбышри кхъуэщынри хъунущ, – жеIэ абы, гупым яхоплъэ колхоз Iуэхум рабочэхэм я Iуэху щIыхалъхьэн щымыIэу зи гугъэхэр нэкIэ къигъуэтын и гугъэу. – Ауэ чырбышри кхъуэщынри Къэрал планым и Iизыныншэу къыпхуе Iыхынукъым. Ахэр дыщэм хуэдэу лъапIэщ. Къимыдэк Iэ, иджыпсту зи гугъу тщI ыр чырбышыракъым, кхъуэщыныракъым – унэ хадэхэм къитх гъавэращ.

– Дэ дырабочэщ... – гупым къахокIуэт зи жьакIэр мыупса, зи нэкIур зэлъа лIы хэщIыхьа гуэр. КIагуэ дыта лэжьа, бжьэхуц гъуэншэдж дыта щыгъщ, и лъакъуэм к IэлошитI фIэлъщ. И уIэгъэм щхьэкIэ зауэм къыхагъэкIыжа а мотористыр ерагъыу къигъуэтри щхьэщэ мин хуищIу заводым къишауэ арат КIурацэ. Ар къэкIуэным и пэкIэ чырбышыр зыгъэж прессыр яхуэмылажьэу хьэзабыр яшэчт. – Дэри щIы тIэкIу къыдатащ хадэхэкI тетсэну. Рабочэм арыншауэ и унагъуэр хуэIыгъынукъым, Къэралым и пщэм дыдэтIысхьэн хуей-тIэ? Къэралым игъэшхэныр хурокъури къолыж. Иджыпсту колхозхэтхэм яжесIэну сызыхуейрат: хамэ фалъэм уимыплъэу уи фалъэр уэ гъэнщIыж. Фи гуэн плIанэпэхэм зыщывудынышIэт, хэт ищIэрэ, зыгуэр къыдэкIынкIэ мэхъу.

– Узахуэщ, Кузьмич! – рабочэм и псалъэр зыгуэрым деIыгъ.

– Чырбышыр дыщэм хуэдэу лъапIэмэ, ар нартыхук Iэ щIэпхъуэжынур сыт?!

Кузьмич и псалъэм аргуэру адэкIэ пещэ:

– ГъавэмкIэ планыр къимыкIыу аращ сэ къызэрызгурыIуэр. ЩIримыкъур сыт? ГурыIуэгъуэщ: нартыхур фIыуэ зэрахьакъым. Хьэсэр пщIэным щIигъэнэжри гъавэр игъэхъуакъым. И чэзум пщIэн хуейщ хадэр. ИтIанэщ нартыхум зыщиужьынур. Абы щхьэк Iэ танки топи ухуейкъым – и кIэри и пэри хьэмфIанэщ узыхуейр. ХьэмфIанэр дэтхэнэ щIалэ цIыкIуми хъыджэбз цIыкIуми хуэгъэIурыщIэнущ. Балигъхэм я гугъу щIэпщIыххэн щыIэ-

къым. Ди унафэщI цIыхубзхэр а псоми пасэу егупсысакъым. Иджы дэ гупсысапIэм дыхадзащ. Фи хадэм къикIа гъавэр, жаIэри къэувыжащ! Джыдэ ямыщIу джыдэ щIа хьэзырыр къалъыхъуэ.

– Пэжкъым жыпIэр! Iэ увыIэгъуэ ямыIэу лэжьащ жылэм дэсу хъуар – хэт хадапщIэм, хэти мэкъуауэм щыIащ. ПщIэным гъавэр ихьыжамэ, пэмылъэщауэ, я къару хуримыкъуауэ аращ. Хэт-тIэ абыкIэ бгъэкъуэншэнур? – мотористым и жьэр зэщIри-гъэкъуэну арат зыхуейр КIурацэ. – «Хамэ фалъэ» жыхуэпIэм теухуауэ. ХамэкIэ узэджэр хэт? Колхозхэтхэра хамэр? Хамэр дэращ. МэкъумэшыщIэхэм хуэдэу, колхозыщIыр, хъупIэхэр къэдгъэсэбэпыркъэ, унэ хадэхэр диIэкъэ рабочэхэм?

– ЛъэIуакIуэ щхьэ фежьа-тIэ? ФыунафэщI бэлыхьлажьэхэщ! Ди гъавэр фыдот иджыпсту. Ныбэм дрехулIэри, пщэдей лъэIуакIуэ дыныфхуокIуэж: «Тхьэм щхьэкIэ, щIакхъуэ Iыхьэ къыдэфт, шхын щхьэкIэ долIэ», – жыдоIэри. Къыдэфтыну? ХьэлIамэ къыдэфтынщ! Ауэ щыхъукIэ, уи хьэпшыпыр зэщIэкъуи заводым зытрегъэх. Ара? Дыщэ и уасэ чырбышыр дэнэу пIэрэ къыздикIынур итIанэ?

– Узахуэщ, Кузьмич! Я сокури я кIэри зэпхыжын хуейщ абыхэм! – мотористыр нэхъри трагъэгушхуэ.

И гъунэгъу фызхэм яхэту щыт Хьэбибэ адэкIэ хуэхьыжакъым.

– Хэту пIэрэ «зи сокумрэ зи кIэмкIэ зэфпхыжынур»? – а псалъэхэр гущIыхьэ къыщыхъурт нанэм. АтIэми, ахэр зыхуэгъэзар лIы дэмыкIуа хъыджэбзт. И гупэмкIэ елэлэх IэлъэщIк Iапэр, бащлъыкъ кIапэм ещхьу, и плIэм иредзэжри, псы уэрым хыхьэу икIыну зигъэхьэзыр нэхъей, ипэкIэ зреч. – Алыхьыр си бийщ, си пхъум и жагъуэ фщIыуэ фхуэздэмэ! ШэсыпIэу фашистхэм щаубыдам ар щхьэпылъапIэм къыф Iэсхыжащ сэ. Си нэк Iум дыркъуэр хэгъуэщэжакъым иджыри. Фыкъеплъыт мыдэ: дамыгъэ зытрадзэ шыбзым ещхьу, мы си нэкIум фашистхэм кърагъэжьыкIа дамыгъэр флъагъурэ? Апчарэ къезгъэлыну бургомистрым деж сыщыкIуам къыстрадза дамыгъэщ мыр, – Хьэбибэ къызэщIэплъэщат. БэуапIэ имыгъуэтыжу, аргуэру и IэлъэщIым йопхъуэ. – Си пхъур уи пэщхъыным къихуа уи гугъэ, тIасэ? Абы и жагъуэ пщ Iыну апхуэдэ хуитыныгъэ къозытар хэт уэ? – ар Кузьмич йобгъэрыкIуэ. – Си напэр фIыщIэу Темыркъан мыгъуэм и напэ хужьым сыIуреплъэж, си пхъум цI ыху IэпэкIэ къеIусауэ слъагъуу щызыхуэзгъэшэчынум деж. И щхьэра ар иджыпсту щIэлъаIуэр? Краснэ Армэращ щIэлъаIуэр. А Краснэ Армэ хъужыр хэт езыр? Ди дэлъхухэрщ, ди къуэхэрщ. Алыхьым къысхуихъумэн си къуэ Албияни яхэтщ абыхэм. Си джийм трыренэ ди зауэлIхэм щхьэкIэ сызэблэжыну хьэлу Iыхьэр. Ди хадэм къитха псори еттын хуейщ ди хъумак Iуэхэм. Шхын щхьэк Iэ дылIэнкъым дэ. Шыпсыранэ гъэва тшхынщ, мэзым

дыщIыхьэнщи кхъужь цIыкIу, мы къэтщыпынщ. Ари ерыскъыщ. Гъатхэр къэсмэ, бжьын цIынэ, гъэш-шыпс жытIэнщ. Дэ дымэжал Iэр Iуэхукъым, ди зауэлIхэм я ныбэ из закъуэмэ! – Хьэбибэ и нэхэм хъуаскIэр къащIихырт, и макъыр кIэзызырт – къэгубжьыщауэ арат. – Бийм дытекIуэным нэхърэ нартыхур зыфIэнэхъ лъапIэр хэт? Хэт, зо?! Мы утыкум кърырехьэт ар, абы и нэгум сиплъэну сыхуейт. Абы «и сокумрэ и кIэмрэ зэс-пхыж» къудейм сыкъыщынэнукъым, абы... – «абым» ирищIэнур иджыри къигупсыса щIыкIэтэкъым Хьэбибэ, ауэ лъагэу иIэта и Iэм сэшхуэ IэщIэлъ нэхъейт. – ИгъащIэ псокIэ щымыгъупщэ-жынщ абы есщIэнур...

– Хъунщ иджы, Хьэбибэ. Псалъэ уэстатэкъым уэ, –хуэм цIыкIуу жеIэ Апчарэ. Ауэ абы и макъыр гуфIэгъуэкIэ гъэнщIат: Апчарэ ищIэжыртэкъэ, абы и закъуэтэкъым ар зыщIэри! – Хьэбибэ андез ищтэу, зигъэпскIыжу, джэбынри зришэкIыжу бургомистрым деж зэрыкIуауэ щытар? Ар ажалми щышынатэкъым, иджыпсту шынэу дэнэт къыщыпхуикIуэтынур?

– А псалъэ жыхуэпIэр уэ къыпIысхыну сыпылъыххэкъым езыр! БостеикIэ тхьэмадэт иджы сымылъагъужар! Уэ узипхъур сэрауэ пIэрэ хьэмэрэ сэ си анэр уэрауэ пIэрэ? Сэ псалъэ къызэзытыр бургомистрым къыстридза мис мы дамыгъэрщ! Мис ар! Плъагъурэ? – Хьэбибэ йоIусэж и нэжьгъым телъ дыркъуэ плъыжьыфэм. – А дамыгъэм къызжеIэ сэ пэжым, захуэм сыкъыщхьэщыжын хуейуэ, – ар макIуэри и пIэм йоувэж, и щхьэцыр зэрегъэзэхуэж, IэлъэщIыр и пщэм щIекъузэж, зым жиIэми емыдаIуэ пэтми, и тхьэкIумэм къоцырхъэ Iущащэ макъхэр: абы жиIар зыфIэзахуэхэр куэд хъурт.

Хьэбибэ и ужькIэ Апчарэ къыщIедзэ:

– Дахэ-дахэу зэрызедмыхьаракъым ди гъавэр фIы щIэмыхъуар. Ар зэрыдвауэ щытар фигу къэвгъэкIыжыт! Къуажэдэсым лъапэкIэ къатIащ ар. Гектар минитI белкIэ къыпхуэтIрэ? Тхуэвэр дващ. Адрейм лъапэрисэу хэтсащ. Нартшу тхьэм игъэпсэу – зы трактор къыдитауэ щыташ. Ауэ а трактор ныкъуэдыкъуэ закъуэмкIэ куэд пхуэвэнт? Зэрылэжьам нэхърэ къутауэ зэрыщытар нэхъыбэщ. Ежьужьхэр гъэкъэбзэным жэщ-махуэ димыIэу и ужь дитащ. Хадапщ Iэм хэт школакIуэхэр, зэрымэжэщIалIэм, я къарур зэрыщIэкIам къыхэкIыу, хьэмфIанэр яIэпыхурэ джалэхэу щыташ. Ди жэм дапщэ вагъэмбэкъум дэту щанэжауэ щыта?..

– Жэм псэфхэр щIэвмыщIэу мыхъуну фезыхулIар делэт хьэмэрэ губзыгъэт? Вредительствэ жыхуаIэжыр сыт абы лей? – Кузьмич иджыри икIуэтыжыртэкъым.

– Унафэ щыIащ.

– Хэт и унафэ? Хэт апхуэдэ унафэ делэ зыщIыр?

– Чорэм! Райисполкомым и председатель Чорэм. Мис аращ зыщIыр! Абы демыдэIуэну дыхуиткъым дэ. Зауэ IэнатIэм Iуту

командирым и унафэр зымыгъэзэщIа сэлэтым иращIэр фщIэр-къэ?..

– Гъатхэ вэн-сэныр зауэ ебгъэрыкIуэныгъэ хъуакъым. Ар щхьэ жевмыIарэ Къулым? Жэм псэфхэм щанэж, ди Iэщым къащIэхъуэнуIакъым. ШкIэм я пIэ кхъуэщыни чырбыши ибгъэувэ зэрымыхъунур щхьэ жевмыIарэ?

Гупым щыщ гуэрым и хъурыфэ пыIэр къеIэт. КIурацэ плъэмэ, зи пыIэр къэзыIэтар Гулэ дадэт. Нэмыцэхэр къэсу бургомистрыр хахыхукIэ арат щхьэлтетхэм я советым и унафэщIу щытар. Абы узэреджэну нэхъ захуэр жылэм дэс нэхъыжьхэм я Советт. Я хэщIапIэу къыхахар Чопракъ тет нэхъ щхьэлышхуэ дыдэрт. Гулэ дадэ псэлъабэтэкъым, ауэ дэтхэнэ и зы псалъэми пщIэ иIэт.

– Гулэ, зыгуэр жыпIэну арат? – дадэм йоупщI КIурацэ.

– Къуажэдэсхэм яфIэзахуэмэ, сэри зы псалъэ жысIэнт, – и пыIэр щхьэретIэгъэжри Гулэ утыкум къохьэ. – Ди къуршхэр я пIэм зэрыхуимычам ещхьу, Гитлер ди хабзэхэри хуэкъутакъым, – мыпIащIэурэ къыщIедзэ абы. – КIурацэрэ Апчарэрэ, ахэр зи цIэ фIыкIэ жаIэнхэм ящыщ тхьэм ищIхи – къыдолъэIу защIэдгъэкъуэну. Абы щхьэкIэ жылэр щIызэхуэпшэсыни щыIа? Акъылри хабзэри зезыхьэ нэхъыжьхэр зэхуэсынт, Iуэхум унафэ тращIыхьынти зэфIэкIат. А унафэм ебэкъуэнтэкъым лIэмэ щIалъхьэжыну гугъэри, гуфIэгъуэ иIэмэ, ар къыдаIэтыну хуейри. Жылэр игъащIэми матэм дэс бжьэм хуэдэщ, къуажэдэсхэр зэрыIыгъщ, зэрощIэ. Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт Советскэ властыр щыува япэ илъэсхэр. Къэралыр мэжэщIалIэт, ди хэкури – арат. Ауэ Мэремкъаным цIыхум захуегъазэ: «Краснэ Армэр мэжалIэ хъунукъым». Абы республикэр къыхуреджэ Iэщ зиIэм иту красноармеецыр игъэшхэну. СощIэж, Къэбэрдейм и закъуэ итат Iэщ мин пщыкIутI... А Iэщ къомыр гъущI гъуэгум езыхулIахэм сахэтащ сэри...

Адрей лIыжьхэми къызыпхагъэIукI:

– Инал жиIэрт: былымитI уиIэ – зыр Краснэ Армэм ет.

– Инал жиIар алыхьым жиIа хуэдэт. Абы и псалъэм къэгъазэ иIэтэкъым.

– Ноби апхуэдэущ зэрыщытын хуейр, – адэкIэ пещэ Гулэ.– Апчарэ гузэвэгъуэм къыдихулIащ. Дэ дыдэмыIэпыкъумэ, хэт абы къыдэбгъэIэпыкъунур?

– Жьыщхьэ махуэ тхьэм уищI. Уи акъылымрэ уи ныбжьымрэ я гуфIэгъуэ плъагъуу иджыри куэдрэ тхьэм дяпэ уригъэт,– Хьэбибэ фIыщIэ хуещI дадэм.

– Псалъэ къудейкIэкъым дэ Апчарэ дызэрыдэIэпыкъун хуейр, – Гулэ и макъым зрегъэIэт. – IуэхукIи зыщIэдгъэкъуэн хуейщ. Ди хадэм къитхам щыщ зэрыттыпхъэр гурыIуэгъуэщ. Ауэ зы шкIэ, зы танэ, мэл, бжэн, сэ сщIэ мыгъуэрэ, псэущхьэ гуэрхэр диIэми, ари кIэзонэ уасэкIэ колхозым етщэ щхьэ

мыхъурэ? Лыри ерыскъыщ... Сабийхэр мэзым щIэутIыпщхьа-уэ кхъужь цIыкIу, мы, къущхьэмыщх къебгъэщып щIэмыхъур сыт? Ахэр тафэтес къуажэхэм пшэуэ гъавэкIэ, кIэртIофкIэ пхъуэж мэхъу. Мыдрейуэ, лIыжьхэм чийлъэрыкIуэ тщIымэ, псэуалъапхъэ хэтхыурэ ахэри етшажьэмэ, пхуэщэнущ, пхуэ-хъуэжынущ. Апхуэдэу тщIыуэ щытакъэ дэ япэхэми? Аращи, удын зэхэдзэ нэхърэ Iыхьэ зэхэдзэ жыхуиIэу дощIри, Апчарэ и Iуэхури зэфIокI, – дадэ нэхутхьэху дахэр къыпогуфIыкIри нэхъ-ри угъурлыфэ къытоуэ.

Гуп зэхэтым Iэгу еуахэри къахокI.

– Уи гъуэгур бэIутIэIуншэу дунейм куэдрэ иджыри тхьэм утригъэт, – КIураци фIыщIэщхуэр хуещI дадэм. Ауэ и мотористми и жагъуэ къащIу игу техуэнукъыми, абыи къыщхьэщож ар. – Кузьмичи зыхуэвмыгъэгусэ. Бынунэшхуэщ. Я цIэр имыщIэжу бын куэд иIэщи, тIэкIу къэдзыхауэ арат.

– Iэщ гъавэкIэ тхъуэжынумэ, ди кхъуэ фермэм къыщыщIэдвгъадзэ. Планым щIедгъэгъунщ занщIэу! – молэм и гъунэгъуу щытхэм ящыщ гуэр гушыIэурэ къокIий. Диным и лэжьакIуэм игу зрыригъэхьыну аращ. Гулэ Апчарэ дежкIэ маплъэ – дауэ къыщыхъуну пIэрэ ар?

Молэ пащхьэм зыщызыгъэIужажэм и щхьэфэм иIэбэн и гугъат Апчарэ. Ауэ хунэсакъым: лэнейкIэм ису завод пщIантIэм къыдолъадэ комиссарыр. Дотий бгъурысщ цIыхубз мыцIыху гуэри. Уэнжакъ дыдэм кърехулIэри, Нартшу лэнейкIэр къегъэувыIэ. «Тхьэм уигъэпсэуи, Дотий! Сыту и чэзу дыдэу укърихьэлIа!» – Апчарэ и гур къогуфIыкI.

Зэхэтхэри зохъуцацэ:

– ГъавэмкIэ уполномоченнэращ!

– Ар къыщыкIуакIэ, дауи, Iуэхур щIагъуэкъым.

Япэхэм хуэдэу гугъу дыдэ демыхьу, лэнейкIэм къикIащ Къуэшрокъуэр.

– ЕвгъэкIуэкI, евгъэкIуэкI, – жиIэу и Iэр ищIурэ къокIуэ. Апчарэрэ КIурацэрэ я Iэхэр еубыд. Къыздрихар тхьэм ещIэ, Нартшу шэнтщхьэгуэ къехь асыхьэтыпцIэм. Ауэ Хьэбибэ гу лъетэри, Дотий а нанэм дежкIэ егъазэ. Абыи сэлам ириха нэужьщ Къуэшрокъуэр щытIысыр.

– Сыту фIыуэ укърихьэлIат, Дотий! Яхэплъэт мо гвардеец лIыхъужьхэм. Я Iыхьэм и ныкъуэмкIэ сэлэтхэм ядэгуашэмэ, шхын щхьэкIэ лIэну я гугъэщ мобыхэм.

– ЦIыхур къыбдэгуэшэнуми къыбдэмыгуэшэнуми езыр хуитыжщ, си псэм хуэдэ Апчарэ. Абы хэгъэзыхь иIэкъым.

– КхъыIэ, псалъитI-щы жыIэ, – мэлъаIуэ Апчарэ. Абы зегъэщхъ, комиссарым и IэфракIэпитIыр еубыд, къиIэтыну ара хуэдэщ хьэщIэр.

– Iейуэ дынолъэIу, Дотий, уи псалъи егъэдаIуэ мыхэр, –

КІураци хьэщІэм къыхуоплъэкІ.

Дотий къотэдж. Щытхэм яхоплъэ. Куэд щытщ. ЦІыхубзщ, лІыжьщ, ныкъуэдыкъуэщ нэхъыбэр. АдэкІэ щыт лэнейкІэм исщ Аннэ Александровнэ. ШыІэныгъэ хэлъу щысщ, чэзур си деж къэсмэ, сэри си гугъу къащІынщ, жыхуиІэу, зеплъыхь, цІыхухэм яхоплъэри абыхэм ядэлэжьэн зэрыхуейм йогупсыс.

Дотий, зэрихабзэу, и джанэкІэр бгырыпхым щызэщІекъуэ, зегъэпсчэуІу. СыткІэ къригъажьэмэ нэхъыфІу пІэрэ?

Моуэ гупсэхуу Апчарэ жеІэ:

– Псалъэ иІэщ Къуэшрокъуэ Дотий, партым и обкомым и уполномоченнэу ди районым щыІэ, комиссар...

– Хъунщ, хъунщ иджы! – Апчарэ адэкІэ игъэпсалъэркъым Дотий. – Сыщыташ комиссару. Иджы шы заводым сридиректорщ... Ныбжьэгъу лъапІэхэ, икъукІэ си гуапэщ сымыщІэххэу мыпхуэдэ зэІущІэ сыкъызэрырихьэлІар...

– Рабочэхэмрэ мэкъумэшыщІэхэмрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІ зэІущІэщ, – Іуэхур имыгъэтэмэму хуэшэчыркъым КІурацэ.

– НэхъыфІыжщ. Нартыхум къызэхуишэсауэ аращ рабочэри мэкъумэшыщІэри. Ауэ щыхъукІэ, псоми я гуращэр, псори зытегузэвыхьыр зыщ – бийр зэтезыкъутэ Краснэ Армэм сыткІэ зыщІэдгъэкъуэфын, жаІэу аращ. Фэри фыщыгъуазэу къыщІэкІынщ ди дзэхэр Тисэрэ Дунай псымрэ я бжьэпэхэм зэрытехьам. Гитлер зауэм хузэщІигъэплъауэ щыта машинэм и шэрхъхэр щІоху, зыр адрейм и ужь иту. Хьэуэ лъэпкъ къыхимыгъэкІыу Финляндиери арэзы хъуащ союзникхэм хуагъэува Іуэхугъуэхэмкlэ...

Щытхэр Іэгу йоуэ.

– Фашистхэм я дивизэ щэщІ тенджыз Іуфэм ирагулІащ, Курляндскэ группировкэр я дзэхэм къыгуачащ. Абдеж даубыда бийхэм икІуэтыжыпІэ яІэжкъым. КъыздикІам игъэзэжащ зауэм. Дуней псом и тепщэ зызыщІыну щІэхъуэпса хьэбыршыбырхэр зауэм и лъым хетхьэлыхьыж. Ныбжьэгъу лъап Іэхэ, жыжьэжкъым ди текІуэныгъэр. Ауэ къанэ щымыІэу бийр зэтекъута хъуакъым иджыри. Абы фІырыфІкІэ зыкъитынуи и мурадкъым. УІэгъэ хъуа хьэк ІэкхъуэкІэм ещхьщ ар. Апхуэдэу щыщыткІэ, Советскэ Союзым и народхэм я зэфІэкІ псори иджыпсту хуаунэтІ Гитлер и пэр щІым зэрыхущахуэным. Абы папщ Іэ зыми уеблэж хъунукъым. Абы папщІэ, уи Іуэху, си Іуэху щымыІэу, псоми ди зэхуэдэ Іуэхур – ди тек Іуэныгъэр нэхъри къызэрыдгъэІэгъуэным дыхущІэкъун хуейщ. Дагъыстаным и цІыхухэм здахьын яІэтэкъэ адыгэхэм къыхурагъэша абджыр? Грузинхэмрэ армянхэмрэ мафІэгукІэрэ къррагъашэ псэуалъапхъэхэр, гъущІхэр, цементыр, электромоторхэр, ухуэныгъэм ирахьэлІэ нэгъуэщІ псэуалъапхъэхэр. Ростовдэсхэр-щэ? Ахэракъэ къыдэзытар ди шы заводыр къызэфІэдгъэувэжын папщІэ шыбз тІощІ-

рэ пщIырэ? Мес, пцIы супсмэ, сремыгъэупс си «шыщхьэхъумэ» Нартшу: ари кIуат шыбзхэр къихуну...

А псалъэхэр зэхэзыха Нартшу зы шэтвэр хэхъуа хъунт. Къэтэджу зыкъигъэлъэгъуэну и мурадат абы ауэ, арыншами, къалъагъурт – псоми я нэр къытраубыдат.

– Ди къуэшхэми а псори щIащIэр ди текIуэныгъэм папщIэщ! – и псалъэр зэпегъэури мэбауэ Дотий. – Ди текIуэныгъэм щхьэкIэ зи псэм емыблэж цIыхум, зымащIэ дыдэ нэхъ мыхъуми, текIуэныгъэр щытлъагъуну сыхьэтыр япэкIэ егъэкIуатэ. Иужь-рей лъэбакъуэр пчыныр нэхъ хьэлъэ хъу хабзэщ, аращ абы гъуэгурыкIуэр нэхъ гугъу щIыдехьри... Апчарэрэ КIурацэрэ иджыпсту, мы сыхьэт хьэлъэм, фэ къыфпаубыдыркъым фи псэр, дыщэ щхьэкIи къывэлъэIуркъым ахэр – нартыхущ щIэлъаIуэ-хэр... Ар зигу пымыкIым, сыт епщIэн, къызыхурырегъэнэж езым. Ауэ си фIэщ хъункъым нобэ дэ къытхэкIыну зи хьэлу Iыхьэр шхыIэн щIагъым щызышхыжын. Тхыдэм и тэрэзэм къытехутащ къэрал псом и гъащIэр, дуней псом и гъащIэр. Гъавэмрэ гъащIэмрэ зэлъытащ нобэ...

– Пут тIурытI нэхъ мыхъуми. НэхъыбэIуэ зиIэм нэхъыбэIуэ къитми... – къопсалъэ Апчарэ. Абы гукIэ ещIэ, планыр ягъэзэщIэн папщIэ сыт хуэдиз хущыщIэми. Гъавэр пщэдджыжь колхоз амбарым нефшалIэ. НезышэлIахэр сэ тхылъ сщIынущ. Гъавэр зышэчынур мис мо Гулэ сымэщ. Арат нывжетIэнур.

КIурацэ пIащIэу щIегъу:

– Колхозхэтхэм зыкъыкIэрагъэху хъунукъым заводым и рабочэхэми. Сэри пщэдджыжь сыхьэтитхум къыщыщIэдзауэ колхоз амбарым сыдэтынущ.

## 2. ЗООТЕХНИКЫЩIЭ

ЗэIущIэ нэужьым КIурацэ хьэщIэхэр иригъэблэгъащ «Кабинет» жиIэу цIэшхуэ зезыхьэ пэш цIыкIу гуэрымкIэ. Зы бжэ зыхэлъ стIол мыламрэ шэнт зэщIэскъыскъэ зытхухымрэ фIэкI щIэттэкъым абы. Щхьэгъубжэ закъуэ хэлъым и зэхуэдитIри чырбышкIэ къищIыкIыжат. Ар къызэрищIыкIыжари чырбыш ныкъуэкIэт – псохэм щысхьат. Щхьэгъубжэ дакъэм тетт удз гъэгъа, псы зэрыт кхъуэщын Iэлъэныкъуэ.

– Рабочэхэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ я зэIущIэ фиIэуи сщIакъым, имыщIэххэу псывэм хэпкIа джэдым ещхь сыхъуащ, – жиIэурэ мэдыхьэшх хьэщIэр. – Къэзэнокъуэр заводым щыIэщ къызжаIати, сытми къыдэздзыхауэ арат, Апчарэ зоотехник къызэрыхуэсшамкIэ згъэгуфIэну.

Бэлъто укъуеижа дыдэ тIэкIу зыщыгъ, IэлъэщIыр къызэпхъуха Аннэ Александровнэ полковникым и гъунэгъуу щхьэ-

гъубжэм деж щысщ. Абы дежкIэ гъэщIэгъуэнщ илъагъу псори: цIыхухэри, абыхэм я псэукIэри. И Iэпхъуамбэ гъурхэр и куэ-щIым илъу, щысщи, псори зэпеплъыхь. Фэуэ тетщ абы и нэгу куэд зэрыщIэкIари. И ныбжьым елъытауэ, жьыфи къытеуащ.

– Айтэч хуэмыухыжу къыпщытхъуащ, – къыпыгуфIыкIыурэ абы зыхуегъазэ Апчарэ.

– Айтэчрэ Нартшурэ си деж щыхьэщIахэщ. ХъарзынэIейуэ, зэныбжьэгъужь дызэхуэхъуауэ дыпсэуащ а махуэ зытхухым, – Iэдэбу къопсалъэ Аннэ. – Ахэращ фи кхъуэ фермэм и гугъу къысхуэзыщIари... Къаскъул къызжиIат мыбы кхъуэр фIыуэ зэрыщамылъагъур.

– Ар пэжщ. Хуит пщIамэ, ди муслъымэнхэм яхэтт кхъуэр псэууэ щIэзытIэн, зыгъэсын. Ари IэкIэ емыIусэу, – мэдыхьэшх КIурацэ.

– Урыс диным ит адыгэхэри щыIэщ. Мэздэгу адыгэкIэ еджэу. Абы сыкIуэну сыхэтат кхъуахъуэ щхьэкIэ, – Апчарэ зэпеплъыхь цIыхубзыр, кхъуэм теплъэ мыхъу цIыхухэм я деж къызэрыкIуамкIэ щIемыгъуэжауэ пIэрэ, щIэпхъуэжыну хуемыжьэну пIэрэ? Апчарэ Iэщ гъэхъунымкIэ и къуэдзэр кхъуэ фермэм гъунэгъуу екIуалIэртэкъым, адэ жыжьэу къыщыувыIэрти Iуэхур зыIутымкIэ кхъуахъуэхэм еупщIт, езыхэм я Iэр иубыдыххэртэкъым, жыжьэу сэлам ярихыу арат.

– Уи унэцIэр хэт, Аннэ?

– Крыськощ, – жеIэ хьэщIэм. – Аннэ Александровнэ Крыськощ.

– Дэ уи цIэ къудеймкIэ дыноджэнщ. Хъункъэ? Ди деж адэцIэхэмкIэ щеджэр зэзэмызэщ. Дэнэт узыщыщыр?

– Харьковскэ областым. Варваровкэ къуажэм... – Аннэ и бзэр хуэм-хуэмурэ къеутIыпщ. – Харьков нэмыцэхэр къэблагъэу щыхуежьэм, Iэщыр абы къыдгъэIэпхъукIын хуейуэ унафэ къытIэрохьэ. Си къуэдзитIымрэ сэрэ ди фэм дэкIам ущIэмыупщIэ. Iэщу мыбыкIэ къахум бжыгъэ иIэтэкъым. Хуабэт. Сабэм нэр игъаплъэртэкъым. Сытми, ди занщIэр ди гъуэгуу докIуэ. Iэщыр псы щхьэкIэ малIэ. ШкIэ лIамрэ жэм ныкъуэлIэмрэ дуней псор зэщIащтащ. Гошкэ си гъусэу сэ выгум сисщ. Махуэ дапщэ дыкъэкIуами сщIэжыркъым. Ауэ нэмыцэ танкхэр къытлъэщIохьэ. Ди Iэщым и ныкъуэр гитлеровцхэм яукIри яшх, и ныкъуэр занщIэу Германием ирагъэху. Си гъусэ хъыджэбзитIри страхащ. Здахуари сщIэркъым. Сабийр яфIэгуэныхь хъууэ сэ сыкъагъэнагъэнщ. Ростовскэ областым щыщ хутор нэщI гуэр, – цIыхуи Iэщи дэмытыжу, – екIуэлIапIэ сощI. Зыгуэрым и унэ нэщI сыщIэтIысхьауэ арат. ИтIанэ хуэм-хуэмурэ цIыхухэри дунейм къытохьэж. Абыхэм срагъусэу щIымахуэр исхащ...

– Уи Iыхьлыхэм щыщ зыри уиIэжкъэ? – щIоупщIэ КIурацэ.

– Унэм письмо стхащ, сыкIуэжри сыплъащ. Ди къуажэ псом

щыщу унэ уэнжакъ зытIощIырыпщIт къэнэжар. УзэупщIыни дэсыжтэкъым. Сыт сщIэнт? Аргуэру шы заводым къэзгъэзэжащ. Иджы, мис, фи деж сыкъэсащ...

Аннэ и псалъэм печ. Абы зи гугъу ищIыжахэм утепсэлъыхьыну тыншкъым, дауи. И фэр пыкIащ. И нэпсхэри ерагъыу иIыгъщ. Дотий псалъэмакъыр нэгъуэщI щIыпIэкIэ триIуэнтIэну мурад ещI.

– Зауэр иухмэ, мемуархэр ттхыжу дыщысынщ, – нэжэгужэу къопсалъэ ар. – Сэ си щхьэкIэ гукъэкIыжу зы тхылъ псо стхын си гугъэщ. Ар абы дынэсмэщ. АпщIондэху Аннэ щыпсэуунур къыджеIэт, Апчарэ. Фермэр къуажэм пэжыжьэщ. Аннэ, уэри зэрыпщIэщи, сабий сымаджи щIыгъущ. Абы нэс укIуэ-укъэ-кIуэжу ухуежьэмэ, вакъэ лъэгущIыхькIэ урикъункъыми.

– Лъэсу къедгъэкIухьынкъым. АвтомобилкIи къэзгъэгугъэркъым. Сэ сиIэр зыш зыщIэщIа бидаркэщ. Абыи зыш, е зы хьэмкIэшыгу къыхузэдгъэпэщынщ.

– ДэгъуэIейщ, тхьэ! – къопсалъэ КIурацэ. Абыи зы бидаркэ иIэу аращи шэрхъитIым теIулIа а ашыкым нэхърэ нэхъ транспортыфI мы дуней псом темыт и гугъэщ.

– Абы и теплъэ слъагъумкIи зышри куэдыIуэ хъункIэ мэхъу. Жьым трихыу ирихьэжьэнкIэ тIэу еплъынкъым. Пэжкъэ, Аннэ? – Къуэшрокъуэр гушыIэрт, дыхьэшхырт. Ауэ, Апчарэ щыIуплъэкIэ, абы и гуфIэгъуэм зы нэщхъеягъуэ гуэр къыхэпIэжьажьэрт. Дотий игу игъэфIт: зыщIэхъуэпсар къехъулIащ – шы заводыр къызэIуихыжащ унафэщIхэм дзыхь къыхуащIар игъэпэжащ, апхуэдизкIэ ныкъуэдыкъуэу, ищIэфын щымыIэу жызыIахэр зэрыщыуар IуэхукIэ къигъэлъэгъуащ.

Телефоныр къоуэ. КIурацэ трубкэр къытрех.

– Иринэ Федоровнэщ, жыпIа? Уи махуи нэхъыфIыжу!.. Хэт? Ныбжьэгъу Къуэшрокъуэри? Щы Iэщ мыбы. Ди зэIущIэм къыщыпсэлъа къудейщ. Апчарэ дэрэ ди фIэщу домитингауэ...

Иринэ гуфIащ: икIэм икIэжым къигъуэтащ Къуэшрокъуэ Дотий. Нэху зэрыщрэ къилъыхъуэрт. «Ухуеймэ, щIым къыщIэуд – Къуэшрокъуэр къысхуэгъуэт», – жери ириубыдылIат ар Къулым. Дотий бюром мыкIуэну Iэмал имыIэу арат.

ТIэкIуи къэIэнкунауэ мэIэбэри, трубкэ къыхуашияр къыIех Дотий. «ИкIэм икIэжым си лъэIур алыхьым деж нэсащ. Фронтым сагъэкIуэжыну унафэ ящIауэ арагъэнщ», – жиIэурэ телефоным бгъэдокIуатэ ар. УIэгъэ зэрыхъурэ иджыпстут абы япэ дыдэу и башыр къыщыщыгъупщар.

– Сэлам узох, Иринэ. УкъыщIыслъыхъуэр къэсщIа си гугъэщ. Къулыр епсэлъакIэу пIэрэ ГлавПУР-м?

– Зэпсэлъар сщIэркъым, ауэ тIэуней псэлъащ Москва, – къыжриIэрт Иринэ. – Си тхьэкIумитIкIэ зэхэсхащ.

ГуфIэщати, дэлъей пэтащ Дотий. Зыпэплъар къехъулIэну

зэригугъамкIэ щымыуауэ зыкъилъытэжт абы.

– Дэнэ щыIэ си шыщхьэхъумэр? – дамэ къытекIа хуэдэт Дотий. ГущыкI зыхуищIа башым еплъыну игу техуэжыркъым: фронтым сызымыгъэкIуэжу зыкъыскIэрызыщI ар уэрати, жи. КъохъулIакъым уи мурадар. Къызоджэхэр... Дэнэу пIэрэ сыздагъэкIуэнур? Дэтхэнэ фронтрауэ пIэрэ?..

Нартшу бжэщхьэIум къытоувэ.

– Укъызэджат, Дотий?

– Къуэшрокъуэм моуэ пхъашафэ зытригъэуауэ и макъыр еIэт:

– Шыщхьэхъумэ, укъэсцIыхужыркъым, дауэт уи командирым бгъэдыхьэн зэрыхуейр?

Нартшу а напIэзыпIэм зехъуэж:

– Ныбжьэгъу комиссар, сэлэт Дэдэхъур укъызэреджам ипкъ иткIэ къэкIуащ!

– Армырай хабзэр! Аращ уставми жи Iэр, –Дотий гуапэу зэпеплъыхь тIэкIу къигъэщта щIалэ цIыкIур. – ДяпэкIэ узэрыпсэлъэн хуейр сэлэтыбзэщ. ЗэфIэкIащ...

– Сытыр? ДыкIуэрэ фронтым? – Нартшу и нэхэр къоцIыщхъукI. – ЗанщIэу иджыпсту дежьэрэ?

– Хьэуэ. ЯпэщIыкIэ обкомым докIуэ. Къулым деж. АдэкIэ тщIэнур абы къыщыджаIэнкъэ? Шыхэр зэщIэщIэжи хьэзыру щыт.

Нартшу щIоцIэфтыж.

– Фронтым уагъэкIуэжыну пIэрэ? – Апчарэ къэгузэвэпащ. И нэкIущхьитIыр къэуцIыплъащ. НэщхъыфIафэ зытригъэуэн и гугъэ щхьэкIэ и Iупэхэр кIэзызырт.

– Е-ей, Апчарочкэ-Чарочкэ! Сыщыжейми, накъырэ макъ си тхьэкIумэ зэритыр пщIэрэ уэ? Бюром и заседанэм сраджэу аращ. СыщIраджэр сщIэркъым. «Къуэшрокъуэ, пщIэрэ, узэжьэр сыт? Парт конференцыр къэблэгъащ. Планыр дэнэ щыIэ?» –жаIэу си пэр щIым схущахуэну арагъэнкIи мэхъу. Абы щыгъуи сыт пщIэн? Рабочэхэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ я зэIущIэ едгъэкIуэкIащ. Губгъуэхэм диIэпхъукIри унэ хадэ цIыкIухэм дынэсащ, жысIэнщи зызгъэзэхуэжу щIэздзэнщ. АбыкIэ къысхуагъэгъумэ, фIыт…

Дотий гу лъитэрт Апчарэ зэрыпIейтейм. Абы езым насыпыфIэ дыдэу зыкъилъытэжт. Апхуэдэ щытыкIэ зэи къыхуихуатэкъым Къуэшрокъуэм. Ар бжэм хуокIуэ. Башыр имыIыгъыу мыбы щ IэкIыжыныр сыту насыпышхуэт, ауэ къигъэзэжу ар къимыщтэжу хъуакъым.

– НтIэ Нартшу жепIахэр сыт иджыпсту? – Апчарэ къэпхъуатэ Дотий и башыр, ар и бгъэм кIэрекъузэ, баш дакъэр и Iупэм еIусэу.

– Ар-ы-ы... – зэIонэ комиссарыр. – Къулыр Москва псэлъащ,

жи... Си Iуэху зэрихуауэ ара си гугъэщ. Ухуеймэ, абы сыкъыщи-кIыжкIэ, уи дежкIэ сыкъыдыхьэнщи Iуэхур зытетыр бжесIэнщ.

– Ухуеймэ, жи! Ахьай сыхуей! Жэщыр хэкIуэтэхукIэ правленэмкIэ сыщIэсщ сэ. Бригадирхэм срагъусэу. Мис абыкIэ ныIухьэ.

– ДызэгурыIуащ, – Дотий Аннэ дежкIэ йоплъэкI. – Зоотехникыр къыбогъанэ-тIэ. Абы и лIыр си шы заводым щылэжьэну хъунщ. Аннэ, сыщыуэрэ? Хьэмэрэ... Къаскъул уи щхьэгъусэкъэ?

Аннэ Александровнэ плъыжь къохъу.

– ЖыпIэр сыт? Си деж щIэсауэ аращ. КъыздэIэпыкъуу щы-тащ... Иужьрей зэманым зэзэмызэххэщ къызэрыкIуэжыр.

– Уэ иджыри ущIалэщ. Умыбэлэрыгъ, уахьынщи къуршым урахьэнщ. Апхуэдэ шууейхэр щыбгъуэтынущ мыбы иджыри...

– Хэти уихьын иджы? Псори зауэм щыIэщ, – къыпогуфIыкI Аннэ.

– Iау, зауэм щыIэхэр къэкIуэжынкъэ! Сыт хуэдиз фызыншэ зэуэ щы Iэн уи гугъэр? ЗауэлIхэу, Кавказым щыщу къэкIуэжын жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ! Уадэмыджэгу абыхэм! – зыгъэкIуэтэж цIыхубзхэм ядэгушыIэу, ягу фIы яхуищIурэ лэнейкIэм хуокIуэж Дотий. Апчарэ псалъэми гушыIэми ящыщкъым.

– ФIыкIэ дызэIущI эжхэ.

ЛэнейкIэр щIопхъуэж. Нартшущ дунейм темыхуэжыр. ЧнутIыр егъаджэ, езыр щIофие. Ар лэнейкIэм ису пщ Iэнтэкъым, лъэтауэ уэгум ит хуэдэт, зауэр и нэгу щIэтт абы иджыпсту...

Япэ зидгъэщынщи жыт Iэнщи, езы Апчарэ дыди и гугъэнтэкъым адыгэхэм зи Iуэху зэрамыхуэххэ кхъуэ гъэхъуным апхуэдизу ехъулIэныгъэшхуэ къыщихьыну. Колхозым плану телъым и Iыхьэ щанэр кхъуэ фермэм и закъуэ зэфIигъэкIт, арати, Апчарэ и колхозыр ящыщ хъуат къэралым лы етынымкIэ зи планыр нэхъыфI дыдэу зыгъэзэщIа хозяйствэхэм. Абы игу ирихьыпат а фермэм и унафэщIыр. Аннэ лэжьакIуэ бэлыхьу къыщIэкIат. И Iуэхум фIыуэ хищIыкIым и мызакъуэу, ар икIи цIыху телъыджэт. Абы и фIыгъэт Къэзанокъуэ Апчарэ лы нэхъыбэ дыдэ къэзылэжь япэ колхоз председатель республикэм зэрыщыхъуар. Апчарэ и колхозым къыщалэжь лымкIэ IуэхущIапIэ щхьэхуэхэр игъэнщIыфырт. Абы теухуауэ газетым итхым къеджа нэужь Къулым жеIэ: «Лыр щымыкIуэдыпхъэ щагъэкIуэд». Потребсоюзым унафэ хуещI Къэзэнокъуэм деж лы къыщащэхуу лъэкIэ къэувыжу хуежьа шхапIэхэм иратыну...

Аннэ бидаркэмкIэ пщIэншэу къижыхьыртэкъым. Абы шхапIэхэм запищIауэ ерыскъы кIэкъинэхэр, к Iэрыхубжьэрыхухэр, кIэртIофыфэхэр къаIихырти кхъуэ Iус ищIырт. Псом хуэмыдэу, абы дэIэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъурт уIэгъэщыр, арат нэхъыбэу къыщигъуэтыр кхъуэм яригъэшхын...

## 3. ОБКОМЫМ И БЮРОМ

Обкомым и бюром я заседанэхэр махуэ псокIэрэ щекIуэкI, языныкъуэхэм деж жэщ псори къыщыпыхъуэ щыIэт. Ахэр зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэр икъукIэ куэд хъурт: хозяйствэхэм, къулыкъу щIапIэхэр къызэгъэпэщыным, культурэм, н. епха Iуэхугъуэхэм. Оккупацэм щыгъуэ фашистхэм зыгуэркIэ яхэпщIа е лей зылъыса цIыхухэм я щхьэ закъуэ Iуэхухэми тепсэлъыхьхэрт... ЩэкI Iув щхъуантIэ зытепхъуа стIол кIыхьым бгъэ-дэст бюром и членхэр. СуткэкIэ къэмыхъейуэ щыщыскIэ, дауи, мэжалIэрт ахэр. Буфетым и лэжьакIуэ цIыхубз нэжэгужэ, зи фэ-ри дахэ Тамарэ ерыскъыкIэ мыкъулеищэ пэтми, тIэкIу зэIури-гъэухэрт, шей пщтыр иригъафэрт.

Къэзэнокъуэ Иринэ Федоровнэ и хъыджэбз цIыкIур сабий садым къришыжурэ пщыхьэщхьэкIэ обкомым щишэ куэдрэ къыхуихуэрт. Зэрыджэгун гуэрхэр иритырти, сабийм и щхьэ тригъэужу щыст. Данэ цIыкIу обкомым хъарзынэу есат. Ауэ абы псом нэхърэ нэхъ къищтэр буфетым щыIэуэлъэуэнырт. Тамарэ, цIыху хьэлэлти, сабийм зэ фошыгъу кIанэ, зэми повидлэ зыдэлъ хьэлывэ хуэдэхэр къыхуишиирт. «Даночкэ, нобэ дэнэ укIуэну?» – жиIэрэ я гъунэгъу фызыр къеупщIамэ: «Обымым», – жиIэрт сабийм. «Сыт абы щыпщIэнур?» «Хьэлывэ сшхынущ».

И щхьэр Iэтауэ, жьы щIэту кIэлындор кIыхьым ирокIуэ Къуэшрокъуэ Дотий. Ар къызэрилъагъуу Иринэ къыщолъэт:

– ИкIэм икIэжым укъэса, Дотий Матович? Сыту фIыт, сыту фIыт! Къеблагъэ.

– Сэлам узох, Иринэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Албиян и гугъу пхуэсщIыфынукъым, Iэджэ щIауэ хэт илъэгъуа ар?

– Ауэ сэ уэсхыжыфынущ абы къыпхуигъэхьа сэламыр. Письмо къитха къудейщ. Уэри къыпщIоупщIэж. Сэлам гуапи къуехыж. Шы заводым и директору узэрылажьэр ещIэ...

– ЗдэщыIэр къитхрэ?

– И адресыр бжыгъэ зэфэзэщц. СыткIэ къыбгурыIуэн ар?

– Ари пэжщ. Ауэ псори Iуэхукъым. Псом ящхьэращи – узыншэщ, псэущ.

Уэзджынэ макъ къоIу. Иринэ къызэIуех лъахъстэн фIыцIэ зытебза бжэ абрагъуэр, цIыхубзыр адэкIэ щIобакъуэ. А бжэ зэIухам къыщIоIукI Къулым и макъыр: «Къэсакъэ иджыри?» «Къэсащ, Зулкъэрней Увжукович».

– Абдеж щхьэ щыс-тIэ? – къоIу аргуэру Къулым и макъыр.

Бжаблэм здитым, Иринэ къызоплъэкI:

– ЩIыхьэ, Дотий Матович!

Бюром и заседанэр щекIуэкIыр щхьэгъубжищ зыхэлъ каби-

нетырат. КъалэнитI здихьт абы: икIи кабинетт, икIи заседанэхэр зыщекIуэкI залт. Ижьырабгъу плIанэпэм дэтт щэкIIув щхъуан-тIэ зытепхъуа жыгей стIол гъумыщIэ, абы бгъурытт телефоних зытет стIол нэхъ цIыкIуи. Кабинетым ущыбэуэну хьэлъэт, ауэ щхьэгъубжэхэр Iуахыртэкъым – псалъэмакъыр абыкIэ дэIукIыу цIыхум зэхамыхын папщIэ.

– Моуэ мобдежкIэ тIыс, Дотий Матович, – зи нэгур уфа-уфауэ, Iуэхушхуэ зэрытепсэлъыхьыр фэуэ зытет Къулым и щхьэр ещI стенографисткэ хъыджэбз щIалэ цIыкIур здэщысым пэмыжыжьэу щыт шэнтымкIэ.

И щхьэр ищI щIыкIэу щысхэм сэлам ярех Дотий. Псори абы къыхуеплъэкIат, зыкъоми къыщыгуфIыкIат. Зызымыгъэхъеяр Чорэм и закъуэщ. Заседанэр езыгъэкIуэкIхэр зыбгъэдэс стIолым и кIапэм щыст ар, и щхьэр щIэIуауэ. Абы пэмыжыжьащэу къы-щыст Бахъуэри. Абы зауэлI фащэ щIэрыпс щыгът, полевой дамэтелъхэр телът – ар щыхьэт техъуэрт къуршым ихьэжа бандэхэм драгъэкIуэкI бэнэныгъэр иджыри зэримыухам.

– Сосмакъым додаIуэ, – жеIэ председателу щысым. Сосмакъ ТIалиб къотэдж, папкэ гуэр къызэIуех. Чорэм нэхъри стIолым зытрегъэлъахъшэ.

– Дакъикъиблыр пхурикъун? – Къулыр йоупщI ТIалиб.

– Блыр мащIэIуэ хъунщ. Зы дакъикъэ тIощI, тIощIрэ тхурэ хуэдэ...

Залым щIэсхэм я макъхэм зыкъаIэт:

– ПщыкIутхур куэдыщэщ.

– Документхэми къеджэн хуей хъунущ.

– Сыт укъыщIеджэнур? Арыншауи, псори гурыIуэгъуэщ, – къопсалъэ Къулри.

– Си псалъэм кIыхь зезгъэщIынкъым-тIэ. Чорэм и гъащIэм и къекIуэкIыкIари дызогъэху… пэжщ, абыи зыгуэрхэр нэхъ бел-джылы къищIынут: Чорэм и дыгъуасэмрэ и нобэмрэ нэхъ тыншу зэпыпщIэфынут абыкIэ.

– Дэ дызыхуейр фактхэращ. Чорэм и дыгъуасэмрэ и нобэмрэ абыхэмкIи тхузэпыщIэнущ, – губжь щIэлъу къопсалъэ Къулыр. АфIэкI псалъэ жимыIэу хэплъэу щIедзэ обкомым и комиссэ хэхам Чорэм теухуауэ игъэхьэзыра справкэм. Сосмакъыр щIоупщIэ:

– Письмор къэзытхар дэнэ щыIэ? Ар щIэсын хуеят мыбы... Иринэ бжэр къызэIуех.

– КIуантIэр къыщIэгъэхьэ, – унафэ ещI Къулым.

Iэнкун дыдэу, зэрыукIытапэм къыхэкIыу, здэувынумрэ здэтIысынумрэ имыщIэу къыщIохьэ Зураб. Обкомым и лэжьакIуэхэм щыщ гуэрым абы шэнт ирет. Журналистыр шынапэурэ, зэрытетIысхьэу шэнтыр зэпкърылъэлъын нэхъей, йотIысэх, и щхьэ къиIэтуи зыми еплъыфыркъым. И щIакъуэ

башитIри Iэуэлъауэншэу езым зыбгъурегъэувэж.

Дотий игъэщIагъуэу йоплъ журналистым, абы нобэт ар япэ дыдэу щилъагъур. Абы и статьярат щхьэусыгъуэ хуэхъуар нобэ зытепсэлъыхьхэм. «Чорэм мафIэр къыщ Iидза хуэдэщ», – йогупсыс Къуэшрокъуэр. Абдеж Сосмакъыр къопсалъэ.

– Фактхэр, жыфIа? Ари содэ. КъыщIэздзэнщ-тIэ мыбыкIэ. Фермэхэр къызэфIагъэувэжакъым. Ауэ Чорэм унафэ ещI районым Iэщу итыр къызэхуахусыну. Фермэ уимыIэмэ, уимыIэххэр общественнэ Iэщым ебгъэшхынрамэ, унагъуэхэм зыгуэрурэ яхъумэ Iэщыр щхьэ къызэхуэпхусын хуейт? А унафэ мыхъумыщIэм и зэранкIэ Iэщым хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. Унафэ мышыу зэрищIар, Iэщыр шхын щхьэкIэ зэрызэтелIэр щилъагъум, Чорэм езым и унафэ дыдэр зэрикъутэж унафэ щIэрыщIэ къыдегъэкI. Ауэ а щыуагъэр районым дежкIэ икъукIэ лъапIэу къыщIэкIащ. Iуэхум хэзыщIыкIуцIыхухэм, хозяйствэхэм я унафэщIхэм я чэнджэщыр щайуэ къридзэркъым Чорэм.

– Езым и закъуэщ районыр зезыхьэр! Хэт зэбгъэчэнджэщынур?

Къулым и псалъэм щIэлъ ауаныр къыгурыIуакъым Сосмакъым.

– Сыт щIизакъуэр? Актив иIэкъэ районым? Уэрыш Батырбэч и закъуэ сыт и уасэ? Псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, Уэрышым и закъуэщ Чорэм и унафэр зымыгъэзэщIар: къуажэдэсхэм ирагъэхъумэну иратауэ щыта жэмхэр къызэхуихусыжын идакъым абы, Iэщым яшхын зумыгъэпэщ щIыкIэ ухэлъадэу жэмхэр къызэхуэпхусыжыныр акъылыншагъэт. Аращ Уэрышыр зэгупсысауэ щытари. Абы и Iэщым хэкIуэдыкIа щыIэкъым.

– Къэзэнокъуэ Апчари аращ ищIар.

– Тэмэмщ. Ауэ, Чорэм и унафэр зэримыгъэзащIэм къыхэкIыу, председатель ныбжьыщIэм сыт хуэдиз хьэзаб ирагъэшэчар!

Сосмакъ ТIалиб гъэтIысауэ кърибжэкIырт Чорэм и щыуагъэхэр, и къуаншагъхэр, зыхунэмысахэр. КIуантIэ Зураб а псоми едаIуэу щысти, зэрыщымыуар, тэмэму зэрищIар хьэкъыу и фIэщ хъужырт. И щхьэр щIэIуауэ алъандэм щысамэ, иджы хуиту къызэфIэтIысхьат, уеблэмэ Чорэм дежкIэ еплъэкIат: «Си письмор Къулым деж нэмысыну жыпIэри сыбгъэшынэну ухэтати… Зэрыплъагъуущи, къэсащ», – жиIэ хуэдэт абы.

Сосмакъыр тепсэлъыхьырт Къуэшрокъуэр зыщыгъуазэ куэдми. Езы Дотии и мурадат абыхэм я гугъу Къулым хуищIыну. Ауэ, мис иджы, КIуантIэр япэ къищащ. «ЩIалэ бэлыхьу къыщIэкIащ, – егупсысырт комиссарыр. – ЛIыгъэ иIэщ. Район псом нэхъ начальникышхуэ дыдэу исым щымышынэу зрипщытыфащ».

Сосмакъ ТIалиб и псалъэ укъуэдиям и ужькIэ, Бахъуэр

къотэдж. КIуантIэ Зураб и статьям къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэ-хэр къэзыпщыта комиссэм хэтат ари. Ауэ Бахъуэм иджыпсту зи гугъу ищIынур статьям зыкIи епхатэкъым, пэжщ, ар зы-тепсэлъыхьынум щыгъуазэт Къулыр. Пщалъэм изу ит псым хагъаткIуэу ар къыщхьэщезыгъэхуа ткIуэпст, ауэ икъукIэ ткIуэпсышхуэт, абы зи гугъу ищIыну и мурадыр.

– ПлIыщIрэ тIу гъэм и гъэмахуэ махуэу эвакуацэм папщIэ сыхьэт бжыгъэ, дакъикъэ бжыгъэ фIэкI къыщыдамытауэ щытарщ зи гугъу сщIыр. КъыщIэк Iуари дымыщIэу станцым къытехьауэ щытащ хьэкIэкхъуэкIэхэр зэрыс эшелон гуэр. ФщIэжрэ ар?..

– Тэмэм. Щытащ, – къопсалъэ щысхэм ящыщ гуэр. – Зы аслъэн губжьа гуэрым, пэж жысIэнщи, тэмэм дыдэу къысхуэгубзыгъыжыркъым, къаплъэнми, сытми а тIум языхэзт, Чорэм и Iэпкълъэпкъым щыщ щIыпIэ гъэщIэгъуэн гуэрым деж да-мыгъэ къытридзауэ щытащ.

– Тхьэм зэуэнур ещIэ, – дахэкIейуэ гушыIауэ зэригугъэжым шэч къытрихьэжыртэкъым Сосмакъым, ауэ зыри дыхьэшха-къым. Дыхьэшхыныр щыгъэтауэ, Къуэшрокъуэм и нэщхъыр зэхиукIащ: цIыхум и гъащIэр зэрыхъунум утепсэлъыхьу апхуэдэ гушыIэ мышыу къыщIыхэпIунур сыт?

– Пэжщ, апхуэдэ дыдэу къэхъуауэ щытащ, – арэзы мэхъу Бахъуэр. – Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, а хьэкIэкхъуэкIэхэр нэмыцэхэм яIэрыхьэри зэтраукIащ. ГъущI кIапсэ аркъэнкIэ ятхьэлэмэ, и фэр къытрахыурэ, къаплъэни, мыщи, пантери къагъэнауэ щытакъым. Фэхэр я унэхэм ирагъэшащ. Кавказым дызэрыщыщакIуэм феплъыт, жаIэурэ я унэгуащэхэм зыхуагъэщIагъуэу арагъэнт.

– А псоми Чорэм къыхуаIуэхур сыт? – егъэщIагъуэ Сосмакъым.

– КъыхуаIуэхур къэпщIэнкъэ, щхьэ упIащIэрэ? Мис а хьэкIэкхъуэкIэхэм я гъусэу дэкIауэ щыташ Чорэри. Ари яIэрыхьащ нэмыцэхэм. Ауэ аслъэнхэмрэ къаплъэнхэмрэ иращIар кърашIакъым Чорэм – и фэр трахакъым. Ар къыщытщIар иджы дыдэщ, къыджезыIари а Iуэхум щыгъуазэхэрщ.

Чорэр къыхоскIыкI. Дэнэ къикIа щыхьэт ахэр? Хэт сымэ ахэр? Абы и пщIыхьэпIэ, дауи, къыхэхуэртэкъым Бахъуэм тегъэщIапIэ ищIхэр Къаскъул къызэрыжриIар. Къаскъул икIэм икIэжым къэкIуат Бахъуэм деж, езыр зищIысри, илэжьари къыхуиIуэтат Бахъуэм. Айтэч къызэрелъэIуарт абы Чорэм и Iуэхури къыщIыхигъэщар, армыхъу ар зыкIи щыгъуазэххэтэкъым зэгуэрым нэмыцэIуэм къыдисауэ щытар хэтми. Къаскъул шэч къытрихьэртэкъым зэрагъэтIысынум, ауэ щхьэхуитыныгъэм нэхърэ напэр нэхъ лъапIэт абы деж кIэ. Къысхуагъэфащэр сшэчынщи, жылэ цIыхум ещхьу, жэщкIэ сыкъыхэмыщтыкIыу,

сылажьэ, сышхэжу сежьэжынщ, жиIэри арат абы зытрищIыхьар. Уэрышым хуэза нэужь куэдым егупсысат ар, сыт хуэдиз къытралъхьэми, зэрыхуэфащэр езы дыдэми жиIэжырт.

Бахъуэм тIэкIу-тIэк Iуурэ къызэпищIэжырт Чорэм къикIуа гъуэгуанэр. Чорэм и гугъэнтэкъым а гъуэгуанэр игъащIэкIэ зыгуэрым къитIэщ Iыжыну.

ХьэкIэкхъуэкIэхэр зэрыс эшелоныр и гъуэгу тетащ, топышэхэм къагъэувыIэхукIэ. Платформэм телъ Чорэм зыкъиIэтрэ плъэмэ – и щхьэфэцыр къотэдж: мэзым къыщIэкIауэ нэмыцэ танкхэр гъущI гъуэгум къыхуожэ. МафIэгум и гъунэгъу вагонхэр мафIэм исырт, языныкъуэхэри рельсхэм текIат. Зи псэр IукIа Чорэм дэнэ щыIэми ищIэжыртэкъым хьэкIэкхъуэкIэм къытридзауэ щыта уIэгъэр.

Танкхэм я ужь иту къос мотоциклхэри. МафIэм ис мафIэгур, дэнэ кIуэн, щытщ. Нэмыцэхэр нэхъыбэу зэплъыр цIыхухэракъым – хьэкIэкхъуэкIэхэращ яфIэгъэщIэгъуэныр. Дихьэхыпауэ абыхэм зэпаплъыхь къаплъэнхэр, аслъэнхэр, пантерэхэр...

ИтIанэ цIыхухэм я дежи къос. Ахэр а мэз хуей цIыкIум деж сатырурэ щызэхагъэувэ. Дыгъэвэхщи уес. Нэмыцэхэм унафэ ящI хьэкIэкхъуэкIэхэр ягъэшхэну. Фашистхэм гупым къыхаху сабий зыIыгъ фызхэр. Автоматчикхэр я ужь иту ахэр мэз лъэныкъуэмкIэ яху. Асыхьэту абыкIэ къоIук I автомат уэ макъ кIыхьхэр, гущIэр къыщIэзыIуэнтIыкI гъуахъуэ макъхэри къоIукI мэзымкIэ. Мыдрей къэнахэр аргуэру сатырхэу ягъэувыж. Я гупэхэр нэмыщэхэм яхуэгъэзауэ. Чорэм зыхигъэхуат щIыбагъ дыдэм дэт сатырым.

– Коммунистхэр фыкъыхэкI, – командэ къат.

ЦIыху сатырхэр мэуфафэ. ГурыIуэгъуэт: иджыпсту мэзым щIаукIыхьа фызхэмрэ сабийхэмрэ я гъуэгур ирагъэхуну арат коммунистхэми. Командэр етIуанэуи къат. Сатыр зэхуакухэмкIэ дэкIыу мак Iуэ автоматчикитIыр зыщI ыгъу гестаповцыр, абы езыми к Iэрахъуэр IэщIэлъщ. Абдеж гупым къахокI зи щхьэр тхъуа, ныбжьыфIи зиIэ фыз гуэр. Уардэу и щхьэр къеIэтри фашистым и пащхьэ йоувэ.

– Сэ сыкоммунистщ!

– Иджыри къыфхэт коммунист? ФыкъыхэкIи фыбгъурыувэ мобы! НКВД-м и лэжьакIуэхэри аращ! – къокIий тэрмэшыр.

Чорэм и щхьэр фIэжьыкIырт. Абыи и къалэнт лъэбакъуищкIэ гупым къахэкIыу мо цIыхубз хахуэм бгъэдэувэну, ауэ и лъакъуэхэр къедаIуэртэкъым, щIым хэкIауэ къыпфIэщIынт ахэр, куц Iым и пIэкI э лъэдийхэм бдзапцIэ ирагъэлъэдами ярейти, къыхуэIэттэкъым ахэр. Гупым къахэкIащ аргуэру цI ыху зыбжанэ, зы лIыжь дыди яхэту. Гестаповцым и унафэкIэ ахэри мэзымкIэ яхуащ. Мыдрей къэнахэр ябжыжщ, тIурытIурэ зэбгъура-

гъэувэри щхъуантIагъэм щIигъэна станцымкIэ яхуащ. Псэууэ къызэрынам зы мэскъал хуэдизкIэ щыгуфIыкIыртэкъым Чорэр; щыгуфIыкIыныр щыгъэтауэ, укIытэм ихьырт: партым къыдыхэ-та и ныбжьэгъухэм я махуэр зылъигъэсыну лIыгъэр хурикъуа-тэкъым. Ахэр коммунист нэсу щытащ, егупсысырт Чорэр, гущIэгъу къысхуэфIщI, жиIэу зы цIыху и щхьэр игъэлъэхъ-шакъым. ИтIанэ абы и щхьэм къощхьэрыуэ нэгъуэщI гупсысэ гуэр – Къаскъул и напэм щепцIыжам щыгъуэ зэгупсысауэ щыта дыдэм ещхьт ар: занщIэу зебгъэукIыным нэхъ лIыгъэ хэлъ? Псэууэ зыкъебгъэлрэ иужькIэ уи бийм уебэныжмэ нэхъ захуэ-къэ? Ауэ Чорэр делэтэкъым, ауэ сытми къызэрыгуэкI Чорэ цIыкIутэкъым ар. Лъэбакъуэ пхэнж зэричамкIэ и щхьэр игъэзэ-хуэжу ара мыхъумэ, ар нэгъуэщI зи бэлыхь иукI щыIэтэкъым.

Пленхэр кхъуэ фермэм къаху. Пэцыр изыч мэм къыбжиIэрт абы кхъуэ зэрытетрэ куэд зэрымыщIар. Уеблэмэ кхъуэ шырхэм я IэщIэлъыныр иджыри гъущыжа щIыкIэтэкъым. Чорэм, и уIэгъэр е екIуауэ къыщIэкIынт, ерагъыу зигъэхъеиф къудейт. Ар тегузэвыхьт температурэм зыкъиIэтыным. ИтIанэ кIэ уиIэу аращ. Нэмыцэхэм я хьэлтэкъым сымаджэхэм елIал Iэу. Сыма-джэм и хущхъуэу абы яIэр зыт: шэрт... Зы плIанэпэ гуэр деж зыдеудыгъуэри зеущэху Чорэм. Мыр нэмыцэIуэщ. Мыбы узэ-рикIа гъуэгум дунейм утришыжыну аращ. Тхьэм узэрелъэIунур зыщ: кIыхьлIыхь сумыщIу лIэкIэфI къызэт... Мынобэми, пщэдей а псоми къащIэлъыр гурыIуэгъуэщ: ажалым щымышынэу зэ-рыкоммунистымкIэ зыкъэзыумысыжа цIыхубз хахуэм и гъуэгурщ. Ауэ лIэкIэри Iэджэ мэхъу...

## 3. ИЛЪЭСИТIКIЭ УЗЭIЭБЭКIЫЖМЭ

Узэрыбэуэн жьыр щыпхурикъужыртэкъым залым. Коммунистхэр зыр зым жиIэм едаIуэрт, псори зэпалъытырт, Iуэхур зэрагъэзахуэрт. Чорэм теухуа хъыбарым Къул Зулкъэрней игу къегъэкIыж илъэситIкIэ узэIэбэкIыжмэ, къэхъуа Iуэху гуэр. Ар Бахъуэм жиIэм зэредэIуэжышхуи щыIэжтэкъым, сыту жыпIэмэ щыгъуазэт Чорэм и «Iуэху» псоми. Абы игу къэкIыжар 1942 гъэм и август мазэрт. Иджыри къыздэсым щымыгъупщэж а махуэм Къулыр Къущхьэхъу къикIыжа къудейт. Езыр къэтыхукIэ и стIолым Iуащхьэу щызэтрихьат газетхэмрэ журналхэмрэ. Мо дуней хуабэм, гъуэгу сабэм зэхиукIауэ къыщIыхьэжам «зы шей стэканыфI сефащэрэт», жи. ЩIэкIыжыну бжэм щыхуэкIуэм, хьэл зэрыхуэхъуам тету, блыным фIэдза школ картэшхуэм бгъэдохьэ. Совинформбюром къит хъыбархэм япкъ иткIэ махуэ

къэс зэблахъут картэм тет нып плъыжь цIыкIухэмрэ щIыху цIыкIухэмрэ я увыпIэхэр. Зы мэскъалкIэ щымыуэу икIи къыщымыгъупщэу ар апхуэдэу зыщ Iыр Иринэ Федоровнэт. Картэм еплъу здыкIэрытым, Къулым къызыфIегъэщI нып цIыкIухэр Кавказым нэхъри гъунэгъу къыхуэхъуауэ. Ар щощтэж игу къэкIам – фашистхэр ди деж къэсмэ, дауэ дыхъуну?.. Ищхьэк Iэ къикIауэ зы унафэ щыIэкъым, узэрегуакIуэу щIы...

Абы и гупсысэр къызэпиудащ нэгъуэщI къалэ гуэрым къипсэлъыкIыу къэIуа телефон къеуэ макъым.

– Зулкъэрней Увжукович ар?

– Сэращ, – Къулым къыхуэцIыхуакъым къэпсалъэр.

– Нэпсалъэр фи гъунэгъу Михаил Алексеевичщ. Сыкъэпщ Iыхужа?

– А-а, уэра ар?.. – къепсалъэм и цIэр жиIэну тегушхуакъым Къулыр. – Нобэ зауэлIхэм я унэцIэхэр жаIэ хабзэкъым. Ауэ укъэсцIыхужащ.

– Сэр дыдэри абы сесакъым иджыри. Ауэ сыт пщIэн? Зауэ зэманщ.

– Аращ. Сыт пщIэн? Сыт ухуэдэ? Жыжьэ укъипсэлъыкIрэ, хьэмэрэ?..

– Псыхуабэ сыщыIэщ. Услъагъуну си нэ къикIт. Iэмал иIэмэ, нэхъ псынщIэIуэу... Сыхьэтрэ ныкъуэрэ, сыхьэтитI хуэдизкIэ укъэсыфын?

– СынэкIуэнщ. Си закъуэу хьэмэрэ унафэщIхэм ящыщ гуэри зыщIызгъуну?

– УзэрегуакIуэщ. Совещанэр Iуэхушхуэ гуэрым теухуауэ щытынущ. Уэри укъримыхьэлIэу хъунукъым. Укъосри занщIэу укъыщIохьэ партым и къалэ комитетым заседанэхэр щригъэкIуэкI залым.

«ИкIэм икIэжым дэри ягу дыкъэкIыжащ», – йогупсыс Къулыр, ар сыт щыгъуи пэплъэрт ищхьэмкIэ къыхуащIыну унафэм. Къэпсалъэр Северо-кавказскэ фронтым и Военнэ советым и член, Ставропольскэ крайм и партизан отрядхэм я штабым и начальникырт.

– Iэмал имыIэу иджыпсту синожьэ, – Къулым и макъыр тIэкIу къэкIэзызащ – ар зэрыгузавэр IупщIт. Зы Iуэху мышыу гуэри игу къэкIащ: «нобэ лъандэрэ сышха хьэмэрэ сымышхарэ». «СыщымымэжалIэкIэ, сышха хъунщ-тIэ! – и щхьэ хуошхыдэж Зулкъэрней. – Къэбгъуэтай узытегузэвыхьын!» Звонокым трекъузэри Иринэ Федоровнэ къыщIешэ.

– Сыхьэтыр пщыкIуийм ирихьэлIэу къызэхуэшэс Совнаркомым и бюром и члену къалэм дэсу хъуар, партым и райкомхэм я япэ секретархэр, райисполкомхэм я председателхэр. Сэ сыкъэсыжыху къызэгъажьэ.

Къулым и теплъэр щилъагъум, Иринэ Федоровнэ къощтэ:

«Iуэхур щIагъуэкъым, – жеIэ абы игукIэ, – Iэпхъуэн хуейуэ аращ». Ауэ Зулкъэрней еупщIыну дзыхь ищIакъым. Къалэдэсхэм ящыщ куэд я пхъуантэхэм тесу суткищ мэхъури щысщ, егупсысырт ар, унафэм поплъэхэри. Языныкъуэхэм я мурадт Орджоникидзе кIуэуэ адэкIэ къуршым щхьэдэхынхэу, адрейхэм я гугъэт Махачкала Iэпхъуэну. Унафэм пэмыплъэу дыгъуасэ къалэм дэкIахэри щыIэт. УнафэщIхэр жэщкIэри я унэхэм емыкIуэлIэжу кабинетхэм нэху къыщекIт.

Къулыр Сосмакъ ТIалибрэ Бахъуэмрэ я деж мэпсалъэ. ТIури асыхьэтыпщIэм къос. Абыхэм зыри яжримыIэу Зулкъэрней машинэм йотIысхьэ. Мохэри здашэмкIэ щIэупщIакъым. Къулым и фэмкIэ къагурыIуащ Iуэху бэлыхь къазэрыпэплъэр.

– ДыздэкIуэмкIэ дыщIэупщIэ хъуну? – хуэмышэчу къопсалъэ Сосмакъыр.

– Дынэсмэ, къэпщIэнщ, – аращ къыжьэдэкIыр Къулым.

– ЛIыр щIэупщIэ хабзэ здраджам? – ауанышщIу къыпыгуфIыкIыурэ, Бахъуэр ТIалиб хуоплъэкI. – Жэщым къамышыкIэ зи щхьэгъубжэ къытеуIуа лIыр, «дэнэ?» жиIэу, щIэупщIэркъым, мажэри шым уанэ трелъхьэ. ЗдэкIуэр гъуэгум къыщещIэ. Ращ ди нэхъыжьхэм я хабзэу щытар...

Совинформбюром къит хъыбархэм тепщIыхьмэ, Iуэхур гузэвэгъуэт. Апхуэдэу зэрыщытыр Военнэ советым и членым и макъымкIи къищIат Къулым. Шынагъуэ бзаджэр къэблагъэу арат...

Псыхуабэ унэсыхукIэ псы зыбгъупщI нэс уикIынущ. Лъэмыж къэс хъумакIуэ тетщ. Куэдрэ укъэувыIэн хуей мэхъу. Аращи, хуабжьу куэдрэ укIуэфыркъым. ЗэкIэлъхьэужьу къакIуэ гу къомым, цIыхухэм гъуэгур хуит яхуэпщIын щхьэкIэ лъэныкъуэкIэ утекIуэтын хуейуи къыпхуохуэ. Гъуэгубгъу дыдэр яIыгъыу щыкIуэхи щыIэщ. Машинэм исхэр зэредзэ, кърэдзэкI. Сосмакъыр зэ и щхьэм, зэм и джабэм йопхъуэж, къыхощэIукI.

– Красноармеецхэм Iэ къызэрыпхуащIу къэгъэувыIэ. Абыхэм епсэлъэнур сэращ, – Бахъуэм унафэ хуещI шоферым.

ХъумакIуэхэми, Бахъуэм и фащэм, и тхылъхэм хуэфащэ пщIэ къыхуащIырти, машинэр куэдрэ щагъэтыртэкъым. Сабэ гъуэжьыфэр къызэринэк Iыу жэрт. Уафэ щхъуантIэ лъабжьэм хужьу къыщIэлыдыкI къурш щхьэхухэр сэмэгурабгъумкIэ щыплъагъут, ижьырабгъур нартыхупкъэт. Зы тхьэмахуэ-тхьэмахуитI дэмыкIыу къыдэпчыж хъунут нартыхур. «Дауэ хъуну пIэрэ? Дауэ хъуну пIэрэ?» – арат обкомым и секретарым и щхьэм илъыр.

– Сальск къыщыщIэдзауэ Ставрополь къэс километр дапщэ дэлъын? – и гъусэхэм къахуоплъэкI Къулыр.

– ЩитIым нэблагъэ, – жэуап къет Сосмакъым. Асыхьэту гупсысэхэм зыIэщIаубыдэжа Къулыр нэгъуэщIкIэ щIэупщIэжа-

къым. Ставрополь къыщыщIэдзауэ Псыхуабэ къэси километри-щэрэ щэ ныкъуэ, щитI хуэдиз дэлъми арагъэнщи... Эвакуацэм и планыр къехъулIэну пIэрэ абы? Промышленнэ оборудованэр мафIэгухэм поплъэри станцхэм телъщ.

– Ди связхэмкIэ къызэрысщIамкIэ, – къопсалъэ Бахъуэр, – ди шу дивизэр и псэм щымысхьыжу мэзауэ. ЛIыхъужьыгъэ ин яхэлъу бийм пэщIэтщ ди зауэлIхэр. Гранат зэпхахэр яIыгъыу танк лъабжьэхэм зыщIадзэ.

– Дэнэ дежу пIэрэ щызауэхэр? – псэ къыхохьэж Сосмакъым.

– Сальск и северо-восток лъэныкъуэм деж.

– Батайск къыдэкIащ дыдейхэр...

– СощIэ. Дыгъуасэ къыдэкIахэкIэщ, – Бахъуэм игу къегъэкIыж и щхьэфэцым зыкъезыгъэIэта Iуэху гуэр. – Гитлеровцхэр кърохьэлIэ лагъымкIэ узэда губгъуэм. Дауэ къыщIахыжа хъуну лагъымхэр? Поселкэм дэс фызхэр, сабийхэр, лIыжьхэр къызэхуахус фашистхэм. «Мы жылэм зауэлIхэр къыдэтIысхьэнущ, фэ фыкъыдэнэ хъунукъым. ФыдэкIи Сушевкэ фыкIуэ», – жаIэ. ЦIыхуищэрэ щэ ныкъуэрэ хъунт къызэхуахусар. «Фэракъэ, жыхуаIэр, фежьэ?!» – автоматхэр щхьэщагъэукIмо тхьэмыщIкIэ къомым, нэхъ псынщIэу щIагъэпхъуэну. Зи кIуэдыжыгъуэр къэса насыпыншэхэр поселкэм зэрыдох, губгъуэм зэрихьахэ-рауэ щIым зыкъиублэрэкIыу щIедзэ: лъэсыдзэхэм папщIэ щIалъхьа лагъымхэр къауэу арат... Апхуэдэ щIыкIэкIэ губгъуэм зэпхрыкIыпIэ ящI, мотолъэсыдзэхэр хьэдэхэм я щIыIумкIэ ири-кIуэурэ япэкIэ макIуэ. Танкхэмрэ броневикхэмри уIэгъэу щылъ-хэр зэхапIытIэурэ лъагъуэм ирокIуэ...

– ХьэкIэкхъуэкIэхэщ! ХьэкIэкхъуэкIэхэм я хьэкIэкхъуэкIэщ! Сыт абыхэм нэгъуэщI яхужыпIэнур? – ТIалиб и пыIэр зыщхьэрех, и щхьэ джафэм толъэщIыхь. КъэIэпхъуэу гъуэгум кърикIуэхэм кIэи пэи яIэкъым. «Дэ зыщIэтIэжьэр сыт?» – йогупсыс Сосмакъыр.

Машинэр йожалIэ щыуэ зэтет унэм. Ар къалэ комитетыр зыщIэсращ. ЗыгъэпсэхуакIуэхэм я нэгу зыщрагъэужьу, гуфIэгъуэр зыщхьэщыту щыта къалэр сабырыбзэ хъуащ, етIысэхащ, дэсыжи щыIэкъым. ЩIыхьэпIэм дежи унэ плIанэпэхэм адэкI и сабэм иуэжа машинэхэр щызэхэтщ. Абыхэм яхэтщ хьэлъэзешэхэри машинэ псынщIэхэри. Абдеж щытщ лэнейкIэхэри, гухэри, уанэ зытелъ шыхэри. Къулым къыгуроIуэ: мыхьэнэшхуэ зиIэ совещанэм цIыхушхуи кърагъэблэгъащ. ЩIыхьэпIэм деж къыщапщытэрт документхэр, япэхэм апхуэдэ лъэпкъ щыIатэкъым. НКВД-м и лэжьакIуэхэм документыншэуи къацIыхужащ Бахъуэр.

– Заседанэр щекIуэкIынур кIэлындорым урикIуэмэ сэмэгурабгъумкIэ къыщыт залырщ, – жаIэрт щIэзыгъэхьэхэм.

Къулымрэ абы и гъусэхэмрэ нэхъ ибгъумкIэ щыт тIысыпIэ нэщIхэм деж щотIысэх. Абдеж занщIэу залым къыщIохьэ Михаил Алексеевич. Военнэ советым и члену щыхахым ирихьэлIэу илъэс плIыщI ирикъуауэ арат абы и ныбжьыр. Ар япэм щылэжьат РКИ-м и Парткомым и Центральнэ кIэлъыплъакIуэ Комиссэм, нэгъуэщI парт органхэм, дэнэ IэнатIэ ягъэувами, тегушхуауэ, жэрдэм хэлъу лажьэрт, езыми и лэжьыгъэр фIыуэ илъагъуу Iуэхум бгъэдэтт. Иджы абы къыпэщытт мыхьэнэшхуэ зиIэ наукэм щыгъуазэ зищIын хуейуэ. И нэ къабзэшхуитIым ткIиигъэ щIэту, и гупсысэхэр зэрызэщIэкъуар фэуэ тету, щхьэцыгъуэ Iувыр и натIэ лъагэм къытещIэу псэлъапIэм къохьэ ар... Бадзэ лъэтамэ, зэхэпхыну, залыр щымыбзэ мэхъу.

Военнэ советым и членыр занщ Iэу Iуэхум и ужь йохьэ.

– Дунейм и щытыкIэм сытепсэлъыхьынукъым. Совинформбюром къит хъыбархэм псори фыщыгъуазэу си гугъэщ. Псалъэмакъ кI ыхь къедгъэкIуэкIыу дызэхэсыну зэман диIэкъым. Дэ ди жыджэрагъым куэдкIэ елъытащ цIыхухэм я гъащIэр, Iуэхум иIэну ехъулIэныгъэр, – Михаил Алексеевич и макъыр зэпIэзэрытт, и псалъэр гъэтIысат, ауэ укIэлъыплъыпамэ, гу лъыптэнт абы пIейтеиныгъэ, гузэвэгъуэ зэрыхэлъми. – Ди Iуэхур хэплъэгъуэ бзаджэ хъуащ. Харьков деж ди Iуэхур къызэрыщимыкIам, абдеж щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм дамэ къытрагъэкIауэ, къимыдэкIэ, ди союзникхэм я лъэныкъуэкIэ шынагъуэ лъэпкъ къызэрыпэмыплъэм игъэгушхуауэ фашистхэр Кавказым къыхуокIуэ. Бийм и нэ къызыхуикIыр гурыIуэгъуэщ: Мейкъуапэ, Грознэм, Баку къалэхэм я щIыдагъэм и мэрщ. Абы гъавэ Iэрыхьэркъым: и лъэр къызытеувэ щIыналъэм телъыр гъавэ сахуэщ. Гъавэ дэнэ къэна, ар зытеувэ щIыр езыр мафIэм ес. Бийр зыхэувэ а мафIэм и бзийм нэхъри лъагэу зегъэIэтын хуейщ. Зауэм зэрыщIидзэрэ ди нэгу щIэкIам хьэкъ къытщещI нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм дазэрыпэщIэтыфын къарурэ Iэмалрэ дэ зэрыдбгъэдэлъыр. Дигу къэдгъэкIыжынти нэгъабэ и бжьыхьэр. Советскэ зауэлIхэм сыт хуэдэ бэнэныгъэ Москва и Iэшэлъашэхэм щрагъэкIуэкIар? Дэтхэнэ щIы IэгупIэми сыт хуэдэу ахэр зэрыщIэзэуар? Къаруузэ яIэр зэхуахьэсри абыхэм бийм удын лъэщ ирадзыфащ, дэтхэнэ советскэ цIыхуми гурэ псэкIэ фIыуэ илъагъу ди щыхьэр лъапIэр фашистхэм щахъумащ.

Партымрэ народымрэ я пащхьэм экзамен щыттын хуейуэ чэзур ди деж къэсащ иджы. Е лIэн, е, лIыгъэ зыхэлъхьауэ, бийм текIуэн. НэгъуэщI дызыхэдэн щыIэкъым. ЗэрыпхъуакIуэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэм дыкъигъэдзыхэ хъунукъым, бийм и псэфылъэм зыщIэддзэу ар тхыщIэкIэ щIым едгулIын хуейщ.

Михаил Алексеевич стэканым ит псым йоIуб, и натIэ къэпщIэнтIар бэлътокукIэ кърелъэщIэх.

– Дыгъуасэ Ставрополь къыдыхьащ нэмыцэ танкхэр... –

залым гузэвэгъуэм и Iущащэ макъыр щощхъыщхъ. Къулыр Бахъуэм хуоплъэкI. Военнэ советым и членым адэкIэ пещэ. – Иджыпсту телефонкIэ хъыбар къызагъэщIащ: танкхэр къалэм къыдахужащ, ауэ бийм нэгъуэщI дзэхэри кърешалIэ абдеж. Ставрополь эвакуацэм макIуэ... – Михаил Алексеевич и псалъэр зы напIэдэхьеигъуэкIэ зэпегъэу, Iэнкуныгъэр щIехъумэ, щым хъуауэ залым щIэсхэм яхоплъэри, адэкIэ пещэ. – Советскэ псэукIэр щыIэну хьэмэрэ къутэжыну? – апхуэдэ гупсысапIэщ иджыпсту дызыхэтыр. Аращ нобэ зэгупсысын хуейр дэтхэнэ зы коммунистри, дэтхэнэ зы советскэ цIыхури. Гитлер а фельдмаршал Клейст и хьэлъэзешэ машинэхэмрэ бронетранспортерхэмрэ я радиаторхэм налхэр кIэраIулIэну унафэ яхуищIащ – ар текIуэныгъэм и нэщэнэу къилъытэу. Абы и дзэхэр Кавказым и бгы лъапэхэми нэсынкIэ хъунущ. Абыи хуэхьэзыру дыщытын хуейщ. Партизан отрядхэр къыщызэгъэпэща хъуащ ди крайми ди гъунэгъу республикэхэми. А отрядхэр къызыхуэтыншэу Iуэхум хуэгъэхьэзырын хуейщ. Ставрополь щекIуэкI зауэм партизанхэри хэтщ.

ЕтIуанэу. ЩIыпIэм игъэIэпхъукIыну къытпэщыт псори гъэIэпхъуэным икIэщIыпIэкIэ и ужь ихьэн хуейщ. ЦIыхухэр игъэIэпхъукIын зэрыхуейм и гугъу сщIыххэркъым. БгъэIэпхъуэ мыхъур зэтекъутэн, Iэщыр, псом хуэмыдэу шыхэр, къивмынэ щIыпIэм...

– Iэщыр Къущхьэхъу бгылъэхэм щыIэщ. Ар къетхухыжыну дыхунэсыну пIэрэ? – и жьэр зэщIихыну хуэмеями, а псалъэхэр къыжьэдэлъэтащ Сосмакъым. Къулым и плъэкIэр щилъагъум, ар щIегъуэжат, къэшынэжат, ауэ сыт пщIэжынт?..

ТIалиб здэщысымкIэ къоплъэри, Михаил Алексеевич пеупщI:

– Фыхунэсын хуейщ. ЗыпIэжьэныр...

– Ажалым хуэдэщ, – къоIукI залым нэхъ и кIэIуэмкIэ.

– Нэр темыпыIэу йокIуэкI Iуэхур. Фэращ унафэщIхэр, цIыхубэм я пашэхэр, Iуэхум къызэригъэувым тещIыхьауэ унафэр зехьэнри фи напэжщ. ЦIыхубэр зыпэплъэр фи унафэ Iущхэращ, фэ евгъэлъагъуращ абыхэм я гъуэгур. КъызжиIакъым жывмыIэж, фи пIэкIэ нэгъуэщIым зыри ищIэнукъым...

Военнэ советым и членым и псалъэхэр, дауи, Къулым езыми и щхьэм хуехь.

– Псори гурыIуэгъуэщ, – жеIэ абы ину. – Къущхьэхъу хъупIэхэми пыщIэныгъэ яхудиIэщ, былымыр кърахухыжыну унафэ яхуэтщIынщ.

– Шыхэм фахуэсакъ, – къопсалъэ аргуэру Михаил Алексеевич. – Сэри сыщыгъуазэщ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ шу дивизэ псо къызэрызэрагъэпэщам. Берычэт бесын абы папщIэ. Бгырысхэм я съездым псалъэ быдэ щатащ текIуэныгъэм папщIэ я псэ дыдэми емыблэжынхэу. Зы шу дивизэкъым къызэдгъэ-

пэщын хуейуэ дэ иджыри къытпэщытыр. Шыхэр бийм зэрыIэрывмыгъэхьэн, маржэ! Тэрч фыбгъурыту ефхух адэ.

– Захуэщ. Апхуэдэу тщIынщ.

НэгъуэщI къэпсалъэ щыIакъым. Псоми къагурыIуэрт: дэтхэнэ дакъикъэри лъапIэщ, ауэ щыхъукIи, дэтхэнэ зыми и щхьэм къос Iуэхур. Сосмакъым и гупсысэр Къущхьэхъу хъупIэхэм нэсакIэт. Iэмал имыI эу цIыхухэр хъупIэм дэгъэкIын, фермэхэр, уэтэрхэр, пщыIэхэр къызэхегъэкIухьын, Iэщыр ик IэщIыпIэкIэ кърахухыжыну хъыбар егъэщIэн, яхъумэн папщ Iэ Iэщым и ныкъуэр колхозхэтхэм зэрыратар тэмэму ящIарэ щыуахэрэ зэманым къигъэлъэгъуэнщ...

– ФызыщIэупщIэн щымыI эмэ, совещанэр зэхудощIыж. ПсынщIэу фызэбгрыкI ыж, парт, советскэ активистхэр къызэщIэфIэти икIэщIыпIэк Iэ Iуэхум и ужь фихьэ. Бийр ди куэбжэм къытоуIуэ – ар зыщывмыгъэгъупщэ...

ЦIыхухэр къызэрыщIохыжри хэт машинэм, хэт лэнейкIэм, хэт гум, хэти шым хуожэ.

Мис иджыпсту зыхищIащ Къулым нэху зэрыщрэ и джийм ерыскъы зэремыхар. Ауэ ушхэн щхьэкIэ зыпIэжьэ хъунутэкъым. Абы щыгъупщатэкъым обкомым цIыхухэр къызэрыщежьэр. Iуэхур зыIутымкIэ абыхэми псынщIэIуэу хъыбар егъэщIэн хуейт. Эвакуацэм и гъуэгум щыгъуазэщ дэтхэнэ колхоз председателри, совхозым и директорри, къэнэжыр зыщ: унафэ щIын, металлургическэ комбинатым и оборудованэр псынщIэу зэпкърыхауэ гъущI гъуэгум ешэлIэн, молибден, вольфрам хьэзырри къэбгъанэ хъунукъым. «Ар Бахъуэм и пщэм дэтлъхьэнщ», – егупсысырт Зулкъэрней.

КъыщIэкIыжыпIэм деж Къулым щыIуоуэ Михаил Алексеевич, ар фронтым и штабым кIуэну гъуэгу теувэрт.

– ХъупIэхэм радиосвязь щыIэ?

– ЩыIэщ.

– Ари фIыт. Зэман лей фымыгъэкIуэдын папщI э, занщIэу мыбы фипсэлъыкIи запыфщIэ-тIэ. Къалэ комитетым рацэ щIэтщ.

– Дауэ хъунт? Ар сщIатэкъыми сэ. – Къулыр къогуфIэ. – Иджыпсту занщIэу сопсалъэ-тIэ хъупIэхэм.

– Армавир деж иIэ быдапIэм къыпакIухьауэ фашистхэр нэхъри гъунэгъу къохъу. Аращ... Iуэхур щIагъуэкъым. Сыти я быдапIэт абыхэм? ЩIытI, щIы зэтетхъуа, пкъо хэтIа... ЗауэлIхэри IэщэкIэ зэщIаузэдэну хунэсатэкъым. Арати, зыгъэщхьэрыуэнышхуэ хуэзакъым бийр. Къуршыпсхэр нэхъ быдапIэфIщ абыхэм нэхърэ. Дэтхэнэ псыхъуэри быдапIэу къэвгъэсэбэп.

– Фэ фызауэлIхэщ. Iуэхум нэхъ хывощIыкI. ЗэрыжыфIэм хуэдэу тщIынщ.

– Фэри фыхъунущ зауэлI, – Михаил Алексеевич и макъыр

тIэкIу егъэлъахъшэри Iуэхум бзыщI хэмылъу жеIэ. – Зэрыпхъуа-кIуэхэр Ставрополь щIыналъэм къыщызэтхутемыгъэувыIэмэ, уэри армэм и Военнэ советым и члену ухахынущ. Зыхуэгъэ-хьэзыр абы. Сыт хуэдэу хъуми, уэ эвакуацэм укIуэ хъунукъым. Партизан отрядхэм унафэ яхуэзыщIын, ахэр зыхуей псомкIи къызэзыгъэпэщын яIэн хуейщ.

Бахъуэр къабгъэдохьэ абыхэм.

– Дежьэжрэ?

– Михаил Алексеевич чэнджэщ хъарзынэ къыдитащ: рацэкIэ занщIэу мыбы дипсэлъыкIыу хъупIэхэм щыIэ штабхэм запытщIэну.

– Дэгъуэщ. Сэ сощIэ абыхэм я радиосвязыр.

– Феуэ-тIэ. Фи Iуэху и ужь фихьэ.

Михаил Алексеевич яхэплъэрт совещанэм хэтахэр зэрызэбгрыкIыжым. Машинэ къызэщIагъэплъэжхэр гъуахъуэрт, папщэхэурэ зрачыжырт. Шухэр ущу щIэпхъуэжырт. ЗэрызэрихьэлIар къегъэсэбэпри, Зулкъэрней мурад ещI Военнэ советым и членым вагон зыбжанэ щхьэкIэ елъэIуну. ГъущI гъуэгу управленэм мафIэгуу къиутIыпщыр зэпымыууэ нэхъ мащIэ хъу зэпытт, промышленнэ оборудованэр икIэщIыпIэкIэ ирегъэшын хуейт.

– Зэманыр пщIэншэу фымыгъэкIуэди нэхъыфIщ. Дэнэ иджы гъущI гъуэгу управленэ къыздипхыжынур? Абы и вагонхэр фи деж къэсыху... – Михаил Алексеевич и Iэр ещI, абы зауэлI зыбжанэ къыбгъэдохьэ, псоми зрачри бжэм хуаунэтI. Абыхэм къыпэплъэрт «эмкэ» цIыкIу, Къулыр ежьэжхэм якIэлъоплъ. Узыщыгугъыну щыIэжыр уи щхьэращ, йогупсыс ар.

Къалэ комитетым ипсэлъыкIыу хъупIэхэм щыIэ штабхэм запищIэфакъым Бахъуэм. Ауэ щыхъукIэ, епIэщIэкIауэ уи шы лъэ обкомым нэхусыжын хуейуэ арат. Дакъикъэ бжыгъэкIэрэ фIэкI убжэж щымыхъун зэмант...

– Чорэм зыгуэркIэ сеупщIынут! – а макъ къыхэIэтыкIам Къулыр зыхэт гупсысэм къыхешыжри Iуэхум къерешэлIэж.

## 4. ДАМЫГЪЭ ЗЫТЕЛЪ

ИгъащIэ псокIэ зыми къимытIэщIыжыну Чорэм и гугъа Iуэху куэдым Бахъуэр щыгъуазэ ищIат Къаскъул. Апхуэдэу хъун хуейуэ я натIэм къритхауэ къыщIэкIынти, гъущI гъуэгу станцым и Iэшэлъашэхэм деж нэмыцэIуэм щызэрохьэлIэ Чорэмрэ Къаскъулрэ. Ахэр махуэ къэс лэжьакIуэ яхухэрт – псы уэр гуэрым телъ лъэмыжыр тралъхьэжт, гъущI гъуэгу зэхэкъутар зэрагъэпэщыжт. ЗауэлI инженерхэм я унафэм щIэту лажьэрт пленхэр. Узым сыт хуэдизкIэ къыхигъэзыхь пэтми, адрейхэм закъыкIэ-

римыгъэхуу лажьэрт Чорэри. Псы ина гуэр къигъуэтри лъым ириIа и гъуэншэджыр ижьыщIыжарэ и уIэгъэри тIэкIу кIыжауэ еуэ иригъэшхыу лажьэрт ар – рельсхэр, абы щIадз пхъэхэр зэрилъафэрт. Ар зыхэмызагъэр сыт, жыIэт? IэпщэкIэ къырахуэкI гу цIыкIурт, Iэмал имыIэу фIыщхьэпридзырт ар, абы щхьэкIэ хъумакIуэр Чорэм зэуэ хуищIу къеуати, пленыр уфэрэкIыным т IэкI унитIэщ иIэжар.

Ауэ абы зы дакъикъэ закъуи щхьэщымыкI шынэр ятекIуэрт псоми: щIыIэми, мэжэщIэлIагъэми, узми, уи псэм хуэмыхьыным хуэдиз хьэлъэми. МафIэгум къыщрахуам щыгъуэ платформэм къытринат Чорэм и кителыр. Абы и жыпым илът партизан отрядым хагъэхьэну лъаIуэу итхауэ щыта заявленэр, фурашкIэ щIэбзэмрэ тебзэмрэ я кум дэдат и парт билетри. Мис ахэр нэмыцэхэм яIэрыхьэмэ...

Кителымрэ фурашкIэмрэ яIэрохьэ, заявленэр кърах, фурашкIэр ятIэпIри парт билетыр къыдах... Чорэр къалъыхъуэу щIадзэ... ПщIэнтIэпс щIыIэр къехуэхыу жэщкIэрэ къыщылъэтырт ар. ПщIыхьэпIэ мыфэмыцу и нэгу щIэкIри сыт хуэдизт? Зэрыкоммунистыр зымыбзыщIу гупым къахэкIауэ щыта фыз тхъуам и Iэпэр къещ I: «Чорэри къыхэфш, ари коммунистщ». ХьэкIэкхъуэкIэхэр зэрыса гъущI хъарым ирадзэ, хъарыр мэзымкIэ ягъэуфэрэкI, плъэмэ, елъагъу – автомат гъэпкIахэр яIыгъыу фашистхэр къоплъэри щытщ. Къэушмэ, жьыр къыпеубыд, пщIэнтIэпсыр къохуэх, и гум зеукIыж...

Кхъуэ фермэм куэдрэ щаIыгъакъым пленхэр – кхъуэ Iусу ягъэхьэзырауэ щытауэ къэна къэбхэр яухыхущ. А къэбырат пленхэм ерыскъыгъуэу яIэр. ЛэжьакIуэ кIуэным и пэкIэ къэб IупщIэ зырыз, къэкIуэжа нэужьи IупщIэ зырыз. Ныбэ гузэвэгъуэм ирихулIэри Чорэр зэгуэрым хуэнщIейм хоуэ, ауэ езыми хъумакIуэр фоч лъэдакъэкIэ и щхьэм къоуэри, и жьэм жьэдэлъым и ныкъуэр къыжьэдолъэлъыж, и ныкъуэр и тэмакъым тонэри, махуитIкIэ псчэуэ къекIухь. Мыгувэу ахэр адэкIэ ягъэIэпхъуэ, нэмыцэIуэ дыдэм яху, абы итыр плену къаубыда зауэлIхэм я закъуэтэкъым, зыгуэркIэ шэч зыхуащIа псори кърахулIат. Чорэр зытешыныхьа дыдэм хуэдэу Iуэхур хъуащ.

Зы пщэдджыжь гуэрым ар хъумакIуэм еху нэмыцэIуэм и комендантым деж.

БжэщхьэIум зэребэкъуарауэ, Чорэр фашистищ я пащхьэм йохутэ. Гестапэм и офицерыр, зыгуэрхэм еплъу, стIолым бгъэдэст. И щхьэр къеIэтри и нэ нащхъуитIыр къытреубыдэ плен къыщIахуам.

– Ныбжьэгъу Чёрофыр уэра?

– Сэращ Чорэр, – нэбгъузкIэ йоплъэкIри зэщIокIэзызэ – пхъуантэ фIыцIэ цIыкIум зэщIэцIуууэжу къыдэлыдыкIырт дохутыр Iэмэпсымэхэр, абыхэм хэпщIэпщIыхьырт халат хужь зыщыгъ дохутырыр.

– Укоммунист? – арат етIуанэу къызэреупщIар.

Чорэм и бзэр иубыдащ, къигъэтхытхыу щIыIэр и тхым иригъажащ. ЖиIэнур имыщIэу, мэкIэзызри щытщ. ПцIы иупсрэ, къащIауэ, и кителымрэ фурашкIэмрэ къаIэрыхьауэ къыщIэкIмэ, пэжыр жиIэрэ...

– Партым ухэту щыта?.. – стIолым бгъэдэса офицерыр къотэдж, и лъакъуэм къыщцыщIэдзауэ и щхьэм нэс Чорэр къызэпеплъыхь, Iэдэбу, щIыIэ-щ IыIэу къоплъ. СтIолым телъ тхылъымпIэ напэ зэхэушкIумпIар къещтэри пленым къыхуеший. – Мыр ууей?

– Сысейщ, – и хъэтI теутIыпщхьар къиц Iыхужынтэкъэ абы? Ар партизан отрядхэм хагъэхьэну лъаIуэу итхауэ щыта заявленэрат. Нэхъ пэжыр жыпIэмэ, заявленэр унафэщIхэм яритат, мыр ар къызытритхыкIыжарат. Сытми, къыщыгъупщэри и жыпым къинауэ щытат.

– УзыщI эхъуэпсу уи Iэр зылъэмыIэса гуэр щыIэщ. АбыкIэ къуаншэу къыщ IэкIынур, дауи, большэвикхэм я бюрократыгъэрщ. Хьэмэрэ уэ езыр ущIегъуэжауэ щытауэ пIэрэт? – джэдур дзыгъуэм зэрыдэджэгум ещхьу, гестаповцыр Чорэм къыдэджэгурт. – Иджыпсту дэтхэнэр къыхэпхынт: партизанхэм уахэту зебгъэукIынт хьэмэрэ рейх иным ухуэлэжьэнт? Уи ныбжьэгъухэм я деж мэзым укIуэну къыхэпхрэ, хьэмэрэ?.. Абы щыгъуи ухыдогъадэ...

– Зи гугъу фщIыр къызгурыIуэркъым...

Чорэм и нэр щхьэгъубжэм хуозэ. ГъущI гъуэгу станцым тетт I эщэ-фащэр хуэфIу зэрылъ маф Iэгу. Ар иджыпсту къытехьа къудейт. Абы и хъуреягъкIэ щызэхэтт гъущI гъуэгум и лэжьакIуэхэри зауэлIхэри. МафIэгур адэкI э кIуэ хъуртэкъым – Тобэ псым лъэмыж телъыжтэкъым.

Чорэм и лъакъуэхэр ундэрэбжьащи псэ яхэтыжу пщ Iэнкъым. Мыпхуэдэу къызэрыщыщIынур ищIамэ, а щаубыдахэм щыгъуэ а цIыхубз хахуэм бгъэдэувэнтэкъэ? TIум щыгъуи улIэну арат. Ауэ напэ уиIэу уаукIмэ нэхъыф Iкъэ, уи лъакъуэхэр щIэкIэзызыхьу мис мыпхуэдэу мы хьэкIэкхъуэкI эхэм я пащхьэм уит-уитрэ итI анэ уаукIыж нэхърэ? Ари ауэ занщ Iэу уаукIыну? Упсэууэ уи фэм фэлъырибл дахынурэ, итIанэ...

Асыхьэту сиренэм и макъ лъэщыр къоIу – кхъухьлъатэхэр къазэрыщхьэщыхьамкIэ, шынагъуэ зэрыщыIэмкIэ хъыбар къат.

– Нах цуфлухт! – къокIий гестаповцыр, псом япэ езыр унэм къыщIож.

А псалъэхэм къикIыр Чорэм къыгуры Iуащ: бомбэ зыщыхъумапIэм жэн хуейуэ арат. Уафэ къабзэм къыхогъуагъуэ бомбардировщикхэм я макъ хьэлъэр. А бомбэ зыщыхъумапIэр здэщыIэр дэнэ езыр? Здэжэн хуейр дэнэкIэ? Нобэт япэу дыдейхэр гъущI гъуэгу станцым къыщытеуэр. Абыхэм ящIэу къыщIэкIынщ, йогупсыс Чорэр, бомбэ къыщрадзыхынур. Адрейхэр

здэжа лъэныкъуэмкIэ еунэтI езыми. Бомбэм зрищыпхъумэну нэхъыфI дыдэр Тобэ псым телъа лъэмыж дакъэ щIагъырщ. Ара-гъэнт псори псымкIэ щIэжэхэр. Дэтхэнэ зыми къыгурыIуэрт: цистернэхэм, топышэрэ бомбэрэ хуэфIу зэрылъ мафIэгухэм бомбэ къахэхуэрэ къауэу щIадзэмэ, ихъуреягъкIэ зы къинэну-къым.

– Нах барак! – хъумакIуэм и макъыр къецIыхуж Чорэм.

Абдеж дыдэм япэ бомбэр къоуэ, итIанэ – етIуанэр, ещанэр... Чорэм зеплъыхь. И пэр щIым хэIуауэ щылъщ хъумакIуэри. И тхьэ къызэрихькIэ щIопхъуэ Чорэр. Е иджыпсту, е зэи. Абы и ужь иту нэгъуэщI зы плен гуэри щIэпхъуати, зыгуэрым иубыдыжагъэнщ, къыкIэрыхужащ. КъызэмыплъэкIыу мажэ Чорэр. Псым нэсын, абы зыхэдзауэ мэзым нэс есыхын, итIанэ мэзым ущIыхьэжмэ, мэкъу хьэвэм мастэ къыхэгъуэтэж, лIыгъэ уиIэмэ. Зыгуэри автоматкIэ къыкIэлъоуэ, ауэ Чорэр къызэплъэкIыркъым. Ар жыжьэ нэсакIэт, лъэщу зыгуэр къыщыуам. Шэхэр зэрылъа мафIэгур къэуагъэнт. Станцым и щхьэм Iугъуэ фIыцIэм зыкъыщиIэтащ.

ТхьэмахуэкIэ мэзым къыщикIухьащ Чорэм. Зы фыз гуэрым хуозэ. Абы зрешалIэ, егъашхэ, и узыр хуегъэхъуж. ЛъэкIэ къызэфIэувэжа нэужь, Чорэр къуршым йохьэж. Партизанхэр здэщыIэн хуейр ищIэрти, ар мыгувэу къахохутэ партизан отрядхэм.

## 5. ГРУЗ ХЬЭЛЪЭ

Бахъуэри щыгъуазэтэкъым Чорэм и Iуэхум ехьэлIа псоми. Абы ищIэр Къаскъул къыжриIарат. Ауэ Iуэхур къызэрекIуэкIар езы Бахъуэми бюром щIэсхэми къагурыIуат.

ЖаIэм щыщ зы димыгъэхуу псоми едаIуэрт Дотий. Иджыт ар япэу къыщрихьэлIар цIыху закъуэм и щхьэ Iуэху тепсэлъыхьхэу. ТрибуналкIэ зи суд ящI эу полкым и пащхьэм щаукIауэ щыта къэрабгъэр и нэгу къыщIыхьэжащ... Бахъуэм едаIуэу здэщысым, Дотий егъэщIагъуэ: мазиплI къудейм и кIуэцIкIэ гитлеровцхэм дауэ яхузэфIэкIа апхуэдиз промышленнэ предприятэхэр, колхозхэр, совхозхэр зэрызэтракъутам ищIыIужкIэ, цIыхухэм я псэхэри къыхатхъыну?.. Дауэ а псоми узэреплъынур? Сыту хэплъэгъуэшхуэ ар. Къул Зулкъэрнейрэ абы и лэжьэгъухэмрэ IэнатIэ хьэлъэIутхэщ...

«Райначым» щхьэкIэ жаIа псори зыми щымыщыж хуэдэт, ар нэмыцэIуэм зэрисам теухуауэ Бахъуэм жиIам иужькIэ. Зыри егупсысыжыртэкъым жэмхэр зэрылIами, и «къалэным зихъуэжауэ» Iэджэрэ базэм къыщIэхутэж тхъуми, шэми, джэдыкIэми – Iуэху нэхъыщхьэ къалъыкъуэкIам хэшыпсыкIыжри а псори дурэш гуэрым дэхутэжат. КIуантIэ Зураб уэрэдыр къыхидзауэ

хъуат. Абы къыхидзам къежьур куэд хъури уэрэдыр ирахьэжьауэ яхьырт.

– ПсалъитI-щы жызвгъэIэж, – Сосмакъ ТIалиб аргуэру къотэдж. Зи гугъу ищIынур Чорэм и гъусэу зы партизан отрядым зэрыхэтаращ. Ар щIытегушхуауэ къыщIэкIынур Къулым Iейуэ къэгубжьагъэфэ зэрытемытырагъэнт.

– Чорэм большевик напэм къемызэгъ зэрищIам зыми шэч къытрихьэркъым. Ар псори гурыIуэгъуэщ. Плену зэрыщытар ибзыщIащ. Ауэ ар пленым къызэрикIуэсыкIыжари зыщыбгъэгъупщэ хъуну? Ар зытегушхуа Iуэхум и ужь уихьэн щхьэкIи лIыгъэ пхэлъын хуейт. Лагерым къик IуэсыкIыжа нэужь зигъэпщкIужакъым абы – партизан отрядым къытхыхьэри зэуащ. Дэгъуэуи зэуащ. Шэч щIыхуэпщIын щхьэусыгъуэ лъэпкъ дэтлъэгъуакъым Чорэм. Иджыпсту дэращ зэлъытар коммунистым и гъащIэр адэкIэ зэрыхъунур...

– Коммунисту щытам, – Сосмакъым и псалъэм къыхоуэ Дотий.

– Абы и коммунистыгъэр иухат…

– АбыкIэ дэ иджыри Iэ тIэта щIыкIэкъым! – и макъым зрегъэIэт Сосмакъым, жьыр къыпиубыд хъуащи, ар хуиту бэуэжыфыркъым. – Iэ тIэтыным и пэкIэ зыгуэр фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейт...

– Нэхъ кIэщI у!

– КIэщIу хъунукъым. Иджыпсту зи гугъу сщIыжыну Iуэхум зыкъом къигъэбелджылынущ. А лъэхъэнэм Бахъуэм псоми гурыщхъуэ яхуищIырт. Ар псоми тлъагъурт...

– ЕпцIыжакIуэм сылъыхъуэрт сэ!..

– Арауи ирырехъу, – Сосмакъыр бэуэжыфыххэртэкъым. – Астмэ джаур! СеукI, – псалъэр зэпегъэу, псы тIэкIу йоIубри адэкIэ пещэ. – Ауэ сыт хуэдэут узэрылъыхъуэр? Аращ сэ зи гугъу сщIынур. Жэщым отрядыр гъуэлъыжауэ жейуэ хэлъу Бахъуэр мэбзэх. Уеблэмэ хъумакIуэ дыдэхэми ямылъагъуу. Бахъуэм лIы зытхухи зыщIигъуат. Отрядым къытеуа хуэдэу защIри, Iэщэр ягъэауэ. Бахъуэр ину къокIий: «Фыкъаувыхьащ! КIэ фиIэщ! Хенде хох!» – жиIэу. Чорэр сибгъукIэ щылъти къыщолъэт, автоматыр къепхъуатэри уэуэ щIедзэ, ауэ щIыращ зыхэуар: и макъымкIэ Бахъуэр къэсцIыхужати, модрейм и Iэм сеуэри автоматышэхэр щIым хезгъэкIутауэ арат. Ар сигу къыщIэзгъэкIыжар лIо? Чорэм и Iуэхум нэуфIыцIщхьэрыуэу убгъэдыхьэ хъунукъым. ЗэрымыщIэк Iэ бийм Iэрыхьауэ щыта цIыхур епцIыжакIуэу къэплъытэныр къемызэгъщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыс Iэнщи, хьэкIэкхъуэк Iэхэр зэрыса мафIэгур нэмыцэхэм яIэрохьэ, «кукушкэр» дэнэт -тIэ здэкIуар? Абдеж гъущI гъуэгум дэхыпIэ иIакъым. «Кукушкэр» и ужь итащ. Мо мафIэгур нэмыцэхэм щаубыдым, «кукушкэр» дауэ къызэрелар? «Кукушкэр» къаIэту япэ ирагъэщу благъэкIыу хьэкIэкхъуэкIэ-

хэр зэрыса мафIэгур зэтракъутауэ ара нэмыцэхэм?

– АбыкIэ узэупщIын хуейр Бахъуэращ. Аращ «кукушкэм» исар, – жеIэ Къулым.

– Абы и жэуапыр сэ естынщ, – къызэрыгубжьар фэуэ тету, Бахъуэр нэщхъкIэ йопыдж Сосмакъым, итIанэ Къулым дежкIэ къоплъэкIыж, – Фызэрыщыгъуазэщи, дэ сабийхэр итшырт. Ахэр щхьэ зытемылъ платформмэм тест. Абыхэм щIыIэр къеуэкIыныр щыгъэтауэ, ахэр жьым трихыу ирихьэжьэнкIэ хъунут. Абы къыхэкIыу, япэ дыдэ дыздынэса станцым деж платформмэм дыкъокI, шыгуитI къыдогъуэт, абы дотIысхьэри адрей Iэпхъуэхэм дахэту...

– Плен фымыхъуу жьым фыкъригъэлащ жыбоIэ-тIэ, – ауаныщIу къыпогуфIыкI ТIалиб.

Бахъуэр къызэкIуэцIоч:

– Жьыракъым дыкъезыгъэлар – дэ зыкъедгъэлыжащ! Гухэм димытIысхьэну Iэмал имыIэу зыми дрихулIатэкъым дэ.

– Аракъэ сэри жысIэр: жьым и сэбэпкIэ фыкъелащ, – къикIуэтыртэкъым Сосмакъри.

Бюром и членхэм яхоплъэ Къулыр.

– Фи гушыIэныр фи фызхэм къахуэвгъанэмэ нэхъыфIу къыщIэкIынщ, – къопсалъэ ар. – Армыхъуамэ, мыбдеж фыщыгушыIэмэ, фыщызэныкъуэкъуурэ, феша-фелIауэ, пхъэIэщэм фыкъыщIатIыкIыжам ещхьу, фызэхэукIэжауэ унэм фокIуэлIэжри...

– ЗыгуэркIэ сыщIэушцIэнут, – къыхопсэлъыкI Дотий.

– ЩIэупщIэ.

– «Партизану Отечественной войны» медаль къратащ Чорэм. А наградэр къыхуагъэфэщэн папщIэ Чорэр къэзыгъэлъэгъуахэр абы и Iуэхум щыгъуазэхэу пIэрэт?

– Аракъэ зи гугъу сщIыр: зыми зыри ищIакъым! – къокIий ТIалиб. – Отрядым и комиссарри и командирри псэухэщ, фи фIэщ мыхъумэ, абыхэми феупщI. Ауэ псом нэхърэ нэхъыфIу сэ соцIыху Чорэр. Дызэгъусэу бийм и гарнизонхэм датеуэу щытащ. Си нэкIэ мызэ-мытIэу слъэгъуащ Чорэр фашистхэм зэрезэуар, мышынэу абыхэм ебгъэрыкIуэу зэрыщытар. Зэгуэрым абы нэмыцэ сэлэтым зридз пэтрэ, фашистым и шэр Чорэм къытехуэну щытащ сэр мыхъуамэ, ар си шэм химыгъэщIамэ...

– ЗэрыжыпIэмкIэ, Чорэр ажалым къезыгъэлар уэращ, – егъэщIагъуэ Къулым.

– Мес, Чорэр щысщ мыбдеж. ЖрыреIэж езым. Полкым и штабыр зыдэта къуажэм къыщыхъуауэ щытакъэ, Чорэ, апхуэдэу?

– Щытащ, – и щхьэр къимыIэту и пэ лъабжьэм къыщIопсэлъыкI Чорэр.

– Гъуэгум дытреш ныбжьэгъу Сосмакъым, – Къулым псалъэ къыIиха нэужь къотэдж Къуэшрокъуэр. – Чорэр зэрыкъуаншэр

и чэзум мафIэгум къикIыу гум зэримытIысхьаракъым. Гитлеровцхэм я деж зэрыщыпленар зэрибзыщIаращ ар зэрагъэкъуаншэр. Мо Сосмакъым къызэрыджиIэм хуэдэу, Чорэм лIыгъэ хэлъмэ, а щаубыдам щыгъуэ, коммунист нэсым зэрищIам ещхьу, гупым лъэбакъуищкIэ къахэкIыу щхьэ мыувыфарэ?

– Абы щыгъуэ Чорэм апхуэдэ лIыгъэ къигъэлъэгъуамэ, ар партым хэтыну хуэфащэрэ хуэмыфащэрэ дытепсэлъыхьрэт нобэ? – къопсалъэ Къулыр.

Къуэшрокъуэр гупсэхуу йоплъ обкомым и секретарым. ЛIыфэ къызытеуа, опыт зэзыгъэгъуэта, абы щIыгъуу и акъылри тIыса унафэщIыфэ ирепль Къулым Дотий. Зауэр къызэрыхьейрэ Зулкъэрней нэхъ тхъуауи къыщIэкIынщ, илъэситху хуэдизкIи нэхъыжьыфи къытеуащ, ауэ иджыри зэщIэкъуащ, жьы щIэтщ.

– Псори тэрэзэ «тэмэмкIэ», парт тэрэзэкIэ зэпэтшэчыну аращ, мыбдеж дыщIызэхэсри, – Чорэм и Iуэхум теухуа унафэм и проектыр къещтэ Къулым. – Сэ арэзы сызытемыхъуэ Iуэхугъуэ гуэрхэри хэтщ мы проектым. Ар итIанэ зэдгъэзэхуэжынщ. ЯпэщIыкIэ сытепсэлъыхьыну сыхуейт езы Чорэм. Къуэшрокъуэр захуэщ. Чорэм ибзыщIащ езыр зыхуэмейй, зэран къыхуэхъункIэ зыщышынэ Iуэхур, ар дыдэмкIи дыкъигъэпцIащ. ЦIыхум хуэбгъэгъу хъун куэд щыIэщ, ауэ пцIыр щIэбгъакIуэ хъунукъым. ТхьэмыщкIагъэ ухэхуа – ар партым щумыбзыщI, уи насыпыншагъэр щIэпхъумэну упымылъ, пцIым лъакъуэ щIэткъым, абы насып Iуащхьэм удихыфынукъым, зыдебгъэхыну и ужь ущIихьэни щыIэкъым. Зэ пцIы бупсынщ – лъакъуэ лъэныкъуэкIэ шэдым ухэуважэ аращ, иужькIэ абы къыхэкIыж уиIэжкъым – уи щхьэм нэс ухилъэфэн мыхъумэ...

Макъхэр къызэпхоIукI:

– Захуэщ!

– Шэч хэмылъу захуэщ!

– Бюром и унафэр мыпхуэдэу щытын хуейуэ къызолъытэ сэ: «Нэмыцэ фашист зэрыпхъуак Iуэхэм я деж зэрыщыпленар зэрибзыщIам, мэкъумэш ерыскъыхэр тынымкIэ планыр гъэзэщIэным теухуауэ зэхищIыхьа щIэпхъаджагъэхэм, гуащIэрыпсэухэм я тхьэусыхафэхэм, ахэр зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэгъэпэщыным гу щIыIэ, псэ щIыIэу зэрыхущытам къыхэкIыу Чорэр хэдзын ВКП(б)-м и сатырхэм».

– Iуэхур прокурорым и пщэ илъхьэн... – секретарым и псалъэхэм адэкIэ пищэну хуожьэ Бахъуэр.

– Прокурорым деж унэмыс зэ... – и Iэр ещI Къулым.

Псори сабыр зэрыхъуар къегъэсэбэп Дотий:

– Сэри псалъитI-щы щIызгъуну сыхуейт.

– Щхьэж жиIэнумкIэ езыр хуитыжщ. ДынодаIуэ.

– Унафэм и проектми справкэми гулъытэшхуэ щыхуащI Чорэм лэжьыгъэм щиIа ехъулIэныгъэхэм, абы сыт щыгъуи нэхъ планышхуэ тралъхьэу щыта хуэдэу, ауэ а планри игъэзэщIэну,

районым и колхозхэмрэ совхозхэмрэ я общественнэ Iэщыр къызэгъэпэщыжыным теухуа Iуэхур къызэфIигъэувэжауэ, ар дэнэ къэна, культурэм, медицинэм я IуэхущIапIэхэр, МТС-р, нэгъуэщI Iэджи къызэригъэпэщыжа хуэдэу итщ а документхэм. Иджы Чорэм и зэфIэкIыр, и IэкIуэлъакIуагъыр нэгъуэщI щIыпIэ къыщигъэлъэгъуэн хуэдэу лэжьапIэ етын хуейщ, жи. НэгъуэщIу жыпIэмэ, нэгъуэщI зы коллектив гуэр и IэмыщIэ къралъхьэну аращ... – Къуэшрокъуэм и макъым зрегъэIэт, зэрыхъуар имыщIэу, и башри къеIэт. – АбыкIэ сыарэзыкъым сэ! Чорэм планхэр зэригъэзащIэу щытар флъэгъуакъэ? Тхъум абы ирищIа къудейр ирикъункъэ? Фигу къэзгъэкIыжынщ абы джэдыкI эм ирищIауэ щытари. Зи гъунэгъухэм джэдык Iэ мелуанрэ ныкъуэрэ къеIызыхыу ар Iэщхэк Iым «хуэзыгъакIуэу» зытар Чорэр армырауэ пIэрэт? Сыт щыгъуи апхуэдэут зэрищIыр: гъавэ IыхыпIэм къиша гъавэр игъэлъагъуэрти ишэжт. Къешэж-ешэж. Зы жыпым кърех, адрейм ирелъхьэ. АбыкIэ нэхъыбэ уиI э хъуну? Колхоз Iэщыр Чорэм къызэрызэфIигъэувэжу щытар фщIэркъэ? Колхозхэтхэм, рабочэхэм, къулыкъущ Iэхэм я жэмхэр къатрихыурэ абыкIэ колхоз Iэщ щхьэ бжыгъэм хигъахъуэрт. Iуэхур апхуэдэу зэрыщытам шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым. Девгъэгупсысыт иджы мыпхуэдэ зы Iуэху. Фронтыращ, жи. Дивизэм и командирым тылымкIэ и заместителыр къыдощтэ. Къызыщыдогъэхъу абы зы полк гуэрым къишауэ I эщэ-фащэхэр зыдэлъ ашыкхэр. Къишащ. Хъарзынэщ. ЕунэщI. Ари дэгъуэщ. Ауэ ашыкхэр машинэм ирелъхьэжри нэгъуэщI полкым ешэ. Апхуэдэу ярещIэ полк зыбжанэм. ИтIани абы напэншагъэр хурокъури: «Дивизэм и командир ныбжьэгъу, полк псори Iэщэ-фащэкIэ къызэгъэ-пэщащ», – жеIэф. Фронтым апхуэдэу къыщыхъункIэ Iэмал иIэкъым! Къыщыхъуу щытми, апхуэдэ офицерыр и пIэм иук Iы-хьын хуейуэ аращ. Коллективым и унафэщIу къэбгъанэ хъуну-къым Чорэр. ЦIыхур фIыуэ зымылъагъу, абы пщIэ хуэзымыщI, гу щIыIэпсэ щIыIэу бгъэдэт цIыхум унафи ебгъэщI хъуну-къым. Фыхуитщ ар лэжьапIэщIэ вгъэкIуэнуми фымыгъэкIуэ-нуми. ВгъакIуэ. Ауэ къызэрыгуэкI лэжьакIуэу. Коллективкъым абы иджыпсту IэщIэлъхьэн хуейр – джыдэкIщ. ХурырещI мис абы унафэ. Езым и пщI энтIэпскIэ, и гугъуехькIэ махуэ къэс, сыхьэт къэс ирырегъэунэху планыр бгъэзэщIэныр гугъурэ тыншрэ. Аращ сэ жысIэнур... – къызэщIэплъэри и нэкIущхьитIыр плъыжьыбзэ къэхъуауэ йотIысэхыж Дотий, башри Iэпохури Iэуэлъауэшхуэ ищIу пхъэбгъу лъэгум тохуэ. Ар зыгуэрым къещтэжри кърет ыж.

– Псалъэ захуэ жиIащ Дотий, – Къулым диIыгъщ Къуэшрокъуэм и псалъэхэр. – Сыкъэпсэлъамэ, ар дыдэрт сэри жысIэнур. Чорэм партыр къигъэпщIащ, иджы къэралыр къегъапщIэ. Чорэм и парт билетыр стIолым къытрилъхьэжын зэрыхуейр псомкIи

нэрылъагъущ. Шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым, Къуэшрокъуэ Дотий зэрыжиIащи, абы зи унафэ ебгъэщI хъуну къыхуэнэжар джыдэкIыр е, щымыхъужми, пхъэхыр арауэ зэрыщытми.

– Iуэхур прокурорым идотри, абы къыхуигъуэтынщ Чорэм а «къулыкъур щызэрихьэн» щIыпIэри, – Бахъуэм ерыщу трекъузэ езым и мурадым, ауэ мызэк Iэ телъхьэ игъуэтакъым абы, Чорэр партым зэрыхадзамрэ лэжьапIэм зэрытрагъэкIамрэ къуэдыуэ ирикъуну къелъытэ обкомым и бюром.

*Етхуанэ псалъащхьэ*

## 1. БЮРО НЭУЖЬЫМ

Жэщыр фIыуэ гува пэтми, Къулым Къуэшрокъуэр иутIыпщыжакъым. А тIум я закъуэ къыщIэнащ. Иринэ Федоровнэ абыхэм къахуихьащ шей стэкан зырызрэ хьэлывэ упщIыIужагъитIрэ – жэщ ныкъуэм буфетым сыт щIэбгъуэтэнт нэгъуэщI?

ЩэкI Iув щхъуантIэ зытепхъуа стIолым бгъэдэт и шэнтым къытекIыу Къулыр мыдэкIэ къыщыдэкIыр зэзэмызэт: пщIэ дыдэ зыхуищI хьэщIэ къыщыхуэкIуам дежт. Къуэшрокъуэри зэрыапхуэдэ цIыхур къигъэлъэгъуэн папщIэ, Зулкъэрней и шэнтиуэ щабэм къокI, къыдокIри хьэщIэм и пащхьэм йотIысхьэ, и нэ нащхъуэ ешагъитIымкIэ Дотий зэпиплъыхьу щысщ ар. Тылым щыIэхэри дызэрымытыншыр плъагъурэ, жи Iэ хуэдэт абы и плъэкIэм. Кадрхэм я гум удыхьэн, ахэр зищIысыр щIэрыщIэу къыупщытэжын хуей мэхъу. Зи къуаншагъэр щIэзыхъумэхэри гъунэжщ; езы Къул дыдэм щхьэкIэ дунейм тетыр зытхыфхэри щыIэщ. ИтIанэ укъуаншэ-узахуэми, умыбэлэрыгъ: лажьэ узэримыIэр ягурыгъэIуэ, я фIэщ щI ы... Ар къыхощтыкIри къыпогуфI ыкI, гупсысэ хьэлъэхэр зыщхьэщехуж.

– ТIэунейрэ сыпсэлъащ ГлавПУР-м, – шей упщ IыIужам еIубурэ къопсалъэ Къулыр. – ЯпэщIыкIэ сызыхагъэзэгъэххакъым. ЦК-м сыпсэлъэн хуей мэхъу. Абы нэхъ сызыхащIыкIащ, си лъэ Iум къедаIуэхэри аргуэру ГлавПУР-м сыпсэлъэжыну къызжаIэ. Дауи, иджы нэгъуэщIу къызэпсэлъахэщ.

ХъыбарыфI пэплъэ Дотий нэщхъыфIэ къохъу:

– ИтIанэ-щэ? Дауи, абыхэм сэ сраIуэхукъым. Сэ схуэдэр щэрэ зырэщ.

– Хьэуэ. Ахэр хъарзынэу къызэдэIуащ.

– ИтIанэ-щэ, зо? – Дотий къытреч.

– Арэзы хъуахэщ.

– СыткIэ?

– Къулыкъу уэттыну. Парт лэжьыгъэ уи пщэ дэтлъхьэну.

Апхуэдэ Iуэху пэмыплъагъэххэ Дотий къыщылъэт пэтащ, имыщIэу стэканым жьэхоуэри, шейр ст Iолым трекIэ, и башыр аргуэру пхъэбгъу лъэгум техуащ.

– УгушыIэрэ уэ? Арат сэ сыныщ IолъэIуар? Сэ сысэлэтщ. Фронтым сыкIуэжыну, бийр езым и гъуэм изущэбыхьыжхэм сахэтыну аращ сызыхуейр! КъыбгурыIуэркъэ ар? – Дотий и башыр къеIэтыжри абыкIэ пхъэбгъу лъэгум тоуIуэ.

– Сэри арат яжесIар. Ауэ ГлавПУР-м абы нэгъуэщIущ зэрыщеплъхэр. Краснэ Армэр, жаIэ, ныкъуэдыкъуэхэм къыхуащIэнум хуэныкъуэжкъым, бийм хуэфащэр лъагъэсыжыф. Сэлэтыр хурокъу абы иджыпсту. Дэр-щэ? Дэ тхурикъурэ? Уи нэгу щIэкIакъэ чопракъдэсхэм унафэщI зэрамыIэр? Районыр инщ, хьэлъэщ. Iуэхугъуэ зэмыл Iэужьыгъуэхэм елэжь хозяйствэщ. КъызгуроIуэ – уэ нэхъыби пхузэфIэкIынущ, къэухь нэхъ ини ухуейщ. Ауэ уи башыр хыф Iэбдзэжыху Чопракъ районри пхурикъунщ. АбыкIэ къыщIэбдзэмэ, итIани ялъагъунщ... Iуэхум къигъэлъэгъуэнщ. Парт район конференцыр къэблэгъащ. Хэтхын диIэкъым. Чорэр дгъэувын ди гугъати, зэрыхъуар уэри уолъагъу...

«Ныкъуэдыкъуэхэм къыхуащIэнум» псалъэхэр гущIыхьэ бзаджэ къыщыхъуащ Дотий. Бгыр зытеуфэрэкIам ещхъу, гъэшауэ шэнтым тесщ ар. Аракъэ иджы къызэрыщIидзыжар – ныкъуэдыкъуэ... Ари игъащIэ псокIэ.

– Умынэщхъей абы щхьэкIэ. Псори дэгъуэу къызэридзэкIыжынщ. Узэуащ, гынымэм узэрепэмар куэдщ. Пхурикъун награди уIэгъи къыплъысащ. Хэку пащхьэм деж щIыхуэ къыщыптехуакъым. Иджы народнэ хозяйствэр къызэф Iэдгъэувэ-жынщ. Дызэгъусэу. Ар зэрымыIуэху тыншри уи нэгу щI окI.

Къуэшрокъуэр къотэдж.

– Джыдэ тIыгукIэ си щхьэпхэтI ыгум укъеуэу сыбгъэундэрэщхъуам ещхьщ...

Къулым и дамащхьэхэр дрегъэуей:

– Сыт пщIэн-тIэ?.. Iэмалыншагъэ Iуэхущ. Чопракъ районым зэхъуэкIыныгъэ инхэр щедгъэкIуэкIын ди гугъэщ. А псори зэкIэ ди зэхуэдэ щэхущ. Ауэ дзыхь пхузощIри... Ди планхэм щыгъуазэ усщIынщ. Уэрыш Батырбэч исполкомыр и IэмыщIэ итлъхьэну къыщ IэкIынщ. КъызэгъэпэщакI уэ Iейкъым ар, I уэхум пэлъэщынщ. Къэзэнокъуэ Апчарэ Мэшыкъуэ къыдошри районым и комсомолым пашэ худощI. Абы и пIэкIэ КIурацэ догъэув. Чырбыш заводым и директор къулыкъур Дол Къасбот идот, зауэм дэгъуэу хэтащ, укъигъэпэжынущ. НэгъуэщI Iэджи къыщыхъунущ абы. А зи цIэ къисIуахэм псоми сэ ф ЫщI э къысхуащIын уи гугъэ? Щыгугъ абы! Арэзыуэ и къулыкъум зыри зэрымыувынум шэч къытумыхьэ.

– Сэри абыхэм сащыщщ. Аращ ГлавПУР-м сыщIэпсэ-

лъэнури. Си лъэIур къыщIысхуамыщIэм и щхьэусыгъуэр къызгурырагъаIуэ. Жэщ-махуэ симыIэу районым къыщыскIухьыфыну, фронтыр си ныкъуэдыкъуагъэм къемызэгъыну... Фронтми лъэсу къыщыскIухьу щытакъым сэ. Зыри къысхуамыщIэххэ хъурэ, ЦК-р здэщыIэр сэри сощIэ.

Къулым и нэщхъыр зэхеукIэ, ар комиссарым къигъэгубжьащ, дауи. КъэрэндащымкIэ хуэм цIыкIуурэ стIолым тоуIуэри щысщ. И жьэр зэщIихыу псалъэ жиIэркъым. Апхуэдэу зыкъомрэ щыса нэужь, щIыIэ-щIыIэу къыщIедзэ:

– Узэрешар фэуэ птетщ, Къуэшрокъуэ и къуэ. КIуэжи зыгъэпсэху. Фронтым уамыгъэкIуэж щхьэкIэ уунэхъункъым. Фронткъэ мы дэ дызыхэтыр? Районым и парт организацэм и унафэщIу уоуври... Пхурикъунщи къолыжынщ лэжьыгъэр. МызэкIэ кIуэжи зыгъэпсэху. Урысхэм жаIэр пщIэркъэ: пщыхьэщхьэ акъылым нэхърэ пщэдджыжь акъылыр, жи. Ауэ мыри зыщумыгъэгъупщэ: къикIуэтыжыпIэ уиIэкъым. Уи хьэтыр къыщалъагъунукъым ГлавПУР-м. Ауэ щыхъукIэ, фIыкIэ дызэгуры Iуэмэ нэхъыфIщ. Дэ дызэдэлэжьэн, дызэдэпсэун хуейуэ къытпэщытщ. ДыщIызэщыхьэн щыIэкъым.

– Унафэ къысхуащIмэ, сыт сщIэн? Сэ партым сыхэтщ, къызжа Iэр згъэзэщIэн хуейщ, – Дотий къыпыгуф IыкI ыну хуежьа щхьэкIэ, зыри къикIакъым.

– Армырай хабзэр. Упсэу! Еуэ иджы, кIуэжи...– Къулым занщIэу къызыкъуепхъуэт.– Ухуеймэ, машинэкIэ усшэжынщ.

– Сыхуейкъым. Шыщхьэхъумэр къызожьэ сэ. Ар сытым хуэдэу щIалэ хъарзынэ цIыкIу! Мис аращ зи жагъуащэ хъунур си Iуэхур апхуэдэу къызэрыщIидзыжар. Си гъусэу фронтым нэкIуэн и гугъэти – къэсыжащ мис иджы. ГъынкIэ тIэу еплъын-къым. Комиссарым сыкъигъэпцIащ, жиIэнщ.

– Абыи зыгуэркIэ игу фIы хуэпщIынщ. Аращи, фIыкIэ.

Къуэшрокъуэр къотэджыж, бжэм хуеунэтIыж, ауэ щIогъуэжри къоувыIэж, къегъэзэжри, упщIи-уси хэмылъу, Зулкъэрней и пащхьэм къотIысхьэж.

– ЗыгуэркIэ сынопсэлъэнут. Зэгъусэу дылэжьэн хуей хъуныр пэжмэ, дяку бзыщIа щIыдэлъын щыIэкъым. Дызэрызэдэлэжьэнми шэч хэлъыжу къыщIэкIынкъым...

Къулым и тхьэкIумэхэр трегъэху. Комиссарым и псэлъэкIэм абы зыгуэр хилъэгъуащ.

– ДыщIызэщыхьэн щыIэкъым, жоIэ уэ. Ауэ мы хьэл мыгъуэр схэлъщ сэ – языныкъуэхэм ещхьу зеич лантIэу узыхуеймкIэ сыпIуантIэ хъуркъым. «СатуущIхэм я деж тхъу къыщыщэхуи колхозым телъ планым пэкIуэу ты», – къызжаIэкIэ, а унафэр згъэзэщIэнукъым сэ. Апхуэдэу нэгъуэщI зыгуэрым ищIэу къэсщIакъэ – ари сигу техуэнукъым: апхуэдэу зэращIыр цIыхубэм, парт организацэхэм къезгъэщIэн папщIэ, Iуэху сщIынщ. ЩIыху IуэнтIэгъуафIэхэр, зэрымылъ пэ лъагэхэр ди

зэдай Iуэху зыхэлъым и бий бзаджэщ. Тхьэр зыгъэпцIхэр, пцIыр зыупсхэр, пIырыпIу гъэпща бжыгъэхэм зи нэр къыхуикIхэр пэнцIывкIэ щIэхуэн хуейщ, уащысхьмэ, яхуэбгъэгъумэ, уэри абыхэм уарещхьу аращ къикIыр. Армэмрэ флотымрэ зыхуейр бжыгъэ нэпцIкъым – гъавэщ!

– ЖыпIэну узыхуейр къызгурыIуащ. Ауэ къэралыр къэгъэпцIэн хуейуэ сэ унафэ сщIыуэ къыбжезыIар хэт?– къызэрыгубжьам къыхэкIыу, Къулым и нэ нащхъуитIыр зэвыбзэ къэхъуащ. Плъагъуркъэ а комиссар Къуэшрокъуэм и гугъэр!..

– Уи унафэщ Чорэм игъэзащIэу щытар, жысIэу тхьэ сIуэркъым. Сигу илъыр жысIэу аращ. ГъащIэр къыр лъагэм ещхьщ. Абы и щыгум унэсын папщIэ, езы къырым зепщытын, зы фIэгъэнапIэ, зы убыдыпIэ къэс къэбгъэсэбэпу, уи псэм хьэзабыр телъу лъагапIэм хуэкIуэн хуейщ. Абы ущышынакъэ – и щыгур зэрыплъагъуным упыкIащ. Уи Iумэтым ит псоми я нэхъыщхьэу щытар Чорэращ. Абы лъагапIэ къиштэфу зэрыщымытам сыщыгъуазэщ сэ. Пшагъуэм зыхигъапщкIуэрти лъагапIэм къыпикIухьырт, нэхум зэрыхыхьэу: «ЛъагапIэр къэтщтащ!» – жиIэрти кIийрт. Ар цIыхухэм ямыщIэ уи гугъэт? ЯщIэрт, ауэ, нэхъ икIэжырати, ямыщIафэ зытрагъауэурэ, я жьэ зэщIахыртэкъым. Абы жиIэхэм щыщ зы псалъэ я фIэщ мыхъу пэтми, я фIэщ хъу хуэдэу фэ зытрагъауэрт. Сытыт ар къызыхэкIыр? Хэт абы хуейр? Чорэм зэхищIыхьхэр зылъагъухэр абы и гъуэгум теувэну хуежьэнущ. ПцIыр къыщыпщIэкIуэкIэ, щхьэр къэхь жаIэу уагъэкIуамэ, пыIэр къэпхьу укъэкIуэжми щыхъукIэ, гугъу щхьэ зебгъэхьын хуей?.. Псори апхуэдэу Iуэхум еплъ хъуа нэужьи, а къыр щыгур игъащIэкIэ зыми къиштэжынукъым. Узэрымылъ хьэкъуэщыкъум зыкъибгъэщкIэ нэхъ къулеи нэхъыфIи ухъуну-къым. ЦIыхур, техникэр, хьэпшыпыр, ерыскъыр къыдэмэщIэ-кIынкIэ мэхъу, ауэ Iуэхур зыIутыр къыдгурымыIуэу, е, къыд-гурыIуапэу щытми, абы дыщымыгъуазэ хуэдэу зытщIыну, пэжым ди нэр хуэдуфIыцIыну, дзыхь зыхуэдмыщIыжу дыпсэуну дыхуиткъым дэ. Зыщышынэн, зыхуэмыгъэгъун хуейр щыуаракъым, атIэ зи щыуагъэр щIэзыуфэну, укъэзыгъэпцIэну зи мурадыращ. Абы и пцIым щыхупIэм ухуишэнущ... Мазэ мэхъури районым къыщызокIухьри, гъэщIэгъуэныракъэ, зы унафэщI срихьэлIакъым: «Си Iуэхур щIагъуэкъым», – жиIэу. Я пщIэр дзапэкIэ яIыгъыжу, ар яIэпыхункIэ шынэу я псэм лъэдакъэпэкIэ тету къакIухь псоми. Хэту пIэрэ абыхэм апхуэдэ щапхъэ къызытрахыр? Мис ари сщIэну сыхуейт сэ...

– Сэращ.

Апхуэдэ жэуап зэхэзыха Дотий и бзэр иубыдащ, къэукIытащ. Къулым и пэжыгъэм щхьэуназэ ищIат ар. Ауэ псынщIэу зыкъещIэжри и псалъэм адэкIэ пещэ:

– Хьэуэ, умыгушыIэт. Партым и райкомхэм япэ секретару

зы къысхухэшыт си Iуэху щIагъуэкъым, жиIэу зыкъиумысыжыну. Iуэхур фI ыуэ екIуэкIрэ – ф IыщI эр унафэщIым бгъэдэлъщ. Зыгуэр зэIыхьа – абы и унафэм щIэтхэм ягъэщ. Языныкъуэ унафэщIхэм я щыуагъэм, я ныкъусаныгъэм и гугъу яхуэпщIынри шы жагъыным и кIэ щI агъым пхъэдзакI э кIэщIэпIунри тIури зыщ. Шым пхъэдзакIэр кIэкIэ зыкIэрикъузэху I уэхур нэхъыкIэ хъуурэ аращ. Уи Iуэху зехьэкIэми сыкIэлъыплъащи, уэри абыхэм уакъызэрыщхьэщык Iышхуэ щы Iэу слъагъуркъым. Хьэмэрэ сыщыуэу пIэрэ?

– Ущыуэркъым.

– Апхуэдэу зыкъыщыбумысыжыфкIэ – уакъыщхьэщокI, – Дотий къыщхьэщыжырт езы секретарь дыдэм.

– Псалъэ гуапэ жыпIащи, абы щхьэкIи берычэт бесын.

Комиссарым аргуэру гу лъитащ Къулым и псалъэхэм зы щIыIагъэ гуэр зэрыхэлъым, Iуэхур зэригъэзэхуэжыну хуожьэ ар:

– Чорэм уэ щапхъэ птрихыу зэрыщымытамкI э шэс сыпхуихьэжынщ. УнафэщIыр зэрыщытын хуейм теухуауэ абы езым и Iуэху еплъыкIэ иIэжт.

– ПэжынкI э мэхъу... Ауэ, нэхъыщхьэращи, уэ зыкъомкIэ узахуэщ. Дэ ди къалэнщ къырыщхьэр къэтщтэну. Абы упэмылъэщыну къыпфIэщ Iми, тегушхуауэ зэпщытын хуейщ. Iуэху мыублэ блэ хэсщ, жи. Тегушхуэн, жэрдэм пхэлъын хуейщ. АбыкIи срыуиакъылэгъущ.

– Тхьэразэ къыпхухъу. Пэжыр бжесIэнщи, япэщIыкIэ къысфIэщIат уэ Чорэм и телъхьэ ухъуну. Чорэр сэ щIэзгъэкъуаншэр ар плен зэрыхъуаракъым. Плен хъуамэ, къыщIэпхъуэжат. Ар бзаджэщ, псори зэхегъэзэрыхь, пцIыупсщ – мис аращ шынагъуэр. Апхуэдэхэм сатеплъэ хъуркъым сэ. Ахэр лъыкIэ си бийщ. ПцI ыупсым и пцI ыр хуэбгъэгъу хъунукъым, абы сыт хуэдэ щхьэусыгъуи къэрегъуэт, и пцIыр къызыхэкI ар псоми ди зэхуэдэ Iуэхурауи ирырехъу, тIум щыгъуи цI ыхум пцI ыр щIэбгъэкIуэ-ныр къемызэгъщ. Я пцIым тегъэук Iытыхьыжын, жылэм ялъагъуу я напэр техын хуейщ абыхэм.

– ПцIыупсхэр щI эсхъумэу, абыхэм пщIэ лей яхуэсщIу уи мыгугъэу пIэрэ уэ?

– МысыхьэткIэ зыри си гугъэкъым сэ.

– «МысыхьэткIи?» – пщI ыр сытк Iэ щхьэпэ, Зулкъэрней нэ лейкIэ еплъ хъуат Къуэшрокъуэм.

– НтIэ. Псоми щыгъуазэ сыхъуа щIыкIэкъым иджыри. Сыхъуа нэужь – псом япэ хъыбар зэзгъэщI энур уэращ. НехьэкI-къехьэк I лъэпкъ хэмылъу, къызэрысщыхъуа дыдэм хуэдэу ныбжесIэнщ. Нэхъыжьым, нэхъыщхьэм пщIэ хуэщIын, абыхэм жа Iэм едэIуэн хуейрэ пэткIэ, военнэ советхэми сигу илъыр щыжысIэфу сыщытащ сэ. Сэ жысIэм къедаIуэу, сышынэу пэ-

жыр зэрызмыбзыщӀым щхьэкӀэ генералхэм пщӀэ къысхуащӀу щытащ. Сэ сызауэлӀщ, сысэлэтщ. Е бийр укӀын, е уэ абы укъи-укӀын – нэгъуэщӀ хэкӀыпӀэ, ещанэ гъуэгу ущӀэлъыхъуэн щыӀэ-къым... Ӏуэхур зэрыщымыту згъэлъэгъуэну, сэлэтхэр къэзгъэ-пцӀэну зэи сыпылъакъым сэ. «Бийр пыӀэ нэщӀым щӀэтӀубэн-къэ?» – жысӀэу игъащӀэм си жьэ къекӀуакъым. Зэхэуэ хьэлъэ къызэрытпэщытыр, псэзэпылъхьэпӀэ дызэрихьэр ящызбзы-щӀыртэкъым сэлэтхэм. Щыхур къыпхуэгъэпцӀэнукъым. Ап-хуэдэу зи гугъэм и щхьэр къигъэпцӀэжу аращ. ЦӀыхум псори ялъагъу, гугъуехьри ялъагъу. Сыт хуэдиз шынагъуэ, гугъуехь абы пыщӀауэ щытми, цӀыхум пэжыр яжеӀэн хуейщ, къызыхуеб-джэр, абыхэм къапыпхыну, къебгъэщӀэну узыхуейр щӀыщӀэ-пхъумэн щыӀэкъым. ИтӀанэщ абыхэм я фӀэщ ущыхъунури, ахэр уи ужь ныщиувэнури.

Гукъыдэж щӀагъуэ имыӀэу едаӀуэрт Къулыр комиссарым и ущиехэм. Коммунист жыӀэмыдаӀуэт абы алыхьымрэ ГлавПУР-мрэ я ӀэмыркӀэ натӀэ къыхуэхъур. Ауэ, дауэ щытми, обкомым и секретарым къыгурыӀуэрт и псэлъэгъур псомкӀи зэрызахуэр. Аращ иужь дыдэу мыпхуэдэу щӀыжиӀэжари:

– Дэтхэнэ уи псалъэри къызощтэ. Ныкъусаныгъэу дэ тхэ-лъыр тенджыз псо хуэдиз мэхъу. Зауэм цӀыхур куэдым хуригъэ-джащ икӀи хуригъэджэнущ. Си щыуагъэхэр, си ныкъусаны-гъэхэр сэзыгъэлъагъужым фӀыщӀэшхуэ хуэсщӀынущ...

– Абы щыгъуэ дыздэлэжьэнуи дыздэпсэунуи нэхъ тынш хъунущ, – Дотий къотэджыж.

ПэӀущӀэм деж зыщеӀэжьэ абы – Иринэ Федоровнэ иджыри кӀуэжатэкъым, Къулыр щӀэкӀыжыным поплъэри щысщ. Дотий игу занщӀэу къокӀ: ныжэбэ шы заводым нэс щхьэ сыкӀуэжрэ, нэху щыху зысӀэжьэрэ пщэдджыжь Апчарэ деж сыкӀуэмэ щӀэмыхъур сыт? Къулыр адрей бжэмкӀэ щӀэкӀыжри кӀуэжащ. Иринэ, обкомым и бжэу хъуар хуищӀыжри, Дотий и гъусэу унэм къыщӀэкӀыжащ. Нартшу щхьэукъуэу лэнейкӀэм ист.

– Иринэ, нитӀысхьэ, унэм унэздзысыжынщ, – жеӀэ Дотий.

– Нэхъ къэсщтэххэнущ. Данэ и закъуэпцӀийщ.

Танк е бронетранспортер нэхъей, къалэр къигъэпсалъэу лэнейкӀэр мывэкӀэ къищӀыкӀа гъуэгум ирожэ. Иринэ щыпсэур гъунэгъу тӀэкӀуу къыщӀэкӀащ. Уэрамхэр кӀыфӀщи нэм къыщӀэ-Ӏэбэр плъагъуркъым. Пщэдджыжьыр уэфӀ зэрыхъунум и нэ-щэнэу, къуршымкӀэ жьы щӀыӀэ кърихурт. Псэ зыӀут дэткъым уэрамхэм, щхьэгъубжэ нэфхэмкӀэ къоплъ щӀыӀэм зэфӀигъэ-дыкъа унэхэр.

Бомбэр зи зэхуэдитӀым техуэу къута, – абы щхьэкӀэ ар унитӀуи зэпыт хуэдэу къыпщыхъурт, – тӀууэ зэтет унэм деж щынэсхэм, Иринэ жреӀэ Нартшу лэнейкӀэр къигъэувыӀэну.

– ФынакIуэ, фынышIыхьэ. ХьэщIэщ дэтыжккъым къалэм, дэнэ ныжэбэ фыздэщыIэнур? ФыкIуэжынущи, жэщыбгым дэнэ фыздэкIуэнур?..

– ДыздэкIуэнури тщIэркъым, – зыкъеумысыж Дотий.

– ЗыщIыпIи фыкIуэнкъым. Фынеблагъи нэху фыкъекIынщи... Унэр Iззэвлъэззэвми, фыщыжеин, зыщывгъэпсэхун къэдгъуэтынщ...

– ДыщIэхуэну пIэрэ?

– ЖыпIэр сыт? Ахьай фыщIэхуэн! Данэ дэрэ пщэфIапIэм щIэт диван цIыкIум дилъынщ. ЛIитIыр пэшым... Уэ гъуэлъыпIэм уилъынщ, Нартшуи зыщIыпIэ деж дгъэгъуэлъынщи...

Дыкъэнэн, Нартшу!

– УзэрегуакIуэщ.

– УнэгуащэмжиIэм додаIуэ-тIэ.

Тыншу зигъэпсэхуащ комиссарым. Щхьэгъубжэм нэху тIэкIу къызэрыдидзарауэ къэушащ ар, фронтым щызыхилъхьа хьэлым тету, занщIэуи къызэфIэуващ. КъызэщIэплъэжауэ IэфI дыдэу жей Нартшу къэбгъэушыну гуузт. Жэщ псом зигъэхъеятэкъым абы. Джабэ сэмэгукIэ зэрыгъуэлъам хуэдэу нэху къекIат ар.

– ПсынщIэу къэтэджи шыхэр щIэщIэ, – жеIэ Дотий, Иринэ къимыгъэушыну хэту. Нартшу къызэщоу, и нэхэм щIоIуэтыхь. Къыщолъэтри щIож. Абы шыр щIищIэжыху Дотий зихуэпауэ унэкум итщ – Иринэ сэлам ирихыжын хьэмэрэ къимыгъэушу щIэкIыжын? Блыным фIэдзащ Албиян и сурэт. Саль псы бжьэпэм щекIуэкIа зэхэуэхэр и нэгу къыщIыхьэжащ. Нэм къиплъыхьыр губгъуэт, шу дивизэр пэщIэуват бийм и танкхэмрэ мотолъэсыдзэхэмрэ. Сыту зауэ хьэлъэт ар, сыту зэхуэмыдэт бийм и къарумрэ ди къарумрэ... Уигу къэбгъэкIыжыххэнуи узыхуэмейщ ар... Нэхумыщым унэгуащэр къыщIэбгъэушын щыIэкъым, йогупсыс Дотий. Нартшу щхьэгъубжэмкIэ IэкIуэлъакIуэу дигъэжу унэм зэрыщIэкIыжа пкIэлъей цIыкIумкIэ езыри ехыжыну, щхьэгъубжэм бгъэдохьэ Къуэшрокъуэр…

ЛэнейкIэр Мэшыкъуэ хуэжэрт. Гъуэгум къыщыпхуэзэрт пщэдджыжь бэзэрым хуэпIащIэ фызхэр. Хэт джэдыкIэ, хэт шэфтал, хэт бжьын бла, хэт кхъуей, хэти шатэ банкI ихьырт. Абыхэм къыщIэкIа ахъшэмкIэ Iэджэ къащэхуну гугъэрт фызхэр: сабын жьыщIэгъуэ, шыгъу, фэтыджэн, лъэпэдитI, кIэлошитI... Ящэм нэхърэ къащэхуну зыхуейр куэдкIэ нэхъыбэт. Дотий гу лъетэ: зыми е нартыху, е хьэжыгъэ ихьыркъым. Ящэныр щыгъэтауэ, яшхын яIамэ, я уэредадэт. Къуажэдэсхэм я сыхьэтыр дыгъэрщ. Абы Iэгъуэ зыкъызэрищIамрэ зызэриIэтамрэ тещIыхьауэ къэтэджхэу аращ. Апхуэдэу къапщтэу щытмэ, пщэдджыжьыр жьыт. Нэхумыщым сахыхьэу дауэ къэзгъэушынухэ, жиIэу укIытэурэ Дотий Къэзанокъуэхэ я куэбжэм ирихулIа щхьэкIэ, къыкIэрыхуауэ къыщIэкIащ.

– Къеблагъэ, тIасэ. КъакIуэ, къыдыхьэ. Хъыджэбзыр райо-ным кIуащ, – жи Хьэбибэ, абы жэмыр къишащи, тхъурымбэр къыщхьэщихыу шэ пэгун щхьэIуудыфI иIыгъщ. – Планыр зэрызгъэзэщIамкIэ хъыбар езгъэщIэнухэщ, жери ныжэбэ жэ-щым тепыIэжыркъым. Иджы дэжащ. КIурацэ гъусэ здищIащ. ТIуми апхуэдизкIэ загъэщIэрэщIащи, хъэгъуэлIыгъуэм кIуахэщ жыпIэнщ. Планыр ягъэзэщIамэ, Iуэхушхуэ хъуай! Лэжьэн хуейт, ягъэзэщIэн хуейти, ягъэзэщIащ. Ар щIэмыс щхьэкIэ, сэ сыщIэс-къэ, накIуэ, си щIалэшхуэ, ныщIыхьэ, – полковникым псалъэ гуапэ жреIэ Хьэбибэ, ауэ шэч къытрихьэркъым хьэщIэр зре-мыблэгъэнуми, сэ фызыжь кхъахэм къызбгъэдэсу щысыну сыт щхьэкIэ неблэгъэн, жи игукIэ.

– Уи благъэ куэд ухъу... Си лъакъуэ уIэгъэр нэхъ Iейуэ къызэ-зауэ хъуати... Сыкъигъэгузавэу хуежьати... – зыкъызэрыри-гъэнэн щхьэусыгъуэ къелъыхъуэ Дотий. – Моуэ мыбдеж тIэкIу сыщысынщи... НэхъыфI хъунщи...

– ЖыпIэр сыт, н-на? Мыбдеж ущIыщысынур сыт? Жыг жьауэ дыщIэс уфIэщIрэ? НыщIыхьэ унэм. Шэ хуабэ уезгъэ-фэнщ. Нартыху лэкъуми сиIэщ, – жеIэ Хьэбибэ, ауэ лэкъумыр езым зэримыгъэжьар, атIэ сэдэкъэм къызэрырихар ебзыщI.

– Нартшу, шыхэр псы ебгъэфа? – щIалэ цIыкIум йоупщI Дотий, шыр псы щебгъэфэн а къыщыувыIахэм деж зэрыщы-мыIэр фIы дыдэу ищIэрэ пэт. – Сэ Хьэбибэ тIэкIу сепсэлъэху, шитIыр псы егъафэ, тIасэ.

– Хъунщ!

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, пщэдджыжь хьэщIэм щыгуфIыкIы-пащ Хьэбибэ. Албиян и лэгъунэм Дотий тутын щригъэфэну, абы цIыхухъумэ щигъэуну и нэ къикIырт нанэм. ХьэщIэр стIо-лым бгъэдигъэтIысхьащи езым и лъэм увыIэгъуэ иIэкъым. Пщэ-фIапIэм здэжэ-къыздыщIэлъэдэжым, Iэнэр къыздищтэм, зыщIэмыупщIэрэ зи щхьэфэ имыIэбэрэ къигъанэркъым. Кхъуей цIынэ езым хихауэ – абы и кхъуейм пэпщIын дэнэ къипхын! – лэкъум, шэ щIэмыхур фIыуэ хэкIауэ хьэцыбанэ шей, сэкIэ къыгуэпхыным хуэдэу шатэ – езы пащтыхь дыдэм илъэгъуа-гъэнтэкъым апхуэдэ пщэдджыжьышхэ! Дотий сыт хуэдизрэ къелъэIуами, Хьэбибэ тIысу цIыхухъу хьэщIэм дэшхэн ида-къым – апхуэдэ хабзэ щыIэ? Езы Хьэбибэ хабзэр зыкъутэхэм ящыщт? Бжэ блыпкъым кIэрыуваuэ щытащ, ар къыIукIмэ, блыныр къэуэн нэхъей.

– Апчарэ щIэмысу сыкъызэрырихьэлIар нэхъыфIыххэщ. Ди закъуэу дызэпсэлъэнщ...

Iуэхушхуэ гуэрхэм щыхэхуам деж зэрищI хабзэм тету, – ар хьэлу къыхуинащ абы, – IэлъэщI кIапэмкIэ и Iупэр илъэщIащ Хьэбибэ.

– СынодаIуэ, си щIалэшхуэ.

Дотий хуабжьу игу ирихьт нанэм «си щIалэшхуэ» зэрыжиIэр. Щыму зытIэкIурэ щысащ, кхъулэ гуэр хэлъу къилъыхъуэ нэхъей, шейр лошкIэмкIэ зэIещIэ.

– Малъхъэ сыпхуэхъуну сыхуейт, – лIыгъэ зыхелъхьэри къызыкъуепхъуэт абы.

– Ан-на, жыпIэр сыт?! – Хьэбибэ и Iэгуфит Iыр зэтрегъауэ. НэгъуэщI жиIэн къыхуэмыгъуэту аращ. – Апхуэдэу хъурэ? Си хъыджэбз закъуэрай сэ псэуэ схэтыр. Си щхьэ закъуэныгъэри, си гуауэри здэзгуэшу сиIэр... – ЯпэщIыкIэ и Iупэхэм кIэзызу къыщIадзэ, итIанэ пыфсыф къохъу нанэр.

ЦIыхубзым зиубыдыжыху поплъэри:

– Сэри сыщхьэ закъуэ-сылъакъуитIщ, Хьэбибэ. Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, щхьэгъусэ сиIат... Бын дгъуэтыну дыпэплъэурэ...

– СощIэ, тIасэ. Апчарэ къызжиIат. Ахърэтым и нэхъ нэху жэнэтыр алыхьым тыншыпIэ къыщищI и гъуэ нэмысу дунейм ехыжами, дунейм къытехьэным хунэмысу зи псэр зытари шэфыхьэту тхьэм къуитыж...

– Уи щхьэ закъуэныгъэм утемышыныхь, Хьэбибэ. Уи пхъур къызэт жысIэ щхьэкIэ, малъхъэнэгъуу сызыхэгъэхьэж жыхуэсIэу аращ. Армыхъумэ сызыщIэсыни щхьэгъусэ зыщ Iэсшэни сиIэж сэ? Албиян къэкIуэжмэ, – бадзэ дзэкъапIэ темылъу къыпхуэкIуэжыну тхьэм солъэIу, езым и унэ, и бын иIэжщ. Ар къалэм дэсыжыну хъунщ. Абы лэжьапIэ хъарзыни къыщигъуэтынщи... Дэ зэгъусэу дыпсэунщ. Малъхъэрэ шыдрэ, жаIэ, ауэ, ухуеймэ, малъхъэ мыхъуу, къуэ хуэдэу сыпхуэхъунщ. Си фронт кIуэным кIэ иIэщ, баш зыIыгъ ныкъуэдыкъуэ хуейкъым ахэр. Си щэхури пхуэсIуэтэнщи, районым и къру пашэ сащIын хуэдэу жаIэ. Аращ дыгъуасэ Къулым унафэу ищIар.

Нартшу къыщIохьэ, псалъэмакъыр зэпагъэу.

– ТIыс, си щIалэ цIык Iу. ТIыси шхэ уэри.

– Абырэ сэрэ ди насыпыншагъэ зыщ: тIури дыщхьэ закъуэщ... – щIалэ цIыкIур егъэтIысри езыр къотэдж, шхыным игу хуэкIуэртэкъым абы.

– НакIуэ, Хьэбибэ, уи хадэм деплъынщ. Пхъэщхьэмыщхьэр бэв хъуауэ жаIэ мы гъэм.

– НакIуэ, си щIалэшхуэ, накIуэ.

Дотий зыхуейр къыгурымыIуэну делэт Хьэбибэ? Псалъэмакъым пащэну а тIур щIокI. Гува-щIэхами Апчарэ зэ унэ имыхьэу хъунутэкъым. ИтIанэ Хьэбибэ и щхьэ закъуэу унэ нэщIым къыщIэнэнут. Фызабэ хьэзабыр телъу алъандэм ээрыпсэуам щхьэкIэ тхьэм гущIэгъу къыхуищIыжагъэнт иджы. Уи малъхъэ, – атIэми, ар сыт хуэдэ малъхъэ езыр?! – уи бжьыхьэкIапэ щIэсу, уипхъу уи нэIэ тету апхуэдэ насып къоуэлIэн жыхуэпIэр!.. ЩIалэм и ужь итурэ здэкIуэм, Iэджэ зэрегъэзахуэ Хьэбибэ.

– Иджыпсту сыткIэ сэбэп сыпхуэхъуфыну, Хьэбибэ? Уасэ уэстын сиIэкъыми, уасэ папщIэу сыпхуэлIыщIэнщ, – къыпогуфIыкI Дотий. – Пхъэ пхуэскъутэнщ, уи Iэбжэ-набжэ пхуэзгъэбыдэнщ, мэкъу сыпхуеуэнщ,– абы шэч къытрихьэртэкъым и Iуэхур къызэрикIынум. Пэжщ, Апчарэрэ езымрэ иджыри зраубыдылIэу зэпсэлъакъым, ауэ я плъэкIэхэм къикIыу къыщIэкIынт а тIум зыжраIэну зыхуейр.

– Къуэшхуэ щызгъуэткIэ абы нэхъ уасэфIи сыхуейкъым. Си жьэгу пащхьэ мафIэр ужьыхыжынкъым, зимыхъуми. Абы нэхъ насып сызыхуей щыIэкъым, тIасэ. Хъыджэбзым и адэ мыгъуэр щыпсэуам ещхьу, хьэщIэ кIуапIэ дыхъужмэ, сэри пхъурылъху цIыкIухэр згъэджэгуу, сылIэмэ сыщIэзылъхьэжын сиIэу… – Хьэбибэ къогумахэ.

Дотий тIэкIу къэдзыхат.

– Хьэбибэ, уи къуэ нэхъыжьым хуэдэу сыкъыпхущIэкIынщ, – жиIэу и Iэхэр гуапэу нанэм и дамащхьитIым трелъхьэри, фызыжьыр и бгъэм кърекъузылIэ. Хьэбибэ Дотий и Iэхэр еубыдри и напэм хуехь, нэпс хуабэкIэ еуфэнщI. Насыпыр тхьэм зритыжа нанэм и Iэ гуапитIыр щIалэм и нэкIум делъэ. Абы къикIырт Хьэбибэ малъхъэ къыхуэхъумкIэ зэрыарэзыр.

Нартшу и нэ цIыкIухэр къихуу, зыхуихьынур имыщIэу мо тIум еплъу шындэбзий бжэщхьэIум тетт.

– Сигу къэкIыжыртэкъыми: Иринэрэ Данэ цIыкIурэ сэлам гуапэ дыдэ къуахыжахэщ. Ныжэбэ абыхэ я деж дыщыIащ. Уи нысэр цIыху дыщэщ. Сыт щыгъуи сигу ирихьт ар.

– Данэ цIыкIу-щэ? Мис а си дыгъэ-щыгъэ цIыкIур езым хуэдиз дыщэ и уасэр! – гуфIэгъуэм къызэщIиIэтэщащи, Хьэбибэ мы дуней хуитыр хурикъужыркъым. – Ахэр лъагъунлъагъу къэкIуэжа нэужь, насыпу къысхуздахьым ущIэмыупщIэ!

Дотийрэ Хьэбибэрэ жыг хадэр къызэхакIухь. Псым и даущым едаIуэхэурэ щытщи, къуажэ хъыбархэм топсэлъыхь.

– ФIыкIэ дызэхузэж, Хьэбибэ. Уи пхъур къэзгъуэтыжынщ сэ. Абыи епсэлъэн хуейкъэ? – гуфIэгъуэмрэ насыпымрэ зи нэ-гум кърих Дотий Хьэбибэ сэлам гуапэ дыдэ ирехыж.

– Абы уемыпсэлъауэ ара-тIэ? – егъэщIагъуэ Хьэбибэ.

– Апхуэдэ Iуэху и гугъу хуэсщIакъым. ЯпэщIыкIэ уэ сынопсалъэмэ нэхъ сфIэзахуэти… Къэзылъхуар уэращ. Уэ умыщ Iэу дауэ хъунт?.. Уи пхъур уэ жыпIэм ебэкъуэн си гугъэкъым…

Хьэбибэ а Iуэхум нэгъуэщIут зэреплъыр.

– Нобэрей хъыджэбзхэр пцIыхуркъым уэ. Анэм и псалъэр абыхэм дежк Iэ жыгым гъуэжь пыхъухьыжа пщIащэм ещхьщ: жьы къепщамэ – ирихьэжьэри ежьэжащ. Ар езыр колхоз Iэтащхьэщ, жылэ унафэщIщ. Си унафэ къыщедаIуэр, си чэнджэщ щыхуэныкъуэр езыр щыхуейм дежщ. ГурыщIэ IуэхукIэ псэлъэгъу, чэнджэщэгъу ищIыр КIурацэщ.

– Хъунщ. Дэнэ щыIэми къэзгъуэтынщ. ХьэгъуэлIыгъуэр кIыхьлIыхь тщIы хъунукъым – зэман диIэкъым. ЛэжьапIэ сыувмэ, Iуэхур нэгъуэщIзыгуэр хъункIэ мэхъу. Апчари колхозым и председателу, сэри... ЦIыхум жаIэнур пщIэнукъым... Бзэ Iей зиIэхэм я жьэм зыжьэдэдмыгъахуэмэ нэхъыфIщ...

Хьэбибэ хэплъэрт.

– Узахуэщ, псалъэ пэж жыпIащ, си щIалэшхуэ. Ауэ хьэгъуэлIыгъуэм демыпIэщIэкIмэ нэхъ къэсщтэнущ. Фи хьэгъуэлIыгъуэр зезыхьэн хуейр си щIалэ Албиянщ, уи къуэш нэхъыщIэрщ. Ар хэмытмэ, ди гуфIэгъуэр си ни, си пи къихьынукъым. Уэ, си щIалэшхуэ, ди деж щыпсэу. Ар алыхьым имыухкIэ, ауэ, хэт ищIэрэ, щIалэм и гузэвэгъуэ зэхэтхмэ... Сэ сыпсэуху сыщыгъуэнущ, джэгуи-фэгуи сыхыхьэфынукъым...

– ГурыIуэгъуэщ, Хьэбибэ, – «ди анэ» жиIэ пэтащ Дотий.– Уэ пщIыр унафэщ. Нэчыхьыр едгъэтхынщи, хьэгъуэлIыгъуэр Албиян къэсыжыху пэдгъэплъэнщ.

– Тхьэм и нэфI къыпщыхуэ, си щIалэшхуэ.

И IитIыр и бгъэм щызэрыдзауэ куэбжэпэм щытщ Хьэбибэ – нэкIэ докIуэтэж къурш лъэныкъуэмкIэ зыунэтIа лэнейкIэм. Апхуэдэу сыт щыгъуи якIэлъыплъу щытащ ар Темыркъан мыгъуэми, иужькIэ и щIалэ Албияни. ЕуэкIыгъуэм нэса нэужь Дотий къызоплъэкIыж, нанэм Iэ къыхуещI. Хьэбибэ сыным хуэдэу и пIэм ижыхьащ. Апхуэдэу щытынуи къыщIэкIынт, зи Iэхъуэ дэгъэкIыгъуэ хъуа жэмыр къэмыбууамэ.

## 2. ЛЪЫХЪУ

«Нобэрей хъыджэбзхэр пцIыхуркъым уэ»... йогупсыс Дотий Хьэбибэ и псалъэхэм. Абы къыгурыIуэжт Iуэхур хабзэжьым тету къызэрыщIидзар – япэщIыкIэ хъыджэбзым и анэм епсэлъащ. Япэхэм лъыхъу ягъакIуэу щытамэ, иджы езым и щхьэкIэ кIуат. КъикIынIауэ пIэрэ абы? Апчарэ езым и хабзэ зэрехьэж. И щхьэ и унафэ зэрищIыжын акъыл иIэщ. Ар комиссарым къыхуэмыхейр пэжу пIэрэ?.. Хьэмэрэ апхуэдэу къыщыхъуу пIэрэ? Ар капитан Локотош пылъу зэрыщытам щыгъуазэщ езы Дотий. ЦIыхухэм жаIэу зэхихащ. Ауэ Локотош хъыбари-шыбари иIэкъым. Пэжщ, абы и сурэтыр газетым къыхигъэжри Албиян и сурэтым ибгъукIэ фIидзауэ ехъумэ Апчарэ. Фэеплъу зэрихьэу арагъэнкIэ мэхъу... Абы сыткIэ и зэран къызэкIрэ? Си мэкъу иутэркъым, си мэш иутэркъым. ФIрырелъ. Фэеплъри ящыгъупщэж хабзэщ. Дотий зэхихыу Локотош и гугъу зэи ищIакъым Апчарэ.

А псоми егупсысурэ, зэрыхъуар имыщIэу, райцентрым нэсащ Дотий. Нартшуи езым и щхьэ Iуэху зэрихуэжт. Абы къыгурыIуакIэт полковникыр фронтым зэрымыкIуэжыфынур, ар

и жагъуэ бзаджи хъуат. Дыщэм хуэдэу пыкIат «полкым и къуэ» зэрыхъунум... Апхуэдиз гъуэгуанэм и жьэ зэщIихакъым Нарт-шу.

Къуэшрокъуэр къыщысам, райисполкомым иджыри лэжьэн щIидзатэкъым. Ауэ пщIант Iэм дэт кIарцхэм я щ Iагъым цIыхур щIэзт. Гуп-гупурэ загуэшауэ абыхэм Iэджэм и гугъу ящ Iырт. Обкомым щекIуэкIа бюром и унафэрт псори зытепсэлъыхьыр. Район парт конференцыр къэблэгъат. Махуэ бжыгъэт и Iэжыр Чорэм дамэ къытекIэным. Абы уемыпсэлъэжыххэт итIанэ!.. Ауэ, замышэщI щIыкIэ, а дамэхэр зыгуэрым пигъэщхъуат. Куэдым къалъытэрт ар Дотий и ф Iыгъэу. Къуэшрокъуэм и цIыхугъэхэм, жаIэрт, Сальск и губгъуэхэм къыщаулъэпхъэщыжащ Чорэр нэмыцэ Iуэм зэрисам и хъыбарыр. КIуантIэ Зураби щытхъуншэу къанэртэкъым: «И бийм IэщIэлъ къамэр щIакъуэ башымкIэ къыIэщIиудащ», – жаIэрт.

Апчари нэхъ жьыуэ райцентрым къыщIэкIуам щхьэусыгъуэ иIэт: дыгъуасэ Дотий къигъэгугъатэкъэ обкомым сыкъыщикIыжкIэ хъыбар къыпхуэсхьынщи сыкъыдыхьэнщ, жиIэри. Жэщ псом ежьэщ-ежьэри, щымыхъум, езыр районым къэкIуат. ЩIыхьэ хъунрэ мыхъункIэ зыми емыупщIу, кабинетыбжэр Iуех абы.

– Сынохъуэхъу! Сытым хуэдэу сыгуфIа, сытым хуэдэу сынасыпыфIэ уфIэщIрэ уэ?!

– Зэ умыпIащIэ. УкъыщIызэхъуэхъур сыт? Псом япэрауэ, сэлам зэдгъэх, зиунагъуэрэ! Уи пщэдджыжь...

– Пщэдджыжь гуфIэгъуэ уиIэну! СыгуфIащэри псори сщыгъупщэжащи... Нобэ нэхъ пщэдджыжь угъурлы...

– ТIыс. Угъурлыуэ къыпщыхъурэ, пэж дыдэу? – Дотий къыпогуфIыкI. «Хьэбибэ дэрэ дызэрызэпсэлъар ищIэркъым иджы абы», – йогупсыс ар.

– Псоми къыдэуэлIа гуфIэгъуэр и щыхьэтщ ар зэрыпщэдджыжь угъурлым.

Дотий щогуфIыкI абы.

– Къэхъуар сытщ, жыпIа?

– Къэхъуар уэ пщIэркъэ? Бюром ущыIакъэ уэ? Чорэм джы-дэкIыр IэщIэзылъхьар уэрауэ жаIэри. Сыту дэгъуэу къыхуэб-гупсыса! ИрырещI иджы джыдэм и унафэр! – Апчарэ мэды-хьэшх, мэтхъэж. – Район псор щыгъуазэщ дыгъуасэрей бюром. Хьэуа телеграфыр сытым хуэдэу фIыуэ лажьэу уи гугъэрэ?! Псори арэзыщ къэхъуамкIэ, зы цIыхум фIэгуэныхь хъуркъым Чорэр. Хуэфащэпсщ, жаIэ...

– НтIэ, иджыри зы хъыбарыщIэ ныбжесIэн? – алъандэм Апчарэ едаIуэу щыса Дотий къопсалъэ.

Апчарэ къыпыгуфIыкIыурэ и щхьэр ещI:

– Адрей хъыбарыщIэхэри сощIэ сэ. Райкомым и япэ секретару узэрагъэувынур ара къызжепIэнур? Абы псори щыгъуа-

зэщ, псори щогуфIыкI.

– Аратэкъым ныбжесIэнур.

– НтIэ, лIо нэгъуэщIи?..

– Фи деж сыкъикIри мыбдеж сыкъэса къудейщ. Хьэбибэ слъэгъуащ...

Дотий и псалъэр зэпегъэу. ЖиIэнум зыхуегъэхьэзыр, нэхъ тэмэмыр жыпIэмэ, жиIэнур ищIэрт абы, къызэрыригъэжьэнурт гугъу здехьыр.

–ЖыIэт зэ! – Апчарэ и гур къолъэт: абы зы бэлыхьлажьэ зэрызэхихынур и псэм ещIэ.

Ауэ комиссарыр гуитIщхьитI, Iэнкун хъуащи и жьэр хузэщIэхыркъым. Псалъэ нэхъ зыхуей дыдэхэр кIуэдащи игъуэтыжыркъым. Апчарэ фIыуэ зэрилъагъур къыгуилъэфу псалъэ къызэрыгуэкIхэмкIэ дауэ зэрыжриIэнур?

– Ауэ, къызжиIакъым жумыIэж, зыкIи ухэзгъэзыхьынукъым. Псоми зэхуеплъ, зэпэлъыт, уи анэми уи ныбжьэгъухэми ечэнджэщ. Псоми уэращ хуитыжыр, быдэу егупсыси жэуап къызэтыж.

– Зи гугъу пщIыр сыт? – зи гугъу ящIыр къыгурыIуа пэтми, щIоупщIэ Апчарэ. Дакъикъэ зытхух и пэкIэ жьгъырууэ къызэрылъэлъа и макъыр ехуэхыжат, езым и фэми зихъуэжат.

– Уэрэ сэрэ нобэ-ныжэбэкъым дыщызэрыцIыхуар. Зауэм гъунэгъу дызэхуищIащ. ДифIкIи ди IейкIи дызэрощIэ. Адэ фронтым дыщыздыIутам щыгъуэ, абы семыгупсысыххэурэ, си псэм фIыуэ уилъэгъуат... – комиссарым и псалъэр зэпегъэу аргуэру, Iэнкунагъыр къытекIуауэ аращ аргуэру. Апчарэ и жьэ зэщIихыркъым.– ЗэрыжыпIащи, уэри ущыгъуазэкIэщ сэ къысхуагъэлъагъуэ лэжьапIэм. Уэри колхоз председателу ущыщыткIэ... ЦIыху псор зэхуэдэкъым, псоми я бзэри пхуэубыдынкъым. Ауэ щыхъукIэ, Iуэхум и пэ зигъэщамэ нэхъыфIат. КIэщIу жыпIэмэ, район парт конференцыр къэсу секретару сыхамых щIыкIэ дызэрышамэ нэхъ сфIэзахуэт.

– Уэ сыбдэкIуэн хуейуэ ара -тIэ?

– УкъыздэкIуэ хъунукъэ?

– Парт конференцыр къэмыс щIыкIи? – Апчарэ къодыхьэшх, ауэ, Дотий и нэгум зэриплъэу, къыгуроIуэ и мычэзууэ зэрыды-хьэшхар. КъыпыгуфIыкIыурэ адэкIэ пещэ: – Узэрыщытауэ укъэнэжащ, Дотий. ЗыцкIэ зыпхъуэжакъым. Общественнэ лэжьыгъэр япэ ибгъэщу уопсэу игъащIэми. Уеблэмэ уи фыз къэ-шэнри парт конференцым елъытащ. Iуэхур уэрэ сэрэ зетхьэну къулыкъуракъым...

– Ари къызгуроIуэ. Сыт къызжепIэми, схуэфащэщ. Ауэ сэ ныбжесIами и жэуап къызэт: укъыздэкIуэну, си щхьэгъусэ ухъуну уарэзы?

Апчарэ, пэж дыдэу, Дотий жагъуэу илъагъуртэкъым, пщIэ

хуищIырт. Язынықъуэхэм деж игу къэкIырт: пщIэ хуэсщI къудейуэ пIэрэ, жиIэу. Ауэ апхуэдэу игу къыщыкIыр языныкъуэхэм дежт. Абы лъагъуныгъэкIи уеджэ хъуну къыщIэкIынтэкъым. Хъыджэбзыр зэ дэзыхьэхыр комиссарыр зэрыцIыху пэжырт, абы и лIыгъэрт, и къалэным зэрыхуэпэжырт, абы гу къабзэ, псэ къабзэ зэриIэрт. Ауэ а псори мащIэт, мащIэIуэт...

Апчарэ жиIэнумрэ ищIэнумрэ ищIэртэкъым. Комиссарым и жагъуэ ищIынуи хуейтэкъым. МыгурыIуэгъуэу къыпогуфIыкIри.

– ТелефонкIэ ныбжесIэ хъун? – щIоупщIэ.

– НэгъуэщIу мыхъунумэ, телефонми босын.

Апчарэ щIокIыжри занщIэу йожьэж. Шыр апхуэдизкIэ щIихуати, Дотий къыкIэлъожэ жыпIэнт.

Апчарэ зи къуагъ зыкъуигъэпщкIуэну зыщыгугъа и анэм нехьэкI-къуэхьэкI хэмылъу, сыт щыгъуи зэрихьэлу, къреубыдылIэ:

– Дотий удокIуэ. АбыкIэ сызэрыарэзымкIэ псалъэ естащ. Анэм и псалъэр жьым ирихьэжьэж куэнсапIэу къыумылъытэмэ, си жыIэм укъедэIуэнщ, – и псалъэм зэрытемыкIынур къигъэлъэгъуэну хэтщ Хьэбибэ, ауэ, ипхъури ецIыхужри, Iуэхум «хьэуэ» къыхэкIынми тошыныхь. КъимыдэкIэ, езыр лIы зэрыдэкIуауэ щытар, и анэм и псалъэм зэребэкъуэгъар ищIэжыртэкъэ? Абы и пхъур зэрыщыгъуазэри зыщигъэгъупщэртэкъым. Арат «жьым ирихьэжьэ куэнсапIэм» щIытримыкъузащэу, и пхъур хьэтыркIэ къигъэдэIуэну щIыпылъыр. – Хъыджэбз дапщэ игъэгуIа, дяпэкI и игъэгуIэну зауэ мыгъуэжьым? Дызыпылъхэм къагъэзэжу пIэщхьагъ дгъуэтыну пIэрэ, жаIэри мэгугъэ хъыджэбзхэр. Ауэ а псоми алыхьым гущIэгъу къахуищIу къагъэзэжыну мыгъуэу пIэрэ? Апхуэдизышэ иракIутыр псым хакIутэу аракъым, цIыхум и псэм ирагъапщэу аращ. НысащIэгъуи имыхуауэ, был гуфIэгъуи зымылъэгъуа хъыджэбз тхьэмыщкIэ къом мыгъуэ, тхьэм игу сыткIэ къывэбгъат? Сыт мыгъуэр фи лажьэт фэ? Дотий хуэдэ щхьэгъусэ зырыз вгъуэтын хуейуэ ара мыгъуэтэкъэ фэ фыкъызыхуигъэщIар?.. И Iэ къэткъым, и лъэ къэткъым, езыр акъылкIэ алыхьым къибгъащ... Уи адэ-анэм урамытми, апхуэдэ щIалэ блэбгъэкI хъункъыми... Сэ уи адэ мыгъуэм сызэрыдэкIуэсауэ щытам ещхьу, и Iэпэр бубыду... Iэнэ хуэкIуэрэ лIы дэкIуасэрэ емыкIу пылъкъым, жи...

– Уэ зыми емыкIу къыпхуищIынутэкъым... ЗыхуебгъэщIынутэкъым! – къопсалъэ Апчарэ.

– Сэ укъысхуэмыхъущIэмэ, пшхыр уи дзажэ дыхьэркъым уэ! – жиIэу и нэхэр къызэрегъэдзэкIри асыхьэтуи ифI зыкърешэж Хьэбибэ. – Сэ лIот? Сытым срищIыст абы щыгъуэ? Сыхъыджэбз делэжь цIыкIут! Уэр-щэ? Зы колхоз псо урипредседателщ! Гъавэр зыдэлъ амбарым бгъэдыхьэ нэхъей, зэрыжылэу

уэ къокIуалIэ. Уи псалъэ губзыгъэ, уи чэнджэщ хуэмыныкъуэу хэт ди жылэм дэсыр? Сэ щхьэ зыкъызэбгъэщхьын хуей уэ? Уи адэ мыгъуэр, и ахърэт дахэ тхьэм ищI, акъылкIэтэкъым – псэкIэт къызэрыхэсхауэ щытар. ИкIи, тхьэм и шыкурщ, сыщыуатэкъым. Нобэрей хъыджэбзыжь цIыкIухэр фызэплъыр фызыдэкIуэра-къым – абы и тхылъращ.

– Сыт тхылъ зи гугъу пщIыр?

– Дотий удэкIуэну ущIыхуэмейр сымыщIэ уи гугъэ? И ныбжьыр тIэкIу зэрыхэтIэсаращ. Лlыр фызым нэхърэ нэхъыжьу щытын хуейщ.

– Ущоуэ, Быбэ. Аракъым.

– НтIэ, сыт?

– Сэри зыгуэрурэ соплъ а Iуэхум.

– Аракъэ-тIэ «тхылъкIэщ» жыхуаIэжыр? Си псалъэм къедаIуэ, тIасэ. Адэ уиIэжкъым, уи дэлъхур зауэм щыIэщ... – Хьэбибэ и къуэм щхьэкIэ иджыри зыгуэр жиIэну и гугъат, ауэ, жьыр къыпиубыдри, адэкIэ хупыщакъым. – Сэ икIи сыанэщ, икIи сыадэщ, икIи сыдэлъхущ. А псоми я цIэкIэ ныбжызоIэ: Дотий узот, ухуеймэ, колхоз псор къэгъэуви къызэгъэдауэ. Абы и унафэр зыщIын хуейр сэращи – укъыспэрымыуэ.

– «Узот», жыхуэпIэр сыт? Мыр, сыкъапщтэу узыхуейм септыну, къэб, хамут сыхъуа уи гугъэ?

– Узот, жысIащи, узот! Ар къысхуэзымыдэни щыIэкъым!

– Септынкъым!

– Абы щыгъуэ икIи сурианэкъым, икIи узипхъукъым. Узэрегуак1уэу псэу, – Хьэбибэ уафэм сабэ дрепхъей, ауэ ещIэ: езым фIэфIым пхутекIынукъым и пхъур... Ауэ езы Хьэбибэ сытым хуэдэу и нэ къикIрэт комиссарыр малъхъэ къыхуэхъуну! Ар зэрынасыпышхуэр къыгурымыIуэу аращ Апчарэ. – Дотий ди деж къэIэпхъуэу, ди унэм пыIэ зыщхьэрыгъ щыпсэууэ, сэ пхъурылъху цIыкIухэм сахэсу... Сэ мы лъапсэм и унагъуэбжэр хуезгъэщIыжынукъым, уи адэм къызэщIигъэнауэ щыта мафIэр згъэужьыхыжынукъым. Уэ пщIэнум ухуитщ, тIасэ. Зегъэхь адэ! «ЩIалэгъуалэм ди гъуэгу зэIухащ» – жыфIэурэ фокIийри, гъуэгу махуэ...

– Сыдэпхуну ара-тIэ? УщIегъуэжынкъэ? Гугъу ехьыжынур, гузэвэжынур уэращ. Ауэ, дэкI жыпIэмэ, сыдэкIынщ...

– Дэнэу пIэрэт уздэкIуэнур? Ари жепIэ хъунукъэ укъэзылъхуа уи анэм?

– Хъунущ. Комсомолым и райкомым и секретару сагъэувыну арщ жаIэр.

– Чыкъэ и пIэкIи? «Лъакъуэрыгъажэ шууейм» и пIэра уздагъэувынур? Дэгъуэщ! Иджы уэ утесыну ара лъакъуэрыгъажэм?

– Аращ. Хъарбыз хадэхъумэм ещхьу, районым и щIэщI лъагэм сытетIысхьэнурэ нэхъ щIалэ дахэхэр къыхэсщыпыкIыу сытесынущ. Тхьэ имы Iуамэ, зы щIалэ нэхъ мыхъуми, район псом зыгуэр къихьэжынкъэ?

– Уэ район псом уранэхъ хъыджэбз дахэу, хъыджэбзыфIу зыкъэплъытэжу, япэ къэзыгъэзэжым уэ уипхъуэтэну хьэзыру къэк Iуэж уи гугъэу ара? Ущоуэ, тIасэ цIыкIуу сиIэ! Уэ пхуэдэ къыдэнэжахэм щхьэкI э, ямыщэхуу къыщIэнэжу ягъэпудыжа хьэпшыпым ещхьу, тыкуэн къызэ Iухын зэрыхуейр умыщIэу пI эрэ? – и пхъур къызэремыдэIуам щхьэкIэ къэгубжьыщати, хъыджэбзым кIэщIэпIаскIуэу арат, армыхъу жиI эр зэрымыпэжыр ищI эжырт Хьэбибэ. – Апхуэдэу убэлыхьлажьэу ущигугъэжкI э, щIэщIым нэси щхьэ удэпщейрэ? ЩIым ущытми, укъалъагъунщ. Хьэмэрэ ущысу укъэзымылъагъум, ущыткIи укъилъагъункъым зэрыжаIэр умыщIэу ара?

## 2. УIЭГЪЭЩЫМ

Дотий IумыщIэн папщIэ Апчарэ райцентрым нэхъ мащIэрэ зэрыкIуэным пылът. Абы и жэуапыр хьэзырт, ауэ цIыху хъарзынэм игу еуэну хуейтэкъым. ЦIыхубзыр Iуэхум егупсысын папщIэ мазэ бжыгъэхэр пIалъэу ират хабзэщ, мыбы махуэ бжыгъэт дэкI ар... КъимыдэкIэ, щхьэусыгъуэ пщIын гъунэжт: Iуэхур дунейм техуэркъым. Гъавэр ерагъыу кърахьэлIэжауэ аращ, лыр тынри и кIэм нагъэс, бжьыхьэвэри къапэщытщ, Iэщыр щIымахуэм зэрыщIагъэкIыным зыхуэгъэхьэзырын хуейщ... Сэри Дотий сещхь си гугъэщ: общественнэ Iуэхур си щхьэм япэ сфIощри, йогупсыс Апчарэ. Хьэбибэрэ абырэ а Iуэхум тепсэлъыхьыжыххэркъым, тепсэлъыхьауи, комиссарыр езым и щхьэкIэ лъыхъу къэкIуауэ щытауи пщIэжынкъым...

Апчарэ правленэм кIуэну зегъэхьэзыр. Бидаркэр куэбжэпэм щытщ. Абы хэту зы щIалэ цIыкIу къыдолъадэ.

– Ей Апчарэ, Апчарэ, Аня сыкъигъэкIуащ. Гошэ уIэгъэ хъуащ. Школ хадэм дыщыджэгурэ пэт лагъым къэдгъуэтати... ар къауэу школыр имыкъутэн щхьэкIэ бгым еддзыхын ди гугъати... Ар Гошэ идзри... Гошэ цIыкIути, жыжьэ хуэмыдзу... Лагъымыр къауэри... Гошэ уIэгъэ хъуауэ... Иджы Аня магъ... зечэтхъэж. И къуэр сымаджэщым ишэнущи... Уэ къожьэри...

– УIэгъэ хьэлъэ?

– СщIэркъым. Ауэ лъы Iей къожри...

– Алыхьым гущIэгъу къыхуищI мыгъуэ! – тхьэм йолъэIу Хьэбибэ. Апчарэ бидаркэм зредзэри шым хоуэ.

Аннэ Александровнэ унэ бэлыхь, жыг хадэшхуэри и Iэжу, иратат. «Комиссархэмрэ журтхэмрэ я бжьым дыкъыщI эзы-

гъэкIыжахэм я саулыкъукIэ» жызы Iэу тхьэлъэIушхуэ къызэзыгъэпэщауэ щытам еят а унэр. Гоши, хьэуар, щIыщIэр хущхъуэ хуэхъури, псынщIэ дыдэу зыкъиужьыжат. Хьэблэ щIалэ цIыкIухэм ныбжьэгъушхуэ яхуэхъуауэ яхэтт, тыншу зэрызэмыпсэлъэфхэри зэран къахуэмыхъуу зэдэджэгухэрт.

Сабийхэр щтэуэ зэбгрыжыжакъым. УIэгъэ хъуа щIалэ цIыкIур IэплIэкIэ къахьыжащ, и анэм дежи жэри жраI ащ. Зи псэр IукIа Аннэ Александровнэ зы нап IэзыпIэм къэсыжащ. Къуажэм медпункт дэттэкъым. УIэгъэм, къупщхьэ къутам зыгуэр хэзыщIыкI лIыжь-фызыжьхэм елъэIун дзыхь ищIакъым.

Мыдэ зауэм Iут медсестра фIэкI умыщI эну, Апчарэ щIалэ цIык Iум и бгъэри и лъакъуэри быдэу уIэгъэпхкIэ хуипхащ. Ар щыгъуазэт: апхуэдэхэм деж псом ящхьэр лъыр къэгъэувыIэнырт. Арыншами фагъуэ цI ыкI уу щыт Гошэ шэхум хуэдэу и фэр пыкIат. Хуабэу зэщIауфэри сабийр къалэм яшащ. Сымаджэщыр къызэIуахыжа пэтми, ар уIэгъэщырщ здашар – абы колхозым пыщIэныгъэ хуиIэт. УIэгъэщым къикIыурэ колхозым щэхуакIуэ къакIуэхэрт. УIэгъэхэм щхьэкIэ кхъуэшырхэр ящэхурт, бэзэр уасэ къратурэ. Анни Апчари арат зыхуеиххэр: ар икIи нэхъ тыншт, лыр зыхуагъэхьэзыр зауэлI хэми яIэрыхьэрт. ЩэхуакIуэхэм я гъусэу колхозым мызэ-мытIэу къэкIуат уIэгъэщым и диет дохутыр Галинэ Вальянскэри, абы езым къыхихт кхъуэ ширхэр, Апчари Анни къелъэ Iут хьэщIэу хуеблэгъэнхэу. Ар езыр Апчарэ зэ кърыгъэблагъэри и анэм игъэхьэзыра адыгэ ерыскъыкIэ игъэхьэщIат.

– Мыбы зауэ щекIуэкIащ. Саперхэр къэшауэ гъэлъыхъуэн хуейщ, пщIэнукъым, иджыри зыщIыпIэ деж лагъым къыщIэнауэ къыщIэкIрэ зыгуэр игъэгуIэжмэ... – жеIэ Апчарэ. ПIащIэ-тхъытхъыу бидаркэр ирехулIэ у Iэгъэщ куэбжэм. – Сэ обкомым сыкIуэн хуейщ. Къулым деж сыщIэмыхьэну Iэмал иIэкъым. Абы и ужькIэ ныжэбэ Иринэ деж сыкъонэ, СылIэным хуэдэу сигу къэкIащ Данэ цI ыкIу. Уэ бидаркэмкIэ уокIуэж. Пщэдей укъокIуэри зэгъусэу дыщIоупщIэ сымаджэм, итIанэ тIури докIуэж, – унафэ миныр ещI Апчарэ.

Аннэ и IитIыр щIегъэлъадэ сабийр зыкIуэцIышыхьа шхыIэн щIагъым, хуэсакъыпэурэ къеIэтри йоплъ: лъы къызэпхимывауэ пI эрэ?

– Апхуэдэ насыпыншагъэ къызэрыхъунур си псэм ищIэ мыгъуэт, – гузэсэжырт анэр. – Зэгуэрым Гошкэ зыгуэр къехь. Моуэ зы гъуэжь гуэр къешэкIауэ. «Мамэ, мыр мафIэм пэрылъ-хьи зэрисым дегъэплъыт», – жи. «Сыт мыр?» – жызоIэ. «СщIэр-къым, щIалэ цIыкIухэм къызатащ», – жи. Зэк IуэцI ысхрэ сеплъ-мэ, сабын жьыщIэгъуэм ещхьщ. Сабын си гугъэуи сыкъэгуфIат. Ауэ, джыдэкIи пхуэмыкъутэным хуэдизу, егъэлеяуэ зы быдэ гуэрт. Зауэм къик Iыжа ди гъунэгъу ныкъуэдыкъуэм деж сохь. Ар сыт уи гугъэнт?

Лагъымт!.. Сыкъащтэри си псэр хэкI пэтащ.

– Сыту гужьеигъуэIейт ар!

– Ар мафIэм пэрыслъхьамэ, дыунэхъужатэкъэ?

– Алыхьым гущIэгъу къыфхуищIащ. Iэмал имыIэу, Мэшыкъуэ дурэшу иIэу хъуар къезгъэщынщ...

УIэгъэщыр здэщыIэр санаторэ нэхъыфI дыдэм и унэхэрат. Ахэр пхъэщхьэмыщхьей жыгхэм щIагъэнат. Жыгхэр – ирекхъужьей, иремыIэрысей, ирешэфталей – я дахагъкIэ, я теплъэкIэ зэпеуэ нэхъей – зэщIэлыдэхэрт. Санаторэм и корпус нэхъыщхьэр унэ зэтет дахэт, лоджие, балкон инхэр иIэу, щхьэгъубжэшхуэхэр аузым дэджэгухь дыгъэпсым хэпщIыпщIэрт. Санаторэм и гупэкIэ къитт зыплъыхьыпIэу ящIа лъагапIэ иныр. ЩыуэфIхэм деж сымаджэхэр абы дэкIуейрти нэм къыщIэлыдэ къурш дахагъэр «ирафырт». Бжей абрагъуэхэм щIагъэна нэкIушхуэ зэщIэлыдэм уеплъ пэтми зыбгъэнщIыртэкъым. ИщхъэрэкIэ уеплъыхамэ, бжьыхьэми щIымахуэми пшагъуэ гуэрэн бэлацэхэр зыщхьэщымыкI Тэрч бжьэпэхэм нэм зытраукъуэдиерт. Санаторэм и унэхэм пэмыжыжьэу щешкIурэхырт бжьыхьэпс хуэмыр.

УIэгъэщым цIыхур хуэфIу щIэлът. Ауэ пщIантIэр хуитт, жыг щIагъ удзыпцIэхэр лъэщIэхути, уи псэм зигъэпсэхурт. Зи лъэ зэрихьэр щIыбым къызэрыщIэхт. Жыг щIагъхэм ущIэсу зауэр, уи ныбжьэгъухэр уигу къэбгъэкIыж, хъыбарыщIэхэр зэхуэпIуатэ, гукъыдэж зиIэу уэрэд жызыIэхэм уедаIуэ хъурт. Зи лъэ зэримыхьэхэри лъаIуэрт къыщIахыу жьы къабзэм хагъэсыну. Абыхэм я хьэтыр ялъагъурт: ныбжьэгъухэм, санитархэм къыщIахырт ахэри. Хущхъуэм зыкIи къыкIэрыхуртэкъым хьэуари. Пщыхьэщхьэ уэфIхэм деж цIыхур зыплъыхьыпIэ лъагэм тезт. Абдеж щIэх-щIэхыурэ концерт, спектакль къыщагъэлъагъуэрт къалэм къикIа артистхэм.

Апчарэрэ Аннэрэ къагъуэт уIэгъэщым и хирургическэ отделенэр. Апчарэ Вальянскэми зыхуигъэзэну и мурадт – Iуэхур нэхъыфIу, нэхъ псынщIэу зэфIэкIын папщIэ здигъэIэпыкъунут. Ауэ ари хэмыту, дэгъуэу зэфIэкIат псори. Хирург нэхъыщхьэр езыр и щхьэкIэ къоплъ щIалэ цIыкIум, осколкэ къутахуэхэр къыхехыж, уIэгъэхэр егъэкъабзэ, епхэ.

– Шынагъуэ щыIэкъым. Иджыри зэ дотIэтэж, догъэкъабзэ, допхэжри зэфIокI, – жеIэ абы цIыхубзитIым къеплъурэ, гугъу демыхьуи къецIыху сабийм и анэр дэтхэнэрами. Нэхъыбэу зэпсалъэри Аннэщ. – Сабий отделенэ диIэкъым дэ. КъыщIэбгъэ-нэн щыIэуи слъагъуркъым. Адэ унэм щыIэжмэ, езы щIалэ цIыкIум дежкIи нэхъыфIщ.

– Берычэт бесын. Феплъын щыхуейм деж къыфхуэтшэнщ. Тхьэм и шыкуркIэ, къызэрытшэн диIэщ. Жыжьи дыщыпсэур-къым: Мэшыкъуэ дыщыщщ, – жеIэ Апчарэ, сымаджэр къызэ-ришэну зыщыгугъри и

бидаркэращ. – Галинэ Николаевнэ дыхуэзэ хъуну пIэрэ? – ар ямылъагъуу кIуэжмэ, Вальянскэм и жагъуэ бзаджэ зэрыхъунум шэч къытрихьэркъым Апчарэ.

– Моуэ зы дакъикъэ хуэдэкIэ зыфIэжьэ-тIэ. ШхапIэм щыIэу къыщIэкIынщ ар, – жеIэри Вальянскэр къригъэшэну егъакIуэ.

Галинэ Николаевнэ куэдрэ зригъэжьакъым цIыхубзитIыр.

– Апчарэ, Аннэ Александровнэ! Сытым фыкъытхуихьа? ХьэщIапIэ фыкъытхуэкIуа хьэмэрэ Iуэху фиIэ? Ахъшэр фи счетым недгъэхьакIэщ...

– Сэлам удох! – сабий зэщIэпхар зи IэплIэм илъ Аннэ Александровнэ и нэпсхэр ерагъыу и Iыгъщ.

– Дауэ ущыт, Галинэ Николаевнэ? ХьэщIапIи дыкъэкIуакъым, тхьэ. Гузэвэгъуэм дыкърихужьат. Гошэ цIыкIу лагъым къэуам и осколкэр къытехуэри... – Апчарэ жеIэж Iуэхур къызэрекIуэкIа псори.

Галинэ Николаевни къощтэ, сабийм йоплъ. ЩIалэ цIыкIур пщтырыбзэт, температурэм зыкъи Iэтагъэнт, и натIэм пщIэнтIэпсыр къекIуат, и щхьэц сырыху цIыкIухэр зэк IэрыпщIэжат.

– Ягъэ кIынкъым Тхьэм жи Iэмэ, хъужынщи джэгуу ежьэжынщ... Сэри нобэ си махуэтэкъым. УIэгъэ хьэлъэ дыдэ гуэрым гущхьэкъутэ сищIащ. ЩIалэ бэлыхьщ. Губзыгъэщ, лIыгъи хэлъщ. Танкым ирисхьэ мыгъуэри... И нэр фIэкIуэдащ. Езым псэууэ зы IэпапIэ хэлъыжкъым. Щыдэжыным щыдэжын тедыжауэ апхуэдэщ. ЗыпцIэ хэслъхьэркъым – апхуэдэ дыдэ мыгъуэщ. ЦIыхуу пщIэжынкъым. Ар ещIэж мыгъуэри, езыми и гуи ешхыж: «Хадэм ирагъэувэ пыпхэм сыхуэдэщ, – жи. – Зауэм згъэзэжынурэ зезгъэук Iынущ», – жи. А сэ слъагъур къызэфIэувэжмэ, щIэпхъуэжынк Iи тIэу еплъынукъым. Нобэ комиссэ еплъын хуейуэ ращ. И абджынэм щыгугъыу жеIэ езым: «Комиссэм хэтхэм, – жи, – си абджынэр ятезубыдэнщи хьэпэщыпхэ сщIынхэщ, си Iуэхущ итIанэ абыхэм зауэм самыгъэкIуэжмэ», – жи.

Ауэ нэ зиIэ комиссэм дэнэ игъэкIуэн ар? Унэм ягъэкIуэжыну яутIыпщыжынщ... модрей мыгъуэм кIуэжын идэркъым... Мис ращ тхьэмыщкIэ жыхуаIэр... Мыбдеж щхьэ дыщыт? Фынеблагъэ, тхьэм щхьэкIэ! Шэджагъуашхэ фэзгъэщIынщ. Апчарэ и анэ Хьэбибэ сигъэшхам хуэдэ мыбы щыбгъуэтын, ауэ... КхъыIэ, фынеблагъэ.

– Берычэт бесын, – Вальянскэм фIыщIэ хуещI Апчарэ. – Мы къалэм си нысэ дэсщ. Абы дыдэмыхьэу хъунукъым.

– ФызэрегуакIуэщ-тIэ. Ди шэджагъуашхэр зы ф Iы гуэру щытамэ, зыфкIэрысщIэнти адэкIи-мыдэкIи фызгъэкIуэнтэкъым. Ауэ колхоз председатель къызэредгъэблэгъэн диIэкъыми... – Галинэ Николаевнэ къодыхьэшх. – ФынакIуэ, адэ фынэзгъэсыжынщ. СыткIэ фыкъызэрык Iуар? Фымашинэ?

– Дэнэ къикIа машинэ? Дыбидаркэщ. Модэ куэбжэпэм

щытщ.

ЦIыхубзищым лъэгумкIэ ираIуэнтIэх. Аннэ сабийр и IэплIэм илъщ. Куэбжэм ухуэзышэ лъагъуэр дэкIуеипIэхэмкIэ къищIыкIащ. ДэкIуеипIэ, – ахэр щэм нос, – тIощI къэс къэувыIэпIэ площадкэ иIэщ, абдеж тетIысхьэпIэ щытщи, уешамэ, тIыси зыгъэпсэху. Ауэ Апчарэрэ Аннэрэ зыгъэпсэхуи тIыси хэмыту къыдэкIахэщ. Иджы, ягури тIэкIу нэхъ зэгъэжауэ, мыпIащIэурэ йохыжхэр. Мэпсалъэхэр, заплъыхь. Галинэ Николаевнэ занщIэу къызыпхоувыIыкIри хуэм цIык Iуу жеIэ:

– Модэ мес зи гугъу сщIа танкистыр. Флъагъуркъэ? Зибгъу къэгъэзауэ модэ мо тетIысхьэпIэм тесращ.

Галинэ Николаевнэ зи гугъу ищI танкистым йоплъри, Апчарэ, и дзэр Iуач нэхъей, къыхокIиикI. ИтIанэ и IитIымкIи и Iупэр Iуеубыдэжри и пIэм йожыхь. И лъэр хузэщ Iэхыркъым. Абы псэ пытыжу пщIэнкъым. Вальянскэм къаригъэлъагъу танкистыр Локотошт...

## 3. ЛОКОТОШ

Илъагъуи зэхихи щымыIэу, и нэр адэ жыжьэу зыгуэрым триубыдарэ зимыгъэхъейуэ щыст ар.

Зы напIэзыпIэкIэ зыкъещIэж Апчарэ, зыгуэр къеIунщIу щIихуам ещхьу, щIопхъуэри егъэзыхыгъуэм йожэх.

Абы Апчарэ иджыпсту къилъагъуным нэхъ и жагъуэ хъунрэ абы нэхъ зыхуэмейрэ мы дунеишхуэм тет къыщIэкIынтэкъым. И цIэр жызыIам и макъыр къицIыхужри къыхэскIыкIащ Локотош. Дыгъуэу яубыда нэхъей, гужьейри къыщылъэтащи, и щхьэр здихьынур имыщIэу зеплъыхь. Апчарэ и щхьэфэцым зыкъаIэт: ипэрей Локотошым щыщу хэлъыж щыIэжкъым и пащхьэ къитым. Пэжт Галинэ Николаевнэ жиIар: зэхэмыдыжыхьауэ лIым IэпапIэ хэлъыжтэкъым. И нэ узыншэ закъуэр, и натIэр, и набдзэхэр – арат къыхэнар.

– Сыту жыжьэ зыщыбгъэпщкIуа, Локотош! – Апчарэ зызэтриубыдэжащ. Къэщтауи фэ тетыжкъым, абы и нэгум гущIэгъуи иплъэгъуэжыркъым, зыхуэзар зэригъэщIагъуэмрэ ар зэригъэкъуаншэмрэщ дэплъагъур. – ЛIо, укъэзмыгъуэтын, укъэзмыцIыхужын уи гугъауэ арат?

– СыкъыумыщIыхужми, емыкIу уащI мыхъуну апхуэдэщ си теплъэр, – Апчарэ и псалъэхэм езыр зыхуейр къырех Локотош.

– ИхъуреягъкIэ пабжьэмэ, хэт укъигъуэтын? – Галинэ Нико-лаевнэ къыIухьащи Апчарэ къыдощI.

– Пэж дыдэу, уэ сыкъэпцIыхужа, хьэмэрэ?..– Локотош и макъым зихъуэжатэкъым, ар зэрыжьгъыру дахэт. – Мобыхэм ямыдэ щхьэкIэ, – ар Вальянскэм дежкIэ йоплъэкI, – пыпхэ папщIэу хадэм сибгъэувэну сыт къысхуэт, Апчарэ?

Апчарэ и нэпсыр ерагъыу зэтриIыгъэщ.

– Уэри зыбукIыжу нэгъуэщIхэри щIэбукIыр сыт? Мис иджы къызгурыIуащ хъыбари-шыбари уимы Iэу зыщIэбгъэбзэхар, – хуэмышэчу къыщеудри магъ Апчарэ. – Апхуэдэу угу быдэу, упсэ щIыIэу си гугъэнтэкъым. Уэ узыщымысхьыжми, адрейхэм гущIэгъу яхуэпщI хъунутэкъэ? НэгъуэщI мыхъуми, зы псалъэкIэ хъыбар сыбгъащIэ хъунутэкъэ? АтIэми, Мэшыкъуэрэ мыбырэ яку банэ IукIат?

Сабийр иIыгъыу Аннэ къохри къабгъэдохьэ, Локотош цIыхубзищым къаувыхь.

– Зы зимыIэм выжьитI иIэт, жыхуиIэ таурыхъым ещхь хъуакъэ иджы мыр? Алъандэм зы ц Iыхум сыкъыфIэIуэхуу щытакъым. Иджы мис, занщIэу цIыхубзищым сыкъаухъуреихьащ. Сызэфпэсыжыну сщI амэ, плену зывэстынтэкъэ? Ауэ фыкъысщымышынэу сыфщтэну си фI эщ хъурэ? – Локотош гушыIэну хуожьэ.

– Дыпщышынэнкъым! – Галинэ Николаевнэ тIэкIуи щIигъэтхъэIуэу нэщхъыфIафэ зытрегъауэ, подполковникри къигъэдыхьэшхыну аращ зыщIэкъур. – Бабыщыхъур и теплъэракъым зыгъэдахэр, къыбгурыIуа?

Псори зэщIодыхьэшхэ. АдэкIэ щызэхэс, щызэхэт уIэгъэхэр Локотош къехъуапсэхэурэ къоплъэ.

– ФытIыс, щхьэ фызэхэт.

– ДывгъэтIыс, хъыджэбзхэ. Ауэ куэдрэ дыщыс хъунукъым. Сымаджэм зигъэпсэхун хуейщ, – уIэгъэщым пщIэшхуэ щызиIэ Галинэ Николаевнэ мыбдежи и унафэр къахелъхьэ. Ар зэрытхакIуэри ящ Iэрт уI эгъэщым щIэлъхэми щылажьэхэми. Абы и литературнэ пщыхьэщхьищ хуэдизым щIэсат Локотоши. Вальянскэр къалэми щIэх-щIэхыурэ ехырт, зауэм и зэранкIэ зи бжыгъэхэр нэхъ мащIэ хъуа къалэдэс тхакIуэхэм пыщIэныгъэ яхуиIэт. Пэжщ, а лъэхъэнэм зыми игу къэкIыртэкъым иужькIэ ар советскэ тхакIуэ цIэрыIуэ хъуну.

Локотош арэзы хъуащ: Апчарэ ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ къэт Iысащ, абы и нэкI у ижьым апхуэдэу дыркъуэшхуэ телътэкъым. Ар нэбгъузкI э къыщIэплъурэ хъыджэбзым хуеплъэк Iт. Гуауэмрэ гущIэгъумрэ зи псэм къытегъуэлъхьа Апчарэ къыщиудыну хьэзырт, ауэ зызэтриIыгъэрт, дзыхэуи фэ зытригъауэртэкъым, Локотош и лъагъугъуеягъым гу лъимытэххэ, ар къыфI эмыIуэхуххэ хуэдэу щыст.

– Нобэ, «офицер собранэм» щыжаIэнухэм ущIэмыупщIэ! – Локотош къэнэщхъыфIэпащ: Апчарэ и нэгум шынагъуи гущыкIыгъуи къиқыртэкъым. «ЦIыхубз дахэ защIэщ къыкIэ-лъык Iуэхэр», – жаIэнщи пщIэ нэхъ къыхуащIынщ. Ди пщафIэри нэхъ къызэгугъунщ: «Ныбжьэгъу подполковник, уэ нэхъыбэ къыпкIэлъыкIуэ щыхъуакIэ, нэхъыби пшхын хуейщ», – жи-Iэнщи...

ЦIыхубзхэр, тIэкIуи загъэщIагъуэу, закъыфIэщIыжауэ, зэщIодыхьэшхэ.

– Сэбэп къыпхуэхъуа уи нэр? Комиссэм хэтахэр хьэпэщыпхэ пщIыфа? – щIоупщIэ Галинэ Николаевнэ.

– ПщIынти ахэр! – Локотош и Iэр ещI.

– НыбжесIатэкъэ?..

– Си теплъэмкIэ згъэщтэн сфIэщIати, мохэр щтэгъуафIэхэм ящымыщу къыщIэкIащ, – къэнэщхъеижауэ къопсалъэ Локотош. Ар Iэджэрэ хуежьат Апчарэ зыгуэр хуитхыну, тIысырти итхырт, щIегъуэжырти зэ Iитхъыжырт. И теплъэ хъуам щыукIытэжт. ИкIэм икIэжым я лъагъуныгъэм кIэ иритыну мурад ищIат. Сэ схуэдэ нэджэIуджэ, ныкъуэдыкъуэ зэребгъэщIынур сыт зи щIалэгъуэ, зи дахэгъуэ цIыхубзым? ГущIэгъу къысхуищIу, фIэгуэныхь сыхъуу и гъащIэр къыздихьын фIэкIа, сыт сэ абы гуфIэгъуэу, насыпу къыздилъагъунур?.. Си насыпыншагъэр, си тхьэмыщкIагъэр нэгъуэщIым щIыдэзгуэшын щыIэкъым. Си натIэм къритхар си закъуэу згъэвыжынщ, – егупсыст Локотош. Зыгуэрурэ хуит закъригъэщIу фронтым игъэзэжыну, илъ ищIэжыну арат абы гугъапIэу и Iэжыр. Уи нэ къеIэм и псэ еIэ, жи псалъэжьым. И нэм къеIахэм я псэфылъэм зыщIидзауэ хрырекIуади нэхъыфIщ. Зауэм ухэкIуадэмэ нэхъыфIщ, къыпIуплъэр къыпщыщтэу дунейм утет нэхърэ.

ГугъапIэ закъуэу иIэжар комиссэм IэщIихыжат нобэ. Председателым и псалъэхэр шэуэ къытехуащ абы: «Къэбзэуныр къэбзэуащ уэ, подполковник, народнэ хозяйствэр къызэфIэзыгъэувэжхэм гъусэ захуэщIи нэхъыфIщ».

– Аннэ, си псэм хуэдэ, – Апчарэ и зоотехникым зыхуегъазэ. – Бидаркэм итIысхьи еуи кIуэж. Сабий сымаджэр гъэгъуэлъын хуейщ. Бидаркэр пщэдей щIалэ цIыкIу гуэрым къысхуегъэхуж. Иринэ и фэтэрым кърырек IуалIэхэ. Абы и деж сыщыIэнущ сэ. КъыбгурыIуа?

– КъызгурыIуащ, – Анни зыхуеиххэр арат, ауэ жиIэнIа укIытэу щыст.

Галинэ Николаевнэ пщэфIапIэм къыщыпэплъэхэрт. Апчарэрэ подполковникымрэ я зэхущытыкIэр зыхуэдэр къыгурыIуащи, щхьэусыгъуэ гуэр ещIри зыIурегъэхыж абыи. Апчарэрэ Локотошрэ щымыбзэ хъуащ. Локотош къыгурыIуэжат: езыр мафIэм танкым ирисхьа пэтми, абы Апчарэ хуиIэ лъагъуныгъэр сэкъатыншэу къызэтенат. Апчарэ зэгупсысыр и анэмрэ КъуэшрокъуэДотийрэт. Ар натIэкIэ Iууат лъэкI къимыгъанэу зауэм илыгъуа и ухыгъэм. Абы уIэщIэкIыу дэнэ укIуэн? УIэщIэкIынуи упылъ хъуну? Апчарэ и натIэм къритхар зыщ: зауэм зэхи-IуэнтIыхьа, игъэныщкIуу къыжьэдидзыжа лIым псэкIэ зыкъри-шэкIыу, джэдыкIэ пцIапцIэм хуэдэу, хуэсакъыу, хуэгуапэу, хуэIэфIу зэрихьэн. Ар пхузэфIэмыкIынумэ, уи цIыхугъэми уи лъагъуныгъэми щай

фIыцIэжь я уасэкъым. Ауэ, и псэм уемы-гуауэу, гущIэгъу щхьэкIэ IэнатIэ хьэлъэм узэрыIумыувэр и фIэщ пщIыфу, дауэ ар абы зэрыгурыбгъэIуэнур? И фIэщ сыхъуну абы?

– Шу дивизэм щыщ зыри уи гъусэу щIэлъкъэ? – къопсалъэ Апчарэ.

– Сэ сызэрыщIэлъ лъандэрэ къашаIауэ слъэгъуакъым, – мэщатэ Локотош. – Сэри мыгувэу сыщIатхыкIыжынурэ...

– Дэнэ уздэкIуэнур?

– Си занщIэр си гъуэгуу. ЗыщIыпIэ сыувынщ. Шы заводым и директор сыхъунукъым, дауи. Сыпэлъэщынукъым.

Апчарэ и псэр къокIэзыз: ещIэ.

– Завод гуэр сыкIуэнщи... СхузэфIэкIын гуэр къысхуагъуэтынщ, – и псалъэм пещэ Локотош.

– Мыбы укъэнэну ухуейкъэ? – ерагъыу къызыжьэдепIытIыкI Апчарэ.

– Мыбыи? – Хьэуэ! – пеупщI Локотош. – Шызешэ нэхъыжь сыхъунукъым, сызэрымыхъуххэнур бригадирщ. Къуэшрокъуэ Дотий...

– Ар мыбы зэрыщыIэр пщIэрэ? – Локотош и псалъэр Iэпеуд Апчарэ.

– Сыт щIэзмыщIэр? КъулыкъукIэ зэрыдэкIуэтейми, нэгъуэщI зыгуэрхэми сыщыгъуазэщ сэ, – нэщхъейуэ къыпогуфIыкIри щтэIэщтаблэ къэхъуа Апчарэ хуоплъэкI Локотош. – Япэхэм хуэдэу, уIэгъэщыр дуней псом пэIэщIэжкъым нобэ. Районым щыхъыбар псори ещIэ Галинэ Николаевнэ, абы ищIэхэр сэ къысхуеIуэтэжри... ЦIыху телъыджэщ ар, гу щабэщ, гущIэгъу хэлъщ. ТхакIуэщ, псори зэригъэщIэну, цIыхухэм я дуней тетыкIэм, я зэхущытыкIэм щыгъуазэ зищIыну пылъщ...»

Аргуэру тIури сабырыжащ.

ИкIэм икIэжым Апчарэ и гур къызэрогъуэтыж, хуиту къобэуэж, и плIэм телъа хьэлъэр иригъэхуэхыжа нэхъей, и щхьэр Iэтауэ къызэфIотIысхьэ, фронтым щыщыIам зэрищIу щытам ещхьу, езыр япэ къощри:

– МащIэ мыгъуэщ уэ пщIэр! Уи щхьэм фIэкI нэгъуэщI узэгупсыси къыпфIэIуэхуи щыIэкъым... Сэ согъ-сопыхьэри нэпси къаруи къысхуэнэжакъым. Уэ, икIэрауэ, зы псалъэ цIыкIукIэ зыкъэзыбгъэщIэфакъым. Къуэшрокъуэ Дотий зэкъым икIи тIэукъым фIыкIэ игу укъызэригъэкIыжар. НапIэр дэпхьейуэ къепхьэхыжыхукIэ къэсынти ар, мыбы узэрыщIэлъыр ищIамэ. Уэ псоми защыбгъэпщкIуауэ, мы дунейм уэр фIэкI темытыж нэхъей, цIыхум закъыумыгъащIэу ущIэлъщ мыбы... – Апчарэ и тэмакъыр къызэфIозэрыхь, ар мапсчэ. – Си дэлъхум игъащIэкIэ уриныбжьэгъуну тхьэ зыIуауэ щытар уэратэкъэ? Дауэ щыт, сыт и хъыбар, жыпIэу ущIэупщIэжыркъыми абыи. Сыкъэплъагъуну, уздэщыIэр къэзыбгъэщIэну ухуэмейми, сы-псэущ, жыпIэу зы псалъэкIэ

зыкъэзыбгъэщIамэ, хъуртэкъэ? Хьэмэрэ сэ щхьэкIэ зыгуэр зэхэпхауэ арат?

– УзыщIэупщIэр сыт?

– Сэ оккупацэм сисащ. Абы псори щыгъуазэщ. Пэжщ: «Къэгъанэ абы и Iуэхур», – жиIащ Къулым. Сэ сщIэ мыгъуэрэ, уэ абы нэгъуэщI зыгуэру уеплърэ?..

– Оккупацэ гугъу зесхуэрэ сэ? Сэ езыр фашистхэм я тылым къалмыкъ цIыхубз гуэрым сыщызэрихьащ.

– НтIэ, сыт хуэдиз ныпхуэстхами, щхьэ си зы письмо жэуап къыумытарэ? И, зо? Сыт къыщ Iумытар?

Локотош и нэ зымылъагъум нэпсышхуэ къыщIоху, доIэбейри пелъэщIыкI ар. ЛIышхуэр гуауэм иудынышI эрт. Танкым ирисхьауэ кърахыжу уIэгъэщым зэрырагъашэ лъандэрэ Локотош и хьэлым зихъуэжащ: тэмакъкIэщI хъуащ. Дыгъэм игъэплъа хьэуазэм хуэдэщи, мафIэдзыпэ зэрыхуэпшийуэ къэлыдын хьэзырщ. Япэм абы и нэпс зэрыуигъэлъагъун щыIэтэкъым. ЗэрылIыр, зэрыбгырысыр зыщигъэгъупщэртэкъым. Иджы, мес, и напэр нэпсым иуфауэ щысщ. Хуэмыубыдыжу къыфIыщIэж нэпсым нэхъри къигъэгубжьащ подполковникыр.

– «Сыт? Сыт?»– Локотош къыхокIиикI.– Зи сытыр пщIэркъэ? УмыщIэмэ, мис, еплъ: – йопхъуэри джанэ щIыIутелъыр дрехьей, джанэ щIагъщIэлъыр зэIетхъ. Апчарэ елъагъу абы и щIыфэ зэхэдыжыхьар, фэ зэмыфэгъухэр. И щIыфэм елъытауэ, и нэкIур дыщэм хуэдэт. – НэгъуэщIхэм я фэхэр къыстракъуауэ къэскIухьу арaщ сэ. Си псэ дыдэри сысеиж хуэдэкъым. Сэр дыдэм зыкъэсцIыхужыркъым. А ипэрей Локотошыр щыIэжкъым. УпыкIащ абы! МафIэм хисхьащ ар! КъыбгурыIуа?– Локотош и джанэр кърeдзыхыжри сабыр мэхъуж. И нэпсри игъэпцк Iужыркъым, ар езым имей хуэдэщи, щыукIытэжыркъым. Апчарэ бэлътоку кърихауэ елIэлIапэурэ хуелъэщI абы и нэпсыр.

– Щхьэр псэумэ... – и анэм и псалъитI яз псалъэжьыр кърыгъэжьати, хунэгъэсакъым Апчарэ: ари нэпсым итхьэлэрт. ИтIанэ, ерагъыу и гур къызэрогъуэтыжри, щIоупщIэ. – УздэкIуэн уи гугъэр дэнэ?

ЗдэкIуэнур езы дыдэми ищIэжыртэкъыми, Локотош зыри жиIэртэкъым. И анэм хуитхахэм хъыбари-шыбари яIэкъым. ЗдэкIуэн и гугъар гурыIуэгъуэт: фронтрати, абыи зыри къикIакъым. ЩIамыдэр сыт? Лъэтхьэмпэ япымытыжу зауэм къагъэзэж щыхъук Iэ, нэ лъэныкъуэр уимыIэжу ук Iуэж щIэмыхъур сыт? Нэ къудейрауэ къыщIэкIынкъым Iуэхур здэщыIэр. И къупщхьэ сахэм фэр къешэкIа къудейщ, лыуэ якIэрылъыжышхуэ щыIэжкъым. Къупщхьэ зэфIэбдзам къикIухь хуэдэщ. Куэдрэ, икъукIэ куэдрэ къеIэзэнхэ хуейт абы. Iэрызехьэ жыхуаIэм хуэдэт ар.

– Сэ дэнэ щысщIэн сыздэкIуэнур? Алыхьым ещIэ ар...

– Алыхьри уи фIэщ хъууэ узэрыхъурэ куэд щIа? Уэ сэ

слъагъум, пэж дыдэу, уи псэр къыпхузэрагъэдзэкӀащ. Уи пса-лъэхэр зэхихамэ, ди анэр сыт хуэдэу гуфӀэнт! – Апчарэ и бзэр къиутӀыпщыжащ.

– Сыт щхьэкӀэ?

Апчарэ къыпогуфӀыкӀ:

– Алыхьыр, диныр зи фӀэщ хъухэр фӀыӀейуэ елъагъури.

– А уи Къуэшрокъуэм нэхърэ нэхъ си фӀэщ хъууэ къыщӀэ-кӀынкъым сэри алыхьыр.

– «Уи Къуэшрокъуэм»! Бзэгузехьэхэм жаӀэм йода Ӏуэри щӀэлъщ мыбдеж! ЛӀыщ, жыӀэ ари! «Уи Къуэшрокъуэ»! Сэ сызэ-рырейм хуэдабзэу уэри ууейщ ар.

– УдэкӀуэн мурад уиӀэкъэ? – хуэм щӀыкӀуу щӀоупщӀэ Локо-тош, къыпыгуфӀыкӀ нэпцӀ зищӀурэ. – Уэ уи Ӏуэху зыӀутымкӀэ щхьэгъусэ пхухах... къыпхуагъэув хъунущ.

– Сэри аращ сщӀэнур, – жиӀа мыхъумэ, зыкӀи зигъэгусакъым Апчарэ, уеблэмэ нэхъ нэщхъыфӀэ къэхъуащ.

– Къыпхухахыни къагъуэта?

– ЩыӀэщ апхуэди.

– Хэтщ, жыпӀа, ар?

– Апхуэдэ мащӀэ. Зы подполковник гуэрщ.

– ГъэщӀэгъуэн жыпӀай. УнафэщӀ гуэр хьэмэ къызэрыгуэкӀ-хэм ящыщ?

– ЗэкӀэ унафэщӀкъым, ауэ мыгувэу хъунущ унафэщӀ. Нэ-гъуэщӀ мыхъуми, и фызым и унафэщӀ. Ӏэмал имыӀэу хъунущ, – Апчарэ Локотош дежкӀэ зрегъэщӀ. И Ӏэр еубыдри зыри жимыӀэу щысщ. Фагъуабзэ хъуащ, хьэзаб тӀуащӀэ зышэчам ещхьу зи-хъуэжащ.

– Уи жагъуэ умыщӀ... Уи фӀэщ щӀы, уи жагъуэ сщӀыну сы-пымылъа. Сыкъуэншащ...

– Уэращ сэ сызыдэкӀуэнур. КъыбгурыӀуа? Уэращ си уна-фэщӀу щытынур! Самышэжу сыкъыдэнэжамэ, уэр фӀэкӀ нэгъуэ-щӀым сыдэкӀуэнукъым.

Локотош къэуӀэбжьащ. Зэхихыр и фӀэщ хъуртэкъым абы. Щхьэ закъуэныгъэм, гуауэм яужьыгуа мо зауэлӀ ныкъуэдыкъуэм и фӀэщ хъужыртэкъым унасыпыфӀэу, адрей цӀыхухэм хуэдэу, уэри гуфӀэгъуэ гуэрхэр плъагъуу упсэуну къыпхуихуэжыну. Алыхьми цӀыхуми я ней зыщыхуэу яӀэщӀэхужа гуэру зыкъи-лъытэжырт абы. УмыщӀэххэу, а зи ней къыпщыхуэу узыӀэ-щӀэгъупщыкӀыжа уи гугъа алыхьым игу укъэкӀыжу апхуэдэ насып къыпхуридзыхыжын жыхуэпӀэр дауэ къыпщыхъурэ?!

Апчарэ, Локотош и Ӏэр зэриӀыгъым хуэдэурэ, зрикъузылӀэрт лӀым.

– Сэ сызэрыпхущытам зыкӀи зихъуэжакъым. Псори зэрыщытауэ къэнэжащ. Си псэри си насыпри зыхэлъыр уэращ.

– Ар пэж, Апчарэ? – Локотош, и нэр хъаршэрщи, илъагъу щымыӀэу ауэ сытми япэкӀэ маплъэри щысщ. – Ар пэжмэ, бзу

шырым срещхьу, дамэ къыстекIэу аращ. Дамэ зытетхэр лъэтэф хабзэщи, сэри закъыкIэрызгъэхунтэкъым абыхэм.

– Зэ укъэтIысыжынтэкъэ. ИтIанэ сыт хуэдэ жыгт узытетIысхьэнур?

– Фи хадэм ит мыIэрысейм. Хъункъэ? Уарэзы абыкIэ?

– Ауэ сытми!..

– ХъумакIуэм сыкъримыудыхыну пIэрэ абы?

– Сыт хуэдэ хъумакIуэ?

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ. Зыгуэрым ихъумэу исмэ...

– Абы и хъумакIуэ хъунур уэращ, ныбжьэгъу подполковник! – Апчарэ и псэм жьы дихужащ, иджыпсту нэхърэ нэхъ насыпыфIэу игъащIэм зибжыжа хъунтэкъым абы. «Ныбжьэгъу подполковникырщи», и Iупэр пIэжьажьэ мыхъумэ, и жьэр хузэщIэмыхыжу еплъырт цIыхубзым.

– Нэ лъэныкъуэ фIэкI симыIэу сыти си хъумакIуэ сэ...

– АфIэкI абы и гугъу умыщI, хьэтыр уиIэмэ. Быбэ сэрэ дымыщI эн щыIэкъым уэ ухъужын, узэрыщытауэ ухъужын паппщIэ... Сэ уэ сыт хуэдэу фIыуэ...– «услъагъуну» жиIэн и гугъати, щIогъуэжри щIелъэфыж: а псалъэшхуэр япэщIыкIэ езы щIалэм жрыреIи нэхъыф Iщ, – усхъумэну, бадзэ къыптетIысхьэн си гугъэу си псэр IукIауэ...

– Сэ уэ фIыуэ узэрыслъагъур, ари куэд лъандэрэ, уэри уощIэ, – хуэм цIыкIуу къопсалъэ Локотош. – Ауэ, си напэм схутегъахуэу, апхуэдэ тыгъэ дауэ уэри къызэрыпIысхынур? Уэри зэрыплъагъущи, сэ къысхэнэжагъэшхуэ щыIэжкъым. Зауэм игъэпуда цIыхухэм сащыщщ сэ...

– ЖумыIэ ар. СэркIэ уэ зауэм уигъэпудакъым, уэ си псэм укъызэрыхэнар япэм узэрыщытам ещхьущ... – иджыпсту угъ зэрымыхъунур ищIэ пэтми, зыхуэубыдыжыртэкъым Апчарэ. Гу пкIуэцIылъыххэмэ, укъимыгъэдзыхэну Iэмал имыIэу тхьэмыщкIэт Локотош. Зи щхьэ и пщIэ зыщIэжу, зи къарум, зи акъылым къигъэгугъэу, жылэр зэлъэIуу, зыщыгугъыу щыта дыгъуасэрей Локотошыр нобэ езыр псоми ящыгугъын хуейуэ къэнат...

Пшапэр бгыщхьэм къехыу аузым къызэрыщхьэщыгъуэлъхьам гу лъатакъым а тIум. ИлъабжьэмкIэ пшагъуэр къызэрыдэхьейрт, вагъуэхэр игъэункIыфIыжмэ, уафэм и щхьэгъубжэIупIэр иригъэжэлIэжурэ. Паркым и аллеехэм щIыпIэ-щIыпIэхэмкIэрэ къызэпхыплъу хуежьащ лъапэнэху мащIэхэр. Жэщыр фIыуэ хэкIуэтат, икIэм икIэжым Апчарэ Локотош сэлам щрихыжам. ЩIэпхъуэжауэ здэжэм, «Мыгувэу сыкъыплъэIэсынщ!» – жиIэурэ къызэгуоуэкIырт. Автобусым итIысхьауэ здэкIуэжым егупсысырт: «Дэнэ сыкIуэн? Иринэ деж хьэмэрэ Къулым деж? Къулыр обкомым жэщкIэри щыщIэс щыIэщ. Ар абы щIэсмэ, Ирини кIуэжакъыми...»

Партым и обкомым пэмыжыжьэу къоувыIэ автобусыр. Апчарэ къогуфIэ: Къулым и кабинетми, Иринэ зыщIэс пэIущIэми, нэгъуэщI кабинетхэм я щхьэгъубжэхэми нэху къыдидзт.

– СынызщIыхьэ хъуну? – Апчарэ и щхьэр пэIущIэм щIешие.

– Хъунущ, – къыщIыхьар хэтми къыфIэмыIуэхуу, стIол щIагъым къыщIопсэлъыкI Данэ. Унэ лъэгум иубгъуа тхылъымпIэшхуэм сурэт трищIыхьу арат хьэлъэкъуиплIу стIол щIагъым щIэт хъыджэбз цIыкIум.

– Данэ, мамэ дэнэ щыIэ? – сабийм йоупщI Апчарэ.

– Мобы щIэсщ, – лъахъстэн зытебза бжэшхуэмкIэ еший хъыджэбз цIыкIум IэщIэлъ къэрэндашыр. Абдеж дыдэм Иринэ къыщIокIыж Апчарэ здэплъэ бжэмкIэ. И пщыпхъур щилъагъум, Иринэ япэщIыкIэ къэщтащ: жэщыбгым сытым укъытхуихьа? ИтIанэ къогуфIэжри Апчарэ егъэтIыс, езыри и тIысыпIэм къокIри, пщIэ ямылей зыхуищI къыщыхуеблэгъам деж Къулым зэрищIым ещхьу, и хьэщIэм и гупэмкIэ къотIысхьэ.

– Дауэ ущыт? Албиян зыгуэр къитхрэ? ДэIэджэ щIауэ зыри къытхуитхакъыми, Быбэ и нэм щIы илъагъужыркъым.

– ТхьэмахуитI и пэкIэ къысIэрыхьащ иужьрей дыдэ письмор. Апхуэдизу псынщIэу бийр щIагъэIауэ япэкIэ макIуэхэри, письмо къатхыну зэман ямыгъуэтыжу аращ жиIэр, – Иринэ къыпыгуфIыкIыурэ и пщыпхъум йоплъ. Абы хуабжьу фIыуэ илъагъурт Апчарэ. И анэ къилъхуа и щыпхъум хуэдэу хущытт. – Ди дежкIэ уIухьарэ, ди бжэр... нэхъ тэмэмыр жыпIэмэ – ди щхьэгъубжэр гъэбыдамэ, мыбыкIэ укъэжагъэнщ. Дани зыщIыгъуи фыкIуэж. Сэри мыгувэу хуит сыхъужыну къыщIэкIынщи, сынэкIуэжынщ.

– Зулкъэрней деж сыщIыхьэн си гугъэт, – Апчарэ и щхьэр ещI делегацэм я гъусэу фронтым щыкIуэнухэм щыгъуэ шынапэурэ япэ дыдэу зи бжэщхьэIу ебэкъуауэ щыта кабинетымкIэ.

– ЩIэсыжкъым ар. Сэ кабинетыр зэлъыIусхыжу сыщIэтти арат уэздыгъэри щIэблэр. Къуэшрокъуэ Дотий иригъэжьэжыну кIуащ Къулыр.

– Хэтщ, жыпIа, иригъэжьэжыр? – Апчарэ къощтэри къыщолъэт.

– Дотий фронтым мэкIуэж. Дуней гуфIэгъуэр иIэу къэпсэлъащ. «Апчарэ зыгуэркIэ сыхуэмызэжмэ, сэлам схуехыж. ТекIуэныгъэм сыхуэкIуэу аргуэру зэ сыбэкъуэжынщ, итIанэ къэзгъэзэжынщи – зэфIэкIащ. ИтIанэщ, зыри зэран къытхуэмыхъуу, ди насыпыр ди IэкIэ щызэдгъэзэхуэжыфынур», – жиIащ. Хъыбарыр къызэрыIэрыхьэу, машинэм итIысхьэри Къулри абы и деж кIуащ.

– Къизэунур къизэуауэ жиIати. Баш иIыгъыу... – Апчарэ шэми шхуми исырт: зы лъэныкъуэкIэ, Дотий зэрежьэм абы и Iуэхур нэхъ тынш къищIырт – лъахъэр и лъакъуэм иха хъурт, мыдрейуэ, комиссарым тегузэвыхьырт. Аргуэру уIэгъэ хъурэ,

ныкъуэдыкъуэ дыдэу къигъэзэжмэ... ИтIанэ игъащIэ псокIэ и щхьэр фIиудыжу псэунущ Апчарэ. – Иджыпсту Мэшыкъуэ со-кIуэж-тIэ. ИтIанэ сыкъэкIуэнщи гъэщIэгъуэн гуэрхэр бжесIэнщ. Ауэ сытми къызэрымыгуэкIыу гъэщIэгъуэн...

– Иджыпсту хъунукъэ? – Иринэ тепыIэжыркъым: сыту пIэрэ?

– Ар кIыхьщ. КIэщIу бжесIэмэ, гъэщIэгъуэн хъужынукъым.

– Жэщыбгым, пшагъуи телъу уздэкIуэнур дэнэ? Дэплъыт мо щхьэгъубжэм... – и пщыпхъур иутIыпщыжын идэркъым Иринэ.

– АлейкIэ укъызэмылъэIу. СымыкIуэжу хъунукъым. Телефоным сыбгъэдэсу правленэм сыщIэсынущ. Iэмал имыIэу къэпсэлъэнущ ар си деж. НэгъуэщI мыхъуми, телефонкIэ сэлам есхыжынщ.

Иринэ къыгурыIуащ Апчарэ зэрыхуэмыубыдынур.

– Узыншэу, Данэ цIыкIу! – Апчарэ стIол щIагъым щIопщхьэри и дэлъхум ипхъу цIыкIум ба хуещI. Сурэтым апхуэдизкIэ дихьэхати, и адэ шыпхъур иригъэжьэжыну и анэр зэрыщIэжами гу лъитакъым сабийм. Зэнысэзэпщыпхъур унэм къыщIокI. Дунейр пшагъуэщ, къопсэпсауэ. ФанеркIэ къэIул Iыхьа «виллис» зэхэуцIынэжахэм, гуэгуш псыфым ещхьу, загъэшри щытщ. Фронт гъуэгухэм зэремызэгъыжхэм къыхэкIыу, абыхэми я «зэуэныр» яухауэ аращ.

– Нобэ сэ сызыхуэзар пщIами! – щIыIэ къыжьэхэуар ауи зыхищIэххакъым Апчарэ. Комиссарым щхьэкIэ зэрыгузавэри гуфIэгъуэм IэщIыб щищIыжат абы. – ИгъащIэкIэ узгъэгупсысэнщи, хуэбгъэфэщэнкъым!..

– Абы щхьэкIэ сыгупсысэнуи, гугъу зезгъэхьынуи сигу илъкъым. Махуэ псом уэ ущыхэтыр хэт зыщIэр? Уи лъакъуэр щымыувыIэкIэ, зыгуэрым ухуэзэнкъэ.

– Нобэ сызыхуэзар псом ялеижт! – Абы и нэгу къыщIохьэ узыIуплъэну шынагъуэ, фэрэ къупщхьэрэ фIэкI зыхэмылъыж Локотош. – АфIэкI Iуэху симыIэу сыкъэкIуэнщи псори бжесIэжынщ.

– Деплъынкъэ... Уи кхъуэхэр дауэ щыт?

– ДэгъуэкIейхэщ. Аннэ хуэдэ зоотехники кхъуахъуи уигъэлъыхъуэнщ. СехъулIат абдеж! Тхьэм схуигъэпсэу ар. Нобэ абы и къуэ цIыкIур лагъым осколкэм уIэгъэ ищIри... Тхьэм и шыкуркIэ, зэраныншхуэ къекIакъым. Ар иукIамэ, Аннэ унэхъужатэкъэ?..

– Моращ уи машинэр. Мамэ сэлам схуехыж.

Шоферым сэлам ирехри, Апчарэ машинэм йотIысхьэ. Машинэм зречри, гущIэгъуншэу Апчарэ иудынышIэурэ, мажэ. Абы и уэздыгъэ фагъуэм жэщ кIыфIым къыхепхъуэтыкI унэ зэхэкъутахэр, зэзэмызэ гъуэгум къытехутэ гухэр, жыгхэм къа-хэщ унэ зэпэплIимэ цIыкIухэр,

унэ зэрагъэпэщыжхэр.

Хуэм-хуэмурэ гъащIэр къыщызэфIэувэжырт къалэм.

## 4. ЕГЪЭЖЬЭГЪУЭ

АпхуэдизкIэ гуфIэщати, здэкIуэнур ищIэртэкъым Нартшу. И ныбжьэгъу щIалэ цIыкIухэри абы зыкIэ къехъуапсэхэрти... «Ади-ани иIэжккъыми зэран къыхуэмыхъуIауэ фронтым макIуэ, ехъулIа ар зикI!» – жызыIэу Нартшу къехъуэпсаи щыIэт. Айтэч абы къритащ «дамский» кIэрахъуэ цIыкIу, тыншу и жыпым ихуэу. «КIэрахъуэ нэпцIкъым. КIэрахъуэ дыдэщ!» – ягъэщIагъуэрт щIалэ цIыкIухэм. Нартшуи Айтэч фIыщIэшхуэ хуищIащ; комиссарым мызэкIэ Iэщэ кIэрылъкъым, ар хъумэн хуейкъэ?

ГлавПУР-м и приказыр имыщIэххэу къыIэрыхьат Дотий. Пэжщ, абы иджыри зыщихыжатэкъым зауэлI фащэр, арщхьэкIэ хуабжьу зыкIэлъыплъыжын, зыкъигъэщIэрэщIэжын хуей хъуащ. Шифровкэр къыздэкIуар обкомырат. «УзыщIэхъуэпсым уи Iэр лъэIэсащ, еуэ лъэщIыхьэж, къэубыдыж уи дивизэр», – жиIэу Зулкъэрней телефонкIэ къыщыпсэлъам, зэхихыр и фIэщ хъуртэкъым Дотий.

Зигъэхьэзырыну пIалъэу кърататар зы суткэт. Ари къелыжу хурикъунут Къуэшрокъуэм. Апчарэ зэрыхуэмызэжырт абы нэхъ къехьэлъэкIыр. Хьэбибэрэ абырэ сыт къыхужаIэн? Хъыджэбзым къылъыхъуауэ щIопхъуэж... Абы езыми ищIэртэкъым Iуэхур зэрыхъунур. Мэшыкъуэ кIуауэ псори къызэрекIуэкIар яжеIэн хуейщ... Ар куэдрэ псэлъащ «Псыпэ» колхоз правленэм. Ауэ Апчарэ игъуэтакъым, щIалэ уIэгъэ цIыкIу ишэри къалэм кIуащ, къыжраIащ.

Къулым и машинэр куэбжэм къыщыIулъэдам, полковникым Iуэхур Айтэч и пщэ дэлъхьэныр и кIэм нигъэсат. Уэрышырат Дотий и пIэкIэ директору къанэр. ЩхьэгъубжэмкIэ здыдэплъым, Къуэшрокъуэм къелъагъу Къулыр. Мыдэ армэм и командующэм е Военнэ советым и членым IущIэну зигъэхьэзыр щIыкIэу, комиссарым зызэщIекъузэ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, республикэм и бгылъэ щIыпIэхэр зыхъума армэм и Военнэ советым и члену тIэкIурэ щытат Къул Зулкъэрней.

Сэлам-чэламхэр зэфIэкIа нэужь, Къулым и бгъэ жыпым кърех тхылъымпIэ, ар зэкIуэцIехри комиссарым хуеший.

– Мэ, уигу гъэзагъэ иджы! Еджэ.

И Iуэхум къыхэлIыфIыхьар хэтми ищIэртэкъым Дотий. Къулым и гугъэт апхуэдизрэ ГлавПУР-м зэрыпсэлъар лъэужьыншэу мыкIуэдауэ. Езы Къуэшрокъуэм къыщыхъурт Зулкъэрней къыдэIэпыкъуауэ, фIыщIэр зыхуищIри арат. Ауэ Iуэхур зытетыр нэгъуэщIт. Кубанцев Антон Федорович аргуэру ком-диву щагъэувыжым, абы езым и заместителу

Къуэшрокъуэр къигъэлъэгъуэжауэ арат. Абы и фIыгъэт комиссарым и Iуэхур къекIэрэхъуэкIа зэрыхъуар. Ауэ ар сыткIэ ищIэнт Дотий? ИкIи зэи къищIакъым.

Къыхуашия тхылъымпIэм, къыIихрэ еджэмэ, машинкэкIэ тедзауэ зы псалъэуха закъуэ итщ. ИкIэщIыпIэкIэ ГлавПУР-м нэсу зауэм Iут армэм зэрагъакIуэмкIэ абы тхылъ къыщеIыхын хуейщ. Ар гукIэ ищIэрэ пэт, тхылъымпIэм йоплъ – илъагъур и фIэщ хъуркъым. ГуфIэщауэ аращ.

– ЛIо, уи гуапэ хъуакъэ? – Къулым гупсэхуу зэпеплъыхь Дотий. – ПщIэжрэ жыпIауэ щытар: «Псыбгъур пIыгъыу укIуэху нэхъ лъагэу зыбоIэт».

– Си псалъэкъым ахэр. Нартшут ар жызыIар. Сэ абы щIызгъуа къудейуэ арат... псыщхьэм зыкъыщищтэ щыгум нэхъ гъунэгъу ухуохъу». ФIыщIэ ин пхузощI, хуабжьу гугъу зыкъысхуебгъэхьащ. Зы мэскъал хуэдизкIэ шэч умыщI: укъызэрысщыгугъауэ сыкъыщIэкIынщ. Псоми ди хъуэпсапIэм, ди текIуэныгъэм хуэзышэ гъуэгум напэ сиIэу сытетынщ, сыджэлэн хуей хъурэ – абы щыгъуи япэкIэ сыплъэурэ зызгъэджэлэнщ!

– Апхуэдэ псалъэхэр къыбжьэдэкIыу зэхэсхын си гугъакъым. Си псэр бгъэкIэзызай! – Зулкъэрней Къуэшрокъуэр нэхъри трегъэгушхуэ, игу фIы хуещI. – СэркIэ удынышхуэу къыщIэкIащ а телеграммэр. Ерагъыу зэзгъэпцIауэ хъуар адакъэжьыр тепкIэри икъутэжащ. Конференцыр аргуэру дгъэIэпхъуэн хуей хъуащ. Ар Iуэхутэкъым. Iуэхур район псо унафэщIыншэу къызэрынэращ... Псом я пIэкIи сэ сымылэжьэнумэ, сщIэнур сщIэркъым. Дэнэ цIыху къыздисхынур? УIэгъэщхэм щылъыхъуэну унафэ сщIащ, хэт ищIэрэ, абыхэм щыдгъуэтаIамэ... Зыгуэр къэдулъэпхъэща уфIэщIынкъэ? Ар хъумэ, ди насыпым кърихьэкIат...

– Хэт къэвгъуэтар? – Дотий и гур зыгуэрым хуэжащ.

– Локотош. Танкым ирисхьауэ кърахыжри зэхадыжыхьыжащ.

– Хэт Локотош? Полкым и командирым и заместителу щытари?

– Ар дыдэр. Аракъэ иужькIэ Чопракъ быдапIэр зыхъумахэм я унафэщIу щытар? Ауэ мысыхьэткIэ егъэлеяуэ лъэрымыхьу, жаIэ.

Дотий мэщатэ. Къулым къыгурыIуащ абы игу илъыр.

– Уи гурыгъу-гурыщIэ IуэхухэмкIэ тхьэр къыпхуэупсатэкъым уэ. Ди парт конференцым ещхьу, уи хьэгъуэлIыгъуэри гъэIэпхъуэн хуей хъунущ.

– Ауэ а тIум зэмыщхьуи зыгуэр хэлъщ, – зигъэлI щIыкIэу

мэгушыIэ Дотий, – парт конференцыр здэбгъэIэпхъуэну махуэр пхуэубзыхунущ. Фызышэр бгъэIэпхъуэмэ, ар къыщыдэпхы-жынур сыткIэ пщIэн? КъыдумыхыжыххэнкIи мэхъу...

– Апчарэ хъыджэбз зэтетщ. Къыппэплъэну псалъэ къуитамэ, абы шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым. Мыхъурэ, ари Iуэхушхуэкъым. Щауэращ къыдэмэщ IэкIыр, – армыхъу хъыджэбзыр дунейм техуэжыркъым нобэ. Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэркъым, жи.

– Ауэ щхьэр псэууэ щытын хуейкъэ?

– Прибалтикэрауэ си гугъэщ уздагъакIуэр, – псалъэмакъыр ехъуэж Къулым.

– Дэнэ щыпщIэр?

– ВЧ-мкIэ сыпсалъэри зэхэзгъэкIащ.

– Курляндскэ группировкэр, нартыху къэпым хуэдэу, зыудынхэм сахэтыну аращ-тIэ.

– Арагъэнщ. Бжэгъу нэхъ гъумыщ IэIуэ къыздэщтэ.

Дотий хуоплъэкI блыным еупсея и башым.

– Мор хыфIэздзэжынщ, армыхъу мы ныкъуэдыкъуэ къытхуагъэкIуар сыт, жаIэнщи... Уэри угуфIэу укIуэнтэкъэ зауэм?

– УкIуэн, жи! Нобэ сыщIэпхъуэнти лъэсу сыжэнт, хуит сащIа закъуэм.

– Ахьай ужэнт.

Адэ зы жэщ обкомым щрагъэкIуэкIа псалъэмакъым и ужькIэ Къулым и гур комиссарым тIэкIу щIыIэ хуэхъуауэ пIэрэ, жыпIэу хуэбгъэфащэ хъуну щытами, абы зы лъэужь лъэпкъ иIэжтэкъым иджы. Моуэ лIырэ лIырэ IэплIэ зэрызэхуащIым ещхьу, Къулым гуапэу IэплIэ хуещIыж Дотий.

– Дызыщумыгъэгъупщэ. Къытхуэтхэ. Москва узэрынэсу къэпсалъэ. Моуэ щIагъыбзэ сыт жыIи къыдгурыгъаIуэ уи Iуэхур зэрыхъур.

– Iэмал имыIэу хъыбар къозгъэщIэнщ. Дзыхь къысхуэпщIауэ зэрыщытам щхьэкIи берычэт бесын. Дызэдэлэжьэну мыхъуамэ – дэракъым зи ягъэр. Зауэр къыщоджэм деж, адрей джэ макъ псори зэхэпхын хуейкъым. Аращи, ф IыкIэ.

Нэху къекIхэри Дотий Апчарэ деж кIуащ, фызышэр ямыгъэIэпхъуэу зэрымыхъунур жриIэну. Нартшу иужь дыдэу лэнейкIэм исыжу арат, иджыпстуи абы къыщыхъурт танкымису. ЩIалэ цIыкIум хъурыфэ пыIэ, вагъуэ хэлъыжу, щхьэрыгът, шууейхэм ятелъ дамэтелъым хуэди телът. Зыхуэчэмыр зыт – шырыкъуитIт. ЛэнейкIэр ирехулIэ Къэзэнокъуэхэ я куэбжэм.

Хьэбибэ фIэкI щIэстэкъым. Абы нартыху зэкIэрыщIахэр унэ кIарнизым фIиблэрт, нэхъ псынщIэу игъэгъуну. Хьэбибэ дежкIэ бомбэри лагъымри зыти, Гошэ уIэгъэ зыщIар бомбэу жиIэрт:

– Сабийхэм, тхьэмыщкIэ, сыт мыгъуэр хащIыкIрэ бомбэ-

хэм? Зы мастэ хуэдиз хащIыкIыркъым. Алыхьым гущIэгъу къыхуищIащ щIалэ цIык Iум, апхуэдиз гугъуехьрэ хьэзабрэ зи фэм дэкI а цI ыхубз тхьэмыщкIэм тхьэм гущIэгъу къыхуищIа къыщIэкIынщ. Армыхъу нэхъапэм, адэ а джаурхэр къэсыным и пэкIэ, бомбэр зытехуауэ щыта сабийм кърищIауэ щытар сызи-жагъуэу ягъуэкIэ къызжьэхэбгэнми имылъагъукIэт. Хьэмэрэ мыдрей цIыкIу мыгъуэр-щэ? Кхъэм щIэлъыр къыщIивыкIыжри жыгыщхьэм дридзеижат… Ды-д-д, мыгъуэ!..

– ЩIалэ цIыкIур хьэлъэу пIэрэ?

– СщIэркъым, си щIалэ нэхъыжь. Ар щызэхихым, Апчарэ тхьэмыщкIэр гужьейри, и фэр пыкIыжауэ бидаркэм зридзэри дэжат дыгъуасэ. Къыщигъэзэжынур сымыщIэу, си тхьэкIумэр уэрамым етащ ныжэбэ жэщым. Иджыри, шы лъэ макъ щызэхэсхым къэсыжауэ си гугъати… Уэрауэ къыщIэкIащ. НыщIыхьэ, си щIалэ нэхъыжь. Ари къэсыжынщ иджыпсту. НысащIэм деж щыIагъэнщ ныжэбэ…

– СопIащIэ, Хьэбибэ. Гъуэгу сытетщ. ТIуми сэлам фэсхыжыну сыкъыIулъэдауэ арат.

– Сыт сэлам? Сыт гъуэгу? Алыхьыр къызыуэ, зы къызгурыIуэмэ, – Хьэбибэ къогужьей. Жыжьэ укIуэрэ, тIасэ?

– Фронтым.

Хьэбибэ и бзэр еубыд. И пхъум къылъыхъуу къыщыкIуар иджы дыдэтэкъэ? Иджы дауэ фронтым зэрыкIуэжыр?

– Ар дауэ? Уи зэуэныр бухатэкъэ?

– Суха си гугъат. Ауэ къызоджэхэр. СымыщIэххэу. Си Iуэхум кIэ и Iэ къысфIэщI а щхьэкIэ… Аратэкъэ уи деж сыкъэкIуауэ щIыщытари? АрщхьэкIэ хъуакъым. Фашистхэм кIэ еттынщи къэдгъэзэжынкъэ мыгувэу. ФыщIемыгъуэжмэ, фи деж къесхулIэжынщ сэ. Пэжщ, Апчарэ иджыри псалъэ къызитакIэкъым, ауэ си насып вагъуэм сыщогугъри иджыри си гугъэр хэсхыжыркъым. Уэ ущыарэзыкIэ…

– Си псалъэм къезгъэгъэзэжыркъым сэ. Апчари хуэздэнкъым и анэм жиIэм емыдаIуэу.

– Арат сэри сыкъыщIэкIуар. Тхьэм уигъэпсэу, Хьэбибэ. Уэ узэригугъауэ сыкъыпхущIэкIынщ сэри. Абы шэч къытумыхьэ.

– Алыхьырщ, алыхьым нэужькIэ уэращ, тIасэ, сызыщыгугъыр… Унэми уныщIыхьэнукъэ-тIэ, си щIалэ нэхъыжь?..

– Хъунукъым. МафIэгум дыкъыкIэрыхунущ. Узыншэу ущыт! – Дотий Хьэбибэ бгъэдохьэ, Iэ лъэныкъуэмкI э еубыд нанэм и плIэ гъурыр, и нэкIум телъ лэдэхышхуэхэм йоплъ, абыхэм нэпсыририжэрт, нанэм и нэпсхэр щилъагъум, езы Дотии къэдзыхэ пэтат, ауэ ерагъыу зызэтреIыгъэ. ЛэнейкIэм щитIысхьэжым, нэщхъыфIафэ къызэтригъэуэу къызоплъэкIыжри:

– Албияни фи гъусэу фыкъызэжьэ! – жи.

– Уэ жыпIэр алыхьми жиIэну къыщIигъэкI, тIасэ! – нанэр

нэщхъей дыдэу кIэлъоплъ лэнейкIэм. Ауэрэ здэщытым, абы игу къокIыж иджыблагъэ илъэгъуа пщIыхьэпIэр. Дотий лы цIынэ куэдIей ищэ хуэдэт. Ауэ цIыхухэм абы и лым щыщ ящэхур-тэкъым. «ПщIыхьэпIэ Iейщ, – жеIэ игукIэ Хьэбибэ. – Къигъэзэ-жыну мыгъуэкъым абы...»

Шы лъэ макъхэмрэ лэнейкIэ шэрхъхэм я макъхэмрэ Хьэбибэ и тхьэкIумэхэм куэдрэ итащ. Дотий къеплъэкIыжакъым. Ари нэщэнэфIтэкъым, Хьэбибэ нэщэнэхэр и фIэщ хъурт. ПщIыхьэ-пIэри и фIэщ хъурт абы, джэши идзти, ари и фIэщ хъурт. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, абы игу къэкIам IэкIэ щытемыIэбэр зэзэмы-зэххэт. Арат иныкъуэхэм деж ар и гукъэкIхэм щIыщышынэжыр.

Дотий иригъэжьэжа нэужь, Хьэбибэ и Iуэху и ужь йохьэж: нартыху зэкIэрыщIахэр фIедзэ. Ауэ лэжьыгъэм и Iэ хыхьэ-жыркъым. Пщыхьэщхьэ щыхъум, мафIэр зэщIигъэстащ. Iейуэ зыужьыгъуейуэ зигъэхъейурэ пщафIэу щIидзащ. Абдеж Апчари къыдохьэж.

– Дауэ ущыт, Быбэ? Сэ зэуэ сомэжалIэри, хьэуазэ къызэпта-ми, сымышхыну си фIэщ хъуркъым. Дотий и хъыбар щыIэкъэ?

Хьэбибэ и пхъур илъагъууи абы жиIэр зэхихыуи пщIэн-къым. Зыхуигъэгусауэ аращ...

Апчарэ и бэлътомрэ сумкэмрэ шэнтым тредзэ, IэлъэщIыр зытрех. Ныжэбэ кIуам къэсыжат ар Мэшыкъуэ. КIурацэ деж нэху къыщекIауэ арат. Зэпсалъэурэ жэщ псор ягъэкIуат зэныб-жьэгъуитIым. КIурацэ хуигъэдэхащ Апчарэ и мурадыр. Уеблэмэ Iуэхум хэлIыфIыхьыну жиIащ езыми: зихъунщIэу хуежьэмэ, Хьэбибэ къигъэдэIуэну арат.

– Къызэхъуэхъу, Быбэ. ЛIы сыдокIуэ, – сабырыбзэу жьэгум дэс и анэм и пщэгурыгъым дэуа пфIэщIыну, къопсалъэ Апча-рэ. – Уи натIэ сибгъэкIыну упIащIэрти, уигу гъэзагъэ иджы, – уи мурадыр къохъулIащ.

– МафIэм пэрылъ пхъэ цIынэу укъыщIэпIэнкIыр сыт? А узыдэкIуэнур дэнэ щыIэ езыр? Уэ къожьэри щысщ, жиIащ. Екъури ежьэжащ. Къуалэбзури лъэщIыхьэжынкъым абы, – икIэм икIэжым къоплъэкI Хьэбибэ. – Сэлам къыдихыжыну къы-дыхьат, тхьэмыщкIэ. Уэ уи кIэ къурыкъуу къожыхьри удэтщ. ЖиIа псалъэм зэрытетыр къызжиIэжащ. ХьэгъуэлIыгъуэр зауэр иуха нэужь едгъэкIуэкIынщ, жи, Iейуэ тэмэмщ. Аращ нэхъ захуэри. Албияни, тхьэм къихъумэнщи, апщIондэху къэ-кIуэжынщ.

– Уэ сызэптыну уи гугъэракъым сэ сызыдэкIуэр.

– Хэт-тIэ узыдэкIуэр? – и нэщхъыр зэхиукIауэ къотэджри и пхъум бгъэдохьэ Хьэбибэ.

– КъащIэ.

– Мы-Джэрыджэ ПIытIууэ пIэрэ-тIэ?

– КъэпщIэпат! Джэрыджэ ПIытIу дыдэщ! – зегъэгусэ Ап-

чарэ. – Локотошщ сызыдэкIуэр. ПщIэжрэ Чопракъ быдапIэр? Бекъанрэ Данизэтрэ щхьэлым щагъэхъужауэ щытар пщIэжыр-къэ?

– Сыт щIэзмыщIэжыр? Уэр нэхърэ сынэхъ щхьэдыкъ уи гугъэ сэ? Ари зауэм кIуэжауэ щытатэкъэ? Фэ тIум фяку зыгуэр зэрыдэлъым гу лъызмытауэ сынэф уфIэщIрэт уэ?

– Уэ гу зылъумытэ щыIэкъым… НтIэ, мис station сызыдэкIуэри. Иджыпсту уIэгъэщым щIэлъщ. Мыгувэу къыщIатхыкIыжынущ. Iейуэ лъэрымыхьщ. Фэрэ къупщхьэрэщ. Фэри хамэфэщ, къупщхьэращ езым ейр. И нэ лъэныкъуэри исыжкъым

– Къыувхэр сыт? «Хамэфэ» жыхуэпIэр...

– Зауэм Iуту танкым ирисхьащ. И ныбжьэгъухэм езыхэм яйхэм щыщу фэIэгупIэ зырыз хъун къратурэ мобы и щIыфэм щадэжащ. ЦIыху псом я фэр зэщхь уи гугъэ? Хэт фIыцIэщ, хэт цIущ, зэрыжаIэу... Арати, мобы и фэр къуэлэн хъуащ...

– Я дэ ди тхьэ!.. ЦIыхуфэ къызаплъыжрэ сэ?.. Жьы хъуурэ хыфIадзэж кIэлошыжьхэм сарещхьщ. Си кIэтIий кIапэ къикIа си пхъур щыдэкIуэри зыдэкIуэри къыщысщIэр псом яужьщ, – Хьэбибэ къыщиуд пэтащ. Ауэ Апчарэ абы зыпщIэхедзэ, IэплIэ хуещI, и накIущхьэр и анэм ейм щехуэ. Апхуэдэу зэкъузылIауэ тIури магъ.

– Дотий-щэ? Сыт иджы а тхьэмыщкIэм сэ жезбгъэIэнур? Апхуэдэу зращIэм хуэдэт а цIыху дыщэр? И нитIри псэутэкъэ? – гъырт-бжэрт Хьэбибэ. – ЩIалэ зэхэдыжыхьам нэхърэ сыткIэ нэхъыкIэт ар? Алыхь жыхуаIэр пщIэмэ, щхьэ уигу щIэмыгъуарэ абы?

Апчарэ къогубжь.

– Локотош-щэ? Уэ ар пфIэгуэныхь сыту мыхъурэ? Хуэфащэкъэ абы уигу щIэгъуну? МафIэм иса и фэм и гъусэу и насыпри, и гъащIэри, и гуфIэгъуэри хисхьа и гугъэжщи, абы сытым хуэдэу тхьэмыщкIафэ тет уи гугъэ? Апхуэдиз хьэзабыр зи фэм дэкIам хуэфащэкъэ насып, гуфIэгъуэ тIэкIу? НтIэ мис ар езгъэлъагъунущ абы. Зесхьэнщ, лъэкIэ къэзгъэувыжынщ... – Апчарэ и псалъэм печ, гъуэгыу гъуэлъыпIэм зредзэ. Зыхуэмыубыдыжу куэдрэ зэщоджэ ар.

– Колхозым и щхьэри уи щхьэм и щхьэжри уэращ. Уи унафэ уэ щIыж... – «уи щхьэ зэрыхьщ», жыхуиIэу пэгун къещтэри шыгъуэгум йохьэ Хьэбибэ. Псы Iуфэращ абы и гупсысапIэри игу пэщыху щыгъыу иIэри. Абдеж уи гупсысэми уи нэпсми нэхъ хуиту зыщаукъуэдий. Хьэцыбанейхэм я лъабжьэм щхъыщхъыу щежэх псым уи гуауэри уи гупсысэ хьэлъэхэри здихь, ар дыдэмкIи уи гукъеуэр псынщIэ къыпщищI хуэдэт. И псэм зигъэпсэхуауэ, зэрыпсэун Iуэху зэрихуэу сыт щыгъуи къыIукIыжт ар псы Iуфэм.

Ныщхьэби арат.

## 5. СЭЛЭТ ФЫЗ КЪЭШЭКIЭ

Зыр зым и ужь иту блэкIт Iуэхухэр. Район парт конференцри екIуэкIащ. Абы и ужь иту зэхэтащ комсомол конференцри. Зэрагугъам хуэдэу, Апчарэ комсомолым и райкомым и секретару хахащ. Ауэ иджыри райцентрым Iэпхъуатэкъым. Япэрауэ, дахэдахэу щыпсэун иIэтэкъым, мыдрейуэ, и анэр унэ нэщIым дауэ къыщIинэнт?.. Япэм бидаркэмкIэ кIуэ-къэкIуэжу щытамэ, иджы лэнейкIэм ит Iысхьат. Ауэ партым и райкомым и секретарь Уэрыш Батырбэч «виллисым» къыхутат.

«Псыпэ» колхозым и председатель хъуа КIурацэ Апчарэр иджыри и ныбжьэгъут. А тIур зочэнджэщри унафэ ящI Локотош «тIэкIу зыкъррагъэужьыжын» папщIэ Къэзэнокъуэхэ къашэну. Албиян и лэгъунэр нэщIщ, щрепсэу абы, зыхуей нэхъ щыхуэзэнщ. НэхъыфI хъужынщ, и къупщхьэ зэфIэскъыскъэхэм моуэ лы т IэкIу къекIэкIыжынщ, и нэкIум телъ дыпIэхэр нэхъ хэгъуэщэжынщ. Псом ящхьэращи, жаIэрт зэныбжьэгъухэм, Хьэбиби абы нэхъ кIэрысыхьынщи, итIанэ хьэгъуэлIыгъуэр ебгъэкIуэкIми... Ехьэжьа дыдэ мыхъуми, хьэгъуэлIыгъуэ и цIэу зыгуэр ирагъэкIуэкIмэ, унагъуэ гъащIэр зэтебублэ хъунтэкъэ?..

Хьэбиби абы «хьэуэ» къыхигъэкIыртэкъым. Алыхьым иухар хъунщ, жиIэрт абы. Ауэ... Зы пщэдджыжь гуэрым газетым еплъхэмэ, ялъагъу къэухь фIыцIэм ит сурэтымрэ хъыбар гущIыхьэрэ: «Хэкум папщIэ зауэурэ лIыгъэ хэлъу и псэр итащ партымрэ народымрэ я къуэ пэж Къуэшрокъуэ Дотий МатIэ и къуэм»...

Дотий зэрыхэкIуэдамкIэ къуаншэу зызыбжыж Апчарэ и щхьэр фIиудыжт. Ауэ, пэжыр жыпIэмэ, сытыт абы къуаншагъэу бгъэдэлъыр? Арат Къуэшрокъуэр зауэм зыгъэкIуэжар? Жэуап иритыжыну хунэсыххатэкъым, ауэ щыхъук Iэ, и жагъуэ къызэращIам щхьэкIэ дэкIащ жыпIи хъунутэкъым. Мыдрейуэ, къигъэзэжу Апчарэ къызэришэнумк Iэ игурэ и щхьэрэ зэтелъу дэкIыжатэкъэ ар? И пхъур абы зэрыритынур жриIатэкъэ Хьэбибэ?..

– Локотош и къэгъэIэпхъуэнми зэкIэ депIэщIэкIынкъым. Галинэ Николаевнэ делъэIунщи и закъуэ зы пэш нэхъыфIыIуэ щIедгъэгъэгъуэлъхьэнщ. Ишхын хуэтшэурэ щIэх-щIэхыу дыкIэлъыкIуэнщ. НэхъыфI къэхъужмэ, хьэгъуэлIыгъуэри едгъэкIуэкIынщ. Фронтым зэрыщыжаIэм хуэдэу – сэлэт фыз къэшэкIэу едгъэкIуэкIынщ.

Абы траубыдащ КIурацэрэ Апчарэрэ.

Хъыбар гуауэр хьэлъэ дыдэ зыщыхъуар Хьэбибэщ. И бын къилъхуар хэкIуэдами ярейуэ, нэщхъейт ар. И къуэут ар абы зэрибжу щытари. Иджы комиссарым Iэджэ лъандэрэ имыIэж и анэм и пIэкIи езы Хьэбибэ и пIэкIи Дотий тхьэмыщкIэр игъеижт

абы. А пщIыхьэпIэ угъурсызыр абы хуилъэгъуауэ зэрыщытам щхьэкIи зигъэкъуэншэжырт. Щхьэ мыгъуэ пцIы мыхъуарэт а си пщIыхьэпIэжьыр?.. АрщхьэкIэ – неIэмал. Iэмалыншагъэщ. Хьэбибэ къокIэзыз: и Албияни ар къыщыщIмэ... Алыхьым имыухкIэ ар. Ар сымылъагъуу пэлIэр сысей алыхьым ищI... Нэпсым итхьэлэурэ абы хуеунэтI и псэ тыншыпIэ псы Iуфэм...

Апчарэ махуэ къэс къакIуэрт уIэгъэщым. Локотош къыхуагъуэтат зы егъэзыпIэ щхьэхуэ. Абы и Iуэхум хъарзынэу зыкъигъэзат. ЦIыху сурэтым нэхъ къихьэжт, лы нэхъ ищIыжт. И фэри тэмэм хъуж хуэдэт. Уеблэмэ и нэкIум лъы тIэкIу къыщIэлъэдэжат.

– ЯукIыну ягъашхэ Iэщым хуэдэу сагъашхэ. Бабыщыхъу сыхъуа фи гугъэ? – жиIэурэ гушыIэрт ар. Апчарэ къызэрыхуэзэ махуэ лъандэрэ абы дунейми нэхъ гукъыдэж хуиIэ хъуат. Абы зы сэбэпыныгъэ гуэр иджыри къызэрыпыкIынум, цIыхум щхьэкIэ зыгуэр зэрищIэфынум шэч къытримыхьэжу хуежьат. И Iэ, и лъэ къыщымыткIэ, и щхьэр щыпсэукIэ, зыгуэр хъунщ. И нэкIур-щэ?.. ЛIо и нэкIур? Апчарэ щесэжакIэ адрейхэри есэнщ.

Хъыбар гуауэр зытет газетыр Локотош къыIэрыхьат. «Зыхуей дыдэр къехъулIащ, – жеIэ абы плIыщIрэ тIу гъэм и гъэмахуэм екIуэкIа зэхэуэр игу къигъэкIыжауэ. – Еу-уей. ЦIыхуфIу щытащ, акъылкIи хьилмыкIи и Iыхьэ иIыгъыжти икIи цIыху хьэлэл мыгъуэт».

Апчарэ дунейм тетыр иIыгъыу къэсащ.

– Укъеджа газетым? Дотий щхьэкIэ...

– Сыкъеджащ. Ахърэт нэху тхьэм кърит... Псоми я жагъуэ бзаджэ хъуащ. Куэдри зэуа мыгъуэтэкъым. Фронтым кIуэжыным ар зэрыщIэныкъуэкъуа жыхуэпIэр...

– Ажалыр къилъыхъуэрти арат щIыщIэныкъуэкъур...

АбыкIэ зэрыарэзымкIэ и щхьэр ещI Апчарэ. Ауэ Дотий гъащIэм и нэр къыхуикI зэрыхъужауэ щытам Апчарэ нэхърэ нэхъыфIу зыри щыгъуазэтэкъым.

ПлIыщIрэ плIы гъэр иухырт. Локотош уIэгъэщым нобэныжэбэ къыщIатхыкIыжыну пэплъэрт. Щауэишэж махуэр иубзыхуакIэт Апчарэ. Абдеж ирихьэлIэу парт лэжьакIуэхэм Локотош мурад дахэ къыхуащI. Партым и обкомым кадрхэмкIэ и лэжьакIуэ щIалэ лъагъугъуафIэ, цIыху гуапэ, щхьэцыгъуэ гуэр къыхуешэри абы деж къокIуэ Уэрыш Батырбэч.

–Уи унафэр тщIыну дыкъэкIуащ, – жеIэ обкомым и лэжьакIуэм.– Куэдщ мыбы зыбгъафIэу узэрыщIэлъар. НыщIэкIыжи узэрыпсэун, узэрыунэн и ужь ихьэ. Къодгъэшэнуи унафэ тщIащ. Хъыджэбзи къыпхуэдгъуэтащ. Ари Iэрэ лъэрэ щIэдзауэ къыбдэкIуэну мэпIэцIеиж, – мэгушыIэ щIалэр.

– Сэри сыарэзыщ абыкIэ! – къыпогуфIыкI Локотош.

– Берычэт бесын, апхуэдэфэ къызэрыдуплъамкIэ! – щIалэр хуоплъэкI сабырыбзэу щыс Батырбэч. – Къедгъэшэнум и цIи и щхьи жедмыIарэ пэткIэ, арэзы хъуащ. Фызыжь гуэрми пщIэр-къыми къыпхуэдгъуэтар. НэгъуэщI мыхъуми, ущIэупщIэр-тэкъэ: «Къэзывгъашэр хэт?» – жыпIэу.

– А уэ уи псэлъэкIэр къызыгурыIуэн щыIэкъым, – Батырбэч лъахъшэ-лъахъшэу къыщIедзэ. – Моуэ цIыху зэрыпсалъэу упсалъэ хъуркъэ? Щымыхъужми, «къебгъашэм» и цIэр жепIэркъэ?

– Ари?.. ЩIыхубз цIэрыIуэщ, къызыхэкIари лъэпкъ хъарзынэщ. Япэ «хьэп» жызыIам пхуритынуи щыткъым абы и гур. АтIэ ныбжесIэнщ иджы абы и цIэри: Чопракъ райисполкомым и председателщ абы зэреджэр. ПщIэшхуэ зиIэ къулыкъущ. И гуф Iэгъуэ, и хъер улъагъу!

Локотош къоуIэбжь.

– Сыт къулыкъу?

– Аращ. Зэрыплъагъущ. Партым и обкомым и унафэщI хэм райкомым и секретарь Уэрышымрэ сэрэ ди пщэ къыдалъхьащ дынопсалъэу, дызэгурыIуэу а къулыкъур къызэрыпхуагъэлъагъуэр бжетIэнуи, дынопсэлъауэ, дызэгурыIуауэ къэлъыти зэфIэкIащ. «Сыарэзыщ», – жыпIакъэ? Фронтовикхэр я псалъэм тетыж хабзэщи, уэ уарэзымэ, дэри дыарэзыщи... Уэрышымрэ сэри партизану дыщытащ. Псалъэм и пщIэри къыдгуроIуэри...

– Сэ сыарэзыщ жыхуэсIар аратэкъым, зиунагъуэрэ, – Локотош ищIэнумрэ жиIэнумрэ ищIэркъым.

– А уэ узэрыарэзыуэ жыхуэпIэри IэщIыб пщIы хъунукъым. Сэ сыщылажьэ отделым и гуапэу къыхихынт щIалэхэм папщIэ пщIащэхэр. Ауэ дэркIэ зэхуэщIащ а зонэм и куэбжэр.

– А фэ къысхуэвгъуэтауэ жыхуэфIэ «пщащэр» сэркIэ пщIэшхуэщ, – къыщIедзэ Локотош. – Ауэ сэ сызауэлIщ, сыофицерщ...

– «Фи лэжьыгъэм хэсщIыкI щыIэкъым», жыпIэну ара узыхуейр? – къопсалъэ райкомым и секретарыр. – Улажьэу щIэбдзэмэ, хэпщIыкIынкъэ? Сэри, лэжьэн щыщIэзмыдзэм, Iуэхум зы хэсщIыкIыу щытакъым. Дыздэлэжьэнщ, дыздэпсэунщ. Районыр сэ фIыуэ къэсцIыхуащ. Инщ, пцIыр ситкIэ щхьэпэ, икIи район тыншкъым. Къуэшрокъуэ Дотий мыгъуэр, и ахърэт нэху ухъу, зы мазэ закъуэ фIэкI щыIатэкъым ди районми, сытым хуэдиз Iуэху зэфIигъэкIат! Ари зауэлIу щытат. А псор щIыжысIэраци, уигурэ уи псэрэ етауэ Iуэхум убгъэдэтмэ, пхуэмыщIэн щыIэкъым.

– Аращи, Къулым хъыбар идогъэщIэж: лъыхъу бгъэкIуахэм я къалэныр дэгъуэу зэфIагъэкIащ – щауэри хъыджэбзри арэзыщ, жыдоIэ. Фызышэ махуэр доубзыхури Iуэхум и ужь дохьэ. Аракъэ? – щIоупщIэ обкомым и лэжьакIуэр.

– Абы щIывгъуж си фIыщIэ псалъэхэри. «Чопракъ быдапIэр» сыт хуэдэ гугъуехь щхьэкIи къэдзыхэнкъым, – къопсалъэ Локотош Iуэхум тегушхуауэ, къалэнышхуэ и пщэ къызэ-

## ПСАЛЪАЩХЬЭХЭР

Щынэхужьыкъуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Нал къута . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 183
Кхъужьыфэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 361
Япэ Iыхьэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 363
ЕтIуанэ Iыхьэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 521

Литературно-художественное издание

**Кешоков Алим Пшемахович**

СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ В ШЕСТИ ТОМАХ

Том 4

ДОЛИНА БЕЛЫХ ЯГНЯТ
СЛОМАННАЯ ПОДКОВА
ГРУШЕВЫЙ ЦВЕТ

*Р о м а н ы*

Н а к а б а р д и н с к о м я з ы к е

Заведующий редакцией *А. Х. Мукожев*
Редактор *П. М. Хатуев*
Художник-редактор *Ю. М. Алиев*
Технический редактор *Л. А. Тлупова*
Корректоры *Л. М. Маремкулова, Г. Ш. Урусмамбетова*
Компьютерная верстка *А. З. Тхаитловой*

Лицензия ИД 05895 от 21.09.01

Подписано к печати 16.05.06. Формат 84x108 1/32. Бумага офсетная №1.
Гарнитура литературная. Печать офсетная. Усл. п. л. 36,12. Уч.-изд. л. 41,86.
Тираж 1000 экз. Заказ №46

ГП КБР «Издательство «Эльбрус»
Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6

ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат
им. Революции 1905 года»
Министерства культуры и информационных коммуникаций КБР
Нальчик, пр. Ленина, 33

**Кешоков А. П.**

К378 Собрание сочинений: В 6 т. Т. 4. Долина белых ягнят; Сломанная подкова; Грушевый цвет: Романы. – Нальчик: Эльбрус, 2006. – 688 с.

ISBN 5-7680-2066-7

В четвертый том собрания сочинений классика кабардинской литературы Алима Кешокова вошли романы «Долина белых ягнят», «Сломанная подкова», «Грушевый цвет», посвященные теме Великой Отечественной войны.

**УДК 894.611.12.2**
**ББК 84 (2р-каба)**

ISBN 576802066-7

9 785768 020668